# АДЫГЭБЗЭ

**- ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКIЭ КЪЭЗЫУАТЭ ТХЫЛЪ -**

# I

**БЕР ХЬИКМЭТ**

# АДЫГЭБЗЭ
# - ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКIЭ КЪЭЗЫIУАТЭ ТХЫЛЪ -
# I
# БЕР ХЬИКЬЭТ

**Япэрей тэдзэгъуэ**

**Тхылъ тедзапlэ: е-тхылъ**

**Зэхэзылъхьар - Мизанпаж: Бер Хьикмэт**

**2014**

**Анкара/Туркия**

## ИТХЭР

**ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР**.....Т. НЭПЭКIУЭЦI

"АДЫГЭБЗЭ"М ТЕУХУА ЛЭЖЬЫГЪЭЩIЭ ПЭУБЛЭ..... 4

МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭ IХЬЭМ (ЯПЭРЕЙ ТХЫЛЪ) ТЕУХУА ПЭУБЛЭ.....9

МАКЪЫБЗЭ, МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКIЭ, АДЫГЭБЗЭ.....11

БЗЭЩIЭНЫГЪЭ ДИЦИПЛИНЭ IЫХЬЭХЭУ ЩЫТ ФОНОЛОГИЕРЭ ФОНЕТИКЭМ Я ЕПЛЪЫКIЭХЭМРЭ АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭР.....21

МАКЪХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУ, КЪЫЗЭРЫIУ, ЗЭРЫБАГЪУЭ ЩIЫКIЭХЭМРЭ, Я МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ .....42

АДЫГЭБЗЭМ И МАКЪХЭМРЭ И АЛФАВИТЫМ ТЕУХУАУЭ.....115

МАКЪ МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭР БЗЭ ЩIЫБ ЕПЛЪЫКIЭКIЭ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЫГУРЫГЪЭIУАПХЪЭМ ТЕУХУАУЭ .....129

АДЫГЭБЗЭМРЭ МАТЕМАТИКЭ ФИЛОСОФИЕМ ТЕУХУАУЭ .....178

НОБЭРЕЙ БЗЭЩIЭНЫГЪЭМ ПСАЛЪЭХЭР ЗЭРИЛЪЫТЭМРЭ МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКIЭУ УХУА АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР .....194

БЗЭЩIЭНЫГЪЭМРЭ БЗЭ ФИЛОСОФИЕМ ПСАЛЪЭХЭР КАТЕГОРИЗАЦЭ ЗЭРАЩIЫМРЭ АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР .....224

КУАНТУМ (КВАНТОВАЯ) ФИЗИКЭМРЭ, АДЫГЭБЗЭ МАКЪРЭ ПСАЛЪЭХЭР.....234

АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭМРЭ МАКЪЫБЗЭУ ЩЫМЫТ БЗЭХЭМ Я МАКЪХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭР .....304

АДЫГЭБЗЭМ И ЛЭЖЬЭКIЭМРЭ И ПСАЛЪЭХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУАРЭ ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫУВЭ ЩIЫКIЭКIЭ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР .....322

ЦIЫХУ ЩIЕИН ЛОГИЕ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭРИ ЗЭРЫУХУЭР ПСЭЛЪЭБЗЭМ ХУЭДЭУ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР .....342

АДЫГЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬА ЗЭКIЭЛЪХЬЭУЖЬЫКIЭМ ТЕУХУАУЭ .....359

МЫХЬЭНЭ ЗИIЭ МАКЪХЭР БЗЭМ ЗАНЩIЭУ ЗЭРЫХЭХЬЭКIЭРЭ УХУЭ АДЫГЭБЗЭ "МАКЪ ПСАЛЪЭ"ХЭР .....372

## ″АДЫГЭБЗЭ″М ТЕУХУА ЛЭЖЬЫГЪЭЩIЭ ПЭУБЛЭУ ПСЭЛЪИТI-ЩЫ

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ адыгэбзэ защIэкIэ тхауэ ипэкIэ къыдэкIа ″Адыгэбзэ (Макъыбзэ)″ зи цIэ тхылъыр бзэм езым зыкъызэриIуэтэжу зэрылъытауэ щытар дигу къэдгъэкIыжынщ. Мы зи гугъу тщIы тхылъыр адыгэбзэм зеухуауэ езыр езырурэ –спонтанэуэ-утыку къихьа тхыгъэщи, абы езы адыгэбзэм нэмыщI зы тегъэщIапIэрэ икIи зы еплъыкIэ щIыб зэримыIэр гулъытапхъэщ. Мы тхылъыр зи лъабжьэрэ тегъэщIапIэ зэрыхуэхъукIэрэ тыркубзэкIэ тхарэ и щапхъэхэр адыгэбзэкIэ къэхьауэ утыку къыхьа тхылъитIри зи тегъэщIапIэм хуэдэжу спантонэуэ тхахэщ. Ауэ, тыркубзэкIэ тхауэ зи гугъу тщIы мы тхылъитIыр ″Адыгэбзэ (макъыбзэ)″м елъытауэ адыгэбзэм и лэжьэкIэмрэ абы хэлъ щIэнхэм хэплъэжыгъуэу лъытапхъэщи, бзэм и лэжьэкIэмрэ хэлъ щIэнхэм нэгъуэщIыбзэрэ еплъыкIэкIи гулъытэ хуэщIын лэжьыгъэхэу утыку къихьахэу лъытапхъэщ.

″Адыгэбзэ (Макъыбзэ)″р япэ иту, мыбы нэгъунэ утыку къихьауэ мы зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэмкIэ ″макъыбзэ″ жыхуэтIэр зэрыигъуэу гурыIуэгъуэ зэрымыхъуари гулъытапхъэщ. Аращи, псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм езыхэр къызэрыхъуа щIыкIэм ипкъ зэриткIэрэ ягъуэта мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ, мы макъхэмкIэрэ псэлъэбзэр макъыбзэу зэрыухуарэ ″макъ псалъэ″м къыщIидзэу псалъэхэр утыку къызэрихьэу, макъхэр я мыхьхэнэрэ къалэнкIэрэ зэрыхэлэжьыхьу бзэм зызэриубгъурэ ужьыгъуэ зэригъуэт щIыкIэр гурыIуэгъуащэ хъуауэ жыIэпхъэкъым. Мыбы и зы щапхъэщ, псалъэм папщIэ, ″макъыбзэ″ щыжыпIэм деж, ар ″макъ псалъэ″кIэрэ ухуа зы бзэу гурыIуэгъуэ зэрыхъуар. Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, нобэрей бзэщIэныгъэм псэлъэбзэр ″псэлъэпкъ″ым деж къызэрыщIидзэм ещхьу жыIэпхъэщ ″макъыбзэ″ жыхуэтIэр гурыIуэгъуэ зэрыхъуа мы щIыкIэри. Аращи, щхьэж макъхэмкIэрэ ухуауэ бзэм псалъэу хэхьа ″макъ псалъэ″хэм деж къежьэущ ар нэхъыбэу гурыIуэгъуэ зэрыхъуар.

Пэжщ, макъыбзэм и псалъэхэр утыку къызэрихьэр ″макъ псалъэ″хэм дежращ, ауэ мыбы къыщIидзэрэ ″макъ псалъэ″хэр зэрызэпкърыувэ щIыкIэкIэ ухуауэ лъытэн закъуэракъым ″макъыбзэ″ жыхуэтIэр зэрыухуарэ зэрылажьэр. НытIэ, ″макъыбзэ″ жыхуэтIэр гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, псэлъэбзэм атIкIэрэ щIыбу, псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуам лъабжьэ хуэхъуа макъхэр къызэрыхъуарэ я щыIэгъуэкIэрэ лъытэн хуейщ. Аращи, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ псэущхьэм (хьэм: цIыхупэ) къызхигъэIукIа макъхэм мы щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ я щыIэгъуэу ягъуэта мыхьэнэрэ къалэнхэри лъытэн хуейщ.

Мы и гугъу зэрытщIа щIыкIэу утыку къихьа макъхэмкIэрэщ псэлъэбзэ пэщIэдзэрэ лъабжьэр зы макъыбзэу зэрыухуари, абы къигъэщIа япэрей псалъэхэр зэрыигъуэу ″макъ псалъэ″у ухуарэ абыхэми псэлъэщIэхэр

къызэрытехъукlкlэрэ бзэм лэжьэкlэ зэрагъуэтынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ мыбы нэмыщl, макъхэр зи гугъу тщla я щыlэгъуэ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрыхэлэжьыхьу макъыбзэм ужьыныгъэрэ лэжьэкlэ зэригъуэтыр гурыlуэгъуэнщи, ″макъыбзэ″ жыхуэтlэмрэ ар зэрызэпкърыуварэ зэрылажьэм и нэхъыщхьэу лъытэн хуей лъэныкъуэр мыращ. Макъхэр утыку къызэрихьэм къыщlидзэу псэлъэбзэр мы зэрыухуамрэ, мыпхуэдэ лъабжьэрэ лэжьэкlэр зыфlэмыкlуэдауэ зекlуэу щыт псэлъэбзэращ ноби ″макъыбзэ″у лъытапхъэри, ″адыгэбзэ″р мыпхуэдэ зы бзэрщ.

Нобэ адыгэбзэр зэрымакъыбзэр щlэныгъэ еплъыкlэкlэ мылъытами, Адыгэм бзэр къызэрыгурыlуэ щlыкlэр макъкlэрэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар адыгэбзэр къызэрыгурыlуэ щlыкlэм къытемынэу, дэтхэнэ зы бзэм и псалъэхэри мыпхуэдэущ Адыгэм къызэрыгурыlуэ щlыкlэри, ноби адыгэбзэм къыхэхьа нэгъуэщlыбзэ псалъэхэри я макъ лъабжьэкlэрэ къызэрыгурыlуэу бзэм щызэрызырихьэ щlыкlэри мыпхуэдэщ. Ауэ, псэлъэпкъыбзэр зи лъабжьэу ухуа бзэщlэныгъэ еплъыкlэм утыкур зэриубыдам папщlэщ ″макъыбзэ″ щыжытlэм дежи, ар занщlэу ″макъ псалъэ″кlэрэ ухуа бзэуэ гурыlуэгъуэ зэрыхъум и щхьэусыгъуэр. Аращи, псэлъэбзэр зэрыухуарэ псэлъэбзэ щlыбрэ лъабжьэу щыт макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъ я мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ, ахэр зэрыхэлэжьыхькlэрэ адыгэбзэр зэрылажьэ щlыкlэр зэрамылъытэм пащlэщ ипэкlэ мы зи гугъу тщlы щыуагъэхэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэр.

Мыбы нэмыщl, хэлъ щlэнрэ философием иужь ихьэн нэхърэ адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуарэ абы и макъхэм бзэм хагъэзэщlыхьхэм гулъытэ хуэщlын иужь зэритын хуейр ипэкlэ къыдэкlауэ зи гугъу тщlы тхылъхэми къыщыхэгъэщагъэххэщ. Ар щхьэ, тхылъеджэ нэхъыбэм адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуарэ зэрылажьэ нэхърэ, абы хэлъ щlэнрэ философиехэр езым я щlэныгъэрэ философие еплъыкlэм зэрезэгъкlэрэ ялъытэнрэ къэгъэунэхуныр нэхъыщхьэу зэралъытари гулъытапхъэщ. Ауэ мыбдежым иджыри щыжытlэнщи, адыгэбзэм хэлъ щlэнрэ философием щыlэгъуэкlэ лъабжьэшхуэрэ пщlэшхуэ зэриlэм и лъабжьэр адыгэбзэр макъыбзэу зэрыухуарэ зэрылажьэращ. Аращи, адыгэбзэм хэлъ щlэнрэ философием лъабжьэ хуэхъур ар щыlэгъуэ ужьыгъуэу утыку къихьа макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрыухуарэ, ноби мыпхуэдэ лъабжьэ зыфlэмыкlуэдарэ лэжьэкlи зэриlэращ. Нытlэ, япэрауэ макъхэр утыку къызэрихьэм къыщlидзэу мы ″макъыбзэ″р -адыгэбзэр- зэрыухуарэ зэрылажьэр зыгурыгъэlуэнрэ къэгъэунэхунращ нэхъыщхьэри, ар утыку къыщихьэм деж, щыlэгъуэмрэ ар зэрызекlуэр зэрыухуа макъхэмкlэрэ бзэм гурыlуэгъуэ зэрищlым ипкъ зэриткlэ, зы псэлъэбзэм къыуитыну а нэхъ гупщысэ куум гугъуехь хэмылъу узэрыхишэнур гурыlуэгъуащэщ.

*

Нобэ адыгэбзэр кlуэдыпlэ ихуэу зэрыщlидзар дэтхэнэ лъэныкъуэмкlи гурыlуэгъуэщ. Ар псэунрэ ужьыгъуапlэм иувэжын папщlэ щlапхъэхэр абы

и бзэщlэныгъэ закъуэм зэремылъытари гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, нобэ адыгэбзэр езым и лэжьэклэрэ щэным зэриклыр гулъытапхъэщи, ар зыщlаджыкl бзэщlэныгъэращ мыри зи ягъэр. Абы и щlэныгъэр езыр зэрыухуарэ зэрылажьэм зэрезэгъклэрэ утыку къилъхьэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъклэрэ телэжьыхьарэ и бзэщlэныгъэр утыку къилъхьа нэужь, мыр адыгэбзэр мыклуэду ужьыгъуаплэми зэриувэжынум лъабжьэ зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, нобэ дызтехьа псэуклэм ипкъ иткlэ, адыгэбзэр нобэ къэсыху къызэрыгъуэгурыкlуа щlыклэм тету зэрыземыклуэфынур наlуэщи, ар псэунрэ ужьыгъуаплэм иувэжын папщlэ, мы лъэхъэнэрэ псэуклэм езэгъыу флэклыплэ зимыlэ щlапхъэхэр щыlэщ. Мы щlапхъэхэм щыщрэ бзэщlэныгъэ лъэныкъуэу нэхъыщхьэу лъытапхъэрщ адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрызэпкъырыуварэ зэрылажьэр утыку къилъхьэн lуэхугъэр. Нытlэ, адыгэбзэр зэрымакъыбзэм теухуауэ утыку къихьауэ зи гугъу тщla япэрей лэжьыгъэхэм къыпыщэну дызхэхьа мы лэжьыгъэр адыгэбзэм и лэжьэклэм нэхъ тегъэчыныхьауэ къедгъэклуэклынщ.

Нобэрей бзэщlэныгъэм ″макъыбзэ″ жыхуэтlэр илъытэкъым. Икlи, абы псэлъэбзэмрэ и псалъэхэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ ищlрэ мыхьэнэншэуи зэрилъытэр гурыlуэгъуэщ. Макъхэр утыку къызэрихьарэ къызэрыхъуа щlыклэри зи мыхьэнэрэ къалэнклэрэ ухуа адыгэбзэ макъыбзэм хуэфащэ бзэщlэныгъэм нобэ утыку ит бзэщlэныгъэрэ и методыр зэремызэгъыщэнур гурыlуэгъуащэщ. Утыку ит бзэщlэныгъэмрэ абы и методыр дэтхэнэ зы бзэми зэрытеухуауэ аращ флэщхъуныгъэ пэлъытэ къытщыхъури, абы зыригъэкlуа нобэрей ди бзэщlэныгъэри ″макъхэр мыхьэнэшэ″у зэрилъытэклэрэщ къызэрежьэр. Ауэ, ди бзэщlэныгъэ тхылъхэр мыпхуэдэу къырагъажьэми, адыгэбзэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, абы и макъхэм бзэм систематикэу хагъэзэщlыхьхэр нэмыплъ пщlыфыну зэрыщымытым зэрезэгъклэ, ди бзэщlэныгъэлlхэм я lэдэкъэщlэкl тхылъ клуэцlым адыгэбзэ макъ гуэрхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм я гугъу ящlыу ущырихьэлlэ щыlэщ. Дауэми, мыпхуэдэ тхылъхэр зи lэдэкъэщlэкl ди бзэщlэныгъэлlхэр утыку ит бзэщlэныгъэм зетарэ зепхауэ зэрыщытым зэрезэгъклэрэ абы щхьэщымыкlыну егугъуми, адыгэбзэм теухуарэ хуэlуа зыкъэзыгъэлъагъуэ пэжыгъэ гуэрхэри щlахъумэфкъым.

Зэрыгурыlуэгъуэу, зытеухуарэ къызтехъукларащ дэтхэнэ зы щlэныгъэр зи щlэныгъэри, бзэщlэныгъэри зытеухуарэ къызтехъукla бзэращ зи бзэщlэныгъэр. Нобэ унирерсалу ялъытэ бзэщlэныгъэр дэтхэнэ зы бзэм и щlэныгъэр нэсу зэрыхимыубыдэр гурыlуэгъуэщ. Атlэ, ди бзэщlэныгъэлlхэм макъ гуэрхэм бзэм систематикэу хагъэзэщlыхьхэм теухуауэ яхуэмыгъэпщклурэ щlамыхъумэфыр адыгэбзэм и лэжьэклэ псом теухуауэ къырагъэклуэклыфмэ, ар адыгэбзэм и бзэщlэныгъэ щыпкъэм зэрыхуэклуэу зэрыбгъэдэхьэфынум гурыщхъуэ зэрытемылъри гурыlуэгъуэщ. Ар щхьэ, нобэр къыздэс, мыпхуэдэ зы бзэщlэныгъэлlыхъуж

къытхэкlакъыми, ди бзэщlэныгъэр ди бзэм хуэlуарэ хуэфащэкъым; ди бзэщlэныгъэр бгъунлъэщи, абы щlаджыкl ди бзэми зызэlуешэр.

Зи гугъу тщlы мы бзэщlэныгъэращ лъабжьэрэ пэжу илъытэр ди литературэми, ″литэратурэбзэ″ жыхуэтlэр мы бзэщlэныгъэ бгъунлъэм зегъэкlуныгъэу зэрелъэшэуакlэрэщ зэрызекlуэр.

Мыпхуэдэ зы литературэбзэм и нэхъыщхьэ литерэтуранту щытрэ хэтми тхэкlуэшхуэу илъытэ Кlыщокъуэ Алим мы бзэщlэныгъэри, абы зезгъэкlу литературэбзэри зэрыпцlыр къызэрыгурыlуар абы и lэдэкъэщlэкlыу утыку къихьа ″Лъапсэ″ романым гурыlуэгъуащэ къыпхуещlыр. Аращи, зы бзэм и нэхъ тхакlуэшхуэр зэрытхэ литературэбзэр и фlэщ зэрымыхъуар гъэщlэгъуэнщ; ауэ аргуэру гъэщlэгъуэныр аращи, абы мы lуэхугъуэр и фlэщ щымыхъуари икlэм икlэжрауэ зэрыщымытращ. Кlыщокъуэ Алим ди бзэщlэныгъэмрэ литературэбзэр ди бзэм зэремызэгъыр пасэlуэу къызэрыгурыlуар мы зи гугъу тщlы и тхылъым къыхощыр: ″Лъапсэ″ романыр 1975-1990 зэхуакуращ зэрыщытхар.

Абы мы романым зи гугъу ищlахэмрэ утыку къырилъхьа критикэхэр зы лъэныкъуэщ, ауэ романыр зэритха щlыкlэр адрей и тхылъхэр зэритха щlыкlэу ″литературэбзэ″кlэкъыми, занщlэу адыгэбзэ къабзэкlэрэщ. Литэратурэбзэм игъэублэрэкlа псалъэухыгъэхэр гъэузэхужауэщ мы тхылъыр Кlыщокъуэ Алим зэритха щlыкlэр.

Гъэлъэпlэнрэ щытхъункlэ Кlыщокъуэ Алим дэзыlэтейхэм мы и тхылъым щыжиlэхэмрэ ар зэритха щlыкlэр нэмыплъ зэращlри гъэщlэгъуэнщ. Дэнэ къэна, мы и тхылъыр зи гугъу тщlы ″бзэщlэныгъэ″рэ ″литературэбзэ″м зэремыкlум папщlэрагъэнщи, ар литературэуи ялъытэу къыщlэкlынкъым.

Литературэ жыхуаlэр зы бзэмкlэ къэlуатэхэр зыхэзыубыдэ гъуазджэ лlэужьыгъуэрщи, абы лъабжьэ хуэхъурэ ар къэзгъэщlри а лъэпкъым къипсэуарэ и тхыдэ – lуэрыlуатэ – мифологие – зэхэтыкlэрэ и логиемкlэ зэрыгъэнщlращ. Литературэр тхыгъэ закъуэуи щыткъыми, бзэр тхэн щlэдза нэужьми абы лъабжьэ хуэхъур бзэм lуэрыlуэтэжу къигъуэгурыкlуараш; икlи, бзэр зэрытхкlэрэ къэхъу литературэри абы езым и лэжьэкlэр имыгъэкlуэду мы къигъуэгурыкlуа лъабжьэм теужьыкlыу зэрыунэтlкlэрэщ а лъэпкъым хуэlуа литературэ ужьа щыхъур. Икlи, ″литературэ″ жыхуаlэр зи литературэ бзэм теухуа бзэщlэныгъэм е нэхъыбэуи грамматикэм фlэкlыпlэ зэримыlэкlэрэ зыригъэкlун хуейуи щыткъым. Мыбыи къыщымынэу, а бзэщlэныгъэмрэ абы и зы методу щыт граммерыр а бзэм щемызэгъкlэ lуэхур нэхъри хьэдыгъуэдахэ зэрыхъури наlуэщ. Итlанэ, ″литературэ″ жыхуаlэр зы гъуазджэ (искуствэ, арт) лlэужьыгъуэрэ, ″бзэщlэныгъэ″ жыхуаlэри зы щlэныгъэ лlэужьыгъуэщи, дунейм зы гъуазджэ лlэужьыгъуэр зы щlэныгъэрэ методым езэгъынрэ пыщlауэ къекlуэкlын хуейуэ зэрыщымытыр хэткlи наlуэщ.

*

Мыпхуэдэу пытщэнухэм кlэ зэримыlэнур гурыlуэгъуэнщ, ауэ ар кlыхь дымыщlыу, мы дызхэхьа лэжьыгъэщlэр къызэредгъэкlуэкlыну щlыкlэм псэлъитl-щы тежытlыхьынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″адыгэбзэм езым зыкъызэриlуэтэж″ щlыкlэу зы ″макъыбзэ″у зыкъыщигъэлъэгъуа лэжьыгъэ нэужьым, абы и лэжьэкlэр нэхъри къэгъэунэхунрэ зэрыухуа кууагъэхэр утыку къилъхьэныр пщэрылъ къызэрытхуэхъуам теухуа мы лэжьыгъэщlэр.

Мы лэжьыгъэр адыгэбзэу зы макъыбзэращ зытеухуари, мыр псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ зыщlрэ мыхьэнэншэу зылъытэу, псэлъэбзэр ″псэлъэпкъ″ым деж къыщlидзэу зылъытэ нобэрей бзэщlэныгъэм и пэжыгъэхэмрэ и еплъыкlэхэм зэремызэгъыщэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы дызхэхьа лэжьыгъэр нобэрей бзэщlэныгъэм езэгъыу адыгэбзэм теухуа зы бзэщlэныгъэкъым; - апхуэдэ бзэщlэныгъэ зыухуэн хуейри зикlын хуей лэжьыгъэу лъытапхъэщ. Икlи къыхэгъэщыпхъэрэ пыщапхъэщи, мы къытпэщыт лэжьыгъэу утыку къихьэну тхылъхэр икlи ″дерс тхылъ″хэркъым. Нытlэ, мы лэжьыгъэхэр ″Адыгэбзэ (Макъыбзэ)″м хуэдэу спонтанэуэ къекlуэкlыну тхыгъэхэмкlэрэ ухуэну къыщlэкlынщ; - ауэ адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр нэхъыщхьэу лъытарэ абы и лэжьэкlэхэр lэнатlэ lэнатlэу утыку къилъхьэн lуэхугъуэрщ.

Адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр макъ лъабжьэкlэрэ къэзыlуэтэну мы лэжьыгъэр зы тъылъкlэ зэрымыухынур гурыlуэгъуэнщи, лэжьыгъэ псом зы тхылъ бжанэ – е зы тхылъ том бжанэ- зэрихьынур гурыlуэгъуэнщ. Дэтхэнэ зы тхылъыр зытеухуа лэжьыгъэ lыхьэр иджы щыщlэдзауэ lупщlыу утыку къилъхьэнри гугъущ; ауэ, тхылъ ухуэнухэм хиубыдэн хуей бзэ лэжьэкlэ lыхьэхэм мыбдежым я гугъу щытщlыфынщ.

Нытlэ, зы плану мылъытапхъэми, мы дызхэхьэ лэжьыгъэм хиубыдэн хуейуэ щыт адыгэбзэ лэжьэкlэ lыхьэхэмрэ ахэр зыхэзыубыдапхъэ тхылъхэр илъабжьэкlэ зэкlэлъхьэужьу къызэрыта щlыкlэу тхылъитху (е ″том″итху) хъун хуэдэщ.

- Япэрей тхылъыр лэжьыгъэ псом и пэублэ тхылъу лъытапхъэщи, ″макъыбзэ″ жыхуэтlэмрэ адыгэбзэ-макъыбзэм щыгъуазэ хуэхъунрэ, адыгэбзэ лэжьэкlэм теухуауэ ухуэну иужьрей лэжьыгъэхэр къызэрекlуэкlынуми лъабжьэ яхуэхъунухэр зыхиубыдэну тхылъщ.

- Етlуанэрей лэжьыгъэ lыхьэрэ тхылъыр адыгэбзэ псалъэхэр макъым къыщlидзэу (макъ псалъэ) зэрыухуэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьхэр; макъхэр я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр; псалъэхэр мы зэрыухуэрэ зэрылажьэкlэрэ класификацэ зэрыщlыпхъэхэр зыхэзыубыдэну тхылъщ.

- Ещанэу, адыгэбзэ псалъэ зэпкъырыувэкlэр (конструктурэ); глаголхэмрэ я лэжьэкlэхэр; псалъэухыгъэ гъэпсыкlэхэр зыхэзыубыдэ зы тхылъ утыку къихьапхъэщ.

- Еплlанэу, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм икlи макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэ псалъэхэри къызэригъэщlыр гурыlуэгъуэнщи, мыбыхэми

щыгъуазэ дызэрыхуэхъукlэрэ адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм лъэныкъуабгъуэу зэрыбгъэдэхьапхъэ лэжьыгъэ зыхэзыубыдэ тхылъ утыку къилъхьапхъэщ.

- Мы зи гугъу тщla лэжьыгъэхэмкlэрэ адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм дэтхэнэ и зы лъэныкъуэкlи щыгъуазэ дыхуэхъуа нэужь, абы хэлъ щlэнрэ философиехэм нэхъ пыухытыкlарэ lупщlыу щыгъуазэ хуэхъун папщlэ, lуэхугъуэ lэнатlэ гуэрхэм теухуауэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlхэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр зыхэзыубыдэ зы тхылъ утыку къилъхьапхъэщ.

## МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭ lЫХЬЭМ (ЯПЭРЕЙ ТХЫЛЪ) ТЕУХУА ПЭУБЛЭ

Псэлъэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр макъ лъабжьэкlэ къызэрыlуатэм теухуауэ мы дызхэхьарэ гъуэгуанэ кlыхьу къытпэщыт лэжьыгъэм и пэщlэдзэ лэжьыгъэрщ мы япэрей тхылъри, мыр япэрауэ псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэмрэ "макъыбзэ" жыхуэтlэр гурыlуэгъуэ щlынращ нэхъ зытегъэпсыхьар. Икlи, цlыхум (хьэм) макъхэр къызэрыригъэlукlым къыщlидзэу ухуа псэлъэбзэм и къежьапlэрэ и лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, псэлъэбзэ жыхуэтlэр утыку къызэрихьарэ зэрыухуар гурыlуэгъуэ къыпхуэхъун папщlи, япэрауэ зы макъыбзэм щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ. Мы япэрей тхылъри псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэмрэ псэлъэбэ лъабжьэрэ къежьапlэу лъытапхъэ макъыбзэм щыгъуазэ хуэхъун lуэхугъуэм теухуауэ жыlэпхъэхэр зы макъыбзэу щыт адыгэбзэр тегъэщlапlэ зэрыщlаклэрэ къеклуэкlыну зы лэжьыгъэрщ.

Мы лэжьыгъэр макъыбзэу щыт адыгэбзэмрэ абы и макъхэм щыгъуазэ хуэхъун lуэхугъуэм япэрей лэжьыгъэхэм къыпыщэу нэхъри дызэрыхэхьэрэ зэриубгъукlэрэщ къызэреклуэкlынур. Аращи, макъхэр къызэрыхъуарэ ягъэзащlэхэм, зыр зым къызэрытехъукlрэ макъхэм я къэхъуныгъэр зэрызэкlэлъыкlуэм, макъхэр зэрызэлъыта щlыкlэхэм, гуп гупу зэрылъытапхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу къеклуэкlыну лэжьыгъэрщ. Макъхэм я къэхъуныгъэрэ я бэгъуэныгъэхэм теухуауэ къэтlуатэхэм икlи цlыхум и макъ технологиер зэрыухуарэ зэрыужьми щыгъуазэ дызэрыхуащlынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы лэжьыгъэм и япэрей lыхьэхэм деж, нобэрей бзэщlэныгъэм макъхэр зэрилъытэмрэ, мы еплъыкlэкlэ бзэщlэныгъэлlхэм макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр зэралъытэм дыхэплъыхьу, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэн хуейм щыгъуазэ дыхуохъужыр.

Макъхэр къызэрыхъуарэ псэлъэбзэр зэрыхуа щlыкlэм езэгъыу зыхэлэжьыхь адыгэбзэм нытlэ и макъхэр пэжу лъытэнрэ ахэр алфавитым зэрыхэхьэн хуейхэр къыпищэжу къоклуэкlыр лэжьыгъэр.

Итlанэ, макъыбзэ жыхуэтlэмрэ ар зэрыухуа макъхэм нэхъри щыгъуазэ хуэхъун гугъэкlэ, адыгэбзэм и макърэ и псалъэхэр щапхъэрэ тегъэщlапlэ

зэрыщlклэрэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм хэлъ щlэнрэ философие-онтологие лъабжьэхэм псэлъэбзэ щlыб щlэныгъэ еплъыклэклэ спонтанэ полемикэу къоклуэклыр лэжьыгъэр. Зы полемикэ щlыклэу спонтанэуэ къеклуэкl мы тхыгъэхэм адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэмрэ мыпхуэдэу ухуа и псалъэхэм икlи и макъхэм я мыхьэнэрэ ягъэзащlэхэм гурыlуэгъуэ къыпхуащl щlэнрэ философиехэр класикэ философие еплъыклэм къыщlидзэрэ математикэ философием хэкlыжу, зэхуэмыдэ еплъыклэхэм хуиту зэреныкъуэкъур хыболъагъуэр.

Псэлъэбзэ щlыб щlэныгъэ еплъыклэклэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэмрэ и макърэ псалъэхэм яхэлъ щlэнрэ философиер мы зи гугъу тщlахэм къыщымынэу, нобэ нэхъ ужьыгъуаплэм иту зеклуэрэ класикэ физикэр флыуэ дэзыгуэу щlэзыдзауэ лъытапхъэ куантум (квантовая) физикэ еплъыклэкlи дыбгъэдохьэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэрэ и макърэ псалъэхэм. Физикэ лъабжьэрэ микро физикэу щыт куантум физикэм и еплъыклэмрэ и бгъэдэхьэклэр псэлъэбзэ лъабжьэу щыт зы макъыбзэм нэхъ зэрезэгъынур гурыlуэгъуэнти, мыращ спонтанэуэ къеклуэкl мы зи гугъу тщlы зы тхыгъэ lыхьэми гурыlуэгъуэ къытхуащlыр.

Аргуэру псэлъэбзэм теухуауэ жыlэпхъэхэр къыпыщэу къоклуэклыр лэжьыгъэри, мыбы нэгъунэ къэlуэтарэ тхыгъэу къеклуэклахэр зэрылъабжьэу, нобэрей бзэщlэныгъэм "мыхьэнэ, псалъэ, псэлъэбзэ"р зэрилъытэ щlыклэхэмрэ бзэ философие термин гуэрхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэмрэ и макърэ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlхэр зэрызэлъытапхъэрэ зэрызэгъэпщапхъэу жыlэпхъэхэр къызэрыпыщэклэрэ къоклуэклыр.

Мы япэрей тхлъылъым и ухыпlэ lыхьэр псэлъэбзэм и япэрей псалъэхэу щытрэ зы макъыбзэм ноби куэдыщэу хэт "макъ псалъэ"хэм щыгъуазэ хуэхъун lуэхугъуэм теухуащ. Макъхэм къыщlидзэу псэлъэбзэр зэрыухуам и лъабжьэ псалъэхэу лъытапхъэ "макъ псалъэ"хэр къызэрыхъуа щlыклэхэмрэ я мыхьэнэхэр адыгэбзэ макъхэм теухуауэ утыку къохьэр мы лэжьыгъэ lыхьэм. Нэхъыбэм деж, зэманыгъуэу япэ къэхъуауэ зэрылъытапхъэм нэмыщl, конструктурэу япэрэ лъабжьэу лъытапхъэ "макъ псалъэ"хэр адыгэбзэ лэжьэклэр къызэреклуэклыну щlыклэм лъабжьэрэ тегъэщlаплэ щlыныр зэрыигъуэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы тхылъым къыклэлъыклуэну тхылъхэм хиубыдэу дызтелэжьыхьыну адыгэбзэ лэжьэклэхэм теухуауэ къэтхьыну щапхъэхэр нэхьыбэу "макъ псалъэ"хэу къызэрыхэхыпхъэри гурыlуэгъуэнщ.

## МАКЪЫБЗЭ, МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКlЭ, АДЫГЭБЗЭ

Цlыхур псэлъэбзэ зиlэ зы псэущхьэщи, псэлъэбзэр ″цlыху″ жыхуэтlэ псэущхьэм макъ къызэрыхигъэlукlым къыщlидзэущ зэрыухуар; мы зэрыухуа щlыкlэкlэ лэжьэкlэ зиlэ псэлъэбзэри макъыбзэрщ. Аращи, псэлъэбзэр зэрыухуам и лъабжьэр макъыбзэращ. Цlыхур зэрыпсалъэ бзэр макъкlэ зэрыухуар зи лъабжьэу лэжьэкlэ зиlэ псэлъэбзэращ макъыбзэр.

″Цlыху″ флэщыгъэцlэри псэлъэбзэр зэрызэпкъырыува гъуэгуанэ кlыхьым и зы щlыпlэм къыщыхъуа зы флэщыгъэцlэщи, а псалъэр мыухуэ ипэlуэкlэ зэрызэпкъырыувари гурыlуэгъуэщ псэлъэбзэр. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъыбзэ щlыкlэ зиlэу зы псалъэрщ ″цlыху″ псалъэри, ар псэлъэбзэ зыхуэуху а псэущхьэм езым зыфlищыжын щlэхъуами щхьэусыгъуэфl иlэщ.

Дэ езыр дызыщыщ псэущхьэ лъэпкъым нобэ дызэреджэжыр ″цlыху″ущи, псэлъэбзэр зыхуэуху а псэущхьэм мыр зыфlимыщ ипэ езым зызэреджэу щытари адыгэбзэм и архивым къызэрыхэнэжакlэрэ ″хьэ″уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нобэ дэ езы цlыху лъэпкъым къипсэлъ бзэр абы къызэрытехъукlари мы архивым хыболъагъуэр. Нэхъ пыухытыкlауэ жыпlэмэ, нобэ дызэрыпсэлъ адыгэбзэм и лъабжьэр ″цlыху″р къызтехъукlа псэущхьэ лъэпкъ ″хьэ″м къипсэлърэ хуэуху а псэлъэбзэращ. Ауэ, адыгэбзэм имызакъуэу, нэгъуэщlыбзэ куэдми цlыхум япэу ″хьэ″уэ зызэрилъытэжу зэрыщытар къызэрыхэщри гулъытапхъэщ. Бзэ куэдым цlыхур нобэ зэралъытэ псалъэхэм ипlэкlэ зэрахьэу щытар ″хьэ″уэ щытауэ къахэщу щымытми, адыгэбзэм зи гугъу тщlа мы и архивыр этимологие лъабжьэкlэ къызхэщ бзэри мащlэкъым. Аращи, цlыхур къызтехъукlарэ цlыхупхъэ е цlыху пэлъытэу лъытапхъэ зы псэущхьэ зэрыщыlар, икlи а псэущхьэм и цlэр нобэ цlыху лъэпкъым езым зызэреджэжым зэрыхуэмыдар гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, псэлъэбзэм нэмыщl лъабжьэхэр къэзыхутэ щlэныгъэ дициплинэхэми нобэрей цlыхур къызтехъукlа цlыхупэлъытэ псэущхьэ елъытэри, псалъэм папщlэ археологиерэ антропологиер мыпхуэдэ лъабжьэ къэзыхутэ щlэныгъэ къудамэхэрщ.

Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, нобэ цlыхум къипсэлъ бзэм и лъабжьэр зэманыгъуэ жыжьэхэм къыщыщlедзэри, абы и къежьапlэр зи гугъу тщlы псэущхьэм макъ къыригъэкlын лъэкlыныгъэ къыщыхуэхъурауэ зэрыщытынури гулъытапхъэщ. Нытlэ, нобэрей псэлъэбзэр макъхэмкlэ ухуащи, макъхэмкlэ ухуа мы псэлъэбзэм и къежьапlэр бзэр къэзыпсэлъ псэущхьэм макъ къызщыригъэlукlым къыщlидзэу зэпкърыруува зы бзэщ.

Псэлъэбзэр макъкlэ щыухуакlэ, нытlэ ар зэрыухуа макъхэр утыку къызэрихьэ лъабжьэри езы цlыхум къыгурыlуэжыфынщ. Бзэр зэрыухуа макъхэм дэтхэнэр япэ дыдэ утыку къызэрихьарэ, абы къыкlэлъыкlуэу нобэрей бзэр зэрыухуа макъхэр псэущхьэм къызэрыриlуа щlыкlэрэ зэкlэлъхьэужьыкlэри нобэрей бзэ архивым зэрыхэлъынур гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ архивыр нэхъыфlыжу зыхэплъэгъуэну бзэхэри нобэми макъыбзэу къызэтена бзэхэрагъэнщи, адыгэбзэр мыпхуэдэ зы бзэщ.

Псэлъэбзэ пэщlэдзэу щыт макъызэрщ ноби адыгэбзэри, дэтхэнэ и зы макъыр бзэм систематикэу зыхэлэжьыхь зы бзэрщ. Абы и макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэ дыдэкlэ хэтыжу жымыlэпхъэми, бзэр зэрыухуа макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэмрэ зэкlэлъхьэужьыкlэм теухуауэ адыгэбзэм и лэжьэкlэмрэ и макъхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlынур мащlэкъым. Псэлъэбзэр япэу зыхуэуухуа псэущхьэм (цlыхупэлъытэ) деж къыщlидзэу цlыхумрэ абы къипсэлъ бзэм къигъуэгурыкlуа гъуэгуанэ кlыхьым бзэмрэ и макъхэри щызэрызэхъуэкlынур гурыlуэгъуэми, макъхэр систематикэу зыхэлэжьыхь зы псэлъэбзэу щыт макъыбзэр мы гъугуанэ кlыхьым и архивыр нэхъыфlыу зыщыхъума зы бзэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, макъхэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щlыкlэм, абыхэм бзэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэхэмрэ ахэр зэрызэлъыта щlыкlэм теухуауэ зы макъыбзэм гурыlуэгъуэ къыпхуащlынур мащlэкъым.

*

″Макъ″ жыхуэтlэр къэlуу утыку къихьэу зэхэтхращи, ар зэрызэхэтхыфыр къэlурэ lуэру зэрыщытырщ. Макъ утыку къихьэныр къэlунращи, мыр зэрыгъэзащlэр абы хэлъ lуэрыгъэращ. Нобэ бзэм хэт макъхэр ″макъ lуэр″рэ ″макъ щэху″у щызэщхьэщыдгъэкlым деж, ″макъ lуэр″хэр щхьэж езы къэlуыкlэ зиlэ макъыу тлъытэхэращ; ″макъ щэху″ жыхуэтlэхэри къэlун папщlэ ″макъ lуэр″ зыхуэныкъуэу тлъытэхэрщ. ″Макъ lуэр″ыр щхьэж езыр езырурэ утыку къихьэу, и lуэрыгъэр зыхэлъыжырщ; ауэ ″макъ щэху″ къэlунми щхьэусыгъуэ хуэхъурэ ар утыку къизгъэхьэр, абы и lуэрыгъэр зыгъэзащlэр ″макъ lуэр″ырщи, зы макъыр къызэрыхъуа щlыкlэрэ и оригиналыгъэкlэрэ утыку къыхьэн папщlэ а нэхъ ″макъ lуэр″ мащlэрэ цlыкlум хуэныкъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. А нэхъ макъ lуэр цlыкlурэ къару мащlэ зытекlуадэу утыку къихьэ макъ lуэрыр ″ы″ макърауэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″ы″ макъыр lурыгъэ зимыlэу къэхъуу тлъытэ ″макъ щэху″хэр утыку къихьэн папщlэ зыхуэныкъуэ макъ lуэрырщ. ″Ы″р ″макъ lуэр″ лъабжьэрщи, икlи ″макъ lуэр″ жыхуэтlэ макъхэр къэхъуным лъабжьэ хуэхъуащ. Мыбыхэм япэрей лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуагъэххэр гурыlуэгъуэщ.

Япэрей ″макъ lуэр″ лъабжьэу тлъытэ ″ы″ макъыр псэущхьэм къыхэlукlыр къызэрыхэlукlырщи, макъ къэхъуныгъэр къыздыщежьэу лъытапхъэри зи къэхъупlэ макъ lуэрырщ. Аращи, ″макъ″ жыхуэтlэ мы щыlэгъуэр утыку къызэрихьэрэ щыlэгъуэ зэригъуэтым и къежьапlэр ″ы″ макъращ. ″Макъ″ жыхуэтlэу утыку къихьэ мы щыlэгъуэм и оригинып1эр ″ы″ращи, ар макъ жыхуэтlэм щыlэгъуэ зыщигъуэт геометрием и оригинырщ. Дэтхэнэ зы щыlэгъуэм зы геометрие иlэмэ, макъыгъуэ геометриеми и оргиныр ″ы″макъращ. Адрей ″макъ lуэр″хэр ″ы″ нэужьрэ ″ы″р лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэщ утыку къызэрихьэри, ″макъ″ жыхуэтlэ

щыlэгъуэрэ пкъыгъуэм (корпус) и геометриер зэрыухуа щlыклэри мыпхуэдэуклэрэщ.

Адрей ″макъ lуэр″хэр ″ы″ нэужьрэ ″ы″р утыку къызэрихьар лъабжьэ язэрыхуэхъуклэрэщ утыку къызэрихьари, ″макъ lуэр″ оригиным япэрей лъэбакъуэу къытехъуклa макъри ″э″ращ. Абы ″и″р къыклэлъыклуэу макъ щыlэгъуэ геометриер зэрызэпкъырыувэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэр а зэрыщыту зэрызеклуэрэ зы ужьыгъуэу зэрылъытэри ″и″м къыклэлъыклуэу утыку къихьа ″у″ макъклэрэщ. Аращи, ″макъ геометрие″ жыхуэтlэр зэрызэпкъырыуварэ зэрызеклуэр мы зи гугъу тщla макъ lуэрхэм мы я зэклэлъхьэужьыклэ къэхъуклэрэщ. Мыпхуэдэклэрэи псэущхьэм (цlыхупэлъытэм) къызхигъэlукl макъым зы щыlэгъуэрэ зы пкъыгъуэ игъуэтащ. Мы пкъыгъуэрэ ″макъ геометрие″р псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм я геометриеращ. Нытlэ, мы макъхэр бзэр зэрыухуа макъхэм я геометриемэ, мы макъхэр геометрие логиерэ бзэ лlэужьыгъуэщ; мы макъхэм я зэклэлъхьэужьыклэр зы геометриебзэщ; ахэр икlи, нэгъуэщl геометрие lэнатlэхэри къызтехъуклыну макъхэрщ. Геометрие lэнатlэхэр зэрылъытэ нэгъуэщl макъ lуэрхэр къызтехъуклыу макъ геометриер зэрыщыту зэрызэпкъырыувэ мы макъ lуэрхэр нытlэ ″макъ lуэр лъабжьэ″хэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Псэлъэбзэ пэщlэдзэу щыт макъыбзэми и геометриер зэрыухуэрщ икlи мы ″макъ lуэр лъабжьэ″хэмрэ абыхэм къатехъукl макъ lуэрхэр зы макъыбзэм геометрикэу гурыlуэгъуэ ищlынур зелъытарэ зытеухуэхэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, макъыбзэм хэт дэтхэнэ зы макъымрэ макъыбзэу ухуа псалъэхэр оригиналу (ы), клуатэу (э), джыуэ (и), ужьу (у) зэрылъытэрщ. Икlи, мы макъ lуэр лъабжьэхэм къатехъуклыж адрей макъ lуэрхэри мыбыхэм я зы lыхьэрэ щlыклэ зэралъытэущ макъыбзэ лэжьэклэм щызэрызеклуэхэр. Аращи, зи гугъу тщlы геометрием дэтхэнэ и зы щlыплэрэ lэнатlэр къызэригъэлъагъуэм ипкъ зэриткlэ, мы макъ lуэрхэр зы макъыбзэм къиlуэтэфыну гуэрхэр я къэlуыклэклэ геометрикэу утыку къизылъхьэхэрщ: зэманрэ щыlэгъуэм теухуауэ ″хъуну, мыхъуну, упщlэу, жыжьагъэу, блэклауэ, къэклуэну,...″ зэрыщытыр зэрылъытэ макъхэрщ.

Макъ геометриер зэрыухуэр зэрылъытэклэр утыку къихьа макъ lуэрхэр макъ lуэр лъабжьэу зэрылъытапхъэрэ зэрытлъытари гурыlуэгъуэщи, ахэр зы геометриер зэрызэпкъырыувэм лъабжьэ хуэхъу макъхэрщ; дэтхэнэ зыр ″макъ геометрие″р зэпкъырыувэн папщlэ флэклыплэ зимыlэу узыхуэныкъуэну lэнатlэхэр утыку къизылъхьэ макъхэращ. Мыбы папщlэщ ахэр ″макъ геометрие″р зэпкъырызгъэувэ макъхэу щlэтлъытэр. ″Макъ геометрие″ пкъыкъуэм дэтхэнэ и зы lэнатlэр зы деталу къэзыlуэтэфыну ″макъ lуэр″хэри зэрыигъуэу ″макъ lуэр лъабжьэ″у тлъыта мы макъхэращ къызтехъуклыр. Аращи, мы макъхэм дэтхэнэ зым адрей ″макъ lуэр″хэри къытохъуклри, мыпухэдэу утыку къихьэ ″макъ lуэр″хэми ягъэзащlэ геометрие къалэныр къызтехъуклa ″макъ lуэр″ лъабжьэм елъыта зы lэнатlэрэ деталырщ.

Макъ геометрием лъабжьэ хуэхъурэ мы геометриер зэпкъырызгъэувэр ″макъ lуэр лъабжьэ″хэращи, абыхэм къатехъукlыж ″макъ lуэр″хэми дэтхэнэ зы геометрие lэнатlэр зэраджрэ къызэрагъэлъагъуэр гурыlуэгъуэщ. Макъ геометрием макъхэр щызэрызекlуэну щlыкlэр зэрыгъэзащlэр ″макъ lуэр лъабжьэ″хэм утыку къыралъхьэ мы геометриемрэ, абыхэм къатехъукl ″макъ lуэр″хэм дэтхэнэ зым дэтхэнэ зы геометрие lэнатlэр утыку къызэрыралъхьэкlэрэщ. Макъыбзэ лэжьэкlэм макъ lуэрхэм хагъэзэщlыхь къалэныр мыпхуэдэщи, дэтхэнэ зы макъым (макъ щэху) къыкlэлъыкlуэрэ ар къызэрыlу ″макъ lуэр″ым абы хуигъэзащlэр ар щыгъэзащlэ щlыпlэр зэрылъытэкlэрэщ. Аращи, макъ lуэркlэрэ лъытэ геометрикэ lэнатlэм щыджынурэ щызекlуэну мыхьэнэхэр зэлъытари макъ lуэркlэрэ къэlуыкlэ зыгъуэтыну ″макъ щэху″хэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

*

″Макъ lуэр″хэм ″макъ геометрие″р яухуэу щыжытlэкlэ, мы макъхэм мы геометриер яухуэу адрей макъхэр (макъ щэхухэр) къырагъэблагъэжу аракъым жытlэр. Макъыгъуэрэ макъ пкъыгъуэр щыгъэзащlэр макъ щыlэгъуэу ″макъ lуэр″ лъабжьэхэр утыку къыщихьэращи, ахэр утыку къызэрихьэм зы зэкlэлъхьэужьыкlэ зэриlэри жытlагъэххэщ. Мыр ″макъ lуэр″хэр утыку къызэрихьэрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэм теухуа зы лъэныкъуэщи, икlи ″макъ lуэр″хэр къыщыхъу дыдэм ″макъ щэху″хэри утыку къихьэу зэрыщlидзэр жыlэпхъэщ. Аращи, ″макъ щэху″ жыхуэтlэхэр ″макъ lуэр″хэр утыку къихьарэ макъ геометриер зэпкъырыува нэужь къэхъуауэ аракъым жытlэр. Дэнэ къэна, япэрей лэжьыгъэхэм ″м″ макъыр ″ы″ макъым дэщlыгъуу къызэрыхъуам и гугъуи щыщытщlагъащ.

″Макъ lуэр″хэр утыку къыщихьэ дыдэм, адрей зы лъэныкъуэмкlи ″макъ щэху″ жыхуэтlэ макъхэри утыку къихьэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыбы и зы щапхъэщ икlи макъ къэхъуныгъэкlэ бжьыпэр зыlыхь макъхэу ″макъ lуэр″ лъабжьэрэ пэщlэдзэу щыт ″ы″ макъымрэ ″макъ щэху″ къэхъуныгъэ пэщlэдзэу щыт ″м″ макъыр зэдэщlыгъуу утыку къызэрихьар. ″Ы″ макъыр къэlун папщlэ жьэр зэтехыни зыхуэмыныкъуэ макъырщ, икlи ар къыздыщыхъурэ къыздыщыlу закъуэр жьэ кlуэцlрауэ зэрыщымытри гулъытапхъэщ. Ар пэщхъынэ кlуэцlми къыщыхъуф зы ″макъ lуэр″щи, жьэр зэтепlарэ пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ыр къызэрыlу щlыкlэу ″м″ым дэщlыгъужу утыку къихьа макъ lуэрырщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, езыр зы ″макъ lуэр″рэ ″макъ lуэр″ лъабжьэу тлъытэ ″ы″ макъым макъхэр утыку къихьэн къалэн егъэзащlэри, мы и къалэныр япэ дыдэ пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ макъым зэрыхуигъэзащlэкlэрэщ утыку къызэрихьар. Аращи, ″ы″ макъымрэ ″м″ макъыр зэныбжьу, макъ къэхъуыкlэ лъабжьэу лъытапхъэхэрщ.

″Макъ щэху″у япэ къэхъуар ″м″ макърауэ лъытапхъэщи, адрей ″макъ щэху″хэр къыщыхъур ″м″ макъ нэужьращ. Мыр щыжытlэкlэ, адрей ″макъ щэху″хэр ″м″ макъым къытехъукlауэ аракъым жытlэр, ауэ ″м″ макъыр

утыку къихьа нэужьым къызэрыхъуахэращ. Аращи, ″макъ щэху″ къэхъун лъэкlыныгъэр къызтехъуклар япэ дыдэу ″м″ макърауэ жыlэпхъэщ. Мыбы папщlэщи, ″м″ макъыр щхьэжу икlи зы бзэ пэлъытэу лэжьэклэ зиlэ ″макъ щэху″рщ. Ар мы къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъклэрэ къызхэзыгъэlукl псэущхьэм гу зыхуилъытэ, ар хъунрэ мыхъуныгъэу зэрилъытэ, а илъытэм гурыщхъуэ зэрытырищlыхьыж щlыклэу упщlэи утыку къизылъхьэф зы макъырщ. Ар къызэрыхъуа щlыклэклэ натуралу щхьэжу мыпхуэдэхэр зэрылъытэрщи, мыпхуэдэ щlыклэклэрэ щхьэжу псэлъэбзэм нобэ зы псалъэу хэмытыжми, дэтхэнэ зы цlыхум ″м″ыр къызэрыриlурэ щызэхихклэ ноби натураулу мыпхуэдэ мыхьэнэхэмклэрэ гурыlуэгъуэ зэрыхъуфри гулъытапхъэщ.

Адрей ″макъ щэху″хэри ″м″ макъым хуэдэу ″ы″клэрэщ къызэрыlури, абыхэм дэтхэнэ зым къэхъуыклэ иlэжщ. Дэтхэнэ зы ″макъ щэху″р къызэрыхъурэ зы макъыу макъ технологием утыку къызэрырилъхьэ щlыклэр зэщхьэщоклыр. Дэтхэнэ зы макъыр псэущхьэм (цlыхум) къызэрыхэlуклым и щхьэусыгъуэри зыхэлъыжырщи, ″макъ щэху″ мыхьэнэ жыхуэтlэр зытеухуарэ абы лъабжьэ хуэхъур ар къызэрыхъурэ зы макъыу утыку къихьэу къызэрыlум щхьэусыгъуэ хуэхъуращ. Дэтхэнэ зы ″макъ щэху″р къызэрыхъурэ къызэрыlуфым нэгъуэщl ″макъ щэху″ къэхъуыклэрэ къэlуыклэ лъэкlыныгъэри къегъэщlыфри, зэпэгъунэгъуу къэlу ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэри зэпэгъунэгъущ. И къэхъуыклэрэ и къэlуыклэм щхьэусыгъуэ хуэхъур и мыхьэнэуэ хэлъыжщ дэтхэнэ зы макъми, ″макъ мыхьэнэ″ жыхуэтlэм и лъабжьэр мыращ; макъхэр бзэм щызекlуэу зэрыщlидзэри мы я мыхьэнэхэмклэрэщ. Зы ″макъ щэху″р нэгъуэщl ″макъ щэху″хэм я къэхъуклэм лъабжьэрэ я къэхъугъуэм щхьэусыгъуэ хуохъуфри, мыбы и зы щапхъэщ ″м″ыр ″н″ым и къэхъугъуэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъур: ″макъ щэху″у япэ къэхъуауэ жыхуэтlэ ″м″ макъыр утыку къихьа нэужь, абы къыклэлъыклуэу утыку къихьэну ″н″ макъым лъабжьэ хуэхъуарэ къызэрыlуфын лъэкlыныгъэри къэзгъэщlарауэ лъытапхъэщ. ″Н″ макъыр ″м″ макъым къытехъукlа макъыу, ″м″ макъ къэхъуныгъэрэ къэlуныгъэм елъытарэ теухуауэщ утыку къызэрихьар, икlи зэрыигъуэу и мыхьэнэклэрэи ″м″ мыхьэнэрэ лъэкlыныгъэращ зэлъытарэ зытеухуари, къызэрыхъуа щlыклэрэ къыздыщыхъуа щlыпlэмрэ и къэlуклэкlи лъабжьэ къыхуэхъуа ″м″ макъым мыхьэнэуэ утыку къырилъхьэм пэджэжын мыхьэнэуэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ ″н″ макъым и мыхьэнэрэ и лъэкlыныгъэр. Дэтхэнэ зы макъым и къэхъуклэрэ къэхъупlэм, икlи къызэрыlу щlыклэм зэрелъытаклэрэщ и макъ мыхьэнэри, къызэрыхъуа щlыклэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа ″м″ макъымрэ, абы къыклэлъыклуэрэ къытехъукlыжу утыку къихьа ″н″ макъым теухуауэ мы къэтlуэтахэр мыбы и зы щапхъэщ. Икlи, дэтхэнэ зы макъыр мы зи гугъу тщla макъхэм хуэдэу къызэрыхъуа щlыклэр зэрилъабжьэклэрэщ зы макъыбзэм зэрыхэхьэрэ зэрызекlуэ щlыклэри, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм макъхэр щызэрызекlуэ щlыклэри мыпхуэдэщ.

*

Къызэрыхъуа щlыкlэр дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэ лъабжьэщи, бзэм зэрыхыхьэрэ зэрыхэлэжьыхьыр мы и мыхьэнэкlэрэщ. Бзэ лэжьэкlэм мы и мыхьэнэмкlэ хэлэжьыхьу щызекlуэкlэ, абы и мыхьэнэм хуэпэгъунэгъуу мыхьэнэщlэхэри къытохъукlыр. Мы мыхьэнэхэр а макъым и мыхьэнэ лъабжьэм - ар къызэрыхъуа мыхьэнэм- елъытарэ къытехъукlыж мыхьэнэхэращи, зы макъыр бзэм щыхэлэжьыхькlэ къэхъу мы мыхьэнэхэмкlэ дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэр убгъуу мэбагъуэр.

Макъ мыхьэнэ бэгъуэным макъ мыхьэнэ марж къегъэщlри, бзэм зэрыхэлэжьыхьым къигъэщlыу, макъ нэхъыбэм бзэм макъ мыхьэнэ марж щагъуэтыр. Бзэ лэжьэкlэм ″макъ мыхьэнэ марж″ жыхуэтlэр ″макъ мыхьэнэ лъабжьэ″ращ къызтехъукlри, мы макъ мыхьэнэ лъабжьэмрэ, абы къытехъукlыу бзэм щигъуэта мы и мыхьэнэ лlэужьыгъуэхэмкlэщ макъ нэхъыбэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыж щlыкlэр. Аращи, макъ мыхьэнэ марж зыгъуэта дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэт щlыкlэр мы мыхьэнэ маржым хиубыдэ дэтхэнэ зы мыхьэнэ lыхьэр бзэм зэрыхигъэзэщlыхькlэрэщ. Ар щхъукlи, зы макъ мыхьэнэ марж зиlэ макъыр дэтхэнэ зы псалъэм зэрыхэт щlыкlэр макъ мыхьэнэ лъабжьэрэ абы къытехъукlыжа мыхьэнэхэмкlэщи, а макъыр а псалъэм зэрыхэтым гулъытэ хуэщlын хуейщ. Абы гулъытэ зэрыхуэпщlкlэрэщ псалъэм и мыхьэнэри икlэ нэгъунэ гурыlуэгъуэ къызэрыпхуэхъуфынур.

Зы макъыр и къэхъуыкlэ мыхьэнэ лъабжьэу е мы мыхьэнэ лъабжьэм къытехъукlыжа мыхьэнэкlэрэ зэрыхэлэжьыхьыфыр гурыlуэгъуэ къащlыр мы псалъэхэми, нытlэ, мы мыхьэнэ лlэужьыгъуитlыр лъабжьагъэрэ кууагъэкlэ зэрызэхуэмыдэнури гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, зы псалъэм и мыхьэнэр ар зэрыухуа макъхэм мы я мыхьэнэхэм зэрелъытар гурыlуэгъуэнщ.

Зы макъыр къызэрыхъуа мыхьэнэр лъабжьэрэ и нэхъ куу мыхьэнэращи, макъ мыхьэнэ маржым хиубыдэу бзэ лэжьэкlэм макъ мыхьэнэ лъабжьэм къытехъукlыж мыхьэнэхэр кууагъкlэ ″макъ мыхьэнэ лъабжьэ″м къыкlэлъыкlуэрщ. Зы макъым и ″мыхьэнэ лъабжьэ″р абы и нэхъ мыхьэнэ куурэ купщlэращи, абы пэгъунэгъу мыхьэнэхэр абы къыкlэлъыкlуэ мыхьэнэ кууагъ зиlэхэращ, макъ мыхьэнэ марж ухыпlэри а макъым и мыхьэнэр нэхъ чэндж щыхъу щlыпlэхэращ.

Макъхэр къызэрыхъуарэ бзэ лэжьэкlэм къатехъукlыж мыхьэнэхэм елъытарэ теухуауэщ псалъэхэм зэрыхэт щlыкlэри, псалъэр зэрыухуарэ мыхьэнэуэ зэрызэпкъырыува щlыкlэм гулъытэ хуэпщlын папщlэ, абы хэт макъхэм я макъ мыхьэнэ маржым гулъытэ хуэпщlыу, а псалъэр зэрыухуа дэтхэнэ зы макъым – ар дэтхэнэ и мыхьэнэ пыухытакlэрэ зэрыухуам-щыгъуазэ ухуэхъун хуейщ. Аращи, зы макъыр и макъ мыхьэнэ лъабжьэкlэ зы псалъэм хэтмэ, а нэхъ кууагъ зиlэ зы мыхьэнэкlэ хэту аращ псалъэми, макъ мыхьэнэ лъабжьэм къытехъукlыжарэ макъ мыхьэнэ маржыр

зэрыухуэу утыку къихьа мыхьэнэхэм я зэкlэлъхьэужьыкlэр мыхьэнэ кууагъкlи зэкlэлъхьэужьыкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, дэтхэнэ зы макъым макъ мыхьэнэ марж къызэрытемыхъукlым нэмыщl, макъ мыхьэнэ маржым хиубыдэ дэтхэнэ зы мыхьэнэри нобэм къызэрынэмысари гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, макъкlэрэ ухуа псалъэхэм я мыхьэнэмрэ, мыхьэнэ маржым теухуауэ мы жытlахэр дэтхэнэ зы макъым зэрыхыумылъэгъуэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Зы псалъэм и мыхьэнэр ар зэрызэпкъырыува макъхэм я мыхьэнэм елъытащи, псалъэхэр мыхьэнэкlэрэ мыпхуэдэущ зэрызэщхьэщыкlыр. Зы псалъэм и мыхьэнэм и кууагъэр ар зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэм елъытащи, зэрыухуа макъ мыхьэнэ кууагъэхэм елъытауэщ псалъэхэр я мыхьэнэ кууагъэкlэ зэрызэщхьэщыкlыр. Макъ мыхьэнэ куухэмкlэ ухуа зы псалъэм и мыхьэнэр куущи, макъ мыхьэнэ мыкуухэмкlэ ухуа зы псалъэм и мыхьэнэри кууагъ зимыlэрщ. Зы бзэм къыхэхъукl псалъэхэр я мыхьэнэкlэрэ зэщхьэщокlри, мыхьэнэ куу зиlэрэ зимыlэ псалъэхэр макъыбзэм макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыригъэщlыр.

Мы къэтlуэтахэм теухуауэ зы макъыбзэмрэ макъыбзэу щымыт зы бзэр зэрызэщхьэщыкlыр гулъытапхъэщ. Аращи, мы ипэкlэ зи гугъу тщla макъыбзэм къигъэхъу псалъэхэр зэрыухуа макъхэм зэрелъытарэ зэрытеухуакlэрэ мыхьэнэ кууагъэкlэ зэрымылъытэфынур гурыlуэгъуэнщ макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэ бзэхэм я псалъэхэр. Ныtlэ, макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр мыхьэнэншэу зэрылъытэрэ икlи бзэм систематикэу хэлэжьыхьу зэрыщымытым зэрезэгъщи, зэрыухуа макъхэм елъытарэ теухуауэ мылъытэ мы псалъэхэм я мыхьэнэр ахэр зытеухуарэ абыхэм къагъэлъагъуэу ялъыта lуэхугъуэм и мыхьэнэ кууагъэращ зытеухуар.

Макъ мыхьэнэ марж зыгъуэта дэтхэнэ зы макъыр мыхьэнэ кууагъэкlэ зэщхьэщыкlыу зэхэлъщ. Икlи, зы макъым игъуэт мыхьэнэ маржым хиубыдэ мыхьэнэхэр зэлъытари а макъым и мыхьэнэ лъабжьэращи, зы макъ мыхьэнэ маржым мыхьэнэ кууагъ зэхуэмыдэ иlэми, зы макъым къытехъукlыну мыхьэнэ кууагъэрэ чэнджыгъэр зыдынэсынфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъым мыхьэнэ зэриlэм и гугъу щытщlым деж, макъхэм я мыхьэнэхэми зэхуэмыдэ кууагъ зэраlэнур гурыlуэгъуэщи, абыхэм къатехъукlыну мыхьэнэ маржым хиубыдэ мыхьэнэхэм кууагъэу ягъуэтынур ар къэзыгъэщl макъым и мыхьэнэ лъабжьэращ зэлъытар.

Зэрыгурыlуэгъуэу, зы макъыбзэращ я макъхэм мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэри, ар макъхэр зэхуэмыдэ кууагъэкlэ щызэрыщхьэщыкlри зэлъытарэ гурыlуэгъуэ зыщlыф зы бзэрщ. Зы макъыбзэм и макъхэр макъыгъуэм зэрыхэт щlыкlэрэ щlыпlэм елъытауэщ мыхьэнэ кууагъэкlэ зэрызэщхьэщыкlыпхъэри, мыри я къэхъукlэрэ къэхъупlэм икlи макъхэр я къэхъукlэкlэ зэрызэлъытам теухуащ. Зы макъым бзэм зэрыхэлэжьыхьым къызэрыгуэкlкlэ игъуэта мыхьэнэ маржыр зэхуэмыдэ мыхьэнэ кууагъэу зэрызэщхьэщыкlыр а макъым мы и къэхъукlэращ зэлъытарэ зытеухуар.

Зы макъым и кууагъэм и гугъу щытщlкlэ, нэхъыбэм деж, абы и мыхьэнэ лъабжьэращ зи гугъу тщlыри, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм ипкъ зэриткlэ иlэ мы и мыхьэнэ лъабжьэм теухуауэщ адрей макъхэм кууагъэкlэ зэрыщхьэщыкlыр. Макъ щыlэгъуэрэ макъыгъуэм зэрытеухуакlэрэ дэтхэнэ зы макъым адрей макъхэм елъытауэ зы мыхьэнэпlэ зэриlэр гурыlуэгъуэнщи, бзэм и макъхэр мыхьэнэ кууагъэкlэ зэрызэщхьэщыкlри, макъхэм къатехъукl мыхьэнэ маржыр зелъытари мыращ.

## Макъыбзэ еплъыкlэкlэ къэбэрдеибзэ адыгэбзэм хэт макъхэр

Япэрей лэжьыгъэхэм утыку къитлъхьащ адыгэбзэм макъыу хэтхэри, илъабжьэкlэ къыпыщэну лэжьыгъэм ипэ къихуэу ахэри дигу къэдгъэкlыжынщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм адыгэбзэм хэт макъхэр алфавитым щызэрыгъэлъэгъуэн хуей зэкlэлъхьэужьыкlэм и гугъу тщlагъащ. А лэжьыгъэхэм макъхэр я къэlукlэкlэ ″макъ lуэр″рэ ″макъ щэху″у зэщхьэщыкlыу лъытащ, икlи ″макъ lуэр″хэмкlэ къежьэрэ ″макъ щэху″хэр абы къыкlэлъыкlуэжущ адыгэбзэ макъхэр и алфавитым зэрыгъэлъэгъуэн хуейуэ зэрылъытар. Алфавитыр мыпхуэдэу зэхэлъхьэн зэрыхуейр макъхэм я къэхъуыкlэрэ я къэlуыкlэр лъабжьэ зыщl зы бгъэдэхьэкlэращ къызтехъукlыр.

**″Макъ lуэр″хэр.**

″Макъ lуэр″хэр ″ы″кlэрэ къежьэу ″э″ нэужь ″и″р, абыи ″у″р къыкlэлъыкlуэжущ утыку къызэрихьэри, мыхэр ″макъ lуэр лъабжьэ″у зэрылъытапхъэри жытlагъащ. Мыбыхэм къатехъукl макъхэр къызтехъукlа ″макъ lуэр лъабжьэ″р зыхэтыж хиубыдэу ″макъ lуэр″хэр гуп гупу къэгъэлъэгъуащ. Адыгэбзэм хэт ″макъ lуэр″хэр къызэрежьэрэ (ы) зыр зым къызэрытехъукlыр гулъытэ къызэрищlкlэрэ мыпхуэдэу гуп гупу зэкlэлъхьэужьу къэгъэлъэгъуэн хуейуэ лъытапхъэщи, макъ lуэр гупхэмрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэр мыпхуэдэщ: «Ы, IЫ»; «Э, IЭ, А»; «И, IИ, Й, Е(иэ, иэй; эй, эйй), IЕ, -Я-»; «У, IУ, О(эу)».

Мы гупхэм ущыхэплъэм деж, макъ гуэрхэр а гупым щlыхэтым и щхьэусыгъуэр нalуэми, макъ гуэрхэр гупу зыдыхэтым щхьэусыгъуэ хуэхъур нalуэ дыдэу зэрыщымытыр жыlэпхъэщ. Нытlэ, мыбыхэм я гугъу тщlынщи, зыхэт гупым и щхьэусыгъуэри зыгурыдгъэlуэнщ. Япэрауэ ″я″ тхыпкъкlэ тхар ″и, е(иэ, иэй)″м и куэдагъщи, ар адыгэбзэ алфавитым зэрыхэхьам папщlэ, ″и″ макъ lуэр лъабжьэм и гупым хэтын хуейуэ лъытапхъэщ.

Мыр гурыlуэгъуэми, ″е(эй)″рэ ″о(эу)″ макъхэр къызтехъукlарэ къызэрежьэу тлъыта ″э″ макъ лъабжьэм и гупым хэмыту зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ, ауэ ахэр ″и″рэ ″у″ макъ lуэр лъабжьэхэм я гупхэм зэрыхэдгъэхьам и щхьэусыгъуэри утыку къилъхьэн хуейщ. Бзэ лэжьэкlэм

иужькlэ къигъэщlарэ ″и, у″ макъхэр зэрыхэлэжьыхьым къытехъуклауэ лъытапхъэщ ″е(эй)″мрэ ″о(эу)″ макъ lуэр зэхэжыхьахэр. Ауэ ахэр икlи ″э″кlэ къызэрежьэр гулъытапхъэщи, абыхэм я къэхъуныгъэм аргуэру деплъыжынщ.

Япэрауэ ″е(эй)″м и гугъу тщlынщи, ар ″е(иэ)″р бзэм зэрыхэтыр лъабжьэ хуэхъуу абы нэужь бзэм къыщыхэхъухьауэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, щхьэжу клуэтэгъуэ зыгъэзащlэ ″е(иэ)″м мы и къалэныр зы макъым ″э″р къыклэлъыклуэу зэрыгъэзащlэ щlыклэклэ ″е(эй)″ макъ lуэр зэхэжыхьар утыку къихьауэ лъытапхъэщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″и″м и клуэтэгъуэр ″иэ″щи, абы зыгуэрым еклуэлlэныгъэ зэригъэзащlэм хуэдэщ къызклэлъыклуэ макъым и еклуэлlэныгъэр зыгъэзащlэ ″е(эй)″ми игъэзащlэ къалэныр. ″Э″ нэужьрэ абы елъытауэ къэхъуа ″и″ макъыр мыхьэнэ зиlэ зы макъщи, ″э″м къыклэлъыклуэу ″и″клэрэ къэхъур клуэтэгъуэрэ (э) джыгъуэщи (и), зыгуэр зэрыклуатэрэ зэрыджыр зэрылъытэ ″е(эй)″ макъ зэхэжыхьаклэрэ гъэзащlэр икlи зыгуэрым еклуэлlэн lуэухугъуэу гъэзащlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Икlи, клуэтэгъуэклэрэ джыгъуэ зэрыгъэзащlэу мы зи гугъу тщla ″е(эй)″ макъ lуэр зэхэжыхьам (пп: ″къелъэн″ым хэт ″е″р ″эй″щи) нэмыщl, ″эйй″ри (пп: ″щlэн″ глагол лэжьэклэу ″абы ещlэ″м хэт ″е″ри ″эйй″щ) ″е″уэ зэрытхаклэрэ бзэм зэрыхэтри гулъытапхъэщ. ″Е″клэрэ тхауэ мы зи гугъу тщlы (эй, эйй) макъ зэхэжыхьахэр утыку къызэрихьэ зы щlыклэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ: ″э″клэ къэlу макъым ″и″р къыклэлъыклуэрэ ″и″р щхьэж къэlун щыхуэмейм деж, ″э″мрэ ″и″м зэдащlэ мы lуэхугъуэр ″э″рэ ″и″р псынщlэрыlуу зэхэжыхьауэ къызэрыlуклэрэ утыку къохьэри, ар еклуэлlэныгъэу зэрыгъэзащlэу ″эй″рщ; еклуэлlэныгъэклэрэ (эй) джыгъуэ (и) зэрыгъэзащlэу къызэрыlури ″эйй″уэщ. Мы макъ зэхэжыхьахэм я къэхъуклэм и нэгъуэщl зы къэlуэтэгъуэри мыпхуэдэщ: е (иэ, иэй) макъ зэхэжыхьахэмклэ къежьэ зы псалъэм (″елъэн″ым и ″е″р ″иэ″щи, ″ещlэ″ым хэт ″е″ри ″иэй″щ) префикс къыпыхьэу (къыелъэн, абы ар къыещlэ) бзэм зэрыхэлэжьыхьыр клуэ пэтрэ зэрызэхъуэклклэрэ (къелъэн; абы ар къещlэ) къэхъуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьахэри, префиксым и ″э″клэрэ (къэ) къежьэу къызэрыlуклэрэ утыку къихьа макъ зэхэжыхьахэрщ. Аращи, мы макъ зэхэжыхьахэри (эй, эйй) ″иэ″рэ ″иэй″р зэрытха щlыклэу ″е″ тхыпкъклэ тхахэщ. Нытlэ, мы зи гугъу зэратщla щlыклэр зи къэхъуклэу ″е(эй, эйй)″ макъ зэхэжыхьахэм ягъэзащlэ lуэхугъуэри ″иэ, иэй″ макъ зэхэжыхьахэм хуэдэу зы ″и″ lуэхугъуэу зэрылъытапхъэм папщlэщ мыхэр (эй, эйй) ″э″клэ къежьэми, ″и″м къытехъуклауэ зэрылъытапхъэрэ ″и″р зыхэт гупми хэту лъытэн зэрыхуейр.

Мыпхуэдэ къэхъуыклэ иlэу лъытапхъэщ ″о(эу)″ макъ lуэр зэхэжыхьами, ари ″э″клэ къэlу зы макъым ″у″ къызэрыклэлъыклуэклэрэ ″э″мрэ ″у″р зэхэжыхьауэ къызэрыlу щlыклэу къэхъуащ. Ар щыхъукlи, сыт хуэдизу ″э″клэ къежьэ макъ lуэр зэхэжыхьауэ лъытапхъэми, ″о(эу)″ри ″у″ макъым и гупым хэту зэрылъытар гурыlуэгъуэнщ. Аращи, зы клуэтэгъуэрэ зы

зыужьыгъуэ лIэужьыгъуэр псынщIэрыгъэзащIэу зы итыгъуэу гъэзащIэу зэрылъытэ ″о(эу)″ри ″э″м нэхърэ ″у″ гупым хэтыныр нэхъ игъуэщ. Икlи, ″о(эу)″ макъ зэхэжыхьар мыпхуэдэу къэхъуа нэужь, псалъэхэм зэкIэлъхьэужьу хэт ″у″мрэ ″э″ри псынщIэрыIуу къыщыIум деж ″о″уэ щызэхэпх щыхъури гулъытапхъэщ.

″Э″кIэрэ къежьэми, къыкIэлъыкIуэ ″и, у″ макъ lуэр лъабжьэхэм я гупым хэтын хуейуэ лъытапхъэщ мы макъ lуэр зэхэжыхьахэри, ″е(эй)″мрэ ″о(эу)″р икlи макъ къэхъуныгъэкIэ ″э″м къыкIэлъыкIуэу къызэрымыхъуар, ауэ ″и″рэ ″у″м и lуэхугъуэрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым ипкъ зэриткIэ макъ lуэр зэхэжыхьауэ къызэрыхъуари гулъытапхъэщ. Аращи, ″о(эу)″р ″э″кIэ къежьэми, ″и″ нэужь къэхъуарэ ″и″ри ″э″ри зыхэзыубыдэ ″у″м зыдыщигъэлъагъуэм деж, ″о″р ″э″ макъ lуэр лъабжьэм и гуп нэхърэ ″у″ макъ lуэр лъабжьэм и гуп лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ. Ауэ икlи, мы макъ зэхэжыхьахэр ″э″кIэ къызэрежьэми зэрезэгъщи, ахэри бзэм щхьэжу хэмылэжьыхьу, ″э″м хуэдэущ зэрыхэлэжьыхьыр.

**″Макъ щэху″хэр.**

″Макъ щэху″хэри я къэIукIэкIэ гуп гупу къэгъэлъэгъуэн хуейщ. КъэIукIэкIэ зэгъунэгъу макъхэр зы гупу лъытапхъэщ. Икlи, къэIукIэкIэ зэпэгъунэгъу макъхэм ягъэзащIэрэ я макъ мыхьэнэри зэпэгъунэгъущ. ″Макъ щэху″хэр гупу гупу гуэшынри, макъ гупхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэри, зы гупым хиубыдэ макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэри, ипэрей макъымрэ ар зыхэту ухуэ макъ гупыр лъытэнри ″макъ lуэр″хэр гуп гупу зэрылъытэм хуэдэу гурыIуэгъуафIэрэ lуэхугъуэ тыншу лъытапхъэкъым.

″Макъ щэху″ гуэрхэр зы гупу лъытэныр зэрымыгугъур гулъытапхъэщ, ауэ ″макъ щэху″ гуэрхэр зы гупым щыщу лъытэнри, зэгъунэгъуу къэIуыкIэ зиIэ макъ щэху гуэрхэр зы гупу лъынэтри тыншкъым. Макъ гуэрхэр зы гупу лъытапхъэми, гупым хэт макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр зэхэгъэкIынри тыншкъым. Аращи, гуп гуэрхэм хиубыдэ макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр гурыIуэгъуэу щытми, гуп гуэрхэм хэт макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр лъытэныр тыншкъым.

Мы псалъэхэмкIэ гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъущи, зи къэхъукIэрэ къэIукIэкIэ, икlи зыр зым къызэрытехъукIрэ зэрызэлъытакIэрэ ″макъ lуэр″хэр гурыIуэгъуэу щытми, ″макъ щэху″хэр мыпхуэдэкъым, НытIэ, япэрей лэжьыгъэхэм ″макъ щэху″хэр гуп гупу зэрыщIауэ илъабжьэкIэ къызэрыта щIыкIэм аргуэру хэплъэжын хуейщи, мы лэжьыгъэм къыпэкIуэ lыхьэхэм ″макъ щэху″хэм я къэхъукIэрэ къэIукIэм, зыр зым къызэрытехъукIрэ зэрызэлъыта щIыкIэхэм аргуэру дыхэнлъэжынщ

Япэрей лэжьыгъэхэм ″макъ щэху″хэр гуп зэрыщIа щIыкIэмрэ, гуп гупу зэрызэкIэлъыкIуэр, икlи дэтхэнэ зы гупым хэт макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ: «С, Ц, ЦI, З, ДЗ»; «ГЪ, ГЪУ, ДЖ-ГЬ, ГУ, Г»; «Ж, ЖЬ»; «Д, Т, ТI»; «Щ, ЩI, Ш»; «Ч-К, КУ, КI, КIУ»; «КЪ, КЪУ»; «КХЪ, КХЪУ»; «ХЪ, ХЪУ»; «Х, ХУ»; «ХЬ»; «ЛЪ, Л, ЛI»; «П, ПI, Б»; «Ф, ФI, В»; «М, Н»; «Р».

"Макъ lуэр"рэ "макъ щэху"хэу къэбэрдеибзэ адыгэбзэм хэтрэ алфавитым ихьэпхъэхэращ мы зи гугъу тщlахэр. Ауэ, зы макъыбзэ лэжьэкlэр макъкlэрэ бэгъуэну зэрыхущlэкъунур гурыlуэгъуэнщи, макъхэр зэрызэгухьэкlэрэ щхьэж макъ пэлъытэхэр утыку къызэрихьэм япэрей лэжьыгъэхэми я гугъу щытщlагъащ. Аращи, я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу хэт "макъ зэгуэт"рэ зэхэжыхьауэ къэlуыкlэ зиlэхэм мы лэжьыгъэм ипкъ зэриткlи игъуэ щыхъум деж аргуэру я гугъу щызэрытщlынури гурыlуэгъуэнщ.

## БЗЭЩlЭНЫГЪЭ ДИЦИПЛИНЭ lЫХЬЭХЭУ ЩЫТ ФОНОЛОГИЕРЭ ФОНЕТИКЭМ Я ЕПЛЪЫКlЭХЭМРЭ АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭР

Фонетикэрэ фонологиер бзэм и макъхэм теухуа бзэщlэныгъэ къудамэхэращ. Фонологиер бзэм и макъхэр зэрылажьэ логиер къэзыгъэунэху дицlпинэу, фонетикэри мы макъхэм я физикэм телэжьыхь дицlплинэущ зэралъытэр.

Бзэщlэныгъэм и къудамэ мы дицlплинэхэм я лэжьыгъэр зытеухуарэ зыхуэlуари -нэхъ игъуэу- бзэщlэныгъэр къызтехъукlарэ зэлъыта бзэхэрауэ зэрыщытри жыlэпхъэщ. Зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм макъхэр мыхьэнэншэу зэрилъытам папщlэ, дэтхэнэ зы бзэм макъхэр къызэрыхэlуклрэ зэрыхэт щlыклэ закъуэращ мы дицlплинэхэм я lуэхур. Дэтхэнэ зы макъыр бзэм къызэрыхэlукl, псэлъащхьэм е псэлъэкум и къэlуыкlэр зэрызэхъуэкl, макъхэм я къэlуыкlэр уларенэклэ зэрызэхъуэкl хуэдэ lуэхухэращ мы дицlплинэхэм нэхъыбэу я лэжьыгъэхэр зытеухуар. Къызтехъукla бзэхэр макъыбзэу зэрыщымытрэ зэрымылъытэм папщlи, бзэм и макъхэм теухуауэ къагъэунэхумрэ гулъытэ зыхуащlыу утыку къыралъхьэр зы макъыбзэм макъхэр зэрыхэлэжьыхьым елъытауэ мащlэ дыдэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ.

Мы дицlплинэхэм нобэ я лэжьыгъэм нэхъри зэрызиужьыр гулъытапхъэми, абыхэм макъхэр къызэрыхъурэ псэлъэбзэр зэрыухуэм теухуа зы еплъыклэ нэс зэрамыlэм нэмыщl, икlи я къэхъуклэхэр зэрилъабжьэкlэрэ макъхэр я мыхьэнэкlэрэ систематикэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым хуэкlуэну зы еплъыкlи зэрамыlэр гулъытапхъэщ. Абыхэм я еплъыкlэм зы макъыбзэ консепт хиубыдэкъым. Ауэ мы дицlплинэхэм я лэжьыгъэр зы макъыбзэм теухуауэ къырагъэкlуэкlмэ, ахэр нэхъ зэрыужьынури гурыlуэгъуэнщ. Адыгэбзэр зы макъыбзэу, и макъхэри я къэхъуклэм теухуауэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, фонологиерэ фонетикэ еплъыкlэри зыгъэужьыфынурэ зыгъэбэгъуэфыну зы бзэрщ.

Тlанэ, бзэщlэныгъэу зи гугъу тщlым макъхэр зэрилъытэ щlыклэмрэ адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэн хуей щlыклэр зэрызэтемыхуэщэнури гулъытапхъэщ. Бзэщlэныгъэмрэ абы и къудамэу мы зи гугъу тщlы дицlплинэхэм "макъ lуэр"ымрэ "макъзешэ"р тlури зэхуэдэу гурыlуэгъуэ зыщl псалъэмклэщ къызэрыралуэри, мыри а бзэщlэныгъэр зытеухуарэ

къызтехъукlа бзэхэм я лэжьэкlэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Аращи, а бзэхэм зэрыхэт щlыкlэкlэ ″макъ lуэр″у лъытапхъэхэр зэрыщыту икlи ″макъзешэ″ къалэни зыгъэзащlэрщи, мы терминитlыр зыхуэмыныкъуэрщ; - зыр къыщыриlуэкlэ адрейри ар дыдэущ зэрилъытэр. Нытlэ, мыпхуэдэу зэрылъытапхъэм папщlэщи, зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм мы и терминыр зэрыщыту адыгэбзэм къыщыхэхьэм деж, ″макъ lуэр″ымрэ абы щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэр зэхэмыгъэкlауэщ зэрылъытэр.

Адыгэбзэм и ″макъ lуэр″ гуэрхэм ″макъзешэ″ къалэн зэрагъэзащlэр, ауэ абы щыщ гуэрхэм мыпхуэдэ къалэн зэрамыгъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, мы терминитlми дыхуэныкъуэщ. Макъым и къэlуыкlэрэ бзэм хигъэзэщlыхь lуэхугъуэм теухуауэ мы терминхэм тlуми адыгэбзэр хуэныкъуэ щхьэ, зи гугъу тщlы бзэхэм теухуауэ мы терминитlым зэуэ хуэныкъуэкъым. А бзэхэм макъ lуэру хэтыр икlи макъзешэ къалэн зыгъэзащlэрщи, мы терминитlым зыр хурокъур.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″макъзешэ″ терминым макъым и къэlуыкlэм теухуа lуэхугъуэкъым гурыlуэгъуэ ищlыр. ″Макъзешэ″ терминым фонетикэу зыгуэр гурыlуэгъуэ ищlкъым; ауэ ″макъзешэ″ псалъэр фонологие дициплинэм езэгъ зы термину зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. ″Макъ lуэр″ псалъэми макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуауэ, фонологикэу зыгуэр гурыlуэгъуэ ищlкъым. Ари фонетикэ дициплинэм теухуа зы термину зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэм дежкlэ, макъхэр фонетикэрэ фонологикэу категоризацэ зэрыхъур зэтохуэри, зы терминым фонетикэрэ фонологикэ еплъыкlитlри тыраухуэр. Ауэ, нобэ адыгэбзэр зыщlаджыкl мы бзэщlэныгъэм ипкъ иткlэ, ди бзэщlэныгъэм къищта ″макъзешэ″м ″макъ lуэр″ жыхуэтlэр зэрыхимыубыр гурыlуэгъуэщи, ″макъзешэ″у ятлъыта макъхэм ″макъ lуэр″хэм псори зэрыхиумыбыдэм папщlэ, макъхэм теухуа ди бзэщlэныгъэ къудамэри ныкъуэу къызэтонэр. Адыгэбзэщlэныгъэм ″макъзешэ″ термину щызэрахьэр зэрыгурыlуэгъуэу фонологиеращ зезэгъыр, ауэ нобэ адыгэбзэ макъхэм теухуауэ фонетикэкlэ щхьэхуэу узхуэныкъуэ ″макъ lуэр″ терминыр зэрихьэкъым. Зы макъыр къызэрыlумрэ икlи бзэм зэрыхэлэжьыхь къалэнкlэрэ лъытэн хуейщи, адыгэбзэм и макъ lуэрхэм теухуауэ мы lуэхугъуитlыр макъыбзэу щымыт бзэхэм хуэдэу щызэтемыхуэм деж, адыгэбзэм и макъхэм ущытелэжьыхьрэ ущытепсэлъыхькlэ, мы терминитlми ухуэныкъуэщ. Аращи, макъхэр я къэlукlэрэ фонетикэу ″макъ lуэр″рэ ″макъ щэху″у лъытэн зэрыхуеймрэ, макъхэм бзэм хагъэзэщlыхь къалэным теухуауэ фонологиеуи ″макъзешэ″рэ ″макъдэкlуашэ″у лъытэн зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ.

Нобэрей адыгэбзэщlэныгъэм и термину щыт ″макъзешэ″рэ ″макъдэкlуашэ″м химыубыдэ макъхэр (lы, lэ, lи, lу) зэрыхэтыр гулъытапхъэщ адыгэбзэми, ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэрэ икlи ″макъдэкlуашэ″уи щымыт мы макъхэр – нобэрей бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэм мыпхуэдэу лъытапхъэ макъхэр зэрыхэмытым папщlэ-

бзэщlэныгъэкlэ зэрымылъытэфыр гулъытапхъэщ. Араща, фонологие терминхэу щыт ″макъзешэ, макъдэкlуашэ″ терминхэм емызэгъ мы макъхэр зэрылъытэфынур фонетикэущи, ари адыгэбзэкlэ фонетикэу ″макъ lуэр″ущ зэрылъытапхъэр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, фонологиеу ″макъдэкlуашэ″ терминым хиубыдэ макъхэм псори фонетикэуи зэхуэдэ макъхэрщ; ауэ, мы ипэкlэ къызэрыгъэлъэгъуауэ фонетикэу ″макъ lуэр″ терминым ущыхуэныкъуэкlэ, мыбы фонетикэу къыпэув ″макъ щэху″ терминми ухуэныкъуэнщ. Мы псалъэм ипкъ иткlэ, бзэм и макъ псоми бзэщlэныгъэкlэ утепсэлъыхьын папщlэ, нобэ адыгэбзэщlэныгъэм къищтарэ икlи фонологие терминхэу щыт ″макъзешэ, макъдэкlуашэ″ терминхэм нэмыщl, фонетикэ термину ″макъ lуэр, макъ щэху″хэми ухуэныкъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, бзэм и макъхэр утыку къызэрихьэрэ къызэрыlум теухуащ ″макъ lуэр, макъ щэху″ терминхэри, ахэр макъхэм я физикэрэ я щыlэгъуэ терминхэу фонетикэ терминхэрщ. ″Макъзешэ″ терминыр ″макъ lуэр″ гуэрхэм (нэхъыбэм) бзэм хагъэзэщlыхь къалэну, фонологие терминщ. ″Макъ lуэр″ым хуэдэу зы фонетикэ термину щытрэ макъыр и физикэрэ и щыlэгъуэр зэрылъытэрщ ″макъ щэху″ терминри, икlи мы макъ щэхухэр утыку къызэрихьэфри гурыlуэгъуэ зыщl зы термину щыт ″макъдэкlуашэ″ терминыр зы фонологие термину зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, ″макъдэкlуашэ″ псалъэр макъыр фонетикэу зэрылъыта ″макъ щэху″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуа фонологие терминщ.

Бзэм хэт макъхэр фонетикэрэ фонологие лъэныкъуэкlэ мыпхуэдэу класификацэ зэрыщlын хуейм нэмыщl, ахэри я кlуэцкlи аргуэру зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэр гурыlуэгъуэнщ (пп: ″жыгъжь, жьыгъру, дэгу). Мы калсификацэхэр пэжынщ, икlи мыбдежым ди lуэхур абыхэм теухуарэ нэсауи щыткъым; ауэ, мыпхуэдэ класификацэм ипэ къихуэу, ахэри зыхэзыубыдэ класификацэ нэхъыщхьэхэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ мы ипэкlэ зи гугъу тщla макъ класификацэхэр (макъ lуэр, макъ щэху; макъзешэ, макъдэкlуашэ).

Нытlэ, мы ипэкlэ къэтlуэтахэм къызэрыгуэкlкlэ, адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ аргуэру жыlэпхъэхэр илъабжьэкlэ къыщыпытщэжынщ. Ауэ, мы ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, фонологиерэ фонетикэ бгъэдэхьэкlэмрэ адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ илъабжьэкlэ зи гугъу тщlынухэр нэхъыбэу адыгэбзэм хэт ″макъ lуэр″хэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Адыгэбзэм и макъхэр зи гугъу тщlы бзэщэlыгъэ дициплинэхэм я бгъэдэхьэкlэкlэ бзэщlэныгъэлlхэм зэралъытэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщи, мыпхуэдэ бгъэдэхьэкlэхэр макъыбзэм и макъхэм теухуауэ зэрымыигъуэр къыхэдгъэщынщ; адыгэбзэм ″макъ lуэр″хэу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэрэ зымыгъэзащlэу хэтхэри я къэхъукlэрэ къэlукlэм зэрелъытакlэрэ гурыlуэгъуэ зыхуэтщlынщ.

*

Утыку иту зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм макъхэр зэрилъытэр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм телэжьыхь мыпхуэдэ щlэныгъэлlхэм адыгэбзэм и ″макъ lуэр″хэри езыхэм я бзэхэм а макъхэр къызэрыхэlуклklэрэщ. Араща, я бзэм хэт ″макъ lуэр″хэр къызэрыlу щlыклэмрэ адыгэбзэ ″макъ lуэр″хэр къызэрыlу щlыклэри зэрызэщхьэщыклыр нэмыплъ ящlыр. Езым я бзэмрэ абы къытехъукlа бзэщlэныгъэр лъабжьэ ящlыущ адыгэбзэми зэрыбгъэдэхьэхэри, адыгэбзэ макъхэм я къэlуклэхэмрэ я къэхъуклэм, икlи я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэм гу лъатэкъым, я бгъэдэхьэклэм мыпхуэдэхэр къыридзэкъым. Зи гугъу тщlы бзэхэм я ″макъ lуэр″хэр зэрыщыту ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэрщи, зы терминыр (макъзешэ) яхурокъур. Адыгэбзэм и ″макъ lуэр″хэм щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэмрэ зымыгъэзащlэхэм я къэlуклэр зэрызэхуэмыдэри гурыlуэгъуэщи, ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэм хуиту къэlуыклэ зэраlэр гулъытапхъэщ. Ауэ, зи гугъу тщlы бзэхэм я макъ lуэрхэр мыпхуэдэу зэщхьэщыклкъым, икlи ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэ я ″макъ lуэр″ псори адыгэбзэм макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэ макъхэм хуэдэ къэlуыклэ зиlэрщ. Араща, утыку ит бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэм я ″макъ lуэр/макъзешэ″хэр къызэрыраlу щlыклэр адыгэбзэклэ мыпхуэдэщ зэрытхыну щlыклэр: «*и* → lы; *i* → lи; *е* → ″lэ, lе″; *а* → ″lэ, lа″; *u* → lу; *о* → lо».

А бзэхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащlэу хэт мы ″макъ lуэр″хэм хуиту къэlуыклэ зэрамыlэм зэрезэгъщи, ахэр адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзымыгъэзэщlыхь макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ, адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь ″макъ lуэр″хэр япэрауэ ″макъ щэху″р зэришэн лъэклыныгъэу хуиту къэlуыклэ зиlэхэрщ. - ″Макъ щэху″хэр зэрызешэклэрэ къызэрыlум теухуауэ зэрылъытэри ″макъдэклуашэ″ущ-. Араща, зи гугъу тщla бзэхэм ″макъзешэ″у хэтхэр къызэрыlу щlыклэр адыгэбзэклэ тхауэ мы ипэклэ къэтащи, абыхэм щыщу адыгэбзэ макъхэм теухуэхэр адыгэбзэ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэфыну къызэрыlу щlыклэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:: «*и* → ы; *е* → ″э, е(эй, эйй)″; *i* → и; *а* → ″э, а″; *u* → у; *о* → о».

Зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэм и ″макъзешэ″хэмрэ а бзэхэм я ″макъзешэ″хэм я къэlуклэхэр зэтехуэкъым. Адыгэбзэм и ″макъ lуэр″хэм щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэм хуиту къэlуыклэ зэраlэр жытlагъащи, а бзэхэм и нэхъыбэу нобэ мыпхуэдэу хуиту къэlуыклэ зиlэ макъ яхэткъым, - е яхэтыжкъым. Адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзэщlэфыну щхьэж къэlуыклэ зиlэ ″макъ lуэр″хэм хуэдэ къэlуыклэ зиlэхэращ зи гугъу тщlы бзэхэм ″макъзешэ″ къалэнри зыгъэзащlэр. Мыпхуэдэ къэlуклэклэщ макъ lуэрхэр а бзэхэм зэрыхэтри, макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэ макъ lуэри язэрыхэмытри ипэклэ жытlагъащ.

Зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэлlхэм адыгэбзэм и макъхэр езым я еплъыклэклэ категоризацэ щащlклэ, зы макъыбзэу адыгэбзэм и лэжьэклэр нэмылъ зыщl зы категоризацэщ утыку къыралъхьэр. Икlи, абыхэм

адыгэбзэм и макъхэр нобэрей алфавитым зэрыхэт щlыклэклэ зэралъытэнури гурыlуэгъуэнщи, нобэрей ди алфавитым адыгэбзэм и ″макъ lуэр″ псори зэрыхимыубыдэри гулъытапхъэщ. Къыхэгъэщыпхъэщи, нобэрей адыгэбзэ алфавитым ″lы, lэ, lи″ макъхэмрэ зэхэжыхьауэ къэlу ″эй″мрэ иклu ″эйй″ри (″иэ″рэ ″иэй″ макъ lуэр зэхэжыхьахэр зы тхыпкъыу зэрытхам хуэдэу ″е″уэ тхащи) щхьэхуэу зы тхыпкъклэ къэгъэлъэгъуауэ хэткъым.

Нобэрей адыгэбзэ алфавитым фонологиерэ фонетикэ дициплинэ еплъыклэклэ хэплъа Европэ бзэщlэныгъэлl гуэрхэм ″макъзешэ″ къалэн игъэзащlэу адыгэбзэм хэту ялъагъу макъхэр мыхэращ: «ы, э, а, о».

″Макъ lуэр″у ялъытэр зэры″макъзешэ″ри гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм хэт ″е″р щхьэжу къызэрыlу щlыклэу (иэ) зэралъытэм папщlэ ″макъзешэ″къыми, а тхыпкъыр (е) ″макъзешэ″м хабжэкъым; - иклu ″иэ″р зэрытхарэ макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэ мы ″е″м ″иэй″ри зэрызыхиубыдэр ялъытэххакъым. Ауэ ипэклu гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащи, мыбыхэм (иэ, иэй) нэмыщl, адыгэбзэм ″е″ тхыпкъыр иклu ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьахэм папщlи щызэрызыретхьэр зэрыгурыlуэгъуэу, мыхэр (эй, эйй) къызэрыlу щlыклэклэ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэрщи, бзэм щызеклуэрэ зетхьэ ″е″ тхыпкъым мы и лъэныкъуэклэ, флэклыплэ имыlэу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэу зэрылъытэн хуейри гурыlуэгъуэщ.

Бзэщlэныгъэу къытхуэклуар зытеухуа бзэхэм ″макъ lуэр″ жыхуаlэр флэклыплэ имыlэу ″макъзешэ″у зэралъытэм папщlэ, ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэу адыгэбзэ алфавитым хэт ″е(иэ, иэй)″, ″я(иа)″, ″lу″ макъхэр ди бзэщlэныгъэм ″макъ lуэр″ термин зэрыхэмытым папщlэ, категоризацэ мыщlауэ къызэрынари гулъытапхъэщ. Ауэ мыхэр ″макъзешэ″у щымыт щхьэ, иклu ″макъдэклуашэ″уи зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, бзэм хэт и макъ гуэрхэр ипэклu зэрыжытlауэ бзэщlэныгъэрэ фонетикэу мылъытауэ къэнащ. Я къэlуыклэм ипкъ иткlэ, мы макъхэр ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэ ″макъ lуэр″хэрщ; ахэр ″макъ lуэр″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, къэlун папщlэ макъзешэ зыхуэмыныкъуэу, макъдэклуашэуи зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу адыгэбзэм хэт макъхэр мы зи гугъу тщlахэм къызэрыщымынэри гурыlуэгъуэщи, ахэри илъабжьэклэ къэдгъэлъэгъуэнщ.

Араща тlэ, ипэклэ адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ ″макъ lуэр″рэ ″макъзешэ″ терминхэр зэхуэдэ lуэхугъуэу зэрыщымытым и гугъу тщlащи, ″макъ lуэр″у щыт щхьэ, ″макъзешэ″ къалэн хэзымыгъэзэщlыхьу адыгэбзэм хэтхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «lы, lэ, lи, й, е(иэ, иэй), le, я(иа, еа), lу».

″Макъ lуэр″у ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэу адыгэбзэм хэтхэри илъабжьэклэ къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм я бжыгъэр ипэклэ и гугъу зэрытщlауэ адыгэбзэм ″макъзешэ″у хэту ялъытам зэрыщхьэщыклышхуэри гулъытапхъэщ: «ы, э, а, и, е(эй, эйй), у, о(эу)».

*

Зи гугъу тщlы бзэхэм хэт макъ lуэрхэр щхьэжу къызэрыlумрэ адыгэбзэ макъхэр щхьэжу къызэрыlур зэтехуэкъым. Аращи, нобэрей бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэр зезыхьэ бзэщlэныгъэлlхэм езым я макъхэр щхьэжу къызэрыlур лъабжьэрэ пэжу зэралъытэм къызэрыгуэкlщи, адыгэбзэ ″макъ lуэр″ гуэрхэри къызэрыlу щlыкlэкlэ ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзэщlэн хуейуэ ялъытэр. Мы псалъэм езэгъ зы макъри адыгэбзэм и ″у″ макъращ. Адыгэбзэм и ″у″ макъыр щхьэжу къызэрыlу щlыкlэр зи гугъу тщla бзэхэм хэт макъыу ингилизыбзэм хэт ″w″ макъращи, ар а бзэхэм зэрыхэт щlыкlэр зы ″макъ lуэр″укъым, - ″макъзешэ″ къалэн игъэзащlэукъым. Ар ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэрэ зы ″макъ щэху″ущ зи гугъу тщla бзэхэм зэрыхэтри, икlи ар щхьэж къэlукlэкlэ адыгэбзэм и ″у″ макъым хуэдэми, зи гугъу тщla бзэхэм зэрыхэт щlыкlэр макъ щэхурэ макъдэкlуашэу щыт ″v (в)″ым и зы вариант макъыущ. Ар щыхъукlи, ″w″ макъыр щхьэж къэlукlэкlэ адыгэбзэм и ″у″ макъым хуэдэми, ар а бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр адыгэбзэм и ″у″ макъым нэхърэ ″v″ макъым нэхъ пэгъунэгъуу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи, зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэ еплъыкlэкlэ щхьэжу къызэрыlу щlыкlэкlэ ″w″ макъым хуэдэ къэlуыкlэ зиlэ адыгэбзэ ″у″ макъми ″макъзешэ″ къалэн имыгъэзэщlэн хуейуэщ зэралъытэр. А бзэхэм зэрыхэткlэ ″w″ макъыр икlи макъ щэхурэ макъдэкlуашэ дыдэуи ялъытэкъыми, мыр зэрилъабжьэкlэрэ ди бзэщlэныгъэлlхэми адыгэбзэм и ″у″ макъри ар дыдэу ″макъ lуэр″рэ ″макъзешэ″ дыдэу ямылъытэу, ″макъзешэ ныкъуэ″у зэралъытэкlэрэ ″макъ lуэр ныкъуэ″рэ ″макъ щэху ныкъуэ″ущ ялъытэр. Ауэ, адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъ lуэрхэм я къэlукlэм и гугъу тщlащ ипэкlи, ″у″ макъым и къэlукlэр макъзешэ къалэн игъэзэщlэну хуиту къэlуыкlэ зиlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″у″ макъыр щхьэжу ″w″ макъым хуэдэу къэlуми, щхьэжу хуиту мы и къэlукlэм зэрезэгъщ икlи ″у″ макъым адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн щlызэрыхигъэзэщlыхьыр.

Адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъхэмрэ зи гугъу тщlы бзэхэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъхэм я къэlукlэхэр зэхуэдэкъыми, мыбы и зы щапхъэщ ″w″р зэрылъытапхъэмрэ, щхьэж зы макъыу абы хуэдэ къэlуыкlэ зиlэ адыгэбзэ макъыу щыт ″у″ макъыр зэрылъытапхъэр. Аргуэру жытlэжмэ, къызтехъукlа бзэхэм я макъхэр зэрыхэлэжьыхьым теухуауэщ зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэр тегъэщlапlэ зэращlкlэрэ макъхэр зэралъытэри, мы еплъыкlэм теухуауэ ди бзэщlэныгъэми адыгэбзэ макъыу щыт ″у″р ″макъзешэ ныкъуэ″у зэрилъытам и лъабжьэри мыращ. Мыпхуэдэ бгъэдэхьэкlэр адыгэбзэм и ″у″ макъым теухууэ зэрыщыуагъэр гурыlуэгъуащэщ. Адыгэбзэмрэ хамэбзэхэм я макъхэр къызэрыlу щlыкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр зэрызэхэмыгъэкlам ипкъ иткlэ, ди бзэщlэныгъэм мы зэрилъытар зэрыщыуагъэри наlуэщи, адыгэбзэм и ″у″ макъыр ″макъзешэ ныкъуэ″къым, ар занщlэу икlэм къызпыхьэ макъ щэхурэ макъдэкlуашэр фlэкlыпlэ имыlэу зезышэ макъщ.

Ауэ пэжщ бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэу ″у″ макъым ″макъзешэ″ къалэн игъэзащIэкъым. Ар щхьэ, мыпхуэдэхэри нобэ ди тхэкIэу ″у″м ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзэщIэну щIыкIэу ятхыр. Аращи, ″у″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэтрэ абы хигъэзэщIыхь щIыкIэкIэ икIэ нэгъунэ ямылъытэу, зи гугъу тщIа бзэщIэныгъэ еплъыкIэкIэ зэралъытэм къызэрыгуэкIщи, нобэ ди бзэщIэныгъэрэ литературэбзэм ″у″р щхьэж *и мыхьэнэкIэрэ бзэм щыхэлэжьыхьым* дежми, щыуагъэу макъдэкIуашэм занщIэу къыкIэлъыкIуэу ятхыфыр; - мы тхэкIэр ″у″м ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзэщIэну щIыкIэрщ. Мы псалъэхэм и зы щапхъэщи, ″сыукIащ, быукIащ″ е - ″Iуэху глагол″ лэжьэкIэм зэрезэгъкIэрэ- нэхъ игъуэу ″съукIащ, бъукIащ″ хуэдэу тхын хуейр нобэ ″сукIащ″у ятхыр; ар мыпхуэдэу щатхым дежи, мыпхуэдэ псалъэхэм мы зэрыхэт щIыкIэкIэ ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзэщIэн хуейуэ щыт ″у″ макъыр - мы зэратх щIыкIэмкIэ- макъзешэ къалэн игъэзэщIэну хурахулIэр.

Мы къэта щапхъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, щхьэжу е псэлъащхьэу зэрыщытым зэрезэгъэкIэрэ ″у″м и мыхьэнэкIэ зыкъыщигъэлъагъуэ щIыпIэм ищхьэкIэ макъдэкIуашэ къыщыпыхьэм деж, макъзешэ къалэн зыгъэзэщIэф макъ Iуэрым а макъдэкIуашэм фIэкIыпIэ имыIэу макъзешэ къалэн зэрыхуигъэзэщIэнур гурыIуэгъуэнщи, а макъдэкIуашэр е зы макъзешэкIэ (ы) къэIун хуейщ, е а макъдэкIуашэм ″ъ″ нэгъыщэ къыпыгъэхьауэ ар ″у″кIэрэ зэрешэным къегъэлын хуейщ. ″У″ макъым нэмыщI, икIи ″и″ макъри бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ, ауэ ди тхэкIэм ″у″м теухуауэ мы зи гугъу тщIа щыуагъэхэр ″и″м теухуауэ къызэрымыхъури гулъытапхъэщ.

Мыхьэнэ зиIэ макъхэу зэрыщытрэ бзэм щхьэжу зыкъыщагъэлъагъуэм е псэлъащхьэ щыхъухэм деж, ищхьэмкIэ къыпыхьэ макъдэкIуашэхэм макъзешэ къалэн хуагъэзэщIэн хуейуэ зэрыщымытыр гулъытапхъэщ мы макъхэми, ахэр зи гугъу тщIа бзэщIэныгъэр тегъэщIапIэ зэращIкIэрэ макъзешэ дыдэу зэрамылъытэми къызэрыгуэкIкIэ ди тхэкIэм мыпхуэдэ щыуагъэхэр къыхохъухьыр. Мы къэтIуэтахэм къызэрыгуэкIкIэ, ″у″мрэ икIи ″и″ри ″макъзешэ″ нэсу щIамылъытар гурыIуэгъуэнщ, ауэ ахэр адыгэбзэм и макъхэу щыплъытэм деж, ди тхэкIэм мыпхуэдэ щыуагъэхэр къызэрыхэмыхъухьынури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мыпхуэдэщ макъыбзэм и макъхэр зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри, дэтхэнэ зы ″макъ Iуэр″ым сытым дежи ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщIэн хуейуэ щыткъым; адыгэбзэм и макъ Iуэрхэр макъзешэ къалэн закъуэ папщIэкъым къызэрыхъуар.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, макъыбзэмрэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр щхьэж къэIукIэкIи, бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэкIи зэщхьэщокIри, мы зэщхьэщыкIыныгъэр мылъытэрэ нэмыплъ зэрыщIкIэрэ, макъыбзэу щымыт бзэхэм къытехъукIарэ теухуа бзэщIэныгъэм макъыбзэр щыщIаджыкIым къихь щыуагъэхэращ мы зи гугъу тщIахэр. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэм теухуауэ къэхъу щыуагъэхэр къызтехъукIыр адыгэбзэм и макъхэри зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэр

къызтехъукlа бзэхэм я макъхэм хуэдэу зэрылъытэращ. Бзэщlэныгъэ зи цlэу утыку итыр зытеухуарэ къызтехъукlа бзэхэм я макъхэм теухуауэ жиlэхэр а зэрыщыту щlэныгъэрэ пэжыгъэу зэрылъытэкlэрэ адыгэбзэм и макъхэми теухуауэ лъытэнращ мы щыуагъэхэр къызхэкlыр.

Зи гугъу тщla бзэхэм ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэ я макъхэмрэ адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь макъхэм я къэlукlэр зэхуэдэкъым. Адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн хэзыгъэзэщlыхь ″макъ lуэр″хэр хуиту къоlу; зи гугъу тщlы бзэхэм ″макъзешэ″ къалэн згъэзащlэ макъхэр хуиту къэlун хуэныкъуэкъым; ахэр къызэрыlу щlыкlэр адыгэбзэм и ″макъ lуэр лимитацэ″хэм хуэдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи, зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм мы макъхэр ″макъ lуэр″рэ ″макъзешэ″у зэрызэщхьэщимыгъэкlар жытlагъащи, езы бзэхэм зэрыхэтым теухуауэ тlури зэхуэдэрэ зыуэщ зэрилъытэр. Мы зэрилъытэ щlыкlэр зэрыщыту адыгэбзэм ″макъзешэ″у хэхьащ, ауэ ″макъзешэ″р ″макъ lуэр″ гуэрхэм бзэм хагъэзэщlыхь къалэнырщ. ″Макъ lуэр″ыр фонетикэу макъ гуэрхэр къызэрыlу щlыкlэрщи, мыхэр зэхэгъэкlауэ щылъытэм деж, адыгэбзэмрэ зи гугъу тщlы бзэхэр зэрызэщхьэщыкl щlыпlэхэри наlуэ мэхъур. Мы псалъэми къызэрыхэщщи, бзэщlэныгъэр дэтхэнэ зы бзэм езым хуэlуа хъун хуейщ; икlи бзэщlэныгъэ терминхэри щызэрызэгъэдзэкlкlэ хуэсакъын зэрыхуейри гурыlуэгъуащэщ.

″У″м и лимитацэ ″lу″р зи гугъу тщla бзэхэм нэхъыбэу зэратх щlыкlэри - латин алфавит тхыпкъкlэ- мыпхуэдэщ: *″и″*. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, абыхэм мыр адыгэбзэм и ″у″ макъым ипlэкlэщ зэрызырахьэрэ зэралъытэр. Зэрыгурыlуэгъуэу мыр ″макъ lуэр/макъзешэ″ дыдэу ялъытэкъыми, мы зэрылъытэ щlыкlэри фонетикэущ. А бзэхэм *″и″* макъым ″макъзешэ″ къалэн хигъэзэщlыхьми, апхуэдэ къэlуыкlэ зиlэ адыгэбзэ макъыу щыт ″lу″м ″макъзешэ″ къалэн зэримыгъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэщ. Адыгэбзэм и зы ″макъ lуэр″ым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщlэфын папщlэ, япэрауэ абы хуиту къэlуыкlэ иlэн хуейщи, зы макъ lуэрым и лимитацэу щытрэ хуиту къэlуыкlи зимыlэжым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщlэфынкъым. Араща, адыгэбзэм и ″lу″ макъыр ″макъ lуэр″ щхьэ, ″макъзешэ″къым.

″Й″ макъыр зи гугъу тщlы бзэхэм нэхъыбэм деж зэратх щlыкlэр латин алфавит тхыпкъкlэ *″у″*уэщи, ар ″макъ lуэр ныкъуэ″у ялъытэр, икlи я бзэхэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэущ. Ар зэры″макъ lуэр ныкъуэ″р адыгэбзэм зэрыхэт щlыкlэм гурыlуэгъуащэ къыпхуещlыр: ″й″р ″и″м ″ы″ къыщыхэмыlукlращи, икlи ар ″и″м и эффект зыгъэзащlэущ адыгэбзэм зэрыхэт щlыкlэр. Адыгэбзэм ″й″м ″макъзешэ″ къалэн зэрыхимыгъэзэщlыхьми и щхьэусыгъуэр гурыlуэгъуэщи, ар хуиту къызэрымыlурэ ныкъуэ къэlуыкlэ зиlэу зэрыщытращ. Ар ″и″ макъым ″ы″ншэу и къэlуыкlэу зэрыщытыр адыгэбзэм гурыlуэгъуащэу хэтщ, ар щхьэ мыпхуэдэ зэпыщlэныгъэ хэплъагъуэкъым бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэми, адыгэбзэм и ″и″ макъыр къызэрыlу щlыкlэр абыхэм зэралъытэри мыпхуэдэщ: «и → *уи*».

Мыпхуэдэу зылъытэ бзэщlэныгъэм ар зы ″макъ lуэр/макъзешэ″ нэсу илъытэкъым. Езым я бзэм ″й″р зы ″макъ lуэр/макъзешэ ныкъуэ″у зэрыхэтым папщlэрэ, абы аргуэру ″ы″ къыпыхьэжу къэlуу зэралъытэм папщlэщи, ″и″р зы ″макъ lуэр/макъзешэ″уи ялъытэкъым. Мыр а бзэхэм я лэжьэкlэм елъытащи, а бзэхэм къытехъукlа бзэщlэныгъэм адыгэбзэри щыщlэбджыкlкlэ, адыгэбзэм езым и макъхэр зэрыхэлэжьыхьыр щыуагъэу къыбгуроlуэжыр. ″У″м теухуауэ ипэкlэ къыжытlахэм хуэдэжщи, адыгэбзэм и ″макъ lуэр″ лъабжьэхэм ящыщрэ ″макъзешэ″у щыт ″и″ макъыр зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм езыр къызтехъукlа бзэхэм зэрелъытарэ зэрытеухуакlэрэ щхьэж зы макъыу зэримылъытар ди бзэщlэныгъэлlхэми я еплъыкlэ хъуащ: нобэ ди бзэщlэныгъэлlхэм щыуагъэу ″й″р ″и″м къызэрытехъукlам гулъытэ хуамыщlыу, ″и″р ″й″м къытехъукlауэщ зэралъытэри, ″йы → и″уэщ къазрыгурыlуэжрэ зэратхыр!

Ар щхьэ, макъ къэхъуныгъэу зи гугъу тщlахэмрэ икlи мы ипэкlэ къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ заращlщи, ″й″р къызтехъукlар зы макъ lуэр лъабжьэу щыт ″и″ращ. ″И″р къызэрыlу ″ы″р зэрыпыху къэlуыкlэ зиlэрщ ″й″ми, ар щхьэж къэlуыкlэ зиlэ зы макъыу лъытапхъэкъым. Икlи, ″й″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр ″и″м и къалэн зэригъэзащlэущи, зы макъ lуэрым и къэlукlэ зыдигъэкlурэ щхьэж къэlуыкlи щыхуэмыныкъуэм деж, ″и″р къызэрыlу щlыкlэращ ″й″р утыку къызэрихьэрэ псалъэхэм щыхэплъагъуэри, абы бзэм хигъэзэщlхьыр ″и″ макъ къалэну зэрыщытkлэрэ ″й″р ″и″ эффекту зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

″И″ макъым и лимитацэу щытрэ хуит къэlуыкlэ зимыlэ зы макъ lуэру щыт ″lи″ми адыгэбзэм макъзешэ къалэн зэрыхимыгъэзэщlыхьынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, зи гугъу тщlы бзэхэм адыгэбзэм и ″и″ макъым ипlэкlэ хэт макъым и къэlуыкlэри ″lи″ макъым хуэдэу зэрыщытыр ипэкlи жытlагъащ.

″И″ гупым хэтрэ ″lи″м и кlуэтэгъуэрэ (lи-э) ″е″м и лимитацэу (lе) къэхъуа зы ″макъ lуэр зэхэжыхьа″ри ″lе″ращ. Ари мы къызэрыхъуарэ къызэрыlукlэрэ ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэ ″макъ lуэр″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ абы и къэlуыкlэр зи гугъу тщla бзэхэм ″е″кlэ ятхрэ ″макъзешэ″у ялъытэ макъым зэрыхуэдэр гулъытапхъэщ.

″Я″ тхыпкъыр адыгэбзэм ″иа″ макъыр зэрытх щlыкlэу, урысыбзэ алфавитым зэрыхэтым папщlэ адыгэбзэми къыхэхьащ. ″Я″ тхыпкъымкlэ ттхыр зы адыгэбзэ ″макъ lуэр″ зэгуэтщи (иа, еа), ар зэрыщыту къэlун зэрыхуейм папщlэ, абы зы ″макъзешэ″ къалэн зэримыгъэзэщlэнури гурыlуэгъуэщ. Ауэ, ″я″р урысыбзэм ″макъзешэ″ къалэн хигъэзэщlыхьу ялъытэу зэрыхэтым папщlэ, адыгэбзэми нобэ щыуагъэу мыпхуэдэу щызэрагъакlуэу урохьэлlэр... – зэтыхын хуейри тхыхьым дэту къэттынщ: «дяпэ (ди япэ), дяпэкlэ (ди япэкlэ), дянэ (ди анэ), дядэ (ди адэ)...».

*

Адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэу хэт макъхэр хуиту къэlу макъхэращ. Мыбы и къежьапlэри ″ы″ макъращи, абы къыкlэлъыкlуэу

хуиту къэlуу утыку къихьа ″э, и, у″ макъхэр ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщlэну щlыкlэкlэщ къызэрыlухэр. Мыбыхэм къытехъукlа макъ гуэрхэри ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэфын къэlуыкlэ зиlэ макъхэщ, ауэ къатехъукlа макъ гуэрхэри ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзэщlэфын къэlуыкlэ зиlэ макъхэщ.

Зи гугъу тщlы ″макъ lуэр лъабжьэ″хэм къатехъукl макъхэм я къэlуыкlэм елъытащ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэфрэ зымыгъэзэщlэфу утыку къихьахэри, къызтехъукlа макъ lуэр лъабжьэхэм я лимитацэу утыку къихьарэ зи къэlуыкlэ хуитыныгъэр зыкlуэда макъ lуэрхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащlэкъым: «lы, lэ, lи, lу».

Зы ″макъ lуэр″ым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщlэн папщlэ, япэрауэ хуиту къэlуыкlэ иlэн хуейщ. Ауэ хуиту къэlуыкlэ зиlэу зэхэпх дэтхэнэ макъым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщlэфыну аракъым мыбы къикlыр. Мы псалъэм къызэрыгуэкlкlэ, хуиту къэlуу зэхэпхми, ″и″м ″э″ къыпыхьэжу утыку къихьа ″е(иэ)″ми ″макъзешэ″ къалэн игъэзащlэкъым. Тlанэ, ″е(иэ)″мрэ ″и″м ″а″ къыщыпыхьэкlэ утыку къихьэ ″я(иа)″ми ″макъзешэ″ къалэн игъэзащlэкъым. Мы зи гугъу тщlыхэм зыр ″и″м и кlуэтэгъуэу (е), адрейри (я) абы и кlуэтэгъуаращи, ″и″м и лэжьэкlэращ бзэм хагъэзэщlыхьыр. Мы къалэныр зэрагъэзащlэм папщlи, щхьэж къызэрыlу щlыкlэкlэ зыкъагъэлъэгъуэн хуейщ. Хуиту къэlу макъ lуэритlкlэ ухуа макъ зэхэжыхьащ мыхэри (е, я), ″и″м и кlуэтэгъуэрэ и кlуэтэгъуар щагъэзащlэм деж икlи ″макъзешэ″ къалэни ягъэзащlэкъым. Араща, хуиту къэlукlэ зэраlэ закъуэм папщlэ ″макъ lуэр″хэм фlэкlыпlэ имыlэу ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщlэн хуейуэ щыткъым. Икlи мы макъ lуэр зэхэжыхьахэм (е, я) кlэух хуэхъуа макъым (э, а) игъэзащlэр къызкlэлъыкlуэ макъыр зэришэн lуэхущи, ар щхьэж зы макъзешэ lуэхугъуэщ; икlи мыпхуэдэ къалэн щыгъэзащlэу утыку къихьэ мы макъ lуэр зэхэжыхьахэм хуиту къэlуыкlэ зэраlэм папщlэ, аргуэру зы ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщlэжкъым.

Мыбы нэмыщl, хуиту къэlурэ макъ lуэр лъабжьэу тлъытэ макъхэм щыщ гуэрхэри сытым дежи бзэм макъзешэ къалэн хагъэзэщlыхьу зэрыхэмытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ ″и, у″ макъхэри, абыхэм теухуа мыпхуэдэ lуэхугъуэр ипэкlи къыхэдгъэщауэ щытащ, ауэ мыбдежым нэхъ зэlухауэ деплъынщ. Араща, мы макъхэр бзэм я мыхьэнэкlэрэ бзэм щыхэплъагъуэ дэтхэнэ зы щlыпlэми абыхэм ″макъзешэ″ къалэн щыхагъэзэщlыхькъым. Мы макъхэр бзэм щхьэжуи, псалъэм ищхьэм къыпыхьэуи, псалъэм икурэ икlэм деж къызкlэлъыкlуэ макъ щэхур зэрамышэу щыхэплъагъуэ щыlэщ. Абыхэм бзэм щыхагъэзэщlыхь мыхьэнэрэ къалэнращ мыр къызтехъукlри, я макъ мыхьэнэр зэрыщыту зы псалъэм щыхэлэжьыхьым деж, ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащlэкъым. Мыпхуэдэу бзэм щыхэлэжьыхьым деж, абы ипэ къихуэ макъ щэхум зы макъзешэ къыкlэлъыкlуэу мы макъхэр псалъэм хэту зэрыплъагъунур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, псалъэ гуэрхэр щапхъэу къэтхьынщ ″и″мрэ ″у″м

зы бзэ мыхьэнэ щагъэзащlэкlэ ″макъзешэ″ къалэн зэрамыгъэзащlэм техуауэ: «щыигъуэр, жэщыи; щыухуэр, сыухащ, жэщыу, жэщыуэ».

Щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, макъдэкlуашэр оригиналу ″ы″кlэрэ къэlуущ зи гугъу тщlы макъ lуэрхэр къазэрыкlэлъыкlуэр. Ар щыхъукlэ, макъдэкlуашэм къыкlэлъыкlуэу псалъэм хэхьэ мы макъ lуэрхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащlэкъым; макъдэкlуашэри оригиналу ″ы″кlэрэ зешэу щхьэжущ псалъэм зэрыхэтыр; къыкlэлъыкlуэ макъ lуэрхэри щхьэж къызэрыlу щlыкlэу псалъэм хэтщ. Мыпхуэдэу, ″макъзешэ″ къалэн щамыгъэзащlэм деж, къызкlэлъыкlуэ макъдэкlуашэр мы макъ lуэрхэм езым ягъэзащlэ геометрикэ lэнатlэми къыщагъэlукъым, макъдэкlуашэр ″ы″кlэрэ оригиналу къэlуу, зи гугъу тщlы макъ lуэрри щхьэж езым и мыхьэнэрэ и геометрие lэнатlэр игъэзащlэу псалъэм хэтщ.

Зи гугъу тщlы ″и, у″ макъхэм ″макъзешэ″ къалэн щагъэзащlэм деж, зэрыгурыlуэгъуэщи, къызкlэлъыкlуэ макъдэкlуашэм занщlэу (″ы″ншэу) пыщlауэщ къызэрыlури, абдежым утыку къихьэ бзэ лэжьэкlэмрэ мы ипэкlэ зи гугъу тщla лэжьэкlэу къэта щапхъэхэр зэхуэдэкъым. Ныtlэ, ″макъзешэ″ къалэн зыхуагъэзащlэ макъхэр ″и, у″ макъхэм езым я геометрикэ lэнатlэм къыщырагъэlуу аращи, мыпхуэдэу къэlу макъдэкlуашэхэр я оргиналыпlэракъым къыщыlужыр: макъдэкlуашэ мыхьэнэр къыкlэлъыкlуэ макъзешэм и геометрие lэнатlэм щогъэзащlэр. Макъдэкlуашэхэм мыпхуэдэу занщlэу къаклэлъыкlуэу ″и, у″ макъхэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзащlэу псалъэхэм зэрыхэтым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «си lуэху, lуэхуи, псалъэи - псалъи, махуэи - махуи, махуэуи, жэщи, мэхуибг, жэщибг, жэщибги; lуэхуу, псалъэу - псалъу, махуэу - махуу, жэщу».

Ныtlэ, хуиту къэlуу зэхэпх дэтхэнэ зы макъым макъзешэ къалэн игъэзэщlэн хуейуэ щыткъыми, ″хуиту къэlун″ыр щхьэжу ″макъзешэ″ къалэн гъэзэщlэным хуирикъукъым. Ауэ, зы ″макъ lуэр″ым ″макъзешэ″ къалэн игъэзэщlэфын папщlэ, абы хуиту къэlуыкlэ иlэн хуейщи, мыбы нэмыщl, ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэну ″макъ lуэр″ым езым и мыхьэнэр щхьэжу зэригъэзащlэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу щытын хуейкъым. Ныtlэ, макъ мыхьэнэ зиlэ ″макъ lуэр″ым езым и мыхьэнэр къызкlэлъыкlуэ макъым зэрыхуигъэзащlэращ ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзащlэр. Аращи, ″макъ lуэр″ым езым и мыхьэнэр щхьэжу къигъэлъэгъуэн нэхърэ, и мыхьэнэр ″макъзешэ″ къалэн зыхуигъэзащlэ макъым хуигъэзэщlэнращ.

″Э″ макъым къытехъукlарэ хуитуи къэlуыкlэ зиlэ ″а″ макъри макъ мыхьэнэ зиlэу зы ″макъ lуэр″щи, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыхьэнэ зиlэу зи гугъу тщla мы макъ lуэр лъабжьэхэм (и, у) хуэдэщ. Ари игъуэ щыхъум деж, къызкlэлъыкlуэ макъым ″макъзешэ″ къалэн хуэзымыгъэзащlэрщ, ауэ игъуэ щыхъум дежи ипэкlэ къызэрыхэдгъэща щlыкlэкlэ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэу зы макъщ. Щхьэжу е псэлъащхьэу ″а″р бзэм щыхэлэжьыхьым деж, абы игъэзащlэ мыхьэнэр и ″макъзешэ″ къалэным

папщlэ хэкlуэдыкlыркъыми, ипэ къихуэ макъыр къызэрыlун хуей макъзешэкlэ къэlуущ псалъэр зэрыухуэр: «сыаращ, фыадэщ».

Мы щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэрщи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мыхьэнэ зиlэ ″макъ lуэр″хэр бзэм зэрыхэтыр ″макъзешэ″ къалэн закъуэкlэрэкъым. Ауэ макъыбзэу щымыт бзэхэм макъ lуэрхэр зэрыхэт щlыкlэ закъуэр ″макъзешэ″ къалэнкlэрэщи, ″макъ lуэр″рэ ″макъзешэ″р зэхуэдэущ зэрылъытари мыращ. Аращи, адыгэбзэм зы макъыр ″макъ lуэр″у зэрылъытэмрэ ар икlи ″макъзешэ″у зэрылъытэр зэпэувкъым: ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэфу мыхьэнэ зиlэ ″макъ lуэр″хэр сытым дежи бзэм ″макъзешэ″ къалэнкlэрэ хэлэжьыхьу хэплъагъуэркъым.

Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэну зы макъым япэрауэ хуиту къэlуыкlэ иlэн хуейщ, итlанэ, а макъым и мыхьэнэр щхьэжу бзэм щыхэмылэжьыхьращ макъзешэ къалэн щигъэзащlэри, ″макъзешэ″ зыхуэхъу макъым занщlэу пыщlауэ макъдэкlуашэр езым и геометие lэнатlэм уишауэ ар абдежым къыщигъэlун хуейщ. Нытlэ, ″хуиту къэlу″рэ макъ мыхьэнэи зимыlэ ″макъ lуэр″хэращ сытым дежи бзэм ″макъзешэ″ къалэн хагъэзэщlыхьу хэтхэр. Мыпхуэдэщ ″ы, э″ макъ lуэр лъабжьэхэри, абыхэм щхьэж мыхьэнэ зэрамыlэр, икlи щхьэж макъыу бзэм зэрыхэмылэжьыхьрэ псэлъащхьэ зэрымыхъухэр гурыlуэгъуэщ. Мыбыхэм нэмыщl, хуиту къэlу макъхэм къатехъукlарэ хиту къэlуыкlэи зиlэ макъ lуэр зэхэжыхьа ″е (эй, эйй), о (эу)″хэри ″макъзешэ″ защlэущ бзэм зэрыхэтри, ахэри къызтехъукlарэ я къэхъукlэкlи макъ мыхьэнэ зимыlэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзащlэм нэмыщlкlэ бзэм хыумылъагъуэ макъхэр мыхэращ: «ы, э; е (эй, эйй), о (эу)».

″Макъзешэ″ къалэн закъуэкlэ мы макъхэр бзэм зэрыхэтым и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъури гурыlуэгъуэщи, абыхэм ″макъ мыхьэнэ″ зэрамыlэмрэ щхьэжу зы макъыу бзэм зэрыхэмытращ, икlи мыбы папщlэщи, зы псалъэм ищхьэми къыпыхьэхэкъым. Ипэкlи зэрыжытlауэ, макъ мыхьэнэ зиlэрэ бзэм щхьэжу зы макъыуи хэту, икlи псалъэхэм къежьапlи хуэхъуф ″и, у; а″ макъхэр игъуэ щыхъукlэ ″макъзешэ″ къалэни зыгъэзащlэ макъ lуэрхэращ.

Япэрей лэжьыгъэхэми нахуэ зэрыхъуащи, ″макъ lуэр″ жыхуэтlэхэр къэlун папщlэ нэгъуэщl макъ зыхуэмыныкъуэ макъхэращ. ″Макъ щэху″ жыхуэтlэхэри зы макъыу къэlун папщlэ, нэгъуэщl макъ зыхуэныкъуэхэращи, къэlун папщlэ нэгъуэщl макъ зэрыхуэныкъуэм папщlи, ″макъ щэху″хэр зэрыщыту икlи ″макъдэкlуашэ″хэрщ; ахэр къэlун папщlэ зыхуэныкъуэхэрщ ″макъзешэ″ жыхуэтlэ ″макъ lуэр″хэр. Ауэ ″макъ lуэр″ псоми ″макъзешэ″ къалэн зэрамыгъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэмрэ зымыгъэзащlэхэр, икlи ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэфхэм щагъэзащlэрэ щамыгъэзащlэхэми ипэкlи щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

*

Фонетикэ дициплинэм дэтхэнэ зы макъыр къыздыщыхъу щlыпlэр, абы и къэlуыкlэр, ар зы макъыу утыку къызэрихьэр къегъэунэхур. Макъхэр мыпхуэдэу утыку къызэрихьэр къэзыгъэунэху фонетикэми, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зи lуэху фонологиеми макъхэм мы я къэхъуыкlэрэ я къэlуыкlэм къызэрыгуэкlкlэ ягъэзэщlапхъэрэ зытеухуапхъэу бзэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэм телэжьыхькъым. Ахэр зи къудамэ бзэщlэныгъэм макъхэр мыхьэнэншэу къызэрыщlидзым папщlэщи, мыпхуэдэ бгъэдэхьэкlэр абыхэми я lуэху lэнатlэм хэхьэкъым.

Бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэм я макъхэр бзэм систематикэу зэрыхэмылэжьыхьым папщlэщи, абыхэм я къэхъуыкlэрэ я къэlуыкlэм ипкъ иткlэ къалэнрэ мыхьэнэ гуэрхэр зэрагъэзэщlэфынум теухуауэ зы щlэн яlэкъым. Мыпхуэдэ щlэнрэ щlэныгъэ яlэкъым бзэщlэныгъэр къызтехъукlа бзэхэр зезыхьэхэми, я бзэщlэныгъэми хэхьакъым. Ауэ, адыгэбзэм и макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыlу щlыкlэм теухуауэ бзэм систематикэу хэлэжьыхьрэ бзэ мыхьэнэхэр къызтехъукl макъ мыхьэнэ зиlэхэращи, адыгэбзэм и макъхэм фонетикэрэ фонологиеу ущыббгъэдэхьэм деж, мыхэри къэгъэунэхун хуейуэ къыппэщытщ. Аращи, нобэрей фонетикэм дэтхэнэ зы макъыр къыздыщыхъу щlыпlэу, къызэрыlу щlыкlэу, зы макъыу утыку къызэрихьэ щlыкlэу утыку къырилъхьахэр пэжу щытми, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэм бзэм хагъэзэщlыхьыпхъэхэр и lуэхуу илъытэкъым. Ауэ, адыгэбзэм хэт макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыlум теухуащ ахэр бзэм зэрыхэхьэрэ абыхэм бзэм хагъэзэщlыхьри, нытlэ мыхэр къэгъэлъэгъуэн lуэхур къытпэщытщ.

Макъхэр къызэрыlу щlыкlэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр адыгэбзэ макъхэм дежкlэ зэтехуэрэ зэтеухуэ lуэхугъуэщи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым и лъабжьэр мыращ. Я къэlуклэр я къэхъукlэм елъытарэ теухуащи, ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьри мы я лъабжьэмкlэрэщ. Ар щыхъукlи, бзэщlэныгъэ дициплинэ фонетикэрэ фонологие закъуэ мыхъуу, бзэ мыхьэнэр къызэрыхъур зи lуэху lэнатlэу зы бзэщlэныгъэ дициплинэу утыку къихьа семиотикэрэ семиологиеми адыгэбзэ лъэныкъуэкlэ хэплъэн хуейщ.

Абыхэм къаlуатэм адыгэбзэ лъэныкъуэкlэ ущыхэплъэм щыгъуэращ адыгэбзэм а щlэныгъэ дициплинэхэр зэрыхуэфащэр е зэрыхуэмыфащэр къыщыунэхунур. Мыхъумэ, а дициpинэхэм утыку къыралъхьэрэ пэжу ялъытэхэр адыгэбзэм щыкъуэнракъым.

Адыгэбзэм и макъхэр фонетикэу къызэрыlурэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр илъабжьэкlэ къэтащи, къызтехъукlарэ lуэху къахуэхъуам ипкъ иткlэ, зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэмрэ абы и дициплинэхэм илъабжьэкlэ къэта еплъыкlэм зэрыхуэпэжыжьэр, икlи мыпхуэдэхэр я lуэхуу зэрыщымытамрэ ноби зэрыщымытыр гурыlуэгъуэнщ.

*

Макъыр цlыхум жьыр къыжьэдэкlыущ утыку къызэрихьэри, жьыр тхьэмбылым къыщlидзэу жьэм къыжьэдэкlыу модулацэ зэрыхъукlэрэщ ар

зы макъыу къызэрыIу щIыкIэр. Жьыр зы къэIукIэм изгъэувэу зы макъыу къэзыгъэIу технологие иIэщ цIыхуми, бзэгур япэ иту, мыбы тэмакъри, тэмакъыдзэри, жьэ кIуэцIри, пэщхъынэри, дзэхэри хэтщ. Мы ″макъ технологие″хэр жьыр ″модулацэ″ зыщIрэ зы ″макъ″ыу утыку къизыгъэхьэхэращи, ахэр макъ ″модулатор″хэрщ.

Тхьэмбылым къикIыж жьыр макъ технологиехэм модулацэ зэращIкIэрэщ макъхэр утыку къызэрихьэри, ″макъ″ жыхуэтIэм езыр мы модулаторхэм жьыр модулацэ зэращIкIэрэ къэIуращ. Макъ технологиерэ модулаторхэм я нэхъыщхьэри бзэгуращ. Жьыр модулацэ хъуурэ зы макъыу утыку къызэрихьэ щIыкIэми, мыпхуэдэу утыку къихьа макъ лъабжьэхэр модулацэ зэрыхъукIэрэ макъыщIэхэр утыку къыщихьэми а нэхъ къалэныхуэ згъэзащIэр бзэгуращ. Мыбы папщIэрагъэнщ икIи абы бзэгу щIыфIащар. ″Бзэгу″ псалъэм ″бзэ lэнатIэ, бзэр щыдж, бзэм и пIэ, бзэ джыпIэ″ хуэдэ мыхьэнэкIэрэ зэреджапхъэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, бзэгум къалэну игъэзащIэр ипэкIи зи гугъу зэрытщIауэщи, жьым макъ къытегъэхъукIынрэ макъхэр гъэбэгъуэн lуэхугъуэщ. Жьым макъ къытегъэхъукIынрэ макъхэр зэщхьэщыкIыу къызэрыIуным щхьэпэ хуэхъунращ бзэгум игъэзащIэ къалэнри, зы макъыбзэм дежкIэ мыпхуэдэ къалэным езыр псэлъэбзэ къэгъэщIын lуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. Адыгэбзэм имызакъуэу, бзэгур бзэ организаторрэ бзэ lэпкъэлъэпкъыу бзэр къызтехъукIыущ бзэхэм зэрыхэту дызэрыхуэзэр. Псэлъэбзэр макъкIэ ухуащи, макъхэр къэIункIэ а нэхъ къалэныхуэ зыгъэзащIэр бзэгуу зэрыщытым папщIэрагъэнщ ар бзэхэм мыпхуэдэу зэралъытам и щхьэусыгъуэр. Ауэ бзэгум и мыхьэнэр бзэм теухуами, абы игъэзащIэр бзэм хэт макъхэр игъуэкIэрэ къэгъэIун къалэнщи, мыр зы макъыбзэм дежкIэ икIи бзэм езыр ухуэн lуэхугъуэрщ. Макъыбзэу щымыт бзэхэми бзэгур мыпхуэдэу щыхэтым деж, мыбы икIи гурыIуэгъуэ къищIыу лъытапхъэщ дэтхэнэ зы псэлъэбзэми и лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытар.

Макъыр утыку къихьэным и лъабжьэр тхьэмбылым къикIыж жьыращи, ар хуиту жьэм къыжьэдэкIыу щытмэ, мащIэу модулацэ хъуауэ жыIэпхъэщ. Жьыр тхьэмбылым къикIыу жьэм къыжьэдэкIыуху къикIуэну гъуэгур гурыIуэгъуэщи, мыр ипщэкIэ зи гугъу тщIа макъ lуэр лъабжьэхэм я къэхъуыкIэу жыIэпхъэщ. Жьым а нэхъ и модулацэ мащIэкIэ утыку къихьэр макъ лъабжьэу ″ы″ макъращи, абы къыкIэлъыкIуэ макъхэри жьым мы и модулацэ мащIэкIэрэ утыку къихьа ″ы″ макъым къытехъукIыж макъхэращ. Ауэ, мы макъхэм къытехъукIыж макъ lуэрхэр мы макъхэми я модулацэкIэрэщ утыку къызэрихьэр.

″Макъ″ жыхуэтIэу зи гугъу тщIыхэр тхьэмбылым къикIыж жьым и модулацэущ утыку къызэрихьэри, ″ы″ макъыр япэ дыдэ а нэхъ макъ цIыкIурэ макъ lуэр лъабжьэу къэхъуа зы макъщи, ар макъ lуэр лъабжьэу щыт зы макъыу модулацэ мыхъуа макъыуи лъытапхъэщ. Ар зы макъыу модулацэ мыхъуа макъщи, натуралу зы макъщ, абы иужь утыку къихьа ″э, и, у″ макъхэри модулацэ дыдэ хъуа макъхэу лъытапхъэкъым. Мы зи гугъу

тщlарэ хуиту къэlу макъ lуэр лъабжьэхэр модулацэ мыхъуа макъхэуи лъытапхъэщ. Макъ технологиерэ макъ модулаторхэу тлъыта lэпкълъэпкъхэр зи гугъу тщla макъ lуэр лъабжьэхэм хэлэжьыхьагъэщэу лъытапхъэкъым. Ипэкlэ къызэрытlуэтам щыгъуазэ ухуэхъуу нэхъ гъунэгъуу ущеплъым деж, ″ы″ макъымрэ ″э″ макъыр зикl модулацэ мыхъуауэ, ″и″р бзэгур жьым зэрыпэувымкlэ, ″у″ри lупэхэмкlэ мащlэу модулацэ хъуауэ лъытапхъэщ.

Макъ lуэр лъабжьэхэр адрей макъхэр къызтехъукl макъ лъабжьэхэрщи, абыхэм къатехъукl макъхэм я къэlукlэм ущыщыгъуэзэкlэ, мы макъ лъабжьэхэр модулацэ мыхъуа макъхэу лъытапхъэщ. Аращи, макъ lуэр лъабжьэхэр модулацэ мыхъуауэ натурал макъхэращ, цlыхум къызхигъэlукl макъ дыдэрэ макъ лъабжьэхэращ. Макъ lуэр лъабжьэу хуиту къэlухэр модулацэ зэрыхъукlэрэщ абыхэм адрей макъ lуэрхэри къазэрытехъукlыр. Макъ lуэр лъабжьэхэр мыпхуэдэу хуиту къызэрыlу щlыкlэращ адрей макъ lуэрхэм я къэlуыкlэр къызтехъукlари, адыгэбзэм хэт адрей макъ lуэрхэри, нэгъуэщlыбзэхэм хэт макъ lуэрхэри мы зи гугъу тщlарэ хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъ lуэр лъабжьэхэм я модулацэу утыку къихьа макъ lуэрхэрщ.

Мыпхуэдэщ ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэр къызэрыхъури, ахэр ″ы, э, и, у″ макъ lуэр лъабжьэхэр хуиту къызэрыlур тэмакъыдзэм деж щыпыупщlыу жьэ кlуэцl макъхэу модулацэ зэрыхъукlэрэ утыку къихьэ макъхэрщи, къызтехъукla макъхэми я лимитацэхэрщ. Мыпхуэдэу хуиту къэмыlужрэ щхьэжу зы макъыу къызэрыlуфым папщlи, абыхэм нэгъуэщl макъхэр пыщlауэ утыку къихьэн къалэн – ″макъзешэ″ къалэн - ягъэзащlэкъым. Мы я къэlуыкlэм папщlэ адыгэбзэм мыхэр макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэфу хэт макъхэрами, хуиту къэlу макъхэр зимыlэж хамэбзэ куэдым макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ макъхэр мыпхуэдэущ къызэрыlур.

″Э″р къызэрыlу щlыкlэм елъытауэ жьэр нэхъ зэlухарэ нэхъ къаруушхуэ щытекlуадэм утыку къихьэр ″а″ращи, ари мы и къэхъукlэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, хуиту къэlу макъщ. Макъ lуэр лъабжьэ зэгухьэу къэхъуа ″е(эй), о(эу)″ макъхэри хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъхэрщ: ″э″м и къэlукlэр мащlэу ″и″ лъэныкъуэкlэ дишейуэ къэlу макъщ ″е(эй)″р; ″о″ри ″э″м и къэlуыкlэр ″у″кlэрэ зэрыубгъу щlыкlэм къытехъукla зы макъщи, lупэхэм загъэхъурейуэ хуитрэ къарууфlэу къэlуу зы макъщ.

Ауэ, ″и″р хуиту къызэрыlу щlыкlэм ″э″ къыпыхьэжу ″е(иэ)″уэ щызэхэхьэжым деж, ″и″м и къэlуыкlэм ″э″ лъэныкъуэкlэ зиlуэнэтlыжу жьэ кlуэцlым щоубгъури, езыр щхьэжу къэluми, мыпхуэдэ къэlукlэм жьэм нэгъуэщl макъ къыздишкъым. ″Иэ″м мы и къэхъукlэрэ къэlукlэм бзэ лэжьэкlэ къыпыщэм джыгъуэ (и) эффект зиlэ ″й″ри къыпыхьэжу ″иэй″уэ бзэм щызекlуэ макъ зэхэжыхьари мыпхуэдэщи, абыи макъзешэ къалэн игъэзащlэкъым. ″Э″р хуиту къызэрыlу щlыкlэм бзэгур пэуву ищхьэкlэ дэкl жьым къигъэщlауэ къэlу ″и″ макъым мы и къэlукlэр аргуэру ″э″ лъэныкъуэкlэ щекъужрэ (иэ) икlи ари бзэ лэжьэкlэ къпыщэу аргуэру ″и″ лъэныкъуэкlэ щекъужым (иэй) деж, а зэрыщыту къэlунращ къарур

зытекlуадэри, зы макъ lуэр зэхэжыхьауэ жьэм къыжьэдэкlын мыхъумэ, мы ″е(иэ, иэй)″ макъ зэхэжыхьахэм макъзешэ къалэн ягъэзэщlэфкъым. ″И″ макъым и куэдагъэрэ и жыжьагъэмрэ (иа), абы къытехъукlа ″е(иэ, иэй) макъ зэхэжыхьахэм я куэдагъэрэ жыжьагъэри (″иэа → иа″; иэйа → иа) ди алфавитым щызэрытха щlыкlэу ″я″ тхыпкъым къигъэлъагъуэ мы макъхэм я къэlукlэри мы ипэкlэ къызтехъукlауэ зи гугъу тщlахэм я къэlукlэм хуэдэ lуэхугъуэщи, къарууфlэу къэlу щхьэ абыхэми (″я″кlэ тха макъ зэхэжыхьахэм) адыгэбзэм макъзешэ къалэн хагъэзэщlыхькъым. Мыбыхэм нэмыщl, ″е(иэ)″м и къэlукlэр темакъ е макъыдзэм деж щыпыупщlкlэ утыку къихьэ ″lе″ макъми ″макъзешэ″ къалэн зэримыгъэзэщlэнур гурыlэгъуэщ.

″Макъзешэ″ къалэн зыгъэзэщlэфу адыгэбзэм хэт макъхэр макъ lуэр лъабжьэхэмрэ (ы, э, и, у), абы къытехъукlыу хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″а, е(эй, эйй), о(эу)″ макъхэращ. Абыхэм ″макъзешэ″ къалэн щlагъэзащlэм и щхьэусыгъуэр тхьэмбылым къыщежьэу хуиту зы макъыу къызэрыlухэращи, мыпхуэдэу хуиту кlуэкlэ зиlэ зы сигналу ″портор″ къалэн ягъэзэщlэфыр. Мыпхуэдэу ″портор″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэращ ″макъзешэ″ жыхуэтlэ къалэнри зыгъэзащlэхэр.

″Макъ технологие″ жыхуэтlэхэм къагъэхъуу щхьэжу къэlуыкlэ зимыlэ ″макъ щэху″хэр тхьэмбылым къикlрэ хуиту къэкlуэкlэ зиlэ макъ lуэрыр къызэрыхъу жьым зыпищlэу жьэм къыжьэдэкlыф макъхэращ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, къэlун папщlэ, хуиту къэlуыкlэ зиlэу зи гугъу тщlы ″макъ lуэр″хэм модул хуащlрэ кlэлъащlэу макъ технологиехэм ягъэзащlэ модулатор къалэнкlэрэщ ″макъ щэху″хэр утыку къызэрихьэр. Мыращ макъдэкlуашэхэр макъзешэхэмкlэ къызэрыlум теухуа модулацэ lуэхугъуэри, мы модулацэ lуэхугъуэм елъытарэ теухуащ ″макъдэкlуашэ″рэ ″макъзешэ″ къалэнри зэрылъытэрэ къызтехъукlыр.

Макъ lуэрхэм я къэхъукlэм япэрей лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуащи, ″макъ lуэр лъабжьэ″ жыхуэтlэ ″ы, э, и, у″ макъхэр зэкlэлъхьэужьу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщ. Мыхэр зэкlэлъхьэужьу утыку къихьащи, ″э″м и куэдагъэрэ бэгъуагъэу къэхъуа ″а″ макъыр къэхъукlэкlэ абыхэм къакlэлъыкlуэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ. ″Макъ lуэр лъабжьэ″хэм я лимитацэу утыку къихьа ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэри абы къыкlэлъыкlуэу утыку къызэрихьар жыlэпхъэщ. Мыбыхэми къакlэлъыкlуэу ″е(иэ)″рэ –иужькlи- ″е(иэй)″ макъ зэхэжыхьахэр утыку къихьауэ жыlэпхъэщ. Мы макъ зэхэжыхьахэм (иэ, иэй) я лэжьэкlэм къызэрытехъукlар ипэкlэ жытlагъэххэщ ″е(эй, эйй) макъхэри, мыбыхэмрэ ″о(эу)″ макъыр икlи бзэ лэжьэкlэм иужькlэ ″макъзешэ″ къалэнкlэрэ къигъэхъуа макъ lуэр зэхэжыхьауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. ″Е(иэ)″ макъ lуэр зэхэжыхьам и лимитацэу е ″и″м и лиминацэ ″lи″м и кlуэтэгъуэу къэхъуа ″lе″ макъри зы макъ lуэр зэхэжыхьа лимитацэу, иужькlэ бзэм къигъэщlауэ щыту жыlэпхъэщ.

Аргуэру пыщапхъэмэ, адыгэбзэ ″макъ lуэр″хэм ″макъзешэ″ къалэн зэрагъэзэщlэфымрэ зэрамыгъэзэщlэфыр зытеухуэр абыхэм я къэхъукlэрэ я къэlукlэхэращ. Абыхэм ягъэзащlэ бзэ лэжьэкlэ къалэнхэмрэ я макъ мыхьэнэхэр мы я къэхъукlэм теухуащи, бзэм хагъэзэщlыхь мыхьэнэхэмрэ я къэхъукlэрэ я къэlукlэхэр зэтохуэр.

*

″Ы″ макъыр жьэр зэтыумыхми къэlуфу зы макъщи, зы къару тыумыгъэкlуадэ пэлъытэу тхьэмбылым къикlыж жьым къигъэщl макъщ. Мыпхуэдэу жьы къыжьэдэкlым тlэкlу eлунщlын хуэдэ къарукlэ зэуэ къэlу макъыу бзэм хэт зы макъщ. ″Ы″ макъыр фонетикэу утыку къызэрихьэ щlыкlэр кlэщlыу мыпхуэдэщи, тхьэмбылым къикlыж жьыкlэрэ занщlэу къызэрыхъум ипкъ иткlэ хуиту къызэрыlум папщlэ, фонологиеу бзэм ″макъзешэ″ къалэн хегъэзэщlыхьыр. Ипщэкlэ ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэу къэдгъэлъэгъуа ″макъ lуэр″хэм псори мыпхуэдэщ къызэрыlу щlыкlэри, абыхэм ″макъзешэ″ къалэн зэрагъэзащlэм и щхьэусыгъуэри мыращ.

″Ы″ макъыр а нэхъ къару мащlэ зытебгъэкlуадэу щхьэжу къэlуф ″макъ lуэр″ращи, ар ″макъ lуэр″хэр къызетхъукl макъ купщlэрщ, макъ lуэр къэхъупlэ лъабжьэрщ. Мы и къэхъуыкlэм ипкъ иткlи, макъхэр оригиналу къызэрыlун къалэн зыгъэзащlэу зы макъщ. Япэ дыдэу къэхъурэ къэlу макъщи, зызэреплъытэн нэгъуэщl макъ зэрыщымыlэм папщlэрагъэнщи, щхьэжу зы мыхьэнэи зымыгъуэт макъырщ.

″Ы″ым и къэlукlэр мащlэу хэбгъахъуэрэ ар къызэрыlу щlыкlэм елъытауэ жьэр тlэкlу зэтебгъэкlмэ къэlунур ″э″ макъращ. ″Э″м и къэхъукlэри ″ы″м хуэдэу, хуиту къэlуыкlэ зэриlэм папщlэ, ″макъзешэ″ къалэн егъэзащlэр. ″Э″р макъ lуэр лъабжьэ ″ы″м япэ дыдэу къытехъукlрэ, макъ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу, ″ы″м и кlуэтэгъуэу утыку къихьа зы макъщ. Къызкlэлъыкlуэ макъыр оригиналрэ и мыхьэнэр зэрыщыту къэгъэlун къалэн згъэзащlэ ″ы″ нэужьу, абы и кlуэтэгъуэу къэхъуа ″э″ макъыр къызкlэлъыкlуэрэ ″макъзешэ″ зыхуэхъу макъым кlуэтэгъуэ егъуэтыр. ″Э″ри етlуанэрей макъ lуэрырщи, иджыри къатехъукlынур мынахуэу зы лъэбакъуэу мыхьэнэ зимыlэ макъщ, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мы къызэрыхъуа щlыкlэущ.

″Ы″м и къэlукlэмрэ жьыр жьэм къызэрыжьэдэкlым хуэдэщ ″э″м и къэlукlэри, ″ы″м зы къару мащlэкlэ и унэтlыныгъэщ ″э″м и къэlукlэр. Мыпхуэдэу зы гъуэгу зэхуапlэ тету къэlу ″э″м и къэlукlэм бзэгур къыхэхьэрэ жьэм занщlэу къыжьэдэкl жьым щыпэувым деж, жьыр жьэм ищхьэмкlэ унэтlауэ къызэрыжьэдэкlкlэрэ къэlур ″и″ макъращ. Ари тхьэмбылым къикlыж жьыр хуиту жьэм къызэрыжьэдэкlым къытехъукl макъщи, ″макъзешэ″ къалэн згъэзащlэ зы макъ lуэрырщ. ″И″м и къэхъукlэр ″э″ макъращ къызкlэлъыкlуэри, абы елъытарэ хуэпэзадэу лъытапхъэ лъэныкъуэу утыку къихьа зы макъщ. Макъ lуэр кулъэу щыт ″ы″ нэужьу етlуанэрей лъэбакъуэрэ ещэнэрей макъ lуэру утыку къихьащ

″и″ макъри, макъ lуэрхэр ″щы″пlэм зэрыихуар ″и″кlэрэщ. Зы купщlэр къызтехъукlынум зыхуэзгъакlуэр япэрей лъэбакъуэращи, ар мис иджы хъупlэм ихуащ: ″ы″р абы къытехъукlынум зыхуэзышэрэ гъуэгу зэlузыхыр ″э″ макъращи, абы елъытарэ хуэпэджэжу утыку къихьэр ″и″ращ. ″И″р ещэнэрей макъыу утыку къыщихьэм щыгъуэ, утыку къихьэр макъ бэгъуэнращ, макъыгъуэращ, езыр зы макъ lуэру макъ геометриращ. Араща, ″и″ макъыр ″ы″ макъ lуэр купщlэм и япэрей лъэбакъуэу къэхъуа ″э″м къыкlэлъыкlуэрэ хуэпэзадэуи утыку къихьэращи, ар мы япэрей лъэбакъуэм къыкlэлъыкlуэу пэджэжу джыращ; ар джыгъуэрэ джыпlэр утыку къызэрихьэ макъращ. Мыбы папщlэща, ар джырщ, джыпlэщ, джыгъуэрэ къэхъугъуэрщ; мыбыхэм я къежьапlэрщ; ар хъупlэрщ, къэхъупlэрэ къэхъури къыздыщыхъупlэрщ. Мыхэр зытеухуа ″и″ макъыр макъхэми я джыпlэрэ макъхэм я мыхьэнэхэри щыджыпlэу къыздыщыхъупlэрща, езыри мы мыхьэнэхэм я къежьапlэрэ я къэхъупlэу абыхэм лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэ, мыхьэнэхэм теухуэфрэ - мынахуэ дыдэми- мыхьэнэхэм япlэ иувэф зы макъырщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэщ.

″Ы″м деж къыщежьэу макъ lуэр къэхъуным и ещанэ лъэбакъуэрэ еплlанэ макъыр ″у″ макъращи, ар ″э″р къызэрыlу лъэныкъуэри, абы хуэпэзадэу къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьа ″и″ макъыр къызэрыlу лъэныкъуэри зыхэзыубыдэу зы макъщ. Макъ lуэр къэхъуным и ещанэ лъэбакъуэ макъщ ″у″ри, макъ lуэру еплlанэ макъыу макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэр гурыlуэгъуэ зыщlрэ макъ lуэрхэр зэрыхъун зэрыхъуар къизыlуэу зы макъращ; ар макъ геометриер зэрызэпкъырыувар зэрыщыту езым щхьэжу зыхэплъагъуэ макъырщ.

Мы макъ lуэр лъабжьэхэр хуиту къызэрыlуращ макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэм лъабжьэ хуэхъур, икlи ахэр хуиту къызэрыlум папщlэщ ″макъзешэ″ къалэни зэрагъэзэщlыфыр. Макъыгъуэр мыпхуэдэу зэпкъырыува нэужь, мы геометрием и дэтхэнэ зы щlыпlэр къизыlуэфыну макъхэри утыку къихьэнщи, ахэр оригиным деж къыщlидзэу макъыгъуэрэ макъ геометриер зэпкъырызгъэува мы ″макъ lуэр лъабжьэ″хэм къатохъукlыр.

″Макъ lуэр лъабжьэ″ жыхуэтlэ ″ы, э, и, у″ макъхэр зэкlэлъхьэужьу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщи, ″э″м и куэдагъэу къэхъуарэ хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″а″ макъми ″макъзешэ″ къалэн зэригъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэщ. Бзэ лэжьэкlэм езым ″макъзешэ″ къалэн папщlэу къызэригъэщlар гулъытапхъэщ хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″е(эй, эйй), о(эу)″ макъхэр. Ауэ, хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″макъ lуэр лъабжьэ″хэм я лимитацэу утыку къихьарэ абыхэм я мыхьэнэм теухуа зы lыхьэ зыгъэзащэ ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэм я къэlукlэхэри хуиту зэрыщымытым папщlэщи, ″макъзешэ″ къалэн зэрамыгъэзэщlэфынури гурыlуэгъуэщ. Езыр макъ lуэр зэхэжыхьарэ хуиту къэlуыкlэ зиlэми, ипщэкlэ и гугъу зэрытщla щхьэусыгъуэм папщlэ ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэ ″е(иэ)″ макъ

зэхэжыхьам и лимитацэу (lе) е ″lи″м и кlуэтэгъуэу (lиэ) къэхъуа ″lе″ макъми ″макъзешэ″ къалэн зэримыгъэзэщlэнур гурыlуэгъуэнщ. ″И″мрэ ″е(иэ)″м и куэдагъэу утыку къихьарэ ″я″ тхыпкъымкlэ ттхы ″иа, еа″ми хуиту къэlуыкlэ иlэу щытми, ипщэкlэ и гугъу тщlа щхьэусыгъуэм ипкъ иткlэ ″макъзешэ″ къалэн игъэзащlэкъым.

*

Адыгэбзэм хэт ″макъ lуэр″хэмрэ, абыхэм щыщу ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэр адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрылъытэм къызэрыгуэкlкlэ къэдгъэлъэгъуащ. Ахэр псэлъэпкъыбзэ лэжьэкlэ зиlэ бзэхэр зи lуэху бзэщlэныгъэлlхэм зэралъытэм и гугъуи тщlащи, абыхэм адыгэбзэ макъхэм теухуауэ къаlуатэхэм хэт щыуагъэхэм и лъабжьэр адыгэбзэри езыхэм я бзэхэм хуэдэу зы псэлъэбкъыбзэу зэралъытэращ. Адыгэбзэр макъыбзэщи, абы и лэжьэкlэр макъхэр къызэрыхъу щlыкlэкlэ бзэм систематикэу зэрыхэлэжьыхькlэрэщ. Псэлъэпкъыбзэхэм мы и лъабжьэр игъэкlуэдащи, абыхэм я лэжьэкlэр макъ лъабжьэжкъым. Ар щыхъукlи, псэлъэпкъыбзэхэм дежкlэ, бзэм хэт ″макъ lуэр″ псори ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэрщ, а бзэхэм ″макъ lуэр″ жыхуэтlэр бзэм зэрыхэтым и щхьэусыгъуэр ″макъзешэ″ къалэнщ. Мыбы папщlэ, а бзэхэм мы терминитlыр зэдэгъуу мэлъытэр: ″макъ lуэр/макъзешэ″.

Ипэкlэ къэтlуэтахэм къызэрыхэщрэ, мы иужьрейуэ пытщэжа псалъэхэми гурыlуэгъуэ къызэращlщи, а щlэныгъэлlхэм зэралъытэри адыгэбзэр ″макъ lуэр/макъзешэ″ мащlэрэ, ″макъ щэху/макъ дэкlуашэ″ куэд зыхэт бзэуэщ. Мыр псэлъэпкъыбзэм теухуа зы еплъыкlэщ, а еплъыкlэкlэ адыгэбзэм ущыхэплъэкlэ гулъытэ зыхуэпщlыну зы пэжыгъэщ. Ауэ адыгэбзэр псэлъэпкъыбзэкъыми, зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы и лэжьэкlэри, абы хэт макъхэм ягъэзащlэри зы псэлъэпкъыбзэм хуэдэкъым. Макъыбзэмрэ псэлъэпкъыбзэм макъхэр зэралъытэр зэхуэдэкъым. Мы бзэ лlэужьыгъуитlымкlэ псэлъэбзэм хэт макъхэм теухуа критерхэр зэхуэдэнкъым, макъхэм теухуауэ а псэлъэбзэ лlэужьыгъуитlыр къызэрыхутэну параметрыр зэхуэдэкъым. Ауэ нэхъ гъэщlэгъуэныжыр аращи, псэлъэпкъыбзэхэр зи lуэху мы бзэщlэныгъэлlхэм адыгэбзэм зэреплъу ми зи гугъу тщlахэр адыгэбзэм телэжьыхь ди бзэщlэныгъэлlхэми жаlэжыр. Зэхуэмыдэ бзэ лlэужьыгъуитlыр зэхуагъадэу, псэлъэпкъыбзэм и бзэщlэныгъэлlхэм адыгэбзэм теухуауэ къаlуатэм зэрызырагъэкlурэ зэрыдэжьукlэрэщ адыгэбзэщlэныгъэлl зэрыхъухэр. Адыгэбзэм мыпхуэдэ еплъыкlэкlэ хужаlэхэр адыгэбзэм теухуауэ щхьэфэтелъ гуэрхэм гулъытэ хуэщlынращ, ауэ ар адыгэбзэм теухуауэ зы пэжыгъэжь гуэр къэlуэтэнракъым.

″Макъ lуэр″хэм макъ геометриещ утыку къырагъэхьари, мы геометрие lэнатlэхэм щылэжьэну мыхьэнэхэр къигъэхъун хуейщ бзэ лэжьэкlэми, мыхэр зыгъэзэщlэну макъхэр къэгъэхъун зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ. Мыхэри ″макъ щэху″хэращи, ″макъ lуэр″у ″макъзешэ″ къалэн зыгъэзащlэхэм я геометрием щыгъэлъагъуэ бзэ мыхьэнэхэр нэхъыбэу

къызтехъукlыр мыхэращ. Араща, макъхэмкlэ лэжьыгъэ зыгъуэту ухуэу щlэзыдза бзэм бзэ мыхьэнэщlэхэр къигъэщlын папщlи, зыхуэныкъуэ макъыщlэхэр "макъ щэху"у утыку къохьэр. Мыбы папщlэщ, щхьэж макъхэри зэрыбагъуэрэ, икlи ахэри иримыкъуу, макъ гуэрхэри зэрызэгухьэкlэрэ макъ зэгуэт зэхэжыхьауэ макъыщlэхэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэри. Ар щыхъукlи, нэхъыбэу "макъ щэху" лlэужьыгъуэращ бэгъуэныгъэм ихуэр.

Адыгэбзэм макъхэр мыхьэнэрэ къалэнкlэрэщ зэрыхэтри, абы хэт дэтхэнэ зы "макъ lуэр"ым "макъзешэ" къалэн игъэзащlэуи хэткъым, "макъзешэ" къалэн зыгъэзэщlэф "макъ lуэр"хэм сытым дежи -дэндэжи- "макъзешэ" къалэн ягъэзэщlэу бзэм хэткъым. Адыгэбзэм и лэжьэкlэр макъхэр къэгъэlун къалэн закъуэм къыщымынэу, ар зэрымакъыбзэм ипкъ иткlэ, макъхэр щхьэж мыхьэнэ къызэрагъащlрэ мыхьэнэ къэгъэхъун къалэнкlэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

Адыгэбзэм макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэрэ макъыбзэу зэрыухуа лъабжьэр зэримыгъэкlуэдам зэрезэгъщи, макъхэр гъэбэгъуэнкlэрэ хущlэкъуу зэрыухуа щlыкlэр ноби щlэмыкlуэдыкlауэ зыхэлъыжырщ. Макъхэр гъэбэгъуэнкlэрэ зэрыхущlэкъуарэ, иджыри зы макъыбзэу зэрыщытым папщlи, адыгэбзэм и макъхэр макъыбзэу щымытыж бзэхэм елъытауэ нэхъыбэщ. Макъыбзэу зэрыщытрэ бзэм макъ мыхьэнэ къигъэщlынрэ макъхэр гъэбэгъуэнкlэрэ зэрыхущlэкъум ипкъ иткlэ, адыгэбзэр макъ щэхубэу щытщ. Макъ щэху куэд щыхэткlи, макъ lуэрхэм елъытауэ макъ щэхухэр куэдыщэщ. Мыхъумэ, адрей бзэхэм елъытауэ адыгэбзэм хэт макъзешэхэр нэхъ мащlэкъым, ауэ макъыбзэу щымыт бзэхэм елъытауэ макъ щэху бжыгъэмрэ макъ lуэр бжыгъэм я зэщхьэщыкlыныгъэр нэхъыбэщ. Икlэм икlэжым макъ lуэр жыхуэтlэхэр къызэрыlу щlыкlэм зы гъунапкъэ иlэщ, ауэ мыбы елъытауэ макъ щэху къэlуфыныгъэр нэхъ лlэкlыныгъэу щытщ. Адыгэбзэ макъ lуэрхэм щыщу макъзешэ къалэн зыгъэзащlэхэр зи гугъу тщlы бзэхэм я макъзешэхэм елъытауэ нэхъ мащlэкъым. Зи гугъу тщlы бзэхэм хэт макъ lуэр/макъзешэ бжыгъэр нэхъыбэу 8-щ (а, е, ы, и, у, ю, о, ё) зэрыхъури, адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ макъ lуэр бжыгъэри мы къэта бжыгъэм къызэрыкlэрымыхущэри гулъытапхъэщ: «ы, э, а, и, е(эй, эйй), у, о(эу)».

Адыгэбзэм "ю, ё" макъхэр зэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, мы макъхэм я къэlуклэр адыгэбзэм и макъзешэхэм хуэдэу хуит дыдэу зэрыщымытри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ макъ lуэрхэм я къэlуклэр гулъытапхъэмэ, "ю, ё" макъхэм я къэlуклэр мыбы зэремызэгъыщэр гурыlуэгъуэнщ: "ю, ё" макъхэр "у, о" макъхэм я къэlуклэр нэхъ бгъузэрэ псыгъуэ къэlуыкlэ зыгъуэта макъхэрщ.

Адыгэбзэм "макъзешэ" къалэн зыгъэзащlэу хэт макъ бжыгъэр адрей бзэхэм иужь къызэримынэр нэрылъагъущ. Ауэ мыбы къыщымынэу, адыгэбзэм хэт "макъ lуэр" бжыгъэр зи гугъу тщlы бзэхэм елъытауэ куэдыщэщ. Адыгэбзэм хэт макъ lуэр псоми "макъзешэ" къалэн

зэрамыгъэзащlэр гурыlуэгъуэщ, ауэ адыгэбзэм ″макъзешэ″ къалэн имыгъэзащlэу хэт макъ lуэрхэр щхьэжу къэlуф макъхэращи, ахэр зы ″макъзешэ″м пыщlауэ къэlун зыхуэмыныкъуэ макъхэрщ. ″Макъ lуэр″у ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащlэрэ щхьэж езыр къэlуф макъхэращ мыхэр: «lы, lэ, lи, lу; е (иэ, иэй), я (иа), le».

Мыбы нэмыщl, ″макъ щэху″ гуэрхэм я ужьыгъуэ (у) мыхьэнэкlэ къэхъу макъ зэгуэтхэри (къу, кхъу, хъу, гъу, кlу, ку, ху, гу) зы ″макъзешэ″ хуэмыныкъуэу къэlуф макъхэрщ. Мыпхуэдэу ″у″кlэрэ къэlу макъ къызкlэлъыкlуэу утыку къихьа макъ щэху зэгуэтхэри щыlэщ (тхъу, тху, ткlу, шху, лъху, пхъу, бгъу). Нытlэ, мыхэри ″макъзешэ″ зыхуэмыныкъуэу къэlу макъхэращи, мыпхуэдизыр ″макъзешэ″ зыхуэныкъуэ ″макъ щэху″ бжыгъэм хэгъэщlын зэрыхуейри гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэр зэрырадж щlыкlэкlэ абы гулъытэ узыхуэхъун хуей и лъэныкъуэхэр зэрыщlэуфэр мы къэтlуэта тlэкlумкlэ гурыlуэгъуэ зэрыхъур гулъытапхъэщ. Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр къэпщытэныр псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ зыщl зы бзэщlэныгъэм къигъэщl параметрэм щlэбджыкlыныр щыуагъэшхуэщ; абы езым и зэпкъырыувэкlэмрэ и лэжьэкlэм езэгъу параметрэ къэгъэщlынрэ езым и макъхэм теухуа зэгъэпщэныгъэрэ критерхэр къэгъэщlын хуейщ. Мыри адыгэбзэщlэныгъэр езы адыгэбзэм теухуарэ хуэlуауэ къэгъэщlынращ зэлъытар.

*

Адыгэбзэр макъыбзэщи, абы и макъхэр макъыбзэу щымыт бзэхэм елъытауэ зэрыкуэдым и лъабжьэр мыращ. Ауэ макъыбзэ зэмылъытэ нобэрей бзэщlэныгъэм и еплъыкlэм адыгэбзэм и макъхэр зэрыкуэдым и лъабжьэм гулъытэ хуищlыфкъым. Абыхэм езым ябзэхэр лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэ тыраухуа бзэщlэныгъэм химыубыдэ адыгэбзэм и макъхэм ягъэзащlэр къыгурыlуэкъым. Макъ щэхубэрэ макъ lуэр мащlэу зэрыщытым и лъабжьэм гулъытэ хуащlкъым. Икlэм икlэжым бзэ куэдым и макъ lуэрхэр адыгэбзэм и макъ lуэрхэм хуэдизщ, е макъ lуэритl-щыкlэ нэхъыбэщ. Макъ lуэрхэр а бзэщlэныгъэзехьэхэм зэралъытэмрэ адыгэбзэм зэрыхэт щlыкlэри зэрызэтемыухуэр ипщэкlэ къэгъэлъэгъуаххэщи, макъ lуэру ямылъытэ гуэрхэр адыгэбзэм икlи макъ lуэр къалэн игъэзащlэу зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. Адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым папщlэ, бзэ мыхьэнэ къэхъуныгъэр макъхэм зэрелъытарэ бзэ мыхьэнэ зыгъэзэщlэну макъхэри нэхъыбэу макъ щэхухэрауэ зэрыщытым папщlэщ адыгэбзэм и макъ щэхухэр макъ lуэрхэм елъытауэ щlэнэхъыбэр. Макъыбзэ зэрамылъытэращ я щыуагъэр къызэрытехъуклрэ зэхуэмыдэ бзитlыр макъ бжыгъэкlэ зэгъэпщэныгъэм щlырагъэувэр. Абыхэм я еплъыкlэм укъыхуэнэмэ, адыгэбзэм и макъ щэхухэри бгъэмащlэ хъунущ. Дауэ жыпlэмэ, адыгэбзэм зэхуэмыдэ макъхэу хэт макъ щэху куэдыр зи гугъу тщlы бзэхэм зэхуэдэу къыраlуэрэ ятхыу хэтщ, икlи зэхуэдэу къэмыlуми, зэхуэдэу ятхыу хэтщ. Ауэ мыр а бзэхэм теухуауэ lуэхушхуэкъым, сыт щхьэ

жыпlэмэ, макъыбзэ лэжьэкlэр зыфlэкlуэда бзэхэм дежкlэ макъхэр lуэхукъым: мыхьэнэшэ макъхэр зэгухьэу мыхьэнэншэу щыт псэлъэпкъ къагъэщlри, ар аффикскlэрэ щылажьэм къэхъу псалъэхэращ мыхьэнэ зиlэр, бзэми и лэжьэкlэр мыпхуэдэщ.

Мы зи гугъу тщlахэм теухуауэ зы щапхъэ къэтхьынщи, адыгэбзэм и макъхэр щlэнэхъыбэмрэ зи гугъу тщlы бзэхэм я макъхэр щlэмащlэм и щхьэусыгъуэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, а бзэхэм адыгэбзэм и ″къ, кl, к″ макъхэр зэхуэдэу тхауэ хэтщ. Мыбы къыщымынэу, я къэlуклэкlэ зэщхьэщыкl ″к″ макъ лlэужьыгъуэри зэхуэдэу тхауэщ зэрызырахьэр. Tlанэ, адыгэбзэм хэт ″къу, ку, кlу″ макъхэр а бзэхэм щхьэж макъыу хэткъым, ауэ бзэ лэжьэкlэрэ къызкlэлъыкlуэ макъхэм елъытауэ мыпхуэдэу къэlуу хэтми, бзэр зэрымымакъыбзэм папщlэ, мы макъхэр щхьэж макъыу тхынрэ лъытэн хуейуэ лъытэкъым. Аращи, адыгэбзэм щхьэж макъхэу хэту мы къэтахэм псори ″к″ макъкlэрэ ятхмэ ирокъур. Мыбыи къыщымынэу, адыгэбзэм хэт ″кхъ, кхъу″ макъхэри а бзэхэм я жьэрыпсалъэм хэтми, ахэри зэрытхыр ″к″ тхыпкъкlэщ. Мыр мыпхуэдэу къыщlэхъум и щхьэусыгъуэр а бзэхэр макъыбзэу зэрыщымытращ, икlи мыпхуэдэ бзэхэм къытехъукlа бзэщlэныгъэкlэ макъхэр зэщхьэщыкlыу къэlуу я жьэрыпсалъэхэм хэтынри яфlэlуэхукъыми, а жьэрыпсалъэрэ а макъ къэlукlэр кlуэ пэтрэ бзэр зэрытха тхыпкъыр къызэрыlун хуейуэ зэралъыта щlыкlэм тохьэжыр.

Адыгэбзэм и макъхэмрэ ахэр макъыбзэу щымыт бзэхэм зэратх щlыкlэу зэрыхэтым теухуа щапхъэр ″к″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэ макъхэм теухуауэ къэтащи, дэтхэнэ зы макъ гупыр мыпхуэдэщ; аращи, адыгэбзэм и макъхэри нобэрей бзэщlэныгъэм елъытауэ бгъэмэщlэфу, а бзэщlэныгъэр къызтехъукlауэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэм хуэдизым къебгъэхухыфынщ. Ауэ мыр зэрыщыуагъэрэ зэрыхьэдыгъуэдахэр наlуэщи, макъыбзэу щымыт бзэхэмрэ макъыбзэр макъхэм теухуауэ зэрырагъапщэу зи гугъу тщlы бгъэдэхьэкlэри ар дыдэу хьэдыгъуэдахэщ.

Макъхэм теухуауэ мы псалъэхэм къызэрагъэунэхущи, адыгэбзэм и макъхэр куэдщ, макъыбзэу щымытыж бзэхэм я макъхэр нэхъ мащlэщ. Ауэ бзэр къызэрыхъуа лъабжьэр зиlэжу зы бзэщ адыгэбзэри, абы и макъхэр къызэрыlу щlыкlэу тхынрэ къиlун хуейщ, мыклуэдын папщlи абыхэм щысхьын хуей щ. Нобэр къыздынэсым адыгэбзэм натуралу хэклуэдыкlарэ, бзэр тхыбзэм зэрытехьэм къызэрыгуэкlкlи, утыку ит бзэщlэныгъэр гъуазэу зэралъытэм папщlэ, макъ гуэрхэр зэрыхагъэклуэдыкlари щыуагъэшхуэщ.

## МАКЪХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУ, КЪЫЗЭРЫlУ, ЗЭРЫБАГЪУЭ ЩlЫКlЭХЭМРЭ, Я МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкlэ нобэрей фонетикэрэ фонологием и бгъэдэхьэкlэмрэ адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ къэтlуэтахэр зэрыигъуэрэ зэрыгурыlуэгъуэу нэхъыбэу адыгэбзэм и ″макъ lуэр″хэм зэрытеухуар

гулъытапхъэщ. Икlи, мы къэтlуэтахэм ″макъ lуэр″хэр къызэрыхъурэ къызэрыlу щlыкlэри, зыр зым къызэрытехъукl щlыкlэмрэ зэрызэлъыта щlыкlэхэри, абыхэм бзэм хагъэзэщlыхь мыхьэнэрэ къалэнхэри, абыхэм щыщ гуэрхэм бзэм ″макъзешэ″ къалэн зэрыхагъэзэщlыхьрэ зэрыхазымыгъэзэщlыхьри гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащ. Аращи, япэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхэщарэ икlи къытпэщыт лэжьыгъэ lыхьэхэми игъуэ щыхъум деж аргуэру зи гугъу тщlыну ″макъ lуэр″хэм теухуауэ мы ипэкlэ къыщыжытlахэр зэ щхьэ ирикъуну зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэщи, ″макъ щэху″хэм я къэхъукlэрэ къэlукlэм теухуауэ, икlи зыр зым къызэрытехъукlрэ зэрызэлъытауэ зэрыщытым аргуэру дыхэхьэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, нытlэ ″макъ lуэр″хэм теухуауэ мы жытlахэм къыкlэлъыкlуэу мы илъабжьэкlэ къыпыщэну лэжьыгъэри ″макъ щэху″хэм теухуауэ къедгъэкlуэкlынщ.

Илъабжьэкlэ къедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэ lыхьэм зэрыхэплъэгъуэрщи, я къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ зэрызэлъытам гулъытэ щыхупщlым деж, ″макъ щэху″хэри зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэмрэ абы и дициплинэ lыхьэхэм (фонетикэ, фонологие) ахэр зэралъытэ щlыкlэхэри адыгэбзэм и макъхэр къэгъэунэхун lуэхугъуэм щхьэпэ зэрыхуэмыхъурэ зэрыхумыфащэм гулъытэ хубощlыр. Аращи, псалъэм папщlэ, фонетикэу макъхэр ″жьгъжь″рэ ″жьгъру″уэ е ″макъ дэгу″рэ ″макъ пlытlа″ хуэдэу зэралъытэ щlыкlэхэм макъ къэlукlэ щlыкlэхэр гурыlуэгъуэ къащlми, мыпхуэдэ зэщхьэщыгъэкlыныгъэм макъхэр къызэрыlухэм теухуауэ класификацэ зэрыщlыпхъэр гурыlуэгъуэ къыпхущl щхьэ, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр зэрылъытэн хуейм теухуауэ мыпхуэдэ класификацэ щхьэпэ хъуну гуэр къагъэунэхуу жыlэпхъэкъым.

### ″Макъ щэху″хэм я къэхъупlэ, къэхъуыкlэ, къэlуыкlэхэр

″Макъ lуэр″хэм ямызакъуэу, ″макъ щэху″хэм я къэхъуыкlэрэ къэlуыкlэхэм я макъ мыхьэнэхэмрэ бзэм хагъэзэщlыхь мыхьэнэхэр зэтохуэр. ″Макъ щэху″хэр къызэрыхъу щlыкlэм къежьапlэ хуэхъумрэ зэрыбагъуэхэм, фонетикэу къызэрыхъухэмрэ бзэм хагъэзэщlыхьхэр зэрызэтехуэм илъабжьэкlэ и гугъу тщlынщ.

″Макъ lуэр″ лъабжьэр ″ы″уэ зэрыщытым ещхьу, ″макъ щэху″хэм ящыщу япэ къэхъуари ″**м**″ макъращ. ″М″ыр пэщхъынэм къыщыхъуа макъщи, ар къэlун папщlэ жьэр зэтехын зыхуэмыныкъуэ макъщ. Ауэ бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр жьэм къыжьэдэlукl зы макъыущ: lупэ зэтепlар щызэтехым ″м″ пэщхъынэ макъыр къэlуущ бзэм зы макъыу зэрыхэхьар. Пэщхъынэм къыщыхъу ″м″ макъ щэхур lупэр щызэтехкlэ зы бзэ макъыу къызэрыlум нэмыщl, lупэ зэтехар щызэтепlэкlи къэlуфу зы макъщ. Ар пэщхъынэм къыщыхъу макъыу, lупэр щызэтехрэ щызэтепlэкlэ къызэрыlуклэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

″М″ макъым пыщlарэ къыкlэлъыкlуэу утыку къихьар ″**н**″ макъращ. Тхьэмбылым къикlыжу пэмкlэ къыриху жьым занщlэу къытехъукl макъыр ″м″ макъращи, мыпхуэдэу хуиту пэм къырихуну жьым зэрытеlэбэ, зэрытекъузэ щlыкlэу къэхъу макъыр ″н″ макъращ. Хуиту пэм къикlыну жьыр пэщхъынэ къежьапlэм щыдэкъузэм, е ар дыдэу пэщхъынэ ухыпlэу щыт пэм къимыкl ипэ жьыр пэщхъынэм щыдэкъузэм щыгъуэ къэхъу макъыр ″н″ макъращ. ″Н″ макъри бзэм зэрыхэхьа щlыкlэр пэщхъынэм къыщыхъу ″м″ макъыр къэlун папщlэ lупэ зэтехам бзэгупэмкlэ elунщlыу жьэм къызэрыдэкlкlэрэщ. ″М″ыр къэlун папщlэ зэтеха lупэмкlэ къыжьэдэкlыну жьым бзэгупэр зэрelунщlкlэрэ къэхъуущ ″н″ макъыр зы псэлъэбзэ макъ щыхъур. ″Н″ыри ″м″ым хуэдэу пэщхъынэм къыщыхъу макъщи, ″м″ыр къызэрыlуа щlыкlэм къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ зы макъыу, lупэ зэтехам бзэгупэр къыхэlэбэу къэlу макъщ. Ар ″м″ым хуэдэу lупэ зэтепlэкlи къэlу макъкъым, ″м″ым къыкlэлъыкlуэ зы макъыу, бзэ макъ къэхъунрэ къэlуныр жьэ кlуэцl lуэхуу зэрыщытым хэхьэу къэlуыкlэ зиlэу зы макъщ. ″Н″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри ″м″ым къыкlэлъыкlуэу къызэрыхъум зэрезэгъкlэрэщ.

″**М, н**″ макъхэр пэщхъынэращ къыздыщыхъуари, жьэрэ lупэр lуэхум къыхэмыхьэми къэlуф макъхэщ. Ауэ пэщхъынэм къыздыщыхъум деж, мы макъхэр зэхэхугъуафlэу щыткъыми, псэущхьэм гурыlуэгъуэ къыхуэхъуамрэ (м) мыбы теухуауэ зыхущlэкъунур (н) зэхэту утыку къизылъхьэ макъитlщ. Псэущхьэм дэтхэнэ гуэрыр гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъур ″м″ макъращ къэзыгъэлъагъуэри, абы къыкlэлъыкlуэу зи гугъу зэрытщlам хуэдэу утыку къихьэ ″н″ макъыр ″м″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам и пэджэжыныгъэу, а гурыlуэгъуэ хъуам теухуауэ щlапхъэм зэрыхущlэкъурэ зэрыхуэкlуэр къизыlуэу утыку къихьэ макъращ. Гурыlуэгъуэ хъуамрэ (м) абы теухуауэ щlапхъэу хущlэкъуныгъэрэ зыхуэкlуапхъэр (н) къыздыщыхъуа пэщхъынэм ″м″ымрэ ″н″ макъыр зэрызэщхьэщыкlыр ар къизыlуэм и гугъэращ зэхэхупхъэу зыдэщытыр. Аращи, ″м, н″ макъхэр пэщхъынэ защlэу къызэрыlу щlыкlэкlэ щызэхэпхым деж, зэхэпхыр дэтхэнэ макърами зэхэхугъуафlэкъым. Ахэр бзэм зэрыхэхьа щlыкlэу, жьэ кlуэцlкlэрэ lупэ зэтехрэ зэтепlэу къыщыlуращ зэхэхугъуафlэ щыхъухэр. Нобэ мы макъхэр пэщхъынэ макъ дыдэу къэlуу зыхэт бзэхэр щыlэщ, ауэ ахэр адыгэбзэм зэрыхэт щlыкlэр псэлъэбзэ макъ зэрыхъуа щlыкlэу lупэ макъхэущи, а нэхъ мащlэ пэщхъынэ макъыу къызэрыlу щlыкlэкlэщ.

Цlыхум и бзэр зэрыухуа макъхэм щыщрэ пэщхъынэм къыщыхъу макъхэу (м, н) жьэр зэтепlами къэlуфхэм нэмыщl, пэщхъынэм къыщымыхъуми, жьэр зэтепlауэ къэlуф макъхэри щыlэщ. Макъыр ″м, н″ макъхэм хуэдэу пэщхъынэм къыщыхъуами, е мыбдежым зи гугъу тщlыну макъхэм хуэдэу къурмакъейм къыщыхъуами, жьэр зэтепlауэ къызэрыlуфыр тхьэмбылым къикlыж жьыр пэмкlэ къыщырихуращ. ″М, н″ым нэмыщl, мыпхуэдэ макъхэм илъабжьэкlэ и гугъу тщlынщ.

″М″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ хъуам теухуауэ щlапхъэм хущlэкъуу ″м″ым къыкlэлъыкlуэрэ пэджэжыныгъэ зыхуиlэу утыку къихьэ ″н″ым нэмыщl, жьэр зэтеплауэ къэхъуу ″м, н″ макъхэм я къэlуклэм хуэмыдэ макъхэри щыlэщ. Мыпхуэдэщ ″**хь**″ макъымрэ, абы и плытlауэ лъытапхъэу адыгэбзэм хэтарэ нобэ нэхъыжьхэм псалъэ гуэрхэр къызэрыраlу щlыкlэу зэхэтх макъри, ар ″**хы**″уэ тхыпхъэмэ, ″хь, хы″ макъхэр ″м, н″ым къыкlэлъыкlуэу япэу къэlуыкlэ зыгъуэта макъхэу лъытапхъэщ. ″М″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ хъуам пэджэжыныгъэу утыку къихьа ″н″ макъым къыкlэлъыкlуэу къэlу мы макъыр ″н″ым гурыlуэгъуэ ищl хущlэкъуныгъэр зытеухуар гурыlуэгъуэ зыщl макъыу лъытапхъэщ ″хь, хы″ макъхэр. ″Хы″уэ ттха макъыр адыгэбзэ алфавитыр щыхалъхьагъащlэ щыхатхауэ щытами, ар нобэ адыгэбзэ алфавитми ди къэпсэлъэкlэми хагъэкlыжащ, ауэ ар ноби лlыжьхэм я къэпсэлъыкlэм хэтщ, тlанэ абазэбзэм куэдыщэу хэту зы макъщ. ″Хы″ макъыр абазэбзэм зэрыхэт щlыкlэр адыгэбзэм и ″хь″ макъ мыхьэнэм ещхь мыхьэнэ хигъэзэщlыхьущ.

Псэущхьэм гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам (м) зыхущlэкъу (н) хьэрычэтыр къизыlуэ макъхэрауэ жыlэпхъэщ ″хь, хы″ макъхэр. Псэущхьэм ″м″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам теухуауэ зэрызыхуищlынум зэрыхущlэкъурэ зэрыхуэкlуэм къигъэщlа ″н″ макъым къыкlэлъыкlуэу псэущхьэр зыхущlэкъу щlапхъэр пэщхъынэ къежьаплэм аткlэ къурмакъеймкlэ къыдэкl жьым щытекъузэм къэхъу ″хы, хь″ макъхэращ. Мы макъхэр зэрызэлъыта щlыкlэу къызэрыхъум гурыlуэгъуэ зэрищlщи, дэтхэнэ зыгуэрыр псэущхьэм гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъурэ (м) абы зэрызыхуищlыну щlыкlэр къыздыщlидзэмрэ (н), псэущхьэм мы гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам зэрызыхуищl щlыкlэрэ хьэрычэтыр утыку къизылъхьэ ″хь, хы″ макъхэр зэпыщlауэ къэхъурэ зэпыщlа lуэхугъуэ къизыlуэу псэущхьэм натуралу къыхэхъукl макъхэщ.

″Хь, хы″ макъхэм елъытауэ нэхъ щабэ къэlуыкlэ зиlэу бзэм зы макъи къыхохьэжри, ар ″хь, хы″ нэужьу къэхъуа зы макъщ. Зи гугъу тщlы мы макъыр ″хь″ макъым и щабэ (ь) къэlуыкlэ зиlэу зы макъыу зэрыщытым папщlэ, ″**хьь**″уэ къэгъэлъэгъуапхъэщ, е бзэ гуэрхэм зэрыхэткlэрэ ар ″**h**″уэ (хьь → h) тхыпхъэщ. ″Хь, хы″ макъхэр зэкlэлъыкlуэрэ зэхуэдэ къэхъуыкlэ зиlэ макъхэу щытми, ″h″ макъыр абыхэм къакlэлъыкlуэу къазэрытехъуклар куэдкlэ иужькlэу лъытапхъэщ. Ари гъунэгъу зэманыгъуэхэм нэгъунэ адыгэбзэм хэтауэ щытащ, ауэ нобэ абы и къалэныр ″х″ым теухуауэщ къызэреклуэкlыр (щапхъэмэ: ahэр → ахэр).

Пэщхьынэ макъхэу щыт ″м, н″ макъхэм къакlэлъыкlуэрэ къурмакъейм къыщыхъу ″хь, хы″ макъхэм натуралу ягъэзащlэри ″м, н″ макъхэм натуралу ягъэзащlэ мыхьэнэхэм къакlэлъыкlуэ мыхьэнэхэщ. Псэущхьэм гурыlуэгъуэ къыхуэхъуар ″м″ макъымкlэщ утыку къызэрырилъхьэри, абы теухуауэ псэущхьэм и реакцэрэ рефлексу утыку къихьэр ″н″ макъым къигъэлъагъуэу лъытапхъэщ. Псэущхьэм къыгурыlуам зэрыхущlэкъур къизыlуэ ″н″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ макъхэщ ″хь, хы″

макъхэри, гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам теухуауэ псэущхьэр зэрыгубжьымрэ зэрыщыхьэ щlыклэр, гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам зэрыхуэклуэрэ зэребгъэрыклуэр, гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам теухуауэ гугъуехьыгъуэм зэрыхэхьэр а псэущхьэм къызхигъэlукl ″хь, хьl″ макъхэращ къыхэзыгъэщыр.

″Хь, хьl″ макъхэри ″м, н″ макъхэм хуэдэу жьэр зэтеплами къэlуыклэ зиlэ макъхэщ, ауэ ахэр ″м, н″ макъхэм хуэдэу пэщхъынэ макъхэкъым. ″Хь, хьl″ макъхэр пэмклu къиlуыклыф макъхэу щытми, ахэр къыздыщыхъуар тэмакъым нэгъунэ къурмакъейращ. Мы макъхэр гъуэгуанэ клыхь ириклуэу къэхъуплэрэ къэхъуыклэ зиlэ макъхэщ. Къызэрыхъу щlыклэм хуэдэщ къызэрыlу щlыклэхэри, зытеухуа lуэхугъуэри мыпхуэдэщ: гъуэгуанэ клыхьрэ гугъехьыгъуэ къизыlуэ макъ мыхьэнэ зиlэхэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэ lуэхугъуэхэм теухуауэщ. ″Хьl″ым елъытауэ нэхъ пхъашэу къэlуыклэ зиlэ ″хь″ макъыр ″хьl″ым елъытауэ нэхъ ерыщыгъэрэ флэщыгъэ зиlэ макъ мыхьэнэуэ лъытапхъэщ. ″Хь″ым къытехъукla ″h″ макъри нэхъ щабэу къызэрыlум ипкъ иткlэ нэхъ лантlэ lуэхугъуэхэм теухуауэщ бзэм зэрыхэжьыхьыр.

″Хь, хьl″ макъхэр жьыр пэм къыщырихуклu къэlуф макъхэщ, ауэ ахэр пэщхъынэ макъхэкъыми, къурмакъей макъхэщ. Къурмакъейм къэхъуу пэмклu, жьэ зэlухамклu къиlуклыф макъхэрщ. Жьэр зэтеплами тхьэмбылым къиклыж жьыр пэмклэ къыщырихум къиlуклыф макъхэщ къурмакъейм къыщыхъуу зи гугъу тщlы мы макъхэр. Тхьэмбылым къиклыж жьыр къурмакъейм щыдэклым лъэщу щихъуу къэlуыклэ зыгъуэт мы макъхэр хуиту къэlуыклэ зыгъуэт макъ lуэр лъабжьэхэм хуэдэу жьэ зэтехам къыжьэдэlукl макъхэращ. Ауэ, ″макъ lуэр″ лъабжьэхэр (ы, э, и, у) ″хь, хьl″ макъхэм хуэдэу къурмакъейм щихъуэу къэхъу макъхэкъым.

″М, н″ макъхэм хуэдэу пэщхъынэм къыщымыхъурэ, зи къэхъуплэр къурмакъейуэ щыт мы макъхэр жьэм мы къызэрыдэlуклым зэрезэгъклэрэ макъ щэхухэр жьэ клуэцlым къыщыхъуным ипэ къихуэу къэхъуа макъхэщ. Тэмакъым къыщlидзэрэ жьэ клуэцlымклэ унэтlыгъэ иlэу утыку къихьэну макъ щэхухэм я къэхъуныгъэм лъабжьэрэ щапхъэ зэрахуэхъур гулъытапхъэщ. Тэмакъым деж къыщlидзэрэ жьэ клуэцlыр зи къэхъуплэ хъуа ″макъ щэху″хэр къызтехъуклар ″хь, хьl″ макъхэм я къэхъуыклэмрэ къурмакъейри я къэхъуплэу зэрыщытрауэ жыlэпхъэщ.

Пэщхъынэрэ къурмакъейм къыщыхъуу зи гугъу тщla макъхэр жьэ клуэцlым къыщыхъурэ бзэм хэт макъ нэхъыбэр утыку къимыхьэ ипэклэ къэхъуа макъхэращ. Бзэм и макъхэм нэхъыбэу тэмакъымрэ lупэ зэхуакуращ къэхъуплэ яхуэхъуари, мы зи гугъу тщlы макъхэр адрей макъхэм я къэхъуплэм и гъунапкъэу лъытапхъэщ. ″**М, н**″ макъхэр lупэращ бзэм зэрыхэхьа щlыклэри, къурмакъейм къыщыхъуа ″**хь, хьl, h**″ макъхэри - иужькlэ тэмакъым къыщlидзэу къэхъуа макъхэм я къэхъуплэм и гъунапкъэу- къурмакъейращ къыздыщыхъуар. ″Хьl, хь, h″ макъхэр бзэм зэрыхэхьа щlыклэри тэмакъ гъунэгъуу къэlуыклэ зэраlэклэрэщ. Мы

макъхэм щыщу нобэ ди алфавитым хэтыр ″**хь**″ макъращи, игъуэ къыщыскlэ и мыхьэнэмрэ бзэм хигъэзэщlыхьым теуахуауэ зи гугъу тщlыну макъыр мыращ.

″М, н″ макъхэр пэщхъынэм къыщыхъуами, ахэр псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр жьэ кlуэцlрэ lупэм къызэрыхэlуклклэрэщ. ″Хь, хы″ макъхэри ″м, н″ макъхэм хуэдэу жьэр зэтеплами пэмкlэ къикlыж жьым зэхигъэх макъхэщ, ауэ мыхэри псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр жьэ кlуэцlкlэ къэlуущ. Къурмакъейм къыщыхъу мы макъхэр жьэм къыжьэдэlуклын папщlэ, жьэр зэlуха къудеймэ ирокъур. Аращи, къурмакъейм къыщыхъурэ жьэр щызэтехкlэ псэлъэбзэ макъхэу утыку къихьэ мы макъхэр жьэ кlуэцlымрэ бзэгур къэхъуплэ зыхуэхъуну макъхэм я къэхъуныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар гурыlуэгъуэщ.

*

Бзэгур бзэм и макъхэр нэхъыбэу къыздыщыхъу щlыплэщи, мы зи гугъу тщla макъ гупитlыр (**м, н; хы, хь, h**) бзэгу lуэхугъуэ хэмыту къэхъуа макъхэщ. ″Бзэгу″р бзэ джыплэрэ къэхъуплэр зи мыхьэнэуэ зы псалъэщи, макъхэм я нэхъыбэр къыздыщыхъури, макъхэр къызэрыlу щlыкlэри бзэгум и щlыкlэм елъытащ. Бзэр бзэгу lуэхугъуэ зэрыхэлъклэрэ нэхъыбэу жьэ кlуэцlым къыщыхъу макъхэмкlэщ зэрыухуари, мы макъхэр тэмакъым къыщlидзэу lупэм щиухыу жьэ кlуэцl макъхэращ. Макъкlэ ухуа бзэм и макъхэр къызэрыхъуам и гъунапкъэр мыбдежым зи гугъу щытщla макъхэращи, ахэр бзэм и макъхэм и къежьаплэу, бзэр зэрыухуэну макъхэм я къэхъуныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуа макъхэрауэ лъытапхъэщ. ″М″ым деж къыщlидзэрэ ″н″ыр утыку къызэрихьам къыпыщэжу, псэущхьэм и гугъэрэ и кlуэцlкlэ и хьэрычэтыр къизыlуэ ″хь, хы″ макъхэм къыклэлъыклуэрэ псэущхьэм и гугъэхэр нэхъ нахуэу къиlуэтэнкlэ щхьэпэ къыхуэхъуну нэгъуэщl макъхэр псэущхьэм натуралу къыхэlуыкl мы макъхэм къаклэлъыклуэу утыку къызэрихьэн хуейр гулъытапхъэщ. Тхьэмбылым къикlыж жьыращ макъхэр къызтехъукlри, жьэ кlуэцlым къыщыхъуну макъхэр къурмакъейм къыщыхъу макъхэм я къэхъуыкlэр тэмакъым къыдэкlыу жьэ кlуэцlымкlэ унэтlыу къызэрыхъупхъэр гурыlэгъуэнщ. Къызэрыхъуа щlыплэрэ щlыкlэм ипкъ итрэ зэрезэгъкlэрэ мыхьэнэхэр утыку къизылъхьэ ″хь, хы″ макъхэм къыклэлъыклуэу, нэхъ зэгъэпэщауэ псэущхьэм къыриlуэну макъхэм и лъабжьэр ″хь, хы″ макъхэмкlэ гъэхьэзырагъэххэу лъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыплэмэ, ″м, н″ макъхэмрэ ″хь, хы″ макъхэр натуралу псэущхьэм къыриlу зэпытрэ зэрызырихьэм гулъытэ щыхуищlкlэ, и гугъэр къыриlуэнкlэрэ нэгъуэщl макъхэри къыригъэкlын иужь ихьауэ жыlэпхъэщ.

Псэлъэбзэм и макъхэр нэхъыбэу жьэ кlуэцlращ къыздыщыхъуарэ къыздыщыlури, мы зи гугъу тщlауэ пэщхъынэрэ къурмакъей макъхэмрэ макъ lуэр лъабжьэхэм къаклэлъыклуэ макъхэр тыншу къэхъуауэ лъытапхъэкъым. Тхьэмбылым къикlыж жьым макъ lуэрхэм нэмыщl, ″макъ щэху″хэр къытехъукlын папщlэ зэман мащlэ блэклауэ къыщlэкlынкъым.

Тхьэмбылым къикlыж жьым лъэщыгъэкlэ текъузэу натуралу къэхъуа ″хьl, хь″ макъ нэужьу, тэмакъым къыщlидзэрэ жьэ кlуэцlым къыщыхъуну макъхэм я къэхъуныгъэм хуэкlуэныр занщlэу къэхъуарэ lуэхугъуэ тыншу лъытапхъэкъым.

″Макъ lуэр лъабжьэ″хэм (ы, э, и, у) я лимитацэхэри (lы, lэ, lи, lу) къыздыщыхъуар тэмакъращи, абдежыр тхьэмбылым къикlыж жьыр щыдэкъузэу макъ lуэр лъабжьэхэм макъ lуэрыщlэхэр къыздытехъукl щlыпlэращ. Араща, макъ lуэр лъабжьэхэм къытехъукlа макъхэр макъ lуэр пlытlахэрауэ (lы, lэ, lи, lу) жылэпхъэщи, макъ lуэр лъабжьэрэ хуиту къэlуыкlэ зиlэхэр модулацэ щыхъуа щlыпlэр тэмакърауэ жылэпхъэщ. Макъ lуэр лъабжьэхэр модулацэ щыхъурэ макъыщlэ къыздытехъукl щlыпlэщи, - тхьэмбылым хуиту къикlыж жьым къытехъукlыу хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъ lуэр лъабжьэхэм я модулацэу макъ lуэр пlытlахэр къызщыхъу щlыпlэщи -, мыбдежыр зы макъ къэхъупlэщ. Макъ lуэр лъабжьэхэм макъ lуэр пlытlахэр къызщытехъукl тэмакъыр нэгъуэщl макъи къыздыщыхъуфын щlыпlэщ. Макъ lуэр лъабжьэхэм нэмыщl, къурмакъейм натуралу къыщыхъу макъхэр лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэ, тэмакъыр макъ щэху къэхъупlи зэрыхъуфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ мыбдежым хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъ lуэр лъабжьэхэм макъ lуэр пlытlахэр къызэрытехъукlамрэ, къурмакъей макъхэм иужь макъыщlэхэр къызэрытехъукlар занщlэрэ тыншу къэхъуауэ зы lуэхугъуэу къыщlэкlынкъым. Абдежым макъ къыщыхъуа нэужьрауэ лъытапхъэщ икlи макъ къэхъукlэр жьэ кlуэцlымкlэ кlуатэу зэрищlидзарэ, lупэм къынэсу жьэ кlуэцlым дэтхэнэ и зы щlыпlэм макъхэр къыщыхъуу зэрыщlидзар.

Тэмакъым къыщlидзэрэ жьэ кlуэцlым хуэкlуэу къэхъуну макъхэм и гугъу дымыщl ипэкlэ, ″макъ″ымрэ ар зыхэту макъ къэхъупlэхэм теухуа псалъэхэми я гугъу тщlынщ. ″Хь, хы″ макъ нэужьу къэхъуа макъыр тэмакъращ къыздыщыхъуари, ″тэмакъ″ псалъэр макъ къызтехъукlрэ ″макъ платформэ″ хуэдэ мыхьэнэ иlэу зэрылъытапхъэм и щхьэусыгъуэри мырагъэнщ. Мы макъ къэхъупlэ къежьапlэм (тэмакъ) пыщlарэ тхьэмбылымкlэ ех гъуэгури ″макъ″ псалъэм зэрелъытакlэрэщ къызэрыlуатэри, мыр макъыр къыздыщыхъу щlыпlэм (макъей) зэрыпыщlарэ абы зэрыри″къу″р къизыlуэ ″къурмакъей″ псалъэращ. Тэмакъым къыщыхъуа зы lэпкълъэпкъри ″тэмакъыдзэ″щи, ари макъ къэхъукlэм хэлажьэу зы lэпкълъэпкъыу ″тэмакъ″рэ ″макъ″ зыхэту ухуа зы псалъэрщ. ″Макъ″ псалъэр зыхэтрэ макъыр къыздыщыхъум теухуауэ къэхъуа псалъэхэщ мыхэри, - нобэ бзэм телэжьыхь гуэрхэм мыадыгэбзэу ялъытэми-, ″макъ″ псалъэр мыадыгэбзэу лъытэныр гугъущ. Ауэ ар мыадыгэбзэу щытмэ, езы адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытрэ и лэжьэкlэм зэреклум папщlэ, ″макъ″ псалъэр къищтэу зыхишэрэ зыхипщагъэнущ. Икlи, ар псэлъэбзэм и макъхэр къызэрыхъум теухуа архивыр къизыlуэ псалъэхэм хэту (тэмакъ, тэмакъыдзэ, къурмакъей) зы псалъэу зэрыщытым ущеплъкlэ, мыадыгэбзэу жыпlэныр гугъущ. Макъ къэхъуным теухуа

архивым хэт ″макъ″ псалъэр мыадыгэбзэмэ, ар зыхэту къэхъуа псалъэхэр ″макъ″ыр адыгэбзэм хэхьа нэужь къэхъуауэщ зэрыплъытэн хуейри, мыри гугъущ, мыхъуныгъэ гуэру лъытапхъэщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм езыхэр къызэрыхъум щхьэусыгъуэ хуэхъу lэпкълъэпкъыцlэхэр къызтехъукlа ″макъ″ псалъэр мыадыгэбзэмэ, мы псалъэхэм ипэкlэ мыпхуэдэ lуэхугъуэхэр къэзыlуатэ псалъэхэр хэту щытагъэнщ адыгэбзэми, мыпхуэдэу щытамэ, мыбыхэм ящыщу зи мыхъуми зы псалъэ къыхэнэн хуеягъэнт адыгэбзэми, мыпхуэдэ зы псалъэм дырихьэлlэкым. ″Макъ″ псалъэр мыадыгэбзэмэ, ар зыхэту зэпкъырыува макъ къэхъукlэм теухуа псалъэхэр адыгэбзэм хуэдэ зы макъыбзэм хэмытауэ лъытэныр гугъущ.

Tlанэ, бзэхэм я лъабжьэр макъщи, бзэхэр лъабжьэкlэ зэрызэпыщlар псэлъэбзэ макъхэращ, икlи псэлъэбзэ лъабжьэри макъыбзэу зэрыщытын хуейр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, зэхуэмыдэ бзэхэм зэхуэдэ макъхэмкlэ ухуарэ зэхуэдэ е зэщхь мыхьэнэ зиlэ псалъэхэр яхэтыныр гъэщlэгъуэныщщэкъым. Нэгъуэщlыбзэм ″макъ″ псалъэр хэтщ жыпlэу (икlи ″макъ″ псалъэр къызтехъукlауэ ялъытэри хьэрыпыбзэкlэ ″макъамэ″ псалъэращ), мы ипэкlэ къэтlуэтахэм уеплъмэ, ар а бзэм къыхэкlыу адыгэбзэм къыхэхьауэ лъытэныр игъуащэкъым. Мыбдежым щыпыщапхъэщи, ″тэмакъ″ псалъэм хуэдэу зы псалъэ хэтщ тыркубзэми, ар жьэ кlуэцlым ищхьэрэ илъабжьэ блыныр къизыlуэ ″дамак″ псалъэращ. Нытlэ, мы зэщхьыныгъэм теухуауэ ″тэмакъ″ псалъэри занщlэу тыркубзэм къытехъукlауэ зэрылъытэн хуейр? - Зэхэумыдэ бзэхэм зэщхьэрэ зэхуэдэ псалъэ хэтхэр флэкlыпlэ имыlэу нэгъуэщl зы бзэм етын хуейуэ щыткъым, мыпхуэдэ еплъыкlэр псэлъэпкъыбзэ еплъыкlэщ, макъыбзэ еплъыкlэкъым. Макъыбзэ еплъыкlэр псэлъэпкъыбзэ еплъыкlэм нэхърэ нэхъ куущ, нэхъ жыжьэ мэlэбэ, бзэм и къежьапlэрэ бзэ къэхъукlэм и лъабжьэм щlolэбэ, антропологиеу жыжьагъэхэр къыщlегъэщыжыр. Зи зэхуэзэн lэмал зимыlэ лъэпкъхэм я бзэм зэщхьрэ зэхуэдэ макъхэмкlэ ухуарэ я мыхьэнэкlи зэтехуэ псалъэхэр хэтщи, мыпхуэдэхэр къызэрыхъу щlыкlэм теухуауэ зэгущыгъэ хэлъу нэхъыбэ жызыlэфынур макъыбзэ бгъэдэхьэкlэращ. ″Макъ″ псалъэр мыадыгэбзэу зылъыта еплъыкlэр адыгэбзэр зы макъыбзэу зымылъытэ еплъыкlэращи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым папщlэ, абы и бгъэдэхьэкlэм занщlэу гурыщхъуэ тепщlыхь хъунщ. Адыгэбзэр зы макъыбзэу зымылъытарэ ″макъ″ псалъэр зэрымыадыгэбзэр макъыбзэ лэжьэкlэкlэ зэригъапщэу утыку къызэрырымылъхьам папщlэ, зи гугъу тщlы бгъэдэхьэкlэр зы макъыбзэм и псалъэхэм теухуауэ нэсу пэжу лъытапхъэкъым. Абы ″макъ″ псалъэр нэгъуэщl зы бзэм зэрыхэтым (ари ″макъамэ″ псалъэу) папщlэщ мыадыгэбзэу зэрилъытэри, мы бгъэдэхьэкlэр адыгэбзэм бзэжьрэ макъыбзэу зымылъытэм и гурыгъуазэ бгъэдэхьэкlэрщ; егъэщхьыныгъэрэ аналогие лlэужьыгъуэ еплъыкlэрщ.

Мы зи гугъу тщla ″макъ″ псалъэр зыхэт псалъэхэм нэмыщlрэ ″макъ″ псалъэм хуэдэу ухуауэ зэбгъэпщэфыну нэгъуэщl псалъэ гуэри хэткъым адыгэбзэми, мыбы папщlэщ ар флэкlыпlэ имыlэу адыгэбзэу

зэрымылъытапхъэм и щхьэусыгъуэр. Ауэ, мыпхуэдэу нэгъуэщI щапхъэ узримыхьэлIэрэ щхьэжу къэхъуыкIэ зиIэ псалъэхэми ущырохьэлIэр адыгэбзэми, ипэкIэ къэтIуэтахэри хэтыжу, ар макъыбзэкIэ зэрызэпкъырыува щIыкIэм щыгъуазэ ущыхуэхъум дежи, адыгэбзэ лэжьэкIэу къызэрыхъупхъэр зыхэпщIэу, псалъэм и мыхьэнэми макъыбзэу уоджэфыр. TIанэ, ″макъ″ жыхуэтIэр бзэм занщIэу зы ″псалъэ″ зэрызэхэхъухьари къизыIуэ зы псалъэу щыткъым, ″макъ″ псалъэр зытеухуар ″псалъэ″ мыхъу ипэращи, ″макъ″ псалъэр зэрызэпкъырыувэ щIыкIэм (ма-къ) мыр гурыIуэгъуэ ещIыр: ″макъ″ псалъэм гурыIуэгъуэ ищIыр ″езыр езырурэ (м) къэхъуа (ма) къежьыпIэ (къ)″щи, къежьапIэу лэжьэкIэ зыгъуэтарэ зэрыхъуни мыхъуа мыхьэнэ зиIэу зы псалъэщ; ар иджыри зэрыхъун мыхъуа гуэрыр зэрылъытэрщи, зы бзэм макъхэр хэлэжьыхьу псалъэ щыухуэм дежщ зы логием теухуа мыхьэнэ щигъуэтынур. Зыребгъэпщэн нэгъуэщI псалъэ бзэм зэрыхэмытым папщIэ, ″макъ″ псалъэр адыгэбзэу къыщIебгъэдзыныр гугъуми, адыгэбзэм и макъыбзэ логиерэ и лэжьэкIэм езэгъыу зэпкъырыува зы псалъэу зэрыщытым папщIи, ″макъ″ псалъэр мыадыгэбзэу къыщIебгъэдзыныр нэхъ гугъужщ.

″Макъ″ псалъэр зы адыгэбзэ псалъэу лъытапхъэмэ, ипщэкIэ и гугъу зэрытщIам ещхьу, макъыбзэ еплъыкIэкIэ ″макъ″ псалъэм къиIуатэр ″зыгуэрыр езыр езырурэ къызэрыхъуа″мрэ (ма), ″зэрыхъун хуеипIэми зэримыувар (къ)″ къизыIуэ зы псалъэу зэпкъырыхыпхъэщ. Мыри макъыр езыр езырурэ къызэрыIу щIыкIэмрэ, зы макъыу зэрыщыIэ щIыкIэкIэ иджыри бзэм зэрыхэмылэжьыхьрэ мыхьэнэ щыхимыдж щIыкIэу, зыщхьэпэнум зэрыхуэмыкIуарэ зэрыхъун хуейр зэрымыхъуар къизыIуэ зы псалъэу лъытапхъэщ. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″макъ″ псалъэр бзэм теухуарэ фонологиеу лъытэн нэхърэ макъыр езыр щхьэжу фонетикэу зэрылъытэ зы псалъэу лъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ еплъыкIэкIи адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэмрэ, ауэ къызэрыIуэу мылъытапхъэ псалъэхэри къызэрытехъукI зы псалъэр ″макъ″ псалъэри, ар мыадыгэбзэу лъытэныр гугъущ. ФIэкIыпIэ имыIэу ″макъ″ псалъэр адыгэбзэу умылъытэфми, мыадыгэбзэуи къыщIебгъэдзыжыфынкъым.

*

Тэмакъым къыщыхъу япэрей макъыр икIи ″макъ″ псалъэми хэт ″**къ**″ макърауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Тхьэмбылым къикIыж жьыр къурмакъей ухыпIэрэ макъ къыздыщыхъупIэу тэмакъым къызэрытехъукIар макъ къэхъукIэм и къежьапIэу зы lуэху гугъуу къыщIэкIынт. Тхьэмбылым къикIыж жьым зы макъыщIэ къытезыгъэхъукIыну псэущхьэр мы lуэхум иужь зэритар мащIэу къыщIэкIынкъым. Тхьэмбылым къыщежьэрэ ″ы″уэ къэlунур тэмакъым къыщынэскIэ, абдежым дипIытIэурэ зы макъыщIэ къэзыгъэхъун иужь ит псэущхьэм (хьэ, цIыху) къыхэмыукIыфу ″ыкъ″у къурмакъейм зэрехыжауэ щытар мащIэу къыщIэкIынкъым. ″Къ″ макъыр тэмакъращ къыщыхъуари,

абы и къэхъуыкlэм тэмакъыдзэри холэжьыхьыр. ″Къ″ макъыр мыпхуэдэу къэхъуа нэужь, тlэкlу ипщэкlэ бзэгулъэдакъэм дежкlэ дэкlыу къэlуклэи игъуэтауэ лъытапхъэщ. ″Къ″ыр къурмакъей нэужьрэ жьэ кlуэцlым къыщыхъу макъхэм я ипэрей макъращи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри дэтхэнэ зы гуэрым и къэхъуыпlэрэ къэхъуыкlэущ. Къэхъупlэрэ къэхъуклэр икlи кlуэдыпlэрэ кlуэдыкlэрщи, ″къ″ макъыр къызэрыхъуам хуэдэ lуэхугъуэщ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр.

″Къ″ макъыр зы макъыщlэу утыку къихьа нэужь, абы и къэlуклэм зэlуиха гъуэгум тету макъ гуэрхэр утыку къихьэу щlидзауэ лъытапхъэщи, тэмакъым къыщlидзэу бзэгулъэдакъэм къыщыхъуу утыку къихьа макъхэм щыщу къэбэрдеибзэм хэт макъхэр мыхэращ: «**кхъ, хъ; гъ**». Макъхэр япэу къыздыщыхъу щlыпlэм елъытауэ lэмал зэриlэклэ тыншу къэlуным зэрыхущlэкъунур гурыlуэгъуэнщи, мы макъхэри ″къ″ым хуэдэу япэу утыку къызэрихьа щlыпlэм елъытауэ ищхьэкlэ дэкlыу къэlуу щlэзыдза макъхэу лъытапхъэщ. Мы макъхэр ″къ″ыр къыздыщыхъу щlыпlэм елъытауэ жьэ кlуэцl лъэныкъуэмкlэ хущlэкъуу къэlуыкlэ зыгъуэтарэ бзэгулъэдакъэм къыщыlу макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″**Кхъ**″ыр ″къ″ыр - зэрыдэкъузаклэрэ къызэрыlу щlыклэри - зыхэлъыжу, тэмакъым къыщlидзэрэ ипщэкlэ етlэхъурэ щихъуу къэlуыкlэ зиlэ макъщи, абы къыклэлъыкlуэу утыку къихьэ макъри темакъ нэужьу бзэгу лъэдакъэм щихъуурэ къэхъу ″хъ″ макъращ. ″**Хъ**″ыр лъабжьэм щихъуэу къэlу макъщи, абы елъытауэ нэхъ телэтыкlарэ щабэ хъуауэ къэlуыкlэ зиlэр ″гъ″ макъращ. ″Кхъ, хъ″ым елъытауэ ″**гъ**″ макъ къэlуклэр нэхъ щабэу, ″къ″ нэужь макъ къэхъуклэр зэрылэжьэфын щlыпlэкlэ зышэ зы макъыуи лъытапхъэщ.

Мы макъхэм я мыхьэнэр я къэхъуклэм теухуащи, бзэм хагъэзэщlыхьри зи гугъу тщlа мы я къэхъуклэрэ я къэlуклэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. Къэхъуклэрэ лъабжьэжь зиlэ гуэрущ ″кхъ″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр. ″Хъ″ыр гурыlуэгъуэщи, ″хъу″р къызтехъукl лъабжьэжьрэ субстансив мыхьэнэ зиlэ макъщ. ″Гъ″ыри ″гъэ″р къызтехъуклращи, абы игъэзащlэм лъабжьэ хуэхъуращ: ″гъэ″р сытми лэжьэн lэмалыгъуэ къезытрэ ситри зыгъэлэжьэф макъ мыхьэнэуэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

Макъхэр зэклэлъыкlуэу утыку къызэрихьэм елъытауэ къыщыхъуахэр мы макъхэм занщlэу къаклэлъыкlуэу жымыlэпхъэми, мы зи гугъу тщlы макъхэр ″у″клэ къызэрыlуклэрэ макъыщlэхэри къатехъуклащ: «**къу, кхъу, хъу, гъу**». Мыхэр къызтехъукla макъхэм елъытауэ нэхъ тыншу къэlуыкlэ зэралэр гурыlуэгъуэщ, икlи ″у″ клэухклэрэ къызэрыlухэм папщlэ, къызтехъукla макъхэм я ужьыныгъэу зэрыщытхэри гурыlуэгъуэщи, я макъ мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщlыхьри ардыдэщ. Жьэ кlуэцlым къыщыхъу ″макъ щэху″хэм я ипэрейуэ къэхъуа ″къ″ макъым къытехъукl ″**къу**″р къызтехъуклым и ужьыгъуэу къэхъур къизыlуэ макъщ: ″къу″р къэхъум (къ) и ужьыгъуэу (у) утыку къихьарэ, хъуарэ утыку ит гуэрым пыщlауэ щыlэгъуэ зыгъуэтар къизыlуэ макъ мыхьэнэщ. ″Хъ″ырэ зы субстансращ

**″хъу″**р къызтехъукlри, ар лъабжьэрэ субснатсым и ужьыныгъэщ. ″Гъэ″ми и лъабжьэ ″гъ″ым и ужьыгъуэ (у) **″гъу″**р лъабжьэрыужьыгъуэу дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэр къыздыщыхъуращи, абы и зэманыгъуэр щыlэуэ хъуам я щыlэужьыгъуэу ″гъуэ″щ.

*

Макъ къэхъуныгъэр тэмакъым деж ″къ″ыклэ къежьарэ къыдэклыу щlидза нэужь, тэмакъымрэ тэмакъ нэужьым къыщыхъуа ″къ; кхъ, хъ, гъ″ макъхэм мы я къэхъуклэм жьэ клуэцl лъэныкъуэмклэ макъыщlэхэри къызэрытехъукlынур гурыlуэгъуэнщ. Бзэгулъэдакъэм къынэса макъ къэхъуныгъэр мыбы къэсыху утыку къихьауэ зи гугъу тщla макъхэр (къ, кхъ, хъ, гъ) къызэрыхъуа щlыклэклэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгуклэр зи къэхъупlэ макъыщlэхэр утыку къызэрихьэращ. Нытlэ, мы зи гугъу тщla макъхэм бзэгулъэдакъэрэ бзэгуклэр зи къэхъупlэу лъытапхъэ макъхэр къазэрытехъукlым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Къ″ макъым и къэхъуклэм къытехъукlыж макъхэр бзэгулъэдакъэм къыщlидзэу бзэгукупэм нэгъунэ зы бжанэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу къэхъуу адыгэбзэм хэт макъыр бзэгукум къыщыхъу ″кl″ макъращи, адыгэбзэм нобэ хэт ″кl″ым (зэрытхам хуэдэу къэlуу) мы и къэхъупlэм нэгъунэ бзэгулъэм ″къ″ макъым къытехъукlыжарэ нобэрей адыгэбзэм хэмытыж нэгъуэщl макъхэри щыlэщ. Араща, ″къ″ым къытехъукlыжу бзэгулъэдакъэрэ бзэгуклэр зи къэхъупlэу ″кl″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэр нобэ адыгэбзэм хэткъым. ″Къ″ым и къэхъуклэр зи къэхъуклэу бзэгум къыщытехъукlыжу зи гугъу тщla ″кl″ макъыр адыгэбзэм хэтращи, ар бзэгулъэдакъэм къыщыхъурэ ″кl″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэ макъ нэужьу бзэгукум къыщыхъуащ.

″Къ″ макъым и къэхъуклэр зи къэхъукlыу ″кl″ым ипэ бзэгум къыщытехъукl макъ лlэужьыгъуэхэр адыгэбзэм хэт ″кl″ макъым мы и тхэклэр и къэlуклэу, мы тхыпкъыр къэдгъэсэбэпу тхын хуеймэ, бзэгуклэм къыщlэдзауэ зэщхьэщыкl къэlуыклэ зиlэу бзэгум къыщыхъуа макъхэр ″*кl*″ тхыпкъымклэ къэдгъэлъэгъуэнщ.

″Къ″ым нэмыщl, абы къыклэлъыклуэу утыку къихьа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэми бзэгур зи къэхъупlэу макъ гуэрхэр къатохъукlыжри, мыбыхэм щыщу адыгэбзэм хэт макъхэм я гугъу тщlагъэххэщ. Ауэ адыгэбзэм хэмыт е нобэ хэмытыжми, мы макъ щэху лъабжьэхэм къытехъукlыжрэ бзэгур зи къэхъупlэу утыку къихьа макъ гуэрхэр нэгъуэщlыбзэхэм хэту урохьэлlэри, ахэри ″кl″ым елъытауэ къэдгъэлъэгъуа ″*кl*″ым хуэдэу ттхынщ. Аращи, бзэгуыклэр зи къэхъупlэрэ ″къ″ым къыклэлъыклуэ ″кхъ″ым и къэхъуклэм къытехъукlыжрэ адыгэбзэ макъыу щыт ″к″ым ипэ къихуэу бзэгум къыщытехъукlари ″*к*″уэ ттхынщ. ″Хъ″ыми бзэгуклэр зи къэхъупlэу макъ къытохъуклри, бзэгукур зи къэхъупlэу ″хъ″ым къытехъукlыжу адыгэбзэм хэт ″х″ макъым ипэ къихуэу утыку къихьа мы макъри ″*х*″ыуэ ттхынщ.

Аргуэру бзэгуклэр зи къэхъупlэрэ ″гъ″ым и къэхъуклэм къытехъукlыж макъи щыlэщи, ар адыгэбзэм ноби хэт ″**г**″ макъращ. Араща, мы зи гугъу

тщIа макъхэм щыщу ″гъ″ым къызэрытехъукIыжа щIыкIэущ ″г″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэхьа щIыкIэр. Ар мыбдежым и гугъу зэрытщIауэ бзэгукIэм къыщыхъуа макъщ. Ауэ ″гъ″ым къытехъукIыжу бзэгулъэдакъэрэ бзэгукIэр зи къэхъупIэу утыку къихьа ″г″ макъым и къэIукIэри кIуэ пэтрэ бзэгуку лъэныкъуэмкIэ къызэрыкIуэтар гурыIуэгъуэщ.

″Гъ″ макъым къытехъукIыжа ″г″ым нэмыщI, ″къ, кхъ, хъ″ым къытехъукIыжау адыгэбзэм хэт макъхэм я къэхъупIэр мыбдежракъым. Адыгэбзэм хэт ″кI, к″ым и къэхъупIэр мыбдежым зи гугъу тщIа *″кI, к″*ыр къыздыщыхъуаракъым, адыгэбзэм и ″кI″ыр бзэгукум, ″к″ыри абы къыкIэлъыкIуэу бзэгукупэ лъэныкъуэмкIэщ къыздыщыхъур. Макъ пIытIауэ щыт *″кI*, кI″ыр зыхэтыж бзэр нобэ мащIэ дыдэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, бзэхэм хэту узрихьэлIэ макъыр нэхъыбэу зи къэхъупIэхэр мащIэу зэхъуэкIыныгъэ зэриIэкIэ *″к*, к″ макъ лIэужьыгъуэхэращ. Бзэгукlэр зи къэхъупIэу утыку къихьауэ зи гугъу тщIа *″х″* макъри адыгэбзэм хэтракъыми, адыгэбзэм хэтыр мыбы къыкIэлъыкIуэу бзэгукум къыщыхъуауэ ″х″уэ къэгъэлъэгъуа макъращ. ″Х″ лIэужьыгъуэ макъыу урысыбзэм хэтри *″х″*уэ къэгъэлъэгъуа къэIуыкIэ зиIэращи, ар бзэгукIэм къыщыхъуращ; адыгэбзэм и ″х″ макъыр бзэгукум къыщыхъурэ нэхъ щабзэ къэIуыкIэ зиIэращ. Ауэ нобэ адыгэбзэр урысыбзэм зэрыщIаджыкIым папщIэ, – икIи Кирил алфавитыр бзитIым папщIи зэхуэдэу зэрахьэу Адыгэ алфавит зэрыухуар нэхъыкIэжщи- хэкурыс Адыгэм адыгэбзэ ″х″ым и къэIукIэр бзэгукIэм къыщыхъуауэ мы зи гугъу тщIа *″х″*ыр урысыбзэкIэ къызэрыраIу щIыкIэм техьэу щIидзащ.

*

Тэмакъым къыщыщIидзэу бзэгулъэдакъэмкIэ дэкI макъ къэхъуныгъэм бзэгулъэдакъэр хигъэзыхьу зэрыхуежьэнур гурыIуэгъуэнщи, тэмакъымрэ бзэгулъэдакъэ зэхуакур зи къэхъупIэ макъхэм (къ, кхъ, хъ, гъ) бзэгулъэдакъэрэ бзэгукIэм хукIуэу къатехъукI макъхэм (*кI, к, х,* г) я гугъу тщIагъэххэщ. Ауэ, бзэгулъэдакъэм къыщIидзэрэ бзэгукIэр зи къэхъупIэу щхьэж къэхъукIэ зиIэу утыку къихьэ макъхэри щыIэщи, ахэр икIи бзэгулъэм хьэрычэт зэригъуэта макъхэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу бзэгукIэм къыщыхъуарэ бзэгум хьэрычэт зэригъуэта мы макъхэр икIи бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэIузыха макъхэрауэ лъытапхъэщ. Ар щыхъукIи, тэмакърэ бзэгулъэдакъэ зэхуакум къыщыхъу макъхэм бзэгулъэдакъэрэ бзэгукIэм къытехъукIыжу мы ипэкIэ зи гугъу тщIа макъхэми бзэгукIэм нэхъ хуиту къэIуыкIэ ягъуэтауэ жыIэпхъэщ; икIи мыбдежыр зи къэхъупIэрэ бзэгум хьэрычэт зезытауэ жыхуэтIэ макъхэмрэ абы ипэкIэ къэхъуауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа макъхэми бзэгу гущIыIур зи къэхъупIэу макъыщIэхэр къытехъукIыу зэрыщIидзари пыщапхъэщ. Мыпхуэдэхэми илъабжьэкIэ я гугъу щытщIынщ.

НытIэ, япэрауэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгукIэр зи къэхъупIэу щытрэ бзэгуми хьэрычэт езыту зи гугъу тщIа макъхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэу къэхъуауэ лъытапхъэ макъхэр ″**жь**″ымрэ ″**щ**″ макъхэращ. Бзэгулъэдакъэм

къыщlидзэу къэхъуауэ лъытапхъэ мы макъхэр къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ езыхэм ипэ къэхъуауэ зи гугъу тщla макъхэм зэпыщlэныгъэ зэрызыхуамыlэр, икlи бзэгулъэдакъэм къыщlидзэу бзэгукlэр къэхъупlэ зыхуэхъуу утыку къихьа мы макъхэр бзэгур макъ къэхъупlэу зэlузых макъхэу зэрылъытапхъэри жытlагъэххэщ. Нытlэ, мы макъхэм макъ къэхъуныгъэкlэрэ я пlэрэ я пщlэм, ягъэзащlэ къалэным нэхъ гъунэгъуу деплъынщ.

"Къ"ыр тэмакъым къыщыхъуу жьэ кlуэцlым къыщыхъуну макъхэм пэщlэдзэ яхуэхъу макъращи, жьэ кlуэцlрэ бзэгур зи къэхъупlэу утыку къихьэну макъхэм я лъагъуэрэ гъуэгубжэр зэlузыха макъыу лъытапхъэщ. "Къ" нэужьрэ абы зэlуиха бжэр зи къежьапlэ лъагъуэм япэу техьарэ къэхъуа "кхъ, хъ, гъ" макъхэр "къ"ыр къыздыщыхъуа тэмакъым къыщlидзэу бзэгулъэдакъэм нэсу къэхъуа макъхэщ. Мыбыхэм къакlэлъыкlуэу къатехъукlарэ бзэгу лъэдакъэрэ бзэгукlэр зи къэхъупlэу утыку къихьэу ипэкlэ зи гугъу тщla макъхэм нэмыщl, бзэгукlэр зи къэхъупlэрэ езым япэ къэхъуа макъхэм я къэlукlэм емыщхьу щхьэжу къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьа макъхэр "жь"ымрэ "щ" макърауэ лъытапхъэщ. Мы макъхэр зэкlэлъхьэужьрэ зэхуэдэ щlыпlэм – зэпэгъунэгъурэ зэгуэт щlыпlэм- къыщыхъуа макъхэрщ, икlи абыхэм бзэм хагъэзэщlыхьрэ я мыхьэнэхэри мы я къэхъукlэм елъытащ.

Мы макъхэм щыщу япэ къэхъуари жьгъыжьрэ жьыгъру макъыу щыт "жь"рауэ лъытапхъэщ. Ар бзэгур япэу зэрыхъейкlэрэ къэхъуа макъыу лъытапхъэщи, бзэм хигъэзэщlыхь lуэхугъуэри мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. Аращи, бзэгур япэу зэрыхъейрэ макъ къэхъуныгъэм теухуа хьэрычэт къызэрыхъукlэрэ утыку къихьэр "жь" макъращи, бзэм хигъэзэщlыхьри мы и къэхъукlэм езэгъ lуэхугъуэщ.

Мыпхуэдэ къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ утыку къихьа "жь" макъым и мыхьэнэри мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщи, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа макъыу лъытапхъэщ "щ" макъыр. Абы мы и къэхъукlэмрэ бзэм хигъэзэщlыхьым щыгъуазэ ущыхуэхъукlи, ар бзэгур макъ къэхъуныгъэкlэ зэlуха зэрыхъуарэ бзэгум макъ къэхъуныгъэкlэрэ щыlэгъуэ зэригъуэта макъыу зэрылъытапхъэри пыщапхъэщ. Аращи, и макъ мыхьэнэмрэ бзэм хигъэзэщlыхьми зэрезэгъщи, "щ"ыр жьэ кlуэцlым къыщыхъуну макъхэм lэмалрэ щыlэгъуэ зэрагъуэтми лъабжьэ хуэхъуа макъыу лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, "жь" макъыр "щ"ым ипэ къихуэу къэхъуауэщ зэрылъытапхъэр; икlи, къызэрыlурэ и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ, бзэгум и япэрей хьэрычэткlэрэ къэхъуарэ бзэгуми хьэрычэт иритыжу зы макъырщ; абы мы къызэрыхъуа щlыкlэкlэ игъэзэщlар бзэгур макъ къэхъуныгъэм техьэныгъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Макъ къэхъупlэу бзэгум япэу хьэрычэт зэригъуэткlэрэ утыку къихьарэ бзэгум хьэрычэт къетыныр "жь" макъым игъэзэщlами, "щ" макъыр абы къыщыкlэлъыкlуэкlэ, макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ езытыжарэ бзэгум макъ

къэхъуныгъэкlэ щыlэгъуэ зэригъуэтар ″щ″ макъкlэрэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Езым ипэкlэ утыку къихьа макъхэм я къэlукlэм елъытауэ щабэрэ убгъууэ зы макъщ ″щ″ макъыр. ″Щ″ макъыр утыку къыщихьэм деж, мыр бзэгулъэм къыщытехъукlыну макъхэм я къэхъуныгъэм лъабжьэрэ пэщlэдзэ хуэхъуну зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. ″Жь″ макъыр зэрыжьгъыжьгъым ипкъ иткlэ япэ къэхъуа макъхэм я къэlукlэми пыщlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ, икlи ар бзэгукlэр - бзэгулъэдакъэр- зи къэхъупlэу, щхьэж къэхъуыкlэ зиlэу зы макъщи, абы къыкlэлъыкlуэрэ икlи щхьэж къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьа ″щ″ макъым бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэрызэlуихми лъабжьэ хуэхъу макъыу лъытапхъэщ ″жь″ыр. Макъ къэхъуныгъэр бзэгулъэдакъэм къыдэкlарэ бзэгу гущlыlум къынэса нэужь, бзэгур хьэрычэтым тезышэр ″жь″ макърами, бзэгулъэм теубгъууэ къэхъуа ″щ″ макъыр бзэгум макъ къыщыхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъуа макъыу лъытапхъэщ.

Макъ жьыгърууэ щыт ″жь″ макъыр езым ипэкlэ къэхъуарэ жьгъыжьгъ къэlуыкlэ зиlэ макъхэми пыщlэныгъэ зиlэ макъыу лъытапхъэ щхьэ, абыхэм я къэхъукlэм пымыщlауэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгукlэр зи къэхъупlэу щхьэж къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьа макъщи, бзэгум и япэрей хьэрычэтым къигъэщlарэ бзэгур хьэрычэтым тезышэу, бзэгур макъ къэхъуныгъэкlэ зыгъэлэжьар ″жь″ макъращ. Ауэ, мы хьэрычэт нэужьу бзэгукlэр зи къэхъупlэрэ бзэгулъэм зытыриубгъуу къэхъуыкlэ зыгъуэта ″щ″ макъыр бзэгур макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэзыщlа макъыу лъытапхъэщ. ″Жь″ макъыр бзэгур хьэрычэтым тезышэрэ ″щ″ макъым и къэхъуныгъэми лъабжьэ хуэхъуаращ. Икlи, бзэгур макъ къэlукlэм теухуауэ къалэн нэхъыщхьэ хэзыгъэзэщlыхь lэпкълъэпкъырщи, абы и гущlыlур макъ къэхъукlэкlэ къэсэбэпу зэрыщlидзэм лъабжьэ хуэхъуар ″щ″ макърауэ жыlэпхъэщ. ″Щ″ макъыр бзэгулъэдакъэ нэужь макъыу, бзэгукlэм къыщlидзэу бзэгукумкlэ щабэу зиубгъуу утыку къихьэ зы макъщ.

Бзэгур псэлъэбзэр къызтехъукl lэпкълъэпкъыущ зэрылъытэри, и къэхъукlэу зи гугъу тщlарэ бзэгулъэм япэу къыщыхъуауэ лъытапхъэ ″щ″ макъыр и къэхъукlэм ипкъ иткlэ, псэлъэбзэ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъу макъыуи лъытапхъэщ. Мы и къэхъукlэм ипкъ зэритрэ игъэзащlэ къалэным зэрезэгъкlэрэ ″щ″ыр дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зыгъуэтым лъабжьэ хуэхъу макъ мыхьэнэ зиlэрщ. ″Щ″ макъым ипэ къихуэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″жь″ макъым и мыхьэнэри, а къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъ мыхьэнэ зиlэу зы макъщи, хьэрычэт защlэр зи мыхьэнэрщ. Я къэхъупlэрэ къэхъукlэр зэрызэлъытарэ зэрызэкlэлъыкlуэ мы макъитlым я мыхьэнэри зэрызэпыщlарэ зэрызэлъытар гулъытапхъэщи, хьэрычэт зыдэщыlэм щыlэгъуэ къыщохъу; икlи, щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ и щыlэгъуэр зэрихьри хьэрычэткlэрэщ.

″Жь, щ″ нэужьращ бзэгур макъ къэхъупlэ платформэ щыхъури, нытlэ мыхэр утыку къихьа нэужьым, абыхэм ипэкlэ тэмакърэ бзэгулъэдакъэ

зэхуакум къыщыхъуа макъхэми бзэгулъэм макъыщlэхэр (къ → кl, кlу, чl″; кхъ → ″к, ку, ч″; хъ → ″х, ху″, гъ → ″г, гь, гу; дж″) къатохъукlыж, икlи ″щ, жь″ макъхэми бзэгум макъыщlэхэр (жь → ″ж″; щ → ″щl, ш) къатохъукlыжри, мыбыхэми илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыбыхэм нэмыщl, бзэгур макъ къэхъуныгъэм хузэlухарэ макъ платформэ хъуа нэужь, икlи щхьэжу къэхъуыкlэ зиlэ макъхэри (″лъ, л, лl″; ″тl, т, д″; р) бзэгулъэм утыку къыщохьэри, мыбыхэми илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

″Къ, кхъ″ макъхэм къытехъукlыу адыгэбзэм хэту зи гугъу тщlарэ бзэгукур зи къэхъупlэ ″**кl**, **к**″ макъхэращ. ″Къ″ым къытехъукlауэ лъытапхъэ ″кl″ макъыр къыздыщыхъу бзэгукум - ″кl″ым хуэдэ текъузэныгъэ имыlэу- къыщыхъуа ″к″ макъри ″кхъ″ым и къэхъукlэм елъытарэ къытехъукlауэ лъытапхъэщ. Бзэгукум къыщыхъуу адыгэбзэм хэт ″кl″ырэ ″к″ макъхэм я къэlукlэр бзэгукlэм къыщыхъуарэ нэгъуэщlыбзэхэм щыхэплъагъуэ ″*кl, к*″ макъхэм елъытауэ псыгъуэ къэlуыкlэ зиlэ макъхэщ. Икlи, ″къ, кхъ″ макъым къытехъукl макъхэм щыщу а нэхъ псыгъуэ къэlуыкlэ зиlэу лъытапхъэхэрщ адыгэбзэм и ″кl, к″ макъхэр. Нобэ ″к″ макъыр и алфавитым зэрыхэмытыжыр гурыlуэгъуэщ адыгэбзэм, ауэ ар и къэlукlэкlэ урысыбзэм хэт ″*к*″ макъым хэмыгъуэщэну зы макъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мы макъхэр бзэхэм зэрыхэтым теухуауэ пыщапхъэщи, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж нэгъуэщlыбзэхэм хэтхэр ″*кl*, кl″ макъ лlэужьыгъуэ нэхърэ ″*к*, к″ макъ лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ зэрытхри ипэкlи щыжытlагъащ.

Бзэгукум къыщыхъуу адыгэбзэм хэт ″кl, к″ макъхэм къакlэлъыкlуэу макъыщlэхэри къатохъукlыр. ″Кl, к″ макъхэм я къэlукlэр нэхъ щабэ хъуарэ бзэгукупэ лъэгум нэхъ теубгъуауэ къэlуыкlэ зиlэу къатехъукlыр ″**чl**, **ч**″ макъхэращ. Нобэ адыгэбзэ тхыгъэм ″кl″ыуэ ятхар къызэрыраlу щlыкlэр ″чl″уэщ, ″к″ым ипlэри ″ч″ макъым иратауэщ зэратхыр. Адыгэбзэм хэт ″кl″ макъым къыкlэлъыкlуэу къэхъур зэрытхын хуейуэ щыта тхыпкъыр къэдгъэсэбэпмэ, ар ″чl″ыщ; ″к″ макъым къыкlэлъыкlуэу къэхъуари ″ч″уэщ зэрытхын хуейуэ зэрыщытыр. Мыпхуэдэ зэпыщlэныгъэ зыхуиlэ макъхэр адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм зэхуэдэ мыхьэнэ хагъэзэщlыхьу нобэм къэсащ, ауэ макъхэр тхыбзэм зэблэдза къэlукlэкlэ зэрахьэу хагъэхьащ: ″кl″уэ ятхыр ″чl″ыуэ еджэу, ″к″ыри ″ч″ыуэ еджэу зэблэдзауэщ тхыбзэм зэрыхэтыр.

″Чl, ч″ макъхэр къыздыщыхъу щlыпlэр - и гугъу зэрытщlауэ -бзэгукупэ лъэныкъуэращи, бзэгуыкlэ лъэныкъуэм къыщыхъу ″*кl, к*″ макъхэм ″чl, ч″ хуэдэ макъхэр къатехъукlкъым. Адыгэбзэм хэт ″кl, к″ макъхэм я къэхъупlэр бзэгукуращи, бзэгукупэ лъэныкъуэмкlэ абыхэм къатехъукlыу зи гугъу тщlа ″чl, ч″ макъхэм я мыхьэнэмрэ ″кl, к″ макъхэм я мыхьэнэхэм зэрызэлъытэныгъэрэ зэпыщlэныгъэ зыхуаlэщ, абыхэм бзэм хагъэзэщlыхьыр зэпэгъунэгъуу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, ахэр адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм хэту нобэ зэхуэдэ къалэн ягъэзащlэу къэсащ.

Мы макъхэм щыщу ″чl, ч″ макъхэм ″у″ къапыхьэу ″чlу, чу″ хуэдэу къатехъукlыж макъ къэбэрдеибзэм хэткъым, ауэ ″**кl, к**″ макъхэм ″у″кlэрэ къэlуу къатехъукlа макъыщlэхэр хэтщ: «**кlу, ку**».

Лъабжьэрызэгуэкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″к″ыкlэрэ къэхъум ужьыгъуэ щигъуэтращ ″ку″р утыку къыщихьэри, зы купщlэ зимыlэрэ псыгъуагъэм теухуа ″к″ макъым купщlэ зэригъуэт щlыкlэр абы и ужьыгъуэ (у) ″**ку**″ращ. Кlыуэ щытым и ужьыгъуэр нэгъуэщl кlыгъэ зиlэм зэрелъытарэ зэрыпыщlар гурыlуэгъуэ зэрыхъу щlыкlэу, ″**кlу**″р паралелыгъэ къизыlуэ макъ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ бзэ лэжьэкlэм хохьэр.

Тэмакъ нэужьрэ бзэгулъэдакъэм къыщыхъу ″хъ″ макъым къытехъуыкlыжу бзэгукlэр зи къэхъупlэ ″*х*″ макъым ипщэкlэ и гугъу тщlащи, абы къыкlэлъыкlуэу бзэгукум къыщыхъуа ″**х**″ макъращ адыгэбзэм нобэ хэтыр. Бзэгукум къыщыхъу ″х″ макъыр жьыр хуиту бзэгущхьэм тету ихуу къэlуыкlэ зиlэу зы макъщ. Бзэгукум къыщlидзэу жьыр бзэгупэ лъэныкъуэмкlэ бзэгущхьэ лъэгум щlиху пэлъытэу хуиту ихуу къэlуыкlэ зыгъуэт зы макъщ ″х″ыр. Жьы къепщэмрэ жьым хы гущlылум къытыригъэхъукl макъым ещхь макъщ ″х″ макъри, абы и макъ мыхьэнэмрэ бзэми хигъэзэщlыхьыр мы и къэхъукlэрэ и къэlукlэм езэгъ lуэхугъуэщ. ″Х″ыр ″у″кlэрэ къышыlукlэ, абы ″**ху**″ макъыр къытохъукlыжри, мыбы и мыхьэнэмрэ бзэм хигъэзэщlыхьри мы и къэхъукlэрэ къэlукlэм елъытарэ езэгъ lуэхугъуэщ.

Тэмакъым къыщlидзэу бзэгулъэдакъэм нэсу къэхъу ″гъ″ макъ къэlукlэм елъытарэ пыщlауэ бзэгулъэдакъэрэ бзэгукlэм абы къыщытехъукlа ″**г**″ макъым ипэкlэ и гугъу тщlагъэххэщи, мы къэхъукlэр зи къэхъукlэу, бзэгукуми макъ къыщохъур: «**гь**». ″Гъ″ макъым и къэlукlэр нэхъ щабэ зэрыхъурэ къыкlэлъыкlуэуи зы макъ къохъури, ари ″**дж**″ макъращ. Мы макъитlри джын lуэхугъуэу зэхуэдэ мыхьэнэ ягъэзащlэу бзэм къыхэнащ ноби, ″дж″ макъыр тхыбзэм къищтэу ″гь″ макъыр lэщlыб ищlами, ″гь″ макъыр ноби жьэрыпсалъэхэм хэтщ.

″Гь-дж″ макъхэр къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ ″кl-чl, к-ч″ макъхэр зэрызэлъытам хуэдэ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуаlэр гулъытапхъэщи, ″кl, к″ым я ужьыгъуэм макъ къызэрытехъукlрэ ″чl, ч″ым къазэрытемыхъукlым хуэдэжу, зи ужьыгъуэм макъыщlэ къызтехъукlыжри ″гь″ макъращ. ″Гъ″ макъым и ужьыгъуэу утыку къихьэр ″**гу**″ макъращи, ар ″гь-дж″ ужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэу бзэм хэлэжьыхь макъщ. Аращи, ″чl, ч″ макъхэм я ужьыгъуэу (у) макъыщlэ къазэрытемыхъукlым (чlу, чу) хуэдэу, ″дж″ым и ужьыгъуэуи (у) макъыщlэ (джу) къэхъуу дызтелэжьыхь адыгэбзэм зэрыхэмытыр гурыlуэгъуэщ.

Мы зи гугъу тщla макъхэм щыщу нобэрей ди алфавитым ″к″ макъым ипlэкlэ ″ч″ыр, ″гь″ макъым ипlэкlэ ″дж″ыр зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ, икlи ″кl″ыри мы зэрытхауэ ″чl″ыуэ къызэрыlуущ адыгэбзэм щызэрызагъакlуэр. Ауэ абыхэм щыщу ″у″ къазэрыпыхьэкlэрэ макъ къазэрытехъукlыжхэр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ макъ къызтемыхъукl я вариант макъхэращ

алфавитым хагъэхьар. Ныт1э, ″у″к1эрэ къэ1у макъхэр (ку, гу, к1у) къызтехъук1ахэр (к, гь, к1) алфавитым хагъэхьа макъхэу щытамэ, ахэр зэрызэпыщ1ар нэхъ гурыIуэгъуаф1э хъуну зэрыщытари гулъытапхъэщ. Араща, ″ч, дж″ макъ нэхърэ ″ку, гу″ макъхэр къызтехъук1а ″к, гь″ макъхэр алфавитым хагъэхьарэ ик1и ″к1у″р къызтехъук1а ″к1″ыри а зэрыщыту къэ1уу зырахьэу щытатэмэ нэхъ игъуэт.

Бзэгук1эм къыщыхъу ″**жь**″ макъымрэ ″щ″ макъым я зэхуэщытык1эм ипщэк1э и гугъу тщ1агъэххэщ. ″Жь″ макъыр ″щ″ым елъытауэ бзэгущхьэм нэхъ щихъуэрэ жьгъжь макъыу щытщ. ″Жь″ макъри ″щ″ макъым хуэдэу езым хуэ1уа къэхъуык1э зи1э макъщ, ик1и ″жь″ макъым и къэхъук1эр зи къэхъук1эрэ бзэгукур зи къэхъуп1эу макъыщ1эи къытохъук1ыр. ″Жь″ макъыр къыздыщыхъур бзэгуык1эщи, бзэгукур зи къэхъуп1эу абы къытехъук1ыр ″**ж**″ макъращ. Бзэгукупэ лъэныкъуэр зи къэхъуп1э ″ж″ макъыр къызтехъук1арэ бзэгук1эр зи къэхъуп1э ″жь″ым елъытауэ нэхъ псыгъуэрэ псынщ1э къэ1уык1э зи1э макъщ. Мы я къэхъук1эрэ къэ1ук1эм елъытащ абыхэм я макъ мыхьэнэмрэ бзэм хагъэзэщ1ыхь I уэхугъуэхэри, и къэ1ук1эк1э псынщ1эрыIуу щыт ″ж″ыр сытри занщ1эу зыпызыщ1эф къалэн зыгъэзащ1э макъщ. Мыбы елъытауэ нэхъ пхъашэрэ убгъуауэ, и къэ1ук1эри ″ж″ым хуэдэу псынщ1эрэ псыгъуэу щымыт ″жь″ым игъэзащ1эр итып1э зымыгъуэтрэ увы1эгъуэ зимы1э лэжьэк1эхэращ.

Бзэгук1эм къыщ1идзэу бзэгукум теубгъуауэ къэхъу ″щ″ макъым и къэ1уык1эм къытехъук1 макъхэщ ″**щ1, ш**″ макъхэр. ″Щ″ым и къэ1ук1эм и текъузэк1э къэ1уык1э зи1э ″**щ1**″ым къэхъуп1э хуэхъур ″щ″ыр къыздыщы1у бзэгукуращ. Ауэ ″щ″ макъым и къэ1ук1эм елъытауэ нэхъ щабэрэ тыншу къэ1уык1э зи1э ″ш″ макъым и къэхъуп1эр бзэгукупэ лъэныкъуэращ. ″Щ″ макъым елъытауэ мы я къэхъуык1эрэ къэ1ук1эм елъытащ я макъ мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщ1ыхьри, щы1э лъабжьэ къизы1уэ ″щ″ым и къэхъуп1эм къыщыхъуу абы и п1ытlарэ лимитацэу утыку къихьэ ″щ1″ макъыр щы1эгъуэ зыгъуэтым теухуарэ абы щы1эп1э хуэхъуу зы щы1эп1э мыхьэнэ зи1э макъращ, ″**ш**″ыри щы1э гуэрхэм къызхагъэхъук1ыжхэм теухуа макъ мыхьэнэщ.

*

″Жь, щ″ макъхэмк1э макъ къэхъуп1эм хузэ1уха бзэгу гущ1ы1ум къыщыхъуу мы зи гугъу тщ1ахэр ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къытехъук1ыж макъхэмрэ, ″жь, щ″ макъым бзэгупэ лъэныкъуэк1э к1уэуэ къытехъук1 макъхэращ. Мыпхуэдэу мы ипэк1э зи гугъу тщ1а макъхэр мыбыхэм къазэрытехъук1ар гурыIуэгъуащэщ. Ауэ, мы макъхэр къызтехъук1ауэ зи гугъу тщ1а макъхэм нэгъуэщ1 макъхэри къазэрытехъук1ыр гулъытапхъэщи, мыбдежым мыбыхэм я гугъу тщ1ынщ.

Нэхъ зэ1ухауэ жы1эпхъэмэ, япэрей лэжьыгъэхэм зы макъ гупу къыщыдгъэлъэгъуарэ мы лэжьыгъэм и пэщ1эдзэм дежи а зэрыщыту зы макъ гупу къэдгъэлъэгъуэжа ″с, з, дз, ц, ц1″ макъхэм я къэхъук1эм мы илъабжьэк1э дыхуэлъыхъуэнщ.

Макъ щэху къэхъуныгъэр иклэ нэгъунэ зэрынэмыгъэсам къызэрыгуэклщи, мы макъхэр къэlуклэрэ мыхьэнэ зэпэгъунэгъуу зэрылъытапхъэклэрэ зы гупущ зэрылъытар, ауэ нэхъ гъунэгъуу ущеплъым деж, мы макъхэм щыщ гуэрхэр (з, с; дз) къэхъуагъэххэ макъ гуэрхэм къызэрытехъуклыжар я къэхъуклэр къызэрытлъыхъуэклэрэ илъабжьэклэ наlуэ къытхуэхъуащ. Иклu, мы зи гугъу тщla макъ гупым щыщ макъ гуэрхэми (цl, ц) щхьэж къэхъуыклэ зэраlэ щlыклэклэ утыку къызэрихьар япэрей лэжьыгъэхэми къыщыдгъэунэхуауэ щытати, ари илъабжьэклэ къэтlуэтэжынщ.

Нытlэ, мы гупым щыщу ″з, с″ макъыр ″жь, щ″ макъхэм къызэрытехъуклыжам; ″дз″ макъри ″гъ″ макъым къытехъуклa макъ гуэрым (дж) къызэрытехъуклыжам илъабжьэклэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Иужькlu, мы макъ гупым хэдбжауэ щыта ″ц, цl″ макъхэм я къэхъуклэми деплъыжынщ. Мыпхуэдэклэрэи мы зи гугъу тщla макъ гупым хэт макъхэр зыхэхьэну макъ гупхэр зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэ къытхуэхъунщ.

Мы жытlахэм къызэрыхэщщи, ″жь, щ″ макъхэм къатехъуклыу бзэгукумрэ бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупlэ макъхэм щыщу утыку къихьэ макъхэщ ″з, с″ макъхэри, зи къэхъупlэр бзэгупэ мы макъхэмрэ ахэр къызтехъуклахэм зэрыпыщlарэ зэрелъытами щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Щ″ым деж къыщlидзэу абы и къэхъупlэм къытехъукl ″щl″ нэужь бзэгукупэм къытехъуклыж ″ш″ыр къызтехъукl лъагъуэм тету бзэгупэм къыщыхъу макъщ ″**с**″ макъыр. Бзэгуклэм къыщыхъурэ бзэгущхьэ лъэгум теубгъуауэ къэlуыклэ зиlэу къэхъуа ″щ″ макъ нэужь, ″щ″ макъым мы и къэхъуклэмрэ мы и лъагъуэм тету бзэгупэ дыдэр зэрысыскlэрэ къэхъуа ″**с**″ макъыр ″щ″ымрэ абы и лъагъуэм тету къэхъуа макъхэм (щl, ш) я къэхъуклэр зи къэхъуклэу зы макъщ, къызклэлъыклэу макъхэм елъытауэ а нэхъ псыгъуэ къэlуыклэ зиlэ макъращ. Къызэрыхъуа щlыклэхэр зэрызыпыщlам хуэдэ зэпыщlэныгъэ зиlэ макъхэу лъытапхъэщ ″щ″ымрэ ″с″ макъыр: ″щ″ макъымрэ ″с″ макъым я зэпыщlэныгъэр ″щ″ым къытехъукларэ ″щ″ымрэ ″с″ зэхуакур зи къэхъупlэ ″щl, ш″ макъхэм ягъэзащlэри зыхэзыубыдэ зэпыщlэныгъэщ. Щыlэгъуэрэ лъабжьэр зи мыхьэнэ ″щ″ым къытехъуклрэ абы и къэхъуыклэ лъагъуэм и ухыпlэу утыку къихьэ ″с″ макъыр щыlэгъуэ зиlэр щыlэ зэрыхъурэ и щыlэгъуэр зэрызекlуэм теухуащ: щыlэгъуэ зиlэр зыдынэсрэ, дэтхэнэ зы щыlэгъуэм къынэсыныгъэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъращ.

″С″ым елъытауэ нэхъ пхъашэрэ тклий къэlуыклэ зиlэу утыку къихьэ макъщ ″з″ макъри, мы я къэlуклэклэ къызтехъуклахэм зэрелъытари гулъытапхъэщ. Иклu, ″жь″ымрэ ″щ″ым я зэхуаку дэлъ зэлъытэныгъэм хуэдэр дэлъуи жыlэпхъэщ ″с″ымрэ ″з″ым я зэхуакум. Аращи, мы зэрылъытапхъэми езэгъыу жыlэпхъэщ ″с″ымрэ ″з″ым я мыхьэнэхэр зэрызэлъытари. ″С″ыр ″щ″ым, ″**з**″ыри ″жь″ым къытехъуклыжа макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″с″ым и мыхьэнэр ″щ″ым, ″з″ым и

мыхьэнэри ″жь″ым - икIи ″з″ым ипэкIэ ″жь″ым къытехъукIыжарэ ″ж″ыми-зэрыпыщIари гурыIуэгъуэщ.

Къызтехъукlарэ мыхьэнэкIи зыпыщIауэ тлъытэ мы макъхэм я къэIукIэри игъуэ щыхъум деж мы къызтехъукIа макъхэмкIэ зэребэри гулъытапхъэщ. Араща, утыку къызэрихьэ макъ технологиер тIасхъэ зэрыхъу щIыкIэу, дзахъэрэ бзэгурэфу щытхэм ″с″ макъыр къызэрыраIу щIыкIэр ″щ″ макъымкIэ зэребэр, ″з″ макъым и къэIукIэри ″жь″ макъымкIэ зэребэр гулъытапхъэщ. НытIэ, дзэрэ бзэгу Iуэхугъуэуэбзэгупэмкъыщыхъу мы макъ псыгъуэхэр къизмыIуфым ″с″ макъыр ″щ″ыуэ, ″з″ макъри ″жь″ыуэ къызэрыриIур мы макъхэр къызтехъукIахэр къагъэлъагуъэу жыIэпхъэщ.

КъэIукIэрэ къэхъупIэу ″с″ымрэ ″з″ыр зэрызэпэгъунэгъур гулъытапхъэщи, ахэр къызтехъукIари мы къэтIуэтахэмкIэ гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, ″з″ макъым и къэIукIэм зэрещхьыр гулъытапхъэщ ″дз″ макъ къэIукIэри, ари ″з″ макъ къэхъупIэм хуэдэу бзэгупэращ, ауэ ″дз″ макъыр нэхъыбэу дзэ Iуэхугъуэуэкъэхъуазымакъыузэрыщытри гулъытапхъэщ. Бзэгупэм жьыр дзащхьэпитIым дипIытIэрэ дихуу къэIуыкIэ зыгъуэт ″дз″ макъыр а нэхъ ″дзэ″ Iуэхузыхэлъукъэхъуамакъщи, ″дзэ″ри абы и макъ мыхьэнэм къытехъукIа зы макъ псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мы жытIахэми зэрыхэплъагъуэу, ″с″ымрэ ″з″ым я къэхъукIэрэ къэIукIэр зэрызэлъытам уеплъмэ, ″дз″ макъ къэхъукIэр езым хуэIуа къэхъуыкIэ зиIэ зы макъыуи лъытапхъэщ. Зэ щхьэ, ″з″ макъыр ″с″ым къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукIауэ лъытапхъэми, абыхэм я лъабжьэмрэ ахэр къызтехъукIа макъхэри ипэкIэ къыхэдгъэщащи, зи гугъу тщIы ″дз″ макъым и къэхъуыкIэр ″з″ макъым зэремылъытари гулъытапхъэщ. Ар щхьэжу къэхъуыкIэ зиIэу зы макъ хуэдэщ, ауэ нэхъри щыгъуазэ ухуэхъумэ, ар ″гъ″ макъ къэхъуыкIэ лъагъуэм тетрэ бзэгулъэр зи къэхъупIэрэ ″гъ″ыр зи лъабжьэу къэхъуа макъ гуэрым къытехъукIыжу лъытапхъэщ.

Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъщи, ″**дз**″ макъыр къызтехъукIыжар ″гъ″ым къытехъукIыж ″гь″ым къыкIэлъыкIуэ ″дж″ макъым къызэрытехъукIыжар гулъытапхъэщ. Араща, дзахъэрэ бзэгурэфхэм ″с″ыр ″щ″ыуэ, ″з″ыри ″жь″ыуэ къызэрыраIу щIыкIэм хуэдэщи, апхуэдэхэм ″дз″ макъри ″дж″ макъыу къызэрыраIури гулъытапхъэщ. Ар ″гъ″ лъагъуэм тету бзэгукупэр зи къэхъупIэу утыку къихьа ″дж″ым къыкIэлъыкIэужу бзэгупэм жьыр дзэ дурэшым зэрыдихукIэрэ къэхъуа макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Мы къэтIуэтахэм къызэрагъэлъагъуэщи, жьэ кIуэцIым къыщыхъуну макъхэр тэмакъым къыщыхъу ″къ″ макъымкIэ зэIуха мэхъури, мыпхуэдэщ ″къ″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъу макъхэр утыку къызэрихьэр. Мыпхуэдэу тэмакъым къыщIидзэрэ бзэгулъэдакъэри хиубыдэу къэхъу макъхэм жьэ кIуэцIым нэгъуэщI макъхэри къатехъукIын лъэбакъуэр къызэIузыхыр ″жь, щ″ макъхэрауэ зэрыщытым и гугъу тщIагъэххэщ. Жьэ кIуэцIрэ бзэгулъэр макъ къэхъуныгъэкIэ зэIуха нэужь, тэмакъым къыщIидзэу бзэгулъэдакъэри хиубыдэу къэхъуауэ щыт макъхэм бзэгукурэ бзэгупэм нэгъуэщI макъхэри

къазэрытехъукӏми ипэкӏэ я гугъу тщӏащ. Жьэ кӏуэцӏрэ бзэгулъэр макъ къэхъуныгъэкӏэ зэӏуха нэужь, абы къыщыхъу макъхэр зи гугъу тщӏауэ тэмакърэ бзэгулъэдакъэм къыщыхъу макъхэм къатехъукӏыжу лъытапхъэ макъхэм изакъуэу зэрыщымытри гурыӏуэгъуэщ. Бзэгулъэр макъ къэхъун папщӏэ зэӏуха нэужь, япэкӏэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ пымыщӏауэ щхьэжу лъытапхъэ макъхэри жьэ кӏуэцӏрэ бзэгулъэм къыщыхъуу утыку къохьэри, мыбы и пэщӏэдзэу къэхъуа макъри ″щ″ макърауэ зэрыщытыр ипщэкӏэ къыхэдгъэщагъэххэщ. Бзэгур макъ къэхъункӏэрэ хьэрычэтым тезышэ ″жь″ макъми, макъ къэхъуныгъэм бзэгур лъабжьэ хуэзыщӏрэ зэӏузых ″щ″ макъми макъыщӏэхэр къатохъукӏыжыр. Тэмакъым къыщӏидзэу бзэгулъэдакъэмкӏэ къыдэкӏыу къэхъуа макъхэм бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэӏуха нэужь макъыщӏэхэр къазэрытехъукӏым хуэдэу, ″жь, щ″ макъхэми макъыщӏэхэр къатохъукӏ, икӏи зи къэхъукӏэр езым хуэӏуа макъхэри утыку къохьэр.

Бзэгур ″жь, щ″ макъхэмкӏэ макъ къэхъупӏэу зэӏуха нэужь, ″жь, щ″ макъхэм езыхэми, икӏи мыбыхэм (жь, щ) ипэ къэхъуарэ тэмакъым къыщӏидзэу утыку къихьа макъ лъабжьэхэми (къ; кхъ, хъ, гъ) я къэхъукӏэр зи къэхъукӏэрэ бзэгулъэр зи къэхъупӏэу макъхэр къазэрытехъукӏыжыр мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ ящӏыр. ″Щ″ым и къэхъукӏэм къытехъукӏыжу лъытапхъэрэ бзэгупэр зи къэхъупӏэ ″с″ыр, ″жь″ым и къэхъукӏэм къытехъукӏыжу лъытапхъэрэ бзэгупэр зи къэхъупӏэ ″з″ыр, ″гъ″ым и къэхъукӏэм - нэхъ гурыӏуэгъуэуи, абы къытехъукӏыжа ″дж″ым- бзэгупэрэ дзэ дурэшыр зи къахъупӏэу къытехъукӏыжу лъытапхъэ ″дз″ыр щхьэж езым и къэхъуыкӏэ зиӏэж макъхэуи зэрылъытапхъэр ипщэкӏэ къэтӏуэтахэми гурыӏуэгъуэ къыпхуещӏыр. Араща, бзэгур макъ къэхъуныгъэмкӏэ зэӏуха нэужь, япэ къэхъуа макъхэм я къэхъукӏэм пыщӏэныгъэ зэриӏэкӏэрэ макъыщӏэхэр утыку къызэрихьэнум хуэдэжу, япэ къэхъуа дэтхэнэ зы макъым къэхъукӏэкӏэ зы зэпыщӏэныгъэ зыхумыӏэу, щхьэж езым и къэхъукӏэжкӏэ макъыщӏэхэр утыку къызэрихьэфынур гурыӏуэгъуэнщ. Араща, ипэкӏэ зи гугъу тщӏа макъхэр зыр зым зэпыщӏауэ утыку къихьами, бзэгур макъ къэхъуныгъэкӏэ зэӏуха нэужь, абы езым хуэӏуа къэхъуыкӏэ зиӏэ макъыщӏэхэр утыку къыщохьэри, зи къэхъупӏэрэ къежьапӏэр бзэгурауэ, икӏи зы макъ гупу утыку къихьэхэр щыӏэщи, илъабжьэкӏэ мыбыхэми я гугъу тщӏынщ.

Ауэ абы ипэ, япэрей лэжьыгъэхэм зы макъ гупу тлъыта ″с, з, дз, ц, цӏ″ым хиубыдэ ″з, с; дз″ макъхэр утыку къызэрихьарэ къызтехъукӏахэр наӏуэ къытхуэхъуащи, ахэр мы гупым щымыщу зыхэзыубыдэну макъ гупхэм зэрыхэткӏэрэ къэдгъэлъэгъуэжынщ. Нытӏэ, ″з, с; дз″ макъхэр зыхэхьэн хуей макъ гупыр, абы хиубыдэ макъхэмрэ а макъ гупыр къызэрыхъуа макъ лъэбжьэри къызэрыхэщкӏэрэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «гъ → ″г, гь; - дж; **дз**″»; «жь → ″ж; **з**″»; «щ → ″щӏ, ш; **с**″».

*

Зэрыгурыlуэгъуэщи, мы зи гугъу тщlа макъхэр (дз, з, с) бзэгур макъ къэхъуплэм щызэlухам куэдыlуэклэ иужькlэ къэхъуа макъхэу лъытапхъэщ; икlи абыхэм я къэхъуклэр бзэгум имызакъуэу дзэми теухуащ. Нытlэ, макъ къэхъуныгъэу бзэгупэмрэ дзэр зэрызэдэlэпыкъуклэрэ утыку къихьа мы макъхэр къэмыхъу ипэ бзэгу гущlыlур зи къэхъуплэу утыку къихьа макъхэр зэрыщыlэнури гурыlуэгъуэнщ. Бзэгу гущlыlур зи къэхъуплэу утыку къихьэ макъ гуэрхэр ипэклэ къэхъуа макъхэм къатехъуклыжхэращи, абыхэм ипэклэ я гугъу тщlагъэххэщ; ауэ икlи зэрыжытlауэщи, ипэклэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ бзэгу гущlыlурэ бзэгулъэр зи къэхъуплэ макъхэри щыlэщи, мыпхуэдэхэми илъабжьэклэ я гугъу тщlынщ.

Макъ къэхъуныгъэр бзэгу гущlыlу закъуэм къытемынэу дзэрэ lупэ lуэхугъуи къызэрыхэхьэу зэрызеклуэр гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, бзэгупэрэ дзэ lуэхугъуэклэрэ къэхъуауэ мы ипэклэ зи гугъу тщlа макъхэм ипэ бзэгу гущlыlур зи къэхъуплэ дыдэу илъабжьэклэ зи гугъу тщlыну макъхэр къызэрыхъуар гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, бзэгу гущlыlур зи къэхъуплэу утыку къихьэу илъабжьэклэ зи гугъу тщlыну макъхэм нэмыщl, макъ къэхъуныгъэм lупэри зэрыхэхьэклэрэ утыку къихьэ макъхэми илъабжьэклэ я гугъу щытщlынщ, Нытlэ, илъабжьэклэ бзэгу гущlыlур зи къэхъуплэ дыдэу щыт макъхэмрэ, абыхэм къыклэлъыкlуэу, lупэ lуэгъуэгъуэклэрэ къэхъу макъхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэклэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ зэпыщlэныгъэ зимыlэу бзэгулъэм къыщыхъу макъхэм щыщщ **″лъ, л, лl″** макъхэр. Икlи мы макъхэр къыздыщыхъур бзэгущхьэракъыми, бзэгум и ижьрабгъу лъэныкъуэращ абыхэм къэхъуплэ яхуэхъуар. Мы макъхэр бзэгукум и ижьрабгъур щигъуэрэ, мы ижьрабгъу лъэныкъуэм тету бзэгупэмклэ ириклуэ жьым къигъэхъу макъхэщ. **″Лъ″** макъыр бзэгулъэм и ижьрабгъум щихъуэрэ щlилъэфэу къэхъу макъращ. **″Лl″** макъри ″лъ″ым и къэхъуклэр зэрытекъузэрэ зэрыплытl щlыклэклэ къэlуу утыку къихьэ макъращ. Мыбыхэм ящыщу нэхъ щабэ къэlуыклэ зиlэ макъыр **″л″**ыращи, ари мы макъ къэхъуплэм тыриху жьыклэ къэlу макъщ. Мы макъхэр къэхъуплэгъуу зы макъ гупщи, зэлъытарэ зэтеухуэу мыхьэнэ зиlэ макъ гупщ. Зы макъ гупу, я къэхъуклэрэ къэlуклэм елъытащ я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкlыр.

Мы макъ гупым хуэдэу бзэгур зи къэхъуплэ зы макъ гупри **″д, т, тl″** макъхэращ. Мы макъхэри щхьэж къэхъуыклэ зиlэрэ нэгъуэщl макъхэм елъытарэ пымыщlауэ къэхъу макъхэрщ. Икlи мы макъхэм я къэхъуклэр ″дз″ макъым хуэдэу дзэр lуэхум къызэрыхэхьэклэрэ бзэгупэращ. Аращи, бзэгупэр дзащхьэпэ дзэлым телэбэрэ жьыр жьэ зэlухам къарууклэ дихуу къэхъу макъхэращ. Мы макъхэм щыщу нэхъ зэхэхыгъуафlэр **″д″** макъращ. Дзащхьэпэ дзэлым бзэгупэр нэхъ щабэу телэбэрэ жьыр занщlэу жьэ зэlухамклэ дихуу къэхъур **″т″** макъращ. ″Д″ макъыр къызэригъэхъум елъытауэ бзэгупэр дзащхьэпэ дзэлым нэхъ щытыриплытlэклэ къэхъур **″тl″** макъращ. Я къэхъуплэрэ къэхъуклэклэ зы макъ гупщ мыхэри,

зэрызэлъытарэ зэпыщlа мыхьэнэ зиlэ зы макъ гупщ. Мы макъхэм я къэхъуклэрэ я къэlуклэр зэрызелъыта щlыклэклэщ я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыклыр.

Бзэгур зи къэхъупlэу мы зи гугъу тщlа макъ гупхэм нэмыщl, бзэгупэм къыщыхъуу щхьэж къэхъуыклэ зиlэрэ къэхъупlэгъуу нэгъуэщl макъи къызклэлъымыклуэу утыку къихьэ зы макъри ″**р**″ макъращ. Ар мы и къэхъуклэрэ къэхъупlэклэ щхьэж къэхъуыклэ зиlэ макъ макъ закъуэу лъытапхъэрщи, ар нэгъуэщl макъым къызэрытемыхъуклым хуэдэжу, абы къытехъуклыжа макъи щыlэкъым. Ауэ, ″р″ макъым и къэхъуклэр ″лъ, л, лl″ макъхэм я къэхъуклэм ещхьу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, зы еплъыклэклэ абыхэм я къэхъуклэм къатехъуклыжуи лъытапхъэщ. Аращи, мы макъ гупыр бзэгукум и ижьрабгъур зэрыхъей щlыклэу къызэрыхъухэм ещхьу, бзэгупэр зэрыхъейклэрэ къэхъуыклэ зиlэ макъщ ″р″ макъыр. Мы къызэрыхъуа щlыклэр зэдгъэщхьа макъхэм хуэдэ къэlуыклэ зэригъуэтыфри гулъытапхъэщ ″р″ макъми, зи бзэгупэр хуиту зыхуэмыхъеифрэ бзэгурэфхэм, икlи сабийуэ и бзэгупэр хуиту иджыри зымыгъэхъейфхэм ″р″ макъыр ″лъ, л″ хуэдэу къызэрыраlури гулъытапхъэщ. Ауэ ″р″ макъыр къэхъуклэклэ зэдгъэщхь мы макъхэм къытехъуклыжыу мылъытапхъэу жыlэпхъэщ ″р″ макъри, ар щхьэж къэхъуыклэ зиlэу утыку къихьа макъ закъуэу лъытапхъэщ. Ар зи гугъу тщlы макъхэм къытемыхъуклами, и къэхъуклэклэ абыхэм зэрещхьым ипкъ иткlэ, абыхэм ягъэзащlэ lуэхугъуэ гуэрхэм ещхь къалэн зыгъэзащlэ зы макъыу зэрыщытри гулъытапхъэщ ″р″ макъыр. Аращи, бзэгулъэбгъур зи къэхъупlэ ″лъ″ макъым ″лъэ″ къызэрытехъуклым ещхьу лъытапхъэмэ, ″р″ макъри къызклэлъыклуэрэ клэух зыхуэхъу макърэ псалъэр а зэрыухуа щlыклэу мыхьэнэрэ организацэ (лъэ) зэригъуэта щlыклэклэ а зэрыщыту къигъэлъагъуэрэ утыку къызылъхьэу гурыlуэгъуэ зыщl зы макъщ. ″Р″ макъыр къызэрыхъуарэ лъэщу къызэрыlу щlыклэклэ зэхэхыгъуафlэрэ гулъытапхъэу зы макъырщи, ар къызклэлъыклуэ макърэ псалъэр фlэклыпlэ имыlэу зэхэзыдгъэхрэ зыхэзыдгъащlэ макъырщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэ къалэн зэригъэзащlэклэрщи, къызэрыхъуа щlыклэклэ макъ закъуэу зэрыщытрэ клэух зыхуэхъу макърэ псалъэр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэн зэригъэзащlэм нэмыщl, ″р″ макъым зы ″макъ мыхьэнэ″ иlэуи лъытапхъэкъым. Мы игъэзащlэ къалэнклэрэ функциалу бзэм хэлэжьыхь зы макъыу лъытапхъэщ ар. Икlи, ″р″ макъыр бзэгур зи къэхъупlэу зи гугъу тщlа мы макъ щэхухэм иужь дыдэ къахэхьэжа зы макъыу лъытапхъэщ, ауэ икlи ар макъ щэхухэм и иужьрей макъхэми зэращыщри жыlэпхъэщ.

*

Бзэгур зи къэхъупlэу утыку къихьа мы макъ гупхэмрэ (бзэгулъэ ижьрабгъур зи къэхъупlэ ″лъ, л, лl″ гупымрэ, дзэр lуэхум къыхэхьэу бзэгупэм къыщыхъуа ″д, т, тl″ гупыр), щхьэж къэхъуыклэ зиlэу бзэгупэр зи къэхъупlэу утыку къихьа ″р″ макъыр езыхэм ипэ къэхъуа макъхэм емылъытауэ бзэгур зи къэхъупlэхэращ. Аращи, бзэгупэмклэ унэтlыныгъэм

дзэрэ lупэри lуэхум хэхьэу макъ къэхъуныгъэр къызэрыпыщэр гулъытапхъэщи, бзэгупэ нэужьу макъ къэхъуныгъэр lупэр lуэхум къызэрыхэхьэкlэрэ утыку къихьа макъхэми щыгъазэ дыхуэхъунщ.

Езым ипэкlэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ пымыщlауэ, икlи lупэр lуэхум зэрыхэхьэкlэрэ щхьэжу езым хуэlуауэ къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьа зы макъ гупщ ″**ф, фl, в**″ макъхэр. Дзащхьэпэхэр lупэщlагъ гущlыlум телъу, я зэхуакум жьыр щабэу щихъуэрэ щlилъэфэу къэхъур ″**ф**″ макъращ. ″Ф″ым мы и къэхъукlэм елъытауэ нэхъ лъэщрэ егъэлея къару щытекlуадэкlэ утыку къихьэр ″**в**″ макъращ. ″В″ макъыр ″ф″ макъым пхъашэрэ лъэщу и къэlукlэращ. ″**Фl**″ макъым и къэхъукlэр ″ф″ыр къызэрыхъу щlыкlэм и текъузэрэ и пlытlа щlыкlэщ. Къэхъупlэгъурэ зи къэхъукlэхэр зэпыщlауэ щыт мы макъхэри я къэlукlэрэ я мыхьэнэкlэ зэпыщlарэ зэлъытауэ зы макъ гупщи, дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэр адрейхэм зэрызелъытарэ зэрызэщхьэщыкlыр я къэхъуыкlэрэ къэlукlэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкlым хуэдэу лъытапхъэщ.

″Ф, фl, в″ макъхэр дзэрэ lупэ зэхуакум жьыр дилъэфу утыку къихьэ макъхэщи, я къэхъукlэм lупэ lуэхугъуэ хэлъщ. Ауэ макъ къэзыгъэхъу lэпкълъэпкъ закъуэу lупэ дыдэм къытехъукl макъхэри щыlэщи, ар ″**п, пl, б**″ гупращ. Зэрыгурыlуэгъуэу, мы макъхэри езым ипэкlэ къэхъуа макъхэм къатехъукlыжхэркъыми, мыхэри я къэхъукlэкlэ щхьэжу зы макъ гупщ. Мы макъхэр lупэ зэlух щlыкlэкlэ жьыр жьэм щыдэхукlэ утыку къихьэ макъхэщ. Къэхъупlэгъуу щыт мы макъхэм я къэхъукlэрэ къэlукlэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкlым хуэдэщ я мыхьэнэхэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкlыр.

Икlи гулъытапхъэщи, мы макъхэм я къэхъупlэр пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ макъыр псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щlыкlэу lупэращ. Макъ къэхъуныр къыздыщежьэ ″м″ макъыр lупэ зэlухкlэрэщ къэlуу бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэри, жьэ кlуэцlым къыщыхъу макъхэм и ухыпlэу лъытапхъэ ″п, пl, б″ макъхэри lупэм къыщыхъу макъхэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мы макъ гупыр макъ къэхъуныгъэр макъ къэхъуным и къежьапlэ ″м″ макъым пызыщlэж макъхэу лъытапхъэщ. Пэщхъынэм къыщыхъу ″м″ макъыр lупэ зэтепlар щызэlухыжкlэ жьэм къызэрыжьэдэкl щlыкlэкlэщ псэлъэбзэм и зы макъыу зэрыхэхьэри, жьэ кlуэцlымкlэ къаклуэ жьым lупэр щызэlухкlэ къигъэlуу къэхъу макъхэрщ ″п, пl, б″ макъхэр.

Мы макъ гупым щыщ ″п″ макъыр жьэ кlуэцlыр щыух дыдэу lупэм къыщыхъу макъращ. Абы мы и къэхъукlэм езэгъыущ макъ мыхьэнэ зэригъуэт щlыкlэри, зыгуэрым и ухыпlэрэ и къежьапlэм теухуащ ″п″ макъым и мыхьэнэр. ″П″ макъыр жьэ кlуэцl макъхэм я къэхъупlэр щыух щlыпlэращ къыздыщыхъури, мы и къэхъукlэм теухуауэ ″п″ макъым бзэм хигъэзэщlыхь къалэныр жьэ кlуэцl макъхэм я къэхъукlэр къызэрежьэ ″къ″ макъым и къалэнми зэрещхьыр гурыlуэгъуэнщ. ″П″ макъым и къэхъукlэм ущытекъузэкlэ утыку къихьэр ″**пl**″ макъращи, абы и мыхьэнэри зыгуэрыр и щlыбкlэрэ зыхэзыубыдэу пlынращ. lупэм къыщыхъу ″п″ырэ ″пl″

макъхэм къакlэлъыкlуэу утыку къихьэу лъытапхъэ ″**б**″ макъыр ″пl″ым мы и мыхьэнэр зытеухуэ макъщ. ″Пl″ым утыку къырилъхьэ мыхьэнэм елъытауэ къэхъуыкlэ зиlэ ″б″ макъым утыку къырилъхьэ мыхьэнэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «″зэрыпlкlэрэ ужьыныгъэ зыгъуэт″рэ ″зэрелъыта зыужьыгъуэ″». Зы пэщхъынэ макъыу щыт ″м″ макъыр зы псэлъэбзэ макъыу къызыдыщыlу мы щlыпlэр зи къэхъупlэу щыт мы lупэ макъхэмрэ (п, пl, б) ″м″ макъым бзэм хагъэзэщlыхьыр я къэlупlэр зэрызэхуэдэрэ икlи я къэхъупlэрэ къэхъукlэр зэрызэщхьэщыкlым хуэдэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

*

Япэрей лэжьыгъэхэм зы гупу тлъыта ″с, з, дз, ц, цl″ макъхэм щыщ ″с, з, дз″ макъхэр ипэкlэ къызтехъукlа макъхэмрэ зыхэзыубыдэ макъ гупхэр наlуэ къытхуэхъущ. Нытlэ, зи гугъу тщlа ″с, з, дз, ц, цl″ гупым щыщу къэна ″ц, цl″ макъхэри щхьэж зы макъ гупу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыбы нэгъунэ къэтlуэта макъ къэхъуныгъэм щхьэщыкlыныгъэ зиlэу утыку къихьарэ бзэм хэхьахэрщ ″ц, цl″ макъхэри, абыхэм я къэхъукlэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ипэкlэ къэхъуа макъхэм къатемыхъукlарэ езым хуэlуа къэхъукlэ зиlэу утыку къихьа макъхэрщ ″**ц, цl**″ макъхэри, я къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ, икlи зэрызэлъытакlэрэ утыку къызэрихьа щlыкlэкlэ мы макъхэр щхьэжу зы макъ гупу зэрылъытапхъэр жытlагъэххэщ. Ахэр къызэрыхъурэ къызэрыlукlэрэ зэрызэлъытам хуэдэщ я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщlыхьри, мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ, ″с, з, дз″ макъыхэм я къэхъупlэм къызэрыщыlукlэрэщ ″ц, цl″ макъхэр псэлъэбзэм зэрыхэхьа щlыкlэри, я къэlукlэрэ къыздыщыlу щlыпlэкlэ мы макъхэр зэрызэлъытапхъэми деплъынщ. ″Дз″ макъыр ″з″ макъым и текъузэ макъыу зэрылъытапхъэм хуэдэу, ″ц, цl″ макъхэри ″с″ макъым и текъузэуи лъытапхъэщи, ″с″ макъым и къэlукlэм текъузарэ дзэ дэурэшымкlэ жьыр зэуэ жьэ щlыбым зэрыдидзкlэрэ къэхъу макъхэщ ″ц, цl″ макъхэр. ″С″ыр жьэ кlуэцl макърэ бзэгупэр зэрысысыкlэрэ къызэрыхъум елъытауэ, ″ц, цl″ макъхэр бзэгупэм жьыр жьэ щlыбымкlэ зэрыlудзкlэрэщ къызэрыхъурэ къызэрыlур. ″С″ макъымрэ ″ц, цl″ макъхэм я къэхъупlэр зэрызэлъытарэ, я къэхъукlэрэ къэlукlэр зэщхьми, я макъ мыхьэнэхэр зэрызэщхьэщыкlри ахэр мы я къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ зэрызэщхьэщыкlыу мы и гугъу зэрытщlаращ зытеухуар. ″С″ым имызакъуэу, ″з, дз″ макъхэм я текъузэныгъэрэ я пlытlыныгъэр къызэрыlуну щlыкlэр ″ц, цl″ макъхэм хуэдэщ. Мы макъхэр фонетикэу зэрызэщхьрэ, я къэхъукlэр зэрызэщхьэщыкlым хуэдэу лъытапхъэщ я мыхьэнэхэри зэрызэпэгъунэгъурэ зэрызэщхьэщыкlри.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыгуэкlкlэ ″цl, ц″ макъхэр зэрызэхэпх щlыкlэрэ фонетикэу зэрызэгъунэгъур гурыlуэгъуэщ. Ауэ мы макъхэм я къэхъукlэм теухуауэ япэрей лэжьыгъэхэми и гугъу зэрытщlам хуэдэщи, мы ипэкlэ къэтlуэтахэм нэмыщl, ″цl, ц″ макъхэм я къэхъукlэм нэгъуэщl зы

бгъэдэхьэкIи иIэщ, икIи и пэжыпIэри мырауэ зэрылъытапхъэращ ахэр щхьэжу зы макъ гупу лъытэн зэрыхуейм и лъабжьэр. Аращи, мы ипэкIэ зи гугъу тщIа я къэхъупIэрэ къэхъукIэм теухуауэ жытIахэр пэж щхьэ, мыр ″ц, цI″ макъ гупым щыщу япэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″цI″ макъым япэрауэ утыку къызэрихьам теухуакъым. НытIэ, ″цI″ макъыр япэрауэ къызэрыхъуарэ къызэрыIуа щIыкIэм, инатIэ мыбдежым зи гугъу зэрытщIа щIыкIэкIэ бзэм и зы макъыу абы къэIуыкIэ зэригъуэта щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэнщIынщ.

Псэлъэбзэ макъхэм я къэхъукIэрэ я къэхъупIэхэми, икIи ахэр тхьэмбылым къикIыж жьымкIэ жьэм къыжьэдэкI макъхэу утыку къызэрихьэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Псэлъэбзэ макъхэр псэущхьэ кIуэцIым къыщыхъу макъхэрщи, езыр щыIэгъуэ зиIэ псэущхьэм хъупхъэрэ мыхъупхъэу гурыIуэгъуэ къыхуэхъурэ щыгъуазэ зыхуэхъухэм теухуащ; ахэр езыр щыIэгъуэ зиIэ псэущхьэр щыгъуазэ зыхуэхъуу щыIэгъуэ зиIэхэм теухуауэ лъытапхъэщ. Мыпхуэдэхэр космосым щыщрэ езыр зы микрокосмосу щыт зы псэущхьэм -цIыхум- къыпкъырыкI макъхэмкIэ утыку къырилъхьэнур гурыIуэгъуэщи, зэй щыIэ мыхъунурэ ″мыщыIэ″у лъытапхъэр мы псэущхьэм адрей макъхэр езым и кIуэцIым къызэрыхъу щIыкIэм тету къигъэхъуну къыщIэкIынкъым. Мыпхуэдэ мыхъуныгъэххэрэ мыщыIэр псэлъэбзэ макъхэм я къэхъукIэм и пхэндж къэхъуыкIэ зиIэ макъыу къэIуну къыщIэкIынщ. НытIэ, жьыр жьэм къыжьэдэкI щIыкIэкIэ утыку къихьэ псэлъэбзэ макъхэм я пхэнджу, жьыр жьэм щыжьэдэшэкIэ къэхъурэ, цIыхум натуралу ″хьэуэ″ мыхьэнэ иIэу къыгурыIуэ макърагъэнщ ″**цI**″ макъыр къызтехъукIар. ЦIыхум мыпхуэдэ мыхъуныгъэр натуралу къызэрыриIу щIыкIэр ″**цIы**, **цIыI**″уэ птхыфынурагъэнщ къызэрыриIуу щытари, ар псэлъэбзэ макъхэр цIыхум къызэрыжьэдэIукI щIыкIэм и пхэндж лъэныкъуэкIэ къэхъу макъщ. Псэлъэбзэ макъхэр жьэ кIуэцIым къыщыхъурэ жьыр lупэ лъэныкъуэкIэ кIуатэущ къызэрыIури, зи гугъу тщIы ″цIыI″ макъыр бзэгупэр дзэпэщIагъ дзэлым теIэбэу жьэ кIуэцIымкIэ дишэ жьыкIэрэщ къызэрыхъур. Мыпхуэдэ къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьэ ″цIыI″ым псэлъэбзэ макъхэр къызэрыIу щIыкIэкIэ жьэм къыжьэдэкI макъыу ″цI″ къэIуыкIэ зэригъуэтар гурыIуэгъуэнщ. Зи къэхъукIэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа ″цIыI″ыр иужькIэ пэлъэбзэ макъхэм хуэдэ къэIуыкIэу ″цI″ыуэ зэрызэхъуэкIар къэхъупхъэ зы lуэхугъуэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″цI″ макъыр мыхъуныгъэ мыхьэнэ зытеухуа къэIуыкIэ зиIэ ″цIыI″ макърагъэнщ къызтехъукIари, бзэм и макъхэр къызэрыIу щIыкIэкIэ (жьэм къыжьэдэкIыж жьыкIэрэ) бзэм хэхьа нэужьи, ″цI″ макъым и мыхьэнэр мыщыIэм теухуащ. Мы и мыхьэнэр зэрилъабжьэкIэрэщ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри, щыIэгъуэ щIыбрэ щыIэгъуэ зиIэхэм хэдзыныгъэри, щымыIэрэ мыщхьэпэхэри гурыIуэгъуэ зэрищIкIэрэщ.

″ЦI″ макъыр мыпхуэдэу псэлъэбзэм и макъхэр къызэрыIу щIыкIэкIэ бзэм хэхьарэ хэлэжьыхьу щIидза нэужьрагъэнщ ″ц″ макъым и къэхъуыкIэ

хъуари, ″ц″ макъыр ″цl″ым мы и къэхъуныгъэм иужькlэ къытехъукlыжагъэнщ. Аращи, зэрытха щlыкlэкlэ ″цl″ыр ″ц″ макъым къытехъукlа хуэдэ къытщыхъуми, ″ц″ макъыр ″цl″ нэужьыщ. Икlи, ″цl″ макъ къэхъукlэр гурыlуэгъуэмэ, ″цl″ым хуэдизу ткlиягъ зимыlэу къэlуыкlэ зиlэ ″ц″ макъым ″цl″ым хуэдиз мыхьэнэ ткlиягъ зэримыlэнури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ″ц″ макъым елъытауэ ″цl″ макъ мыхьэнэр нэхъыщхьэрэ куущи, ″ц″ зы макъыу утыку къызэрихьа щlыкlэри псэущхьэм къыхэхъукlрэ псэущхьэфэ щlыбыр зи ужьыгъуэ гуэрыр зэрылъытэрауэ жылэпхъэщ зы макъыу ″ц″ыр къызтехъукlар. Ар щыхъукlи, ″цl″ым егъэщхьыныгъэкlэрэ лъытапхъэ гуэрыр зэрылъыта зы ″макъ псалъэ″у щыт ″**цы**″ращ зы макъыу ″**ц**″ыр бзэм зэрыхэхьа щlыкlэр: псэущхьэфэм къытехъукlрэ икlи псэ зыlумытыр ″цl″ макъым и мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкlэрэ зэрылъытэу ухуа ″цы″ макъ псалъэкlэрэщ ″ц″ыр зы макъыу бзэм зэрыхэхьар.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″цl″ырэ ″ц″ыр къыздыщыlурэ бзэм и дэтхэнэ зы макъыу къыздыщыхъу щlыпlэр зэхуэдэми, я лъабжьэр зэхуэдэкъым: ″ц″ыр ″цl″ым егъэщхьыныгъэкlэрэ бзэ лэжьэкlэм къигъэщlа ″цы″ макъ псалъэр зэрыухууэ утыку къихьа зы макъщ. Бзэр макъхэмкlэ ухуэн гъуэгум тету, щымыlэрэ мыщыlэр иджыри цlыхум и щlэнкlэ щызэхэмыгъэкlам, щымыlэрэ мыщыlэр ″цlыl″у ттхамкlэ къыриlуу щытагъэнщи, ″цlыl″ыр бзэр зэрыухуэ макъхэм хуэдэу, жьэм къыжьэдэкl жьымкlэ къыриlуу бзэм хэхьа нэужь, зи гугъу тщlы ″цl″ макъыр мыщыlэрэ – кlуэ пэтрэи – кlуэдыпlэм хуэкlуэхэм теухууэ бзэм лэжьыгъэ щызгъуэта зы макъщ. Абы егъэщхьынкlэрэ къытехъукlа зы макъ псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къэхъуа зы макъщ ″ц″ макъри, ар иужькlэ щхьэжу бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзари мы къызтехъукlа псалъэм и мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэщ.

### ″Макъ щэху″хэр зэрызэлъытапхъэрэ зэрызэгъэпщапхъэхэм теухууэ

Мы ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэ, ″макъ щэху″ къэхъуныгъэр пэщхъынэмрэ къурмакъейращ къыздыщlидзэри, тэмакъыр макъ къэхъупlэ хъуа нэужь, тэмакъым дэкlыу жьэ кlуэцlымкlэ унэтlыгъэ егъуэтыр. Жьэ кlуэцlымкlэ унэтlыгъэ зыгъуэт макъ къэхъуныгъэр бзэгум хьэрычэт зэригъуэткlэрэ макъ къэхъуныгъэ нэхъыщхьапlэм бзэгур йоувэр. Бзэгур макъ къэхъупlэ зэрыхъури бзэгулъэдакъэрэ бзэгукlэм къыщlидзэу бзэгупэмкlэ зэрыунэтlкlэрэщ. Макъ къэхъуныгъэр бзэгупэм къынэса нэужьи макъ къэхъуныгъэм дзэрэ lупэр къызэрыхэхьэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, макъ къэхъуныгъэр мыпхуэдэу зэрызекlуэр ипэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ ящlыр.

Мыпхуэдэ щlыкlэхэмкlэрэ къэхъу макъхэр тхьэмбылым къикlыж жьыкlэрэ утыку къызэрихьэр гулъытапхъэщ, икlи мыпхуэдэ къэхъукlэрэ къэlуыкlэ зиlэущ псэлъэбзэм макъхэр зэрыхэхьэр. Макъхэр къызэрыхъурэ

бзэм зэрыхэхьэр мыпхуэдэми, жьэм къыжьэдэкl жьыкlэрэ къэхъу мы макъхэм я къэхъукlэм хуэмыдэу жьэм жьэдэшэ жьыкlэри макъ къызэрыхъуфми ипэкlэ и гугъу тщlащи, ар ″цl″ макъыр япэу къызэрыхъуа щlыкlэращ. Ауэ, абыи псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр жьэм къыжьэдэкl жьыкlэрэ къызэрыlум хуэдэ къэlуыкlэ зыгъуэтауэ псэлъэбзэм зэрыхэхьэжа щlыкlэри ипэкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащ. Аращи, къызэрыхъуа щlыкlэр зэщхьэщыкlми, псэлъэбзэр зэрыухуа щlыкlэр макъхэр жьэм къыжьэдэкl жьыкlэрэ къызэрыlужкlэрэщ.

Мы жытlахэм макъхэр къызэрыхъу зэкlэлъхьэужьыкlэри къызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. Аращи, япэ дыдэ макъ къыздыщыхъур пэщхьынэращ; абы къыкlэлъыкlуэ нэхъыжьыгъэри къурамкъейм къыщыхъу макъхэращ зейр. Къурмакъейм къыщыхъу макъхэм къыкlэлъыкlуэ макъ къэхъупlэр тэмакъращ; абыи къыкlэлъыкlуэ макъ къэхъуныгъэри тэмакърэ бзэгулъэдакъэ зэхуакуращ. Мыбыхэми бзэгулъэр зи къэхъупlэ макъхэр къызэрыкlэлъыкlуэр гурыlуэгъуэщи, бзэгулъэм къыщыхъу макъхэм щыщу япэ къэхъуа макъхэри бзэгукlэр зи къэхъупlэу утыку къихьа макъхэращ. Мы зэкlэлъхьэужьыкlэр гурыlуэгъуэщи, бзэгукум къыщыхъу макъхэри бзэгуыкlэ лъэныкъуэмкlэ къыщыхъу макъхэм елъытауэ нэхъыщlэщ; бзэгупэм къыщыхъу макъхэри бзэгукум къыщыхъухэм елъытауэ нэхъыщlэщ. Бзэгулъэр зи къэхъупlэ мы макъхэми дзэрэ lупэ lуэхугъуэкlэ къэхъуа макъхэр къазэрыкlэлъыкlуэр гурыlуэгъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэм теухуа зы лъагъуэрщ мыр, ауэ дэтхэнэ зы макъым и къэхъукlэр флэкlыплэ имыlэу мыпхуэдэ зэкlэлъхьэужьыкlэм ипкъ иткlэ утыку къихьауэ зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зы лъагъуэу мы зи гугъу тщlар зы принципу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, макъхэм я къэхъуныгъэр кlуэ пэтрэ lупэмкlэ кlуэтэгъуэ зиlэ зэкlэлъхьэужьыкlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ ипэкlи зэрыжытlауэщи, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуамрэ ар бзэм зэрыхэхьа щlыкlэр щызэтемыухуэ щыlэщи, икlи мыбы и зы щапхъэщ пэщхъынэ макърэ макъ нэхъыжьу щыт ″м″ макъыр зы псэлъэбзэ макъыу къыздыщыlур lупэрауэ зэрыщытыр. Нытlэ, макъ нэхъыжьрэ натуралу пэщхъынэм къыщыхъу ″м″ макъыр бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр макъ къэхъуныгъэ ухыплэу щыт lупэм къыщыlуущи, ар макъ къэхъыныгъэ къежьапlэрэ ухыплэри гурыlуэгъуэ къытхъуэзыщl макъращ. Мы зэхуакуращ макъхэм я къэхъупlэр, икlи макъ нэхъыбэр тэмакъ нэужьрэ бзэгур зи къэхъупlэу утыку къызэрихьэри гурыlуэгъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэр зэрызэлъытарэ зэпыщlа защlэу зы lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр утыку къызэрихьам и пэщlэдзэрэ и флыгъэр зейр пэщхьынэрэ (м) къурмакъейм (хь) натуралу къыщыхъуауэ зи гугъу тщlа макъхэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, макъхэм я къэхъуныгъэм жьэ кlуэцlымкlэ кlуэтэгъуэ игъуэтамэ, мыри тэмакъыр зи къэхъупlэ ″къ″ макъым и

фlыгъэщ; мыпхуэдэу зэlуха бжэр зыхуэкlуэ лъагъуэр зыгъэхьэзырарэ зыгъэкъэбза макъхэри ″къ″ нэужьу утыку къихьа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэращ. Мыпхуэдэу бзэгулъэдакъэм къынэса макъ къэхъуныгъэр бзэгум хьэрычэт зэригъуэткlэрэ бзэгум зэрытехъар гурыlуэгъуэщи, бзэгур япэу зыгъэхъеяри бзэгулъэдакъэрэ бзэгукlэм къыщыхъуа макъри ″жь″ макърауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ; ауэ абы и къэхъупlэгъуу лъытапхъэрэ и къэхъукlэкlэ бзэгулъэ гущlыlум теубгъуауэ къэlуыкlэ зыгъуэта ″щ″ макъри бзэгулъэр макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуарэ ар зэlузыха макъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэм ″жь, щ″ макъхэм я фlыгъэкlэрэ бзэгур къыщыхэхьэм деж, мыбы нэгъунэ къэхъуа макъхэм бзэгур зи къэхъупlэу къатехъукlыжу утыку къихьэ макъыщlэхэр зэрыщыlэм хуэдэжу, ипэкlэ къэхъуа макъхэм зыгуэркlэ емылъытарэ щхьэж къэхъукlэ зиlэу утыку къихьэ макъыщlэхэри зэрыщыlэм ипэкlи я гугъу тщlагъащ. Аращи, макъ къэхъуныгъэкlэ езым ипэ къэхъуа макъхэм елъытарэ пыщlауэ утыку къихьэ макъхэр зэрыщыlэм нэмыщl, щхьэж езым и къэхъукlэж зиlэ макъхэри бзэгулъэм утыку къыщызэрихьэри гурыlуэгъуэщ.

Макъхэм мы я къэхъуныгъэр икlи ахэр я мыхьэнэкlэрэ зэрызэлъыта щlыкlэри утыку къизылъхьэрщ. Ар щыхъукlэ, ипэкlэ къэхъуа макъхэм къатехъукl макъхэр къызтехъукl макъхэм макъ къэхъуныгъэкlэ зэрызэпыщlам хуэдэжу, мыхьэнэкlэрэи зэрыпыщlар гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, езым ипэкlэ къэхъуа макъхэм зэпыщlэныгъэ зимыlэу щхьэж къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьэ макъхэм я мыхьэнэхэри мы къэзырыхъуа щlыкlэу щхьэж мыхьэнэ зыгъуэтахэрщ. Мыпхуэдэу щхьэж къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьарэ къэхъупlэгъуу щыт макъхэм я мыхьэнэри зыр зым елъытауэ зэрыщытыр, икlи абыхэм щыщу япэ къэхъуа макъым и къэхъукlэрэ и мыхьэнэри а гупым и макъ лъабжьэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, ипэкlэ мыпхуэдэу щхьэжу зы макъыу е зы макъ гупу щытрэ езыхэм ипэкlэ къэхъуа макъхэми зыгуэркlэ зэпыщlэныгъэ зыхуимыlэу утыку къихьа макъхэр къыхэдгъэщащи, щхьэжу зы макъым и мыхьэнэр езым зэрыхуэlуакlэрэ адрей макъхэм къазэрызэщхьэщыкlым хуэдэу, зи къэхъукlэр езым хуэlауэ зы макъ гупу утыку къихьэхэм я мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэпэгъунэгъуу зы мыхьэнэ гупу зэрыщытми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, макъ къэхъукlэу япэ къэхъуа макъхэм пыщlарэ елъытауэ щырет, е япэ къэхъуа макъхэм зыгуэркlэ емылъытауэ щхьэж зы къэхъуыкlэ иlэу бзэгулъэм утыку къыщихьарэ зы макъ гуп хъууэ щырет, макъхэм я мыхьэнэри абыхэм я къэхъукlэр зэлъыта макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытар гурыlуэгъуэщ. Иужькlэ къэхъуа макъым и мыхьэнэр ар къызтехъукlарэ и къэхъукlэр зыпыщlа макъым и мыхьэнэм елъытащ. Нытlэ, япэ къэхъуа макъым и мыхьэнэращ нэхъ лъабжьэри, абы пыщlэныгъэ иlэу иужьрэ бзэгупэ лъэныкъуэмкlэ утыку

къихьэ макъым и мыхьэнэр зи къэхъуклэм пыщlа макъым и мыхьэнэм елъытарэ къытехъуклыжырщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, езым ипэ къэхъуа макъ гуэрхэм пымыщlарэ къытемыхъуклыу щхьэж къэхъуыклэ илэжу утыку къихьауэ ипэклэ зи гугъу тщla щхьэж ″р″ макъым и къалэныр езы макъым и къэхъуклэрэ къэlуклэм елъытарэ зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Мы щхьэж макъым нэмыщl, езыхэм ипэ къэхъуа макъ гуэрхэм пымыщlарэ къытемыхъуклауэ, езыхэм хуэlуа къэхъуыклэ ялэжу утыку къихьа макъ гупхэрщ мыхэри: «″лъ, л, лl″; ″д, т, тl″»; «″ф, фl, в″; ″п, пl, б″».

Мы гупхэм хэт макъхэм я мыхьэнэхэр зыхэт гупым зэрыхуэlуарэ зэрызелъытар гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы гупым хэт макъым и мыхьэнэри а гупым хэту япэ къэхъуа макъым и мыхьэнэращ къызтехъукларэ зэлъытар. Зи гугъу тщla мы гупхэм дэтхэнэ зым хэт макъхэр зэхуэдэ зы щlыплэращ къыщыхъуари, мыхэр къэхъуплэгъу макъхэр зыхэзыубыдэ гупхэращ.

Ипэклэ гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъуащи, и къэхъуклэр мы макъхэм хуэдэу мылъытапхъэрщ ″цl″ макъыр. Иклu ар бзэм хэхьа нэужь, абы и мыхьэнэм егъэщхьыныгъэклэрэ ухуащ ″цы″ макъ псалъэри, ар бзэм зы псалъэу зэрыхэхьам ипкъ иткlэ, бзэм хэхьа зы макъщ ц″ макъыр. Мы и къэхъуклэм зэрезэгъщи, ″ц″ макъри ″цl″ макъым елъытауэ къэхъуа зы макъыу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщи, къэхъуклэрэ къэlуклэклэ мы зэрызэлъытарэ зэрызэщхьу зэрыщытым хуэдэщ я мыхьэнэхэр зэрызэлъытари.

Бзэгулъэм къыщыхъуами, зэхуэдэ щlыплэм къыщымыхъуа ″жь, ж″ макъхэри я къэхъуклэрэ къэlуклэклэ зы гупу зэрыщытым хуэдэжу, мыхьэнэклu зэрызэлъытащ. Бзэгукуыклэ лъэныкъуэм къыщыхъуа ″жь″ макъращ мы гупым щыщу япэ къэхъуари, абы къыклэлъыкlуэу бзэгукупэ лъэныкъуэм къыщыхъуа ″ж″ макъыр ″жь″ макъым и къэхъуыклэ зиlэу абы къыклэлъыкlуэу къытехъуклауэ лъытапхъэщ. Я къэхъуплэр зэхуэмыдэми, къэхъуклэклэ зэрызэлъыта щlыклэм хуэдэщ ″ж″ым и макъ мыхьэнэмрэ ″жь″ макъым и мыхьэнэр зэрызэлъыта щlыклэр. ″Жь″ым елъытауэ псыгъуэ къэlуыклэ зиlэ ″ж″ макъым и мыхьэнэр ″жь″ым хуэдэу увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэтщи, ″жь″ым елъытауэ псынщlэрэ зэпычыгъуэ зимыlэ макъыу зэрыщытым папщlэрагъэнщ ″ж″ым мы хьэрычэтыр сытым дежи иджым къызэригъэсыфыр. ″Ж″ макъ къэlуклэр ″жь″ым елъытауэ псыгъуэрэ псынщlэ дыдэщи, иджым итыгъуэ щимыгъуэтыфу мыувыlэу хьэрычэт къизыlуэ ″жь″ым мы и хьэрычэтыгъэр сытым щыгъуи иджым пещlэфыр, ″ж″ым сытри зэпищlэу иджым къехьыфыр, дэтхэнэ гуэрыр иджы зэрыщыlэ щlыклэр занщlэу и къэхъугъуэм иригъапщэрэ пищlэжу ″пэж″ ещlыфыр. Мы макъ гупым бзэгупэрэ дзэ lуэхугъуэклэрэ къыхэхьэж ″з″ макъри мы макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытар гулъытапхъэщи, ″ж″ым игъэзащlэ зэпыщlэныгъэр зэрызэхэлъ щlыклэклэ зыгуэрыр зэрылъытэращ мыхьэнэуэ игъуэтыр.

*

Мы зи гугъу тщlахэм къызэрыхэщщи, къэхъупlэгъуу щытрэ зы гупым хэтми, зэхуэмыдэ щlыпlэхэр я къэхъупlэми, япэ къэхъуа макъым пыщlарэ елъытауэ утыку къихьэ зы макъым и мыхьэнэри зыпыщlарэ зэлъыта макъым и мыхьэнэм елъытащ. Макъ гупхэу зи гугъу тщlахэм дэтхэнэ зы гупым хэт макъхэр зэхуэдэ щlыпlэращ къыщыхъуар. Ауэ, я къэхъупlэр зэхуэмыдэми, япэ къэхъуа макъхэм пыщlауэ къэхъуа макъыщlэхэм я мыхьэнэхэри зыпыщlарэ зэлъыта макъхэм я мыхьэнэм елъытарэ пыщlэныгэ иlэщи, нытlэ зэхуэмыдэ щlыпlэм къыщыхъуарэ я къэхъуыкlэр зэтехуэ макъхэм я мыхьэнэр зэрызэлъытами нэхъ гъунэгъуу деплъынщ.

Ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэщи, къэхъупlэгъуу щымытрэ икlи зи къэхъукlэр зэхуэдэу тлъыта макъхэм я мыхьэнэхэр зэрызэлъытарэ зэпыщlащ: мы зэрызэлъытэныгъэрэ зэпыщlэныгъэ зыхуаlэ мыхьэнэхэм я къежьапlэри мы макъхэм щыщу япэ дыдэ къэхъуауэ лъытапхъэ макъращ. Къэхъукlэкlэ зэхуэдэу лъытапхъэ макъхэм мыхьэнэкlэ я нэхъ кууэ щытыр япэ къэхъуарэ, lупэ лъэныкъуэмкlэ клуэуэ макъыщlэхэр къызтехъукlауэ зи гугъу тщla макърауэ лъытапхъэщ.

Псэлъэбзэ макъхэр нэхъыбэу жьэ клуэцlрэ бзэгулъэращ къыздыщыхъурэ къыздыщыlури, ″къ″ макъыр тэмакъым къыщыхъуу псэлъэбзэ макъ къэхъуныгъэр къезыгъажьэ макъщ. Абы мы и къэхъукlэм езэгъ мыхьэнэщ иlэрэ бзэми хигъэзэщlыхьри, мы и къэхъукlэм елъытауэ жьэ клуэцlрэ бзэгулъэр зи къэхъупlэу ″къ″ым къытехъукl ″кl″ макъым и мыхьэнэри ″къ″ым мы и мыхьэнэм елъытарэ пыщlащ: зыгуэрыр зы гуэрым къызэрытехъукlрэ къызэрыхэкlыр утыку къизылъхьэращ ″кl″ макъым и мыхьэнэри. Дэтхэнэ зыгуэрым къыхэхъукlыу утыку къихьэр къизыlуэ зы макъ мыхьэнэщ ″кl″ макъ мыхьэнэри, къэкlыгъэхэр щlылъэм къыхэхъукlыу утыку къызэрихьэ щlыкlэри ″кl″ макъ мыхьэнэращ бзэм къыщызэрыlуатэр. ″Къ″ макъыр псэлъэбзэ макъ къэхъун гъуэгу зэlузых зы къежьапlэращи, бзэм къиlуэтэну дэтхэнэ зы къежьапlэр ″къ″ыкlэрэщ къызэрыlуатэр. Абы мы и къэхъукlэм зэрезэгъкlэрэ дэтхэнэ зыгуэрым щыlэгъуэ зэригъуэтыну къежьапlэри, дэтхэнэ зыгуэрыр къызэрежьэрэ зы щlыпlэм къызэрыкъуэкlрэ утыку къызэрихьэри къэзыlуатэ макъыу бзэм хэтщ. Ауэ, абы къытехъукlыу бзэгукум къыщыхъу ″кl″ макъым и мыхьэнэр ″къ″ым хуэдизу къежьапlэ дыдэу зэрыщымытрэ, зы щыlэ гуэрым къыхэхъукl гуэрыр къэзыlуатэ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыри ″къ″ымрэ ″кl″ыр зэрызэлъытауэ утыку къызэрихьэм теухуащ. ″Къ″ макъыр щыlэгъуэрэ къэхъуар къызэрыхъу дыдэу, мы къэхъум и къежьапlэр къизыlуэу мы къэхъум щымыщыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщи, ″кl″ макъым къиlуатэр щыlэгъуэр къызэреклуэкlыкlэм ипкъ иткlэ щыlэгъуэм щыщ гуэрхэр къызтехъукlым къызэрыхэхъукl щlыкlэр къизыlуэ макъ мыхьэнэуэщ бзэм зэрылэжьыхьыр. ″Кl″ макъыр мы и мыхьэнэмкlэ бзэм хэхьа нэужь, абы мы мыхьэнэм къигъэщlыпхъэрэ игъэзэщlэпхъэ нэгъуэщl мыхьэнэ lэнатlэхэри къыхохъуэжри, ″кl″ макъым

и мыхьэнэм бзэ лэжьэкlэм щызиубгъуу мыхьэнэ марж мэухуэр. Ауэ, къежьапlэ дыдэр къизыlуэрэ а къежьэу щыlэгъуэ зыгъуэтым щымыщ мыхьэнэ зиlэ "къ" макъыр бзэм зэрыхэт щlыкlэр зэхъуэкlкъым: къэхъурэ утыку къихьэр къызэрыхъу дыдэмрэ къэхъум и къэхъуныгъэр къыздыщежьэр къизыlуэу къэхъуныгъэ зиlэу утыку къихьам щымыщ мыхьэнэщ "къ"ым игъэзащlэри, абы мы и мыхьэнэр зэхъуэкlкъым, "къ"ым мыбы нэмыщl мыхьэнэ къытехъукlкъым.

"Кl"ыр къыздыщыхъу щlыпlэр зи къэхъупlэрэ "кl"ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэу, зи къэхъукlэри "кхъ" макъым и къэхъукlэу тлъыта "к" макъым и мыхьэнэри - "къ"ымрэ "кl"ыр зэрызэлъытарэ "кхъ"ыри "къ"ым зэрелъытам хуэдэу- къызтехъукlа "кхъ"ымрэ къызкlэлъыкlуэ "кl" макъ мыхьэнэм еплъытэ хъуну мыхьэнэщ. "Къ" макъыр а нэхъ къежьапlэрэ, дэтхэнэ гуэрыр япэ дыдэ утыку къызэрихьэр къизыlуэфу, щыlэр къызэрыхъурэ утыку къызэрихьэу ар зыдэщымыlам дежкlэрэ къизыlуэфращи, абы бзэгулъэм къытехъукlыж "кl"ыр щыlэ гуэрым къыхэхъукlыу утыку къихьэрэ зы гуэрхэкlыр къизыlуэ макъ мыхьэнэщ. Тэмакъыр зи къэхъупlэу макъ къэхъуныгъэ къежьыпlэу лъытапхъэ "къ"ым къыкlэлъыкlуэрэ тэмакъ нэужьу къэхъу "кхъ"ыр "къ"ырэ "хъ" макъ мыхьэнэ зэхуакуу лъытапхъэщи, "къ"ымрэ "кхъ"ым къатехъукlыж макъхэр езым мы зи гугъу тщlы мыхьэнэм зэрелъытам нэмыщl, мы макъхэм (къ, кхъ) къатехъукlыж макъхэми я зэхуакум зэпыщlэныгъэ дэлъщ: "кl"ыр зы гуэрым къыхэкlыныгъэ мыхьэнэ зиlэ макъмэ, "к"ыри зыгуэрыр зэгуэкlыпlэм зэрыхуэкlуэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъыу лъабжьэрызэгуэкlыныгъэ къизыlуэ макъщ. Зыгуэрыр псыгъуэу зэгуэкlыныгъэрэ зэпыщlыкlыныгъэм зэрыхуэкlуэу къызэрычэр къизыlуэ "к" макъ нэужь къэхъуарэ абы и къэхъукlэр зи къэхъукlэжу утыку къихьауэ лъытапхъэ "ч" макъым и мыхьэнэри "к"ым и мыхьэнэм теухуэ мыхьэнэщ. Нобэр къыздынэсым "к, ч" макъхэм я мыхьэнэр зэхуэдэ хъужащи, зыр зым ипlэкlэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм щызэрахьэу хэтщ.

Тэмакъ нэужьым япэу къэхъуа макъхэм щыщщ "хъ" макъри, дэтхэнэ зы щыlэгъуэм и къежьапlэр къизыlуэ "къ" макъ нэужьу утыку къихьэ "хъ" макъыр макъ къэхъуныгъэ лъагъуэм лъабжьэ хуэхъу макъхэм щыщщи, мы къызэрыхъуамрэ езым иужькlэ къэхъуну макъхэм хуигъэзащlэ къалэным езэгъ мыхьэнэ зыгъуэту зы макъщ: "хъ" макъыр езым иужь къэхъунум лъабжьэ хуэхъуныгъэрэ, къэхъур къызтехъукl мыхьэнэ зиlэу зы макъщ, ар "хъу"уэ щыту хъуар къызтехъукl лъабжьэ мыхьэнэ зиlэрщ. "Хъ" макъым мы и къэхъукlэм бзэгукур зи къэхъупlэу къытехъукl макъыр "х" макъращи, абы и мыхьэнэри "хъ"ым и мыхьэнэуэ зи гугъу тщlам елъытарэ пыщlауэ зы мыхьэнэщ. Бзэгукум къыщыхъу "х" макъым ар къызтехъукlа "хъ" макъым хуэдэу къыздыщыхъупlэм щихъуэу къэlуыкlэ иlэкъыми, бзэгупэ лъэныкъуэмкlэ хуиту иху жьымкlэрэ къэlуыкlэ зиlэ зы макъщ "х"ыр. Къызтехъукlа "хъ" макъым хуэдэу зы лъабжьэщ "х" макъым игъуэт мыхьэнэри, "хъ"ыр "хъу"м лъабжьэ зэрыхуэхъурэ "хъу"уэ щытыр

къызтехъукӏ лъабжьэу зэрыщытым хуэдэ дыдэу мылъытапхъэми, къэхъуу хъуарэ щыӏэгъуэ зыгъуэтым хэтыпӏэрэ тетыпӏэ лъабжьэ мыхьэнэ зиӏэу зы макъщ ″х″ыр.

″Къ″ нэужь утыку къихьа ″хъ″ым хуэдэщ ″гъ″ макъми игъэзащӏэр: ″къ″ым къигъэлъэгъуа лъагъуэр зэӏухынрэ къыкӏэлъыкӏуэу къэхъунухэм гъуэгу хуэщӏын ӏуэхугъуэ лъабжьэ къалэнщ. Езыхэм къакӏэлъыкӏуэ макъхэр къэхъуным лъабжьэ язэрыхуэхъухэм зэрезэгъкӏэрэ, ″хъ″ыр ″хъу″м лъабжьэ зэрыхуэхъурэ ″хъу″р къызэрытехъукӏым ещхьу, ″гъ″ыри сытри гъэлэжьэным хуэзыгъакӏуэ ″гъэ″р къызтехъукӏыу, абы лъабжьэ хуэхъу макъращ. ″Гъэ″р ″гъ″ым кӏуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ зэригъуэт щӏыкӏэущ утыку къызэрихьэр. Дэтхэнэ зы гуэрым къару къыхэзылъхьэрэ ар зэрылэжьапхъэ щӏыкӏэкӏэ зыгъэлэжьэфыр ″гъэ″ращи, ″гъэ″м и лъабжьэ ″гъ″ыр мы ″гъэ″р къызтехъукӏым хуэдэжу икӏи ар зыдехыжращ. ″Гъ″ым и къэхъукӏэр зи къэхъукӏэрэ бзэгукӏэр зи къэхъупӏэу ″гъ″ым къытехъукӏыж ″г″ макъым и мыхьэнэри ″гъэ″м лъабжьэ хуэхъуу къэхъуа ″гъ″ макъ мыхьэнэм пыщӏарэ елъытащ: къэхъунурэ джынум зыхуэгъэхьэзырынрэ, фӏыуэ джын ӏуэхугъуэщ ″г″ макъым и мыхьэнэр. ″Гъ″ым и къэхъукӏэм бзэгукӏэм деж къытехъукӏыж ″г″ макъыр бзэгукур зи къэхъупӏэу ″гъ″ макъ къэхъуныгъэ лъагъуэм тетрэ нэужьу утыку къихьэ ″гь, дж″ макъхэм ипэ къэхъуа зы макъщи, ″гь-дж″ макъхэм я мыхьэнэу ″джын″ ӏуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъу мыхьэнэрэ джынур зэрыджынум хуэгъэхьэзырын ӏуэхугъуэ зыхэлъ мыхьэнэ зиӏэу зы макъыщ ″г″ыр. ″Гъ″ыр къызэрыхъу щӏыкӏэкӏэ къытехъукӏарэ, зи гугъу тщӏа ″г″ым къыкӏэлъыкӏуэу утыку къихьауэ лъытапхъэ ″гь″ым и къэхъупӏэр бзэгукущ. Къызтехъукӏа ″гъ″ым и къалэным езэгъ къалэн зыгъэзащӏэ зы макъыу лъытапхъэщ ″гь″ макъыр. Абыи къыкӏэлъыкӏэу бзэгукупэр зи къэхъупӏэр ″дж″ макъращи, ″гь″ымрэ ″дж″ыри жьэрыпсалъэкӏэ зыр зым ипӏэ иувэ мыхьэнэуэ зэрахьэущ нобэм къызэрысар. Нобэ ″гь″ым къыкӏэлъыкӏуэу утыку къихьарэ абы и къэхъупӏэгъуу лъытапхъэ ″дж″ыращ тхыбзэм щызекӏуэри, абыхэм я мыхьэнэр гурыӏуэгъуэщ: «″щӏэ гуэр утыку къихьэн/къилъхьэн″, ″щыӏэ гуэрыр а зэрыщыӏэкӏэрэ утыку къилъхьэн″». Мы и макъ мыхьэнэкӏэрэ, ″гъ″ыр ″гъэ″м лъабжьэ зэрыхуэхъум пыщӏа мыхьэнэщ ″гь-дж″ макъ мыхьэнэри, ″гь-дж″ макъыр занщӏэу зыгуэр утыку къизылъхьэрэ зыгуэрыр зэрыщыту къизыӏуэ макъ мыхьэнэ зыгъуэтарщ. Мы макъ гупым щыщу иужькӏэ къэхъуауэ лъытапхъэрэ мы макъхэм нэхъ хэдзыкӏауэ утыку къихьа ″дз″ макъри мы макъхэр зэрызэкӏэлъхьэужьыкӏэрэ я мыхьэнэхэри зэрызэлъытам елъытауэ лъытапхъэщ, икӏи ″дз″ыр нэхъ зыхуэпэгъунэгъури ″дж″ макърауэ зэрыщытым ипэкӏи и гугъу тщӏагъащ.

*

Макъхэм я къэхъуныгъэм теухуауэ ипэкӏэ къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къытхуащӏыр макъ гуэрхэр ипэкӏэ къэхъуа макъ гуэрхэм къызэрытехъукӏаращ, икӏи макъхэм я къэхъуныгъэри зэрызэкӏэлъыкӏуэ щӏыкӏэращ. Бзэгур макъ къэхъупӏэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр

гурыIуэгъуэщи, бзэгу гущIыIум макъхэр нэхъыбэу къыздыщыхъури бзэгупэ лъэныкъуэращ. Мыбы папщIэщи, бзэгупэ лъэныкъуэм къыщыхъу макъхэр зи къэхъупIэр зэпэгъунэгъуу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зыр зым ещхь макъхэрщ; ахэр зэпыщIарэ къызтехъукIыжауэ къыпщохъури, дэтхэнэ зыр къызтехъукIа макъымрэ зэпыщIэныгъэ зыхуиIэ макъыр зэхэхугъуафIэу щыткъым. Ахэр зэхъуэкIыныгъэ мащIэкIэрэ зыр зым и къэIуыкIэ зыгъуэтыж макъхэрщ. Ауэ, мы я зэгъунэгъугъэр я мыхьэнэхэмкIи зэрызэлъытэгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

"Макъ щэху"хэм къэхъупIэрэ къежьапIэ яхуэхъур пэщхъынэрэ къурмакъейм натуралу къыщыхъу макъхэращи, "макъ щэху"хэм и нэхъыбэри тэмакърэ Iупэ зэхуакуращ къыздыщыхъур. Къурмакъей нэужьым макъхэм жьэ кIуэцIыр къэхъупIэ яхуэхъун бжэр зэIузыхыр тэмакъым къыщыхъу "къ" макърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, псэлъэбзэр зезыгъакIуэрэ бзэм и макъхэм и нэхъыбэр къыздыщыхъу бзэгур макъ къэхъупIэу зэIузых макъри "жь, щ" макъхэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Адыгэбзэм хэт макъхэр къыздыщыхъумрэ къызэрыхъу щIыкIэр а макъхэм я мыхьэнэхэмрэ абыхэм бзэм хагъэзэщIыхь Iуэхугъуэрзытеухуауэзэрыщытыргулъытапхъэщ. TIанэ, макъ нэхъыбэм и къэIукIэр къызэрыIуатэ псалъэхэр а макъыр зыхэту зэпкърырыува псалъэхэмкIэщи, мыри макъ къэхъукIэрэ къэIукIэмрэ макъым и мыхьэнэрэ абы бзэм хигъэзэщIыхьыр зэрызытеухуар къэзыгъэлъагъуэ IуэхугъуэщМакъ къэхъуныгъэр жьэ кIуэцIымкIэ щыкIуатэрэ "жь, щ" макъ нэужьу бзэгур макъ къэхъупIэ щыхъукIи, тэмакъымрэ бзэгулъэдакъэм нэгъунэр зи къэхъупIэ "къ, кхъ, хъ, гъ" макъхэмрэ бзэгукIэм къыщыхъу "жь, щ" макъхэм макъыщIэхэр къатохъукIыр. Макъхэм я къэIукIэр абыхэм я къэхъупIэрэ я къэхъукIэращ зэлъытари, мы зи гугъу тщIы макъхэм я къэхъукIэм хуэдэу лъытапхъэми, я къэхъупIэр зэрызэхуэмыдэм папщIэ, абыхэм къатехъукIыу лъытапхъэ макъыхэм я къэIукIэри зохъуэкIыр. Араща, тэмакъымрэ бзэгулъэдакъэ зэхуакур зи къэхъупIэу мы зи гугъу тщIы макъхэмрэ абыхэм къатехъукI макъхэр мыпхуэдэщ: «къ → "кI, чI"», «кхъ → "к, ч"», «хъ → х», «гъ → "г; гь, дж; дз"».

Тэмакърэ Iупэзэхуакумкъыщыхъуамымакъхэмдэтхэнэзыр къызтехъукIауэ жыхуэтIэ макъым занщIэу къытехъуакIыу зэрымлъытапхъэри ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къащIыр. Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэ, "кI"ыр тэмакъым къыщыхъуа "къ"ым и къэхъукIэу бзэгукум къыщыхъуауэ лъытапхъэщи, "чI"ыр "кI"ым къыкIэлъыкIуэрэ икIи и къэхъукIэм къытехъукIыу лъытапхъэщ. "Къ"ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа "кхъ"ым къытехъукIыу бзэгукум къыщыхъуа "к"ыми къыкIэлъыкIэужу "ч" макъыр къытехъукIыжу лъытапхъэщ. Къызэрыхъуарэ къызтехъукIахэр мы зэрытлъыта щIыкIэм нэмыщI, "ч"ымрэ "чI"ыр зыр зым къызэрытехъукIыжыфынури пыщапхъэщ. Мыбыхэм хуэдэщи, тэмакърэ бзэгулъэдакъэр зыхиубыдэу

утыку къихьа ″гъ″ым и къэхъукlэу утыку къихьэрэ, зи къэхъупlэри бзэгукlэу щыт ″г″ макъ нэужь, мы къэхъукlэм тету бзэгукум къыщыхъуа макъщ ″гъ″ макъри, абы елъытауэ бзэгукупэр зи къэхъуапlэу утыку къихьэри ″дж″ макъращ. ″Дз″ макъри мы макъ къэхъукlэ лъагъуэм и ухыпlэ макъыу къызэрыхъуами ипэкlэ и гугъу тщlащ.

Бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэlуха нэужьщ абы ипэ къэхъуа макъхэм бзэгум къытехъукlыж макъхэр утыку къызэрихьэри, бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэlузыхауэ зи гугъу тщlа ″жь, щ″ макъхэми бзэгу гущlыlур зи къэхъупlэу къатехъукlыж макъхэри мыхэращ: «жь → ″ж; з″»; «щ → ″щl; ш; с″».

″Жь″ макъым и къэхъукlэр бзэгукупэу щызэхъуэкlым деж, ″ж″ макъыр утыку къохьэр. Мы макъ къэхъукlэм бзэгупэр къэхъупlэ щыхуэхъукlэ утыку къихьэ макъри ″з″ макъращ. И къэхъупlэр зэхуэдэу ″щ″ым къытехъукlар ″щl″ макъращи, макъ къэхъупlэр бзэгукупэу щызэхъуэкlкlэ, ″щ″ макъым и къэхъукlэм ″ш″ макъыр къытехъукlауэ жыlэпхъэщ. Мы лъагъуэм ирикlуэу бзэгупэми ″с″ макъыр къыщыхъуащ.

Къэхъупlэгъуу щытми, я къэхъукlэмрэ къызтехъукla макъхэм елъытауэ макъхэм я къэlукlэхэри зэщхьэщокlыр. Ауэ къэхъупlэгъу макъхэм я къэlукlэхэр зэрызэпэгъунэгъури гулъытапхъэщ. Макъ гуэрхэм къатехъукl макъхэр зэрызэлъытэ щlыкlэри ахэр къызтехъукla макъхэр зэрызэлъытам хуэдэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкlкlэ, ″къ″ макъым бзэгукум къыщытехъукlыж кl″ макъхэмрэ, ″къ″ нэужьу утыку къихьэ ″кхъ″ макъым бзэгукум къыщытехъукlыж ″к″ макъым и къэlукlэр зэрызэлъытар ахэр къызтехъукla макъхэр (къ, кхъ) зэрызэлъытапхъэм хуэдэщ. Мыпхуэдэщ ″къ″ макъ нэужь утыку къихьа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм щыщу ″гъ″ым къытехъукlыжу бзэгукlэр зи къэхъупlэ ″г″ макъыр ″гъ″ым и къэхъупlэгъу ″кхъ, хъ″ым къатехъукlыжу къэбэрдеибзэм хэмыт *″к, х″*ым зэрелъыта щlыкlэр; ″г″ым къыклэлъыкlуэу бзэгукур зи къэхъупlэу утыку къихьэ ″гь″ри ″кхъ, хъ″ макъхэм бзэгукур зи къэхъупlэу къатехъукl ″к, х″ макъхэм елъытащ; икlи ″къ″ымрэ ″кхъ, хъ, гъ″ыр зэрызэлъыта щlыкlэу лъытапхъэщ ″кl″ымрэ ″к, х, гь″ макъхэр къэlукlэкlэ зэрызэлъытар.

Мы макъхэм бзэгулъэм къатехъукl макъхэр мы къызтехъукla макъхэм я къэхъукlэм зэрызэлъытам хуэдэу, я мыхьэнэхэри зэрызэлъытащ: ″къ″ым къытехъукl ″кl″ыр, ″къ″ым и къэхъукlэрэ и мыхьэнэм зэрелъытам хуэдэщи, ″к″ыр ″кхъ″ым, ″х″ыр ″хъ″ым, ″г; гь-дж″ макъхэр ″гъ″ым и къэхъукlэрэ и мыхьэнэм елъытауэ мыхьэнэ зиlэ макъхэщ. Мыбы къыщымынэу, ″къ″ макъымрэ абы къыклэлъыкlуэу къэхъуа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэр къэхъукlэрэ мыхьэнэкlэ зэрызэлъытапхъэм хуэдэ зэлъытэныгъэ зыхуаlэу лъытапхъэщ абыхэм бзэгулъэм къатехъукl макъхэри, я къэхъукlэрэ къэlукlэр зэрызэлъытам хуэдэу, ахэр мыхьэнэкlи зэрызэлъытэныгъэ зыхуаlэ макъхэу лъытапхъэщ. Илъабжьэкlэ мыбыхэми нэхъу гъунэгъуу дыхэплъэнщ.

Тэмакъым къыщыхъурэ макъ къэхъуныгъэр ипэкlэ кlуэтэн гъуэгубжэр зэlузых ″къ″ макъымрэ, абы къыкlэлъыкlуэу мы зи гугъу тщlы гъуэгур згъэкъабзэу лъытапхъэу къэхъу макъхэр мыхьэнэкlи я къэхъукlэхэр зэрызэлъытам хуэдэу зэрызэлъытащ. Япэ къэхъуа мы макъхэр къэхъукlэкlэ зэрызэкlэлъхьэужьым елъытауэ мыхьэнэкlи зэлъытащи, абыхэм къатехъукlыж макъхэм я зэхуэкуми мыхьэнэкlэ зэрызэлъытэныгъэ дэлъщ. Къэхъупlэгъугъэкlи, зэкlэлъхьэужьыкlэкlи зэрызэлъытащ макъ щэхухэри, макъ лlэужьыгъуэ къежьапlэрэ къэхъупlэгъуу лъытапхъэ макъхэр зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкlым хуэдэу лъытапхъэщ абыхэм къатехъукlыж макъхэри зэрызэлъыта щlыкlэр.

″Къ″ макъыр абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа макъхэм (кхъ, хъ, гъ) елъытауэ зэтекъузауэ къызэрыlум хуэдэу, ″къ″ым къытехъукl ″кl″ макъри ″къ″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм къатехъукlыж ″г; к, х, гь″ макъхэм елъытауэ зэтекъузарэ ткlий къэlуыкlэ зиlэ макъщ. Тэмакъым къыщыхъурэ абдежыр макъ къэхъуныгъэм фlэкlыпlэ зыхуэзыщl ″къ″ым и къэlукlэм елъытауэ адрей макъхэр нэхъ хуиту къызэрыlум хуэдэщи, ″къ″ым къытехъукl макъым (кl) елъытауэ адрей макъхэм (кхъ, хъ, гъ) къатехъукlыжхэр нэхъ хуитрэ ипэкlэ теубгъуущ къызэрыlу щlыкlэр. ″Къ″ макъымрэ, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къатехъукl макъхэм (кl; к, х, гь) аргуэру къатехъулыж макъыщlэхэри (чl; ч, -, дж) къызтехъукl макъхэм елъытауэ бзэгупэмкlэ унэтlыгъэ зиlэрэ нэхъ щабэ къэlуыкlэ зыгъуэтыжу утыку къихьэ макъхэщ. Мы макъхэр зэрызэхущыт щlыкlэр абыхэм къызтехъукla макъхэм я зэхущытыкlэм хуэдэу лъытапхъэми, я къэlуыкlэр къызтехъукla макъхэм елъытауэ нэхъ щабэу зэрыщытым папщlэ, зэрызэлъыта щlыкlэр нэхъ лантlэрэ зэпэгъунэгъуу лъытапхъэщ. Аращи, ″къ″ым къытехъукlыу бзэгукур зи къэхъупlэ ″кl″ лlэужьыгъуэ макъхэмрэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгукур зи къэхъупlэу къытехъукl ″к, х, гъ″ макъхэм я къэlукlэм елъытауэ, абыхэм къатехъукlыж ″ч, -, дж″ макъхэр къэlукlэкlэ нэхъ зэпэгъунэгъущ.

*

Мы къэтlуэтахэр зытеухуарэ къыздыщlидзэр ″къ″ макъымрэ абы зэlуиха бжэм дэкlыу къэхъу макъхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэращ. ″Къ″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ макъыр ″къ″ макъ къэlуыкlи зыхэлъ ″кхъ″ макъращ; абы къыкlэлъыкlуэ ″хъ″ макъыр ″кхъ″ макъ къэlуыкlэ зыхэлъ макъщ; ″хъ″ым къыкlэлъыкlуэу лъытапхъэ ″гъ″ыри ″хъ″ къэlукlэм ещхь макъщ. Мыбыхэм я къэхъуныгъэм къежьапlэрэ лъабжьэ хуэхъуар ″къ″ макъращи, мыбыхэм я къэlукlэр ″къ″ макъым зэlуиха бжэм щыдэхьэжу зэрылъытапхъэр абыхэм ипэ къэхъуарэ ахэр къызэрыхъуну лъабжьэрэ къыздыщыхъуну бжэр зэlузыхарэ зыlыгъ ″къ″ макъращ. Аращи, ″къ″ макъым елъытауэ хуиту къэlуыкlэ зиlэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм мы я хуитыныгъэр зэрыкlуэдрэ щызэщlэкъузэм щыгъуэ къэхъур ″къ″ макъращ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм я пlытla макъхэр

″къ″уэщ къызэрыIур: «″кхъI″ → къ; ″хъI″ → къ; ″гъI″ → къ». Е кIэщIыу жыпIэмэ: «{″кхъI″, ″хъI″, ″гъI″} → къ».

″Кхъ, хъ, гъ″ макъ зэкIэлъхьэужьым къежьапIэ яхуэхъур тэмакъыр зэрыдэкъузэкIэрэ къэхъу ″къ″ макъращи, абыхэм я къэIукIэм ущытекъузэрэ щыппIытIкIэ утыку къихьэжыр ″къ″ макъыу зэрыщытыр мы къэгъэлъэгъуахэм гурыIуэгъуэ къыпхуащIыр. ″Къ″ макъым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ мы макъхэм я текъузэри ″къ″ зэрыхъужым зэрезэгъщ мы макъхэм я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъыта щIыкIэр. Аращи, ″кхъ″ макъыу къежьапIэрэ лъабжьэ зи мыхьэнэ зиIэри, ″хъ″ макъыу ″хъу″р къызтехъукI лъабжьэри, ″гъ″ макъыу ″гъэ″рэ ″гъу″р къызтехъукI лъабжьэри къежьапIэ зи мыхьэнэ ″къ″ым мыхьэнэкIэ зэрелъытар гулъытапхъэщ, икIи а макъхэм ущытекъузэкIэ, я къежьапIэ ″къ″ым зэрыхуэкIуэжри зэрыжытIауэ гурыIуэгъуэщ.

″Къ″ макъым бзэгулъэм къыщытехъукI ″кI″ макъымрэ, ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм къатехъукI ″г; к, х, гь″ макъхэм я зэхущытыкIэрэ я зэрызэлъытэныгъэри ахэр къызтехъукIа макъхэр зэрызэлъытарэ зэрызэхущытыкIэу мы ипэкIэ и гугъу зэрытщIам хуэдэщ: «″г″ → ″гI″ → *кI*»; «{″к″, ″х″, ″гь″} → {″кI″, ″хI″, ″гьI″}→ кI».

″Къ″ым бзэгукум къытехъукI ″кI″ым къытехъукIыжу лъытапхъэр ″чI″ макъращи, ″кхъ″ым и къэхъукIэу ″к″ым къыкIэлъыкIуэжу къэхъу ″ч″ми, ″гъ″ макъым и къэхъукIэм къатехъукIыж ″гь″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъу ″дж″ макъми и пIытIа макъыр ″чI″ыуэщ къызэрыIур. - ″Хъ″ым бзэгукум къытехъукIыж ″х″ макъым иужькIэ нэгъуэщI макъ къытехъукIыжкъым -. НытIэ мыхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «{″ч″, ″дж″} → {″чI″, ″джI″} → чI».

Макъхэм фонетикэу мы зи гугъу зэрытщIа я зэхущытыкIэрэ я зэрызэлъытапхъэ щIыкIэхэр икIи абыхэм я мыхьэнэхэм теухуауэ зэрыгъэзащIэри гулъытапхъэщ. Аращи, ″къ″ым къыкIэлъыкIуэрэ зэкIэлъхьэужьу утыку къиьэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм я пIытIахэр фонетикэу ″къ″ым зэрыхуэкIуэжыр мыхьэнэкIэри зэрыгъэзащIэм ипэкIэ и гугъу тщIащ. Мыбы къыщымынэу, мы макъхэм бзэгулъэм къатехъукI макъхэри я текъузэрэ пытIакIэрэ зэрызэлъытар зыхэплъагъуэу мы ипэкIэ къэтахэм я мыхьэнэхэри зэрызэлъытар гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, къэхъукIэрэ къэIукIэкIэ я зэлъытэныгъэр мыхьэнэкIэрэи зэраIэм теухуауэ жыIэпхъэхэр илъабжьэкIэ къыпытщэнщ.

″Къ″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъуа ″кI, чI″ макъхэр ″кхъ″ым къытехъукIауэ жыхуэтIэ ″к, ч″ макъхэм я пIытIауэ зэрыщытыр нэрылъагъущи, я мыхьэнэхэри мыпхуэдэу зэрызэлъытар гурыIуэгъуэщ: ″кI″ыр щыIэ гуэрым нэгъуэщI щыIэ гуэр къыхэхъукIыныгъэм теухуащ, ″к″ыр щыIэ гуэритIыр псыгъуэу зэгуэкIыныгъэм (зэгуэчыныгъэм) теухуащ; ″кI″ыгъэкIэ къэхъум къыгуэкI ″к″ыр къызгуэкIам хэппIытIэжмэ, кIыгъэ мэхъужыр. ″Хъ″ым къыщытехъукIыжа ″х″ макъым и пIытIар фонетикэу ″кI″ым зэрыхуэкIэм хуэдэщи, мыхьэнэкIи зэрыхуэкIуэр гулъытапхъэщ: щыIэгъуэ зиIэр зыхэтрэ зытет лъабжьэм (х) ущытекъузэм е

ар лиминацэ щыпщlым деж, абы зыгуэр къызэрыхэкlынур (кl) гурыlуэгъуэнщ; нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″х″ырэ щыlэгъуэ зиlэхэр зыхэт лъабжьэр щыппlытlкlэ, ″х″ыхэкlщ къэхъур. Фонетикэу ″гъ″ым къытехъукlыжа ″гь″ым и пlытlар ″къ″ым къытехъукlыжа ″кl″ыщ; ″гь″ым къыкlэлъыкlуэу къэхъу ″дж″ым и пlытlари ″кl″ым къыкlэлъыкlуэу къэхъу ″чl″ыщи, абыхэм я мыхьэнэхэмкlи мыпхуэдэ зэрызэлъытэныгъэ зыхуаlэщ: ″гъ″ым къыхэхъукlыжрэ джыныгъэ зи мыхьэнэ ″гь, дж″ макъхэм я текъузэрэ пlытlа е я лимитацэ ″кl, чl″ макъхэри джын лимитацэ lуэхугъуэщ; ″гь, дж″ макъхэу джыпхъэм ущытекъузэкlэ абы къыхэхъукlращ кlыгъэ зиlэу утыку къихьэр; ″гь, дж″ырэ джыныгъэр щыппlытlкlэ е лимитацэ щыпщlкlэ утыку къихьэр ″джыхэкl″щ, - джым къыхэхъукlыу кlыгъэ мэхъур.

Мы зи гугъу тщlахэр тэмакъым къыщыхъурэ абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ макъхэмрэ абы къатехъукlыж макъхэр зэрызэлъытам теухуащ. Тэмакъыр макъ къэхъуныгъэм зэрытехьэкlэрэ абдежым къыщыхъу ″къ″ макъым езыр мы къыздыщыхъум жьыр зэрыдикъузэкlэрэ къэхъуауэ зэрыдэкъузэрэ зэрытекъузакlэрэ къэlу макъщи, ар езым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ макъхэм я пlытlа макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ: «**къ**, кхъ, хъ, гъ». Мы макъхэр зы гупу зэрылъытапхъэм къыщымынэу, мыбыхэм бзэгулъэр зи къэхъупlэу къатехъукl макъхэри зэблагъэ макъхэрщ. Аращи, ″къ″ым бзэгулъэм къыщытехъукl ″кl″ макъыр икlи ″къ″ым къыкlэлъыкlуэ ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгулъэм къатехъукl макъхэми я пlытlахэр къызэрыlу щlыкlэрщ.

Зыр зым къытехъукlрэ я къэхъупlэр зэхуэдэ е зэщхьэщыкlми, дэтхэнэ зы макъым макъ пlытlа иlэщ. Хуиту къэlу макъым текъузэнрэ пlытlыныр абы аргуэру зы макъ къыхэгъэхъукlын лъэкlыныгъэщи, макъкlэ ухуэрэ зэпкъырыувэ бзэм и макъхэр игъэбэгъуэн lэмалыгъуэм щыщщ макъ пlытlа къэгъэхъуныр. Мыр макъ щэхухэм ямызакъуэу, хуиту къэlу макъ lуэрхэми макъ пlытlахэр къазэрытехъукlыр гурыlуэгъуэщи, бзэ куэдым я макъ lуэрхэр нобэ макъ пlытlауэщ зэрыхэтри, макъхэмкlэ ухуэ псэлъэбзэм и архиву щыт адыгэбзэм хуиту къэlу макъ lуэрхэри, макъ lуэр пlытlахэри хэтщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъым макъ пlытlа зэриlэр жытlагъэххэщи, бзэм къыхэмыщ е хэщlыжами, дэтхэнэ зы макъ гупми макъ пlытlа хэтщ: къэхъупlэгъуу щыт зы гупу зи гугъу тщlа макъхэми, мыбдежым и гугъу зэрытщlыжауэ, къэхъупlэгъуу щымытрэ зэхуэмыдэ гупхэм хэту къэдгъэлъэгъуами, дэтхэнэ зы макъ гупым макъ пlытlа зэрыхэтыр гулъытапхъэщ.

″Щ″ макъым и къэхъупlэм абы къыкlэлъыкlуэу къытехъукl ″щl″ макъри гупым и макъ пlытащ, икlи ″щ″ым къызэрытехъукlам ипкъ зэриткlэ ″щl″ым и мыхьэнэри ″щ″ым елъытарэ теухуащ, ″щl″ыр ″щ″ым къытехъукlрэ и лимитацэу ар lупщlыу утыку къызэрихьэр (и абсолудыгъэр) зи мыхьэнэуэ зы макъщ: ″щ″ырэ щыlэгъуэ лъабжьэм къытехъукl дэтхэнэ зы щыlэгъуэри зы ″щl″ лlэужьыгъуэщи, дэтхэнэ зы

″щl″ лlэужьыгъуэр зыхэзыубыдэращ ″щ″ыр. ″Щ″ым и къэхъукlэр зи къэхъукlэу бзэгукупэр зи къэхъупlэ ″ш″ыми, бзэгупэр зи къэхъупlэ ″с″ыми я пlыта макъ къэбэрдеибзэм хэткъым (″с″ым и пlытlарэ и лимитацэр ″цl″ым хуэкlуэнырщ). Ауэ икlи, адыгэбзэ макъхэм я гугъу щытщlым деж, зы жьэрыпсалъэрэ диалектым къытенэныр сытым щыгъуи зэфlэкla еджэн lуэхугъуэу зэрыщымытынури гурыlуэгъуэнщи, псалъэм папщlэ, къэбэрдеибзэм хэт ″ш″ым и пlытlар нэгъуэщl адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект гуэрхэм зэрыхэтри гурыlуэгъуэщ.

″С″ым и пlытla макъри, ″жь″ым къытехъукlауэ зи гугъу тщla ″з″ым и пlытари, ″гъ″ макъ къэхъуыкlэ лъагъуэм тету къэхъуауэ зи гугъу тщla ″дз″ым и пlытари ″цl″ макъым зэрыхуэкlуэр гулъытапхъэщ. Аращи, ″щ″ макъ къэхъукlэм пыщlауэ къэхъуарэ ″щ″ ухыпlэрэ хэхьэпlэр зи мыхьэнэ ″с″ макъыр щыппlыткlэ, ″щ″ым хуэкlуэжыныгъэкъым къэхъури, абы и пхэнджрэ мыщыр зи мыхьэнэ ″цl″ыращ зыхуэкlуэр: щыlэгъуэр зэрызекlуэ ″с″ыр щыппlытlкэ, мысыгъэрэ лъэмыlэсращ къэхъури, ″с″ым аткlэу мысрэ сыгъуэм имыт ″цl″ым хуокlуэр. ″З″ыр ″зы″щи, ар щыппlыткlэ къэхъу ″цl″ыр икlи зым икlыныгъэу ″зырикl″ыу зэрыщытынри гулъытапхъэщи, зыхуэкlуэр ″цl″ыращ. ″Дз″ макъым утекъузэрэ щыппlытlкlэ, къэlур ″цl″ макъ лlэужьыгъуэщи, ″дз″ымрэ ″цl″ым я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ: ″дж″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″дз″ыри джын лlэужьыгъуэу ″дзын″ lуэхугъуэущи, ар щыппlытkлэ, и джын лlэужьыгъуагъэр хэкlуадэу мыджэм ходзэри, къэхъур ″цl″ым хуэкlуэнращ. Мы къэтlуэтахэри мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «{″с″, ″з″, ″дз″} → {″сl″, ″зl″, ″дзl″} → цl».

Къыздыщыlу щlыпlэм теухуащи, щыпlытlым деж ″цl″ макъым хуэдэ къэlуыкlэ зыгъуэту мы зи гугъу тщla макъхэм я мыхьэнэхэр зэрыкlуэд щlыкlэри ″цl″ макъым и мыхьэнэм хуэкlуэрэ теухуэу лъытапхъэщ. Аращи, щыlэгъуэр зэрысрэ зэрызэхъуэкlыу щыlэгъуэ къызэрытехъукlын lэмалыгъуэ зыгъэзащlэ мыхьэнэ зиlэ ″с″ым мы мыхьэнэр зэрыкlуэд щlыкlэри ″цl″ макъым и мыхьэнэм теухуащ: щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ хъуурэ къызэрекlуэкlыр зэрыгъэзащlэ мыхьэнэ зиlэ ″с″ыныгъэр зэрыкlуэду мысыжрэ мыхъужу щыlэгъуэ къызтемыхъукlыр ″цl″ макъ мыхьэнэращ зытеухуар. Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гурыр щхьэжу зэрылъытэр къызэрыlуатэ ″з″ макъым мы и мыхьэнэр щыкlуэдрэ щыlэгъуэу мылъытэр къызэрыlуатэри ″цl″ макъ мыхьэнэм теухуащ. Джыгъуэ лlэужьыгъуэ макъхэм къакlэлъыкlуэу къатехъукlыж ″дз″ макъ мыхьэнэр зэрыкlуэд щlыкlэри ″цl″ макъ мыхьэнэм къиlуатэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

″Жь″ым къытехъукl макъ пlытla хэткъым адыгэбзэм. ″Жь″ым и пlытlари абы къыкlэлъыкlуэу къэхъуа ″щ″ макъым и пlытарэ и лимитацэ ″щl″ макъращ зыхуэкlуэри, мы я зэхущытыкlэм мыр тежыlэпхъэщ: увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэт зи мыхьэнэ ″жь″ыр щыппlыткlэ зы увыlэпlэм (щl) хуэкlуэу къоувыlэр. ″Жь″ым къытехъукla ″ж″ым занщlэу и пlытla макъ къэбэрдеибзэм хэмытми, къэбэрдеибзэ макъыу абы и пlытlари

″чl″ым зэрыхуэкlуэр гулъытапхъэщи, мы я зэрызэлъытари ″ж″ макъ мыхьэнэмрэ ″чl″ макъ мыхьэнэхэр зэрызэлъытам теухуащ.

Дэтхэнэ зы макъ гупым макъ пlытlа зэрыхэтыр жытlагъэххэщи, къэхъупlэгъуу щыт дэтхэнэ макъ гупым макъ пlытlа зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. ″Макъ пlытlа, текъуза, лимитацэ″ жыхуэтlэхэр флэкlыпlэ имыlэу къызтехъукlауэ зэрытха макъым иужь къэхъуа макъкъым. Макъ lуэр лъабжьэхэм я лимитацэу къэхъуа ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэр къызтехъукlа макъ lуэр лъабжьэ нэужьу къызэрыхъуар гурыlэгъуэщ. Ауэ ипщэкlэ къызэрыгъэлъагъуэщи, тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ макъым езыри макъ дэкъузарэ пlытlауэщ къызэрыхъуарэ зэрыщытри, абы бзэгулъэм къыщытехъукlыжа ″кl″ макъыр ″к″ макъым ипэ къэхъуауэщ зэрылъытапхъэр. ″Цl″ыр зы макъыу бзэм зэрыхэхьа щlыкlэм и гугъу тщlащи, ар ″ц″ым ипэкlэ къэхъуарэ ″ц″ыуэ тха макъри къызтехъукlаращ.

Бзэгулъэм къыщыхъуа дэтхэнэ зы макъ гупым макъ пlытlа хэтщи, ахэр зыхэт гупым щыщ макъхэм къакlэлъыкlуэущ къызэрыхъуар. Араща, ″щl″ макъыр ″щ″ макъым иужьрэ къытехъукlауэ зы макъщ. Макъ гупхэм хэт макъ пlытlахэри зыхэт гупым щыщ зы макъращ - нэхъыбэм дежкъызтехъукlари, абы иужьращ къыщыхъуар: ″лъ, л″ гупым хэт ″лl″ макъри, ″ф, в″ гупым хэт ″фl″ макъри, ″п, б″ гупым хэт ″пl″ макъри къызэрыхъукlарэ зи пlытlауэ зэрытха макъым иужь къэхъуауэ жыlэпхъэщ. Мы зэрызэкlэлъыкlэу къызэрыхъуам елъытащ макъхэм я мыхьэнэри зэрызэлъытар: ″лъ″ырэ ″л″ макъхэм я мыхьэнэр зэрыхъун хуейм зэрыхуэкlуэ мыхьэнэщ ″лl″ макъ мыхьэнэр; ″ф″ макъ мыхьэнэм къигъэхъупхъэр утыку къихьарэ зэрыхъун щыхъуаращ ″фl″ макъым и мыхьэнэр; ″п″ защlэкlэрэ къекlуэкlыу ″б″ым и мыхьэнэр утыку къызэрихьэрэ зэрыпlыр ″пl″ым и мыхьэнэкlэщ.

Макъым и къэlукlэм текъузэныгъэ зиlэу зи гугъу тщla мы макъхэр и пlытlауэ зэрытха макъым ипэ е иужь къэхъуами, и мыхьэнэр зи пlытla макъым и мыхьэнэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Макъ пlытlауэ зи гугъу тщla макъхэмрэ, ахэр зи пlытlауэ тлъытэ макъхэм мыхьэнэкlэ зэрызэлъытар гурыlэгъуэщи, пlытlын lуэхугъуэм къигъэщl мыхьэнэр ар зи пlытlауэ щыт макъым елъытащ. Зы макъыр щытекъузэрэ щыпlытlкlэ, а макъым и зы lыхьэ е и зы лимитыр (у - lу), а макъым и зы лимитрэ и зы lыхьэу а макъым и мыхьэнэ абсолудыгъэр (щ - щl), а макъ мыхьэнэ ухыпlэр (″cl, зl, дзl″ → цl), а макъ мыхьэнэм теухуа lуэхугъуэхэкlыр (″xl, джl″ → кl) е а макъ мыхьэнэр зытеухуа lуэхугъуэм хищlэр (д - тl) мыхьэнэ зэрыхуэхъур макъ пlытlахэмрэ ахэр къызтехъукlрэ къызтехъукlыпхъэ макъхэр зэрызэдгъэпща щlыкlэу ипщэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlыр гулъытапхъэщ.

*

Я къэхъукlэр зэхуэдэ е зэпыщla макъыу хъуам макъ пlытla къазэрытехъукlыр мы ипэкlэ къэтlуэтахэм къагъэлъагъуэр. Ауэ, гупу къэдгъэлъэгъуа дэтхэнэ зыми макъ пlытla зэрыхэмытыр гулъытапхъэщ.

Макъ пlытlахэр флэклыплэ имылэу хуиту къэlу макъхэм къатехъуклыжуи лъытапхъэкъым. Макъ пlытlауэ жыхуэтlэ гуэрхэр сытым деж ар зи пlытlауэ тха макъым къытехъуклауэ зэрымылъытапхъэр мы къэтlуэтахэми гурылуэгъуэ ящlыр. Илъабжьэклэ макъ пlытlахэм я къэхъуклэм теухуауэ щапхъэ гуэрхэми и гугъу тщlынщ.

″Кl″ыр темакъыр зи къэхъуплэрэ абдежыр зэрыдэкъузэклэ къэхъуа ″къ″ым и къэхъуклэращ къызтехъуклри, ″къ″ым къыклэлъыклуэу къэхъуа ″кхъ″ым и къэхъуклэр зи къэхъуклэу къытехъукlа ″к″ыр ″кl″ нэужь къэхъуауэ лъытапхъэщ. Мы макъхэм я къэхъуклэр зэрызэклэлъхьэужьыр гулъытапхъэщи, ″кl″ыр ″к″ым и макъ пlытlа къэlуыклэ зиlэу зы макъми, ар (кl) къызтехъуклар (къ) ″к″ыр къызтехъуклам (кхъ) ипэ къызэрихуэм папщlэ, ″кl″ыри ″к″ым ипэ къихуу къэхъуауэ лъытапхъэщ.

Зи гугъу тщlа мы макъитlыр къызтехъукlа макъхэр зэрызэщхьэщыклым къызэрыгуэклкlэ, ″к″ым и макъ пlытlауэ тха ″кl″ыр япэ къэхъуа макъыу лъытапхъэщ. Я къэхъуклэр мыбыхэм хуэдэу щымытми, макъ пlытlауэ щыт ″цl″ макъри ″ц″ым ипэ къихуэу къызэрахъуам ипэклэ дытепсэлъыхьауэ зэрыщытари мыбдежым дигу къэдгъэклыжынщ.

Ауэ, къэхъуплэгъуу бзэгум утыку къыщихьэ макъ гупхэм (лъ, л, лl; п, пl, б; ф, фl, в) яхэт макъ пlытlахэр (лl, пl, фl) а зыхэт гупым хиубыдэ дэтхэнэ зы макъым къызэрытехъуклыфынури гулъытапхъэщ; икlи, мы гупхэм хэт дэтхэнэ зы макъ пlытар - флэклыплэ зэримылэклэрэ- а гупым хэт зы макъым къытехъукlауэ зэрымылъытапхъэрэ а макъым иужь къэхъуауи зэрымылъытапхъэри гурылуэгъуэнщ.

*

Зэрызэлъытарэ зыр зым къытехъуклыу утыку къихьэ макъхэми, езым ипэклэ къэхъуа макъхэм емылъытарэ пымыщlауэ щхьэж къэхъуклэ зиlэрэ бзэгум къыщыхъуу къэхъуплэгъуу утыку къихьэ макъ гупхэми макъ пlытlа жыхуэтlэхэр зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. Макъхэр зэрыплытlклэрэ макъыщlэхэр утыку къызэрихьэр гурылуэгъуэщи, макъхэр зэрыбагъуэм и зы щlыклэр макъхэр зэрыплытlклэрэу зэрыщытыр гурылуэгъуэщ. Макъыбзэр макъклэрэ бэгъуэну хущlэкъу лэжьэклэ зиlэ бзэрщи, макъ бэгъуэныгъэр макъхэр пlытlауэ къызэрылу щlыклэми къызэрыщымынэр гурылуэгъуэнщ.

Псэущхьэм макъ къыригъэlуклхэр зэрихьэу щыщlидзэр макъклэрэ ухуэ псэлъэбзэ пэщlэдзэщ. Мы лъагъуэм тету псэлъэбзэр зэпкъырыувэу щыщlидзэм сытым дежи, макъыу къыриlум хуэдизклэрэщ псэлъэбзэр зэрыхуэр. Мыпхуэдэу бзэм къиlуэтэн хуейуэ къыпыщlэхуэ гуэрхэри къиlуэтэфын папщlэ, макъыщlэхэм щыхуэныкъуэ къохъури, мы ужьыклэм ипкъ иткlэ бзэ лэжьэклэрэ ужьыклэм дэщlыгъуу макъыщlэхэри утыку къохьэр. Аращи бзэ лэжьэклэм зэрыпыщэклэрэ утыку ит макъхэр тегъэщlапlэ зэрищlклэрэ макъыщlэхэр къохъури, мыбы и зы щапхъэфlщ ″у″ клэухклэрэ къэlуу макъыщlэу утыку къихьэхэр.

Мыпхуэдэр бзэ лэжьэкlэр къыщlидзарэ псэущхьэм къырiу макъкlэрэ лажьэу щlэзыдза бзэм макъкlэрэ нэхъыбэ къиlуэтэфын папщlэ, макъ гъэбэгъуэныгъэмкlэ зэрыхущlэкъу lуэхугъуэщ. Аращи, мы макъ гъэбэгъуэныгъэр япэу макъхэм ″у″ къазэрыпыхьэкlэрэ гъэзащlэу макъыщlэхэр къэгъэхъун lуэхугъуэу къэхъуу щlидзауэ жыlэпхъэщ. ″У″ къазэрыпыхьэкlэрэ макъыщlэхэр утыку къызэрихьэри япэу тэмакъымрэ абы иужьым къыщыхъуа макъхэмкlэ къежьауэ лъытапхъэщ. Ауэ, мы макъхэр утыку къызэрихьа зэрызэкlэлъхьэужьыкlэр икlи абыхэм ″у″ къазэрыпыхьэкlэрэ къатехъукlа макъхэм я зэкlэлъхьэужьыкlэуи жыlэпхъэкъым. Мы макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ игъуэр къыщысым деж зым ″у″ къызэрыпыхьэкlэрэ утыку къихьа макъыщlэр адрейхэми мыпхуэдэ макъ къатехъукlынкlэрэ щапхъэ яхуэхъуу макъыщlэ къатехъукlыжагъэнщ. Дауэми, ″у″ къазэрыпыхьэкlэрэ утыку къихьа макъхэр къызтехъукlа макъхэр утыку къызэрихьа зэкlэлъхьэужьыкlэкlэ илъабжьэкlэ къэтащ.

Тlанэ, япэу тэмакъымрэ абы къыкlэлъыкlуэ щlыпlэхэм (бзэгулъэдакъэ нэгъунэм) къыщыхъу макъхэм ″у″ къакlэлъыкlэу макъыщlэхэр къазэрытехъукlым и зы щхьэусыгъуэр мы макъхэм я макъ мыхьэнэрамэ, адрейри мы макъхэм я къэlукlэр ″у″кlэрэ нэхъ хуит зэрыхъурагъэнщ. Тэмакъымрэ абы къыкlэлъыкlуэ щlыпlэм къыщыхъуа макъхэм псоми ″у″кlэрэ къэlуу макъыщlэхэр къатохъукlыр: «къ → къу»; «кхъ → кхъу», «хъ → хъу», «гъ → гъу».

Мыбыхэм (къ, кхъ, хъ, гъ) ″у″кlэрэ къэlу макъхэр къызэрытехъукlым (къу, кхъу, хъу, гъу) къыщымынэу, ″къ, кхъ, хъ, гъ″хэм къэхъупlэ зэхъуэкlыныгъэкlэ къатехъукlыжу утыку къихьэ макъхэми (кl, к, х, гь) ″у″ къапыхьэжу макъыщlэхэр къатохъукlыжыр. Мыпхуэдэу къэхъуарэ къэбэрдеибзэм хиубыдэ макхэр къэдгъэлъэгъуэнщ: «кl → кlу», «к → ку», «х → ху», «гь → гу».

Гулъытапхъэщи, къэбэрдеибзэм ″у″кlэрэ къэlуу ухуауэ хиубыдэу, щхьэж макъ щэхухэм къатехъукl макъ псори мыбдежым зи гугъу тщlа макъхэращ. Тэмакърэ бзэгулъэдакъэм къыщыхъу макъхэмрэ, абыхэм къатехъукlыж макъхэращ ″у″кlэ къэlуу къэбэрдебзэм хэт макъхэу мы зи гугъу тщlахэр. Ауэ, ″у″кlэ къэlуу утыку къихьэ макъыщlэхэр щхьэж къэlуыкlэ зиlэ макъ щэхухэм хуэlуауэ зэрыщымытри гурыlуэгъуэщи, зы макъыбзэр макъыщlэ къэгъэхъункlэрэ зэрыхущlэкъум макъ зэгуэтхэр къызэригъэщlым нэмыщl, макъ щэху зэгуэт гуэрхэри ″у″кlэрэ къэlуу макъыщlэхэр къызэригъэщlыфынури гурыlуэгъуэнщи, игъуэ къыщыскlэ мыбыхэми я гугъу тщlынщ.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, зы ″макъ щэху″р ″у″кlэрэ къэlуу утыку къихьэ мы макъхэр щхьэжу зы макъ хуэдэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Икlи, мыбдежым ″у″кlэрэ къэlуу утыку къихьэ мы макъыщlэхэр макъзешэкlэ къэlуу ухуагъэххэщи, къэlун папщlэ нэгъуэщl макъзешэ зыхуэмыныкъуэу ″макъ lуэр″ къэlуыкlэ зиlэхэрщ. Аращи,

къызтехъукlар ″макъ щэху″рэ ″макъдэкlуашэ″у щытми, ″у″кlэ къызэрыlуу зэрыухуам папщlэ, мы утыку къихьа макъыщlэр ″макъдэкlуашэ″у щытыжкъым, ауэ ″макъзешэ″у зэрыщымытынури гурыlуэгъуэнщ.

″У″кlэ къэlу макъхэр япэ къэхъуауэ зи гугъу тщla макъхэмрэ, абыхэм къатехъукla макъхэращ къызтехъукlыжыр. Мы макъхэм ″у″кlэ къэlуу къатехъукl макъхэм я къэхъупlэр зэхъуэкlкъым, ″у″кlэ къызэрыlу щlыкlэу къызтехъукla макъым и къэхъупlэращ мы макъыщlэри къыздыщыхъур. Къызтехъукla макъым мы утыку къихьа макъыщlэр зэрыщхьэщыкlыр мыр ″у″кlэрэ къызэрыlу закъуэращ. Мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэм я мыхьэнэхэри къызтехъукla макъхэм зэрыпыщlарэ зэрелъытар гурыlуэгъуэнщ.

Дэтхэнэ зы макъым ″у″ къызэрыпыхьэкlэрэ утыку къихьэ макъыщlэм и мыхьэнэр къызтехъукla макъымрэ ″у″м и мыхьэнэращ къэзыгъэщlыр. ″У″м игъэзащlэр къызкlэлъыкlуэ макъым и ужьыгъуэращи, мы ужьыгъуэр зи ужьыгъуэм и мыхьэнэращ зы макъыр ″у″кlэ къыщыlум деж утыку къихьэ мыхьэнэр. Ар щыхъукIи, ″у″кlэ къэlу макъхэм я мыхьэнэри зэхуэдэ ужьыгъуэ мыхьэнэуэкъым зэрыгъэзащlэр. Мыр ″у″кlэ къэlу макъхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъукlэ нэхъ гурыlуэгъуэ хъунущи, ипэкlэ къэдгъэлъэгъуауэ щытрэ ″у″ кlэух зиlэ макъыу къэбэрдеибзэм хиубыдэ макъхэр илъабжьэкlэ къэтащ.

И къэхъукlэм ипкъ иткlэ, къэхъупlэрэ къежьапlэ зи мыхьэнэ ″къ″ым езыр щыlэ гуэрым хэмытращи, мы и мыхьэнэм ужьыгъуэ (у) игъуэтмэ, ″къэхъупlэрэ къежьапlэ ужьыгъуэ″щ утыку къихьэну мыхьэнэри, ″къу″ макъым и мыхьэнэр мыращ. Езыр къэхъуу хъуам и къежьапlэ къизыlуэрэ щыlэ гуэрым хэмытрэ щымыщу щыт ″къ″ым ужьыгъуэ зэригъуэту утыку къихьэ ″къу″ макъыр къэхъурэ къызтехъукlым пыщlауэ щыlэгъуэ зиlэ гуэрыр къизыlуэу зы макъщ.

″Къ″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьарэ абы и къэlукlэри зыхэлъыж ″кхъ″ макъым къежьапlэрэ лъабжьэ гуэр зэрыримыхьэнэр гурыlуэгъуэщ. Абы и ужьыгъуэу утыку къихьэ ″кхъу″ри ″къежьапlэрэ лъабжьэ ужьыгъуэ″ къизыlуэ зы макъ мыхьэнэщ. Мы макъхэр бзэм куэдыщэу зэрыхэмытымрэ кlуэдыпlэм зэрыхуэкlуэм папщlэщи, я макъ мыхьэнэхэр наlуэ дыдэ къытхуэхъукъым, ауэ ″кхъу″р ″кхъ″ым елъытауэ и мыхьэнэр нэхъу гурыlуэгъуэ къытхуэхъуу адыгэбзэм хэтщ.

″Къ″ым и къэхъукlэм къытехъукlыжу, бзэгукур зи къэхъупlэу утыку къихьэ ″кl″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, щыlэ гуэрым къыхэхъукlрэ езырыжу утыку къихьэныгъэ зи мыхьэнэщ. ″Кl″ым игъэзащlэ утыку къихьэныгъэр ″къ″ мыхьэнэм хуэдэу лъабжьэ дыдэу зы къежьапlэкъыми, ″къ″ым зэlуиха къэхъуныгъэм ипкъ иткlэ, къэхъуарэ щыlэгъуэ зиlэ гуэрым къыхэхъукlыу езыр езырурэ утыку къихьэныгъэу зы къэхъуныгъэщ. Сытми теухуауэ къэхъуныгъэ къежьапlэ къизыlуэ ″къ″ым къытехъукl ″кl″ым и мыхьэнэр мы зэlуха къэхъугъуэм къызэрыгуэкlкlэ езыр езырурэ утыку къихьэныгъэщи, зы къэхъуныгъэу ар езыр зы ужьыгъуэу

лъытапхъэщ. ″Кl″ макъ мыхьэнэр зы ужьыныгъэу зэрыщытым папщlэ, ″у″кlэрэ къэlуу ″кl″ым къытехъукl ″кlу″ макъым и мыхьэнэр ″кl″ым и ужьыгъуэкъыми, зыужьыныгъэу щыт кlыуэ щытхэм я зэхуаку къыдэхъухь ужьыныгъэщ. Кlыуэ утыку къихьэ гуэритlым зэхуэдэрэ зэрызэлъытэныгъэкlэ кlыгъуэ зэраlэмэ, утыку къызэрихьэ я кlыныгъэхэм зэдэужьыгъуэ зыхуаlэщи, ″кlу″р мыращ зытеухуар. Абы зы бзэ мыхьэнэ къытэхъукlын папщlэ, зэдэкlыгъуэ гуэритl хуэныкъуэщи, мы гуэритlым теухуауэщ ″кlу″р бзэм зы псалъэ щыхэхъухьыр (екlу); е зэдэкlуныгъэ зиlэ гуэритlым зэдащlэ зы lуэхугъуэ къизыlуэ зы псалъэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр (кlуэ).

″Къ″ым къыкlэлъыкlуэу къэхъу ″кхъ″ макъыр зэрызэлъытам хуэдэу лъытапхъэщ абыхэм къатехъукlа ″кl″ макъымрэ ″к″ макъым я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэр. ″К″ макъ мыхьэнэр ″кl″ макъ мыхьэнэм елъытауэ утыку къихьэ lэнатlэ гуэру лъытапхъэщ. Ар зы купщlэ зимыlэрэ псыгъуэу зы кlыхьагъ lэнатlэ къизыlуэ макъщи, абы купщlэ зэригъуэтымрэ, мыпхуэдэ псыгъуэ кlыхьагъ зиlэ китlым (читlым) я зэхуакуращ - я зэхуаку дищlэращ- ″к″ ужьыгъуэу ″ку″ макъым мыхьэнэ хуэхъур.

″Къ″ нэужь къэхъуу макъ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъу макъхэм щыщщ ″хъ″ыри, абы зы лабжьэ мыхьэнэ иlэщи, абы и ужьыгъуэр лъабжьэм къытехъукl лlэужьыгъуэщ, лъабжьэм и ужьыгъуэщ. Мыращ ″хъу″ макъ мыхьэнэр. ″Хъу″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар къызтехъукlыр ″хъ″ыщ. ″Хъ″ыр зы лъабжьэ къизыlуэ макъщи, дэтхэнэ зыгуэрыр зы лъабжьэу зэрылъытэкlэрэ абы къытехъукlращ ″хъу″р. Зы лъабжьэм (хъ) къытехъукlрэ къэ″хъу″р аргуэрэу зы лъабжьэу (хъ) зэрылъытэкlэрэ абыи и ужьыгъуэу (у) зыгуэр къыте″хъу″кlыжурэщ ″хъу″р мыувыlэу хъуурэ къызэреклуэкlыр.

″Хъ″ макъ лъабжьэм и къэхъукlэм бзэгукум къыщытехъукlа макъщ ″х″ макъри, ар ″хъ″ макъ мыхьэнэм хуэдэу субстанцив мыхьэнэ зимыlэ зы макъми, ″хъу″р къызтехъукl лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ ″хъ″ макъ мыхьэнэм хуэфащэ мыхьэнэ зыгъуэтыжауэ зы макъщ. Ар щыlэу утыку къихьэр зыщыдж лъабжьэрэ щыlэуэ хъуар зыдэщыlм и лъабжьэр зи мыхьэнэуэ зы макъщ. ″Хъ″ыр щыlэуэ хъуар къызщыхъурэ ″хъу″р къызтехъукl лъабжьэмэ, ″х″ыри щыlэгъуэ зыгъуэтыр зыщыджрэ джыпlэ зыхуэхъуу ахэр зытет лъабжьэращ. Мыр зи мыхьэнэ ″х″ым и ужьыгъуэу утыку къихьэ макъыр ″ху″ращи, абы и мыхьэнэр къэгъэунэхун папщlэ, ″х″ым зи гугъу тщla и мыхьэнэм флыуэ щыгъуазэ уэхъун хуейщ. ″Х″ым ″у″ къыпыхьэу къэхъу ″ху″ макъыр къэгъэунэхун папщlэ, щхьэжу ″х″ макъ мыхьэнэр щыlэхэм я щыlэплэу зэрыщыт щlыкlэр къэгъэунэхун нэмыщl, абы ″э″ къыщыпыхьэкlэ (хэ) къэхъуми флыуэ щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Нытlэ мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщи, ″ху″м игъэзащlэр гурыlуэгъуэ зыхуэтщlынщ. ″Х″ыр щыlэхэм лъабжьэ хуэхъуу, щыlэхэм я щыlэплэщи, мыри сытри функциал зэманым (э) елъытауэ утыку къихьэр къизыlуэ ″и″м пыщla зы мыхьэнэщ. ″И″р ″э″м и ординатыгъэм теухуауэ джыращи,

дэтхэнэ джы гуэрыр зэрыджыр ″э″ ординаткlэрэу зэрыщытым къызэрыгуэкlкlэ, ″и″ри дэтхэнэ зы джыгъуэрэ джыпlэу утыку къихьэращ. Ар щыхъукlи, ″э″ системэм нэмыщl, абы пыщlауэ зы системэи къохъури, мыр ″и″ системэщ. Мыр ″э″ системэм пыщla системэщи, ″э″р зыдэкlуатэ дэтхэнэ зы лъэныкъуэм ″э″ системэм утыку къыригъэхьэу зы ″и″ системэ къохъур. ″Э″ системэм пыщlарэ абы идж ″и″кlэрэ зэдэухуэу зы ″и″ системэ утыку къохьэри, ″э″ системэм нэмыщl, абы пыщlагъэххэу ухуэ ″и″ системэри зы джыпlэу джыращ, щыlэ хъууэ щытхэр зытетрэ зыхэт системэщ. Нытlэ ″и″ лъэныкъуабгъуэу щыlэ мы системэм и зы лъэныкъуэр системэм и лъабжьэрэ и ординату зэрылъытэкlэрэщ ″и″ системэр зэрылъытэнури, мис мыращ ″х″ыр зытеухуэр. Щыlэгъуэр зэманым елъытауэ зэрыщыlэ щlыкlэкlэ утыку къихьэ ″и″ системэр щыlэгъуэ системэращи, абы и ординат къалэныр зытеухуар ″х″ макъращ. Нытlэ, ″х″ым и кlуэтэгъуэр (хэ) ординат кlуэтэгъуэщ, икlи дэтхэнэ зы щыlэм лъабжьэ хуэхъур ″х″ыращи, абы и кlуэтэгъуэ ″хэ″р ″и″ системэм щыlэу хэтхэм я лъабжьэрыкlуэу, ахэр зэрыбагъуэр къизыlуэрэ зыгъэбагъуэрщ. Дэтхэнэ зы ″х″ыпlэр зы гуэрым и лъабжьэу зэрылъытэм папщlэ, дэтхэнэ гуэрым лъабжьэ хуэхъур зэрыкlуатэрэ зэрыбагъуэращ ″хэ″м утыку къырилъхьэри, ар къызпыхьэ псалъэр зытеухуар зы куэдагъэущ зэрылъытэр. Щыlэр зыдэщыlэ лъабжьэу ″х″ым и кlуэтэгъуэ ″хэ″р ординат лъэныкъуэ кlуэтэгъуэу зы ″х″ системэм тетрэ зытеухуам и куэдагъщи, ″х″ым и ужьыгъуэри (у) ″х″ым и ужьыныгъэу, ″х″ системэм тетрэ зытеухуа лlэужьыгъуэр зэрыщыту зыгъэкlуатэ – зыху – lуэхугъуэ мэхъур. нэгъуэщlыжу жыпlэмэ, ″х″ыр щыlэхэр зыдэщыlэ системэм лъабжьэрэ ординат хуэхъураща, зы системэм ординат хуэхъум и ужьыныгъэр системэм хэту хъуам и ужьыныгъэу, ″х″ыр зэрыординатыр зэлхыта зэманыгъуэми и кlуэтэгъуэщ (кlуэху, къэхъуху). ″Х″ыр системэм и ординату, системэ зыужьыгъуэр къызпкъырыкlыу зэрыщытым теухуащ ″х″ым ″у″ къыпыхьэу къэхъу ″ху″м игъэзащlэу мы зи гугъу тщlари, ″х″ыр щыlэгъуэ геометрием и ординат щыхъукlэ, икlи дэтхэнэ зы щыlэми и ординату лъабжьэ хуэхъураща, дэтхэнэ зы щыlэм и лъабжьэр щыужькlэ утыку къихьэр а щыlэр и пlэм игъэкlын lуэхугъуэи хъунщ. ″Х″ыр ординатщи, зыужьыгъуэр ординатрэ абзсис лъэныкъуэ зыхэтращи, абзсисри зелъытар ординату, зыужьыгъуэ лъабжьэр ординатщ. Зыужьыгъуэ лlэужьыгъуэщ щыlэнри, щыlэр зэрыужьыр зыдэщыlэпlэ зэхъуэкlыныгъэу зы ординат (х) ужьыгъуэщи (у), мыращ ″ху″ макъым къыриlуэр (хун, къэхун, техун, къытехун). Нытlэ, ″ху″м зыр зэманыгъуэм теухуауэ, адрейри щыlэр физикэу зыдэщыlэ лъабжьэм теухуауэ мыхьэнитl егъэзащlэр. Зы ″х″ыпlэр зи щыlэпlэ гуэрыр зэрыгъэужь щlыкlэр ар зыдэщытыпlэм тегъэкlынрэ гъэкlуэтэн lуэхугъуэщи, ″ху″м етlуанэ мыхьэнэуэ игъэзащlэр мыращ.

″Хъ″ым хуэдэу ″къ″ нэужь къэхъу зы макъщ ″гъ″ макъри, ари зы лъабжьэ мыхьэнэ зиlэу, утыку къихьарэ щыlэгъуэ зыгъуэта сытри

къызэрыхъуа щlыкlэр зыхэлъыжу гъуэгу тезыгъэхьэрэ зэрылэжьапхъэм тету зыгъэлажьэ ″гъэ″р къызтехъукl лъабжьэщ. Сытри зэрылэжьэн щlыкlэкlэ гъуэгу тезыгъэхьэу (э) зыгъэлажьэ къарур (гъэ) къызтехъукl ″гъ″ым ″у″ къыщыпыхьэм къытехъукl ″гъу″ макъыр дэтхэнэ зы щыlэ гуэрыр зэрыужьын лъабжьэр къизыlуэращ. Дэтхэнэ зы гуэрыр щыlэгъуэ иlэу утыку къызэрихьэ лъабжьэр ″гъу″ макъращ зытеухуари, мыр зи лъабжьэу щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр зы ″гъуэ″ зиlэрщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ ″гъ″ым и ужьыгъуэ макъыу утыку къихьэ ″гъу″ри зы лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ макъщ. ″Гъ″ым зэманыгъуэ (э) щигъуэткlэ (гъэ), сытри зыгъэлажьэ къарущ утыку къихьэри, зыгуэрыр зэрыщыlэ щlыкlэм ипкъ иткlэ зэрылэжьапхъэ щlыкlэр ″гъэ″кlэрэщ зэрыгъэзащlэр; ″гъу″м зэманыгъуэ (э) щигъуэткlи (гъуэ) дэтхэнэ зы щыlэм и щыlэгъуэ хуохъури, дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыlэ щlыкlэкlэ зыужьыгъуэрэ итыгъуэу егъэлажьэр. Нытlэ, ″гъ″ыр ″гъэ″ къызтехъукl мыхьэнэ лъабжьэщи, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылэжьапхъэм тету зыгъэлажьэр ″гъэ″ращ; ″гъу″р ″гъуэ″ къызтехъукl мыхьэнэ лъабжьэу, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр къызхэхъукlрэ ″гъуэ″ зэригъуэтым и лъабжьэращ. Аращи, ″гъуэ″р дэтхэнэ зы щыlэгъуэм и итыпlэщ, дэтхэнэ зы lуэхугъуэри зы итыпlэм зэрыхэлэжьыхьыр ″гъуэ″кlэрэщ. ″Гъэ″мрэ ″гъуэ″м щыlэгъуэ зиlэхэм теухуауэ ягъэзащlэу зи гугъу тщlа мы я къалэным теухуауэ щхьэж лэжьыгъэ яlэу зы псалъэуи бзэм хэтхэщ.

″Гъ″ым и ужьыгъуэкlэ къытехъукlыр ″гъу″щ. ″Гъ″ым и ужьыгъуэу (гъу) зэрыщыlэм хуэдэу, ″гъ″ым и къэхъукlэр зи къэхъукlэу ″гъ″ым бзэгукум къытехъукla ″гь″ыми и ужьыгъуэм къытехъукlыж макъи щыlэщ: ″гу″. ″Гь-дж″ макъыр щыlэр утыку къызэрихьэрэ зэрыджыр, щыlэр зэрыщыlэкlэрэ зэрылъытэу къызэрыlуатэ макъщи, и ужьыгъуэу абы (гь) къытехъукl ″гу″ри ″джы ужьыгъуэ зиlэрэ джыгъуэм итын″ыр, ″дэтхэнэ зы джыгъуэ лlэужьыгъуэ″р, ″джыуэ щытрэ дэтхэнэ зы джыпlэ lэнатlэ″р къизыlуэ макъ мыхьэнэ зиlэрщ.

*

Макъхэм я къэхъукlэрэ я къэlукlэм елъытащ я мыхьэнэхэри, къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ зэпэгъунэгъу макъхэм я мыхьэнэхэмрэ бзэм хагъэзэщlыхь къалэнхэр зэпэгъунэгъущ. Ипщэкlэ макъхэр къызэрыхъу щlыкlэкlэ зэрызэлъытамрэ къызтехъукl макъхэм елъытауэ мыхьэнэ зэрагъуэтым теухуахэм и гугъу тщlащ. Мыпхуэдэ зэпыщlэныгъэ ямыlэрэ зы макъ гупым хэмытхэми, я къэхъукlэм ипкъ зэриткlэрэ я мыхьэнэмрэ бзэм хагъэзэщlыхь къалэнхэр зэтехуэ макъхэри щыlэщи, илъабжьэкlэ мыбыхэм я гугъу тщlынщ.

Зэхуэдэ къэхъуыкlэ, къэхъуыкlэ зэкlэлъыкlуэ, зэгупэгъу, къэхъупlэгъу, къэхъупlэ зэхуэпхэндж, - ар дауи щырет-, зыгуэркlэ зэрызэлъыта макъхэм я мыхьэнэрэ я къалэнхэр зэрызэлъытащи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэми деплъынщ.

Макъхэр тэмакъым дэкlыу жьэ кlуэцlым къыщыхъуфын гъуэгур къезыгъэжьар тэмакъым къыщыхъу ″къ″ макъращи, мы и къэхъуыкlэм елъытауэ ищхьэм къызпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэм и къежьапlэрэ къэхъупlэр къэгъэлъэгъуэн къалэн хигъэзэщlыхьу бзэм хэтщ. ″Къ″ макъыр зы къэхъупlэрэ къежьапlэр, икlи зы кlуэдыпlэ згъэзащlэ макъыу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, къыпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэм къежьапlэ зэрыхуэхъум хуэдэжу, кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэри кlуэдыпlэм хуегъакlуэр. ″Къ″ макъыр жьэ кlуэцlым къэхъу макъхэм я къежьапlэу зэрыщытым хуэдэу, ″п″ыри жьэ кlуэцlым къыщыхъу макъхэм я ухыпlэ макъщ. Зы ухыпlэр икlи зы къежьапlэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, ″п″ макъри ″къ″ макъым хуэдэу къэхъупlэрэ кlуэдыпlэ мыхьэнэ зыгъэзащlэу бзэм хэтщ. Адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″къ″ым игъэзащlэ къалэн гуэрхэр зэрыщыту ″п″ым теухуауэщ зэрыгъэзащlэри, мыбы и щхьэусыгъуэр ″къ″ымрэ ″п″ым я къэхъупlэращ къызтехъукlрэ зэлъытар.

Макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlым къыздыщежьэрэ щыухым деж къэхъу макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зэрызэлъытарэ щызэтехуэм теухуауэ нэгъуэщl щапхъэ щыlэщи, ″къ″ымрэ ″м″ым бзэм хагъэзэщlыхьыр мыпхуэдэщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″м″ макъыр макъ къэхъуныгъэ пэщlэдзэущ зэрылъытапхъэри, мы къызэрыхъуа щlыкlэу къежьапlэ къэлэн зыгъэзащlэрщ; ″къ″ макъри макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэкlым хуэкlэун бжэр зэlуыхыу зы къежьапlэ макъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. ″Къ″ макъыр натуралу макъ къэхъуныгъэр къурмакъейм къыдишу тэмакъыр макъ къэхъункlэрэ зыгъэлажьэ макъращи, абы иужьщ къурмакъейм къыдиш жьыр жьэ кlуэцlым макъ къэхъун папщlэ къэсэбэпу щыщlидзэр. Пэщхъынэм къыщыхъурэ натуралу къэlу ″м″ макъри зы псэлъэбзэ макъыу къыздыщыlур жьэ кlуэцlым макъ къэхъуныгъэр щыух щlыпlэу lупэращ. – Ипэкlи зэрыжытlауэ, къежьапlэрэ пэщlэдзэ къалэнкlэрэ я къэхъукlэр зэтохуэр ″м″ макъымрэ ″къ″ макъым, ауэ мыбдежым ″м″ макъым теухуауэ нэхъыбэу адыгэбзэм и ″м″ макъ къэlуыкlэращ дызтепсэлъыхьри, дэтхэнэ зы бзэм хэт ″м″ым и къэlукlэр мыпхуэдэу щымытрэ ″м″ къэlуыкlэ гуэрхэр пэщхъынэ къэlуыкlуэ дыдэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм и ″м″ макъ къэlуыкlэр мы зэрыжытlа щlыкlэу и пэщхъынафэ къэlуыкlэр мащlэ хъуарэ lуэпэ макъ пэлъытэущ къызэрыlур-. Мы псэлъэухыгъэ нэужьу абы ипэкlэ къэтlуатэхэм пытщэжмэ, ухыпlэр зы къежьапlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, lупэр икlи ″м″ макъыр псэлъэбзэм зы макъыу къызыдыхэхьэ щlыпlэращ. Жьэ кlуэцlым макъ къэхъуныгъэр зэlузыхыр ″къ″ макъращи, жьэ кlуэцlым макъ къэхъуныгъэр щыух щlыпlэм псэлъэбзэ макъыу ″м″ макъыр бзэм щыхэхьэ бжэращ. Мы макъитlым зи гугъу тщlы мы я къэхъуыкlэр мы макъхэр бзэм зэдэlэпыкъуэгъуу зэрыхэлэжьыхьым лъабжьэ хуэхъуращ. Мыбы и зы щапхъэщ кlэух зыхуэхъу псалъэр ″къ″ым кlуэдыпlэм зэрыхурихулlэрэ мыхъуныгъэр къыщигъэхъукlэ, абы ″м″ыр къыкlэлъыкlуэжу кlуэдыпlэбжэр хуищlыжу

мыхъуныгъэр зэрыригъэпэщыжыр: «хъукъым, хъункъым, кlуакъым, кlуэнукъым».

Зэхуэпхэндж щlыпlэу макъ къэхъуныгъэ гъунапкъитlым къыщызэрыхъуахэм къыгуэкl lуэхугъуэщ ″къ″ымрэ ″м″ым мы зэдащlэрэ зэдэlэпыкъуу утыку къихьэ lуэхугъуэр. Зэхуэпхэнджыгъэ зиlэхэр зэрызэщхьым и зы щапхъэуи лъытапхъэщ мы зи гугъу тщlыр. Ауэ зэхуэдэ щlыпlэр зи къэхъупlэ макъхэми зэхуэдэ къалэн ягъэзащlэу зыр зым ипlэ иувэфу бзэм щыхэлэжьыхьи щыlэщ. Мыбы и щапхъэщ ″м″ макъымрэ ″п, п, б″ макъхэм я lуэхугъуэри, абыхэми я гугъу тщlынщ.

″М″ макъыр псэлъэбзэм зэрыхэхьэ щlыпlэр жьэ кlуэцlым макъ къэхъуныгъэр щыух щlыпlэу lупэращи, lупэ защlэу къэlуыкlэ зиlэ ″п, пl, б″ макъхэм я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэхэмрэ ″м″ макъым и мыхьэнэрэ и къалэныр зыщытехуэ щытщ. Адыгэбзэу зы макъыбзэм и макъхэу щыщыткlэ, я къэхъупlэр зэрызэхуэдэм къызэрыгуэкlкlэ, зыгуэркlэ зэщхьу къэlу мы макъхэм я къалэнрэ я мыхьэнэхэри зыгуэркlэ зэрызэтехуэнур гурыlуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм псалъэ мащlэ хэту къыщlэкlынкъым ″м″ макъымрэ ″п, пl, б″ макъхэм щыщ дэтхэнэ зы макъыр зыр зым ипlэкlэ хэту зэхуэдэ мыхьэнэ зиlэу: «па**м**цlэ – па**п**цlэ, лъа**м**цlэ – лъа**п**цlэ, щхьэ**м**цlэ – щхьэ**п**цlэ»; «пхъэ**м**гъу – пхъэ**б**гъу».

Псалъэу зэпкъырыувэхэм имызакъуэу, ″м″ымрэ ″б″ым зэдэкlу къалэн хагъэзэщlыхьу бзэ лэжьэкlэхэри щыlэщи, ″м″ыр кlэух зыхуэхъу псалъэр гурыlуэгъуэ ещlри къыкlэлъыкlуэм пещlэ, а псалъэм ипlэ иувэ цlэпапщlэр зэрызэлъыта ужьыгъуэ щlыкlэу ″бы″кlэ мэухыр: «цlыху**м** ещlэ → а**бы** ещlэ; унэ**м** щlэхьэ → а**бы** щlэхьэ; шы**м** сошэс → а**бы** сошэс».

## ″Макъ щэху″ мыхьэнэхэр ″макъ lуэр″хэм ягъэзащlэ геометрие къалэнхэм зэрелъытапхъэхэм теухуауэ

″Макъ lуэр″хэмрэ ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэ щызэтехуэи щыlэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″макъ lуэр″хэм я геометрие lэнатlэхэм теухуа мыхьэнэ зыгъэзащlэ ″макъ щэху″хэр щыlэщи, илъабжьэкlэ мыбыхэм я гугъу щытщlынщ.

Геометрие lэнатlэ утыку къызэрыралъхьэм папщlэ, ″макъ lуэр″хэр зэман геометрие системэмрэ (э-геометрие системэ) щыlэгъуэ геометрие системэм (и-геометрие системэ) теухуауэ гурыlуэгъуэ мэхъухэр. ″Макъ lуэр″хэм макъ геометрие утыку къызэрырагъэхьэрэ, ари щыlэгъуэ системэм теухуэу гурыlуэгъуэ щыхъукlэ, ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэхэри мы геометрием теухуэфу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэхэр ″макъ lуэр″ гуэрхэм ягъэзащlэ геометрие lэнатlэм теухуа мыхьэнэ гуэрхэу зэрылъытапхъэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэм къызэрыхэщщи, ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэхэр щыlэгъуэ системэрэ ″и-геометие системэ″ращ зытеухуар. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мыбдежым ″мыхьэнэ″ жыхуэтlэр макъымрэ псалъэм къикlращи, ар зы

щыIэгъуэм зэрытеухуам ипкъ иткIэ, флэкIыпIэ зэримыIэкIэрэ мы геометрие системэращ зытеухуэнур.

Макъ геометриер къызэрыхъур оригиным (ы) къыщIидзэрэ кIуэтэгъуэ (э) къызэрыхъукIэрэ абы къыпэхэджыкIыу утыку къихьэм (и) зэдащIэ зыужьыгъуэщи (у), мыхьэнэ зиIэу зи гугъу тщIы макъ щэхухэм я мыхьэнэхэр зытеухуар мы макъхэрауэ лъытапхъэщ. Адрей макъ lуэрхэм ягъэзащIэр мы макъ lуэр лъабжьэхэм елъыта lэнатIэ гуэрхэращи, икIи мыпхуэдэ геометрикэ lэнатIэхэм теухуа макъ щэхухэри щыIэщ, ауэ абыхэми я мыхьэнэхэр япэрауэ зытеухуэр мы макъ lуэр лъабжьэхэращ. Дэтхэнэ зы макъ щэхум и мыхьэнэр флэкIыпIэ имыIэу зы макъ lуэрым и геометрие lэнатIэм теухуауэ къанэу жыIэпхъэкъыми, а макъ щэхум и мыхьэнэр макъ lуэр зы бжанэм я геометрие lэнатIэм теухуауи гурыIуэгъуэ мэхъуфыр.

″Макъ lуэр″хэр къызтехъукIы оригину щыт ″ы″ макъыр ″макъ щэху″у щыт ″м″ макъыр къызэрыIум дэщIыгъуу утыку къихьэ макъращ. Япэрей макъ щэхуу щыт ″м″ыр утыку къызэрихьэф ″ы″ макъым утыку къырилъхьэ оригиналыгъэр икIи псэущхьэм щыIэрэ къэхъур зэрыщыту гурыIуэгъуэ къызэрыхъур къизыIуэ ″м″ макъым утыку къырилъхьэу жыIэпхъэщ. Мы псалъэм ипкъ зэриткIи, ″ы″мрэ ″м″ макъыр къызэрыIу щIыкIэм натуралу гурыIуэгъуэ къащIыр зэтехуэ lуэхугъуэу лъытапхъэщ.

Мыбы нэмыщI, геометрием и оригиналыгъэр къизыIуэ ″ы″ макъыр геометриеу ухуэнум лъабжьэ хуэхъу макъщи, ″макъ щэху″хэм ящыщу къэхъунум къежьапIэ хуэхъу ″къ″ макъри, абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьарэ ″хъу″р къызтехъукI ″хъ″ макъри, ″гъэ″р къызтехъукI ″гъ″ макъри, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм и пкъыгъуэрэ и ″гъуэ″р къызтехъукI ″гъу″ макъри ″ы″м геометрие лъабжьэрэ оригин зэрыхъум езэгъ мыхьэнэ зыгъэзащIэ макъхэу лъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщIа ″макъ щэху″хэр езыхэм къатехъукIынухэм лъабжьэ язэрыхуэхъум нэмыщI, джырэ щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэм зы лъэ зэригъуэтым лъабжьэ хуэхъу ″лъ″ым и мыхьэнэри ″ы″ыр геометрие оригинрэ лъабжьэу зэрыщытым хуэдэу лъытапхъэщ.

Араща, япэрей макъ lуэррэ макъ lуэр оригину щыт ″ы″ макъым хуэдизу лъабжьэ дыдэу мылъытапхъэми, мы зи гугъу тщIы макъхэр я мыхьэнэкIэрэ езыхэм къатехъукIхэм лъабжьэ язэрыхуэхъур ″ы″м и оригиналыгъэм екIуэлIэныгъэ зиIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ.

″Ы″ макъыр геометием оригин хуэхъурэ геометриер къызтехъукI лъабжьэщи, абы ипэкIэ къэхъу макъ lуэр щыIэкъым. Абы мы и къэхъукIэмрэ хуиту и къэIукIэм ущытекъузэкIэ оригин кIуэдыгъуэщ къэхъунури, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъыр ″lы″ макъращ. Ар оригин кIуэдыпIэу, абы аткIэ щымыIэжу зы кIуэдыпIэрщ. Мыпхуэдэ зы макъыр сытри кIуэдыпIэм зышэфыну зы макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ, икIи ар бзэм зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэ щIыкIэкIэрэщ: адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″lы″ макъыр икIи мыхъуныгъэ зэрылъытэ кIэух ″къ″ макъым

ипlэкlэщ зэрыхэлэжьыхьыр. Зыр макъ lуэррэ адрейр макъ щэху щыт мы макъиткlым бзэм зэхуэдэ къалэн зэрыхагъэзэщlыхьым и щхьэусыгъуэр гурыlуэгъуэщи, ″макъ щэху″хэм щыщрэ псэлъэбзэ макъхэр жьэ кlуэцlым къыщыхъунум къежьапlэ хуэхъу ″къ″ макъыр кlэух зыхуэхъур кlуэдыпlэм зэригъакlуэм хуэдэ къалэнщ ″lы″ макъми игъэзащlэр.

Жьэ кlуэцlым макъ къэхъуныгъэм къежьапlэ хуэхъу ″къ″ макъымрэ, жьэ кlуэцl макъ ухыпlэу lупэм къыщыхъу ″п″ макъым адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм мыхъуныгъэ зэрагъэзащlэми ипщэкlэ и гугъу тщlащи, мы и къэлэнымкlэ ″п″ыри ″къ″ым хуэдэу ″lы″м игъэзащlэр зыгъэзащlэу зы ″макъ щэху″у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мыбыхэм (къ, п) ягъэзащlэ мыхъуныгъэхэр зэрызэтехуэм хуэдэ къалэн зыгъэзащlэ зы макъри ″цl″ырауэ лъытапхъэщи, ар щыlэ щlыбрэ мыщыlэр зытеухуа макъ мыхьэнэуэ, ″lы″ макъым игъэзащlэ мыхъыныгъэр нэгъуэщl лъэныкъуэкlэ утыку къизылъхьэ макъыу, геометрие оригин мыхъуныгъэр къизыlуэ ″lы″м мыхьэнэкlэ пыщlа макъыу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Макъ lуэрхэр къызтехъукlрэ геометрие оригиту щыт ″ы″ макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″э″ макъыр ″ы″м къытехъукlынур къызэрежьэр къизыlуэ макъращи, ар япэ къэхъуа кlуэтэгъуэу, функциал зэманым теухуа къалэн зыгъэзащlэу зы макъщ. Мыпхуэдэу зэман координат системэми ординат хуэхъу ″э″ макъым елъытарэ къызэрыгуэкlкlэщ джыгъуэрэ щыlэгъуэр утыку къызэрихьэнур. Утыку къихьэ щыlэгъуэ системэр зы ″и-системэ″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы тету кlуэтэгъуэ къизыlуэ макъхэм ягъэзащlэр ″э″м игъэзащlэм елъытарэ теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм дигу къызэригъэкlщи, мыхьэнэкlэрэ ″ы″м теухуауэ лъытапхъэу ипэкlэ зи гугъу тщlа макъ щэхухэм нэмыщl, макъ щэху гуэрхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри ″э″ макъым игъэзащlэ къалэным ебгъэщх хъуну лъытапхъэщ. Икlи, нэхъыбэуи мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ ″ы″м теухуауэ лъытапхъэу ипэкlэ зи гугъу тщlа макъ щэхухэм къакlэлъыкlуэу утыку къихьа макъ щэху гуэрхэрагъэнщ ″ы″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″э″ макъым и къалэным теухуапхъэ макъхэу лъытапхъэхэр. Нытlэ, ″э″м мы и къалэным теухуэ макъ щэхухэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Къызэдэхъуауэ лъытапхъэ ″ы″ымрэ ″м″ макъхэм къакlэлъыкlуэу утыку къихьа макъхэми мы къызкlэлъыкlуэ макъхэм елъытауэ зэщхьрэ зэхуэдэ къалэн зэрагъэзэщlэнур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ ″ы″м къыкlэлъыкlэу ″э″м игъэзащlэм хуэдэу лъытапхъэщ ″м″ым къыкlэлъыкlуэу зи гугъу тщlа ″н″ макъым игъэзащlэр. Араща, ″ы″ оригиным и кlуэтэгъуэр ″э″ зэрыхъум ещхьу, ″м″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ къэхъуам хущlэкъурэ хуэкlуэныгъэри ″н″ макъым зэригъэзащlэр гурыlуэгъуэщ. ″Э″ макъыр макъ геометрие зэпкъырыувэнум и япэрей лъэбакъуэу функциал макъщи, псалъэм ищхьэм къыпыхьэкъым, ауэ щыlэгъуэр къызэрыгурыlуэр къизыlуэ ″м″ макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″н″ макъыр псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэм

деж, къызпыхьэ псалъэм и мыхьэнэр къэзыIуатэм елъытауэ зыхуэкIуэнум хуэунэтIа кIуэтэгъуэ къэзгъэгъэлъагъуэрщ: «нэкIуэн, ныхуэкIуэн; ныджэ, нывэ».

Пэщхъынэ макъыу щытрэ япэ къэхъуа ″м″ макъым къытехъукIыжа пэщхъынэ макъщ ″н″ыри, ″м, н″ макъхэм мы я зэпыщIэныгъэр ″ы, э″ макъхэм я зэпыщIэныгъэрэ ягъэзащIэм зэрытеухуэфым нэмыщI, пэщхъынэ макъыу ″м″ нэужьу лъытапхъэу къурмакъейм къыщыхъу ″хьI, хь″ макъхэм ягъэзащIэри япэ къэхъуарэ оригину лъытапхъэ ″ы″м къыкIэлъыкIэу ″э″м игъэзащIэм хуэдэ мыхьэнэ зыгъэзащIэ макъ щэхухэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ нобэ адыгэбзэм хэт ″хь″ макъым игъэзащIэри, ар зы псалъэм кIэух щыхуэхъукIэ, псалъэр зытеухуа Iуэхугъуэркъарурэгугъуехьыгъуэ хэлъу зэрыкIуатэр къизыIуэу зы макъщ. ИкIи зэрыгурыIуэгъуэщи, мыбдежым я мыхьэнэрэ къалэнхэр зэтехуэу щыжытIэм деж, мыр зым ипIэ хуиту адрейр игъэхьэн Iуэхугъуэуаракъыммыбыгулъытэ зэрыхуэщIакIэрэ, ″хь″ макъыр ″э″м ипIэ щиувэкIэ ягъэзащIэ IуэхугъуэрмащIэу зэщхьэщыкIми, ″хь″ыр кIэух щыхъум деж ″э″ кIэух узэрыхуэмыныкъуэри гулъытапхъэщ: «тепсэлъэн - тепсэлъыхьын; исэн – исыхьын; ижэн – ижыхьын; игъэжэн – игъэжыхьын; тешэн - тешыхьын».

″Э″ макъыр функциал кIуэтэгъуэрэ функциал зэманым теухуащи, ар зи кIэухым натуралрэ функциалу кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ егъуэтыр. Ауэ, ″хь″ макъым игъэзащIэ кIуэтэгъуэр щыIэрэ щыIэпIэм теухуа IуэхулIэужьыгъуэу, физикэу зы позицэм теухуауэ гъэзащIэ кIуэтэгъуэщ: «ихьэн, илъхьэн, Iухьэн, Iулъхьэн, гуэхьэн, гуэлъхьэн, дэхьэн, дэлъхьэн, техьэн, телъхьэн, щIэхьэн, щIэлъхьэн, хэхьэн, хэлъхьэн, пыхьэн, пыгъэхьэн».

Мыбыхэм нэмыщI, щыIэгъуэ системэм хэту кIуэтэгъуэрэ хьэрычэт къизыIуэ нэгъуэщI макъхэри щыIэщи, мыпхуэдэу лъытапхъэщ увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэт къизыIуэ ″жь″ макъыр. Ауэ ар икIи бзэгулъэдакъэрэ бзэгукIэм япэ хьэрычэт зэригъуэткIэрэ къэхъуа макъыу, къытехъукI макъхэм я япэу къэхъуа зы макъыу зэрыщытри гулъытапхъэщ. НытIэ, мы къызэрыхъуа щIыкIэу увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэт мыхьэнэ зэриIэращ ар занщIэу ″э″м зэрытеухуапхъэр. Абы (жь) къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукIауэ щыту, нэхъ псынщIэрэ псыгъуэ къэIуыкIэ зиIэу сытри генератикэу зэрызэпыщIэф ″ж″ макъми ягъэзащIэ мыхьэнэхэри ″э″м игъэзащIэ къалэным зы еплъыкIэкIэ зэпыщIэныгъэ зэрызыхуиIэри жыIэпхъэщ.

″Лъ″ыр зы лъабжьэрэ оригину ″ы″м теухуауэ зэрылъытапхъэм хуэдэщи, абы къыкIэлъыкIуэрэ и къэхъупIэгъуу утыку къихьа ″л″ макъри ″э″м игъэзащIэ къалэным еплъытэ хъунущ. Аращи, щыIэгъуэ зиIэрэ зы лъэ зыгъуэтам теухуа хьэрычэтыр абы и гущIыIум тырищIэ ″л″ым зэртеухуар гулъытапхъэщ, икIи ″л″ыр занщIэрэ захуэу кIуэтэгъуэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэрщи, ари ″э″м игъэзащIэ кIуэтэгъуэм теухуа къалэн зыгъэзащIэ макъ мыхьэнэ зиIэу лъытапхъэщ: «лэн, щIэлын; лыдын, къэлыдын, къэлэн, къэгъэлэн».

″Хъ″ыр сытми лъабжьэ хуэхъуу зы оригину зэрылъытапхъэм папщlэ, ″ы″м елъытапхъэ мыхьэнэ зиlэу тлъытагъащи, абы жьэ кlуэцlым къыщытехъукlыж зы макъыу щыт ″х″ыри зы лъабжьэ мыхьэнэ зиlэу зэрытлъытари дигу къэдгъэкlыжынщ. Аращи, ипэкlи зэрытлъытауэ ″х″ыр щыlэгъуэ зиlэхэр зыхэтрэ зытет лъабжьэрщи, щыlэгъуэ системэр зэрытлъыта ″и-системэ″м и зы лlэужьыгъуэрщ, зы ″и″ лlэужьыгъуэрщ. ″И″ системэри зэрызекlуэрэ зэлъытар функциал зэманыгъуэр зэрылъытэ ″э″ращи, ″и″ лlэужьыгъуэ ″х″ым къыкlэлъыкlуэрэ къытехъукl макъым и мыхьэнэри ″х″ым и кlуэтэгъуэу ″э″ макъым и къалэным елъытапхъэщ. Аращи, ″х″ым и ужьыгъуэ ″ху″р зэман кlуэтэгъуи къизыlуэ макъ мыхьэнэщ: «кlуэху, къэкlуэжыху, хъуху». ″Х″ыр зы ″и″ лlэужьыгъуэр зэрылъытэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ ″ху″р ″иэ″уи (е) зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ныtlэ, ″и″м и кlуэтэгъуэу (э) мы ″е(иэ)″м езэгъ lуэхугъуэрщ зы ″и″ лlэужьыгъуэу щыт ″х″ым и ужьыгъуэу ″ху″м кlэухыу игъэзащlэу ипэкlэ щапхъэхэри къызхуэтхьари, ″и″м и кlуэтэгъуэ ″иэ″м хуэдэу лъытахъэщ ″х″м елъытауэ игъэзащlэу ″э″м и къалэным зэрытлъыта. Аращи, ″ху″р ″х-системэ″м и ужьыгъуэу зэрылъытапхъэм зэрезэгъкlэрэ зэманыгъуэу ″э″м теухуа къалэн зэрыгъэзащlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мы системэм лъабжьэ хуэхъу ″х″ым и ужьыныгъэм (ху) ″у″ макъым теухуа мыхьэнэ зэригъэзащlэм нэмыщl, зы кlуэтэгъуэу ″э″ макъым и къалэнми теухуауэ лъытапхъэщ. Пыщапхъэмэ, дэтхэнэ зы щыlэм лъабжьэ хуэхъур ″х″ыуэ зэрыщытым папщlэ, дэтхэнэ зы гуэрыр зытетрэ зыхэт ″х″ыпlэм тету гъэкlуэтэнрэ тегъэкlуэтыкlын lуэхугъуэри ″ху″ращ зыгъэзащlэр: «хун, къэхун, къэхутэн». Икlи, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым езыр зы ″х″ыпlэ зиlэрщи, ар езым хуэlуарэ а зэрыщыlэ щlыкlэкlэ езырыжу зэрыужьыфри зы кlуэтэгъуэрэ унэтlыныгъэ лlэужьыгъуэу ″ху″ макъ мыхьэнэкlэщ зэрыгъэзащlэрэ къызэрыlуатэр: «хуит, хуитыныгъэ, щхьэхуит, щхьэхуитыныгъэ».

Зы къежапlэ мыхьэнэ зиlэу зи гугъу тщla ″къ″ым мы и мыхьэнэр икlи ″ы″м и оригин мыхьэнэм еплъытэ зэрыхъуфынум ипэкlэ и гугъу тщlагъащи, мыбы жьэ кlуэцlрэ бзэгулъэм къыщытехъукlыж ″кl″ макъми и мыхьэнэр ″ы″м къыкlэлъыкlуэ ″э″м и къалэным еплъытэ хъуну къыщlэкlынщ. Аращи, щыlэгъуэ зиlэм къыхэхъукlрэ езырыжу утыку къихьэныгъэу кlэтэгъуэ къизыlуэ ″кl″ макъ мыхьэнэри ″э″м игъэзащlэ къалэн зыгъэзэщlэф макъыу лъытапхъэщ: «къэкlын, икlын, дэкlын». Зыгуэрым къыхэхъукlыр зэманым елъытауэ езырыжу къызэрыхъурэ кlуэтэгъуэ зэригъуэтыр ″кl″ макъ мыхьэнэращ утыку къизылъхьэри, абы ухыпlэ зэригъуэтри аргуэру зэман (э) lуэхугъуэу ″кlэ″уэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, макъ lуэру мы зи гугъу тщlахэм еплъытэ зэрыхъункlэрэ зи гугъу тщla макъ щэхухэр зэхуэдэу зэрымылъытапхъэрэ зэрызэщхьэщыкl щlыкlэхэри зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым. Аращи, мы зи гугъу тщlахэр макъ щэхухэм щыlэгъуэ системэу ″и-системэ (х-системэ)″м

щыхагъэзэщlыхь кlуэтэгъуэ къалэнхэращ. Ауэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщla макъ щэхухэм ягъэзащlэр ″э″м кlуэтэгъуэ зэригъэзащlэм теухуами, абы функциал зэманыр къызэриlуатэ lуэхугъуэракъым зытеухуар. Нытlэ, ″э″м игъэзащlэр щыlэгъуэрэ щыlэхэр утыку къызэрихьэ lуэхугъуэшхуэщи, ар зэман координат системэмм и ординатщ; ″э″м дэтхэнэ зы функциал кlуэтэгъуэ зэригъэзащlэм и лъабжьэри мыращ. Щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьахэм теухуарэ, мы щыlэгъуэ системэм щыхэгъэзэщlыхь кlуэтэгъуэ lэнатlэ гуэрхэм хуэlуащ макъ щэхуу зи гугъу тщlахэм ягъэзащlэ lуэхугъуэр. Ауэ икlи, ″э″р ординат зыхуэхъу зэман системэм теухуарэ елъытауэщ щыlэгъуэ системэри къызтехъукlри, щыlэгъуэ системэм щыгъэзащlэ кlуэтэгъуэр икlи зэман системэми зэрыпыщlам ипкъ иткlэ, зи гугъу тщla ″макъ щэху″хэм ягъэзащlэ кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къалэнхэр икlи занщlэу ″э″м теухуауи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэрэ щыlэхэр зы зэманыгъуэ lэнатlэкlэ зэрыщыlэм ипкъ иткlи, мы зи гугъу тщla макъ щэхухэм ягъэзащlэр ″э″м игъэзащlэм елъытауэ зы зэманыгъуэ lэнатlэкlэ (lэ) зы кlуэтэгъуэу щыт зы гъуэгуанэм теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыр зи гугъу тщla макъ щэху мыхьэнэхэм къыхэмыщми, зы гъуэгуанэ пыухытыкlар зи кlуэтэгъуэр lупщlыу къыхэщу къизыlуэ макъи хэтщ бзэми, ари ″к-ч″ макъращ (лъэбэкъуитl-щы чын). Щыlэгъуэ зиlэр зы зэманыгъуэ пыухытыкlаклэщ зэрыщыlэри, зы пыухытыкla гъуэгуанэ къизыlуэ ″чын″ псалъэр къызтехъукl ″к-ч″ макъым игъэзащlэр зы зэманыгъуэ lэнатlэм теухуэ ″lэ″ макъ lуэрым игъэзащlэм елъытэрэ теухуауи лъытапхъэщ.

″Э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ макъ lуэрыр ″и″ращи, ″э″р функциал зэманыр зытеухуа макъ lуэру зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″и″ри зэман кlуэтэгъуэм елъытауэ джыращ. ″Э″р зэман координат системэм и ординату зэрыщытым хуэдэу, ″и″ри зэман системэм и абзсисщи, зэманыр зи лъабжьэу утыку къихьэ щыlэгъуэм и системэр ″и-системэ″щ. ″И″р щыlэгъуэ системэр зэрыухуэрэ щыlэуэ хъуар къызтехъукl системэр къызхэкlращи, мыпхуэдэ lуэхугъуэрэ мыхьэнэхэр зытеухуа макъ щэхухэри ″и″ макъым геометриеу утыку къырилъхьэм теухуащ. Щыlэгъуэ системэу зэрыщытым папщlэ, щыlэгъуэм теухуа дэтхэнэ зы макъ мыхьэнэр ″и″ми теухууэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. ″Э″м елъытауэ джыращ ″и″ри, нытlэ япэрауэ джын зи мыхьэнэ макъхэм я гугъу тщlынщ.

Къэхъур къыздыщыхъур ″и-системэ″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″хъу″м и лъабжьэ ″хъ″ыри ″и-системэ″р зэрыухуэ дэтхэнэ зы ″и″р къизыlуэу зы лъабжьэщ. ″Системэ″ жыхуэтlэм езыр зы″гъэ″системэрэ абы къыхэхъухьыр зэры″гъэ″ри дэтхэнэ зы ″и″р зэрыджкlэрэщи, ″гъэ″р къызтехъукl ″гъ″ макъыр дэтхэнэ зы джынум лъабжьэ хуэхъу ″и″м щхьэжрэ изакъуэу утыку къырилъхьэм теухуа мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэщ. Ауэ увыlэгъуэ зимыlэ зэманым (э) мыувыlэу ″и″р щиджкlэ, мыр ″хъ″ым и ужьыгъуэу (у) ″хъу″ макъым утыку къырилъхьэм зэрезэгъри гурыlуэгъуэщ.

″Гъ″ым и ужьыгъуэ ″гъу″ри дэтхэнэ зы щыIэгъуэрэ зы ″гъуэ″ зыгъуэтынур къызтеухъукI лъабжьэу, джыгъуэрэ джыпIэу системэр зэрыщыIэрэ зэрыкIуатэр къизыIуэ ″и″м теухуащ. ″Гъ″ым и къэхъукIэу утыку къихьарэ джын IуэхугъуэрзытеухуамыхьэнэзиIэ ″гь-дж″ макъхэри, мыбыхэм ипэ къэхъуа ″г″ макъри, ″и″м теухуа мыхьэнэ зиIэ макъхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

″И″р щыIэгъуэ системэр къызтехъукI зэманым и ординатыгъэм теухуа ″э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ макъщи, щыIэгъуэ зиIэр щыджрэ зыхэт системэр ″и-системэ″у зэрыщытым ипкъ иткIэ, щыIэгъуэм лъабжьэ хуэхъу ″щ″ыри, абы къытехъукIрэ щыIэгъуэ зиIэхэм зы пIэ зэраIэмрэ пIэ яхуэхъури къизыIуэ ″щI″ыри, щыIэхэм къатехъукIыр къизыIуэ ″ш″ыри ″и-системэ″м теухуа макъ мыхьэнэхэу лъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэр ″и-системэ″ращ зыхэтри, щыIэгъуэ зиIэм зы пкъыгъуэрэ ″лъэ″ зэриIэм ипкъ иткIэ, абы лъабжьэ хуэхъу ″лъ″ макъ мыхьэнэри ″и-системэ″р зэрыухуэ щхьэж зы ″и″ мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр ″и-системэ″ращ зыдыщыпIри, ″и″кIэрэ пIыр къизыIуэ макъыу ″пI″ыри ″и″м пыщIа мыхьэнэщ.

Хэтыпlэрэ итыпlэ къизыIуэ къарууэ ″д″ макъ мыхьэнэри щыIэгъуэ зиIэр зыхэт системэр къызтехъукI ″и″м пыщIащ, хэтыпIэрэ итыпIэм хищIэу ар зэрыбэгъуэнур къизыIуэ ″тI″ыри, ″д″ым щхьэщыкIыныгъэ къизыIуэ ″т″ыри ″и″р зы джыпIэу зэрыкIуатэрэ зэрыужькIэрэ зэрызэщхьэщыкIым теухуа мыхьэнэ къизыIуэ макъщ.

Араща, мыбдежым и гугъу дымыщIами, джыгъуэрэ щыIэгъуэ системэм теухуа мыхьэнэ зиIэ дэтхэнэ зы макъ щэхум и мыхьэнэр ″и″мрэ утыку къырилъхьэ системэм елъытарэ теухуащ. ″И-системэ″р щыIэгъуэ системэу, щыIэуэ хъуар къыздыщыхъу системэщи, системэм езыри хэтыжу, абы къыхэхъухь дэтхэнэ зы гуэрым къежьапIэ хуэхъур ″и″р зэрыджращи, къежьапIэрэ къэхъупIэр къизыIуэ ″къ″ макъри ″и″м мы и къалэным зэрытеухуапхъэри гулъытапхъэщ. ″Къ″ым къытехъукIарэ дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм къыхэхъукIыныгъэр къизыIуэ ″кI″ри, ипэкIэ ″э″рэ ″Iэ″м игъэзащIэм теухуауэ зи гугъу тщIа ″к-ч″ыри икIи ″и″ геометием теухуа мыхьэнэ зиIэ макъхэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ, ″и″р щыIэгъуэ системэм теухуарэ ар къызпкъырыкI геометриер зытеухуа макъ IуэрыращИ, щыIэгъуэ зимыIэрэ зимыIэнур – мыщыIэр – къизыIуэ ″цI″ макъ мыхьэнэр ″и″м зэрытемыухуэххэнур гурыIуэгъуэнщ. Ар щхьэ, щыIэхэм зыгуэрыр зэрыхэщIыр къыриIуэ мыхьэнэкIэрэ ″цI″ым бзэм хигъэзэщIыхьхэр ″и″м -хэщIыныгъэкIэрэ- теухуа IуэхугъуэузэрыщытынуригурыIуэгъуэнщ.

″И″ макъыр зы геометие системэ къызтехъукIращи, мы системэр ″и-системэ″у лъытапхъэщ. Ар зы щыIэгъуэ системэу, щыIэхэр къызхэхъухьрэ зыхэт лъэныкъуабгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мы ″и-системэ″м и зы лъэныкъуэр лъабжьэрэ ординату зэрылъытэр ″х″ макъ мыхьэнэращи, ″и-системэ″м а нэхъ пыщIа мыхьэнэ зиIэ макъыр ″х″ макърауэ зэрыщытыр

гурыIуэгъуэщ. Мы псалъэм къикIыр нэхъ зэIухауэ утыку къихьэн папщIэ, псэлъитI-щы пыщэн хуейщ.

Зэманым дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм джырэ утыку къихьэр ″и″ращи, ар зэман системэм и абзсисращ. ″Э″ системэм и абзсисыр системэм и ординат ″э″м и зы дэтхэнэ лъэбакъуэм джыращи, ″э″м и зы дэтхэнэ лъэбакъуэрэ кIуэтэгъуэм ″и″ри щыджу зы ″и-системэ″ мэухуэр. Мы ″и-системэ″р джыныгъэрэ джыпIэ системэу, зэман системэу щыт ″э-системэ″м пыщIащ. ИкIи дэтхэнэ зы щыIэрэ хъур къызыщыхъурэ зыдэщыIэ мы ″и-системэ″м щыIэхэр зэрыхэтрэ зэрытеджыхьыр къэпщытэнрэ гурыIуэгъуэ зыхуэщIын папщIэ, абы и зы лъэныкъуэр лъабжьэу лъытэн хуейщи, ″и-системэ″м мы и ординатыр зэрылъытэр ″х″ыуэщ. ″И-системэ″м и ординатыр ″х″ыращи, зы системэр ординаткIэрэ зэрылъытапхъэм папщIэ, ″и-системэ″ жыхуэтIэр ″х-системэ″уи лъытапхъэщ: ″и-системэ″р щыIэгъуэ зиIэхэр зыхэтрэ зыхэлъытэ зы геометрие системэу, ″х-системэ″ущ зэрылъытэр. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, зэман системэм и абзсису утыку къихьэ ″и″р мыувыIэу утыку къихьэу щыщыткIэ, мыбы зы ″и″ системэ къызэрытехъукIым папщIэ, джыуэ утыку къихьэхэр зыхэт мы системэм къыщыпщытэнумэ, мы системэм зы ординат хуэныкъуэщи, ″и″ лъэныкъуабгъуэрэ системэр зэлъытэну референсу ″и-системэ″м и зы лъэныкъуэр зэрылъытар ″х″ыуэщ.

Уеблэмэ, мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, щыIэгъуэ системэу щыт ″и-системэ″р щыIэр къыздыщыхъу системэу, зы ″щыпIэрэ щыгъуэ″ системэщи, системэр зэрыщыту зы ″щы″ системэщ, ″щимэ″ системэщ, абы щыджрэ щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэри ″щ″ лIэужьыгъуэщ.

Математикэу зы системэм щыджыр абзсискIэрэщ зэрыгъэлъагъуэри, зы системэм и абзсисымрэ а системэм щыджрэ щыгъэлъагъуэ функцэр зэтехуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ. Ар щыхъукIи, ″и″ къалэным теухуа мыхьэнэ зыгъэзащIэ дэтхэнэ зы макъ щэхур икIи ″у″ макъым теухуауи лъытапхъэщ. НытIэ, ″и″м теухууэ къэта щапхъэхэмрэ зи гугъу тщIахэр икIи ″у″ми теухууэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ ″и″р зы джыпIэу, абдежым щыджарэ зы щыIэгъуэ лIэужьыгъуэу утыку къихьа нэужьращ ″у″р зытеухуа хъури, зы ″и-координат системэ″ щылъытэращ абы и абзсисыгъэмрэ а системэм щыджрэ щыгъэлъагъуэ функцэм ″у″р щытеухуэр.

″У″ макъыр ″и″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьарэ, ″э″рэ ″и″м ягъэзащIэ къалэнхэр зыхэзыубыдэу ″зыужьыгъуэ″ мыхьэнэ зиIэ макъщи, ″э-системэ″ми, ″и-системэ″ми я ужьыгъуэм теухуа геометрие лIэужьыгъуэр къизыIуэ макъщ. Дэ езыхэр щыIэгъуэ зиIэрэ ″и-системэ″м хэтхэм ялъытэр ″э″м елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ джарэ джыпIэу щыт ″и″м и системэ лIэужьыгъуэрщи, ″и-системэ″м къыщыхъу дэтхэнэ зы ужьыгъуэр ″у″ макъым къызэрыриIуэр дэркIэ гулъытапхъэщ, гурыIуэгъуэщ, щIапхъэщ.

″И-системэ″м ужьыныгъэ зиlэу хэт дэтхэнэ гуэрыр ″у″ращ къэзыlуатэри, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ зы макъ щэхур ″у″м пыщlэныгъэ зыхуиlэ макъщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкlкlи, ″хъ″ыр зы лъабжьэу щхьэж зы джы lэнатlэу ″и″м хуэlауэ лъытапхъэмэ, абы и ужьыгъуэ ″хъу″ макъ мыхьэнэр ″у″м теухуа зы мыхьэнэщ, ″хъу″р зы ″у″ lуэхугъуэщ. Дэтхэнэ зы зэман (э) лъэбакъуэм щыджыр (и) джыгъуэрэ щыlэныгъэм и зы лъэбакъуэу, щыlэныгъэм и зы лъабжьэщи (хъ), къыкlэлъыкlуэ зэман (э) лъэбакъуэкlэрэ джыжрэ джы (и) зэпытмэ, мыр лъабжьэ (хъ) ужьыгъуэу (у) ″хъу″ращ. Дэтхэнэ гуэрыр къызтехъукlыр зы лъабжьэмэ (хъ), а гуэрыр а лъабжьэм (хъ) и ужьыгъуэщи, зэманым елъытауэ джы ″и″м и ужьыгъуэу (и ужьыгъуэ), ″э″рэ ″и″ зыхэзыубыдэ ″у″ лlэужьыгъуэщ, ари ″хъ″ым и ужьыгъуэу къэхъурэ ″хъу″рщ. ″Хъ″ макъыу ″хъу″р къызтехъукl лъабжьэу зэрыщытыр мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщи, ″хъу″р ″хъ″ым и ужьыгъуэ макъыу, ″у″ макъым къиlуатэр къызтехъукla лъабжьэри (хъ) хэлъыжу къэзыlуатэ макъщ. ″Хъу″ макъым къиlуатэр щыlэгъуэр мыувыlэу зэрыужьращи, абы икlи и мыхьэнэкlэ ″у″ макъым зи гугъу ищl геометриери къеlуатэр. Мыбы къыщымынэу, ″у″ кlэух зиlэу къэхъуа макъ щэхухэм псори ″у″ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ.

″У″ кlэух зиlэ макъхэр ужьыныгъэ лlэужьыгъуэу ″у″ макъым игъэзащlэр зыгъэзащlэ макъхэщ. Ауэ ар зэрагъэзащlэ щlыкlэр ″у″р кlэух зыхуэхъу дэтхэнэ зы макъ щэхум езым и мыхьэнэр зэрыхэлъыжкlэрэщ. Мыбы нэмыщl, щхьэж и макъ мыхьэнэр ″у″ макъым игъэзащlэм теухуа макъ щэхуи щыlэщи, ар ″б″ макъращ. Аращи, зэрызэлъытауэщ сытри къызэрыхъурэ зэрыпlри, мыр зи макъ мыхьэнэ ″б″ макъ щэхур ″у″м теухуа мыхьэнэ зиlэрщ. Мы макъитlыр зэрызэтеухуэрэ зэрызэщхьэщыкlыр мыпхуэдэу къэlуэтапхъэщ: ″у″р езырыжу зыужьыгъуэщи, мыр зэрызэлъыта щlыкlэкlэ къизыlуэ ″б″ыр ″зэрызэлъытэгъуэ зиlэ ужьыгъуэ″щ, ужьыгъуэбзщ.

″И″ макъым пыщlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэм и нэхъыбэм ″у″ макъми пыщlэныгъэ зыхуиlэу зэрылъытапхъэр мыбы нэгъунэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуагъэнщ. Икlи, дэтхэнэ зы ужьыгъуэрэ лlэужьыгъуэр зы геометрикэ функцэу къизыlуэ ″у″ макъым мы игъэзащlэр дэтхэнэ зы геометрие системэм теухуа зыужьыгъуэрщи, ар геометриеу сытри зыхэзыубыдэращ. ″У″м геометриеу мы и къалэнымрэ, сытри гурыlуэгъуэ къэзыщl ″м″ макъым и мыхьэнэри зэрызэтехуэр гурыlуэгъуэнщ: ″у″м геометриеу гурыlуэгъуэ къищlыр ″м″ым мыхьэнэуэ гурыlуэгъуэ къещlыр. Дэтхэнэ зы лlэужьыгъуэу сытри гурыlуэгъуэ къэзыщl ″м″ макъ мыхьэнэмрэ, сытри зи лlэужьыгъуэр геометриеу зы ужьыгъуэу утыку къизылъхьэ ″у″ макъыр мыхьэнэрэ геометриеклэ сытри зыхэзыубыдэ макъхэщ.

″У″кlэрэ къэlуу бзэм хэт макъхэм (къу, кхъу, хъу, ху, гъу, кlу, ку, гу) я мыхьэнэхэр къызтехъукla макъ щэхум и ужьыгъуэу зэрыщытыр ипэкlи къыхэдгъэщагъащ. Ауэ, мы макъхэм щыщу увыlэгъуэ зимыlэ ужьыныгъэ

мыхьэнэр къизыlуэ ″хъу″ макъым хуэдизу ″у″ макъым и геометрием занщlэу и мыхьэнэкlэ теухуэ яхэткъым. Аращи, мы макъхэр къызтехъукlа макъ щэхухэм я мыхьэнэхэм теухуа зы ужьыгъуэу лъытапхъэ щхьэ, ″хъу″м нэмыщl, мы макъхэм утыку къыралъхьэ ужьыныгъэр зи ужьыгъуэу щыт макъ щэхухэм я мыхьэнэм зэрытеухуам папщlэ, мыхэр нэхъыбэу зы ужьыгъуэ lэнатlэ зыгъуэт макъхэу лъытапхъэщи, ″у″ макъым нэхърэ, ″у″м и лимитацэрэ и зы lыхьэу щыт ″lу″ макъым утыку къырилъхьэ геометрие lэнатlэм теухуауэ лъытэныр нэхъ игъуэщ. Зы мыхьэнэр зы lуэхугъуэ lэнатlэу зэрыщытым папщlэ, абы и ужьыгъуэу утыку къихьэу зи гугъу тщlы макъхэр ″lу″ макъ мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ. ″lу″ макъым утыку къырилъхьэ геометикэ lэнатlэр геометием зэрыщыту хиубыдэ ужьыгъуэм и зы lэнатlэщи, зы мыхьэнэ пыухытыкlа зиlэ макъхэм я ужыгъуэу утыку къихьэ макъхэр ″lу″ макъыр зытеухуа зы геометрикэ lэнатlэращ зытеухуар. ″Гъу″р зыужьыгъуэ зыгъуэтынур къызтехъукl лъабжьэрыужьыгъуэщи, ар щыlэгъуэ системэм хэту нэсу зы зыужьыгъуэу лъытапхъэкъым. Зыужьыгъуэ lэнатlэ зи мыхьэнэ макъхэм щыщщ, къежьаплэрэ къэхъуплэ (къ) ужьыгъуэу утыку къихьэ ″къу″м и мыхьэнэри, гуэритl зэхуакур зи мыхьэнэ ″ку″ри... джын lуэхугъуэ lэнатlэр зи мыхьэнэ ″гу″р зы ужьыгъуэ lэнатlэуи, щхьэж ужьыгъуэуи лъытапхъэ мыхьэнэ зиlэ макъщ. Зыужьыгъуэ lэнатlэ зиlэу зи гугъу тщla мы макъхэм ужьыгъуэ lэнатlэрэ зы lэнатlэ лlэужьыгъуэ утыку къызэрыралъхьэм папщlэ, ″lу″ макъым и геометрикэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы макъ lуэрым зы геометрие lэнатlэ егъэзащlэри, мыпхуэдэ геометрие lэнатlэ зыгъэзащlэ макъ lуэрым ″и″ макъыр къыщыкlэлъыкlуэжым деж, ″и″м езыр зэрыщыту къапымыхьэу абы и эффектым зыщигъэлъагъуэм гъэзэщlэну lуэхугъуэм щыхурикъу щыlэщи, ″и″м и эффект ″й″р бзэ лэжьэкlэр зэрыхыхьэр мыпхуэдэщ. ″Й″р щхьэж зы макъкъым, ″и″м и эффектщи, мы зи гугъу тщlым хуэдэу игъуэ щыхъукlэ ″и″м и къалэн згъэзащlэу зы макъщ. Абы игъэзащlэр ″и″м игъэзащlэр игъуэ щыхъукlэщи, щхьэж езы ″й″р зы макърэ езым хуэlуа зы геометрие lэнатlэ зэримыгъэзащlэм папщlи, макъ щэхухэм ягъэзащlэ мыхьэнэхэм теухуауэ лъытапхъэкъым.

″И″м и кlуэтэгъуэщ ″е(иэ)″ макъ lуэр зэхэжыхьари, зы джыпlэм екlуэлlэныгъэрэ хуэкlуэныгъэу зы геометрие lэнатlэщ абыи игъэзащlэр. Ар щыхъукlи, ″э″ кlуэтэныгъэм теухуауэ зи гугъу тщla макъ щэху мыхьэнэхэр икlи ″е(иэ)″ми теухуауэ жыlэпхъэщ. ″И″р зы джыпlэу зэрыщытым папщlэ, джыпlэрэ джа гуэрым екlуэлlэныгъэрэ хуэкlуэныгъэщ ″е(иэ)″м игъэзащlэр. Мыпхуэдэ lуэхугъуэр ″н, хь, ху″ макъхэм ягъэзащlэм зэрыхуэдэр жыlэпхъэщ.

″Е″ тхыпкъымкlэ тхауэ бзэм хэт зы макъ зэхэжыхьари ″эй, эйй″ращи, ахэри кlуэтэгъуэрэ (э) джыгъуэ (и/й) зэхэжыхьауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″Е(эй, эйй)″р бзэ лэжьэкlэм къигъэхъуарэ, щхьэж зы

макъыу щыткъыми, абы хэт макъхэм ягъэзащlэ геометрие lэнатlэм нэмыщl, мы макъ зэхэжыхьар мы къызэрыхъуа щlыкlэрэ а зэрыщыту занщlэу абы теухуа макъ щэху гуэр щыlэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэм еплъытэ хъунурэ абы екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэр зэрыщыlэнури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэм нэхъ зэlухауэ тепсэлъыхьын зэрыхуейри гулъытапхъэщ.

″И, е(иэ)″ макъхэм я куэдагърэ жыжьагъ зыгъэзащlэу ″я″ тхыпкъымкlэ тха макъ зэхэжыхьам игъэзащlэри зи куэдагъэу мы зи гугъу тщlы макъхэм ягъэзащlэм хуэдэщи, абыхэм ягъэзащlэ геометрие lэнатlэм теухуа мыхьэнэ зыгъэзащlэу зи гугъу тщla макъ щэхухэм я мыхьэнэр куэдагърэ жыжьагъкlэ зэрылажьэр ″я″м игъэзащlэ геометие lэнатlэм теухуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщ.

″Е(иэ)″ макъ зэхэжыхьам и пlытlауэ къэlуыкlэ зиlэ ″lе (lиэ)″ макъым игъэзащlэр екlуэлlэнрэ хуэкlуэн lуэхугъуэм и лимитацэу зэрыщытым папщlэрэ дэтхэнэ зы объект зэрщымыlэу, зыми пымыщlарэ емыкlуалlэу ″и″ кlуэтэкlэщ. Ар ″lи″ми и кlуэтэгъуэщи, джыпlэу щыт ″и″м и лимитацэрэ пlытla ″lи″ макъым и кlуэтэгъуэу (э) ″lе (lи-э)″ макъым игъэзащlэр дэтхэнэ зы джын lуэхугъуэм пыщlэныгъэ зимыlэу, джыгъуэм емызэгъ кlуэтэгъуэщ. Ар щыхъукlи, игъэзащlэр мыфlщ, геометриеу ″lе″м мыпхуэдэ мыхъуныгъэ лэжьэкlэр къигъэлъагъуэми, позитивыгъэ зиlэу зы бзэу щыт адыгэбзэм лъабжьэрэ макъ мыхьэнэкlэ мыфlрэ мыхъуныгъэ зи мыхьэнэуэ зы макъ щэху хэткъым. - Мыбдежым ″цl″ макъыр дигу къэдгъэкlыжми, абы и мыхьэнэр мыщыlэгъуэу щыlэгъуэм езым и щlыбыр зэрылъытэным теухуащ.

Бзэ лэжьэкlэм къигъэщlарэ макъ зэхэжыхьауэ щыт ″о(эу)″ макъым игъэзащlэр зэманыгъуэрэ кlуэтэгъуэ ужьыгъуэрщи, мыр зыгъэзащlэ ″эу″ макъхэр зэхэжыхьауэ къыщыlукlэ къэхъур зэманыгъуэ ужьыгъуапlэу джыпlэрэ итыпlэращ. Ар зытеухуар ″иджы″ псалъэм къиlуатэр глагол лэжьэкlэм къыщыхигъэщынращ; щыlэгъуэ геометрием и лъабжьэу щыт зэман ужьыгъуэр икlи щыlэгъуэм теухуауэ къэхъу макъ щэхухэм а игъэзащlэ дыдэр къызэрамыlуэтэнур гурыlуэгъуэщи, ″о(эу)″м игъэзащlэр занщlэу зэрылъытэ ″мыхьэнэ″ зиlэ макъ щэху гуэр адыгэбзэм хэткъым, хэтын хуеинкъым. Ар щыlэр къэхъуну зыхуэгъэхьэзыррэ къыздыщыхъуу къекlуэкl ит зэманыгъуэр зы зэман ужьыгъуапlэу зэрыщыткlэрэ зэрылъытэрщи, мы зэрыжытla щlыкlэу джыгъуэрэ джыпlэр зи мыхьэнэ ″и″ми мыпхуэдэу еплъытэ хъунущ. Аращи, я къэхъукlэкlэ ″и″р ″э″мрэ ″у″м я зэхуаку макъырщи, ″э″мрэ ″у″р зэхэжыхьауэ къызэрыlуу утыку къихьэ ″о(эу)″р ″и″м и мыхьэнэр зытеухуар къызэрекlуэкlыр зэрылъытэуи лъытапхъэщ: джыпlэрэ джыгъуэр зи мыхьэнэ ″и″м щыгъэзащlэр зэрыгъэзащlэ дыдэрауэ лъытапхъэщ ″о(эу)″мкlэ лъытэр. ″И″м и мыхьэнэр утыку къызэрихьэ щlыкlэ дыдэр гурыlуэгъуэ зыщlрауэ лъытапхъэщ ″о(эу)ри, ар джыгъуэр зэрыджрэ иджым къыщекlуэкlыр зэрылъытэрщ. Джыгъуэр (и) мыпхуэдэ щlыкlэкlэ (о) утыку къызэрихьэу къэхъур

щыIэгъуэ зиIэрщи, нытIэ, ″иджы″уэ щыт абдежыр щыIэгъуэр ″игъуэ″ зэрыхъукIэрэ утыку къыздыщихьэ щIыпIэрэ къызэрихьэ щIыкIэу икIи щыIэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ыр щыгъэхьэзыррэ дэтхэнэ зы щыIэгъуэр къыздыщыхъуну ″щыгъуэ″ми къыщекIуэкIыр къызэрекIуэкI щIыкIэр зэрылъытэрщ. Мы зэрылъытэкIэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″о(эу)″м къыщекIуэкIыр икIи ″с″ макъми еплъытэ хъуну зы Iуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы къэтIуэтахэр макъ щэху псоми теухуарэ математикэ еплъыкIэри нэхъ лъабжьэ щIауэ мы къедгъэкIуэкI лэжьыгъэм хиубыдэу иужькIэ аргуэру дызтепсэлъыхьыжын Iуэхугъуэу къытпэщытщ.

## Я къэхъукIэм зэрелъытакIэрэ макъхэм ягъэзащIэ къалэнрэ мыхьэнэхэм теухуауэ

Япэрауэ макъ Iуэрхэм ягъэзащIэрэ я мыхьэнэхэр я къэхъукIэм зэрелъытарэ зэрытеухуам нэхъ гъунэгъуу дыхэплъэжынщ.

″Макъ Iуэр″у ″ы, э″ макъхэм макъ мыхьэнэ зэрамыIэм и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: ″ы″р макъ къежьапIэрэ лъабжьэщ, макъ оригинщи, макъыу езы закъуэр зэрыщыIэрэ, макъыу зэрызэлъытэн нэгъуэщI макъ зэрыщымыIэм папщIэ, щхьэж и закъуэщи, къикIи щыIэкъым, мыхьэнэи иIэнкъым. ″Ы″м и кIуэтэгъуэу къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукIыр ″э″ макъращи, ар етIуанэ макъ Iуэру, ″ы″м и елъытэныгъэу къэхъу макъщи, абы къикIыр ″ы″м и кIуэтэгъуэу зэрыщытращ. ″Ы″м и кIуэтэгъуэу къэхъу ″э″ми оригиным теухуарэ функциал кIуэтэгъуэ зиIэу лъытэн мыхъумэ, абыи нэгъуэщI гуэр къиIуатэкъым, нэгъуэщI къикI щыIэкъым, мыхьэнэ иIэкъым. ″Макъ″ жыхуэтIэ къэхъугъуэ лъагъуэращ ″ы″мрэ ″э″р зытеухуари, оригинрэ абы къыхэхъукI кIуэтэгъуэу, ахэр макъ къэхъуныгъэрэ макъ щыIэгъуэу макъыгъуэр къызэрыхъунум лъабжьэ хуэхъурэ (ы) функциалу хуэкIуэтэныгъэм (э) теухуа макъхэщ.

Макъ щыIэгъуэрэ макъыгъуэм зыкъыщигъэлъэгъуэнур ещанэу къэхъунуращи, аращ макъ лIэужьыгъуэм щыIэгъуэ лъабжьэр езытыр. Мы ещанэ макъыр оригиным (ы) и кIуэтэгъуэу утыку къихьэ ″э″м хуэпэзадэу иджрэ теджыкI ″и″ращи, ар джырэ джыпIэщ, езыр ещанэ макъыу макъ щыIэгъуэм лъабжьэ хъуэхъуращ. Ар утыку къыщихьэкIэ, макъ щыIэгъуэр утыку къихьэн лъэбакъуэр чагъэххэщ.

″Макъ Iуэр″ лъабжьэрэ къежьапIэщ ″ы″ макъри, макъ щыщымыIэм япэ дыдэ къэхъуа мы макъыр утыку къыщихьэкIэ, ″макъ мыхьэнэ″ жыхуэпIэн гуэри щыIэнкъым. Щхьэжу ″зы″м зы мыхьэнэ иIэнкъым, ар езыращи апхуэдизщ. Абы иужькIэ зыгуэр къытехъукIынумэ, абыхэм и оригинщ ар зэрыхъунури, ″ы″ макъыр мыпхуэдэщ, игъэзащIэри мыращ. НытIэ, ″ы″м макъ мыхьэнэ зэримыIэмрэ, абы игъэзащIэ къалэныр зытеухуари гурыIуэгъуэщ. Абы къытехъукIрэ абы и кIуэтэгъуэу къэхъу ″э″ри оригиным къытехъукIырщи, ари къызэрыхъуам хуэдэу кIуэтэгъуэ

зыгъэзащlэ макъщ. Ари къызэрыхъуам хуэдэ lуэхугъуэ гурыlуэгъуэ зыщlыфыну зы макъщи, мыр зы кlуэтэгъуэ къалэнщ, функциал кlуэгъуэщ, мыхъумэ зы макъ мыхьэнэкъым.

Оригиныр зи оригиныгъэм и купщlэу зипlэ итыжращи, макъ къэхъугъэр абы къытехъукlын папщlэ зы япэрей лъэбакъуэ хуэныкъуэщ. Нытlэ, ″ы″р ″макъ lуэр″ оригинращи, абы ″макъ lуэр″ къытехъукlыныгъэр япэрей лъабакъуэу ″э″ращ къыздыщlидзэр. Япэрей лъэбакъуэрэ кlуэтэгъуэращ оригиным япэу къытехъукlрэ ″макъ lуэр″ къэхъугъэр къыздыщlидзэр. Дэтхэнэ зы щlэ гуэру щыlэ къызэрыхъу щlыкlэу макъ геометрие къэхъуныгъэм и оригинрэ, абы и япэрей лъэбакъуэр утыку къыщихьэкlэ, ар зытеухуарэ абы нэужьу къэхъунур зыlисыр мыгурыlуэгъуэмэ, ар оригину плъытэми, кlуэтэгъуэу плъытэми, ар мыхьэнэуэ лъытапхъэ хъункъым.

Ауэ, ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэр макъ къэхъугъэм и ещанэ лъэбакъуэу зы мыхьэнэ зиlэ хъунщ. Мыр ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″и″ макъращи, абы зы макъ мыхьэнэ иlэщ. Кlуэтэгъуэм елъытауэ япэрейуэ джащ ″и″ри, ар езым иужь джынухэр зыщыджынуарщ, абыхэм я джыпlэращ. Япэрейуэ утыку къихьа гуэру, макъ мыхьэнэ зиlэрщ, ауэ мыхьэнэ къежьапlэу бзэм мы и мыхьэнэмкlэ щызекlуэнкъым. Мы и къэхъукlэкlэ, зэрыщыту зы ″бзэ мыхьэнэ″рэ ″макъ псалъэ″у занщlэу бзэм хэхьэнкъым. Ар бзэм ″макъ мыхьэнэ″уэщ щызэрызекlуэр, ар иужькlэщ ″8″ бжыгъэм ″и″р ″бзэ мыхьэнэ″уэ зы ″макъ псалъэ″у зы бжыгъэцlэ щыхуэхъуари, мыри ″и″ макъ мыхьэнэращ къызтехъукlар.

Япэрейуэ джарэ къыкlэлъыкlуэнухэм я джыпlэ хъу ″и″р япэрей ″макъ мыхьэнэ″щи, абы къыкlэлъыкlуэ макъри мыхьэнэ зиlэрэ бзэми ″бзэ мыхьэнэ″уэ хэлэжьыхьыфынщ. Мыр ″у″ращи, ар ″э″рэ ″и″ зэхуэпэзадэм дищlэращ, ар ″э″рэ ″и″р зыхэзыубыдэу дэтхэнэ зы лъэныкъуэ зыхэлърэ унэтlыныгъэ зиlэ макъщ. ″И″ джыпlэ нэужьу къэхъуарэ зэхуэпэзадэ лъэныкъуитlрэ и зэхуакур зи унэтlыныгъэ ″у″р къызэрыхъуам хуэдэу зы ужьыгъуэщи, сытми и ужьыгъуэщ. ″У″м и макъ мыхьэнэр къызэрыхъуам хуэдэу ужьыгъуэщи, ар ″бзэ мыхьэнэ″уэ зэрыщызекlуэри, мы и ″макъ мыхьэнэ″мрэ, мыбыи бзэ лэжьэкlэм къытехъукl мыхьэнэхэращ.

Мыхэращ (ы, э, и, у) ″макъ lуэр лъабжьэ″хэри адрей макъхэр мыбыхэм къытохъукlыжыр. Мы я къэхъуныгъэм елъытащ ягъэзащlэрэ я макъ мыхьэнэхэри, мыращ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэри. Мы макъ lуэр лъабжьэхэм я мыхьэнэм елъытащ абыхэм я пlытlарэ я лимитацэу утыку къихьэ макъхэм мыхьэнэ зэрагъуэтыфынури гурыlуэгъуэнщ: «lи, lу».

Мыхьэнэ зиlэ мы макъ lуэр лъабжьэхэм икlэм къыпыхьэ макъ lуэркlэрэ бзэ лэжьэкlэм къатехъукlыж макъ lуэр зэхэжыхьахэми макъ мыхьэнэ зэрalэфынури гурыlуэгъуэнщ: «е(иэ), я(иа)». Икlи, макъ lуэр лъабжьэ пlытlахэмрэ макъ lуэр лъабжьэкlэ къежьэ макъ lуэр зэхэжыхьахэми къатехъукlыж макъхэми ар дыдэу мыхьэнэ зэрalэфынури гурыlуэгъуэнщ: «″lи-э → lиэ; le (lиэ)″ → le».

Ауэ, мыхьэнэ зимыIэ макъ lуэркIэрэ къежьэу ухуэ макъ lуэр зэхэжыхьахэми, макъ lуэр лъабжьэу мыхьэнэ зиIэхэм я эффект макъхэми щхьэж мыхьэнэ яIэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ: «й, е(эй, эйй), о(эу)». Аращи, ″э″ макъым мыхьэнэ зэримыIэм зэрезэгъщи, ″э″кIэ къежьэу утыку къихьэ ″е(эй, эйй), о(эу)″ макъ зэхэжахэми макъ мыхьэнэ зэрамыIэнур гурыIуэгъуэщ. ″Э″м елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьауэ джырэ джыпIэ къизыIуэ ″и″м и эффектщ ″й″ри, мы къызтехъуарэ зыпыщIам и эффект игъэзэщIэн мыхъумэ, ″й″м езым хуэIуауэ щхьэжу зы мыхьэнэи иIэкъым. Мыбыхэм макъ мыхьэнэ зэрамыIэм папщIэщи, бзэ лэжьэкIэм щхьэж макъхэу ″бзэ мыхьэнэ″и щагъуэткъым.

*

Макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ я къалэнхэр я къэхъукIэм зэрелъытарэ зэрытехуами мы илъабжьэкIэ дыхэплъэжынщ.

″Макъ lуэр″хэр макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэм теухуауэ геометрие lэнатIэрэ мыхьэнэ зиIэ макъхэращ. Ауэ ″макъ мыхьэнэ″ щыжытIэкIэ, нэхъыбэу мыр зытеухуа макъхэр ″макъ щэху″хэращ, ахэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэр мыхьэнэ къэгъэхъунращ. Я къэхъукIэр зэрызэлъытарэ зэрызэпыщIам теухуауэ макъ щэхухэм мыхьэнэ зэраIэм ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Макъ щэху псоми я мыхьэнэхэри зэхуэдэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, макъ гуэрхэм я мыхьэнэр нэхъ куущ е нэхъ лъэщщ е нэхъ гурыIуэгъуафIэщ; ауэ, макъ гуэрхэми я мыхьэнэр нэхъ щхьэфэтелъщ, нэхъ лантIэщ е нэхъ гурыIуэгъуейщ. Къызэрыхъуа щIыкIэм ипкъ иткIэ, занщIэу макъ мыхьэнэ зыгъуэта макъхэри нэхъыбэщи, занщIэу зы мыхьэнэ зымыгъуэтарэ, и мыхьэнэр иужькIэ бэгъуэжа макъ щэхухэри щыIэщ; е зикI макъ мыхьэнэ зимыIэрэ бзэм къызэрыIу щIыкIэкIэ хэлэжьыхь макъ щэхуи щыIэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, адыгэбзэм хэт макъ щэху псоми дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ еплъыкIэм теухуауэ ипэкIи дытепсэлъыхьащ, икIи иужькIи къыпыщэну лэжьыгъэми игъуэ щыхъукIи дытепсэлъыхьынущи, ныIэ, мыбдежым адыгэбзэм хэт макъ щэху псоми тепсэлъыхьын нэхърэ, мыпхуэдэу мыхьэнэ зимыIэ е мыхьэнэ пыухытыкIауэ мылъытапхъэхэу утыку къихьарэ иужькIэ мыхьэнэ зыгъуэтыжа макъхэмрэ, зикI мыхьэнэ зимыIэу бзэм хэлэжьыхь макъхэм дытепсэлъыхьэнщ.

Макъ щэху къежьапIэрэ зи къэхъупIэр пэщхъынэу зи гугъу тщIа ″м″ макъыр макъ lуэрхэм теухуауэ ″ы″ макъым и къалэным хуэдэ къалэн зиIэ зы макъыу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Аращи, макъ щэху лIэужьыгъуэ щымыIэу, япэ къэхъуа зы макъ щэхурэ иджыри нэгъуэщI макъ щэху къэмыхъуауэ, икIи макъ геометиер мыухуэ ипэрэ ″ы″м дэщIыгъуу къэIуф ″м″ макъым -″ы″м хуэдэжу- щхьэж и закъуэу макъ мыхьэнэ зэримыIэнур гулъытапхъэщ. Ауэ икIи сыти зэрылъытэф щIыкIэу къэхъуа зы макъыу зэрыщытым ипкъ иткIи, ″м″ макъыр сытри зыхэзыубыдэ мыхьэнэ зиIэ макъыу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Зы макъ щэхур къызэрыхъум щхьэусыгъуэ хуэхъур мыхьэнэ утыку

къилъхьэнращи, ″м″ макъыр япэрей макърэ макъ закъуэу утыку къыщихьам деж, абы къыкlэлъыкlуэу къэхъуну макъ псоми и къалэнрэ мыхьэнэр зытеухуарэ зыгъэзащlэ макъыу зэрылъытапхъэм зэрезэгъщи, мыпхуэдэу зы мыхьэнэ закъуэу утыку зэритрэ пыухытыкla мыхьэнэ зэримыlэри гурыlуэгъуэнщ. Мыращ, къыщыхъуа дыдэрэ нэгъуэщl макъ утыку къыщимыхьам ″м″ макъым пыухытыкlауэ зы мыхьэнэ имыlэу щlэлъытапхъэр. Ауэ икlи, ″м″ макъым иужькlэ макъхэр къэхъуу щыщlидзэрэ бзэр зэрыухуэми дэщlыгъуу игъуэта макъ мыхьэнэхэм нэмыщl, ар бзэм мы къызэрыхъуа щlыкlэм теухуа и мыхьэнэкlэри зэрыхэлэжьыхьри гулъытапхъэщ.

И къэхъукlэр макъ щэхухэм ипэ къихуэрэ, псэущхьэм зыгуэрыр гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъуам теухуауэ къыригъэкl ″м″ макъыр дэтхэнэ зы макърэ псалъэм икlэм къыщыпыхьэм деж, а макърэ псалъэр зэрыщыту гурыlуэгъуэ щlын къалэнщ гъэзащlэри, мы и къалэныр ар къыщыхъуа дыдэрэ иджыри макъ мыхьэнэ зыщимыlэм теухуауэ ″м″ макъым бзэм хигъэзэщlыхь къалэнращ. Ар кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэм дэтхэнэ зы мыхьэнэ химылъхьэу, а макърэ псалъэр зэрыщыту гурыlуэгъуэ зэрыхъуар утыку къизылъхьэ макъращи, ар дыдэу, дэтхэнэ зы макърэ псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэкlи, зы мыхьэнэ химылъхьэу а макърэ псалъэр утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэ зыщl макъращ.

Япэ къэхъуа макъ щэхуу, къызэрыхъуа дыдэм теухуауэ бзэм мыхьэнэ зэримыlэкlэрэ хигъэзэщlыхь къалэныр мыпхуэдэщи, езым къыкlэлъыкlуэрэ мыхьэнэ утыку къилъхьэн папщlэ къэхъу макъ щэхухэр мыхьэнэплэм щихуэрэ щыбагъуэкlэ, ″м″ макъми ″макъ мыхьэнэ″ пыухытыкla зыхузегъэпэщыжыр. Аращи, ″м″ макъыр бзэм ″макъ мыхьэнэ″ пыухытыкla зимыlэрэ зиlэу лэжьэкlэ лlэужьыгъуэ лъэныкъуитlри зезыхьэ зы макъыу хэлэжьыхьу хэтщ.

″М″ым къыкlэлъыкlуэу етlуанэ макъ щэхуу, зи къэхъуплэри ″м″ым хуэдэу зы пэщхъынэ макъыу утыку къихьа ″н″ макъри ″м″ым хуэдэу, макъ мыхьэнэ пыухытыкla зимыlэрэ зиlэу бзэм лъэныкъуитlкlэ хэлэжьыхьу хэтщ. ″Н″ыр ″м″ым къыкlэлъыкlуэу къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, гурыlуэгъуэ хъуам теухуауэ щlапхъэр зэрыгъэпс е зэрыгъэхьэзырыр и къэхъукlэм зэрезэгъкlэрэ ″н″ макъращ къалэн зыхуэхъури, ар мыпхуэдэ къалэнкlэрэ бзэм холэжьыхьыр. Кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэм дэтхэнэ зы мыхьэнэ химылъхьэу, ″н″ макъым а макърэ псалъэр зэрылэжьэну щlыкlэкlэ егъэпсыр. Мыр зы псалъэр инфинитив формэм зэрихьэращи, ар зы глаголу лэжьэкlэу хъуам теухуауэ зэрыухуэращ. Кlэух зэрыхъум хуэдэу, макъ мыхьэнэ химылъхьэу дэтхэнэ зы макърэ псалъэм ищхьэм къыпыхьэ ″н″ макъым а макърэ псалъэм и мыхьэнэр къызэрежьэрэ зэрыухуэр утыку къырелъхьэр. Мы игъэзащlэ къалэнхэр къызэрыхъуа щlыкlэм елъытарэ теухуащ, ауэ ″н″ыри ″м″ым хуэдэжу, иужьыкlэ мыхьэнэ пыухытыкla зыгъуэта макъщи, бзэм зэрыхэлэжьыхьыр къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъ къалэнрэ иужькlэ игъуэта и мыхьэнэкlэрэщ.

Аращи, ″м″ макъым иужькlэ макъ мыхьэнэ зыхузэригъэпэщым хуэдэжу, ″н″ макъми мы зи гугъу тщlарэ къызэрыхъу дыдэм теухуауэ макъ мыхьэнэ имыlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, макъ мыхьэнэ иlэрэ, абыи занщlэу бзэ мыхьэнэ къытехъукlыжу лэжьэкlэи егъуэтыр. Мы макъ мыхьэнэхэри къежьапlэрэ къэхъуныгъэм теухуа лэжьэкlэхэр утыку къизылъхьэращ.

Къэхъукlэкlэ ″м″ымрэ ″н″ым я зэхуаку дэлъ мы зэпыщlэныгъэр макъ lуэру ″ы″мрэ ″э″м я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэм зэрещхьрэ зэрезэгъым ипэкlи и гугъу тщlащ. Япэ къэхъуа макъитlым занщlэу макъ мыхьэнэ зэрамыlэнури къыхэдгъэщагъащи, макъ мыхьэнэм зыкъыщигъэлъэгъуэнур ещанэу утыку къихьэ макърауэ зэрыщытыр макъ lуэрхэм теухуауи жытlагъэххэщ. Нытlэ, ″м″ нэужьу къэхъу ″н″ым къыкlэлъыкlуэу къыхэдгъэщарэ, зи къэхъупlэр къурмакъейуэ щыт ″хь″ макъыр макъ мыхьэнэ къэхъуныгъэм къежьапlэ хуэхъу макъыу лъытапхъэщ. Арагъэнщи, ″хь″ макъыр занщlэу ″хьын″ lуэхугъуэкlэ бзэм хэлэжьыхь макъщ, икlи гугъуехь макъыу гугъуехьыгъуэр къызтехуарэ ″хь″ макъри къыхэзыгъэlукl езы псэущхьэр ″зыхьрэ гугъу ехь″ хуэдэ мыхьэнэкlэ зызэрилъытэжри (хьэ) ″хь″ макъкlэрэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщ, ауэ мыхьэнэ къэзыгъэщlыну макъ щэхухэм щыщу псэущхьэм къызхигъэlукl мы макъ щэхумкlэ псэущхьэм езым зызэрилъытэжарагъэнщ нэхъ гулъытэ зыхуэщlын хуейр. Япэрейуэ лъытапхъэ макъ мыхьэнэр зытеухуа мы макъыр къызхэlукlрэ псэлъэбзэ зыхуэухуэ псэущхьэм езымрэ (хьэ) lуэхуу зэрихуэхэр (хьын) зэрилъытэ макъ мыхьэнэращ. Мыр зи къежьапlэ хъу ″хь″ макъымрэ ″хьэ″р адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр гъуэгуанэ кlыхьрэ зэхъуэкlыныгъэшхуэ зэрызыхэлъри япэрей лэжьыгъэхэми къыхощыр.

Мыхэр (м, н; хь) натуралу къэхъуа макъхэу зэрыщытщи, псэлъэбзэр зэрыухуэ макъхэм я нэхъыбэр мыбыхэм къакlэлъыкlуэу жьэ кlуэцlрэ бзэгулъэр къэхъупlэ зыхуэхъуу утыку къихьэ макъхэращ. Абыхэми къежьапlэ хуэхъур тэмакъращи, тэмакъым къыщыхъу макъыу, макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlымкlэ унэтlын бжэр зэlузых ″къ″ макъым и къэхъукlэри зы къежьапlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщщ.

Нытlэ, натуралу къэхъууэ зи гугъу тщlы ″м, н, хь″ макъхэри жьэ кlуэцlым макъ къэхъуныгъэ технологиекlэ къэlужущ бзэм зэрыхэхьэжахэри, псэлъэбзэм и макъхэм я къэхъупlэ гъуэгур зэlузых ″къ″ макъым къежьапlэ къалэныр хуэфащэщ. ″Къ″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри ищхьэ къызпыхьэ макърэ псалъэ мыхьэнэхэм я къежьапlэр къыриlуэу, кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэхэри кlуэдыпlэм игъакlуэущ. Мы игъэзащlэ къалэнхэр ″м, н″ макъхэм я къэхъукlэм елъытарэ зэрытеухуакlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм хуэдэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Араши, мы игъэзащlэ къалэнкlэрэ ″къ″ыми макъ мыхьэнэ имыlэ хуэдэуи лъытапхъэщ. Ауэ, мы игъэзащlэу зи гугъу тщla къалэнкlэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, абы зы ″макъ мыхьэнэ″ иlэмэ, ар мыращ; ″къ″ макъыр бзэм мы и ″макъ мыхьэнэ″мкlэщ сытым

дежи зэрыхэлэжьыхьыр. Ауэ икIи абы мы и мыхьэнэкIэрэ ″макъ псалъэ″и къызэрытемыхъукIри гурыIуэгъуэщ.

Мыбдежым макъ мыхьэнэ зиIэрэ зимыIэу зи гугъу тщIа макъхэм нэмыщI, дэтхэнэ зы макъым емылъытарэ пыщIэныгъэ зимыIэу, щхьэж езым и къэхъукIэрэ къэIуыкIэ зиIэжу адыгэбзэм хэт макъ закъуэу ″р″ макъми и гугъу зэрыщIыпхъэр гурыIуэгъуэнщ. Ар езым ипэ къэхъуа зы макъым и къэхъукIэм елъытарэ пыщIауэ щыткъым, икIи езым и къэхъукIэми нэгъуэщI макъ къытехъукIкъым. Мыпхуэдэу зэрыщытрэ пхъашэу къэIуыкIэ зэриIэкIэрэщ ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри, абы зы макъ мыхьэнэ иIэу зэрымылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. И къэIукIэм зэрезэгъщи, кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр текъузауэ зэхэхыпхъэ ищIыу импозэ къытхуещIыр ″р″ макъми, зи кIэух макърэ псалъэр хэхауэ къыдгуригъэIуэн къалэн егъэзащIэр. Адыгэбзэм хигъэзэщIыхь къалэныр мыращи, ар щхьэжу бзэм хэмылэжьыхьрэ макъ псалъэ къызтемыхъукIы макъщ, икIи ар псэлъащхьэи мыхъу макъщ.

### ″Макъ щэху″хэм къатехъукI ″макъ зэгуэт″хэр

Зы макъыбзэр макъкIэ зэрылажьэм папщIэ, макъхэр куэд ищIын лъэныкъуэкIэ унэтIыгъэ зиIэну зы бзэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, хуиту къэIуыкIэ зиIэ макъ гуэрхэм макъ пIытIахэр къатехъукIыу, макъ гуэрхэм я ужьыгъуэу ″у″ къапыхьэжу, макъ lуэр гуэрхэр зэгухьэрэ зэхэжыхьу, бзэ лэжьэкIэми макъ lуэр зэхэжыхьа къигъэщIыу макъыщIэхэр утыку къызэрихьэм ипщэкIэ и гугъу тщIащ. Макъ lуэрхэр зэрызэгухьэрэ макъ lуэр зэхэжыхьахэр къазэрытехъукIым хуэдэу, ″макъ щэху″ гуэрхэри зэгухьэрэ зэхэжыхьу къызэрыIу щIыкIэкIэ щхьэж макъ къалэн зыгъэзащIэ макъыщIэ пэлъытэхэу макъ щэху зэгуэтрэ зэхэжыхььахэри утыку къохьэр. Япэрей лэжьыгъэхэми и гугъу тщIа мы макъ щэху зэхэжыхьахэр дигу къэдгъэкIыжынщи, псэлъитI-щы тежытIыхьыжынщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм къэбэрдеибзэм хэт макъ щэху зэхэжыхьахэр макъитIым теухуауэщ таблицэм къыщыдгъэлъэгъуауэ щытари, макъищ зэгуэтхэри яхэтыжу щхьэж макъ къалэн зыгъэзащIэу лъытапхъэхэри илъабжьэкIэ къэтыжащ.

ЯпэкIэ къэдгъэлъэгъуа макъ зэгуэтитIхэр нэхъыбэ зэрыхъуфынум и гугъуи тIщауэ щытащ, ауэ псалъэхэм хэту зэгухьа дэтхэнэ макъитI-щыр щхьэж макъ къалэн зыгъэзащIэу зэрымылъытапхъэри жытIагъащ. Ауэ псалъэ гуэрхэм ″ы″ншэу зэкIэлъхьэужьу хэт дэтхэнэ макъ зэгуэтыр щхьэж макъ къалэн зыгъэзащIэрэ зымыгъэзащIэ макъ зэгухьэу зэрыщытыр зэхэгъэкIыныр сытым дежи lуэгъугъуэ тыншкъым. Мыпхуэдэ зы макъ зэгуэтыр зы псалъэм зэрыхэтыр щхьэж макъ къалэн имыгъэзащIэу, нэгъуэщI зы псалъэми щхьэж макъ къалэн игъэзащIэу хэту гурыIуэгъуэ къыпхуохъуфыр. Мыбы и зы щапхъэщ ″илъхьэн, щIэлъхьэн″ хуэдэ псалъэхэм хэт ″лъхь″ыр макъ зэгуэту зэрымылъытапхъэм хуэдэжу,

″ипщхьэн, щlэпщхьэн″ псалъэхэми хэт ″пщхь″ыр щхьэж макъ къалэн зымыгъэзащlэ макъыу зэрылъытапхъэр. Ауэ ″**пщхь**″ макъ зэгуэтыр ″къупщхьэ″ псалъэм зэрыхэт щlыклэр щхьэж макъ къалэн зымыгъэзащlэ макъ зэгуэту плъытэныр гугъущ.

Бзэм и лэжьэклэр зэпычыгъуэ зимылэ ужьыгъуэщи, бзэ лэжьэклэ лlэужьыгъуэ псори мыпхуэдэклэрэщ къызэрыхъур. Мы псалъэм зэрезэгъклэрэ щапхъэу къэтхьами гулъытэ къызэрытхуищlщи, щхьэж макъ къалэн зыгъэзащlэ макъ зэгуэт къэхъуныгъэр бзэм и зы лэжьэклэрэ макъ гъэбэгъуэныгъэм и зы щlыклэ хъуа нэужь, мыр зэрилъабжьэклэрэ бзэм и иужьрей лэжьэклэхэм щхьэж макъ къалэн зыгъэзащlэ макъ зэгуэтыщlэ гуэрхэмклэ псалъэхэр утыку къызэрихьэм ухозэр.

Япэрей лэжьыгъэхэм и гугъу тщlарэ, илъабжьэклэ макъитl-щы зэгуэту къэдгъэлъэгъуа гуэрхэр зы псалъэ закъуэм хэплъагъуэми, ахэр макъ зэгуэт къэгъэхъуныгъэклэ макъхэр игъэбэгъуэн лэжьэклэр лабжьэ зыхуэхъуа бзэм иужьрей и лэжьэклэхэм щхьэж макъ къалэн зыгъэзащlэ макъ зэгуэтхэу къызэригъэщlари гулъытапхъэщ.

Тlанэ, макъищ зэгуэтхэр макъитl зэгуэт къэхъуныгъэм къыклэлъыклуэу утыку къихьа макъ зэгуэт къэхъуныгъэщи, ахэр макъитl зэгуэтым зы макъ къызэрыпыхьэклэрэ утыку къихьахэуи (пп: пс-кl → ″пскl″; пщ-клу → ″пщклу″), зы макъ зэгуэтым ищхьэм къыпыхьэ макъклэрэ къэхъуауи лъытапхъэщ (″т-хъу″ е ″тхъ-у″ → тхъу; ″т-ху″ е ″тх-у″ → тху). Макъищ зэгуэтхэм и нэхъыбзэри макъитl зэгуэтым зы макъ къызэрыпыхьэжклэрэу утыку къызэрихьэри гурылуэгъуэнщ. Ауэ, мы ипэклэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэрщи, макъитl зэгуэтым иклэм зы макъ къызэрыпыхьэрэ е макъитl зэгуэтым ищхьэм зы макъ къыпыхьэклэрэ макъищ зэгуэтхэр утыку къызэрихьэфынури гурылуэгъуэщ; иклu, бзэм мыпхуэдэ къэхъуклитlклu зэрыхэлэжьыхьыфынур гурылуэгъуэщи, дэтхэнэ зыр къызэрыхъурэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэр зэхэхун хуейщ.

″Т″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**тхъ, тхъу, тх, тху, тхьэ**». ″Тl″ макъым къыпыхьэу утыку къихьэ макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**ткl, ткlу**». Зэрытхыр ″т″ыуэми, мы макъ зэгуэтхэм ар къызэрыхэлуклыр ″тl″ыуэ зэрыщытыр япэрей лэжьыгъэхэм щыжытlагъэххэщ.

″Щ″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**щт, щхъ, щхъу, щхьэ**». Мыбыхэм яхэмыхьами, ″гъэныщклун″ псалъэм хэт ″**щклу**″ макъри макъ щэху зэгуэтитlу лъытапхъэщ. Сыт хуэдизу макъ пlытlам ипэ къихуэ макъри пlытlауэ къэlуу щытми, мыбдежым макъ пlытla ″клу″р къызклэлъыклэ ″щ″ макъыр зэрыщыту къэlуущ ″щклу″ макъ зэгуэтыр зыхэт псалъэм зэрыхэтыр; ″щклу″ макъ зэгуэтыр зыхэт псалъэм ″щ″ыр мыпlытlарэ зэрыщыту къызэрыхэлуклыр гулъытапхъэщи, мыбы макъ мыхьэнэклэ гурылуэгъуэ ищlыр гурылуэгъуейкъым.

″Ш″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**шх, шху**″. Мыбыхэм нэмыщl, ″шкlумпl, шкlуркlым″ псалъэхэм хэт ″**шкlу**″ макъ зэгуэтри ″ш″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэту лъытапхъэщ.

″Лъ″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтыр ″**лъху**″рауэ жытlэгъащ, ауэ ″малъхьэ″ псалъэм хэт ″**лъхъ**″ макъ зэгуэтри щхьэж зы макъ къалэн зыгъэзащlэ макъ щэху зэгуэтрэ зэхэжауэ лъытапхъэщ.

″П″ макъыр ипэ къихуэу макъ щэху зэгуэтитlу утыку къихьэхэр мыхэращ: «**пс, пщ, пш, пхъ, пхъу, пх, плъ**». Ауэ япэрей лэжьыгъэхэм къыпытщэжу макъ щэхуу щы зыхэтхэми и гугъу тщlауэ щытащи, ахэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ: «**пск-псч, пскl, пщт**». Мыхэр зыхэт псалъэхэри щапхъэу къэтхьынщ: «пкэн-псчэн; гъэпскlын, щlэупскlэн; къэпщтын, пщтыр». Мыбыхэм нэмыщl, ″п″ макъымкlэ къежьэрэ макъ щэхуищ зэгуэту лъытапхъэ нэгъуэщlхэри щыlэнщ: «**пст**». Мы макъхэр зыхэт псалъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «иджыпсту».

″Пl″ макъым къыпыхьэ макъхэмкlэ утыку къихьэ макъ зэгуэтхэр мыхэращ: «**пщl, пкl, пкъ, плl**». Япэрей макъыр зэрытхар ″п″ыуэ щытми, къыклэлъыклуэр макъ пlытlауэ зэрыщытым папщlэ, ар ″пl″ыуэ къызэрылур япэрей лэжьыгъэхэми щыжытlагъащ. ″Пl″ макъыр ипэ къихуэрэ ″гъэпщклун″ псалъэм зэгухьауэ хэт ″пl-щl-клу″ макъищри макъ зэгуэтрэ зэхэжыхьауэ лъытапхъэщ: «**пщклу**».

″Б″ макъымкlэ къежьэу утыку къихьэ макъ зэгуэтхэри мыхэращ: «**бз, бдз, бгъ, бгъу, бг, бж, бжь, бл**».

″Ф″ макъыр ипэ къихуэу къэхъу макъ зэгуэтри мыращ: «**фт**».

Мы къэдгъэлъэгъуа макъ щэху зэгуэтхэм щыщрэ макъ щэхуитl зэгуэтхэм япэрей макъыр lупэ лъэныкъуэр зи къэхъупlэу, абы къыклэлъыклуэ макъыр тэмакърэ къурмакъей лъэныкъуэр зи къэхъупlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ макъищ зэгуэтхэм хэт ещэнэрей макъыр lупэ лъэныкъуэри, къурмакъей лъэныкъуэри къэхъупlэ зыхуэхъуф макъщ. Макъ зэгуэтитlхэм фонетикэу я къэlуклэрэ я къэхъуклэм теухуа мы псалъэм химыубыдэ къэхъуыклэ зиlэу утыку къихьэ макъ щэху зэгуэт закъуэр ″**щт**″ыращи, мыбы и щхьэусыгъуэри мы макъ щэху зэгухьэм и мыхьэнэм теухуагъэнщ.

## Адыгэбзэ макъхэр утыку къызэрихьа зэклэлъхьэужьыклэм хэплъэжыгъуэ

Макъхэр къызэрыхъур, гуп гупу зэрызэхэтыр, гупхэр зэрызэклэлъхьэужьыклэу зэрылъытапхъэр, гупыр къызтехъукlа макъыр, гупым хиубыдэ макъхэм я зэклэлъхьужьыклэр мы ипэклэ къедгъэклуэкlа лэжьыгъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыу лъытапхъэщ. Ауэ, икли макъ lуэрхэмрэ макъ щэхухэр зэхэгъэклауэщ макъ къэхъуныгъэу ипэклэ и гугъу зэрытщlари, макъ щэхухэмрэ макъ lуэрхэри зэрызыхиубыдэклэрэ макъ къэхъуныгъэ зэклэлъхьэужьыклэми еплъын зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуам щыгъуэмрэ, къызкlэлъыкlуэрэ къыкlэлъыкlуэ макъыр зэрылъытэкlэрэ макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэм нэхъ гъунэгъуу еплъын хуейщи, илъабжьэкlэ мыпхуэдэ консидерацэи къедгъэкlуэкlынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, макъ къэхъуныгъэр япэу къыздыщежьар пэщхъынэ кlуэцlрауэ жыlэпхъэщи, пэщхъынэ макъ нэхъыщхьэу утыку къихьари "м" макърауэ лъытапхъэщ. Иужькlэ жьэ кlуэцlрэ бзэгур макъ къэхъупlэ нэхъыщхьэ хъуами, япэрей макъыр къыздыщыхъуарэ макъ къэхъуныгъэр къыздыщlидзар жьэ lуэху зыхэмылъу утыку къихьа "м"ыр къыздыщыхъуа пэщхъынэращ. Ар псэлъэбзэм и зы макъыу зэрыхэхьари макъ къэхъуныгъэ ухыпlэу лъытапхъэ lупэм къыщыlуущи, макъ къэхъуныгъэ къежьапlэмрэ макъ къэхъуныгъэ ухыпlэри зэпызыщlэу зы макъщ.

Пэщхьынэ нэужьым макъ къэхъуныгъэр къурмакъейрауэ жыlэпхъэщи, абдежыр макъ къэхъупlэ зэрыхъукlэрэ утыку къихьа япэрей макъыр "хь" макърауэ лъытапхъэщ; абы къыкlэлъыкlуэрэ макъ къэхъуныгъэр ипщэкlэ дэкlыну хущlэкъуныгъэ къалэнри зыгъэзащlэу утыку къихьа макъри "хы" макъращ. Къурмакъейр зи къэхъупlэу утыку къихьа мы макъхэм къатехъукlыжа зы макъщ "h"ыри, ар мы макъхэм куэдыlукlэ иужькlэщ къыщыхъуар, икlи абы и къэlукlэри къурмакъей нэхърэ жьэ кlуэцl lуэгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщla макъхэр макъ щэхуу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ахэр къэlун папщlэ зы макъзешэ зыхуэныкъуэ макъдэкlуашэхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, ахэр зы макъыу утыку къихьэн папщlэ зыхуэныкъуэ макъзешэри япэрей макъым дэщlыгъуу утыку къихьэн хуейуэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, япэ къэхъуауэ зи гугъу тщla "м" макъыр утыку къихьэн папщlэ, зы макъзешэ зыхуэныкъуэрщи, а макъзешэри и къэlукlэкlэ а нэхъ лъабжьэрэ къару мащlэ зытекlуэдэн хуей макъыу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Ныtlэ, мы жытlахэм зэрезэгъкlэрэ, япэу къэхъуа "м" макъыр "ы" макъзешэкlэрэ утыку къызэрихьарэ къызэрыlуар гурыlуэгъуэщ. Япэ къэхъуа "макъ щэху"у щыт "м" макъым дэщlыгъуущ "ы" макъыр утыку къызэрихьари, "ы"р "м" макъым дэщlыгъуу къэlуу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зы макъзешэ щlыкlэу утыку къихьа "ы" макъыр мыбдежым щхьэжу къэlуу зэрыщымытыр гулъытапхъэщи, ар щхьэж къэlуыкlэ зиlэ зы "макъ lуэр"у утыку къызэрихьари "м" нэужь къэхъуныгъэ зиlэу зи гугъу тщla "хь"ым къыкlэлъыкlуэ "хы" макъ нэужьу жыlэпхъэщ. Аращи, къурмакъейм къыщыхъу "хь" макъым иужь къурмакъейр зи къэхъупlэу утыку къихьарэ тэмакъ лъэныкъуэри зэрыхигъэзыхькlэрэ къэlуыкlэ зыгъуэта "хы" макъыр икlи "ы" макъ lуэрми щхьэж къэlуыкlэ зэригъуэтам щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ лъытапхъэщ. Ныtlэ, "м" макъыр къэзыгъэlу макъзешэу "м" макъым дэщlыгъуу утыку къихьа "ы" макъыр щхьэж къэlуыкlэ зэригъуэтарэ зы макъ lуэру утыку къызэрихьар мыпхуэдэщ. Мыпхуэдэщ "ы" макъыр щхьэжу зы макъыу

утыку къызэрихьари, къурмакъейм къыщыхъу ″хы″ макъыр зы лъэныкъуэкlэ тэмакъыр макъ къэхъуплэ хъуну щыхущlэкъум, адрей лъэныкъуэкlи хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъ къэхъуныгъэ лъэныкъуэмкlэ хущlэкъуущ ″ы″ макъыр утыку къызэрихьар. Аращи, япэрей макъыу щыт ″м″ макъым дэщlыгъуу утыку къихьауэ зи гугъу тщlы ″ы″ макъыр щхьэжу зы макъыу ″хы″ым къыкlэлъыкlуэущ утыку къыщихьар; мы утыку къыщихьам нэгъунэм игъэзэщlа къалэныр мыбы нэгъунэ къэхъуа макъхэр утыку къихьэнкlэрэ макъзешэ къалэн язэрыхуигъэзащlэущ ″ы″ макъыр зэрызэхэпхри, а макъхэм къыхэlукl ″ы″ макъым щхьэжу къэlуыкlэ щигъуэтарэ зы ″макъ lуэр″ыплэм щиувар мыбдежращ.

Мыпхуэдэу хуиту къэlуыкlэ зэриlэкlэрэ щхьэж зы макъыу утыку къихьа ″ы″ макъ lуэрыр икlи щхьэж къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьэ ″макъ lуэр″ къэхъуныгъэми лъабжьэ зэрыхуэхъуар гурыlуэгъуэщ. Щхьэж къэlуыкlэ иlэу утыку къихьа ″ы″ макъым къыкlэлъыкlуэу щхьэж къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьа япэрей макъри зэрыгуэрыlуэгъуэу ″э″ макъращ. ″Э″ макъыр щхьэж къэlукlэкlэ утыку къихьа нэужьи, ар къызэрыlу щlыкlэм елъытауэ жьэр нэхъ зэlухауэ къэlуыкlэ зиlэ ″а″ макъыр къыкlэлъыкlуэу щхьэж зы макъыу утыку къихьауэ лъытапхъэщ.

Мы жытlахэм къызэрыхэщщи, ″э″ макъыр ″ы″м къытехъукlащ, икlи ″а″ макъри ″э″ макъым и зы щlыкlэу утыку къихьа макъщи, ″а″р ″э″м и лъэщыгъэ къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьа зы макъыу зэрыщыткlэрэ ″э″м и зы варианту лъытапхъэщ. Ауэ, макъ къэхъукlэкlэ ″э″м къыкlэлъыкlуэу, ″э″м и къэхъукlэрэ къэlуыкlэм елъытауэ утыку къихьа щхьэж макъ lуэрыщlэр ″и″ макърауэ лъытапхъэщ. Аращи, ″э″ нэужь макърэ зи къэхъукlэкlэ ″э″м и къэхъукlэм елъыта зы къэхъукlэщlэ зиlэу утыку къихьащ ″и″ макъри, ″а″р ″э″м и къэхъукlэ лъагъуэм тету утыку къихьа щхьэ, ″и″р ″э″м и къэхъукlэ лъагъуэм темытрэ ″э″м и къэхъукlэм щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэу утыку къихьа зы макъщ. Мы и къэхъукlэм ипкъ иткlи, макъ къэхъуныгъэу ″и″р ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа зы макъыщlэрщ. Макъ lуэр къэхъуныгъэм зызэриужь мы лъагъуэм тету ″э″мрэ абы къыкlэлъыкlуэу къэхъуа ″и″м я къэхъукlитlри зыхэзыубыдэу лъытапхъэу ″и″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа макъ lуэрри ″у″ макъращ.

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщи, ″макъ lуэр″ лъабжьэу щыт ″ы″ макъыр япэрауэ щхьэж къэlуыкlэ иlэу утыку къызэримыхьарэ япэрей макъыу щыт ″м″ым дэщlыгъуу зы макъзешэ къалэнкlэрэ утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ ″м″ым дэщlыгъуу япэрей макъыу утыку къызэрихьари гурыlуэгъуэщ ″ы″ макъри, абы щхьэж къэlуыкlэ игъуэтарэ ″макъ lуэр″ыплэм иува нэужьщ ар ″макъ lуэр″ къэхъуныгъэ лъабжьэ щыхъуар. Аращи, ″ы″р утыку къыщихьар щхьэж къэlуыкlэ зиlэ зы ″макъ lуэр″у щымытми, ар лъабжьэ зыхуэхъуарэ абы нэужь къэхъуа ″макъ lуэр″хэм я къэхъуныгъэр щхьэж къэlуыкlэ зэралэкlэрэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, ″м″ым дэщlыгъуу утыку къихьа ″ы″ макъыр жьэр зэтемыхми къэlуыкlэ зиlэ макъ lуэру зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ″м″ыр къэlункlэрэ щхьэпэ хуэхъуу макъзешэ къалэнкlэрэ утыку къихьагъэххэ ″ы″ макъым щхьэж къэlуыкlэ зэригъуэтар ″хьl″ нэужьращи, ″ы″м мы и къэlукlэм къыкlэлъыкlуэрэ жьэр мащlэу зэрызэтехкlэрэ ″ы″м и къэlукlэм къытехъукlыж ″э″р икlи мыпхуэдэ щlыкlэкlэ щхьэж къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьа макъ lуэрырщ. ″Ы″м щхьэж къэlуыкlэ зэригъуэтрэ зы ″макъ lуэр″у зыкъыщигъэлъэгъуа нэужьращ абы ″э″р къыщытехъукlари, ″э″р утыку къызэрихьа щlыкlэр зы ″макъ lуэр″ущ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу и къэlуыкlэм зэрезэгъкlэрэ абыи ″ы″м хуэдэу макъзешэ къалэн зэригъэзащlэр. Икlи я къэхъукlэкlэ мы зэрызэлъыта щlыкlэм езэгъыущ ″ы″мрэ ″э″р зэрызэпэгъунэгъури, ягъэзащlэ къалэнри мы зэрызэлъыта щlыкlэм езэгъ lуэгъуэщ. ″Ы″м къыкlэлъыкlуэ япэрей лъэбакъуэу утыку къихьа ″э″р макъ lуэр лъабжьэрэ оригину щыт ″ы″м макъ lуэр къызэрытехъукl япэрей лъэбакъуэу, абы и кlуэтэгъуэрщ. Мы кlуэтэгъуэ къалэн зыгъэзащlэ ″э″м къыкlэлъыкlуэрэ абы елъытауэ зы къэхъукlэщlэ зиlэу утыку къихьар ″и″ макъращи, абы игъэзащlэ къалэнрэ и мыхьэнэри ″э″м мы зэрелъыта щlыкlэкlэ утыку къызэрихьам теухуащ.

Къурмакъей макъыу щыт ″хьl″ым и къэlукlэм къытехъукlауэ зэрылъытапхъэр жытlагъащ ″ы″ макъри, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″э″ри ″ы″м и къэхъукlэм къыпыщэж лъэбакъуэрщ. Ауэ, ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″и″р икlи макъ къэхъуныгъэр къурмакъеймкlэ дэкlыну зиунэтl зы макъыу зэрыщытри гулъытапхъэщи, и гугъу зэрытщlауэ ″хьl″ макъыр къурмакъеймкlэ зэрыхущlэкъум ″и″ри дэlэпыкъуэгъу хуэхъужу лъытапхъэщ. Аращи, ″хьl″ыр занщlэу къурмакъейр зэрыхигъэзыхьым и пхэндж къэхъукlэкlэ утыку къихьа ″ы″м и кlуэтэгъуэ ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″и″ макъри ″хьl″ым къурмакъейр зэрыхигъэзыхь lуэхугъуэм аргуэру дэlуэпыкъуэгъу хуэхъуж зы макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. И къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ ″э″м хуэпэзадэ щlыкlэ иlэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″и″ри, абы мы и къэхъукlэм тэмакъыр ″хьl″ым хуэдэ щlыкlэу хигъэзыхьу жыlэпхъэщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″и″ макъри тэмакъыр макъ къэхъупlэм хузэlухыным щхьэпэ хуэхъуауэ щыта макъхэм щыщу лъытапхъэщ. Къыздыщыхъуарэ къызэрыхъуа щlыкlэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ ″и″ макъми, макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlымкlэ зэрыунэтlрэ бзэгур макъ къэхъупlэ хъуа нэужь, абы и къэlукlэр ар нобэ къызэритlу щlыкlэу тынш зэрыхъужари гурыlуэгъуэнщ. Аращи, бзэгур макъ къэхъупlэ мыхъу ипэ къэхъуа дэтхэнэ зы макъым и къэlукlэр бзэгур макъ къэхъупlэ хъуа нэужь нэхъ нытш зэрыхъужам хуэдэу, ″и″ макъым и къэlукlэри нобэ ар къызэритlу щlыкlэм техьэжауэ лъытапхъэщ.

″Хьl″ымрэ икlи мы и гугъу зэрытщlаклэрэ ″и″м зэхуэмыдэ лъэныкъуэкlэрэ зэдащlэ lуэхугъуэкlэрэ тэмакъыр макъ къэхъупlэ хъуным хузэlухауэ лъытапхъэщи, мыбдежыр макъ къэхъупlэ хъуа нэужь, макъ

къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlымкlэ нэхъ хуиту зэрыунэтlынури гурыlуэгъуэщ. Аращи, тэмакъыр макъ къэхъуныгъэр нэхъ хиутыплэу жьэ кlуэцlымкlэ зэрыунэтlынум лъабжьэ хуэхъураща, тэмакъ псалъэм и мыхьэнэри макъ платформэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Макъ платформэу лъытапхъэ тэмакъым къыщыхъу макъри, ″къ″ыращи, абдежыр макъ къэхъуныгъэм зэlузыхарэ макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlымкlэ зэрыунэтlынум лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар ″къ″ макъращ. Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъща, макъ къэхъуныгъэм тэмакъыр зэlузых зы макъщ ″къ″ макъри, ари макъ къэхъуныгъэкlэрэ зы къежьаплэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщща, ″и″ макъыр тэмакъыр макъ къэхъуплэ мыхъу ипэ къэхъуа зы макъыу лъытапхъэща, ар ″къ″ым ипэ къэхъуа макъ lуэрырщ. Ауэ, макъ lуэр къэхъуныгъэкlэ ″и″м къыкlэлъыкlэу утыку къихьарэ иужьрей ″макъ lуэр лъабжьэ″у щыт ″у″ макъыр тэмакъыр макъ къэхъуплэ зэрыхъуа ″къ″ макъым иужь къэхъуа зы макъ lуэру зэрыщытри жыlэпхъэщ. Икlи зэрыгурыlуэгъуэу, зы макъ lуэру щыт ″у″ макъым и къэхъукlэр макъ lуэр къэхъуныгъэ лъагъуэращ зытетынури, мы лъагъуэм тету макъ lуэр къэхъуныгъэми зызэриубгъу щыкlэу, езым ипэкlэ къэхъуа ″э, и″ макъхэм я лъагъуэхэр зыхэзыубыдэу, ″и″ нэужь макъыущ ″у″р утыку къызэрихьар.

Тэмакъыр ″къ″ макъкlэрэ макъ къэхъуплэ хъуа нэужь, макъ къэхъуныгъэр ипщэкlэ нэхъ хуиту дэкlыу щlидзащи, тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ макъым къыкlэлъыкlуэу ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэр зэкlэлъхьэужьу утыку къызэрихьари гурыlуэгъуэщ.

Макъ къэхъуныгъэр тэмакъым ипщэкlэ дэкlыу зэрыщlидзэкlэрэ къэхъуа ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм щыщу иужь дыдэ къэхъуа ″гъ″ым и къэхъуплэм ипщэр бзэгулъэдакъэращи, абдежыр хъейуэ зэрыщlидзэм ″жь″ макъыр къигъэхъащ. Аращи, бзэгум и хьэрычэткlэрэ къэхъуарэ бзэгум хьэрычэт къезыту утыку къихьа ″жь″ макъым и къэхъуныгъэм ″къ″ нэужь макъхэу ″кхъ, хъ, гъ″ макъхэм я фlыгъэ зэрыхэлъри гулъытапхъэщ. Нэхъыбэуи ″гъ″ макъым бзэгулъэдакъэ лъэныкъуэм зэрыхущlэкъурэ ар зэрыхигъэзыхькlэрэу жыlэпхъэщ бзэгулъэдакъуэр хъейуэ зэрыщlидзам щхьэпэ хуэхъуар. Бзэгулъэдакъэр зэрыхъейкlэрэ къэхъуа ″жь″ макъым ″щ″ макъыр къыкlэлъыкlуэу утыку къихьащи, ар бзэгум теубгъууэ къэlуыкlэ зиlэ макъыу, бзэгу гущlыlур макъ къэхъуныгъэм тезыша макърауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэlухыныр ″жь, щ″ макъкlэрэ гъэзэщlа нэужь, ипэкlэ къэхъуа макъхэм бзэгу гущlыlум макъыщlэхэр къызэрытехъукlыжар гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″щ″ макъыр къэхъуа нэужь, макъ къэхъуплэу бзэгур щызэlухым япэрауэ ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм мы я зэкlэлъхьэужьыкlэм езэгъ зэкlэлъхьэужьыкlэкlэ утыку къихьауэ лъытапхъэщ абыхэм бзэгум къащытехъукlыжа макъыщlэхэри (кl, к, х, гь).

″Къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэмрэ, абыхэм къатехъукlыжауэ мы зи гугъу тщlа макъхэми ″у″кlэрэ къэlуу макъыщlэхэр къазэрытехъукlари гурыlуэгъуэщи,

ахэри утыку къыщихьар зэрыигъуэу бзэгур макъ къэхъупlэ хъуа нэужьрэ, ипэкlэ къэхъуа ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къащытехъукlыжауэ зи гугъу тщla ″кl, к, х, гь″ макъхэр утыку къихьа нэужьрауэ лъытапхъэщ. Аращи, бзэгур макъ къэхъупlэ мыхъу ипэ къэхъуа ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм бзэгум къытехъукlыжа ″кl, к, х, гь″ макъхэр утыку къихьа нэужьрауэ жыlэпхъэщ абыхэм (къ, кхъ, хъ, гъ) ″у″кlэ къэlу ″къу, кхъу, хъу, гъу″ макъхэр къыщытехъукlар. Икlи, ″у″кlэрэ къэlуу утыку къихьэ макъыщlэхэм я къэхъуныгъэр щlидза нэужь, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэм я къэхъуныгъэ зэхуакум зэманыгъуэ куэд дэмылърэ нэгъуэщl макъ къэхъуныгъэ щlыкlэ къыдэмыхьэу зэкlэлъхьэужьу утыку къихьахэуи лъытапхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, ″кl, к, х, гь″ макъхэр утыку къихьа нэужь, игъуэр къыщысым деж, япэрауэ мы макъхэр къызтехъукla ″къ, кхъ, хъ, гь″ макъхэм зэкlэлъхьэужьу ″къу, кхъу, хъу, гъу″ макъхэр къатехъукlауэ лъытапхъэщ; итlанэ, мы макъхэм (къ, кхъ, хь, гъ) къатехъукla ″кl, к, х, гь″ макъхэми ″у″ къэlуу ″кlу, ку, ху, гу″ макъхэр къатехъукlауэ лъытапхъэщ. Аращи, ″у″кlэрэ къэlу макъхэм я къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэр ахэр къызтехъукla макъхэм я къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэм езэгъыу жыlэпхъэщ.

Ныtlэ, ″у″кlэрэ къэхъу макъхэри зэрыхэтыжу, бзэгур макъ къэхъупlэ мыхъу ипэ къэхъуа макъхэм бзэгум макъыщlэхэр къазэрытехъукlрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэм мы зи гугъу тщlы дэтхэнэ зым теухуауэ илъабжьэкlэ жыlэпхъэр къыпытщэжынщ.

Япэрауэ ″къ″ым япэу къытехъукlарэ зи къэхъупlэр бзэгукlэу щытыр ноби абэзэбзэм хэт ″кl″ макъ лlэужьыгъуэращ; ауэ иужьыlуэкlэ абы мы и къэхъукlэм бзэгукур зи къэхъупlэу къытехъукlыжа ″кl″ыращ адыгэбзэм хэтыр. Ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэщи, абыи иужьыlуэкlэщ ар ″у″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу утыку къихьа ″кlу″ макъыр къызэрытехъукlыжар. ″Кl″ыми иужьыlуэкlэ къытехъукlыжащ ″чl″ макъри, абы ″у″кlэрэ къэlу макъ къытехъукlакъым.

″Кхъ″ым бзэгукlэм япэу къытехъукla ″к″ лlэужьыгъуэ макъри ноби абэзэбзэм хэтщ. Ауэ абы и къэхъукlэм къыкlэлъыкlуэу бзэгукупэр зи къэхъупlэу утыку къихьа ″к″ макъращ адыгэбзэм хэтри, ар ″кхъ″ым къытехъукlарэ ″к″ тхыпкъэ тха макъхэм щыщу бзэгукупэр зи къэхъупlэу щытрэ а нэхъ псыгъуэращ. ″У″кlэрэ къэlу макъ къэхъуныгъэр къызэрыунэхум ипкъ иткlи, абыи ″ку″ макъыр къытехъукlыжащ. ″К″ макъым иужькlэ ″ч″ыри къытехъукlащ, ауэ абы ″у″кlэрэ къэlу макъ къытехъукlыжакъым.

″Хъ″ макъым бзэгукlэр зи къэхъупlэу къытехъукlыжа макъыр ″х″ макъ лlэужьыгъуэращ, ауэ адыгэбзэм нобэ хэтыр мыпхуэдэ къэlуыкlэ зиlэракъыми, бзэгупэр зи къэхъупlэ ″х″ макъращ. Ар щхьэ, бзэгукlэр зи къэхъупlэу утыку къихьа ″х″ макъ лlэужьыгъуэр урысыбзэм зэрыхэтым папщlэщи, зэхуэдэу зэрытхам ипкъ иткlэ, адыгэбзэм и ″х″ макъыр нобэ урысыбзэм хэт ″х″ макъым хуэдэу къэlуу зэрщlидзари гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэм и ″х″ макъым къытехъукlыжащ ″ху″ макъри, ар макъхэм ″у″кlэрэ къэlуу макъыщlэ къазэрытехъукlым хуэзэу къэхъуащ. Гулъытапхъэщи, нобэ адыгъэбзэ макъыу щыт ″ху″ри ″х″ макъыр урысыбзэм зэрыхэт щlыкlэу къызэрыlум хуэдэ къэlуыкlэ игъуэту щlидзащ.

″Гъ″ макъым бзэгукlэр зи къэхъупlэу къытехъукlыжа макъыр ″г″ макъращ. Абыи бзэгукур зи къэхъупlэу ″гь″ макъ къытехъкlыжащ. ″Гь″ым къытехъукlыжащ ″гу″ макъри, ари макъхэм ″у″кlэрэ къэlуу макъыщlэ къазэрытехъукlым хуэзэу къэхъуа зы макъыу адыгэбзэм хэтщ. ″Гь″ым къытехъукlыжауэ лъытапхъэу нобэ ″гь″ым ипlэкlи бзэм хэлэжьыхь ″дж″ыр иужьыlуэкlэщ къызэрыхъуар, икlи ″гь″ макъым ″гу″ къызэрытехъукlым хуэдэу ″дж″ макъым ″у″кlэрэ къэlу макъ къызэрытемыхъукlари гурыlуэгъуэщ..

Бзэгулъэдакъэр зи къэхъупlэу утыку къихьа ″жь, щ″ макъхэм я къэхъупlэри кlуэ пэтрэ бзэгуку лъэныкъуэмкlэ кlуатэу, нобэ ахэр къыздыщыlу щlыпlэр я къэхъупlэ хъужащ. Ауэ нобэ мы макъхэри зи гугъу тщla макъхэм хуэдэщи, мыхэри хэкурыс Адыгэм къызэрыриlу щlыкlэр апхуэдэ макъхэр урысыбзэм къызэрыриlу щlыкlэм техьэжу зэрыщlидзар гулъытапхъэщ.

Мыбыхэми бзэгупэ лъэныкъуэр зи унэтlыныгъэу макъыщlэхэр къатехъукlыжащи, мыпхуэдэщ ″жь″ым къытехъукlыжарэ бзэгукупэр зи къэхъупlэ ″ж″ макъыр. Абыи иужькlэ бзэгупэрэ дзэм къыздагъэщla ″з″ макъыр къытехъукlыжащ.

Бзэгукlэр зи къэхъупlэу утыку къихьарэ иужькlи бзэгукупlэ лъэныкъуэм хуиту къыщыlуу щlэзыдзэжарэ зи къэхъукlэри бзэгум теубгъуауэ щыт ″щ″ макъым иужькlэ мы къыздыщыхъуа щlыпlэр зи къэхъупlэу къытехъукlыжа зы макъри ″щl″ыращ. Ари ″къ″ макъым и къэхъукlэр зи къэхъукlэрэ абы къытехъукlыжа ″кl″ым и къэlукlэм хуэдэущ утыку къызэрихьар.

Нытlэ, макъ къэхъуныгъэр багъуэну зэрыхущlэкъу щlыкlэу, тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ макъым и къэlукlэр лъабжьэ зэрыхуэхъурэ, ″къ″ым къытехъукlыж ″кl″ макъри зи щапхъэу къэхъуа макъхэу лъытапхъэщ ″макъ пlытla″ жыхуэтlэхэр утыку къызэрихьар. Аращи, макъ пlытla жыхуэтlэхэм я къэхъуныгъэр тэмакъым макъ къызэрыхъур зи лъабжьэу лъытапхъэщи, дэтхэнэ зы макъ гупым макъ къэхъуныгъэу макъ пlытla зэрыхэтыр гулъытапхъэщи, ″къ″ыр мыбы и къежьапlэрщ, ″къ″ым къытехъукlыж ″кl″ыри мы макъ къэхъуныгъэм щапхъэ яхуэхъу лъабжьэрщ. ″Къ″ым и къэхъукlэр зи къэхъукlэрэ бзэгукур зи къэхъупlэу къытехъукlыж ″кl″ нэужьу макъ пlытla къэхъуныгъэ зиlэу утыку къихьа япэрей макъри ″щl″ макърауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

″Щ″ым и къэхъукlэр зи къэхъукlэрэ бзэгукупэр зи къэхъупlэу къытехъукlыжа зы макъри ″ш″ыращ. Абыи къыкlэлъыкlуэу мы гупым щыщу утыку къихьащ ″с″ макъри, ари бзэгупэрэ дзэм зэдащla макъщ.

″Щl″ макъыр утыку къыщихьа нэужьу лъытапхъэщ бзэгугу ижьрабгъур зи къэхъуапlэу ″лъ″ макъыр утыку къыщихьари, абы и къэхъупlэм ″л1″ырэ ″л″ макъыр къытехъуклыжащ. Мы макъхэм я къэхъупlэр зэхъуэклкъыми, зэхуэдэ щlыпlэращ къыздыщыхъуар. Ауэ а щlыпlэм жьыр зэрыщыхъуэклэрэ абдежыр зэрыгъэхъейр зэщхьэщыклыущ мы макъхэр утыку къызэрихьа щlыклэрэ къэlуклэкlи зэрызэщхьэщыклри, къэхъупlэгъуу щыт мы макъхэр мы къызэрыхъуа щlыклэрэ я къэlуыклэклэ зэрызэщхьэщыклми елъытащ я макъ мыхьэнэхэри зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыклыр.

Бзэгум и ижьрабгъур зи къэхъупlэу мы макъхэр бзэгуклэрэ ипэlуэклэ къэхъуа макъхэм емылъытауэ бзэгур щхьэжу макъ къэхъупlэ зэрыхъуам теухуащи, макъ къэхъуныгъэр бзэгупэ лъэныкъуэмклэ нэхъри клуатэу зэрыщlидзэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, бзэгу гущlыlур зи къэхъупlэ мы макъхэм я къэхъуныгъэм бзэгупэ лъэныкъуэмклэ иунэтlыу, дзэрэ lупэри макъ къэхъуныгъэм къыхэхьэу щlидзащ. Мыпхуэдэ щlыклэкlи, зэрызэлъыта къэхъуклэрэ къэlуыклэ зиlэрэ къэхъупlэгъуу макъ гупхэри утыку къихьэу зэрыщlидзари гурыlуэгъуэщ.

Аращи, ″лъ, л, л1″ макъ къэхъупlэм къыклэлъыклуэу къэхъуауэ жыlэпхъэщ ″д, т, тl″ макъ гупыр утыку къыщихьар. Мы макъхэр утыку къыщихьа макъ къэхъупlэ нэужьу жыlэпхъэщ ″ф, фl, в″ макъхэми къэхъупlэ хуэхъуарэ ахэр lупэ щыхъуэныгъэклэрэ утыку къызэрихьар.

″Р″ макъым и къэхъуклэр ″лъ, л, л1″ макъ гупым и къэхъуклэм хуэдэу щытщ, ауэ и къэхъупlэр бзэгупэращ. Бзэгупэр лъэщу зэрыхъейклэрэ къэхъуа ″р″ макъым къэхъупlэгъу макъ иlэкъым; мыбы папщlи, макъ мыхьэнэи иlэкъым.

Макъ къэхъуныгъэр псэущхьэ клуэцlым къиклыж жьым макъ къэхъупlэхэр зэригъэджызджрэ зэригъэхъейклэрэщ къызэрыхъури, мыбы и пхэнджу жьыр жьэм зэрыдэшэклэрэ къэхъу макъ къэlуклэм къытехъуклыжауэ жыlэпхъэщ ″цl″ макъри, ар мыбы нэгъунэ зи гугъу тщlа щхьэж макъхэм иужь къэхъуауэ жыlэпхъэщ.

Макъхэр къызэрыlуфращ псэлъэбзэр ухуэу зэрыщlидзар, иклu макъхэр къэхъухунклэрэ псэлъэбзэм и ухуэныгъэми зызэриубгъуклэрэ зэрызеклуэри гурыlуэгъуэнщ. Мыбы гурыlуэгъуэ зэрищlащи, псэлъэбзэр зэрыухуэрэ зэрызеклуэм и lэмэпсымэхэрщ макъхэри, псэлъэбзэр къэlуэтэнклэ зэрыхущlэкъум макъхэри игъэбэгъуэну хущlокъур. Утыку къихьарэ хуиту лажьэу зэрыщlидзэм къызэрыгуэкlщи, нэхъыбэ къиlуэтэн папщlэ, псэлъэбзэр и макъхэр игъэбэгъуэну хущlокъур. Мырауэ жыlэпхъэщ псэущхьэм къыригъэlуф макъхэм я къэlуклэр зэрихъуэкlыу макъыщlэхэр утыку къызэрыригъэхьар. Иклu, макъ гуэрхэр зэрызэгухьэклэрэ макъ зэгуэтрэ зэхэжыхьа къэlуыклэ зиlэу макъыщlэ пэлъытэхэри утыку къызэрихьэри макъклэрэ лажьэ псэлъэбзэм къиlуэтэнухэр къызэриlуэтэну lэмэпсымэхэр зэригъэбэгъуэну зэрыхущlэкъурауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Макъ щэхухэм теухуауэ макъ зэгухьэрэ зэхэжыхьахэр утыку къызэрихьэм и япэрей лъэбакъуэри ″у″кlэрэ къэlуу утыку къихьэ макъхэрауэ жыпlэхъэщ. Икlи, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэр щхьэж макъыу ипэкlэ зи гугъу тщla макъхэм я къэхъуныгъэр щыуха нэужьрагъэщ. Къэlуэтэну зыхущlэкъуу зи иужь итым теухуауэщ зы макъдэкlуашэм ″у″ къызэрыпыхьэкlэрэ макъыщlэ къызэрытехъукlар. ″У″кlэрэ къэlуу утыку къихьа макъхэр зэрызэкlэлъхьэужьыкlэ щlыкlэр naIуэ дыдэ къытхумыхъуами, ар ипэкlэ къэтlуэтахэм къыхэщуи жыlэпхъэщ. Аращи, мы макъхэр къызетхъукlахэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, ахэр ″къ″ым къыщlидзэу къэхъуа макъхэмрэ абыхэм бзэгум къытехъукlыжа макъхэм къытехъукlыжауэ зэрыщытыр, икlи я къэхъукlэ зэкlэлъхьэужьыкlэри къызтехъукla макъхэр къызэрыхъуа зэкlэлъхьужьыкlэм зэрелъытари гулъытапхъэщ. Бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэlуха нэужьрауэ жыlэпхъэщ икlи ″у″кlэрэ къэlу макъхэр утыку къыщихьари, бзэгур макъ къэхъупlэ мыпхъу ипэ къэхъуа макъхэм макъыщlэхэри къытехъукlыжыну зэрыхущlэкъукlэрэ, игъуэ щыхъум деж абыхэм ″у″ къэlукlэкlэ макъыщlэхэр къатехъукlащ (къ → къу; кхъ → кхъу; хъ → хъу; гъ → гъу). Ауэ мыпхуэдэ макъ къэхъуныгъэр бзэгур макъ къэхъупlэ мыхъуэ ипэ къэхъуа мы макъхэм бзэгур макъ къэхъупlэ хъуа нэужь, я къэхъукlэкlэ бзэгум къыщытехъукlыжауэ зи гугъу тщla япэрей макъхэр (кl, к, х, гь) утыку къихьа нэужьу лъытапхъэщ. Нытlэ, мы макъхэм иужькlэ къатехъукlыжауэ зи гугъу тщla ″чl, ч, -, дж″ макъхэм ипэ къэхъуауэ лъытапхъэщ мы зи гугъу тщla макъхэм ″у″кlэрэ къэlуу къатехъукlыжа макъхэр утыку къыщихьари, ари къызтехъукla макъхэр утыку къызэрихьа зэкlэлъхьужьыкlэм езэгъ зэкlэлъхьэужьыкlэ зиlэу лъытапхъэщ: «къу, кхъу, хъу, гъу»; «кlу, ку, ху, гу».

″У″кlэрэ къэlуу макъхэм макъыщlэ къатехъукlыныгъэр лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэу жыlэпхъэщ макъдэкlуашитl зэрызэгухьэу ″макъ зэгуэт/зэхэжыхьа″хэр утыку къызэрихьар. Макъдэкlуашитl зэгухьэныгъэкlэрэ макъыщlэ пэлъытэ къэхъуныгъэм макъдэкlуашищ зэгухьэныгъэри къызэрыкlэлъыкlуари гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, макъдэкlуашэхэр зэрызэгухьэкlэрэ утыку къихьауэ мы зи гугъу тщla ″макъ щэхуэ зэгуэт″хэмрэ, абыхэми ипэкlэ къэхъуауэ зи гугъу тщla ″у″кlэ къэlуу утыку къихьа макъхэми ипэ къэхъуауэ жыlэпхъэщ ″и″м и кlуэтэгъуэ (иэ) ″е″р зы ″макъ lуэр зэгуэт/зэхэжыхьа″уэ бзэм щызекlуэу зэрыщlидзар. Ар щхьэ, ″е″кlэрэ тхарэ бзэ лэжьэкlэм къигъэщla ″эй, эйй″р мы зи гугъу тщla макъ щэху зэгуэтхэми елъытауи иужькlэ къэхъуауэ лъытапхъэщ. Икlи, мы макъ зэхэжыхьахэр (эй, эйй) ″е(иэ)″м хуэдэу щхьэж макъ калэнкlэрэ бзэм хэмыхьахэрщи, ахэр бзэ лэжьэкlэм къызэригъэхъуа щlыкlэри ″макъ″ къалэн папщlэкъым.

Макъыбзэм и макъхэр игъэбэгъуэну зэрыхущlэкъур макъ щэхухэм хуlуа закъуэу зэрыщымытрэ, макъ lуэрхэри бэгъуэну зэрыхущlэкъури гурыlуэгъуэнщ. Зы макъ lуэр зэгуэтрэ зэхэжыхьауэ зи гугъу тщla ″е(иэ)″м

нэмыщlхэри абы иужь утыку къызэрихьэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, макъ lуэрхэм макъыщlэ къатехъуклыныгъэр ″е(иэ)″ къыклэлъыклуэу утыку къызэрихьар хуиту къэlуыклэ зимыlэж макъ lуэрхэр утыку къызэрихьарауэ лъытапхъэщ. Аращи, макъ lуэр лъабжьэу тлъытахэм ялэ хуит къэlуклэр зэрыклуэдклэрэ къатехъукla макъ lуэрхэм я къэхъуклэр ″е(иэ)″ макъым къыклэлъыклуэ макъ lуэрыщlэ къэхъуныгъэрауэ лъытапхъэщ. Ауэ икли, ″е(иэ)″р ″и″м и клуэтэгъуэрэ и лэжьэклэу утыку къихьарэ иужькlэ щхьэж зы макъыу бзэм хэлэжьыхьу щlидзауэ лъытапхъэми, макъ lуэр лъабжьэхэм я лимитацэу утыку къихьауэ зи гугъу тщlы макъхэр утыку къыщихьа дыдэм щхьэж макъхэущ. Макъ lуэр лъабжьэхэм я лимитацэу утыку къихьауэ зи гугъу тщlы мы макъыщlэхэм я къэхъуныгъэ лъабжьэри ″къ″ макъым и къэхъуклэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″къ″ къэхъуныгъэр лъабжьэу зэрыщытклэрэ, тхьэмбылым къиклыж жьыклэрэ хуиту къэlуклэ зиlэ макъ lуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) я къэlуклэр ″къ″ыр къыздыщыхъуа тэмакъым къыщежьэу къызэрыlуклэрэщ абыхэм я лимитацэу щыт макъ lуэрыщlэхэр (lы, lэ, lи, lу). Мы макъ lуэрыщlэхэр хуиту къызэрымыlум папщlэ, къызтехъукla макъ lуэрхэм ягъэзащlэ макъзешэ къалэныр зэрамыгъэзэщlэнури гурыlуэгъуэщ, ауэ абыхэм ягъэзащlэ lуэхугъуэхэри къызтехъукla макъхэм зэрелъытарэ зэрытеухуари гурыlуэгъуэнщ.

Мы макъ lуэр къэхъуныгъэхэм нэмыщl, нобэ ″и″р ″й″уи (икли щхьэж тхыпкъклэ мытхами, ″у″ри ″ў″уэ) бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщи, ари (й) ″е″клэ тхарэ ″эй, эйй″ макъ зэхэжьхьауэ ипэклэ зи гугъу тщlахэм хуэдэу, - ауэ абыхэм (эй, эйй) япэклэ- бзэр зэрыхъун хъуарэ зэпкъырыува нэужьым бзэ лэжьэклэм иужьрей зэманыгъуэхэм къигъэщla макъ пэлъытэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мы зи гугъу тщla макъхэм хуэдэу, иужьрей зэманыгъуэхэм бзэ лэжьэклэу къэхъуа зы макъ lуэр зэхэжьхьари ″о″ макъращи (эу), ари мы къызэрыхъуа щlыклэм езэгъ къалэн зыгъэзащlэрщ.

## АДЫГЭБЗЭМ И МАКЪХЭМРЭ И АЛФАВИТЫМ ТЕУХУАУЭ

### Зы бзэм и алфавитыр а бзэм и макъ псори зыхэзыубыдэу а бзэм хуэlуарэ хуэгъэпсауэ щытын зэрыхуейм теухуауэ

Нобэ и хэкум адыгэбзэ макъ гуэрхэр урысыбзэм и макъхэм ещхьу къызэрыlу хъуам и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэр абы и алфавитыр зэрызэхэлъхьарэ зэрызетхьэ щlыклэращ.

Адыгэбзэр европэбзэм къытехъукla бзэщlэныгъэр зи лъабжьэрэ абы и зы варианту щыт урысыбзэ бзэщlэныгъэм зэрыщlаджыклым ипкъ иткlэ, а бзэщlэныгъэ лъэныкъуэмклэ зэребэр гурыlуэгъуэщ. Адыгэбзэм и псалъэуха гъэпсыклэр япэ иту, псэлъэщlэхэр зэрыухуэри мы зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэмрэ урысыбзэ логием техьэу щlидзащ. Мыпхуэдэу адыгэбзэр езым и логием зэрытешым къызэрыгуэкlщи, ар зэрыужьынрэ зэрыухуэну

щlыклэр клуэ пэтрэ хощlыр. Абы и бзэщlэныгъэу щытрэ зэрыужьынклэ щхьэпэ хъун хуейр, езы адыгэбзэм и хэщlыныгъэ лъэныкъуэмклэ йокъур. Мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэрэ логиехэр макъыбзэ лэжьэклэу къедгъэклуэкlа япэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхэщым хуэдэжщи, мы лэжьыгъэми къыхощыр. Мы лэжьыгъэм и lыхьэрэ пычыгъуэхэм адыгэбзэм и щхьэм къырiклуэ зэхъуэклыныгъэрэ хэщlыныгъэхэри къыхэдгъэщынущ. Ауэ мы лэжьыгъэ lыхьэр адыгэбзэм и макъхэращ зытеухуари, нытlэ адыгэбзэ макъхэм урысыбзэ макъ къэlуыклэ зэрагъуэткlэрэ зэрызэхъуэклми щыгъазэ дыхуэхъунщ.

Ипэклэ къэтlуэтахэм гукъэкl къызэрытхуащlщи, утыку ит зы алфавитым и тхыпкъхэр къызэрагъэсэбэпклэрэщ дэтхэнэ зы бзэм и макъхэр зэратх щlыклэр. Зы алфавитыр утыку къызэрихьа щlыклэр лъабжьэ зэрыхъурэ макъхэр зэрытха щlыклэми зэрызыдигъэклуклэрэщ иклu дэтхэнэ зы бзэм и макъхэр зэратхыу зы бзэм и алфавитыр зэрагъэпс щlыклэр. Ауэ дэтхэнэ зы бзэм и макъхэм езы бзэм хуэlуа къэlуыклэ яlэжщи, зы бзэм и алфавитыр къызэрагъэсэбэпри езы бзэм и макъхэм хуэlуауэщ. Къызтещlыкlа алфавитым и тхыпкъклэрэ тхами, зы бзэм хуэlуауэ гъэпс алфавитыр зыхуэгъэпс бзэм и макъхэр къызэрыlу щlыклэм хуэlуауэщ. Иклu, бзэхэм я макъхэр зэратх тхыпкъхэми клуэ пэтрэ зэщхьэщыклыныгъэ зэригъуэтари гулъытапхъэщи, мыр къызхэклри зы алфавитыр зыхуагъэпсрэ зыхузэхалъхьэж бзэм и макъхэм папщlэрэ елъытауэщ.

Адыгэбзэр нобэ зэрытха алфавитри Кирил алфавиту урысыбзэм зэрихьэм хэт тхыпкъклэрэщ, иклu урысыбзэ алфавитым хэмытрэ адыгэбзэм хэт макъхэри алфавитым и лъэклыныгъэклэ тхыпкъ гуэрхэмклэ тхауэ хэтщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы бзэм и макъхэр къызэрыlу щlыклэр езы бзэм хуэlуащи, адыгэбзэмрэ урысыбзэм и макъхэр къызэрыlу щlыклэри зэрызэщхьэщыклым ипкъ иткlэ, макъ гуэрхэр зэхуэдэ тхыпкъклэ тхауэ щытми, я къэlуклэр алфавитыр зыхуэгъэпсарэ зыхузэрахьэ бзэм и макъхэр къызэрыlу щlыклэущ. Аращи, адыгэбзэм и макъ гуэрхэр урысыбзэм и макъ гуэрхэр зэрытха тхыпкъхэмклэ тхами, адыгэбзэм папщlэ зэхэлъхьарэ гъэпса алфавитым хэт мы тхыпкъхэр зытеухуа адыгэбзэ макъхэр къызэрыlум хуэдэ къэlуэклэклэ еджэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэщ. Иклu макъхэр къызэрыlу щlыклэр ахэр къызэрыхъу щlыпlэращ зэлъытари, зэхуэдэ тхыпкъклэ тхауэ алфавитым хэту нобэ урысыбзэ макъхэм хуэдэ къэlуыклэ зыгъуэта макъхэм я къэхъупlэхэр ахэр урысыбзэм зэрыхэт щlыклэу зэрыщымытыр мы лэжьыгъэм гурыlуэгъуэ къызэрищlари гулъытапхъэщ. Аращи, ″адыгэбзэ алфавит″ жыхуэпlэм хэт тхыпкъхэм адыгэбзэ макъхэм хуэдэу еджэн хуейщ, мыхъумэ, зэхуэдэу зэрытхам папщlэ нэгъуэщl зы бзэм а тхыпкъхэр зэрыхэтым хуэдэ къэlуклэклэ еджэн хуейкъым. Ауэ, адыгэбзэ алфавиту ялъытар иклu урысыбзэри зэрадж алфавит щыхъум деж, иклu адыгэбзэр зыщlаджыр урысыбзэм теухуа бзэщlэныгъэуи зэрыщытми ипкъ зэритlклэщи,

адыгэбзэм и макъхэр зэрытха тхыпкъхэр зэрыщыту зэрытхауэ зыхэт урысыбзэм и макъхэм хуэдэ къэlуклэклэ зохъуэклыр.

Мыр къэмыхъун папщlэ, япэрауэ адыгэбзэ алфавитымрэ урысыбзэ алфавитыр зы алфавиту лъытэныр бгынэн хуейщ: дэтхэнэ зы бзэри езым хуэlуа алфавиткlэрэ джын хуейщ. ″Адыгэбзэ алфавит″ зыфlэщарэ лъытам хэтыну тхыпкъхэр адыгэбзэм езым и макъхэрауэ щытын хуейщ, икlи я къэlуклэр адыгэбзэм а макъхэр къызэрыхэlуклым хуэдэу щытын хуейщ. Адыгэбзэм езым и алфавитым адыгэбзэм хэмытрэ урысыбзэм хэт макъхэр хэхьэн хуейкъым; а алфавитыр урысыбзэри лъытэнрэ джын папщlэ зехьэн хуейкъым; урысыбзэмрэ адыгэбзэр зэрадж алфавитыр зыуэ зэхэлъхьауэ щытын хуейкъым. Адыгэбзэ алфавитыр адыгэбзэ закъуэращ зыхуэlуари, абы адыгэбзэ макъхэращ хиубыдэн хуейр, мыхъумэ, абы икlи урысыбзэ макъхэри хиубыдэу, абыклэ урысыбзэри джын хуейкъым. Аращи, бзитlым щхьэхуэ щхьэхуэу алфавититl яlэщи, ай тlур зытеухуа бзэхэм хуэlууэ щхьэхуэ щхьэхуэу зехьэн хуейщ. Мыбы папщlи, адыгэбзэ алфавитыр адыгэбзэ макъхэр зыхэту ухуэн хуейщи, абы нобэ хэту щыт урысыбзэ макъхэр хэгъэклын хуейщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, нобэ адыгэбзэ алфавитым хэтрэ адыгэбзэм и макъхэм щымыщ мы макъхэр ″адыгэбзэ алфавит″ зыфlэщам хэгъэклын хуейщ: «ю, ё».

Зы бзэр и макъхэмклэрэ зэрыухуарэ зэрызеклуэри, а бзэр зезыхьэм хамэбзэ псалъэрэ макъхэр къызэрыриlуну щlыклэри езым и бзэм и макъхэмклэрэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, мы тхыпкъхэмклэ тха мы макъхэр натуралу адыгэбзэм къызэрыриlу щlыклэри мы макъхэм хуэпэгъунэгъуу езы адыгэбзэм хэт макъхэмклэрэщ. Ауэ нобэ мы тхыпкъхэри хэтщ адыгэбзэми, адыгэбзэм хэмыт мы макъхэр адыгэбзэр зи анэдэлъхубзэм къыриlуэн хуейуэ къыхуагъэувыр. Икlи, адыгэбзэм и макъ псори ″адыгэбзэ алфавит″ым мы ипэклэ къэта макъхэр ″хамэбзэм (урысыбзэ) папщlэ″ зэрыхагъэхьари гурыlуэгъуэщ.

Tlанэ, адыгэбзэм езым и ″э″ макъым нэмыщl, ″хамэбзэм (урысыбзэ) папщlэ″у зэрыщытри къызэрыхэгъэщаклэрэ адыгэбзэ алфавитым аргуэру зы ″э″ тхыпкъ зэрыхэтри гулъытапхъэрэ икlи гъэщlэгъуэнщ - хьэдыгъуэдахэщ. Зы алфавитыр зытеухуа бзэм и зы макъыр мыпхуэдэу тlуэнейрэ зыхэт алфавит зэрыщымыlэпхъэр гурыlуэгъуэнщ, икlи зы алфавитым езым и макъыр зэрытха тхыпкъщ хэтын хуейри, мы етlуанэ ″э″ри алфавитым зэрыхэгъэклыжын хуейри гурыlуэгъуэщ. Зы алфавитыр зытеухуарэ зыхуэlуар а зыхуэгъэпса бзэращи, а алфавитым хэтын хуей макъхэри а бзэм и макъхэращ, мыхъумэ, ″хамэбзэм папщlэ″ жаlэу лейуэ зы макъыр алфавитым хэгъэхьэнри, е езы бзэм и макъыу и алфавитым хэтхагъэххэ зы макъыр аргуэру алфавитым ″хамэбзэм папщlэ″ жаlэу хэгъэхьэныр зэрымыигъуэр гурыlуэгъуащэщ.

Адыгэбзэм езым и макъыу щымыт макъхэр зэрыхэтхарэ икlи зы адыгэбзэ макъыр хамэбзэм папщlи етlуанэу зэрыхэтха щlыклэущ нобэрей

адыгэбзэ алфавитыр зэрыухуар. Ауэ гъэщlэгъуэныр аращи, къэбэрдеибзэм папщlэ зэхалъхьарэ ″адыгэбзэ алфавит″ зи цlэу щыт мы алфавитым къэбэрдеибзэр зи къудамэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм я макъхэр химыубыдэкъым. Мыбыи къыщымынэу, мы алфавитым къэбэрдеибзэ жьэрыпсалъэхэм хэт макъ псори зэрыхамыгъэхьари гулъытапхъэщи, япэрей лэжьыгъэхэми, мы лэжьыгъэми алфавитым хамыгъэхьа мы макъхэми я гугъу щытщlащ.

Мы макъхэр зэрыхамыгъэхьам къыщымынэу, икlи, бзэр зэрытх щlыклэ макъ псори тхыпкъ щхьэхуэклэрэ тхауэ зэрыхимыубыдэри гулъытапхъэщ зи гугъу тщlы алфавитми, зэщхьэщыкl макъ зэхэжыхьахэр зэхуэдэ тхыпкъклэ къызэрыгъэлъэгъуари мы лэжьыгъэми къыхощыр. Мыпхуэдэщ ″иэ″ макъ зэхэжыхьар зэрытха ″е″ тхыпкъыр икlи ″эй″рэ ″эйй″ макъ зэхэжыхьахэри зэрытх щlыклэрщ. Мыпхуэдэу зы тхыпкъымклэ зэхуэмыдэ макъищ зэрытхклэрэ къеклуэкl тхыбзэм мы макъитl-щым клуэ пэтрэ зэхуэдэ къэlуыклэ зэрагъуэтынури гурыlуэгъуэнщ.

Макъитl-щыр зы тхыпкъклэ зэрытхам нэмыщl, зы макъ зэхэжыхьа къэlуыклэ зиlэу ″и″м икlи ″е(иэ)″м и куэдагърэ жыжьагъэр зэрылъытэрэ къызэрыlу ″иа, еа″ → ″иа″ри къащта алфавитым мыпхуэдэ къэlуыклэ зиlэ макъыр зы тхыпкъклэ лъытауэ зэрыхэтым папщlэщи, ″я″ тхыпкъыр адыгэбзэ алфавитми хагъэхьащ. Ди алфавитым ″я″ тхыпкъ хамыгъэхьауэ щытарэ ″иа, еа″р мы зэрытха щlыклэклэ ятхыу щытами, псынщlэрыlу къэlуклэклэ нобэ ар зэрытха ″я″ тхыпкъыр зытеухуа макъ зэхэжыхьауэ къызэрыралуну зэрыщытари гулъытапхъэщ. Аращи, ди алфавитым езым и макъ псори щхьэхуэ тхыпкъклэрэ зэрыхамыгъэхьам къыщымынэу, макъ зэклэлъхьэужь гуэрхэри узхуэмыныкъуэщэу щхьэхуэ тхыпкъклэ (я) хагъэхьауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ауэ икlи, ″я″ тхыпкъыр адыгэбзэ алфавитым мы зэрыхэхьа щlыклэм къызэрытемынари гурыlуэгъуэщи, абы тхыбзэм хигъэзэщхъухьу хуежьэм теухуа щапхъэ гуэрхэми илъабжьэклэ и гугъу щытщlынщ.

Адыгэбзэм ″я″ тхыпкъыр зытеухуа мы макъ зэхэжыхьахэм макъзешэ къалэн зэрамыгъэзащlэри гурыlуэгъуащэщ. Ауэ, ар (я) урысыбзэм зы макъзешэ къалэнклэрэ зэрыхэтым папщlэ, нобэ клуэ пэтрэ адыгэбзэм хэт ″я″ри макъзешэ къалэн игъэзащlэу ятхыу зэрыщladзар гулъытапхъэщ. Мыри адыгэбзэмрэ урысыбзэм и алфавитыр зыуэ зэрылъытэм къытхуихь зы щыуагъэщ. Ауэ, ″я″р адыгэбзэ тхэклэм зэрыхэщхъухьыр мыбы къыщымынэу, ″я″ тхыпкъыр зэрызехьэклэм теухуа нэгъуэщl щыуагъэхэри къохъур. Мыпхуэдэ зы щыуагъэщ -псалъэм папщlэ- зэгуэту мытхын хабзэм тету тхын хуей ″и анэ″м хэт ″и″мрэ ″а″р зэклэлъхьэужьу къызэрыlум папщlэ, клуэ пэтрэ ″я″уэ ятхыу зэрыщladзар (и анэ → янэ). Икlи мыпхуэдэщ ″ди адэ, ди анэ″ псалъэхэм хиубыдэ ″и″мрэ ″а″р зэрызэгуагъэхьэклэрэ ″я″ми макъзешэ къалэн зэрытырауэклэрэ ″дядэ, дянэ″ хуэдэу зэратх хъуар. Мыпхуэдэ лэжьэклэ зэригъуэтым и зы щапхъэщ икlи ″ди япэ″ хуэдэу тхын хуей псалъэхэми хэт ″и″р пагъэхуу ″я″м

макъзешэ къалэн ирагъэзащlэу ″дяпэ″у ятхыу зэрыщlадзари, мыри зи гугъу тщlы щыуагъэхэм и зы щапхъэщ.

Мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, адыгэбзэ алфавитым макъ гуэрхэри щхьэхуэ тхыпкъкlэрэ зэрыхэмытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″у″м и лимитацэ жыхуэтlэ ″lу″р мы зэрытха тхыпкъкlэ алфавитым хэхьами, мыпхуэдэу щхьэжу зы макъыу щыт ″lы, lэ, lи″хэри хэткъым.

Мы макъхэм щыщу щхьэж зы макъыу ″lы″м игъэзащlэр зыгъэзащlэ ″къ″ макъ зэрыхэтыр гурыlуэгъуэнщ. Икlи, тхыгъэхэм ″lы″уэ хэт дэтхэнэ зы щlыпlэри ″lы″ макъыу зэрыщымытри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэхэр ″lэ-ы → lы″ зэхъуэкlыныгъэу зи гугъу тщlы ″lы″ макъкъым. Ауэ мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, алфавитым хэт ″ь, ъ″ хуэдэу зы нэгъыщэу щыт ″l″р икlи занщlэу ″lы″ макъыу зэреджэн хуейуэ зэралъытэри алфавит зэхэлъхьэкlэрэ лъытэкlэм теухуа нэгъуэщl зы щыуагъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мы тежытlыхьахэм къызэрыхэщщи, щхьэж зы макъыу зи гугъу тщlы ″lы″ макъым ипlэкlэ ″къ″ыр холэжьыхьыр нобэрей ди тхыбзэми, ари щхьэж зы макъыу зэрамытхым щхьэусыгъуэ иlэу тлъытэнщ.

Щхьэж зы макъыу щыт ″lы″м нэмыщl, ″lи″ри бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мащlэ дыдэу (lис, зыlис) зэрыщытри гурыlуэгъуэнщи, ари алфавитым зэрыхэмытым и щхьэусыгъуэр мырауэ тлъытэнщ. Мыпхуэдэ закъуэущ зы щхьэж макъыу ″lи″р адыгэбзэм зэрыхэтри, ″lэ-ы → lы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ псалъэхэм хэту плъагъу ″lы″р щхьэж ″lы″ макъыу зэрыщымытым хуэдэу, ″lэ-и → lи″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ къэхъуу псалъэхэм щыхэплъагъуэ ″lи″ри зи гугъу тщlы щхьэж макъыу щыт ″lи″рауэ зэрыщымытри гурыlуэгъуэщ.

Щхьэж макъыу адыгэбзэм къигъэщlа ″lы, lи″ макъхэм нэмыщl, зи гугъу тщlа макъ зэхъуэкlыныгъэ щlыкlэкlэ (lэ-ы → lы; lэ-и → lи) а макъхэм хуэдэу ухуэрэ псалъэхэм зэрыхэплъагъуэхэм игъуэ щыхъум деж дытепсэлъыхьыжынущ. Аращи, мы щхьэж макъхэмрэ мыпхуэдэ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ къэхъуу псалъэм хэплъагъуэхэр зэрызэхуэмыдэр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlыхэр щхьэж макъхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Щхьэж макъыу адыгэбзэм къигъэхъуащ мы макъхэри (lы, lи), ипэкlэ и гугъу зэрытщlа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ахэр алфавитым хэхьэн хуейуэ мылъытапхъэми, зи мыхъумэ, мы макъхэр къызэрыхъуарэ къызтехъукlам, я мыхьэнэрэ къалэнхэм адыгэбзэм и макъхэр щырагъэджэм деж я гугъу щащlын зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщlа макъхэм (lы, lи) хуэдэ къэхъуыкlэ зиlэу щхьэж зы макъыу адыгэбзэм къигъэхъуа зы макъри ″lэ″ращ. Икlи ар (lэ) зи гугъу тщlа макъхэм хуэдэу алфавитым хыумыгъэхьэми хъуну зы макъыу лъытапхъэкъым. Сыт щхьэ жыпlэмэ, ″lэ″р зы щхьэж макъыу бзэм фlы дыдэу хэлэжьыхьу щыт мы макъщ. Ар щхьэж зы макъыу зэрымылъытарэ алфавитым мы зэрытхакlэрэ зы тхыпкъыу зэрыхамыгъэхьам зы щхьэусыгъуэ иlэуи лъытапхъэкъым. Ар алфавитым щlыхамыгъэхьам

теухуа упщlэм къырат пэгъуэкlщ мыр: ″lэ″р ″э″м ипэ ″l″ къыпыдгъэхьэу дотхыф(!) Мыр зы макъыбзэм и зы макъыу щытрэ бзэми фlыщэу хэлэжьыхьу щытыр щхьэжу плъытэу алфавитым хыумыгъэхьэным щхьэусыгъуэ зэрыхуэмыхъур гурыlуэгъуащэщ. Икlи, сытым щыгъуи зэрыжыlэпхъэщи, зы бзэм и макъ псори а бзэм теухуарэ хуэlуа алфавитым щылъытэн зэрыхуейри гурыlуэгъуащэщ.

Кирил алфавитым щхьэж тхыпкъыу щымытрэ тхыпкъ къуэдзэу лъытапхъэ нэгъыщэхэри зэрыхэтым ипкъ иткlэ, къызпыхьэ макъыр зыгъэщабэ (ь), зыгъэпхъашэ (ъ), зыпlытlрэ зыпызъупщl нэгъыщэхэр къызпыхьэ тхыпкъхэмкlэрэ тхауэ адыгэбзэ макъ гуэрхэри зэрыщыlэр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу тхыпкъыщlэ къэгъэщlынкlэрэ зэрыщхьэпэм нэмыщl, мы нэгъыщэхэр икlи тхэн lуэхугъуэр къызэрекlуэкlым дэlэпыкъуэгъу зэрыхуэхъуфынури гурыlуэгъуэщи, мыбы щыщ ″ъ″ нэгъыщэр зы макъыр къыкlэлъыкlуэм гуэту къэмыlункlэ щхьэпэ хъууэ зэрызехьапхъэри гулъытапхъэщ. Икlи, мыпхуэдэ къалэнкlэрэ ″ъ″ нэгъыщэм адыгэбзэр щыпхым деж ущыхуэныкъуэри мащlэкъым. Ауэ, мыпхуэдэхэри адыгэбзэкlэ дыщытхэм деж зэрыигъуэкlэрэ зэрызедмыхьэри гулъытапхъэщ. Мы тхыгъэр къызэрекlуэкlым макъхэр зэхэмыгъуэщэн папщlэ ″ъ″ нэгъыщэр къыщыдгъэсэбэпми узэрихьэлlэри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэ тхэкlэм къыщыбгъэсэбэпын хуей щlыпlэхэм теухуа щапхъэхэм щыщщ илъабжьэкlэ къэта глаголитlым я лэжьэкlэр зэхэмыгъуэщэн папщlэ ″ъ″ нэгъыщэм зи гугъу тщla къалэнкlэрэ мы игъэзащlэр: «къэджэн → къэджащ; къэжэн → къэдъжащ».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″ъ″ нэхъыщэ щызыумыхьэм деж, ″къэджэн″рэ ″къэжэн″ глагол лэжьэкlэ гуэрхэр зэхуэдэу утыку къохьэри, ахэр зэхэхун папщlэ ″ъ″ нэхъыщэм ухуэныкъуэщ. Адыгэбзэкlэ ущытхэм деж, мы къэта щапхъэхэм къыщынэкъым ″ъ″ нэгъыщэм ущыхуэныкъуэнури, ″у″кlэрэ къежьэ глагол лэжьэкlэм ″нэрыбгэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″ къыпыхьэу ухуэ псалъэхэми фlэкlыпlэ имыlэу ″ъ″ нэгъыщэ узэрыхуэныкъуэри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри илъабжьэкlэ къэтащ. Ауэ мыпхуэдэ псалъэхэр нобэ щыуагъэу ″у″р занщlэу макъдэкlуашэм къыкlэлъыкlуэущ зэратх щlыкlэри, ар щыхъукlэ, ″у″ми фlэкlыпlэ имыlэу макъзешэ къалэн зэригъэзащlэр гулъытапхъэщ. Нытlэ, мы зи гугъу тщla щlыкlэу нобэ щыуагъэу зэратх щlыкlэмрэ, ар ″ъ″ нэгъыщэкlэ зэрытхын хуей щlыкlэхэм теухуа щапхъэхэр зэкlэлъхьэужьу къэдгъэлъэгъуэнщ: «ухуэн: сухуащ → съухуащ; бухуащ → бъухуащ; иухущ; духуащ → дъухуащ; фухуащ → фъухуащ».

Мыбдежым зи гугъу тщlыр икlи глагол лэжьэкlэхэм теухуащи, ахэр глаголхэм теухуа лэжьыгъэхэм нэхъ гурыlуэгъуэ зэрыхъунури мыбдежым щыжытlэнщ. Ауэ ″у″м теухуа lуэхугъуэхэр мыбы къыщынэкъыми, ″и″м и эффект ″й″р алфавитым зы тхыпкъкlэ зэрылъытам хуэдэжу, ″у″ми и эффект ″ў″ри алфавитым щылъытэн зэрыхуейр ″у″р нэхъыбэу псалъэ кlэух щыхъум деж гурыlуэгъуэ къыпхуохъур. Аращи, ″у″р зыхэт

псалъэхэм щыпэеджэу сытым щыгъуи зэрыигъуэкlэрэ узэремыджэфыр гулъытапхъэщ. Нытlэ, зы тхыпкъ щхьэхуэу ″ў″р алфавитым хэмыхьэми, псалъэхэм хэт ″у″м занщlэу зэрыхъун хуейуэ еджэн папщlэ, игъуэ щыхъум деж, ″у″м ″ы″ къыкlэлъыкlуэу е ипэкlэ и гъу зэрытщlарэ щапхъэхэри къызэрытхьауэ ″ъ″ къыкlэлъыкlуэу тхын зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ.

*

Макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыlум теухуауэ ипэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, адыгэбзэм и макъхэр къызэрыхъуарэ къызэрыlур наlуэщ. Ахэр къызэрыlур езы адыгэбзэм къызэригъэщlам хуэдэу щытынрэ нэгъуэщl зы бзэм и макъхэм хуэдэ къэlуыкlэ ямыгъуэтын папщlэ, абы и алфавитыр езым хуэlуауэ гъэпсынрэ зехьэн хуейщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, адыгэбзэ алфавитымрэ урысыбзэ алфавитыр зэхуэдэу зехьэн хуейкъым. Ипэкlи зэрыжытlауэ, нобэ ″адыгэбзэ алфавит″ыр езым хуэlуауэ зэрымылъытарэ урысыбзэм папщlи зэрызырахьэращ и щхьэусыгъуэри, зэщхьэщыкlыу къэlурэ зэхуэдэу тха макъхэр урысыбзэм хуэlуауэ къызэрыlу щlыкlэмкlэ йобэ - йокъур. Адыгэбзэ алфавитым хэт макъ гуэрхэращ мыпхуэдэу урысыбзэ макъхэм хуэдэу къэlу хъуахэри, ахэр зэхуэдэу зэрытхарэ адыгэбзэ алфавитыр бзитlым папщlэу зэралъытэрэ зэрызырахьэм къыхэкl зэхъуэкlыныгъэщ. Ауэ икlи гулъытапхъэщи, алфавитым хэтрэ адыгэбзэм хуэlуауэ щыт макъхэм я къэlукlэр зэхъуэкlакъым.

Урысыбзэми хэт макъхэу зэхуэдэ тхыпкъкlэ тха адыгэбзэ макъхэм я къэlукlэр урысыбзэ макъхэм я къэlукlэкlэ зэрызэхъуэкlыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи мы лэжьыгъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlаращи, мы зэхъуэкl макъхэу зи гугъу тщlыхэм я къэхъупlэри зэрызэхуэмыдэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэ алфавитым хэт мы макъхэр зэхуэдэ тхыпкъкlэ зэрытхам нэхърэ адыгэбзэ алфавитыр бзитlми теухуауэ зэрызырахьэращ а адыгэбзэ макъхэр урысыбзэм къызэрыхэlукl щlыкlэм техьэу зэрыщlидзэм щхьэусыгъуэ хуэхъур. Адыгэбзэ алфавитыр бзитlым папщlэ зэрылъытарэ зэрызырахьэу урысыбзэри нэхъыщхьэрэ нэхъапэу зэрырагъэджращ къызхэкlри, зэхуэдэу тхарэ бзитlым зэхуэмыдэ къэlукlэ зиlэ макъхэр нобэ щlэблэщlэм дежкlэ урысыбзэм а макъхэр къызэрыlу щlыкlэм техьагъэххэщ; икlи адыгэбзэм хэт макъ гуэрхэри зэрытха щlыкlэм ипкъ иткlэ, а макъым ещхьу урысыбзэм хэт макъым хуэдэ къэlуыкlэкlэщ нобэ щlэбзэщlэм къызэрыриlуу зэрыщlидзар. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мы макъхэр: «ж, жь; х, ху; л».

Мы макъхэм щыщу урысыбзэм хэмыт адыгэбзэ макъщ ″жь″ макъри, ари урысыбзэ макъхэр нэхъыщхьэу зэрылъытам зэрезэгъкlэрэ мы зэрытха щlыкlэкlэ урысыбзэм ″ж″ тхыпкъыр къызэрыраlу щlыкlэм пэгъунэгъуу къэlуыкlэкlэ зэхъуэкlыу щlидзащ; нобэ ″жь″ макъыр ущэбарэ ″ж″ым хуэдэ къэlуыкlэкlэщ щlэблэщlэм ар къызэрыриlу зэрыхъуар. Зи къэхъупlэхэр зэхуэмыдэу щытрэ зэхуэдэу ″х″ыкlэ тха адыгэбзэ макъри урысыбзэм зэрыхэт щlыкlэкlэ къэlуу щlидзащ. ″Х″ым и къэlукlэр мыпхуэдэу

зэрызэхъуэкlым папщlэщи, урысыбзэм хэмытрэ адыгэбзэм хуэlуа зы макъыу щыт ″ху″ макъри урысыбзэ ″х″ макъым ″у″ къызэрыпыхьэкlэ игъуэтыну къэlуыкlэкlэщ нобэ щlэблэщlэм къызэрыриlу щlыкlэр. Адыгэбзэм и ″л″ макъри урысыбзэм и ″л″ макъым хуэдэ къэlуыкlэ игъуэтащи, адыгэбзэм хэтрэ щабэрэ псыгъуэ къэlуыкlэ зиlэ ″л″ макъыр нобэ пхъашэрэ гъуму къэlуыкlэ зиlэ урысыбзэ ″л″ макъым хуэдэу къэlуу щlидзащ. Адыгэбзэ макъхэр урысыбзэ макъхэм хуэдэ къэlуыкlэ иlэу зэрызэхъуэкlым теухуа щапхъэхэфlхэрщ мы ипэкlэ къэтарэ зи гугъу тщlахэри, lуэхур мыбы къыщымынэу, адыгэбзэм и дэтхэнэ зы макъыр урысыбзэ макъым хуэдэ къэlукlэкlэ зэрызэхъуэкlыу зэрыщlидзари гулъытапхъэщ. Аращи, ипэкlэ къэтахэм хэдымыгъэхьами, нобэ щlэблэщlэм адыгэбзэм и ″щ″ макъри кlуэ пэтрэ ар урысыбзэм къызэрыхэlукl щlыкlэ хъууэ зэрыщlидзари гулъытапхъэщ.

Урысыбзэм хэтрэ ″л″ыуэ тха макъыр пхъашэрэ гъумущ къызэрыlури, хамэбзэу ″л″ зыхэтрэ урысыбзэм къыхэхьахэр игъэщабэу ″ль″уэ зэритхри гурыlуэгъуэщ. Адыгэбзэм и макъ зэхъуэкlыныгъэр зыдынэсар гъэщlэгъуэнрэ ди жагъуэ зэрыхъущи, хэкурыс Адыгэ нэхъыбэр нобэ адыгэбзэ ″л″ макъым пэжу еджэн егугъужкъым, икlи абы пэжу еджэныр ибгынащ; ауэ урысыбзэкlэ тха ″ль″ым псыгъуэрэ щабэу еджэнкlэ зэрегугъущэри наlуэщ. Мы къэтlуэтахэм и зы щапхъэщи, хэкурыс Адыгэр урысыбзэкlэ тха ″Нальчик″ псалъэм хэт ″л″ макъыр урысыбзэу ″ль″уэ зэрытхам хуэдэу щабэрэ псыгъуэу къыриlункlэ зэрегугъум хуэдэу егугъукъым езым и бзэм и псалъэхэм хэт ″л″ макъыр адыгэбзэм зэрыхуэфащэу къыриlуэнкlэ егугъужкъым. Урысыбзэ макъыр лъабжьэу лъытэныгъэр адыгэбзэ алфавитыр зэрызекlуэри, алфавитыр бзитlым теухуауэ зэрырихьэрэ урысыбзэр лъабжьэу зэрылъытэм ипкъ иткlэ, езы адыгэбзэм и ″л″ макъым ″ь″ нэгъыщэ къызэрыкlэлъымыкlуэм папщlэщи, ар урысыбзэ ″л″ пхъашэрэ гъуму йоджэр.

Зэхуэдэ алфавиткlэ зэрытхар лъабжьэ зэрыхуэхъуарэ, адыгэбзэ алфавитыр урысыбзэри зэраджу зэралъытэращи, урысыбзэр япэрй бзэуэ зэрылъытэрэ алфавитри япэу урысыбзэр зэрыраджу зэрылъытарэ зэрызырахьэм къызэрыгуэкlкlэ, адыгэбзэм езым и макъкlэрэ къэlуу алфавитым хэту щыта ″к″ макъыр -зы зэман нэужь- урысыбзэм ар къызэрыхэlукl щlыкlэм папщlэ адыгэбзэ алфавитым хэгъэкlын хуей хъуащ: «к → ч». Мы щхьэусыгъуэкlэрэ ″кl″уэ тха макъри ″к″ым емылъытарэ ″ч″ым елъытауэ къыраlун хуей хъуащ.

Зэрыгурыlуэгъуэрэ и гугъуи тщагъэххэщи, адыгэбзэм и ″к″ макъыр мы тхыпкъымкlэ тха а нэхъ макъ псыгъуэращ. Ар щыхъукlи зэхуэдэу тхами, урысыбзэмрэ адыгэбзэм ″к″ыкlэ тха макъыр къызэрыlу щlыкlэрэ къыздыщыlу щlыпlэр зэхуэдэкъым. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэнщи, мы ипэкlэ зэхуэдэ тхыпкъкlэ тха макъхэм я щхьэм къырикlуам и гугъу зэрытщlам хуэдэщи, мы зи гугъу тщlы макъыр (к) нобэрей алфавитым урысыбзэм и

″к″ым хуэдэу тхауэ хэхьатэмэ, нобэ хэкурыс Адыгэм ари урысыбзэм зэрыхэт щlыклэу къыриlуу зэхъуэклауэ зэрыщытынуми шэч телъкъым.

Адыгэбзэ макъхэм я къэlуклэр зэрызэхъуэклымрэ, абы и макъхэр зэрыхэщlым теухууэ къэхъуахэр мащlэкъым. Урысыбзэр япэрей бзэуэ зэрылъытам папщlэщи, урысыбзэм хэмыт макъхэу адыгэбзэм хэт макъ гуэрхэри урысыбзэм а макъхэр зэрызырихьэ щlыклэущ адыгэбзэ тхэклэми щызэрызеклуэр. Мыбы и зы щапхъэщ адыгэбзэр ″хь″ защlэу лъытапхъэрэ хамэбзэм хэту мыпхуэдэ къэlуыклэ зиlэ макъхэр адыгэбзэм ″хь″ тхыпкъклэ зэрытхыпхъэр гурыlуэгъуэнщ, икlи игъуэри мыращ. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэбзэм апхуэдэ хуитыныгъэ имыlэущ зэрылъытэр, икlи адыгэбзэр урысыбзэм епхауэщ дунейм зэрыхэплъэф щхьэгъумбжэр. Араща, урысыбзэм ″хь″ макъ зэрыхэмытым папщlэ, урысыбзэклэ хамэбзэ псалъэхэм хэт ″хь, h″ макъхэр зэрыигъуэклэрэ ″х, г″ макъхэу зэрыщытым хуэдэщ адыгэбзэкlи а макъхэр зэрытх щlыклэр. Зэрыгурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэхэм икlи лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъур хэкурыс Адыгэр дунейм урысыбзэклэ зэрытехьэрэ дунейм къыщыхъури абы урысыбзэклэ къызэрыхуэклуэращи, нэгъуэщlыбзэхэм я макъхэри Адыгэм урысыбзэ макъхэу къэlун хуейуэ илъытэу щlедзэр. Адыгэбзэр урысыбзэм ирапхащи, адыгэбзэр сыт хуэдизу лъэщрэ езым хуэlуами, ар езым хуэlуауэ е езым и инициативклэ дунейм техьэж – теплъэжкъым, езы Адыгэм дунейр езы адыгэбзэклэ занщlэу къыгурыlуэжкъым. Мыбы и хэклыпlэр Адыгэм езым и бзэр илъытэжынращи, алфавитрэ тхэн лъэныкъуэклэ мыбы и къежьапlэри ипэклэ зи гугъу тщlарэ икlи мы лэжьыгъэмрэ япэрей лэжьыгъэхэми къыхэщхэрауэ лъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэми щыгъуазэ узэрищlынуращи, адыгэбзэм езым и алфавитыр езы бзэм хэт макъхэмклэ зэхэлъхьа хъун хуейщ; абы ″нэгъуэщlыбзэхэм папщlэ″ макъ хэтын хуейкъым. Мыбы къыщымынэу, адыгэбзэ алфавитым адыгэбзэм езым хэт дэтхэнэ зы макъыр щхьэж къызэрыlу щlыклэуи хэтын хуейщ. Нобэрей ди алфавитым хэмытрэ Кирил алфавит лъэклыныгъэу нэгъыщэ гуэрхэр макъ гуэрхэм къызэрыпыхьэклэрэ ятх щхьэж макъхэри щыlэщи, мыхэри щхьэж макъхэу адыгэбзэ алфавитым хэгъэхьэн хуейщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, зы алфавитым ар зыхуэlуа бзэм и макъхэр зэрыщыту хэтын хуейщ, мыхъумэ, алфавитым хэмытми, дыщытхэклэ, алфавитым хиубыдэ нэгъэщэ гуэрхэмклэ зэрыптхыфым папщlэ, бзэм и макъ гуэрхэр а бзэм и алфавитым щхьэжу мылъытауэ тхэклэ lэмалыгъуэу зехьэныр игъуэкъым, - емызэгъщ. Мыпхуэдэ макъхэрщ мы илъабжьэклэ къэтахэри, абы щыщ гуэрхэр нобэ бзэм -куэдыщэу- щыземыклуэжми (мыбыхэм игъуэр къыщысым деж дытепсэлъыхьынщ), адыгэбзэм къигъэщlа щхьэж макъхэрщ: «lы, lи, lэ».

Нытlэ, адыгэбзэ алфавитыр абы хуэlуа щlыжын хуейщ, ар адыгэбзэм нэмыщlыу икlи урысыбзэри зэрадж алфавиту лъытэн хуейкъым. Икlи адыгэбзэр зэрымакъыбзэр лъытауэ гъэпсыжын хуейщ адыгэбзэ алфавитри, макъхэм я зэклэлъхьэужьыклэри адыгэбзэр зэрымакъыбзэм

езэгъыу зэкlэлъыгъэкlуэн хуейщ. Адыгэбзэр зэрымакъыбзэр къызыхэщу зэхэлъхьэжа мыпхуэдэ алфавитыр зэрырагъэджэну пэщlэдзэ тхылъри нытlэ адыгэбзэ защlэ псалъэхэр зыхэту щытын хуейщ. Адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым щыгъуазэ ухуэзыщlын хуей мыпхуэдэ зы алфавит (алыфбей - алфабэ) тхылъым – езы адыгэбзэм къыхэхьагъэххэрэ щызекlуэу щытми– хамэбзэ псалъэ хэгъэхьэни хуейкъым.

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, адыгэбзэ алфавитыр адыгэбзэм и макъ псори зыхэту икlи мы макъхэм я зэкlэлъхьэужьыкlэри зыхэзыубыдэу гъэпсынрэ зэхэлъхьэн хуейщ. Абы хиубыдэну макъхэмрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэр мы лэжьыгъэмрэ япэрей лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр гулъытапхъэщи, ар мыпхуэдэ щlыкlэкlэрэ зэрызэхэлъхьэну щlыкlэм теухуа еплъыкlэхэми илъабжьэкlэ я гугъу щытщlынщ.

**Адыгэбзэ макъхэр алфавитым зэрыхэхьэн хуей щlыкlэхэм теухуауэ**

Япэрей лэжьыгъэхэми къыщызэрыгъэлъэгъуарэ ипэкlи къэбэрдеибзэм хэт макъхэр гуп гупу зэрылъытари гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм и алфавитыр абы макъхэр я къэхъукlэкlэ зэрызэлъыта щlыкlэм теухуауэ зэхэлъхьэн хуейуэ лъытапхъэщ. Макъхэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щlыкlэкlэ алфавитым зэкlэлъхьэужьу щыбгъэлъагъуэм деж, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм хагъэзэщlыхьым нэхъ гулъытэ зэрыхуэпщlыфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, зы макъыбзэр макъыщlэхэр зэрыхуэныкъуэкlэрэ зэрыхущlэкъум ипкъ иткlэ, щхьэж макъ щэхухэр зэрызэгухьэкlэрэ щхьэж макъ пэлъытэу бзэм хэлэжьыхь ″макъ щэху зэгуэт″хэр алфавитым хэхьэн зэрыхуэмыныкъуэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, щхьэж ″макъ lуэр″хэмрэ ″макъ lуэр зэхэжыхьа″хэр алфавитым ипэ щигъэщарэ, абыхэми щхьэж ″макъ щэху″хэр я къэхъукlэ зэкlэлъхьэужьыкlэри зэрылъытакlэрэ къакlэлъыкlуэу алфавитым хэгъэхьэныр игъуэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхэщ щlыкlэу ″макъ lуэр″хэр гуп гупу зэрылъытарэ зэрызэкlэлъхьэужьыкlэр наlуэщ. Аращи, макъ lуэрхэр къызэрежьэм къыщlидзэу къызэрыхъуа щlыкlэкlэ гуп гупу зэрылъыта щlыкlэм езэгъ зэкlэлъхьэужьыкlэкlэ алфавитым хэгъэхьэныр игъуэщи, гуп гупу зэрылъытарэ алфавитми зэрыхэхьапхъэ щlыкlэкlи къэдгъэлъэгъуэнщ: «″Ы, lЫ″; ″Э, lЭ, А″; ″И, lИ, Й, Е(иэ, иэй; эй, эйй), lЕ, Я(иа, еа)″; У, lУ, О(эу)″» → «Ы, lЫ, Э, lЭ, А, И, lИ, Й, Е, lЕ, Я, У, lУ, О».

Адыгэбзэм хэт мы макъ lуэрхэм теухуа lуэхугъуэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуэнкlэрэ lуэхур зэрымызэфlэкlри гулъытапхъэщи, мыбы теухуауэ жыlэпхъэ гуэрхэри щыlэщ. Мы псалъэм зэрезэгърэ ипэкlэ тхыпкъ гуэрхэмкlэ макъ зэхэжыхьа тlу-щы зэрылъытар гулъытапхъэщи, мыпхуэдэщ ″е, я″ тхыпкъхэр. Мы тхыпкъхэм щыщу ″я″ тхыпкъымкlэ тха макъ lуэр зэхэжыхьаитlри зэхуэдэу ″и″м къытехъукlауэ (еа → иа) зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщи, ар зэхэгъэкlын зыхуэмыныкъуэрщ.

Мыбы нэмыщl, зэхуэдэу ″е″ тхыпкъымкlэ тха ″иэ, иэй″рэ ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьа гупитlыр бзэм и лэжьэкlэм дэтхэнэрами гурыlуэгъуэ къыпхуохъуфри, зэхуэдэ тхыпкъкlэ къызэрыгъэлъэгъуар зэ щхьэ lуэгъуэшхуэу лъытапхъэкъым. Ауэ, ″е″ тхыпкъкlэ зэхуэдэу къэгъэлъэгъуауэ щыт ″иэ″мрэ ″иэй″р икlи ″эй″мрэ ″эйй″ макъ зэхэжыхьахэм дэтхэнэрами занщlэу зэхэхугъуафlэ зэрымыхъур гулъытапхъэщи, бзэр флыуэ зыщlэм мы макъ зэхэжыхьа гупытlым хиубыдэ макъиплlыр игъуэу къыригъэlукl щхьэ, щlэблэщlэмрэ бзэр щlэуэ зэзыгъащlэм дежкlэ зэрызэщхьэщымыгъэкlыфынур гурыlуэгъуащэщ. Ар щыхъукlи, бзэ лэжьэкlэм мы макъ зэхэжыхьаиплlыр (иэ, иэй; эй, эйй) кlуэ пэтрэ зэхуэдэ къэlукlэкlэ (″иэй → иэ″; ″эйй → эй″) ″иэ″рэ ″эй″уэ щызекlуэу щlедзэр. Мыбы папщlэщи, псалъэхэм ″иэй″рэ ″эйй″ макъ зэхэжыхьауэ къыхэlукlхэр щхьэхуэ тхыпкъкlэ мытхми, ″е″кlэ тха ″иэ, иэй; эй, эйй″хэр щызэщхьэщыкlыр адыгэбзэ еджакlуэхэм halуэ дыдэ яхуэщlын хуейщ.

Макъ lуэрхэр къызэрыгъэлъэгъуапхъэрэ абыхэм теухуауэ гулъытэ хуэщlыпхъэхэр мыпхуэдэщ. Ауэ, мыбы нэгъунэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, ″макъ щэху″хэр япэрей лэжьыгъэхэм къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэ гуэрхэр зэрызэхъуэкlын зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ. Аращи, япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэху гуэрхэр гуп гупу къызэрыгъэлъэгъуам хэплъэжын зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, япэрей лэжьыгъэхэм ″макъ щэху″хэр гуп гупу зэрылъыта щlыкlэхэр аргуэру къэдгъэлъагъуэу, абы теухуауэ жыlэпхъэхэмрэ макъ щэхухэр гуп гупу зэрылъытэжыпхъэм, икlи ахэр алфавитым зэрызэкlэлъхьэужьыкlэкlэ зэрыхэхьапхъэм теухуауэ жыlэпхъэхэр къыпытщэжынщ: «С, Ц, Цl, З, ДЗ»; «ГЪ, ГЪУ, Г, ДЖ-ГЬ, ГУ»; «Ж, ЖЬ»; «Д, Т, Тl»; «Щ, ЩI, Ш»; «Ч-К, КУ, КI, КIУ»; «КЪ, КЪУ»; «КХЪ, КХЪУ»; «ХЪ, ХЪУ»; «Х, ХУ»; «ХЬ»; «ЛЪ, Л, ЛI»; «П, ПI, Б»; «Ф, ФI, В»; «М, Н»; «Р».

Нытlэ япэрауэ, макъ lуэрхэмрэ макъ щэхухэр япэрей лэжьыгъэхэм къызэрыхэщауэ мы къызэрыта щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ алфавитым зэрыхэхьапхъэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыбыи къыкlэлъыкlуэу, ипэкlэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэм макъ щэхухэм я къэхъукlэр къызэрыхэщ щlыкlэр дигу къэдгъэкlыжынщи, макъхэр алфавитым зэрыхэхьэну щlыкlэ хъун зэрыхуейм аргуэрум деплъыжынщ. Дауэми, алфавитым макъхэр зэрыхэхьэну щlыкlэм макъ lуэрхэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щlыкlэр къызэрыхэщкlэрэ макъ щэхухэм ипэ къихуэу хэгъэхьэныр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ: «Ы, lЫ; Э, lЭ, А; И, lИ, Й, Е, lЕ, Я; У, lУ, О»; «С, Ц, Цl, З, ДЗ; ГЪ, ГЪУ, Г, ДЖ-ГЬ, ГУ; Ж, ЖЬ; Д, Т, Тl; Щ, ЩI, Ш; Ч-К, КУ, КI, КIУ; КЪ, КЪУ; КХЪ, КХЪУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ХЬ; ЛЪ, Л, ЛI; П, ПI, Б; Ф, ФI, В; М, Н; Р».

Зэрыжытlауэщи, япэрей лэжьыгъэхэм Къэбэрдей адыгэбзэм хэт макъ щэхухэр гуп гупу мы къыщызэрыгъэлъэгъуам нэмыщl, макъ щэхухэр зэрызэкlэлъхьэужьу утыку къызэрихьэмрэ зыр зым къызэрытехъукlам

теухуауэ утыку къызэрихьэу зэрылъытапхъэ щIыкIэхэри илъабжьэкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Ипэкlэ и гугъу зэрытщIа щIыкIэм езэгъыу макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэрэ зыр зым къызэрытехъукIыр къэдгъэлъэгъуа нэужьми ахэр алфавитым зэрыхэхьэну зэрылъытапхъэм деплъынщ.

- «М → Н».
- «ХЬ».
- «КЪ → КЪУ»
  ↓
  «Кl → Чl»
  ↓
  «КlУ».
- «КХЪ → КХЪУ»
  ↓
  «К → Ч»
  ↓
  «КУ».
- «ХЪ → ХЪУ»
  ↓
  «Х → ХУ».
- «ГЪ → ГЪУ»
  ↓
  «Г → ГЬ → ДЖ»
  ↓ ↓
  «ГУ» «ДЗ».
- «Щ → Щl; Ш»
  ↓
  «С».
- «ЖЬ → Ж»
  ↓
  «З».
- «ЛЪ, Л, Лl».
- «Р».
- «Д, Т, Тl».
- «П, Пl, Б».
- «Ф, Фl, В».
- «Цl» → «Ц».

Мы къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэуэ макъхэр зыр зым къызэрытехъукIарэ я зэкIэлъхьэужьыкIэри къызэрыхэщкIэрэ ″макъ щэху″хэр гуп гупу зэрылъытапхъэхэрэ алфавитым зэрыхэхьапхъэ зы щIыкIэри тIэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ: «М, Н»; «ХЬ»; «КЪ, КЪУ; Кl – (Чl), КlУ»; «КХЪ, КХЪУ; К – Ч, КУ»; «ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ»; «ГЪ, ГЪУ; Г, ГЬ – ДЖ, ГУ; ДЗ»; «Щ, Щl; Ш; С»; «ЖЬ, Ж; З»; «ЛЪ, Л, Лl»; «Р»; «Д, Т, Тl»; «П, Пl, Б»; «Ф, Фl, В»; «Цl, Ц».

Мы къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэр макъ щэхухэр къызтехъукlарэ езым къытехъукlахэри зыхиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, макъхэр мыпхуэдэ щlыкlэкlэ зэхэбгъэкlрэ зэкlэлъхьэужь гупхэу къэгъэлъэгъуэнри зы еплъыкlэкlэ игъуэу лъытапхъэщ: «М, Н»; «ХЬ»; «КЪ, КЪУ»; «Кl – (Чl), КlУ»; «КХЪ, КХЪУ»; «К – Ч, КУ»; «ХЪ, ХЪУ»; «Х, ХУ»; «ГЪ, ГЪУ»; «Г, ГЬ – ДЖ, ГУ; ДЗ»; «Щ, Щl; Ш; С»; «ЖЬ, Ж; З»; «ЛЪ, Л, Лl»; «Р»; «Д, Т, Тl»; «П, Пl, Б»; «Ф, Фl, В»; «Цl, Ц».

Макъхэр мы къызэрыта щlыкlитlкlи гуп зэрыпщlыфынур гурыlуэгъуэнщ, ауэ ахэр мы зэрызэкlэлъыкlуэ щlыкlэу алфавитым хэбгъэхьэнымрэ япэрей лэжьыгъэхэм къыщыдгъэлъэгъуа щlыкlэу хэбгъэхьэным теухуауэ жыlэпхъэхэр щыlэщи, илъабжьэкlэ мыбыхэм деплъынщ. Мыбы дыхэмыхьэ ипэкlи, макъхэр мы къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэми теухуауэ жыlэпхъэр къыпытщэнщ.

Япэрауэ, Къэбэрдей адыгэбзэм хэт макъхэм щыщу ″кl″ыуэ тхар ″чl″ыуэ къызэрыраlур гурыlуэгъуэщи, ″чl″ыр мы къызэрыгъэлъэгъуами хэгъэкlыным ягъэ иlэу лъытапхъэкъым. Мыбы нэмыщl, нобэ ″к″ым ипlэкlэ ″ч″ыр зэрахэрэ алфавитым зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ, ауэ адыгэбзэм ноби ″к″ыри зезыхьэ жьэрыпсалъэрэ диалекти зэриlэм папщlэ, ″ч″ым хуэдэжу ″к″ыри алфавитым хэтыныр игъуэу лъытапхъэщ; икlи, ″ку″р къызтехъукlа макъщ ″к″ макъри, ″к″ макъыр алфавитым хэтмэ, ″ку″ макъыр къыздикlари гурыlуэгъуэ зэрыхъунури гулъытапхъэщ. ″К″ымрэ ″ч″ым теухуауэ мы жытlар ″гь″ымрэ ″дж″ыми я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэми зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщи, а макъитlри алфавитым хэтыныр игъуэщ.

Гулъытапхъэщи, я къэхъукlэ зэкlэлъхьэужьыкlэкlэ макъ щэхухэр мы зи гугъу тщlыуэ къызэрыта щlыкlэр япэрей лэжьыгъэхэм къыщыта щlыкlэм хуэдэжкъым. Аращи, мы ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм зэрезэгъ щlыкlэу макъ щэхухэр алфавитым зэрыхэхьапхъэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «М, Н; ХЬ; КЪ, КЪУ; Кl, КlУ; КХЪ, КХЪУ; К-Ч, КУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ГЪ, ГЪУ; Г, ГЬ- ДЖ, ГУ, ДЗ; Щ, Щl, Ш, С; ЖЬ, Ж, З; ЛЪ, Л, Лl; Р; Д, Т, Тl; П, Пl, Б; Ф, Фl, В; Цl, Ц».

Нытlэ, макъ щэхухэр алфавитым зэрыхэхьапхъэм теухуауэ мы къэтамрэ япэрей лэжьыгъэхэм утыку къитлъхьа я зэкlэлъхьэужьыкlэм дэтхэнэр нэхъ игъуэу зэрылъытапхъэм теухуауэ жыlэпхъэхэри къыпытщэнщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэху гупу къыщыгъэлъэгъуа ″с, цl, ц, з, дз″ макъ гупыр мы ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм зэрыщымыlэжыр гулъытапхъэщи, абы хиубыдэ ″цl, ц″ макъыр зы гупу лъытарэ адрей макъхэр нэгъуэщl гупхэм зэрыхэхьэжар гурыlуэгъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, япэрей лэжьыгъэхэм икlэ нэгъунэ къызэрымыхутамрэ я къэlуклэкlи зэрызэпэгъунэгъум папщlэщ ″с, цl, ц, з, дз″ыр зы гупу зэрылъытам щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Икlи, ″с, цl, ц, з, дз″ гупым хэт макъхэр я къэlуыкlэкlэ зэщхьрэ я мыхьэнэхэми зэкlэлъхьэжьыкlэ яlэу лъытапхъэ

щхьэ, мы макъхэм адрей гупхэм хуэдэу зэгъунэгъугъэ зэрызыхуамыIэри гурыIуэгъуэщ. Аращи, мы макъхэм щыщ гуэрхэр (с, з, дз) нэгъуэщI макъ гупхэм хиубыдэ макъ гуэрхэр къазэрытехъуклар гурыIуэгъуэ къыщытхуэхъуащ мы лэжьыгъэкIи, мы макъхэр ″с, цI, ц, з, дз″ гупым хэтын нэхърэ къызтехъуклахэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа макъхэм я гупым хэту алфавитым хэгъэхьэныр нэхъ игъуэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″цI, ц″ макъхэр зы гупу алфавитым щыигъуэм деж хэгъэхьэныр игъуэщи, адрей макъхэри къызтехъукIа макъ гупым хэту алфавитым хэхьэныр игъуэщ. НытIэ, ″з″ макъыр къызтехъукIа ″жь″ макъ гупым хэту ″жь, ж; з″ зэкIэлъхьэужьыкIэкIэ алфавитым хэхьэныр игъуэщ; ″с″ макъыр къызтехъукIа ″щ″ макъ гупым щыщу ″щ, щI, ш; с″ зэкIэлъхьэужьыкIэкIэ алфавитым хэхьэныр игъуэщ; ″дз″ макъри къызтехъукIауэ лъытапхъэ ″дж″ макъыр зыхэт ″гъ, гъу; г, гь-дж, гу; дз″ гупым хэту алфавитым къыщыгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэхухэр къызэрежьэ ″с, цI, ц, з, дз″ макъ гупым хиубыдэ макъ гуэрхэр къызтехъукIа макъ гупхэм зэрыхэхьапхъэр гурыIуэгъуэщи, мы макъхэм щыщу зы макъ гупу лъытапхъэ ″цI, ц″ макъхэри алфавит зэхэлъхьэкIэу игъуэм деж къыщыгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Ауэ мы лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, мы макъхэр алфавитым щыщыгъэлъэгъуэну щIыпIэри алфавит ухыпIэхэм хуэзэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Мы и гугъу зэрытщIауэ япэрей лэжьыгъэхэм япэрей макъ гупу тлъытар мы лэжьыгъэм зэрезэгъкIэрэ нэхъ иугъуэхэм тедгуэшащ. Ауэ мы макъ гупыр (с, цI, ц, з, дз) къызэрежьэ ″с″ макъри алфавит зэхэлъхьэкIэкIэ макъ щэху къежьапIэу зы пIэ зиIэу щытауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, япэрей лэжьыгъэхэм макъ щэхухэр алфавитым зэрыхэхьэ щIыкIэр ″с″ макъымкIэ къежьэрэ ″р″ макъымкIэ зэриухри зы еплъыкIэкIэ игъуэт. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″с″ макъыр ″щ″ макъ къэхъукIэм къытехъукIарэ и макъ мыхьэнэкIи щыIэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ым ипэ къихуэрауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, ар макъ щэху къежьапIэу лъытэныр игъуэрэ хуэфащэу лъытапхъэщ; икIи, ″р″ макъри макъ мыхьэнэ зимыIэ макъ закъуэрауэ зэрыщытым зэрезэгъкIэ, ари щхьэжу макъ щэху ухыпIэр зыхуэфащэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Мыбы нэмыщI, ″макъ щэху″ нэхъыжьу лъытапхъэ ″м″ макъымрэ абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа ″н″ макъыр зы гупу зэрылъытапхъэр зэрыигъуэр гурыIуэгъуэщ; ауэ икIи, япэрей лэжьыгъэхэм мы гупыр мыхьэнэ зимыIэ макъ щэху закъуэрэ ″макъ щэху″ ухыпIэу щыт ″р″ макъым ипэ къихуэу къызэрыгъэлъэгъуам и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщи, ″м, н″ макъхэр - я къэхъукIэм ипкъ иткIэ- макъ мыхьэнэ пыухытыкIа ямыIэуи бзэм зэрыхэлэжьыхьыфхэращ. Аращи, макъ мыхьэнэ зимыIэ ″р″ макъымрэ макъ мыхьэнэ зиIэ макъ щэхухэм я зэхуакур зы макъ гупу ″м, н″ макъхэр къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэри игъуэу лъытапхъэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм ″к-ч, ку, кӏ, кӏу″р зы гупу зэрылъытар гурыӏуэгъуэщи, мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуэныр мы макъхэр зэрытха щӏыкӏэм зэрытеухуакӏэрэ игъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ауэ мы къэгъэлъэгъуэкӏэр мы макъхэм я къэхъукӏэмрэ къызэрыхъуа зэкӏэлъхьэужьыкӏэм зэремызэгъыщэри мы къедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэм къызэрыхэщыжыр гулъытапхъэщ. Аращи, макъхэр зэрытха щӏыкӏэм езэгъыу алфавитым хэгъэхьэнымрэ, я къэхъукӏэм зэрелъытакӏэрэ хэгъэхьэным зыр къыхэхын хуейщи, дэркӏэ мы макъхэм (к-ч, ку; кӏ, кӏу) я къэхъукӏэр нэхъ лъабжьэу лъытэнрэ ахэр къызтехъукӏа макъым (къ, кхъ) къыкӏэлъыкӏуэу (кӏ, кӏу; к-ч, ку) алфавитым хэгъэхьэныр нэхъ игъуэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, мы макъхэр къызтехъукӏа макъхэм я гупым къыкӏэлъыкӏуэу (″къ, къу″ гупым ″кӏ, кӏу″р; ″кхъ, кхъу″м ″к-ч, ку″р), е ″къ, къу; кхъ, кхъу″ зэкӏэлъхьэужьыкӏэм ″кӏ, кӏу; к-ч, ку″р къыпыщэжу алфавитым хэгъэхьэныр игъуэщ.

Макъ щэхухэр гуп гупу зэрылъытапхъэмрэ, ахэр алфавитым зэрыхэхьэн хуей зэкӏэлъхьэужьыкӏэм теухуауэ иы зи гугъу тщӏарэ тежытӏыхьахэм хуэдэхэр тежыӏыхьыпхъэщи, ахэр алфавитым зэтыхэхьэн хуейм теухуауэ фӏэкӏыпӏэ имыӏэу зы щӏыкӏэр утыку къилъхьэнри гугъущ. Ауэ, макъхэр алфавитым зэрыхэхьэну щӏыкӏэм теухуауэ абыхэм я тхэкӏэри нэмыплъ мыщӏыпхъэу лъытапхъэми, зы макъыбзэм и макъхэр алфавитым зэрыхэхьэну щӏыкӏэм теухуауэ нэхъыбэу макъхэр я къэхъукӏэкӏэ зэрызэлъытарэ зэрызэкӏэлъхьэужьыкӏэр, икӏи абыхэм я макъ мыхьэнэхэр лъабжьэрэ нэхъыщхьэу лъытэныр нэхъ игъуэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэнщ. Мы псалъэм зэрезэгърэ макъхэр адыгэбзэ алфавитым зэрыхэхьэн хуей щӏыкӏэм теухуа щапхъэу, илъабжьэкӏэ макъхэм я зэкӏэлъхьэужьыкӏитӏ къэтащ.

«Ы, ӏЫ, Э, ӏЭ, А, И, ӏИ, Й, Е, ӏЕ, Я, У, ӏУ, О»; «М, Н; ХЬ; КЪ, КЪУ; Кӏ, КӏУ; КХЪ, КХЪУ; К-Ч, КУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ГЪ, ГЪУ; Г, ГЬ-ДЖ, ГУ, ДЗ; Щ, Щӏ, Ш, С; ЖЬ, Ж, З; ЛЪ, Л, Лӏ; Р; Д, Т, Тӏ; П, Пӏ, Б; Ф, Фӏ, В; Цӏ, Ц».

«Ы, ӏЫ, Э, ӏЭ, А, И, ӏИ, Й, Е, ӏЕ, Я, У, ӏУ, О»; «КЪ, КЪУ; КХЪ, КХЪУ; КІ, КІУ, К-Ч, КУ; ХЪ, ХЪУ; Х, ХУ; ХЬ; ГЪ, ГЪУ, Г, ГЬ-ДЖ, ГУ; ДЗ; ЖЬ, Ж; З; Щ, ЩІ, Ш, С; ЛЪ, Л, ЛІ; Д, Т, Тӏ; П, ПІ, Б; Ф, ФІ, В; Цӏ, Ц; М, Н; Р».

## МАКЪ МЫХЬЭНЭРЭ КЪАЛЭНХЭР БЗЭ ЩІЫБ ЕПЛЪЫКІЭКІЭ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЫГУРЫГЪЭІУАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Псэлъэбзэр зэрыухуар макъхэмкӏэрэщи, псэлъэбзэр зэрыухуам лъабжьэ хуэхъур макъхэращ. Макъхэр къызэрыхъуа щӏыкӏэм ипкъ иткӏэ ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ зиӏэхэрщи, мы я мыхьэнэрэ къалэнкӏэрэщ бзэм зэрыхэхьэрэ хэлэжьыхьу зэрыщӏидзэри. Мыпхуэдэу бзэм хэхьа макъхэр я мыхьэнэкӏэрэ бзэм щыхэлэжьыхьым щыгъуэм абыхэм я къэхъукӏэу ягъуэта мыхьэнэхэм мыхьэнэщӏэхэри къатохъукӏыфри, бзэ лэжьэкӏэм макъхэр мыхьэнэбэу хэлэжьыхьуи щӏедзэр. Мы псалъэм гурыӏуэгъуэ

къызэрищlщи, макъхэр утыку къызэрихьам елъытарэ зэрытеухуаклэрэ ягъуэт мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ, бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ абыхэм къагъэщl мыхьэнэщlэхэмкlэрэ мыхьэнэбэ зэрагъуэтыр гурыlуэгъуэщи, ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ жыхуэтlэхэр мыхэр зыхэзыубыдэрщ.

Макъхэм ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″у мы ягъуэтауэ тлъытэмрэ ахэр мы зэрыщыткlэрэ занщlэу бзэм зэрыхэхьэкlэрэ абыхэм занщlэу ″макъ псалъэ″ къазэрытехъуклыр зэхуэдэ lуэхугъуэкъым. Мы псалъэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″макъ мыхьэнэ″ жыхуэтlэр псэлъэбзэм лъабжьэ хуэхъурэ псэлъэбзэ щlыб мыхьэнэщ, ауэ мы ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтlэр бзэр зэрыухуэм ипкъ иткlэ бзэм утыку къыригъэхьэ мыхьэнэхэращ. Аращи, зы макъыр щхьэж къызэрыlуклэрэ бзэм зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьамрэ, а макъыр къызэрыхъуа щlыклэклэ игъуэта мыхьэнэр (макъ мыхьэнэ) зэхуэдэ lуэхугъуэкъым: макъ мыхьэнэр макъым и щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэращ, ″макъ псалъэ″ри а макъым бзэм щигъуэта ″бзэ мыхьэнэ″ращ. Мыпхуэдэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуащэ хуэдэ щхьэ, бзэр зэрыухуар макъклэрэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, дэ макъхэм дызэрытепсэлъыхьрэ я ″макъ мыхьэнэ″хэри къызэрытlуатэр бзэ лэжьэклэрэ псалъэхэмкlэрэщи, ″макъ мыхьэнэ″рэ ″бзэ мыхьэнэ″р зэхуэдэу къытщохъу, щыуагъэуи зэхуэдэу долъытэфыр.

Нытlэ, мыбы и хэкlыпlэр ″макъ мыхьэнэ″хэр псэлъэбзэм нэмыщl логиеклэрэ къэгъэунэхунрэ утыку къилъхьэнращи, макъхэм я къэхъуклэм елъытарэ пыщlауэ яlэ мыхьэнэрэ къалэнхэм я гугъу щытщlклэ, мыр псэлъэбзэ lуэху хэмылъу, тхыпхъэрэ тхьыпхъэ лlэужьыгъуэу, сигналрэ знак формэ лlэужьыгъуэу къэгъэлъэгъуэфынщ. Икlи, нэгъуэщl щlэныгъэ дициpинэхэмкlи къэlуэтэфынщ ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ жыхуэтlэхэри, физикэрэ математикэ щlэныгъэр лъабжьэ хуэтщlрэ абыхэм теухуа терминхэмкlи къэlуэтэфынщ.

Мы псалъэхэм пыщапхъэу дигу къэдгъэкlыжмэ, адыгэбзэм и макъ lуэрхэм ягъэзащlэ къалэнхэр геометрикэ къалэнхэу зэрыщытми и гугъу тщlауэ щытащ япэрей лэжьыгъэхэм. Мыбы къыщымынэу, адыгэбзэ макъ lуэр лъабжьэу тлъытахэр (ы, э, и, у) геометрие системэ зэрызэпкъырыувэ къалэн зиlэхэрауэ зэрыщытми и гугъу тщlагъащ. Икlи, мыпхуэдэу геометрие системэ зэрыухуэм лъабжьэ язэрыхуэхъур мы макъхэр макъыгъуэрэ макъ корпусыр зэрызэпкъырыувэ макъхэу зэрыщытхэращи, ахэр макъ геометриери зэрызэпкъырыувэ макъхэу зэрыщытми япэрей лэжьыгъэхэм и гугъу щытщlауэ щытащ. Мыбы къыщымынэу, зи гугъу тщlы япэрей лэжьыгъэхэм деж, макъ lуэрхэм ягъэзащlэ геометрие къалэнхэр координат системэхэм зэрытеухуэ щlыклэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Макъ lуэрхэр макъ геометриерэ макъыгъуэр зэрыухуэращи, мыпхуэдэу ухуа макъыгъуэ клуэцlращ дэтхэнэ зы макъыр къыздыщыхъурэ мыхьэнэрэ къалэн зыщигъуэтри, нытlэ, макъыгъуэм къыщыхъуу утыку къихьэ макъ щэхухэми я мыхьэнэрэ къалэнхэр макъ геометрие клуэцlым и зы щlыплэм

теухуэрэ екIуэлIэныгъэ иIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр зытеухуэрэ зэкIуэлIэныгъэ зиIэ макъ IуэрхэР щыIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Аращи, макъ Iуэрхэм ягъэзащIэр геометрие системэм теухуауэ къыщыдгъэунэхуакIэ, мыпхуэдэ зы системэм утыку къыщихьэ макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зытеухуэрэ зэкIуалэ геометрие щIыпIэри къызэрыгъэунэхуфынур гулъытапхъэщи, мыри ди макъ Iуэрхэм ягъэзащIэу зи гугъу тщIа геометрие къалэнхэм зэрытеухуакIэрэ утыку къызэрилъхьэфынури гурыIуэгъуэнщ.

Нытlэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэр япэрауэ макъ Iуэрхэм ягъэзащIэрэ утыку къыралъхьэ геометрие къалэнхэр аргуэру дигу къэдгъэкIыжу къыщIэддзэныр игъуэщи, мыбыи къыкIэлъыкIуэу, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зытеухуэрэ зэкIуалIэ геометриер ди макъ Iуэрхэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэжынщ. Мыпхуэдэуи, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр псэлъэбзэкIэ мыхъуу, математикэкIэ къэдгъэунэхун иужь дитынщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэри япэрауэ зи геометрикэ къалэныр къэдгъэунэхуагъэххэу щыт адыгэбзэ макъ Iуэрхэм теухуауэ къедгъэкIуэкIынщ.

## ″Макъ IуэрIхэм ягъэзащIэ геометрикэ къалэнхэмрэ, абыхэм геометрие системэ утыку къызэрырагъэхьэм теухуауэ

ЦIыхум къызжьэдигъэкIрэ и бзэр зэрыухуэ макъхэм я щыIэгъуапIэр макъыгъуэу, макъ кулъэу е макъ корпусу лъытапхъэмэ, мы корпусым и геометриер къэзыгъэщI макъхэр макъ Iуэрхарауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, я къэхъукIэрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэм икIи я къэIукIэм зэрелъытарэ зэрезэгъкIэрэ макъ Iуэрхэм макъ корпусрэ макъыгъуэр зэрыухуэм теухуауэ ягъэзащIэ IуэхугъуэхэР дигу къэдгъэкIэжынщ.

″**ЫI**″ макъыр макъ къызэрыIуф макъ Iуэррэ макъзешэщи, макъхэр утыку къихьэным а нэхъ къару мащIэ зэрытекIуадэкIэрэ къызэрыIуращ. Ар япэ къэхъуауэ лъытапхъэ ″м″ макъыр утыку къызэрихьэ макъщи, ″м″ макъым дэщIыгъуу япэ къэхъуа макъ IуэрщI, икIи мыпхуэдэу утыку къызэрихьам ипкъ иткIи, макъзешэ къалэн игъуэзащIэу утыку къихьащ. Макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ IуэрхэР хуиту къэIуыкIэ зиIэ макъ Iуэрхэращи, мыбыхэм щыщу япэу зыкъэзыгъэлъэгъуар ″ы″ макъращ, икIи адрей макъхэри ″ы″м къыщIидзэущ къызэрыхъуа щIыкIэр. ″ЫI″ макъыр макъ Iуэрхэм ящыщу, дэтхэнэ зы макъыр а нэхъ къару мащIэ зэрытекIуадэу къэзыгъэIуф макъщи, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуа щIыкIэрэ мыхьэнэуэ а зэрыщыту къызэрыIуф макъыу, макъхэр оригиналу утыку къизышэ макъщ. Мыбы зэрезэгърэ япэрей макъ Iуэру зэрыщытткIэрэи, ″ы″р оригинал къалэн зиIэ макъщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри мыпхуэдэ къалэнкIэрэщи, ″ы″кIэрэ къэIу макъыр и оригиналыпIэм итущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

Макъыгъуэрэ макъ корпусыр зэрыухуэ геометриер макъ lуэрхэмкlэщи, макъ lуэрхэм япэу къэхъуарэ абыхэм я къэхъуныгъэми лъабжьэ хуэхъуа зы макъыу щыт ″ы″р мы геометриеми и къежьапlэу, и оригинылlэращ.

Макъ lуэр къежьапlэу лъытапхъэ ″ы″ макъым къытехъукlыу утыку къихьэ япэрей макъыр ″**э**″ макъращи, оригин къалэн зиlэ ″ы″м япэрей лъэбакъуэу къызэрытехъукlам къызэрыгуэкlкlэ, функциал кlуэтэгъуэ зыгъэзащlэ макъыу адыгэбзэм хэтщ. ″Э″кlэрэ къэlу дэтхэнэ зы макърэ псалъэм функциал кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ егъуэтри, ″э″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мыпхуэдэщ.

″Ы″м къыкlэлъыкlуэу къытехъукlарэ кlуэтэгъуэ къалэн зыгъэзащlэ ″э″ макъыр макъыгъуэрэ макъ геометриери зэрызэпкъырыувэм и япэрей лъэбакъуэу, мы геометриер зэрызэпкъырыувэм лъабжьэрэ ординат хуэхъуи лъытапхъэщ.

Макъ къэхъукlэу кlуэтэгъуэ lуэху къыщыхъукlэ, мыбы къыкlэлъыкlуэ гуэр зэриджынур гурыlуэгъуэнщи, ″э″ макъым къыкlэлъыкlуэрэ елъытауэ, икlи абы хуэпэзадэ щlыкlэу джырэ утыку къихьэр ″**и**″ макъращ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мы къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъыущи, зэманыгъуэкlэрэ щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэу ″и″кlэрэ мэлъытэф; дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэрэ щыlэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, зы ″и″ лlэужьыгъуэу мэлъытэф; дэтхэнэ гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэм ипlэ иувэу ар цlэимыlуэкlэрэ ″и″кlэрэ къolуэтэф; дэтхэнэ зы макърэ псалъэр ″и″кlэрэ гъэлъагъуэу бзэ лэжьэкlэхэр утыку къохьэр.

Дэтхэнэ зы щыlэгъуэ корпус зэрыухуэр космосым зэрезэгъкlэрэщи, функуциал зэманым космосым хуигъэзащlэр макъ къэхъугъуэкlэ ″э″ макъращ зыгъэзащlэри, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″и″ макъри зэманыгъуэкlэрэ джыращ зытеухуар. Функциал зэманыр зэпэхъурейуэ зэрыкlуатэкlэрэ щыlэгъуэр зэрыджым езэгъыу, ″э″ макъым къыкlэлъыкlуэрэ хуэпэзадэу хуэпэувыж пэлъытэу ″и″ макъри зэпэхъурейкlэрэщ утыку къохьэр. Мы макъитlыр зэхуэпэзадэу къызэрыlум гуылъытапхъэ къыпхуищlрэ апхуэдэ я зэхущытыкlэм къалэну ягъэзащlэр макъ корпусыр и хъуреягъкlэ зэрызэщlэувэ щlыкlэрауэ жыlэпхъэщи, макъ корпус жыхуэтlэр ″э″ макъымрэ абы елъытарэ къызэрыгуэкlкlэ джыуэ утыку къихьэ ″и″ макъым къагъэщlрэ зэщlэуваuэ зы системэу щыlэгъуэ зыгъуэтарауэ жыlэпхъэщ.

Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъ къорпусым и измерение (dimention) лъэныкъуитlыр ″э″мрэ ″и″ращ: ″э″мрэ, ″э″м елъытауэ утыку къихьэрэ абы хуэпэзадэрэ хуэпэувыжу и антитез пэлъытэу щыт ″и″ращ. Лъэныкъуитl щыжытlэм деж, ″э″р зы функциал кlуэтэгъуэу лъэныкъуабгъуэ кlуэтэгъуэщи, мыпхуэдэуи зэпэхъурей кlуэтэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы елъытарэ хэпэзадэу утыку къихьэ ″и″ри апхуэдэ къабзэу зэпэхъуреипlэщ.

Лъэныкъуитlым мы зэрызэлъытэгъуэрэ координэуэ зэдаухуэ системэр зы ″координат системэ″щ. Мы системэ ухуэныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар

мы системэр зэрызэщlэува лъабжьэу щыт ″э″ращи, ар мы ухуэ сисемэр зэрыуэм и ″ординат″щ. Ординатым (э) елъытарэ къызэрыхэкlкlэ джыри ″абзсис″ жыхуаlэрщи, ар ″и″ращ. ″И″р мы ″координат системэ″р щыдж лъэныкъуэращ, икlи мы системэм щыджыр мы системэм теухуарэ хуэкоординэуэ утыку къызэрихьэращ. Абдежыр (и) системэр щыджрэ зэрыджращ; системэм и джыпlэрэ и джыгъуэращ; икlи системэм щыджыр зыщыджрэ зы джыгъуэу пlэ щигъуэтащ.

Мыпхуэдэу утыку къихьэ координат системэр мы лъэныкъуитlыр (э, и) зыхэзубыдэрщи, мы системэр зэрыужь щlыкlэри мыпхуэдэущ. Макъыгъуэу утыку къихьа мы системэ ужьыгъуэр мы макъитlым (э, и) зэдащlэр зыхэзыубыдэу зы макъ зэдаухуэри, ар ″и″ макъ нэужьым къэхъуауэ лъытапхъэ ″**у**″ макъращ: «у: {э, и}».

″У″ макъыр мы лъэныкъуитlыр зыхэзыубыдэу системэм и ужьыгъуэр зи мыхьэнэ макъращ, икlи мыпхуэдэ системэм хэту ужь дэтхэнэ гуэрыр къызэрыlуатэ макъщ. Ар мы системэм щыщ дэтхэнэ зы ужьыгъуэр зэрылъытэ макъщ; мы системэм щыщу щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр езырыжу зэрыужьрэ зэрыужьэхыр зэрылъытэрэ, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэ зы лlэужьыгъуэуи къызэрыlуатэ макъщи, ″у″ макъым бзэм хигъэзэщlыхьхэри мыпхуэдэ lуэхугъуэхэращ.

*

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, щыlэгъуэр утыку къызэрихьэр зэманыгъуэкlэрэщ. Дэ щыlэгъуэ зиlэхэм занщlэу гурыlуэгъуэ къытхуэхъукъым ″зэман″ жыхуэтlэри, ар щыlэгъуэ кlуэтэгъуэрэ ужьыгъуэкlэрэщ зэрытлъытэр. Зэманыр щыlэгъуэр утыку къызэрихьэ функциал кlуэтэгъуэщ, ауэ ар щхьэж щыlэгъуэ зиlэрэ щыlэгъуэм щыщу зэрыщымытым езэгъ lуэхугъуэщ адыгэбзэм ″зэман″ыр къызэрыlуатэу щхьэж зы псалъэ зэрыхэмытыр. Ауэ икlи щыlэгъуэр зэманкlэрэ зэрыджрэ зэрызекlуэр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм мыпхуэдэу функциал зэманым игъэзащlэр макъ мыхьэнэ зимыlэ ″э″м егъэзащlэр. Функциал зэманкlэрэ джырэ утыку къихьэр щыlэгъуэращи, ар зэман системэм и абзсису утыку къызэрихьэр ″и″кlэрэщ зэрылъытэр. Аращи, функциал зэманымрэ, щыlэгъуэр зэрыджрэ зэрызекlуэр зэщхьэщыбгъэкlыфын lуэхугъуэкъым, икlи зэманри щхьэж зы щыlэгъуэ пэлъытэу щхьэхуэу плъытэфынкъым. Щыlэгъуэр е щыlэгъуэ джыпlэр зэманым пыщlауэщ къызэреклуэкlри, дэтхэнэ зы зэманыгъуэм щыджыр щыlэгъуэ зиlэрэ, дэри абы щыщхэращи, щыlэгъуэ зиlэу икlи щыlэгъуэ зиlэр зылъытэ дэ, щыlэгъуэ лъабжьэрэ щыlэгъуэм щымыщ зэманыр щхьэжу тлъытэфынкъым. Зэманыр иужькlэ псалъэ зэрыхэхъухьар гурыlуэгъуэнщ бзэ гуэрхэми, мы псалъэхэмкlэ функциал зэманми и гугъу ящl щхьэ, абырэ щыlэгъуэ джыпlэр зэхэхугъуэу щымыту зэпыщlауэ зэрыщытыр щlэныгъэкlи ялъытэри, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэманымрэ джыгъуэ лlэужьыгъуэ ужьыгъуэр зэхэгъэкlыпlэ зэримыlэкlэрэ зэрытлъытэращ. Аращи, дэтхэнэ гуэрыр ″а приорие″у

″зэман/еспас″ лъабжьэкlэ зэрытлъытэрэ гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъуращ философиеу утыку къыралъхьэр.

Зэманыр щыlэгъуэ лъабжьэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, щыlэгъуэрэ джыгъуэр псалъэкlэрэ къэlуатэ щхьэ, зэманыр макъ гуэрхэмкlэрэ мэлъытэр, икlи функциал зэманри ″э″кlэрэ зэрылъытэми и гугъу тщlагъэххэщ. Аращи, философием гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlым зэрезэгъщи, ″зэман/еспас″ жыхуаlэу щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрытлъытэрэ къызэрыдгурыlуэу ″а приорие (априорие)″у щытыр макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ ″э/и″кlэрэщ адыгэбзэм гурыlуэгъуэ къызэрищlрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр: ″зэман/еспас″у ″а приорие″у щытыр адыгэбзэм псалъэ зэрымыхъуакlэрэ ″а приорие″у ″э/и″кlэрэ хэлэжьыхьу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

*

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщla макъхэр макъ lуэр лъабжьэхэрауэ (ы, э, и, у) зэрыщытыр гулъытапхъэщи, абыхэм адыгэбзэм хащlыхьыр макъыгъуэрэ макъ корпусыр зэрызэпкъырыувэу ягъэзащlэ lуэхугъуэу мы къэтlуэтахэм зэрезэгъри гурыlуэгъуэщ. Зи гугъу тщla я къэхъуклэкlэ зэрызэкlэлъхьэужьу утыку къызэрихьэ щlыкlэу мы макъхэм макъыгъуэрэ макъ щыlэгъуэм теухуауэ ягъэзащlэр зы ″координат системэ″м къалэну хагъэзэщlыхьращи, утыку къыщихьарэ къызэрихьам хуэдэу мыбдежым зи гугъу тщlари ″зэман координат системэм (t-координат системэ: э-координат системэ)″ езэгъ lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, функциал зэманым игъэзащlэр макъ къэхъугъуэкlэ ″э″м егъэзащlэ; абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″и″ макъми функциал зэманым и кlуэтэгъуэрэкlэ къэхъу джын lуэхуу ″абзсис″ыгъэ егъэзащlэ; мый тlум (э-и) зэдащlэри ″у″щи, ар ″э-и″ лъэныкъуэхэр зыхэлъыж системэ ужьыгъуэращ, икlи системэр зэрыщытуи зэрылъытэфращ. Мы псалъэм зэрезэгъкlэрэ, зи гугъу тщla мы адыгэбзэ макъ lуэр лъабжьэхэмрэ математикэ терминхэр зэрызэтеухуэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ (математикэ терминхэр *италик*экlэ тхащ): «″э → *t* (зэман); и → *y* (абзсис)″щ»; «зэман координат системэм теухуауэ *″f(t)″*р ″у″ращи, ари *f*(э)″щ»; «зэман координат системэм щыдж зы ″функцэ″р (*f(t)*) ″абзсис″ыгъэу (*y*) утыку къихьэращи, икlи *″y″*мрэ *″t″* зэхущытыныгъэкlэ *″y = f*(*t*)″щ; ари ″и = *f*(э)″уэ ″и = у″щ».

Адыгэбзэм мы и макъ lуэр лъабжьэхэм ягъэзащlэрэ я мыхьэнэхэр математикэ терминхэм зэрытеухуэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм джыгъуэрэ джыпlэ къизыlуэ абзсис мыхьэнэрэ къалэн зыгъэзащlэ ″и″р координат системэм и абзсисыр математикэу къызэрагъэлъагъуэ термину щыт *″y″*м занщlэу зэрытеухуэр гурыlуэгъуэщи, *″y″* макъым и къэlуклэри адыгэбзэм и ″и″ макъым хуэдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Зэман координат системэм и ординатыр математикэ термину ″зэман″ыр къызэраlуатэ псалъэм (*temps, time*) и къежьапlэ тхыпкъращ (*t*).

Ауэ, дэ езы щыIэхэр дызхэт системэр щыIэгъуэрэ геометрие системэращи, зэманыр занщIэу зэрыдмыщIэр гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм ″зэман″ыр зы псалъэкIэ къызэрымыIуатэр мырагъэнщ. Адыгэбзэм зэманыр занщIэу къызэрыIуатэ псалъэ хэмытми, макъ мыхьэнэрэ къалэн гуэрхэмкIэрэ ар зэрылъытэр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, мыбдежым зи гугъу тщIы функциал зэманыр адыгэбзэм щызэрыгъэлъагъуэ макъыр ″э″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар зэманыр математикэ терминуу зэрыгъэлъагъуэ ″*t*″ым ипIэ игъуэкIэрэ зэриувэнур зэрыгулъытапхъэу, ипэкIэ мыпхуэдэуи къыщыгъэлъэгъуащ. Координат системэм и оригиныр математикэ терминуу ″оригин″ псалъэм и япэрей макъыу щыт ″о″уэщ къызэрыгъэлъагъуэри, адыгэбзэм япэу утыку къихьарэ оригин мыхьэнэ зиIэ ″ы″ макъри - а нэхъ лъабжьэу- абы ипIэ зэриувапхъэр гурыIуэгъуэнщ.

Мы макъ lуэр лъабжьэхэр математикэ терминхэм ипIэ зэриувэфыр гурыIуэгъуэщи, мы макъхэм къатехъукIыж макъхэри математикэ терминхэмкIэрэ къызэрыгъэлъэгъуапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэхэми илъабжьэкIэ я гугъу щытщIынщ. Ауэ мы къэгъэлъэгъуахэр зэман координат системэм зэрыитеухуар гурыIуэгъуэщи, абы иджрэ утыку къихьэу щыIэгъуэм теухуа геометрие системэри математикэу зэрыгъэлъагъуэрэ адыгэбзэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэрыгъэлъэгъуапхъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэман координат системэр зэрыджрэ зэрыужьыр зэпэхъуреигъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, ар зэрыджкIэрэ ″и″ защIэу зы координат системэри зэпэхъуейуэ зэрыухуэри гуэрыIуэгъуэнщ: ″э-системэ (*t*-системэм)″м зы ″и-системэ (*y*-системэ)″ къегъэщIыр. Мыпхуэдэу ухуэ системэр (и-системэ) утыку къызэрихьэм и лъабжьэр ″э-системэ″ращи, ″э″р зэры″ординат″кIэрэ джыр (и) ″э″м елъытауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ″и″ защIэ джыгъуэр зэпэхъурейуэ зы координат системэщи, ари математикэу ″геометрие координат системэ (*x*-координат системэ)″ жыхуаIэращ.

Мы ″геометрие координат системэ″м къызтехъукIыр ″зэман координат системэ″ращи, мыпхуэдэу утыку къихьэ ″геометрие системэ″м и ″ординат″ри ″зэман системэ″м щыдж ″абзсис″рауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи зэман системэм зэрыпыщIакIэрэ геометрие системэри увыIэгъуэ зэримыIэкIэрэ мэджри, ар зэрыджри езы системэм елъытауэ ″абзсис″ыгъэкIэрэщ. НытIэ, зэман системэ абзсисыгъэкIэрэ утыку къихьарэ а абзсисыр ординат зыхуэхъуа ″геометрие системэ″р зэрыдж ″абзсис″ымрэ мы ординатымрэ зэхуэмыдэ терминкIэрэ къэIуэтэн зэрыхуейм ипкъ иткIэ, математикэу мы системэ ординатыр ″х″ тхыпкъкIэрэ къэгъэлъэгъуащ. Ар пэсэрей алыджыбзэм къызэрытехъукIарэ иужькIэ латиныбзэу зекIуэ хъуа зы терминщ. ИкIи алыджыбзэми ″х″ макъыр ехыныгъэрэ лъабжьэ мыхьэнэ зиIэу зэрыхэт щIыкIэм узэрыхуэзэри гулъытапхъэщ. Ауэ адыгэбзэм и ″х″ макъри лъабжьэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ″геометрие координат системэ″м и

″ординат″ыр ″х″ыкlэрэ къызэрыгъэлъэгъуар адыгэбзэм и ″х″ макъ мыхьэнэмрэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьми зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщ.

Щыlэр зыдэщыlэрэ зыщыджыр мы системэкlэрэщи, ар утыку къызэрихьам и лъабжьэри ″зэман системэ″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, мы ″геометрие системэ″м къыщекlуэкlрэ щыдж дэтхэнэ гуэрым лъабжьэ хуэхъужри зэманращи, щыlэгъуэ зыгъуэтыр утыку къызэрихьэрэ и щыlэгъуэр зэрихьым лъабжьэ хуэхъурэ хэлэжьыхьыр ″зэман (э)″рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Геометрие координат системэм дэтхэнэ и зы lэнатlэм зэманыр къыхэщыжу щlыхэлэжьыхьри мыращ; щыlэгъуэ геометрие системэм и лъабжьэ измерениеу зэрыщыткlэрэ ″зэман″ыр нэмыплъ умыщlыфыну зэрылъытапхъэри мыращ; икlи ″зэман/еспас″ жыхуаlэр зэрызэхэмыгъэкlыпхъэм и лъабжьэри мыращ.

Зэман системэм фнукциал зэманыгъуэрэ ординату щылъытэрэ хэлэжьыхь ″э″р зэман системэкlэрэ ухуэ щыlэгъуэ геометрие системэм функциал кlуэтэгъуэущ зэрыхэлэжьыхьыр, ауэ игъуэ щыхъум деж, геометрие системэми ″э″р икlи зэманыгъуэу зэрыщытми гулъытэ зэрыхуэтщlрэ къызэрытlуатэр гурыlуэгъуэщ. Зэман системэкlэрэ джы (и) абзсисыгъэущ щыlэгъуэ геометрие системэр утыку къызэрихьэри, ари щхьэжу зы системэу, и ординатыр ″х″ыуэ зэрылъытам и гугъу тщlагъэххэщи, мы системэм щыдж абзсисыгъэри аргуру ″и″кlэрэ зэрыгъэлъагъуэри гулъытапхъэщ. ″И″р адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мыбы езэгъ lуэхугъуэщи, зэманыгъуэрэ щыlэгъуэкlэрэ джыр къызэрыlуатэ щlыкlэущ. Зэманрэ щыlэгъуэу мы системитlым зи гугъу тщla я лъэныкъуитlым (″э, и″, ″х, и″) я зэхущытыкlэм теухуа функцэри (*f*) адыгэбзэм ″у″кlэрэщ зэрылъытэри, ар икlи зэманыгъуэкlэрэ къэхъу ужьыгъуэр икlи щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыlуатэ макъщ: «″у: {э, и}″; ″у: {х, и}″».

Нытlэ, ″зэман координат системэ″м теухуауэ ипэкlэ къэгъэлъэгъуа математикэ терминхэр щыlэгъуэ ″геометрие координат системэ″м теухуауи мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «″х → *x* (геомтерие ординат); и → *y* (абзсис)″щ»; «геометрие координат системэм теухуауэ *″f(x)″*ри адыгэбзэ макъ ″у″ращи, ари *f*(х)″щ»; «геометрие координат системэм щыдж зы ″функцэ″р (*f(x)*) ″абзсис″ыгъэу (*y*) утыку къихьэращи, *″x″*ымрэ *″y″*м мы и зэхущытыныгъэкlэ *″y = f*(*x*)″щ; ари ″и = *f*(х)″уэ ″и = у″щ».

Зэпэхъурейуэ кlуэтэгъуэ зиlэ зэманыр (э) дэтхэнэ лъэныкъуэкlэ зыдынэсым зы гуэр мэджри, ″и″м къигъэлъагъуэр аращ. Зэман координат системэм и абзсису джырэ утыку къихьэ щыlэгъуэ системэри зэманыр зэпэхъурейуэ зэрыкlуатэм елъытарэ къызэрыгуэкlкlэ зэпэхъурейуэ зы геометрикэ системэщи, абы дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр зэманым елъытауэ утыку итщ. Мы зэпэхъурей системэр ″и″ измерение (dimention) лъэныкъуищу гъэлъэгъуапхъэщи, ″х-координат″ системэм и лъэныкъуищри зэман координат системэм елъытауэ ″и″щ. Ауэ, щыlэгъуэрэ геометриер щхьэжу зы координат системэу щылъытэкlэ, ар

езыр зэрыкlуатэ дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр ординату мэлъытэри, ари – адыгэбзэм и ″х″ макъ мыхьэнэми зэрезэгъыу- математикэкlэ ″х″уэ мэгъэлъагъуэр. Математикэ терминхэу, мы геометрие системэм дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр зы лъабжьэу, системэ ординату мы зэрылъыта ″х″ым мы ординату лъыта и джыпlэ лъэныкъуэр абзсису ″и″уэ мэлъытэж, адрей ещанэ лъэныкъуэри математикэкlэ ″з″уэщ зэралъытар. Мы къэтlуэтар адыгэбзэ макъкlэрэ зэрытхыпхъэмрэ математикэу зэрылъытам и зэпыщlэныгъэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «″х-х′-и″ → ″*х-z-у*″».

″Х-координат системэ″м и ординатыр ″х″уэ зэралъытам щхьэусыгъуэ иlэу къыщlэкlынщи, ар мы математикэ системэр зыухуахэм я бзэм (пэсэрей алыджыбзэ) ″х″ макъым хигъэзэщlыхьым елъытагъэнщ. Алыджыбзэ ″х″ макъым бзэм хигъэзэщlыхьым ординат къалэн зэригъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэ къытхуэмыхъуми, дызтет щlы хъуреим теухуа ″х-координат системэ″м адыгэбзэ ″хы″ псалъэр ординат зэрыхуэхъуфыр гурыlуэгъуэщ.

Ауэ мы макъым (х) и къэхъукlэр я къэхъукlэкlэ макъ корпус утыку къызэрихьам щхьэусыгъуэрэ лъабжьэ хуэхъуа макъ lуэрхэм (э, и, у) зэрыхуэмыдащэр гурыlуэгъуэщ. ″Х″ым и макъ мыхьэнэм елъытакlэрэ, ″и″кlэрэ къэlуэтауэ мыбдежым зи гугъу тщla lуэхугъуэр зэрылъытэжращ ″х″ыри, абы (х) езым и къэхъукlэрэ и мыхьэнэм елъытауэщ ар геометрие системэ ординату зэрылъытари, ар зи гугъу тщla макъ lуэрхэм елъытауэ иужьрей lуэхугъуэщ.

Мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъур араща, цlыху макъхэр утыку къызэрихьэм ипкъ иткlэ ухуэ макъ корпусыр космикэ системэм езэгърэ и рефлексу утыку къихьэ зы щыlэгъуэ корпусу лъытапхъэщи, макъыгъуэрэ макъ корпусыр япэрейуэ къэхъуа макъ lуэр ″ы″м къытехъукl кlуэтэгъуэу щыт ″э″ макъым къыщlидзэу, ″и″рэ ″у″ макъыр къызэрыхъу щlыкlэм хуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ и къэхъукlэм елъытауэщи, щыlэгъуэ геометрие лъабжьэр зэрыигъуэу ″х″ыкlэрэ къызэрыlуэтапхъэу, геометрие системэм математикэ термину ″х″ыр ординату лъытащ. Зи гугъу тщlы макъ lуэрхэр къызэрыхъурэ зэрызэлъыта щlыкlэр геометрикэ мыхьэнэщ, ауэ щыlэгъуэм лъабжьэ хуэхъуныгъэ мыхьэнэ зиlэм зэрезэгъкlэрэ ″х″ыр икlи ″геометрие системэ″м и ″ординат″ри зэрылъыта макъращ. ″Х″ макъым и къэхъукlэрэ игъэзащlэр зи гугъу тщlы макъ lуэрхэм я къэхъукlэм нэскъыми, абыхэм елъытауэ иужьыlуэкlэщ. Зи гугъу тщla макъ lуэрхэм (э, и, у) я къэхъукlэм утыку къыригъэхьэ макъ корпусыр ″зэман″рэ ″геометрие″ координат системэм тlуми зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ, ауэ ″х″ыр ″зэман системэ″кlэрэ ухуа ″геометрие системэ″м и ординатыр къызэрыlуэта макъщ. Ар (х) мы ″геометрие системэ″р зэрыухуа ″зэман системэ″м и ″абзсис″у щыт ″и″р утыку къихьа ″геометрие системэ″м и ″ординат″у зэрыщытым ипlэ иувэу къызэрыlуэтэжащ.

″Геометрие координат системэ″мрэ икlи абы и зы дэтхэнэ лъэныкъуэри ″зэман координат системэ″м и ″ординат″у щыт зэманым (э) елъытауэ

утыку къохьэри, аращ дызхэт ″геометрие системэ″м дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIи и кIуэтэгъуэр функциалу ″э″м къыщIигъэлъагъуэр. ″Геометрие системэ″у щыIэгъуэм и зы дэтхэнэ лъэныкъуэкIи ущыкIуэкIэ, - дэтхэнэ и зы ″и″ лъэныкъуэм ущырикIуэкIэ-, ар утыку къызэрихьа лъабжьэр –ординатыр- къигъэлъэгъуэжрэ фукциалу зэман лъабжьэр къыщIэщыжу ″э″ращ кIуэтэгъуэр къизыIуэр. ″И″м утету пчы дэтхэнэ зы лъэбакъуэм и лъабжьэр ″э″щи, дэтхэнэ зы кIуэтэгъуэр ″э″уэ мэгурыIуэгъуэж. ″Х-координат системэ″м и лъэныкъуищым дэтхэнэри ″э″м елъытауэ джарэ утыку къызэрихьам папщIэ, дэтхэнэ лъэныкъуэкIэ зы гуэр щыпщIрэ щыбджкIэ, функциалу уи кIуэтэгъуэ лъабжьэу ″э″р къыщIощыжыр. ″Геометрие координат системэ″р ″зэман координат системэ″м зэриджам ипкъ иткIэ, абы зэрелъытарэ зэрыпыщIар мыпхуэдэщ.

Дэ щыIэхэм езыхэри зэманым елъытауэ щыIэ дызэрыхъуарэ дызэрыщыIэм къызэрыгуэкIкIэ, дыздэщыIэрэ тлъытэр геометрие системэщи, абы лъабжьэ хуэхъу зэманыр занщIэу тлъытэкъым, зэманыр зэрытлъытэ щIыкIэр геометрикэ lэнатIэм елъытауэщ. Зыужьыгъуэри (у) зэрытлъытэ щIыкIэр занщIэу зэман системэм елъытауэкъыми, ″и-системэ″м (х-координат системэм) елъытауэщ. Ар щыхъукIи, геометрие системэр зэрыухуэ ″и″мрэ, мы ситемэм теухуа зыужьыгъуэр (у) зэманым (э) пыщIакIэрэ и пIэ иуваущ зэрытлъытэри, занщIэу дымыщIэми ″зэман″ жыхуэтIэ гуэрым гулъытэ зэрыхуэтщIыр мыпхуэдэущ. Зэманыр дэ дызыщыIэ системэм и лъабжьэрэ, мы системэм дэтхэнэ и зы джыгъуэм и и лъабжьэрэ и щхьэусыгъуэу щытми, езы зэманыр занщIэу тщIэкъым. Абы гулъытэ зэрыхуэтщIыр дызщыIэ геометрие системэм къыщыхъухэмкIэрэщи, мыри геометрикэ lэнатIэкIэрщ. Дэ щыIэгъуэ зиIэхэр дыздэщыIэ геометрие системэм езым зэрыхэмытрэ зэрыщымыщым папщIэ, зэманыр занщIэу тщIэфынкъым, икIи занщIэу къэпщытапхъэ къытхуэхъуфынкъым. Ар дызхэт геометрие системэм иджрэ щыджым (и) елъытауэщ къызэрытпщытэфрэ гулъытапхъэ къызэрытхуэхъур. Системэр геометриеу зэрыщытым папщIэ, дэ щыIэгъуэ зиIэхэр дыздэщыIэу ди системэу жыхуэтIэ щыIэгъуапIэм сытри геометрикэщи, геометрикэм и гугъу щытщIкIэ, - ар къызтехъукIа зэманым езыр къидмыIуэми- зи гугъу тщIым и лъабжьэр зэманращ.

*

Математикэ системэ lэнатIэ ягъэзащIэу зи гугъу тщIа макъхэм бзэм хагъэзэщIыхьри я къэхъукIэрэ я щыIэгъуэм езэгъ lуэхущ. TIанэ, мы макъхэм нэгъуэщI макъ lуэрхэр къазэрытехъукIри гурыIуэгъуэщи, зи гугъу тщIы мы координат системэм абыхэм я щыIэпIэмрэ хагъэзэщIыхьри ахэр къызтехъукIа макъхэм елъытарэ я зы lыхьэ гуэрщ. Ахэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри мы жытIам езэгъ lуэхуущ. Мы псалъэм зэрезэгъкIэрэ, зи гугъу тщIа макъ lуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) къатехъукI макъхэм ягъэзащIэ геометрие lэнатIэрэ къалэнхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ ″э″м къытехъукIа ″**а**″ макъыр ″э″ куэдагъэрэ Iувагъэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, ″э″р функциалу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″а″р функциалу щымытыжрэ функциалыгъэм темытращ. Абы и мыхьэнэр мыпхуэдэ зы зэманыгъуэу, функциалыгъэ зимыIэж зы зэманыгъуэр зэрылъытэрэ къэзыгъэлъагъуэрщ, икIи мыпхуэдэу фукнциалу щымытыж жыжьагъэр зэрылъытэрэ къызэрыIуатэрщ. Аращи, функциал зэманыр зэрылъытэ ″э″р ″зэман координат системэ″м и ″ординат″ къалэн зыгъэзащIэрэ къызэрыгъэлъагъуэращи, мы зи гугъу тщIы системэм зэманкIэрэ джарэ зи функциалыгъэ зыгъэкIуэдащ ″а″м къигъэлъагъуэр, икIи геометрие системэм узылъэмыIэс жыжьагъэр къизыIуэ макъщ ″а″р. ″А″р ″зэман координат системэ″мрэ ″геометрие координат системэм″ зэманыгъуэ зиIэу функциалу щымытыжыр зэрылъытэрщ; къекIуэкIыу щытрэ, функциалрэ иджыуэ лъытам - икIи ит зэманыгъуэу лъытам- имытыжрэ темытыжыр зэрылъытэрщ; функциалыгъэрэ итыгъуэмрэ, ″а″кIэ къэгъэлъэгъуам я зэхуакум зы зэманыгъуэрэ зы кIуэтэгъуэ дэлъщ.

″А″р IупщI хъуарэ зипIэ зыгъуэта зэманыгъуэу зи функциалыгъэр зэрыкIуэдкIэрэ ″э″м и ″производня (derivative)″у утыку къихьарэ зэрыхъун хъуащ. ″А″р ит зэманыгъуэрэ иджым темытыжу функциалу щымытыж зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэращи, иджырэ функциалу щытрэ лъытэм хуэпэжыжьэращ. Функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къэзгъэлъагъуэ ″э″р зэпэхъуреипэрыкIуатэращи, мыпхуэдэм дэтхэнэ и зы щIыпIэу зи гугъу зэрытщIакIэрэ функциалу щымытыжыр ″а″уэщ зэрылъатапхъэр. Аращи, мы функциалыгъэм имытрэ щымыщу, абы дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIи хуэпэжыжьэр зэрылъытэр ″а″уэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, зэманыгъуэу функциалыгъэкIэрэ джарэ блэкIари, зэманыгъуэу функциалыгъэ кIуэтэгъуэр иджыри зыдынэмысари, дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIи (ипэкIэ, иужькIэ, ищхьэкIэ, ищхъэрэкIэ) мылъэмыIэсыпхъэу щыт дэтхэнэ зы жыжьагъэр ″а″кIэрэщ зэрылъытапхъэр. Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъщи, ″зэман системэ″р ″геметрие системэ″р утыку къызэрихьэрэ зыхэлэжьыхьу зэрыдж лъабжьэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″а″р ″э″м елъытауэ мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «а>э<а».

Зи гугъу тщIа макъ IуэрлъабжьэхэмIыуIэ я къэIукIэр тхьэмбылым жьыр хуиту къызэрикIкIэрэщи, ″къ″ макъ къэхъупIэ тэмакъым дэкъузэ жьыкIэрэ абыхэм къэIуыкIэ зэрагъуэтыр абыхэм я лимитацэ (предел) макъхэу лъытапхъэщ: «Iы, Iэ, Iи, Iу».

Макъ IуэрлъабжьэхэмыпхуэдэукъатехъукIа мы макъхэм ягъэзащIэри къызтехъукIа макъхэм зэрелъытар гурыIуэгъуэщ. Аращи, макъ Iуэркъэхъуныгъэрэмакъгеометрием и оригину тлъыта ″ы″м и лимитацэ ″**Iы**″р оригиныр зэрыкIуэд щIыкIэу ″мыхъуныгъэ″ къалэн зыгъэзащIэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ″Ы″р оригину зэрыщытым ипкъ иткIэ, абы и лимитацэ ″Iы″р оригиныр зэрыкIуэд щIыкIэращ; ″Iы″р ″ы″м и зы Iыхьэу лъытапхъэкъыми, ″Iы″м ″ы″ къытехъукIыжынкъым. ″Ы″мрэ ″Iы″м я

зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэмрэ, ″lы″р зыхуэкlуэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «лимит ″ы (оригин)″ → lы».

Мы къызэрыгъэлъэгъуа щlыкlэм езэгъ lуэхущ ″lы″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри, ар адыгэбзэ жьрыпсалъэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри кlуэдыпlэ къызэрыlуатэ ″къ″ым ипlэ иувэущ: «хъукъым → хъулым; кlуэкъым → кlуэlым».

Функциал кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэр зэрылъытэ ″э″ макъым и лимитацэ ″**lэ**″р ″э″м и функциалыгъэри зыхэзыубыдэу зы ″э″ пыухытыкlарэ lэнатlэр зэрылъытэращ: «лимит ″э″ → lэ».

″lэ″р и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мы къызэрыlуэтарэ къызэрыгъэлъэгъуам зэрезэгъкlэрэщи, функциалу зы зэманыгъуэ пыухытакlэрэ геометрие системэм хэтыныгъэрэ тетыныгъэр (″и, х″ыр икlи зы ″щы″пlэрэ щыlэгъуэу зэрылъытэ щlыкlэу) къызэрыlуатэ псалъэр мыбы теухуа зы щапхъэфlщ: «″щы-lэ″ → щыlэ».

″lэ″р функциал зэманыгъуэ ″э″ри зыхэлэжьыхь и зы lыхьэу, зыхуэдизыр мынахуэ ″э лимит″щ. ″lэ″р функциал зэманыгъуэри зэрыхэлэжьыхьу зы ″э″ lыхьэу зэрыщытым ипкъ итрэ, икlи ″э″м а нэхъ lыхьэ цlыкlури зэрылъытапхъэращи, мыпхуэдэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «lэ → Δэ».

Лимиту щылъытэкlэ, абы икlи математикэу ″производня (дериватив)″ къызэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэщи, ″lэ″р мы къызэрыгъэлъэгъуар мыпхуэдэщ. Ар щыхъукlи, математикэ ″интеграл″рэ ″дифферэнциал″ лэжьыгъэхэми (*dt* → *d*э) теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ ″lэ″р. Ауэ мыбдежым зи гугъу тщlыр адыгэбзэ макъхэм ягъэзащlэ къалэнрэ мыхьэнэр математикэу къызэрыlуатэращ, мыхъумэ, ахэр математикэ термину зехьэнракъыми, нэхъри къыпытщэнкъым.

Функциал кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэкlэрэ (э) джырэ утыку къихьэр зы джыгъуэрэ джыпlэращ ″и″ри, ар ″зэман системэ″м иджрэ и ″абзсис″у утыку къихьэращ, икlи мыпхуэдэу утыку къихьэ ″геометрие системэ″м и ″ординат″ращ. Абы и лъабжьэр функциал зэманыгъуэу ″э″ращи, абы епхарэ пыщlауэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, ар щхьэжу лимитацэ зэрымыхъунур гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, ар хуиту къызэрlу щlыкlэр зэрыдэкъузэкlэрэ утыку къихьэ ″**lи**″р къызэрыlурэ зэрытхакlэрэ ″и″м и лимитацэ хуэдэу къытщыхъуми, ар ″и″м и лимитацэкъым, икlи зи гугъу тщlахэм къызэрыгуэкlкlэ ″и″м и лимитацэри игъуэкъыми, ″lи″р ″и″р щхьэжу зы абсолудыныгъэу зэрылъытэ щlыкlэращ. ″lи″ макъыр бзэми зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэщи, ″и″р а зэрыщыткlэрэ абсолудэу къызэрыгъэлъагъуэкlэрэ зыгуэрыр абы (и) зэрыхунэсрэ зэрытеухуауэ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэущ (зыlис). Аращи, дэтхэнэ гуэрэрэ джыныгъэр сытри зэрыджрэ джыгъуэу щыт ″и″м теухуауэ къызэрыгъэлъагъуэращ ″lи″р бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ″и″м къытехъукlа ″lи″р ″и″р а зэрыщытрэ зэрыритыжу зэрыгъэлъагъуэу ″и″м и абсолудыгъэущ математикэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэр: «lиl».

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, системэ абзсисыр лимитацэ ″lи″р ″и″м и лимитацэ хьукъым, икlи ″lи″р ″и″м и зы lыхьэракъыми, ″lэ″р ″Δэ″уэ зэрылъытапхъэм хуэдэу лъытапхъэкъым ″lи″р. Ауэ ″и″м къытехъуклa ″**й**″ макъыр ″и″м ипlэ иувэфрэ и эффект къалэн зыгъэзащlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьми зэрезэгъщи, ″й″р ″и″м и дифференциалуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «й → Δи».

″У″р зыужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэ макъыу зэрыщытым ипкъ иткlэ, дэтхэнэ ужьыгъуэ зиlэр зэрылъытэ макъращ. Ар (у) зэманыгъуэрэ (э) абы щыдж абзсисыгъэри (и) зыхэзыубыдэ зы геометрие мыхьэнэ зиlэращи, координат системэм къыщеклуэклыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщ. Ипэклэ математикэу къызэрыгъэлъэгъуа щlыклэми (*f(t)*) зэрезэгъщи, ар (у) координат системэхэм хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр зэманыгъуэрэ джыгъуэу зы функцэу зэрылъытэрэ къызэрыгъэлъагъуэ макъщ. Зыужьыгъуэрэ дэтхэнэ гуэрыр зы функцэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэ ″у″м и лимитацэри мы функцэм и зы lыхьэр зэрыгъэлъагъуэ мыхьэнэ зиlэ макъщ: «лимит ″у″ → lу».

Дэтхэнэ гуэрыр зы функцэу къызэрыгъэлъагъуэ ″у″м и лимитацэщ ″**lу**″ри, зы функцэм (у) мыпхуэдэ и зы lыхьэр (lу) зэрыгъэбэгъуэжклэрэ функцэм езыр (у) аргуэру утыку къызэрихьэжыфынури гулъытапхъэщи, ″lу″м и интегралклэрэ аргуэру ″у″ утыку къихьэжыфынщ: «интеграл ″lу″ → у». Мы къэтlуэтам езэгъыу жыlэпхъэщ адыгэбзэм ″lуэху″ псалъэр зэрыухуа щlыклэри, зы ″у″ лlэужьыгъуэрэ функцэр къыздынэса щlыплэм къыпыщэныгъэу, функцэр (у) къыздынэса lыхьэм (lу) функциалу клуэтэгъуэ (э) зэригъуэткlэрэ къызэрыпыщэу зэры″ху″р къызэрыlуэта щlыклэу (lу-э-ху) ухуа зы псалъэщ ″lуэху″р.

Мы псалъэр икlи ″lу″р зэманыгъуэклэ зэрызеклуэрэ зэрыху щlыклэ зи мыхьэнэуэ ухуа зы псалъэщи, ар ужьыгъуапlэ зэрихуэжым зэрезэгъклэрэ ″у″ лlэужьыгъуэу утыку къызэрихьэу, ″lу″м ″у″ къызэрытехъуклыжым зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Аращи, ″lу″ макъыр и мыхьэнэклэрэ зэрыхэткlэрэщ абы къытехъуклa псалъэм игъуэта мыхьэнэри, ар ″у″ макъ мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэ зы псалъэщ. Мы щапхъэми къызэригъуэлъагъуэу, и ″макъ мыхьэнэ″клэрэ ″lу″р икlи ″у″м и дифференциалуи лъытапхъэщ: «lу → Δу».

″lу″р ″у″м и зы lыхьэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″у″м хиубыдэ лъэныкъуэхэм (″э, и″; ″х, и″) я lыхьэхэри ″lу″м зэрыхибудэнур гурыlуэгъуэнщ: «″lу: Δу″щи, ари ″Δу: {Δэ, Δи}″рэ ″Δу: {Δх, Δи}″щ».

Мыбдежым щыпыщапхъэщи, математикэу зи гугъу тщlы мы терминхэр (п.п: дифференциалыгъэр) макъым и ″макъ мыхьэнэ″ращ зытеухуар, мыхъумэ, а макъым къытехъуклa ″макъ псалъэ″хэр мыпхуэдэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″lуэху″ псалъэми ″lу″р зэрыхэтыр и ″макъ мыхьэнэ″клэрэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″И″м и клуэтэгъуэу щыт ″**иэ**″р ″**е**″ тхыпкъклэщ зэрытха щlыклэри, ″зэман системэ″м теухуауэ ар абзсис (и) клуэтэгъуэу (э) зэрыщытыр

гулъытапхъэщ. Ауэ ″и″р ″зэман системэ″м и абзсису щытми, мы ″зэман системэ″м пыщlарэ елъытауэ ухуэ ″геометрие системэ″ми и ″ординат″уи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; икlи ″геометрие системэ″м щыдж дэтхэнэ гуэрыр къызэрыгъэлъагъуэ ″абзсис″ри ″и″уэ зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ. Абы и геометрие мыхьэнэхэр мыпхуэдэщ, ауэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьыну щlыклэр ″геометри системэ″м и ″абзсис″ыгъэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Араща, ″и″ клуэтэгъуэу щыт ″е(иэ)″р зы абзсисыгъэр зэрыклуатэ щlыклэр зэрылъытэ щlыклэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьынури, абы щхьэжу е къызпыхьэ псалъэхэм теухуауэ игъэзащlэр мыпхуэдэ мыхьэнэрэ къалэн зэригъэзащlэклэрэщ.

Ар (е: иэ) ″абзсис (и)″ клуэтэгъуэщи (э), дэтхэнэ гуэрыр (и) зэрыклуатэрэ (э) дэтхэнэ гуэрым (и) еклуэлlэныгъэрэ хуэклуэныгъэр (э) зэрылъытэрэ къызэрыlуатэущ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэр. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″и″клэрэ лъытагъэххэращ хуэклуэныгъэрэ еклуэлlэныгъэу (э) ″е(иэ)″м игъэзащlэри, ар зыхуэклуэрэ зэклуалlэр ″е(иэ)″р зэрыухуа ″и″ макъклэрэ лъытагъэххэщ.

Зы гуэрым (и) мыпхуэдэу зэрыхуэклуэр (э) зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ ″е(иэ)″р координат системэм къызэрыгъэлъэгъуапхъэ щlыклэри ″занщlэ клуэтэныгъэ″у (захуэ) зы ″функцэ линиер″ущ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, ″э″м елъытауэ джыр ″и″уэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, мы зи гугъу тщlы линиерыгъэр флэклыплэ имыlэу нобэ зетхьэ геометрие системэу щыт Евглид геометрием щылъытэ линиерыгъэу лъытэн хуейуэ зэрыщымытри гурыlуэгъуэнщ.

Зы ″функцэ линиер″ущ ″е(иэ)″р зэрыгъэлъэгъуапхъэри, ар щхьэжу бзэм щызэрызеклуэклэрэ къэlуатэ ″е″р системэ абзсисыгъэр зыми емылъытарэ пымыщlауэ ищхьэр зэрихь щlыклэу зэрызеклуэр къызэрыlуатэу флыкъым. Мыпхуэдэр къызэрыгъэлъагъуэрэ гурыlуэгъуэ зэрыхъу щlыклэщ ″ер, ем″ псалъэхэри.

Ауэ ″е″р щхьэжу псэлъитl зэхуакум къыщыдэхьэм деж, ″е(иэ)″м и ″и″клэрэ а псэлъитlым щыщу лъытэнур дэтхэнэрами мынаlуэу, зи зэхуаку дэт псалъэхэм зыр зым узэрыхигъадэ къалэн егъэзащlэр: «ар е мыр; абы е мыбы; уэ е сэ».

″Е(иэ)″р псалъэхэм къазэрыпыхьэ щlыклэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэщ: ипэ къызпыхьэ псалъэр зытеухуар (и) еклуэлlэныгъэрэ хуэклуэныгъэклэрэ гъэзэщlэплэм йоувэ (″е-уэн″ → еуэн); клэух зыхуэхъу псалъэ мыхьэнэр (и) а зэрыщыту зэрыклуатэклэрэ (э) гъэзащlэу, а псалъэ мыхьэнэр егъэлеяклэрэ зэрыгъэзащlэ мыхьэнэ утыку къохьэр (″уэ-е″ → уае). Къэтхьынщ тlуми теухуа щапхъэхэр: «еуэн, епсэлъэн, ещlэн, еклуэлlэн»; «ае; уае, псэлъае, щlыклае».

Зэрыгурыlуэгъуэу ″**е**″клэ тха зы макъ зэхэжыхьари ″**иэй**″щ. Мыри линие функцэу ипэклэ зи гугъу тщlа ″иэ″р ″и″ лъэныкъуэклэ (абзсисыгъэклэ) зэрыбагъуэу ухуэу гиперболикэ формэ зиlэ зы функцэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ зы функцэу щыт ″иэй″р бзэм зэрыхэлэжьыхь

щIыкIэр екIуэлIэныгъэрэ (иэ) джын (и) lуэхугъуэ зыхэзыубыдэущ. Бзэ лэжьэкIэу мыр суетым игъэзэщIэну lуэхум екIуалIэрэ ар зэриджыр утыку къизылъхьэ зы lуэхугъуэрщ. Мыбы теухуа щапхъэхэр ″занщIэ lуэху глагол″хэм и ещанэ нэрыбгэ лэжьэкIэм хыболъагъуэри, мыпхуэдэу ухуэ псалъэм и пэщIэдзэ макъыу (ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ) щыт ″е″р ″иэй″уэ зы макъ зэхэжыхьарщ: «щIэн → абы ″иэй″щIэ → абы ещIэ».

Макъ lуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) координат системэ зэрызэдаухуэр гурыIуэгъуэщи, абыхэм къатехъукIа макъхэми мы системэм теухуа къалэн зэрагъэзэщIэнури гурыIуэгъуэщ. Мы къэта щапхъэхэри мыбы теухуа зы щапхъэщи, зэрыухуа ″и, э″ макъхэм ягъэзащIэ къалэныр зыхэлъ макъ lуэр зэхэжыхьар ″е(иэ, иэй)″ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм теухуа щапхъэхэри къэтащ. Адыгэбзэ алфавитым мыбдежым ″иэ, иэй″ макъ зэхэжыхьахэр зэрытха ″е″ тхыпкъкIэ нэгъуэщI макъ lуэр зэхэжыхьахэри зэрытхар гурыIуэгъуэщи, мы зи гугъу тщIынухэри бзэ лэжьэкIэм мы ″иэ, иэй″ макъ зэхэжыхьахэм къызэрытехъукIари гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″иэ, иэй″ макъ зэхэжыхьахэр ″е″уэ зэрытхауэ мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, макърэ псалъэм къыкIэлъыкIуэ ″**эй, эйй**″ макъ зэхэжыхьахэри ″**е**″уэ зэрытхар гурыIуэгъуэщ.

Мыбыхэм (эй, эйй) ягъэзащIэ къалэнхэри ахэр зэрыухуа макъхэм (э, й) ягъэзащIэрэ я зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ: къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэр кIуэтэгъуэкIэрэ (э) зэрыджращ (й, йй). ″Е″кIэ тха макъ lуэр зэхэжыхьахэу щыт ″эй″рэ ″эйй″р зытеухуа функцэмрэ бзэм хагъэзэщIыхьри абыхэм хаубыдэ ″й″ макъ бжыгъэкIэ зэрызэщхьэщыкIынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы макъ lуэр зэхэжыхьаитIми бзэм хагъэзэщIыхьынур къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэхэр зэрыдашейкIэрэ ″и″ лъэныкъуэкIэ (й, йй) джын lуэхугъуэрщ. Макъ гуэрым къазэрыкIэлъыкIэуэкIэрэ тIуми я функцэ формэр ипэкIэ зи гугъу тщIа ″иэй″м хуэдэу зы гиперболикэу зэрыщытынури гулъытапхъэщ.

Мы макъ зэхэжыхьахэр (эй, эйй) бзэ лэжьэкIэм ″иэ, иэй″ макъ зэхэжыхьахэм къызэрытехъукIар ипэкIи жытIагъэххэщи, ахэр (эй, эйй) мы къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ щхьэж къэIуыкIэ зимыIэхэрщ; ауэ, ахэр къызтехъукIахэр мыхьэнэ зиIэ ″и″кIэ къежьэ макъ зэхэжыхьахэу (иэ, иэй) щхьэж къэIуыкIэ зиIэхэрщ, икIи мы я къэIуыкIэкIэщ (иэ, иэй) дэтхэнэ щIыпIэми зыкъыщагъэлъагъуэ щIыкIэр.

Зэрыгурыуэгъуэщи, ″и″м и мыхьэнэм ипкъ иткIэ, ар сытри (дэтхэнэ зы щыIэгъуэрэ джыгъуэм) зэрылъытэрэ сытми ипIэкIэ бзэм щызэрызекIуэр гурыIуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщIы макъ зэхэжыхьахэм хиубыдэ дэтхэнэ зы ″и″р щхьэж зы джыгъуэу зэрылъытапхъэр икIи зы макърэ псалъэми ипIэкIэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьахэр къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэр -мы зэрыжытIауэ- зы ″и″ лIэужьыгъуэу зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэнщи, мы ″макъ/псалъэ + эй″ е макъ/псалъэ + эйй″уэ гъэзащIэр псалъэхэм ищхьэм зыкъыщагъэлъагъуэ ″иэ″рэ ″иэй″м ягъэзащIэм зэрыхуэдэнури гулъытапхъэщ.

Ипэкlэ ″иэ″р ″и″ лъэныкъуэкlэ къежьэу зы линиер функцэу зэрытлъытар дигу къэдгъэкlыжмэ, ″эй″ри ″э″ лъэныкъуэкlэ къежьэ зы линиер функцэу лъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″иэ″р координат системэм еуэкlрэ еутхэкlыу лъытапхъэмэ, ″эй″ри дэуейрэ дэутхейуэ лъытапхъэщ. Мы зэрытлъыта щlыкlэр математикэ терминкlэ жытlэмэ, щхьэжу ″эй″р ″пулсив″ функцэ формэ зиlэрщ. Нытlэ, я къежьапlэр (зыр абзсису ″и″ лъэныкъуэу, адрейри ординату ″э″ лъэныкъуэу) зэщхьэщыкlми, ″иэ″мрэ ″эй″м я функцэр зэхуэдэ характеру зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlэрэ, ″эй″м ипэ къихуэ макъкlэрэ ″эй″м игъэзащlэ екlуэлlэныгъэ ″й″ лъэныкъуэкlэ зэрыдэшейуэ зэрыгъэзащlэр гулъытапхъэщи, зы гиперболикэ функцэ щlыкlэкlэрэщ. ″Иэй″мрэ ″эйй″ри зэхуэдэу гиперболикэ функцэ формэ зэриlэхэу зэрыщытынури гулъытапхъэщ; ауэ, ″иэй″м елъытауэ ″эйй″м и гиперболыгъэр ″и″ лъэныкъуэкlэ (йй) нэхъ укъуэнша гиперболыгъэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, абы (эйй) мы и гиперболыгъэкlэрэ къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм екlуэлlэныгъэ (эй) зэрыхуигъэзащlэм нэмыщl икlи джыгъуэи (й) зэрыхуигъэзащlэр гурыlуэгъуэщ.

Дауэми, ″иэ, иэй″ макъ зэхэжыхьахэм бзэ лэжьэкlэу къатехъукlа ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьахэм бзэм хагъэзэщlыхьыр зэхуэдэ lуэхугъуэщ. Ауэ, мыпхуэдэ зы lуэхугъуэр щыгъэзащlэкlэ, ″иэ, иэй″м хиубыдэу ″и″кlэрэ лъытар нэгъуэщl макъкlэ (къе(*эй*)-лъэн, къе(*эйй*)-щlэ) -е псалъэкlэ-зэрылъытэу гъэзащlэ екlуэлlэныгъэр зыхуэджри ″и″кlэрэ къыхэгъэщын хуей зэрыхъуу лъытапхъэщи, езым ипэкlэ макъ гуэр къыпыхьэу екlуэлlэуныгъэ зыгъэзащlэ ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьахэм ягъэзащlэ мы екlуэлlэныгъэр ″и″ лъэныкъуэу нэхъри мэукъуэншыр.

Мы къэтlуэтахэм зэрыхэплъагъуэщи, макъ lуэр зэхэжыхьахэм ягъэзащlэр абы хиубыдэ макъхэм ягъэзащlэ къалэнымрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэращ зэлъытар. Щхьэж макъ lуэрхэр ягъэзащlэ геометриекlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыым хуэдэщ макъ lуэр зэхэжыхьахэри бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри, абыхэм бзэм хагъэзэщlыхьыр абыхэм хиубыдэ макъ lуэрхэм ягъэзащlэрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэм елъытащ. Икlи зэрыжытlауэщи, щхьэж макъ lуэрхэм ягъэзащlэ геометрикэ къалэнхэр математикэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэм хуэдэжу, макъ lуэр зэхэжыхьахэми ягъэзащlэ геометрикэ къалэнхэри математикэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэри гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэр мыбыхэм теухуа щапхъэхэрщ. Икlи, щхьэж макъ lуэрхэмрэ макъ lуэр зэхэжыхьахэм ягъэзащlэ геометрие къалэнхэм зэрезэгъкlэрэщ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри, ахэр зыхэт псалъэхэм я геометрие функцэхэри математикэу зэрыптхыфынури гурыlуэгъуэнщ.

″И″мрэ ″и″ кlуэтэгъуэ ″е(иэ)″м и куэдагърэ жыжьагъэр ″**я**″ тхыпкъкlэщ зэрытхари, абы и геометрие къалэнри абы хиубыдэ макъхэм я къалэнымрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэм зэрелъытар гурыlуэгъуэщ: «я(**иа**)″р ″и″м и куэдагъ – жыжьагъ – блэкlагъыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ»; «″я(**еа**)″м хиубыдэ ″е″р

″иэ″уэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, ар ″иэа″уэ зэlухыпхъэщ; ″а″р ″э″м и куэдагъэу зэрыщыткlэрэ ″эа″ри щхьэжу ″а″уэ зэрылъытапхъэу, ″еа → иэа″р ″иа″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ари ″я(иа)″м зэрыхуэдэр гурыlуэгъуэщ».

″Э″кlэрэ къэlу макъым ″у″ къыкlэлъыкlуэу, бзэ лэжьэкlэу игъуэ щыхъум ″э″мрэ ″у″ зэкlэлъхьэужьыкlэр псынщlэрыlукlэрэ къэlуу утыку къихьа макъ зэхэжыхьащ ″**о**(**эу**)″ри, къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр кlуэтэрэужьыкlэу зэрылажьэр зэрылъытэу бзэм къигъэщlауэ хэтщ. Абы хиубыдэ макъхэр зэрызэкlэлъхьэужь щlыкlэрэ зэрызэхэжыхьауэ къызэрыlум гурыlуэгъуэ къищlри зэман ужьыгъуэ (зэман ужьыгъуэ щlыпlэу) зэманыр щыужь дыдэращи, мыри ″иджы″ дыдэм къыщекlуэкlыу ит зэманыгъуэр зэрыигъуэкlэрэ къызэрыlуатэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

″О″ макъыр къызэрыхъуа щlыкlэр функциал зэманрэ (э) ужьыгъуэ (у) макъхэр зэрызэхэжыхьакlэрэщ къызэрыхъуари, абы гурыlуэгъуэ къытхуищlыр функциал зэман ужьыгъуапlэращ. ″О″мкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъур ит зэманыгъуэращи, абдежыр джыгъуэрэ джыпlэ зэманыгъуэращ. Ипэкlэ функциал зэманыгъуэрэ кlуэтэгъуэу (э) щымытыр абы елъытауэ ″а>э<а″уэ къызэрыгъэлъагъуэм хуэдэжщи, ит зэманыгъуэу щымытри зы жыжьагъэу ″а″уэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, мыпхуэдэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «а>о(эу)<а».

Мыр блэкlарэ къэкlуэну зэманыгъуэр ит зэманыгъуэу зэрыщымыткlэрэ абы зэрыхуэпэжыжьэр къызэрыгъэлъагъуэращ. Ауэ блэкla зэманыгъуэмрэ къэкlуэну зэманыгъуэ зэхуакуу щытщ ит зэманри, ар зэрыгъэлъагъуэ ″о(эу)″р икlи ″блэкla зэман гъэлъагъуэ (а)″мрэ ″къэкlуэну зэман гъэлъагъуэ (у)″ макъхэми я зэхуакууи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «а>о(эу)<у».

″Зэман системэ″м и дэтхэнэ зы лъэбакъуэуи лъытапхъэ и итыпlэр зы джыпlэщи, зэман системэм иджу утыку къихьэ абзсискlэрэ (и) зы щыlэгъуэрэ ″геометрие системэ″ зэрыухуэр гурыlуэгъуэщ. ″О(эу)″м гурыlуэгъуэ къытхуищlыр зэман системэм мы зэрыджращи, мы джыгъуэкlэрэ щыlэгъуэ системэр утыку къызэрихьэрэ зэрызекlуэр, щыlэгъуэ жыхуэтlэр сытым щыгъуи зы итыпlэ зэриткlэрэ зэрыщыlэр, щыlэгъуэр зы системэу сытым щыгъуи утыку зэритрэ увыlэгъуэи зэримыlэкlэрэ джыурэ зэрызэпкъырылъыр зэман (э) ужьыгъуапlэу (у) щыт ″о(эу)″кlэрэ къызэрыlуэтапхъэр зэрыигъуэри гулъытапхъэщ. Аращи, а джыпlэм щыджкlэрэ утыку къихьэ геометрие системэм дэтхэнэ гуэр зэрыджрэ джарэ утыку къихьар аргуэру зэрыджыжу, щыlэрэ щыlэгъуэр зэрызекlуэр ″о″кlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ: ″о(эу)″р геометрие системэм теухуа абзсисыгъэри утыку къызэрихьэ щlыпlэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, абдежыр джыгъуэрэ джыпlэу щыт абзсисыр утыку къыздыщихьэращ.

Нытlэ, адыгэбзэм ″о(эу)″ макъыу ит зэманыгъуэ гъэлъагъуэр зэман системэр зэрыджрэ зыгуэр къыздыщыхъу оригину зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ар геометрие системэри зыщыдж оригину

зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъащи, *"оригин"* псалъэм и япэрей макъыу щыт *"о"*кIэрэ зи гугъу тщIы системэхэм я зэпкъырылъыпIэрэ я джыпIэр математикэу къызэрыгъэлъэгъуам хуэдэжщ адыгэбзэм и "о" макъми къигъэлъагъуэр. ИкIи "оригин" псалъэм и мыхьэнэри "о"кIэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. - Абыдежыр къежьапIэу зэрыщыткIэрэ математикэкIэ зы бжыгъэуи "0"кIэ зэрыгъэлъагъуэри гурыIуэгъуэщ.

Ауэ, адыгэбзэ макъ lуэрхэм я къежьапIэу макъыгъуэрэ макъ геометриер зэрыухуэм лъабжьэрэ оригин хуэхъу "ы" макъыр ит зэманыгъуэ гъэлъагъуэу бзэм хэлэжьыхь "о(эу)"м ипэIуэкIэ къэхъуарэ икIи ари къызтехъукIа лъабжьэу зэрыщыткIэрэ "ы"р "о"м елъытауэ нэхъ оригинып Iэ лъабжьэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, макъхэр утыку къызэрихьэрэ бзэр зэрыухуэр щыIэгъуэ къэхъуныгъэрэ ухуэныгъэм и зы моделу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, абы и оригин "ы"р ар утыку къызэрихьэ оригину зэрыщыткIэрэ, "зэман" жыхуэтIэ функциал кIуэтэгъуэри утыку къызэрихьэми лъабжьэ хуэхъуращи, зэманыгъуэ ужьыпIэрэ джыпIэу лъытапхъэ ит зэманыгъуэри (о) къызэрыхъуам лъабжьэрэ оригин хуэхъужыр "ы"уэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

## "Макъ щэху"хэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм "макъ lуэр" геометрикэхэм зэрелъытапхъэрэ "екIуэлIэныгъэ" зэрызыхуаIэ щIыкIэхэм теухуауэ

Макъ lуэр лъабжьэхэм (ы, э, и, у) макъыгъуэрэ макъ корпусу зы геометрие зэраухуэр икIи мы геометриер зы координат системэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ зы координат системэри "зэман координат систмэ"мрэ щыIэгъуэ "геометрие координат системэ"м зэрытеухуэр гулъытапхъэщ. Мы системэхэр математикэ терминхэмкIэ зэрылъытэ щIыкIэм хуэдэщ адыгэбзэм и макъ lуэрхэри, мы системэр зэрыухуа макъ lуэр лъабжьэхэм къатехъукIыж макъ lуэрхэри къызтехъукIа макъ lуэр лъабжьэхэм я зы lыхьэрэ я зы щIыкIэр утыку къызэрыралъхьэм ипкъ иткIэ, абыхэми макъ lуэр лъабжьэхэм утыку къырагъэхьа системэм теухуа зы геометрикэ lыхьэ къызэрагъэлъагъуэрэ зэрытеухуари гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ къалэнрэ мыхьэнэкIэрэщ макъ lуэрхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри, абыхэм ягъэзащIэр зы геометрикэ lыхьэрэ къалэнщ.

Макъ lуэр лъабжьэхэм зы геометрие координат системэ утыку къыщырагъэхьэм деж, ар щыIэгъуэ координат геометрие системэм зэрытеухуэнур, икIи щыIэгъуэр утыку къызэрихьа зэман ужьыгъуэм теухуа зэман координат системэм зэрытеухуэнури гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэуэ зэхущытыкIэ зиIэ макъхэмкIэрэ ухуа бзэм утыку къырилъхьэ логием мы системэр цIыхум гулъытэ зэрыхуищIынури гулъытапхъэщ. Аращи, цIыхум къигъэунэхуа математикэ щIэныгъэм лъабжьэ хуэхъури

абы хуэухуа мыпхуэдэ зы бзэращи, мыпхуэдэ зы бзэри зы макъыбзэу зэрыщытын хуейри гурыIуэгъуэнщ.

ЩыIэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыIэу абы хэтыр мы зи гугъу тщIа системэхэращ зыхэтрэ зыщыщри, щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэ дэтхэнэ гурым хуэдэжу, макъхэми я щыIэгъуапIэр мы системэхэращ. ИкIи макъхэм я геометриер мыпхуэдэу щыухуэкIэ, абы дэтхэнэ зы макъри зыхиубыдэнур гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы макъым мы макъыгъуэ корпусым теухуауэ зы къэхъупIэрэ щыIэпIэ зэриIэнури гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, макъыгъуэрэ макъ геометриер зыухуэ макъ lуэр лъабжьэхэмрэ абыхэм къатехъукIыжу геометрикэ къалэнрэ мыхьэнэ зиIэ макъ lуэрхэм нэмыщI, макъ щэхухэм я къэхъупIэрэ щыIэпIэри макъыгъуэу тлъытэ мы геометриеращ. Зэрыгурыуэгъуэу, макъ щэхухэри мы геометрием щыщрэ утыку къыщихьэри мы геометриеращ. Ар щыхъукIи, ахэр мы геометрием утыку къыщихьэрэ къызэрихьэм елъытащ абыхэм ягъуэт мыхьэнэрэ къалэнхэри, ахэр утыку къыздыщихьэ щIыпIэри зы макъ lуэрым къигъэлъагъуэ геометрием теухуарэ екIуэлIэныгъуэ иIэу лъытапхъэщ. НытIэ, макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэныр зы макъ lуэрым и геометрикэ къалэнрэ мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ; нэхъ игъуэу жыIэпхъэмэ, дэтхэнэ зы макъ щэхур - а нэхъ мащIэу- зы макъ lуэрым и геометрикэм математикэу ″хуэкIуэныгъэ, екIуэлIэныгъэ″ зиIэу лъытапхъэщ.

Макъ щэхухэр нэхъыбэу мыхьэнэ зиIэ макъхэращи, мыбыи и лъабжьэр ахэр щыIэгъуэ геометрием зэрытеухуащ. Ар щыхъукIи, макъ щэхухэр зытеухуа макъ lуэр геометрикэхэм я гугъу щытщIым деж, зи гугъу тщIыр щыIэгъуэ ″геометрие координат системэ″м зэрытеухуакIэрэщ. Аращи, мы лэжьыгъэкIэрэ зи гугъу тщIы системэр ″зэман системэ″ракъым; ауэ игъуэр къэсрэ абыи и гугъу щIыпхъэ щыхъум деж, ари къыхэдгъэщу лэжьыгъэр едгъэкIуэкIынщ.

Зэрыгурыуэгъуэу, макъ lуэрхэм ягъэзащIэр я геометрие къалэнрэ мыхьэнэкIэрэ лэжьэнращи, макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ lуэрхэмкIэрэ къэIу макъдэкIуашэр къыздыщыIу щIыпIэри а макъзешэр зытеухуа геометрикэ lыхьэм дежращ. Ауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа lуэхугъуэр макъ щэхурэ макъдэкIуашэхэми макъ геометрием зы щIыпIэм теухуа мыхьэнэ зэраIэращи, а щIыпIэри зы макъ lуэрым и геометрикэ мыхьэнэрэ къалэным теухуарэ зэрыхуэкIуэращ. Зэрыгурыуэгъуэщи, мыри макъ щэхухэр зэрызэлъыта щIыкIэкIэ утыку къызэрихьаращ зэлъытар.

НытIэ, макъ lуэрхэм утыку къызэргъэхьа геометриемрэ геометрикэ мыхьэнэрэ къалэнхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, дэтхэнэ зы макъ щэхур къызэрыхъуа щIыкIэу и мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зытеухуэу екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу лъытапхъэ макъ lуэрым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэм икIи макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр зэрызэкIуалIэрэ зэрызэщхьэщыкIыу я зэхуаку дэлъ зэлъытэныгъэми щыгъуазэ дызэрыхуищIынур гулъытапхъэщ.

Япэрауэ дэтхэнэ зы макъыр дэтхэнэ зы гуэру щыlэгъуэ геометрием, икlи зы макъыу зэрыщыткlэрэи макъ геометрием щыджращи, зы ″абзсису (зы макъыу макъыгъуэм щыджрэ щыlэгъуэ зыгъуэт зы ″абзсис″у) зэрылъытапхъэкlэрэ ″и″м теухуауэ утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэнщ. Зы абзсису утыку къыщихьэкlи, мы системэм щыlэгъуэ зыгъуэта зы функцэу ″у″уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ мыбдежым ди lуэхур макъ щэхухэм дэтхэнэ зыр и къэхъукlэкlэ зытеухуарэ зэкlуалlэ макъ lуэрхэр къэгъэунэхунращи, утыку къызэрихьа зэкlэлъхьэужьыкlэм дытету дэтхэнэ зы макъ щэхум мыпхуэдэ щlыкlэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыри дэтхэнэ зы макъ щэхур и оригинал мыхьэнэкlэрэ утыку къызэрихьэ щlыкlэм теухуауэщ къызэредгъэкlуэкlынури, дэтхэнэ зы макъыр ″ы″кlэрэ къэlуущ, мыхъумэ, нэгъуэщl макъзешэкlэ зэрылажьэракъым зи гугъу тщlынухэр. Аращи, зы макъ щэхур оригиналу утыку къызэрихьэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ и мыхьэнэрэ къалэныр зытеухуэрэ зыхуэкlуэ макъ lуэрым щыгъуазэ хуэхъунращ къытпэщыт lуэхури, макъ щэхурэ дэкlуашэхэр нэгъуэщl макъзешэхэмкlэ щешажьэкlэ а макъзешэм и геометрикэм зэрыджынурэ щылэжьэнури гурыlуэгъуэщ.

*

Мыпхуэдэ лэжьыгъэри япэрей макъыу утыку къихьа ″**м**″ым деж къыщыщlэддзэнщ. Япэрей макъ щэхуу къэхъуауэ лъытапхъэрэ икlи ″ы″кlэрэ япэ къэlуу утыку къихьа ″м″ макъыр ″зыгуэрыр а зэрыщыткlэрэ гурыlуэгъуэ зыщl″ макъщи, ар мыпхуэдэу ″оригин гулъытэ зыщl″ макъыу, ″ы″м и къалэным теухуэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ. Мыр икlи ″м″ыр зы макъ щэхуу япэу къызэрыхъуами езэгъ lуэхугъуэщ.

Ауэ, ″м″ым къыкlэлъыкlуэрэ къыхэхъукlауэ утыку къихьауэ лъытапхъэ ″**н**″ макъыр ″м″ыкlэрэ мы гурыlуэгъуэ хъуам теухуауэ гъэзэщlапхъэмрэ хуэкlуэныгъэр зэрылъытэ макъыу, ″э″м и къалэным екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ. ″М″ымрэ ″н″ым мы я зэхущытыкlэр икlи ″ы″мрэ ″э″м я зэхущытыкlэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ.

″Н″ыр ″м″ым къытехъукlа макъыу лъытапхъэщи, ахэр зы макъ гупщ. Ауэ макъ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэу, ″м″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа макъыр ″**хь**″ макърауэ лъытапхъэщи, ар (хь) ″м″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ къызхуэхъуам езым зыкъызэригъэлъагъуэ макъщ. Икlи, а гурыlуэгъуэ къыхуэхъуамрэ езыр абы зэрызэхущытрэ зэрызэхуэкlуэр зэрылъытэращ ″хь″ макъри, и къэхъупlэм япэ къыщыхъуа макъыу щытми, къызкlэлъыкlуэ ″м″ макъыр ″ы″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэм езэгърэ къыкlэлъыкlуэу, ″хь″ макъ мыхьэнэр ″э″ макъым игъэзащlэ къалэным екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи лъытапхъэщ. ″Э″м мы и екlуэлlэныгъэр щыlэгъуэ геометрие системэм щыгъэзащlэ кlуэтэгъуэу (э) зэрыщытри гулъытапхъэщ.

*

Макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlымкlэ зэрыунэтlынум къежьапlэ хуэхъур ″**къ**″ макъым и къэхъуныгъэращ. Ар къыздыщыхъуа тэмакъыр икlи макъ

къэхъуныгъэ платформэ зи мыхьэнэуи зэрылъытапхъэм зэрезэкlэрэ, абдежыр макъ къэхъуныгъэм и ужьыгъуэ къежьапlэу зы оригинып lэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Мы макъ къэхъупlэм къыщыхъуа макъ закъуэращ ″къ″ыри, абыдежыр икlи ар къыздыщыхъуа оригинщ. Къыздыщыхъуарэ мы къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъ lуэхугъуэщ ″къ″ макъым и мыхьэнэри, ар къежьапlэр зэрылъытэ макъыу ″ы″м и къалэным екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Къежьапlэрэ къэхъупlэ зи мыхьэнэ ″къ″ макъыр оригиналыпlэ нэхъыщхьэу лъытапхъэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэм нэмыщl, зэман (э) ужьыгъуапlэу (у) щытрэ сытри зыщыджу утыку къыздыщихьэрэ щыlэгъуэр зэрыщыlэкlэрэ зэрызекlуэ итыпlэу оригин къалэни зиlэ ″о(эу)″ми екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэнури гурыlуэгъуэнщ.

Къежьапlэр икlи кlуэдыпlэу зэрыщытыр, ауэ къежьапlэр зы позитивыгъэ (хъуныгъэ - хэхъуэныгъэ) щlыпlэу щыт щхьэ, кlуэдыпlэр зы негативыгъэ (мыхъуныгъэ - хэщlыныгъэ) щlыпlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Къежьапlэу оригин (ы) екlуэлlэныгъэ зиlэ ″къ″ макъыр ищхьэ къыпыхьэ макърэ псалъэр къежьапlэ игъуэту мэлажьэ; ″къ″ыр кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэри мыхъуныгъэрэ кlуэдыпlэм хуокlуэр. Кlуэх зыхуэхъур кlуэдыпlэм зэрыхуишэ щlыкlэкlэ игъэзащlэ къалэныр ″lы″м зэрытеухуэр гурыlуэгъуэнщи, адыгэбзэм ″lы″мрэ ″къ″ыр кlуэдыпlэ зыгъэзащlэу зэхуэдэ къалэнкlэрэ зэрыхэлэжьыхьри гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу утыку къихьарэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″къ″ макъым и ужьыгъуэ иужькlэ къытехъукlыжа макъыр ″**къу**″ращи, ар къэхъур (къ) къыздыщыхъум (оригин: ы, о) хэужьыкlыныгъэу (у) утыку къызэрихьэр зэрылъытэ макъщ. Мыпхуэдэу утыку къызэрихьарэ къызэрыlуэта щlыкlэми гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, ″къу″м и мыхьэнэр ″у″м зэрекlуалlэрэ зэрытеухуэри гулъытапхъэщ.

Тэмакъым къыщыхъуа ″къ″ым къыкlэлъыкlуэ макъ къэхъупlэм къыщыхъуащ ″кхъ″ макъри, абдежри зы макъ къэхъупlэ зэрыхъуам зэрезэгъкlэрэ зы оригиналыпlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, мыпхуэдэу утыку къихьа ″**кхъ**″ макъ мыхьэнэри ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. ″Кхъ″ым и ужьыгъуэу иужькlэ къытехъукlыж ″**кхъу**″ри зы джыгъуэрэ ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэрэ ″и″рэ ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ.

Макъ къэхъуныгъэр тэмакъ нэужьу жьэ кlуэцlымкlэ зэрыунэтl щlыкlэу ″кхъ″ым къыкlэлъыкlуэ зы щlыпlэри къэхъупlэ зыхуэхъуар ″**хъ**″ макъращ. Абдежри мы макъым къэхъупlэ зэрыхуэхъуаклэрэ зы оригинып lэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, мыбдежым утыку къыщихьа ″хъ″ макъри зэкlуалlэрэ зытеухуэ макъ lуэрыр ″ы″рауэ лъытапхъэщ. ″Хъ″ыр икlи дэтхэнэ зы лъабжьэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщи, щыlэгъуэр щыджу щыт зэман ужьыгъуэ (эу) итыпlэри (о) щыlэгъуэр зэрызекlуэ лъабжьэу зэрыщыткlэрэ ″хъ″ыр икlи ″о(эу)″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэм и джыпlэ ″о″м нэмыщl, къэхъур

къыздыщыхъум и лъабжьэр зэрылъытэ ″хъ″ макъыр икIи щыIэгъуэр зыщыдж (и) системэу (и-системэ) щыIэгъуэ геометрие ординат къалэн зиIэ ″х″ыми екIуэлIэныгъэ зэрызыхуиIэнури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ ″х″ыри къызтехъукIа мы ″хъ″ыр ″и-системэ″м и ординат къалэн зиIэу ″х″ыми лъабжьэ хуэхъужу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщи, ар зы джыгъуэу (и) зыщыдж зэман системэри ″хъ″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Араща, къэхъур къыздыщыхъурэ къызтехъукI дэтхэнэ гуэрыр ″хъ″ыкIэрэ лъытапхъэщи, къыздыщыхъурэ утыку къыздыщихьэр дэтхэнэ системэуи щырет, дэтхэнэ зы лъабжьэр ″хъ″ыкIэрэ лъытапхъэщ, икIи дэтхэнэ зы лъабжьэ мыхьэнэ зиIэри зы ″хъ″ лIэужьыгъуэу, ″хъ″ыр дэтхэнэ зы оригинрэ лъабжьэ мыхьэнэрэ къалэн зиIэ геометрикэ IыхьэмтеухуэмыхьэнэзиIэрщ.

Мы псалъэхэм къыкIэлъыкIуэу пыщапхъэщи, дэтхэнэ зы лъабжьэрэ оригиныпIэр ″хъ″ лIэужьыгъуэу зэрылъытэкIэрэ абы къытехъукIрэ къытеужьыкIыр ″хъ″ ужьыгъуэщи, ″хъ″ыр ″у″кIэрэ къэIуу утыку къихьэ ″**хъу**″ макъым и мыхьэнэри мыращ. Мы къызэрыхъум щIыкIэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″хъу″р занщIэу ″у″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ, занщIэу зы ″у″ лIэужьыгъуэщ; ар (хъу) зы лъабжьэрэ оригиным (хъ) къытехъукI ужьыгъуэр (у, хъу) къызэрыIуатэ макъ мыхьэнэуэ ″у″м и мыхьэнэм теухуащи, икIи ар нэхъыфIыжу зэрылъытэ макъ мыхьэнэи зиIэрщ.

″Хъ″ макъым къыкIэлъыкIуэ макъ къэхъупIэм къыщыхъуари ″**гъ**″ макъращи, ари щхьэж къэхъупIэ зиIэжу зы оригиныпIэм къыщыхъуа макъыу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ, ″гъ″ым и мыхьэнэри лъабжьэрэ оригин мыхьэнэуэ, ″ы″м и къалэным хуэкIуэныгъэ зыхуиIэрэ теухуэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. ″Гъ″ макъым и мыхьэнэр щыIэгъуэ зиIэр зэрызекIуэну лъабжьэрщи, абы и кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэм къытехъукI ″гъэ″р щыIэгъуэ зиIэр зэрызекIуэр зэрылъытэращ. ″Гъэ″м и мыхьэнэкIэрэ гъэзащIэ мы зекIуэныгъэр къыщыувыIэри ар ″ы″м зэрехыжу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, псэущхьэхэм –нэхъыбэуи цIыхум- теухуа ″гъын″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищыIыр мыращ. Араща, ″гъ″ыр занщIэу бзэм ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукI макъыу лъытапхъэщи, ар бзэм зэрыхэхьа щIыкIэр ″гъэ″м игъэзащIэ мыхьэнэрэ къалэныр къызэрыувыIэрэ зэрехыжыр (гъэ-ы) къызэрыIуатэу ″гъын″у лъытапхъэщ.

″Гъ″ макъми и ужьыгъуэ (у) макъыу иужькIэ къытехъукIыжа ″**гъу**″ри ″гъ″ым игъэзащIэ лъабжьэ мыхьэнэм и ужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэрщи, ар щыIэгъуэ зыгъуэтынур щыджыну оригиныпIэр зэрылъытэ макъщ. ″Гъ″ым лъабжьэрэ оригиныпIэ ″ы″м екIуэлIэныгъэ зэриIэм хуэдэу лъытапхъэщ ″гъу″ми екIуэлIэныгъэ зыхуиIэри, мыпхуэдэ лъабжьэм зэрызиубгъум теухуауэ лъытапхъэщ. Мы зыубгъугъэр лъабжьэрыубгъугъэу, щыIэгъуэ зыгъуэтынум и лъабжьэр зэрыгъэхьэзыру лъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ зыгъуэтынур зыщыджыну оригиныпIэр зэман (э) ужьыгъуэу (у) щыт ит зэманыгъуэращи (о), ″гъ″ым и ужьыгъуэ ″гъу″р джыпIэрэ итыпIэ оригин

къизыIуэ ″о(эу)″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″гъ″ым и ужьыгъуэу щыт ″гъу″р джынурэ зы абзсисыгъэ зыгъуэтынум и лъабжьэр зэрыгъэхьэзырыр зэрылъытэ макъыу, щыIэгъуэ системэр зэрыджым лъабжьэ хуэхъу зэман системэм теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэ зыгъуэтынур зыджыну зэман ужьыгъуэ итыпIэрэ (о) оригиныпIэу щыт ″гъу″р щыIэгъуэ геометрие системэм занщIэу теухуа мыхьэнэ зимыIэ макъыу лъытапхъэщ. Ауэ абдежыр щыIэр зэрыджынурэ зыщыджыну лъабжьэр зэрыгъэхьэзыр оригиныпIэу, геометрие системэмрэ абы щыджынурэ щыIэгъуэ зыгъуэтынуми лъабжьэрэ пIэ хуэхъур зэрылъытэращи, абы (гъу) и кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэкIэрэ (э) утыку къихьэу къытехъукIыр ″гъуэ″ращ. Дэтхэнэ зы щыIэгъуэм зы ″гъуэ″ иIэщи, ар утыку къыщихьэну джыпIэрэ итыпIэри (о), ар джырэ щыIэ зэрыхъу щIыкIэри зы ″гъуэ″ зэригъуэткIэрэщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″гъу″р геометрие системэм теухуауэ гурыIуэгъуэ мыхьурэ, абы и лъабжьэу зэман системэм теухуами, абы зэманыгъуэкIэрэ къытехъукI ″гъуэ″р геометрие системэм щыджынурэ щыджым теухуауэ лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэрщ. ″Гъуэ″р дэтхэнэ щыIэ гуэрым лъабжьэрэ итыпIэ хуэхъуращи, ар (гъуэ) геометрие системэм {х, и} зы ″абзсис″ыгъэу (и) утыку къыщихьэращ. Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр геометрие системэм щыдж абзсису лъытапхъэщи, мыпхуэдэу ″и″р пIэ зэрыхуэхъукIэрэ утыку къихьэр зэрылъытэращ ″гъуэ″р. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″гъуэ″р щыIэгъуэр зыщыдж лъабжьэу ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ, икIи геометрие системэм щыджым лъабжьэ хуэхъуу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мы системэм и ординат ″х″ми екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ. Ауэ щыIэгъуэ зиIэр икIи зы функцэу (*f*(х)) зэрылъытэкIэрэ ″гъуэ″р икIи зы ″у″ лIэужьыгъуэщ (″*f*(х)″р икIи ″и = *f*(х)″уи зэрылъытэр гурыIэгъуэщ).

ИкIи пыщапхъэщи, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм пIэ хуэхъуу тлъытэ ″гъуэ″р зы ″функцэ волная″уи лъытапхъэщи, апхуэдэ функцэм зы валор зэригъуэткIэрэщ щыIэ хъунум ипIэр игъуэту щыIэгъуэ зиIэу утыку къызэрихьэр. Аращи, абдежыр (гъуэ) пIэ зыхуэхъур зэрылъытэкIэрэщ дэтхэнэ гуэрым и ″щыIэгъуэ″р зэрылъытэрэ къызэрыIуатэр (щыIэгъуэ, гурыIуэгъуэ, lуэхугъуэ, щIэгъуэ). Дэтхэнэ щыIэ гуэрым пIэ хуэхъур ″гъуэ″ращи, зы ″гъуэ″ зыгъуэтрэ зи ″гъуэ″р haIуэ хъуаращ ″щыIэгъуэ″ зыгъуэтрэ щыIэгъуапIэм иувэр. ″Гъуэ″р системэ джыпIэ ″и″м щыджрэ утыку къыщихьэу щыIэ хъум пIэ хуэхъураща, пIэ зыхуэхъунур haIуэ зыщIпсалъэри ″игъуэ″кIэщ къызэрыIуатэр. ″Игъуэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр зытеухуарэ зы джыгъуэу (и) щытыр цIэимыIуэкIэрэ къызхэщ ″гъуэ″ращи, ″игъуэ″ къэсар езым хуэIуа ″гъуэ″кIэрэ щыIэ зэрыхъунур къызэрыIуатэращ: ″игъуэ″ къэсыр джырэ ″гъуэ″ зыгъуэткIэрэ зы щыIэгъуэ игъуэту щыIэ мэхъур.

*

″Ы″м хуэкlуэныгъэу тэмакъыр зи къэхъуплэу утыку къихьа ″къ″ макъым иужькlэ бзэгу гущlыlум къытехъукlыжа ″**кl**″ыр ″къ″ макъ мыхьэнэм елъытарэ теухуауэ зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ ″къ″ыр зыхуэкlуэ ″ы″м къыкlэлъыкlуэ кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ къалэн зыгъэзащlэ ″э″м хуэкlуэныгъэ зыхуиlэну макъыу лъытапхъэщ. Аращи, ″кl″ыр зы къэхъуплэм (къ → ы) зэманыгъуэкlэрэ (э) утыку къихьэу джыр (и) зэрылъытэ макъщи, ар икlи мыпхуэдэ зы джыгъуэу ″и″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу, щхьэжу ″эй″р зы ″пулсив″ функцэу зэрылъытапхъэми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ. Зэманыр зи ординат ″э-системэ″м мыпхуэдэу щылъытапхъэ ″кl″ыр ″и-системэ″м икlи ″х″ыуэ щызэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, а системэм щызекlуэу къыхэхъукlрэ джыри зэрылъытэрэ къызэрыlуатэрщ (хэкlын, хадэхэкl). Зы къежьапlэр зи къэхъуплэу (къ) утыку къихьэр ″кlын″ lуэхугъуэщи (къэкlын), мыпхуэдэу зэманкlэрэ къэхъур зэманкlэрэи (э) къызэрыувыlэрэ зэрыухынури (кlэ) зэрылъытэрщ. Зэхуэдэу лъытапхъэ мыхьэнэкlэрэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм хэту нобэ ″кl″ыр къызэрыlу щlыкlэу щыт ″**чl**″ макъри ″кl″ым къытехъукlыжауэ лъытапхъэ макъщи, ари ″кl″ыр зэкlуалlэрэ зытеухуэ геометрием екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ.

″Кl″ макъым и ужьыгъуэу утыку къихьа ″**кlу**″ макъ мыхьэнэри ″кl″ыхэр – а нэхъ мащlэуи ″кl″итlыр- зэрызэлъытэ ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу, къэхъуплэрэ зэманыгъуэу кlуэтэгъуэм щытеджыхьитl (эй) зэхуакум къыдэхъухь ужьыгъуапlэр зэрылъытэращи, геомериеу ″и″рэ икlи ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зы джыгъуэм елъытауэ ужьыгъуэ зэриlэкlэрэ джыращ ″кlу″м гурыlуэгъуэ къищlри, абы утыку къырилъхьэ геометриер ″паралел″ыгъэрщ: япэу къэхъуа гуэрым пararелыгъэ зыхуиlэ джыгъуэрщ ″кlу″р. ″Кlу″р мыпхуэдэ зы ужьыгъуэщи, ари щхьэжрэ езыр езырурэ занщlэу зы ужьыныгъэу утыку къимыхьарэ джагъэххэу утыку итым елъытарэ а джыгъуэ ужьыгъуэм зыдигъэкlу джыгъуэу, ″кlу″м и ужьыгъуэ мыхьэнэр джыгъуитl зэхуакум къыдэхъухь ужьыгъуэ пыухытыкlауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщи, абдежыр икlи зы ″у″ lыхьэу зэрылъытапхъэкlэрэ зы ″lу″ лlэужьыгъуэуи зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, зы ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу щылъытэм деж, ″кlу″р зэкlуалlэрэ зытеухуэ ужьыгъуэр ″у″мрэ абы и лимитацэ ″lу″м хуэдэу щхьэж ужьыгъуэрэ ужьыгъуэ lыхьэу зэрыщымытым ипкъ иткlэ, зы ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу къызэрыхъуа щlыкlэр зэлъытэныгъэу щытщи, джыгъуитl (кl) зэхуакум дэухуарэ а джыгъуитlыр зэрызэлъытакlэрэ ухуа ужьыгъуэ лlэужьыгъуэ шыт ″кlу″р къызщыдэхъухьым зэрелъытакlэрэ дэубзыхуу зэрыщыткlэрэ зы бзыгъэ зиlэ ужьыгъуэ лlэужьыгъуэщ. Аращи, ″хъу″р занщlэу зытеухуэф ужьыгъуэмрэ (у) абы и зы lыхьэр зэрылъытэм (lу) зэреклуалlэри ар (кlу) зы бзыгъэ зэриlэрэ макъызу зэрыщыткlэрэщ.

″Ы″м хуэкlуэныгъэ зыхуиlэу щхьэж къэхъуплэ иlэу утыку къихьа ″кхъ″ макъым бзэгу гущlыlум къытехъукlыжауэ лъытапхъэ ″**к**″ макъри

кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ зэрылъытэ ″э″ макъ lуэрым екlуэлlэныгъэ зыхуилэ макъ щэхуу лъытапхъэщ. Икlи, зэманклэрэ (э) утыку къихьэ зы джын (и) лlэужьыгъуэр зэрылъытэрщ ″к″ макъыр. Ар лъабжьэрэ кууагъ мыхьэнэ зилэ ″кхъ″ макъым зэрелъытагъэнщи, зэманклэрэ къэхъу зэгуэкlыныгъэр къызэрыlуатэу, икlи зы кlуэтэгъуэу кlыхьагъ зилэу джын лlэужьыгъуэри къызэрыlуатэу бзэм холэжьыхьыр. Абы къыклэлъыкlуэрэ къытехъуклауэ лъытапхъэу, бзэми жьэрыпсалъэклэ и зэхъуэкlыныгъэу хэлэжьыхь ″**ч**″ макъри зэкlуалlэ геометрие къалэныр ″к″ым хуэдэу лъытапхъэщ.

″К″ макъым и ужьыгъуэу къытехъукla ″**ку**″ри ″к″ыхэм - а нэхъ мащlэу ″к″итlым- я зэхуакум къыдэхъухьыр зэрылъытэрщи, ар зы зы джыгъуэрэ икlи зы ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Мы къызэрыхъуам зэрезэгъклэрэи, ″ку″р ″и″мрэ ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэу лъытапхъэщ. Ауэ мы ужьыгъуэр щхьэжу зы ужьыгъуэу зэрыщымытрэ зы ужьыгъуэ lэнатlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″ку″ макъ мыхьэнэр икlи ″у″ нэхърэ ″у″ lыхьэрэ пыухытыкlар зэрылъытэ ″lу″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэрщ. Мыбы хуэдэщи, зы джыгъуэу щхьэжу утыку къихьэ джыгъуэкъым ″ку″м и мыхьэнэри, джыгъуитl е нэхъыбэм я зэхуакум къыдэхъухьу джыгъуэу лъытапхъэрауэ зэрыщытым зэрезэгъклэрэ, ″ку″р зэкlуалlэ джыгъуэри ″и″м елъытауэ нэхъ игъуэу ″й″рауэ жылэпхъэщ. Икlи, ″к″ыхэм е ″к″итl зэхуакум къыдэхъухь зы ужьыгъуэ lэнатlэращ ″ку″р зытеухуари, ар щхьэж ужьыгъуэрэ хъугъуэ зимылэу, къэзыгъэщla ″к″итlым зэрелъытаклэрэ къэхъу ужьыгъуэ lыхьэ лlэужьыгъуэщи, ар зы бзыгъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″ку″ри зы макъыбзщ. Макъыбзу щыт ″ку″м ужьыгъуэ lыхьэу ″lу″м и екlуэлlэныгъэри мыпхуэдэу къэзыгъэщlарэ къыздэухуа ″к″ыхэм елъытауэщ.

Щхьэж къэхъуплэ зилэрэ ″ы″ми хуэкlуэныгъэ зыхуилэу утыку къихьа ″хъ″ макъым бзэгу гущlылум къытехъукlыж ″**х**″ макъым и мыхьэнэри ″хъ″ым хуэдэу лъабжьэ зи мыхьэнэращ. Ауэ, ″хъ″ыр зэман системэми, икlи геометрие системэми теухуа лъабжьэу, дэтхэнэми щыухуэ ужьыгъуэрэ хъугъуэр къызтехъукl лъабжьэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зилэращи, абы къытехъукla ″х″ыр зытеухуа лъабжьэр ″щылэгъуэ геометрие″у ″и-системэ″рауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар щылэгъуэ зыгъуэтым лъабжьэ хуэхъуращ; ар щылэгъуэ зыгъуэтыр къызтехъукl лъабжьэращ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″зэман системэ″м и абзсисыгъэклэрэ (и) джыуэ утыку къихьэ щылэгъуэ ″геометрие систе″ращ; мы системитlми лъабжьэ хуэхъурэ мы системитlми щыджым къытехъукlынум и лъабжьэр ″хъ″ыклэрэщ зэрылъытэр; ауэ, ″х″ыр лъабжьэ зыхуэхъур щылэгъуэ зыгъуэтыр зыщылъытэ ″геометрие системэ″ращи, мыбы зэрезэгъклэрэщ ″х″ыр зэрыигъуэклэрэ геометрие системэм и ″ординат″у щlэлъытар. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, зэман системэм и ″и″уэ джарэ утыку къихьа геометрие системэм лъабжьэ хуэхъуу лъытэ и зы ″и″ лlэужьыгъуэ лъэныкъуэр ″х″ыуэщ зэрылъытари, мы системэм и ординатыр зэрылъыта

″х″ыр зэман системэм и зы джыгъуэу зэрыщыткlэрэ, ″х″ыр зы ″и″ лlэужьыгъуэу, ″х″ым и мыхьэнэр ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэрщ. Ауэ, зы ″и″ лlэужьыгъуэрэ икlи апхуэдэуи зэрыщытым папщlэщ ″х″ыр геометрие системэу щыт ″и-системэ″м и ″ординат″у зы геометрие терминуи зэрылъытарэ щlэлъытари, мы зэрылъытэми ипкъ зэриткlэщ ″и-системэ″р мы еплъыкlэкlэ ″х-системэ″уи щlэхъуарэ зэрыхъуар.

″Х″ым и ужьыгъуэ макъыу утыку къихьа ″**ху**″р геометрие системэм щыджыр зэрыкlуатэрэ зэрыужьыр зэрылъытэ макъщ. Щылэгъуэ зилэр зэрыкlуатэр зэрыгъэзащlэу зэрыщытым зэрезэгъщи, къызтехъукlа ″х″ыр зи ординат ″х-системэ″м щыгъэзащlэ кlуэтэгъуэу ″э″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэу лъытапхъэщ.

″Ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэрэ щхьэж къэхъуплэ зилэу утыку къихьа ″гъ″ым бзэгу гущlылум япэу къытехъукlыж ″**г**″ макъыр щылэгъуэ зилэр зэрыджынум зэрыхуэкlуэрэ лъэщу зэрыджыр зэрылъытэ макъщи, зы джыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэу лъытапхъэщ. Абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″**гь**″ макъри ар дыдэу зы джыныгъэ зи мыхьэнэрщи, ари нэхъ игъуэкlэрэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэрэ ″и″ лlэужьыгъуэу зы макъщ. ″Гь″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ лъытапхъэрэ бзэми жьэрыпсалъэу зэщхьэщыкlыныгъэ зыхуалэу ″гь″ макъым хуэдэ мыхьэнэ зилэ ″**дж**″ыри ″гь″ым хуэдэжу, зы ″и″ лlэужьыгъуэу зэрыщытынури гулъытапхъэщ. ″Дж″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ зи гугъу тщla ″**дз**″ыри зы джыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ ″дж″ым хуэдэжу зы ″и″ лlэужьыгъуэрэ зы джыгъуэрэ джыгъуапlэу щыт ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэ макъыу зэрылъытапхъэри гурылуэгъуэнщ. Ауэ икlи, мы макъ гупым щыщу иужь дыдэ къэхъуауэ лъытапхъэрэ, адрейхэм хуэдэжу ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэу тлъыта ″дз″ макъыр япэрей макъхэм (г, гь, дж) елъытауэ джыгъуэ дыдэу зэрымылъытапхъэм папщlэщи, ар щхьэж ″и″ нэхърэ ″й″м нэхъ екlуэлlэныгъэ зыхуилэу зэрылъытапхъэри жылэпхъэщ.

″Гь″ым и ужьыгъуэу къытехъукlыжа ″**гу**″р джыныгъэ ужьыгъуэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурылуэгъуэщи, къызтехъукla ″гь″ыр ″и″ лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ ари ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуилэрэ ″и″ лlэужьыгъуэу зы макъщ. Ауэ икlи, ″гь″ым и ужьыгъуэу утыку къихьарэ джы (и) ужьыгъуэу щыт ″гу″р системэм увылэгъуэ имылэу щыджыр зэрылъытэу ″и″ защlэу зэрылъытэкlэрэ, ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуилэу зы макъыу зэрыщытри гурылуэгъуэнщ.

*

Тэмакъым макъ къытехъукlыныгъэр щыгъэзащlэрэ къыкlэлъыкlуэ лъэбакъуэхэм макъ гуэрхэри къэхъуурэ макъ къэхъуныгъэр бзэгум зэрыхуэкlуэр гурылуэгъуэщи, тэмакъымрэ бзэгум я зэхуакум къыдэхъухьа макъхэми бзэгум иужькlэ къатехъукlыж макъхэми я гугъу тщlащ. Нытlэ, макъ къэхъуныгъэр бзэгум зэрыхуэкlуэкlэрэ бзэгур макъ къэхъуныгъэм зылузыха макъхэм къыщlидзэу, бзэгур зи къэхъуплэ хъуарэ дзэрэ lупэр

макъ къэхъуныгъэ lуэхум къызэрыхэхьэжкlэрэ утыку къихьэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр зыхуэкlуэрэ зытеухуэу лъытапхъэ геометрие мыхьэнэрэ къалэнхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Бзэгур япэу зэрыджызджкlэрэ макъ къэхъуныгъэм тезышэу къэхъуа макъыр ″**жь**″ырауэ жыlэпхъэщи, ар икlи мы къызэрыхъуам зэрезэгъкlэрэ увыlэгъуэ зимыlэ хьэрыч зи мыхьэнэ макъщ. Ар мыпхуэдэ зы хьэрычэткlэрэ къызэрыхъуам зэрегъэщи, игъуэта мыхьэнэрэ къалэнри функциал кlуэтэгъуэм (э) екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Аращи, бзэгум игъуэт хьэрычэткlэрэ утыку къихьэ ″жь″ыр хьэрычэт зи мыхьэнэщи, бзэгум игъуэта хьэрычэткlэрэ макъ къэхъуныгъэкlэ бэрычэт зэригъуэтар гурыlуэгъуэщ. Бзэр зэрыухуа макъхэм я нэхъыбэр къыздыщыхъуарэ бзэ къэхъупlэуи лъыта бзэгум япэ къыщыхъуар ″жь″ макъращи, ар макъ къэхъупlэу лъыта бзэгум щыджа япэрей макъыу зэрыщытым ипкъ зэритклэ, ″жь″ макъым ″и″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи лъытапхъэщ. Tlуми екlуэлlэныгъэ зэриlэм ипкъ иткlи, икlи зэман системэмрэ, ар дыдэуи геометрие системэми теухуа ″у″ лlэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ ″жь″ макъыр. Мыбыи къыщымынэу, ар макъ къэхъуныгъэм бзэгур тезышарэ, макърэ бзэ джыпlэу бзэгур зыlузыха макъыу, икlи зы системэм и оригин къалэни зыгъэзащlэ макъщи, мы щlыклэкlи ″ы″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ. Ар утыку къызэрихьарэ къыздыщихьа мы щlыпlэм езэгъ lуэхугъуэхэр мыпхуэдэу убгъуауэ геометрие мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрызэхуэдэу екlуалlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ, ауэ абы къытехъукlыж макъхэм (нэхъыбэуи ″ж″ым) я мыхьэнэрэ къалэным елъытауэ ″жь″ макъым пыухытыклауэ зы мыхьэнэ игъуэтауэ лъытапхъэщи, и макъ мыхьэнэри зыхуэкlуалlэ зы геометрикэи нэхъ lупщlрэ пыухытыкla хъуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

″Жь″ым къытехъукlыу утыку къихьа ″ж″ым игъэзащlэ хьэрычэтыр нэхъ псынщlэрэ сытми хунэсу зэрыщыткlэрэ, ″жь″ым и хьэрычэтыр джыпlэу щыт иджы щlыбым теухуауэщ бзэм хэлэжьыхьу зэрыхэхьа щlыклэр. Мыбы папщlэщи, бзэм мы зэрыхэлэжьыхь щlыклэу, ″жь″ макъ мыхьэнэр ″э″м нэхърэ ″а″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. ″Жь″ыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэщи, итыпlэрэ иджыпlэу щымытрэ щхьэщыкlыу, жыжьагъэм хуэкlуэу зы хьэрычэт лlэужьыгъуэкlэрэ къызэрыlуатэущ: иджым имытрэ иджыр икlи къэмыса зэманыгъуэр (ауэ ар къэзыгъэсри) ″жы″уэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр; икlи, иджым щхьэщыкlыж хьэрычэт зэриlэкlэрэ джарэ зэрыхъун хъуауэ щытрэ итыгъуэ зимыlэжу зи зэманыгъуэ блэкlари ″жьы″уэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlрэ бзэм мы зэрыхэлэжьыхькlэрэ ″жь″ макъ мыхьэнэр зытеухуа хьэрычэтым итыпlэрэ нэсыныгъэ зэрызимыlэм зэрезэгъкlэрэ мыпхуэдэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «жь>о(эу)<жь».

Бзэгум япэ къыщыхъуарэ увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэт зи мыхьэнэ ″жь″ым къытехъукlыжа ″**ж**″ыр ″жь″ым елъытауэ нэхъ псынщlэрыlуэрэ ткlийуэ къэlуыкlэ зиlэ макъщи, ″жь″ым елъытауэ нэхъри псынщlэрэ

щlэхыу хьэрычэт зи мыхьэнэ макъщ. Ари мы и мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ функциал кlуэтэгъуэмрэ (э), мыпхуэдэуи утыку къихьэ джыгъуэр (и) псынщlэрыгъэзащlэу зэрылъытэ макъщ. Сытри занщlэу зэпызыщlэфрэ генератикэ зэпыщlэныгъэр зэрылъытэ макъщ ″ж″ыри, мыпхуэдэу зэхэлъыныгъэр (жын), икlи псынщlэрыкlуэкlэр (жэн) къызэрыlуатэ макъщ. Ар псынщlэрыджыныгъэр зэрылъытэ макъщи, дэтхэнэ гуэрым хунэсыфрэ екlуэлlэфу зэрыщытым ипкъ иткlэ, къызкlэлъыкlуэр аргуэру а зэрыщыту зыджыж (кlуэж, къэlуэж, хъуж), икlи дэтхэнэ гурыр и япэрей къэхъуныгъэрэ и лъабжьэм пызыщlэжыф (пэж) макъщ. ″Ж″ макъым и мыхьэнэкlэрэ гъэзэщlэф мы lуэхугъуэхэми гурыlуэгъуэ къызэращlщи, ар дэтхэнэ гуэррэ зы джыгъуэу (и) щытым функциал кlуэтэгъуэ (э) зэригъуэткlэрэ зыгуэрым занщlэу зэреклуалlэрэ зэрыхуэкlуэр къизыlуэ ″е(иэ)″ми и къалэным ″екlуэлlэныгъэ″ зыхуиlэ макъыуи лъытапхъэщ; икlи, къызкlэлъыкlуэ псалъэр аргуэру псынщlэу зыдж макъыу, кlэух зыхуэхъур еиныгъэкlэрэ зыгъэлажьэ ″эй, эйй″м и къалэнми елъытапхъэрэ ″екlуэлlэныгъэ″ хузиlэ макъыу лъытапхъэщ.

Мы гупым щыщрэ ″ж″ макъым къыкlэлъыкlуэу лъытапхъэу утыку къихьа ″**з**″ макъым игъэзащlэр ″ж″ым игъэзащlэ генерэтикэ зэпыщlэныгъэми щхьэщыкlыжу, дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу генерэтикэ зэхэлъыныгъэу утыку къырелъхьэри, мы и къалэнкlэрэ ″з″ макъыр щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэ макъщ, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэущ. Сытри мыпхуэдэ щlыкlэкlэ щхьэж зэрылъытэ макъщ ″з″ыри, мы и щlыкlэкlэ дэтхэнэ зы джыгъуэр (и), дэтхэнэ зы щыlэгъуэрэ ужьыгъуэ зиlэр (у) щхьэжу утыку къизылъхьэф макъщи, ″з″ макъыр ″и″ми, ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэж макъщ. Ар дэтхэнэ гуэррэ системэр а зэрыщытрэ а зэрыпсо щlыкlэу щхьэжу зэрылъытэращ, икlи къыкlэлъыкlуэрэ къытехъукlынум лъабжьэ хуэхъуу, къежьапlэрэ оригиналыпlэ къалэни зыгъэзащlэ макъыу ″ы″ми ″екlуэлlэныгъэ″ зыхуиlэуи лъытапхъэ макъщ.

″Жь″ макъкlэрэ макъ къэхъупlэм теша бзэгум ″жь″ макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэр ″**щ**″ макъращи, бзэгур макъ къэхъупlэ зэрыхъуар арауэ жыlэпхъэщ. Мы и къэхъуныгъэми зэрезэгъкlэрэ щыlэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″щ″ макъыр дэтхэнэ зы джыгъуэрэ утыку къихьэр зэрылъытэ макъыу, ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ. Ауэ икlи, щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы ″у″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэм ипкъ иткlэ, ″щ″ыр икlи ″у″ми елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ хузиlэ макъщ.

″Щ″ым и къэхъупlэм къытехъукlыжа япэрей макъыр ″**щl**″ыращи, щыlэгъуэр зэрылъытэ ″щ″ым и макъ пlытlауэ къэlу ″щl″ыри ″щ″ым хуэдэу зы джыгъуэ (и) лlэужьыгъуэщ; абыи ″у″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэрэ ″у″ лимитацэу ″lу″ми зэреклуалlэри гурыlуэгъуэнщ. ″Щl″ нэужь мы гупым щыщу утыку къихьэ ″**ш**″ макъым и мыхьэнэр зы продукцэу

зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, ари щыIэгъуэ системэм щыджу утыку къихьэ зы джыгъуэ ″и″м екIуэлIэныгъэ хузиIэ зы макъыу лъытапхъэщ.

Мы гупым щыщу бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупIэ хъуа ″**с**″ыр щыIэгъуэр зэрыджыну лъабжьэр зыгъэхьэзырыр зи мыхьэнэ макъыу лъытапхъэщ. Дэтхнэ зы щыIэгъуэр зэрыджым ипэрэ и лъабжьэу къекIуэкIыр, дэтхэнэ зы щыIэгъуэщIэр утыку къызэрихьэфыр ″с″ макъкIэрэ гъэзащIэ lуэхугъуэкIэрэщи, ″с″ макъыр мыпхуэдэ оригиналыгъэ зиIэу зы макъыу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ар ″ы″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу лъытапхъэщ. Ауэ икIи, мыпхуэдэу дэтхэнэ зы джыгъуэм лъабжьэ хуэхъуу джынур зэрыгъэхьэзырым ипкъ иткIэ, ″с″ыр ″о(эу)″ми екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу лъытапхъэщ. Аращи, мысыр джыкъым, мыджри щыIэ хъукъыми, джынрэ щыIэ хъун папщIэ къекIуэкI lуэхугъуэр ″с″ макъ мыхьэнэкIэрэщ зэрылъытэр. ИкIи, щыIэгъуэ игъуэту утыку къихьэнум и джыпIэри функциал зэман (э) ужьыгъуэу (у) ит зэманыгъуэращи (о), джынур зэрыджынум зыхуэзыгъэхьэзыр къэхъунум лъабжьэрэ оригин хуэхъурщ (ы); апхуэдэр икIи ит зэманыгъуэм (о) дежращи, ″с″ макъ мыхьэнэр щыгъэзащIэрэ зэлъытапхъэу зэкIуалIэ геометрикэхэр мыпхуэдэхэращ.

*

Бзэгур макъ къэхъупIэм ″жь″ыкIэрэ хузэIуха нэужь, абы макъ къэхъупIэу ″щ″ыкIэрэи щыIэгъуэ игъуэтащи, мыпхуэдэу макъ къэхъупIэ хъуа бзэгур ″жь, щ″ макъхэми, бзэгур зимыкъэхъупIэу мыбыхэм ипэ утыку къихьа макъхэми къатехъукIыж макъхэми къэхъупIэ яхуэхъуащ. Мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэм бзэгум къыщытехъукIыж макъхэми я гугъу тщIагъэххэщ. Ауэ мыбы къыщымынэу, бзэгу гущIыIур щхьэж къэхъупIэ язэрыхуэхъукIэрэ утыку къихьа макъхэри щыIэщи, мыбыхэми илъабжьэкIэ я гугъу щытщIынщ.

Бзэгум и ижьрабгъу лъэныкъуэр къэхъупIэ зыхуэхъуа макъхэщ ″лъ, л, лI″ макъхэри, мыбыхэм щыщу япэ къэхъуари ″**лъ**″ макърауэ лъытапхъэщ. Ар бзэгу ижьрабгъу лъабжьэм жьыр зэрыщихъуэ щIыкIэкIэ къызэрыхъуам езэгъ мыхьэнэ зыгъуэта макъщи, мы къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ щыIэгъуэ зыгъуэтым и ужьыныгъэу, икIи ар къэпщытапхъэ зэрыхъу щIыкIэу, абы пкъыгъуэ зэригъуэт лъабжьэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ. Аращи, ″лъ″ыр занщIэу зы ″макъ псалъэ″ зэрыхъуар абы и зэманыгъуэу утыку къихьа ″лъэ″рауэ лъытапхъэщи, ″лъ″ макъ мыхьэнэр мыпхуэдэ органрэ организацэ lуэхугъуэхэм лъабжьэ хуэхъуращ. ″Лъ″ макъыр бзэм занщIэу ″лъы″ макъ псалъэу зэрыхэхьам лъабжьэ хуэхъуари, ″лъы″р псэущхьэ ″лъэ″р зэрыуху лъабжьэу зэрыщытрауэ жыIэпхъэщ. ″Лъ″ макъ мыхьэнэм къытехъукI ″лъэ″р зы джыгъуэрэ щыIэгъуэ зиIэу зы пкъыгъуэр зэрылъытэращи, ″и″рэ ″у″м зэрекIуалIэр гурыIуэгъуэщ. Абы лъабжьэ хуэхъурэ ар къызтехъукI ″лъ″ыри нытIэ ″и-системэ″ ординат ″х″ым екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу зы макъ мыхьэнэщ.

Мы макъ къэхъупIэм япэу утыку къихьарэ зэманыгъуэкIэрэ (э) къытехъукIым (лъэ) лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэ ″лъ″ макъым нэмыщI,

абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″**л**″ макъри, абы и мыхьэнэр ″лъ″ым къытехъукlа ″лъэ″м теухуауэ лъытапхъэщ. Аращи, ″лъ″ макъ нэужьу къызэрыхъуами зэрезэгъщи, ″л″ макъ мыхьэнэр ″лъ″ыкlэрэ утыку къихьа ″лъэ″м теухуауэ лъытапхъэщ. ″Л″ макъыр бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр ″лъэ″м теухуа lуэхугъуэ гуэрхэмрэ ″лъэ″ лlэужьыгъуэ гуэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэущ. ″Лъ″ым къыкlэлъыкlуэрэ ″лъэ″м теухуауэ лъытапхъэ ″л″ макъ мыхьэнэри нытlэ ″лъэ″м хуэдэу зы джыгъуэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткlэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщи, ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэ ″л″ым и кlуэтэгъуэри (э) зы линием ирикlуэныгъэу ″е(иэ)″м игъэзащlэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи лъытапхъэщ.

Мы макъ гупым щыщу утыку къихьа ″**лl**″ макъыр зыгуэрыр ипlэ зэригъуэтрэ зэрыхъун хъуар зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщи, абы игъэзащlэ мы екlуэлlэныгъэ мыхьэнэр ″е(иэ)″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр жыlэпхъэщ. Зыгуэрыр зыдэкlуапlэм нэгъунэ зэрыкlуэрэ зэрекlуалlэр зи мыхьэнэуэ лъытапхъэ ″лl″ макъыр нэхъыбэм деж а гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэм кlуэх зэрыхуэхъукlэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыбыи ″е(иэ)″р псалъэ кlэух зэрыхъу щlэкlэкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэм екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэри гулъытапхъэщ (уае, фиен, екlиен). ″Лl″ макъ мыхьэнэр екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″е(иэ)″м нэмыщl, кlэух макъыу ″е″кlэ тха ″эй″ макъ lуэр зэхэжыхьахэм и геометрикэми теухуэрэ екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэри гулъытапхъэщи, мыри зэкlуэлlам щыщрэ еиныгъэкlэрэ зэпыщlэныгъэ зэригъуэтыр къызэрыlуатэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «хуей, фlей, бзеин, псей, жыгей, псэлъэрей». Ауэ ″лl″ макъ мыхьэнэр икlи - дэтхэнэ гуэрыр зы ужьыгъуэу (у) зэрылъытэкlэрэ-, дэтхэнэ зы лlэужьыгъуэрэ ужьыгъуэр зыдэкlуэфым нэгъунэр ″у″пэ лъэныкъуэу лимит ″у″уэ зэрылъытэкlэрэ ″lу″ми зэрытехуэр гулъытапхъэщ.

Бзэгур макъ къэхъупlэ хъуа нэужь, абы дзэрэ lупэри дэlэпыкъуэгъу зэрыхуэхъукlэрэ макъ гуэрхэри утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэм щыщщ ″д, т, тl″ макъ гупыр. Мы гупым щыщу ″**д**″ макъыр зэхэлъыныгъэрэ зэпкъырылъыныгъэ зиlэныгъэ зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу зылъытэфу зэрыщытым папщlэ, джыгъуэ ″и″м, икlи щыlэгъуэ зэрылъытэ ″у″м екlуэлlэныгъэрэ теухуэу лъытапхъэщ.

Зытеухуам и щхьэщыкlыныгъэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ ″**т**″ макъри, дэтхэнэ гуэрыр зы лъэгапlэу зэрыщытрэ щхьэщыкlыныгъэ зы къарууэ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр ″т″ макъ мыхьэнэкlэрэщ. Аращи, зытеухуам щхьэщыкlыныгъэу максимум джыгъуэ зи мыхьэнэ ″т″ макъыр а нэхъ лъэгапlэрэ максимум лъэныкъуэу зэрыщытткlэрэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ; икlи, ар (т) утыку ит зы джагъэрэ джыгъуэм (и) щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэу теджыхьыкlрэ теджыхьыж зы ″и″ лъэныкъуэр зэрылъытэ ″и″ екlуэлlэныгъэрщ.

″**Tl**″ макъ мыхьэнэр бэгъуэныгъэрэ ужьыгъуэ къэзыгъэщl макъщ; ар зыхэщlэм ужьыгъуэ егъуэтыр. Мы и мыхьэнэклэрэ ″tl″ макъыр ″у″м зэрытеухуэрэ зэреклуалlэр гурыlуэгъуэщ. Икlи, зыхищlэ дэтхэнэ гуэрым ужьыныгъэ къыхуэзыгъакlуэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытым зэрезэгъклэрэ а зыхищlэ дыдэм щыхэлэжьыхь дыдэм теухуауэ ″tl″ макъыр ужьыгъуэ къызтехъукl дифферэнсиалу ″*d*у″ къалэн зиlэуи лъытапхъэщ. Апхуэдэр джыгъуэрэ джыпlэ ″и″ лlэужьыгъуэу щытрэ ″и″ эффекту щыт ″й″клэрэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, икlи ипэклэ ″й″р зэрытлъытари мыпхуэдэущ.

Жьыр lупэм зэрыщихъуэклэрэ утыку къихьэ макъхэщ ″ф, фl, в″ гупыр. Абы щыщ ″**ф**″ макъыр щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэр зэрызеклуэ къаруу зы лъабжьэ мыхьэнэ зэриlэрщ. Мыпхуэдэу, щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрыриху мыхьэнэ лъабжьэ зэриlэрэ, щыlэгъуэри зэманклэрэ (э) джырэ (и) утыку къихьэрауэ зэрыщытым зэрезэгъщи, щыlэгъуэр зэрызеклуэф лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ ″ф″ макъыр щыlэгъуэ системэ лъабжьэрэ ординат мыхьэнэ зиlэ ″х″м (и → х) зэрытеухуэрэ еклуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэри гулъытапхъэщ. Аращи, щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэр зэрихь къару зи мыхьэнэ ″ф″ макъыр ″х″рэ ″и″м елъытапхъэрэ еклуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэ щlыклэр икlи щыlэгъуэ зиlэм щыlэгъуэ лъабжьэклэрэ (х) ужьыныгъэ (у) зэригъуэтыр зэрылъытэ ″ху″ми зэрытеухуэклэрэу лъытапхъэщ.

Щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр и къаруклэрэ (ф) и щыlэгъуэр зэрихьыфыр зэрылъытэри ″**фl**″ макъ мыхьэнэрауэ жыlэпхъэщи, ар ″ф″ыр зи лъабжьэклэрэ утыку къихьэф зы джыгъуэу (и), икlи зы щыlэгъуэу щыlэгъуэ системэм зэпэщу щызеклуэфрауэ (у) зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″фl″ макъыр геометрикэу ″и″мрэ ″у″м елъытапхъэрэ еклуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ.

Мы макъ гупым щыщ ″**в**″ыр ″ф″ыр зытеухуа къарум и егъэлеигъэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэр зи мыхьэнэ ″в″ макъыр ″ф″ым къигъэхъу ″фэ″м теухуауэ лъэщу гъэзащlэ lуэхугъуэхэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэрщ; щыlэгъуэрэ щхьэжу пкъыгъуэрэ зыгъуэтахэм я фэхэр зэрызэхэжыхьыжклэрэ хэвыхьу утыку къихьэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ ″вагъуэр″и ″в″ макъ мыхьэнэклэрэ гъэзащlэм и зы щапхъэщ. Мыпхуэдэу щыlэгъуэ къарур зэрылъытэ ″ф″ макъ мыхьэнэм зэрытеухуарэ щыlэгъуэ лъабжьэм зэрытеухуам зэрезэгъщи, ″в″ макъми ″ф″ макъыр зэклуалlэ щыlэгъуэ джыгъуэ (и) ординат къалэн зиlэ ″х″ым еклуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр гулъытапхъэщ.

lупэр зи къэхъупlэу утыку къихьа макъхэщ ″п, пl, б″ макъ гупыр. Мы гупым щыщу ″**п**″ макъыр зыгуэрым и гъунапкъэр зэрылъытэрэ а гуэрым щымыщрэ абы и ецырхъыныгъэу, а гуэрым тенгенс хуэхъуныгъэр зэрылъытэ макъращи, мыпхуэдэуи а гуэрым и къежьаплэрэ ухыплэм теухуауэ зэрыщыткlэрэ ″ы″м еклуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Мы и мыхьэнэклэрэ ″къ″ макъ мыхьэнэми ещхьу зэрыщытри гулъытапхъэщ ″п″

макъми, ″п″ыр адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″къ″ым ипlэ иувэу зэрыхэлэжьыхь щlыклэм лъабжьэ хуэхъури мыращ. Ауэ ″п″ымрэ ″къ″ макъым ягъэзащlэ зэщхьу лъытапхъэ мы я къалэнхэр зэрызэщхьэщыклри гурыlуэгъуэщи, къызэрыхъуа щlыклэм ипкъ иткlэ ″къ″ыклэрэ лъытэ къежьапlэрэ клуэдыплэр нэхъ ткlийрэ кууэ лъытапхъэщ. ″Къ″ым хуэдэу клуэдыплэ мыхьэнэи игъэзащlэу адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ ″п″ макъри, мы клуэдыплэ къалэныр зэригъэзащlэм ″къ″ым хуэдэу ″lы″м елъытапхъэрэ еклэlэныгъэ зыхуиlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Мы гупым щыщу ″п″ым къыклэлъыклуэу утыку къихьа ″**пl**″ макъыр ″п″ыклэрэ къэхухьыр зэрылъытэрэ зэрыдж мыхьэнэ зиlэрщи, абы и мыхьэнэри ″и″м еклуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр гулъытапхъэщ. Ауэ мы еклуэлlэныгъэр зыгуэрыр джыуэ утыку къызэрихьэракъыми, джынур зэрыджынурэ щыджынум теухуауэщ (плын, плэ). ″П″ыклэрэ къеклуэклыныгъэу утыку къихьэу щыт ″пl″ыклэрэ утыку къихьэри ″**б**″ макъ мыхьэнэклэрэщ зэрылъытэри, ари зы джыгъуэ лlэужьыгъуэу ″и″м еклуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Ауэ, ″п″ къеклуэклыклэр зэрылъытэ ″пl″ыклэрэ джыгъуэ зыгъуэтри джыуэ щытращи, мыр зэрылъытэ ″б″ыр ″пl″ым зэрелъытаклэрэ ужьыгъуэ зыгъуэту зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, ″б″ыр ″елъытэныгъэ ужьыгъуэ″ зи мыхьэнэуэ зэрыщыткlэрэ ″у″ми еклуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ. Ауэ, ″б″ыр ″у″м зэреклуалlэр занщlэрэ щхьэж ужьыгъуэу лlэужьыгъуэу щыткъыми, ар зэрыплым (пl) зэрелъытаклэрэщ. Мы къызэрыlуэтахэм зэрыхэплъагъуэщи, ″пl″ыклэрэ утыку къихьэ ″б″ыр бзыгъэ зыхэлъ ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу, ″у″ макъым и бзы лlэужьыгъуэуи лъъытапхъэрщ.

Макъ къэхъуплэу щыт бзэгум ипэ лъабжьэр зэрыгъэхъейклэрэ утыку къихьа ″**р**″ макъыр мыбдежым къыщыхъуа макъ закъуэращи, макъ мыхьэнэ имыlэу клэух зыхуэхъур а зэрыщыткlэрэ зэрылъытэ макъщ. Макъ мыхьэнэ зэримыгъуэтарэ икlи къызклэлъыклуэ макърэ псалъэр а зэрыщыту къызтыригъэувыlэ щlыклэу игъэзащlэ къалэнклэрэ ″р″ макъым ″ы″м еклуэлlэныгъэ иlэу лъытапхъэщ. Ауэ, клэух зыхуэхъур а зэрыщыткlэрэ къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэ ″р″ макъым клуэтэгъуэ (э) зэригъуэткlэрэ къыклэлъыклуэ псалъэм пыщlэныгъэу къалэни езэгъэзащlэри, ″рэ″ клэухым мы игъэзащlэ къалэныр клэух зыхуэхъур а зэрыужьыгъуэу зэрыщыткlэрэ утыку къизылъхьэ ″у, уэ″м игъэзащlэ къалэным еклуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэрэ зэрыхуэдэ къалэнри гурыlуэгъуэщ: «″клуэрэ къэклуэжмэ″ → ″клуэу къэклуэжмэ, клуэуэ къэклуэжмэ″».

Зэрыгурыlуэгъуэу, макъхэр тхьэмбылым къиклыж жьыклэрэщ утыку къызэрихьэри, щылэгъуэ зилэ псэущхьэм и клуэцlым къиlукl мы макъхэри зэрыигъуэклэрэ щылэгъуэм теухуащ; мыбы зэрезэгъклэрэи, щылэгъуэ геометрием къыщыхъухэр зэрылъытэ мыхьэнэрэ къалэнхэр зиlэхэрщ. Мы щылэгъуэ системэм къыщыхъурэ щыухуэхэращ мы зи гугъу тщla

макъхэмкlэрэ лъытэри, мы системэм хэмытрэ щымыщыр, мы системэ щlыбыр зэрылъытэри зэрыигъуэкlэрэ мы макъхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэм и пхэнджыгъэкlэрэ къэlуу утыку къихьэ макъкlэрэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ къэlукlэкlэ утыку къихьар натуралу мыхъуныгъэу цlыхум (хьэм) зэрихьэ ″цlыl″ хуэдэ макърагъэнти, абы къытехъукlрэ иужькlэ адрей макъхэр къызэрыlу щlыкlэ зыгъуэту псэлъэбзэм хэхьэжа макъыу лъытапхъэщ ″**цl**″ макъыр. Аращи, ″цl″ макъыр зэманыгъуэрэ щыlэгъуэ системэм хэмытрэ щымыщыр, абы и щlыбыр зэрылъытэ макъыу зэрихьэу щытагъэнт цlыхуми (хьэм), мыпхуэдэ мыхьэнэр (ар мыхьэнэуэ лъытапхъэмэ!) зэманрэ геометрие системэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм зэрытемыухуэнурэ екlуэлlэныгъэ зэрзыхуимыlэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ ″цl″ макъыр зэкlуалlэрэ зэрытеухуэ макъ lуэр щымыlэми, математикэу ар ″абсолуд 0″уэ (I0I) лъытапхъэщ. Щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэрэ къалэнхэр зиlэ макъхэм я пхэндж къэlукlыэр зи лъабжьэу щыта ″цl″ макъыр ахэр къыздыщыхъу геометриемрэ зэкlуалlэ геометрикэхэм екlуэлlэныгъэ зэримыlэнур гулъытапхъэу щытщи, мыпхуэдэ мыхъуныгъэххэ лъабжьэ зиlэу утыку къихьа ″цl″ макъыр бзэми мыхьуныгъэрэ кlуэдыгъуэ зэрылъытэрэ щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым хэдзыкlыныгъэкlэрэ бзэм щызекlуэу щlидзащ. ″Цl″ макъым бзэм мыпхуэдэ къалэн зэригъуэтри ″lы″м еплъытэ зэрыхъунурэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу бзэм хэхьарэ хэлэжьыхьу щlэзыдза ″цl″ым егъэщхьыныгъэкlэрэ псэущхьэфэм къытекlэрэ псэи зимыlэ пэлъытэу щыlэгъуэ зиlэ гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэу утыку къихьауэ жыlэпхъэщ ″цы″ псалъэри, ар зэрыухуа ″**ц**″ макъыр иужькlэ щхьэжу зы макъыу бзэм хэлэжьыхьу щlидзауэ зэрыщытри ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм гурыlуэгъуэ къыпхуещlыр. Аращи, ″ц″ макъыр щхьэж зы макъыу утыку къихьауэ лъытапхъэкъыми, ар япэу зы ″псалъэ″у ″цы″уэ бзэм хэхьауэ лъытапхъэщ. Ар цым теухуарэ цы лlэужьыгъуэхэр къызэрыlуатэу бзэм хэлэжьыхьу хэтауэ зэрыщытыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм гурыlуэгъуэ къещlри, ар иужькlэ мыпхуэдэ щlыкlэхэри къызэрыlуатэкlэрэ макъ мыхьэнэуи хэлэжьыхьу щlэзыдзауэ жыlэпхъэщ. Мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъщи, ″ц″ыр щхьэж зы макъыу утыку къихьауэ зэрымылъытапхъэрэ зы псалъэу къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, адрей макъхэм хуэдэу зэкlуалlэ макъ lуэр геометрикэр лъытапхъэуи щыткъым, ауэ ар ухуагъэххэу щыт гурыр къызэрыlуатэ псалъэу утыку къызэрихьа щlыкlэкlэ ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ.

## ″Екlуэлlэныгъэ″ зыхуаlэ ″макъ lуэр″хэм зэрелъытакlэрэ ″макъ щэху″хэр зэрызэлъытапхъэхэм теухуауэ

Макъ щэхухэр я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэкlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ lуэрхэм теухуауэ мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, мыпхуэдэ lуэхугъуэр макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрытеухуам нэмыщl, ари зэлъытауэ зэрыщыткlэрэ а макъ щэхур къызкlэлъыкlуэ макъ щэхуми, икlи зи гугъу тщlы макъыр къызэрыхъуа щlыкlэмрэ къыздыщыхуа макъ къэхъупlэми елъытарэ теухуащ. Аращи, макъыр къыздыщыхъуарэ къызэрыхъуам, къызтехъукlа макъымрэ къызкlэлъыкlуэ макъым елъытащ макъ мыхьэнэрэ къалэныр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, къэхъуныгъэкlэ зэкlэлъхьэужьыкlэм теухуащ макъхэм ягъуэт мыхьэнэрэ къалэнри, макъ lуэрхэм я геометрие къалэным екlуэлlэныгъэ иlэныгъэри мыбы елъытарэ теухуащ.

Ныtlэ, екlуелlэныгъэ зыхуиlэ макъ lуэр лъэныкъуэкlэрэ макъ щэхухэм аргуэру дахэплъэжынщ. Мыпхуэдэ хэплъэжыгъуэри ″ы″м деж къыщlэддзэу къедгъэкlуэкlынщ.

*

Макъ къэхъуныгъэу япэ къэхъуа макъыр (м), зы макъ къэхъупlэм щхьэжу къыщыхъу макъхэр (къ, кхъ, хъ, гъ; р), нэгъуэщl макъхэми къэхъупlэ хуэхъу щlыпlэм япэу утыку къихьэ макъхэр (лъ, ф, п) лъабжьэрэ къежьапlэ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ ″ы″м и оригин къалэным еплъытэ хъурэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Мы жытlахэми къызэрыхэщщи, макъ щэхуу япэ къэхъуа макъ ″м″ макъыр, дэтхэнэ зы макъ къэхъупlэм щхьэжу къыщыхъу макъхэр (къ, кхъ, хъ, гъ; р), зы макъ гупым къэхъупlэ хэухъу щlыпlэм япэу къыщыхъуа макъхэр (лъ, ф, п) мы я къэхъуныгъэм зэрелъытарэ лъабжьэрэ къежьапlэу зэрыщытkлэрэ ″ы″м елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъхэу лъытапхъэщ.

Макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэныр макъ lуэр гуэрхэм я геометрие къалэным екlуэлlэныгъэ зэриlэр икlи макъ щэхум и мыхьэнэрэ къалэным зэрелъытари жытlагъэххэщи, ипэкlэ мы къэтlуэтахэм хуэдэ къэхъуныгъэ иlэ щхьэ, абыхэм хуэдэу ″ы″м екlуэлlэныгъэ иlэу мылъытапхъэ макъ щэхухэри щыlэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ ″жь″ макъри, ар бзэгум япэу хьэрычэт зэригъуэт щlыкlэкlэ утыку къихьарэ бзэгум япэу къыщыхъуа зы макъыу щыт щхьэ, къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэщ абы игъуэта макъ мыхьэнэр. Аращи, щхьэж къэхъупlэ зиlэу утыку къихьа ″жь″ макъыр ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъкъыми, ар бзэгур хьэрычэтым зэрытехьэкlэрэ къызэрыхъуам зэрезэгъкlэрэ геометрикэ къалэну ″э″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ, икlи ″е(иэ)″кlэрэ гъэзащlэ геометрикэ къалэнми елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Ауэ, ″жь″ макъым ″ж″ыр къызэрытехъукlкlэрэ ″жь″ макъыр бзэ лэжьэкlэм зыдиувэжа мыхьэнэпlэри ″э″м хуэдэу кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ зимыlэрэ мылъэlэсыпхъэ жыжьагъэу (а), джыпlэрэ итыпlэ щlыбу

(жь>о(эу)<жь) зэрыщыткlэрэ увыlэгъуэ зимыlэу къекlуэкl хьэрычэтым зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

″Жь″ макъым нэмыщl, ″жь″ым къыкlэлъыкlуэ къэхъуныгъэ зиlэу ″жь″ нэужьым бзэгум утыку къыщихьа макъыу лъытапхъэ ″щ″ макъри къыздыщыхъуа щlыпlэм япэу утыку къихьа макъра щхьэ, абы и мыхьэнэми ″ы″м екlуэлlэныгъэ хузиlэкъым. Мы макъ къэхъупlэм япэу къызэрыхъуа lуэхугъуэм нэхърэ, бзэгур хьэрычэтым зэрытехьэрэ ″жь″ыр къызэрыхъум къыкlэлъыкlуэу къызэрыхъуам теухуа мыхьэнэ зыгъуэтауэ лъытапхъэщ ″щ″ макъри. Мыбы зэрезэгъкlэрэи, ″щ″ыр бзэгур макърэ бзэ къэхъупlэм зэриува макъщи, абы и мыхьэнэр щыlэгъуэ лъабжьэу зэрыщыткlэрэ дэтхэнэ зы джыгъуэрэ ужьыгъуэ зиlэр зэрылъытапхъэрщ. Дэтхэнэ зы джыгъуэр утыку къызэрихьарэ зэрыхъун хъуауэ щыlэгъуэ зэригъуэтыр зэрылъытэ макъщ ″щ″ыри, ар макъ lуэр геометрикэ мыхьэнэуэ ″и″ми, нэхъ игъуэджэкlэрэи ″у″ми елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ.

Мыбыхэм нэмыщl, ″д, т, тl″ макъ гупым япэ къэхъуа макъым –ар дэтхэнэрауи лъытэ- и макъ мыхьэнэм елъытащи, дэтхэнэ зыми и мыхьэнэр ″ы″м екlуэлlэныгъэ иlэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, мы макъ гупым хэт ″д″ макъыр джыгъуэ лlэужьыгъуэу, ″т″ макъыр максимум джыгъуэ лlэужьыгъуэу ″и″м елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэхэрщ; джыгъуэ лlэужьыгъуэ ″д″ыр и мыхьэнэкlэрэ зэхэлъыныгъэу зэрыщыткlэрэ, ″и″ зэхэлъыныгъэу ″у″ми елъытарэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Дэтхэнэ гуэрыр джыгъуэрэ джыгъуэ зэпкъырылъыныгъэу (д), и кlуэцlым ирищlэрэ джыгъэщlэ (и) къызэрыщыхъукlэрэщ ар зэрыужьри, ″тl″ макъри мыпхуэдэ джыныгъэрэ ужьыгъуэ къэзыгъэщl макъыу ″и″ми икlи ″у″ми елъытапхъэ мыхьэнэ зиlэрэ абыхэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ.

Мыбдежым щыпыщапхъэщи, ″ы″м елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэр икlи бзэм флырыфlкlэ занщlэу ″макъ псалъэ″у хэхьэкъыми, макъ мыхьэнэкlэрэ хэлэжьыхьущ бзэм зэрыхэтхэр. Мыпхуэдэ макъ гуэрхэр макъ къэхъуныгъэу япэ къэхъуа макъхэм зэрыщыщыр, е зыхэт гупым япэ къэхъуауэ лъытапхъэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ; икlи, мы макъхэм ипэкlэ тежытlыхьахэм мыпхуэдэхэр къызэрыхэщри гулъытапхъэщ. Бзэ ухуэныгъэ пэщlэдзэу псэущхьэм (цlыхум) ахэр къызщыхигъэlукlым щыгъуэ ахэр я макъ мыхьэнэкlэрэ зэрихьэу щытауэ жыlэпхъэщи, ахэр бзэр зэрыухуэм дэщlыгъуу иужькlэу лъытапхъэщ бзэм ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьахэр. Аращи, и макъ мыхьэнэми зэрезэгъкlэрэ ″къ″ым ″макъ псалъэ″ къытехъукlакъым; ″кхъ″ыри мыпхуэдэщ; нобэ зы ″макъ псалъэ″у хэт ″хъы″ри зытеухуар и макъ мыхьэнэм зэрезгъкlэрэ зэрылъытэу иужькlэ къызэрыхъуар гулъытапхъэнщ; ″гъ″ макъым и мыхьэнэр нэхъ лъабжьэрэ куущ, ауэ абы къытехъукlа ″гъын″ псалъэр псэущхьэм и ″гъэ″ныгъэр зэрыувыlэм теухуарэ хуэlуауэ –ауэ зэрыигъуэкlэрэ- зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьауэ зэрыщытри

гулъытапхъэщ; къэхъупlэгъу макъи зимыlэрэ къытехъукlыж макъи зэрыщымыlэм зэрезэгъкlэрэ макъ мыхьэнэи зымыгъуэта ″р″ макъми ″макъ псалъэ″ къызэрытемыхъукlынури гурыlуэгъуэщ.

Макъ гупхэм щыщу япэ къэхъуарэ ″ы″м елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъхэри (лъ, ф, п) мыпхуэдэщи, ахэри къыщыхъуа дыдэм занщlэу ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьауэ лъытапхъэкъым. Ахэри нэхъыбэу я макъ мыхьэнэкlэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр, икlи къэхъупlэгъуу къыкlэлъыкlуэ макъхэр утыку къихьа нэужьу жыlэпхъэщ абыхэм я мыхьэнэр мы къэхъупlэгъу макъхэм елъытауэ наlуэрэ пыухытыкlа зэрыхъуарэ оригиналу ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ ″макъ псалъэ″хэри къащытехъукlари. Аращи, щыlэгъуэ зиlэм игъуэтыну лъэм лъабжьэ хуэхъуныгъэ зи мыхьэнэ ″лъ″ макъым къытехъукlа ″макъ псалъэ″у щыт ″лъы″р утыку къызэрихьа хъуа щlыкlэр псэущхьэм и ″лъэ″м лъабжьэ хуэхъурэ ар зэманкlэрэ къызтехъукlыр зэрыигъуэкlэрэ зэрылъыта щlыкlэрауэ жыlэпхъэщ; ″ф″ыри - абы и макъ мыхьэнэми зэрезэгъщи-оригиналу къызэрыlукlэрэ ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукlа макъыщ; ″п″ыри и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ оригиналу къызэрыlу щlыкlэкlэ занщlэу ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукlарщ.

Мыбы нэгъунэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэм я гугъу тщlащи, абыхэм фlырыфlкlэ ″макъ псалъэ″ къазэрытемыхъукlым, къатехъукlыу щытэ, ахэр зэрыухуа хъуа щlыкlэм дыхэплъэжащ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″ы″р а нэхъ къежьапlэрэ лъабжьэу щыт оригин къалэн зыгъэзащlэ макъыу щытращ. ″Ы″р оригинщ ауэ ″лъабжьэ″ щыжытlэм деж, зы координат системэм (зэман системэ; щыlэгъуэ системэ) и ординатри (э; х) лъабжьэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи ит зэманыгъуэ гъэлъагъуэ ″о(эу) макъри лъабжьэу зэрылъытапхъэм къыщымынэу, къэхъупlэрэ къежьапlэу щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зыщыдж оригин къалэн зыгъэзащlэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlэ, ипэкlэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зи гугъу тщla макъ щэху гуэрхэм икlи геометрие координат системэм и ординатым (х) екlуэлlэныгъэ зэрызыхуaлэ щlыкlэкlэ, икlи ″о(эу)″ми екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэ щlыкlэкlэ зэреплъын хуейри гурыlуэгъуэнщ. Икlи, ″о″м елъытауэ нэхъ оригину зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ ″ы″ри, ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэм ″о″м игъэзащlэ оригиналыплэми екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэфынур гурыlуэгъуэнщ. А нэхъ оригиналыплэр зэрылъытэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэхэр зэман ужьыгъуэ итыплэу щыlэгъуэ зыгъуэт сытри щыдж ″о″ми тыншу екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэнур гулъытапхъэ щхьэ, апхуэдэхэр бзэ лэжьэкlэм къыщыгъэлъэгъуэфынур зи гугъу тщlы макъ щэхум и мыхьэнэми елъытарэ зэрытеухуар гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ мы жытlахэм къызэрыхэщкlэрэ, ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэр ″о″ми екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэм деплъынщ. ″М″ макъыр ещанэ суетым и ит зэманыгъуэр къызэрыlуатэм (мэхъу, макlуэ) мыпхуэдэ

лъабжьэ иlэу лъытапхъэщ; къежьаплэ зи мыхьэнэ ″къ″ыр ″ы″м зэрекlуалlэм хуэдэжу, къэхъур къыздыщыхъу ит зэманыгъуэри зы къежьаплэу зэрылъытэкlэрэ ″о″ми еплъытэрэ ебгъэкlуалlэ хъуну къыщlэкlынщ; ″ы″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэм папщlэ, ″о″ми екlуалlэу кlыщlэкlыну лъытапхъэнщ ″кхъ″ыр, ауэ мыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэ щыlэкъым; хъур къызтехъукl лъабжьэу ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″хъ″ыр икlи хъур къыздыщыхъурэ хъуурэ зекlуэр щыдж ит зэманыгъуэу оригиныплэ ″о″ми елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ; ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″гъ″ыми зэманкlэрэ (э) лэжьэкlэ игъуэту ″гъэ″ къызэрытехъукlым зэрезэгъкlэрэ, ари ″о″ми еплъытэрэ ебгъэкlуалlэ хъуну къыщlэкlынщ.

Ауэ, ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″р″ым икlи ″о″ми елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэкъым. ″Ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрэ ″о″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэ щхьэ, бзэм мыпхуэдэ лэжьэкlэ зыхыумылъагъуэу зи гугъу тщla макъ щэхухэм хуэдэщ ″ы″м екlуэлlэныгъуэ зыхуиlэу зи гугъу тщla ″лъ, ф, п″ макъхэри, ахэри ″о″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэм теухуа бзэ лэжьэкlэ щапхъэ щыlэкъым.

*

″Ы″м елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэм хуэдэу ″о″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъхэм теухуауэ мы къэтlуэтахэм нэмыщl, и мыхьэнэр лъабжьэ мыхьэнэу щыт мы макъ щэхухэм щыщ гуэрхэм икlи геометрие системэм и ординатыплэм (х) екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр ипэкlи къыхэдгъэщауэ щытщи, нытlэ мы ипэкlэ зи гугъу тщla мы макъ щэхухэм (къ, кхъ, хъ, гъ; р; лъ, ф, п) илъабжьэкlэ мыпхуэдэ еплъыкlэкlэ дахэплъэжынщ.

″Кхъ″ым теухуауэ жыlэпхъэр куэдыщэкъым; ауэ, абы къыкlэлъыкlуэрэ къытехъукl ″кхъу″ макъыр зы ″и″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэкlэрэ ″кхъ″ыр ″х″ым екlуэлlэныгъэ зиlэуи лъытапхъэщ. Зы джыгъуэрэ (и) щыlэгъуэм (у) зы лъэ зэригъуэтыр гурыlуэгъуэщи, ″лъэ″ къызтехъукl лъабжьэу ″лъ″ыр джыгъуэрэ (и) щыlэгъуэ (у) лъабжьэу (х) щыlэгъуэ геометрие системэм и ординат ″х″ым екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи лъытапхъэщ. Щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэр зэрихь къару лъабжьэр зэрылъытэращ ″ф″ макъ мыхьэнэри, ар щыlэгъуэм зы теплъэрэ ″фэ″ зэригъуэту икlи зы ″фlы″гъуэу утыку къызэрихьэм лъабжьэ хуэхъу къарууэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″ф″ыми щыlэгъуэ геометрие ординат ″х″ым екlуэлlэныгъэ иlэу лъытапхъэщ.

Ауэ, ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ щхьэ, лъабжьэ мыхьэнэ зимыlэхэр хэтщ зи гугъу тщla мы макъ щэхухэми, щыlэгъуэ джыгъуаплэ лъабжьэу ″х″ым екlуэлlэныгъэ зимыlэу лъытапхъэхэр яхэтщ. Мыпхуэдэщ дэтхэнэ гуэрым и гъунапкъэм ецырхъыныгъэкlэрэ щыlэгъуэ щlыбыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэуэ ″п″ыри, абы щыlэгъуэ геометрие ординатым екlуэлlэныгъэ иlащэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″П″ым нэмыщl, бзэм ″п″ым хуэдэ къалэнкlэрэ хэлэжьыхьу хэтрэ, къежьаплэ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу тлъыта ″къ″ макъри и

мыхьэнэкlэрэ щыlэгъуэ геометрие ординату щыт ″х″ым екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэкъым. Нытlэ, джыгъуэр (и) щхьэжу зэрымылъытэ ″къ, п″ макъхэм я мыхьэнэр зы ″и″ лlэужьыгъуэу щытрэ геометрие системэ (и-системэ) ординатри зэрылъыта ″х″ым екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ахэр джыгъуэр къыздыщыхъур зэрылъытэ макъхэу щыт щхьэ, щыгъуэм езыр зэрылъытэ макъхэкъым. Ауэ нэгъуэщl зы еплъыкlэкlи, зы къэхъуплэм къыхэужьыкlыу утыку къихьэр зэрылъытэ ″къу″ макъыр зы лъабжьэрэ ″х″ыплэм къытехъукlыу зэрыщытым папщlи, къызтехъукl ″къ″ыр икlи ″х″ым екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи плъытэ хъунущ. Дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыткlэрэ къэзыгъэлъагъуэ ″р″ макъри мыхьэнэ зимыlэрэ дэтхэнэ гуэрми лъабжьэ хуэхъуу зэрыщытым зэрезэгъщи, джыгъуэрэ ″х″ыми екlуэлlэныгъэ зыхуимыlэрщ.

Мыбыхэм нэмыщl, ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу, геометрие системэм къыщыхъу дэтхэнэ гуэрым (функцэм) лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэращ ″хъ″ыри, ар икlи системэ ординатыр зэрылъытэ ″х″ыри къызтехъукl лъабжьэрщ. Мыбыи къыщымынэу, щыlэгъуэ зыгъуэтрэ щыlэгъуэр къызэрекlуэкl ″хъу″ри ″хъ″ыращ къызтехъукlыр. Аращи, ″хъ″ыр ″х″ыми и лъабжьэу абыи ипlэ зэриувэращ мы псалъэхэм къикlри, ″х″ макъыр къызтехъукlар ″хъ″ макърауэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″хъ″ыр ″х″ым нэхърэ нэхъ лъабжьапlэу, ″и-системэ″рэ абы и ординат ″х (и)″ыри къызтехъукla лъабжьэуи зэрылъытапхъэр зэрыгурыlуэгъуэщ. Мы системэм (геометрие) елъытауэ ″хъ″ыр зытеухуар абы елъытарэ нэхъ лъабжьэу зэрыщыткlэрэ, абыи лъабжьэ хуэхъу зэман системэрауэ (э-системэ) зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. ″Гъ″ыри зы лъабжьэ мыхьэнэуэ ″х″ыми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ, ауэ ари нэхъ лъабжьэу зэман системэм теухуауэ зэрылъытапхъэри абы и гугъу щытщlым деж къыщытlуэтагъэххэщ.

*

Лъабжьэрэ къежьапlэ мыхьэнэ зэрыраlэм ипкъ иткlэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зи гугъу тщla макъхэм къаклэлъыкlуэу утыку къихьэрэ къатехъукlыжу лъытапхъэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэми ″ы″ нэужьу утыку къихьэ макъ lуэрхэм екlуэлlэныгъэ зэрызыхуalэр гулъытапхъэщи, мыбыхэми дахэплъэжынщ.

″Ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″м″ макъым къытехъукlыж ″н″ макъым кlуэтэгъуэрэ екlуэлlэныгъэ къалэн зэригъэзащlэкlэрэ ″э, и(иэ)″м екlуэлlэныгъэ хузиlэрщ. ″М″ нэужь къэхъуа макъыу лъытапхъэ ″хь″ макъри ″э″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр ипэкlи къыхэдгъэщагъащ.

″Къ″ макъым бзэгум къыщытехъукlыжа ″кl″ макъри (″чl″ри) зэманкlэрэ къэхъур утыку къызэрихьэр зэрылъытэ макъыу, ″э″мрэ абы елъытауэ утыку къихьэ джыгъуэр зэрилъытэкlэрэ ″и″м, икlи нэхъ зэрыигъуэкlэрэ ″эй″ым и ″пулсив″ыгъэм елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ. ″Кхъ″ макъым бзэгум къыщытехъукlыж ″к, ч″ макъри зы джыгъуэ лlэужьыгъуэр

зэрылъытэ щIыкIэкIэ ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъхэу лъытапхъэщ. ″Хъ″ макъым бзэгум къыщытехъукIыж ″х″ макъыр щыIэгъуэ лъабжьэр зэрылъытэу ″и″м екIуэлIэныгъэ зэрызыхуиIэм ипэкIи и гугъу тщIагъаххэщ. ИкIи, зэманыгъуэкIэрэ джыуэ утыку къихьэ щыIэгъуэ геометрие системэм и лъабжьэу лъытэ и зы ″и″ лъэныкъуэри математикэ ″х″ыуэ зэрылъытар гурыIуэгъуэщи, ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″х″ыр икIи ″и″ лъабжьэу ″и-системэ″м и ординатыр зэрылъытаращ. ″Гъ″ макъым бзэгум къыщытехъукIыж ″г, гь-дж″ макъхэми я мыхьэнэр джыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъхэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Бзэгум хьэрычэт зэригъуэт щIыкIэкIэ ар макъ къэхъуныгъэм зэрытехьэкIэрэ утыку къихьа ″жь″ макъыр увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэтыр зэрылъытэ макъыу ″э″м зэрытехуам хуэдэжщи, абы бзэгуку лъэныкъуэр зи къэхъупIэу къытехъукIыжа ″ж″ макъри ″э, е(иэ, иэй; эй, эйй)″ макъхэм екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу лъытапхъэщ. ″Ж″ыр икIи сытри псынщIэ дыдэу зэпызыщIэ макъщи, мыпхуэдэу функциал кIуэтэгъуэкIэрэ гъэзащIэр и оригиналыпIэм зэрыришэм ипкъ иткIи, ″ж″ым игъэзащIэ псынщIэрыкIуэкIэр функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэр зэрылъытэ ″э″м зэрелъытапхъэрэ екIуэлIэныгъэ зэрызыхуиIэм къыщымынэу икIи ″э″р ″ы″пIэм зэрекIуэлIэжми (э → ы) теухуэрэ екIуалIэу лъытапхъэщ. Аращи, ″жь″ымрэ ″ж″ым ягъэзащIэм теухуауэ мыр жыIэпхъэщ: и лэжьэкIэм теухуауэ мыхэр зыхужытIа ″ж″ыр къытехъкIа нэужь, ″жь″ыр бзэ лэжьэкIэу функциалу щымытрэ итыныгъэ зимыIэ хьэрычэтыр зэрылъытэу, ″э″ бэгъуэныгъэм елъытапхъэрэ екIуэлIэныгъэ игъуэтауэ жыIэпхъэщ. Ауэ абы къытехъукIарэ абы и хьэрычэтыгъэр псынщIэ дыдэу зезгъакIуэ ″ж″ыр сытри генератикэу зэпызыщIэфрэ сытми лъэIэсыныгъэрэ хуэкIуэфыныгъэ зиIэрщ. ″Ж″ым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьарэ мы макъ гупым щыщу лъытапхъэр ″з″ макъращи, ″ж″ыр сытри зыпызыщIэфу зэрыщыткIэрэ абы къыкIэлъыкIуэу къэхъуа ″з″ыр сытри зэпыщIарэ зэпкъырыуваУэ зэрылъытэфу, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэр щхьэжу зэрылъытэфырщ. ″З″ыр дэтхэнэ джыгъуэрэ щыIэгъуэр щхьэж зэрылъытэу ″и″мрэ ″у″ми елъытапхъэрэ екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщи, ″з″ыр ″ж″ыкIэрэ гъэзащIэ генератикэ зэпыщIэныгъэр зэрызэхэлъыжкIэрэ утыку къихьэр щхьэж зы ужьыгъуэрэ лIэужьыгъуэу (у) зэрылъытэрщ; дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэу (и) зэрылъытэрщ.

Дэтхэнэ зы джыгъуэрэ ужьыгъуэ лIэужьыгъуэр зэрылъытэ ″щ″ макъым къытехъукIыж ″щI″ымрэ ″ш″ макъри джыгъуэ лIэужьыгъуэу ″и″м елъытапхъэрэ екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ макъхэщ. ″У″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″щ″ым мы къытехъукIыж макъхэр нэхъ игъуэу ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуаIэуи лъытапхъэщ, ауэ ″у″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″щ″ым и лимитацэу лъытапхъэу къытехъукIа ″щI″ макъыр икIи зы ″у″ lыхьэрэ пыухытыкIауэ щыт ″lу″ми екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ар щхьэ, мы макъ гупым щыщу бзэгупэ лъэныкъуэр зи

къэхъупlэу къатехъукlыжауэ лъытапхъэ ″с″ макъыр ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэкъым. Дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэр утыку къызэрихьэрэ зэрызэхъуэкlым лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэу, оригинылlэм щыгъэзащlэрэ къыщекlуэкlым теухуа мы и мыхьэнэкlэрэ ″с″ыр ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ; икlи ″о″м щыгъэзащlэм зэрытеухуакlэрэ ″о″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэрщ.

*

Зы къэхъупlэр я къэхъупlэу утыку къихьа макъ гупхэм я ипэрей макъхэр ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зэрыщытым ипэкlэ и гугъу тщlащи, мыбдежым абыхэм къакlэлъыкlуэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэныр зытеухуэрэ зэкlуалlэ макъ lуэр геометрикэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Лъ″ макъ къэхъупlэм къыщыхъуарэ къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″л″ макъыр зэманкlэрэ утыку къихьэ зы джыгъуэр зэрылъытэ макъыу, ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ. Ауэ, мы псалъэм зэманыгъуэрэ кlуэтэгъуэр къызэрыхэщри гулъытапхъэщи, щыlэгъуэ системэм щыгъэзащlэ кlуэтэгъуэр ″л″ыкlэрэ зэрылъытэм зэрезэгъыу, ″л″ыр икlи мыпхуэдэ кlуэтэгъуэу ″э″мрэ ″и″ кlуэтэгъуэу ″е(иэ)″ми екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр гулъытапхъэщ.

″Ф″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″фl″ыр дэтхэнэ гуэрыр зэрыджрэ зы хъугъуэ-фlыгъуэр зэрылъытэращи, мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ абы ″и″м икlи ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэщ. Мы макъ гупым щыщу утыку къихьа ″в″ макъыр ″ф″ къарур зэрыгъэлейрауэ лъытапхъэщи, зэманкlэрэ ″ф″ым утыку къыригъэхьэм (фэ) теджыхьыжыныгъэу ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ.

″П″ макъым къыкlэлъыкlуэу къэхъуа ″пl″ макъри зыгуэрыр и гъунакъэкlэрэ ″п″ къекlуэкlыкlэу, а гуэрыр зэрыджрэ зэрыужьыр зэрыгъэзащlэ мыхьэнэ зиlэу, ″и″рэ ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ. Ауэ икlи мы lуэхугъуэкlэрэ утыку къихьэрэ джыр ″б″ыкlэрэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэ ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу ″б″ыр ″у″м нэхъ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщ. Аращи, зэлъытэгъуэкlэрэ къэхъу ужьыгъуэращ (у) ″б″ макъым и мыхьэнэри, мы и мыхьэнэкlэрэ ″б″ыр ″у″м и бзы лlэужьыгъуэу ″у″м занщlэу екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ.

Зы макъ гупу япэу утыку къихьа макъми ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуимыlэу ипэкlэ зи гугъу тщla ″д, т, тl″ макъхэри джыгъуэ лlэужьыгъуэ мыхьэнэ зэрыраlэм ипкъ иктlэ, ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъхэщ. Ауэ ″д″ыр икlи зы зэхэлъыныгъэрэ зэпкъырылъыныгъэр зэрылъытэ макъыу, ″у″ми теухуэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ. Мы макъ гупым щыщу ужьыгъуэр къызэрыхъу лъабжьэрыджщ ″тl″ макъ мыхьэнэри, ар ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ, ауэ и мыхьэнэр ″у″ лlэужьыгъуэрэ ″у″р къызэрыхъум лъабжьэ хуэхъуныгъэу щыт ″тl″ыр икlи ″у″ дифферэнциалуи (*d*y) лъытапхъэщ.

*

Мы зи гугъу тщlахэм ″у″кlэрэ къэlу макъ щэхухэр зэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, абыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зи ужьыгъуэу къызтехъукlа макъ мыхьэнэм елъытащи, ″у″кlэрэ къэlуу ухуа дэтхэнэ зы макъыр ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″у″кlэрэ къэlуми, ″у″кlэрэ къэlуу ухуа макъ псори щыlэгъуэ зиlэм теухуа ужьыгъуэ мыхьэнэуэ зэрымыухуэнури гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ ″гъу″ макъри, ар къызтехъукlа ″гъ″ макъым и мыхьэнэм елъытауэ зы лъабжьэ мыхьэнэ зиlэра щхьэ, щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр зыдитыплэрэ и гъуэр къызтехъукlыу зэрыщыткlэрэ, къэхъурэ щыlэгъуэ зыгъуэтыр къыздыщыхъу зы оригиналыплэу, ″ы″м, икlи ″о(эу)″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ. ″Гъу″м зэманыгъуэ зэригъуэткlэрэ къытехъукlыр ″гъуэ″ращи, ар зы итыплэу ″о″м нэхъ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрауэ лъытапхъэщ, ауэ икlи щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрым плэ хуэхъурэ зы джыплэрщ ″гъуэ″ри, мыпхуэдэуи ″и″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ.

Джыныгъэ зи мыхьэнэ ″гь″ым и ужьыгъуэ ″гу″р джы ужьыгъуэу увыlэгъуэ зимыlэу джыр зэрылъытэу ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ мыхьэнэщ. Мыпхуэдэ дэтхэнэ зы джыгъуэри зы ″гу″ лlэужьыгъуэущ зэрылъытэр.

Зы джыгъуэу лъыта ″к″ым и ужьыгъуэу утку къихьэ ″ку″ри аргуэру зы джыплэ зэрылъытэкlэрэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ. ″Ку″р джыгъуэ лlэужьыгъуэу щыт ″к″ыхэм я зэхуакум къыдэхъухь ужьыгъуэу ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ; икlи, зы ужьыгъуэ зэхуакуу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэи ″lу″ми нэхъ еплъытэ хъунурэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи лъытапхъэщ. Ауэ икlи, ″ку″р щхьэжу езыр езырурэ къэхъу ужьыгъуэу зэрыщымытрэ ″к″ыхэм я зэлъытэгъуэкlэрэ къызэрыхъум ипкъ иткlэ, ″у″м зэреклуалlэр убзыхугъэу зэрыщыткlэрэ ″ку″р ″у″м зэреклуалlэ щlыкlэри ″пl″ым къигъэщl ″б″ым хуэдэу бзыгъэкlэрэу лъытапхъэщ.

Зэманкlэрэ джырэ утыку къихьэр зэрылъытэ ″кl″ым и ужьыгъуэ ″кlу″ри занщlэу ″у″м теухуэрэ хуэкlуэу лъытапхъэкъыми, пулсив (кl → эй) гуэритlым я зэлъытэныгъэкlэрэ къахъу ужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъщ ″кlу″ри ″у″м зэреклуалlэ щlыкlэр. Мыпхуэдэ щlыкlэкlи, ″кlу″р ″у″м елъытапхъэмэ, абы нэхърэ ″lу″м нэхъ еплъытэ зэрыхъунури гулъытапхъэщ. Аращи, ″кlу″р щхьэж ужьыгъуэу зэрыщымытрэ ″кl″ыхэм я зэрызэлъытэгъуэкlэрэ къызэрыхъум ипкъ иткlэ, ″кlу″р икlи ″у″м зэреклуалlэри ″б″ыр ″у″м зэреклуалlэм хуэдэу убзыхугъэрэ бзыгъэкlэрэщ.

″Къ″ым и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы и ужьыгъуэу утыку къихьэр (къу) зы джыгъуэрэ (и) ужьыгъуэ лlэужьыгъуэуи (у) щытырщи, мыпхуэдэу ухуэ ″къу″ макъ мыхьэнэр ″и″м хуэдэжу ″у″ геометриеми елъытапхъэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ.

″Кхъ″ым и ужьыгъуэу утыку къихьа ″кхъу″м и мыхьэнэри зы джыгъуэу зэрыщыткlэрэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр гулъытапхъэщ, ар икlи ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъыу лъытапхъэщ.

Щыlэгъуэ лъабжьэрэ геометрие системэми ординат хуэхъу ″х″ым и ужьыгъуэу ухуэ ″ху″ макъыр щыlэгъуэ лъабжьэрыкlуэкlэ ужьыгъуэу, дэтхэнэ зы щыlэгъуэр зэрызекlуэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщ. ″Ху″м мы и мыхьэнэр икlи щыlэгъуэ къару зи мыхьэнэ ″ф″ым зэрытеухуэр гулъытапхъэщ; ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, ″ф″ыр щыlэгъуэр зэрызекlуэ къарур зи мыхьэнэщи, ″ху″р ар зэрызекlуэр зэрылъытэрщ. Бзэм хагъэзэщlыхьыр зэтехуэми, я мыхьэнэхэр мы зэрызэщхьэщыкlым зэрелъытащиэ, дэтхэнэ гуэрыр мы зэрыкlуатэр зэрылъытэ ″ху″м игъэзащlэр икlи ″э, е(иэ)″ макъхэм я къалэным екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэри гулъытапхъэщ.

Ауэ, ″у″кlэрэ къэlуу ухуа макъхэм щыщу занщlэу ужьыныгъэм теухуа мыхьэнэ зыгъуэтыр ″хъу″ращи, ар къызтехъукlа ″хъ″ макъ мыхьэнэр сытми и лъабжьэр зэрылъытапхъэу, дэтхэнэ гуэрым теужьыкlрэ ужьыныгъэу къэхъур ″хъ″ыр ″у″кlэрэ лажьэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, ″хъу″ макъ мыхьэнэр занщlэу ″у″м екlуэлlэныгъэрэ теухуэныгъэ зыхуиlэ макъырщ.

*

Дэтхэнэ зы функцэр системэм щылъытэр ″у″кlэрэу зэрыщытым и гугъу тщlагъэххэщи, ″у″ри ужьыгъуэ зи мыхьэнэуэ хъуурэ къекlуэкlыр зэрылъытэ макъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ужьыныгъэрэ хъууэ щытыр щхьэжу зэрылъытэ ″у″ макъ lуэрым занщlэу екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэри щхьэжу хъуныгъэ зэрылъытэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыбыхэм щыщ макъ гуэрхэм я мыхьэнэр хъуныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуащэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри япэрауэ ″у″кlэрэ къэlуу ухуэ макъхэм щыхэлъыхъуэн зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ. Мыбы теухуа нэхъ щапхъэфlри ″у″кlэрэ къэlуу ухуа ″хъу″ макърауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы мы ипэкlи и гугъу тщlагъэххэщ. Зы лъабжьэр (хъ) зэрыужьрэ (у) лъабжьэм (хъ) теужьыкlыныгъэращ (у) ″хъ″ макъыр ″у″кlэ къэlуу утыку къихьа ″хъу″ макъ мыхьэнэри, ар икlи ″у″м утыку къырилъхьэ хъугъэри зэрылъытэ макъыу зэрыщыткlэрэ ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъщ. Мыбы нэмыщl, ″у″кlэрэ къэlуу утыку къихьа ″ху″ макъри лъабжьэрыужьыгъуэ мыхьэнэкlэрэ ″хъу″ макъым къыкlэлъыкlуэу хъугъэ зи мыхьэнэ макъщ. ″У″кlэрэ къэlуу ухуа ″къу, кхъу″ макъхэри макъыхъуу жыlэпхъэщ, ауэ ахэри ″хъу″мрэ ″ху″м хуэдизу хъугъэ зиlэ макъхэу лъытапхъэкъым. ″У″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу тлъыта ″тl″ макъыр икlи ужьыгъуэ къызэрыхъуну дифферэнту зэрытлъытами зэрезэгъщи, ″тl″ макъри ″у″рэ ″хъу″м хуэдизу макъыхъуу лъытапхъэщ.

Ауэ, макъхэм теухуауэ ипэкlэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэм макъ гуэрхэр ″у″м зэреклуалlэр занщlэу зэрымылъытапхъэри къыщыхэдгъэщащи, ахэр ″у″м зэреклуалlэ щlыкlэр хъугъэ нэхърэ бзыгъэ мыхьэнэ зэрыраlэкlэрэ убзыхуныгъэкlэрэщ. Араща, ужьыгъуэрэ хъу лlэужьыгъуэ ″у″м игъэзащlэр занщlэрэ щхьэжу зыгъэзащlэ макъхэр макъыхъу лъытапхъэмэ, ″у″м мы игъэзащlэр занщlэрэ щхьэжу имыгъэзащlэ щхьэ, зыгуэрым къыхэкlрэ зэрелъытакlэрэ зыгъэзащlэ макъхэм ″у″м зэреклуалlэ щlыкlэри

бзыгъэрэ убзыхугъэкlэрэу зэрытлъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ макъхэри макъыбзу лъытапхъэщ. Ауэ макъыхъуу лъытапхъэхэм теухуауэ ипэкlэ къэlуэтахэм зэрыхэплъагъуэщи, хъу лlэужьыгъуэ макъхэм я валорыр зэхуэдэу зэрымылъытапхъэм хуэдэжу, макъыбзхэм я бзыгъэ валорхэри зэхуэдэу лъытапхъэкъым. Абыхэм я мыхьэнэрэ бзыгъэу я валорхэр къызэрыхъуа щlыкlэмрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьым елъытащи, нытlэ мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъыбзу лъытапхъэхэм я нэхъыщхьэр ″б″ макърауэ жыlэпхъэщи, ар ″у″м и ″ужьыгъуэ″ мыхьэнэм ″зэрелъытэ ужьыгъуэ″у бзыгъэкlэрэ нэхъ теухуэ макъращ. Абы къыкlэлъыкlуэу жыlэпхъэщ ″кl″ырэ ″к-ч″ыкlэрэ къэхъу ужьыгъуэ лlэужьыгъуэ ″кlу″рэ ″ку″р. Мы макъитlым къыкlэлъыкlуэ макъыбз лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ ″н″ыри, ар къыкlэлъыкlуэу къэхъунум лъабжьэрэ къежьапlэ хуэхъур зи мыхьэнэкlэрэ макъыбзщ. Увыlэгъуэ зимыlэу джырэ дэтхэнэ зы джыгъуэ lэнатlэр зэрылъытэм нэмыщl, мыпхуэдэу зэрылъытапхъэкlэрэ псэущхьэ кlуэцlым илъ зы lэпкълъэпкъыр зы ″макъ псалъэ″у ″гу″уэщ зэрылъытари, псэущхьэпкъым лъабжьэ хуэхъуу ар къызхэхъукларэ абы къежьапlэ зэрыхуэхъуарауэ жыlэпхъэщ ″гу″ макъыр бзэм макъыбз щlыкlэкlи зэрыхэлэжьыхьым лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар.

Гулъытапхъэщи, мы макъхэр нэхъыбэу я макъ мыхьэнэм елъытауэщ макъыбзу зэрылъытапхъэхэр. Ауэ, бзыр псэущхьэм къежьапlэрэ лъабжьэ зэрыхуэхъурэ ар зэрыбагъуэм теухуа псэущхьэ лъэпкъ лlуэжьыгъуэращи, цlыху зэхэтыкlэм ипкъ иткlэ, бэгъуэныгъэм теухуахэри кулътуралу ″бзы″гъэ зиlэущ зэрылъытар. Мыпхуэдэщ куэдагъэу зэхэту зэрыщыткlэрэ бэгъуэныгъэм и символу лъыта ″цы″ри, мы ″макъ псалъэ″мрэ ар зэрыухуа ″ц″ макъри адыгэбзэм бзыгъэ зиlэу хэлэжьыхь хъуащ.

Макъыхъурэ макъыбзхэм теухуауэ мы къэтlуэтахэр а макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытар гулъытапхъэщ, икlи мыбдежым макъхэр макъыхъурэ макъыбзу зэрылъытапхъэм къызэрыпытщэфынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мы ипэкlэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэным теухуауэщ ахэр макъыхъурэ макъыбзыу зэрызэщхьэщыдгъэкlыр. Ауэ, мы ипэкlэ къэтахэм щыщу иужь дыдэ къыпытщэжа ″ц″ макъыр и къэхъуныгъэрэ мыхьэнэм теухуауэ макъыбзыу зэрымылъытар гулъытапхъэщ.

*

Макъ щэхухэр зэкlуалlэ макъ lуэрхэм теухуауэ мы къедгъэкlуэкl лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, зэхуэдэ макъ lуэрхэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри зэщхьрэ зэкlуэлlэныгъэ зэрызыхуаlэр гулъытапхъэщ. Икlи, макъ щэхухэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ lуэрхэри зэлъытар макъ щэху мыхьэнэращи, макъ щэху гуэрхэм ягъэзащlэ lуэхугъуэр зэрызэтехуэри мыращ. Ауэ, зэхуэдэ макъ lуэрхэм екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрелъытар гурыlуэгъуэщи, зэхуэдэ макъ lуэрхэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ

макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщlыхьыр фlэкlыпlэ имыlэу зэтеухуэнурэ зэкlуэлlэныгъэ зыхуиlэну щыткъым.

Мыбдежым зэхуэдэ макъ lуэрхэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ бзэм хагъэзэщlыхьыр зэрызэтехуэм теухуа нэхъ щапхъэфlхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Макъ щэху нэхъыбэм я мыхьэнэм зэрыигъуэрэ зэрыгурыlуэгъуэу ″и″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр ипэкlэ къэтхахэм къызэрыхэщыр гулъытапхъэщи, ахэр икlи ″и″ри къызэрытlуатэ ″дж″ макъ мыхьэнэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъхэрщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, ″дж″ыри зыхэт макъ гупым щыщу ″г, гь, гу, дз″ макъхэр мыпхуэдэщи, дэтхэнэ зыр ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу тлъыта мы макъхэм я мыхьэнэр ″и″р къызэрытlуатэ ″дж″ макъ мыхьэнэм и зы варянту лъытапхъэщ. Макъхэм я нэхъыбэм я мыхьэнэр мыпхуэдэу джыгъуэ лlэужьыгъуэу ″и″м екlуэлlэныгъэ зэрызыхуаlэр гурыlуэгъуэщи, псалъэм папщlэ ″з, д, т, щl, ш, к-ч, кl-чl, л, пl, фl, в″ макъхэм я мыхьэнэхэр джыгъуэ лlэужьыгъуэу ″дж″ макъ мыхьэнэм екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэрэ геометрикэ мыхьэнэуэ ″и″м зэрекlуалlэр гулъытапхъэщ.

″И″м екlуэлlэныгъэ зыхуаlэрэ джыгъуэ лlэужьыгъуэу ″дж″ макъми теухуэу мы къэта щапхъэхэм ″х″ыри зэрыхэтыпхъэр гурыlуэгъуэщи, ар зы ″и″ лъэныкъуэрэ лъабжьэр къызэрыlуатэм папщlэ, щхьэхуэу тепсэлъыхьын зэрыхуейращ мыбыхэм зэрыхэдымыгъэхьар. Аращи, ″х″ макъыр ″и-системэ″м и ординатыр зэрылъыта макъ мыхьэнэуэ, зы ″и″ лъэныкъуэр лъабжьэу зэрылъытауэ ″дж″ макъ мыхьэнэм лъабжьэкlэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ: ″х″ыр щыlэгъуэ системэм щыджынум лъабжьэ хуэхъуу зэман системэми и зы джыгъуэ (и) лъэныкъуэр зэрылъытэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мыбдежым щыпыщапхъэщи, джыгъуэ лlэужьыгъуэрэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу ипэкlэ щапхъэу къэтахэр икlи ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ: ″у″рэ ″и″р зэрызэтеухуакlэрэ (*″y = f(t); f(x)″* → ″и = *f*(э); *f*(х) = у″) ″и″ лlэужьыгъуэу лъытэр икlи зы ″у″ лlэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

″И″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу зи гугъу тщlа мы макъхэм ″и″ри къызэрытlуатэ ″дж″ым екlуэлlэныгъэ зэрызыхуаlэр жытlагъэххэщи, мы макъхэм дэтхэнэ зым и мыхьэнэр ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу тлъыта адрей макъхэм дэтхэнэ зыми екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэфынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи мы макъхэм ″и″м нэмыщl макъ lуэрхэм екlуэлlэныгъэ зэрызыхуаlэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъхэм занщlэрэ фlэкlыпlэ зэримыlэкlэрэ зыр зым екlуэлlэныгъэ зэрызыхуимыlэфынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, макъ мыхьэнэ зэкlуэлlэныгъэр нэхъ лъабжьэкlэрэ макъ мыхьэнэхэращ зэлъытари, зэхуэдэу ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуаlэу тлъыта мы макъхэм зыр зым и мыхьэнэм теухуэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэн хуейуи зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Къежьапlэ мыхьэнэ зэрызыраlэкlэрэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″къ, п″ макъхэм я мыхьэнэмрэ бзэм хагъэзэщlыхьхэри зэтехуэрэ зэрызэкlуалlэр гурыlуэгъуэнщи, адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм мы макъитlым зэхуэдэ lуэхугъуэ зэрыхагъэзэщlыхь щапхъэщ мыхэр: «кlуэкъым - кlуэрэп».

Мыпхуэдэ щапхъэщ я мыхьэнэрэ бзэм хагъэзэщlыхьыр зэрызэлъыта макъитlыу щыт ″хь″мырэ ″кl″ макъыр. Аращи, ″э″рэ ″иэ″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″хь″ымрэ ″э″рэ ″и″м, икlи нэхъыбэуи ″эй″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″кl″ым бзэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэри мы зэкlуалlэ геометрикэхэм утыку къыралъхьэ зэхуэпэзадэныгъэкlэ зэщхьэщыкlыныгъэу зэлъытащ. Аращи, кlэух зыхуэхъур ″хь″ым занщlэу егъэкlуатэ (″э″м елъытапхъэрэ зэрекlуалlэ щlыкlэу), ″кl″ыми зи кlэухыр дырегъэкlуэтейр (″эй″м зэрелъытапхъэрэ зэрекlуалlэ щlыкlэу). Кlэух ″хь″ыкlэрэ кlуэтэгъуэ зыгъуэту къекlуэкl lуэхугъуэм -абы ипlэкlэ кlэух щыхъум деж- ″кl″ыкlэрэ кlэ егъуэтыр: «ихьэн – икlын; щlэхьэн – щlэкlын; исыхьын – исыкlын; щlэсыхьэн – щlэсыкlын».

Дэтхэнэ зы щыlэгъуэр зы функцэу ″у″кlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ″у″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″з, д, щ″ макъхэм я мыхьэнэхэми зэкlуэлlэныгъэ зыхуаlэрщ. Аращи, зэхэлъыныгъэрэ зэпкъырылъыныгъэр зэрылъытэ ″д″ макъымрэ дэтхэнэ зы щыlэгъуэр щхьэж зэрылъытэ ″з″ макъым щыlэгъуэр зэрылъытэ ″щ″ макъым екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэри гулъытапхъэщ. Аращи, ″щ″ым хуэдэу ужьыныгъэ зиlэ дэтхэнэ зы щыlэгъуэ лlэужьыгъуэр щхьэжу зэрылъытэф макъ мыхьэнэщ ″з, д″ макъхэр.

Къэхъунур зэрыгъэхьэзыр лъабжьэ зи мыхьэнэ ″с″ макъыр ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэщи, абы щыlэгъуэ лъабжьэ зэрыримыхьэнэри зыхэт макъ гупым елъытарэ зэрытеухуари гулъытапхъэщ. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, ″с″ыр ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу тлъыта дэтхэнэ зы макъ мыхьэнэм теухуэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэуи лъытапхъэкъым; ауэ, щыlэгъуэ лъабжьэм теухуа мыхьэнэ зиlэрэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу тлъыта ″хъ, гъ; лъ″ макъхэм екlулlэныгъэ зыхуиlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″хъу″р къызтехъукl лъабжьэр зэрылъытэ ″хъ″ым, ″гъэ″р къызтехъукl лъабжьэр зэрылъытэ ″гъ″ым, ″лъэ″р къызтехъукl лъабжьэр зэрылъытэ ″лъ″ым теухуэрэ екlуэлlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэ ″с″ыр мы макъ мыхьэнэхэм (хъ, гъ, лъ) хэлэжьыхьу абыхэм къытехъукlынухэр (хъу, гъэ, лъэ) зэрыгъэхьэзыр мыхьэнэ зиlэрщ.

### ″Макъ щэху зэгуэт″хэм ″екlуэлlэныгъэ″ зыхуаlэ ″макъ lуэр″ геометрикэхэм теухуауэ

Щхьэж макъ щэхухэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр макъ геометрием зэкlуалlэрэ зытеухуэ макъ lуэрхэр къыхэдгъэщащи, макъ щэху зэгухьэрэ зэхэжыхьахэри зэкlуалlэ макъ lуэрхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, мыхэр зэрызэкlуалlэ макъ lуэрхэр мыбыхэм хиубыдэ макъ щэхухэр зэрызэкlуалlэ макъ lуэрхэрхэм теухуащ. Ар щыхъукlи, макъ щэхуитlкlэ ухуа макъ зэгуэтхэр зэрыухуа макъ щэхуитlым екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ макъ lуэритl геометрикэ lыхьитl зыхэзыубыдэхэращ. Ауэ икlи, макъ щэху зэгуэтхэм я ипрей макъыр макъ эффекту хэтщи, зы макъ щэху зэгуэтыр нэхъ зытеухуа макъ lуэр геометриер клэух макъ щэхур зытеухуа макъ lуэру зэрыщытынури гулъытапхъэщ.

Зытеухуа джыгъуэ лlэужьыгъуэм и щхьэщыклыныгъэу максимум джыгъуэ (и) зыгъэзащlэ ″т″ макъ эффектыр лъабжьэ зи мыхьэнэ ″хъ″ыклэрэ зэрылажьэу ухуащ ″**тхъ**″ макъ щэху зэгуэтри, зы джыгъуэ лъэгаплэм (максимум джыгъуэм) къыщlидзэу а нэхъ лъабжьэм хуэкlуэныгъэ зиlэ мы макъ щэху зэгуэтыр къаруфагъэу лъабжьэрыщlрэ лъабжьэм хищlэныгъэ зи мыхьэнэуэ, зы ″и″плэ лъэгаплэм къыщежьэу зы ″хъ″ыплэми хэщlэныгъэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ ″тхъ″ыр къызэрыхъуари, ар зы ″и максимум″ щlыплэрэ а нэхъ лъэгаплэ джыгъуаплэм къыщlидзэу ″хъ″ лъабжьаплэм (″х″ым нэхърэ нэхъ лъабжьаплэщ ″хъ″ыр) хищlэныгъэ зи мыхьэнэращ. Мыпхуэдэ лъабжьэрыщlрэ лъабжьэрыхэщlэ мыхьэнэм и ужьыгъуэри (у) ″**тхъу**″ращи, ар лъабжьэрыщlэ ужьыгъуэрэ лъабжьэрыужьыгъуэу лъытапхъэщ.

″Т″ эффектыр щыlэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″х″ыклэрэ зэрылажьэу ухуэр ″**тх**″ макъ зэгуэтращи, ар максимум ″и″плэклэрэ (т) лъабжьэ (х) зыгъуэту утыку къихьэр зэрылъытэрщ. Абы и ужьыгъуэу утыку къихьэ ″**тху**″ макъ зэгуэтри мыпхуэдэ къаруфlагъэклэрэ щыlэгъуэ лъабжьэ зыгъуэтыр зэрыужьрэ зэрызеклуэр зэрылъытэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэклэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «тху, лъынтхуэ, псантхуэ»

Зэщхьэщыклыныгъэу ужьыгъуэ къэзыгъэщl къару зи мыхьэнэ ″тl″ макъыр ″у″м екlуэлlэныгъэ зэриlэр гурыlуэгъуэщи, абы и эффектыр зэманыгъуэклэрэ (э) джыуэ (и) щытыныр пулсивыгъэу ″эй″ми екlуэлlэныгъэ зиlэ ″кl″ыклэрэ лажьэу ухуэр ″**ткl**″ макъ зэгуэтращ. Мы къызэрыхъуар къызэрыlуэтами зэрезэгъщи, ″ткl″ым и мыхьэнэр ужьыныгъэ щхьэщыклыныгъэу ″у″р пулсивыгъэклэрэ (эй) лэжьэн щlыклэ зиlэрщ. Зэклуалlэ геометрикэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″ткl″ыр лъэщу хэджыклыныгъэрэ къыхэджыклыныгъэу ткlиягърэ ткlыбжьыгъэ къэзыгъэщlращ. Абы и ужьыгъуэ (у) макъ зэгуэтыр ″ткlу″ращи, ар зы пкъыгъуэм хищlэ ″ткl″ыгъэклэрэ ужьыгъуэ зыгъуэтрауэ, ″ткl″ыр зыхэщlа пкъыгъуэр зэрызэщхьэщыклклэрэ зэрыужьым ″ткlуаткlуэ″ къегъэхъури, а ″**ткlу**″ макъ зэгуэт мыхьэнэклэрэ къызэрыхъури ″ткlу″м занщlэу къытехъукl ″ткlун″ глаголклэрэщ къызэрыlуатэр.

Щыlэгъуэ лъабжьэу щытрэ ″у″ми екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″щ″ыр зытеухуам и щхьэщыклыу (т) зэрыджыр зэрылъытапхъэ макъ зэгуэт ″**щт**″ыр зы джыгъуэ зэрылъытапхъэклэрэ ″и″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрщ. Зы щыlэгъуэ зиlэр зырыщыlэм зэрыщхьэщыклрэ зыдэщытрэ зэрыщытым иклыныгъэ зэригъуэтыр ″щт″ макъ зэгуэтклэрэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэ

къэхъуэкlыныгъэу зыгуэрым ипlэр зэрызэхъуэкlри, зы псэущхьэр шынэн пэлъытэу и щыlэкlэрэ ипlэм зэрикlри бзэм ″щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ ухуа ″щтэн, къэштэн″ псалъэхэмкlэрэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр. Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, икlи зыгуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэм зэрикlыу щхьэщыкlыныгъэ зэригъуэтри ″щт″ макъ зэгуэткlэрэ лъытэу ухуа зы псалъэщ ″щтын″ри, ар зы ткlуаткlуэ лlэужьыгъэм и ткlуаткlуагъэм икlыу быдагъэ зэригъуэтыр къызэрыlуатэ псалъэрщ.

″У″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэ ″щ″ыр ″ы, х″м екlуэлlэныгъэ зыхуиlэрэ лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ ″хъ″ыкlэрэ зэрылажьэу ухуэ макъ зэгуэтщ ″**щхъ**″ыри, ужьыныгъэ (у) ехыгъуэрэ ухыгъуэ геометрием екlуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэкlэрэ лъабжьэрэ нэхъ ехыгъуэ щыlэгъуэр зэрылъытэу ухуа псалъэщ мыхэр: «ищхьэрэ, гъэщхъын». Абы и ужьыгъуэ макъ зэгуэтщ ″щхъу″ри, лъабжьэрэ ехыгъуэ щыlэгъуэ ужьыгъуэу зы щыlэгъуэр зэрызэхъуэкl щlыкlэр зэрылъытэу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «щхъухь, хущхъуэ».

Щыlэгъуэ зи мыхьэнэрэ ″у″м екlуэлlэныгъэ зиlэ ″щ″ макъыр ″цlыху″ псалъэр зипlэ иувэжа ″хьэ″ псалъэм къыпыхьэу ухуэ ″**щхьэ**″ри мы зэрыухуэ щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ зы псалъэщи, ар цlыхур зэрыужьыр къызпкъырыкlрэ дэтхэнэ зы ужьыгъуэ лъэныкъуэр зэрылъытэрщ. ″Щхьэ″р мыпхуэдэ лэжьэкlэм нэмыщl, мыбы къытехъукlыж лэжьэкlэу бзэм зэрызекlуэ щlыкlэри мащlэкъым.

Щыlэгъуэ зиlэм къыхэхъукl продукцэ зи мыхьэнэ ″ш″ыр зы джыгъуэу ″и″м екlуэлlэныгъэ зиlэрщи, ар лъабжьэ зи мыхьэнэрэ ординат къалэн зиlэ ″х″ыкlэрэ лажьэу ухуэ ″**шх**″ макъ зэгуэтыр щыlэгъуэ зиlэм къыщlэхъуэр зэрехыр зэрылъытэрщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэщ мыхэр: «шхын, шхэн; уэшх». Абы (шх) и ужьыгъуэ (у) ″**шху**″ри зы продукцэ лlэужьыгъуэу щыт ″шэ″м къытехъукl шхыныгъуэр зэрылъытэрщ; ″шху″р ″шэ″ къызщlэхъуэ лыпцlэри къызэрыlуатэ псалъэу бзэм хохьэр (шхуэ, шхуэл), икlи ″шэн″ lуэху зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэ псалъэхэри къызтехъукlыу бзэм холэжьыхьыр (шхуэ, шхуэмылакlэ).

″Лъэ″м лъабжьэ хуэхъуу щыlэгъуэрэ лъэ зиlэр зыщыдж геометриеу лъабжьэу щыт ″х″ыми екlуэлlэныгъэ зиlэ макъ мыхьэнэщ ″лъ″ыри, ар щыlэгъуэ зиlэр зэрызекlуэ ″ху″кlэрэ лажьэу ухуэ ″**лъху**″ макъ зэгуэт псалъэр зы пкъыгъуэрэ лъэ зиlэ псэущхьэ шыр утыку къызэрихьэр къызэрыlуатэу бзэм холэжьыхьыр: «лъхун, лъхуэн, лъхукъуэ, мылъхукъуэ».

Зытеухуам ецырхъыу нэсыныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщыткlэрэ ″ы″м екlуэлlэныгъэ зиlэ ″п″ эффектыр сыныгъэрэ нэсыныгъэ зи мыхьэнэуэ щыlэгъуэр зэрыдж лъабжьэм къыщекlуэкlыр зэрылъытэ ″с″ыкlэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтщ ″**пс**″ыри, ар зыгуэрым мыпхуэдэу ецырхъыныгъэкlэрэ лъэlэсыныгъэ зиlэр, икlи щыlэгъуэ ужьыгъуэр къыздынэсам зэрыщыджкlэрэ утыку къихьэр (псы) зэрылъытэращи, абыи зэманкlэрэ (э) къытехъукl ″псэ″ри къызэрыlуатэрщ.

″П″ макъ эффектыр джыгъуэрэ (и) ″у″ лIэужьыгъуэу щыIэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ыкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пщ**″ыращи, дэтхэнэ зы щыIэгъуэр къызэрыпщытэрэ и пщалъэр утыку къызэрырилъхьэ мыхьэнэ зыгъуэтырщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «пщын, пщэн, пщытэн, къэпщытэн». Ар икIи зытелъым ″п″ыкIэрэ щихъуэу кIуэтэнри къызэрыIуатэрщи, мыпхуэдэ щIыкIэу ухуа псалъэщ мыхэр: «пщын, зепщэн, пщыпщын». ИкIи зыгуэрым и ″п″ыкIэрэ и щыIэкIэр хэгъэбэгъуэнри къызэрыIуатэрщи, мыпхуэдэ щIыкIэкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу къэхъуа псалъэщ мыхэри: «ипщэн, епщэн, къепщэн, гъэпщын, къэгъэпщын».

″П″ эффектыр продукцэ зи мыхьэнэ ″ш″ыкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пш**″ыращи, ар дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу зэрыхэхъуэрэ къыщIэхъуэныгъэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэрщ. Бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «пшэ, пшагъуэ; пшэр; пшынэ, пшыналъэ».

″П″ эффектыр лъабжьэрэ геометрие системэ ординат къалэни зыгъэзащIэ ″х″ыкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пх**″ыращи, зыгуэрыр и гущIыIурэ гъунапкъэкIэрэ зы лъабжьэ лIэужьыгъуэу зэрылъытэрщ. Бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «пхэ, пхэн, пхын».

″П″ макъ эффектыр ″лъэ″р къызтехъукI лъабжьэ зи мыхьэнэ ″лъ″ыкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**плъ**″ыращи, ар дэтхэнэ гуэрыр и ″п″ лъэныкъуэкIэрэ лъэ зэригъуэтыну зэрыгъэхьэзырыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «плъын, плъыжь, плъэн, еплъын, къэплъэн».

Зыгуэрыр и щIыбкIэ зэщIиубыдэу зэрыхэхъуэрэ зэрыджыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэу ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэуи лъытапхъэ ″пI″ эффектыр щыIэгъуэ зимыгъуэтарэ мыщыр зэрылъытэ ″цI″ыкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пцI**″ыращи, ар щыIэгъуэм емызэгърэ хуэмыдэу лъытапхъэр зэрыпIрэ зэрыджыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэрщ. Бзэм зэрхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «пцIы, нэпцI».

″ПI″ эффектыр щыIэгъуэр lупщI зэрыхъуу ″и″рэ икIи ″lу″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″щI″ыкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пщI**″ыращи, ар зы щIы лъабжьэ зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэрщ. Бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «пщIы, пщIын, пщIэн, къэпщIын».

″ПI″ эффектыр зэманкIэрэ (э) джырэ утыку къихьэр (и) зэрылъытэ ″кI″ыкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пкI**″ыращи, ар зы пIэм икIыныгъэ зи мыхьэнэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэщ мыхэр: «пкIын, пкIэн, пкIэлъей».

″ПI″ эффектыр къэхъупIэ зи мыхьэнэрэ ″ы″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″къ″ макъкIэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**пкъ**″ыращи, ар къэхъупIэ зи мыхьэнэрщ. Абы къытехъукI псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пкъы, лъэпкъ, lэпкълъэпкъ, щыпкъэ»

″Пӏ″ эффектыр зыгуэрыр зыдэкӏуапӏэм хунэсыныгъэ зи мыхьэнэ ″лӏ″ыкӏэрэ лажьэу ухуэр ″**плӏ**″ макъ зэгуэтращи, ар зэрыхъун хъуарэ зипӏэ зыгъуэтар зэрылъытэ мыхьэнэ зиӏэрщ. Мы и мыхьэнэкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «плӏы, плӏэӏу, теуплӏэнщӏэн».

Зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ эффектыр ″з″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бз**″ыращи, ар зэрелъыта ужьыгъуэм езыр зи мыхьэнэрщ. Бзэми зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэ мыхьэнэкӏэрэщ: «бзы, цӏыхубз, шыбз, бзыгъэ, ныбз, убзыхун, бзыщӏын, убзыщӏын».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″дз″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ ″**бдз**″ макъ зэгуэтри мыпхуэдэ зэрелъытакӏэрэ хэдзыкӏыныгъэ зиӏэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӏэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэхэри къэтхьынщ: «бдзы, бдзумэ, бдзэ, бдзэжьей».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″гъэ″р къызтехъукӏ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″гъ″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бгъ**″ыращи, ар зэрелъыта ужьыгъуэ къызэрыхъунум лъабжьэ хуэхъур, икӏи зэрелъыта ужьыгъуэр зыгъэкӏуэдыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӏэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «бгъэ-3, жьыбгъэ, бгъэ шыр, игу ебгъэн, губгъанэ, набгъэ».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″гъу″кӏэрэ лажьэу ухуэ ″**бгъу**″ макъ зэгуэтри зэрелъыта ужьыгъуэр къызэрыхъунурэ зэрыужьыну лъабжьэ зи мыхьэнэращи, мыпхуэдэ мыхьэнэкӏэрэ бзэм зэрыхэхьа щапхъэщ мыхэр: «бгъу-2, бгъуэ, убгъун, губгъуэ».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр джыгъуэм (и) хуэкӏуэныгъэ зыхуиӏэ ″г″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ ″**бг**″ макъ зэгуэтыр лъэгапӏэ лӏэужьыгъуэ зэрылъытэ мыхьэнэ зиӏэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «бгы, бгырыпх, бгыщхьэ, бгыкъу, бгэн, ебгэн».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр генератикэ зэпыщӏэныгъэ зи мыхьэнэ ″ж″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бж**″ыращи, ар мыпхуэдэ зэкӏэлъхьэужьыгъуэ зиӏэр зэрылъытэ мыхьэнэ зиӏэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «бжын, бжэн, къэбжын, къебжэкӏ, бжэ, бжэмышх».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр ″жь″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ ″**бжь**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зэрелъыта ужьыгъуэкӏэрэ хьэрычэт зиӏэу зытеухуам хищӏэныгъэр зэрылъытэрщи, бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «бжьын, бжьыныху, ибжьэн, щӏэбжьэн, ткӏыбжь, бжьэ, lэгубжьэ, хуабжь, лъабжьэ».

Зэрелъыта ужьыгъуэ (б) эффектыр зэманкӏэрэ къэхъуу лъэм тырищӏэ джыгъуэрэ (и) икӏи занщӏэрэ зы линием тету кӏуэкӏэр зи мыхьэнэ ″л″ыкӏэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**бл**″ыращи, ар зэрелъыта ужьыгъуэкӏэрэ зекӏуэрэ хэхъуэныгъэр зи мыхьэнэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «блы, блын, блэн, благъэ, щӏэблэ, зэщӏэблэн, ублэн, къэублэн, пэублэ».

Щыlэгъуэ къару кlуэцlрэ (ф) апхуэдэкlэрэ щыlэгъуэм тырищlэныгъэ (фэ) эффектыр ″т″ыкlэрэ лажьэу ухуэ макъ зэгуэтыр ″**фт**″ыращи, ар мыпхуэдэу зы фэ лlэужьыгъуэм зы къарукlэрэ щхьэщыкlыныгъэ зиlэу къэхъур зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэрщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «фты, щlэфтын, хэфтын, уфтэрэкъын, уфтэрэкъ».

## АДЫГЭБЗЭМРЭ МАТЕМАТИКЭ ФИЛОСОФИЕМ ТЕУХУАУЭ

### Адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ яхуэхъуа псалъэхэм ″екlуэлlэныгъэ″ зыхуаlэ геометрикэхэм теухуауэ

Адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм къаlуатэр щыlэгъуэр зэрызэщхьэщыкlрэ зэрыбагъуэу щыlэгъуэ ужьыгъуэращи, ахэр щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэкlэлъхьэужь лъэбакъуэкlэрэ зэрызекlуэр зэрылъытэ псалъэхэрщ. Щыlэгъуэр зэманыгъуэм елъытауэщ утыку къызэрихьэрэ зэрызекlуэри, щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэр къызэрыlуатэу зи гугъу тщla псалъэхэр икlи зэманыгъуэри зэрызекlуэр зэрылъытэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ

Щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэрэ зэманыгъуэм дэтхэнэ и лъэбакъуэри зэрылъытэу зызэпычыгъуэ зимыlэ щlыкlэкlэ къекlуэкlыр зэрылъытэ мы псалъэхэр мыпхуэдэ зекlуэкlэр зэрылъытэу цlыхум къигъэунэхуа ″бжэн″ lуэхугъуэри къызэрекlуэкlыну бжыгъэхэр зэрылъытаращи, ахэр бжыгъэцlэхэми лъабжьэ яхуэхъуащ. Мыпхуэдэу зэпычыгъуэ зимыlэ зэкlэлъхьэужьыкlэр къызэрыlуатэ мы псалъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэу жыlэпхъэщ цlыхум бжэн lуэхур къигъэунэхун зэрыхъуами лъабжьэ хуэхъуари, а псалъэхэр къигъэсэбэпурэ цlыхур бжэуэ щlидзауи зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, бжэн lуэхум лъабжьэ хуэхъуарэ бжыгъэхэм я пэщlэдзэхэр мы зи гугъу тщla псалъэхэмкlэрэщ къызэрыlуэтар.

Нытlэ, адыгэбзэм и макъ lуэрхэм макъ геометрие къызэрагъэхъурэ, ари щыlэгъуэ геометрием теухуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ зы макъыгъуэращ дэтхэнэ и зы макъыр къыздыщыхъур. Ар щыхъукlи, къызэрыхъуам елъытауэ зы мыхьэнэ зыгъуэт дэтхэнэ зы макъ щэхури зы геометрикэ lыхьэм теухуэрэ екlуэлlэныгъэ зэриlэр гурыlуэгъуэщи, бжыгъэцlэхэм лъабжьэ яхуэхъуауэ зи гугъу тщlы псалъэхэри мыпхуэдэу геометрикэ lыхьэхэм екlуэлlэныгъэ зыхуиlэхэрщ. Щыlэгъуэр зэрыунэтl щlыкlэрэ зэкlэлъхьэужьыкlэ лъэбакъуэкlэрэ зэрызекlуэр къэзыlуатэ мы псалъэхэм я мыхьэнэри щыlэгъуэ геометрием зэрытеухуарэ макъыгъуэ геометриер къэзыгъэщl макъ lуэр геометрикэхэм зэрелъытари гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуауэ мы зи гугъу тщlы ″макъ/макъ зэгуэт псалъэ″хэр икlи ахэр къызтехъукla ″макъ/макъ зэгуэт мыхьэнэ″хэр зытеухуэрэ зэкlуалlэ макъ lуэрхэми деплъыжынщ.

Адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуауэ зи гугъу тщlы мы псалъэхэр ″макъ псалъэ″рэ ″макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыухуами гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, ахэр бзэ лэжьэкlэм и пэщlэдзэу лъытапхъэ зэманыгъуэхэм хуэзэу къэхъуауэ жыlэпхъэщ. Икlи зэрыгурыlуэгъуэу, цlыхум ″бжэн″ lуэхугъуэмрэ ар зэрызыригъэкlуэкl ″бжыгъэ″хэр бзэр зэрыхъун хъуа нэужьым къэхъуа lуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, цlыхум къигъэунэхуа бжэн lуэхугъуэм зэрыщlидза бжыгъэцlэхэр зэрилъытари езым и бзэр зэрыухуэ пэщlэдзэхэм хуэзэу щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр къызэрыlуатэу къэхъуагъэххэ псалъэхэр зэрзырихьэкlэрэщ. Аращи, цlыхум езым и бзэм хэту щытрэ зэпыудыгъуэ зэримыlэкlэрэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зиlэу генератикэ зэпыщlэныгъэ зыхуаlэу щыт мы псалъэхэр зэрихьэу зэрыщlидзэкlэрэщ бжэн lуэхугъуэр къыригъэкlуэкlыу зэрыщlидзари, мыпхуэдэ къыригъэкlуэкlри зэрыигъуэкlэрэ ″бжэн″ lуэхугъуэу, ар къызэрыригъэкlуэкl мы псалъэхэри ″бжыгъэцlэ″у илъытауэ жыlэпхъэщ.

Адыгэбзэм и бжыгъэцlэхэм цlыхум бжэн lуэхугъуэрэ бжыгъэхэр къызэрыхъуарэ къызэрекlуэкlа щlыкlэр гурыlуэгъуащэ къытхуищlыу жыlэпхъэщ. Икlи, мыбыи лъабжьэ хуэхъур щыlэгъуэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ щыlэгъуэкlэрэ зэрыбагъуэр къызэрыlуатэ щlыкlэрауэ зэрыщытри а псалъэхэр зэрыухуа макъ мыхьэнэхэм гурыlуэгъуэ къыпхуещlыр. Щыlэгъуэ зиlэр мыпхуэдэу зэрыужьым лъабжьэ хуэхъуари ″тl″ макъ мыхьэнэрауэ жыlэпхъэщи, щыlэгъуэ зиlэ (щы) дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэрэ (зы) ар ″тl″ыгъуэм зэрихуэкlэрэ зэрызэщхьэщыкlыр къызэрыlуатэ щlыкlэращ щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэм къежьапlэ хуэхъури. Дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу щыlэгъуэ зиlэу зэрылъытэр ″щ″ырэ ″з″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа ″зы″рэ ″щы″ макъ псалъэхэмкlэрэщи, абыхэм ″тl″ къазэрыхуэкlуэкlэрэ щызэщхьэщыкlыу аргуэру щхьэжу щыlэгъуэ зиlэ гуэр утыку къызэрихьэж зэкlэлъхьэужьыкlэр щыlэгъуэ ужьыгъуэм и япэрей lыхьэрэ и пщалъэ ″къэхъуныгъэ″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″щы″рэ щхьэжуи ″зы″кlэрэ лъытам ″тl″ къызэрыхуэкlуэкlэрэ аргуэру ″щы″ лlэужьыгъуэрэ щхьэжуи ″зы″уэ лъытапхъэ утыку къызэрихьэжкlэрэщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр генератикэу зэпыщlарэ зэкlэлъхьэужьыныгъэ зэриlэкlэрэ къызэрекlуэкlыр. Мыпхуэдэущ щыlэгъуэ (щы) зиlэр щхьэжу зэрылъытэр (зы) ″щы∩зы″уэ къэгъэлъэгъуапхъэщи, ар тlыгъуэм зэрихуэкlэрэ аргуэру утыку къызэрихьэжкlэрэщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъур. Нытlэ, абы и зы lыхьэрэ япэрейуэ утыку къихьэр абы и ″пщалъэ″у лъытапхъэщи (зы∩щы→тl→щы∩зы), мы пщалъэ lыхьэр а зэрыщыту къызэрыхъужыр щыlэгъуэ ужьыгъуэм езым щыlэгъуэ зэригъуэтарауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ кlэ зимыlэ пэлъытэу къекlуэкl lуэхугъуэрщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрекlуэкlыр. Ауэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм мы и япэрей lыхьэр щыlэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ар зэрыщыту къызэрыхъужыр щыlэгъуэ

ужьыгъуэм езым ″тl″ыгъэ зэригъуэткlэрэ щыlэгъуэ игъуэтагъэххэу утыку къызэрихьэрауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрыунэтl (тl) щlыкlэрэ щыlэгъуэ зэригъуэтыжыр щыlэгъуэ ужьыгъуэм и япэрей лъэбакъуэрэ ″къэхъуныгъэ″ пщалъэу тлъыта lыхьэр зэрыщыту зэрызэтеуплlанщlэ (плl) щlыкlэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, мы къэтlуэтахэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «{зы-тl-щы}→тl→{зы-тl-щы}» → «{зы-тl-щы}→плlы→{зы-тl-щы}».

Дэтхэнэ зы макъ щэхур зы геометрием зэреклуалlэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр къызэрыlуатэрэ иужьклэ бжыгъэцlэ хъужауэ зи гугъу тщlы ″макъ/макъ зэгуэт псалъэ″хэмрэ зэрыухуа ″макъ/макъ зэгуэт мыхьэнэ″хэри зы геометрикэм еклуэлlэныгъэ зыхуиlэу зытеухуа макъ lуэр щыlэщ. Нытlэ, щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэклэ ухуарэ бжыгъэцlэхэми лъабжьэ яхуэхъуа ″макъ/макъ зэгуэт псалъэ″хэм щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэклэлъыклуэр къызэраlуатэм нэмыщl, я мыхьэнэклэрэ зэклуалlэ макъ lуэр геометрикэхэми деплъынщ.

″Ж″ым къыклэлъыклуэу утыку къихьа ″з″ макъым ″ж″ым игъэзащlэ генерэтикэ зэпыщlэныгъэми щхьэщыкlыжу, дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу генерэтикэ зэхэлъыныгъэу утыку къырелъхьэри, мы и къалэнклэрэ ″з″ макъыр щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэ мыхьэнэ зиlэ макъщ. Мы и мыхьэнэклэрэ дэтхэнэ зы джыгъуэр (и), дэтхэнэ зы щыlэгъуэрэ ужьыгъуэ зиlэр (у) щхьэжу утыку къизылъхьэф макъщи, ″з″ макъыр ″и″ми, ″у″ми еклуэлlэныгъэ зыхуиlэж макъщ. Ар дэтхэнэ гуэррэ системэр а зэрыщытрэ а зэрыпсо щlыклэу щхьэжу зэрылъытэу, щыlэгъуэ лъабжьэрэ щыlэгъуэр зэрызэпкъырыувэ дэтхэнэ зы ″щ″ лlэужьыгъуэри щхьэж зэрылъытэрщ. ″Щ″ыри мы зи гугъу зэрытщlаклэрэ ″з″ыр зэклуалlэ ″и″мрэ ″у″м еклуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэр гурыlуэгъуэщи, ″з″ымрэ ″щ″ым я зэклуэлlэныгъэрэ зэтеухуэныгъэури къызхэклыр мыращ. Бжыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуа ″зы″мрэ ″щы″ макъ псалъэхэм зи гугъу тщla я зэпыщlэныгъэр зэлъытарэ зытеухуари мыращ.

Зы ″щы″гъуэрэ ″щы″пlэр щхьэжу ″зы″уэ зэрылъытаклэрэ абыхэм хищlэ ″тl″ыклэрэ аргуэру ″щы″ лlэужьыгъуэрэ ″зы″уэ лъытапхъэр утыку къызэрихьэжыр гурыlуэгъуэщи, мыри ″тl″ым и макъ мыхьэнэм теухуарэ елъытащ. Араща, бэгъуэныгъэрэ ужьыгъуэ къэзыгъэщl къарур зэрылъытэ макъыу, ″тl″ыр зыхэщlэм ужьыгъуэ зэригъуэтым зэрезэгъщи, ″тl″ макъыр ″у″м зэрытеухуэрэ зэреклуалlэр, икlи зыхищlэ дэтхэнэ гуэрым ужьыныгъэ къызэрыхуигъаклуэ щlыклэкlи ″тl″ макъыр ужьыгъуэ къызтехъукl дифферэнсиалу ″*d*у″ къалэн зиlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу ″зы″м хищlэ ″тl″ыр зэрылъытапхъэр ″*d*у″щи, ″зы″р зэрыунэтlрэ ужьыгъуэр къызэрыхъур мы зэхъуэклыныгъэклэрэщ. Зымрэ, а зым къытехъукlым я зэхуакум ужьын дифферэнсиалыгъэщ (тl) дэлъри, мыри зэхуакур щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъу зы lуэхугъуэу щхьэжу зэрылъытари ″тl″ ужьыгъуэу ″тlыу → тlу″уэщ.

″Щы″ лIэужьыгъуэрэ ″зы″уэ лъытэм хищIэ ″тI″ыкIэрэ утыку къихьэжыр аргуэру ″щы″ лIэужьыгъуэрэ щхьэжуи ″зы″уэ лъытапхъэращи, мы утыку къихьэр зэрызэпкъырыувэжыр, икIи мыпхуэдэу къэхъу лъэбакъуэри зэрылъытапхъэр ″щы″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыри джыгъуэрэ (и) ужьыгъуэм (у) екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″щ″ макъ мыхьэнэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэм и япэрей лъэбакъуэу щытрэ ″къэхъуныгъэ″ пщалъэу утыку къихьэр ″щы″ лIэужьыгъуэращи, ар зэрызэтеуплIанщIэкIэрэ аргуэру утыку къызэрихьэжынур гурыIуэгъуэнщ. Мы зэтеуплIэнщIэныгъэри зы ″тI″ лIэужьыгъуэу ″плIы″кIэщ къызэрыIуатэри, ари ″пI″ырэ ″лI″ зэгухьэныгъэкIэрэ къэхъуа ″плI″ макъ зэгуэт мыхьэнэм теухуащ. Аращи, джыгъуэм (и) екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″пI″ыр зыдэкIуапIэм хунэсыныгъэ зи мыхьэнэрэ ″иэ″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″лI″ыкIэрэ лажьэу ухуэ ″плI″ макъ зэгуэтыр зы джыгъуэр (и) зыдэкIуапIэм нэгъунэ гъуэгу тезыгъэхьэрэ зыгуэрыр зэрыхъун хъуауэ пIэ зыгъуэтар зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэрщи, мы и мыхьэнэкIэрэ къэIуэта ″плIы″ри къэхъуныгъэ пщалъэр зыдэкIуапIэм тезышэу, хъунур хъупIэм хуэзыгъакIуэрэ къызэрыхъур зэрылъытэрщ.

ПлIыкIэрэ къэхъунур гурыIуэгъуэщи, къэхъуныгъэ пщалъэр зэтеуплIэнщIэныгъэкIэрэ аргуэру утыку къихьэжыпIэм хуэунэтIащ. Ауэ ″плIы″м къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэр зэрылъытэри ″тху″ращи, ари джыгъуэ (и) максимум лIэужьыгъэу щыт ″т″ыр зэры″ху″кIэрэ ухуа зы макъ псалъэщ. Ар ″т″ыкIэрэ гъэзащIэу лъабжьапIэкIэрэ (х) зэрыужьыр (у) зэрылъытэ макъ зэгуэтщи, мыпхуэдэ къаруфIагъэкIэрэ щыIэгъуэ лъабжьэ зыгъуэтыр зэрыужьрэ зэрызекIуэр зэрылъытэрщ.

ЩыIэгъуэ зиIэр зэрытIкIэрэ къэхъу мы зэкIэлъхьэужьыкIэм ″тху″ нэужь лъэбакъуэр зэрылъытэр ″хы″уэщи, ар зы джыгъуэ (и) лIэужьыгъуэрэ ″и-системэ″ лъабжьэу щытрэ щыIэгъуэ джыгъуэ геометрие системэм и ординатри зэрылъытэ ″х″ макъым къытехъукIа макъ псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. НытIэ мы щыIэгъуэ лъабжьэрэ джыгъуапIэм щыджынур ″къэхъуныгъэ пщалъэ″р аргуэру утыку къызэрихьэжынурэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм и къэхъуныгъэр зэрызэфIэкIынуращ.

ЩыIэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиIэрэ щыIэгъуэ джыпIэу геометрие системэ ординату щыт ″хы″м къыщыхъунур щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ унэтIыныгъэм езым щыIэгъуэ зэригъуэтынуращи, ари ″бл″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ зэрылъытэ щIыкIэу ″блы″ макъ зэгуэт псалъэмкIэщ къызэрыIуэтар. Аращи, зэрелъыта ужьыгъуэу (б) ″у″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрэ зы лъэ зыгъуэту зэрызэфIэкIари зэрылъытэу ″и″м екIуэлIэныгъэ зыхуиIэ ″л″ыкIэрэ лажьэу ухуэ ″бл″ макъ зэгуэтыр ужьыгъуэ джыгъуэу ″у″рэ ″и″м зэдаухуэ геометрием екIуэлIэныгъэ зыхуиIэрщ. Ари щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэфIэкIарэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ къызэригъуэтар зэрылъытэрщи, зы макъ зэгуэт псалъэу ″блы″м къиIуатэри мыращ.

**Адыгэбзэм геометрикэ формэхэр зэрилъытэ псалъэхэм теухуауэ**

Щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэкlым и дэтхэнэ зы лъэбакъуэр адыгэбзэм къызэриlуатэ псалъэхэр бжыгъэцlэхэм лъабжьэ язэрыхуэхъуар гурыlуэгъуэщ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэм и зы пщалъэр (зы-тly-щы) щыуэ зэрызэхэлъри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ зы пщалъэр щызэтеуплlанщlэм деж, щыlэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэр лажьэу зэрыщlидзаклэрэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм езым щыlэгъуэ къызэригъуэтар гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэрэ зэрыунэтl щlыклэращ мы псалъэхэм къаlуатэр, икlи щыlэгъуэм езыри щыуэ зэрызэхэлъыр гурыlуэгъуэщи, ар зэрызэтеуплlанщlэклэрэщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекlуэ щlыклэр. Щыlэгъуэр зэрыухуэрэ зэрызекlуэр щыуэ зэрызэхэлъклэрэщи, щыlэгъуэ геометриери мыпхуэдэщ: щыlэгъуэ геометриери зэрызэпкъырылъыр щыуэщи, ар утыку къызэрихьэрэ абы лъабжьэ зэригъуэтри ″щы джыгъуэ″ущ. Щы джыгъуэу (и) лъытэрэ зыгъэлъагъуэрщ (мэ) щыlэгъуэ геометриер утыку къызэрихьэрэ зэрыухуэф пэщlэдзэри, ар адыгэбзэм къызэриlуатэр ″щимэ″ущ. ″Щимэ″р щыlэгъуэ геометриер утыку къызэрихьэф геометрикэ формэу, щыlэгъуэ геометрие лъабжьэрщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэр къызэрыlуатэмрэ щыlэгъуэ геометрием зэпыщlэныгъэ зыхуаlэщ. ″Щыlэ″ псалъэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, щыlэгъуэм теухуа дэтхэнэ и зы lуэхугъуэр ″щ″ лlэужьыгъуэщ; абы зы зэманыгъуэ пыухытыкla зэригъуэтращ ″щыlэ″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlыр. Щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэм ″щы″р пщалъэ зэрыхуэхъум хуэдэжщи, щыlэгъуэ геометриери зэрызекlуэрэ къызэрыпщытэри геометрикэ лъабжьэрэ пщалъэу щыт ″щимэ″клэрэщ. Щыlэгъуэ геометрие лъабжьэрэ пщалъэу щыт ″щимэ″р зэрыджклэрэщ щыlэгъуэ геометриер зэрызекlуэрэ зэрыужьри, мыри щыlэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэр зэрызэтеуплlанщlэклэрэщ. Аращи, щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъабжьэрэ пщалъэр зэрызэтеуплlанщlэклэрэ щыlэгъуэ зэригъуэтым хуэдэжу къэlуэтапхъэщи, щыlэгъуэ геометрие лъабжьэрэ пщалъэу щыт щимэри зэрызэтеуплlанщlэклэрэщ щыlэгъуэ геометриери зэрызекlуэрэ увыlэгъуэ зэримыlэклэрэ ухуэжу ужьыгъуэ зэригъуэтыр.

Щыlэгъуэ геометрие пщалъэу щыт щимэр зэрыджрэ зэрызэтеджыхьыжклэрэщ зэрызекlуэри, мыри щимэр зэрызэтеуплlанщlэ щlыклэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, щыlэгъуэ геометрие пщалъэ щимэр зэрызэтеуплlанщlэуклэрэщ щыlэгъуэ геометриер зэрыухуэрэ зэрыужь щlыклэри, щыlэгъуэ геометриер хъуурэ зэрызекlуэр мыпхуэдэущ. Мыпхуэдэ щlыклэклэ щыlэгъуэ геометриер увыlэгъуэ имыlэу хъуурэ къызэреклуэклри къызэрыlуатэ щlыклэри адыгэбзэм зэрыигъуэклэрэ къызэриlуэтапхъэри ″хъурей″ псалъэклэрэщ. Щыlэгъуэ геометрие пщалъэу щыт щимэр зэрызэтеуплlанщlэ щlыклэклэрэ щыlэгъуэ геометрием мы и

къекlуэкlыкlэр ″хъурей″уэщи, ар икlи зы геометрие формэу щыlэгъуэ геометриер зэрыухуэжкlэрэ зэрызекlуэр къызэрыlуатэ псалъэрщ.

Хъур къызэрыхъурэ хъуурэ зэрекlуэкlыр зэрылъытэ псалъэщ ″хъурей″ри, ар хъур зэрызекlуэ щlыкlэрэ формэу, хъум хуэlуарэ ейуэ щытыныгъэр къызэрыlуатэращ. Зы геометрикэ формэр къызэрыlуатэ псалъэу зэрыщытым нэмыщl, щыlэгъуэр зэрызекlуэр къызэрыlуатэ псалъэщ ″хъурей″ри, космикэрэ топокосмикэ зекlуэкlэри зэрылъытэрщ. Араща, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр хъуреипlэм хуэкlуэрщи, щыlэгъуэ зыгъуэтарэ хъуар зэрызэхъуэкlкlэрэ хъуурэ зэрызекlуэр, хъуар аргуэру къызэрыхъужкlэрэ къекlуэкlыр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр хъурейуэщ. Космикэу дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зыгъуэтыр хъуреипlэм зэриувэу, космикэу ухуэ щlылъэхэри хъурей формэм зэрыхуэкlуэр гурыlуэгъуэщ, икlи дэтхэнэ зы щlылъэ лlэужьыгъуэри увыlэгъуэ зэримыlэкlэрэ зэпэхъурейуэ мэкlэрахъуэр. Щыlэгъуэрэ космикэм сытри хъуурэ зэрызекlуэр ″хъурей″ псалъэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэм нэмыщl, щыlэгъуэрэ космикэм щыщыlэ сытри хъуреифэ зиlэрщ, икlи зэпэхъурейуэ къекlэрэхъуэкlыу зэрыщытри гулъытапхъэщи, макрокосмикэ щыlэгъуэ зиlэри микрокосмикэ щыlэгъуэ зиlэхэри мыпхуэдэщ. Дызтепсэухь ″щlы хъуей″ми и топокосмикэ къекlуэкlыкlэри ″хъурей″ псалъэмкlэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщи, абы увыlэгъуэ зэримыlэрэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зэриlэкlэрэу ″гъэ″р зэрызекlуэ щlыкlэр зэрылъытапхъэрэ къызэрыlуэтапхъэри хъугъуэ къарурэ хъуурэ къекlуэкlыкlэ зиlэу ″хъурей″уэщ (хъурэумэ → хъуромэ).

Щыlэгъуэ геометриер зэрызекlуэр абы и пщалъэу щыт щимэр зэрызэтеуплlанщlэкlэрэу зэрыщыту ипэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, бжыгъэцlэхэм лъабжьэ яхуэхъуа псалъэхэм къаlуатэ lуэхугъуэр икlи геометриеми зэрытеухуар гулъытапхъэщ: ″щы″р зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ щыlэгъуэр зэрызекlуэм хуэдэжу, ″щимэ″ри зэрызэтеуплlанщlэкlэрэщ щыlэгъуэ геометриери зэрыухуэрэ зэрызекlуэр. Геометрие формэ лъабжьэр зэрылъыта ″щимэ″р зэрызэтеуплlанщlэу ухуэ геометрие формэр ″плlимэ″ращи, мыр зи гугъу тщla щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъабжьэрэ пщалъэу щыуэ зэхэлъыр зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ аргуэру утыку къызэрихьэжым зэрыхуэдэр гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэ унэтlыныгъэ пщалъэ lыхьэр зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ аргуэру зэрыджыжкlэрэщ щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъури, мыбы хуэдэу лъытапхъэщ геометрие формэ лъабжьэр (щимэ) зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ (плlимэ) аргуэру утыку къызэрихьэж щlыкlэкlэ (щимитl) щимэ унэтlыныгъэу къэхъуращ геометрие формэри зэрыбагъуэу къызэрекlуэкl щlыкlэр. Геометрие лъабжьэ ″щимэ″р зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ багъуэр геометриеращи, мыпхуэдэри увыlэгъуэ зимыlэу щыгъэзащlэкlэщ геометрие бэгъуэныгъэу геометриер хъуурэ зэрызекlуэр. Мыпхуэдэу хъуурэ къекlуэкlри хъум хуэlуарэ ейуэ (хъурей) зэрылъытапхъэу, мы къекlуэкlыкlэр геометрие формэу зыхуэкlуэри ″хъурей″ращ.

Щимэр япэу зэрызэтеуплIанщIэрэ щимэ унэтIыныгъэ (тI) пэщIэдзэр (щимитI) ″плIимэ″ращи, ар щимэр зэрыбагъуэрэ зэрызекIуэм и япэрей лъэбакъуэу зэрыщыткIэрэ щимэ бэгъуэныгъэ пэщIэдзэу, геометрикэ формэ лъабжьэ ″щимэ″р геометрикэ формэ зэпэщу щыт ″хъурей″м зэрыхуэкIуэм и япэрей лъэбакъуэрщ. Геометрие лъабжьэ формэ ″щимэ″р зэрызэтеуплIанщIэу ухуэ ″плIимэ″р утыку къыщихьэм деж, геометрие формэр щимэ зэхэлъыныгъэкIэрэ багъуэу зэрыщIидзэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу щимэ зэтеуплIэнщIэныгъэкIэрэ къыщIидзар увыIэгъуэ зэримыIэкIэрэ къызэрекIуэкIырщ ″хъурей″м гурыIуэгъуэ къищIыр. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, геометрие формэ лъабжьэ ″щимэ″р зэрызэтеуплIанщIэ защIэкIэрэ зэрызекIуэр зэкIуэлIэнурэ зыхуэкIуэну геометрие формэр ″хъурей″ращ. Геометрие формэ лъабжьэр зэрызэтеуплIанщIэкIэрэ къекIуэкIыр зэрыхъун хуейм зэрыхунэс формэрщ ″хъурей″ри, ″хъурей″мрэ геометрие формэ лъабжьэу щыт ″щимэм″ я зэхуакум кIэ зимыIэу лъытапхъэ щимэ зэтеуплIэнщIэныгъэ дэлъщ: ″щимэ″мрэ ″хъурей″м и зэхуакум кIэ зимыIэу лъытапхъэ ″щимэ″ лIэужьыгъуэхэр дэлъщ.

Щимэр зэрызэтеуплIанщIэрэ зэрыбагъуэкIэрэщ хъурейм зэрыхуэкIуэри, хъурейр къэзыгъэхъур кIэ зимыIэ щимэхэрщ. Хъурейр къыщыхъум дежи, ар къэзыгъэхъуа щимэр хокIуадэр. Араща, ищхьэрэ икIэр мылъытапхъэ хъурейр хъум и формэу, щыIэгъуэ лъабжьэ щым зыкъызэригъэлъагъуэ геометрие формэу щыт щимэм кIэ имыIэу икIуэрщи, ар щыхэкIуадэращ хъур утыку къызэрихьэ формэу хъурейр зэрылъытапхъэр. КIэ зимыIэу щимэр зэрызэтеуплIанщIэкIэрэ къэхъу щимэ лIэужьыгъуэ геометрие формэхэри зыхэкIуадэрщ хъурейри, ар щимэмрэ абы къытехъукI дэтхэнэ зы геометрие формэм щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэу къэхъурщ. Ар кIэ зимыIэ щимэ зэтеуплIэнщIэныгъэкIэрэ мы къекIуэкIым икIэм икIэжым ухуэрщи, дэтхэнэ зы геометрие формэм щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэ а нэхъ зэпэщ геометрие формэрщ. Хъурейр кIэ зимыIэ щимэбэу лъытапхъэщ. Ныт1э, хъурейр мыпхуэдэу къэхъуа нэужь, абы хуэкIуэ щимэри абы зэрыхэкIуадэр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, щимэм имызакъуэу, щимэбэу ухуа дэтхэнэ зы геометрие формэри зыхэкIуадэрщ ″хъурей″р. Араща, щыIэгъуэ геометрие лъабжьэ формэу щыт ″щимэ″ри, ар багъуэу зэрыщIидзэ япэрей лъэбакъуэ ″плIимэ″ри, мыпхуэдэ пэщIэдзэкIэрэ багъуэу ухуарэ щимэбэ геометрие формэ зэмылIэужьыгъуэхэри зыхэкIуадэрщ ″хъурей″р. ИкIи зэрыгурыIуэгъуэщи, щимэ зэтеуплIэнщIэныгъэр кIэ зэримыIэкIэрэ къэхъуурэщ хъурейм зэрекIуалIэри, мы кIэ зимыIэ къекIуэкIыкIэм езыри, абы икIэм икIэжым къэхъури зэрылъытапхъэращ ″хъурей″р. Ауэ, икIэм икIэжым мы зекIуэкIэр хъурейм щынэсым деж, а нэхъ геометрие формэ зэпэщрэ инращ ухуэри, мыбы нэгъунэ къэхъуа щимэрэ щимэбэ лIэужьыгъуэ геометрие формэхэми щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэу утыку къихьэ геометрие формэрщ ″хъурей″р. Мыращ икIи хъурейм и мыхьэнэри, ар хъур утыку

къызэрихьэрэ къызэрихьа формэрщ. Щыlэгъуэ геометрие лъабжьэ формэ щимэр кlэ зэримыlэкlэрэ зэрызэтеуплlанщlэр хъур къызэрыхъу щlыкlэу кlэ зимыlэрэ хъурейуэ къекlуэкlырщ, икlи ар зэрызэтеуплlанщlэкlэрэ икlэм икlэжым утыку къихьэри хъурейрщ. Хъум и геометрие формэ хъурейр хъур къызэрыхъуарэ зэрыухуа формэу кlэ зэримыlэкlэрэ зэпыщlэныгъэ зиlэ формэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар утыку къызэрихьа гъуэгуанэри мыпхуэдэщ. Аращи, хъуарэ утыку къихьагъэххэм и геометрие формэу зэрыщытым хуэдэжу, икlи хъууэ щытрэ къекlуэкlми и геометрие формэрщ ″хъурей″ри, щимэмрэ икlи щимэбэу хъугъэ гъуэгуанэм щыухуэ дэтхэнэ зы геометрие формэм щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэрщ. Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, хъууэ къекlуэкlымрэ хъууэ зи гугъу тщlыр зэхуэдэ формэу лъытапхъэщи, зым деж щимэ зэтеуплlэнымщlэныгъэр кlэ зимыlэу къоклуэкl, зым дежи, мы къекlуэкlым щимэр зыхыумылъагъуэу зыкъегъэлъагъуэр.

Геометрикэ формэ лъабжьэрэ пщалъэр ″щимэ″рщ; нэхъ геометрие формэ ужьауэ щытрэ геометрикэ формэ нэхъыщхьэрэ зэпэщри ″хъурей″ращ. Аращи, геометрикэ формэу ″щимэ″р лъабжьэрэ къежьапlэщ, ″хъурей″ри ухыпlэрэ нэхъыщхьэрщи, я зэхуакум дэщlыхьри щимэ зэтеуплlэнщlэныгъэращ. ″Щимэ″р ″хъурей″м зэрызыхуэкlуэр ар зэрызэтеуплlанщlэкlэрэщи, мыбы и япэрей лъэбакъуэу щимэр япэу щызэрызэтеуплlанщlэу ухуэ геометрикэ формэри ″плlимэ″ращ: ″щимэ″м къыщlидзэу ″хъурей″м хуэкlуэу хъуурэ къекlуэкlым и япэрей лъэбакъуэр къызэрыхъур ″щимэ″р япэу зэрызэтеуплlанщlэу ухуэ ″плlимэ″ращ. ″Плlимэ″р геометрикэ лъабжьэ формэ ″щимэ″м и бэгъуэныгъэр япэрауэ къэзыгъэхъуращи, ар щимэр япэу зэрыджыжыр зэрылъытэращ. Аращи, ″щимэ″рэ ″хъурей″м хуэдэжу ″плlимэ″ри геометрикэ формэу пщlэ зиlэрщи, ари хэтыжу мы геометрикэ формищыр ″геометрикэ формэ пщалъэ″у лъытапхъэщ: «″щимэ″р геометрикэ формэ лъабжьэращ; ″плlимэ″р ар зэрызеуплlанщlэу геометрие формэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэ формэращ; ″хъурей″ри геометриер икlэм икlэжым зыхуэкlуэ геометрикэ формэу а нэхъ зэпэщрэ зэгущыгъэ зиlэращ».

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, геометрикэ формэ пщалъэхэу лъыта ″щимэ, плlимэ, хъурей″р дэтхэнэ зы геометрие формэр зэрылъытэрэ къызэрыпщытэ формэхэращ.

Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlы геометрикэ формэхэу ″щимэ″мрэ ар зэрызэтеуплlанщlэу утыку къихьэ ″плlимэ″р, икlи щимэ бэгъуэныгъэхэу плlимэм къыкlэлъыкlуэ геометрикэ формэхэр фlэкlыпlэ имыlэу нобэрей геометриеу ″Евклид геометрие″м хуэlуарэ теухуауэкъым зэрылъытапхъэр. Евклид геометриер щыlэгъуэ геометрием емызэгъыщэ геометриеу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ хъуурэ къекlуэкlыныгъэр къызэрыlуатэ ″хъурей″р линие щlыкlэу къэгъэлъэгъуа ″щимэ″кlэрэ зылъытэрэ зэпкъырызых геометрие системэщ. Хъурейрэ къуаншэр линиерэ зэхуапlэкlэрэ гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl мы геометрие

системэм хъуреигъэрэ къуаншагъэ формэхэм теухуа и хьисэпхэм сытым дежи нэсыныгъэ зимыIэу ″пи″уэ къыраIуэ зы абсурд бжыгъэ къегъэщIыр.

Араща, щыIэгъуэ ужьыгъуэу хъуурэ къекIуэкIымрэ нобэ утыку ит мы геометрием я зэхуакум мыпхуэдэ парадокс зэрыдэлъым папщIэщи, мыбы гулъытэ хуэзыщIа математик гуэрхэр нобэр къэсыхункIэ щыIэгъуэм езэгъ геометрие ухуэныгъэм иужь итахэщ, ноби апхуэдэ системэ ухуэным иужь итхэщ. Ауэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэм езэгъыу къуаншагъэрэ хъуреигъэ зиIэу геометрие системэ гуэрхэр яухуами, абыхэм ноби математикэ операцэхэр икIэ нэгъунэ тыращIыхьыфкъым.

## Математикэ философиемрэ макъыбзэ лэжьэкIэм теухуауэ

Мы ипэкIэ къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэрэ мыбдежым щыпыщапхъэщи, адыгэбзэм теухуауэ зи гугъу тщIы геометрикэ мыхьэнэхэр щыIэгъуэм езэгъ геометриеущ зэрылъытапхъэр. Нобэ утыку итрэ хьисэп зытещIыхь геометриер щыIэгъуэ геометрием емызэгъыщу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм гурыIуэгъуэ къищI геометриер а геометрием елъытауэ трансандантIалу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, нобэ утыку иту зи гугъу тщIа геометриери къызтехъукIар абы щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэ мыпхуэдэ зы геометриер щыIэгъуэм езэгъыу цIыхум хуэухуа бзэ лэжьэкIэмрэ и псэлъэбзэм езы цIыхум гулъытэ зэрыхуищIыжым ипкъ иткIэу зэрыщытын хуейри гурыIуэгъуэнщи, ар цIыхум гупщысэрэ зэгъэпщэныгъэкIэ икIэ нэгъунэ зэрызэпкъыримыхыфам папщIэу жыIэпхъэщ нобэ зи гугъу тщIы Евклид геометрие системэри зэрыухуа щIэхъуар.

Мыпхуэдэу зэрыщытым папщIэрэ зэрезэгърауэ лъытапхъэщи, щыIэгъуэр къэгъэунэхуныр зи lуэху философие дициплинэхэр нэхъыбэу трансандантIалыгъэ зыхэлърэ метафизикэ лIэужьыгъуэу къекIуэкIащ. Мыпхуэдэ зы философри ″трансандантал философие″ зыухуа Кант-ращи, абы зэрилъытэкIэрэ щыIэхэр объекту зэрытлъытэфым ″априорие″у лъабжьэ яхуэхъу ″зэман″рэ ″еспас (мекан, пространства)″ыр икIи аритметикэрэ геометрие объектхэр (бжыгъэцIэ, геометрикэ формэ) зэрытлъытэми ″априорие″у я лъабжьэщ. Мыпхуэдэу математикэр ″трансандантал″ щIэныгъэу зылъытэ Кант и зэманыгъуэм иджыри Евдлид геометрие закъуэрат утыку итри, ″математикэ, геометрие″ щыжиIэкIэ къыригъэкIыр Евклид системэрауэ къыщIэкIынт; икIи, ар идеалрэ дэтхэнэ гуэрыр абы екIуэлIэныгъэ зыхуиIэу илъытэу къыщIэкIынт.

ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр зы ″объект″у зэрытлъытэрэ къызэрыдгурыIуэ щIыкIэр ″априорие″у щыIэгъуэ лъабжьэу щыт ″зэман″рэ ″еспас″ым зэрелъытакIэрэущ Кант зэрилъытэри, математикэри ″зэман/еспас″ зыхэлъ щIэныгъэ лъабжьэущ зэрилъытэр. Геометрие объектхэм (геометрикэ формэ) я ″априорие″р ″еспас″у, аритметикэ объектхэми (бжыгъэ) я ″априорие″ри ″зэман ужьыгъуэ лъэбакъуэ″рауэщ

Кант зэрилъытэр. Мы еплъыкlэр адыгэбзэм ″геометрикэ формэхэр зэрылъытэ псалъэхэм″рэ ″бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм″ гурыlуэгъуэ къытхуащlым зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Ауэ, адыгэбзэм ″бжыгъэцlэ″хэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм теухуауэ жытlахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр зэман нэхърэ щыlэгъуэм теухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ яхуэхъуа псалъэхэр япэрауэ щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэбакъуэхэр зэрылъытарэ къызэрыlуатэкlэрэщ утыку къызэрихьари, щыlэгъуэр зэман ужьыгъуэкlэрэ къызэрыхъуам ипкъ иткlи, ахэр икlи зэман ужьыгъуэ лъэбакъуэхэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlыр Кант бжыгъэцlэхэр зэрилъыта щlыкlэм езэгъыу жыlэпхъэщ, ауэ Кант и еплъыкlэм елъытауэ адыгэбзэм и макъ мыхьэнэ лэжьэкlэрэ и псалъэхэм ахэр нэхъ наlуэрэ lупщlу утыку къызэрыралъхьэри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэщ геометриери адыгэбзэм гурыlуэгъуэ къызэрищlри, икlи геометрикэ формэ лъабжьэрэ пщалъэу ялъытэхэм я зэхуакум дэлъ зэпыщlэныгъэри адыгэбзэм макъ мыхьэнэкlэрэ гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlри гулъытапхъэщ.

Геометрием и ″априорие″ лъабжьэр ″еспас″рауэщ Кант зэрилъытэри, адыгэбзэм ″еспас″ жыхуаlэр зэрылъытэр ″у″ макъ мыхьэнэрэ ″у, уэ″ макъ псалъэхэмкlэрэщ. Ауэ, адрей бзэхэм зэралъытэрэ къызэраlуатэ щlыкlэу ″еспас″ыр зы псалъэу къэlуэтэным хуэмыныкъуэрэ икlи хуэмыкlуэ щlыкlэу, апхуэдэ псалъэхэр къэмыхъу ипэlуэкlэ псэлъэбзэр зэрыухуэну макъхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэмрэ зэрызэкlэлъхьэужьыкlэм елъытауэ зэманыгъуэм (э) иджыр (ар икlи ″еспас″ырщ) ″э″м къыкlэлъыкlуэ ″и″ макъкlэрэ илъытагъэххэщ. Икlи, ипэкlэ зэрыжытlауэ ″макъ псалъэ″хэу ″у, уэ″кlэрэ лъытэмрэ и ″макъ мыхьэнэ″кlэрэ ″у″ми гурыlуэгъуэ ищlыр ″еспас″ жыхуаlэращи, ″у″ макъыр икlи зэманыгъуэрэ (э) абы иджыгъуэр (и) зыхэзыубыдэрщ. Еспасыр зэманым зэрыщыумыгъэщхьэщыкlыфынур гурыlуэгъуэщи, ″еспас″ыр зэрылъытапхъэ ″у″ макъ мыхьэнэми зэманрэ (э) и джыгъуэр (и) зэрызыхуибыдэкlэрэ ″еспас″ жыхуаlэр нэхъ гурыlуэгъуафlэ зэрищlыр наlуэщ. Зэманыгъуэмрэ (э) абы иджыгъуэм (и) къызэдащlращ ″у″ри, адыгэбзэм ″еспас″ жыхуаlэр икlи зэманыгъуэр зыхэлъыж джыгъуэу зэрыщытрэ зы ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр макъ мыхьэнэ лэжьэкlэкlэ къызщекlуэкl бзэрщ. Зэман системэр щыlэгъуэ системэм лъабжьэ зэрыхуэхъурэ а системитlми теухуа математикэ функцэр ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу ″у″ макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрылъытэри (у: {*f*(э); *f*(х)}), мыбыхэм теухуахэр ипэкlэ къэгъэлъэгъуарэ къэlуэтагъэххэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″у″р зэрызэхэлъыр ″э, и″щ (зэман системэ), икlи ″и″ защlэущи (щыlэгъуэ системэ); ″еспас″ыр системитlми теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм икlи макъ мыхьэнэуэ икlи макъ псалъэу ″у″м гурыlуэгъуэ къищlыр мыпхуэдэщ. Мыбы

къызэрыхэщщи, щыIэгъуэ системэми и лъабжьэр зэманыгъуэу зэрыщыткIэрэ ″у″кIэ лъытэрэ ″еспас″ зыхужаIэми лъабжьэ хуэхъур зэманыгъуэрауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″еспас″ымрэ ″зэман″ыр зэрызыщхьэщымыгъэкIыфынур, икIи ″еспас″ щыжыпIэкIэ абы ″зэман″ псалъэри пыщIэжыни зэрыхуэмыныкъуэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, щыIэгъуэ лIэужьыгъуэрэ ужьыгъуэу щытыр зэрылъытэ ″еспас″ыр зэрызэхэлъ щIыкIэр ″зэман″ыгъуэрэ ″джыгъуэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″еспас″ыр адыгэбзэкIэ зэрылъытапхъэрэ къызэрыIуэтапхъэ ″у″ макъым зэманрэ иджыгъуэр гурыIуэгъуэ къазыщI макъхэр зыхеубыдэр. ″Еспас″ жыхуаIэр макъ мыхьэнэрэ макъ псалъэкIэрэ ″у″м зэрилъытэ щIыкIэр мыпхуэдэщи, абы хиубыдэ макъитIым ″еспас″ жыхуаIэр къызэрыхъурэ зэрызэхэлъыж щIыкIэр наIуэ къащIагъэххэщи, ″еспас″ щыжыпIэкIэ абы ″зэман″ыр пыпщIэжыни зыхуэмыныкъуэжущ адыгэбзэр макъ лъабжьэкIэрэ зэрыухуагъэххэр.

Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъщи, функциал зэманыгъуэр ″э″кIэрэ зылъытэ адыгэбзэ лэжьэкIэм зэманкIэрэ джыри ″и″ макъ мыхьэнэмкIэ илъытэу, ″зэман/еспас″ жыхуаIэр бзэ лъабжьэкIэрэ гъэзащIэу зэрыхэткIэрэ ″а приорие″у зэрызекIуэр гулъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр зэрытлъытэфынум ″априорие″у лъабжьэ хуэхъу ″зэман″рэ и джыгъуэ лIэужьыгъуэу ″еспас″ыр зэгуэгъэкIыныгъэрэ зэщхьэщыгъэхуныгъэ зэримыIэкIэрэ зэпыщIауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, утыку къызэрихьарэ зэрызэлъыта щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ ″э″мрэ ″и″м ″зэман, еспас″ къалэн ягъэзащIэу адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр гулъытапхъэщ. ИкIи, ″зэман/еспас″ къалэн зэрагъэзащIэкIэрэ адыгэбзэ лэжьэкIэм я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэщ ″э, и″ макъхэр зэрыхэтри, мыпхуэдэу бзэ лэжьэкIэ лъабжьэу щытрэ псалъэхэуи зэрыщымытыр ахэр ″априорие″ зэрылъытапхъэм зэрезэгъри гурыIуэгъуэщ. Аращи, Кант дэтхэнэ гуэрыр зэрытлъытэфынурэ къызэрыдгурыIуэфынум ″априорие″у лъабжьэ хуэхъур ″зэман/еспас″рауэ зэрыщытыр утыку къызэрырилъхьэр адыгэбзэм мы и лэжьэкIэм зэрезэгъыщэр гурыIуэгъуэщ; ауэ, зы бзэу зэрыщытым зэрезэгъщи, ар адыгэбзэм нэхъ нахуэрэ наIуэ къызэрищIри гулъытапхъэщ.

Кант нэужь математикэм телэжьыхьа философхэм Кант утыку къырилъхьа еплъыкIэхэр икIэ нэгъунэ зэрахъуэкIыфауэ жыIэпхъэкъым. Философ гуэрхэр Кант щIыпэувым и щхьэусыгъуэр абы и ″трансандантал философие″ращи, Кант идеалист философиеу щIалъытари мыращ. Ауэ Кант и трансандантал философием пэувахэр щыIэгъуэр нахуэ щIын IуэхугъуэкIэ Кант зыдынэсам нэсыфахэуи жыIэпхъэкъым, икIи щыIэгъуэм емызэгъыщэу утыку ит математикэм теухуауэ утыку къыралъхьа гупщысэхэми Кант и еплъыкIэр тщагъэгъупщэфакъым. Абыхэм Кант геометрием зэреплъым щхьэщыкIыну зэпэщрэ зэгущыгъэ зиIэ гупщысэхэр утыку къыралъхьэфауэ жыIэпхъэкъым, икIи бжыгъэцIэхэм лъабжьэ яхуэхъуам теухуауэ жаIахэри бжэн Iуэхур утыку къызэрихьауэ ялъытэ ″IэпэбжэкIэ″м фIэкIакъым.

Кант и трансандандал философием пэува философ нэхъыбэри ″аналитикэ″ еплъыкlэ зиlэхэращи, зэрыгурыlуэгъуэу ахэр икlи нэхъыбэу бзэ философхэращ е бзэр лъабжьэ зыхуэхъуа философхэращ. Абыхэм щыщ гуэрхэм математикэр Кант зэрилъытам хуэдэу ″синтетикэ″укъыми, ″аналитикэ″ущ зэралъытар. Абыхэм мы зэралъыта щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ математикэр зы ″логие″ лlэужьыгъуэщи, ди щlэныгъэр хэзымыгъахъуэрэ щlэныгъэу щlэ гуэри къытхэзымылъхьэрщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, ахэр lуэхум зэрыбгъэдэхьэмрэ Кант зэрыбгъэдэхьэр зэхуэдэкъым: Кант и бгъэдэхьэкlэр дэ къызэрытщыхъу щlыкlэ зыхэлъу утыку ит щlэныгъэмрэ щыlэгъуэм езэгъ щlэныгъэр (трансандантал/идеал) зэрызэщхьэщыкlрауэ лъытапхъэщ. Ауэ, абы мы къыпэувхэм щыlэгъуэм езэгъыу лъытапхъэ трансандантал еплъыкlэр зэрамыдэм папщlэу къыщlэкlынщи, утыку къыралъхьэ щlэныгъэми зэпэщыгъэрэ зэгущыгъуэ игъуэтауэ жыlэпхъэкъым. Араща, мы зи гугъу тщlы ″аналитикэ″ еплъыкlэм куэд имыкlуэу математикэу парадоксхэр къызэрыхэхъукlыжари гурыlуэгъуэщ.

Мыбыи къыщымынэу, иужьрей математикхэм зы акциоматикэ системэм парадокс къыхэхъукlыныгъэр фlыкlыпlэ зимыlэ lуэхугъуэу зэрыщытыр къагъэунэхуащи, математикэри хэтыжу дэтхэнэ зы щlэныгъэ дициплинэм парадокс къыхэмыхъукlыпхъэу икlэ нэгъунэ зэгущыгъуэ зэримыlэфынур цlыхум наlуэ къыхуэхъуауэ жыlэпхъэщ. Системэм парадокс къызэрыхэхъукlыр системэм къэхъунур зэрыхимыубыдэрауэ жыlэпхъэщи, мыпхуэдэ ″парадокс″ым гурыlуэгъуэ къытхуищlри зэхъуэкlыныгъэр фlэкlыпlэ зэримыlэрауэ жыlэпхъэщ. Араща, щыlэгъуэр зэрызекlуэр увыlэгъуэ зэримыlэкlэрэ зэрыджрэ зэрызэхъуэкlкlэрэщи, пэжрэ зэмыхъуэкlыну лъыта зы акциоматикэ системэми фlыкlыпlэ имыlэу зэхъуэкlыныгъэ къызэрыхэхьэнури гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, трансанданталрэ метафизикэ бгъэдыхьэкlэми фlыкlыпlэ зимыlэу зыкъигъэлъэгъуэну къыщlэкlынщ.

Мыбдежым ди lуэхур математикэрэ философиерауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ, икlи трансандантал философиемрэ метафизикэми дырителъхьэу аракъым. Ауэ, щыlэгъуэм и ужьыныгъэу утыку къихьа зы щыlэгъуэ лlэужьыгъуэу щыт псэущхьэри щыlэгъуэрэ гъащlэм зэрезэгъкlэрэ зэрыужьым ипкъ иткlэ, мы щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къызхигъэlукla макъхэр мы утыку къызэрихьа щlыкlэр зэрыхэлъыжкlэрэ лъабжьэ хуэхъуу ухуа псэлъэбзэращ макъыбзэри, къызэрыхъуа щlыкlэр зыхэлъыж макъ мыхьэнэхэр акциомэ пэлъытэу лъабжьэ зэрыхуэхъуаклэрэ ухуа зы акциоматикэ логие пэлъытэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ макъыбзэр. Икlи, псэлъэбзэм и къежьапlэу щытрэ абы лъабжьэрэ купщlэ хуэхъуа макъыбзэр цlыху lэужьрэ щlеину зэрымыухуарэ, цlыху гупщысэм къызэримыгъэщlарэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм зэрезэгъкlэрэ зэрыухуари зэрыгурыlуэгъуэщ. Щыlэгъуэ ужьыгъэрэ зэхъуэкlыныгъэр зыхэлъыжу космикэу ухуа зы логие системэщ макъыбзэри, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэр лъабжьэ зэрыхуэхъуаклэрэ зэрылажьэр зы акциоматикэ системэу

лъытапхъэ щхьэ, абы и акциомэхэу лъытапхъэ макъхэм икlи щыlэгъуэ ужьыгъуэм езэгъ зэхъуэкlыныгъэри зэрызыхиубыдэри гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, мыпхуэдэ зы системэу ухуа макъыбзэр нобэрей щlэныгъэрэ бгъэдыхьэкlэм елъытауэ метафизикэри зыхэзыубыдэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщlа макъхэмкlэрэ щыlэгъуэрэ и ужьыгъуэм езэгъыжу ухуэ логие лlэужьыгъуэрэ системэрщ макъыбзэри, мы зэрыухуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэи ар щыlэгъуэм и логиери зыхэлърэ къызхэщ системэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Макъхэр бзэм ипэ щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ космикэу къызэрыхъуаклэрэ лъабжьэ хуэхъуу ухуа зы системэщ макъыбзэри, абы и лэжьэкlэу ухуэ псалъэр зытеухуам и щыlэгъуэрэ и щыlэкlэм езэгъ мыхьэнэрэ къалэн зиlэ макъкlэрэщ зэрыухуар. Макъыбзэкlэ къэlуатэр къызэрыlуатэ псалъэхэр зэрыухуар а къэlуатэм и щыlэгъуэр зэрылъытэ макъкlэрэ ухуащи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу и щыlэгъуэрэ щыlэкlэкlэщ макъыбзэ лэжьэкlэм зэрилъытэр. Ныtlэ, щыlэгъуэ ужьыныгъэрэ космикэу къызэрыхъуа щlыкlэхэр зыхэлъыжу щыт макъхэр лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэ ухуа макъыбзэм и щыlэгъуэр щыlэгъуэ логиерэ щыlэгъуэм и бзэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

"Макъыбзэ" жыхуэтlэр псэлъэбзэр къызэрежьарэ псэлъэбзэм лъабжьэрэ купщlэ хуэхъураращи, адыгэбзэр а лъабжьэм къытехъукларэ ар зыхэмыклуэдыклауэ зы бзэщ. Ауэ адыгэбзэм и лэжьэкlэ псомрэ, и псалъэу хъуар макъыбзэ лэжьэкlэкlэ зэрымыухуари гурыlуэгъуэщи, игъуэ щыхъум деж, макъыбзэ жыхуэтlэр зэрыухуамрэ абы къыклэлъыклуэрэ къытехъукlыж лэжьэкlэхэми, икlи макъ мыхьэнэншэ лэжьэкlэ зиlэу ухуа псалъэхэми щыгъуазэ дыхуохъур.

Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэм геометрием дызэрыхуишэр гурыlуэгъуэщи, "функциал зэманыгъуэ"мрэ (э), зэманкlэрэ джырэ утыку къихьэр зэрылъытэ "еспас"ыр зы макъымкlэ (и) гурыlуэгъуэ зэрищlрэ зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм хэпщауэ ("а приорие"у) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи, адыгэбзэ бжыгъэцlэхэр къызтехъукla псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlым щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, зи гугъу тщlы гупщысаклуэрэ щlэныгъэлlхэм абыхэм теухуауэ утыку къыралъхьахэм зэрызэгъэпщапхъэращ мы зи гугъу тщlахэр къэlуэтэн хуей щlэхъуар. Араща, аналитикэ философхэм математикэр зэралъытэ щlыкlэр нэхъыбэу зы логие лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэрэ бзэ лэжьэкlэм еклуэлlэныгъэ зэрызыхуиlэнур гурыlуэгъуэнщи, апхуэдэ бгъэдэхьэкlэр адыгэбзэми нэхъ езэгъыу щытын хуей къыпщыхъу щхьэ, - ахэр зытет бзэщlэныгъэм ипкъ зэритклэщи- lуэхур зытетыр мыпхуэдэкъым. Ипэкlэ къэtlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, адыгэбзэм зи гугъу тщlы и лэжьэкlэр аналитикэ философхэм елъытауэ Кант жиlахэм нэхъ езэгъыу зэрыщытыр гъэщlэгъуэнщ. Араща, аналитикэ философхэм математикэм теухуауэ утыку къыралъхьэхэм елъытауэ аритметикэрэ геометрием

теухуауэ Кант жиIэхэм нэхъ пэгъунэгъущ адыгэбзэм бжыгъэцIэрэ геометриер зэрилъыта щIыкIэхэр.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, псэлъэбзэр аналитикэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, адыгэбзэри аналитикэщ. Ауэ бзэщIэныгъэу утыку итым зэрезэгъщи, аналитикэ философхэм зэралъытэкIэрэ ″аналитикэ″р логие лIэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, щIэныгъэр хэзымыгъахъуэу щалъытэм деж, псэлъэбзэр мыпхуэдэу зэралъытэр щыlэгъуэр зэрыухуэрэ зэрызэхэлъыр икIи зэрыужь щIыкIэр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщIрэ ди щIэныгъэри хэзыгъахъуэу лъытапхъэ ″макъыбзэ″ лэжьэкIэм езэгъыщэу зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Макъкlэрэ ухуа логие лIэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъщи, бзэр аналитикэ лIэужьыгъуэщ. Ауэ бзэщIэныгъэмрэ ар къызтехъукIа бзэхэм зэрытеухуакIэрэщ аналитикэ философхэм бзэр зэралъытэ щIыкIэри, макъхэр утыку къызэрихьа мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэрылажьэ щIыкIэкIэ ухуа ″макъыбзэ″м и лэжьэкIэр абыхэм бзэр зэралъыта щIыкIэм зэремызэгъыщэр гурыlуэгъуэщ. Абыхэм псэлъэбзэр зэралъытэ щIыкIэр псэлъэбзэм игъуэта макъыбзэ нэужь лэжьэкIэращи, я бгъэдэхьэкIэм макъыбзэр зэрыхимыубыдэнур гурыlуэгъуэщ. Аналитикэ философхэм псэлъэбзэрэ ар зэрызекlуэ псалъэхэр цIыху lэужьрэ гупщысэкIэрэ ухуауэщ зэралъытэри, цIыхурэ и псэукIэм елъытауэ ухуарэ субъективыгъэ зэриIэкIэрэщ зэралъытэр. Мы еплъыкIэр зи гугъу тщIа ″макъыбзэ″ ухуэныгъэмрэ лэжьэкIэм, икIи абы и лэжьэкIэу утыку къихьэ псалъэхэм – зи мыхъуми, псалъэ нэхъыбапIэм- теухуауэ пэжу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Япэрей лэжьыгъэхэм хуэдэжу, мы къытпэщыт лэжьыгъэми къызэрыхэщщи, цIыху lэужьрэ гупщысэм имыухуарэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм къызэрихькIэрэ псэущхьэм къыхэlукIа макъхэмкIэ ухуа макъыбзэ лэжьэкIэм къигъэщIа псалъэхэм объективыгъэи зэрыраIэнур гулъытапхъэщ. Ар щыхъукIи, бзэр зэрыухуа лъабжьэу псэущхьэм космикэу къыхэlукIа макъхэмкIэ ухуа макъыбзэ лэжьэкIэмрэ и псалъэхэм объективыгъэ зэриIэкIэрэ щIэныгъэи утыку къыралъхьэу, икIи ди щIэныгъэри хагъахъуэу зэрыщытыр жыIэпхъэщ.

Макъыбзэм теухуащ мы къэтlуатэхэри, ″макъыбзэ″ лэжьэкIэ зымылъытэрэ макъхэри мыхьэнэншэу зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэрэ философием мы къэтlуатэхэр зэремызэгъынур гурыlуэгъуэнщ. Мы зи гугъу тщIа еплъыкIэхэм бзэ лэжьэкIэм теухуауэ пэжыгъэ куэд утыку къыралъхьэми, бзэр макъкIэрэ зэрыухуа лъабжьэм зэрыщIэмыплъэхэмрэ ″макъыбзэ″ лэжьэкIэм щыгъуазэ зэрыхуэмыхъухэм папщIэщи, макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэ адыгэбзэм абыхэм я щIэныгъэм химыубыдэ куэди зэрыхэтынур гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэм теухуауэ япэрей лэжьыгъэхэм хуэдэу мыбдежым зи гугъу тщIы lуэхугъуэхэми къызэрыхэщщи, макъхэр къызэрыхъу щIыкIэкIэ зыхэлэжьыхь макъыбзэм утыку къырилъхьэхэр иужькIэ къэхъуарэ макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэ бзэхэм елъытауэ куэдыlуэкIэ нэхъ куущ.

Макъыбзэ лэжьэкlэм щыlэгъуэм теухуауэ гурыlуэгъуэ къытхуищlрэ ди щlэныгъэри зэрыхигъахъуэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэмрэ дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьэр зэрыухуэ логиер зыхэлърэ и зы моделыфlыуи лъытапхъэщ макъыбзэ лэжьэкlэр. Мыращ адыгэбзэ макъ lуэрхэм геометрикэ мыхьэнэрэ къалэнхэр зэрыраlэм лъабжьэ хуэхъур, икlи щыlэгъуэ геометрием теухуа макъыгъуэ геометрием къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы макъ щэхури зы геометрикэм зэреклуалlэу макъ lуэрхэм зэрытеухуэм лъабжьэ хуэхъур.

## Адыгэбзэ псалъэ гуэрхэр математикэм хуэдэ модел пэлъытэу ухууэ зэрылъытапхъэхэм теухууэ

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, математикэри псэлъэбзэри логие лlэужьыгъуэщ. Математикэр щыlэгъуэм и щыlэклэрэ зэрылъытэ логие лlэужьыгъуэу зэрыщытым хуэдэу, псэлъэбзэри щыlэгъуэ ужьыныгъэм къигъэщlа зы логие лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэрэ щыlэгъуэр зэрыщыlэ логиеклэрэ къызэрыlуатэу ухуа зы системэрщ. Псэлъэбзэр мы къызэрыхъуарэ зэрыухуа щlыклэм езэгъыу зэрылажьэри макъыбзэ лэжьэклэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Псэлъэбзэр щыlэхэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ логиеу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, псалъэклэрэ утыку къырилъхьэхэм я щыlэгъуэрэ щыlэклэми гулъытэ ухуэзыщlыж системэрщ. Мыбыи зэрыпыщlарэ къыщымынэжу, бзэр икlи къэзыпсэлъым и гупщысэри хэзыгъахъуэрщ. Ар зы логие системэу щхьэж лэжьэклэи зиlэжырщи, цlыхур щхьэж бзэм и логиеклэрэ мэгупщысэфыр. Дэтхэнэ зы бзэри мыпхуэдэ, ауэ псэлъэбзэ къежьаплэу зэрыщытрэ псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр къызэрыхъуа щlыклэклэ къызхэхъукlа щыlэгъуэм пыщlарэ елъытауэ зэрызеклуэклэрэ ухуа макъыбзэр щыlэгъуэр и щыlэгъуэклэрэ утыку къилъхьэнум теухууэ адрей псэлъэбзэ лlэужьыгъуэхэм къызэрызэщхьэщыклыр гулъытапхъэщ. Макъхэр мы къызэрыхъуа щlыклэм езэгъ мыхьэнэрэ къалэнклэрэ зэрылажьэу ухуа псэлъэбзэщ макъыбзэри, щыlэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщlа макъхэр лъабжьэ язэрыхуэхъуклэрэ ухуа макъыбзэм къиlуатэхэр я щыlэгъуэ лъабжьэклэрэ къэзыlуатэ зы системэу зэрыухуар гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэклэрэ псэущхьэм къыхэхъукlа макъхэр лъабжьэ зэрыхуэхъуклэрэ ухуа логие лlэужьыгъуэщ макъыбзэри, ар щыlэгъуэм и логие лlэужьыгъуэу ухуа бзэщ. Мы къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъщи, макъыбзэ лэжьэклэ зиlэ адыгэбзэм дэтхэнэ зы гуэрыр и щыlэгъуэрэ и щыlэклэклэщ утыку къызэрырилъхьэр. Ар щыхъукlи, дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэрэ и щыlэклэклэ утыку къызэрырилъхьэм зэрезэгърэ къызэрыпыщэжклэрэ макъыбзэм гупщысэныр щыlэгъуэм нэхъ езэгърэ теухуэу зэрыриухуэнурэ зэрыригъэклуэнури гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэм дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэклэклэщ утыку къызэрырилъхьэри, щыlэгъуэр къызэрыхъуарэ

зэрызекlуэри зыхэлъыжу зы бзэщ. Абы и лэжьэкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, мыбы фlыщэу гулъытэ зэрыхуэпщlыр гурыlуэгъуэнщ, ауэ мыбы къыщымынэу, щыlэгъуэр къызэрыхъуарэ зэрызекlуэ щlыкlэм теухуауэ ухуа псалъэ гуэрхэри Адыгэ lуэрыlуатэхэм къызэрыхэщри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ псалъэхэу щытми, иужьрей lуэрыlуатэ ухуэныгъэм цlыху лlыхъужьу зэрыхэхьэжар гулъытапхъэщ ″Уэзырмэс, Уэзырмэдж, Сосрыкъуэ″ хуэдэ цlэхэри, абыхэм я мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ахэр флэкlыпlэ имыlэу щыlэгъуэ къэхъуныгъэрэ къекlуэкlыныгъэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ архив мащlэ хэткъым зы макъыбзэу щыт адыгэбзэми, цlыху нэрыбгэхэм флащу щыта цlэхэри зэрыухуа щlыкlэри макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэу щытащ. Аращи, къэхъуа зы быныр цlыхубзрэ цlыхухъуу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ макъыбзрэ макъыхъукlэрэ ухуа цlэ (иужькlэ ахэр ″анэцlэ″ущ зэралъытэжар) флащу щытащ.

Щхьэжу зы системэу зэрыщыткlэрэ и логием къызэринэкlэрэ цlыхур езыр езырурэ зэрыгупщысэф системэщ псэлъэбзэри, нэрыбгэм иджыри имылъэгъуарэ зэхимыхар къигупщысу зы псалъэкlэрэ утыку къырилъхьэфынщ. Дэтхэнэ зы псэлъэбзэр мыпхуэдэщ, ауэ зэрыжытlауэ макъыбзэр бзэр зэрыухуа лъабжьэу, дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэкlэ зылъытэф бзэ лlэужьыгъуэу, нэгъуэщl бзэ лlэужьыгъуэхэм елъытауэ гупщысэныр зэрызекlуэ щlыкlэр щыlэгъуэм езэгърэ куу зыщlыфу щыт зы бзэ лэжьэкlэщ.

Макъ мыхьэнэрэ къалэнхэр лъабжьэ зэрыхуэхъуакlэрэ ухуа макъыбзэм дэтхэнэ зы щыlэ гуэрыр а зэрыщыlэ щlыкlэкlэ зэрилъытэфым нэмыщl, щхьэжу макъ мыхьэнэ лэжьэкlэкlэ иухуэф псалъэхэмкlэрэ бзэр зезыхьэм иджыри имылъэгъуа гуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэрэ илъытэу къегъэунэхуфыр. Ипэкlэ математикэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, абы хуэдэу аксиоматикэ зы системэу зэрылъытапхъэри жытlагъэххэщ макъыбзэри, дэтхэнэ зы щlэныгъэм лъабжьэ хуэхъуу ялъытэ математикэр щхьэжу зэрылажьэрэ дэтхэнэ гуэрым и моделыр математикэу зэрыухуапхъэм хуэдэу, макъыбзэри щхьэжу лажьэрэ къэlуэтапхъэхэм модел яхуэхъуну псалъэхэр зыухуэ системэрщ.

Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъ мыхьэнэрэ къалэнхэр зи акциомэ пэлъытэу щыт макъыбзэ лэжьэкlэр математикэм хуэдэу щхьэж акциоматикэ лэжьэкlэ илэу лъытапхъэщи, бзэр зезыхьэ нэрыбгэм илъагъу гуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ къызэриlатэм къыщымынэу, къигупщысрэ къигушыпсхэр я щыlэгъуэкlэрэ макъыбзэ псалъэхэу игъэпсыфынщ. Адыгэбзэр мыпхуэдэу зэрызекlуэу зэрыщытрэ икlи зэрыщытари къызхэщ щапхъэхэр Нарт lуэрыlуатэхэм хыболъагъуэри, илъабжьэкlэ мыпхуэдэ щlыкlэкlэ псалъэхэр къызэрыхъуам я гугъу щытщlынщ.

Мыпхуэдэ lуэрыlуатэм щыщ щапхъитlым и гугъу щытщlынщ мыбдежми, абы зыр ″lэдэ″р къызэрагъуэтам и lуэрыlуатэращ.

Лъэпщ мафlэм lэкlэ пэрыlэбэрэ гъущl плъар къыхихыу, ар lэкlэ зыгъэузэхуж гъуклэт. Икlи, ″lэдэ″ зэрыхуэныкъуэр къыгурыlуа щхьэ, ар зэрищlынури ищlэтэкъым. Мыбы гу зезылъыта Сэтэней зэ гуэр псыхьэ зыдэкlуэм блитl зэблэдзауэ зэтелъу щилъагъум Лъэпщ зыхуэныкъуэм гулъытэ хуейщlыр. Блитlым я зэблэдзыпlэм Сэтэней баш щыхиlуклэ, блитlым зызрадзри, я щхьитlыр щызэхуэкlуэм я кlитlыр зэрызэхуэкlуэжыр елъагъу. Мы илъэгъуарэ гу зылъитар Лъэпщ зыхуэныкъуэ ″lэдэ″р зэрищlыну щlыклэм щапхъэ къыхуохъур.

Мы lуэрыlуатэ клапlэр къызэрыlуатэ щlыклэм зэрыхэплъагъуэщи, Лъэпщ зыхуэныкъуэ ″lэдэ″р зы lэмэпсымэу утыку къимыхьэ ипэ, ар зытеухуарэ зэрыщытын хуейр макъыбзэ лэжьэклэклэ зы псалъэу (lэдэ) къоlуатэр. Мыбы гурыlуэгъуэ зэрищlщи, Нартхэм ящlыну ягугъэр япэу псалъэклэ къаlуатэу, ящlыну lэмэпсымэм и моделыр макъыбзэ лэжьэклэклэ утыку къыралъхьэри, ар зэращlыну щlыклэр къагъуэтын иужь йохьэхэр. Аращи, ящlын хуейм япэрауэ цlэ флащыфыр. Ящlын ягугъэ lэмэпсымэм игъуэтын хуей щlыклэр къызэрыlуатэ псалъэр макъыбзэ лэжьэклэклэ яухуэрэ моделыр утыку къыралъхьэр.

Мыпхуэдэ нэгъуэщl зы щапхъэу илъабжьэклэ къэlуэтари ″гъубжэ″р къызэрагъуэтам и lуэрыlуатэращи, зыхуэныкъуэ lэмэпсымэр ямыщl ипэклэ и цlэр зыфlащагъэххэ ″гъубжэ″р зэращlыну щlыклэр къызэралъыхъуэм теухуа lуэрыlуатэщ.

Гъэр бэвыгъэти, Нартхэм мэшыр зэрызэщlакъуэжынурэ къызэрырахьэlэжыну lэмэпсымэу зыхуэныкъуэ ″гъубжэ″р зэращlыну щlыклэ ялъыхъуэрт. Мыр Лъэпщ щыгурагъаlуэм, абы Уэрсэрыжь еупщlын зэрыхуейр къажырelэр. Уэрсэрыжьыр къашэу, Нартхэр зыхуэныкъуэр гурагъаlуэ щхьэ, зигусэу мэклуэсэж. Щхьэхуэпсалъэу зэрыщытыр ящlэти, - ″уэрсэрыжь″ зэрыфlащам зэрезэгъклэрэ lуэхур зытетыр занщlэу къыгурыlуэнрэ къиlуэтэнтэкъэ-, зигъэгусауэ гъуэгу техьэу зыдэкlуэжым - зыфlамыгъэщlыу- абы щlодэlуклхэр. Нартхэр ″гъубжэ″ зэрыхуэныкъуэр Уэрсэрыжьым и щхьэм хуэпсэлъэжрэ зыхужиlэжу, мыр зэрыпщlыну щlыклэри зыхуеlуэтэжыр: «адэкъэклэу къэбгъэшрэ, пхъэшыкъу тlэклу флэбъуклэу, къазшырыдзэ хуэдэу дъубклыклмэ, - ″гъубжэ″ жыхуаlэр аракъэ!».

## НОБЭРЕЙ БЗЭЩIЭНЫГЪЭМ ПСАЛЪЭХЭР ЗЭРИЛЪЫТЭМРЭ МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКIЭУ УХУЭ АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР

### Макъыбзэ лэжьэк1эу ухуа адыгэбзэ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlхэм теухуауэ

Зы ″макъ псалъэ″у щыт ″бзэ″р ″бзы″ псалъэм и клуэтэгъуэу (э) зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар дэтхэнэ гуэрым и лъабжьэрылажьэр зэрылъытэ псалъэрщ. ″Бзэ″р щыlэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыlэм

лъабжьэрылажьэу хэлъращи, а зыхэлъым и щылэгъуэр къызэреклуэклыр гурылуэгъуэ къэзыщлырщ. Щылэгъуэр лъабжьэрылажьэ щлыклэклэ зэрылъытэрэ къэзылуатэрщ ″бзэ″ри, а лъабжьэри зэрылъытэращ ″бзы″р. ″Бзы″ макъ псалъэм и мыхьэнэр ″зэрзэлъытэужьыгъуэ (б) зыхэлърэ езыр″у къэлуэтапхъэщи, ар къызэреклуэклрэ зэрызеклуэри зэрылъытэращ ″бзэ″ псалъэм и мыхьэнэр. Мыпхуэдэу лъытапхъэ ″бзэ″р щылэгъуэ зилэ дэтхэнэ гуэрыр зэрызыхэлъ щлыклэклэ зэрызэлъытэныгъэклэрэ ужьыгъуэ илэу зэрыщылэ щлыклэр зэрылъытэ псалъэращи, ар ″логие″ жыхуалэ мыхьэнэ зилэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Щылэгъуэ зилэ дэтхэнэ гуэрыр зэрызэхэлъ щлыклэклэ мыпхуэдэ зы логие зыхэлърэ зилэрщи, дэтхэнэ гуэрыр и логиеклэрэ адыгэбзэм зэрилъытапхъэри а гуэрыр къызэрылуатэ псалъэм ″бзэ″ псалъэр къыпыхьэу къызэрылуэтапхъэри гурылуэгъуэнщ. Макъхэмклэ ухуауэ цлыхум и гугъэрэ жилэнур къызэрилуатэклэрэ зэрызэгурылуэри зы ″бзэ″ лэужьыгъуэу зэрыщытыр гурылуэгъуэщи, ар зэрыухуа ″псалъэ″м ″бзэ″р къыпыхьэу ухуащ ″псэлъэбзэ″ жыхуалэр. ″Псэлъэбзэ″р цлыхум дежклэ, и логиемрэ дэтхэнэ гуэрым и логиер къызэрилуэтэфу ухуа зы ″бзэ″ лэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъщи, ар щхьэжу зы ″бзэ″уэ лъытащ. Нэгъуэщлыу жыплэмэ, макъклэрэ ухуарэ зытеухуар къэзылуатэ логиеу зэрыщытым зэрезэгъклэрэ ″псэлъэбзэ″р щхьэжу ″бзэ″уэ зэрылъытапхъэр гурылуэгъуэщи, цлыхум псэлъэбзэу зэрихьэ нэхъыбэм ″псэлъэбзэ″р щхьэжу ″бзэ″уэщ зэрызеклуэр. ″Логие″ жыхуэтлэу зы термин хъуауэ къеклуэклри пэсэрей алыджыбзэклэ ″бзэ, псалъэ″ зи мыхьэнэращ.

″Бзэ″ псалъэр нобэ зы термину щызеклуэ ″логие″ жыхуалэрауэ зэрыщытыр гурылуэгъуэщ, икли ″псэлъэбзэ″ри зэрылъытэ псалъэрщ ″бзэ″ри, ар зэрызеклуэ щлыклэри ″псалъэ″клэрэщ. ″Псалъэ″р псэлъэбзэр зэрыухуа лыхьэхэращ – элементхэращи, псэлъэбзэр къызэреклуэклыр псалъэхэмклэрэщ. Псалъэклэрэ къеклуэкl псэлъэбзэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм псэлъэбзэклэ мыхьэнэ зилэу утыку къихьэр ″псалъэ″щи, псэлъэбзэр зэрыухуа псалъэ утыку къилъхьэн луэхугъуэу псэлъэбзэр къызэреклуэклыр зэрылъытэри ″псэлъэн″ращ.

″Псалъэ″ утыку къырилъхьэу къеклуэклыр зэрыигъуэу ″псэлъэн″ глаголклэрэщ къызэрылуатэри, мыри псэлъэбзэр зезыхьэ псэущхьэ логиер къызэреклуэкl щлыклэу зэрыщытыр гурылуэгъуэщ. ″Псалъэ″ утыку къилъхьэнклэрэ къеклуэклрэ ″псэлъэн″ луэхугъуэр зытеухуар ар къэзыпсэлъым и логиерауэ зэрыщытыр гурылуэгъуэщ. ″Псалъэ″ утыку къырилъхьэу къеклуэкl ″псэлъэн″ыр цлыхум и логиеращ къэзгъэщлри, псэлъэбзэ жыхуэтлэр мыращ. Мы псалъэми гурылуэгъуэ зэрищлщи, ″псалъэ″р къызпкъырыклрэ ″псэлъэн″клэрэ къеклуэклыр къызпкъырыклыр ар зыгъэзащлэ псэущхьэращ. ″Псалъэ, псэлъэн″ псалъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, ахэр псэущхьэм игурэ и псэм къызэрыпкъырыклрэ къызэригъэщлыр къыхэщу ухуа псалъэхэщ: «″псэ, лъэ″ → ″псалъэ, псэлъэн″».

Утыку къизылъхьэ псэущхьэм и псэм къыхэхъуклыу утыку къихьэр ″псалъэ″щи, ар къызэреклуэклри ″псэлъэн″ луэхугъуэу зэрыщытыр гурылуэгъуэщ. Къэзыпсэлъым и ″псэ″м къыхэхъуклыу зы ″лъэ″ зэригъуэтращ ″псалъэ″рэ ″псэлъэн″ псалъэхэр зэрыухуари, зи псэм къызхэхъукl псэущхьэм и логием зэрытеухуарэ ар зезыхьэу лъэ зыгъуэтауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Къэзыпсэлъым и логием теухуауэ ухуарэ ар зыхэлъу зы лъэ зыгъуэтаращ ″псалъэ″ жыхуэтlэри, ари макъклэрэ зэрыухуар гурылуэгъуэщ. ″Псалъэ″хэр зэрыухуэ макъхэр псэущхьэм и псэм къызэригъэщlари гурылуэгъуэщи, мыпхуэдэу къэхъуагъэххэ макъхэм псэлъэбзэ логием зэрезэгъклэрэ зы организацэ зэрагъуэтращ ″псалъэ″ жыхуэтlэр. Аращи, ″псалъэ″р къызпкъырыкl псэм и логиер зезыхьэ зы организацэу утыку къихьэращ. Пытщэмэ, ″псалъэ″р псэм къыхэхъуклыу зы лъэрэ организацэ зыгъуэтращи, ар утыку къызэрихьэу лъэ игъуэтрэ организэ зэрыхъу щlыклэри ″псэлъэн″клэрэщ; ″псалъэ, псэлъэн″ыр псэущхьэм и клуэцlым, игурэ и псэм теухуа логиер организэ зэрыхъу щlыклэу утыку къихьэращ.

Мы псалъэхэм гурылуэгъуэ зэращlщи, зы ″логие″рэ ″бзэ″ лlэужьыгъуэу щыт ″псэлъэбзэ″р псэущхьэ логием теухуауэщи, ар зэрызеклуэри зезгъаклуэ псэущхьэм и щылэгъуэ логиеу и псэм къыхэхъуклрэ организацэ зэригъуэт щlыклэу ″псэлъэн″клэрэщ. Псэущхьэм и ужьыгъуэм къыхуихьа лъэклыныгъэу абы къызхигъэlукl макъхэмклэрэ ухуа дэтхэнэ зы ″псалъэ″р къызэрыхъу щlыклэущ ″псэлъэбзэ″ жыхуэтlэ ″логие″рэ ″бзэ″ лlэужьыгъуэр зэрыухуэрэ къызэреклуэклыр. Псэлъэбзэр зэрызеклуэ ″псэлъэн″клэрэ утыку къихьэр ″псалъэ″щи, мы къэтlуэтахэм зэрезэгъклэрэ ″псэлъэн″рэ ″псалъэ″ри зэрыигъуэу ″псэ″м къыхэхъуклыу организе (лъэ) зыгъуэтыныгъэущ зэрылъытар.

Ныtlэ, мы къэтlуэтахэми гурылуэгъуэ къызэращlщи, псэлъэбзэм и элементхэу зи гугъу тщlы ″псалъэ″хэр псэущхьэм и псэм къызэрыхэхъуклклэрэ зэрыухуэр гурылуэгъуэщ. Мыпхуэдэ лэжьэклэ зиlэ псэлъэбзэр – зы ″логие″ (бзэ) лlэужьыгъуэу- къэзыпсэлъым и логием теухуарэ пыщlауэ зэрыщытри гурылуэгъуэщ. Ныtlэ, мыпхуэдэ зы щылэгъуэм и зы элементыр ар къэзыгъэхъум и щылэгъуэм (и псэм) теухуарэ зэрыпыщlар гурылуэгъуэнщ. Псэлъэбзэм и зы элементу щыт ″псалъэ″мрэ абыклэ лъытэу ар зытеухуам я зэхуакум дэлъ зэпыщlэныгъэр ″псалъэ″р къэзыпсэлъым и щылэгъуэм зэрытеухуар гурылуэгъуэщ. Псэущхьэм и ужьыгъуэм къыхуихьу къызхигъэlукl макъклэрэ ухуащ ″псалъэ″ри, ″псалъэ″м утыку къырилъхьэр къэзыпсэлъ псэущхьэм и псэм къыхэхъуклыу утыку къызэрихьа щlыклэр мыращ. Араши, езым и lэ имылъу, и щылэгъуэужьыгъуэм къыхуихьу къыхэгъэlукla макъхэр езым и псэм къыхэхъуклрэ икlи и щылэгъуэ логиеми теухуауэ утыку къихьэхэрщи, мы макъхэмклэ къеклуэкl зы логиерэ бзэуэ щыт псэлъэбзэм и элементхэу ухуэ ″псалъэ″хэри ахэр къэзыпсэлъым и псэм теухуа логиеклэрэщ зэрыухуэр.

″Псалъэ, псэлъэн, псэлъэбзэ″ псалъэхэр къэзыпсэлъ псэущхьэм и щыlэгъуэм пыщlауэ утыку къихьа макъхэмкlэрэ зэрыухуар гурыlуэгъуэ къэзыщl псалъэхэрщ. Икlи, псэущхьэм и щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къыхэlукl макъхэмкlэрэ ухуэрэ къекlуэкl зы псэлъэбзэм къигъэхъу псалъэхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэр ахэр къэзыlуатэ псэущхьэ лъэныкъуэмкlэрэщ. ″Псалъэ, псэлъэн, псэлъэбзэ″ псалъэхэр япэрауэ псэлъэн лъэкlыныгъэ зыгъуэта псэущхьэм и логиеращ зэлъытарэ зытеухуари, ″псалъэ″р занщlэу абы къиlуатэрэ абыкlэ лъытэракъым зытеухуарэ зэлъытар! Ауэ, щыlэгъуэ ужьыгъуэ лъэкlыныгъэкlэрэ утыку къихьа макъхэр къызхэlукlым езым и lэ илъу къигъэщlауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщи, къызхэlукlым и псэм къигъэщlыу утыку къихьа мы макъ зехьэкlэу ухуэ псалъэри ар къэзыпсэлъым и щыlэгъуэ логием теухуауэ зэрыухуэри гурыlуэгъуэнщ. Псэущхьэм езым и lэ имылъу къызхигъэlукl макъыр къызхэlукlым и щыlэгъуэ логием зэрытеухуар гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа макъым щыlэ гуэрыр и щыlэгъуэ логиекlэрэ зэрилъытэфынури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу къэхъуа макъкlэрэ ухуа ″псалъэ″мрэ, абыкlэ лъытэрэ къэlуатэр лъабжьэкlэ щыlэгъуэ логиекlэрэ зэрызэлъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэр макъыбзэ лэжьэкlэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщи, макъхэр и гугъу зэрытщlакlэрэ утыку къызэрихьам зэрезэгъкlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэ зыгъуэта псэлъэбзэм псалъэхэр къызэригъэщlращ зытеухуар. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″псалъэ, псэлъэн, псэлъэбзэ″ псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэщи, ахэр зэреджэн хуей щlыкlэрэ я мыхьэнэхэри макъыбзэ лэжьэкlэм теухуауэщ.

*

Зи гугъу зэрытщlа щlыкlэу, къэзыпсэлъым и псэм пыщlарэ и логиекlэ ухуа псалъэщ ″псалъэ, псэлъэн″ псалъэхэри, ахэр зэрыухуари и гугъу зэрытщlа щlыкlэкlэ утыку къихьэ макъхэмкlэщ. Ипэкlэ и гугъу зэрытщlа щlыкlэу, псэлъэбзэр зэрыухуэ ″псалъэ″хэр ″псэлъэн″кlэрэ утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщ, ауэ икlи ″псалъэ″хэр макъкlэрэ зэрыухуам зэрезэгъкlэрэ макъымрэ псалъэр утыку къызэрихьэр зэхуэдэу зылъытэ псалъэхэри хэтщ адыгэбзэм. Аращи, псэлъэбзэ псалъэхэр макъкlэрэ зэрыухуам зэрезэгъщи, макъымрэ псалъэр утыку къызэрихьэ щlыкlэр зэхуэдэу зылъытэу утыку къизылъхьэ псалъэхэращ мыхэри: «lун – lуэн, къэlун – къэlун».

″Макъ″ыр lуращ, къэlуращ, къэlуу тхьэкlумэкlэ зэхэпхращ. Ауэ, ″lун, къэlун″ псалъэхэмкlэ утыку къихьэ макъыр тхьэкlумэмкlэ зэхэпхыф дэтхэнэ зы макъауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэнщи, ар псэущхьэм и lум къыхэхъукlыныгъэм теухуауэ ухуа зы псалъэуи лъытапхъэщ. Аращи, псэущхьэм и ″lу″м и къалэнкlэрэ зэрыгъэзащlэр къыхэщу ″lун″ глаголкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ; ар къызэрежьэр –ар щыхъукlи, зэрызекlуэр- къызэрыlуатэри ″къэlун″ глаголкlэрэщ.

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, ″lун, къэlун″ глаголхэр япэрауэ псэущхьэlум къыхэхъукI макъхэм теухуауэ зэрыухуар гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу къэlур зэрызэхэпх щIыкIэри ″дэlун″ глаголкIэрэ къызэрыIуатэу, иужькIэ узэдэlурэ зэхэпх дэтхэнэ зы макъри ″lун, къэlун″ псалъэхэмкIэ къэIуатэу зэрыщIидзари гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, псэущхьэм къызхигъэlукI макъхэр ″lун, къэlун″ псалъэхэмкIэ къызэрыIуатэм хуэдэжу, макъхэр псэлъэбзэм зэрыхэхьэрэ макъкIэрэ ухуа псалъэхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэри къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, ″lун, къэlун″ псалъэхэм япэрауэ ″макъ псалъэ″хэр, итIанэ макъхэмкIэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр утыку къызэрихьэри къызэрыIуатэ псалъэу бзэм щызэрызекIуэнури гурыIуэгъуэнщ.

Псэущхьэм къызхигъэlукI макъхэр зэкIэлъхьэужьу къызэрекIуэкIри ″lун, къэlун″ глаголхэмкIэ зэрылъытэмрэ, макъкIэрэ ухуа псэлъэбзэм къигъэщI псалъэхэри утыку къызэрихьэр мы глаголхэмкIэ зэрылъэм нэмыщI, ″lун, къэlун″кIэрэ къекIуэкI lуэхугъуэри мы псалъэхэм я кIуэтэгъуэу (э) адыгэбзэм ″lуэн, къэlуэн″ псалъэхэмкIэ къызэриIуэтари гурыIуэгъуэщ. Макъ къэlунрэ къызхигъэlукIынкIэрэ къекIуэкIыр адыгэбзэм къызэриIуэтапхъэр ″lуэн, къэlуэн″ псалъэхэмкIэрэщи, мыхэр макъкIэрэ ухуа псэлъэбзэр къызэрекIуэкIыр къызэрыIуатэ псалъэхэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

″Псэлъэн, псалъэ″ псалъэхэр псэущхьэм и псэм къыхэхъукIыу организауэ хъур зэрылъыта псалъэхэу утыку къызэрихьар ипэкIэ жытIагъэххэщи, ″lун – lуэн, къэlун – къэlуэн″ псалъэхэри псэущхьэм къызхигъэlукI макъыр псэущхьэlум къызэрыжьэдэкIыр къызхэщу ухуа псалъэхэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ″Псалъэ″р утыку къызэрихьэр ″псэлъэн″кIэрэщи, псэущхьэlум къыхэlукI макъкIэрэ зэрыухуам ипкъ иткIэ, ″псалъэ″р утыку къызэрихьэр икIи ″lун – къэlун, lуэн – къэlуэн″ псалъэхмкIи къэIуэтапхъэщ. Макъымрэ макъхэмкIэрэ ухуэу псэлъэбзэ мыхьэнэ зыгъуэт дэтхэнэ зы макъымрэ (макъ псалъэ) макъ гупыр (макъ гупкIэ ухуа псалъэ) утыку къызэрихьэри ″псэлъэн″ lуэхугъуэу, ″lун, къэlун″кIэрэщ къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэщ. Араща, ″псэлъэн″рэ ″lун – къэlун, lуэн – къэlуэн″ псалъэхэр зэрызэтеухуэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, а псалъэхэр къызэрыхъуа щIыкIэу я мыхьэнэкIэрэ зэрызэщхьэщыкIми ипэкIэ и гугъу щытщIагъэххэщ. Мы псалъэхэм теухуауэ мыри пыщапхъэщ: «″псэлъын – псэлъэн″ глаголхэмрэ ″lун – lуэн″ глаголхэр, ″къэпсэлъын – къэпсэлъэн″ глаголхэмрэ ″къэlун – къэlуэн″ глагохэр зэрызэтеухуар гулъытапхъэщи, а псалъэхэр зэрызэщхьэщыкI щIыкIэр псэущхьэпсэмрэ псэущхьэlум теухуауэ зэрыухуахэращ».

*

Макъ къэlур зэхэхын гугъэкIэ гъэзащIэ lуэхугъуэр зэрылъытэ ″дэlун – дэlуэн″ псалъэхэри ″lун – къэlун, lуэн – къэlуэн″ псалъэхэм езэгъыу ухуа глаголхэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Къэlу макъыр зэхэхын папщIэ гъэзащIэ lуэхугъуэращ ″дэlун – дэlуэн″ри, ар ″къэlум дэщIыгъуу lуэн″рэ

″макъ къызхэмыlуклыу (д) lуэн″у еджапхъэ мыхьэнэ зиlэращ. Аращи, ″дэlун – дэlуэн″ псалъэхэри ″lун – къэlун, lуэн – къэlуэн″ псалъэхэм елъытарэ езэгъыу ухуа псалъэхэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, псэущхьэlум макъ къызэрыхэхъуклым теухуауэ ухуа псалъэхэщ.

Ауэ, ″дэlун – дэlуэн″клэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэр макърэ макъклэрэ ухуа псалъэ зэхэхынращи, макърэ псалъэм теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэу щыт ″зэхэхын″ псалъэр мы зи гугъу тщlахэм хуэдэу псэущхьэlурэ псэущхьэпсэр къызхэщу ухуа псалъэкъым. ″Зэхэхын″ псалъэр макърэ макъклэ ухуа псалъэхэм теухуауэ псэлъэбзэм щызеклуэми, ар зэрыухуа щlыклэм мыхэр къыхэщкъым. Макърэ lуэн lуэхугъуэ зыхэмылърэ къызхэмыщу ухуа зы псалъэу щыт ″зэхэхын″ыр зэрыухуа ″макъ мыхьэнэ″клэрэ ″зэхэт гупым щыщхэм зым адрейхэм елъытауэ гулъытэ хуэщlын″ мыхьэнэ зиlэущ зэрыухуари, мыпхуэдэ lуэхугъуэр икlи макърэ псалъэхэм теухуауи мэгъэзащlэр.

Зэхэпххэм зыр зым елъытауэ гулъытэ хуэпщlын lуэхугъуэри ″зэхэхын″ псалъэм хуэдэу макърэ псалъэ lуэхугъуэ хэмылъу ″зэхэхун″ псалъэмклэщ къызэрыlуатэр. Аращи, къэlунрэ псэлъэным теухуа мыхьэнэклэрэ бзэм хэлэжьыхьми, ″зэхэхын, зэхэхун″ псалъэхэр къызэрыхъуа щlыклэр псэлъэбзэм хуэlуарэ теухуауэкъыми, псэлъэбзэ щlыб lуэхугъуэ гуэрхэр зэрылъытэ щlыклэклэ ухуа псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Ауэ, зэхэпхрэ зыр зым елъытауэ гулъытэ узхуэхъуауэ зэхэпхуар гуклэ щызэхэбгъэкlыр къызэрыlуатэ псалъэхэщ ″гурыlуэн – къыгурыlуэн″ псалъэхэри, ахэри ″lун – къэlун″ псалъэхэм хуэдэу макърэ макъклэрэ ухуа псалъэхэм теухуа lуэхугъуэ зэрылъытэклэрэ ухуауэ лъытапхъэщ. Аращи, къэlу макъыр зытеухуарэ абы къикlыр гуклэ (клуэцlклэ) лъытэнращ ″гурыlуэн – къыгурыlуэн″ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlри, ахэри псэущхьэlу лъэныкъуэклэ утыку къихьэу псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэм теухуауэ ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, мы псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэр псэлъэбзэм хуэlуарэ макърэ псалъэм теухуауэ къэнакъыми, дэтхэнэ гуэррэ логие лlэужьыгъуэм псэущхьэм гулъытэ зэрызыхуищlри къызэрыlуатэ псалъэхэу бзэм хэлэжьыхьу щlидзауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Макърэ макъклэрэ ухуа псалъэ утыку къихьэн lуэхугъуэу ″lун – lуэн, къэlун – къэlуэн″ псалъэхэр илъабжьэрэ псалъэ утыку къихьэн lуэхугъуэу къеклуэкlыр зэрылъытэу ухуа зы псалъэри ″lуэтэн – къэlуэтэн″ращ. ″lуэтэн – къэlуэтэн″ псалъэм псэлъэбзэ лэжьэклэклэ зыгуэрхэр утыку къилъхьэн lуэхугъуэщ гурыlуэгъуэ къищlри, ар ″псэлъэн″ыр зытеухуа lуэхугъуэклэрэ къызэреклуэкlым теухуащ. Псэущхьэlум къызхигъэlукl макъыр утыку къызэрихьэ щlыклэр зэрилъабжьэклэрэ псэлъэбзэ лэжьэклэу псэлъэныр къызэреклуэкlым теухуащ ″lуэтэн – къэlуэтэн″ псалъэри, псэлъэныр къызэрыпыщэ щlыклэу псалъэ псалъэклэрэ къызэреклуэкlыр гурыlуэгъуэ зыщl псалъэрщ. Ауэ икlи, а псалъэхэр утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэ зэрищlым къыщымынэу, ахэр макъ лlэужьыгъуэу къызэрыlум

щхьэщыкIыу псэлъэныр зытеухуар гурыIуэгъуэ зыщI мыхьэнэ иIэу зэрыухуари гурыIуэгъуэщ "IуэтэнI – къэIуэтэн" псалъэри, абы игъэзащIэ IуэхугъуэрI "къэIун" IуэхугъуэрI зи лъабжьэрэ псэущхьэIу лъыныкъуэу зэрыухуам къыщымынэрэ щхьэщыкIыж IуэхугъуэщI. Аращи, "IуэтэнI – къэIуэтэн" псалъэм и мыхьэнэрэ бзэм хигъэзэщIыхьыр "IуэнI"кIэрэ къекIуэкIым хуэIуауэ къызэтемынэу, псэлъар зытеухуам хуэкIуэрэ псэлъэбзэ щIыб мыхьэнэм хуэкIуэныгъэ зыгъуэтыж псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

ПсэлъэбзэI лэжьэкIэр "псэлъэн"кIэрэ зыгуэрхэр къызэрыIуатэущ зэрызекIуэри, мыпхуэдэу "псэлъэн"ыр зытеухуа IуэхугъуэI лъэныкъуэкIэрэ зэрылъытэу ухуа псалъэщ "IуэтэнI – къэIуэтэн" псалъэхэри, мыбы хуэдэрэ икIи мыбыи щхьэщыкIыж IуэхугъуэмI теухуауэ утыку къихьа зы псалъэри "жыIэн" глаголращ. "КъэIуэтэн" глаголым гурыIуэгъуэ къищIыр макъкIэрэ зэрыухуари къызэрыхэщкIэрэ "псэлъэн" IуэхугъуэуI къекIуэкIращи, икIи а къекIуэкI IуэхугъуэрI зытеухуари къызэрыхэщкIэрэ ухуа псалъэщ. "КъэIуэтэн" псалъэм утыку къихьэну псалъэр зытеухуар къызэрыхэщкIэрэ зэрызекIуэр гурыIуэгъуэ зэрищIым елъытауэ нэхъри псэлъэныр зытеухуа лъэныкъуэкIэ ухуа зы псалъэщ "жыIэн"ыр. И макъ мыхьэнэкIэрэ "жыIэн"ыр зыгуэрыр "зэнэратикэ зэпыщIэныгъэкIэрэ (ж) утыку къихьэн - къилъхьэн (Iэ)" IуэхугъуэI зэрылъытэу ухуа псалъэрщи, зыгуэрыр а зэрыщытрэ зэрытеткIэрэ утыку къилъхьэнрэ наIуэ щIын IуэхугъуэщI.

Аращи, "жыIэн" псалъэр "Iун – Iуэн, къэIун – къэIуэн" псалъэхэмрэ абыхэм къатехъукIыжарэ къащхьэщыкIыныгъэи (тэ) зыхуиIэу ухуа "къэIуэтэн" псалъэм хуэдэу "псэущхьэIу" лъэныкъуэкIэ ухуа псалъэкъым, икIи "псалъэ, псэлъэн" псалъэхэм хэдэу "псэущхьэпсэ" лъэныкъуэкIи ухуа псалъэкъыми, зыгуэрыр "генератикэ зэпыщIэныгъэкIэрэ (ж) утыку къихьэрэ нахуэу щыIэ (Iэ) хъун"у еджапхъэ "макъ мыхьэнэ"кIэрэщ зэрыухуар. Ар зэрыухуа щIыкIэр псэущхьэIурэ псэущхьэпсэм къыхэхъукIыу зи гугъу тщIахэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэкъым, ауэ зыгуэрым и пэжыпIэрэ и логиер а зэрыщыту наIуэ щIын IуэхугъуэI зи мыхьэнэ "жыIэн" псалъэмкIэ мы гъэзэщIэнур а нэхъ логие зэпэщу щыт "псэлъэбзэ"кIэрэ зэрыгъэзэщIапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ар зэрыухуа щIыкIэм къызэрыхэщщи, псэлъэбзэр къызэрекIуэкI псэлъэнкIэрэ утыку къихьэнур зытеухуам и логиер а зэрыщытрэ генератикэ зэпыщIэныгъэкIэрэ утыку къилъхьэн IуэхугъуэуI зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

КIэщIыу жыпIэмэ, "жыIэн" псалъэр "псалъэ, псэлъэн"рэ "Iун – Iуэн, къэIун – къэIуэн", икIи "къэIуэтэн" псалъэхэр макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуам хуэдэу псэлъэбзэ лъэныкъуэу ухуакъыми, псэлъэбзэм къиIуатэм теухуауэ ухуа псалъэщ. Ар псэлъэбзэ лэжьэкIэу къекIуэкI "псэлъэн" IуэхугъуэрI зытеухуауэ къызхуекIуэкI IуэхугъуэI лъэныкъуэкIэ ухуа псалъэрщ. Ар псалъэм къиIуэтэнур зэрылъытэ псалъэщи, псалъэм къиIуэтэнур къызэриIуэтэну щIыкIэр генератикэ зэпыщIэныгъэкIэрэ утыку

къилъхьэн lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэ зыщlыу ухуа зы псалъэщ ″жыlэн″ыр.

″Жыlэн″ псалъэр мыпхуэдэу зэрыухуарэ и мыхьэнэри псэлъэбзэ лэжьэкlэу псэлъэнкlэрэ къэlуэтэнум зэрытеухуам зэрезэгъщи, ″жыlэн″ псалъэмкlэ къэlуатэм и щыlэгъуэмрэ псэлъэбзэр зэрыухуа щlыкlэр зэрызэтеухуэри къызхэщ псалъэщ. Псэлъэбзэм зыгуэрыр генератикэ зэпыщlэныгъэ зэриlэкlэрэ псалъэу утыку къырилъхьэфын папщlэ, псэлъэбзэм езым и логиемрэ (псалъэр зэрыухуа логиемрэ) илъытэнум и логием зы зэпыщlэныгъэ зыхуаlэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ.

Арагъэнщ икlии, ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, щыlэгъуэ зиlэ псэущхьэм къызхигъэlукl макъыр къызхэlукlым и щыlэгъуэ логие зыхэлъырщи, ар мы утыку къызэрихьа щlыкlэкlэ зэрызекlуэнури къэзхэхъукlа псэущхьэм и логиеущ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ макъ къыхэlукlын лъэкlыныгъэм иува псэущхьэ логиер щыlэгъуэ логием и зы lыхьэу зэрыщытklэрэ псэущхьэм зэрихьэу щыщlидзэм деж, щыlэхэм я щыlэгъуэ логиер макъхэмкlэрэ зэрылъытэфынур гулъытапхъэщи, мыпхуэдэу ухуэ псэлъэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, щыlэгъуэ ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу щытрэ щыlэгъуэ логие зиlэу утыку къихьа макъхэмкlэрэ ухуарэ лэжьэкlэ зыгъуэта псэлъэбзэм и псалъэхэм щыlэхэр я щыlэгъуэ логиекlэрэ генератикэ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуиlэ щlыкlэу зэрилъытэфынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″псалъэ″мрэ къиlуатэм щыlэгъуэ логиекlэ генератикэ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуиlэкlэрэ утыку къилъхьэнращ ″жыlэн″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlри, зы псалъэр мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ зэрыухуэфынури макъыбзэм теухуарэ хуэlуауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

*

Псэлъэбзэр зэрыухуарэ къызэрекlуэкlым теухуа псалъэ нэхъыбэр зэрыигъуэкlэрэ псэлъэбзэр зезыхьэ псэущхьэlурэ псэущхьэпсэ къызэрыхэщкlэрэщ зэрыухуар. Ауэ, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэр къыпыхьэж макъхэмкlэрэ зэрызэхъуэкlыу, псэлъэбзэ щlыб мыхьэнэ зэрагъуэтри гулъытапхъэщ (къэlуэтэн). Икlи, мыпхуэдэ псалъэхэм нэмыщl, псэлъэбзэ щlыбым теухуа мыхьэнэ зиlэу ухуа псалъэ гуэрхэми псэлъэбзэр къызэрекlуэкlым езэгърэ теухуэжу лэжьэкlэ зэрагъуэтри гулъытапхъэщ (жыlэн). Мы зи гугъу тщla псалъэхэм теухуа щапхъэхэр ипэкlэ къэтагъэххэщи, псэлъэбзэм теухуауэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр псэущхьэlумрэ псэущхьэпсэм теухуауэ утыку къихьэкъым, икlи бзэм щызэрызекlуэ щlыкlэри флэкlыпlэ имыlэу абы къытенэжу щыткъым.

Псэущхьэlурэ псэущхьэпсэм пымыщlауэ ухуарэ псэлъэбзэм теухуауэ къэхъуа зы псалъэи хэтщ адыгэбзэми, ар бзэм дэтхэнэ зы псалъэри зэрылъытэф псалъэу щызекlуэ хъуауи лъытапхъэщ. Псэлъэбзэу ухуэ псалъэмрэ зытеухуар зэхуэмыдэ щыlэгъуэ зиlэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, псэлъэбзэм къигъэщl ″псалъэ″мрэ абы ″илъытэр″ зэхуэмыдэ щыlэгъуэу зэрыщытрэ зэрызэхунэмысыр, зыр адрейм и щlыбу

зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, псэлъэбзэ лэжьэкlэу ухуэ ″псалъэ″мрэ абы ″илъытэ″м мы я зэхущытыкlэр къызхэщу ухуа зы псалъэр ″цlэ″ращ. Псэлъэбзэм иухуа ″цlэ″ псалъэр псалъэмрэ илъытэм я зэхуакум дэлъ мы зэпыщlэныгъэр нахуэ къэзыщlыу ухуа псалъэращ: псалъэм илъытэр езы псалъэм и щlыбу зэрыщыткlэрэ абы зэрыхунэмысыр зэрылъытэу макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа зы псалъэщ ″цlэ″р.

″Псалъэ″ псалъэмрэ ″цlэ″ псалъэр зэрызэщхьэщыкlыр къызэрыхэщыр гурыlуэгъуэщ мы къэтlуэтахэми, нытlэ, ″псалъэ″мрэ ″цlэ″р зэрыухуарэ къаlуатэр къызэраlуатэ щlыкlэмрэ зэрызэщхьэщыкl щlыкlэми щыгъуазэ зыхуэтщlынщ.

″Псалъэ″р гурыlуэгъуэщи, псэущхьэм езым и псэм къыхэхъукlыр зы организэ lуэхугъуэу утыку къызэрихьэр зэрылъытэрщ. Псэлъэнкlэрэ къэlуатэу макъкlэрэ ухуаращ ″псалъэ″ жыхуэтlэри, макъкlэрэ ухуа мы логиери зытеухуа нэгъуэщl гуэр щыlэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″псалъэ″м и мыхьэнэр ар зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэкlэрэщ зэрыухуэр, ауэ ″псалъэ″м къиlуатэр а псалъэр зэрыухуа макъым езыракъыми, нэгъуэщl щыlэ гуэрщ. А щыlэ гуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ зэрылъытэ макъ мыхьэнэкlэ псэлъэбзэм къызэриlуатэращ ″псалъэ″ри, псэлъэнкlэрэ къэlуатэ псалъэм къиlуатэр псэлъэбзэ щlыбу щыт а щыlэ гуэрырауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэр зэрыухуэм и щхьэусыгъуэр псэлъэнкlэрэ къэlуатэ псалъэм езыракъым; абы утыку къырилъхьэрэ наlуэ къытхуищlыр а псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэкlэрэ и щыlэгъуэр лъыта гуэрырщ. ″Псалъэ″мрэ абы къиlуатэ а гуэрыр зэрызэпыщlа щlыкlэр псалъэр зэрыухуа макъкlэрэщ. Ауэ, мы макъхэмрэ а гуэрми занщlэу зы зэпыщlэныгъэ зэрызыхуамыlэри гурыlуэгъуэщи, псалъэр макъкlэрэ зэрыухуа логиемрэ а гуэрыр щыlэгъуэу зэрыухуа логиекlэщ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуаlэ щlыкlэр. Макъыр къызхэзыгъэlуклым къызэрыхигъэlуkl щlыкlэм елъытауэ зы мыхьэнэ зиlэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэмкlэ ухуа псэлъэбзэр мыпхуэдэ логиекlэрэ зэрыухуар гурыlуэгъуэщи, мы логием зэрезэгъкlэрэщ дэтхэнэ гуэрыр макъкlэ ухуа псалъэхэмкlэрэ зэрылъытэу къызэрыlуатэр.

Нытlэ, псэлъэбзэмрэ абы къиlуатэхэм занщlэу зы зэпыщlэныгъэ зыхуаlэкъыми, абыхэм я зэпыщlэныгъэр щыlэгъуэ логиекlэрэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, псэлъэбзэм иухуэ псалъэр абы къиlуатэм занщlэу хунэсу жыlэпхъэкъыми, псэлъэбзэм езым и логием зэрезэгъкlэрэщ абы къигъэхъу псалъэм къиlуатэр къызэриlуэтэф щlыкlэр. Аращи, ″псалъэ″мрэ къиlуатэр зэхуэмыдэ щыlэгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ зыр зым и щlыбщ; псэлъэбзэ лэжьэкlэу ухуа ″псалъэ″р ″илъытэ″м нэскъым, телэбэкъым; псалъэм илъытэр езы псалъэм и щlыб къыщынэ гуэрщ. Икlи гурыlуэгъуэрэ нэхъ гъэщlэгъуэнращи, псалъэр къиlуатэм зэрыхунэмысыфым папщlэщ ″псалъэ″мкlэ дэтхэнэ щыlэ гуэрыр зэрылъытэфрэ къызэрыlуэтэфри, ари макъкlэрэ ухуа псэлъэбзэ логиеращ

зытеухуар. Икlи, ″псалъэ″мрэ ″къиlуатэ″м я зэхуакум дэлъ мы lуэхугъуэр зэрыигъуэкlэрэ зылъытэфынури зы макъыбзэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу зыр зым и щlыбрэ зыр зым щымыщу зыхунэмысхэр зыр зым елъытауэ щымыlэ пэлъытэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ lуэхугъуэр макъыбзэу щыт адыгэбзэм зэрилъытапхъэ макъи зэриlэнур гурыlуэгъуэнщ. ″Щl″ макъ мыхьэнэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым зэрезэгъщи, мы зи гугъу тщlы lуэхугъуэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэклэ ″цl″ макъкlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Псэлъэбзэм къиlуатэхэм хунэсыныгъэрэ телэбэныгъэ зэрызыхуимыlэм зэрезэгъщи, псэлъэбзэм къиlуатэ дэтхэнэ гуэрыр къызэриlуатэ щlыкlэр зы ″цlы″ лlэужьыгъуэкlэрэу жыlэпхъэщ. Псэлъэбзэм дэтхэнэ и зы ″псалъэ″мрэ а псалъэмклэ ″лъыта″м я зэхуакум зы ″цlы″ лlэужьыгъуэ дэлъщ. Псалъэмрэ абы илъытам и зэхуакум ″цlы″ лlэужьыгъуэ зэрыдэлъкlэрэ псалъэм илъытэр зэрилъытэ щlыкlэри адыгэбзэм къызэриlуатэр ″цlы-уэ щыт″ жыхуиlэу ″цlэ″ псалъэмкlэщ.

Мыращ ″цlэ″ псалъэр утыку къызэрихьа щlыкlэмрэ абы и мыхьэнэр. Псэлъэбзэм къигъэщl псалъэр дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэрщи, псалъэр илъытэм зэрыхунэмыскlэрэ зэрылъытапхъэр зы ″цlэ″уэщ. Зы псалъэмкlэ лъытэр псалъэ щlыбу къызэрынэр зэрылъытэ псалъэщ ″цlэ″ри, дэтхэнэ зы псалъэри мыпхуэдэу зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ. Аращи, псэущхьэм къызхигъэlукl макъкlэрэ ухуарэ псэущхьэпсэм къигъэхъуу ухуа псалъэм илъытэрэ къиlуатэр и щыlэгъуэкlэрэщ зэрилъытэрэ къызэриlуатэр, ауэ псалъэр икlи илъытэм зэрыхунэмысым зэрезэгъщи, ар зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэуи лъытапхъэщ.

″Псалъэ″ псалъэр псэущхьэпсэм къызэрыхэхъуклкlэрэ лъыта зы псалъэщи, ар псэлъэбзэм къигъэщl дэтхэнэ зы псалъэр зэрылъытэ щlыкlэрщ. Ауэ, псэлъэбзэм къигъэщl зы псалъэу псэущхьэпсэм къыхэхъукl зы псалъэу щытми, ″цlэ″ псалъэр зэрыухуа щlыкlэр псэущхьэпсэм къигъэщl псалъэм хуэдэу псэлъэбзэ лъэныкъуэкlэрэкъым. Ар зы псалъэу ухуэн щlэхъуар псалъэр къиlуатэм зэрыхунэмысыр зэрылъытэ щlыкlэущ; ″цlэ″ псалъэр щlэухуар псалъэм къиlуатэр псалъэ щlыбу къызэрынэр къыхэгъэщын папщlэщ. ″Щlэ″ псалъэр щlэухуар псэлъэбзэм хэмытрэ химыубыдэр а зэрыхимыубыдэкlэрэ лъытэнращ зытеухуари, ар зы псалъэу псэлъэбзэм щыщымыlэрэ щымыщыр (цlы) щыlэ зэрыхъу (цlэ) щlыкlэклэ зэрылъытэу ухуащ. Псэлъэбзэм къигъэщl дэтхэнэ зы псалъэр ″псалъэ″ псалъэр зэрылъытэ щlыкlэу псэущхьэпсэм къызэрыхэхъукlыр гурыlуэгъуэщ, ауэ дэтхэнэ зы псалъэмрэ абы къиlуатэр зэрызынэмысрэ зэрызылъэмыlэсыр зэрылъытэри ″цlэ″ псалъэмкlэщи, дэтхэнэ зы псалъэр икlи мыпхуэдэу зы ″цlэ″уэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

*

"Цlэ" псалъэр псэлъэбзэмрэ къиlуатэхэм я зэхущытыкlэр зэрылъытэ "макъ псалъэ"щи, ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэ ар дэтхэнэ зы псалъэр илъытэм зэрыхунэмысыр зэрылъытэу ухуа псалъэщ. Псалъэр илъытэм зэрыхунэмысыр "цlэ" псалъэкlэрэ щылъытэм деж, нытlэ, дэтхэнэ зы псалъэри къиlуатэм теухуауэ зы "цlэ" лlэужьыгъуэу лъытапхъэщи, псэлъэбзэм къигъэщl дэтхэнэ зы псалъэр зытеухуам елъытауэ зы "цlэ" лlэужьыгъуэу къэlуэтапхъэщ: «щыlэцlэ, плъыфэцlэ; цlэпапщlэ; цlыхуцlэ, анэцlэ; флэщыгъэцlэ».

Мыхэр нобэрей бзэщlэныгъэм и бгъэдэхьэкlэм зэрезэгърэ адыгэбзэм къигъэщla "цlэ" лlэужьыгъуэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщla бзэщlныгъэм зэрезэгъкlэрэ грамматикэ термину адыгэбзэм къигъэщla мы "цlэ" лlэужьыгъуэхэм грамматикэу дэтхэнэ зы псалъэ лlэужьыгъуэр зэрыхимыубыдэри гурыlуэгъуэщ. Грамматикэм псалъэхэр зэрилъытэ щlыкlэракъым икlи мыбдежым ди lуэхур, ауэ "цlэ" псалъэр утыку къызэрихьарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэ дэтхэнэ зы псалъэр зы "цlэ" лlэужьыгъуэу зэрылъытэфынури жытlагъэххэщи, мы къэта щапхъэхэм нэмыщl псалъэ гупхэри "цlэ" лlэужьыгъуэу зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэнщ.

"Цlэ" псалъэр зытеухуам зэрыхунэмысрэ зэрыщымыщыр зэрылъытэ щlыкlэу ухуа псалъэщи, псалъэм папщlэ, ипэкlэ "цlэ" лlэужьыгъуэу къэта щапхъэхэм химыубыдэ "глагол" лlэужьыгъуэ псалъэхэри - игъуэ щыхъум деж- адыгэбзэм "цlэ" лlэужьыгъуэу зэрилъытэфынури гурыlуэгъуэнщ: «глаголыцlэ». Араща, зы хьэрычэтыр зэрылъытэ псалъэр а хьэрычэтым езым щымыщу зэрыщытрэ, зэрылъытэ псалъэри а хьэрычэтым зэрыхунэмысым зэрезэгъкlэрэ а хьэрычэтыр зэрылъытэ псалъэу щыт глаголри зы цlэ лlэужьыгъуэу зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэм къигъэщla "цlэ" псалъэм и мыхьэнэм ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы псалъэри зы цlэ лlэужьыгъуэу зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу лъытэныр икlи флэкlыпlэ имыlэу зы грамматикэ термину гурыlуэгъуэ зыхущlын зэрыхуэмейри гулъытапхъэщ. Ауэ икlи, нобэ зэрыигъуэкlэрэ зы грамматикэ термин къалэн зыгъэзащlэуи зыдохьэр "цlэ" псалъэри, ар адыгэбзэм къызэригъэхъуа щхьэусыгъуэрэ лъэхъэнэми щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, дэтхэнэ зы псалъэр зы цlэ лlэужьыгъуэу лъытэу къыщыlуатэм дежым -мыбдежым- мыри къыхэгъэщыпхъэщ: зы псалъэ лlэужьыгъуэу псэлъэбзэм къигъэщlарэ псалъэм къиlуатэм я зэхуку дэлъ зэпэжыжьагъэр зэрылъытэ "цlэ" псалъэр мы къэта щапхъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlкlэрэ дэтхэнэ зы псалъэри зэрылъытапхъэ щlыкlэкlэ бзэм хэлэжьыхьми, адыгэбзэм "цlэ" псалъэр къыщlигъэщlар щхьэж цlыху нэрыбгэм зэреджэн папщlэрауэ жыlэпхъэщ. "Цlэ" псалъэр зэрыухуа логием мыр гурыlуэгъуэ къытхуищlыу жыlэпхъэщи, "цlэ"м и мыхьэнэр нэхъ зыхуэигъуэр дэтхэнэ зы цlыхур щхьэж зы нэрыбгэу зэрылъытэрауэ жыlэпхъэщ. Цlыху нэрыбгэр щхьэжу зэрылъытэ "цlэ" псалъэр къыщыхъуа лъэхъэнэри макъыбзэ

лэжьэкlэм къытехъукlыжу къыкlэлъыкlуэ бзэ лэжьэкlэхэр утыку къыщихьарауи жыlэпхъэщ. Мы лъэхъэнэм хуэзэрэ мы зи гугъу тщlа lуэхугъуэми теухуауэ макъыбзэм ″цlэ″ псалъэр къигъэхъуагъэнщи, абы нэужьрагъэнщ ″цlэ″ псалъэм зи гугъу тщlа мы и мыхьэнэм зэрелъытакlэрэ дэтхэнэ зы псалъэри зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэр. Аращи, псэлъэбзэм къигъэхъуа дэтхэнэ зы псалъэри къиlуатэм зэрыхунэмысымрэ псалъэмрэ къиlуатэм и зэхуакум мыпхуэдэ жыжьагъэ зэрыдэлъыр гулъытапхъэ зэрыхъукlэрэ дэтхэнэ зы псалъэр икlи зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэуи лъытапхъэ хъуагъэнщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ипэкlэ къэта щапхъэхэр адыгэбзэмкlи игъуэу лъытапхъэми, дэтхэнэ зы псалъэр зы цlэ лlэужьыгъуэу лъытэныр адыгэбзэм къызэрыхуэкlуар псалъэхэр грамматикэу класификацэ щlын lуэхугъуэу, нобэрей бзэщlэныгъэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, дэтхэнэ зы псалъэр зы цlэ лlэужьыгъуэу лъытэнкlэрэ ухуауэ ипэкlэ къэта псалъэхэр (плъыфэцlэ; цlэпапщlэ) грамматикэ термину утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, сыт хуэдизу дэтхэнэ зы псалъэр зы цlэ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри къыхэдгъэщагъэххэщи, адыгэбзэм ″цlэ″ псалъэр зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр ар япэу къызэрыхъуа щlыкlэм хуэlуауэщ. Нытlэ, псэлъэбзэр къызэрекlуэкl дэтхэнэ зы псалъэмрэ цlэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зэрызэщхьэщыкlми щыгъуазэ хуэхъун хуейщи, я зэщхьэщыкlыныгъэр япэрауэ ахэр бзэм щызэрызекlуэ щlыкlэм гурыlуэгъуэ къещlыр: псалъэр ″къaly, къalуатэ, къапсэлъ″ыр; зы псалъэу макъкlэрэ зэрыухуам ипкъ иткlэ ″цlэ″ри ″къыpaluэ″ щхьэ, ар зыхуэигъуэрэ зыхуэфащэм зэрафlащуэщ бзэм щызэрызекlуэр.

Псэущхьэм и ужьыгъуэм къыхуихь лъэкlыныгъэу псэущхьэlум къыхэlукl макъкlэрэ ухуауэ псэущхьэпсэм къигъэщlащ ″псалъэ″ жыхуэтlэри, ар псэлъэбзэм и логиекlэкlэ зыгуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ джыжын lуэхугъуэщ. Ауэ псалъэр къиlуатэм зэрыхунэмыскlэрэ лъыта ″цlэ″м гурыlуэгъуэ къытхуищlыр ар зы псалъэу зытеухуар зэрыджыр гурыlуэгъуэ зыщl псалъэукъыми, зыфlащар къызэраджэну зы псалъэу щыт ″цlэ″р а зытеухуар и щыlэгъуэкlэрэ зылъытэн хуейуэ щытракъым.

Зыгуэрыр и щыlэгъуэкlэ къызэрыlуатэр макъкlэрэ ухуа псалъэмкlэщ, ауэ псалъэр къиlуатэм зэрыхунэмысыр зэрылъытэу ухуэ псалъэр ″цlэ″ лlэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ ″цlэ″ псалъэр зыхуэфащэм тыраухуэр, - флащыр. Аращи, зы псалъэр ″цlэ″уэ щылъытэм деж, абыкlэ зы гуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ джыуэ лъытапхъэкъыми, абыкlэ а гуэрыр къыраджэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зы псалъэр ″цlэ″уэ щылъытэм деж, абыкlэ зы гуэрыр ″къэlуэтэн″рэ ″жыlэн″ нэхърэ ар а гуэрыр къызэрыраджэрэ къызэрыpaluэ псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″Цlэ″р зы гуэрыр къыраджэнрэ къызэрыpaluэн папщlэ а гуэрым хуагъэфащэу флащращи, и мыхьэнэм ипкъ иткlэ ″цlэ″р бзэм щызэрызекlуэ щlыкlэр зы флэщыныгъэущ.

"Псалъэ"р "къаIу, къаIуатэ"рэ "цIэ"ри "къыраIуэ"у ипэкIэ зэрыжытIам зэрезэгъщи, зыфIащар къызэрыраIуэ псалъэущ "цIэ"р бзэм щызэрызекIуэкIэр. "ЦIэ"р дэтхэнэ гуэрым фIащ "псалъэ" лIэужьыгъуэщи, "фIэщын"ри зы гуэрыр щыIэ зэрыхъу пэлъытэу "фIы"гъуэм зэриувэ щIыкIэращ. Дэтхэнэ щыIэ гуэрыр псэлъэбзэ логием зэрезэгъыу зы псалъэкIэ зэрылъытэр ар фIыгъуапIэм игъэувэнрэ абы щыIэгъуэ игъуэтын IуэхугъуэщИ, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу лъытэныращ "фIэщын" псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр. Араща, псэлъэбзэу ухуа псалъэм зыгуэрыр и щыIэгъуэкIэрэ къызэрыIуатэракъым "цIэ" псалъэм и мыхьэнэкIэрэ гурыIуэгъуэ къытхуищIри, а гуэрым зэрыхунэмысыр гулъытэ зэрыхъуакIэрэ ухуа зы псалъэу щыт "цIэ"р бзэ логием зэрезэгъкIэрэ къыраIуэн папщIэ а гуэрым фIащращ. ФIэщыныгъэ псалъэ лIэужьыгъуэу щыт "цIэ" псалъэр макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэнрэ зытеухуар и щыIэгъуэм езэгъыу къэIуэтэн хуейуэ щытракъыми, ар дауи иреухуа, а гуэрыр къыраIуэн гугъэкIэ а гуэрым теухуа щIын Iуэхугъуэращ.

"ЦIэ" псалъэр къызэрыхъуам и щхьэусыгъуэр цIыху нэрыбгэм теухуауэ зэрыщытын хуейр ипэкIэ жытIагъэххэщи, адыгэбзэм "цIэ"р икIи цIыху нэрыбгэр и щыIэгъуэкIэ зэрылъытэу макъыбзэ логием езэгъыу ухуа псалъэ лIэужьыгъуэу къызэригъэщIари гурыIуэгъуэщ. Араща, адыгэбзэкIэ цIыху нэрыбгэм фIащ цIэр а нэрыбгэр хъурэ бзыуэ зэрылъытэу макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуэу зэрыщытари гурыIуэгъуэщ. Ауэ апхуэдэу щытми, ар зы цIыхур и щыIэгъуэкIэрэ зэрылъытэфынум зэрыхуримыкъунури гурыIуэгъуэнщи, апхуэдэ зы псалъэр зэрыигъуэкIэрэ "цIэ"уэ зэрылъытам и щхьэусыгъуэри мырагъэнщ.

"ЦIэ"р зы фIэщыныгъэу зыфIащым нэмыщIыу щхьэж зы щыIэгъуэ зыгъуэт псалъэрщи, а псалъэмрэ ар зыфIащам и зэхуакум фIэкIыпIэ имыIэу щыIэгъуэ логиекIэрэ зы зэпыщIэныгъэ дэлъын хуейкъым. Ауэ, ипэрей лэжьыгъэ IыхьэхэмИ гугъу зэрыщытщIащи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэмкIэ лъытэ дэтхэнэ гуэрыр и щыIэгъуэкIэрэщ зэрылъытэр. Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэм макъ мыхьэнэкIэрэщ сытри къызэрыIуатэри, "сыт"рэ "мыст" псалъэхэри зэрыухуа щIыкIэр мы псалъэм зэрезэгъкIэрэщ. Араща, щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр псэлъэбзэм къызэриIуэтэну щIыкIэкIэ наIуэ къызэрыхъун упщIэу щыт "сыт"ым къыпэджэжри "мыст"щ.

"ЦIэ"ри и гугъу зэрытщIауэ зытеухуам нэсыныгъэ зыхуимыIэрэ фIэщыныгъэкIэрэ щхьэжу щыIэгъуэ зыгъуэт псалъэ лIэужьыгъуэрщи, ар нахуэ зэрыхъун упщIэри "сыт"ращ. Араща, зы нэрыбгэм фIаща "цIэ"м "сыт" упщIэщ теухуэр, ауэ а "цIэ"мкIэ къыраджэрэ къыраIуэ цIыху нэрыбгэм теухуа упщIэр "сыт"къыми, "хэт" упщIэращ. Зы псэущхьэр зыIисрэ зи лIэужьыгъуэм теухуа упщIэри "сыт"ра щхьэ, а упщIэм и пэджэжу а псэущхьэр зы "цIыху"у зэрыщытыр нахуэ хъуа нэужь, цIыху нэрыбгэм е зы цIыху гупрэ лъэпкъым зы цIэ иIэущ цIыхухэм зэралъытэу зэрыхэт щIыкIэри, а зэрыхэтым теухуауэ "хэт" упщIэращ нэрыбгэр (икIи

зы гупрэ лъэпкъыр) зэрылъытэр нахуэ зыщI упщIэр. Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, зы цIыху нэрыбгэр цIыхухэм щахэткIэ ар къызэрыраджэращ ″цIэ″ри, а нэрыбгэм и ″цIэ″р halуэ къэщIын упщIэр зэрыигъуэкIэрэ ″сыт″щ (абы и цIэр сыт, и унэгъуэцIэр сыт); ауэ, и цIэкIэрэ ялъытэу цIыхухэм хэт нэрыбгэм теухуа упщIэр ″хэт″щ (ар хэт, ахэр хэт); икIи, зы нэрыбгэр и цIэкIэрэ хэтыныгъэ зиIэрщи, ″хэт″ упщIэми и пэджэжыр и ″цIэ″ращ.

″ЦIэ″ псалъэр япэрауэ дэтхэнэ зы нэрыбгэр - абы къыкIэлъыкIуэу иужькIи зы лъэпкъымрэ гупыр- щхьэж зэрылъытэ щIыкIэу къызэрыхъуар гурыIуэгъуэщ. ЦIыхураща зы цIэкIэ хэтыныгъэ зиIэр, икIи ″хэт″ упщIэр цIыхураща зыхуэIуар.

Дэтхэнэ щыIэ гуэрым теухуа упщIэр ″сыт″у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, псэлъэбзэм и лэжьэкIэу къэхъуа псалъэхэм щыщу ″сыт″ упщIэр зэрыигъуэкIэ зытеухуэфри ″цIэ″ псалъэм езыращ. Араща, ″цIэ″ псалъэм нэмыщI псалъэхэм теухуауэ ″сыт″ упщIэр игъуащэу лъытапхъэкъым: ″цIэ″ псалъэм теухуа упщIэр ″сыт″ра щхьэ, ″сыт″ упщIэр ″цIэ″м нэмыщI псалъэхэм хуэигъуэкъым, езэгъкъым; ауэ, утыку къызэрихьа щIыкIэрэ щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ ″цIэ″ псалъэри, иужькIэ дэтхэнэ зы псалъэри зы цIэ лIэужьыгъуэу лъытапхъэ зэрыхъуакIэрэ ″цIэ″ псалъэм хуэдэу дэтхэнэ зы псалъэм папщIи ″сыт″ упщIэр бзэм щызекIуапхъэ хъуащ. Ар щхьэ, дэтхэнэ гуэрыр и щыIэгъуэкIэ зэрылъытэу псэлъэбзэ логиекIэ мэухуэр псалъэри, ар зыгуэрыр зэрыджу къызэрыIуатэ логие лIэужьыгъуэу, ″сыт″ упщIэм пэджэжынур ар зы ″псалъэ″у зэрыщытращ (ар сыт? – ар зы псалъэщ), ауэ сытри и щыIэгъуэ логиекIэрэ къызэрыIуатэу зи гугъу тщIы псалъэм езым ″сыт″ упщIэр хуэигъуэкъым. Араща, псалъэм езыр мыхъуу, абы къиIуатэращ ″сыт″ упщIэр зыхуэфащэрэ зытеухуэри, псалъэм теухуэну упщIэр абы къиIуатэр къызэриIуатэрэ къызэрыжиIэращ зытеухуэр: зыгуэрыр зэралъытэрэ а гуэрым хужаIэр къэгъэунэхун упщIэщ псалъэм теухуэ упщIэри, зытеухуар зэриджкIэрэ псалъэр зэрыухуам теухуащ (сыт хужаIэр).

Мы къэтIуэтахэм ″цIэ″ псалъэмрэ псэущхьэпсэм къыхэхъукIрэ псэлъэбзэм и логиекIэ ухуэ ″псалъэ″м зэщхьэщыкIыныгъэ зэриIэр нахуэ къызэрищIыр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, мы зэщхьэщыкIыныгъэр зэрылъытэ псэлъэбзэри макъыбзэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Макъыбзэу щымыт бзэхэм ″псалъэ″мрэ ″цIэ″ псалъэр зэщхьэщыкI псалъэхэу къэIуатэ щхьэ, мы псалъэхэр къызэрыхъуарэ бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэр псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэм гурыIуэгъуэ къызэрыпхуимыщIыр гурыIуэгъуэщ. Зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэм ″псалъэ″мрэ ″цIэ″р грамматикэу зэщхьэщигъэкIми, абы ″псалъэ″р зэрилъытэ щIыкIэр адыгэбзэм ″цIэ″ псалъэр къызэригъэщIарэ зэрилъыта щIыкIэм хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Араща, нобэрей бзэщIэныгъэм псалъэр къызэрыхъуарэ зэрыухуа макъыр нэмыплъ ещIри, мыпхуэдэу мыхьэнэншэу щыт макъхэр ауэ къызэрыкIуэу зэрызэгухьэ щIыкIэкIэ псалъэри мыхьэнэншэу ухуауэщ

зэрилъытэр; псалъэм игъэзащlэ къалэн закъуэр зытеухуар къэгъэлъэгъуэныр арауэщ абы зэрилъытэр.

## Семиотикэ дициплинэм псалъэхэр зэрилъытэмрэ адыгэбзэ -макъыбзэ- псалъэхэр

Псэлъэбзэр зэрыухуэрэ зэрылажьэм теухуауэ ″псалъэ, lуэн″ лlэужьыгъуэу ухуа псалъэхэр псэущхьэпсэрэ псэущхьэlу къызхэщ псалъэхэрщ, ауэ апхуэдэ къызхэмыщу псэлъэбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэми я гугъу тщlащи, иужь дыдэу зи гугъу тщlа ″цlэ″ псалъэм нэмыщl, ″жыlэн″ псалъэри мыпхуэдэу ухуа псалъэхэм теухуа зы щапхъэщ. Мы псалъэхэр ″псалъэ, lуэн″ хуэдэу псэлъэбзэм зэрыхуэlуар мыгурыlуэгъуэми, ″псэлъэбзэ″м теухуа псалъэхэу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщ.

″Цlэ″ псалъэр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэхьа щlыкlэми и гугъу тщlащи, ар бзэм зы псалъэу хэхьа нэужь, дэтхэнэ зы псалъэри зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми и гугъу тщlащ. И мыхьэнэкlэ щыlэгъуэ зимыlэрэ зытеухуам щымыщрэ нэмысыр зэрылъытэрщ ″цlэ″ псалъэри, псэлъэбзэ лэжьэкlэм ипкъ зэриткlэ, псалъэр зытеухуам зэрыхунэмысыр зэрылъытэ псалъэу ухуащ ари, дэтхэнэ зы псалъэри мыпхуэдэу зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Псэущхьэпсэрэ псэущхьэlум теухуарэ хуэlуауэ утыку къихьа псалъэр икlи зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм и щхьэусыгъуэр зы псалъэм утыку къырилъхьэрэ къиlуатэм зыгуэркlэ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуимыlэращ. Мыпхуэдэу щылъытэм деж, ″цlэ″р макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэу щытрэ макъыбзэри къиlуатэр и щыlэгъуэ логиекlэрэ утыку къизылъхьэ псэлъэбзэ лэжьэкlэу зэрытлъытэр зыфlэмыlуэху мыхьэнэ зиlэу ухуа зы псалъэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ар езыр зы псалъэу, илъытэр зэрилъытэ щlыкlэр зытеухуам и щlыбрэ зэрыхунэмысыр зэрылъытэущ.

Псэлъэбзэм къигъэщl псалъэхэр мыпхуэдэу зылъытэ ″цlэ″ псалъэр нобэрей бзэщlэныгъэм къытехъукlа зы щlэныгъэ диципинэ ″семиотикэ″м псалъэхэр зэрилъытэ щlыкlэм зэрезэгъынури гулъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″цlэ″ псалъэр нобэрей бзэщlэныгъэм псалъэр зэрилъытэ щlыкlэм узэрыхуэкlуэну бжэр зыlузыхыу макъыбзэм къигъэщlа зы псалъэу лъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, зы щыlэгъуэ лlэужьыгъуэу щыт псалъэмрэ абы гурыlуэгъуэ къытхуищl щыlэ гуэрыр я щыlэгъуэкlэ зэрызэхуэмыдэрэ зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэ зыщl псалъэрщ ″цlэ″р. Псалъэмрэ къиlуатэр я щыlэгъуэкlэ зэрызэтемыухуэрэ зэрызыхунэмысыр зэрылъытэ ″цlэ″ псалъэр ″псалъэ″ псалъэр къызэрыхъуа лъэныкъуэм и пхэндж лъэныкъуэр зэрылъытэу ухуа псалъэщ. Псалъэр къиlуатэм зэрыхунэмысрэ а лъэныкъуэкlэ щыlэгъуэ зимыlэ щlыкlэу зылъытэ

псалъэщ ″цlэ″р. Дэтхэнэ зы псалъэр мыпхуэдэу зы цlэ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми ипкъ иткlэ, псалъэмрэ зытеухуар зыр зым елъытауэ щымыlэ пэлъытэу зэрызэлъытэр гурыlуэгъуэ зыщl псалъэщ ″цlэ″ри, ар псалъэмрэ зытеухуар зыр зым елъытауэ мыхьэнэшэу зэрылъытапхъэ еплъыкlэр потанциалу зыхэлъыжрэ гурыlуэгъуэ зыщl псалъэрщ.

Псалъэмрэ къиlуатэр зыр зым елъытауэ мыхьэнэшэу зэрылъытапхъэм теухуа псалъэу зи гугъу тщlы ″цlэ″р дэтхэнэ зы псалъэр зэрылъытэфыну щlыкlэрщи, нобэрей бзэщlэныгъэм зи гугъу тщla и еплъыкlэм езэгъынур потанциалу зыхэлъыжу ухуа зы псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ, и мыхьэнэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа ″цlэ″ псалъэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэу макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа зы псалъэу зэрыщытри зэй зыщыгъэгъупщэн хуейкъым. Мыр нэмыплъ щыпщlым деж, нобэрей бзэщlэныгъэм псалъэр зэрилъытэ щlыкlэр игъуэ дыдэу плъытэнщи, ар икlэ нэгъунэ пэжкъым: апхуэдэ бгъэдэхьэкlэр макъыбзэрэ адыгэбзэм дежкlэ зэрымыигъуащэр дэнкlи гулъытапхъэщ.

Псэущхьэм къызхигъэlукl макъхэмкlэ ухуа псэлъэбзэр езыр езырурэ лэжьэкlэ зыгъуэтыфыну зы логие (бзэ) лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, псэлъэбзэр икlи кlуэ пэтрэ макъыбзэ лэжьэкlэм зэрытекlыфынури гурыlуэгъуэнщи, ″цlэ″ псалъэм теухуауэ жытlахэр гурыlуэгъуэмэ, макъыбзэ лэжьэкlэм текlарэ ар зыфlэкlуэд псэлъэбзэ лэжьэкlэкlэ ухуэ псалъэхэр игъуэ дыдэу ″цlэ″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэ зэрыхъунури гурыlуэгъуэнщ. Макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа ″цlэ″ псалъэм зэреджапхъэрэ бзэм щызэрызекlуэ щlыкlэу зи гугъу тщlахэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэу утыку къихьа псэлъэбзэм макъ мыхьэнэншэ лэжьэкlэ зэригъуэтыфынури потанциалу зэрыхэлъыпхъэр къыдгурызгъэlуа псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ ″цlэ″ псалъэр. Ауэ икlи, ″цlэ″ псалъэр утыку къыщихьари псэлъэбзэр макъыбзэ лэжьэкlэм къытеухъукlыж лэжьэкlэхэм хуэзэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, цlыху нэрыбгэр щхьэжу зэрылъытэ щlыкlэкlэ абы цlэ флэщыныгъэм и къежьапlэри мыбдежрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

″Цlэ″ псалъэр къыщыхъуарэ бзэм зэрыхэхьа щlыкlэр гурыlуэгъуэщи, абы илъытэр зэрилъытэ щlыкlэр дэтхэнэ зы псалъэм теухуауи бзэм щызэрызекlуэфынур, икlи щызекlуэу зэрыщlидзари жытlагъэххэщ. Ар макъыбзэ лэжьэкlэм къигъэщlарэ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуар гурыlуэгъуэми, зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы псалъэр илъытэм зыгуэркlи зэрызэпымыщlар потанциалу зэрыхэлъу зэрыщытри жытlагъэххэщ. Ауэ мыбы нэмыщl, макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэ зы псэлъэбзэм иужькlэ къигъэщlыфыну макъ мыхьэнэншэ лэжьэкlэхэр кlуэ пэтрэ нэхъыбэ хъууэ зэрыщlидзэмрэ, икlи зы псэлъэбзэр нэгъуэщl псэлъэбзэхэм зэрызэхэзэрыхърэ зэрыхэгъуащэми макъ мыхьэнэншэ псэлъэбзэ лэжьэкlэхэр къызэригъэхъунури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэ зыгъуэта бзэхэм къагъэщl псалъэхэр игъуащэу ″цlэ″уэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икlии, щызэхъуэкla

лъэхъэнэр сытым щыгъуэуи щырет, нобэ цIыхум къипсэлъ хъуа псэлъэбзэ нэхъыбэр макъ мыхьэнэншэу ухуа бзэхэращи, абы къигъэщI псалъэхэр зи гугъу тщIарэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэкIэ къигъэщIа "цIэ" псалъэм хуэфащэ дыдэ хъуауэ лъытапхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, макъыбзэ лэжьэкIэ зимыlэ псэлъэбзэхэращ нобэрей бзэщIэныгъэм лъабжьэ хуэхъуари, псэлъэбзэ лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэмрэ абыхэмкIэ къэlуатэхэм я зэхуакум логиекIи дэтхэнэ зы зэпыщIэныгъэ зэрамыlэущ зэралъытэр. Макъыр мыхьэнэншэу зэрылъытэм ипкъ иткIэ, макъкIэрэ ухуа псалъэми щхьэж зы мыхьэнэ имыlэущ зэралъытэри, псалъэр къыпыхьэ префикс–суффикскIэрэ лэжьэкIэ игъуэту псэлъэухыгъэм щыхэтращ абы мыхьэнэ щигъуэту зэралъытэр.

Мыпхуэдэ еплъыкIэкIэ мыхьэнэншэу щыт макъкIэрэ ухуарэ щхьэжу мыхьэнэ зимыlэу щыт псалъэр зытеухуар къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ зыгъэзащIэущ зэралъытэр. МакъкIэрэ ухуа псалъэр "къэзгъэлъагъуэ"рэ "къэгъэлъагъуэ"р зыхэзыубыдэ зы "гъэлъагъуэ"ущ зэралъытэр. Псэлъэбзэм къытеухъукIа мы семиотикэ щIэныгъэ дициплинэкIэ жытIэмэ, псалъэр "къэзгъэлъагъуэ"рэ "къэгъэлъагъуэ"р зыхэлъу зы "индикатора"щи, къэгъэлъэгъуэн къалэнкIэрэ псалъэр зы "индикант - показывающий"уэщ зэралъытэр, абы къигъэлъагъуэри "индики - показывая"ущ зэрылъытэр.

Дэтхэнэ зы псалъэр къэгъэлъэгъуэн нэхъ къалэн зимыlэрэ мыхьэнэншэщи, ар бзэм щызэрызекIуэ щхьэусыгъуэри абы зыгуэр къызэригъэлъагъуэ закъуэращ. Къэгъэлъэгъуэн къалэн нэхъ мыхьэнэ зимыlэущ псалъэр зэралъытэри, зэрыгурыlуэгъуэу ар езыр мыхьэнэншэщ; ауэ, къигъэлъагъуэращ псалъэм и мыхьэнэуэ ялъытэри, псалъэм езымрэ къигъэлъагъуэми зыгуэркIэ зы зэпыщIэныгъэ иlэкъым.

Араща, нобэрей бзэщIэныгъэм дежкIэ, псэлъэбзэ лэжьэкIэмрэ псалъэр мы зи гугъу зэрытщIауэ зэрылъытэфыну щIыкIэу адыгэбзэм зэрилъыта щIыкIэкIэ "цIэ" лIэужьыгъуэу илъытэу жыlэпхъэщ. Нобэрей бзэщIэныгъэм псалъэмрэ къиlуатэм я зэхуакум зы зэпыщIэныгъэ дэмылъущ зэрилъытэр. ИкIи, зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэр ар къызтехъукIа бзэхэм я лэжьэкIэращ зэлъытарэ игъуэу зытеухуауэ лъытапхъэр. Макъыр псэущхьэ лъэкIыныгъэкIэрэ утыку къызэрихьарэ къызхэзыгъэlукIым и логие зезыхьэу щыlэгъуэ логие лIэужьыгъуэу утыку къызэрихьар къыхэщыжкъым зи гугъу тщIы псэлъэбзэхэми, абыхэм къатехъукIа бзэщIэныгъэри макъымрэ макъкIэрэ ухуа псалъэр мыхьэнэншэу зылъытэрщ.

*

Семиотикэ дициплинэм псалъэр "къэгъэлъэгъуэн (индикант)" къалэн закъуэ зыгъэзащIэущ зэрилъытэр, ауэ макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа псалъэхэр макъ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэщ зэрыухуари, "къэгъэлъэгъуэн" къалэным нэмыщI, псалъэм езыри зыгуэр къзгъэлъагъуэ макъхэмкIэ зэрыухуари гурыlуэгъуэщ. Макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа псалъэм къэгъэлъэгъуэн къалэну

игъэзащlэр езыр зэрыухуа макъхэм къагъэлъагъуэхэм теухуэщ. Ауэ, макъыбзэ лэжьэкlэм теухуауэ макъхэмрэ псалъэхэр къэгъэлъэгъуэн къалэнкlэрэ лъытэныр зэримыкъунур гурыlуэгъуэнщи, къэгъэлъэгъуэн къалэн ягъэзащlэу щылъытэм деж, абыкlэ макъхэмрэ псалъэхэм ягъэзащlэр къэгъэунэхуа зэрымыхъунур, икlи лъабжьэу яхэлъымрэ утыку къызэрихьа щlыкlэхэри нэмыплъ зэрыхъур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, макъхэм ягъэзащlэри, макъхэмкlэрэ ухуа псалъэхэм ягъэзащlэри къэгъэлъэгъуэн къалэным къыщымынэу зэрыщхьэщыкlыр гулъытапхъэщ.

Семиотикэ дициплинэ бгъэдыхьэкlэу жыпlэмэ, макъыбзэу ухуа псалъэхэм я макъхэри къэгъэлъэгъуэн (индикант) къалэн зыгъэзащlэрщ. Аращи, зы псалъэм езым къигъэлъагъуэр къызэригъэлъагъуэ щlыкlэр а псалъэр зэрыухуа макъыхэм елъытарэ теухуа зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, псалъэхэр зэрыухуа макъхэм ягъэзащlэу зи гугъу тщlы мы къэгъэлъэгъуэн къалэныр а макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэращ зэлъытарэ зытеухуари, ари дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуа щlыкlэрэ щlыпlэу псэущхьэ кlуэцlым теухуащ. Псалъэм игъэзащlэ къэгъэлъэгъуэн къалэныр псалъэр зэрыухуа макъхэм елъытарэ теухуащи, псалъэр зэрыухуа макъхэм къагъэлъагъуэри ар къызхэзыгъэlукl псэущхьэ кlуэцlрэ псэущхьэ щыlэгъуэ логиеу зэрыщытыр зэрыгурыlуэгъуэу, макъхэр щыlэгъуэ логие пыухытыкla къэзгъэлъагъуэхэрщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, макъхэм ягъэзащlэ къэгъэлъэгъуэн къалэныр ауэ къызэрыкlуэ lуэхугъуэкъыми, щыlэгъуэ логием теухуащ. Щыlэгъуэ логие lыхьэ утыку къизылъхьэ макъхэмкlэрэ ухуа псалъэхэми зыгуэрыр ауэ къызэрыкlуэу къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэкъым ягъэзащlэри, а къагъэлъагъуэр и щыlэгъуэ логиекlэ зэралъытэущ къызэрагъэлъагъуэр.

Аращи, псалъэм къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ игъэзащlэу лъытапхъэкъым макъыбзэ лэжьэкlэкlи, псалъэм езыр зэрыухуа щlыкlэкlэ щыlэгъуэ логие утыку къизылъхьэрщ, икlи мыри псалъэр зэрыухуа макъхэм я къэхъукlэм зэрезэгъкlэрэ ягъэзащlэ къалэнрэ мыхьэнэм елъытарэ теухуащ. Ар щыхъукlи, семиотикэ дициплинэм псалъэр къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ зыгъэзащlэу зэрилъытэр макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэм теухууауэ игъуащэкъым. Макъыбзэ лэжьэкlэкlэ псалъэм илъабжьэр макъращи, макъым илъабжьэри щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ логиеращ: къызхэзыгъэlукlым и щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ утыку къихьа макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм елъытарэ теухууауэ щыlэгъуэ логием теухуащи, мыпхуэдэ макъкlэрэ ухуэ псалъэми къиlуатэр къызэриlуатэ щlыкlэр щыlэгъуэ логиекlэрэщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэкlэ псалъэр ауэ къызэрыкlуэу мыухуауэщ адыгэбзэмкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъури, псэущхьэм къызхигъэlукl макъым псэущхьэм и щыlэгъуэрэ и кlуэцlкlэрэ мыхьэнэ зиlэрщ. Мыпхуэдэу утыку къихьа макъкlэрэ зы логие лlэужьыгъуэу псэлъэбзэ зэрыухуам ипкъ иткlэ, псэлъэбзэм къигъэхъу псалъэхэр зэрыухуа

макъкlэрэ мыхьэнэ зиlэжхэрщ. Псалъэм и мыхьэнэр зэрыухуа макъхэращ къэзгъэщlри, макъым и мыхьэнэри псэущхьэм елъытарэ къызэрытехъукlым ипкъ иткlэ, макъыр къызхэзыгъэlукl псэущхьэ логиери щыlэгъуэ логием зэрелъытарэ зэрыпыщlаклэрэ макъклэрэ ухуа псалъэ мыхьэнэр щыlэгъуэ логием теухуащ. Псалъэм мы и мыхьэнэклэрэщ илъытэр зэрилъытэ щlыклэри, псалъэмрэ илъытэр щыlэгъуэ логиеклэ зэтеухуэныгъэ зыхуаlэрщ.

Зы псалъэр зыгуэрым теухуа ″гъэлъагъуэ″ закъуэу зэрылъытэ бгъэдэхьэклэр мы къэтlуэтахэм зэрезэгъклэрэ ухуа зы псалъэу щыт ″псалъэ″ псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlым зэремызэгъынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, ″цlэ″ псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlым ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы псалъэр икlи зы ″цlэ″ лlэужьыгъуэу щылъытэм деж, ар семиотикэ дициплинэм и бгъэдэхьэклэми зэрезэгъыфынури гурыlуэгъуэнщи, псалъэхэр мыпхуэдэу зэрылъытапхъэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуфыну мыхьэнэклэ еджапхъэу ухуа псалъэу зэрыщытри жытlагъэххэщ ″цlэ″ псалъэр.

*

Нобэрей бзэщlэныгъэм псэлъэбзэр зы семиотикэ системэущ зэрилъытэри, мыпхуэдэ лэжьэклэр икlи ″трафикэ нэху″хэм ягъэзащlэ къалэным ирагъэщхьыр. Зэралъытэращи, ″трафикэ нэху″хэр я щыlэгъуэклэрэ зы мыхьэнэ зимыlэу ауэ къызэрыкlуэ сигналхэу къыхахащи, щыплъагъум деж зызэрыпщlыну щlыклэр я мыхьэнэуэ абы тыраухуаращ. Дэтхэнэ зы ″трафикэ нэху″ плъыфэр (плъыжь, гъуэжь, удзыфэ) зыгуэр къэзгъэлъагъуэу ″индикант″щи, абы къигъэлъагъуэу ″индики″ри ар щыплъагъуклэ зызэрыпщlынурауэщ (увыlэ, зыгъэхьэзыр, блэкl) зэралъытэр. Аращи, ″увыlэн, зыгъэхьэзырын, блэклын″у къигъэлъагъуэхэращ ″трафикэ нэху″у ″плъыжь, гъуэжь, удзыфэ″ плъыфэхэм ягъэзащlэ къалэнри, а плъыфэхэр къызэрыхэхам ахэр зэрылъагъуфын нэмыщl зы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ ямыlэущ зэралъытэр.

Зи гугъу тщla дициплинэм псэлъэбзэмрэ псалъэхэри мыпхуэдэущ зэрилъытэри, ″псэлъэбзэ″ лэжьэклэмрэ ″трафикэ нэху″ лэжьэклэр, трафикэ нэху ″плъыфэ″мрэ ″псалъэ″р, дэтхэнэ зы плъыфэмклэ гъэзэщlэн хуеймрэ (увыlэ, зыгъэхьэзыр, блэкl) псалъэм и ″мыхьэнэ″р зэхуагъадэр. Мы бгъэдэхьэклэм псалъэр зэрыухуа макъыр зэримылъытэр гулъытапхъэщи, псалъэр дауи къэхъуауэ щырет, ар къызэрыдгурыlуэну щlыклэр ар къэзыпсэлъхэм я зэгурыlуэныгъэклэрэ ухуахэрауэщ зэрилъытэр. Псалъэхэм зэрыхэткlэрэ макъхэр мыхьэнэншэрэ икlи зы систематикэм зэрытемытыр гурыlуэгъуэу щыт бзэхэм дежкlэ, псалъэмрэ ар зэрыухуа макъхэм мыпхуэдэ зэпыщlэныгъэ зимыlэж бзэхэм дежкlэ, псэлъэбзэм къытехъукларэ псэлъэбзэми теухуэжыныгъэ зиlэ ″семиотикэ″ щlэныгъэм мы и бгъэдэхьэклэр зэ щхьэ игъуэу лъытапхъэми, абы теухуауэ гупщысакlуэхэм утыку къыралъхьа критикэхэми мы бгъэдэхьэклэр зэрымыигъуащэр гурыlуэгъуэ къащlыр.

Ауэ, а бгъэдэхьэкlэр псэлъэбзэ лэжьэкlэу псалъэмрэ макъым я зэпыщlэныгъэр зыфlэмыкlуэдарэ макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэ бзэхэм дежкlэ зэрымыигъуэр гурыlуэгъуащэщ. Макъыбзэу щыт адыгэбзэм и псалъэхэр зэрыухуа макъхэр бзэм систематикэу зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ, икlи мыпхуэдэкlэрэ ухуа псалъэхэм я мыхьэнэр макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм зэрелъытарэ зэрыпыщlакlэрэи, псэущхьэ кlуэцlрэ щыlэгъуэ логием зэрыпыщlарэ зэрытеухуари зыхэплъагъуэ зы бзэрщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэрэ макъри псэущхьэ лъэкlыныгъэкlэрэ утыку къызэрихьа лъабжьэр зыхэлъыжу лэжьэкlэ зиlэ зы псэлъэбзэрщи, макъхэм щыlэгъуэкlэрэ мыхьэнэ яlэщ, икlи псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэри мыпхуэдэ лъабжьэкlэрэщ. И гугъу тщla бгъэдэхьэкlэу ″псалъэ″р ″трафикэ нэху″м егъэщхьын хуеймэ, ар адыгэбзэм зэрыригъэщхьыну щlыкlэр трафикэ нэху плъыфэхэм я щыlэгъуэм теухуауэщ. Аращи, псалъэхэр зэрызэпкъырыува макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрыухуар зылъытэ адыгэбзэм ″трафикэ нэху″м игъэзащlэ къалэныр зэрилъытэну зыхущlэкъунури а нэху бзийхэм я щыlэгъуэм теухуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэр макъыбзэщи, псалъэр къызэрыхъуа макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуам ипкъ иткlэ, адыгэбзэм хуэфащэрэ къигъэщlыну щlэныгъэ еплъыкlэр дэтхэнэ гуэрыр лъабжьэрэ и щыlэгъуэкlэрэ зэрыухуа щlыкlэкlэрэщ. Адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, псалъэр зытеухуам зэрытеухуа щlыкlэр а псалъэр зэрызэпкъырыува макъкlэрэщи, цlыхухэр зэрызэгурыlуэ щlыкlэкlэ псэлъэбзэм щызекlуэ псалъэм езыр зэрыухуа щlыкlэкlэ а зэрызекlуэ щlыкlэм езэгъыу зы мыхьэнэ зиlэжырщ. Аращи, и псалъэхэр зытеухуар къэзыгъэлъагъуэ закъуэу иту къызэрекlуэкlым къызэрыщымынэнур гурыlуэгъуэщ адыгэбзэри, адыгэбзэм и псалъэхэр зи гугъу тщla бзэщlэныгъэмрэ дициплинэхэм я еплъыкlэкlэ лъытэныр адыгэбзэм и лъабжьэр щlэудын lуэхугъуэщ. Нобэ зи гугъу тщla бзэщlэныгъэм зэрыщlаджым ипкъ иткlэ, адыгэбзэм и щхьэм къырикlуэри ар дыдэращ.

**Семантикэ, мыхьэнэ, бзэ мыхьэнэ, макъ мыхьэнэ**

Семиотикэрэ семантикэ псалъэхэр зэрыухуарэ къызэрыlу щlыкlэмкlи гулъытапхъэщи, ахэр зэпыщla дициплинэхэрщ. Семиотикэм псэлъэбзэ лэжьэкlэр ″гъэлъагъуэ″ (индикатора) системэущ зэрилъытэри, ″къэзгъэлъагъуэ″рэ (индикант) ″къэгъэлъагъуэ″р (индики) зыхэзыубыдэ зы системэщ ар: макъкlэрэ ухуа ″псалъэ″р ″къэзыгъэлъагъуэ″рщи, псалъэмкlэ ″къэгъэлъагъуэ″ри псалъэр зытеухуарэ псалъэмкlэ лъытэрщ. Гъэлъэгъуэныгъэ системэу щыт семиотикэм пыщlарэ къыкlэлъыкlуэ дициплинэщ ″семантикэ″ри, семиотикэ системэмкlэ къэгъэлъэгъуам теухуащ. Къэгъэлъэгъуар къэзгъэлъэгъуам и мыхьэнэращи, семантикэр зытеухуари мыращ: семантикэр мыхьэнэ щlэныгъэ дициплинэрщ.

Мы щlэныгъэ дициплинэхэмрэ ахэр къызтехъукlауэ зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм зэрилъытэкlэрэ псалъэр зыгуэрыр къэзыгъэлъагъуэ ″макъ/макъ гуп″щи, макъыр зэрымыхьэнэншэм хуэдэжу, макъкlэрэ ухуа псалъэми зы мыхьэнэ иlэкъым. Мыпхуэдэу мыхьэнэншэу ухуа псалъэм къигъэлъагъуэращ абы и ″мыхьэнэ″ри, ари зи lуэхур семантикэ дициплинэращ.

Аращи, псэлъэбзэм теухуауэ ″мыхьэнэ″р къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэ ″псалъэ″м къигъэлъагъуэрауэщ зэралъытэри, зы псалъэр къэгъэлъэгъуэн (индикант) къалэн закъуэ зыгъэзащlэ макъ е макъ гупращ. Зэрыухуа макъхэр мыхьэнэншэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, псалъэм езыри мыхьэнэншэщ, ауэ абы къигъэлъагъуэращ (индики) псалъэм и ″мыхьэнэ″р. Макъыр зэрымыхьэнэншэрэ систематикэуи бзэм щидж гуэр зэрыщымыlэми теухуарэ зэрезэгъщи, макъкlэрэ ухуа псалъэм езыр зэрыухуа щlыкlэкlэ зы мыхьэнэ зимыlэрщ. Ауэ абы къигъэлъагъуэращ ″мыхьэнэ″уэ лъытапхъэр.

Мы бгъэдэхьэкlэр зыхуэигъуэ псэлъэбзэхэр щыlэу къыщlэкlынщ, икlи апхуэдэ бгъэдэхьэкlэ зиlэу утыку къихьа бзэщlэныгъэмрэ, мы зи гугъу тщlы дициплинэхэр къызтехъукlа бзэхэри мыпхуэдэнщ. Ауэ, мы бгъэдэхьэкlэр зы макъыбзэм, макъыбзэу щыт адыгэбзэм дежкlэ игъуэ хъуну зы бгъэдэхьэкlэу лъытапхъэкъыми, макъыбзэм теухуауэ мыхьэнэр псалъэри зэрыухуэ макъхэм деж щылъыхъун зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ. Зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэрэ дициплинэхэм макърэ псалъэр мыхьэнэншэу ялъытэми, макъыбзэм дежкlэ макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм теухуауэ мыхьэнэ зиlэхэрщи, макъкlэрэ ухуа псалъэхэм я мыхьэнэри макъхэм теухуауэщ зэрыухуэр. Аращи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм дежкlэ, зы псалъэр ауэ къызэрыкlуэ макъкlэрэ ухуарэ псалъэ мыхьэнэри зэрымыщlэкlэрэ псалъэм къигъэлъагъуэрауэ лъытэныр ныкъуэщ, емызэгъыщэщ. Мыпхуэдэхэм ипэкlи я гугъу тщlагъэххэщ, ауэ ″мыхьэнэ″м теухуауэ зы макъыбзэм и бгъэдэхьэкlэ хъунуми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″мыхьэнэ″ жыхуэтlэр адыгэбзэкъым; адыгэбзэкlэ къэlуэтэн хуеймэ, ″мыхьэнэ″ жыхуаlэр ″къикl″ращ. Дэтхэнэ гуэрым ″къикl″ращ абы и ″мыхьэнэ″р. Нытlэ, ″псалъэм и мыхьэнэ″ щыжытlэм деж, зи гугъу тщlыр ″псалъэм къикl″ращ; ″макъым и мыхьэнэ″ щыжытlэм деж, зи гугъу тщlыри ″макъым къикl″ращ. Адыгэбзэкlэ къызэрыlуатэ щlыкlэу ″къикl″ псалъэм гурыlуэгъуащэ зэрищlщи, ″мыхьэнэ″ жыхуаlэр зыгуэрым теухуарэ пыщlащ, мыхъумэ, ар щхьэжу зы щыlэгъуэ зиlэркъым.

Щхьэж зы гуэру ″мыхьэнэ″ щыlэкъым, щхьэж ″мыхьэнэ″ жыхуаlэ гуэр щыlэкъым; нытlэ, дэтхэнэ гуэрым ″къикl″рэ ″гурыlуэгъуэ къищl″ращ ″мыхьэнэ″ жыхуаlэри, ари зы логием зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Псэлъэбзэм къигъэщl псалъэхэм къикlрэ я мыхьэнэр псэлъэбзэ логие лэжьэкlэм теухуащ.

″Макъ мыхьэнэ″ щыжытlэм деж, макъым къикlращ ари, дэ цlыхум къыхэlукl а макъыр къызэрыдгурыlуэ щlыкlэри - а макъыр къыхэзыгъэlукl псэущхьэу дызэрыщыткlэрэ- ди щыlэгъуэ логием теухуауэщ. Псэлъэбзэр цlыхум къызхигъэlукl макъкlэрэ ухуащи, псэлъэбзэр зэрыухуа макъым къикlрэ и мыхьэнэри а макъыр псэущхьэ кlуэцlым къыздыщыхъуарэ къызэрыхъуа щlыкlэм пыщlарэ теухуауэ ар зыхэлъыжырщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр къыздыщыхъурэ къызэрыхъум теухуауэ псэущхьэм и щыlэгъуэм теухуа логием езэгъыу утыку къихьэу щыlэгъуэ зыгъуэтхэращи, мы къызэрыхъуа щlыкlэкlэ ухуэ псэлъэбзэм и лэжьэкlэр макъхэм пыщlарэ зэрытеухуар, икlи мыпхуэдэ лэжьэкlэ зыгъуэт псэлъэбзэм къигъэщl псалъэхэм я мыхьэнэри ахэр зэрыухуа макъхэм зэрытеухуарэ зэрыпыщlар гурыlуэгъуэщ.

Макъхэр псэущхьэм и псэ ужьыгъуэкlэрэ утыку къихьахэращи, псэущхьэм и щыlэгъуэ логие зыхэлъу утыку къихьахэрщ. Мыпхуэдэ щыlэгъуэ зыгъуэта макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэ зыхэлъыжырщи, зэрылъытэри ар дыдэущ. Макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ лажьэу ухуэ логие лlэужьыгъуэщ псэлъэбзэри, псэлъэбзэм къигъэщl псалъэхэр мы зи гугъу тщla щlыкlэкlэ къэхъуа макъхэмкlэ зэрыухуам ипкъ иткlэ, псалъэхэмкlэ лъытэр щыlэгъуэ логиекlэрэ зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Псэущхьэм къызхигъэlукl макъхэр псэущхьэм зэрызырихьэ щlыкlэкlэ ухуа псалъэхэмкlэ лъытэрэ къэlуатэр щыlэгъуэ логиекlэрэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэ зы псэлъэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм теухуауэ къэlуращи, зы логие лlэужьыгъуэу абы къикlыр къызхэхъукlымрэ къызэригъэхъуу къызэрыхэlукlым пыщlарэ елъытауэ зы логие пыухытыкlащ. Къыздыщыхъуарэ къызэрыхъуа щlыкlэм елъытарэ теухуауэ макъым гурыlуэгъуэ къищl гуэр щыlэщи, а ″макъым къикl″рэ а ″макъым и мыхьэнэ″ жыхуэтlэр мыращ.

Зэрыухуа логиекlэрэ псэлъэбзэм утыку къырилъхьэр ″псалъэ″ращи, ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтlэр аращ. Псэлъэбзэрэ псалъэр макъкlэрэ ухуащи, макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм елъытауэ зы ″макъ мыхьэнэ″ зиlэрщ; псэлъэбзэмрэ абы къигъэщl псалъэр зэрыухуэ щlыкlэр макъ мыхьэнэкlэрэщ. Аращи, макъыбзэу щыт зы псэлъэбзэм къигъэщl ″бзэ мыхьэнэ″мрэ (псалъэмрэ) ″макъ мыхьэнэ″м зэпыщlэныгъэ зыхуаlэщ. Икlи, псэлъэбзэр макъкlэрэ зэрыухуам ипкъ иткlэ, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм елъытауэ я мыхьэнэкlэрэ псэлъэбзэм систематикэу зэрыхэлэжьыхьращ ″бзэ мыхьэнэ″м (псалъэхэм) елъытауэ ″макъ мыхьэнэ″хэр гурыlуэгъуэ къэзыщlыр. Псалъэ зэрыухуэрэ псалъэхэм зэрыхэлэжьыхьращ макъхэр я мыхьэнэкlэрэ гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlыр.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, ″бзэ мыхьэнэ″рэ ″макъ мыхьэнэ″р зэхуэдэкъым, ″бзэ мыхьэнэ″р бзэ лэжьэкlэм къигъэщlращи, ахэри ″макъ мыхьэнэ″ращ къызтехъукlыр. Макъымрэ псэлъэбзэр

зэхуэмыдэ щыIэгъуэ зиIэ гуэритIщ: макъыр щхьэж езым и щыIэгъуэ зиIэжырщи, макъым нэмыщI зы щыIэгъуэ зыгъуэтарэ зиIэ хъуаращ макъкIэрэ ухуа псэлъэбзэмрэ псалъэхэри.

Макъыр къызэрыIукIэрэ бзэм хэхьэу бзэ мыхьэнэуэ щыухуэ щыIэщи, бзэ мыхьэнэ жыхуэтIэр псалъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мыпхуэу щхьэж макъыу ухуа псалъэр ″макъ псалъэ″ущ зэрытлъытэр. Мы зэрыжытIауэ, зы макъыр а къызэрыIукIэрэ бзэ лэжьэкIэ игъуэту зы псалъэу бзэм зэрыхэхьэр ″макъ псалъэ″ущи, макъыр псэлъэбзэ мыхьэнэ игъуэтауэ зэрыхэлэжьыхьымрэ макъым щхьэж езым мыхьэнэ зэриIэр зэхуэдэкъым. Зыр макъым езым иIэж мыхьэнэщи, адрейр а макъым бзэм зэрыхэхьа щIыкIэкIэ и мыхьэнэращ. И макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм хэхьами, бзэм а зэрыхэт щIыкIэкIэ зэрылъытапхъэр ″бзэ мыхьэнэ″уэ зы ″макъ псалъэ″ущ. Аращи, ″макъ псалъэ″мрэ ″макъ мыхьэнэ″р зэхуэдэкъыми, зыр (макъ псалъэр) псэлъэбзэм ейщ, адрейр (макъ мыхьэнэр) макъыгъуэрэ макъ щыIэгъуэм ейщ.

## Бзэм ″псалъэ″у щылъытарэ щызекIуэхэр бзэ лэжьэкIэм хроникэ хэхъухьа ″бзэ мыхьэнэ″хэрщ; - макъыбзэр мыхьэнэбэщ

Мы ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, макъыр утыку къызэрихьэ щIыкIэкIэ зы щыIэгъуэ зиIэжырщи, ар мы къызэрыхъуа щIыкIэкIи мыхьэнэ зиIэжырщ. Мы мыхьэнэр зэрыгурыIуэгъуэщи, зы бзэ мыхьэнэкъым. Ауэ, къызэрыхъуа щIыкIэрэ мыхьэнэкIэрэщ макъыр къызхэзыгъэIукIым къызэригъэсэбэпынури, къызхигъэIукIа макъхэр мыпхуэдэу щызэрихьэм деж, макъ мыхьэнэкIэрэ зекIуэ зы логиещ ухуэнури, псэлъэбзэ жыхуэтIэр утыку къызэрихьэр мыпхуэдэщ, икIи ар макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ щызекIуэ зы логиеу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщи, зы макъыбзэрщ.

Макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ псэущхьэм зэрихьэу зэрыщIидзэкIэрэ ухуэ макъыбзэ псэлъэбзэм илъытэхэр зэрилъытэ щIыкIэри ″псэлъэбзэ мыхьэнэ″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Псэлъэбзэ мыхьэнэ – бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэхэр адыгэбзэм ″псалъэ″ жыхуиIэхэращ, ауэ зи гугъу тщIа щIыкIэкIэ макъкIэрэ ухуэ ″бзэ мыхьэнэ″хэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухькIэрэ зы лъабжьэ игъуэтащ псэлъэбзэми, мыпхуэдэ щIыкIэу лэжьэкIэ зэригъуэтам ипкъ иткIэ, нобэ ″псалъэ″ жыхуэтIэр фактуралу зы lуэхугъуэ е нэхъыбэр зэрылъытэу бзэм щызекIуэ хъуаращ. Ар щыхъукIи, ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэр занщIэу ″псалъэ″ жыхуэтIэрами, ″псалъэ″р бзэ лэжьэкIэу утыку къихьэ ″бзэ мыхьэнэ″хэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьрэ щызекIуэ зэрыхъуар зэрылъытэ псалъэрщ.

Мы псалъэхэм пыщапхъэмэ, ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэр бзэм къигъэщI лъэныкъуэкIэ лъытэнырщи, ″псалъэ″ жыхуэтIэри бзэр зэрызекIуэ щIыкIэу ″псэлъэн″ lуэхугъуэкIэрэ утыку къихьэр зэрылъытэрщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэхэр ″псэлъэбзэ″р зэрызекIуэ

"псалъэ"хэрауэ лъытапхъэхэми, зытеухуам хроникэ техъухьу къыщытенэжрауэ лъытапхъэщ "бзэ мыхьэнэ"хэр "псалъэ"пlэм иувэу зэрылъытапхъэр. Аращи, макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ хэлэжьыхьу зэрыщlидзэкlэрэ бзэм къыщыхъур "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтlэхэращи, "бзэ мыхьэнэ"хэр бзэм щызэрызекlуэу хроникэ зэрыхэхъухьращ нобэ "псалъэ"у тлъытарэ зи гугъу тщlыхэр. - Ауэ, ипэкlэ "псэм къыхэхъукlыу организацэ" хъууэ тлъыта "псалъэ"р мыпхудэу "бзэ мыхьэнэ"р хроникэ зэрыхъуам зэрытемыухуари гурыlуэгъуэнщи, ар макъыбзэ лэжьэкlэу ухуэ дэтхэнэ зы "бзэ мыхьэнэ"рэ псэлъэбзэр зэрызекlуэр зэрылъытэ щlыкlэущ мы и мыхьэнэкlэрэ "псалъэ"м зэреджапхъэр.

Нытlэ, "псалъэ" жыхуэтlр икlи "бзэ мыхьэнэ" жыхуэтlэращ, ауэ макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ "бзэ мыхьэнэ"р бзэм зэрызекlуэкlэрэ хроникэ зэрыхъуу къызэрыхэнэжауэ бзэм щызекlуэхэращ мыбдежым "псалъэ" псалъэмкlэ тлъытэхэр. Аращи, сыт хуэдизу "псалъэ" псалъэм и мыхьэнэр гурыlуэгъуащэрэ абы дэтхэнэ зы "бзэ мыхьэнэ"р зыхиубыдэ щхьэ, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ бзэм къигъэщlыфу "бзэ мыхьэнэ"уэ тлъытэ дэтхэнэ гуэрыр бзэм хроникэ зэрыхэмыхъухьрэ къызэрыхэмынэжыр гурыlуэгъуэнщи, илъытэр зэрилъытэ щlыкlэкlэрэ бзэм хроникэ хэхъухьарэ щызекlуэу къыхэнэжахэращ нобэ бзэр зэрызекlуэ элементу "псалъэ"у ялъытэхэр. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, "псэлъэщlэ" къэгъэхъуныр япэрауэ бзэ лэжьэкlэкlэ "бзэ мыхьэнэ" къэгъэхъунращи, ар бзэм щызекlуэу щыщlидзэрэ бзэм хроникэ хэхъухьу къызэрыхэнэжым дежращ а "бзэ мыхьэнэ"р зы "псалъэ"у щылъытэр.

Макъыр къызэрыхъуарэ къызэрыlу щlыкlэкlэ зы лъэкlыныгъэу утыку къихьэрщи, абы и мыхьэнэрэ игъэзэщlапхъэр зытеухуар мыращ. Макъыр мы и мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ къызхэзыгъэlукlым зэрихьэу зэрыщlидзэр макъыбзэр зэрыухуэ щlыкlэращи, псэлъэбзэ пэщlэдзэрэ лъабжьэр мыращ. Макъыбзэ лэжьэкlэм и пэщlэдзэр макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ зэрызекlуэрщи, мы лэжьэкlэм зэрыхуэныкъуэкlэри кlуэ пэтрэ макъыщlэхэри утыку къихьэу макъыбзэ лэжьэкlэр мэбагъуэр, икlи къызэрыхъуа мыхьэнэкlэрэ бзэм щызекlуэ макъхэм бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мэбагъуэр. Мыпхуэдэкlэрэ къызэрыхъуа щlыкlэр зи мыхьэнэуэ бзэм хэхьа макъым мы и мыхьэнэ лъабжьэм бзэ лэжьэкlэм мыхьэнэщlэхэр къызэрытехъукlкlэрэ макъ мыхьэбэрэ макъ мыхьэнэ маржи мэухуэфыр.

Зы псалъэм бзэ мыхьэнэкlэрэ еджэкlэ зы бжанэ зэриlэм и щхьэусыгъуэр -нэхъыбэм деж- а псалъэр макъыбзэ лэжьэкlэу къызэрыхъуащ. Макъыбзэ лэжьэкlэм макъхэм зы мыхьэнэ бжанэ егъуэтыфри, псалъэр мыпхуэдэ макъхэмкlэ щыухуэм деж, псалъэм и мыхьэнэри мэбагъуэр. Макъыбзэу щымыт бзэхэм я псалъэхэр мыпхуэдэкъым: нэхъыбэм деж, зы мыхьэнэ закъуэм техуауэщ псалъэхэр апхуэдэ бзэхэм зэрыхэлэжьыхьри, зы псалъэм зы мыхьэнэм нэхъыбэ щиlэу ущыхуэзэр макъыбзэм елъытауэ мащlэ дыдэу жыlэпхъэщ.

Макъыбзэм къигъэщl псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытыр макъыбзэм и lэмалыгъуэшхуэу лъытапхъэщ. Абы къигъэщl псалъэ бжыгъэр адрей бзэхэм елъытауэ нэхъыбэ зэрыхъуфынур гурыlуэгъуэнщ, ауэ мыбы къыщымынэу, къигъэщl мыхьэнэхэр псалъэу къигъэщl бжыгъэми куэдыlуэклэ щхьэщоклыр. Араща, макъыбзэр мыхьэнэбэу зы бзэщ.

Зы псалъэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа мыхьэнэм нэмыщl, абы макъ мыхьэнэклэрэ адрей и еджэклэхэр а псалъэм и мыхьэнэ потанциалхэрщи, а псалъэр бзэм щызэрызеклуэ щlыклэм нэмыщlыу зэрызехьапхъэрщ. Зы псалъэм и мыхьэнэ потанциалыр икlи а псалъэм и щlагъыбзэ еджэклэщи, мыхьэнэбэу щыт макъыбзэм и псалъэхэр икlи щlагъыбзэбэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщрэ пыщапхъэщи, къызэрыхъуа щlыклэм теухуауэ мыхьэнэ зыгъуэт макъыр япэ дыдэу бзэм зэрыхэхьэр, къызэрыхъуа щlыклэм теухуа и мыхьэнэ лъабжьэм бзэ лэжьэклэм мыхьэнэщlэхэр къытехъуклклэрэ макъ мыхьэнэ марж зэрыухуэр, мы макъ мыхьэнэ маржыр къызэрыхъу зэклэлъхьэужьыклэр, макъхэр бзэм мы зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ бзэ мыхьэнэхэм я зэклэлъхьэужьыклэр, бзэ мыхьэнэхэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьыжу псалъэ къэхъуныгъэ зэклэлъхьэужьыклэрэ лъэхъэнэхэри макъыбзэ лэжьэклэм щыхэплъэгъуэфрэ щызэпкъырыхыфыну lуэхугъуэхэрщ.

*

Нытlэ, мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlым теухуа щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэн хуейщи, псэлъэбзэр зэрылажьэм теухуауэ ипэклэ зи гугъу тщla псалъэхэр щапхъэу къэтхьынщ. Араща, псэлъэбзэм теухуа псалъэхэм я макъ мыхьэнэклэрэ зэреджапхъэмрэ бзэ мыхьэнэуэ яlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщи, макъклэрэ зэхуэдэу ухуами, зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэм теухуа псалъэхэу бзэм щызэрызеклуэмрэ дэтхэнэ зы псалъэм мыхьэнэбэу зэреджапхъэми деплъынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу ипэклэ зи гугъу тщla ″lун, lуэн″ псалъэхэр зытеухуар макъ утыку къихьэнращи, ахэр псалъэу зэрызетхьэ щlыклэр мыращ. Макъ къэlуныгъэу я мыхьэнэр псэлъэн lуэхугъуэу псалъэ утыку къилъхьэн мыхьэнэклu бзэм зэрызеклуэр гурыlуэгъуэщ ″lун, lуэн″ псалъэхэри, мы lуэхугъуитlыр зэрызэпыщlари гурыlуэгъуэщ: псэлъэныр псалъэ къэlунращи, псалъэри макъклэрэ зэрыухуам папщlэ, икlи псалъэр зэрыухуа макъри къэlунращ. Зы бзэ мыхьэнэрэ псалъэр мыпхуэдэклэрэ зэпыщla lуэхугъуэхэр къызэриlуатэ щlыклэклэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщи, ″lун, lуэн″ыр макърэ псалъэ утыку къихьэныгъэр зэхуэдэу зылъытэ псалъэхэщ.

Макърэ псалъэ утыку къихьэн lуэхугъуэщ ″lун, lуэн″ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlри, ″lуэтэн″ псалъэри ″lун, lуэн″ псалъэхэр лъабжьэ зыхуэхъуу ухуа палъэщ. Мыбы къыщымынэу, къэlурэ къыраlуэ макъырэ псалъэр зэхэхынрэ зэхэхун папщlэ гъэзащlэ lуэхугъуэри ″lун, lуэн″ыр лъабжьэ зыхуэхъуу ухуа псалъэклэрэщ къызэрыlуатэр. Араща, ″lун, lуэн″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэклэрэщ ″дэlун, дэlуэн″ псалъэхэри зэрыухуа

щIыкIэр, ауэ ущыкIэлъыплъыжым деж, ″lун, lуэн″ псалъэхэм макърэ псалъэ утыку къихьэн lуэхугъуэ закъуэ мыхъуу, макърэ псалъэм икIуэр зэрырикIуэ щIыкIэри гурыIуэгъуэ зыщI псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Дауи, ″lун, lуэн″ псалъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъукIэрэщ ″дэIун, дэIуэн″ псалъэхэр утыку къызэрихьэри, мыри псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ абыхэм псэлъэщIэхэр къызэрытехъукIым теухуа щапхъэщ.

Псэущхьэм и lум къыщыхъуу бзэр зэрыухуа макъхэмрэ мы макъхэмкIэ ухуа псалъэхэри утыку къызэрихьэр къызэрыIуатэ ″lун, lуэн″ псалъэхэр псэлъэбзэм хуэIуа макърэ псалъэхэм мы я къэIуныгъэми къыщымынэу, дэтхэнэ гуэркIэ къэхъуныгъэ зыгъуэт макъхэри утыку къызэрихьэр къызэрыIуатэу бзэм щызэрызекIуэри гурыIуэгъуэщ.

Бзэм псалъэ хэхъухьарэ псэлъэщIэхэри къытехъукIыу зи гугъу тщIы ″lун, lуэн″ псалъэхэр макъ утыку къихьэн lуэхугъуэущи, мы макъхэмкIэ ухуа псалъэхэри къызэрыIуатэ псалъэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мы макъхэр утыку къыздыщихьэ lэпкълъэпкъыр псэущхьэм и lурауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, ″lун, lуэн″ псалъэхэр макъ къэхъупIэу щыт ″lу″м и лэжьэкIэр зэрылъытэ псалъэхэу зэрыухуари гулъытапхъэщ. Аращи, ″lун, lуэн″ псалъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуащIыр макъ къызхэзыгъэIукI псэущхьэм и lум и лэжьэкIэращи, макърэ псалъэр утыку къихьэныгъэр къызэрыIуатэ мы глаголхэр ″lу″м и лэжьэкIэрэ хьэрычэтыр зэрылъытэ глаголхэрщ: ″lу″м и хьэрычэтрэ лэжьэкIэр ″lу″м и глаголу ″lун″ращи, ар мыпхуэдэ щIыкIэкIэ зэрызекIуэри ″lуэн″ращ.

Псэлъэбзэ лэжьэкIэм теухуа псалъэхэу, макърэ псалъэ утыку къихьэныгъэм теухуащ ″lун, lуэн″ псалъэхэри, лъабжьэ зыхуэхъуу нэгъуэщI псалъэхэр къызэрытехъукIми я гугъу тщIагъэххэщ. Ауэ мы ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, ″lун, lуэн″ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъур макъ къызхэзыгъэIукI псэущхьэм и lу хьэнычэту зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, псэущхьэм и lур ″lу″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытари гурыIуэгъуэщи, ар мыпхуэдэу зэрылъытэн хуей щIэхъуами щыгъазэ хуэхъун хуейщ.

Ауэ, ″lу″ макъ мыхьэнэкIэрэ лъытэр псэущхьэм и lу закъуэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщи, ″lу″ макъ мыхьэнэкIэрэ нэгъуэщI lуэхугъуэхэу лъытэхэми щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. ИкIи, ″lу″ макъкIэрэ ухуа ″lун, lуэн″ псалъэхэм нэгъуэщI бзэ мыхьэнэкIи зэреджапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″lу″ макъ мыхьэнэм ипкъ иткIэ, ″lун, lуэн″ псалъэхэр зыгуэрым и ипэ лъэныкъуэм теухуа lуэхугъуэхэри зэрылъытэрщ, икIи нэгъуэщI гуэрым ипэ – и гъунэ – и хэхьэпIэ лъэныкъуэхэм теухуауэ гъэзащIэ lуэхугъуэр зэрылъытэрщ: «дэIун, дэIуэн, щIэIун, щIэIуэн».

Мы къэта щапхъэхэм щыщу ″дэIун, дэIуэн″ псалъэхэр (сыдоIу, сыдоIуэ; дызоIу, дызоIуэ) икIи къэIу макърэ псалъэ зэхэхынрэ зэхэхун папщIэ гъэзащIэ ″дэIун, дэIуэн″ псалъэхэу (содэIу, содаIуэ) ипэкIэ зи гугъу

тщlахэм хуэдэу зэрыухуари гулъытапхъэщ, ауэ мыбдежым къэта псалъэ щапхъэхэм ″д″ макъыр зэрыхэт щlыклэр преикс къалэнклэрэу зэрыщытыр, а псалъэхэр икlи lуэхугъуитlи зэрылъытэ псалъэхэу (1- сыдоlу, сыдоlуэ; 2- дызоlу, дызоlуэ) зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Аргуэру псэлъэбзэм зэрытеухуам нэмыщl, мэкъу-мэш ущэбын lуэхугъуэри ″lун, lуэн″ псалъэхэмклэщ къызэрыlуатэри, ар мэкъу-мэш lэтэ гъунапкъэм (lу) къеклуэклынклэрэ зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэу ухуа псалъэхэу ″lу″ макъ мыхьэнэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ.

″lун, lуэн″ псалъэхэм нэмыщl, абыхэм къатехъукларэ псэлъэбзэ лэжьэклэм теухуа мыхьэнэ зиlэу зи гугъу тщla ″lуэтэн″ псалъэми нэгъуэщl бзэ мыхьэнэхэри зэриlэфынур гурыlуэгъуэнщ. Псэлъэбзэм теухуауэ зи гугъу тщla ″lуэтэн″ псалъэр псэущхьэlур ″lу″ макъклэрэ зэрылъытэу ухуарэ ″lун, lуэн″ псалъэхэм къытехъуклa щхьэ, мыбдежым зи гугъу тщlынухэр зы гъунапкъэрэ гущlыlур ″lу″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытэу ухуа псалъэхэрщ. Аращи, зыгуэрым и гущlыlум ириклуэу ирыщlыхь (ирилъэщlэн) lуэхугъуэри (1), мэкъу-мэшым теухуауэ ухуа ″lуэн″ псалъэ мыхьэнэ зиlэрэ абы къытехъуклыу лъытапхъэу зыгуэрыр и гущlыlуклэрэ ущэбын lуэхугъуэри (2) ″lуэтэн, lуэтын″ псалъэхэмклэ къызэрыlуатэр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мыпхуэдиз зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэр къызтехъуклыу зэхуэмыдэ ″бзэ мыхьэнэ″р зэрыухуэр и ″макъ мыхьэнэ″м зэрелъытаклэрэ ″lу″ макъклэрэщи, ипэклэ къэта щапхъэхэми гурыlуэгъуэ зэращlыу, абы и мыхьэнэм щыгъуазэ дыщыхуэхъум деж, абы мыпхуэдиз зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэ къызэрытехъуклыфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″lу″р ″у″ макъым и лимитацэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, и макъ мыхьэнэр ″ужьыгъуэ lыхьэрэ пыухытыкlа″уэ къэlуэтапхъэщи, дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэр зы ужьыгъуэ зиlэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, дэтхэнэ гуэррэ пкъыгъуэм и зы lыхьэри, дэтхэнэ гуэрым и хэхьэплэрэ хэклыплэ lыхьэ лъэныкъуэрэ и гъунапкъэри бзэм ″lу″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрилъытэфынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, дэтхэнэ гуэрым и ужьыгъуэ lыхьэрэ лъэныкъуэри, псэущхьэм и ужьыгъуэ лъэныкъуэу и гупэри, псэлъэн зи лъэклрэ псэлъэнклэрэ ужьыгъуэ зиlэ псэущхьэм и жьэри, дэтхэнэ гуэрым и ипэрэ и гъунапкъэ лъэныкъуэри зэрыигъуэклэрэ зэхуэдэу макъыбзэм ″lу″ макъклрэ зэрилъытэфынур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэр ″lу″ макъклэрэ зэрылъытэклэрэ къеклуэкl lуэхугъуэщ ипэклэ зи гугъу тщla ″lун, lуэн″ псалъэхэр зэрыухуэри, абыхэм зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэклэрэ псалъэхэр къазэрытехъуклым и лъабжьэри мыращ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″lу″ макъыр къызэрыхъуа щlыклэм езэгъ и мыхьэнэклэрэщ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьыр. Къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъклэрэ ″lу″ макъ мыхьэнэм къытехъуклыфыну бзэ мыхьэнэхэмклэ лъытэфынухэр зэрылъытэклэрэ бзэм щыхэлэжьыхьу щlедзэр ″lу″ макъри, мыпхуэдэклэрэ къэlуатэ lуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм хроникэ хэхъухьэри а зытеухуа lуэхугъуэ зылъытэрэ

къэзгъэлъагъуэ псалъэхэрщ. Аращи, зы макъыу зи гугъу тщIа и мыхьэнэкIэрэ ″Iу″ макъыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхькIэрэ псэлъэбзэм ″Iу″ макъкIэрэ илъытэфынухэр зэрилъытэу, бзэ мыхьэнэхэм щыщу хроникэ хъуарэ зытеухуа гуэр зэрилъытэкIэрэ псалъэхэу ухуахэм щыщу нобэм къынэсахэращ мы ипэкIэ ″Iу″ макъ зыхэту ухуа псалъэхэр.

Псэлъэбзэм теухуауэ утыку къихьа псалъэри, ипэкIэ зи гугъу тщIа ″жыIэн″ псалъэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ар макърэ псалъэ утыку къызэрихьэ ″Iун, Iуэн″ псалъэхэм, икIи абы къатехъукIыжауэ зи гугъу тщIа ″Iуэтэн″ псалъэм къыкIэлъыкIуэрэ нэужьу, икIи а псалъэхэр бзэм зэрыхэхьам елъытауи иужьыIуэкIэ къэхъуа зы псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Ауэ, къызэрыхъуа щIыкIэр макъыбзэ лэжьэкIэрэ макъ мыхьэнэкIэрэщи, абы зэреджапхъэри ″генэратикэ зэпыщIэныгъэ зиIэу (ж) утыку къихьэнрэ къэгъэлъэгъуэн (Iэ)″ Iуэхугъуэщ. И макъ мыхьэнэкIэ мы зэреджапхъэкIэрэ бзэм нэгъуэщI IуэхугъуэхэриIуэрыIуэгъуэщ, ауэ зи гугъу тщIа псалъэ нэужьрэ зытеухуауэ утыку къызэрихьами зэрезэгъкIэрэ ″жыIэн″ псалъэр псэлъэбзэм теухуарэ хуэIуауэ зи гугъу тщIа мыхьэнэкIэрэщ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьари, ар зи гугъу тщIа мы и мыхьэнэм нэмыщIыу бзэм хэлъэжьыхь псалъэкъым.

Псэлъэбзэм теухуауэ утыку къихьа зы псалъэри ипэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа ″цIэ″ псалъэращи, ар икIи зы псэущхьэ цIыкIу дыдэр зэрылъытэу адыгэбзэм зэрыхэтри гулъытапхъэщ. Аращи, псэущхьэхэм я фэм къытехъукIрэ а псэущхьэр и псэуапIэрэ и шхапIэ зыщIыу а псэущхьэм елъытауи цIыкIу дыдэу щыт зы псэущхьэр ″цIэ″ псалъэмкIэ лъытащи, ар зэрылъыта мы псалъэм икIи а псэущхьэр цIыхум дежкIэ зэрымыщхьэпэри къызэхэщу ухуа псалъэщ. Бактерие жыхуаIэхэри хэтыжу псэущхьэ цIыкIу лIэужьыгъуэ гуэрхэри ″цIэ″ псалъэм къытехъукIарэ ар зыхэту ухуа псалъэхэмкIэ къызэрыIуатэри (хьэпIацIэ) гурыIуэгъуэщ. Аращи, щхьэжу ″цIэ″ псалъэм мыхьэнитI (1: флащ псалъэ лIэужьыгъуэ. 2: зы псэущхьэ цIыкIу лъэпкъ) зэриIэм нэмыщI, ″цIэ″м псэлъэбзэм теухуауэ псэлъэщIэхэр къытохъукI, псэущхьэ лъэпкъ гуэрхэри псэущхьэ лъэпкъ цIыкIур зэрылъытэ ″цIэ″ псалъэм къытохъукIыжыр.

Макъ мыхьэнэкIэрэ зэхуэмыдэ IуэхугъуэхэрыIуэтапхъэу еджапхъэми, бзэм хроникэ зэрыхэхъухьым елъытащ псалъэм и мыхьэнэр зы Iуэхугъуэм теухуауэ къызэрытенэр. Зы псэлъэбзэм ирипсалъэм дежкIэ, зы псалъэм и мыхьэнэр ар нэхъыбэу зэрызэхихрэ зэрызырихьэ щIыкIэм теухуауэщ а псалъэм и мыхьэнэуэ илъытэри, ар а цIыхум дежкIэ зэрызэхихрэ зэрилъытам теухуауэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьаращ. Аращи, зэхуэдэу ухуарэ зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэ зиIэ псалъэхэу ипэкIэ зи гугъу тщIахэр щызэхэпхым деж, япэрэ занщIэу къызэрыбгурыIуэ щIыкIэр а псалъэр уэркIэ хроникэ зэрыхъуа щIыкIэращ, е/икIи ар а псалъэр бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэкIэ нэхъ хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэращ.

Ипэкlэ мы къэтlуэтарэ щапхъэу къэтахэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, макъыбзэр мыхьэнэбэу, дэтхэнэ зы псалъэр зэрыухуа макъхэм езым я къэхъуклэм теухуа мыхьэнэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къатехъукl мыхьэнэхэри зыхиубыдэу зэреджапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мыр псалъэхэм яlэфыну бзэ мыхьэнэхэращ. Ауэ, бзэм зэрызекlуэкlэрэ хроникэ дыдэ хъуа псалъэхэр щыlэщи, а бзэр къэзыпсэлъым а псалъэм нэгъуэщl мыхьэнэ имыlэу илъытэу зэрыщlидзэфыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы псалъэщ икlи ″псалъэ″ псалъэри, зэрыухуа макъхэм зэрезэгъкlэрэ абы иlэфыну бзэ мыхьэнэкlэрэ зэреджапхъэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Араща, ″псалъэ″ псалъэр зы ″бзэ мыхьэнэ″м теухуауэ бзэм фlыщэу хроникэ зэрыхэхъуар гурыlуэгъуэщи, ар мы хроникэ зэрыхъуам нэмыщlыу еджапхъэ къытхуэхъужкъым. Ауэ, ″псалъэ″р бзэм мы хроникэ зэрыхэхъухьа и мыхьэнэм нэмыщl, абы и макъхэм я зэхущытыкlэу утыку къихьэ еджэкlэхэр зэриlэфынури гурыlуэгъуэнщ. Мыбдежым узэреджэфыну щыжытlэкlэ зи гугъу тщlыри псалъэр зэрыухуа макъхэм я зэгуэхьэныгъэрэ я зэхущытыкlэкlэ къэхъуфыну бзэ мыхьэнэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

″Псалъэ″р ″пс-а-лъэ″уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы зэрызэпкъырыхакlэрэ зэреджапхъэр абы хиубыдэ мы макъхэм дэтхэнэ зыр псалъэрэ (псы, псэ; лъэ) макъ мыхьэнэкlэрэ (пс, лъ) узэреджэфынури гулъытапхъэщ. Араща, ″пса″р ″псы, псэ″ макъ зэгуэт псалъэхэм я блэкlарэ я куэдагъэу зэреджапхъэр, икlи ″пс″ макъ мыхьэнэм и блэкlагъэрэ куэдагъэуи узэреджэфынур гурыlуэгъуэнщ; ар дыдэу ″лъэ″ми зы макъ псалъэу, икlи и макъ мыхьэнэкlэрэи узэреджэфынури гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, ″псалъэ″ псалъэр зэрыухуа ″пса″мрэ ″лъэ″м мы зэреджапхъэхэм (″макъ/макъ зэгуэт псалъэ″рэ ″макъ мыхьэнэ″кlэ) я колерацэкlэрэ узэреджэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу узэреджэнум елъытауэ ″псалъэ″м бзэ мыхьэнэбэ зэриlэр гурыlуэгъуэщ, икlи мы узэреджэфынум хуэдиз вариант хэлъу къэхъуфынт ″псалъэ″ псалъэр. Мыпхуэдиз вариантклэ еджапхъэми, lуэхур клыхь дымыщlын папщlэ, мы вариант псоми я гугъу тщlынкъым мыбдежми, ″псалъэ″ псалъэр нобэ бзэм хроникэ зэрыхъуа щlыклэм узэреджэфынурэ ар зэрыухуа мыхьэнэм щыгъуазэ дыхуэхъун иужь дитынщ.

Араща, ″псалъэ″ псалъэм узэреджапхъэхэм щыщщ ″псалъэ″р ″псэ″рэ ″лъэ″ макърэ псалъэхэм къызэрагъэщlа зы псалъэу зэрыщытри, япэрауэ ″псэ″мрэ ″лъэ″р ″псалъэ″м ″макъ/макъ зэгуэт″рэ ″макъ/макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыхэтым щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Аргуэру клыхь дымыщlын папщlэ, ″псалъэ″ псалъэр ″псэ″ макъ псалъэмрэ ″лъэ″ макъ мыхьэнэр зэрызэгухьэкlэрэ къэхъуа зы псалъэу зэрылъытапхъэри жытlэнщ.

″Псалъэ″ псалъэр зыгурыгъэlуэн папщlэ, ″псэ″ макъ зэгуэт псалъэр къыклэлъыклуэ ″лъэ″ макъым елъытауэ ″пса″уэ щыгъэпсым деж къэхъу мыхьэнэм щыгъазэ хуэхъунрэ зэреджэну щlыкlэр къэгъэунэхун хуейщ. Ар ″пса″уэ зэрыгъэпсыр къыклэлъыклуэ макъым елъытащи, макъхэм я

зэхущытыкlэу зи гугъу тщlым къытехъукlа мы зэхъуэкlыныгъэр зы фонетикэ lуэхугъуэ закъуэу лъытапхъэкъым. Фонетикэрэ мыхьэнэр зэдэгъусэрэ къызэдэщlыу зы бзэщ макъыбзэри, ″псэ″р ″пса″уэ къызэрыlум зы мыхьэнэ къигъэщlрэ иlэжщ: ″э″м и блэкlарэ и куэдагъщ ″а″ри, ″э″ кlэухыр ″а″уэ щызэхъуэкlкlэ, ″а″ макъыр къызкlэлъыкlуэ макъ/псалъэмрэ (пс, псэ) ″а″м къыкlэлъыкlуэж (лъэ) макъым зэдащlэфынум елъытащ ″пса″м и мыхьэнэмрэ зэреджэн хуейр.

″Псалъэ″м и адрей lыхьэр ″лъэ″ращи, абы и мыхьэнэми щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. ″Лъэ″р ″бзэ мыхьэнэ″уэ ″орган, организмэ″у зэрыщытыр, икlи зы органу щыт ″лъакъуэ″ри адыгэбзэм ″лъэ″уэ хроникэ зэрыхэхъухьари гурыlуэгъуэщ. Ауэ, органрэ организмэ жыхуэтlэр зы пкъыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэрэ ипэкlи зэрыжытlауэщи, зи гугъу тщlы ″псалъэ″м хэт ″лъэ″м и ″макъ мыхьэнэ″кlэрэщ зэреджапхъэри, ари ″организэ, организацэ″ лlэужьыгъуэ мыхьэнэуэ лъытапхъэщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм зэрезэгъкlэрэ ″псалъэ″ псалъэр ″псэ″кlэ къызэрежьэм папщlэ, абы и еджэкlэм ″псэ″м деж къыщыщlэдзэн хуейщ. ″Псэ″ макъ зэгуэт псалъэм къыкlэлъыкlуэ ″организэ хъу, организацэ″ мыхьэнэкlэрэ ″лъэ″ макъкlэрэ лажьэущ ″псалъэ″р зэрыухуари, ″псэм (псэ) къыхэхъукlа (а) организацэ″ хуэдэ бзэ мыхьэнэкlэрэ еджэныр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ ″псалъэ″ псалъэр.

″Псалъэ″ псалъэм и еджэкlэу зи гугъу тщlахэр нобэ ар бзэм щызэрызекlуэ ″бзэ мыхьэнэ″кlэрэщи, ″псалъэ″м узэреджэфыну нэгъуэщl вариантхэм дыхэхьакъым. Ауэ ″псалъэ″р зэрыухуа макърэ макъ псалъэкlэрэ зэреджапхъэ вариантхэр зэрыщыlэнури гурыlуэгъуэрэ я гугъуи тщlагъэххэщи, мы вариантхэм щыщхэри зыхэплъагъуэу, илъабжьэкlэ ″псалъэ″ псалъэм зэреджапхъэм теухуахэр къэтащ.

- «1- Псэм къыхэхъукlыу (пса) организацэ зыгъуэт, организэ хъу (лъэ). Псэм и организацэу къэхъу. Псэ организацэ. 2- Псэуэ зэпкъырыува организмэ (лъэ). 3- Псэуэ гъэпса организмэ (лъэ) е организацэ (лъэ). 4- Псэ зыхэлъу зэпкъырыува лъэ. 5- Псэ хъуа лъэ. 6- Псэ зэрылъ: ″псэ лъэ → псэ-лъэ → псалъэ″. 7- Псэр лъэуэ гурыlуэгъуэ зыщlыу ″псэ лъэ → псэлъэ → псалъэ″».

- «1- Гъэпса (пса) пкъыгъуэ (лъэ): зыгуэрым тегъэпсыхьа пкъыгъуэ. 2- Гъэпса (пса) организацэ (лъэ). 3- Гъэпсагъэххэу (пса) зэхэлъ (лъэ); гъэпса (пса) пкъыгъуэ (лъэ). 4- Гъэпса (пса) гуэрхэр зэрылъ (лъэ).

- «1- (Нэху бзий пэлъытэу) тепсапхъэрэ къепсыпхъэу (пса) зэхэлъ (лъэ). 2- Тепсапхъэрэ къепсыпхъэ (пса) зэрылъ (лъэ). 3- Тепсапхъэрэ къепсыпхъэ (пса) организмэ (лъэ) е тепсапхъэрэ къепсыпхъэ (пса) организацэ (лъэ)».

- «1- Упсарэ псыгъуэ щlа (пса) пкъыгъуэ (лъэ). 2- Упса организацэ. 3- Упсахэр (пса) зэрылъ (лъэ)».

## БЗЭЩIЭНЫГЪЭМРЭ БЗЭ ФИЛОСОФИЕМ ПСАЛЪЭХЭР КАТЕГОРИЗАЦЭ ЗЭРАЩIЫМРЭ АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭХЭР

Макъхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэм теухуа мыхьэнэ зиIэхэрщи, ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэхэр ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэхэрщ. Бзэ мыхьэнэуэ макъхэм къагъэщIхэм щыщу бзэм хроникэ хэхъухьхэр а хроникэ зэрыхэхъухьу илъытэм теухуауэ ″псалъэ″ жыхуэтIэхэрщ. НытIэ, ″псалъэ″ жыхуэтIэ ″бзэ мыхьэнэ″хэр утыку къызэрихьэм и лъабжьэр ″макъ мыхьэнэ″хэращи, абыхэм макъ мыхьэнэкIэрэ зэреджапхъэм, мы я зэреджапхъэкIэрэ ягъэзэщIэфрэ я лъэкIыныгъэу щыт бзэ мыхьэнэхэм, ахэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьарэ нобэ къызэрыдгурыIуэ щIыкIэу псэлъэбзэм теухуауэ ухууэ зи гугъу тщIа псалъэхэм ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэрэ мыбдежым пыщапхъэщи, псэм къыхэхъукIыу организацэ зыгъуэтар зэрылъыта ″псалъэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр псэущхьэ ужьыгъуэкIэрэ утыку къихьэ макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэр зэрыхэлъыжкIэрэ макъкIэрэ ухуа псэлъэбзэ лэжьэкIэм мы макъхэмкIэ лъытапхъэр зэрилъытэрщи, мыпхуэдэу ухуэ ″псалъэ″р щыIэгъуэ логие утыку къизылъхьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу илъытэр ″щыIэгъуэ логие″кIэ зылъытэр философие дициплинэкIэрэ ″универсал″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу къезгъэкIуэкI макъыбзэ лэжьэкIэм иухуэ псалъэхэр универсалыгъэ зиIэу зэрыухуэри гурыIуэгъуэнщ. Араща, псэущхьэпсэм къыхэхъукIыу зы организацэ зэригъуэтакIэрэщ ″псалъэ″м гурыIуэгъуэ къищIри, ар мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ псэущхьэпсэмрэ и щыIэгъуэ логие утыку къизылъхьэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зэрыигъуэкIэрэ –зэралъытэ щIыкIэу-″универсал″у зы псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу лъытапхъэщ макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа дэтхэнэ зы псалъэри, абыхэм ялъытэр щыIэгъуэ логиекIэ зэралъытэм ипкъ иткIэ, универсалыгъэ зиIэ псалъэхэрщ. Ауэ, макъыбзэкIэ ухуарэ илъытэр и щыIэгъуэкIэрэ утыку къырилъхьэу щытми, зы псалъэр зыгуэрым теухуарэ хуэIуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщи, мы лэжьэкIэкIэ а псалъэр бзэ философиеу ″партикулар″рэ ″сингулар″у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэми илъабжьэкIэ нэхъ гъунэгъуу дыхэплъэнщ.

### ″Универсал; партикулар, сингулар″ терминхэмрэ адыгэбзэ псалъэхэр

Ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэщи, мыхьэнэ щlэныгъэу щыт семантикэр семиотикэу псалъэм къигъэлъагъуэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ. Псалъэм къигъэлъагъуэм ипкъ иткIэ, абы игъуэт мыхьэнэри ″универсал″у е ″партикулар″рэ ″сингулар″у категоризацэ ящIыр. Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ къызэращIщи, ″универсал″у ялъытэ псалъэхэм къагъэлъагъуэр ″партикулар″рэ ″сингулар″у ялъытэ псалъэхэм къагъэлъагъуэхэри зыхэзыубыдэрэ абыхэм щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэрщ.

Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зы лъэпкъыгъуэу лъытапхъэ гуэрхэр зыхэзыубыдэрщ ″универсал″у ялъытэ псалъэр зытеухуари, а лъэпкъыгъуэм хиубыдэ зы lыхьэрэ зы гупыгъуэр ″партикуалар″у, абыи хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжрэ зы закъуэу зэрылъытэри ″сингулар″ущ зэралъытэр. Аращи, ″универсал″ зы псалъэм къигъэлъагъуэ лъэпкъыгъуэм хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ псалъэхэрщ ″партикулар″рэ ″сингулар″ псалъэхэр. Мы терминхэм нэхъри гъунэгъуу деплъмэ, ″универсал″ псалъэр зы лъэпкъыгъуэ къэзыгъэлъагъуэрщи, апхуэдэ зы псалъэр мыхьэнэшхуэрэ теубгъуа мыхьэнэ зиlэрщ, тэмэмыгъэрэ псоугъэ зэрылъытэ терминщ; ″партикулар″ псалъэр зы ″универсал″ псалъэм къигъэлъагъуэ лъэпкъыгъуэм щыщ зы гупрэ абы и lыхьэ гуэрхэр зэрылъытэ терминщ; ″сингулар″у ялъытэ псалъэри ″универсал″рэ ″партикулар″у ялъытахэм щыщ щхьэж зы гуэр закъуэр зэралъытэрщ.

Зэрыгурыlуэгъущи, универсалыгъэр партикуларыгъэрэ сингуларыгъэ зиlэхэр зыхэзыубыдэу абыхэм щхьэщыкlыныгъэ мыхьэнэ зиlэрщ; абы хиубыдэхэм елъытауэ ар езыр мыхьэнэшхуэ зиlэрщ. Икlи, мы псалъэхэм я мыхьэнэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″универсал″у ялъытэ псалъэр ″партикулар″рэ ″сингулар″ым елъытауэ щыlэгъуэм нэхъ пэгъунэгъурэ теухуащ. Щыlэгъуэрэ щыlэгъуэ логие гурыlуэгъуэ зыщlыр ″универсал″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, мыпхуэдэу щыlэгъуэм теухуауэ лъытам хиубыдэхэр зы гуэрхэу зэрылъытэрщ ″партикулар″рэ ″сингулар″у лъытапхъэхэри, апхуэдэ псалъэхэр зытеухуар а щыlэгъуэм (универсалу щытым) хиубыдэ щыlэр зы ″гуэр″у зэрылъытэрщ.

Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, макъыр мыхьэнэншэу зэрилъытэм зэрезэгъкlэрэ, макъкlэ ухуа псалъэри къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэ игъэзащlэущ зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм зэрилъытэри, псалъэм къигъэлъагъуэм теухуауэ ялъытэ и мыхьэнэращ мы зи гугъу тщla терминхэмкlэрэ псалъэхэр категогизацэ зэращlыр. Мыхъумэ, мы терминхэмкlэрэ категоризацэ ящl псалъэм езым - ар зэрыухуа щlыкlэм-теухуакъым. Аращи, бзэм и псалъэхэр зэрылъытэ мы философие терминхэр псалъэхэм къагъэлъагъуэм я щыlэгъуэу псалъэ щlыбрэ псэлъэбзэ щlыбращ зытеухуари, къигъэлъагъуэм елъытарэ зэрыхуэlуакlэрэ псалъэхэр мы терминхэмкlэрэ зэралъытэр гурыlуэгъуэщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэм псалъэхэр макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм теухуа мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэщ зэрыухуэри, мыпхуэдэ макъкlэрэ ухуа псалъэм езым и ухуэкlэр щыlэгъуэ логием зэрытеухуакlэрэщ. Ар щыхъукlи, псалъэхэм къагъэлъагъуэм теухуауэ бзэ философиекlэ мы зэрылъытэ щlыкlэу зи гугъу тщlахэр занщlэу макъыбзэм и псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэм теухуэу лъытэныр зэрымыигъуащэр гулъытапхъэщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэр макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэр зыхэлъыжкlэрэ щыlэгъуэ логием теухуащи, мыпхуэдэ макъкlэрэ ухуа псалъэхэр щыlэгъуэр и щыlэгъуэ логиекlэ зэрылъытэ щlыкlэу зэрыухуэр

гурыIуэгъуэщ. Макъыбзэ лэжьэкIэу макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэри щыIэгъуэ логием зэрытеухуам ипкъ иткIэ, макъыбзэ псалъэхэр зыгуэрыр и щыIэгъуэкIэрэ утыку къизылъхьэу къэзыIуатэрщи, абыхэм ялъытэр зэралъытэ щIыкIэр абы атIкIэ щымыIэжу универсалыгъэ зиIэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, зи гугъу тщIа термину щыт ″универсал″ псалъэм и мыхьэнэм зэрезэгърэ, икIи универсалу ялъытэ псалъэхэр зы лъэпкъыгъуэ зэрызыхиубыдэрэ зыхиубыдэхэми я щыIэгъуэм зэрытеухуам ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа дэтхэнэ зы псалъэр ″универсал″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуащэщ. Макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр мыпхуэдэу универсалу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, илъытэр и щыIэгъуэкIэрэ зылъытэ мыпхуэдэ псалъэхэр икIи философие лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ; икIи, щыIэр и щыIэгъуэкIэрэ зэрылъытэми ипкъ иткIэ, мыпхуэдэ псалъэхэм ялъытэр я онтологиекIэрэщ зэралъытэр.

Мыпхуэдэщ макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа адыгэбзэ псалъэхэри, ахэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэу зыхуэIуам теухуарэ хуэIуауэ зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ, зи гугъу тщIа бзэщIэныгъэрэ бзэ философие еплъыкIэкIэ ″партикулар″рэ ″сингулар″у лъытапхъэми, къиIуатэр щыIэгъуэ логиекIэ утыку къизылъхьэ дэтхэнэ зы псалъэр аргуэру а еплъыкIэм зэрезэгъкIэрэ ″универсал″ыгъэ зиIэу зэрылъытапхъэрэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, макъыбзэ лэжьэкIэкIэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэр бзэм хроникэ зэрыхэхъуарэ къигъэлъагъуэм емылъытауэ а зэрыщыту универсалыгъэ зиIэрщ. Аращи, зы псалъэм илъытэр и щыIэгъуэкIэрэщ зэрилъытэри, илъытэр зы лъэпкъыгъуэу щытми, зы лъэпкъыгъуэм щыщ зы гупу щытми, е щхьэж зы гуэр закъуэу щытми, Iуэхур зэхъуэкIкъым: илъытэр и щыIэгъуэкIэрэщ зэрилъытэр макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа зы псалъэми, ар игъуэджэрэ гъуэзэджэу универсалыгъэ зиIэрщ.

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм и псалъэхэр мы зи гугъу тщIа щIыкIэкIэрэ зэрыухуам ипкъ иткIэ, нэхъыбэм деж, зы псалъэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьарэ зытеухуа Iуэхугъуэм елъытауэ нэхъ универсалыгъэ зиIэрэ философие лъабжьэ зиIэрщ. Аращи, зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэрэ философиекIэрэ категоризацэ зэрищIым езэгъыу зэрыщымытыр гулъытапхъэщ адыгэбзэм и псалъэхэр. ИкIи нэхъыбэм деж, а категоризацэ зэрыщIа щIыкIэм и пхэнджращ адыгэбзэ псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэм хэплъагъуэри, абыхэм зэралъытэм зэрезэгъкIэрэ ″партикулар″рэ ″сингулар″у лъытапхъэ адыгэбзэ псалъэхэр -нэхъыбэм деж- ″универсал″у ялъытэ псалъэхэм елъытауэ щыIэгъуэкIэ нэхъ мыхьэнэ куу зиIэхэрщ.

*

НытIэ, адыгэбзэм и псалъэхэм щыщу зы гупрэ лъэпкъыгъуэ хиубыдэу ухуа псалъэхэм елъытауэ а гупрэ лъэпкъыгъуэм хиубыдэ гуэрхэр щхьэжу

зэрылъытэ псалъэхэр нэхъ универсалыгъэ зиlэу зэрыухуаращ мы ипэкlэ жытlари, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Мы жытlахэр гурыlуэгъуэ зыщl зы щапхъэщ -псалъэм папщlэ- ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэри, абы хиубыдэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэкlэ ухуауэ щытмэ, ахэр ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауэ нэхъ универсалыгъэ зиlэ псалъэхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Икlи, къэкlыгъэм къыпыкlэ лlэужьыгъуэу зы лъэпкъыгъуэ зэрылъыта ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэр къэмыхъу ипэlуэкlэщ пхъэщхьэмыщхьэ лlэужьыгъуэ нэхъыбэр зэрылъытэу псалъэкlэрэ къызэрыlуэтари, макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа а псалъэхэр зытеухуар и щыlэгъуэкlэрэ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэу утыку къихьа псалъэхэрщ. Ауэ икlи, ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэр абы хиубыдэхэр зэрылъыта псалъэхэми иужькlэ къытехъукlыжа зы псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, зы псалъэу ″пхъэщхьэмыщхьэ″р макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэу къызтехъкlахэм елъытауэ нэхъ кууагъ зимыlэну зы псалъэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. ″Пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэр жыгхэм къыпыкlэ шхыныгъуэхэр зэрылъытэу иужькlэ ухуа зы псалъэрщи, ахэр пхъэщхьэрэ мыщхьэм къыпыкlэхэр зэрылъытэ псалъэхэм я мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкlэрэ къатехъукlыу ухуа зы псалъэщ. Аращи, ухуагъэххэ псалъэхэр зэрызэгухьэкlэрэ зэпкъырыува зы псалъэу ухуащ пхъэщхьэмыщхьэ псалъэри, къызтехъукlа псалъэхэм я мыхьэнэм елъытарэ егъэщхьауэ зэрыухуам ипкъ иткlэ, къызтехъукlа псалъэхэм я мыхьэнэм езы ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауэ нэхъ кууагъ зэриlэнур гурыlуэгъуэщ. Пхъэщхьэмыщхьэ лlэужьыгъуэхэу ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlхэр къызэрыlуатэ псалъэхэм и нэхъыбэр адыгэбзэм макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэригъэщlари, къаlуатэр къызэраlуатэ щlыкlэр лъабжьэжь зиlэу щыlэгъуэ логиекlэрэщ. Ар щыхъукlи, дэтхэнэ зы ″пхъэщхьэмыщхьэ″ лlэужьыгъуэр къызэрыlуатэ псалъэхэр (п.п.: мы, мей; кхъужь, кхъужьей) мыхьэнэ кууагъэкlи, илъытэр зэрилъытэ щlыкlэр щыlэгъуэ логием зэрытеухуам папщlи, ахэр зыхэзыубыдэ ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауэ нэхъ ″универсал″щ, икlи зи гугъу тщlы псалъэхэр къыщыхъуа лъэхъэнэри ахэр зыхэзыубыдэ ″пхъэщхьэмыщхьэ″ псалъэм елъытауи куэдкlэ нэхъ жьыжьэ лъэхъэнэхэращ.

Мы дызтепсэлъыхьа псалъэр (пхъэщхьэмыщхьэ) утыку къихьагъэххэ псалъэхэм я мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкlэрэ зэрыухуар гулъытапхъэщ. Ауэ, макъ мыхьэнэкlэрэ ухуагъэххэ псалъэхэр зытеухуа lуэхугъуэхэр зыщlэзыубыдэу иужькlэ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэж псалъэхэм елъытауэ абы зыщlиубыдэу зи гугъу тщlы псалъэхэр макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зиlэ псалъэхэу зэрыщытынури гурыlэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри мымащlэу хыболъагъуэр адыгэбзэм. Аращи, бзэр зэрыухуэ щlыкlэм зэрелъытакlэрэ ипэкlэ ухуа псалъэхэм макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зэраlэнур гурыlуэгъуэнщи, ахэр зыщlэзыубыдэ псалъэхэу иужькlэ ухуахэр

а псалъэхэм елъытауэ макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ чэнджрэ лантlэхэрщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ псалъэм папщlи, ″lэдэ, уадэ, гъубжэ″ хуэдэ псалъэхэр макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зиlэ псалъэхэрщ ахэр зытеухуахэр зыхэзыубыдэу иужькlэ макъ мыхьэнэкlэрэи зэрыухуар гулъытапхъэ къытхуэхъу ″lэмэпсымэ″ псалъэм елъытауэ. ″lэмэпсымэ″ псалъэм макъ мыхьэнэкlэрэ узэреджэну щlыкlэр ″lэм къыlэрыхьапхъэу (lэ-мэ) зыгуэрым нэсыпхъэрэ (пс) хуэlуауэ лъытэр (мэ)″ауэ лъытапхъэщ. Ауэ икlи, Адыгэ lуэрыlуатэрэ мифологиехэм къызэрыхэщу ипэкlи и гугъу зэрытщlауэщи, ягъэзэщlэну lуэхугъуэм и моделыр макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрагупщысрэ къызэрагушыпскlэрэ ухуа ″гъубжэ, lэдэ″ псалъэхэм я къэхъукlэр ахэри зыхэзыубыдэу иужькlэ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа ″lэмэпсымэ″ псалъэм елъытауэ макъ мыхьэнэкlэрэ нэхъ кууагъ зиlэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Мы щапхъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, зи гугъу тщlа бзэщlэныгъэрэ бзэ философием категоризацэ зэрищlам и пхъэнджущ мы адыгэбзэ псалъэхэр зэрылъытапхъэри, щхьэж зы гуэрыр зэрылъытэ псалъэр а гуэрыр зыхэзыубыдэ гупрэ лъэпкъыгъуэр зэрылъытэ псалъэм елъытауэ нэхъ философие лlэужьыгъуэрщ, икlи къэхъукlэкlи нэхъыжьщ.

Мы псалъэм дигу къызэригъэкlщи, адыгэбзэ цlыхуцlэхэр (нэхъ ″сингулар, уникэ″у лъытапхъэхэр) утыку къызэрихьарэ зэрыухуа щlыкlэкlэ унэгъуэцlэхэм (нэхъ ″универсалу″ лъыпхъэхэм) елъытауэ нэхъ философие кууагъ зиlэхэрщ, икlи унэгъуэцlэхэм елъытауэ нэхъыжьхэщ. Игъуэ щыхъум деж я гугъу щытщынщ адыгэбзэ цlыхуцlэхэми, адыгэбзэр зэрымакъыбзэм зэрезэгъкlэрэ цlыхуцlэ къежьапlэу ухуа псалъэхэр быныр и щыlэгъуэкlэрэ хъурэ бзыуэ зэрыщытыр макъыхъурэ макъыбзкlэрэ зэрылъытэущ.

Мы къэта щапхъэхэм зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэмрэ бзэ философием псалъэхэр зэрилъытэмрэ адыгэбзэм и псалъэхэр зэрызэтемыхуэр гурыlуэгъуэ къащlыр. Адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэу утыку къихьэ псалъэхэр макъхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къызэрыхъуам ипкъ зэриткlэщ зэрыухуэри, зы псалъэм илъытэр и щыlэгъуэкlэрэщ зэрилъытэр. Дэтхэнэ гуэрыр ауэ зэрыплъагъуэрэ къызэрыпщыхъу щlыкlэм къыщымынэу, и щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ щылъытэм деж, ар зэрыплъытэ щlыкlэр а гуэрыр зыхэт гупым елъытауэ щыlэгъуэ мыхьэнэ кууэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ лъытэныр а гуэрыр зыхэтрэ зыхэзыубыдэр зэрыплъытэм елъытауэ щыlэгъуэ кууагъ зиlэрщ. Дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэр ″зы″уэщи, генератикэ зэпыщlэныгъэу зэхэлъыныгъэ зэриlэм ипкъ иткlэ, ″зы″р зыхэтрэ зыхэзыубыдэр зы куэдагъэу зэрыплъытэм елъытауэ щыlэгъуэ мыхьэнэ кууагъ зиlэрщ. Аргуэру жытlэмэ, адыгэбзэм илъытэр и щыlэгъуэкlэрэ зэрилъытэм папщlэ, мыпхуэдэу лъытапхъэу къыпэщыт дэтхэнэ зы гуэрыр зэрылъытэ псалъэр ар зыхэзыубыдэр зэрылъытэ

псалъэм елъытауэ щыIэгъуэкIэ нэхъ кууагъ зиIэу нэхъ философиерэ онтологие лIэужьыгъуэрщ.

Нэгъуэщ1ыу жып1эмэ, нэхъ генератикэ зэпыщ1эныгъэ зиIэу зэхэлъыр зэрылъытэ ″зы″м езыр щхьэжу ар зыхэзыубыдэ гупым елъытауэ зэгущыгъэрэ зэпэщыгъэ зиIэрэ нэхъ псоугъуэу щыIэгъуэ зиIэрщи, ″зы″р зыхэзыубыдэрэ зыхэт гупым елъытауэ нэхъ лъабжьэрэ онтикэрщ. Зыри зыхэзыубыдэ инагърэ гупыгъуэр макро физикэу зыхиубыдэхэм щхьэщык1ыныгъэ зиIэу лъытапхъэми, абы хиубыдэхэр а гупыр къэзыгъэщ1рэ лъабжьэ хуэхъухэрщи, а гупыр зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэ дэтхэнэ зыр а гупым и микро физикэу а гупым и щыIэгъуэри гурыIуэгъуэ зыщ1ырщ. Аращи, макро физикэм елъытауэ нэхъ лъабжьэрэ кууагъ зиIэрщ микро физикэри, нобэрей бзэщ1эныгъэрэ бзэ философием зи гугъу тщ1а и категоризацэр макро физикэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ; ауэ адыгэбзэм и псалъэхэр зэрыухуар микро физикэм зэрезэгъри ар дыдэу гурыIуэгъуэщ.

Мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэращ1щи, нобэрей бзэщ1эныгъэрэ бзэ философиер бзэм щытепсэлъыхьымрэ абыхэм псалъэхэр зи гугъу тщ1а щ1ык1эк1э категоризацэ зэращ1 щ1ык1эр езы псалъэракъым зытеухуар; ныт1э, абы къигъэлъагъуэращ. А бзэщ1эныгъэм макъыр мыхьэнэншэу зэрилъытэрэ бзэ лэжьэк1эр псэлъэпкъым деж къызэрыщ1игъуадзэрэ псалъэр зэрыухуа макъыр нэмыплъ зэрищ1ым зэрезэгъщи, абы псалъэм и щыIэгъуэм теухуауэ жиIэн иIэкъым. Ар щыхъук1и, псалъэм къигъэлъагъуэращ псалъэм и мыхьэнэуэ илъытэри, и гугъу зэрытщ1ауэ псалъэр ″зыхэзыубыдэ″рэ ″хиубыдэ″ лъэныкъуэк1эрэщ зэрилъытэрэ категоризацэ зэрищ1ыр. Ауэ, адыгэбзэм макъыбзэу ухуа и псалъэхэр зыгуэрыр и щыIэгъуэк1эрэ зылъытэрщи, ар зы гуэрыр лъабжьэк1эрэ лъытэныгъэу, нэхъ лъабжьэрэ зэгущыгъуэу щхьэжрэ зыуэ лъытапхъэр щыIэгъуэ лъытэныгъэм нэхъ зэрыпэгъунэгъунур гурыIуэгъуэнщ.

Аращи, ипэк1и къызэрыхэщауэ, зи гугъу тщ1ы бзэщ1эныгъэрэ бзэ философием псалъэр зэрилъытэ щ1ык1эр макро физикэ еплъык1эрщ, ауэ адыгэбзэм и псалъэхэр щыIэгъуэ зэрылъытэрщи, микрорэ куантум физикэм езэгъыу жыIэпхъэщ. Мыращ зи гугъу тщ1а бзэщ1эныгъэрэ бзэ философием псалъэхэр зэрилъытэ щ1ык1эмрэ адыгэбзэм и псалъэхэр зэрылъытапхъэ щ1ык1эр зэрызэтемыхуэрэ зэрызэхуэпхэнджым и лъабжьэр.

Мы псалъэхэм аргуэру къыпытщэжмэ, ик1и зи гугъу тщ1ы бзэщ1эныгъэрэ философием псалъэм езыр зэрыухуэрэ езым и щыIэгъуэракъым зи гугъу ищ1ри, псалъэр зытеухуарэ абы къигъэлъагъуэм теухуауэщ псалъэхэр категоризацэ зэрищ1ыр. Псалъэхэр макъык1эрэ зэрыухуарэ макъхэри къызэрыхъуа щ1ык1эк1э зэрылъытэрщ макъыбзэри, абы и щ1эныгъэрэ и философиеращ псалъэм езыр мы и щыIэгъуэк1эрэ зылъытэфынур. Ауэ, макъ мыхьэнэшэ бзэхэм и псалъэхэр зэрылъытапхъэу, я бзэщ1эныгъэрэ бзэ философием псалъэр зы материал

пэлъытэу зытеухуарэ абы къигъэлъагъуэм теухуауэщ и бгъэдэхьэкlэнури, абыхэм нэгъуэщl хэкlыпlэ зэрамыlэнури гурыlуэгъуэнщ.

Ныtlэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщlарэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, мы бгъэдэхьэкlитlыр куэдым деж зэрызэтемыхуэнур, икlи ай tlум зэхуэпхэндж лъытэкlэ зэраlэнури гулъытапхъэщ. Аращи, зы макъыбзэращ псалъэхэр езым и щыlэгъуэкlэрэ зылъытэфынури, зы макъыбзэм псалъэм и бгъэдэхьэкlэнур ар бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щlыкlэу зытеухуарэ абы къигъэлъагъуэм къытемынэрэ къыхуэмынэу, а зытеухуарэ къигъэлъагъуэу ялъытэри и щыlэгъуэкlэрэ зылъытэ псалъэм езыр и щыlэгъуэрэ и универсалыгъэкlэрэ зылъытэфынур макъыбзэращ.

## ″А приорие (априорие), а постериорие (апостериорие)″ терминхэмрэ адыгэбзэ псалъэхэр

Бзэщlэныгъэрэ бзэ философие терминхэу мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм нэмыщl, мы зи гугъу тщlа терминхэм зэпыщlэныгъэ зыхуиlэу лъытапхъэрэ икlи нэхъ философие терминхэу щыт гуэрхэми я гугъу тщlынщ. Мы зи гугъу тщlыну терминхэр ″а приорие/априорие″рэ ″а постериорие/апостериорие″хэращ. Пэсэрей алыджыбзэу щыт мы псалъэхэр пэсэрей Алыдж философхэми зэрахьэу щытащ, икlи иужькlэ сколастикэ философхэм нэхъ зэрахьэ хъуащ; ауэ, мы терминхэр философиеу нобэм щызэрызекlуэр нэхъ тегъэщlапlэ зыхуэхъур а терминхэр Кант-и зэрызырихьарауэ жыlэпхъэщ.

″Априорие″ псалъэм и мыхьэнэр ″ипэрей, япэрей, пасэрей, ипэ къихуэ″ хуэдэу жыlэпхъэщ; ″апостериорие″ псалъэми и мыхьэнэр ″иужьрей, нэужь, къыкlэлъыкlуэ″у жыlэпхъэщ. Ауэ, мы псалъэхэр зи ипэрэ зи нэужьу зытеухуар зэрелъытар ″експедицэ″рщи, мы философие терминхэр експедицэ ипэрэ иужьыр зэрылъытэрщ. Нэхъ зэlухауэ жытlэм, експедицэ зытемыщlыхьыфрэ (априорие) експедицэм къыхэхъукlыр (апостериорие) зэрылъытэрщ. Ныtlэ, илъабжьэкlэ мы терминхэр зэрызырахьэм нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъуу, мы терминхэмрэ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlхэр зэрызэлъытапхъэм деплъынщ.

Философие еплъыкlэкlэ ″априорие″у ялъытэр къызэрыхъуар мынахуэрэ мыгурыlуэгъуэу, ауэ къызэрыгъуэгурыкlуэ щlыкlэу лъабжьэрэ пэжу ялъытэрщ; къызэрыхъуа щlыкlэр мынахуэрэ иджыри къыумыгъэхъужыфурэ къэбгъэхъунуми лъабжьэ хуэхъур, експедициалу щымытрэ експедицэм ипэ къихуэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″априорие″ жыхуаlэр иджым къыщамыгъэщlыжыфу експедициалу щымытыр, иджым къыщымыхъужрэ експедицэ щымыхъуу блэкla зы зэманыгъуэм щыджауэ зыщыджарэ зэрыджари мынахуэу иджым къытхунэсауэ иджым щыджынуми лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэрщ.

Мыбы и пхэндж терминущ ″апостериорие″р зэралъытэри, ари експедицэ зытепщlыхьыфрэ експедицэм къытехъукl, експедицэм

къыкlэлъыкlуэрэ експедицэ нэужьыр, експедициалу щытыр зэралъытэ терминщ. Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″априорие″р ″апостериорие″м ипэ къихуэрэ лъабжьэ хуэхъурщ. ″Апостериорие″р иджым щыджрэ зэрыджри гурыlуэгъуэ къытхуэхъурщ, ауэ ″априорие″р иджым щымыджрэ зэрыджарэ щыджари мынаlуэу, иджым къынэсу иджым щыджынум лъабжьэ хуэхъурщ.

Щыджарэ зэрыджар нахуэ къытхуэмыхъуу иджым къытхунэсарэ иджыми щымыджыжу щытрэ икlи иджым щыджынуми лъабжьэ хуэхъуращ ″априорие″ри, ар иджым щыджынури зэлъытарэ къызтехъукl лъабжьэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, ″априорие″р ″апостериорие″ри зэлъытарэ абы лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэрщ. Зыгуэрым лъабжьэ хуэхъурэ а гуэрыр къызтехъукlыу лъабжьэкlэ зыхэзыубыдэр, икlи а гуэрым щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэр а гуэрым елъытауэ универсалыгъэ зиlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэм къызэрыхэщрэ икlи философиеуи зэралъытэрщи, ″универсал″у ялъытэхэр ″априорие″уи лъытапхъэхэрщ; ″априорие″хэри ″универсал″ыгъэ зиlэхэрщ. Ар щыхъукlи, ″партикулар, сингулар″у лъытапхъэхэри ″апостериорие″ лlэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщl, експедициалу щытыр утыку къызэрихьэр нахуэу щытращи, ар езым хуэlуарэ щхьэжу лъытапхъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мыпхуэдэр зэрылъытэ ″апостериорие″р икlи ″сингулар″рэ ″партикулар″ терминхэмкlэрэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ зэращlщщи, ″априорие″у лъытапхъэхэр ″универсал″ыгъэ зиlэхэу зэрыщыткlэрэ, мыпхуэдэ псоугъэм (универсалыгъэм) хиубыдэ lыхьэрэ зыгуэр закъуэр зэрылъытэ ″партикулар″рэ ″сингулар″ лlэужьыгъуэхэри ″априорие″р лъабжьэ зыхуэхъурэ експедициалу щыт ″апостериорие″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ″универсал″рэ ″априорие″р, ″сингулар, партикулар″рэ ″апостериорие″р зэрызэлъытапхъэри гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъуам ипкъ иткlэ, мыри жыlэпхъэщ: ″априорие″р зыгурыгъэlуэн папщlэ гупщысэрэ философие узхуэныкъуэрщи, експедициалрэ наlуэу утыку ит ″апостериорие″ лlэужьыгъуэри философие узхуэмыныкъуэрщ.

Ауэ мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщи, мы жытlа псалъэхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэмрэ и псалъэхэм зэремызэгъыщэнури гулъытапхъэщ. Сыт щхьэ жыпlэмэ, ″априорие, апостериорие″ терминхэр зэрылъытапхъэу ипэкlэ ″универсал″рэ ″партикулар, сингулар″ терминхэмрэ адыгэбзэ псалъэхэр щызэрызэтлъыта щlыкlэхэмм мыр гурыlуэгъуэ къытхуащlыр. Араща, иджыри ″априорие″рэ ″апостериорие″ терминхэмрэ адыгэбзэ псалъэхэр зэдымыгъэпщами, мы терминхэри адыгэбзэ псалъэхэм теухуауэ зэрымыигъуэ дыдэнур гулъытапхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, псалъэхэр къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэ закъуэущ зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм зэрилъытэри, псалъэхэр

къигъэлъагъуэм теухуауэ зэрылъытэ ″универсал; партикулар, сингулар″ терминхэр икӏи зи гугъу тщӏа ″априорие, апостериорие″ философие терминхэмкӏэрэ зэрылъытэжыпхъэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Ауэ икӏи, зи гугъу тщӏы бзэщӏэныгъэм псэлъэбзэр псэлъэпкъым деж къызэрыщӏигъадзэр гурыӏуэгъуэщи, абы псэлъэпкъыр къызэрыхъуа макъхэр нэмыплъ зэрищӏым ипкъ иткӏэ, къызэрыхъуа щӏыкӏэр нахуэ къыхуэмыхъу псэлъэпкъхэр зи гугъу тщӏа философие еплъыкӏэкӏэ ″априорие″у зэрилъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икӏи зэралъытэри, аналитикэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэ къытхуэхъу псэлъэбзэр икӏи зы априорие лӏэужьыгъуэущ зэралъытэр. Икӏи, псэлъэбзэр ″априорие″у лъытэныр ″априорие″рэ ″апостериорие″ терминхэм зэрезэгъри гулъытапхъэщи, бзэ ужьыгъуэр къызэрыхъурэ дэтхэнэ зы щӏыпӏэм щыухуэну зы псалъэм (апостериорие) лъабжьэ хуэхъур (априорие) а бзэр къызэрыгъуэгурыкӏуэу къыздынэса а джыгъуэм лъабжьэ зэрыхуэхъукӏэрэщ.

Мыпхуэдэу бзэ ужьыгъуэм лъабжьэ хуэхъуу къагъуэгурыкӏуэрэ зы блэкӏа гуэрым щыджарэ а зэрыджа щӏыкӏэри наӏуэ зэрымыхъум зэрезэгъкӏэрэ ″априорие″ лӏэужьыгъуэу ялъыта псэлъэбзэр икӏи зы логие лӏэужьыгъуэу зэрыщыткӏэрэ аналитикэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщи, псэлъэбзэр ″априорие аналитикэ системэ″ущ зэралъытэр.

Зэ щхьэ игъуэрэ пэжу лъытапхъэми, мы псалъэхэр макъыбзэм дежкӏэ зэрымыигъуащэр гулъытапхъэщ. Аращи, макъыр утыку къызэрихьэ щӏыкӏэм къыщӏидзэу зэрыджарэ утыку къихьа псалъэхэри макъ мыхьэнэрэ къалэнкӏэрэ гурыӏуэгъуэ къызэрытхуэхъу щӏыкӏэу ухуа макъыбзэр мыпхуэдэу лъытэныр зэрыримыкъурэ зэрымыигъуащэр гулъытапхъэщ. Щыӏэгъуэ ужьыгъуэкӏэрэ утыку къихьа макъхэмкӏэрэ зы блэкӏа жыжьагъэм щыджарэ иджым къынэса адыгэбзэр зэрымакъыбзэм ипкъ зэриткӏэ, зэрыухуарэ зэрылажьэ щӏыкӏэмрэ и псалъэхэм я макъ мыхьэнэрэ къалэнкӏэрэ ялъытэр я щыӏэгъуэкӏэрэ зэралъытэр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӏи, адыгэбзэм и лэжьэкӏэрэ и псалъэхэр зэрыухуар наӏуэ къызэрытхуэхъум зэрезэгъкӏэрэ, ахэр зи гугъу тщӏы бзэщӏэныгъэм псэлъэпкъыр зэрилъытэм хуэдэу ″априорие″у лъытэныр игъуащэ хъукъым. Ауэ икӏи, ″априорие″р философие лӏэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми ипкъ иткӏэ, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэу ухуэ псалъэхэм ялъытэр зэрыухуа макъхэмкӏэрэ я щыӏэгъуэкӏэрэ зэралъытэм зэрезэгъыу ″априорие″уи зэрылъытапхъэфынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, и блэкӏари икӏэ нэгъунэ анализ зэрыхъуфрэ ар зэрыджа щӏыкӏэр наӏуэрэ икӏи иджыри а зэрыджа щӏыкӏэкӏэ джыфу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ макъыбзэ лэжьэкӏэмрэ и псалъэхэри, ахэр мы щӏыкӏэкӏэрэ ″апостериорие″уи зэрылъытэфынури гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, ″априорие″рэ ″апостериорие″ терминхэр зэхуэдэу хуэигъуэрэ имыгъуэу лъытапхъэщ адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкӏэу ухуэ псалъэхэри, мы терминхэр адыгэбзэм зэрыхумыигъуэр гурыӏуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″априорие″у ялъытэр онтологиеу зэманыгъуэ жыжьагъэм къыщыхъуарэ нобэ къызэрыхъуар нalуэ къахуэмыхъужращ. Ар а щыджам зэрыджа щlыклэр нalуэ къытхуэмыхъужу, а лъандэрэ блэкla зэманыгъуэм къикlуа зэхъуэкlыныгъэклэрэ щlэуфа хъуа джыгъуэращ ″априорие″у ялъытэри, ар а зэрыджа щlыклэклэ нобэрэ иджым зэрамыджыжыфым папщlэ, експедициалу щымыту ялъытэращ. Ауэ, а гуэрыр а зэрыджа щlыклэклэ иджыри джырэ яджыфу икlи клэлъыплъыфхэу щытатэмэ, ар зэрыигъуэклэ зэрылъытэнур ″апостериорие″рти, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэ псалъэхэр икlи мыпхуэдэщ. Ауэ икlи ипэклэ къызэрыхэдгъэщауэщи, макъыбзэ лэжьэклэ зиlэу ухуа псалъэхэр икlи ″апостериорие″ терминмклэ лъытэнри икlэ нэгъунэ игъуэ зэрымыхъунури гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ ящlыр клэщlыу жытlэжмэ, мы ″априорие, апостериорие″ терминхэри ипэклэ зи гугъу тщla ″универсал; партикулар, сингулар″ терминхэм хуэдэжу, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэмрэ мыпхуэдэ щlыклэклэ ухуа псалъэхэм езэгъыну терминхэркъым. Мы терминхэр къызтехъукларэ зытеухуар жытlагъэххэщи, ахэр аналитикэу щыт псэлъэбзэу зи псалъэхэр икlэ нэгъунэ анализ мыхъуф бзэхэм езэгърэ хуэигъуэу жыlэпхъэми, ахэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэм икlэ нэгъунэ хуэигъуэ терминхэу лъытапхъэкъым.

Ипэкlи зэрыжытlауэщи, ″априорие″рэ ″апостериори″ термэнхэр - зэрылъытапхъэщи- Кант деж къыщlидзэ терминхэу, нобэм къэсыху утыку ит философие терминхэрщ. Философие антикэу ялъытэ Алыдж философие нэужьыр зэралъытэ философие класикэм къигъэщla терминхэрщ мы зи гугъу тщlахэри, а философиери нэхъыбэу спекулацэ философиеущ зэралъытэр. Мы философие лlэужьыгъуэ терминхэу ипэклэ зи гугъу тщlахэр адыгэбзэм зэремызэгъыщэр гулъытапхъэщ. Ауэ, нобэ ипэ ищыу щlэзыдза философие лlэужьыгъуэр аналитикэ философиерауэщ зэралъытэри, ар икlи бзэщlэныгъэм къигъэщla еплъыклэ зиlэу, псэлъэбзэм нэхъ езэгъ философие лlэужьыгъуэрщ. Аналитикэ философиер бзэщlэныгъэ еплъыклэм езэгъ щхьэ, абы и еплъыклэ куэдри адыгэбзэм зэремызэгъынури гурыlуэгъуэнщ; сыт щхьэ жыпlэмэ, зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм макъыбзэ лэжьэклэ зэримылъытэм ипкъ иткlэ, абы езэгърэ ар зи лъабжьэу ухуа философием и еплъыклэрэ и терминхэми адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэр зэрыигъуэклэрэ къызэримыгъэунэхуфынурэ зэрыхимыубыдэнури гурыlуэгъуэнщ.

Щlэныгъэм хуэдэжу философиеми зеужьри, ар спекулацэрэ аналитикэу щырет, нобэрей философиери нобэм къызэрыса еплъыклэхэм зэрыщхьэщыкlыр гулъытапхъэщ. Икlи зэрыгурыlуэгъуэу, дэтхэнэ зы философием зы физикэ еплъыклэ зэриlэм ипкъ иткlэ, класикэ философиер зэзэгъ макро физикэм ипlэр нобэ физикэ щlэныгъэу куантум физикэм зэриубыдым къызэрыгуэкlкlэ, философиеми зихъуэжу лъытапхъэщ. Нытlэ, макро физикэм езэгъыныгъэ зиlэу зи гугъу тщla класикэ

философие еплъыкlэрэ и терминхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэм зэремызэгъыщэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащи, тlэ нобэ физикэ дициплинэу утыкур зыlыгъыну щlэзыдза куантум физикэ еплъыкlэми адыгэбзэ лъэныкъуэкlэрэ щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Аращи, макро физикэм елъытауэ нэхъ физикэ лъабжьэрэ кууагъэр зи lуэхугъуэу щыlэрэ щыlэгъуэр утыку къызэрихьэрэ зэрызекlуэм теухуа куантум физикэм и еплъыкlэр макъхэр утыку къызэрихьэм къыщlидзэу ухуарэ псэлъэбзэ къежьапlэу лъытапхъэ макъыбзэм нэхъ зэрезэгъыпхъэрэ нэхъ пэгъунэгъуу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ныtlэ, илъабжьэкlэ куантум физикэмрэ адыгэбзэр зэрызэлъытапхъэм теухуауэ жыlэпхъэхэр къыпытщэнщ.

## КУАНТУМ (КВАНТОВАЯ) ФИЗИКЭМРЭ, АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭМРЭ ПСАЛЪЭХЭР

Философие терминхэм я гугъу пщlын хуей щыхъурэ философием ущыхэхьэм деж, фlэкlыпlэ имыlэу физикэ щlэныгъэми зыкъызэригъэлъагъуэнур гурыlуэгъуэнщ. Арагъэнщ философие пщlын папщlэ физикэ пщlэн хуейуэ щlалъытэри. Икlи, дэтхэнэ зы философие лlэужьыгъуэм зы физикэ еплъыкlэ дэщlыгъущи, ипэкlэ зи гугъу тщla философие терминхэр зытеухуа философие лlэужьыгъуэр зезэгъри утыку ит макъро физикэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Макро физикэ жыхуэтlэр дунейм реалу къыщекlуэкlыу тлъагъурэ къытlэрыхьэфу лъытапхъэхэм теухуа физикэу, дызтепсэухь щlылъэм теухуарэ хуэlуа физикэ щlэныгъэр зэрылъытапхъэращ. Дызтепсэухь дунейм щхьэщыкlыу космосым ущыхэхьэм деж, мы физикэ щlэныгъэр зэрыримыкъунур гурыlуэгъуэщи, ари астрономиерэ астрофизикэ щlэныгъэ дициплинэхэм я lуэхущ. Дызтепсэухь дунейм ущхьэщыкlыу космосыр гурыlуэгъуэ къыпхуэзхъун папщlэ, макро физикэр зэрыримыкъур гурыlуэгъуэщ, ауэ мыбы нэмыщl, къэхъуныгъэрэ космикэу дэтхэнэ щыlэгъуэр зэрыухуа лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlуу ялъытэ атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм щыгъуазэ ухуэхъун иужь ущихьэм дежми, аргуэру макроуэ тлъыта мы физикэ щlэныгъэр зэрыримыкъунур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ lуэхугъуэхэр микрорэ наноуэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, абыхэм теухуа физикэри микро физикэу лъытапхъэщ. Микрорэ нано пщалъэхэр зи lуэхугъуэ микро физикэри зэралъытэр куантум (квантовая) физикэ щlэныгъэращ.

Мы жытlахэм къызэрыхэщщи, ди дунейм хуэlуауэ лъытапхъэ класикэ физикэм (макро физикэ) космосыр зэрызекlуэри, атом куэцlрэ лъабжьэм къыщекlуэкlри икlэ нэгъунэ къигъэунэхуфкъым. Ауэ, къэхъуныгъэрэ щыlэгъуэ пкъыгъуэ а нэхъ цlыкlухэм теухуа куантум физикэмкlэ космосыр зэрызекlуэри, дызтепсэухь дунейм теухуауэ жыlэпхъэ макро физикэм къалэн зыхуищla lуэхугъуэхэри икlэ нэгъунэ къэзыгъэунэхуф физикэ щlэныгъэ дициплинэу лъытапхъэщ. Аращи, класикэрэ макро физикэр зэ

щхьэ тхурикъу физикэ щlэныгъэу лъытапхъэми, куантум физикэр макро физикэм и lуэхугъуэхэри и лъабжьэклэрэ иклэ нэгъунэ къигъэунэхуфу лъытапхъэщ. Ауэ мыбы и пхэнджыр зэрымыпэжыр гурыlуэгъуэщи, макро физикэм куантум физикэр зытелэжьыхь lуэхугъуэхэр къигъэунэхуфу лъытапхъэкъым. Мыбы папщlэщи, физикэ щlэныгъэу нобэ клуэ пэтрэ утыку итыгъуэ зыгъуэтыр куантум физикэрауэ лъытапхъэщ.

Псалъэхэр зэрылъытэм теухуауэ ипэклэ зи гугъу тщla терминхэр класикэ философие терминхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Класикэ философиери класикэ физикэм (макро физикэ) езэгъ философиеу зэрыщытри жытlагъэххэщ; иклu, нобэр къыздынэсым дэтхэнэ зы щlэныгъэ дициpинэр зэрыухуари класикэ физикэрэ философием я еплъыклэм езэгъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Пэжщ нобэ утыку ит бзэщlэныгъэ лъабжьэр щыухуамрэ куантум физикэм и къуэпсхэр утыку къихьэу щыщlидзар зэхуэдэ зэманыгъуэхэм зэрыхуэзэр, ауэ бзэщlэныгъэр ноби зытет лъагъуэр макро физикэу тлъыта класикомодерн физикэрэ философием езэгъыу жыlэпхъэщ. Лъабжьэ зэригъуэта а зэманыгъуэм елъытауэ куантум физикэм нобэ флыуэ зызэриужьарэ зы физикэ дициплинэ зэпэщу зыкъигъэлъагъуэу зэрыщlидзар жыlэпхъэщ; иклu, абы езэгъ еплъыклэхэр щlэныгъэхэм хэхьэу зэрыщlидзарэ и философиеми зыкъигъэлъагъуэу зэрыхуежьари гурыlуэгъуэщ. Мы псалъэхэм пыщапхъэщи, куантум физикэр лъабжьэ физикэу зэрыщытрэ щыlэр джыурэ утыку къызэрихьэр зи lуэхугъуэу зэрыщытым папщlэщи, макрорэ класикэ физикэм елъытауэ куантум физикэр философиеми нэхъ хуэпэгъунэгъурэ езэгъ физикэу лъытапхъэщ.

Макрорэ класикомодерн физиэкэмрэ нобэ утыку ит бзэщlэныгъэр зэзэгъыныгъэ зыхуиlэрэ зэтехуэу жыlэпхъэщ. Тлъагъурэ къытlэрыхьэ пкъыгъуэ зыгъуэтахэр класикэ физикэм и lуэхуу зэрыщытым хуэдэу, псалъэхэр зэрыухуагъэххэущ нобэрей бзэщlэныгъэми и lуэхур къыздыщежьэр. Макро физикэр щыlэхэр зэрыджрэ утыку къызэрихьэм зэрыхэмыхьэм хуэдэжу, а нэхъ лъабжьэу псэлъэпкъыр зылъытэ нобэрей бзэщlэныгъэми псэлъэбзэ къежьаплэу щыт макъыбзэмрэ псалъэхэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ ещlыр. Аращ иклии, псэлъэбзэ къежьаплэрэ лъабжьэу щыт макъыбзэр нобэрей бзэщlэныгъэ бгъэдэхьэклэрэ и терминхэм иклэ нэгъунэ наlуэ къызэрамыщlыфынур зэрыгурыlуэгъуэщи, мы псалъэм ипэклэ зи гугъу тщla терминхэм теухуауэ жытlахэм пэжыгъэ зэриlэри гулъытапхъэщ.

Ипэклэ псалъэ гуэрхэм къагъэлъагуэ концепциехэр ″универсал″рэ псалъэ гуэрхэм къагъэлъагъуэхэри ″сингулар″рэ ″партикулар″у зэралъытэм и гугъу тщlагъэххэщи, универсалыгъэ зиlэхэр щыlэгъуэм зэрытеухуарэ иклu философие термин зэрыхъуфынухэри гурыlуэгъуэщ. ″Универсал″у ялъытэхэр флэклыплэ зэримыlэклэрэ философиеу щыlэхэм теухуа лъабжьэ мыхьэнэ зиlэхэрщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэклэрэ къэхъуа макъ мыхьэнэклэрэ ухуа псалъэхэри универсалыгъэ зиlэ псалъэхэу

зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Ипэкlи и гугъу зэрытщlауэ, макъыбзэ лэжьэкlэу къэхъу псалъэхэр универсалыгъэ зиlэ псалъэхэу зэрыщытым и лъабжьэри мыращ.

Щыlэгъуэрэ щыlэу утыку къихьэр къызэрыхъурэ зэрызекlуэ лъабжьэм теухуауэ нобэ кlуэ пэтрэ ипэ ищ физикэ щlэныгъэу щыт куантум физикэм хуэдэжщи, макъыбзэр псэлъэбзэр зэрыухуа лъабжьэу зэрыщытымрэ, утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа макъхэмкlэрэ псэлъэбзэр зэрызекIуэрэ псалъэхэри къызэрыхъур къэзыгъэунэху лъабжьэ еплъыкlэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, макъыбзэмрэ нобэрей бзэщlэныгъэм я зэхущытыкlэр макро физикэмрэ куантум физикэм я зэхущытыкlэм ебгъэщхь хъунущ: макро физикэр зыдынэмысыр къэзыгъэунэхурщ куантум физикэри, псэлъэбзэм лъабжьэ хуэхъу макъыбзэр нобэрей бзэщlэныгъэр зыдынэмыс лъабжьэ зиlэрэ ар къызэрыпщытапхъэрэ къэзыгъэунэхупхъэрщ. Икlи, куантум физикэм утыку къырилъхьэхэр макро физикэкlэ зэрыумылъытэфым, ауэ куантум физикэкlэ макро физикэми узэрыхэхьэфым хуэдэжщи, макъыбзэ лэжьэкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, псэлъэпкъыбзэхэр зэрыухуарэ ар зи лъабжьэрэ къежьапlэ нобэрей бзэщlэныгъэми ухэхьэфынщ, ауэ макъыбзэм и лэжьэкlэмрэ къигъэунэхухэр псэлъэпкъыбзэ еплъыкlэрэ абы къытехъукlа нобэрей бзэщlэныгъэм нахуэрэ гурыIуэгъуэ къыпхуищlыфынкъым.

Зи гугъу тщlы еплъыкlэрэ дициплинэхэр зэрызэщхьэщыкlым ипкъ иткlэ, я концепциерэ терминхэри зэрызэмызэгъынур гурыIуэгъуэнщ. Нобэм къэсыху, физикэрэ дэтхэнэ зы щlэныгъэм и терминхэр макрокласикэрэ къыпэкlуэ модернизмэ лlэужьыгъуэу зэрыухуар гурыIуэгъуэщи, куантум физикэми езым и еплъыкlэрэ бгъэдэхьэкlэм кlуэ пэтрэ езым хуэфащэ математикэрэ терминхэр къызэригъэщlым хуэдэжу, макъыбзэми езым хуэфащэ терминхэр къызэригъэщlыжыпхъэр гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращlщи, бзэм и псалъэхэр зэрыухуа макъхэр лъытэныр ахэр зымылъытэ нобэрей бзэщlэныгъэр зытеухуа псэлъэпкъыбзэ лэжьэкlэхэми я лъабжьэм щlэlэбэнращи, мыпхуэдэр зыхузэфlэкlынурэ зыхуэIуа хъуну псэлъэбзэр макъыбзэрауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Аращи, нобэрей бзэщlэныгъэр псэлъэпкъыбзэ бзэхэм теухуарэ икlи класикэ физикэм езэгъмэ, макъыбзэм теухуа бзэщlэныгъэри класикэ физикэр зыхунэмыс лъабжьэр зи Iуэхуж куантум физикэм езэгъ бзэщlэныгъэу жыIэпхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, куантум физикэм и Iуэхур щыIэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыIэр зэрыухуарэ зэрызэхэлъ физикэр къэгъэунэхунращи, зы щыIэгъуэ лlэужьыгъуэу щыт псэлъэбзэр къызэрежьарэ зэрыухуа лъабжьэу щыт макъыбзэм теухуа бзэщlэныгъэри куантум физикэм зэрезэгъынур гурыIуэгъуэщ.

*

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ япэрей лэжьыгъэхэмрэ мы лэжьыгъэм хиубыдэу ипэкlэ къэтIуэтахэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж,

адыгэбзэм и лэжьэкlэр псэлъэпкъыбзэхэр зи лъабжьэрэ зи lуэхугъуэу ухуауэ щыт нобэрей бзэщlэныгъэм зэремызэгъыщэр гурыlуэгъуэнщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ зыщlыу псэлъэпкъыбзэм деж къыщlэзыдзэ зы бзэщlэныгъэрщ нобэрей бзэщlэныгъэри, абы псэлъэбзэ къежьапlэу щыт макъыбзэм теухуауэ жыlэпхъэшхуэ зэримыlэнур гурыlуэгъуэнщ. Щыlэу утыку итхэу ди щlылъэм щызекlуэхэм теухуащ макро физикэм и еплъыкlэри, ахэр щыlэ зэрыхъурэ я щыlэгъуэкlэрэ зымылъытэрщ макро физикэр. Макро физикэм хуэдэжу лъытапхъэщ нобэрей бзэщlэныгъэри, абы и lуэхури ухуагъэххэ псэлъэпкъым деж къыщlэзыдзэ бзэ лэжьэкlэрщ. Ауэ, псэлъэбзэр макъхэмкlэрэ зэрыухуар гурыlуэгъуэщи, макъхэр систематикэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ ухуэзыщl макъыбзэр псэлъэбзэр езыр зэрыухуамрэ абы лъабжьэ хуэхъуахэм гулъытэ ухуэзыщlырщ. Аращи, псэлъэпкъыр лъабжьэу зылъытэ нобэрей бзэщlэныгъэр макро физикэм езэгъыу зэрылъытапхъэм хуэдэжу, макъыбзэри макроуэ утыку итхэм лъабжьэ хуэхъурэ ахэр къызэрыхъур зи lуэхугъуэ куантум физикэм зэрезэгъынур гурыlуэгъуэнщ.

Макъыбзэр псэлъэбзэ къежьапlэрэ пэщlэдзэрщи, ар псэлъэбзэр зэрыухуарэ псалъэхэр утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэ къыпхуэзыщl зы бзэрщ. Псэлъэбзэр зэрыухуа щlыкlэрэ зэрылажьэм лъабжьэ хуэхъуа макъхэм ухуэзышэ зы бзэрщ макъыбзэри, абы теухуа бзэщlэныгъэр куантум физикэм езэгъыу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэхэм къызэрыхэщу, щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ псэущхьэм къызхигъэlукl макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ космикэ мыхьэнэрэ къалэн зиlэхэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа макъхэмкlэрэ ухуэу щlэзыдзэ псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, макъыбзэр макро физикэ еплъыкlэм елъытауэ куантум физикэм езэгърэ икlи макро физикэмрэ куантум физикэм я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэми гулъытэ ухуэзыщlырщ. Щыlэгъуэ ужьыныгъэкlэрэ утыку къихьа макъхэр я къэхъукlэкlэ щыlэгъуэм теухуа логиерэ мыхьэнэ зиlэхэрщи, мы къызэрыхъуа мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зыхэлэжьыхь макъыбзэр псэлъэбзэр зэрыухуам и лъабжьэри гурыlуэгъуэ къыпхуэзыщlырщ. Макъхэр утыку къызэрихьауэ зи гугъу тщlы мы я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ занщlэу зэрызекlуэ щlыкlэкlэрэщ псэлъэбзэ пэщlэдзэу щыт макъыбзэр зэрыухуэри, зы макъыбзэм и япэрей псалъэхэри макъ псалъэхэрщ. Аращи, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм ипкъ иткlэ я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ къыхэзыгъэlукlым зэрихьэу зэрыщlидзэкlэрэщ псэлъэбзэри зэрыухуэри, мыпхуэдэу ухуэ псэлъэбзэм и лъабжьэр иджыри бзэ лlэужьыгъуэу щымыт макъхэмкlэрэщ. Мы лэжьэкlэм псэлъэбзэр къегъэщlри, япэрей псалъэхэри ″макъ псалъэ″хэрщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ ухуэу щlэзыдзэр зы псэлъэбзэрщи, абы макъхэр аргуэру я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ хэлэжьыхьу псэлъэщlэхэр утыку къызэрихьэкlэрэ псэлъэбзэри зэрыухуэрэ зэрыужьыр гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, псэлъэбзэр макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ занщlэу зэрызекlуэу ″макъ мыхьэнэ″кlэрэщ зэрыухуэри, мыпхуэдэу макъ мыхьэнэкlэрэ макъыбзэу ухуэ псэлъэбзэм къигъэщl мыхьэнэхэри ″бзэ мыхьэнэ″уэ утыку къохьэр. Макъхэмкlэрэ ухуэ псэлъэбзэм къигъэщl бзэ мыхьэнэхэр хроникэ зэрыхъукlэрэщ зы щыlэгъуэ зыгъуэта псэлъэбзэ жыхуэтlэр зэрызекlуэ ″псалъэ″ жыхуэтlэхэр утыку къызэрихьэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ухуагъэххэ псэлъэбзэр зэрызекlуэр ″псалъэ″ жыхуэтlэхэмкlэрэщи, псалъэхэм я лъабжьэр ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтlэхэращ; абыи и лъабжьэр ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ жыхуэтlэхэращ. Аращи, макро физикэм езэгъыу лъытапхъэу зы щыlэгъуэ зиlэ псэлъэбзэмрэ абы и псалъэхэр макъхэмкlэрэ зэрыухуэрэ утыку къызэрихьэм щыгъуазэ ухуэзыщl зы бзэ лlэужьыгъуэрщ макъыбзэри, ар макро физикэм лъабжьэ хуэхъу куантум физикэм еплъытэ хъуну зы псэлъэбзэ лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ. ″Макъыбзэ″ жыхуэтlэр псэлъэбзэмрэ ар зэрызекlуэ псалъэхэу макроуэ утыку итым и пэщlэдзэрэ лъабжьэр къэзыгъэунэхуу зэрыщытым папщlэ, макро физикэ нэхърэ куантум физикэм зэрезэгъынур гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщlы ″псалъэ″рэ ″псэлъэпкъ″ыр лъабжьэу зылъытэ нобэрей бзэщlэныгъэр макро физикэмрэ абы езэгъ философие еплъыкlэхэм зэрезэгъым хуэдэжу, псалъэхэмрэ псэлъэбзэр зэрыухуэ лъабжьэу псэлъэбзэ щlыбыу щыт лъабжьэм гулъытэ ухуэзыщl макъыбзэри куантум физикэмрэ абы езэгъ философие еплъыкlэм –философие щыпкъэм- езэгъыу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, псэлъэпкъыр лъабжьэу зылъытэрэ ар утыку къызэрихьар икlи зэрыухуа макъхэр зимыlуэху нобэрей бзэщlэныгъэм елъытауэ зэманыгъуэ жыжьэм ухуегъаклуэр макъыбзэ жыхуэтlэм. Макъыбзэр псэлъэбзэ къежьапlэрэ лъабжьэращи, икlи псэлъэбзэ мыухуэ ипэми гулъытэ хуэщlыныгъэм ухешэр. Псэлъэпкъыр зи лъабжьэ нобэрей бзэщlэныгъэр зы псэлъэбзэр макроуэ утыку зэритрэ зэрылажьэр гурыlуэгъуэ къыпхуэзыщlырщ, ауэ макъыбзэм теухуа бзэщlэныгъэр дэтхэнэ зы псэлъэбзэмрэ икlи псэлъэпкъыбзэри зэрыухуар гурыlуэгъуэ къыпхуэзыщlыну зы бзэщlэныгъэрщ. Псэлъэпкъыбзэр псэлъэбзэм и щапхъэрэ щыпкъагъэу щыплъытэм деж, макъыбзэр мыр зыхэзыкъутэрщ. Мы жытlахэм зэрезэгъщ нобэрей бзэщlэныгъэмрэ макъыбзэщlэныгъэм я зэхущытыкlэр. Икlи, мы жытlахэр макро физиэкэмрэ куатум физикэм я зэхущытыкlэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ.

Макро физикэр зытеухуа формэхэр дэ щыlэгъуэ зиlэхэм хуэдэ формэ зиlэхэрщи, мыпхуэдэ формэм клуэдыгъуэ къыхуэзыгъаклуэ еплъыклэщ куантум физикэр. Мы жытlахэм зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщ псэлъэпкъыбзэмрэ макъыбзэм я зэхущытыклэри, макъыбзэ еплъыклэр псэлъэпкъыбзэ еплъыклэр зэрызекlуэ формэрэ терминхэр зыхуримыкъурэ зэхэзыкъутэрщ. Аращи, куантум физикэм езэгъыу зи гугъу тщla адыгэбзэ макъыбзэ еплъыклэм икlи макро физикэмрэ куантум физикэр

зэрызэхущытри къызэрыщыпхъэри гурыIуэгъуэнщ: макро физикэ формэхэр утыку итрэ зэрыщIа щIыкIэу щIы лIэужьыгъуэхэу лъытапхъэмэ, макроуэ утыку ит гуэрымрэ (щI) абы и купщIэр (пщI) зэрызэхуэмыдэр, икIи а гуэрым (щI) и кIуэцIрэ куцIыр (цI) а гуэрыр и формэкIэ зэрымылъытапхъэрэ абы и формэр (щI) щыкIуэдрауэ (цI) зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Макро физикэр хъуарэ утыку итыххэ макро формэхэм теухуащи, мыпхуэдэ еплъыкIэр псэлъэбзэм теухуауэ псэлъэпкъыбзэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ; ауэ, а утыку итрэ а зэрыхъун хъуауэ лъытапхъэм и лъабжьэмрэ (хъ) ар зэрыухуэрэ къызэрыхъур (″хъ-у″ → хъун) зи lуэхугъуэращ куантум физиэкэри, псэлъэбзэм теухуауэ мыри псалъэрэ псэлъэпкъыр (мыр зи lуэхугъуэ псэлъэпкъыбзэр) утыку къызэрихьэ лъабжьэри къэзыгъэунэху макъыбзэ еплъыкIэм зэрезэгъынур гулъытапхъэщ.

Мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщщи, макро физикэ дунеймрэ куантум физикэ дунейм и логиер зэхуэдэкъым. Макро физикэм теухуа гуэрыр куантум физикэ логиекIэ щызэпкъырыпхым деж, макро физикэ формэр мэкIуэдыр. Ауэ икIи зэрыгурыIуэгъуэу, макро формэу утыку къихьэр къызэрыхъурэ щыIэ зэрыхъури куантум дунейм къыщекIуэкI lуэхугъуэкIэрэщи, ар къызэрекIуэкI логиемрэ макро дуней логиейр зэхуэдэкъым. Куантум дунейр макро дунейм аткIэрэ и лъабжьэрщ. Макро физикэмрэ куантум физикэм мы я зэрызэхущытыкIэр псэлъэпкъыбзэхэмрэ макъыбзэм я зэхущытыкIэм зэрыхуэдэри гулъытапхъэщ; псалъэр лъабжьэу зылъытэ псэлъэпкъыбзэмрэ макъыбзэр зэрызэщхьэщыкIри макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкIым хуэдэрэ ебгъэщхь зэрыхъунур гулъытапхъэщ. Араща, куантум логиекIэ макро логием узэрикIым хуэдэу лъытапхъэщи, макъыбзэ логиеми ″псалъэ″ жыхуэпIэр зэрызэпкъырыпхкIэрэ ар зэрыухуа макъхэм ухуигъакIуэу, макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэми унехьэсыфыр; ар щыхъукIи, псалъэмрэ псэлъэбзэм аткIэ унэсу, ар зэрыухуарэ щыухуа щыгъуэу абы щыIэгъуэ лъабжьэ щигъуэтар къыбгурегъуаIуэр.

Нобэм нэгъунэ утыку ита физикэ щIэныгъэр макрорэ класикомодернрауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, абы и лъабжьэм щIэIэбэжу утыку къихьа куантум физикэр къызэрыIуатэ псалъэрэ терминхэри макро физикэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэнщ. Араща, зэхуэмыдэ физикэ дициплинэхэр макро физкэмрэ куантум физикэри, нобэ зыкъэзыгъэлъагъуэрэ итыгъуэ зыгъуэту щIэзыдза куантум физикэр макро физикэ терминхэмкIэ къэIуэтэныр зэрыимыгъуащэри гурыIуэгъуэнщ. Куантум физикэр математикэбзэкIэ утыку къыралъхьэрэ къагъэлъагъуэу щытми, ипэкIэ къэтIуэтахэмкIи гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъуу, куантум физикэр нобэ игъуэрэ зыхуэфащэу къызэрыIуэтэфыну псалъэрэ терминхэри зыхуэныкъуэрщ. Нобэм къызэрынэсакIэрэ макро физикэ терминхэр зыхуримыкъурщ куантум физикэри, а терминхэр къэзыгъэщIарэ икIи и лэжьэкIэрэ еплъыкIэри макро физикэм езэгъ

нобэрей бзэщlэныгъэр къызтехъукlа псэлъэпкъыбзэхэращ; абы и еплъыкlэрэ и лэжьэкlэм куантум физикэм хуэфащэ еплъыкlэрэ терминхэр къигъэщlыфынуи къызэрыщlэмыкlынури гурыlуэгъуэнщ. Кlэщlыу жыпlэмэ, куантум физикэр зытеухуа lуэхугъуэхэр зэрылъытапхъэ зы бзэ зыхуэныкъуэрщ; нобэм къынэса логием щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэ куантум логиер къызэрыlуэтэфыну зы бзэрэ игъуэ псалъэхэр зыхуэныкъуэрщ.

Ар къызэрыlуэтэну псалъэрэ терминхэр къэгъэщlыныр зы лъэныкъуэрэ нэгъуэщl lуэхугъуэщ; ауэ, ипэкlэ къэтlуэтахэм къызэрыхэдгъэщауэщи, псэлъэбзэ пэщlэдзэрэ лъабжьэу щыт зы макъыбзэр макро физикэм лъабжьэ хуэхъуу зи гугъу тщlы куантум физикэм зэрезэгъынур гурыlуэгъуэщ. Аращ икlии, зи мыхъуми, куантум физикэм и лэжьэкlэрэ и еплъыкlэр макъыбзэ лэжьэкlэрэ еплъыкlэмкlэ нэхъ гурыlуэгъуафlэ зэрыхъунур хуиту жыlэпхъэщ. Зи лъабжьэр щlэударэ зэрыухуа макъхэр зыхэгъуэщэжауэ икlи зымылъытэжу щытрэ макро физикэм езэгъ формэхэр зи lуэхугъуэу къеклуэкl псэлъэпкъыбзэмрэ, ар зи лъабжьэу ухуа нобэрей бзэщlэныгъэм куантум логием езэгъыну псалъэрэ терминхэр утыку къызэрыримылъхьэфынури жытlагъащи, мыпхуэдэ зы логиерэ физикэр игъуэу къызэрыlуэтапхъэри абы езэгъ логие зиlэу псэлъэбзэр зэрыухуа щlыкlэр къызхэщрэ зыхэлъыж зы бзэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ; - мыри зы макъыбзэу зэрлъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мыбдежым пыщапхъэщи, куантум физикэр къызэрыlуэтэну псалъэрэ терминхэр утыку къилъхьэн lуэхугъуэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэнщ мы лэжьыгъэр. Ауэ, куантум физикэмрэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макърэ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlхэр зэрызэлъытапхъэмрэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм нэхъри щыгъуазэ узэрыхуищlынур жыlэпхъэщ и лъабжьэкlэ къедгъэклуэкlыну лэжьыгъэм.

*

Зэрыгурыlуэгъуэщи, мыбдежым ди lуэхур куантум физикэр къэгъэунэхунрэ гурыlуэгъуэ щlынракъым, ауэ макъыбзэр псэлъэбзэм и къежьапlэрэ лъабжьэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ар физикэ лъабжьэу зыкъэзыгъэлъагъуэ куантум физикэм и бгъэдэхьэкlэм зэрезэгъым гулъытэ хуэщlынращ. Мыбы папщlи, япэрауэ макрорэ класикомодерн физикэмрэ куантум физикэр зытеухуарэ я бгъэдэхьэкlэри зэрызэщхьэщыкlым щыгъуазэ дыхуэхъуу, псэлъэбзэм теухуарэ псэлъэпкъыбзэхэр зи lуэхугъуэ нобэрей бзэщlэныгъэмрэ макъыбзэм и еплъыкlэр зэрызэщхьэщыкlми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкlыр я lуэхуу ялъытэхэм я ″инагъ″рауэ жыlэпхъэщ. Макро физикэр мы зэрылъытами зэрезэгъщи, тлъагъурэ къытlэрыхьэу ди дунейр зэрызеклуэкlрэ къызэреклуэм теухуащ; ди дунейм хуэlуа физикэрщ ари, мы дунейм щылъытэ пкъыгъуэхэмрэ ахэр зэрызэлъытам теухуащ. Мыхэр зэрызэпкъырылърэ зэрыухуэ лъабжьэрэ пкъыгъуэ цlыклухэри куантум

физикэм и lуэхугъуэщ. Нобэрей бзэщlэныгъэм и lуэхури псэлъэпкъым дежращ къыздыщlидзэри, ахэр префикс-суффикскlэрэ зэрылажьэу къэгъэлъэгъуэн къалэн зэрагъэзащlэкlэрэ, псалъэхэм къагъэлъагъуэ зэкlэлъхьэужьыкlэкlэрэ ухуэ псалъэухыгъэм зи гугъу ищlыу утыку къырилъхьэ мыхьэнэращ къалэн зыхуищlыжу и lуэхур. Макъыбзэр псалъэхэр зэрыухуа макъхэм дежщ къыздыщlидзэри, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм ипкъ иткlэ псэлъэбзэр зэрыухуэмрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэр зыхуэнахуэрэ зи lуэхужщ.

Класикэ физикэм и геомериер Евглид геометриеу щыт зэхуапlэ защlэу ухуа геометриерщ, ауэ куантум физикэм езэгъ геометриер мыпхуэдэ зэхуапlэ зиlэ геометриекъым. Евглид геометриер линиер геометриерщ, ауэ куантум геометриер линиер зекlуэкlэ зимыlэрэ зымылъытэрщ. Нобэ зыгуэрыр линиер геометрием теухуауэщ зэрылъытэрэ утыку къызэрыралъхьэри, мыбырэ нобэрей бзэщlэныгъэм псэлъэпкъхэр зэрылажьэ щlыкlэу зэрилъытэр зэхуэдэ логиеу лъытапхъэщ. Аращи, нобэрей бзэщlэныгъэм дежкlэ бзэм и лъабжьэр псэлъэпкъращи, ар префиксрэ суффикскlэрэ занщlэу псалъэу утыку къихьэрэ лэжьэкlэ зыгъуэтущ зэрилъытэр. Ауэ, макъыбзэм и макъхэр утыку къызэрихьа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэщ псалъэр зэрыухуэу зэрилъытэри, утыку къихьа зы псэлъэпкъым езыр занщlэу зы псалъэщ, ар лэжьэн папщlэ префикс-суффикс зыхуэмыныкъуэрщ; икlи псалъэхэм къыпыхьэжу псалъэр зыгъэлажьэ макъхэми (ахэр ″префикс-суффикс″у плъытэми) я мыхьэнэрэ къалэныр псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэрэ къалэным хуэдэжщ. Ауэ икlи пыщапхъэщи, макъхэм дыщытелэжьыхь ипэрей лэжьыгъэ lыхьэхэм деж, макъ мыхьэнэрэ лэжьэкlэ гуэрхэм теухуауэ зетхьа ″линие, линиер″ псалъэхэр Евклид геометрием теухуауэ зыгурыгъэlуэн зэрыхуэмейри гулъытапхъэщ, икlи игъуэ щыхъуам деж, Евклид геометриер макъыбзэ логием зэремызэгъри къыхэдгъэщагъащ. Аращи, а зетхьа ″захуэ, занщlэ; линие, линиер″ псалъэхэм концепциалу Евклид геометрием теухуа линиер щlыкlэ зэрамылъытэр гурыlуэгъуэщ, икlи щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ къызэрыхъум и формэр ″хъурей″уэ зылъытэ адыгэбзэ логиер Евклид геометрием и линиерыгъэм зэрытемыухуэнури гулъытапхъэщ.

Класикэрэ макро физикэм и геометриер линиеру Евклид геометриерщ, икlи зэманыр щхьэхуэу зылъытэ мы геометриер зэманыр геометрием сытым дежи зэрыхэлэжьыхьрэ геометриери зэрыджыр зымылъытэ еплъыкlэрщ. Куантум физикэкlэ зэманри геометрием и зы измерениеущ зэрылъытэри, абы зэманрэ щыlэгъуэр зэдэджыгъуэущ зэрилъытэр. ″Зэман″ымрэ ″хьэрычэт″ыр зэхуэдэу зылъытэ куантум физикэм ″зэман″ыр щхьэж зы щыlэгъуэ зиlэу зымылъытэрщи, ″зэман″рэ ″хьэрычэт″ыр зэхуэдэ lуэхугъуэу щылъытэм деж, ″зэманым″ хуэдэжу ″хьэрычэт″и куантум физикэкlэ щхьэжу зэрымылъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Куантум физикэм зэрилъытэкlэрэ ″зэман-еспас″ жыхуаlэр зэхэмыгъэкlыпхъэу зэдэщlыгъущи, мыбы къикlри зэманымрэ щыlэгъуэр зэрызэдэщlыгъуращ.

Мы жытlахэм уигу къызэригъэкlщи, щыlэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ логие лlэужьыгъуэщ псэлъэбзэри, нобэрей бзэщlэныгъэр къызтехъуакларэ нэгъуэщl бзэ куэдми ″зэман″рэ ″хьэрычэт″ыр псалъэкlэ къэlуатэу язэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ; ауэ бзэм щымыlэрэ къэмыхъур зэримылъытэнум зэрезэгъкlэрэ куантум физикэм езэгъыу жыlэпхъэщи, адыгэбзэм ″зэман″рэ ″хьэрычэт″ псалъэхэр зэрыхэмытыр гулъытапхъэщ. Араща, макъыбзэу щыт адыгэбзэм ″зэман″рэ ″хьэрычэт″ зэрылъыта псалъэ хэткъым, ауэ ахэр макъ гуэрхэм я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэ лэжьэкlэм гурыlуэгъуэ къащlыр. Икlи, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуа щlыкlэм езыр зэманрэ хьэрычэт къалэн зыгъэзащlэ макъхэмкlэрэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Адыгэбзэм и макъхэм щыщу утыку къызэрихьэми зэрезэгъкlэрэ макъ геометриер зэрыухуэм лъабжьэ хуэхъуу ″функциал зэман″рэ ″функциал хьэрычэт″ зэрылъытэ макъращи (э) , мыри куантум физикэм ″зэман″рэ ″хьэрычэт″ыр зэрилъытэм езэгъыу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм макъыгъуэр зэрызэпкъырыувэм лъабжьэ хуэхъуу функциал зэманрэ хьэрычэт зэрылъытэ мы макъым (э) нэмыщlыу, я мыхьэнэкlэрэ икlи зэманыгъуэ зэрылъытэу хэлэжьыхь макъхэри зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ.

Макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкl зы lуэхугъуэри зытеухуахэр зэрылъытэрэ къызэрыпщытэм теухуащ. Араща, макро физикэм теухуа lуэхугъуэхэр къэпщытэнрэ зэгъэпщэныр гугъукъым, ахэр зэрызэбгъэпщэн зы пщалъэхэр къэгъуэтыгъуейкъым. Ауэ куантум физикэм и lуэхур щыlэгъуэ зэрыухуэ лъабжьэ физикэращи, щыlэу утыку итыр и лъабжьэкlэрэ зэгъэпщэныгъэр гугъущ; щыlэм щыlэгъуэ зэригъуэт щlыкlэу щыlэ лъабжьэкlэрэ зэгъэпщэныгъэ пщалъэ зэрыгъуэтыгъуейр гурыlуэгъуэнщ. Щыlэр къызэрыхъу лъабжьэ физикэрщ куантум физикэм и lуэхури, щыlэ лъабжьэ физикэм езыр къызэрыхъур и lуэхуу зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы езыр къызэрыунэхур гурыlуэгъуэ зэрызыхуэпщlын нэмыщlыу щхьэхуэу зы пщалъэ щыlэкъым. Араща, зэбгъэпщэнур щыlэгъуэ къызтехъукl физикэм езыращи, абы и пщалъэри къэппщытэм езыращ. Икlи, щыlэгъуэ лъабжьэ физикэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, куантум физикэкlэ зэгъэпщэныгъэрэ експедицэм ар зыгъэзэщlэнури зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщи, lуэхур нэхъри хэкlыгъуей зэрыхъунур гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, зэгъэпщэн пщалъэ лъытэнкlэ гугъу емыхь макро физикэм и lуэхур зэгъэпщэныгъэрэ експедицэкlэ зэфlэкlыу лъытапхъэщи, абыи илъабжьэр зэрызыфlэмыlуэхум зэрезэгъкlэрэ позитивизмэ еплъыкlэм къыдэщlрэ ар зыпlырщ. Ауэ, куантум физикэр зи гугъу тщla щlыкlэу зэрыщытым папщlэ, онтологиерэ философие лlэужьыгъуэ пэлъытэу лъытапхъэщ икlии, ар позитивизмэ еплъыкlэкlэ зыхуримыкъуу, нэхъ гупщысэ куу зыхуэныкъуэрэ икlи къэзгъэхъурщ.

Макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэхущытыр мы къэтlуэтахэм хуэдэщи, псэлъэбзэм дыкъыхуэкlуэмэ, нобэрей бзэщlэныгъэм лъабжьэу илъытар псэлъэпкърауэ зэрыщытым зэрезэгъкlэ, абы псалъэхэр

зэрилъытэр макро физикэм и lуэхугъуэхэм хуэдэу лъытапхъэщи, псалъэхэр зэрыухуа щlыклэр зэримыlуэхуклэрэ зытеухуар зэрыщыту зэрылъытэущ зэрилъытэр. Макро физикэм ухуагъэххэу утыку итым и лъабжьэр нэмыплъ зэрищlыфым хуэдэжу, нобэрей бзэщlэныгъэми псалъэр зэрыухуа макъхэр нэмыплъ зэрищlыр гурыlуэгъуэщи, абы и lуэхур псалъэм илъытэр щилъытэм деж зэфlоклыр. Ауэ, псалъэр къызэрыхъуа лъабжьэу макъхэр зылъытэ макъыбзэр мыпхуэдэкъым. Абы и lуэхур псалъэр къызэрыхъуа лъабжьэу макъхэм дежщ къыздыщlидзэри, а макъхэри къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъклэрэщ зэрилъытэр. Мыпхуэдэу, макъхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэм къызэригъэщlаклэрэ щылъытэм дежи, макъыбзэ лэжьэклэр занщlэу щыlэгъуэм пыщlауэ онтологиерэ философие лlэужьыгъуэрщ, икlи ахэр зыпlрэ зыгъэлажьэрщ. Къызэрыхъуа щlыклэм езэгъыу щытщ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэри, ахэр икlэ нэгъунэ гурыlуэгъуэ зыхуэщlынри гугъущ; дэтхэнэ зы макъыр гурыlуэгъуэ зыхуэщlын папщlэ, макъыу хъуар лъытэнрэ зэрызэлъыта щlыклэи гулъытэ хуэщlын зэрыхуейр, икlи абыхэмклэрэ ухуа бзэр зэрыщыту лъытэн зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ.

Мы псалъэ нэужьу пыщапхъэщи, куантум физикэр щыlэгъуэ физикэм теухуарэ макро физикэми и лъабжьэжу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нобэрей бзэщlэныгъэм бзэр зэрилъытэ псэлъэпкъыбзэм елъытауэ макъыбзэри мыпхуэдэщ. Куантум физикэм макъро физикэм и лъабжьэм зэрытеухуам хуэдэжу, макъыбзэри псэлъэпкъыбзэм и лъабжьэм теухуарэ и лъабжьэжщ. Мыбы папщlэщи, физикэр макро физикэу къызгурыlуам куантум физикэр къыгурыlуэныр зэрыгугъум хуэдэжу, нобэрей бзэщlэныгъэм зэрилъыта щlыклэклэ бзэр зыгурыlуами абы и лъабжьэжу щыт макъыбзэр къыгурыlуэгъуафlэкъым. Псалъэм папщlэ, макъро физикэм из защlэу илъытэ зы пкъыгъуэм и клуэцlыр %99 нэщlыу зылъытэ куантум физикэм мы жиlэр макро физикэклэ зэрыгурыlуэгъуейм хуэдэжщи, псалъэр зытеухуарэ зыхуэlуауэ бзэм зэрызеклуэм елъытауэ нэхъ мыхьэнэ куу зиlэу зылъытэ макъыбзэ еплъыклэри псэлъэпкъыбзэ еплъыклэ зиlэм дежклэ гурыlуэгъуафlэкъым. Аращи, зы псалъэм илъытэр ар зэрыухуа макъ мыхьэнэклэрэ и щыlэгъуэклэрэ зэрилъытэр жызыlэ макъыбзэр псалъэр зыгуэрыр ауэ къызэрыклуэу къэзыгъэлъагъуэу мыхьэнэншэ макъклэрэ ухуауэ жызыlэ нобэрей бзэщlэныгъэм есахэмклэ гурыlуэгъуафlэ зэрымыхъунур гурыlуэгъуэщ.

Макро физикэм теухуа псалъэхэмклэрэщ икlи куантум физикэри къызэрытlуатэри, зытеухуарэ зыхуэlуа гуэркlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа псалъэхэм къагъэлъагъуэ а гуэрым и лъабжьэрэ кууагъэр гурыlуэгъуафlэ къызэрытхуамыщlыфынури гурыlуэгъуэнщ. Мыбы ещхьэщ нобэрей бзэщlэныгъэм псалъэр зэрилъытэмрэ макъыбзэм псалъэр зэрилъытэ щlыклэри зэрызэлъытар. Аращи, нобэрей бзэщlэныгъэм зэрилъытэ щlыклэу къэгъэлъэгъуэн къалэнклэрэ зыгуэрым хуэlуарэ теухуауэ макъ мыхьэнэншэклэ ухуа псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэклэрэ и кууагъэклэ

зыгурыгъэIуэжыныр гугъущ; икIи, зыгуэрым теухуарэ хуэIуауэ къыдгурыIуа псалъэхэмкIэ псалъэхэр зэрыухуа лъабжьэр къэIуэтэнрэ зыгурыгъэIуэри гугъу зэрыхъунури гурыIуэгъуэщ.

Ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэщи, макро физикэм теухуауэ пщалъэ зэрылъытэфым ипкъ иткlэ, експедицэ ящlымрэ зыщlыр, експедицэмрэ абы кlэлъыплъыр зыр зым щымыщрэ зэхэмыгъуащэу объективу мэлъытэфыр. Ауэ, щыIэгъуэ лъабжьэм теухуарэ щыIэгъуэ лъабжьэри щыIэхэм я зэхуэдэу я лъабжьэу зэрыщытыр зылъытэ куантум физикэкlэ експедицэмрэ ар зыщlыр, зыкlэлъыплъымрэ кlэлъыплъыр объективыгъэ зыхуамыIэфыну лъабжьэкlэ зэпыщlарэ зэхуэдэщ. Експедицэ зыщlыр ищl експедицэми щыщрэ пыщlауэ, икIи кlэлъыплъри зыкlэлъыплъым щыщрэ пыщlауэщ куантум физикэм зэрилъытэр. Аращи, сытми и лъабжьэр зэхуэдэу зэрыщытым ипкъ иткlэщ куантум физикэ щlэныгъэр къызэрекIуэкl щlыкlэри, макъхэри щыIэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, ахэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ зыхэлэжьыхь макъыбзэм дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэр мы макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэрэщи, зэхуэдэ макъкlэрэ ухуа псалъэхэр зэхуэдэ лъабжьэ зиIэу зэрылъытапхъэ гурыIуэгъуэщ; мыбы папщlэщи, зэхуэдэ макъкlэрэ ухуа зы псалъэмкlэ макро физикэу зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр зэрылъытэфынури гурыIуэгъуэнщ. Ар щхьэ, нобэрей бзэщlэныгъэм псалъэр зэрыухуа лъабжьэу щыт макъхэр зэримылъытэм папщlэщи, зы псалъэр макро зы lуэхугъуэр зэрылъытэрэ а зы lуэхугъуэр къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэрщ.

Куантум физикэкlэ сытри зэпхарэ зэпыщlауэщ зэрылъытэр щыIэгъуэ лъабжьэкIи, макъыбзэм къиIуатэхэр къызэриIуатэ щlыкlэри макъхэр утыку къызэрихьа щlыкlэу щыIэгъуэр зэрызекIуэ щlыкlэм елъытарэ теухуауэщ. Сытри лъабжьэкlэ зэпхарэ зэлъытауэ зырэ зэхуэдэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, щыIэгъуэ лъабжьэм къыщlидзэу ухуэр къызэрыгъэунэхуфынур гурыIуэгъуэнщи, мыр куантум физикэмрэ макъыбзэм я бгъэдэхьэкlэм езэгърэ яхузэфIэкIыну lуэхугъуэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэри методикэу индуктиву зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, куантум физикэмрэ макъыбзэр индуктив методикэу зэрылэжьэфынур гурыIуэгъуэнщ. Лъабжьэм къыщlидзэу зэрылажьэм къызэрыгуэкIкlэ, куантум физикэр макро физикэм и lуэхугъуэхэри къэзыгъэунэхуфыну физикэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, ухуарэ утыку къихьагъэххэу щыт щыIэгъуэм теухуа физикэр зи lуэху класикэ физикэм и дедуктив методикэкlэрэ куантум физикэм и лэжьыгъэхэм зэрыхунэмысыфынури гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщи, псэлъэпкъыбзэ лэжьэкlэм теухуа нобэрей бзэщlэныгъэм и дедуктив бгъэдэхьэкlэр - икIи абы и этимологие дициплинэри- макъыбзэ лэжьэкlэм зэрыхунэмысынури гулъытапхъэщ. Аращи, класикэ физикэр зытеухуа lуэхугъуэхэр куантум физикэм индуктиву къызэригъэунэхуфым хуэдэжщи, псэлъэпкъыбзэ лэжьэкlэри макъыбзэм индуктиву къигъэунэхуфынщ. Икlи, псэлъэпкъыбзэм псалъэ зэхэлъхьэнрэ зэгугъэхэн щlыкlэкlэ къигъэщlыф псэлъэщlэхэм нэмыщl, занщlэу макъкlэрэ

псэлъэщlэ къигъэхъуныр зэримыlуэхури гурыlуэгъуэщ; ауэ, макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр гурыlуэгъуэ хъуа нэужь, дэтхэнэ гуэрыр и щыlэгъуэрэ и щыlэкlэм зэрезэгъкlэрэ къызэрыlуэну псэлъэщlэхэр макъыбзэ лэжьэкlэу макъкlэрэ зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Мыбдежым пыщапхъэщи, макро физикэ еплъыкlэ зыгъуэтахэм дежкlэ, куантум физикэр зыгурыгъэlуэныр зэрыгугъур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэщ икlии, псэлъэбзэ къежьапlэр псэлъэпкъым дежу зылъытэ нобэрей бзэщlэныгъэ еплъыкlэ зыгъуэтахэм дежкlи, макъыбзэ лэжьэкlэмрэ абы хуэфащэ щlэныгъэм хуэкlуэнрэ апхуэдэ бзэщlэныгъэр зыгурыгъэlуэныр зэрыгугъури гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, мы ипэкlэ и гугъу зэрытщlа щlыкlэу, макро физикэмрэ куантум физикэр зэрызэщхьэщыкlым, икlи мыхэр зэрызэлъытэ щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ псэлъэпкъыбзэмрэ макъыбзэр зэрызэщхьэщыкlым – мащlэми- гулъытэ хуэтlщауэ жыlэпхъэщ. Куантум физикэмрэ макро физикэр зэрызэщхьэщыкlыр мы ипэкlэ къыщытlуэтахэм къызэрыщымынэри гурыlуэгъуэщ, икlи макро физикэр зэрыхъун хъууэ лъытапхъэми, куантум физикэр ноби ужьыгъуапlэм зэрытетри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, куантум физикэр макъыбзэ лэжьэкlэм зэрезэгъыу зэрытлъытам ипкъ иткlэ, куантум физикэм теухуа гуэрхэр адыгэбзэм зэрезэгърэ икlи къызэрыlуэтапхъэ щlыкlэхэми илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

"Куант" псалъэр латиныбзэкlэ "дапщэ/дапщэщ, хуэдиз/зыхуэдиз" хуэдэ мыхьэнэ зиlэ псалъэрщ. Ауэ, физикэу абы тыраухуа мыхьэнэри гурыlуэгъуэ зыхуэщlын хуейщи, "куантум физикэ"р зэрылъыта "куант" жыхуаlэр "зэман"рэ "еспас"ыр щызэпкъырыувэуэщ зэралъытэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, "зэман-еспас" зэхэлъыныгъэм къигъэлъагъуэ векторырщ "куант"ыр, е "зэман-еспас"иал векторщ "куант" жыхуаlэр.

"Куант"ыр гурыlуэгъуэмэ, "куантум" жыхуаlэри "куант"кlэрэ къекlуэкl системэращи, "куантум физикэ"р "куант"ыр зэрылъытэкlэрэ къекlуэкl мы системэм теухуа физикэ щlэныгъэращ.

Куантум физикэм и псалъэхэу "куант"ри, "зэман"рэ "хьэрычэт"ри, "еспас" псалъэри езым къигъэщlа псалъэхэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщи, ахэр бзэхэм хэт псалъэхэу куантум физикэ теорием зэрилъытэм езэгъ мыхьэнэ зэрытеухуакlэрэ зэрахьэу щlадза псалъэхэщ. Адыгэбзэми "зэман"рэ "еспас"ыр зэрылъытэ псалъэхэр зэрыхэмытыр ипэкlэ игъуэ щыхъум дежи щыжытlагъащ, ауэ икlи "хьэрычэт"ри зы псалъэу адыгэбзэм зэрыхэмытри гулъытапхъэщ. "Еспас" жыхуаlэр адыгэбзэм къызэриlуэтэфынурэ и псалъэ гуэрхэмкlэ зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ, ауэ куантум физикэм "куант" жыхуиlэри, икlи ар зэрилъытэм зэрезэгъкlэрэ "еспас"ри адыгэбзэ макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ зэрылъытапхъэр нэхъ игъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэм илъабжьэкlэ я гугъу щытщlынщ.

"Хьэрычэт"рэ "зэман"ыр щыIэгъуэ лъабжьэкIэрэ зэхуэдэ lуэхугъуэу зэрыщытращ куантум физикэм зэрилъытэри, щыIэгъуэ лъабжьэм теухуауэ ялъытэ "зэман, хьэрычэт" псалъэхэри зыхэмыт адыгэбзэм мыпхуэдэхэри бзэр зэрыухуа макъхэмрэ я зэлъытэныгъэм игъуэджэу къызэригъэунэхум ипэкIи я гугъу тщIауэ щытащ. Аращи, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ утыку къихьа макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ зэрызэлъыта щIыкIэхэр макъыгъуэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэм лъабжьэ хуэхъуагъэххэщи, "зэман"рэ "хьэрычэт" жыхуэтIэри, джыгъуэрэ щыIэгъуэ лъабжьэри къызэрыунэхур макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрытеухуапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэм ипкъ иткIэ, "зэман"рэ "хьэрычэт" псалъэхэр хэмытми, ахэр макъ гуэрхэм ягъэзащIэ къалэнкIэрэ адыгэбзэм хэлэжьыхьу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэм иужькIэ лэжьыгъэ къытпэщытхэм хиубыдэу игъуэр къыщысым деж дыщытепсэлъыхьынщ, ауэ мыбдежым зи гугъу тщIы куантум физикэм къиIуатэхэмрэ, ахэр адыгэбзэкIэ зэрылъытэрэ къызэрыIуэтапхъэм теухуауэ жыIэпхъэхэр къыпытщэнщ. НытIэ, япэрауэ ипэкIэ куантум физикэм и термину щыт "куант"ыр адыгэбзэкIэ зэрылъытапхъэрэ къызэрыIуэтапхъэм деплъынщ.

"Куант"ыр зэралъытам деплърэ икIи адыгэбзэ макъхэм теухуауэ ипэкIэ къэтIуэтахэр дигу къэдгъэкIыжмэ, функциал "зэман"рэ фукнциал "кIуэтэгъуэ"у тлъытарэ икIи функциал "хьэрычэт"ри зэрылъытапхъэр адыгэбзэкIэ "э" макърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщи, "э" макъымрэ абы къыкIэлъыкIуэрэ хуэпэзадэу утыку къихьа "и" макъым я зэрызэлъытэгъуэрэ я зэрызэлъытэпIэрауэ жыIэпхъэщ "куант" жыхуаIэр зытеухуар. Къызэрыхъуа щIыкIэр зи къалэнрэ мыхьэнэуэ щыт макъхэмкIэрэщ псэлъэбзэр зэрыухуари, мыри макъыбзэу зэрыщытыр зэрыжытIам зэрезэгъкIэрэ "куант" жыхуаIэр макъ къэхъуныгъэкIэ "э"мрэ абы къыкIэлъыкIуэ "и"р утыку къызэрихьа щIыкIэм гурыIуэгъуэ къищIрауэ жыIэпхъэщ. Адыгэбзэм и макъхэм теухуауэ "куант" жыхуаIэ физикэ лъабжьэр "э"мрэ "и"м ягъэзащIэ къалэнрэ мыхьэнэр щызэрызэлъытэпIэрауэ жыIэпхъэщи, ар икIи макъ геометрие ухуэныгъэм лъабжьэ хуэхъу "э"мрэ "и"м я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэращ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, "куант" жыхуаIэр адыгэбзэ макъыбзэр зэрыухуарэ зыкъызэриIуэтэжкIэрэ "э-и" макъхэр щызэрызэлъытэгъуэрауэ жыIэпхъэщи, абдежыр "зэман-еспас" вектору ялъытэ дыдэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкIи, абдежыр мы адыгэбзэ макъхэмкIэ тлъытэмэ, "э"кIэрэ "и"р щыдж, зэрыдж, джыгъуэрэ джыпIэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Мы иужьрей псалъэм ипкъ иткIэ, куантум физикэм "куант"ыр "зэман"рэ "епсас" зэхэлъыпIэрэ вектору илъытэр адыгэбзэм и макъыбзэм елъытауэ щхьэжу "и"м илъытэрауи жыIэпхъэщ. Абдежыр дэтхэнэ гуэрым и джыпIэрэ къэхъупIэрщи, "куант"у ялъытэри мыпхуэдэ зы lуэхугъуэщ. Абежыр "зэман"рэ "еспас"ыр зэрызэлъытэрэ зэрызэпыщIэ щIыпIэу, дэтхэнэ гуэрми и къэхъупIэрщи, "еспас" жыхуаIэ нэщIыгъуэм и дэтхэнэ зы джыпIэр зы къэхъупIэу, дэтхэнэ зы щыIэгъуэщIэри утыку

къыздыщихьэращ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, ″и″р щыIэгъуэр утыку къызэрихьэ дэтхэнэ зы щIыпIэр зэрылъытапхъэу ″куант пунктэ″ жыхуаIэри щхьэж зылъытэф макъ мыхьэнэуи лъытапхъэщ.

ИкIи, адыгэбзэм и ″и″ макъыр абзсис къалэнрэ мыхьэнэ зиIэ макъращи, джыныгъэрэ геометриеи утыку къызэрихьэ пэщIэдзэрэ щIыпIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Э″рэ ″и″р макъ геометриер зэрызэпкъырыувэ лъэбакъуэу зэрыщытыр, икIи мыпхуэдэ щIыкIэкIэ функциал кIуэтэгъуэкIэрэ функциалу къэхъу хьэрычэтыр функциал джыгъуэу къызэрекIуэкIыр гурыIуэгъуэщи, ″и″р щылъытэм деж, абы ″э″ри зэрыхиубыдэкIэрэ ″и″р ″э″ншэу зэрымыджри гурыIуэгъуэщ. ″Э″м къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа ″и″р ″э″м дэтхэнэ и зы лъэбакъум щыджырщи, ″и″м зыкъыщигъэлъагъуэм деж фIэкIыпIэ имыIэу абы ипэ къихуэрэ и лъабжьэу зы ″э″ щыщыIэщ. ″И″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ зэрызекIуэр мыпхуэдэщи, ″и″ макъым зыкъыщигъэлъагъуэм деж, абы ипэ къихуэ ″э″р къэмыIууи бзэм зэрыхэлэжьыхьыфым (къакIуэи – къакIуэй – къакIуи) и лъабжьэри мыращ.

Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ зэращIщи, адыгэбзэм дежкIэ ″и″ макъыр и мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ - икIи щхьэжу- ″куант″ жыхуаIэр зылъытэфыну макъыуи лъытапхъэщ: джыгъуэрэ джыпIэр, геометрие лъабжьэр, щыIэгъуэ къэхъупIэрэ къэхъуныгъэр, щыIэу утыку къихьэрэ къыздыщихьэр ″и″ макъ мыхьэнэкIэрэи мэлъытэфри, къызэрыхъуа щIыкIэкIэ функциал зэманрэ кIуэтэгъуэу щыт хьэрычэткIэрэ (э) джырэ къыкIэлъыкIуэу утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″и″р щхьэжу ″куант″ жыхуаIэр зэрылъытэфыну зы макъщ.

Араши, джыпIэу щыт ″и″р сытри къыздыщыхъуращ, джыпIэрэ къэхъупIэращ; сытри къыщыхъур ″и″пIэрэ ″и″гъуэращи, абдежыр щыIэгъуэ джыпIэрэ джыгъуэрщ; щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр утыку къыздыщихьэращ; икIи, ″и″р щыIэгъуэ геометриери къызтехъукIырщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, адыгэбзэм хэт ″игъуэ″ псалъэми гурыIуэгъуэ къищIыр ″и″р гъуэ зэрыхъурэ ″и″м гъуэ зэригъуэтращи, игъуэ хъурэ къэсыр къохъу, зохъуэкI, мэкIуэд; - игъуэ мыхъу зыри къэхъукъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэнщи, щыIэгъуэ лъабжьэр и макъ мыхьэнэхэмкIэрэ зылъытэу ухуа адыгэбзэм макъыбзэу ухуа и псалъэ мащIэ хэбгъуэтэну къыщIэкIынкъым ″куант″ псалъэм ипIэ иувэфыну. Ауэ, мы ипэкIэ и гугъу зэрытщIам зэрезэгърэ икIи игъуэ щыхъуагъэххэщи, ″куант″ жыхуаIэр адыгэбзэм хэт зы псалъэкIэ къэIуэтэн хуеймэ, ″и″р утыку къызэрихьэрэ гъуэ зэригъуэт мыхьэнэкIэрэ абы ″игъуэ″ хужыпIэфынщ. ″Куант″ыр ″игъуэ″ псалъэкIэ къыщыIуатэм дежи, ″куантум физикэ щIэныгъэ″ми ″игъуэм теухуа физикэ щIэныгъэ″, е ″игъуэ физикэ щIэныгъэ″ хужыпIэфынщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыухуарэ и макъхэри щыIэгъуэр лъабжьэкIэрэ зылъытэрщи, ″игъуэ″ псалъэм хэтрэ икIи ″гъуэ″ псалъэри къызтехъукIа ″гъу″ макъми мыбдежым и гугъу щIыпхъэщ. Дэтхэнэ гуэрыр

″гъуэ″ зэригъуэткlэрэщ щыlэу утыку къызэрихьэри, щыlэгъуэ зыгъуэтарэ физикэ мыхьэнэ зиlэу утыку къихьэр гурыlуэгъуэ зыщl ″гъуэ″ псалъэм и лъабжьэр ″гъу″ макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Сытри зы ″гъуэ″ игъуэтущ щыlэу утыку къызэрихьэри, ″гъуэ″ри куантал мыхьэнэ зиlэрщ, икlи абыи и лъабжьэж ″гъу″ макъри куантал мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэщ. Ауэ, ″игъуэ″ къэс сытри зы ″гъуэ″ зэриlэкlэрэщ утыку къызэрихьэнурэ икlи зы ″гъуэ″ращ утыку къыздыщихьэнури, щыlэ зыгъуэтынур утыку къыздыщихьэну мы ″гъуэ″р иджыри утыку къимыхьагъэххэу макъ мыхьэнэкlэрэ зэрылъытэращ ″гъуэ″р къызтехъукlа ″гъу″ макъым гурыlуэгъуэ къищlыр. Щыlэгъуэр зэманрэ хьэрычэт зыгъуэтыныгъэрщи, ″гъу″м зэманрэ хьэрычэт щигъуэтращ щыlэгъуэр щыджрэ утыку къыщихьэр. Ар щыхъукlи, ″гъу″р иджыри мыджарэ утыку къимыхьа ″гъуэ″м ипэ къихуэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэращи, ар иджыри мыджа ″гъуэ″м и планыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ. Зэманыгъуэрэ хьэрычэт (э) зэригъуэткlэрэ щыlэгъуэ зыгъуэтыну ″гъуэ″м ипэ къихуэ планрауэ лъытапхъэщ ари (гъу), ″гъу″ макъым гурыlуэгъуэ къищlыр физикэу ″гъуэ″м ипэ къихуэрэ иджыри мыфизикэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ар ″прото физикэ″ мыхьэнэ зиlэу ″метафизикэ″у зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм къиlуатэр и щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ къызэриlуатэм ипкъ иткlэ, мы зи гугъу тщla макъыхэм къыщымынэу, и макъ нэхъыбэм щыlэгъуэ лъабжьэмрэ щыlэр утыку къызэрихьэр зэрылъытэу къызэрыlуэтэфыр гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым зи гугъу тщla ″гъу″м ипэ къихуэ зы макъыу щытрэ ″гъу″р зи ужьыгъуэу щыт ″гъ″ макъым и мыхьэнэри сытри зэрызекlуэрэ зэры″гъэ″р зэрылъытэ макъщи, ари щыlэгъуэ лъабжьэрэ метафизикэ лlэужьыгъуэ зэрылъытэ макъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. ″Гъ″ макъми иужькlэ бзэгуку щlыпlэкlэ къытехъукlарэ, утыку къихьэ сытри зэрыджкlэрэ къызэрыхъур зэрылъытэр ″гь-дж″ макъри, зы джыгъуэ (гь) ужьыгъуэрэ (у) джыгъуэ lэнатlэрэ джыпlэр зэрылъытэ ″гу″ макъри куантал мыхьэнэ зиlэу куантум физикэм зи гугъу ищl щыlэгъуэ лъабжьэхэр зэрылъытэрэ щыlэгъуэр утыку къызэрихьэр къызэрыlуатэ макъхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм ипэкlэ зи гугъу тщla ″и″м дыхуэкlуэжмэ, ″и″ къэхъуныгъэм ипэ къихуэр ″э″ращи, ″и″р функциал зэманрэ хьэрычэтым пыщlарэ елъытакlэрэщ утыку къызэрихьэр. Джыгъуэрэ абзсисыгъэ ″и″р къэхъуныгъэкlэ ″э″м зэрыпыщlар гурыlуэгъуэщи, икlи хьэрычэтрэ зэман мыхъумэ, джыгъуэи зэрымыхъунур, щыlэгъуэи къызэрымыхъунур гурыlуэгъуэщ. Куантум физикэми зэрезэгъыу, ″хьэрычэт-зэман″ымрэ (э) джыгъуэмрэ (и) зэпкъырымыхыфыну зэрызэпыщlаращ ″э″мрэ ″и″м я къэхъуныгъэрэ бзэми зэрыхэлэжьыхькlэрэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъури, куантум физикэкlи зэрыигъуэу ″зэман″рэ ″епсас″ым дэтхэнэ зыр щхьэжу ялъытэкъым. Ауэ куантум физикэм къызэриlуатэм ипкъ зэриткlэ

″зэман″рэ ″еспас″ щыжыпlэм деж, ″и″р ″епсас″ псалъэм ипlэ иувэу гурыlуэгъуэ зыхуэщlын хуейкъыми, ″и″р щхьэжу ″куант″ жыхуаlэр зэрылъытэф макъыу зэрыщытращ жытlэр. Пэжщ ″и″р икlи ″еспас″уи лъытапхъэщ, ауэ ″куант″ псалъэм къикlыр гурыlуэгъуэ щlын папщlэ мыр узхуэмыныкъуэрщ; икlи ″еспас″ псалъэм къикlыр адыгэбзэм и макъхэм щыщу нэхъ зыхуэфащэ щыlэщи, игъуэр къыщысым мыпхуэдэхэми я гугъу тщlынщ.

Куантум физикэм зэрилъытэмкlэ, дэтхэнэ зы ″куант″ыпlэм – кlуэцlкlэрэ- къыщекlуэкl ″хьэрычэт″у зэхъуэкlыныгъэ къыщызэрыхъурщ ″зэман″ жыхуаlэри, а нэхъ зэманыгъуэ цlыкlурэ зы зэманыгъуэ пщалъэр (зы хьэрычэт периодыр) мы зэхъуэкlыныгъэ периодрауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Щыlэгъуэ лъэныкъуэкlэщ дэ езы щыlэхэм сытри зэрытлъытэфынури, щыlэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекlуэм теухуа ″хьэрычэт″ыр зэрылъытэ ″зэман″ыр ″куант″у щыт щыlэгъуэ лъабжьэм и щlыкlэрэ и плъыфэ лlэужьыгъуэ пэлъытэущ куантум физикхэм нэхъыбэу зэралъытэр. Мыбы зэрезэгъщи, физикэу ″щыlэ щымыlэмэ зэмани, хьэрычэти щыlэкъым″ жаlэр, ауэ метафизикэу ″зэманрэ хьэрычэт мыхъумэ, щыlэгъуэ къызэрымыхъунур″и жыlэпхъэщ.

″Куант″ыр хьэрычэтыншэу зэрымыхъунур гурыlуэгъуэнщи, куантум физикэкlэ ″куант″ым теухуа хьэрычэтымрэ зэманыр зэрызэхуэдэ е зэрызыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, зэманым и гугъу щыпщlкlэ хьэрычэт, хьэрычэтым и гугъу щыпщlкlи зэманращ зи гугъу пщlыри, зыр зэрылъытэр адреймкlэщ, икlи зыр къызэрыппщынур адреймкlэщ: хьэрычэтыр зэманкlэ, зэманыр хьэрычэткlэщ зэралъытэрэ къызэрапщыр.

″Куант″ым теухуауэ зи гугъу тщlа ″э, и″ макъхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри куантум физикэм зэрилъытэ щlыкlэу мы къэтlуэтахэм зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщи, ахэр къызэрыхъуарэ зэрызэкlэлъыкlуэм зэрезэгъкlэрэщ адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр: ″э″р зыщыплъагъу дэтхэнэ зы щlыпlэм функциал зэманрэ хьэрычэт щыlэщи, абдежыр икlи зы джыгъуэрщ (и); ″и″р зыщыплъагъу дэтхэнэ зы щlыпlэми зы джыгъуэ щыlэщи, икlи флэкlыпlэ имыlэу зэманрэ хьэрычэт къыздыщыхъурщ.

*

Куантум физикэм и термин лъабжьэу ″куант″ыр зэрилъытам теухуа адыгэбзэ макъ lуэрхэращ мыбдежым зи гугъу тщlари, куантум физикэм зэрытеухуакlэрэ адыгэбзэ макъ lуэр гуэрхэм ягъэзащlэ къалэнхэри дигу къэдгъэкlыжауэ аращ. Ауэ мыхэр къыумыlуэтами, адыгэбзэм и макъ lуэрхэр къызэрыхъу щlыкlэм теухуауэ мы лэжьыгъэм хиубыдэ ипэрей lыхьэхэми, япэрей лэжьыгъэхэми къыщытlуэтахэр куантум физикэм мы къиlуатэхэр зэрыхэлъыр гулъытапхъэщ. Аращи, щыlэгъуэ геометриер утыку къызэрихьэу щыlэр щыlэ зэрыхъу щlыкlэу щыт зы къэхъупlэм къыщlидзэу щыlэгъуэ геометриер зэрызэпкъырыувэр макъ lуэрхэм гурыlуэгъуэ зэрыщlыр гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм ипкъ иткlэ, макъ lуэр къэхъуплэ оригину щыт ″ы″р геометрие оригинрэ къэхъуплэ оригиныр зэрылъытэ макъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Абдежыр макъ lуэр лъабжьэу щытрэ къыклэлъыклуэ лъэбакъуэклэрэи макъ lуэрхэр къызтехъукlыну оригинырщи, икlи щыlэгъуэ геометрие оригинып lэу зэрылъытапхъэнур гурыlуэгъуэнщ. Абдежыр щыlэгъуэ жыхуэтlэу зэманыгъэклэрэ джыр зэрыджынум и къежьап lэу оригинып lэрщи, щыlэгъуэ геометриеми и оригинырщ. ″Ы″ макъыр зы макъ lуэру макъ lуэрхэр утыку къызэрихьэм и оригинып lэрщи, абы къыклэлъыклуэ лъэбакъуэклэрэщ макъ lуэр геометриери утыку къызэрихьари, щыlэгъуэр зэралъытэу зы ″бинг бенг″ жыхуаlэ къэуэшхуэклэрэ къежьамэ, макъ геометрие къэхъуныгъэу ″ы″ макъым гурыlуэгъуэ къытхуищlрэ и къалэныр мыр къыздыщежьам теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

″Ы″ макъым къыклэлъыклуэу утыку къихьэ ″э″ макъыр мы оригиным и япэрей хьэрычэтрэ и клуэтэгъуэрщи, ар макъ геометрием и зэпкъырыувэклэм и япэрей лъэбакъуэрщ. Мы и къэхъуклэклэ ар икlи щыlэгъуэ геометриер зэрызэпкъырыувэну япэрей лъабакъуэми зэрытеухуэр гулъытапхъэщ. Аращи, ″ы″р ″бинг бенг″ жыхуаlэм ипэ къихуэ оригинып lэрамэ, ″э″ри абы и япэрей лъэбакъуэрщ, икlи ар зэрызеклуэр зэрылъытэрщ. Ар щыхъукlи, ″э″ макъыр функциалу хьэрычэтрэ клуэтэгъуэу ″зэман″ жыхуаlэм теухуа къалэн зыгъэзащlэрщ, икlи бзэми мыпхуэдэщ зэрыхэлэжьыхьыр. Щыlэгъуэ геометриер зы оригиным къыщlидзэущ зэрыухуэнури, ″э″ макъыр зытеухуа функциал хьэрычэтрэ клуатэгъуэм макъ геометрием теухуауэ игъэзащlэр мыпхуэдэ къалэнщ. Аращи, ″ы″м къыклэлъыклуэу утыку къихьа япэрей макъыу, ″э″р оригинып lэм къыщlидзэу япэрей лъэбакъуэрщи, мыпхуэдэу къызэрыхъуам зэрытеткlэрэ функциал клуэтэгъуэрэ хьэрычэт къалэн зыгъэзащlэу функциал зэманми теухуауэ бзэм лэжьэклэ зиlэ ″э″р икlи зэрыигъуэрэ зэрыгурыlуэгъуэу щыlэгъуэр зэрыджыну лъэбакъуэрщ. Абы къыклэлъыклуэ лъэбакъуэклэрэщ макъ геометриер зы геометриеу утыку къызэрихьэнури, мыри зэманклэрэ щыlэгъуэмрэ и геометриери зэрызэпкъырыувэр гурыlуэгъуэ зыщlыу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Зэманклэрэщ щыlэгъуэр зэрыджрэ утыку къызэрихьэу икlи зэрызеклуэу и щыlэгъуэр зэрихьри, зэманрэ функциал клуэтэгъуэм теухуа ″э″ макъым къыклэлъыклуэу утыку къихьа ″и″ макъри макъ геометриер утыку къиихьэн къалэн зыгъэзащlэу, зэманклэрэ джыурэ утыку къихьэ щыlэгъуэм теухуащ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlрэ пыщапхъэщи, ″э″м къыклэлъыклуэрэ абы хуэпэзадэ щlыклэклэ утыку къихьа ″и″р ″э″ клуэтэгъуэм къытехъукlарэ икlи абы и антитезу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы диалектикэклэрэщ щыlэгъуэр зэрызеклуэри, зэманклэрэ (э) къэхъу джыгъуэрэ (и) щыlэгъуэр икlи зэманми и антитезу, ар зыгъэхуэмрэ икlэм икlэжым зыгъэувыlэжыну ялъытэрщ. Икlи мы псалъэхэми зэрезэгъщ

дэтхэнэ зы щыlэгъуэ пкъыгъуэм зэманыр игъэхуэму къагъэунэхуа lуэхугъуэр. Аращи, зэманклэрэ утыку къихьэ щыlэгъуэм зэманыр игъэхуэмурэщ щыlэгъуэр зэрызеклуэри, мыпхуэдэу джыурэ утыку къихьэ щыlэгъуэм зы зэман нэужьым зэманыр къызэригъэувыlэфынур гурыlуэгъуэнщи, апщыгъуэм къигъэщla щыlэгъуэр зытеклуа зэманыр еужьыхрэ щыlэгъуэри зыдыришэхыурэ къыздыщlидза щlыпlэм зэрыхуэклуэжынури нобэ физикхэм къalуатэхэм зэрыщыщри гурыlуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″зэман-еспас″ жыхуalэр зыр зым зэхэмыгъэклыпхъэу зэпыщlарэ зы пэлъытэу щыlэгъуэр зэрызеклуэрщ. Мыпхуэдэри макъ геометриеклэ икlи я къалэнрэ мыхьэнэклэрэ зыгъэзащlэ макъ lуэрхэр я къэхъуныгъэрэ зэрызэлъыта щlыклэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуагъэххэ ″э-и″ макъ lуэрхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мы зэхэмыгъэклыпхъэу зэпыщlарэ щыlэгъуэр зэрызеклуэ щlыклэр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlыу ″зэман-еспас″уи лъытапхъэ ″э-и″р макърэ щыlэгъуэ геометрие лъабжьэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ар а зэрыщыткlэрэ щыlэгъуэ ужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″э″м къыклэлъыклуэу утыку къихьарэ джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ ″и″ми къыклэлъыклуэу утыку къихьа макъ lуэрыр ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″у″ращ. Ар къызклэлъыклуа ″и″мрэ ар къызтехъукларэ зыпыщlауэ щыт ″э″р зыхэзыубыдэурщи, ″э-и″клэрэ ухуауэ зи гугъу тщla мы геометриери зэрыщытрэ зэрыпсоуэ зэрылъытэрщ. Аращи, ″у″р макъ геометриер утыку къызэрихьар зэрызэфlэкларэ ар зэрыщыту щхьэж зылъытэ макъ lуэрырщи, мы и къалэнрэ мыхьэнэклэрэи дэтхэнэ зы геометриер зэрылъытэрщ. Мы псалъэм ипкъ иткlэ, зэман е щыlэгъуэм теухуауэ лъытапхъэ геометриемрэ абы щыщыlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зы ужьыгъуэу зылъытэр ″у″ макъращ; икlи а геометрием щыщыlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрызеклуэрэ и щыlэгъуэр зэрихьри зэрыщыту зэрылъытапхъэр ″у″ макъклэрэщ.

Мы зи гугъу тщla макъ lуэрхэр адыгэбзэм адрей и макъ lуэрхэри къызтехъукla макъ lуэр лъабжьэхэрщ. Ахэр мы къызэрыхъуарэ я зэклэлъхьэужьыклэклэ мы ягъэзащlэ къалэным теухуауэ къэтlуэтахэм къызэрыхэщрэ икlи ипэкlи гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъуагъащи, абыхэм ягъэзащlэр щыlэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызеклуэр зи lуэхугъуэу физикэ лъабжьэу лъытапхъэ куантум физикэм флыщэу зэрытеухуэр гулъытапхъэщ. Мы макъхэм къalуэтэр щыlэгъуэ утыку къызэрихьэрэ зэрызеклуэр ахэр къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъклэрэ геометрие лъэныкъуэклэрэщ.

Мы макъ lуэр лъабжьэхэм ягъэзащlэрэ ахэр зэрызэлъыта щlыклэр куантум физикэм нэхъ езэгъыу аргуэру къэlуэтапхъэмэ, макъ къэхъуныгъэклэрэ къежьапlэу зэрыщытым ипкъ иткlэ а нэхъ оригинылэр зэрылъытэ ″ы″ макъыр куантум физикэм теухуауэ а нэхъ куантылэрэ куант къежьапlэ оригину зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ куантум физикэм куантылэр зэрилъытэр мы зи гугъу тщlам нэгъунэ зэрымыклуэри

гурыIуэгъуэнщ. Куантум физикэм ″зэман-еспас″ыр зэрызэхэмыкIыпхъэу зэрилъытэрэ икIи зы куантыпIэри зы ″зэман еспас″ыпIэу щилъытэм деж, абдежыр щыIэгъуэр зэманкIэрэ щыджыпIэрщ. Мыбдежыр зэрыгурыIуэгъуэу, ″ы″кIэрэ зи гугъу тщIа оригиналыпIэ нэужьу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ, ауэ икIи ″ы″ри фIэкIыпIэ зимыIэу абы къызэрыхуэкIуэнурэ ар зэрыджыну лъабжьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ЩыIэу лъэрэ пкъыгъуэ зиIэм теухуа зы щIэныгъэу щыт куантум физикэкIэ игъуэри мырагъэнщи, абы щыIэгъуэр щыдж щIыпIэр зы куант пунктэу, ари зы ″зэман-еспас″ыпIэу зэрилъытэм нэмыщI, икIи мыпхуэдэ джыпIэри увыIэгъуэ зэримыIэкIэрэ зэрызекIуэм зэрезэгъкIэрэ зы ″зэман-еспас″ вектору елъытэр куант пунктэри, мы зэрылъытэ щIыкIэри ″э-и″р зыхэзыубыдэу увыIэгъуэ зимыIэ зы кIуэтэгъуэу ужьыгъуэ къалэн зыгъэзащIэрэ зи мыхьэнэуэ щыт ″у″ макъым гурыIуэгъуэ къытхуищIрауэ лъытапхъэщ.

*

Куантум физикэу зэманыгъуэрэ хьэрычэтымрэ (э) джыгъуэр (и) зэрызэпыщIарэ щызэпыщIа вектору лъыта ″куант″ыр джыгъуэрэ щыIэгъуэ лъабжьэ ухуапIэу (и) зэрыщыткIэрэ ар увыIэгъуэ зимыIэ енергиеу зэрызекIуэр гурыIуэгъуэщ. Куантум физикэм ″енергие″ жыхуаIэр зэрилъытэри ″куант″кIэрэ къекIуэкI системэрауэщ.

″Куант″ым теухуауэ хьэрычэтыншагъэ зэрыщымыIэм зэрезэгъкIэрэ куанткIэрэ къекIуэкI системэу ялъытэ енергиери хьэрычэт защIэрщ. Дэтхэнэ зы енергие лIэужьыгъуэр сытым дежи хьэрычэтыгъэ зиIэрэ хьэрычэтым езыри зы кинетикэ енергиеу щытырщи, мыпхуэдэу къекIуэкI системэр икIи системэм и дэтхэнэ зы щIыпIэр зэй ″0″ мыхъурщ. Мыбы гурыIуэгъуэ къызэрищIщи, щыIэгъуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр енерие лIэужьыгъуэщ, икIи зэрыгурыIуэгъуэщи, куанталщ.

″Куант″ыр а нэхъ щыIэгъуэ лъабжьэу щалъытэм деж, сытми и лъабжьэр хьэрычэту зэрыщытыр, икIи - мы ипэкIэ зэрыжытIауэ- енерие лIэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ; куантум физикэм зэрилъытэкIэрэ сытри енериещ. Куантум физикэкIэ сытри енергиеу зэрилъытэм зэрезэгъщи, ″пкъыгъуэ″ жыхуэтIэри енерие концантрэуэщ зэралъытэр: ″пкъыгъуэ″р куантал концантрэщ, ″зэман-еспас″иал концантрэщ.

Концантрэ хъуа енергиер адыгэбзэмкIэ ″зэхэува, зэхэувыхьа, зэхэувыIа, зэхэувыIыхьа, зэхэвыхьа, зэпкъырыува″ уэзу (енергиеу) къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Енергиер увыIэгъуэ зимыIэу хьэрычэт зиIэрщи, енергие концантрэу лъытапхъэу, зэхэувыIыхьарэ зэхэвыхьауэ лъытапхъэ енергие лIэужьыгъуэ пкъыгъуэри нытIэ и кIуэцIкIэ увыIэгъуэ зимыIэу хьэрычэт къызщекIуэкIырщ.

Мыбдежым ″в″ макъ зыхэту ухуауэ мы зи гугъу тщIа псалъэхэмрэ ар дыдэу ″в″ макъ зыхэту ухуа ″увыIэн″ псалъэми гулъытэ хуэщIын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщи, кIуэцIкIэрэ лъэщу хьэрычэтыгъэ зи мыхьэнэуэ

щыт ″вэн, къэвэн, зэхэвыхьын″ псалъэхэр къызтехъукl ″в″ макъкlэрэ ухуа ″увыlэн″ псалъэри енергие зэпыудыныгъэрэ хьэрыч зэпычыгъуэу гурыlуэгъуэ зэрымыхъур гулъытапхъэщ. ″Увыlэн″ псалъэм ″ужьыгъуэм (у) зэхэвыхьыныгъэ (в) игъуэтын (lэ); выгъэу (в) щыlэ (lэ) ужьыгъуэ (у); зэхэвыхьыныгъэу утыку къихьэн; зэрызэхэвыхьакlэрэ ужьыгъуэн″ хуэдэу зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщи, ар хьэнычэтыгъэмрэ енергием кlэ игъуэтыныгъэу щымыту, зыгуэрыр зэрызэпкъырылъыр лъэщрэ и кlуэцlкlэрэ къэкъуэлъэныгъэу ″в″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищl зэхъуэкlыныгъэр зэрылъытэ псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″В″ макъым мы и мыхьэнэр зыхэплъагъуэ нэгъуэщl псалъэхэри щыlэщи, абыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Псалъэм папщlэ, зэхэсыхьрэ зэхэвыхьу зэхэлъу ялъытэ ″вагъуэ″ри адыгэбзэм мы къызэриlуатэ щlыкlэри гулъытапхъэщ. Ауэ, ди системэр зэпха вагъуэ лlэужьыгъуэу щыт ″дыгъэ″р ди гъащlэрэ гъэр къызэрекlуэкlыр зэлъыта къарууэ зэрыщыткlэрэ ″гъэ″ къару лlэужьыгъуэу зэрылъытэу къызэрыlуэтари гурыlуэгъуэщ. Енергие зэхэвыхьыныгъэщ дэтхэнэ зы пкъыгъуэри, адыгэбзэм вэн-сэн lуэхугъуэм теухуауэ иужькlэ ″мывэ″у илъытарэ бзэм ″нывэ″уи хэт псалъэм гурыlуэгъуэ къищlри зэхэвыхьыныгъэ зиlэрэ абы хуэкlуэр зэрылъытэрщ. Зэхэвыхьыныгъэкlэрэ къэхъуарэ икlи вагъуэхэми къыпыщэщрэ хэвыхьыжыныгъэ зиlэхэр ″нывэ″ псалъэмкlэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, вагъуэхэмрэ абы епхарэ и lыхьэу къыпекlуэкl пкъыгъуэхэм нэмыщl, зэхуэмыдэ инагъ зиlэу космос нэщlыгъуэшхуэм къыщекlуэкl нывэхэр зэрымымащlэрэ, апхуэдэ вагъэхэр икlи зэрыигъуэу нывэ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Сытри енергиеу зэрыщыткlэрэ ″в″ макъым игъэзащlэр енергиер зэхэвыхьыныгъэрэ зэхэувыlэныгъэ зэригъуэтарщи, мы къэта адыгэбзэ псалъэхэми гурыlуэгъуэ къищlыр мыращ. Аращи, енергеир щызэхэувыlэрэ щызэхэвыхьым деж, къэхъури зы енергие лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу пкъыгъуэ зыгъуэтхэри енергие лlэужьыгъуэщ.

Куантум физикэм утыку къызэрырилъхьэращи, сытри ″енергие″щ; - адыгэбзэкlэ жыпlэмэ ″уэз″щ. Адыгэбзэкlэ ″уэз″ым ″зыужьыгъуэм езыр″у зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр адыгэбзэм зы ужьыгъуэ ″лlэужьыгъуэ″у зэрилъытэри гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэрэ дэтхэнэ щыlэ гуэрыр ужьыгъуэрэ уэз лlэужьыгъуэу зэрыщытыр мы адыгэбзэ псалъэхэмкlи гулъытапхъэщи, куантум физикэкlэ пкъыгъуэ зиlэу щыlэр уэз иувыlыхьа, зэхэгуарэ зэхэвыхьа уэзу зэрилъытэм езэгъыщэу жылэпхъэщ адыгэбзэми зэрилъытэ щlыкlэр. Сытри уэз лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ къэхъу-къэщlыу къекlуэкlри уэзыгъуэщи, ″пкъыгъуэ″ псалъэми гурыlуэгъуэ къищlыр мырауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ: ″пкъы (пl-къ)″ псалъэм ″пlыкlэрэ (пl) къэхъу (къ); пlэ зыгъуэту къэхъу; къэхъупlэ; къэхъу пlыгъуэ - пlэгъуэ″ хуэдэу зэреджапхъэр гулъытапхъэщ.

″Пкъыгъуэ″р зэрыпlрэ пlыгъуэкlэрэ утыку къызэрихьэр икlи зы пlыгъуэрэ къэхъуплэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. А псалъэр зэрыухуа макъыу зи гугъу тщla ″пl″ макъри куантал мыхьэнэ зиlэу зэрыщытрэ дэтхэнэ зы куант пунктэм щыпlрэ пlэ зыгъуэтыр зэрылъытэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Икlи, ″пl″ макъыр зыхэт ″п″ыри иджыри мыджа куант пунктэр зэрылъытэу, джыпlэрэ джыпэу куант пунктапlэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ куантыпlэр къыздыщыхъунур зылъытэ макъыу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

″Пкъыгъуэ″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlыр гулъытапхъэщи, ар сытри ужьыгъуэрэ уэз лlэужьыгъуэу зэрылъытэм езэгъ псалъэщ. Ауэ, куантум физикэм нэгъунэ физикэ щlэныгъэу утыку итым зэрилъытэмкlэ ″уэз″ым нэмыщl щыlэгъуэу ялъытэу щытащ ″пкъыгъуэ″ри, ″уэз″ымрэ ″пкъыгъуэ″р зэрызэщхьэщымыкlрэ зыр адреймкlэ зэрызэхъуэкlыфынур, икlэм икlэжым пкъыгъуэри енергие лlэужьыгъуэу зэрыщытыр Анштайн къигъэунэхуа ″е = мс2″ формулацэм утыку къырилъхьащ.

Мы формулацэми къызэригъэлъагъуэрщи, енергиемрэ пкъыгъуэр зыр зымкlэ зохъуэкlыфри, космос жыхуэтlэ щыlэгъуэм и щыlэкlэр енергиерэ енергие пакету лъытапхъэ пкъыгъуэущ. Щыlэхэр зэрызэхэлъ пкъыгъуэу ялъытэ атомыр зэрыухуа лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэри енергие пакету пкъыгъуэ лlэужьыгъуэщ зэралъытэр. Мы псалъэхэми къызэрыхэщрэ ипэкlэ къэта формулацэми утыку къызэрырилъхьэу куантум физикэкlи зэралъытэрщи, енергие лlэужьыгъуэрэ пкъыгъуэ лlэужьыгъуэу щыlэгъуэ зиlэхэр зыр зым и щlыкlэ зиlэрэ зэрызэхъуэкlкlэрэ зыр зым ипlэ иувэфырщ; икlи, пкъыгъуэр енергие концантрэу зэхэлърэ енергиери пкъыгъуэ цlыкlукlэрэ зэхэлъущ зэралъытэр. Аращи, енергием пкъыгъуэ игъуэту, пкъыгъуэри енергиеу зохъуэкlыфри, хуиту кlуэгъуэрэ хьэрычэт зиlэу волнавая зекlуэкlэ зиlэ енергием и зекlуэкlэр нэрынэ нэрынэу зэрызэпыщlарэ зэпычыгъуэкlэрэ зэрылъытэр, е енергием мы и зекlуэкlэм пкъыгъуэ къызэрытехъукlыр, е - аргуэру нэгъуэщl жыlэкlэкlэ жыпlэмэ- а енергиери зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цlыкlукlэрэ лъытэныгъэр абы и зекlуэкlэ волнавая функцэр куантизэ зэрыхъурауэщ зэралъытэр.

Адыгэбзэкlэ ″пкъыгъуэ″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlыр наlуэщи, ар енергие лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ пкъыгъуэ зиlэу щыlэ гуэрхэр я хьэлъагъэкlи зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщи, пкъыгъуэ зиlэхэм я хьэлъагъэр зэрызэщхьэщыкlри а пкъыгъуэр къэзыгъэхъу атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм я хьэрычэтым теухуауэщ куантум физикэм зэрилъытэр. Зы пкъыгъуэм и хьэлъагъэри куантум физикэм зэрилъытэр гулъытапхъэщ, ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм къигъэщla ″хьэлъэ″ псалъэр хьэм (цlыхум) уэндэгъу къыхуэхъур зэрылъытэ псалъэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ ″хьэлъэ″ псалъэм куантум физикэ мыхьэнэ зэримыlэнур гулъытапхъэщ. Ауэ ар къызтехъукla ″лъэ″м куантал мыхьэнэ зэриlэнур гулъытапхъэщи, абы илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Пкъыгъуэ″ псалъэм нэмыщl адыгэбзэ псалъэ куэдым енергие лlэужьыгъуэ мыхьэнэ зэриlэфынур гурыlуэгъуэнщи, сытри ужьыгъуэ лlэужьыгъуэрэ уэз лlэужьыгъуэу зэрылъытэ ″лlэужьыгъуэ″ псалъэри, ″гуэр, гуэрэ″ псалъэхэри, ″лъэ″ псалъэри зэрыухуа макъ мыхьэнэклэрэ енерие лlэужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, ″лlэужьыгъуэ″ псалъэр ужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэ псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; джыгъуэрэ джыпlэ дэтхэнэ щыlэгъуэ зиlэр зэрылъытэрщ ″гуэр, гуэрэ″ псалъэхэр; ″лъэ″ри ″огнан, организэ, организацэ″ мыхьэнэ зиlэ псалъэу, икlи мыпхуэдэ макъ мыхьэнэклэрэи бзэм хэлэжьыхьырщ. Мы псалъэхэр зэрыщыту куантал мыхьэнэ зиlэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

″Лъэ″ псалъэм и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы щыlэгъуэр зы лъэ лlэужьыгъуэу щылъытэклэ, абы лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэ ″лъабжьэ″ псалъэри зы лъэ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэм къыщыхъурэ щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы лъэм и лъабжьэри зы лъэ лlэужьыгъуэрщи, а ″лъэ″ лlэужьыгъуэу щыт ″лъабжьэ″р ″зэлъытэныгъэ зиlэ ужьыгъуэу (б) увыlэгъуэ зэримыlэклэрэ къыщеклуэкl хьэрычэту (жь)″ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″Лъабжьэ″р езыр зы лъэ лlэужьыгъуэщ, икlи дэтхэнэ зы лъэр къызтехъуклырщи, мыр куантум физикэм ″лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlу″у илъытэхэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. Аращи, ″лъабжьэ″ псалъэм и мыхьэнэр пкъыгъуэрэ лъэм лъабжьэ хуэхъурэ ахэр къызтехъуклыу увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэт зиlэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыклухэр куантум физикэм зэрилъытэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ лъэм лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэ ″лъабжьэ″ псалъэм и мыхьэнэри куантал мыхьэнэуэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″Лъабжьэ″р зы псалъэщ, ауэ зы лъэ лlэужьыгъуэу щыт мы псалъэм нэмыщl, ″лъэ″ макъ псалъэр къызтехъуклари ″лъ″ макърауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″Лъ″ макъым зэманыгъуэрэ хьэрычэтыгъэ (э) щигъуэтращ ″лъэ″р зэрыухуэри, зэманыгъуэ зэримыгъуэт щlыклэу щылэгъуэ лъабжьэм зэрытеухуам ипкъ иткlи, щылэгъуэ пкъыгъуэ лlэужьыгъуэ зэрылъытэ ″лъэ″м и лъабжьэ ″лъ″ макъ мыхьэнэри прото физикэ мыхьэнэуэ метафизикэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″Лъэ″р къызтехъуклыу лъэм лъабжьэ хуэхъур куантум физикэм зэрилъытэ лъэ цlыкlу дыдэхэр зэрыигъуэклэрэ ″лъабжьэ″ псалъэм зэрилъытэр жытlагъэххэщ, ауэ икlи ″лъэ″м лъабжьэ хуэхъур адыгэбзэ макъыбзэм ″лъ″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытэри гулъытапхъэщи, ″лъэ″ къэхъуныгъэм теухуа ″лъабжьэ″ псалъэм и мыхьэнэр икlи ″лъэ″р къызтехъукl лъабжьэу ″лъ″ макъым зэригъэзащlэклэрэщ макъыбзэ лэжьэклэр зэрыухуа щlыклэр.

″Лъэ″м и лъабжьэрэ ар къызтехъуклыр, икlи лъэр зэрыужьыхрэ и лъабжьэм зэрыхуэклуэжыр адыгэбзэ макъыбзэм и лэжьэклэклэ ″лъ″ым зэрыхуэклуэжклэрэщ зэрылъытэри, зэманрэ хьэрычэт зэригъуэтрэ (лъэ) зэрыклуэдыжыр (лъэ-ы → лъ) зэрылъытэу ″лъ″ макъым бзэм мы

зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри куанум физикэм зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщ. ″Лъэ″ макъ псалъэмрэ ″лъ″ макъ мыхьэнэр зэрызэхущытрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ мы къэтlуэтахэми зэрезэгъщ икlии, зэманрэ хьэрычэт зэригъуэткlэрэ лъэ къызтехъукl ″лъ″ макъыр икlи адыгэбзэм зы лъэ лlэужьыгъуэр (псэущхьэм и лъэр) зэрыухуэрэ абы лъабжьэ хуэхъур ″лъы″ макъ псалъэмкlэ лъытауэ зэрыхэтри гулъытапхъэщ.

*

Ипэкlэ тхыгъэ lыхьэхэм деж, игъуэ зэрыхъум ипкъ иткlэ, сытри зы геометрие лlэужьыгъуэу зэрыщытыр жытlагъэххэрэ геометрием теухуауи къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, а къэтlуэтахэр куантум физикэми геометриер зэрилъытэм езэгъыщэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, сытри ″куант″кlэ лъытэнрэ къэгъэунэхун lуэху зезыхуэ куантум физикэм ″зэман-еспас″ зэхэлъыплэрэ вектору илъытэ ″куант″ым зыкъызэригъэлъагъуэрауэщ ″геометрие″ри зэрилъытэр: зэрыжаlэращи, зы хьэрычэтыплэу щыт куантыр инагъ эффективыгъэкlэ щылъагъуэращ ″геометрие″р.

Куантум физикэм теухуауэ мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″куант″ жыхуаlэ ″зэман-еспас″ векторыр икlи щыlэгъуэм и геометрие лъабжьэрэ пщалъэрщ. ″Куант″ыр щыlэгъуэ лъабжьэу щытрэ, икlи щыlэгъуэ пкъыгъуэ (космос) жыхуэтlэри ″куант″ защlэкlэрэ зэхэлъращи, щыlэгъуэ пкъыгъуэ жыхуэтlэмрэ абы хиубыдэ дэтхэнэ гуэрэри геометрие лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ зы геометрием зэритыр гурыlуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, куант куантклэрэ зекlуэр икlи зы геометрие системэрщи, геометрие жыхуэтlэри геометрие лъабжьэу куант куантклэрэ зэхэлъырщ. Куант куантклэрэ зэхэлъ геометриер зэрыухуэрэ зэрызекlуэри дэнкlи хуиту зызэриубгъу зекlуэкlэу ″волна – волнавая″ жыхуаlэ щlыкlэущ зэралъытэр. Аращи, ″куант″ыр икlи геометрие пщалъэу зэрыщыткlэрэ, куант куантклэрэ зызъубгъу кlуэкlэ зиlэу щыт мы волнавая функцэм дэтхэнэ и зы куант щlыплэр (куант пунктэ) а волнавая функцэр ″куантизэ″ щыхъуу ялъытэ щlыплэращ. Нэгъуэщlыу жыплэмэ, волнавая системэу къекlуэкlым дэтхэнэ и зы щlыплэр зы куанту лъытэнрэ утыку къилъхьэныр волнавая функцэр ″куантизэ″ щlынращи, абдежыр волнавая функцэр къыщыувыlэрэ зыщыувыlэу, щех, щызэпкъырыху щlыплэрщ. Нытlэ, щыlэгъуэр зэрыщыту волнавая функцэу зэрызекlуэрэ зэрылъытэм нэмыщl, икlи куантизэ зэрыхъу щlыкlэу ″куант пунктэ″кlэрэ зэпыщlауэ зэрызекlуэу зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэщ.

Зэпычыгъуэ зимыlэкlэрэ щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ зэрыужь волнавая щlыкlэм нэмыщl, куант пунктэкlэрэ зэпычыгъуэ зэриlэкlэрэ зэпыщlауэ щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэри макъ мыхьэнэкlэрэ зэрылъытэр гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэр зэрызекlуэр зэпычыгъуэ зэримыlэ щlыкlэу ужьыгъуэрэ волнавая щlыкlэу, икlи зэпычыгъуэ зиlэу куант куантклэрэщ зэралъытэри, щыlэгъуэ ужьыгъуэм дэтхэнэ и зы куант пунктэр лъытэнрэ мы ужьыгъуэр куант пунктэкlэрэ лъытэныр волнавая функцэр зэпыудын

lуэхугъуэущ зэралъытэр. Щыlэгъуэ ужьыгъуэр а зэрыщыткlэрэ хуитрэ волнаваяу зекlуэрщи, абы и дэтхэнэ зы щlыпlэр лъытэнрэ къэгъэунэхуныр волнавая функцэр куантизэ зэрыщl-зэрыхъу щlыкlэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, енергиерэ пкъыгъуэр зэхуэдэу зэрылъытэм ипкъ иткlэ, волнавая енергиеу зекlуэр куантизацэ зэрыхъур зы увыlэгъуэу пкъыгъуэу лъытэныгъэрщи, волнавая функцэр куантизэ щlынрэ зы куантыпlэр лъытэныр икlи енергиер пкъыгъуэ пкъыгъуэу зэрылъытэращ.

Щыlэгъуэр ужьыгъуэрэ волнаваяу, икlи куант куантклэрэ зэпычыгъуэрэ зэпыщlэныгъэкlэрэ зэрызекlуэм теухуа зы щапхъэфlыу лъытапхъэщ адыгэбзэ бжыгъэцlэхэм лъабжьэ хуэхъуарэ щыlэгъуэр зэрызекlуэм теухуа псалъэхэр утыку къызэрихьари, илъабжьэкlэ абы аргуэру и гугъу щытщlыжынщ. Ауэ мыбдежым ужьыгъуэрэ куант куантклэрэу лъытапхъэ мы зекlуэкlэм геометрием теухуауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Адыгэбзэм къызэриlуатэрэ ипэкlи гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъуаращи, ″еспас″ жыхуаlэр ″геометрие″рауэ зэрыщытыр, икlи функциал зэманкlэрэ (э) утыку къихьэ джыгъуэр (и) ″геометрие системэ″р утыку къызэрихьэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″Э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа зы макъыу щыт ″и″р функциал хьэрычэтрэ зэманкlэрэ (э) джыгъуэрэ джыгъуапlэуи утыку къихьэращи, ар щыlэгъуэ системэращ, щыlэгъуэ системэ геометриери зэрыухуэращ. Ар (и) сытри утыку къызэрихьэрэ, сытми пlэ щигъуэтрауэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, геометрие пщалъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, сытми и щыlэпlэрэ и геометриер зэрылъытэрщ. Икlи ″э″кlэрэ джыурэ утыку къихьэу, джыгъуэрэ джыпlэу ухуэр увыlэгъуэ зимыlэу (″э″кlэрэ джыурэ) къыщекlуэкlым дежи, мыр зы системэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщи, аращ ″геометрие системэ″р. Мыпхуэдэу къекlуэкl системэр икlи дэнкlи зызыубгъу зы волнавая функцэ системэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Сытми и джыпlэрэ джыгъуэу и пкъыгъуэрэ и геометрие лъабжьэрэ пщалъэр зэры″и″уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, - зэпкъырыпхын лъэкl уимыlэу ялъытэ ″зэман-еспас″ псалъэр къиумыlуэми-, адыгэбзэм и лэжьэкlэу сытри ″и″кlэрэ зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, а сытыр зыlисыр зэрылъытэну псалъэр абы и джыгъуэ ″и″м ипlэкlэ утыку къилъхьэныр ″и″ лlэужьыгъуэ системэу къекlуэкl волнавая функцэр куантизэ щlынращ. Псэлъэбзэм къигъэщl псалъэхэр щыlэгъуэр къызэрекlуэкl (э-и″ системэ) волнавая системэм дэтхэнэ и зы щlыпlэр щхьэж къызэрыlуатэ щlыкlэу, ар куантизэ щlынрауэ зэрыщытри жыlэпхъэщ.

Tlанэ, волнаваяу тлъытэ функцэр дэнкlи кlуэкlэ зиlэу зыубгъуныгъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар ужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″Зыужьыгъуэ″р адыгэбзэм и ″у″ макъым и мыхьэнэуи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″э″рэ ″и″м зэдащlэу мы ипэкlи зи гугъу тщlарэ икlи япэрей лэжьыгъэхэм координат системэхэр зэрыухуэм теухуауэ жытlахэми

гурыIуэгъуэ зэращIауэ, ″э″ нэужь ″и″м къакIэлъыкIуэу утыку къихьа ″у″р ″э″мрэ ″и″м я координацэкIэщ утыку къызэрихьари, ″у″р ″э″рэ ″и″м зэдащIэрэ ахэр зыхэзыубыдэ ужьыгъуэрщ. ″Э″кIэрэ ″и″р зэрыджым ипкъ зэритрэ ″и″р зыдэплъагъум функциал хьэрычэтрэ зэману ″э″ри хэлъыжщи, ″э″м елъытауэ утыку къихьэж ″и″ геометрием и орднинатыпIэ ″и″ лъэныкъуэмрэ (х) абзсисыпIэ ″и″ лъэныкъуэхэм зэдащIэ координацэми утыку къыригъэхьэр аргуэру ″у″уэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Араща, ″зэман координат системэ″уи, ″геометрие (щыIэгъуэ) координат системэ″уи – е ухуеймэ куантум физикэм зэрезэгъкIэрэ а системитIыр зэхэлъуи лъытэ (зэман-еспас системэу)-, дэтхэнэ зы координат системэм ужьыгъуэу утыку къыригъэхьэр ″у″кIэрэщ зэрылъытэр. Системэр волнавая щIыкIэ зиIэу зэрыщытыр жытIагъэххэщи, ″волнавая″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр адыгэбзэм и ″ужьыгъуэ, ужьыныгъэ, зыужьыгъуэ″ псалъэхэр къызтехъукIарэ бзэм дэтхэнэ и зы щIыпIэми мы псалъэхэм хуэдэ мыхьэнэ игъэзащIэу макъ мыхьэнэкIэрэи хэлэжьыхьу хэт ″у″м игъуэджэу гурыIуэгъуэ къызэрищIынури гулъытапхъэщ.

Араща, ″э″мрэ ″и″м зэдащIарэ тIури зыхэзыубыдэ лъэныкъуабгъуэу ″у″м и зекIуэкIэр волнавая зекIуэкIэрщи, абы дэтхэнэ и зы щIыпIэр лъытэн Iуэхугъуэу, зы куант пунктэ утыку къилъхьэнрэ зы куант пунктэ щIыпIэр лъытэныр ″у″м и зы Iыхьэ цIыкIур утыку къилъхьэнращи, апхуэдэр ″у″м и лимитацэу ″Iу″ макъкIи къэIуэтапхъэщ; ауэ нэхъ игъуэу ″у″р зыухуа ″э-и″м и зы щIыпIэ пунктэкIэ утыку къилъхьэнращ. Куантум физикэм илъытэр щыIэгъуэрэ геометрие системэращи, щыIэгъуэм теухуауэ зи гугъу щIын хуейр ″э″р сытым дежи зыхэлэжьыхь ″и″ системэращ. Ари, щыIэгъуэр зэрызекIуэ волнавая системэм и зы куант пунктэр утыку къилъхьэн Iуэхугъуэу, волнавая функцэр ″куантизэ″ щIынращи, адыгэбзэм и макъ ″у″ зекIуэкIэр куантизэ щIыныр сытым дежи ″зэман″кIэрэ (э) утыку къихьэу икIи сытым щыгъуи зэманыр зыхэлэжь джыгъуэр (и) утыку къилъхьэнращ. Ар икIи системэм и абзсисым теухуа зы пунктэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, ″у″м и дэтхэнэ зы джыпIэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу ″у″м и куантизацэ Iуэхугъуэу лъытапхъэщ.

Ужьыгъуэрэ волнавая зекIуэкIэ зиIэу мы зи гугъу тщIа ″у″ макъыр икIи ″еспас″ жыхуаIэ щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ нэщIыгъуэри зэрылъытэ макъыу зэрыщытри мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ. Ауэ ″еспас″ псалъэм пэувыну макъ закъуэр ″у″рауэ зэрыщымытри къыпыщIапхъэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, зэманкIэрэ джырэ сытым дежи зэманыр зыхэлэжьыхьу щыIэгъуэ системэу ухуэр ″и-координат системэ″ращи, ар щхьэжу зы системэу, абы и лъабжьэрэ ординатри математикэу ″х″ыуэ зэрылъытар гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэ системэу куантум физикэм и Iуэхугъуэу щыт ″и-координат системэ″м и ординат лъэныкъуэ ″и″пIэр геометрие дициплинэкIэ ″х″ыуэ къызэрыгъэлъэгъуар гурыIуэгъуэщи,

абдежыр ″и-системэ″у щыт щыIэгъуэ системэм къыщыхъур зэлъытарэ къызтехъукI лъабжьэрщ.

Куантум физикхэм ″куант″ жыхуаIэу щыIэ лъабжьэрэ щыIэр утыку къызэрихьэри щыIэгъуэ системэм и лъабжьэрэ ар зэрыухуэущ зэралъытэри, щыIэгъуэ системэм мы и лъабжьэшхуэр ″куант хы″уэщ къызэраIуатэр. Аращи, куант ″хы″уэ ялъытэр ″и-координат системэ″м лъабжьэ хуэхъурэ ар зэлъытарэ утыку къызэрихьэ ординату геометриекIэ ″х″ыкIэ къызэрагъэлъэгъуар гурыIуэгъуэщ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, щыIэгъуэ лъабжьэрэ щыIэр утыку къызэрихьэрэ къыздыщихьэр ″куант″кIэрэ ухуа зы лъабжьэшхуэу ″куантыбэ″у ялъытэр куант физикхэм езым я бзэмкIэрэ ирагъэщхьу ″куант хы″уэ къыраIуэри, абдежыр геометриекIэ ″х″ тхыпкъымкIэ зэрагъэлъагъуэмрэ икIи ″хы″ лIэужьыгъуи зэралъытэр адыгэбзэкIэ зэрызэтехуэр гулъытапхъэщ. Ар аддыгэбзэкIэ зэхуэдэ макърэ (х) макъ псалъэкIэ (хы) къызэрыIуатэр гулъытапхъэщ. Ипэкlэ мы лэжьыгъэми, япэрей лэжьыгъэхэми и гугъу зэрытщIауэщи, ″х″ макъ мыхьэнэр щыIэгъуэ лъабжьэрэ щыIэр къызтехъухьрэ зытет лъабжьэрщ, икIи мы мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэщ зы псышхуэ иувыIыхьари адыгэбзэм ″хы″уэ щIилъытар.

Щ1ыIэгъуэр къыздыщыхъуу мы куантыбэр хым зэрырагъэщхьыр, икIи ″х″ макъри адыгэбзэкIэ щыIэгъуэр къыздыщыхъурэ зытет лъабжьэу зэрылъытэр зэрызэтехуэр гурыIуэгъуэщ. Мыбдежыр икIи куантум физикэм щыIэгъуэ лъабжьэу илъыта ″зэман-еспас″ыр, икIи - нэхъ пыухытыкIауэ жыпIэмэ- ″еспас″ыр зэрылъытэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″куант″ыр ″зэман-еспас″ вектору щылъытэкIэ, ″куантыбэ″у куант хышхуэрэ ″зэман-еспас″ хыуэ мы ялъытэр адыгэбзэ макъ мыхьэнэкIэрэ ″х″ым зэрытеухуар гурыIуэгъуэщи, ″зэман-еспас″ыр (икIи хуэIуауэ ″еспас″ыр) ″х″ыуэ щылъытэм деж, джыпIэрэ къэхъупIэ лъабжьэшхуэу щыт ″х″ыр икIи джыр щыджрэ джыгъуэу утыку къихьэр зэрылъытэ ″и″бэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, ″зэман-еспас″ вектору ялъытэ ″куант″ыр адыгэбзэкIэ ″и″ макъыу зэрылъытапхъэм теухуауэ ипэкIэ жытIахэр дигъу къэдгъэкIыжмэ, ар ″х″ыр ″и″бэу зэрытлъытами зэрезэгъыр гурыIуэгъуэщи, икIи щыIэгъуэ системэрэ ″и-системэ″м дежкIэ, дэтхэнэ зы абзсису ″и″р утыку къызэрихьэр зы ″и″ лъэныкъуэр зэрылъытарэ системэ ординату щыт ″х″ым зэрелъытари гурыIуэгъуэщ (″и-системэ″ → ″х-системэ″).

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы щыIэгъуэ лъабжьэшхуэр хым щIырагъэщхьыр ар икIи куантыбэу зэрыщытрэ икIи волнаваяу зэрызекIуэращ. Абдежыр куант хыуэ щIалъытэр хуиту зиубгъуа щыIэгъуэ лъабжьэшхуэрэ щыIэгъуапIэу щыIэхэр щызэпкъырыувэрэ щызэпкъырыхуж нэщIыгъуэшхуэу зэрыщытращ; а нэщIыгъуэр щыIэгъуэр къызтехъукIрэ щызэхъуэкI лъабжьэу зэрыщытрэ енергиеу хэмыщIрэ хэмыхъуэу зэрыщытращи, сытри къыздыщыхъурэ сытри зыхэхьэжу зэпыщIэныгъэ

защlэу зэрыщытращ, зэхуэдэрэ зыуэ зэрыщытращ. Аращи, абдежыр зы нэщlыгъуэшхуэу ялъытэми, пэжу концепциалу зэрымынэщl дыдэри къыхагъэщу, волнаваяу зекlуэкlэ зиlэу зэхуэдэрэ зыуэ, зы енергие хышхуэущ зэралъытэр. Мы куантал енергие хышхуэр пкъыгъуэ зыгъуэтхэр къыздыщыхъу куантал пкъыгъуэ цlыкlухэр зыхэлърэ зэпыщlауэ волнаваяу щызекlуэ хышхуэрщи, дэтхэнэ и зы щlыпlэм куантизацэ къызэрыхъукlэрэ волнавая зекlуэкlэр зэхэувыlыхьэу пкъыгъуэ зыщылъытэрэ къыздыщыхъуращ.

Щыlэгъуэ лъабжьэ мы хышхуэр пкъыгъуэ зыгъуэтхэр къызтехъукlрэ зыхэтырщи, щыlэгъуэм концепциалуи нэщlыгъуэ абсолуд зэримыlэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, нэщlыгъуэшхуэу щалъытэм деж, щыlэгъуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм абсолуду щымыlэгъуэ мыхьэнэуэ нэщlыгъуэ зэримыlэнури къыпащэжри, адыгэбзэм и "нэщl, нэщlыгъуэ" псалъэхэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, а псалъэхэм - куантум физикэм зэрилъытэм хуэдэу- концепциалуи нэщlыгъуэ абсолуд зэримылъытэри гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэкlэ щыlэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ "щ" макъым и лимитацэу, и lупщlыгъэрэ абсолудыгъэрщ "щl" макъри, икlи ар макъ псалъэу бзэм зэрыхэхьа "щlы"ри и мыхьэнэкlэ щыlэгъуапlэм утыку къыщихьэ дэтхэнэ зы щыlэр зэрылъытэрэ зэрылъытапlэрщ. Нытlэ, "нэщl" псалъэр "щlы" хъуныгъэм хуэкlуэныгъэу (нэ) щытрэ, зыхуэкlуэр щlыуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэ зыщl псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи, щыlэгъуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэрэ щыlэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы щlы лlэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, нэщlыгъуэр зы щlыпlэрэ зы щlы лlэужьыгъуэр утыку къихьэн потанциалыгъэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ "нэщlыгъуэ"р нытlэ икlи щlы зэхуакуу зэрыщытыр, икlи пкъыгъуэ зыгъуэтарэ щlы лlэужьыгъуэу лъытапхъэхэм я кlуэцlыкури зэрылъытэ псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Куантум физикэу мы нэщlыгъуэшхуэрэ енергие хышхуэр щыlэ хъупlэрэ хъупхъэр утыку къыздыщихьэрауэ, пкъыгъуэ зыгъуэтыр утыку къыздыщихьэ лъабжьэу "куантум потанциал"ущ зэрылъытэр. Мы нэщlыгъуэшхуэрэ "куантум потанциал"ым дэтхэнэ и зы щlыпlэм къэхъу куантизацэкlэрэщ щыlэрэ пкъыгъуэ зыгъуэтыр утыку къызэрихьэри, абдежыр зи гугъу тщlы волнавая функцэр куантизэ щыхъуращ. Адыгэбзэм и "нэщl, нэщlыгъуэ" псалъэм теухуауэ мы lуэхугъуэр къэтlуатэмэ, "нэщl"ыр зыхуэкlуэ "щlы"р утыку къихьэныр "нэщlыгъуэ"р куантизэ зэрыхъурауэ лъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, "нэщlыгъуэ"м и дэтхэнэ зы "нэщl"ыпlэр зыхуэкlуэнум щыхуэкlуэм дежращ зы "щlы"пlэ утыку къызэрихьэри, мыр "нэщlыгъуэ"у волнавая "зэман-еспас"ыр куантизэ зэрыхъукlэрэ и зы куантым зыкъызэригъуэлъагъуэу зы "нэщl"ыпlэм и зы "щlы"пlэр щылъытэрэ утыку къызэрихьэрауэ къэlуэтапхъэщ. Нытlэ, "нэщl"ыр щыlэгъуэ лъабжьэу "х"ым зэрытеухуэрэ, икlи абдежыр "нэщlыгъуэ хы"уи, "куантыбэ"рэ "куант хы"уи зэралъытэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэр къызтехъукl лъабжьэр зэрылъытэ щlыкlэу зыр

зым ипlэкlэрэ мы зи гугъу тщlахэр лъытэныгъэрэ къэlуэтэныгъэкlэрэ икlи детал гуэрхэмкlэ зэщхьэщыкlыу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

"Нэщl"ым теухуауэ мы къэтlуэтахэмрэ куант хышхуэу волнавая зекlуэкlэ зиlэр куантизэ зэрыхъукlэрэ и зы куант пунктэм джырэ щыlэ гуэр утыку къызэрихьэу ипэкlэ зи гугъу тщlахэр зэрызэтехуэр гулъытапхъэщи, "нэщl"у "щlы"м хуэкlуэныгъэр щыхуэкlуэм дежыр зы джыпlэрэ "куант пунктэ"у, абдежым щыджрэ утыку къихьэри "щlы"уэ зэрыщытри зэрыжыlэпхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, зы куант пунктэр "и"уэ зэрылъытапхъэкlэрэ зы джыпlэу, икlи абдежым щыджри "и"уэ зэрылъытапхъэм хуэдэ lуэхугъуэу лъытапхъэщ "нэщl"ыгъуэм "щlы" лlэужьыгъуэ къызэрыхэхъукlри, "нэщl, нэщlыгъуэ"рэ "щlы"ри ипэкlэ зи гугъу тщla адыгэбзэм и макърэ псалъэхэм хуэдэжу, куантум физикэм езэгъ мыхьэнэ зиlэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Ипэкlэ зи гугъу тщla куантум потанциал лъабжьэрэ нэщlыгъуэшхуэр увыlэгъуэ зимыlэу функциалу хьэрычэт зиlэрщи, ар зэрызекlуэрэ зыхуэкlуэри "нэщl" псалъэм гурыlуэгъуэ къызэрищlыр гулъытапхъэщ: "нэщl"ыр потанцилау "щlы" хъуным хуэкlуэ хьэрычэт зиlэрщ. Нэщlыгъуэшхуэрэ куантум потанциалу енерие волнаваяу зекlуэу зэхэтрэ щыlэрэ пкъыгъуэ зыгъуэтхэр зыщылъытэрэ къыздыщыхъу мы космосыр (уэщl, щыlэгъуэ пкъыгъуэшхуэ) куантум физикэкlэ зэрылъытэр – зэрыгурыlуэгуэу- куантал пкъыгъуэ цlыкlухэм я хьэрычэтыпlэ хышхуэущ.

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщ икlии, "нэщl, нэщlыгъуэ" жыхуаlэр адыгэбзэм зэрилъытэр ахэр щыlэгъуэм зэрыхиубыдэкlэрэщ; пкъыгъуэ зыгъуэту щыlэхэм хуэдэжу, нэщlыгъуэри щыlэгъуэм и зы щlыпlэрщи, пкъыгъуэрэ щlыгъуэу утыку къихьэнум лъабжьэ хуэхъурэ зыхуэкlуэну щlыпlэрщ. Мыбы папщlэщи, "нэщl"ыр "потанциалу щlы"рэ икlи "куантум потанциал"у лъытапхъэращ. Атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэр икlи "щlы" лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ахэр зэрызэгухьэкlэрэ атомхэр мэухуэри, пкъыгъуэшхуэрэ щlы лlэужьыгъуэшхуэхэр утыку къохьэр. Мыпхуэдэ пкъыгъуэшхуэ зыгъуэтахэращ класикэ физикэкlэ "щlы"рэ "пкъыгъуэ" лlэужьыгъуэу тлъытэфхэри, абы нэщlыгъуэри мыбдежым зэрытлъытам хуэдэу зэримылъытэри гурыlуэгъуэщ. Класикэ физикэм и lуэхур мы зи гугъу тщla пкъыгъуэшхуэхэращ зытеухуари, абы и бгъэдэхьэкlэкlэ нэщlыгъуэмрэ пкъыгъуэ - лъэ - щыlэгъуэ зиlэхэм зы зэпыщlэныгъэ зыхуаlэкъым. Ауэ, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, нэщlыгъуэр щыlэгъуэм щыщщи, атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм я зэхуакумрэ атом кlуэцlми, класикэ физикэкlэ тлъытэ пкъыгъуэшхуэхэр зэрыухуа атомхэм я зэхуакуми и нэхъыбапlэр зэрыухуащ. Космосым и нэхъыбапlэр зэрыухуарэ "нэщlыгъуэ" жыхуэтlэр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlуу "фермион"рэ "бозон"у ялъытэ лlэужьыгъуэбэрщ.

*

Ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэщи, щыlэгъуэ лъабжьэрэ нэщlыгъуэу лъытам утыку къыщихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы "щlы" лlэужьыгъуэу

зэрылъытапхъэр, икIи ″щI″ макъри ″щ″ макъым абсолыдыгъэ зэригъуэтыр зэрылъытэу къытехъукIауэ зэрыщытри жытIагъэххэщи, ″щIы″м и лъабжьэр ″щ″ыуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Щ″ыр щыIэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ макъщи, дэтхэнэ щыIэ гуэрыр утыку къызэрихьэу икIи зэрызэхъуэкIрэ зэрыкIуэдри зэрылъытэ макъыу адыгэбзэм хэлэжьыхь макъщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, нэщIыгъуэм щыджрэ нэщIыр зыхуэкIуэу утыку къихьэ ″щIы″р къызтехъукIа ″щI″ макъми и лъабжьэжу щыт ″щ″ макъри зэрыигъуэкIэрэ куантал мыхьэнэ зиIэ макъыу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ″Щ″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри мыпхуэдэщи, ″щ″ым зыкъыщигъэлъагъуэ дэтхэнэ зы щIыпIэм зы щыIэгъуэ утыку къохьэ; щыIэгъуэ зиIэр зохъуэкI; щыIэр зыщыкIуэдри зэрылъытэрщ.

Адыгэбзэм ″щыIэ″рэ дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэу щыIэгъуэм теухуауэ къэхъур зэрилъытэ макъщ ″щ″ыри, ″щ″ыр зы зэманыгъуэ пыухытыкIакIэ (Iэ) утыку къызэрихьэрэ щыгъэлъагъуэращ адыгэбзэм и ″щыIэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр. НытIэ, джырэ щыIэгъуэ зыгъуэтыр куант пунктэм къызэрыщыхъурэ куантыр ″зэман-еспас″ зэхэхьэгъуэу щылъытэм деж, ар къэхъун папщIэ зыхуэныгъуэрауэ лъытапхъэщ ″щ″ макъ мыхьэнэм гурыIуэгъуэ ищIыр. Араща, куант пунктэм щыIэгъуэ щигъуэтын папщIэ, узхуэныкъуэр зылъытэ макъ мыхьэнэрауэ лъытапхъэщ ″щ″ыри, ар (щ) щызэгъэпэщу зы зэманыгъуэ пыухытыкIакIэрэ зыкъыщигъэлъагъуэращ (Iэ) ″щыIэ″р. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, ″зэман-еспас″ зэхэлъыпIэ джыгъуэм (и) ″щ″ым зэманыгъуэ щигъуэтращ ″щыIэ″ жыхуэтIэр утыку къызэрихьэр.

ЩыIэгъуэ къэхъун папщIэ узхуэныкъуэращ ″щ″ыри, ар икIи щыIэгъуэрэ щыIэр щхьэжуи зэрылъытэф макъ мыхьэнэщ. Ауэ икIи, зэманыгъуэ зыхэлэжьыхьу щыт щыIэгъуэ геометрием езыри лъэныкъуищу зэрызэпкъырыуварэ зэрызэхэлъым ипкъ зэриткIи, дэтхэнэ щыIэ гуэрэри щыуэ зэрызэхэлъри гурыIуэгъуэщ. ″Куант″ыр икIи геометрие лъабжьэу зэрыщытрэ адыгэбзэм и ″и″ макъри ар дыдэр зэрылъытэу зэрыщытым хуэдэжу, икIи ″щ″ макъ мыхьэнэри щыIэгъуэ геометрие лъабжьэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, зэманыгъуэрэ (э) джыгъуэкIэрэ (и) ухуэ ужьыгъуэри (у), джыпIэм (и) щыджри геометриеу щыуэ зэрызэхэлъыр гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэ геометриер ухуэнрэ дэтхэнэ зы щыIэри утыку къихьэн папщIэ узхуэныкъуэр ″щ″ макъ мыхьэнэмрэ щым гурыIуэгъуэ зэрищIыр наIуэщ.

″Щ″ыр бзэм и макъ мыхьэнэкIэрэи, макъ псалъэуи (щы) зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэщи, ар зыхэту ухуэ псалъэхэри мыпхуэдэ IуэхугъуэщзытеухуаР: ″щы″пIэр къэхъупIэрэ зэхъуэкIыпIэ е кIуэдыпIэрщи, ″щыгъуэ″ псалъэр бзэм щызэрызекIуэр мыпхуэдэщ. ″И″пIэр зэрылъытэ ″игъуэ″ псалъэм хуэдэ мыхьэнэ зиIэрщ ″щыгъуэ″ри, игъуэ къэсыр зэрыджрэ щыIэ зэрыхъуу зэрызэхъуэкIрэ зэрыкIуэдым хуэдэщ ″щыгъуэ″ псалъэми гурыIуэгъуэ ищIыр: дэтхэнэ зы щыIэр утыку къыщихьэрэ зэрызэхъуэкIыр е щыкIуэдыр зы ″щыгъуэ″м теухуащ.

Щыlэгъуэ пкъыгъуэшхуэм езымрэ (космос корпус) абы щыlэгъуэ зыщигъуэту щыlэ хъу дэтхэнэ гуэрыр щыуэ зэхэлъущ зэрытлъытэри, абыхэм дэтхэнэ зым щхьэжу и гугъу зэрытщlыфри гурыlуэгъуэщ. Щхьэж зи гугъу тщlыфыр бзэмкlэ зэрылъытэри ар ″зы″уэ зэрыщытрауэщи, нытlэ, ″щы″уэ зэхэлъыр ″зы″уэ зэрылъытэм и лъабжьэр ″з″ макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, щыуэ зэхэлъу тлъытэ щыlэр щхьэж зыуэ зэрылъытэфым и лъабжьэр а зи гугъу тщlы щыр генератикэ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуиlэкlэрэ зэрызэхэлърауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыращ ″з″ макъ мыхьэнэри, ар генератикэ зэпыщlэныгъэкlэрэ зэхэлъыр щхьэжу зы псоугъэу зылъытэрщ. Зы куант пунктэм къыщыхъур ″щы″уэ генератикэу зэрызэхэлъкlэрэ щхьэжрэ а зэрыпсоуэ ″зы″уэ зэрылъытэри гурыlуэгъуэщи, ″з″ макъри куантал мыхьэнэ зиlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″З″ макъым и гугъу щытщlым деж, ар къызкlэлъыкlуэ ″ж″ макъми, тlури къызтехъукlа ″жь″ макъми и гугъу щlыпхъэщ. Мы макъхэм дыщытепсэлъыхьым деж, ″щ″ыр къызкlэлъыкlуэу абы ипэ къихуэу къэхъуауэ тлъытащ ″жь″ макъри, ар увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэт зэрылъытэрщ. Щыlэгъуэ лъабжьэр (щ) хьэрычэткlэрэ (жь) утыку къызэрихьэр зэрылъытэ куантум физикэм зэрыжиlэм езэгъыу ″щ″ымрэ ″жь″ макъхэр зэрызэпыщlари гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэ зиlэр кlуэцlкlэ генератикэу зэпыщlауэ зэхэлъу щхьэжу зылъытэ ″з″ыри ″жь″ым къытехъукlарэ генератикэ зэпыщlэныгъэ зыгъэзащlэ ″ж″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къызэрихьари гулъытапхъэщ.

″Жь″ымрэ абы къытехъукlыжауэ мы зи гугъу тщlы макъхэм хуэдэжщи, ″щ″ыми къытехъукlыж ″щl″ыри, щыlэгъуэр зэрыскlэрэ зэрызекlуэм теухуа мыхьэнэ зиlэ ″с″ыри щыlэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиlэу куантум физикэм езэгъ мыхьэнэ зиlэрэ бзэми щызекlуэ макъхэрщ. Щыlэгъуэр лъабжьэрэ зэрызэхэлъ щlыкlэу зэрылъытэр ″щ″ макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытрэ абы къытехъукlауэ мы зи гугъу тщla макъхэри абы елъытарэ пыщla мыхьэнэ зиlэхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэр зэрызекlуэ щlыкlэр икlи ″с″ макъкlэрэ зэрылъытэрэ къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, щыlэгъуэр увыlэгъуэ зэримыlэкlэрэ нэсыныгъэрэ сыныгъэкlэрэщ зэрызекlуэри, ″с″ макъым мы и мыхьэнэри куантум физикэ щlэныгъэм и къежьапlэу лъытапхъэ зэманыгъуэхэм Айнштайн къигъэунэхуа зы физикэ хабзэу ″термодинамикэ″м теухуауэ жыlэпхъэщ.

Сытри зэрыскlэрэ зэрызекlуэу, икlи сытри уэз лlэужьыгъуэу щыщыткlэ, уэзыр зэрыскlэрэщ щыlэгъуэр зэрызекlуэри, уэзыр мэсри исыр мэдж, имысыр мыджэщ. Уэзыр зэрыскlэрэ щыlэгъуэр утыку къызэрихьэрэ зэрыджри, ари уэзым и джыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, исыр щыlэ мэхъу, имысыр щыlэ мыхъурщ. Уэз нэмыщl щымыlэмэ, уэзыр зынэсыжурэщ зэрысри, уэзыр иту ису мэсри ″сос″ыр къохъу; уэз сыгъуэм итыгъуэ зэригъуэт ″сос″ым щыджрэ къыхэхъукlращ (къу) щыlэгъуэ зыгъуэтри. Щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьэр мыпхуэдэу зэрыскlэрэщ утыку

къызэрихьэри, абы и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрыужьри зэрыскlэрэщ; увыlэгъуэ зимыlэу къеклуэкl мы lуэхугъуэри ″сос″ыры″къуэ″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, и макъхэм имызакъуэу, макъыбзэкlэ ухуа и псалъэхэми куант мыхьэнэ иlэу зэрытлъытами зэрезэгъщ адыгэбзэм и мифологие лlыхъужьыцlэ гуэрхэр занщlэу щыlэгъуэр къызэреклуэкl щlыклэрэ икlи куантал мыхьэнэ зиlэу зэрыщытыр (п.п.: Ис, Имыс; Уэзырмэс, Уэзырмэдж, Сосрыкъуэ).

Мы псалъэхэр щыlэгъуэр зэрызеклуэрэ куантум физикэми езэгъ псалъэхэрщ, ауэ щыlэгъуэр уэз лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ ар зэрыскlэрэ зэрызеклуэм нэмыщl, мы къэтlуэтахэм мысрэ мыджри къызэрыхэщыр гулъытапхъэщи, мыбыхэм щыlэгъуэ мыхъурэ мыщыlэм е нэгъуэщl гуэру мысрэ мыдж лlэужьыгъуэу щыт гуэрхэр гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэхэр мы лэжьыгъэ lыхьэм игъуэр къыщысым деж къытпыщlэхуэнуи къыщlэкlынщ.

Щыlэгъуэр мы къызэреклуэкl щlыклэр термодинамикэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар волнавая щlыклэу зэрызеклуэр, ауэ икlи дэтхэнэ и зы куант щlыпlэр зэрылъытэкlэрэ куантизацэ щlыклэкlэ зэрызеклуэри гулъытапхъэщ. Аращи, сытми щыlэгъуэ зэригъуэтыр зэрыскlэрэщ; мыпхуэдэущ щыlэгъуэ зеклуэкlэри, уэзыр зэрысыр зэрылъытэ ″Уэзырмэс″ псалъэр термодинамикэ зеклуэкlэр волнаваяу зэрызеклуэу зэрыщытыр нэхъ игъуэу къызэрыlуатэ псалъэу лъытапхъэрщ. Уэзыр зэрысыхункlэрэ зэрыджынури гурыlуэгъуэщи, уэзыр зэрысым зэрыпыщlакlэрэ ″Уэзымэдж″ри щыlэгъуэр увыlэгъуэ зэримыlэкlэрэ волнавая функцэ щlыклэкlэ зэрыджыр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlырщ. Ауэ, уэзыр зыщыджрэ зэрыджри сыгъуэу волнаваяу къеклуэкlыр куантизацэ зэрыхъурауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, ″Уэзырмэс″ым гурыlуэгъуэ къищl волнавая зеклуэкlэр куант куантклэрэ зэрызеклуэрауи лъытапхъэщ ″Уэзырмэдж″клэрэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъур. Уэзыр зэрыскlэрэ зэрыдж щlыклэр, икlи утыку къихьагъэххэми и щыlэгъуэр зэрихь щlыклэр къызэрыlуатэу лъытапхъэщ ″Сосрыкъуэ″р. Уэзыр сыурэ иту къызэреклуэклрэ (сос) абы къыхэхъуклыр (къуэ) зэрылъытэу, икlи мы къыхэхъуклри сыурэ иту зэрызеклуэрэ къызхэхъуклыныгъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэ зыщl псалъэщ ″Сосрыкъуэ″ри, ар щыlэгъуэрэ щыlэр термодинамикэу утыку къызэрихьэрэ зэрызеклуэр зыхэлъыж псалъэу лъытапхъэщ. Щыlэгъуэр зэрызеклуэри абы къыхэхъукl дэтхэнэ зы щыlэм и щыlэгъуэр зэрихьри зэрылъытэу, волнавая щlыклэ зиlэ зы зеклуэкlэ зэрылъытэу зэреджапхъэри гурыlуэгъуэщ ″Сосрыкъуэ″ псалъэм. Ауэ икlи, уэзыр сыурэ зэрыщытым и зы сыгъуэу зы куант пунктэр гурыlуэгъуэ зыщlырщ ″сос″ри, мы сыплэрэ сыгъуэр зы джыплэрэ джыгъуэу зы куантыплэу зэрыщыткlэрэ куант куантклэрэ зэрызэпыщla щlыклэкlэ къызэреклуэклыуи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ ″Сосрыкъуэ″ псалъэми, термодинамие зеклуэкlэр волнавая зеклуэкlэу зэрыщытым нэмыщl, икlи куант куантклэрэ зэрызеклуэри гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl псалъэщ ар.

Аращи, щыIэгъуэр сыгъуэкIэрэ къызтехъукIыжу зэрызекIуэ волнавая зекIуэкIэу зэреджапхъэм нэмыщI, сыгъуэрэ джыпIэу щыт ″сос″ымрэ абы щыджу къыхэхъукIыр (..къуэ) куанту зэрылъытапхъэкIэрэ къэхъуныгъэрэ щыIэгъуэ зекIуэкIэр куант куанткIэрэ зэрыгъэзащIэуи зэреджапхъэр гурыIуэгъуэщ ″Сосрыкъуэ″ псалъэм. Мыпхуэдэ щIыкIэщ икIи куантум физикэм щыIэгъуэр зэрызекIуэмрэ, щыIэгъуэ лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIуу илъытэхэми я зэкIуэкIэри зэрилъытэри, термодинамикэ мыхьэнэ зиIэу зи гугъу тщIа мы псалъэхэри – икIи нэхъ гурыIуэгъуафIэу ″Сосрыкъуэ″ псалъэрщи- щыIэгъуэр волнаваярэ куант куанткIэрэ зэрызекIуэм езэгъыу ухуа псалъэхэрщ.

Щыlэгъуэр зэрызекIуэ щIыкIэр волнавая щIыкIэу, икIи абы и дэтхэнэ зы щIыпIэр куант пунктэу зэрылъытэкIэрэ куант куанткIэрэ зэпычыгъуэ зиIэ унэтIыныгъэкIэрэ зэрызекIуэм теухуа зы щапхъэфIыу лъытапхъэщ адыгэбзэм и бжыгъэцIэхэм лъабжьэ хуэхъуарэ щыIэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыIуатэу ухуа псалъэхэр.

Щыlэгъуэр зэрызекIуэу къэхъу ужьыгъуэр волнавая щIыкIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, абы езыр зэрыщыту зэрылъытапхъэри, дэтхэнэ и зы щIыпIэрэ Iыхьэр зэрылъытапхъэри щыIэгъуэ лIэужьыгъуэрэ щыIэгъуапIэу ″щ″ макъ мыхьэнэрэ ″щы″ макъ псалъэкIэрэу зэрыщытым ипэкIэ и гугъу тщIагъэххэщ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ волнаваяу зекIуэм дэтхэнэ и зы куант пунктэр и зы щыIэгъуэ лъабжьэу ″щы″кIэрэ щылъытэм деж, ар зэрытIрэ тIыугъэкIэрэ зэрыбэгъуэнур гурыIуэгъуэщи, мы зекIуэкIэр икIи ″унэтIын″ псалъэмкIэ къэIуэтапхъэщ. Мыр щыIэгъуэ ужьыгъуэр икIи куант куанткIэрэ зэрызекIуэрщ. ЩыIэ лъабжьэр зэрылъытэ ″щы″р зэрыунэтIкIэрэ аргуэру ″щы″ утыку къихьэжыныр щыIэгъуэ ужьыгъуэу волнавая функцэр щы щыкIэрэ зэпыщIарэ щы щыкIэрэ зэпычыгъуэ зэриIэ зекIуэкIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщи, ар щыIэгъуэр куант куанткIэрэ зэрызекIуэрауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Куант пунктэрэ ″щы″м и унэтIыгъэкIэрэ аргуэру куант пунктэрэ ″щы″ утыку къызэрихьэжкIэрэщ щыIэгъуэ зекIуэкIэри, куант куанткIэрэ мы зекIуэкIэм езыр щхьэжу зэрылъытапхъэри щыIэгъуэ ужьыгъуэу волнавая щIыкIэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, ″щы → тIыу → щы → тIыу → щы →....″ зекIуэкIэр куант пунктэрэ ″щы – щы″кIэрэ нэрынэ нэрынэу увыIэпIэрэ зэпычыгъуэ икIи увыIэгъуи зимыIэ зекIуэкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, зэпэувыIэгъуэрэ зэпэувыIэкIэрэ мы зекIуэкIэр щы унэтIыныгъэрщ. Ауэ икIи, мы къэта зэкIэлъхьэужьыкIэр зы волнавая функцэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ар щыIэгъуэ ужьыгъуэр куант куанткIэрэ зэрызекIуэм хуэдэжу, волнаваяу зэрызекIуэри къэзгъэлъагъуэрщ.

Мы зекIуэкIэм езыри ″щы″пIэ щихуэм дежыр унэтIыныгъэрэ ужьыгъуэми щыIэгъуэ зэригъуэтрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ; икIи, мы къэта зекIуэкIэр генератикэ зэпыщIэныгъэу (ж) зэрыщытри гулъытапхъэщ; икIи мыр щыIэгъуэмрэ ар зэрызекIуэри увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэту (жь)

зэрыщытыр къызхэщырщ. Аращи, - ″щ″ым ипэ къихуэу утыку къыхьауэ тлъыта ″жь″ макърауэ зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ- щыlэгъуэр лъабжьэрэ зэрызэхэлъкlэрэ зэрылъытэ ″щ″ыр кlуэцlкlэ хьэрычэт (жь) зиlэрэ икlи абы и зэхэлъыныгъэм генератикэуи (ж) зэпыщlэныгъэ зэриlэр гурыlуэгъуэщи (з), щыlэгъуэм мы и зэхэлъыныгъэри ар зэрыужьрэ зэрыунэтlым хуэдэжщ.

Щыlэгъуэр зэрыужь щlыкlэу мы ″щы″ унэтlыныгъэ зекlуэкlэр щхьэжу волнавая функцэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы и дэтхэнэ зы куант пунктэу щыт ″щы″пlэри мы волнавая функцэм теухуауэ лъытэныр волнавая функцэр куантизацэ щlын lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэщ дэтхэнэ зы ″щы″пlэр волнавая функцэм и щыlэгъуэм теухуауэ зэрылъытэ псалъэхэр зэрыухуари, къежьапlэу щыт ″щы″пlэр ″зы″уэ, абы къыкlэлъыкlуэ ″щы″пlэр ″щы″уэ, къыкlэлъыкlуэж ″щы″пlэр ″тху″уэ, волнавая функцэм езыр ″щы″пlэ щихуэ ″щы″пlэри ″блы″уэ зэрылъыта щlыкlэр мыпхуэдэщ. Мыбы къыщымынэу, дэтхэнэ зы ″щы″м и тlыугъэрэ унэтlыныгъэри куантизацэ лlэужьыгъуэущ къызэрыlуэтари, ари ″тlу, плlы, хы″кlэрэщ зэрылъытар.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр мы lуэхугъуэращи, абыхэм я мыхьэнэм игъуэ щыхъум деж дызэрытепсэлъыхьари гурыlуэгъуэщ. Ауэ ″щы″м къыщымынэу, ″щы″ым и тlыугъэрэ унэтlыныгъэр къызтехъукl ″тl″ыри зы къэхъуныгъэ лъабжьэу куантал мыхьэнэуэ зэрыщытыр, икlи къызэрыlуэта псалъэхэмкlэ ари зы куант пунктэу зэрылъытари гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщlы волнавая функцэр куантизацэ зэрыхъу щlыкlэр къызэрыlуатэ мы псалъэхэр дэтхэнэ зы ″щы″пlэу щыlэгъуэ лъабжьэ куант пунктэмрэ, абыи и ″тlыу″гъэу унэтlыныгъэри щхьэж куант пунктэу зэрылъытэкlэрэ зэрыухуар гурыlуэгъуэщ. Аращи, мы псалъэхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэ волнавая функцэр куантизацэ зэрыхъум теухуауэ ухуа псалъэхэрщи, мыпхуэдэу генератикэ зэпыщlэныгъэ зиlэ зекlуэкlэр къызэрыlуатэм папщlэщ икlи ахэр зэкlэлъхьэужьыкlэ зэриlэкlэрэ бжыгъэхэм зэрыфlэщарэ бжыгъэцlэ къалэн зыгъэзащlэу цlыхум зэрихьэ щlэхъуари.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэу волнавая функцэм дэтхэнэ и зы щlыпlэр зэрылъытэрэ куантизэ зэрыщlакlэрэщ зи гугъу тщla псалъэхэр утыку къызэрихьари, ахэр ″щы″мрэ ар зэрытlыр зэрылъытакlэрэ ухуа псалъэхэщ. Ауэ, сытым дежи щыlэгъуэ зэрыщыlэкlэрэ щыlэгъуэр зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ зэрызекlуэм зэрезэгъщи, ар икlи ″щы″ защlэкlэрэ зекlуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэр зэрылъытэу адыгэбзэм хэт псалъэщ ″щэ″ри, ар щым увыlэгъуэ зимыlэ функциал кlуэтэгъуэрэ хьэрычэткlэрэ зэрызекlуэр зэрылъытэрщ. Щыlэр зэрыщыlэрэ зэрызекlуэр ″щы″ защlэкlэрэщи, ар щыlэгъуэм и функциал хьэрычэту зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ; мыр зэрылъытэ ″щэ″р щыр зэрытlыу ипэкlи зи гугъу тщla щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ зекlуэкlэр къызхэмыщырщ, ауэ ар (щэ) щыlэгъуэр (щ) увыlэгъуэрэ зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ функциалу зэрызекlуэр (э) зэрылъытарэ къызэрыlуэта псалъэрщ. Щыlэгъуэр увыlэгъуэ зимыlэ

хьэрычэткlэрэ зэрызекlуэрэ зэрабагъуэр зэрылъытэрщ ″щэ″ри, мы псалъэми илъытэр зэрилъытэ щlыкlэри волнавая функцэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Увыlэгъуэ зимыlэ щыlэгъуэ кlуэтэгъуэрэ бэгъуэныгъэ зи мыхьэнэ псалъэщ ″щэ″ри, бэгъуэныгъэрэ куэдагъ зэрылъытэу адыгэбзэм хэхьа мы псалъэр (щэ) бжыгъэцlэкlэ лъыта дэтхэнэ куэдагъэм щхьэщыкlыр зэрылъытэу бзэм щызекlуэу зэрыщытари гурыlуэгъуэ къытхуохъур. Ауэ, ″щэ″р иужь дыдэу зы бжыгъэр зэрылъыта бжыгъэцlэу адыгэбзэм къызэрыхэнэжари гурыlуэгъуэщ.

*

″Щ″ макъым къытехъуклауэ щыт ″с″ макъыр ″щ″ыр зэрызекlуэри зэрылъытэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ыр къызэрыхъурэ дэтхэнэ зы ″щыгъуэ″м щылажьэри ″с″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlращ. Щыlэ лъабжьэм къыщекlуэкlыр ″с″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlращи, ар сытми нэсыныгъэрэ сыныгъэ зэригъуэтыр зэрылъытэрэ бзэми къыщызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщ. ″С″ макъым игъэзащlэ мы lуэхугъуэр куантум физикэкlэ атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэхэм я хьэрычэтри зэрызекlуэр зэрылъытэрщ. Атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм я щыlэгъуэр зэрызекlуэр я кlуэцlкlэ зэрыскlэрэщ. Атом хьэрычэтрэ енергиер зэрыбагъуэр абы и кlуэцlым къыщыхъу сыгъуэкlэрэщ. Енергиер щыбагъуэм деж, хьэрычэтыр зэрыбагъуэри гурыlуэгъуэщи, зы атомым енергие къыщищтэм деж, абы езым и щыlэгъуэр зэрихьрэ нормалу зэрызекlуэм елъытауэ нэхъ хьэрычэти егъуэтыр.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, сытми и щыlэгъуэр зэрихьрэ нэгъуэщlхэм зэрызэпыщlарэ зэрынэсыр ″с″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlкlэрэщи, ″с″ макъым игъэзащlэу зи гугъу тщlы мы lуэхугъуэри дэтхэнэ гуэрым атом лъабжьэкlэрэ ″сын″ lуэхугъуэ къызэрыхъукlэрэщ. Араща, ″с″ макъ мыхьэнэм игъэзащlэр куантум физикэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ, икlи ″с″ макъым игъэзащlэу зи гугъу тщlы дэтхэнэ гуэрыр бзэ мыхьэнэкlэрэ зэрылъытапхъэр ″сын″ lуэхугъуэущи, ″сын″ псалъэри куантум физикэ лъабжьэкlэрэ мыхьэнэ зиlэрщ. Нытlэ, сытми и щыlэгъуэр зэрихьрэ нэгъуэщl гуэрым зэрыхунэсри сытми и атом лъабжьэкlэрэ енергие сыгъуэрщи, ″с″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ а нэхъ абсолуд мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэ ″сын″ глаголыр ″с″ макъым и мыхьэнэ лъабжьэр гурыlуэгъуэ зыщl зы псалъэу икlи куантал мыхьэнэи зиlэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, нэсын, лъэlэсын е щысын хуэдэ псалъэхэу ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэхэр къызэрыхъу щlыкlэри атом лъабжьэкlэрэ ″сын″ lуэхугъуэущи, абыхэмрэ макро физикэу зыгуэрыр зэрызэщlэнэу къэхъу ″сын″ lуэхугъуэм щхьэщыкlыныгъэшхуэ зэримыlэр куантум физикэкlэ гурыlуэгъуэщ.

Сытри къызэрыхъур ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрылъытапхъэращ мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlри, зы атомым енергие къызэрищтэрэ зэритри ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрылъытапхъэр. Араща, зы атомым

енергие къызэрищтэр ″сын″ lуэхуэгъуэу къыlэрыlуэтапхъэм хуэдэу, зы атомым и енергием зэрыхэщlри абы и щыlэгъуэр сыгъуэкlэрэ зэрызекlуэм хэщlыныгъэу ″сэхын″ псалъэм къиlуатэу лъытапхъэщ. Зы атомым енеригие къызэрищтэ щlыкlэри япэрауэ абы и электронхэм енергие къызэрищтэращи, енергие къэзыщта электронми хьэрычэт зэригъуэткlэрэ атом кулъэрэ купщlэм и хъуреягъкlэ къыздыщекlуэкlыу щыт и лъагъуэм (″орбит/орбита″м) икlыу атом гъунапкъэ лъэныкъуэмкlэ щыт орбитым зедзыр. Нэхъ lупщlыу жыпlэмэ, зы фотон къазыщтэу енергиекlэ бэгъуа электроныр енергиибэ (уэзыбэ) зэрыхъукlэрэ хьэрычэт егъуэтри, атом кулъэм и хъуреягъкlэ къыздыщекlуэкlыу щыта орбитым икlыу къыкlэлъыкlуэ арбитым зедзыр. Фотон къзыщтэу зи уэзыр бэгъуа электроныр къыздыщекlуэкl орбитым щхьэщыкlыу ищхьэрэ атом кулъэм пэжыжьэ орбитым зызэридз lуэхугъуэр ″куантал (квантовыи) дзыгъуэ (скачок)″у ялъытэр. Щыlэгъуэр лъабжьэкlэрэ зэрызекlуэрэ енергие зекlуэкlэр адыгэбзэм ″блэн″ псалъэмкlэ зэрилъытэрэ къызэрilуатэри, енергиеу къэхъу мыпхуэдэ дзыгъуэхэмрэ атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм мы зи гугъу тщla щlыкlэкlэ зызэрадзри адыгэбзэм ″щыблэ″ псалъэмкlэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Зы атомым къищтэ енергиекlэ и электроныр щыблэу (электрон щыблэ) къэхъу электрон дзыгъуэ -утхэ- блэгъуэр (куантал дзыгъуэ – утхэ – блэгъуэ – щыблэ) а атомым и кlуэцlкlэрэ хьэрычэт зэригъуэтырщи, мы хьэнычэтыр абы къыпэщыт атом лъэныкъуэмкlэ кlуэну зэрыхущlэкъури гурыlуэгъуэщ. Зы атомым и енергиерэ и хьэрычэтыр зэрыбагъуэкlэрэ мы къэхъури, ар къэзыгъэхъури ″с″ макъ мыхьэнэм игъэзащlэ lуэхугъуэкlэрэу зэрылъытапхъэри жытlагъэххэщ. Аращи, зы атом электроным къищта фотонкlэрэ и енергиер зэрыхэхъуэрэ хьэрычэти зэригъуэтри ″с″ lуэхугъуэу зэрыщытым хуэдэжу, а атомыр и гъунапкъэрэ и щlыб лъэныкъуэмкlэ хущlэкъуу и гъунэгъу атомхэм нэсыныгъэ зэрагъуэтри ″с″ макъкlэри зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, зи гугъу тщlы мы lуэхугъуэм зызэриубгъур мыпхуэдэ щlыкlэкlэрэщ. Нытlэ, зы атом электроным фотон къызэрщтэри, мыпхуэдэу и енергиер зэрабагъуэм къызэрыгуэкlкlэ, ар къыздыщекlуэкlыу щыт орбитым икlыну зэрыхущlэкъури, мыпхуэдэ щlыкlэкlи а атомыр и гъунапкъэрэ и щlыбымкlэ зэрыхущlэкъуфри ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ лъытапхъэу, ″сын″ lуэхугъуэрщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, дэтхэнэ гуэрым - е а гуэрыр зэрызэпкъырылъ атомхэмрэ атомым дэтхэнэ и зы электроным-енергие щигъуэтым деж хьэрычэти ягъуэтри ипlэм икlынкlэрэ хущlокъур. Зыгуэрым енергиерэ хьэрычэт щигъуэткlи, мыр а гуэрым нэхъ хуэбагъэ зэригъуэтрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, фонон къэзыщтэ электроныр енергиеу щыбагъуэм деж къэхъури, абы хьэрычэт игъуэту ищхьэ орбитым зыщидзкlэ къэхъу lуэхугъуэу мы зыдыщидза орбитым щыщыlэ электроныр/электронхэр зэрыхигъэзыхькlэрэ къэхъури сын lуэхугъуэрэ хуэбагъэрщ. Енергиерэ хьэрычэт зыгъуэта дэтхэнэ

гуэрыр икӏи зэрыщыту щытам елъытауэ хуабэгъи зыгъуэтаращи, и хьэрычэткӏэрэ зыхущӏэкъу и гъунапкъэхэм абы езым и хуэбагъэри зэрыхуихьри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щӏыкӏэкӏэ, зы атомрэ электроным енергие щигъуэтым деж, абы хьэрычэт егъуэтри, мэхуабэ; икӏи, ар ипӏэм икӏыну и гъунапкъэкӏэрэ зэрыхущӏэкъуми и хьэрычэтрэ и хуэбагъэр къыпэщыт атомым хуокӏуэр. Ныткӏэ кӏэщӏыу жыпӏэмэ, енергие зыдэщыӏэм хьэрычэт, хьэрычэт къыздыщыхъуми хуэбагъэ щыщыӏэщ. Икӏи, ″хуэбагъэ″рэ ″хьэрычэт″ жыхуэтӏэри ″енергие (уэз) лӏэужьыгъуэ″хэрщ.

″Хуэбагъэ″ жыхуэтӏэр зы енергие лӏэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ, икӏи ″хуабэ″ псалъэми илъытэр цӏэимыӏуэкӏэрэ и енергиер зэрыхъун хуейм елъытауэ куэд (бэ) зэрыхъуращ. Аращи, ″хуабэ″ жыхуэтӏэр уэзыбэ (енергиибэ)″ жыхуиӏэрщ.

И щыӏэгъуэм елъытарэ зэрезэгъкӏэрэщ дэтхэнэ гуэрым и хуэбагъэри, абы и щыӏэгъуэм хуэӏуа мы и хуэбагъэм елъытауэ нэхъри хуэбагъэ щигъуэтым деж, езым и щыӏэгъуэм езэгъ хуэбагъэм аргуэру ихьэжыну зэрыхущӏэкъунури гурыӏуэгъуэнщ. Мы псалъэм икӏи гурыӏуэгъуэ къытхуищӏыр аращи, дэтхэнэ гуэрым езым и щыӏэгъуэм езэгъ енергиерэ хьэрычэт зэриӏэращ; икӏи мы езым хуэӏуа енергиерэ хьэрычэтым техьэжыну хущӏэкъуу зэрыщытынуращ. Ныткӏэ, зы электроным фотон къищтэу езым ипӏэу щыт и орбитым щикӏым деж, мы къищта енергиер игъэкӏуэду аргуэру къигъэзэжу езым хуэфӏыу щыт мы орбитым къехыжыну зэрыхущӏэкъунур гурыӏуэгъуэщи, мыри а электроным игъуэта енергие лейрэ хьэрычэтыр икӏи хэхъуа и хуэбагъэр игъэкӏуэдынкӏэрэ зэрыгъэзэщӏэнури гурыӏуэгъуэнщ.

Элементхэм хуэбагъэрэ нэгъуэщӏ енергие лӏэужьыгъуэхэр щептым деж къэхъурэ къекӏуэкӏыр мы къэтӏуэтахэмкӏэ гурыӏуэгъуэщ, икӏи псэущхьэрэ цӏыхуми и лъэ къарукӏэ енергие щигъуэтым деж къэхъуну ӏуэхугъуэри мы къэтӏуэтахэм езэгърэ гурыӏуэгъуэ ящӏыуи лъытапхъэщ. Ауэ икӏи, цӏыхум и псэ ӏуэхугъуэу, игум къыридзэрэ къыхуэкӏуэ гъуэзэджэ гуэрхэмкӏэ е къызэрыщтэрэ зэрышынэкӏэрэ къэхъури мы къэтӏуэтахэм езэгъыущ зэралъытэр. Аращи, цӏыхум игум къыридзарэ къыхуэкӏуар лъабжьэкӏэрэ и атомхэр енергиибэ щыхъурэ, и электронхэми нэхъ ищхьэ орбитымкӏэ зыщадзрауэщ зэралъытэри, мы къыхуэкӏуарэ къыхигъэзыхьым теухуауэ игъэзэщӏапхъэхэр щигъэзащӏэм деж, ищхьэ орбитымкӏэ бларэ зыздза электронхэр езыхэм я щыӏэгъуэм нэхъ хуэфӏыу щыт орбитым къехыжрэ къекӏуэлӏэжу аращ зэралъытэри, апщыгъуэм дежи, а цӏыхум игур тӏысыжрэ и псэр тыншыжу аращ.

Аргуэру хуэбагъэм дыхуэкӏуэжмэ, хьэрычэтыр енергиеращ къэзыгъэхъур, икӏи хьэрычэт жыхуэтӏэри зы енергие лӏэужьыгъуэщ. Зы енергие лӏэужьыгъуэу щыт хуэбагъэри мы хьэрычэтыр зэрызекӏуэм къыпэувыныгъэм къигъэхъу зы енергие зэхъуэкӏыныгъэу утыку къихьэращ. Хьэрычэт енергиер зыхуэкӏуэрэ зыхунэсым и щыӏэгъуэм ипкъ иткӏэрэ къэхъу къыпэувыныгъэм (резистанцие/сопротивление) къыщыхъу

сыгъуэращ зы енергие зэхъуэкlыныгъэу хуэбагъэр къызэрыхъур. Зы атомым игъуэта енергие лейрэ хьэрычэтыр зэрызекlуэм къыпэувыныгъэращ хуэбагъэ енергие лlэужьыгъуэр къэзыгъэщlри, хуэбагъэр атомым къищтэ енергиекlэрэ атом кlуэцlым къыщыхъу хьэрычэткlэрэ къызэрыхъум къыщlидзэу атом щlыбым зэрыхуэкlуэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, атом пкъыгъуэ кlуэцlым къыщыхъу енергие лейрэ хьэрычэтыр зыхуэкlуэну нэгъуэщl атом щымыlэмэ, лейуэ енергиерэ хьэрычэт зыгъуэтарэ и кlуэцl сыгъуэкlэрэ зи хуэбагъэри хэхъуауэ зи гугъу тщlы атомымрэ абы и электроным мы игъуэта енергиерэ хьэрычэтыр - абы къыпэувын щыщымыlэм деж- фlырыфlкlэ зэримыгъэкlуэдыфынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, енергие зыгъуэта зы атомрэ электроным къыпэувыныгъэ зимыlэу тлъытэ зы атомым и системэр езы атомым и щыlэгъуэр зэрызыригъакlуэ енергием нэмыщl къару зимыlэрщ. Мыпхуэдэ атомыр и щlыбкlэ хущlэкъуну енергиеи, икlи къыхуэкlуэм пэувын енергиеи зимыlэжырщи, ар а нэхъ енергие лъабжьэрэ мащlэ зиlэу и щыlэгъуэр зезыгъэкlуэфlынкlэрэ лажьэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ атомыр езым и щыlэгъуэр зэрихьыфын енергие – хьэрычэтрэ хуэбагъэ- нэмыщl зимыlэжрэ а нэхъ щlыlэгъуапlэм ит атомращи, мыпхуэдэ щlыlэгъуэри ″0 градус Келвин (-273,15 градус цэлсиу)″ жыхуаlэу, физикэу абсолуд щlыlэгъуапlэращ. Ауэ, щыlэгъуэм щыщыlэу, космикэрэ натуралу мыпхуэдэ зы щlыlэпlэ щымыlэн хуейуэщ зэралъытэри, дауэми, енергие къэзыщта атомым и хьэрычэтым къыпэувыну нэгъуэщl атом зэрыщыlэнум зэрезэгъкlэрэ атомрэ электрон хьэрычэтым нэсыныгъэрэ сыгъуэ къызэригъэхъу щlыкlэу зэрыигъуэкlэрэ хуэбагъэ къигъэхъунущ.

Енергие зыгъуэта атомым и енергие лейр нэгъуэщl атомхэм иритыну зэрыхущlэкъум хуэдэу лъытапхъэщи, енергие зыхуэмащlэ атомри зыхуэныкъуэ енергиер зэригъэпэщыжыну щlэбэгырщ. Ауэ икlи, енергие зыхуэмащlэрэ зыхуэныкъуэ атомыр къыпэщыт атомхэм елъытарэ теухуауэ и щlыб лъэныкъуэмкlэ хущlэкъуну хьэрычэт зимыlэнуращи, мыпхуэдэу енергие зыхуэныкъуэ атомыр езым елъытауэ нэхъ енергикэу щыт атомхэм я хьэрычэтращ а зыхуэныкъуэ енергиер къызпкъырыкlынур. Зэрыгурыlуэгъуэу, енергиер зэрыунэтl щlыкlэр нэхъ енергикэм къыпкъырыкlыу нэхъ енергие мащlэ лъэныкъуэмкlэщи, хьэрычэтри енергикэм къыпкъырыкlыу енергие зыщымащlэрэ зи хьэрычи мащlэ лъэныкъуэмкlэ зэрыкlэунури гурыlуэгъуэщ. Икlи, зы енергие лlэужьыгъуэуи щытрэ хьэрычэтым къыпэувыныгъэкlэрэ къэхъу хуэбагъэри зэрызекlуэр мыпхуэдэщи, енергиибэрэ хьэрычэтыбэу хуабэу щытым и хуэбагъэри езым елъытауэ нэхъ мащlэ хуэбагъэ зиlэм зэрыхуэкlуэкlэрэщ зэрызекlуэр. Мы псалъэми къызэрыхэщу, хуабэр зэрыупщlылум хуэдэкъым щlыlэр зэрыхуабэри, хуабэращ щlыlэр зэрыхуэбэжыр къызпкъырыкlыр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, хуабэмрэ щlыlэр щызэхуэзэм деж, хуабэр зэрыупщlыукlэрэщ щlыlэр зэрыхуэбэжри, енергие хьэрычэтыр хуабэм деж къыщlидзэу щlыlэ лъэныкъуэмкlэ макlуэр.

Аращи, енергиибэм дежщ хьэрычэт зыдэщыIэрэ къыздыщыхъури, хьэрычэтым и кIуапIэри абы къыпэувыщэну гуэр зыдэщымыIэ лъэныкъуэрауэ зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ, хуэбагъэр хуабэм къыпкъырыкIыу щIыIэпIэмкIэ макIуэр; - ауэ мыбы и пхэнджыр зэрымыпэжри гулъытапхъэщ.

Атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм теухуауэ мы къэтIуэтахэр куантум физикэ лIэужьыгъуэрэ ар зи тегъэщIапIэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкIи, мы зи гугъу тщIахэр къызэрыIуатэ псалъэхэр мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэрэ куантал мыхьэнэ зиIэу зэрызэпкъырыувари гулъытапхъэщ. НытIэ, мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэхэу адыгэбзэм къигъэщIа нэгъуэщI псалъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Хуабэ" псалъэм и мыхьэнэр ипэкIэ къэтIуэтахэм къыхощри, "щIыIэ" псалъэм и мыхьэнэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. "ЩIыIэ" псалъэр Адыгэ топокосмикэ еплъыкIэм езэгъ зы псалъэу лъытапхъэщи, илъэс хъурейм "гъэ"р зэрызекIуэ щIыкIэм теухуауэ "гъэ"р "щIы"ым щыщIэхьэрэ "щIы"р "гъэ"м щытекIуэу, "щIы"ым зэманыгъуэрэ (IэI) тетыгъуэ зэригъуэт щIыкIэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ "щIыIэ" псалъэм и мыхьэнэр. Ауэ, щыIэ лъабжьэ зи мыхьэнэ "щ" макъым елъытарэ къытехъукIыу утыку къихьа зы макъщ "щI"ыри, ар щыIэгъуэ зыгъуэтыр абсолудрэ IупщIыу зэрылъытэрщ. ЩыIэгъуэ зиIэм пкъыгъуэ зэригъуэтарауэ лъытапхъэщ "щIы" макъ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIри, "щIыIэ"ри мыбы теухуауэ зэрыщытыр мы къэтIуэтахэмкIи гулъытапхъэщ.

Мы къэтIуэтахэм нэмыщI, зы енергие лIэужьыгъуэу зэрыщытыр жытIагъащ "хуэбагъэ"ри, мы енергие лIэужьыгъуэр зэрыкуэдыр "хуабэ"у зэрытлъытэм хуэдэжу, "щIыIэ"у тлъытэри мы енергие лIэужьыгъуэр зэрымащIэр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIырщ. Мы псалъэми къызэрыхэщщи, "щIыIэ" жыхуэтIэри зы хуэбагъэ лIэужьыгъуэрщ. ИкIи, зы щыIэр зэрызэпкъырлъ щIыкIэкIэ и хуэбагъэр къызэрекуэдэкIыр "хуабэ"у зылъыта адыгэбзэм хуэбагъэ мащIэрэ зыхуэныкъуэри "щIы"м теухуарэ хуэкIуэ хуэбагъэу "щIыIэ"у зэрилъытари гулъытапхъэщ.

ЩыIэгъуэрэ космосыр щIыгъуэрэ нэщIыгъуэу зэрызэхэлърэ зэрызэпкъырылъыр гурыIуэгъуэщи, а нэхъ щыIэгъуэ пкъыгъуэрэ корпус цIыкIуу ялъытэ атомри зэрызэпкъырылъыр щIы лIэужьыгъуэхэмрэ абыхэм я зэхуаку дэлъ нэщIыгъуэхэмкIэрэщ. Атомыр зэралъытэкIэрэ абы и кулъэр и нэхъ пкъыгъуэшхуэу щытрэ абы и хъуреягъкIэ къекIуэкI электронхэмкIэ ухуащи, мы пкъыгъуэхэм я зэхуакур нэщIыгъуэщ. Мы пкъыгъуэхэр щIы лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ, ауэ икIи атомым и щIы лIэужьыгъуэшхуэри и купщIэрэ кулъэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, абы и хъуреягъкIэ къекIуэкI пкъыгъуэ цIыкIуу зи гугъу тщIа электронхэр пкъыгъуэу зэрылъытапхъэм нэмыщI, игъуэ щыхъум деж, пкъыгъуэрэ щIы лIэужьыгъуэ нэхърэ енергие лIэужьыгъуэу щалъытэи щыIэщ. Аращи, атомыкуращ щыпкъэу атомым и щIы лIэужьыгъуэу лъытапхъэр.

Щlы лlэужьыгъуэ щыпкъэу щыт атом кулъэрэ купщlэм и хъуреягъклэ къеклуэклыу увылэгъуэ зимылэу хьэрычэт зилэ пкъыгъуэрэ икли енергие лlэужьыгъуэу ялъытэ электронхэращ атом жыхуэтlэм япэу енергие къэзыщтэрэ зыгъэклуэдыфри, ахэращ икли атом кулъэм елъытауэ япэу хуэбагъэи зыгъуэтрэ зыхэщlыр. Ауэ икли, электронхэм я енергиер щыбагъэм деж, атом кулъэ гущlылум къызэреклуэклыу щыт я хьэрычэтым нэмыщl хьэрычэти ягъуэту зыдиту къыздыщеклуэкl лъагъуэм (орбит) иклыу атом кулъэм нэхъ хуэпэжыжьэ лъагъуэм задзыр. Енергие къыщащтэм деж, атом кулъэм хуэпэжыжьэ орбитым зызэрадзым и пхэндж lуэхугъуэу енергие щагъэклуэдым дежи, электронхэр атом кулъэм хуэпэгъунэгъу орбитым къохуэхыр.

Гулъытапхъэщи, енергиерэ хьэрычэт щагъэклуэдрэ я хуэбагъи зэрыхэщlклэрэщ электронхэр атом кулъэрэ атом щlылъэгум пэгъунэгъу щыхъухэр; я хуэбагъэр зэрагъэклуэд щlыклэу зэрыупщlылуклэрэщ элекртонхэр атом кулъэу щlы лlэужьыгъуэм пэгъунэгъу зэрыхуэхъур. Электонхэр нормалу къыздыщеклуэкl орбитым щыщитым ялэ хуэбагъэм елъытауэ я хуэбагъэр щыхэщlрэ щlылэ зэрыхъуклэрэщ ахэр атом кулъэм пэгъунэгъу щыхуэхъур. Аращи, электронхэм енергие щагъэклуэдрэ щыупщlылум деж, атом кулъэрэ атом щlы лlэужьыгъуэм пэгъунэгъу зэрыхуэхъур гулъытапхъэщи, ″щlы″мрэ ″щlылэ″м я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэмрэ ″щlылэ″ псалъэр зэрыухуа щlыклэм куантал мыхьэнэ зэрилэри мыбы гурылуэгъуэ къытхуещlыр. Атомым теухуауэ мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, куанал мыхьэнэклэрэ ″щlылэ″р ″щlы″м и щылэгъуэращ зытеухуар; икли ″щlылэ″ псалъэр зэрыухуа щlыклэм щlылэр ″щlы″м зыкъызэригъэлъагъуэрэ зыкъыщигъэлъагъуэ зэманыгъуэрауэ (lэ) зэрыщытыр гурылуэгъуэ зэрищlри гулъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы элементыр езым хуэlуа хуэбагъэрэ щlылэгъуэ зилэрщ, икли я хуэбагъэрэ щlылэгъуэ зэхъуэклыныгъэклэрэ зэрызэхъуэкl щlыклэри элементыр зэрызэпкъырылъым елъытащ. Мыпхуэдэ деталхэм дыхэмыхьэу, элементхэм теухуауэ жылэпхъэращи, щыбгъэупщlылум деж, мы ипэклэ зи гугъу тщla lуэхугъуэращ къэхъурэ элементым (зы протонрэ зы электронклэ ухуа ″гелия″м нэмыщl!) и щхьэм къырикlуэр. Аращи, газ е тклуатклуэ лlэужьыгъуэу щырет, элементыр щыбгъэупщlылум деж, и газыгъэрэ и тклуатклуагъэр игъэклуэду зы пкъыгъуэ щlыклэ зэригъуэтрэ и пкъыгъуэр нэхъ быдэ зэрыхъуклэрэ зы щlы лlэужьыгъуэу утыку къохьэр. Мыпхуэдэ lуэхугъуэщи, зы газ лlэужьыгъуэр зы щlылэгъуэм нэгъунэ щыбгъэупщlылум деж, езым и атом системэм зэрелъытаклэрэ япэу тклуатклуагъэ егъуэт; мы тклуатклуэри нэхъри бгъэупщlылурэ зы щlылэгъуэм щынэсым дежи, зэхэщтыхьу пкъыгъуэ быдэрэ щlы лlэужьыгъуэ мэхъур. ″Щlылэ″мрэ ″щlы″м зэпыщlэныгъэ зэрызыхуилэр макро физикэ lуэхугъуэу мы къэтlуэтахэмкли гулъытапхъэщ; - сытри щыбгъэупщlылуклэ нэхъ пкъыгъуэ быдэрэ щlы лlэужьыгъуэ мэхъур.

″Щlы″р зы пкъыгъуэ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэми зэрезэгъкlэрэ енергие иувыlыхьарэ икlи нэщlыгъуэм елъытауэ нэхъ зэхъуэкlыгъуейуэ щытрэ хьэрычэт мащlи зиlэрщ. Атом кулъэр атомым и щlы щыпкъэрэ кlупщlэу лъытапхъэщи, абдежыр абы и хъуреягъкlэ къекlуэкlрэ абы елъытауэ цlыкlу дыдэу зы щlы лlэужьыгъуэрэ икlи енергие лlэужьыгъуэуи лъытапхъэ электронхэм хуэдэу хьэрычэт зимыlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, ″щlыlэ″р ″щlы″м теухуарэ зыкъызэригъэлъагъуэ (lэ) щlыкlэращи, ар куантал мыхьэнэкlи атом кулъэм теухуарэ екlуэлlэныгъэращ.

Атом щlы лlэужьыгъуэшхуэ атом кулъэм атом щlы лlэужьыгъуэ цlыкlу электроным хуэдэу зыщыщ атомыр къызхикlухькъым; электронхэращ атомыкурэ атом кулъэм къекlэрэхъуэкlыу хьэрычэт зиlэр. Атом кулъэри атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэр (протон, нейтрон) зыхэзыубыдэ пкъыгъуэрщи, атом кулъэр зэрызэпкъырылъ мы атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм езым я щыlэгъуэр зэрахь кlуэцl хьэрычэту яlэм нэмыщl, атом кулъэ щlыб хьэрычэти зэрамыlэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, атом кулъэр атомым и хьэрычэтыншэ щlыпlэрэ фlырыфlкlэ енергиеи къэзымыщтэрэ зымыт атом щlы лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ атомым и нэхъ щlыlэпlэрщ, атомым и щlыlэгъуэ щlыпlэращ. Атом кулъэм хьэрычэт къыщыбгъэхъунрэ енергие къебгъэщтэныр, икlи хэбгъэкlыныр абы и хъуреягъкlэ къекlуэкlыу хьэрычэт зиlэрэ тыншу енергие къэзыщтэрэ зыт электронхэм хуэдэу тыншкъым. Атом кулъэм енергие къебгъэщтэнрэ ебгъэтыныр нуклеер енергие lуэхугъуэрщи, атом кулъэу щlы лlэужьыгъуэу щытрэ ″щlыlэ″ псалъэри зыхуэфащэр мыбы хуэбгъэкlуэн папщlэ куэдыlуэкlэ бгъэхуэбэн хуейщ; - ар и щыlэгъуэкlэ зэрызэпкъырыуварэ зэрыухуа хуэбагъэм нэсрэ щхьэщыкlыу бгъэхуэбэжын хуеинщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, зэхуэдэ лъабжьэрэ къэхъуыкlэ зимыlэу икlи зэрыухуа макъ мыхьэнэкlи зэлъытэныгъэ зэрызыхуамыlэу лъытапхъэ ″щlыlэ″мрэ ″хуабэ″ псалъэхэр зытеухуа lуэхугъуэкlи куантал лъабжьэу зэрызэлъытапхъэрэ икlи зэрызэхуэпхэнджри гулъытапхъэщ. Щlыlэр ″щlы″м ехьэлlарэ теухуауэ абы зыкъызэригъэлъагъуэ мыхьэнэ зиlэу ухуа зы псалъэрщ, ауэ ″хуабэ″ псалъэр къекlуэкуэдэкl мыхьэнэ зиlэу ухуа зы псалъэрщи, цlэимыlуэкlэ мы къекlуэкуэдэкlыр енергиеу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу ″хуэбагъэ″р зы енергие лlэужьыгъуэщи, ар зыдэщыlэм зы енергие лlэужьыгъуэу щыт хьэрычэт къызэрыхъури гурыlуэгъуэщ. ″Щlыlэ″ жыхуэтlэри зы ″хуэбагъэ″ лlэужьыгъуэу щытрэ зи хуэбагъэр мащlэу зэрылъытэ псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Куантум физикэкlэ сытри енергие лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, пкъыгъуэрэ щlы лlэужьыгъуэу зэхэувыlыхьарэ зэхэвыхьа мы енергие лlэужьыгъуэу зи хьэрычэтрэ зи хуэбагъэр мащlэ зэрыхъум теухуащ ″щlыlэ″ жыхуэтlэр. Езыр зыужьыгъуэ зиlэу зы уэз (енергие) лlэужьыгъуэу щыт ″хуэбагъэ″р зэрызыхэпщlэри

зэрылъытэ псалъэри ″хуабэ″ращ. Зыужьыгъуэ лIэужьыгъуэ (уэз) енергиеу зэрыщытрэ лэжьэкIэ иIэу зэрыухуари (хуабэ-гъэ) гулъытапхъэщ ″хуэбагъэ″р, ауэ ″щIыIэгъуэ″ щыжытIэм деж, ар иувыIыхьарэ зыдитыпIэр зи итыпIэу (щIыIэ-гъуэ) зэрыщытыр къызхэщ псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. НытIэ, ″щIыIэгъуэ″рэ ″хуэбагъэ″ псалъэхэр ″щIыIэ″рэ ″хуабэ″ псалъэхэм я мыхьэнэхэр зэзэгъыу зи гугъу тщIа куантум физикэм зэрекIури мы къэтIуэтахэмкIэ гулъытапхъэщ.

Адыгэ топокосмологием езэгъ мыхьэнэ зиIэу ипэкIэ зи гугъу тщIа ″щIыIэ″ псалъэр икIи абыи и лъабжьэжу щыт куантал мыхьэнэ зиIэу зы псалъэу зэрыухуарэ зэрыщытыр мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщыр гурыIуэгъуэщи, ар бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэхэми деплъынщ. Макро физикэ еплъыкIэкIэ ″щIыIэ″ псалъэр бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ ″щIыIэ къыхэхьэн″ псалъэмрэ ″щIыIэ лIэн″ псалъэр. ″ЩIыIэгъуэ″р итыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, енергие зекIуэкIэр хуэбагъэ лъэныкъуэмкIэ абы къызэрыхуэкIуэр ипэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуащ, ауэ ″щIыIэ къыхэхьэн″ псалъэмрэ икIи ″щIыIэ лIэн″ псалъэм и мыхьэнэр мы зи гугъу тщIы енергие зекIуэкIэр зэрылъытэ щIэныгъэм зэремызэгъыщэри гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм хуэдэ мыхьэнэ зиIэу бзэм хэт зы псалъэри ″пIыщIэн″ращи, ар зэрызэпкъырылъ щIыкIэкIэ ″пIыгъуэрэ пIэуэ щIым хуэкIуэн″у, е ″щIы кIуэтэгъуэр пIын″у, е ″пIэуэ щIыр гъунэгъу къызэрыхъу″у еджапхъэщ. Араши, щIым зыщигъэлъагъуэрэ пIэ зэригъуэтыр е щIым пэгъунэгъу ущыхъури ″щIыIэ″рауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Дауэми, мы псалъэхэр къызтехъукIа ″щIыIэ″ псалъэм хуэдэу куантал мыхьэнэ дыдэ яIэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ, ипэкIэ и гугъу зэрытщIауэ, енергие лIэужьыгъуэу хьэрычэтрэ хуэбагъэри ″с″ макъ мыхьэнэм гурыIуэгъуэ къытхуищI щIыкIэу зэрызекIуэр гурыIуэгъуэщи, ″с″ макъ мыхьэнэкIэрэ гъэзащIэ мы Iуэхугъуэр ″щIыIэ″м теухуауи къызэрыхъур гурыIуэгъуэнщ. Араши, хуабэм хуэдэжу щIыIэм теухуауи къохъур ″сын″ Iуэхугъуэр: «хуабэм ес, мафIэм ес; щIыIэм ес, мылым ес». НытIэ, ипэкIэ къэтIуэтахэм къыхэщми, ″с″ макъ мыхьэнэр ″щIыIэ″м теухуауи зэрызехьапхъэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ИпэкIэ зэрыжытIауэщи, куантум физикэкIэ енергиеращ хьэрычэт къэзыгъэщIри, хьэрычэтыр нэхъ енериифIэм деж къыщIидзэу енергиекIэ нэхъ мащIэм дежкIэ зэрыунэтIым хуэдэжу, зы енергие лIэужьыгъуэу щыт хуэбагъэращ зызъубгъуу унэтIыныгъэ зиIэри, ар нэхъ хуабэм къыпкъырыкIыу нэхъ мащIэу хуабэмкIэ макIуэр. Енергиибэр хуабэу, щIыIэри енергиекIэ мащIэращи, хуэбагъэм елъытарэ хуэдэу щIыIэгъуэм зызэримыубгъурэ хьэрычэт зэримыIэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, хуабэ лъэныкъуэм къыщIидзэу щыIэ лъэныкъуэмкIэщ хьэрычэтыр зэрызекIуэри, зызъубгъур хуэбагъэращ; - щIыIэгъуэракъым.

Хуабэр енергиифlэрэ зи хуэбагъэр куэдращ, щlыlэр зи енергиер мащlэ хъуарэ зи хуэбагъэр къехуэхащ. Хуабэу щыт гуэрым и атомхэр ягъуэта мы енергиеклэрэ хьэрычэт ягъуэту зэщlобгыжри зыдынэсыфым нэгъунэ макlуэ-мэлъей; икlи, къэхуэба атомхэм я электронхэм къащта мы енергиеклэрэ хьэрычэт зэрагъуэткlэрэ ищхьэ орбитымкlэ задзыр. Мыбы и пхэндж lуэхугъуэу, зыгуэрыр щыупщlыlурэ нэхъ щlыlэ щыхъум деж, и хьэрычэтри мащlэ зэрыхъукlэрэ абы и атомхэр зэхуэпэгъунэгъу мэхъу; къэщlыla атомым и электронхэр зыдитын хуей орбитым елъытауэ атом кулъэ лъэныкъуэ орбитым йохри, атомри зэlуошэр.

Хуабэм и атомым и хьэрычэтыр щlыlэм и атом лъэныкъуэмкlэ зэрыунэтlыр гурыlуэгъуэщ, ауэ икlи мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэр ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ лъытапхъэ зы lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, зы хуабэрэ зы щlыlэ щызэхуэзэм дежым ″сын″ lуэхугъуэщ къэхъури, ар хуабэм къыпкъырыкlрэ щlыlэм хуэкlуэ енергие зекlуэкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, узэрыхуабэм елъытауэ щlыlэгъуэм ущыхэхьэми, узэрыщlыlэм елъытауэ хуэбагъэм ущыхэхьэми нэхъ хуабэм къыщlидзэу щlыlэ лъэныкъуэмкlэ зекlуэ енергием къигъэщl ″сын″ lуэгъуэращ къэхъурэ зыхэпщlэр. Ар зэрызыхэпщlэну щlыкlэри зэхуэзэу зи гугъу тщlы хуабэмрэ щlыlэм я зэхуаку дэлъ зэщхьэщыкlыныгъэращ зэлъытар. Я зэщхьэщыкlыныгъэр сыт хуэдизу тклиймэ, къэхъу сыгъуэри апхуэдизу тклийщ. Ауэ икlи, мы сыгъуэр зытеухуарэ зэлъытари элементхэм я щыlэгъуэм теухуа хуэбагъэрэ щlыlэгъуэращи, хуэбагъэр щlыlэгъуэ лъэныкъуэмкlэ щыунэтlым деж, щlыlэу жыхуэтlэм и атомхэр къыхуэкlуэ хуэбагъэрэ енергием пэувын хуэдиз (резистанцие) енергиеи зиlэу зэрыщытын хуейри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу щымытрэ щlыlэ лъэныкъуэр щыlэгъуэм и нэхъ щlыlэгъуэм хуэдиз щыхъум (-273,15 С: 0 К) дежыр, дэтхэнэ зы элементрэ атомым езым куанталу и щыlэгъуэр зэрихьын нэмыщl, къыхуэкlуэм пэувын къару (резистанцие) зэрызыщимыlэ щlыпlэу зэрыщытым папщlэ, къыхуэкlуэ енергиерэ хуэбагъэр занщlэу зэрыпхырыкlыфынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, хуэбагъэращ щlыlэ лъэныкъуэмкlэ унэтlрэ зызъубгъури, уэ уиlэ хуэбагъэм елъытауэ зыхэпщlэн хуэдиз ″сын″ lуэхугъуэ къэзыгъэхъуфыну щlыlэгъуэм ущынэсым деж, уи атомхэм я хьэрычэтымрэ уи хуэбагъэр а щlыlэгъуэм нэсу сыгъуэ къызэрыхъунур гурыlуэгъуэнщ. Мыбы и пхэнджри гурыlуэгъуэщи, уэ ущlыlэу зыхэпщlэн хуэдиз хуэбагъэм ущыхэхьэм къэхъу ″сын″ lуэгъуэри а хуабэм и атомхэм я хьэрычэтыр уэ уи пкъы щlыlэм щынэсклэ къэхъу сыгъуэращ. Нытlэ, щlыlэм узэрису жыхуэтlэр щlыlэм дежкъым къыздыщlидзэри, уэ уи хуэбагъэр щlыlэ лъэныкъуэмкlэ зэрыунэтlыу къэхъу хьэрычэтращ. Аращи, уэ мафlэрэ дыгъэм узэрисыр уэ абыхэм елъытауэ узэрыщlыlэращ, ауэ щlыlэрэ мылым уису щыжыпlэм деж, мыбы къикlыр уэ уи хуэбагъэр а щlыlэрэ мылым хуэкlуэу къэхъу сын lуэхугъуэращ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, хуабэм деж къыщlидзэу щlыlэ лъэныкъуэмкlэщ енергиерэ хуэбагъэр зэрыунэтl щlыкlэри, мыри хуабэу зи гугъу тщlым енергие къызэрыхэкlрэ зэрыхэщlыу, абы и хуэбагъэр зэригъэкlуэд щlыкlэрщ. Хуабэм и хуэбагъэр зэрыкlуэдрэ зэрыхэщl щlыкlэр адыгэбзэм ″упщlыlун″ псалъэмкlэщ къызэриlуатэр. Ныtlэ, хуабэм енергие зэригъэкlуэд щlыкlэр къызэрыlуатэ ″упщlыlун″ псалъэми щыгъазэ дыхуэхъунщ. Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, ″упщlыlун″ глаголыр ″хуэбэн, къэхуэбэн″ глагол мыхьэнэм и пхэндж мыхьэнэ зиlэрщ. Мы псалъэхэр енергиерэ хуэбагъэкlэ хэхъуэныгъэу зэрыщытым и пхэндж мыхьэнэуэ ″упщlыlун″ри хуэбагъэ хэщlын lуэхугъуэрщ. Хуэбагъэ хэщlыныгъэр зэрылъытэ ″упщlыlун″ псалъэри - ″щlыlэ″ псалъэмрэ абы елъытарэ теухуауэ ухуауэ ипэкlи зи гугъу тщla псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэу- ″щlы″ lуэхугъуэм теухуарэ елъытауэ зэрызэпкъырыувари гулъытапхъэщ. Ауэ, ″щlы″ырэ ″щlыlэ″ псалъэхэм хуэдэжу лъытапхъэщи, ″щlым пэгъунэгъу хъун″ мыхьэнэкlэ зэреджапхъэм зэрезэгъкlэрэ ″упщlыlун″ псалъэри куантал мыхьэнэ зиlэ зы псалъэу лъытапхъэщ. Араща, ″упщlыlун″ псалъэм ″ужьыгъуапlэу (у-пl) щlым екlуэлlэнрэ lухьэныгъэ (у-пl-щlы-lун)″ мыхьэнэуэ, е ″пlэ зыхуэщlынкlэрэ щlым lыхьэ lыхьэу (lу) екlуэлlэн ужьыгъуэ″ мыхьэнэуэ еджапхъэщ.

Тополоrикеу хуэбагъэр щыгъэкlуэдрэ упщlыlуныгъэ къыщыхъуу щlым пэгъунэгъу щыхъу зы зэманыгъуэ зэрыщыlэри гурыlуэгъуэщи, мы зэманыгъуэр зэрылъыта псалъэрщ ″щlымахуэ″р. Мы зэманыгъуэр ″щlы″м и ″махуэ″у зэрыщытрэ щlым зыкъыщигъэлъагъуэрэ щlыр щызекlуэ зэманыгъуэрщи, ар къызэрыlуатэ псалъэрщ ″щlымахуэ″р. Зи гугъу тщla топокосмикэм езэгъыу ухуа зы псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ ″щlымахуэ″р, ауэ ар икlи ″щlыlэ″р ″щlы″м зэрелъытарэ зэрытеухуам езэгъыу ухуа зы псалъэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Щlы тепщэгъуэу ″щlымахуэ″р къэхъуу, уэрэ уэгури зэры″упщlыlу″клэрэ ″щlыlэ″ щыхъум деж, уэм хэт бахъэхэр зэрызэхэщтыхькlэрэ уэгум къыщlэхъуэрэ къыщыхъуращ ″уэс″ жыхуэтlэри, ар ипэкlэ зэрыжытla щlыкlэу ″уэ″м къыщыхъу ″сыгъуэ″ лlэужьыгъуэкlэрэщ къызэрыхъур. Араща, ″сын″ lуэхугъуэкlэрэ къэхъур енергием къигъэщl хьэрычэтращ къызтехъукlри, ар хуэбагъэ лъэныкъуэмкlэ къежьэу щlыlэгъуэ лъэныкъуэр зи клуапlэрщ. Ауэ, къэхъу lуэхугъуэр зы ″сын″ lуэхугъуэрщи, ″уэс″ псалъэр зэрыухуари хуабэмрэ щlыlэм я зэхуаку къыдэхъухь сыгъуэу ипэкlэ къэтlуэтахэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

Мыбы нэгъунэ къэтlуэтахэм ″сын″рэ ″сыгъуэ″р хуабэрэ щlыlэм я зэхуакум къызэрыдэхъухь щlыкlэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ, ауэ мы псалъэхэр зытеухуа lуэхугъуэр хуабэрэ щlыlэ зэхуакум къыдэхъухь закъуэу зэрыщымытри гурыlуэгъуэщ. Араща, дэтхэнэ зы енергие лlэужьыгъуэм ар зыщымащlэ лъэныкъуэмкlэ зызэриунэтlым ″сын″ lуэгъуэ къызэригъэхъуфынури гурыlуэгъуэнщ. Дэтхэнэ зы нэсыныгъэрэ

зыхэщlэныгъэри ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуатэр жытlагъащи, хуабэрэ щlыlэ lуэхугъуэм теухуа сын lуэхугъуэкlэрэ ухуауэ зи гугъу тщla ″уэс″ псалъэм нэмыщl, хуабэрэ щlыlэ lуэхугъуэу щымытрэ, и енергие щlыкlэм елъытауэ щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэу зыдынэсым ибжьэри ″сыр″ псалъэмкlэ зэрылъытари гулъытапхъэщ. Араща, зынэс щlыпlэм и енергие щlыкlэм щхьэщыкlыныгъэ зэрызыхуиlэм ипкъ иткlэ, зыдынэсым хищlэрэ ибжьэу, зыдынэсымрэ езым и зэхуакум сыгъуэ къыдэхъуращ ″сыр″ жыхуэтlэр. Апхуэдэм и уэзымрэ ди lурэ ди лъэм и уэзыр зэрызэхуэмыдэм къызэрыгуэкlщи, мы зэхуэмыдэ уэз лlэужьыгъуэ зэхуакум къыдэхъухь сын lуэхугъуэр къэхъуным щхьэусыгъуэ хуэхъуращ ″сыр″у тлъытэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, и уэзым ди lурэ ди лъэм нэсрэ зэрызыщиубгъуу, ди lурэ ди лъэм и атомхэри абы зэрыпэувкlэрэ къэхъу сыгъуэращ мы зи гугъу тщlыр; икlи, мы къэхъур сыгъуэшхуэу зэрытлъытэм теухуащ зыгуэрыр ″сыр″у щlэтлъытэр.

*

Мы ипэкlэ ″уэс″ къызэрыхъум теухуауэ зетхьащ ″зэхэщтыхьын″ псалъэри (щтын), зыгуэрыр икlэ нэгъунэ щыупщlыlум деж къэхъу lуэхугъуэр къызэрыlуатэ псалъэрщ ″щтын″ыр. Мы глаголыр ″щт″ макъ зэгуэтым занщlэу къытехъукlа ″макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу щыlэгъуэ зэрылъытэ ″щ″ макъымрэ щыlэгъуэ зиlэм щхьэщыкlыныгъэ зэригъуэтыр зэрылъытэ ″т″ макъыр зэгухьэу къэхъуа мы ″щт″ макъ зэгуэтым игъуэт мыхьэнэри гурыlуэгъуэщи, зы щыlэр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэм зэрызэщхьэщыкlыр, е зы щыlэр и щыlэкlэм зэримытыжыр зэрылъытапхъэрщ.

Араща, ″щтын″ыр зы щыlэр зэрыщыlэ щlыкlэм зэрикl lуэхугъуэр зэрылъытэрщ. Ипэкlэ хуабэрэ щlыlэм теухуауэ куантум физикэм езэгъыу зи гугъу тщlахэм къызэрыхэщщи, зы щыlэ гуэрымрэ щыlэ лъабжьэ пкъыгъуэу щыт зы атомым иlэн хуей енергиерэ хьэрычэтыр зэрыхъун хуейм елъытауэ фlыщэу къызэрехуэхауэ къэхъу зы lуэхугъуэращ ″щтын″ псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр. Макро физикэу зы щыlэр (пп: псы) зэрыщыlэ щlыкlэм (ткlуаткlуэ) икlрэ нэгъуэщl щыlэкlэрэ щlыкlэ (быдагъэрэ пкъыгъуэ) зэригъуэтыр къызэрыlуатэ псалъэрщ ″щтын″ глаголыр. Ауэ икlи, мы lуэхугъуэр куантум физикэми зэрезэгъкlэрэ утыку къизылъхьэу лъытапхъэщ ″щтын″ псалъэри, щlыlэгъуэм къихь зы lуэхугъуэу, атомым и электроныр и орбитым икlыу илъабжьэ орбитым зэрехыр зэрылъытэ псалъэуи лъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зы атомым и электроным фотон (енергиге) зэригъэкlуэдкlэрэ зыдитыпlэ орбитыр зэрызэхъуэкlыу нэхъ енергие мащlэкlэ зыдэщыlэпхъэрэ нэхъ лъахъшэ орбитым зэрыхуэкlуэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ псалъэу лъытапхъэщ ″щтын″ глаголыр.

″Щт″ макъ зэгуэткlэрэ ухуауэ бзэм хэт нэгъуэщl псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэщ ″щтэн, къэщтэн″ псалъэхэр. Мы псалъэхэм мыхьэнитl зэраlэри гулъытапхъэщи, зыр зыгуэрыр зыдэщыт щlыпlэм къихын

lуэхугъуэр къызэрыlуатэрщ (″уэщыр щтэн/къэщтэн″ → ″сэ уэщыр сщтащ/къэсщтащ″); адрейри, узпэмыплъэу къэхъу lуэхугъуэм уи пlэм узэрызыригъэкl пэлъытэу зэуэ ″шынэн″ лlэужьыгъуэу къэхъуращ (щтэн/къэщтэн → ″сэ сыщтащ/сыкъэщтащ; сэ абы сыкъигъэщтащ″).

Гулъытапхъэщи, мы зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр зэрылъытэ ″щтэн, къэщтэн″ псалъэм мы и мыхьэнитlри ″щыlэр зэрыщыlэ щlыклэрэ щlыпlэм икlыныгъэ″у ″щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэклэрэ къэlуэтапхъэ lуэхугъуэхэрщ. Араща, ″щтэн, къэщтэн″ псалъэм и зы мыхьэнэр зыгуэрыр зыдэщыт щlыпlэм игъэкlыныгъэрщ, ауэ адрей и мыхьэнэри зы псэущхьэр нормалу зэрыщыт зэгущыгъуэм игъэкlын lуэхугъуэу шынэн лlэужьыгъуэрщ. Мыпхуэдэу зэщхьэщыкl lуэхугъуитlыр зэрылъытэ псалъэу щытми, мы и мыхьэнитlри ″щт″ макъ зэгуэтым куантал мыхьэнэ зэриlэклэрэ зэреджапхъэри гулъытапхъэщ; ауэ, мы мыхьэнитlым теухуауэ нэхъ лъабжьэрэ псэ lуэхугъуэу щыт шынэныгъэ лlэужьыгъуэр нэхъ куантал мыхьэнэ зиlэрауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Занщlэу къыхуэклуэ гукъэклыгъуэрэ гулъытэгъуэхэр къыщыхъум деж, цlыхум и атом электронхэм я щытыпlэ орбитым икlыу гъуанпкъэ лъэныкъуэрэ ищхьэ орбитым зэрызырадзыр ипэкlи жытагъащи, мыпхуэдэ зы lуэхугъуэ къэхъуущ зэралъытэр шынэнрэ къэщтэн lуэхугъуэр къыщыхъум дежри. Араща, шынэныгъэ лlэужьыгъуэу щыт ″щтэн, къэщтэн″ псалъэр зэрызэпкъырыува щlыклэри атом электронхэр къыздыщеклуэкl орбитыр зэрызэхъуэклыр зэрылъытэу куантал мыхьэнэуэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, ″щт″ макъ зэгуэткlэрэ къэмыlуэтами, мыпхуэдэ lуэхугъуэ къызэрыlуатэ зы псалъэу лъытапхъэщ ″шынэн″ри, зы псэ lуэхугъуэу щыт ″шынэн″ псалъэми зи зэгущыгъуэм ″къызэришауэ къызэтенэн″ мыхьэнэуэ зэреджапхъэри гурыlуэгъуэщ. Араща, ″шынэн″ псалъэри - зытеухуа lуэхугъуэр ″щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэм хуэдизу lупщlыу щымытми-, куантал мыхьэнэ зиlэ псалъэу лъытапхъэщ. Щlыхум и гукъэкlрэ и гум къыридзэхэм электрон дзыгъуэрэ блэгъуэ къыщагъэщlклэ, мыбы щхьэусыгъуэ хуэхъуа гукъэкlрэ гулъытэр зэрыгъэзащlэкlэрэщ нэхъ игъуэу электронхэр я орбитым ихьэжу зэралъытэри, мыпхудэу лъытапхъэщ ущышынэрэ укъыщыщтэм дежым къыздыщеклуэкlыу щыта орбитхэр зэзхъуэкlа электронхэр аргуэру я итыпlэ орбитым зэрыхуэклуэжри а цlыхум и къэщтэгъуэрэ и шынэныгъэм къытекlыу и зэгущыгъуэм щиувэжрауэщ зэрылъытэр.

Гулъытапхъэщи, ″щтын″ lуэхугъуэм деж, электронхэр нэхъ лъахъшэ орбитым хуэклуэу, псэ lуэхугъуэу шынэныгъэ лlэужьыгъуэ ″щтэн, къэщтэн″ lуэхугъуэр къыщыхъум дежи, электронхэм ищхьэ орбитым задзу зэрыщытрауэщ зэрыжытlар. Нытlэ, электронхэр атом кулъэм пэгъунэгъу зэрыхъу щlыклэу нэхъ лъахъшэ оритым зэрехыр ″щт″ыклэрэ, ищхьэ орбитым хуэклуэу къэхъу электрон дзыгъуэри ″щтэ″клэ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр гулъытапхъэщи, электроныр зыдэклуэ

лъэныкъуэкlэ зэщхьэщыкl мы lуэхугъуэхэр ″э″ макъым игъэзащlэм елъытауэ зэщхьэщыкl псалъэхэмкlэ къызэрыlуатэри гулъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, электроныр атомыкум пэгъунэгъу зэрыхуэхъункlэрэ къызэрикlуэтымрэ, абы пэжыжьэ зэрыхуэхъукlэрэ зэрыпэкlуэтыр къызэрыlуатэ псалъэхэр зэрызэщхьэщыкlыр ″э″м игъэзащlэ lуэхугъуэращ зэлъытар. Икlи, зыгуэрыр зыдэщыт щlыпlэм къытехынрэ пэжыжьэ щlын lуэхугъуэр къызэрыlуатэ и мыхьэнэкlэрэ ″щтэн, къэщтэн″ псалъэм и мыхьэнэри мы зэрыжытlа щlыкlэу ″э″м игъэзащlэ къалэным зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Аращи, ″э″кlэрэ ухуа мы псалъэхэмкlэ къэlуатэ lуэхугъуэр ″э″рыншэу ухуа ″щтын″ псалъэм и пхэндж хьэрычэт зиlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъкlэрэ къыхэгъэщыпхъэщи, мы ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэ зэщхьэщыкl lуэхугъуэхэр ″э″рэ ″э″ншэу ухуа псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэри, мыхэр ″э″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы элементыр щыбгъэупщlыlукlэ, элемент атом электронхэр къызщекlуэкl орбитым икlыу атом кулъэм пэгъунэгъуу щыт нэхъ лъахъшэ орбитым зэрыхуэкlуэр гурыlуэгъуэрэ жытlагъэххэщи, элемент атом системэм елъытауэ дэтхэнэ зы элементыр щыбгъэупщlыкlэ кlуэ пэтрэ ″щтыгъуэ″м зэрыхуэкlуэнури гурыlуэгъуэщ. ″Щтын″ lуэхугъуэр электронхэр атом кулъэм нэхъ пэгъуэнэгъу щыхуэхъураци, атомхэри мыпхуэдэу зэпэгъунэгъу зэрыхъукlэрэ а элементыр зэрызэlушэри гурыlуэгъуэщ. Я электронхэр атом кулъэм пэгъунэгъу зэрыхъукlэрэ зэlушэу зэхэщтыхь элементхэр нэхъ щlыlэрэ щlы лlэужьыгъуэ зэрыхъури гурыlуэгъуэщ; икlи, зэхэщтыхь элеменхэм я хуэбагъэр ягъэкlуэду щlыlэ зэрыхъур абыхэм я енергиерэ я хьэрычэтри зэрыхэщlрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Дэтхэнэ зы элементыр мыпхуэдэ щlыкlэкlэ щыщт зы щlыlэгъуэ щыlэщи, абдежыр абы нэгъунэм елъытауэ а элеменым и енергиер а нэхъ мащlэ щыхъу щlыпlэращ. Ауэ, щыlэгъуэ зиlэ сытри зыдэщыщтрэ щтын lуэхугъуэр абы атlкlэ щымыlэжу къыздыщыхъу зы щlыlэгъуэи щыlэщи, абдежыр щыlэгъуэм къыщыхъунфыну а нэхъ щlыlэгъуапlэращ. Мыпхуэдэ щlыlэгъуэращ икlи физикэ щlэныгъэмкlэ а нэхъ щlыlэгъуэу зи хуэбагъэр ″0 градус″у ялъытэри, ар зылъыта физик Келвин и цlэкlэ абдежыр ″0 градус К″ущ зэралъытэр.

″0 К″ым дежыр атомхэм езым я щыlэгъуэр зэрахьын кlуэцl хьэрычэт нэмыщlыу хьэрычэт щыщамыlэнураци, апхуэдэ атомхэм къытелэбэрэ къынэсыр зыхимыщlэу икlи абыхэм пэмыувущ зэралъытэр. Элементрэ атомым къытелэбэрэ къынэсым пэувын къару щыщимыlэжращ абдежри (0 К), мы щlыlэгъуапlэм ит элементрэ атомыр икlи зэрыщыlэрэ зэрыщымыlэри гурыlуэгъуащэ щымыхъурац.

Щыlэгъуэрэ щlыгъуэм къыщыхъуфыну а нэхъ щlыlэгъуэу щытрэ абы атlкlэ щымыlэж абсолуд щlыlэгъуэрауэщ ″0 градус К: -273,15 гладус С″ыр зэралъытэри, икlи зы щыlэм и хуэбагъэр натуралу апхуэдизу

къызэремыхуэхыфынурэ апхуэдэ щlыlэгъуапlэм зэрыхунэмысынуращ зэралъытэр. Ауэ, лабораторным щыгъэзэщlэфынщ мыпхуэдэ щlыlэгъуэ къэгъэхъунри, икlи атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм я щыlэкlэрэ я щlыкlэхэм кlэлъыплъын lуэхугъуэкlэ ди лъэхъэнэм къырагъэкlуэкl экспедицэхэм (пп: CEPH) хуэбагъэр ″0 К″ым хурахулlэр. Мыбыи къыщымынэу, 2013 пэщlэдзэм ирагъэкlуэкlа зы экспедицэкlэ Алман физикхэм ″азот: нитроген (N)″ газ элементыр ″0 К″ым нэгъуэнэ ягъэупщlыlуа нэужь, абыи и лъабжьэм (-0 К) зэрехахэр утыку къыралъхьащ. Ауэ гъэщlэгъуэныр аращи, ″0 К″ым илъабжьэм (-0 К) щыщехым щыгъуэ, а нэхъ щlыlэгъуэ ″0 К″ым щтауэ щыт элементым занщlэу и нэхъ хуэбагъэр къызэрыхъуаращ ялъэгъуарэ гулъытэ зыхуащlар. Аращи, щыlэгъуэрэ щlыгъуэм и нэхъ щlыlэгъуэу щыт ″0 К″ым атlкlэрэ илъабжьэри (-0 К) зы элементрэ и атомым игъуэтыфыну а нэхъ хуэбагъэри къыздыщыхъурауэ зэрыщытыр мы зи гугъу тщlы экспедицэкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащ.

Щыlэгъуэм и нэхъ щlыlэгъуапlэу хуэбагъэр щынэхъ мащlэ дыдэр (0 К) икlи абсолуд щтыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Щыlэгъуэрэ щlыгъуэм мы и нэхъ щlыlэгъуэм (0 К) щхьэщыкlыныгъэу абы атlкlэ щlыlэгъуэ зэрыщымыlэнур гурыlуэгъуэнщи, абы атlкlэу и гъунапкъэм къыпэщытыр щlыlэгъуэрэ щтыгъуэу зэрыщымытыжращ зи гугъу тщlа экспедицэми къигъэунэхуар; - ауэ икlи абдежыр а элементым и нэхъ хуэбагъэу зэрыщытращ. Мыбыи гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, щыlэгъуэм и а нэхъ щlыlэгъуэу щыт ″0 К″ым къыщыхъу щlыlэгъуэрэ щтыгъуэм къыпэщытыр мы щlыlэгъуэрэ щтыгъуэм и пхэнджращ.

″0 К″ыр щыlэгъуэм щыщыlэ дэтхэнэ гуэрыр абсолуду щыщтрэ а нэхъ щlыlэгъуапlэу, щыlэгъуэм щыщыlэ сытми а нэхъ енергие мащlэ щыщиlэращи, абдежыр икlи щыlэгъуэм къыщыхъуфыну щlыlэгъуэрэ щтыгъуэми и ухыпlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщи, икlи зи гугъу тщlы экспедицэм къигъэлъагъуэри мыращ. Ауэ икlи, мы абсолуд щlыlэгъуэрэ щтыгъуэ ″0 К″ым атlкlэрэ и гъунапкъэу къыпэщытыр (-0 К) ″0 К″ щтыгъуэм ит элеменым и а нэхъ хуабагъэрэ енергиибапlэрауэ зэрыщытращ мы экспедицэм гурыlуэгъуэ къытхуищlари, мыр гъэщlэгъуэщ. Ауэ, мыбы нэхъ мыгъэщlэгъуэну лъытапхъэкъым мы зи гугъу тщlы а нэхъ щlыlэгъуэмрэ а нэхъ хуэбагъэм къыщыхъу lуэхугъуэхэр мы зэрызэгъунапкъэрэ мы я зэхуэщытыкlэкlэ адыгэбзэм зэрилъытэрэ къызэриlуатэри, нытlэ адыгэбзэм мы и псалъэхэм щыгъуазэ дахуэхъунщ.

Зыгуэрыр а нэхъ щlыlэ зэрыхъукlэрэ къэхъур ″щтын″ псалъэмкlэщ адыгэбзэм къызэриlуатэри, икlи ″0 К″ри щыlэгъуэм теухуа абсолуд щтыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ; абдежыр сытри зэрыщыlэ щlыкlэрэ а зэрыщыту флэкlыпlэ имыlэу абы атlкlэ щымыlэжу щыщтращ. Мы абсолуд щlыlэгъуапlэрэ щтыпlэр (0 К) икlи сытми и щlыlэгъуэрэ щтыпlэри щыух щlыпlэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщи, абы атlкlэр (-0 К) сытми и щlыlэгъуэпlэжрэ щтыгъуэпlэжкъым. Нытlэ, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым

и абсолуд щтыгъуэрэ и а нэхъ енергие мащlэ къыздыщыхъум (0 К) и пхэнджыр (а нэхъ хуэбагъэрэ енергиибэ) къыздыщыхъурщ ″-0 К″ыр. А нэхъ щlыlэгъуапlэ ″0 К″ымрэ а нэхъ хуэбэгъуапlэ ″-0 К″ыр зэгъунапкъэщи, щыlэхэм я щlыlэгъуэ ухыпlэуи щыт ″0 К″ым атlкlэ узхэхьэр (-0 К) щыlэхэр зэрыщыlэ а нэхъ хуэбагъэращ. Нытlэ мыпхуэдэущ зэхуэпхэнджыгъэрэ зэгъунапкъэгъуу щыт мы lуэхугъуитlыр адыгэбзэми зэрилъытэр: ″щтын гъунапкъэу щытрэ щтынми хэмытрэ щымыщу къыпэщытыр, щтыным и хэхьэпlэрэ хэкlыпlэ дыдэр (п)″ - мы къызэрыlуэта щlыкlэу ″щтын″ым елъытауэ- адыгэбзэкlэ зэрылъытапхъэ псалъэр ″пщтын″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы псалъэр икlи зыгуэрыр а нэхъ хуабэ зэрихъур зэрылъытэ псалъэрщ. А хуэбагъэр зыгуэрыр къызэрывэнум ипэ дыдэ къихуэ хуэбагъэращи, а гуэрыр къавэу зэрыщlидзэм елъытауэ нэхъ хуэбагъэрщ.

Дэтхэнэ зы элементым макро физикэкlэ езым хуэуа ″щтыгъуэ″рэ ″пщтыгъуэ″ иlэщи, дэтхэнэ гуэрыр зэры″щт″ымрэ къызэры″пщт″ым макро физикэу занщlэу зэпэгъунэгъугъэрэ зэлъытэныгъэ зыхуаlэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, ипэкlэ ″сын″ lуэхугъуэр хуэбагъэм къыпкъырыкlыу щlыlэгъуэ лъэныкъуэмкlэ зэрызекlуэмрэ, хуабэрэ щlыlэу тлъытэхэр сын lуэгъуэкlэрэ зэрытлъытэр жытlагъащи, а нэхъ хуэбагъэу щыт ″пщтыгъуэ″мрэ а нэхъ щlыlэгъуэу щыт ″щтыгъуэ″м деж а нэхъ сыгъуэшхуэ къызэрыхъур зэрыгурыlуэгъуэу, щтамрэ пщтырыр сын lуэхуэгъуэкlэрэ зэрызэрызэлъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ сын lуэгъуэри щыlэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэуэ куантал мыхьэнэ зиlэу зэрыщытри ипэкlэ жытlагъащ. Дауми аращи, мы псалъэхэр (щтын, пщтын) зи гугъу зэрытщlа щlыкlэу зэрызэлъытакlэрэ мы я зэпкъырыувэкlэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр ″0 К″ымрэ ″-0 К″ым къыщекlуэкlыу зи гугъу тщlа экспедицэм утыку къырилъхьа lуэхугъуэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. ″0 К″ымрэ абы атlкlэу ″-0 К″ым къыщыхъур экспэдициалу утыку къызэрыралъхьаращ мы зи гугъу тщlы адыгэбзэ псалъэхэм (щтын, пщтын) ялъытэ lуэхугъуэри, мы псалъэхэр ″щтын″рэ ″пщтын″ lуэхугъуэр абсолуду щыlэгъуэ лъабжьэм зэрытеухуакlэрэ зэрылъытэ псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи, ″щтын″рэ ″пщтын″ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlыр щызэтехуэрэ щызэпыщlэри щыlэгъуэ лъабжьэм къыщыхъуу мы зи гугъу тщlа lуэхугъуэу куантум физикэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, ″щтын″ псалъэмрэ ″пщтын″ псалъэм мы я зэхуаку дэлъ зэпыщlэныгъэр дэтхэнэ зы элеменыр щыщтрэ къыщыпщт щlыкlэр зэрылъытэ макро физикэм зэрытемыухуарэ ар макро физикэкlэ гурыlуэгъуащэу зэрыщымытыр ипэкlэ жытlагъэххэщ. Араща, макро физикэу дэтхэнэ зы элементым и щтыпlэм атlкlэр абы и пщтыпlэрауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи щтарэ пщтам узэрынэсу къэхъурэ зыхэпщlэр зэхуэдэ тклиягъ зиlэ сын lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэ щхьэ, зым ущхьэщыкlыу адрейм

узэрыхуэкIуэфыну щыIэкIэ зиIэу ″щтын″рэ ″пщын″ыр къыздыщыхъур ″0 К″ымрэ ″-0 К″ым дежрауэ зэрыщытыр экспедициалу къызэрагъэунэхуар гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм мы и псэлъитIыр (щтын, пщтын) зэрыухуа щIыкIэкIэ щызэрызэлъытапIэри мыбдежращ (0 К, -0 К).

Абдежыр куантум физикэ lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэрэ жытIагъэххэщи, ″щтын″рэ ″пщтын″ псалъэхэм я мыхьэнэр игъуэ щыхъур мы куантал пунктэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, зэрызэпкъырыува щIыкIэкIэ зэлъытэныгъэ зыхуаIэ ″щтын″рэ ″пщтын″ псалъэхэр элементхэм я щыIэгъуэ гъунапкъэм гъунапкъэгъуу къыщыхъухэр зэрылъытэ псалъэхэрщи, мы псалъэхэр мы зэрызэлъытакIэрэ зэрыухуам я мыхьэнэ лъабжьэрэ щыпкъэр куанталу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. КIэщIыу жыпIэмэ, куантум физикэкIэ мы псалъэхэм (щтын, пщтын) гурыIуэгъуэ къащIыр наIуэщ: щыIэгъуэрэ щIыгъуэм щыщыIэ дэтхэнэ гуэрым (элемент) и а нэхъ щIыIэгъуэу и щыIэгъуэ ″щтыгъуэ″у щыт ″0 К″ым атIкIэрэ къыпэщытыр (-0 К) дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыIэ а нэхъ хуэбагъэрэ а нэхъ ″пщтыгъуэ″ращи, абдежыр дэтхэнэ гуэрыр а нэхъ ″пщтыр″ щыхъуращ.

Зы щыIэгъуэ зиIэр (зы элементыр) бгъэупщIыIуурэ а нэхъ щIыIэгъуэм (0 К) щыхуэбгъакIуэм деж, абы атIкIэу къыпэщыт дыдэр (-0 К) а щыIэгъуэ зиIэр а нэхъ хуабэ щыхъурауэ зэрыщытращ зи гугъу тщIы экспедицэм гурыIуэгъуэ къытхуищIари, мыр икIи ″хуэбагъэ″ жыхуэтIэм кIэ зимыIэ зы линиеу зэрызимыубгъурэ хъуреягъ формэ зиIэу зэрылъытапхъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIырщ. Адыгэбзэм щыIэгъуэрэ хъур зэрызекIуэ формэр ″хъурей″уэ зэрилъытэм игъуэ къыщыхъу сытым дежи и гугъу зэрытщIыгъам зэрезэгъщи, мы зи гугъу тщIа экспедицэм щыIэгъуэм теухуа енергие лIэужьыгъуэ хуэбагъэри хъурейуэ зэрызэпыщIари утыку къырилъхьэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Нытlэ, мы хъуреягъым и зы щIыпIэм дежыр а нэхъ хуабэмрэ а нэхъ щIыIэр щызэхуэзэрэ щызэпыщIэрщи, абдежыр зы къежьапIэрэ ухыпIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, зэрызекIуэрэ къызэрыхъу щIыкIэр хъурейуэ тлъытэ къэхъуныгъэрэ щыIэгъуэм зы къежьапIэ иIэу щытмэ, абдежыр щыIэгъуэм и нэхъ хуэбапIэрщи, икIи щыIэгъуэм и а нэхъ щIыIэпIэри мы и а нэхъ хуэбапIэм къыпэщытрэ къыбгъурыту зэрыщытри гулъытапхъэщ. Нытlэ, щыIэгъуэм и а нэхъ хуэбапIэр икIи щыIэгъуэ къежьапIэрэ ухыпIэрщи, абы атIкIэрэ къыпэщытри щыIэгъуэрэ абы и къежьапIэри щыух щIыпIэу а нэхъ абсолуд щIыIэгъуэрауэ лъытапхъэщ. Арагъэнщи, щыIэгъуэр щыIэхункIэрэ абы игъуэтыну хуэбагъэр мыбдежым зэгъунапкъэгъуу щыт ″пщтыгъуэ″рэ ″щтыгъуэ″м я зэхуакуращ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, щыIэгъуэм къыщыхъуну а нэхъ щIыIэрэ хуабэр мы зи гугъу тщIы щIыпIэр зэрызэгъунапкъэм хуэдэу зэрылъытапхъэрауэ жыIэпхъэщ зи гугъу тщIы экспедицэм ″0 К″ымрэ ″-0 К″ым къыщыхъур зэрылъытапхъэрэ зытеухуар. Нытlэ, щыIэгъуэм и ″нэхъ хуэбагъэ″рэ и ″нэхъ пщытыгъуэ″р щыIэгъуэ къежьапIэрэ япэрей къэуэгъуэшхуэу (бинг

бэнг) ялъытэм дежрауэщ зэралъытэри, абы атlкlэрэ къыпэщытри а ″нэхъ щlыlэгъуэ″рэ а ″нэхъ щтыгъуэ″рауэ къыщlэкlынщ.

Зи гугъу тщlы элкспедицэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ зы элементри абы атlкlэ щымыlэжу абсолуду щыупщlыlурэ щlыlэ щыхъуу щыщт щlыпlэр ″0 К″рауэщ. Икlи, абы атlкlэ (-0 К) а нэхъ хуабэ къыщыхъуу ялъытэри экспедицэ зытыращlыхь элементым елъытауэ зэрыщытын хуейри гулъытапхъэщ. Араща, ″-0 К″ым дежыр дэтхэнэ зы элементым езым и щыlэгъуэкlэрэ игъуэтыфыну а нэхъ хуэбагъэр къыздыщыхъурагъэнщ. Зи гугъу тщlы экспедицэм къигъэунэхуар мыращи, абы мы хуэбагъэм (-0 К) атlкlэм и гугъу къытхуищlкъым. Ауэ, зы элементым ″-0 К″ым щигъуэт хуэбагъэр икlи а элементыр зэрызэпкъырыува хуэбагъэрауэ къыщlэкlынщи, абы щхьэщыкl хуэбагъэри а элементыр зэрыухуа пкъыгъуэ лъабжьэкlэрэ щызэпкъырыхужыну хуэбагъэрагъэнщ. Арагъэнщи, щыlэгъуэ зиlэ зы элементыр а нэхъыбэ щыупщlыlуу а нэхъ щlыlэгъуэрэ щтыгъуэм щыхуэкlуэр ″0 К″ым дежрауэ зэрыщытым нэмыщl, а элементыр зэрызэпкъырыуварэ щыlэу утыку къыщихьа хуэбагъэри абы ″-0 К″ым деж щигъуэт хуэбагъэрауэ жылэпхъэнщ. Нытlэ икlи, элементым ″-0 К″ым щигъуэта хуэбагъэр зэрыхэбгъэхъуэфынур гурыlуэгъуэнщи, хуэбагъэр щыхэбгъахъуэ дыдэм къыщlидзэу а элементым и атомхэр зэрызэпкъырыхужкlэрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэхэр хуиту къызэрынэкlэрэ щыlэгъуэм зы щыlэ щыхъуа а элементым и щыlэгъуэр зэрыкlуэдыжынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, щыlэгъуэ зыгъуэту щыlэ хъуа дэтхэнэ гуэрым мы и щыlэкlэм и а нэхъ щlыlэгъуэрэ щтыгъуэ (0 К), икlи и а нэхъ хуэбагъэрэ пщтыгъуэ (-0 К) зэриlэм хуэдэжу, мы зи гугъу тщlы элементыр зы щыlэ гуэру зыхэзыубыдэ щыlэгъуэрэ космосым езыми а нэхъ щlыlэгъуэрэ хуэбагъэ зыдыщигъуэтыпхъэри гурыlуэгъуэнщ. Икlи, щыlэгъуэ жыхуэтlэм а нэхъ хуэбагъэрэ пщтыгъуэ щигъуэтыр япэрей къэуэгъуэшхуэу ялъытэ ″бинг бэнг″ым дежрауэщ зэралъытэри, абы атlкlэри – ар къэмыпщытапхъэрэ мыгурыlуэгъуащэми- мы щыlэгъуэ жыхуэтlэм теухуа а нэхъ щlыlэгъуэрэ щтыгъуэрауэ жылэпхъэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщ икlии, щыlэгъуэм езымрэ абы щыщыlэ дэтхэнэ гуэрым и щыlэгъуэр къызэрекlуэкlыкlэр зэщхьрэ зэхуэдэ lуэхугъуэуи лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зэрылъытапхъэр щыlэгъуэ лъабжьэм теухуа физикэ лlэужьыгъуэу щыт куантум физикэм зэрезэгъыр, икlи абы нэхъ гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlри гулъытапхъэщ. Нытlэ, инагърэ зэхиубыдэхэм теухуауэ зэщхьэщыкlми, щыlэгъуэ жыхуэтlэм езымрэ абы щыщыlэ дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ зэрыкlуэдыжыр, зэрыужьрэ зэреужьыхыжыр зэщхьрэ зэхуэдэ lуэхугъуэу лъытапхъэщ. Ауэ, щыlэгъуэ жыхуэтlэмрэ абы щыщыlэхэм я нэхъ хуэбагъэрэ щlыlэгъуэхэр зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэнщи, щыlэгъуэрэ космос жыхуэтlэр дэтхэнэ зы щыlэм и хуэбагъэрэ щlыlэгъуэри зыхэзыубыдэрэ щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэрщ. Араща, щыlэгъуэр къызэрыхъу пэщlэдзэу зи

гугъу тщIа пщтыгъуэшхуэращ щыIэгъуэм и а нэхъ хуэбапIэри, абы къигъэхъу къэуэгъуэшхуэр зэрызэщIэпхъыхькIэрэ упщIыIуурэ къекIуэкI щыIэгъуэ ужьыгъуэм дэтхэнэ и зы упщIыIуныгъэ лъэбакъуэу и зы щIыIэпIэм дежыр щыIэгъуэшхуэм и зы щыIэр утыку къыздыщихьэращ.

Къэуэгъуэгъуэшхуэу зэпкъырыпхъыр зэрыупщIыIукIэрэщ щыIэгъуэрэ космосыр зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэри, мы зи гугъу тщIы упщIыIуныгъэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм щыIэгъуэм и дэтхэнэ зы щыIэм щыIэгъуэ щегъуэтыр. Къэуэгъуэшхуэм и хуэбагъэ упщIыIуныгъэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэу щыт зы щIыIэгъуапIэр щыIэгъуэшхуэр зэрыухуэ дэтхэнэ зы щыIэр зы "щIы" лIэужьыгъуэу утыку къыздыщихьэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, дэтхэнэ зы щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэр космикэ упщIыIуныгъэ зы щIыIэгъуапIэм къызэригъэщIыр гулъытапхъэщ; щыIэгъуэрэ космосым щыщыIэ дэтхэнэ зы щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэр космикэ упщIыIуныгъэу зы щIыIэгъуэкIэрэщ утыку къызэрихьэр. Мы псалъэми къызэрыхэщщи, ипэкIэ "щIыIэ"р "щIы"м зыкъызэригъэлъагъуэу зи гугъу тщIамрэ мыбдежым космос упщIыIуныгъэу къэхъу щIыIэгъуэу мы зи гугъу тщIар зэрызэпыщIэжри гулъытапхъэщ: "щIыIэ" жыхуэтIэр "щIы"м зэрытеухуам хуэдэжу, икIи "щIы"ри космосыр зэрызекIуэ упщIыIуныгъэ щIыIэгъуапIэм теухуауэщ утыку къызэрихьэр. Аращи, япэрей пщтыгъуэшхуэм къигъэхъу къэуэгъуэшхуэкIэрэ зэпкъырыпхъыр зэрыупщIыIукIэрэщ щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэ утыку къызэрихьэри, щыIэгъуэрэ космосым щыщыIэ дэтхэнэ зы щIы лIэужьыгъуэр – нэщIыгъуэри хэтыжу- мыпхуэдэ зы космикэ щIыIэгъуэкIэрэщ утыку къызэрихьэр.

ЩыIэгъуэр зэрыухуэрэ зэрыужь япэрей къэуэгъушхуэ упщIыIуныгъэм и дэтхэнэ зы щIыIэгъуэ щIыпIэращ щыIэгъуэм хиубыдэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы щыIэр зы щIы лIэужьыгъуэу утыку къыздыщихьэри, щыIэгъуэрэ космосым дежкIэ упщIыIуныгъэ лъэбакъуэу мы и зы щIыIэпIэр икIи абдежым щыджу утыку къихьэ зы щыIэрэ щIы лIэужьыгъуэм и щыIэгъуэм теухуауэ а нэхъ хуэбагъэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, дэтхэнэ зы щIы лIэужьыгъуэрэ щыIэ гуэру зы элементым "-0 К"ым деж щигъуэту ялъытэ хуэбагъэр а элементым иIэфыну а нэхъ хуэбагъэу, а элементым щыIэгъуэ щигъуэтауэ мы зи гугъу тщIы къэуэгъуэшхуэ упщIыIуныгъэм и зы лъэбакъуэ щIыIэпIэрагъэнщ.

ЩыIэгъуэрэ космос жыхуэтIэр утыку къызэрихьа япэрей къэуэгъуэшхуэр къыздыщыхъуа пщтыпIэращ щыIэгъуэм и а нэхъ хуэбагъэшхуэри, абы атIкIэрэ къыпэщытри щыIэгъуэ жыхуэтIэри щыухыу лъытапхъэ а нэхъ щIыIэгъуэшхуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. ЩыIэгъуэрэ космосым мыпхуэдэу а нэхъ хуэбагъэрэ щIыIэгъуэ зэриIэм хуэдэжщи, щыIэгъуэм щыщыIэ дэтхэнэ гуэрми а нэхъ хуэбагъэрэ щIыIэгъуэ иIэщ. Дэтхэнэ щыIэ гуэрым и а нэхъ хуэбагъэр ар щыIэ щыхъуаращи, ари щыIэгъуэрэ космосыр къызэрыхъу къэуэгъуэшхуэкIэрэ и хуэбагъэр щыупщIыIу и зы щIыпIэм дежращ. ЗэрыгурыIуэгъуэу дэтхэнэ

зы щыIэм и а нэхъ хуэбагъэшхуэр ″-0 К″ым деж щигъуэтырщи, ар икIи а гуэрыр щыIэ зэрыхъуа хуэбагъэрауэ зэрылъытапхъэр жытIагъащ; икIи, а щыIэ гуэрым и а нэхъ щIыIэгъуэри мы хуэбагъэм (-0 К) къыпэщыт ″0 К″ым дежрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщрэ икIи щыIэгъуэр зэрыщыIэрэ хъур зэрызекIуэр зэрылъытэ ″хъурей″ псалъэми гурыIуэгъуэ къытхуищIым зэрезэгъщи, щыIэгъуэрэ космос жыхуэтIэмрэ абы щыщыIэ дэтхэнэ зы щыIэ гуэрми и щыIэгъуэр дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIи утыку къызэрихьэрэ зэрызекIуэу зэрыухыр зэщхьрэ зэхуэдэщ; - хъурейуэ зэпыщIащ.

Нытlэ, дэтхэнэ зы щыIэр щыIэгъуэрэ космосым и щIыкIэ зиIэрэ ар гурыIуэгъуэ зэрыхъуфынум теухуа моделу лъытапхъэщи, икIи езыри щхьэж зы щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэгъуэ зиIэхэр зэрылъытэрэ къызэрыIуатэ псэлъэбзэри мыпхуэдэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ макъхэр утыку къызэрихьэм къыщIидзэу ухуарэ мы зэрыухуа лъабжьэр зыщIэмыкIуэда зы макъыбзэр щыIэгъуэ логиер нэхъыфIыжу къызхэщрэ зыхэлъу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы логиери щыIэгъуэр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIыфыну а нэхъ моделыфIхэм щыщу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ипэкlэ зи гугъу тщIа зэпыщIэныгъэхэр адыгэбзэм гурыIуэгъуащэ къызэрищIри гулъытапхъэщ, икIи ахэр адыгэбзэм зэрилъытэрэ къызэриIуатэ псалъэхэри мыпхуэдэ щIыкIэкIэ зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу зэрызэпкъырыувари гулъытапхъэщ.

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщкIэрэ пытщэжмэ, щыIэгъуэм щыщыIэхэм я а нэхъ щIыIэгъуэрэ щтыгъуэр ″0 К″рауэщ зэралъытэри, ар икIи ухуагъэххэ щыIэгъуэрэ космосым и а нэхъ щIыIэгъуапIэращ. Ауэ, зы щыIэ гуэрыр зы элементу зэрыщыIэкIэрэ и нэхъ хуэбагъэрэ и пщтырыгъэрауэщ ″-0 К″ым дежыр зэрылъытапхъэу жытIари, абдежыр щыIэгъуэрэ космос къежьапэм къыщыхъу хуэбагъэм зэрытемыухуари гурыIуэгъуэщ. Экспедициалу щыIэгъуэ зиIэхэм я а нэхъ щIыIэпIэм (0 К) щикIым деж ялъэгъуауэ зи гугъу тщIы хуэбагъэри (-0 К) экспедицэр зытеухуа элементращ зэлъытари, абдежыр икIи дэтхэнэ зы элементми и а нэхъ хуэбапIэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ; мыхъумэ, ар щыIэгъуэу зи гугъу тщIым и нэхъ хуэбапIэрауэ зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбы зэрезэгъщи, щыIэгъуэм къыщыхъу щIыIэгъуэм зы гъунапкъэ (0 К) иIэу (а нэхъ хуэбагъэ мащIэу) ялъытэ щхьэ, щыIэхэр зэрыбгъэхуэбэфынурэ хуэбагъэр зэрыхэбгъэхъуэфынум кIэ имыIэущ зэралъытэри, сытри бгъэхуабэурэ икIэм икIэжым щыIэгъуэм и а нэхъ хуэбагъапIэм унэсыфыну аращ зэралъытэр. Нэгъуэщlыу жыпIэмэ, теорикэу дэтхэнэ гуэрыр (элемент) зэрыбгъэхуабэкIэрэ а гуэрыр зэрызэпкъырыува хуэбагъэм унэсрэ ущхьэщыкIыу а бгъэхуэбар зэрызэпкъыхужкIэрэ щыIэгъуэр къызэрыхъуа япэрей къэуэгъуэм (бинг бэнг) нэгъунэ узэрынэсыфынур гурыIуэгъуэнщи, абдежращ а нэхъ хуэбагъэр.

А нэхъ хуэбагъэ мащlэрэ цlыкlур ″0 К″уэ зэрыщытыр експедициалу утыку къыралъхьэр, ауэ а нэхъ хуэбагъэм теухуауэ мыпхуэдэ зы експедицэ зэрымыщlарэ икlи зэрымыщlыпхъэри гулъытапхъэщ. Абдежыр щыlэгъуэ пэщlэдзэрэ къежьапlэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щыlэгъуэ пэщlэдзэ хуэбагъэм зэрыхуэмыкlуапхъэм хуэдэжу, абы аткlэрэ къыпэщыт щlыlэгъуэри –апхуэдэ гуэр къыпэщытмэ- къызэрымыпщытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мы зи гугъу тщlы щlыlэгъуэр щыlэгъуэм и нэхъ щlыlэгъуэу ялъыта ″0 К″ым къыщынэнуи къыщlэкlынкъым.

А нэхъ хуэбагъэм кlуэныр щыlэгъуэ пэщlэдзэм кlуэнращи, зыгуэрыр бгъэхуабэурэ узхуэкlуэнур а гуэрыр къызэрыхъуарэ зэрызэпкъырыува хуэбагъэм узэрынэскlэрэ а гуэрым и атомыр щызэпкъырыува хуэбагъэм унэсынращи, хуэбагъэр абы щыщхьэщыкlым деж, а гуэрыр зэрыухуа атомхэм я зэпкъырыхужыпlэращ уздынэсынур; абы атlкlи бгъэхуабэу урикlуэмэ, а атомхэр зэрыухуа атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэри зэпкъырылъэлъыжу атом пкъыгъуэ цlыкlухэр щхьэжу къызэтенэжынщ; аргуэру хуэбагъэр зэрыхэхъуэкlэрэ а пкъыгъуэ нэхъ цlыкlухэри зэхэкlыжу уэз защlэ хъужынщ. Теорикэу мыпхуэдэ щlыкlэкlэ хуэбагъэр зэрыхэхъуэкlэрэ, зи гугъу тщla къэуэгъуэшхуэм нэгъунэ узэрынэсыфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ гъуэгуанэри щыlэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызэпкъырыувам и пхэндж гъуэгурыкlуэгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, къэуэгъуэшхуэм (бинг бэнг) къыщlидзэу хуэбагъэр зэрыхэщl упщlыlуныгъэкlэрэ щыlэ дэтхэнэ гуэрыр зэкlэлъхьэужьу къызэрыхъуарэ зэрызэпкъырыува гъуэгуанэм и пхэнджращ нобэ уздэщыlэм щыщlэбдзэу хуэбагъэр икlэ нэгъунэ хэбгъахъуэу узрикlуэну лъагъуэр. Нобэ хуэбагъэр хэбгъахъуэу узрикlуэну лъагъуэр ″бинг бэнг″ жыхуаlэ япэрей къэуэгъуэшхуэм нэгъунэращи, къэхъуныгъэм и пхэнджыгъэу щыт мы лъагъуэм ущырикlуэм деж, япэрей къэуэгъуэшхуэрэ а нэхъ хуэбагъэшхуэм къыщlидзэу къэхъу упщlыlуныгъэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм щызэпкъырыува дэтхэнэ гуэрыр мы зэрызэпкъырыува хуэбагъэм нэхъ хуабэ къызэрыхъукlэрэ зэрысэхыжу зэреуджэхыж лъагъуэращ узрикlуэнур.

Хуэбагъэр зэрыхэбгъахъуэкlэрэ узхуэкlуэнур икlэм икlэжым щыlэгъуэ пэщlэдзэу япэрей къэуэгъуэшхуэу ялъытэращи, абдежыр абы атlкlэ щымыlэ хуэбагъэу зэрыщытым зэрезэгъыу, абыдежыр икlи а нэхъ ″пщтыр″рэ абсолуд ″пщтыгъуэ″рауэ зэрыщытын хуейри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, абы атlкlэр щыlэгъуэр къызэрежьа япэрей къэуэгъуэм атlкlэращи, абдежыр а нэхъ хуэбагъэрэ пщтырыгъэу (абсолуд хуэбагъэ, абсолуд пщтыгъуэ) зэрылъытэм и пхэнджу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Араща, япэрей къэуэгъуапlэу а нэхъ хуэбагъэм атlкlэм и гугъу щlыпхъэмэ, абдежыр мы къэуэгъуапlэм (а нэхъ пщтыгъуапlэ) елъытарэ и пхэнджу, а нэхъ ″щтыгъуапlэ″у жыlэпхъэщ. Нытlэ, а нэхъ ″хуэбагъэ″рэ ″пщытыгъуэ″у щыт япэрей къэуэгъуапlэм атlкlэ къыпэщыту икlи къэуэгъуэи къыздыщымыхъунури а нэхъ ″щlыlэгъуэ″рэ ″щтыгъуэ″у щытырщ.

Къэуэгъуэшхуэ къэмыхъу ипэр щыlэгъуэуи зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, япэрей къэуэгъуэшхуэр къэзыгъэхъуа обсолуд хуэбагъэрэ пщтыгъуэм къыпэщытрэ и гъунапкъэгъур зикl къэмыпщытапхъэу щытми, абдежым и щlыклэр щыlэгъуэрэ космосым и нэхъ щlыlэгъуэрэ щтыгъуэу ялъытэ ″0 К″ым хуэдэ щlыклэ зиlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, зи гугъу тщlы экспедицэхэмклэ зэрылъытэрщи, ″0 К″ым щыщыlэ элементым езым и щыlэгъуэр зэрихьын енергиерэ клуэцl хьэрычэт нэмыщl, хьэрычэт щlыб зэримыlэрэ иклu къыхуэклуэрэ къыхэхьэм пэувыныгъэ къарурэ резистанциe зэрыхуимыlэм (Р: 0) ипкъ иткlэ, мыпхуэдэр иклu зэрыщыlэрэ зэрыщымыlэри гурыlуэгъуэ зэрымыхъунур ипэклu жытlагъащи, -а нэхъ мащlэу- мыпхуэдэу лъытапхъэщ мы зи гугъу тщlы щтыгъуапlэшхуэри. Иклu, япэрей къэуэгъуэшхуэ (бинг бэнг) хуэбагъэм теухуауэ жыlэпхъэхэр щыlэми, ар къэзыгъэхъу ″пщтыгъуэшхуэ″м хуэдэжу, абы атlклэу къыпэщыт ″щтыгъуапlэшхуэ″ри къызэрымыхутапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу къэмыхутапхъэрэ къэмыпщытапхъэу щытыр щымыlэ пэлъытэу щыlэгъуэ зиlэу зы клыфlагъэущ физикхэм гурыгъуазэклэ зэралъытэр. Мыпхуэдэу зэрыщыlэрэ зэрыщымыlэр мылъытапхъэм теухуауэ гулъытапхъэрэ жыlэпхъэ зэрыщымыlэнури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ дауэми, мы зи гугъу тщlар иклu щыlэгъуэр къызэрыхъуми пыщlэныгъэ зыхуиlэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэр адыгэбзэм игъуэ зы псалъэклэ къызэриlуэтэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Щымыlэу зэрылъытапхъэм зэрезэгъщи, мы зи гугъу тщlым ″сыгъуэ″и къызэремыклуэклынури гурыlуэгъуэнщ. Сыгъуэрэ сын lуэхугъуэ къыздыщымыхъур мысрэ мысэрщ; мысри мыджрэ мыджэрщ. Мыпхуэдэри япэрауэ зэрылъытапхъэр адыгэбзэ мифологием хэт ″Имыс″ псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlрауэ жыlэпхъэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, уэзыр зыдэщыlэращ ″сыгъуэ″ къыздыщыхъури, уэз зыдэщыlэм уэзыр мэсри (Уэзырмэс) исыр (Ис) къохъур. Иклu уэзыр зэрыскlэрэщ сытри къызэрыхъуу уэзыр зэрыджри (Уэзырмэдж), мыпхуэдэщ сытри утыку къызэрихьэ щlыклэу щыlэгъуэ зэрыгъуэтрэ иклu щыlэгъуэри зэрызеклуэ щlыклэр (Сосырыкъуэ). Ауэ ″сыгъуэ″рэ ″сын″ lуэхугъуэ зыдэщымыlэм ″уэз″и зэрыщымыlэнур гурыlуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщla ″щlыlэгъуэшхуэ″р мыпхуэдэщ; абдежыр мысрэ мысэрщи, мыджрэ мыджэрщ.

Мы къэтlуэтахэри зыхуэфащэу щытрэ щыlэрэ щымыlэуи мылъытапхъэу зи гугъу тщla ″щlыlэгъуэшхуэ″р иклu ди щыlэгъуэр къызхэкl япэрей къэуэгъуэшхуэпlэри зыхуэгъунапкъэу щытрэ ари зыхуэклуэжу лъытапхъэрщи, нытlэ ар адыгэбзэм и ″цlырхъ″ псалъэр зыхуэфащэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Араща, мы зи гугъу тщlыр иклu щымыlэрэ мыщыlэ (цl) пэлъытэрщ, иклu къэхъуныгъэр (хъу) къыздыщlидзэрэ щеужьыхыжу абы и лъабжьэу (хъ) зэрыщытри зыхэзыубыдэ зы псалъэу лъытапхъэщ ″цlырхъ″ псалъэр.

Мы ″щтыгъуэ″рэ ″цIырхъ″ыр ″къызэрыпщт″рэ къэ″хъун″ыгъэр къызэрыщIидзэм теухуауэ нобэ тщIэ гуэр зэрыщымыIэрэ жыIэпхъэшхуэ дызэримыIэри гурыIуэгъуэнщи, дэ (хьэ) тщхьэщыкI (т) мы Iуэхугъуэмтеухуауэ ″Тхьэ″м и цIэр къитIуэн нэхъ хэкIыпIэ дызэримыIэнури гулъытапхъэщ (!). Аращи тIэ, ″Тхьэ″р мы зэхэ″щт″ыхьарэ ″цIырхъ″ым къытеIэбэрэ зэрынэсу къэхъу ″сыгъуэ″кIэрэ а зэхэщтыхьауэ щытар занщIэу къызэры″пщт″кIэрэ хьэрычэтыгъуэшхуэ игъуэту зэрызэбгырыукIкIэрэ къэхъу къэуэгъуэрауэ жыIэпхъэщ къэхъуныгъэрэ ужьыгъуэри къызэрежьар. Мыпхуэдэ къэхъуныгъэрэ ужьыгъуэр зэреужьыхыжрэ и лъабжьэм зэрехыжри ипэкIэ и гугъу зэрытщIам хуэдэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мыпхуэдэ щIыкIэкIэ щыIэгъуэр къэгъэщIынрэ зэхэкъутэжын IуэхугъуэриТхьэм и джэгуыкIэу къыщIэкIынщ.

*

Щы Iэр зэрыщы Iэрэ щы Iэгъуэр зэрызекIуэр, икIи зэреужьыхыжыпхъэри мыпхуэдэу къыщIэкIынщ. Щы Iэгъуэрэ сыгъуэм къыщIэддзэу хуэбагъэрэ щIы Iэгъуэм теухуа адыгэбзэ псалъэхэм икIэм икIэжым дыкъыздиша щIыпIэращ мы ипэкIэ къэтIуэтахэм къыхэщыр. Ипэкли щы Iэгъуэ ужьыгъуэрэ унэтIыныгъэу зи гугъу тщIыр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм къыщыщIэдзауэ вагъуэрэ галактикэхэм нэгъунэ дэтхэнэ зы щы Iэгъуэм теухуахэр адыгэбзэ макърэ псалъэхэм зэрелъытакIэрэ я гугъу щытщIагъащ. Аращи, а нэхъ цIыкIу дыдэрэ нэхъ ин дыдэри хэтыжу пкъыгъуэ зиIэу тлъытэ псори щIыгъуэрэ нэщIыгъуэу зэрызэхэлъыр жытIагъащ.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″нэщIыгъуэ″ жыхуэтIэри щы Iэгъуэм зэрыщыщыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ щы Iэгъуэм щымыщрэ абсолуду щымы Iэм (мыщы Iэм) и гугъу пщIынумэ, абы ″щы Iэгъуэ″ (космос) жыхуэтIэ пкъыгъуэшхуэм и Iуэху хэлъкъыми, адыгэбзэм ар зэрилъытэр и зы макъ мыхьэнэкIэрэщ: щы Iэгъуэм щымыщрэ щы Iэ мыхъурэ мыхъунум, мыщрэ мыщы Iэр зэрылъытэ макъыр и къэIукIэкIи адрей макъхэм я пхэнджу щытауэ зи гугъу тщIа ″цI″ макърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. НэщIыгъуэр ″куантум хы″уэ лъытапхъэрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэмкIэ изщи, мыбдежым зи гугъу зэрытщIыу щы Iэгъуэ лъабжьэм дыщытепсэлъыхьым деж, ар ″цI″ макъым и мыхьэнэм езэгъыу зэрымылъытапхъэр гурыIуэгъуащэщ.

Къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ ″цI″ макъыр утыку къызэрихьа мыхьэнэр а нэхъ лъабжьэу мыщы Iэрэ мыщыр зэрылъытэрауэми, мы и мыхьэнэр зэрилъабжьэкIэрэ щы Iэхэми теухуауэ бзэм хэлэжьыхьу щыщIидзэкIэ, щы Iэхэм я кIуэдыгъуэрэ я хэдзыкIыныгъэри бзэм ″цI″ макъ мыхьэнэкIэрэ илъытэу зэрыщIидзар бзэ лэжьэкIэм къызэрыхэщри гурыIуэгъуэщ. Щы Iэхэм теухуауэ ″цI″ макъыр бзэм мы зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри макро дунейм теухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Щыlэгъуэр къызэрыхъурэ зэрыщыlэр зэрылъытапхъэм дэщlыгъуу мыщрэ мыщыlэри зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, щыlэгъуэрэ къэхъу къекlуэкlыр зэрызэхъуэкlрэ зэрыкlуэдыжым мыщрэ мыщыlэри гурыlуэгъуэ къытхуищlыу жыlэпхъэщ. Щыlэгъуэ кlуэдыгъуэрэ щымыlэжыныгъэм мыщыlэрэ мыщыр щыlэрэ щым къызэрыпэщытыр гурыlуэгъуэ къытхуещlыр. Мыпхуэдэщ икlи куантум физикхэми зэралъытэри, щыlэр зы зэманыгъуэкlэ зэрыщыlэмрэ, щыlэгъуэм езыр щымыlэжыныгъэм къыпэщытыр мыщыlэныгъэу зэралъытэм ипкъ иткlэ, щыlэмрэ мыщыlэр лъабжьэрэ кууагъэкlэ зэдэщlыгъупхъэрэ зэдэгъупхъэущ зэралъытэр. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlхэм теухуа щапхъэу лъытапхъэщ щыlэгъуэм мыщыlэгъуэ пэлъытэу ялъытэ ″black holl (черная дыра)″ жыхуаlэри, ар адыгэбзэкlэ ″гъуанэ фlыцlэ″у зэрызэбгъэдзэкlыфынури гурыlуэгъуэщ. Аращи, нэщlыгъуэу ипэкlэ зи гугъу тщlар щыlэгъуэм щыщрэ потанциалу щlы лlэужьыгъуэу лъытапхъэми, черная дыра жыхуаlэр космикэу абсолуд нэщlыгъуэ къыщыхъуу, мыщыlэныгъэ пэлъытэуи ялъытэр. Мыпхуэдэ щапхъэр космикэу къызэрыхъум хуэдэр куанталуи къэхъуущ зэралъытэр. Аращи, щыlэгъуэм къыщыхъу дэтхэнэ гуэрэр зэхуэдэ lуэхугъуэу зылъытэ куантум физикэмкlэ, вагъуэ ужьыхыныгъэм къигъэщl мы гъуанэрэ нэщlыгъуэ кlыфlыр икlи щыlэгъуэ лъабжьэ хышхуэр зэрызэхэлъ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэми я щхьэм къырикlуэу ялъытэр. Мыпхуэдэущ зэралъытэри, зэхуэпхэндж атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм зыр адрейм щызэгухьэрэ зыр зым щигъэкlуэдым щыгъуэми къэхъур вагъуэ кlуэдыгъуэхэм къыщыхъум хуэдэ lуэхугъуэущ зэралъытэр. Мы щыlэгъуэ пкъыгъуэ цlыкlухэр щызэгухьэрэ зыр зым щигъэкlуэдым къэхъури волнавая хышхуэм и зы толъкъуным къытырищlэж тхъурымбэм ирагъэщхьыр. Аращи, вагъуэ кlуэдыгъуэу къэхъу черная дырау щырет, куантыпlэм къыщыхъуу мы зи гугъу тщlарауэ щырет, ахэр щыlэгъуэм кlуэдыгъуэрэ мыщыlэгъуэр зыдэщlыгъуу зэрыщытым теухуа щапхъэхэущ зэралъытэр.

Мыпхуэдэущ щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ щыlэгъуэ лъабжьэ хышхуэми къыщыхъур. Ауэ, пкъыгъуэшхуэхэри, куантал пкъыгъуэхэри щыlэгъуэ пкъыгъуэхэр зи гугъу зэрытщlауэ щызэрызэгъэкlуэдкlи, икlи ахэр утыку къыщихьэкlи щыlэгъуэ лъабжьэ хышхуэм и енергиер зикl хэщlыкъым, икlи хэхъуэкъым. Ар увыlэгъуэ зимыlэу хьэрычэт зиlэрэ джыгъуэу сытым дежи зохъуэкlри, зэрызэхъуэкl щlыкlэри атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм мы зи гугъу тщla я lуэхугъуэкlэрэщ. Мыпхуэдэ защlэу щызекlуэкlэ, щыlэгъуэр увыlэгъуэ имыlэу зэрыджыжыр гурыlуэгъуэщи, мыр щыlэгъуэрэ космосым зы къежьапlэрэ кlуэдыпlэ иlэн хуэмеин гупщысэми ухуэзышэрщ. Ауэ, нэгъуэщl пщалъэрэ щапхъэхэр щыlэщи, ахэращ космосыр кlуэ пэтрэ зэрыужьрэ зэрыбэгым и телъхьэхэр.

Пкъыгъуэ зиlэхэри хэтыжу (e = mc2) космос енергием езыр хэмыщlрэ хэмыхъуэу зэхуэдэу къызэтонэр, ауэ увыlэгъуэ зэримыlэу зэрызиубгъуурэ

щызэрызекIуэкIэ и енергие концантрацэр мащIэ хъуурэ зэрыкIуэ зэпытрауэщ къапщытэри, щыIэгъуэм зы къежьапIэ иIэн зэрыхуей еплъыкIэм лъабжьэ хуэхъури мыращ. НытIэ, зы къежьапIэ щыIэмэ, ар зэрылъытапхъэр щыIэгъуэр къызтехъукIа лъабжьэмрэ мыщыIэр зэхэмыгъэкIыпхъэу зэрызэдэщIыгъурауэ лъытапхъэущ къызэрагуатэри, ар адыгэбзэм и зы псалъэм гурыIуэгъуафIэ ищIыу жыIэпхъэщ: «цIырхъ».

"ЦIырхъ" псалъэр бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэр щымыIэ пэлъытэу цIыкIу дыдэр зэрылъытэ псалъэрщи, ар зэрыухуа щIыкIэмрэ и мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, "мыщыIэпхъэрэ мыщыIэр (цIы-р) щыIэ хъунум и лъабжьэр (хъ) зэрызэхэлъ"у, "щыIэ хъуну лъабжьэр (хъ) мыщыIэу (цI) зэрыщыт"у, е "щыIэ хъуну лъабжьэр (хъ) мыщыIэ пэлъытэрэ мыщыIэпхъэу (цI) зэрыщыт"у зэреджапхъэр гурыIуэгъуэщ. Аращи, куантум физикхэми зэралъытэм зэрезэгъщ "цIырхъ" псалъэм гурыIуэгъуэ къищIри, щыIэгъуэр къемыжьэ ипэ ар щыIэну лъабжьэу зэрыщытрэ иджыри мыщу зэрыщытым ипкъ иткIэ, "цIы"уэ щыт "хъы"ыуэ е "цIы" пэлъытэ "хъы"уэ щытауэ лъытапхъэщ. И къежьапIэр "цIырхъ"у зэрыщытрагъэнщи, щыIэгъуэм гъунапкъэрэ кIуэдыпIэ иIэщ; щыIэгъуэшхуэмрэ абы хиубыдэ дэтхэнэ зы щыIэри мыпхуэдэщи, гъунапкъэрэ кIуэдыпIэ зиIэ дэтхэнэ зы щыIэм сытым дежи къыпэщытыр "цIы" пэлъытэ хъунращ; гъунапкъэрэ кIуэдыпIэу цIы пэлъытэр къызпэщыт щыIэхэр зыхэзыубыдэ щыIэгъуэ псоугъэми икIэм икIэжым "цIы"м хэхьэжыныгъэр къыпэщытщи, аргуэру "цIырхъ"ыр къэхъужыну къыщIэкIынщ.

"ЦI" макъымрэ "цIырхъ"ым и гугъу щытщIкIэ, щыIэгъуэ жыхуэтIэ мы хышхуэр дэ дыкъызщыхъуа енергиерэ пкъыгъуэ зэхэтращи, мы къэхъупIэрэ щыIэгъуэм нэмыщIыу космосым икIи анти енергиерэ анти пкъыгъуэ щыщалъытэр. Ар кIыфIыгъуэшхуэрэ фIыцIэгъуэшхуэщ зэралъытэри, икIи мы кIыфIагъэрэ фIыцIагъэр дэ щыIэхэр дыкъызтехъукIа щыIэгъуэ хышхуэм елъытауэ куэдыIуэкIэ нэхъыбэ хъууэщ зэралъытэр. Дэ щыIэхэр къызтехъукI лъабжьэм елъытауэ ар кIыфIыгъуэрэ фIыцIагъэу щалъытэм деж, адыгэбзэм мы и псалъэхэми аргуэру гулъытэ хуэщIын хуейуэ къызэрытпэщытри гурыIуэгъуэщ: адыгэбзэм "хужь" плъыфэм и пхэнджыр "фIыцIэ"у, "нэху"м и пхэнджри "кIыфI"ыущ зэрилъытэр.

"Хун"рэ "нэхугъэ"р фIыгъэу зэрылъытэкIэрэ абы и ухыпIэр "кIыфI"ыу, "хужь"ыгъэр а нэхъ плъыфэ нэхугъэ зиIэрэ лъагъугъуафIэу зэрыщыткIэрэ нэхъ плъыфэфIыу зэрылъытэм ипкъ иткIи, абы и пхэнджри плъыфэу "хъугъуэрэ щыIэгъуэм (фI) мыщыIэ (цIы) пэлъытэу щыIэгъуэ зиIэ (цIэ)" мыхьэнэкIэрэ "фIыцIэ"ущ зэрылъытар. Аращи, "фIыцIэ"рэ "кIыфI" псалъэхэр къызэрыхъуар мыпхуэдэми, я мыхьэнэм гулъытэ щыхуэпщIым деж, ахэр икIи щыIэгъуэ лъабжьэ мыхъуу щыIэгъуэр къызтехъукI енергиерэ пкъыгъуэм нэмыщIыу космосым хиубыдэу ялъытэ анти енергиерэ анти пкъыгъуэри щыIэгъуэ лъэныкъуэ еплъыкIэкIэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Щыlэгъуэр къызтехъукl лъэныкъуэм нэмыщl, мы зи гугъу тщlы кlыфlыгъуэрэ фlыцlагъэр икlи щlыlэгъуэшхуэуи ялъытэри, мыбы ипэкlэ щlыlэгъуэрэ щтыгъуэм теухуауэ жытlахэр дигу къегъэкlыжыр. Ныtlэ, щlыlэрэ щтыгъуэм теухуауэ ипэкlэ щыжытlа гуэрхэмрэ мы ипэкlэ щыlэгъуэм дэщlыгъуу ялъытэ мы фlыцlагъэрэ кlыфlагъэшхуэм теухуауэ жыlэпхъэхэр мащlэу къыпытщэжынщ. ″Фlыцlэ″рэ ″кlыфl″ псалъэхэм теухуауэ мы ипэкlэ къэтlуэтахэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ утыку къыздыщихьэм къыпэщыту мы зи гугъу тщlар ″маттер (маддэ) кlыфlрэ фlыцlэ″у зэралъытэм нэмыщl, ″маттэр щlыlэ″уи ялъытэр. Ар щыхъукlи, щыlэгъуэ къызтемыхъукlыу дэ щыlэгъуэ зиlэхэр дыкъызтехъукlа щыlэгъуэшхуэм къыпэщыту мы зи гугъу тщlыр икlи ″щтыгъуэшхуэ″у ипэкlэ зи гугъу тщlам хуэдэу зэрылъытапхъэми зэрызэгъкlэрэ икlи ″цlырхъ″ пэлъытэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Дэ дыкъызщыхъурэ дыздэщыlэу ухуар нэхугъэрэ нахуагъэу зэрылъытапхъэмрэ, плъыфэцlэуи фlыцlэм нэмыщl дэтхэнэ зы плъыфэр зыхэзыубыдэу плъыфабэу щыт хужьыгъэр зыхуэфащэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, мы псалъэхэр зэрыхуа ″ху″ макъ мыхьэнэри щыlэгъуэ лъабжьэр зэрылъытэ ″х″ым и ужьыгъуэу хунрэ ухуэн lуэхугъуэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэри дэ щыlэгъуэ зиlэ псом зэрытеухуарэ дэ щыlэгъуэ зиlэ псомкlи тхуэфlыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, дэ дызтеухухьрэ дэркlэ фlыр мы зэрылъытэ щlыкlэм и пхэнджу лъытапхъэщ енергие фlыцlэрэ кlыфlагъэшхуэри, ар къызэрыlуэта псалъэхэм я адыгэбзэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр ар дэ щыlэгъуэ зиlэхэм къызэрытщхьэмыпэрэ дэркlэ мыфlыу зэрылъытапхъэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Анти енергиерэ анти пкъыгъуэу зи гугъу ящlыр къызэрыlуатэ мы адыгэбзэ псалъэхэм ″мыщыlэпхъэу щыlэ пэлъытэрэ (фlыцlэ), фlым икlэрэ и ухыпlэу (кlыфl)″ гурыlуэгъуэ къытхуащlыр ар ″щыlэгъуэ lуэху зимыlэрэ мыщ″рэ ″хъугъуэ-фlыгъуэу лъытапхъэ щыlэгъуэ ухыпlэ″у зэрыщытращ.

Мыбдежым аргуэру гулъытэ хуэщlыпхъэщи, физикхэм ялъытэ енергие фlыцlэрэ кlыфlагъэр зи гугъу тщla мы адыгэбзэ псалъэхэм мыпхуэдэу игъуэджэу къызэрalуатэм и лъабжьэри а псалъэхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къэхъуарэ абы езэгъыу бзэм хэхьа макъхэмкlэрэ зэрыухуащ, а псалъэхэр макъыбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэкlэрэ зэрызэпкъырыувам папщlэщ.

Мы зи гугъу тщla анти енергиерэ анти пкъыгъуэр дэ дыздэщыlэрэ дызэрыщыlэ щыlэгъуэ къызтемыхъукlращи, ахэр ипэкlэ мыщрэ мыщыпхъэу зэрытлъытар дигу къэдгъэкlыжмэ, адыгэбзэм и мифологием мыпхуэдэ псалъэхэр тхьэпэлъытэрэ лlыхъужьыцlэу зэрыхэтри гулъытапхъэщ: ″Амыщ″ псалъэм ″мыщрэ мыщыпхъэу щыт″ мыхьэнэуэ еджапхъэщ. Ауэ икlи, термодинамикэ терминхэу зэрылъытапхъэкlэрэ ипэкlэ зи гугъу тщla псалъэхэм щыщу, сыгъуэрэ джыгъуэ зимыlэу термодинамиеми химыубыдэр зэрылъытэ ″Имыс″ псалъэри мыбдежым зи

гугъу тщIа ″енергие фIыцIэ″рэ ″пкъыгъуэ фIыцIэ″у ялъытэхэм теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Имысыр икIи мыщу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, ″Имыс″ псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр ″цI″ лIэужьыгъуэ нэхърэ мыср мыджу, ар щыхъукIи мыщрэ мыщыпхъэу зэрыщыткIэрэи ″амыщ″ыр термодинамикэ лъэныкъуэкIэ зэрылъытэ псалъэу жыIэпхъэщ.

*

ЩыIэгъуэ зиIэхэр утыку къызэрихьэрэ зэрызекIуэ лъабжьэр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIуу зэхэлъ хышхуэращи, ар волнаваяу зэрызекIуэм ипкъ иткIэ, сытри лъабжьэкIэ зэпыщIарэ зыуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ЩыIэуэ хъуар мыпхуэдэ зы лъабжьэкIэрэ зэпыщIарэ зыщи, щыIэгъуэ зиIэхэм я щыIэгъуэр зэрахьрэ щыIэхункIи ящIыу къалэжь дэтхэнэ гуэрэри къыздыщыхъуу зэрызекIуэр мы хышхуэу ялъытэ лъабжьэращ.

ЩыIэгъуэ лъабжьэу мы ялъытэр щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр къытехъукIрэ я щыIэгъуэри щызэрызекIуэращи, дэ псэущхьэу щыIэгъуэ зиIэхэми ди гъащIэрэ щыIэгъуэр зэрызекIуэр, икIи тщIэрэ къэдлэжьри мы енегние хышхуэр зэрызекIуэ щIыкIэращ къызтехъукIрэ зытеухуар. Аращи, дэ дыкъызэрыхъурэ ди гъащIэр зэрызекIуэу зэрызэхъуэкIрэ зэрыухри, ди гуфIэгъуэрэ ди гузэвэгъуэри, ди гулъытэрэ ди гупщысэри, сытри мы лъабжьэращ къызтехъукIрэ зэлъытауи щызэрызекIуэр.

Зи щыIэгъуэ зыухри зи гугъу тщIы хышхуэм хэхьэжу аращи, ди гъащIэр зэрызекIуэ псэуныгъэр щыджрэ щыгъэзащIэри мы куант хышхуэм куант куанткIэрэ гъэзащIэущ; икIи, ди гъащIэр щыухкIэ ди псэр мыджэж щыхъуми, псэуныгъэр къэзгъэщI уэзыр мы куант хышхуэращ зыхэхьэжыр. Адыгэбзэм и ″лI″ макъ мыхьэнэр зы лъэр зыдэкIуэн нэгъунэ кIуэуэ зэрыхъун зэрыхъур зэрылъытэращи, зэрыхъун хъуа цIыхур бзэм ″лIы″уэ щилъытэкIэ, ар зыдэкIуэнурэ абы къыпэщытыр зэрылъытэ ″лIэныгъэ″м гурыIуэгъуэ къищIри щыIэгъуэ хышхуэу волнаваяу къекIуэкI лъабжьэм къызэрыхъуа енергиерэ пкъыгъуэкIэрэ хэхьэжынрэ хэшыпсыхьыжынращ.

ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр къыздыщыхъуа мы куант хышхуэу волнаваяу къекIуэкIращ утыку къыщихьэу щызэрызэхъуэкIри, абы и щыIэгъуэм и пIалъэр щиухым дежи зыхэхьэжыр мы лъабжьэращ. ЩыIэгъуэ зэригъуэтарэ и щыIэгъуэр зэрызекIуэми лъабжьэ хуэхъуу щыт мы волнаваяу къекIуэкI енергием щыщ енергиерэ пкъыгъуэ цIыкIуу хэхьэжу аращ дэтхэнэ зы щыIэм и щыIэгъуэр зэрыухыр. Зы щыIэгъуэ зыгъуэту утыку къихьэр мы волнавая хышхуэ щыIэгъуэращ утыку къыздыщихьэри, щыIэгъуэ лIэужьыгъуэр щыкIуэдым дежи, мы щыIэгъуэ лъабжьэу волнаваяу къекIуэкI енергием хохьэжыр. Аращи, мы енергием хэщIыныгъэи, хэхъуэныгъэи иIэкъым; щыIэгъуэ зыгъуэтым и щыIэгъуэри, зи щыIэгъуэр зыкIуэдым и енергиерэ пкъыгъуэ цIыкIухэри мы волнаваяу къекIуэкI енергие хышхуэм щыщщ.

Ди щыIэгъуэри зыщыщрэ зэрыджри мы хышхуэ лъабжьэращи, дэ дыщыIэхункIэ тщIэрэ къэдлэжьхэми лъабжьэ хуэхъурэ икIи зыхэщIыхьу зыщыщыр мы лъабжьэращ. Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, дэ къэдлэжьрэ зедгъакIуэ дэтхэнэ гуэрыр щыIэгъуэм щыщу, щыIэгъуэр къызэрекIуэкIми нэIэсыфу хэIэбэфрэ хэлэжьыхьыфращ. Аращи, цIыхум и гъащIэм щIэныгъэу къыщыригъэкIуэкIри, зэрыгупщысэрэ икIи абы хуэдэу и енергиер концантрэ зэрыхъу щIыкIэу медитацэри, и флэщхъуныгъэри, и тхьэлъэIурэ и хъуэхъухэри щыIэгъуэ къекIуэкIэм лъабжьэкIэрэ нэсыфу хэIэфрэ хэлэжьыхьырщ.

Ди гупщысэхэм щыIэгъуэ зекIуэкIэр зэрихъуэкIыфу щыжытIэм деж, цIыхухэр идеологие яхуэхъуа гупщысэ гуэрхэм иужь ихьэу псэукIэрэ гъащIэ къекIуэкIыкIэр зэрызэрахъуэкIракъым зи гугъу тщIыр. Ари зи гугъу тщIы lуэхум щыщрэ хэтыжырщ, ауэ мыбдежым зи гугъу тщIыр гупщысэн lуэхугъуэм куанталу и лъабжьэращ. Дэтхэнэ зы щыIэгъуэр физикэ лъабжьэкIэрэ утыку къызэрихьэр зылъытэ куантум физикэм гупщысэри куанталу зэрыджращ зэрилъытэри, куантум физикэм теухуауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа псори гупщысэми теухуауи зэрыгъэзащIэрауэщ зэралъытэр.

Ипэрей ди лэжьыгъэхэми къыхэдгъэщауэ щытащ гупщысэхэми езым хуэIуа геометрие зэриIэри, ар дыдэущ гупщысэн lуэхур куантум физикэкIи зэрылъытэр. Дэтхэнэ гуэрым хуэдэжу, зы куант пунктэм щыджырщ гупщысэри, ари куантум физикэ терминхэмкIэрэ къэIуэтапхъэущ зэралъытэр. Мыбы зэрезэгъщи, ди гупщысэхэри щыIэгъуэ лъабжьэм къыщекIуэкI енергие зэхъуэкIыныгъэкIэрэ къэхъуу, къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэи абы и зекIуэкIэм зэхъуэкIыныгъэ хэзыгъэзэщIыхьращ.

Дэ гупщысэф псэущхьэу щыт цIыхум ди гупщысэхэр къыздыщыхъури мыбдежращи, дыщыгупщысэм деж, дызтегупщысыхьрэ ди гупщысэр зэрыухуэри мы хышхуэр зэрызэхэлъ енергиерэ пкъыгъуэ лъабжьэ цIыкIу зэхъуэкIыныгъэрэ джыныгъэкIэрэщи, дыщыгупщысэкIэ мы лъабжьэм и зекIуэкIэм зэхъуэкIыныгъэи къыхуехьыфыр. Дыщыгупщысэм деж, дызэрыгупщысэ щхьэкIуцIыр зэрыухуа атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм я зэхущытыкIэрэ зэрызэхъуэкIрэ дызэрыгупщысэ щIыкIэм елъытауэ зэрыузэщIыжым ипкъ иткIэ, ахэр зыщыщу зи гугъу тщIы хышхуэми атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIукIэрэ зэхъуэкIыныгъэрэ узэщIыныгъэ къыхуокIуэр. Аращи, волнаваяу зекIуэ мы хышхуэм и зы щIыпIэу дызтегупщысыхьым и енергиерэ и атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэту мэджри ди гупщысэр мэухуэ; ди гупщысэр зытеухуэ щIыпIэри дызэрыгупщысэмрэ ди гупщысэмкIэ зэхъуэкIа мэхъур.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, гупщысэ псэущхьэу щытрэ и щыIэгъуэм зэрезэгъыу цIыхум щыIэгъуэм къыхуихьрэ икIи абы хигъэзэщIыхьу хилъхьэжри мащIэкъым. ЦIыхур щыIэгъуэ гъунапкъэкIэрэ щыIэгъуэ зиIэу, щыIэгъуэшхуэмрэ абы щыщыIэ дэтхэнэ гуэрыр зылъытэфырщи, щыIэгъуэрэ гъащIэ зиIэ псом нэхърэ нэхъыбэщ цIыхум

щыIэгъуэм хигъэзэщIыхьыфымрэ хищIыхьыфыр. Ар щыIэгъуэр зылъытэрэ щыIэ псоми кIэлъыплъыныгъэ зиIэрщи, зытегупщысыхьым хуэдэжу илъытэрэ зыкIэлъыплъхэми лъабжьэкIэрэ зэхъуэкIыныгъэ къыхуэзыгъэкIуэфырщ.

"Гупщысэ" псалъэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ар щыгъэзащIэрэ щыдж лъэр (гу) зы джыпIэу зэрылъытакIэрэ зы сыгъуэу къызэрекIуэкIыр къызэрыIуатэ псалъэрщ: "гупщысэ"р зы джыпIэм (гу) "пщын" lуэхугъуэкIэрэ сыгъуэу (с) зэрызекIуэр (э) зэрылъытэ псалъэрщ. Мыбы икIи термодинамикэу зэреджапхъэри гурыIуэгъуэщи, гупщысэныр "гу"м зы "пщы"н lуэхугъуэщIэ нэсрэ щысу (с) щыджынращи, гум къыщекIуэкI пщыгъуэр сыгъуэкIэрэ зэрызэхъуэкIыу пщыгъуэщIэ щыджынращ. Гум мы къыщекIуэкIыр щыIэгъуэ хышхуэм волнаваяу зэрыпыщIаращ куантум физикэу зэралъытэри, гум къыщекIуэкI сыгъуэрэ джыгъуэ lуэхугъуэр волнаваяу щыIэгъуэ лъабжьэми хищIэрэ хэлэжьыхьу, гум (щхьэкуцIым) къыщыхъур волнаваяу щыIэгъуэ псом зыхещIэр. Аращи, ущыгупщысэм деж, узтегупщысыхьым теухуауэ щыIэгъуэ лъабжьэу къекIуэкIыу щытыр зэ щхьэ зэхэтхъуэрэ кIуэдыжу (антропи), абы ипIэкIэ узэрыгупщысэм елъытарэ пыщIауэ а лъабжьэм аргуэру узэдыныгъэ игъуэту аращ.

Термодинамикэ еплъыкIэу мы къэIуатэр икIи куанталу къэIуэтапхъэщи, ущыгупщысэм деж, узтегупщысыхьым теухуа куант пунктэм зыгуэр щызэхъуэкIрэ къыщыхъуу аращи, волнавая зекIуэкIэ зиIэ куантал хышхуэм а и куантыпIэр куантизэ зэрыхъукIэрэ зыгуэр щоджыр. Ар зэрыджкIэрэ волнаваяу зэпыщIэныгъэ зиIэ щыIэгъуэ хышхуэ зекIукIэри волнаваяу зохъуэкIыр. Аращи, гупщысэр зытеухуам елъытауэ гупщысэн lуэхугъуэу къедгъэкIуэкIыр щыIэгъуэ лъабжьэ хышхуэм и зы щIыпIэрэ куантым джыгъуэ къэгъэхъунращи, ар волнавая зекIуэкIэр куантизэ щIынращ, ари лъабжьэкIэрэ волнаваяу щыIэгъуэм зыхищIэнращ.

Гупщысэ цIыхум и пкъыгъуэрэ и гуми, икIи нэхъыбэуи ар къыздыщекIуэкI щхьэкуцIыр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ лъабжьэ цIыкIухэм я зэхущытыкIэм зэхъуэкIыныгъэ къызэрекIуэкIыр гурыIуэгъуэнщи, щымыгупщсэ ипэрэ иужьым цIыхум игурэ и щхьэкуцIыр зэрыухуа пкъыгъуэ лъабжьэ цIыкIухэм я зэхущытыкIэри зэхуэдэжкъым. Ауэ, а зэхъуэкIыныгъэр икIи игурэ щхьэкуцIым имызакъуэу и пкъыгъуэ псом зэрызыхищIэр; мыбыи къыщымынэу, волнаваяу зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу жыхуэтIэ щыIэгъуэ хышхуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэми мы зэхъуэкIыныгъэр зэрынэсрэ зэрызыхищIэри гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэ хышхуэр волнаваяу зэрызекIуэм ипкъ иткIэ, цIыхум и гупщысэр къыздыщыхъурэ зыхэхьэж мы лъабжьэкIэрэ щыIэгъуэмрэ дэтхэнэ зы щыIэм зэхъуэкIыныгъэ къызэрыхъур гурыIуэгъуэнщи, мыр цIыхум и лъэрэ и щхьэкуцIыр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цIыкIухэр щыIэгъуэ жыхуэтIэ дэтхэнэ и зы щIыпIэм щыщыIэ пкъыгъуэ цIыкIухэм волнавая щIыкIэкIэ зэрызэпыщIаращ зытеухуар.

Араща, цIыху гупщысэкIэрэ игум къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэр щыIэгъуэр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цIыкIу хышхуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм волнаваяу зэрылъэIэсрэ зэрызэхъуэкIыр гурыIуэгъуэщ. ЦIыхум и гупщысэр куантум физикэу къызэрыхъумрэ волнаваяу щыIэгъуэ лъабжьэ хышхуэм нэсу зэрыхэIэр мы къызэрытIуэта щIыкIэу лъытапхъэщ. Гупщысэныр щыIэгъуэ лъабжьэ зэхъуэкIыныгъэу, волнавая зэпыщIэныгъэр куантизацэ щIын Iуэхугъуэрщи, гупщысэнри ар зытеухуа щыIэгъуэм куант пунктэкIэрэ щыгъуазэ хуэхъужынрауэ жыIэпхъэщ.

Гупщысэн лъэныкъуэкIэ зэреплъ щIыкIэу, ар щыIэгъуэ лъабжьэ хышхуэм зэрынэсрэ зэрыхэIэращ мыбдежым къыщытIуэтар, ауэ икIи ди гупщысэхэри мы хышхуэ лъабжьэр зэрызекIуэм къытхуихьу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Араща, гупщысэу зи гугъу тщIыхэр щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщыткIэрэ цIыхум и щыIэгъуэращ зэлъытар, ауэ ахэр цIыхум къызэрыхуэкIуэри зи гугъу тщIы щыIэгъуэ лъабжьэ хышхуэм и волнавая зекIуэкIэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

ЩыIэгъуэр волнавая зекIуэкIэ зиIэрщи, ″гупщысэн″ыр ар куантизацэ щIын Iуэхугъуэрамэ, нытIэ ″гушыпсэн″ыр (имажине - имажинацэ – имиджинг) щыIэгъуэр зэрызекIуэ волнавая щIыкIэм къыпхуихьу волнаваяу къыпхуэкIуэрауэ жыIэпхъэщ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, ″гушыпсэн″ыр нэхъыбэу щыIэгъуэм волнавая и зекIуэкIэм ета хъун IуэхугъуэщI, ауэ ″гупщысэн″ыр ар куантизэ щIын IуэхугъуэуI, гупщысэ нэрыбгэм езым игъэзащIэ зы IуэхугъуэрщI. ЩыIэгъуэм и волнавая зекIуэкIэу цIыхум езым имыгъэзащIэу къыхуэкIуэу жыхуэтIэхэр зэрыигъуэкIэрэ волнавая зекIуэкIэ зиIэхэращи, цIыхум къыхуэкIуэу зи гугъу тщIыхэм теухуа нэхъ щапхъэфщ ″къыщыхъун″рэ ″къыфIэщIын″ псалъэхэр зытеухуа IуэхугъуэрI. Ауэ гурыIуэгъуэнщи, къыщыпщыхъурэ къыщыпфIэщIыу щытым езымрэ дежри а волнавая функцэр къызэрыбнэс куантыпIэу лъытапхъэщи, апхуэдэри куантизацэрщI.

Мыбдежым зи гугъу тщIа глаголхэу, цIыхум езым къилэжь IуэхугъуэхэрI къызэрыIуатэ глаголхэмрэ цIыхум и IуэхуI хэмылъу къыхуэкIуэхэр къызэрыIуатэ глаголхэм я лэжьэкIэхэр зэрызэхуэмыдэри къыхэгъэщыпхъэщ. Араща, адыгэбзэм зы ″IуэхуI глагол″ лIэужьыгъуэу хэлэжьыхь зы глаголщ ″гупщысэн″ыр; ауэ цIыхум къызэрыхуэкIуэкIэрэ хуэгъэзащIэ ″къыщыхъун, къыфIэщIын″ глаголхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр суетым и ″щхьэм къырикIуэ глагол″ IуэхугъуэущI. Мы я лэжьэкIэри ахэр зэрытлъытауэ зэрызэщхьэщыкI IуэхугъуэмI зэрезэгъыр гурыIуэгъуэнщи, ″гупщысэн″ыр зыгъэзащIэм и IуэхугъуэуI зытеухуар куантизацэ зэрыщIкIэрэщ; ауэ ″къыщыхъун, къыфIэщIын″ глаголхэр волнавая щIыкIэ зиIэу цIыхум езым и IуэхуI хэмылъу волнаваяу къекIуэкI щыIэгъуэм къыхухьрэ къыхуэкIуэхэращ.

″Гурыгъуазэ″ри волнавая щIыкIэ зиIэу лъытапхъэщ, икIи ар ″къыщыхъун″рэ ″къыфIэщIын″ нэхърэ ″гушыпсэн″ым хуэгъунэгъу IуэхугъуэуI лъытапхъэщ. Араща, ″гурыгъуазэ″р волнаваяу щыIэгъуэр

зэрызекIуэм къыпхуихьрауэ лъытапхъэщи, зыгуэрыр гурыгъуазэкIэ къыбгурыIуэныр а гуэрым и волнавая зекIуэкIэм етауэ щыгъуазэ хуэхъунрауэ жыIэпхъэщ; икIи а къыбгурыIуэм дежрэ ″къыщыбгурыIуэ″ри волнаваяу къыпхуэкIуэр ″куантизацэ″ щыхъурауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

ЩыIэгъуэр волнавая зекIуэкIэ зиIэуи, куант куанткIэрэ зэпыщIауи зэрыщытращ куантум физикэкIэ зэрылъытэри, ар е волнаваяу е куант пунктэкIэрэ плъытэфынщ, ауэ тIури зэхуэдэу плъытэфынкъым. Аращ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэри зэрызекIуэри, абыхэм я зекIуэкIэм е волнавяу щыгъуазэ ухуэхъунщ, е куант пунктэу щыгъуазэ ухуэхъуфынщ. Зи гугъу тщIы зы атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIур зэрызекIуэ зэрыжэу и псынщIагъэмрэ ар зыдэщыт щIыпIэр зэуэ къызэрыумыпщытэфу зэрыщытыр къызхэкIыр мыращ. Ахэр икIи волнавая зекIуэкIэ, икIи куант щIыкIэ зиIэхэрщи, мы и щIыкIитIым зыращ зэм щыгъуазэ узхуэхъуфыр. Мыпхуэдэщ дэтхэнэ щыIэгъуэ зиIэр лъабжьэкIэрэ зэрызекIуэри, волнавя е куантизацэущ. Мыпхуэдэщ цIыхум теухуауэ ипэкIэ зи гугъу тщIахэри, волнавая щIыкIэ зиIэмрэ куант щIыкIэ зиIэхэр зэуэ къэхъукъым.

Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ зэращIщи, волнаваяу къыпхуэкIуэхэр къыпхуэкIуэн папщIэ, уэри волнавая зекIуэкIэм зэтауэ ущытын хуейщ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, волнавая щIыкIэ зиIэу зи гугъу тщIахэр къэхъун папщIэ, ар къызхуэхъуну цIыхур бэлэрыгъарэ волнавая щIыкIэ зиIэ хъун хуейщ. Ауэ, волнавая зекIуэкIэм мыпхуэдэу етауэ ″гупщысэн″ lуэхугъуэ зэрымыгъэзэщIэнур гурыIуэгъуэнщ; волнаваяу къеклуэкIыр къызэрыпхуэкIуэ щIыкIэу ″къыщыпфIэщI – къыщыпхуэхъу″ е ″ущыгушыпсэ″м деж дыдэу икIи угупщысэфынкъым. Волнавая щIыкIэмрэ куантизацэ lуэхугъуэр зэхуэдэрэ зы щIыпIэм къыщыхъуфынкъым; куантизацэ lуэхугъуэу ущыгупщысэ щыгъуэм икIи волнавая къеклуэкIыкIэу зи гугъу тщIахэр къыпхуэкIуэнкъым. Аращи, щыIэгъуэ лъабжьэр волнаваярэ куантизацэу зэрылъытэм хуэдэжщ щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым и къеклуэкIыкIэри, ай тIури зэуэ лъытэфынкъым. Зэм деж е ″угупщысэнщ″; е ″къыпщыхъунщ – къыпфIэщIынщ″ – е ″угушыпсэнщ, угурыгъуэзэнщ″.

*

ЩыIэгъуэ зекIуэкIэр волнавая щIыкIэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, дэтхэнэ зы щIыпIэм къыщыхъур волнавая щIыкIэкIэ мы хышхуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм зэрынэсыр гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэр лъабжьэкIэрэ волнаваяу зэпыщIауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, дэтхэнэ зы щIыпIэм къыщыхъум щыIэгъуэ лъабжьэр зэрызекIуэ волнаваяу зиубгъуу хышхуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэми зыщегъэлъагъуэр. ЩыIэгъуэ лъабжьэм зэрыхэщIэрэ абы и зэхъуэкIыныгъэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщI, щыIэгъуэм мы и зекIуэкIэм ипкъ иткIэ, зэ къэхъури а къызэрыхъуа щIыкIэкIэ щыIэгъуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм зыщиубгъуу щыIэгъуэ зыщегъуэтри, дэтхэнэ зы щIыпIэм къыщыхъур щыIэгъуэ псом щогъэлъагъуэр. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ,

щыIэгъуэм зэ къыщыхъур щыIэгъуэ зекIуэкIэм хэщIэрэ ар зэхъуэкIыныгъэм зыхэзышэу зэрыщытым нэмыщI, абы и щыIэгъуэми увыIэгъуэ зимыIэкIэрэ щыIэгъуэ псор къызэхикIухьу щыIэгъуэ псом зыщегъэлъагъуэри, мыри щыIэгъуэр зэрыхологрaмма лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм теухуащ.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ къэхъурэ утыку къихьэныгъэр щыIэгъуэу хъугъуэ фIыгъуэ IуэхугъуэУ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщи, щыIэгъуэ зекIуэкIэрэ космикэ къекIуэкIыкIэу щыIэгъуэ зыгъуэту утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр зы хъугъуэ фIыгъуэрщ. ИкIи, мыпхуэдэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрэри щыIэгъуэрэ космикэ зекIуэкIэкIэ волнаваяу щыIэгъуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм зэрынэсыфрэ зэрызэпыщIар гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэрэ космикэм къыщыхъу дэтхэнэ гуэрыр щыIэгъуэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм волнаваяу зэрынэсрэ зэрызыхищIэкIэрэ щыIэгъуэрэ космикэу хъугъуэ фIыгъуэ къыщохъур.

ЩыIэгъуэм мы и зекIуэкIэм езэгъыу цIыхум къилэжьрэ къигупщысэ дэтхэнэ гуэрэри щыIэгъуэм и зекIуэкIэу щыт хъугъуэ фIыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ар щхьэ, и щыIэгъуэкIэ щыIэгъуэ гъунапкъэу щытрэ, щыIэм щыщу мыщыр зыхуу лъытапхъэ цIыхум къилэжь дэтхэнэ гуэрыр фIыкIыпIэ имыIэу щыIэгъуэр къызэрекIуэкI мы хъугъуэ фIыгъуэм езэгъын хуейуэ зэрыщымытынури гулъытапхъэщ. НытIэ, цIыхум къилэжьыфыну дэтхэнэ гуэрыр хъугъуэ фIыгъуэу зэрылъымытапхъэм хуэдэжу, абы дэтхэнэ и зы гупщысэри щыIэгъуэ зекIуэкIэм езэгъыну зэрыщымытынури гурыIуэгъуэщ. ИкIи, цIыхум къилэжьрэ и гупщысэкIэр щыIэгъуэм зэрыхэщIэрэ ар зэхъуэкIыныгъэм зэрыхуигъэкIуэфынур жытIагъащи, нытIэ, къызэрыгъэщIа щIыкIэу и щыIэгъуэкIэ щыIэгъуэ гъунапкъэу щытрэ щыIэгъуэри къызгурыIуэф цIыхур мы и щыIэгъуэм ипкъ иткIэ, и щIеинрэ и гупщысэхэр щыIэгъуэ зекIуэкIэм егъэзэгъын хуей къалэн зиIэ псэущхьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

Гупщысэныр зытеухуарэ къыздыщекIуэкI куантыпIэм зыгуэрхэр зэхэувыIэрэ зэпычу зэрызэхэтхъуэр, ауэ абы ипIэкIэ зыгуэрхэр зэрыджрэ зэрыузэщIыр гурыIуэгъуэщи, цIыхум къилэжьрэ и гупщысэхэм мы ягъэзащIэ зэхъуэкIыныгъэр щыIэгъуэ зекIуэкIэм емызэгъыныгъэрэ езэгъыныгъэ зэрызыхуaIэфынум папщIэщи, и щыIэгъуэм къызэрыгуэкIкIэ цIыхум щыIэгъуэм теухуауэ пщэрылъ гуэрхэр зэриIэнур гулъытапхъэщ. Волнавая зекIуэкIэ зэриIэкIэрэ сытри зэпыщIауэ къызщыхъу щыIэгъуэ лъабжьэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр куантизэ зэрыщIрэ зэрыджыжыну щIыкIэу цIыхум игъэзащIэ Iуэхугъуэрэ и гупщысэкIэр щыIэгъуэм егъэзэгъын зэрыхуейр цIыхум и пщэрылърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, мыхъуныгъэ гупщысэхэр щыIэгъуэ зекIуэкIэм емызэгъыу, хъугъэ гупщысэхэри щыIэгъуэ зекIуэкIэм езэгъыу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мыбыхэм гулъытэ хуэщIынрэ щыгъуазэ хуэхъун IуэхугъуэУ цIыхум зэригъэпэщын хуей щIэныгъэр и пщэрылъу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

Цlыхум езым и щыlэгъуэм къыхуихь пщэрылъщи, мы и щlэныгъэкlэрэ щыlэгъуэ зекlуэкlэм езэгъынрэ ар гъэфlэкlуэн lуэхугъуэ игъэзэщlэн къалэн зиlэрщ.

И щыlэгъуэм теухуауэ пщэрылъ къыхуэхъухэр зэрызыригъэкlуэн щlыкlэу цlыхур зэкlу хабзэ зэрыщыlэнур гурыlуэгъуэщи, ″хабзэ″ жыхуэтlэм и лъабжьэри мыпхуэдэхэм къыщылъыхъуэн зэрыхуейри гулъытапхъэщ. Аращи, ″хабзэ″ жыхуэтlэр цlыхум ауэ къызэрыкlуэ lуэхугъуэу гъэзэщlэн хуейуэ илъытэхэракъыми, цlыхум езым и щыlэгъуэм къыхуихьу зи гугъу тщla мы и пщэрылъращ ар къызтехъукlыр. И щыlэгъуэм къызэрыхуихьрэ абы елъытарэ теухуауэ цlыхур зэрыцlыхукlэрэ япэрауэ щыlэгъуэм теухуауэ пщэрылъ къыхуэхъухэр зэригъэзэщlэну щlыкlэхэр зэригъэпсрауэ жыlэпхъэщ хабзэр. Щыlэгъуэм езэгъынрэ емызэгъын щlеинрэ гупщысэкlэ зиlэф цlыхум пщэрылъ къыхуэхъур ахэр щыlэгъуэ зекlуэкlэм езэгъыу зыригъэкlуэн lуэхугъуэрщи, щыlэгъуэм езэгъыныгъэу цlыхум пщэрылъ хуэхъухэр зэригъэзэщlэну ″хабзэ″р зэрыухуэ къежьапlэри цlыхум мы и лъэкlыныгъэрэ хуитыныгъэрауэ лъытапхъэщ.

Щыlэгъуэм езэгъыу и гъащlэр зэрызыригъакlуэращ ″хабзэ″у зэрихьэри, Адыгэм ″хабзэр унафэкlэ яухуэкъым″ жыхуиlэ псэлъэжьми гурыlуэгъуэ къищlыр мыращ: ар гъащlэм дэухуэращи, и къежьапlэр гъащlэри къызтехъукlу щыlэгъуэм езэгъыныгъэрщ. Мыпхуэдэ лъабжьэрэ къежьапlэ зиlэ хабзэкlэрэ и гъащlэр иригъэкlуэкlыу игъэфlэкlуэн лъагъуэр цlыхум имыгъэкlуэдмэ, щыlэгъуэ зекlуэкlэм езэгъ лъагъуэми зэрытетынур гурыlуэгъуэнщи, ар щыхъукlи, щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ къэхъу къэщlым дэухуэу хъугъуэ фlыгъуэ эффект зэриlэкlэрэ зэрызекlуэнури гурыlуэгъуэнщ. Мыращ унафэкlэ ямыухуэрэ щыlэгъуэм езэгъыныгъэу гъащlэри зэрызекlуэм дэухуэу, сытми и хэкlыгъуапlэрэ хъугъуэ фlыгъуагъэкlэ зэхэлъу щытрэ Адыгэми езыми и ″хабзэ″у илъытэр.

″Хабзэ″ псалъэр цlыхум хуэlуауэ къэхъуауэ лъытапхъэми, фlэкlыпlэ имыlэу цlыхум зэрихьэр зэрылъытэ закъуэм теухуауэ бзэм щызэрыземыкlуэри гурыlуэгъуэщ. Дэтхэнэ зы псэущхьэ гупми зы зэхэтыкlэ иlэжщ; икlи псэущхьэми хуэlуакъым хабзэм тетынрэ хабзэ зиlэнри, дэтхэнэ зы щыlэр а зэрыщыlэкlэрэ зы хабзэм тету зэрыщытыр гурыlуэгъуэш. Псалъэр зэрыухуа макъ мыхьэнэкlэрэ зэреджапхъэу, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ зэрыщыlэм теухуащ ″хабзэ″ри, щыlэгъуэ жыхуэтlэмрэ дэтхэнэ зы щыlэри щыlэгъуэ зэриlэкlэрэ утыку къызэрихьэрэ и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрызэхъуэкlри зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр гурыlуэгъуэ зыщl псалъэщ ″хабзэ″р. Ауэ, дэтхэнэ зы псэущхьэмрэ щыlэгъуэм езыми иlэ хабзэмрэ цlыхум хабзэ хуэхъур зэрызэщхьэщыкlри гулъытапхъэщ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ я щыlэгъуэр зэрызекlуэрщ зи гугъу тщlы псэущхьэмрэ дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэр зытет хабзэр; ауэ, цlыхур и щыlэгъуэм къызэриткlэрэ къалэнрэ пщэрылъ гуэрхэр къызтехуэ псэущхьэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы зэригъэпэщыну

хабзэр адрей щыIэхэм я щыIэгъуэр зэрызекIуэ хабзэм къазэрыщхьэщыкIыр гурыIуэгъуэщ. ЦIыхум нэмыщI псэущхьэхэмрэ дэтхэнэ гуэру щыIэгъуэ зиIэр зытету зи гугъу тщIы хабзэр щыIэгъуэм езыр зэрызекIуэ хабзэращ; ар щыхъукIи, "хабзэ" псалъэр цIыхум хуэIуарэ икIи зы псалъэу щIэухуари цIыхум папщIэу жыIэпхъэщ. Аращи, цIыхум хабзэ къыхуэхъур абы и лъэкIыныгъэрэ хуитыныгъэм и зы Iыхьэр гъэзэщIэнращ къызхэкIри, абы и щыIэгъуэм къызэриткIэрэ пщэрылъ къыхуэхъухэм езэгъыу ухуэращ цIыхум теухуауэ "хабзэ" жыхуаIэр. ИкIи дэтхэнэ зы цIыху лъэпкъым и зэхэтыкIэ щIыкIэри абы и хабзэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ, ауэ Адыгэм хабзэу илъытэр ауэ къызэрыкIуэ зэхэтыкIэрэ дэтхэнэ зы зэхэтыкIэ щIыкIэр зэрылъытэракъыми, абы и лъабжьэр цIыху щыIэгъуэм пщэрылъ къыхуищIыу жыхуэтIэхэр зи къежьапIэу лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ зэращIщи, "хабзэ" псалъэр зэрыухуа щIыкIэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Япэрауэ абы "гупрэ цIыху щыIэкIэрэ зэхэтыкIэ логие"уи зэреджапхъэри гулъытапхъэщ, икIи мы еджэкIэр класикэрэ макро физикэм нэхъ езэгъ еджэкIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ, а физикэми лъабжьэ хуэхъурэ ари къэзгъэунэхужу, щыIэгъуэр къызэрыхъуу зэрызекIуэм теухуауэ щыт куантум физикэкIэ "хабзэ" псалъэм узэреджэфынури ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къащIыр. Аращи, "хабзэ" псалъэми зы куант термину узэреджэфынур гурыIуэгъуэщи, япэрей лэжьыгъэхэм дежи "хабзэ" псалъэм "цIыху щыIэкIэрэ зэхэтыкIэ логие"у зэреджапхъэм нэмыщI, "щыIэгъуэ лъабжьэ логие"уи зэреджапхъэр къыхэщу зэрыщытри гукъэкIыжыпхъэщ. Макро физикэр куантум физикэкIэ къызэрыунэхуфым и гугъу зэрытщIауэщи, "щыIэгъуэ лъабжьэ логие"р икIи дэтхэнэ зы "щыIэр зэрыщыIэ логие"рэ "щыIэхэр зэрызэхэт логие"ри къэзгъэунэхуу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, и щыIэгъуэкIэрэ щыIэгъуэм езэгъынрэ емызэгъын лъэкI зиIэ псэущхьэу щыт цIыхум щыIэгъуэм езэгъын щIыкIэкIэ и щыIэгъуэрэ гъащIэр зэрихьымрэ цIыху зэхэтыкIэ логиеу иIэр зэрыигъуэкIэрэ "хабзэ"у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ; икIи, "хабзэ" псалъэр физикэ лIэужьыгъуитIкIи зэпэщу адыгэбзэм къызэригъэщIарэ щызэрызекIуэри гулъытапхъэщ.

ЩыIэгъуэ геометрием и ординат къалэн зыгъэзащIэу щыIэхэр зыщыджрэ къыздыщыхъу лъабжьэр зэрылъытэ "х" макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъуакIэрэ "хабзэ" псалъэр "щыIэгъуэ къэхъуныгъэрэ зекIуэкIэ логие"р зэрылъытэ псалъэрщ. Ар мы и мыхьэнэкIэрэ куантум физикэми езэгъ псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэ къызэрыхъурэ зэрыгъуэтыр, щыIэгъуэ зыгъуэтми и щыIэгъуэр зэрыригъакIуэ щIыкIэрэ логиер физикэу а нэхъ лъабжьэкIэрэ (куанталу) "хабзэ" псалъэм гурыIуэгъуэ къищIыр. ИкIи, цIыхум и щыIэгъуэм къызэритщи, щыIэгъуэ зекIуэкIэм езэгъыныгъэр пщэрылъ къызхуэхъу цIыхум и щыIэгъуэрэ дэтхэнэ и зы щIеинри зэрыригъэкIуэну щIыкIэр зэрыигъуэкIэрэ зылъытэ псалъэращ "хабзэ"р.

Нытlэ, ″хабзэ″ псалъэм и мыхьэнэр гурыlуэгъуэ щыхъуаклэ, цlыхум и щыlэгъуэм къызэриткlэ пщэрылъ къыхуэхъухэр зэрыригъэзэщlэн щlыклэу зэрихьэну хабзэри абы и мыхьэнэм езэгъыу щытын зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ. Аращ хабзэм и къежьапlэри, хабзэу иужькlэ дэтхэнэ гуэрым теухуауэ цlыху псэуклэм щыухуэжхэри япэрауэ хабзэм мы зи гугъу тщla и мыхьэнэрэ абы и къежьапlэм езэгъыни зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лъагъуэклэрэ ухуэ хабзэр и къежьапlэрэ мыхьэнэм теухуэжырщи, мыри лъабжьырыклуэд мыхъуу хабзэ ужьыгъуэрщ, ауэ мы къежьапlэм емызэгъыу хабзэм теухуээжрэ абы хэхьэр ар зэрызхъуэклынурэ абы лъабжьэрыклуэди къыхуэзгъэклуэну зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэ гъунапкъэу щытрэ щыlэгъуэр къызгурыlуэн лъэкl зиlэ цlыхум щыlэгъуэ ужьыгъуэм еклун пщэрылърэ къалэн зэриlэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лъэкl зимыlэрэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм щыщрэ дэухуэ щыlэгъуэ зиlэ нэгъуэщl псэущхьэхэмрэ щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым щхьэщыкlыу цlыхум ″хабзэ″ зэрыхуэухуэм и лъабжьэри, цlыхум хуэlуауэ тлъытэ ″хабзэ″р къызхэклри мыращ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэм емызэгъын хуитыныгъэ зиlэ цlыхум абы езэгъынрэ еклуныгъэу хуэухуэ хабзэм щымыщри ″емыкlу″ущ адыгэбзэм зэрилъытари, ар хабзэм и гъунапкъэрщ. Аращи, ″емыкlу″р зэмыклур хабзэрэ ари зэзэгъ щыlэгъуэ ужьыгъуэращ: емыклуу лъытар зэмыклур щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ къеклуэклыклэращи, икlи ар зи гъуазэу ухуа ″хабзэ″рщ. ″Емыкlу″ псалъэм и къежьапlэри ″хабзэ″м хуэдэжу мыпхуэдэ лъабжьапlэращ.

*

Щыlэгъуэ ужьыгъуэм утыку къыригъэхьа макъхэмклэрэ ухуа макъыбзэр щыlэгъуэ логие зиlэу зэрыухуаклэрэ абы зэрезэгъым ипкъ иткlэ, ар зэрылъабжьэклэрэ ухуэну гупщысэхэмрэ гупщысэхэр абы къызэриlуэтэну щlыклэри щыlэгъуэм езэгъыу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Цlыхум дэтхэнэ и зы щlеинрэ и гупщысэр щыlэгъуэм зэрыхэщlэрэ зэрыхэлэжьыхьращ куантум физикэм къигъэунэхуарэ зэрилъытэри, макъыбзэу щыт адыгэбзэм зи гугъу тщla и лэжьэклэм ипкъ зэритlклэ, къигъэхъурэ къиlуатэ гупщысэхэри щыlэгъуэм нэхъ езэгърэ хэщlэу зэрыщытынур жыlэ хъунщ. Аращи, цlыхум дэтхэнэ и зы щlеиныр щыlэгъуэм зэрыхэщlэр пэжрэ псэлъэбзэм къиlуатэхэри щыlэгъуэм хэщlэрэ хэлэжьыхьу щытмэ, щыlэгъуэу ужьыгъуэм езэгъыу къэхъуа псэлъэбзэу щыт макъыбзэм щыlэгъуэм нэхъ эффектышхуэ зэрыхилъхьэнурэ хъугъуэ фlыгъуэ зэрыхищlыхьыфынури жыlэпхъэщ. Икlи, мыпхуэдэщ цlыхум щыlэгъуэм езэгъыныгъэу пщэрылъ къыхуэхъум теухуауэ хабзэ хуэхъуауэ ипэклэ зи гугъу тщlари, апхуэдэ хабзэ зехьэклэр щыlэгъуэм хъугъуэ фlыгъуэклэрэ хэщlэу зэрыхэлэжьыхьынури гурыlуэгъуэщ.

Псэлъэбзэр зэрыухуэрэ и къежьапlэращ макъыбзэри, макъхэр къызэрыхъуа щlыклэклэ зэрызеклуэу ухуэ зы логие лlэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, макъыбзэр щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ зеклуэклэм

езэгърэ къызхэщу ухуа псэлъэбзэрщ. Ди дунейр зэрызекlуэу тлъагъурэ тлъытэхэу класикэ физикэр зытеухуахэри щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ зылъытэрэ къэзыlуатэрщ макъыбзэри, ар мыпхуэдэ лъабжьэ зи lуэху куантум физикэм езэгъ псэлъэбзэрщ.

И макъхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщlарэ щыlэгъуэ лъабжьэ зылъытэу ухуа макъыбзэр щыlэгъуэ ужьыгъуэ логием зэрезэгъым ипкъ иткlэ, зэхуэмыдэ теплъэрэ щыlэкlэ зиlэу тлъытэ гуэрхэр макъыбзэ лэжьэкlэм щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ зэхуэдэ макъ мыхьэнэкlэрэ илъытэу къеlуатэр. Класикэ физикэ еплъыкlэкlэ зэхуэмыдэу тлъытэрэ къытщыхъу гуэрхэр зэхуэдэ макъкlэ зэрылъытэкlэрэ псалъэхэр зэрыухуэм и лъабжьэр ахэр я щыlэгъуэкlэрэ зэхуэдэу зэрыщытрагъэнщ, мыращ икlи макъыбзэу щыт адыгэбзэм и псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытым и лъабжьэри.

Макъыбзэм макъ мыхьэнэкlэрэ илъытэр щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэщ зэрилъытэри, макъхэм я къэхъукlэмрэ макъыбзэ лэжьэкlэр щыlэгъуэ логием зэрезэгърэ щыlэгъуэ зиlэхэр я щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ зэрылъытэу физикэми и лъабжьэм теухуа логие зэриlэращ. Аращи, адыгэбзэ макъыбзэм класикэ физикэр зытеухуахэр я щыlэгъуэкlэрэ зэрилъытэм папщlэ, абыхэм я лъабжьэр зэрилъытэр куантум физикэм зэрилъытэми езэгъыущ; - икlи, адыгэбзэм мы и лэжьэкlэм щыlэгъуэ лъабжьэр куантум физикэми елъытауэ нэхъ лъабжьэжкlэрэи зэрилъытэфыр мы къедгъэкlуэкla лэжьыгъэ lыхьэ цlыкlум къызэрыхэщри гурыlуэгъуэщ.

Щыlэр и щыlэгъуэкlэрэ зылъытэ макъыбзэр лъабжьэм и физикэрэ физикэ лъабжьэри къэзгъэунэху псэлъэбзэу лъытапхъэщи, илъытэрэ утыку къырилъхьэхэр физикэ щlэныгъэу куантум физикэм езэгъыу зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, макъыбзэр зэрыухуа макъхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ утыку къызэрихьэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьри куантум физикэ еплъыкlэкlи къызэрыlуэтапхъэр ипэкlэ къэтlуэтахэм къызэрыхэщри гурыlуэгъуэщ. Икlи, макъхэр къызэрыхъумрэ макъыбзэ лэжьэкlэр куантум физикэм щезэгъкlэ, макъхэр утыку къызэрихьэмрэ макъыбзэр зэрызекlуэри куантум физикэ бгъэдэхьэкlэмрэ терминхэмкlи къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къэхъуа псэущхьэм игъуэр къэсрэ къыхэхъукl макъхэр утыку къызэрихьэр щыlэгъуэр зэрыужьрэ къызэрекlуэкl волнавая щlыкlэр куантизацэ зэрыхъукlэрэу лъытапхъэщ. Псэущхьэм и щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ утыку къихьа дэтхэнэ зы макъыр щыlэгъуэр зэрызекlуэм и зы lыхьэр утыку къызилъхьэрщи, дэтхэнэ зы макъым къигъэунэхур щыlэгъуэ ужьыгъуэу волнавая зекlуэкlэм дэтхэнэ и зы щlыпlэрэ дэтхэнэ и зы куант пунктэр зэрылъытэрауи лъытапхъэщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъ мыхьэнэр къызэрыхъуа щlыкlэу щыlэгъуэ ужьыгъуэу волнавая зекlуэкlэм и зы щlыпlэм куантизацэ зэрыхъурауэ лъытапхъэщ.

Куатнум физикэкlэ утыку къызэрихьэр мыпхуэдэу лъытапхъэ дэтхэнэ зы макъыр псэущхьэм зэрызырихьэкlэрэ мэухуэр псэлъэбзэри, мыпхуэдэу

ухуэ бзэр макъыбзэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ, ар икIи щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ зекIуэкIэм теухуа логие лIэужьыгъуэу зэрыщытынури гулъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэу волнавая зекIуэкIэр куантизацэ зэрыхъукIэрэ утыку къихьа макъхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ къызхэзыгъэIукIым зэрызырихьэ щIыкIэу макъыбзэ ухуэныгъэ пэщIэдзэрэ лэжьэкIэри волнавя зекIуэкIэ зиIэу лъытапхъэщ. Ауэ, волнавая щIыкIэ зиIэу ухуэрэ зекIуэу зи гугъу тщIы мы логием (псэлъэбзэ) ипкъ иткIэ, дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэрэ къызэрыIуатэ щIыкIэри (псалъэхэр зэрыухуэр) мы псэлъэбзэм и волнавая зекIуэкIэр куантизэ зэрыхъукIэрэу жыIэпхъэщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ псалъэхэр зэрыухуэ макъхэри я мыхьэнэкIэ ялъытэфынухэм теухуауэ куантизэ зэрыхъуращи, мыри макъ мыхьэнэхэм ялъытэфынур - класикэ физикэ еплъыкIэу- зы гуэр закъуэм теухуарэ хуэIуа хъун хейуэ зэрыщымытынур гурыIуэгъуэ къэзыщIырщ. Аращи, класикэ физикэ еплъыкIэкIэ зэхуэмыдэу лъытапхъэ гуэрхэр куантум физикэкIэ зэхуэдэу зэрылъытэфым хуэдэжу, макъыбзэми зэхуэмыдэ гуэрхэр зэхуэдэ макъ мыхьэнэкIэрэ елъытэфыр. Мы псалъэхэм къыпытщэмэ, зы макъыр и мыхьэнэкIэрэ куантизэ зэрыхъукIэрэщ абы ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукIыр, икIи зи гугъу тщIы макъыр нэгъуэщI макъхэм гухьэу куантизэ зэрыхъукIэрэ ″макъ гуэпкIэ ухуа псалъэ″и къызэрыхъуфынур гурыIуэгъуэщ. TIум дежи, макъым и мыхьэнэр псэлъэбзэ лэжьэкIэм зэрезэгъкIэрэ куантизэ зэрыхъукIэрэщ абы къытехъукI псалъэхэр утыку къызэрихьэри, а псалъэм къиIуатэр и щыIэгъуэ лъабжьэкIэрэ утыку къызэрырилъхьэм папщIэ, лъабжьэкIэрэ зэхуэдэ щыIэгъуэ зиIэ щхьэ класикэ физикэкIэ зэщхьэщыкIыу лъытапхъэхэр зэхуэдэ макъкIэрэ мэлъытэфри, мыри зи гугъу тщIы макъ мыхьэнэр зэхуэдэу щIыпIитI-щым (нэхъыбэми) куантизэ зэрыхъуарауэ лъытапхъэщ.

*

Адыгэбзэ макъыбзэ лэжьэкIэмрэ куантум физикэр зэгъэпщапхъэи зэрыхъукIэрэ мы лэжьыгъэр къыщIедгъэкIуэкIар псэлъэбзэм и къежьапIэрэ и къэхъуныгъэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытымрэ куантум физикэри щыIэгъуэ лъабжьэ физикэм зэрытеухуам папщIэу жыIэпхъэщ. Макъыбзэр псэлъэбзэ лъабжьэрэ къежьапIэу зэрыщытым хуэдэу лъытапхъэщи, куантум физикэри утыку ит физикэ щIэныгъэ лъабжьэм теухуа лэжьыгъэ къезгъэкIуэкI физикэ щIэныгъэрщ. Ауэ дауэми, куантум физикэр зы физикэ щIэныгъэ лIэужьыгъуэщи, и Iуэхур щыIэм и физикэм теухуащ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, физикэми щхьэщыкIыныгъэ зиIэ логиерэ псэлъэбзэм и къежьапIэрэ и лъабжьэу щыт макъыбзэ лэжьэкIэм къыхэщу жыIэпхъэщ. Мы лэжьыгъэм къызэрыхэщщи, макъыбзэр куантум физикэм къигъэунэхурэ утыку къырилъхьэхэм щхьэщыкIыныгъэ зиIэрэ абы къигъэунэхуахэм нэхъу кууагъхэхэр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIырщ. Ауэ, куантум физикэкIэ къэгъэунэхухэми кIэ зэримыгъуэтарэ икIи къигъэунэхухэр зэрыбагъуэрэ и лэжьыгъэри куу зэрыхъукIэрэ

къэгъэунэхупхъэрэ кууагъэу зыхэхьэн хуейри зэрыбагъуэр гурыlуэгъуэщ; мыбы хуэдэу лъытапхъэщи, макъыбзэклэ къытхуэунэхухэри дытелэжьыхьыху багъуэрэ куу хъууэ зэрызеклуэри гулъытапхъэщ.

Щыlэгъуэ физикэм теухуа куантум физикэр зы щlэныгъэу иджыри и къэхутэныгъэхэр езгъэклуэклырщ, икlи иджыри зэрыхъун хуеиплэм хунэмысауэ зылъытэ физикхэри мащlэкъым. Ауэ, макъыр утыку къызэрихьэм къыщlидзэу ухуэу щlэзыдза логие лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэрэ щыlэгъуэм теухуа логие лlэужьыгъуэу ухуа макъыбзэ лэжьэклэм щыlэгъуэмрэ ар зэрызеклуэм теухуауэ логиерэ щlэн гъуэзэджэхэр зэрыхэлъыпхъэр гурыlуэгъуэнщи, абы щыlэр физикэу утыку къызэрихьэр зи lуэхугъуэ куантум физикэ еплъыклэм хилъхьэыфнур мымащlэу жыlэпхъэщ. Икlи, куантум физикэм утыку къырилъхьэхэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэклэ макърэ псалъэхэм я мыхьэнэм елъытауэ къыщыдгъэлъагъуэм деж, - класикэ физикэ щlэныгъэр зи лъабжьэрэ абы и еплъыклэм есагъэххэу щыт дэркlэ- абы куантум физикэри гурыlуэгъуафlэ зэрищlыр гулъытапхъэщ. Ауэ икlи, макъыбзэ лэжьэклэр нобэрей куантум физикэм утыку къырилъхьэ щlэнхэм елъытауэ щхьэщыклыныгъэ зиlэу зэрыщытри ипэклэ къэтlуэтахэм къызэрыхэщри гулъытапхъэщи, куантум физикэр макъыбзэрэ адыгэбзэмклэ къыщыlуатэклэ нэхъ гурыlуэгъуафlэ зэрыхъунум нэмыщl, икlи макъыбзэм куантум физикэ еплъыклэм логие лъэныкъуэрэ къыхэщ щlэнклэрэ щlэныгъэу хилъхьэфынухэр зэрыщыlэри гулъытапхъэщ, апхуэдэхэр икlи зэрымымащlэр мы тхыгъэ цlыклум гурыlуэгъуэ къытхуищlыу жыlэпхъэщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, мы лэжьыгъэ lыхьэ цlыклум хиубыдэу къэтlуэтахэр макъыбзэ логием зэрытеухуаклэрэ ахэр икlи куантум физикэр гурыlуэгъуафlэ зыщlыфыну зэрыщытри гулъытапхъэщ. Икlи, адыгэбзэр зэрымакъыбзэращ мыр зытеухуари, абы и макъыбзэ лэжьэклэм гулъытэ хуэщlын зэрыхуейр, ар зыхуэмыфащэ бзэщlэныгъэм щlэджыклыныр зэрымыигъуэр, абы езым хуэфащэ щlэныгъэри утыку къилъхьэн зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ. Ауэ нобэ зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэм и лэжьэклэр нэгъуэщlыбзэ щlэныгъэхэм зэрыщlаджыклымрэ, мыбыи ипкъ иткlэ, абы хагъэщlрэ емызэгъыу къыщакъуэхэр зэрымымащlэр гурыlуэгъуэщ. Нобэ адыгэбзэм емызэгъыу къыщакъуарэ хагъэщlахэр къеузу жыlэпхъэщи, абы хагъэщla макъхэм куантум физикэ еплъыклэклэ и мыхьэнэм теухуауэ мыбдежым псэлъитl-щы къыпытщэнщ.

Къызэрыхъуа щlыклэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуауэ жыlэпхъэмэ, макъыбзэм и макъхэр дэтхэнэ зы щыlэгъуэ дэтал зылъытэрщи, щыlэхэр я щыlэгъуэклэрэ лъытэнклэрэ ухуарэ лажьэу щыт зы макъыбзэр и макъхэмклэрэ ухуа щыlэгъуэ псоугъэ зиlэрщ. Дэтхэнэ зы щыlэгъуэ деталыр и макъхэмклэрэ зэрылъытэу щыlэгъуэ псор утыку къизылъхьэфу ухуа макъыбзэм дэтхэнэ и зы макъ хэгъэщlыныр зэрымыигъуэр мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэрищlри гулъытапхъэщ. Араща, куант хыр зэрызэхэлъ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыклухэр зэрызэлъытаклэрэ щыlэгъуэр

къызэрагъэщlым хуэдэу лъытапхъэщ макъыбзэми и макъхэр. Атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм дэтхэнэ зыр зэрыхыумыгъэщlыфынум хуэдэжу, макъыбзэм и дэтхэнэ зы макъри хэбгъэщlын хуейкъым. Физикэу щыlэгъуэ лъабжьэу щыт атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм дэтхэнэ зым и щlыпlэр щызэпхъуэкlым деж, волнавая зэпыщlэныгъэ зэрызыраlэм зэрезэгъкlэрэ псоми я щlыпlэр зэрызэхъуэкlыу зэралъытэм хуэдэщи, макъыбзэми дэтхэнэ зы макъ хэгъэщlын е зэхъуэкlынри ар зэхэтхъуэн lуэхугъуэ къэгъэщlынращ. Натуралу бзэ лэжьэкlэм макъ зэрыхэщlыфынурэ зэрызэхъуэкlыфынур гурыlуэгъуэнщи, макъ къэlуыкlэ зэхъуэкlыныгъэм бзэр зэрыдэухуэжыр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ натуралу макъ хэщlыныгъэ къыщыхъум деж, хэщl макъым и къалэныр нэгъуэщl макъым зэрытеухур гурыlуэгъуэщи, хэщla макъым и къалэныр зытеухуа макъ зэрыщыlэм ипкъ зэриткlэ бзэр зэрыухуэ мыхьэнэр хэщlкъым. Макъыбзэмрэ и макъхэм теухуауэ мыпхуэдэ зэхъуэкlыныгъэр куантум физикэу къэхъу зэхъуэкlыныгъэхэм зэрезэгъри гурыlуэгъуэщи, мыр атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэр зэрызэгухьэм хуэдэ lуэхугъуэу лъытапхъэщ. Ауэ, нобэрей ди бзэщlэныгъэм и еплъыкlэрэ бгъэдэхьэкlэм ипкъ иткlэ, адыгэбзэм макъ гуэрхэр унафэрэ лlыгъэкlэ зэрыхагъэкlарэ зэрызахъуэкlар гурыlуэгъуэщи, а lуэхур бзэм къызэремызэгъари, икlи адыгэбзэм хагъэкla макъхэм ипlэр бзэм езым и лэжьэкlэкlэрэ из зэрищlыжынум lэмалыгъуэр абы къыщакъуа бзэщlэныгъэ фащэм къызэримытри гурыlуэгъуэщ.

## АДЫГЭБЗЭ МАКЪХЭМРЭ МАКЪЫБЗЭУ ЩЫМЫТ БЗЭХЭМ Я МАКЪХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Макъыбзэр псэлъэбзэ къежьапlэу зэрыщытращ ипэкlэ къэтlуэтахэми къыхэщри, нытlэ, дэтхэнэ зы псэлъэбзэм мыпхуэдэ зы лъабжьэ иlэщ. Зы псэлъэбзэм мыпхуэдэ и лъабжьэр зэрыщыту щlэмыкlуэдыкlамэ, абы и лэжьэкlэм макъыбзэ лэжьэкlэ lыхьэ гуэрхэр къызэрыхэщыфынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкlэ имыlэжу щытми, зы бзэм макъыбзэ лэжьэкlэ lыхьэ гуэрхэр зэриlэкlэрэ и лъабжьэр къызэрыщlэщыр макъыбзэ лэжьэкlэр псэлъэбзэ къежьапlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэ зыщl lуэхугъуэу лъытапхъэщ. Икlи, мыпхуэдэ щlыкlэкlэ макъыбзэ лэжьэкlэ къызхэщыпхъэ бзэхэм я лъабжьэр зэрыщыту зэрымыкlуэдаращи, ахуэдэ бзэхэр нэхъыбэуи бзэжьхэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы бгъэдэхьэкlэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, псэлъэбзэхэр макъкlэрэ зэрыухуам ипкъ иткlэ, зы лъабжьэрэ къежьапlэ зиlэрщ; макъхэр зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм елъытарэ теухуауи зэщхьэщыкlыныгъэ зыгъуэт логие лlэужьыгъуэхэрщ. Макъкlэрэ зэрыухуам ипкъ зэриткlэрэ, псэлъэбзэ лэжьэкlэм къежьапlэ хуэхъуну лъытапхъэри макъыбзэ лэжьэкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, бзэхэм я къежьапlэрэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlи, псэлъэбзэу хъуар лъабжьэкlэрэ

зэбгъагъэщ. Зэрызэблагъэхэр я лъабжьэрэ къежьапlэу щыт макъыбзэ лэжьэкlэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нобэ макъыбзэу щымытыжрэ а благъагъэм икlа бзэхэми а зэблагъагъэм къыщlэныжауэ макъыбзэ лэжьэкlэ lыхьэ гуэрхэр язэрыхэтынур гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, нобэрей бзэщlэныгъэм бзэхэм я зэблагъагъэр зэрилъытэр абыхэм я къежьапlэ лъабжьэр зэрылъытапхъэу щыт я макъыбзэ лэжьэкlэм теухукъым, икlи макъхэри мыхьэнэншэу зылъытэрэ макъыбзэ зымылъытэ бзэщlэныгъэм апхуэдэ еплъыкlэ зэримыlэнури гурыlуэгъуэнщ. Псэлъэбзэр макъ мыхьэнэншэрэ зэрымыщlэкlэ ухуа псэлъэпкъым дежращ нобэрей бзэщlэныгъэм и щlэныгъагъэр къыздыщlидзэри, макъхэр мыхьэнэншэу илъытэрэ нэмыплъ зэрищlым ипкъ иткlэ, бзэхэм зэхуэдэ лъабжьэрэ къежьапlэ зэриlэри, мы лъабжьэкlэрэ зэрызэблагъэри нэмыплъ ещlыр. Абы и щlэныгъэр псэлъэпкъым деж къызэрыщlидзэм зэрезэгъщи, бзэхэм я благъагъэр зэрилъытэр я зэхуэдэу хэт псалъэрэ псэлъэпкъхэмкlэрэщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlи бзэхэр зэгъунэгъурэ кlуэ пэтрэи я лэжьэкlэкlи зэщхь зэрыхъужыфынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы лъабжьэри къежьапlэ язэрыхуэхъужкlэрэ ухуэж бзэхэм я зэхуакум къыдэхъухь зэгъунэгъугъэри благъагъэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, нобэрей бзэщlэныгъэм бзэхэр иужькlэ гъунэгъу зэрызэхуэхъумрэ благъэ зэрыхуэхъужыр къэзыгъэунэху бгъэдэхьэкlэ зиlэрщ, ауэ макъыбзэм утыку къырилъхьэ благъагъэр лъабжьэрэ къежьапlэращ зытеухуари, икlи дэтхэнэ зы бзэм хэт макъыбзэ лэжьэкlэ lыхьэхэр бзэхэм я къежьапlэу щыт мы благъагъэр къэзыгъэлъагъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Зэблагъэу лъытапхъэхэр я зэхуэдэ лъабжьэ зиlэхэрщи, къежьапlэрэ лъабжьэ къызхэщ бзэхэр - нэхъыбэрэ икlи зэрыигъуэу- бзэжьу лъытапхъэхэрщ е бзэжь лэжьэкlэ lыхьэхэр къызхэщ бзэхэращ. Бзэхэм я къежьапlэр макъыбзэу зэрыщытын хуейр зэрыгурыlуэгъуэу, нобэ зи лъабжьэр зэрыщыту щlэмыударэ бзэжьу щытхэм е бзэжьым къытехъукlауэ ялъытэ бзэхэм макъыбзэ лэжьэкlэ lыхьэхэр зэрыхэплъэгъуэфынур гурыlуэгъуэщ. Макъыбзэу щымытыжрэ мылъытэ зы бзэм мыпхуэдэ и лъабжьэр макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэ зы бзэм елъытауэ къэгъэунэхун lуэхугъуэу щыт мыпхуэдэ зы лэжьыгъэр ″Адыгэбзэ (Макъыбзэ)″ тхылъ нэужьу адыгэбзэм теухууэ тыркубзэкlэ къэlуатэу къедгъэкlуэкla ″Adıgəbzə qıbgurıluənrə gupщısən (Adıgece anlamak & düşünmek)″ лэжьыгъэм тыркубзэм теухууэ къегъэкlуэкlауэ щытщи, а лэжьыгъэ тlэкlур тыркубзэм къыхэщ макъыбзэ лэжьэкlэ lыхьэ гуэрхэр къыщыгъэлъэгъуаращ. Зэрыгурыlуэгъуэу, мыпхуэдэ лэжьыгъэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэм теухуауэщ къызэредгъэкlуэкlари, нобэ макъыбзэу щымыт зы бзэм я лъабжьэм макъыбзэ лэжьэкlэ къызэрыхэщыр адыгэбзэм и лэжьэкlэрэ и макъ мыхьэнэхэр референс зэрыпщlкlэрэ гурыlуэгъуэ къыпхуохъуфыр. Нобэ макъыбзэу щымыту утыку ит бзэшхуэхэм (нобэ къэзыпсэлъ цlыхур куэду щыт бзэхэм) я макъхэр адыгэбзэрэ макъыбзэм

елъытауэ зэрымащlэри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм и макъхэр а бзэхэм хэт макъхэри зыхэзыубыдэ макъыбэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм и макъхэм зи гугъу тщlы бзэхэм я макъхэр къызэрыхэпщlыкlыжыфынури гулъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм уигу къызэригъэкlщи, мыбдежым мыри пыщапхъэщ: псэлъэбзэ къежьапlэр макъыбзэщи, макъыбзэ лэжьэкlэм и зы кlуэдыкlэри макъхэр бзэм зэрыхэкlуэдыкlращ.

Зи гугъу тщlы бзэхэм я макъхэм теухуауэ мы ипэкlэ зи гугъу тщla тхылъым хиубыдэ лэжьыгъэм хуэдэхэр къэдымылэжьами, я лэжьэкlэрэ псалъэхэм макъ гуэрхэр щызекlуэ щlыкlэм гулъытэ зэрыхуэтщlам теухуауэ жыlэпхъэхэр щыlэщ, икlи илъабжьэкlэ щыжытlэнухэри абыхэм я макъхэм гулъытэ зыхуэтщlахэм теухуащ. Икlи, макъыбзэу щымыт а бзэхэм адыгэбзэм и макъхэм ягъэзащlэ къалэнрэ мыхьэнэ гуэрхэр къызэрыхэщым нэмыщl, мы ипэкlэ зи гугъу тщla лэжьыгъэми къызэрыхэщщи, зэхуэдэрэ зэщхь lуэхугъуэхэм теухуа псалъэ гуэрхэр зи гугъу тщlы бзэ гуэрхэмрэ адыгэбзэм къэlукlэкlэ щызэщхьрэ щызэхуэдэхэми урохьэлlэр; икlи, бзэхэм я псалъэ гуэрхэри зытеухуа lуэхугъуэкlэ адыгэбзэм и макъ мыхьэнэкlэрэ узыщеджэфынухэми ущырихьэлlэ щыlэщ. Нобэрей бзэщlэныгъэм бзэ зэмылlэужьыгъуэхэм зэхуэдэ псалъэу хэтхэр зы бзэм къытехъукlыу адрей бзэхэм хэхьауэщ зэрилъытэр, ауэ lуэхур флэкlыплэ имыlэу мыпхуэдэу лъытэн хуейуэ щыткъым. Бзэхэм я къежьапlэрэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, бзэхэм я макъыбзэ лэжьэкlэу зэхуэдэ псалъэхэр зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Макро физикэмрэ куантум физикэм я зэщхьэщыкlыныгъэмрэ яку дэлъ зэпыщlэныгъэр дигу къэдгъэкlыжмэ, макъыбзэ лэжьэкlэмкlэ апхуэдэ лэжьэкlэ зимыlэ бзэхэм я лэжьэкlэми щыгъуазэ узэрыхуэхъуфынум хуэдэжу, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэм я макъхэри зы макъыбзэм и макъхэм теухуауэ лъытапхъэрэ къэгъэунэхупхъэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Араща, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэм я макъхэмкlэрэ зы макъыбзэм и макъхэр плъытэжыфынкъым, икlи зы макъыбзэм и макъхэр зы псэлъэпкъыбзэу ухуа бзэхэм къыхэпщlыкlыжыфынкъым; ауэ, зы макъыбзэм и макъхэмкlэрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэм я макъхэр зэрылъытэфынурэ абы и макъхэр макъыбзэ макъхэм къызэрыхэпщlыкlыжыфынур гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, нобэ зи гугъу тщlырэ макъыбзэу щымытыж бзэхэм я макъхэр адыгэбзэм и макъхэмкlэрэ зэрылъытэфынур, е ахэр адыгэбзэм и макъхэм къызэрыхэпщlыкlыфынур гурыlуэгъуэнщ.

Зи гугъу тщlы бзэхэм я макъыбзэ лэжьэкlэ lыхьэхэр къызэрыгъэунэхуну щlыкlэри дэтхэнэ зы бзэм теухуауэ къызэрегъэкlуэкlыпхъэр гурыlуэгъуэнщ, икlи мыбы и зы щапхъэщ япэрей зы лэжьыгъэм хиубыдэу зи гугъу тщlами къыщегъэкlуэкlар. Ауэ зэрыжытlауэщ икlии, нобэ утыку иту макъыбзэ лэжьэкlи зимыlэж

бзэшхуэхэм я макъхэр адыгэбзэм и макъхэм хиубыдэ зы бжанэщ зэрыхъури, мыбдежым макъ гуэрхэр я зэхуэдэу зи гугъу тщlы бзэ нэхъыбэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дызэрыхуэхъуклэрэ а бзэхэм я макъыбзэ лэжьэклэ lыхьэхэм гулъытэ хуэтщlынщ.

Нобэ утыку ит бзэ куэдыр къызтехъукларэ абыхэм лъабжьэ яхуэхъуа бзэжьхэм теухуауэ лъытапхъэщи, адыгэбзэм макъхэр зэрыхэлэжьыхь щlыклэм зэрещхьклэрэ бзэхэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэр мащlэкъым. Нобэрей бзэщlэныгъэм мыпхуэдэ зы лъабжьэрэ лэжьэклэ имылъытэми, я макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэм хагъэзэщlыхь къалэнхэм макъыбзэ лэжьэклэ lыхьэ гуэрхэр къыхэщу жылэпхъэщ. Ипэкlи зэрыжытlауэ, мыпхуэдэ щапхъэ къэгъэлъэгъуэныр дэтхэнэ зы бзэм езым хуэlуа лэжьыгъэу къегъэклуэклын зэрыхуейри гурылуэгъуэнщ, ауэ макъыбзэр бзэхэм я къежьапlэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм зэретлъытэклэрэ макъхэм бзэхэм хагъэзэщlыхь мыпхуэдэ къалэнхэм гулъытэ хуэтщlыфынщ.

Макъыбзэу щымытыжу зи гугъу тщlы бзэхэм я лэжьэклэр адыгэбзэм хуэдэу макъыбзэ лэжьэклэу макъхэр бзэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм систематикэу хэлэжьыхьу зэрыщымытынури гурылуэгъуэнщ, ауэ бзэ куэдым я лэжьэклэ lыхьэ гуэрхэм макъ гуэрхэм хагъэзэщlыхь къалэнхэм теухуауэ жылэпхъэхэр щылэщ. Ауэ икlи гурылуэгъуэнщи, мы лэжьыгъэр зы бзэм хуэlуауэ щымытрэ зи гугъу тщlы бзэшхуэхэм яхэт макъхэм ягъэзащlэр адыгэбзэм и макъхэмклэ лъытэнрэ къэгъэунэхун lуэхугъуэщи, а макъхэм а бзэхэм хагъэзэщlыхьым теухуауэ жылэпхъэхэр лантlэрэ щабэу зэрыжылэн хуейрэ икlи апхуэдэуи зыгурыгъэlуэн зэрыхуейри къыхэгъэщыпхъэщ.

Зы псэлъэбзэм и макъыбзэ лъабжьэр зэрыхэгъуащэрэ зэрыклуэдым абы макъ хэщlыныгъэ къызэрыхуихьыфынум нэмыщl, икlи макъ хэщlыныгъэхэми макъыбзэ лэжьэклэ лъабжьэ хэгъуэщыныгъэрэ клуэдыгъуэ къызэрихьыфынури гурылуэгъуэнщ. Аращи, зы макъыбзэм елъытауэ макъ бжыгъэр мащlэу зэрыщытыр зы бзэр макъыбзэу зэрыщымытым и зы пщалъэуи лъытапхъэщ. Зы макъыбзэм и макъхэр зэрыхэщlклэрэ макъыбзэ лэжьэклэми хэщlыныгъэ къызэрыхуэклуэнур гурылуэгъуэнщи, макъыбзэу щымытыжрэ я макъ бжыгъэри мащlэу зи гугъу тщlы бзэхэр - е ахэр къызтехъукларэ макъыбзэуи щымытыжу щыта бзэжьхэр- натуралу макъыбзэм и макъ гуэрхэр зэрыхэщlклэрэ ухуэжауи лъытапхъэщ. Макъхэр ауэ къызэрыклуэ lуэхугъуэклэрэ зэрыхэмыщlынур, икlи натуралу хэщl макъым и къалэныр нэгъуэщl макъ гъунуэгъу гуэрхэм зэрытеухуэнури гурылуэгъуэщи, макъыбзэ лэжьэклэр зэрыклуэдынум теухуа макъ хэщlыныгъэм езыр флырыфlклэ натуралрэ езыр езырурэ къэхъууи лъытапхъэкъым. Макъыбзэ лэжьэклэ клуэдыныгъэр натуралу къызэрыхъум и зы щlыклэри макъыбзэ лэжьэклэ нэужьу зы бзэм къигъэщl макъ мыхьэнэншэ лэжьэклэр абы езым къигъэщla макъыбзэ лэжьэклэм щытеклуэжрауэ жылэпхъэщи, макъ мыхьэнэншэу ухуа псалъэхэр макъ

мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэм елъытауэ нэхъыбэ зэрыхъум кlуэ пэтрэ макъыбзэ лэжьэкlэр зэрыхигъэгъуэщэфынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, макъыбзэ лэжьэкlэ кlуэдыгъуэр зы бзэм езым мы и лэжьэкlэ зэхъуэкlыныгъэм нэхърэ, нэгъуэщl бзэхэм елъытауэ къэхъу lуэхугъуэу жыlэпхъэщ. Араща, макъыбзэ лэжьэкlэр езыр езырурэ натуралу зэрыщlэуфэрэ зэрыкlуэдым нэхърэ, бзэхэр зэрызэхэхьэрэ зыр зым ацимилацэ зэрищlкlэрэ къэхъуу жыlэпхъэщ бзэхэм я макъыбзэ лэжьэкlэр зэрыкlуэдым нэхъыбэу щхьэусыгъуэ хуэхъур. Мыбы нэмыщl, нобэрей тхэн lуэхугъуэми бзэхэм макъхэр хэкlуэдыныгъэ къызэрыхуихьари къыхэгъэщыпхъэщ. Араща, нобэрей тхэкlэр утыку къызэрихьари, апхуэдэу утыку къихьа тхыпкъ бжыгъэм теухуауэ бзэхэм я макъхэр зэрытха щlыкlэри, мыпхуэдэ къекlуэкlыкlэрэ бзэхэм я макъ гурхэр хагъэщlрэ зэхуэдэу зэратха щlыкlэри бзэхэм я макъхэр кlуэдыпlэм хуэзышэ зы lуэхугъуэшхуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэр натуралу зы макъыбзэми къызэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэщ мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщкlи, илъабжьэкlэ адыгэбзэм и макъыбзэм и макъхэмрэ нобэ макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэм я макъхэр зэрызэтлъытэнщ. Ауэ, зы макъыбзэм и макъхэр щыбгъэмащlэм деж, абы и макъыбзэ лэжьэкlэри зэрыхэщlынури гурыlуэгъуэщ; икlи макъхэр натуралу мащlэ щыхъукlи, макъхэм бзэм хагъэзэщlыхь къалэнрэ мыхьэнэр куэд зэрыхъунуми ипкъ иткlэ, абыхэм я къалэнрэ мыхьэнэри нахуэ къызэрыпхуэмыхъуну щlыкlэу зэрыхэгъуэщэнури гурыlуэгъуэнщ. Араща, зы макъыбзэм щеплъытэм деж, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэм я макъхэр макъыбзэ макъхэм хуэдэу наlуэрэ пыухытыкlа мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ гурыlуэгъуэ къызэрыпхуэмыхъужынури наlуэщ. Дауэми, зы макъыбзэм натуралу кlуэ пэтрэ макъ мыхьэнэншэ бзэ лэжьэкlэ къызэрытехъукlыфынури гурыlуэгъуэнщи, илъабжьэкlэ къэта тхыгъэхэр икlи мыпхуэдэ еплъыкlэуи зыгурыгъэlуапхъэщ. Нытlэ, мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, адыгэбзэм и макъ гуэрхэр хэбгъэщlкlэрэ зи гугъу тщlа бзэхэм я макъхэр зэрыплъытэфынум щыгъуазэ дызэрыхуэхъукlэрэ икlи зы макъыбзэм макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэр къызэрытехъукlыфынум деплъынщ. Ауэ аргуэру пыщапхъэщи, зи гугъу тщlы бзэхэм я макъхэмрэ макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм щыщхэр зэгъэпщэным теухуауэ лъытапхъэщ илъабжьэкlэ къедгъэкlуэкl лэжьыгъэри, зы макъыбзэм и макъхэр щыхэщlым деж, ахэр къызэрыхъуарэ зэрызэлъыта щlыкlэри зэрыхэщlынур гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, къэхъукlэкlэ зэрызэпыщlарэ зэрызэлъыта макъхэр зи гугъу тщlы бзэхэм зэрыхыумыгъуэтэнум ипкъ иткlэ, зэгъунэгъу щlыпlэм къыщыlурэ зэщхь макъхэр зыр зым ипlэ зэриувакlэрэ а бзэхэм зэрыхэтынур гурыlуэгъуэнщи, сытым дежи макъхэр адыгэбзэм и макъхэм зэрызэмыгъэпщэфынури гурыlуэгъуэнщ.

*

Япэрауэ адыгэбзэм и макъ lуэрхэмрэ абыхэм щыщу зи гугъу тщlы бзэхэм хэт макъ lуэрхэм гулъытэ хуэтщlыу, адыгэбзэм и макъ lуэрхэр щыхэщlклэ зи гугъу тщlы бзэхэм хэт макъ lуэрхэр къызэрытехъуклыфынур гурыlуэгъуэ зыхуэтщlынщ. Икlи, адыгэбзэм и макъ lуэрхэр къызэрыхъуамрэ бзэми хагъэзэщlыхь къалэнрэ мыхьэнэхэр дигу къэдгъэклыжу, къэхъуныгъэклэрэ зэпыщlа макъ lуэрхэм зи гугъу тщlы хэщlыныгъэ къыщыхуэклуэм деж, къызэрыхъуа щlыклэклэ зэрызэлъытам езэгъ къалэнрэ мыхьэнэхэр я хэщlыныгъэу утыку къихьа макъ lуэрхэм зэрыигъуэклэрэ зэрамыгъэзэщlэжыфынури гурыlуэгъуэ зыхуэтщlынщ. Мы псалъэм ипкъ иткlи, зи гугъу тщla бзэхэм я макъ lуэрхэм бзэм хагъэзэщlыхьхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъ lуэрхэу адыгэбзэм хэт ″ы, lы″ макъхэм щыщу зи гугъу тщlы бзэхэм яхэтыр ″ы″ращ. Абы адыгэбзэм хигъэзэщlыхь къалэныр гурыlуэгъуэщ, ауэ адрей бзэхэм зэрыхэткlэрэ ″ы″ макъым макъзешэ къалэн нэмыщl хигъэзэщlыхь гуэр щылэу жылэпхъэкъым. Икlи, ″ы″ макъыр а бзэхэм нобэ нэхъыбэу къызэрыхэlукl щlыклэри ″ы″уэ зэрыщытри ипэклэ жытlагъащ. Мыбы нэмыщl, ″ы″ макъыр (ар къызэрыlу щlыклэу зэрыжытlауэ ″ы″ри) нобэ бзэ кудым зэрыхэмытыжрэ, абы ипlэр ″и, й″ макъхэм иубыдэрэ иратауэ зэрыщытри гулъытапхъэрэ пыщапхъэщ.

Адыгэбзэм и ″э, lэ, а″ макъхэм щыщу а бзэхэм нэхъыбэу ″а″уэ тха макъклэрэщ зэрылъытар; икlи, мы макъхэм щыщ ″э, lэ″ри игъуэ щыхъум деж ″е″уэ (абы и къэlуыклэри ″lе″уэ зэрыщыткlэрэ) тха макъклэрэ зэрылъытари гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зэщхьэщыкlыу зэрылъытарэ зэрытха мы макъхэр а бзэхэм щызэрызекlуэ щlыклэри адыгэбзэм и ″э, lэ, а″ макъхэм я къэlуклэм дэтхэнэ зым ещхь къэlуклэклэщ. Ауэ икlи, адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ макъхэм я къэlуклэм ипэклэ я гугъу тщlагъащи, бзэ куэдым мыпхуэдэ къэlуклэ хэмытlрэ, мы макъ lуэрхэм я пlытla макъыущ къызэрыlур. Аращи, адыгэбзэм и ″э, lэ, а″ макъхэр мы ипэклэ зэрыжытlауэ зэрыщыту ″а, е″уэ ятхауэ хыболъагъуэри, жыпlэ хъунущ адыгэбзэм и ″э, lэ, а″ макъхэр къызэрыхъуа щlыклэклэ зэрызэлъытарэ икlи зэрызэщхьэщыкlыр зэрыхэгъуэщаклэрэ ахэр ″а″ тхыпкъклэ (ауэ и къэlуклэр ″lа″уэ зэрыщыткlэрэ) е ″е (″lе″ къэlуклэклэ) къагъэлъагъуэу а бзэхэм щызэрахьэу. Ауэ, а макъхэр зэхуэдэу ″а (lа), е (lе)″уэ щылъытэм деж, зэрыгурыlуэгъуэнщи, адыгэбзэм и ″э, lэ, а″ макъхэм я къалэнрэ мыхьэнэхэр зэрыхэгъуэщэжынури гурыlуэгъуэнщ. Аращ икlии, зи гугъу тщlы мы ″а (lа), е (lе)″ макъхэм а бзэхэм хагъэзэщlыхь къалэнхэр нэхъыбэм деж адыгэбзэм и ″а″рэ ″е″уэ тха макъхэм ягъэзащlэми хуэдэущ зэрылъытапхъэр. Икlи ″а″уэ ятха макъым а бзэхэм ″жыжьагъэ, инагъ, клуэтэгъуэ″ хуэдэ къалэн хигъэзэщlыхьу щеджапхъэхэр мымащlэу жылэпхъэщ; икlи, ″е″клэ тха макъми (адыгэбзэм и ″э, lэ″м ипlэклэ) игъэзащlэр клуэтэгъуэ къалэну макъзешэрщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, а бзэхэм яхэт макъ lуэрхэр зэрыщыту зэрымакъзешэу зэрыщытым зэрезэгъщи, адыгэбзэм и ″э, lэ, а″ макъхэм ипlэклэ а бзэхэм

зэрахьэ я ″а″ макъми, икӏи адыгэбзэм мы и гупым щыщ ″э, ӏэ″р игъуэ щыхъум деж зэрызырахьэрэ зэрытха ″е (ӏе)″ макъхэми а бзэхэм щызэрызекӏуэ щӏыкӏэр макъзешэ къалэнкӏэрэщ.

Мы жытӏахэр кӏэщӏыу тлъытэжмэ, а бзэхэм я макъхэмрэ адыгэбзэ макъхэр зэрызэхуэмыдэнур гурыӏуэгъуэнщ, икӏи адыгэбзэм и макъхэр къызэрыхъуарэ зэрызэпыщӏа щӏыкӏэр а бзэхэм мы я макъхэм зэрыхыумылъэгъуэнури гурыӏуэгъуэщ. А бзэхэм я ″а″ макъым и къэӏукӏэр зэрыхэт псалъэм елъытауэ адыгэбзэм и ″э, ӏэ, а″м хуэдэрэ икӏи макъзешэ къалэн зыгъэзащӏэрщ, икӏи а бзэхэм я ″а″м щхьэж и къэӏукӏэр адыгэбзэу зэрызэхэпхрэ зэрытхыпхъэри ″ӏа″уэщ. Икӏи, а бзэхэм ″е″уэ тхарэ ″ӏе″ къэӏукӏэ зиӏэр адыгэбзэ макъхэу ″э, ӏэ″м ипӏэ игъэувапхъэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, мыпхуэдэу (е) тха макъми а бзэхэм хигъэзэщӏыхьыр макъзешэ къалэн зыгъэзащӏэу адыгэбзэм и ″э″мрэ ″эй″ макъым хуэдэу лъытапхъэщ.

Адыгэбзэм и ″и, ӏи, й, е, ӏе″ макъ гупым хиубыдэхэр зэрыщыту зи гугъу тщӏы бзэхэм яхэту лъытапхъэщ, ауэ а бзэхэм ″и″м и къэӏукӏэр ″ӏи″уэ, ″е″м и къэӏукӏэри -ипэкӏи зэрыжытӏауэ- ″ӏе″уэ щытщи, мы адыгэбзэ макъ гупыр а бзэхэм зэрыхэт щыкӏэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: ″ӏи, й, ӏе″. Мы макъхэр бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэкӏэ адыгэбзэм и ″и, й, е″ макъхэм я къалэнхэм хуэдэуи лъытапхъэщ. Ауэ зэрыгуэрыӏуэгъуэу, я къэхъукӏэрэ икӏи бзэми зэрыхэлэжьыхькӏэрэ зэпыщӏэныгъэрэ зэщхьэщыкӏыныгъэ къалэнрэ мыхьэнэ зиӏэхэрщ адыгэбзэм мы и макъхэми, зи гугъу тщӏы бзэхэм хэту мы адыгэбзэ макъхэм къыпэгъэувыпхъэхэм мыпхуэдэ зэлъытэныгъэ зэрызыхуамыӏэри гулъытапхъэщ. Ауэ икӏи, адыгэбзэм и макъхэм елъытауэ щхьэж ″ӏи, й, ӏе″ къэӏуыкӏэ зиӏэрэ адыгэбзэм и ″и, й, е″ макъхэм я къалэн зыгъэзащӏэу зи гугъу тщӏы мы макъхэм щыщ ″й″м нэмыщӏри (ар ″макъ ӏуэррэ макъзешэ″ дыдэуи ялъытэкъым) а бзэхэм макъзешэу зэрыхэтри гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, зыхэт бзэми елъытауэ мы макъхэм бзэхэм хагъэзэщӏыхь къалэн гуэрхэри адыгэбзэм и ″и″мрэ ″е″м зэрещхьри жыӏэпхъэщ; псалъэм папщӏэ, Евклид геометрием и абзсис лъэныкъуэр зэрыгъэлъэгъуа ″и″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэт лъабжьэ зиӏэу щытауэ лъытапхъэщ алыджыбзэми зэрыхэта щӏыкӏэр.

Адыгэбзэм и ″у, ӏу, о″ макъхэм щыщу а бзэхэм яхэтыр ″у, о″ макъхэращ, ауэ ″у″м и къэӏукӏэр ″ӏу″уэщ; икӏи, адыгэбзэм и ″о″ макъым ипӏэкӏэ а бзэхэм яхэт макъым и къэӏукӏэри ″ӏо″уэщ. Икӏи, зэрыгурыӏуэгъуэу, мы макъхэм а бзэхэм зэрыхэт щӏыкӏэр макъзешэущ; адыгэбзэм и ″у, ӏу, о″ гупым щыщу и къэӏукӏэкӏэ ″ӏу″ макъым макъзешэ къалэн зэримыгъэзащӏэр, икӏи адыгэбзэм и ″у″ макъым сытым дежи макъзешэ къалэн щимыгъэзащӏэ зэрыщыӏэри гурыӏуэгъуэщ. Адыгэбзэм и ″у″ макъым ипӏэкӏэ а бзэхэм хэту зи къэӏукӏэри ″ӏу″уэ жыхуэтӏам бзэм хигъэзэщӏыхь къалэнхэри адыгэбзэм и ″у″ макъым игъэзащӏэхэм ещхьрэ хиубыдэу лъытапхъэщи, ″кӏэ зимыӏэ кӏуэкӏэ, жыжьагъэ″ хуэдэ къалэн

зыгъэзащlэ макъзешэу а бзэхэм зэрыхэтым гулъытэ хубощlыр. Адыгэбзэм и ″о″ макъ ипlэкlэ а бзэхэм хэтрэ щхьэжу зи къэlуклэри адыгэбзэм ″lо″уэ щытхыпхъэм хуэдэщи, а макъым а бзэм хигъэзэщlыхьри -нэхъыбэм дежадыгэбзэм и ″о″ макъым ебгъэщхь хъуну жыlэпхъэщ.

Макъ lуэрхэм теухуауэ мы жытlахэми къазэрыхэщщи, адыгэбзэм хуиту къэlуыкlэ иlэу хэт макъхэр а бзэхэм зэрыхэтыр адыгэбзэм мы и макъхэм хуэдэу хуит къэlуыкlэ зимыlэкlэрэщ. Ар щыхъукlи, адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ и макъхэр а бзэхэм къэlуыкlэкlэ язэрыхэтыр адыгэбзэм макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэ макъхэм я къэlукlэущ. Адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ и макъ lуэрхэм ипlэкlэщ а бзэхэм макъ lуэру хъуар язэрыхэтыр; - а бзэхэм яхэт макъ lуэрхэр зэрыщыту макъзешэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэм и макъ lуэрхэм щыщу макъзешэ къалэн зыгъэзащlэхэр хуиту къэlуыкlэ зиlэхэращи, тхьэмбылым къикlыж жьыкlэрэ хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъ lуэрхэращ. Икlи, мыпхуэдэ къэlуыкlэ зэраlэм ипкъ иткlэщ адыгэбзэм и макъ lуэр гуэрхэм макъзешэ къалэн щlагъэзащlэр. Аращи, адыгэбзэм хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъхэращ макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ макъ lуэрхэри, макъзешэн къалэныр а макъ lуэрым и къэхъукlэрэ къэlукlэм зэрепхарэ зэрытеухуари гулъытапхъэщ. Зи гугъу тщlы бзэхэм я макъ lуэрхэр зэрыщыту макъзешэ къалэн зыгъэзащlэхэрщ; ауэ, я къэlуыкlэкlи адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ и макъ lуэрхэм хуэдэу хуиту къэlуыкlэ зимыlэ - зимыlэжхэрщ.

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщlахэм адыгэбзэмрэ а бзэхэм макъ lуэрхэр язэрыхэтыр гурыlуэгъуэ къащlри, адыгэбзэм макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ и ″ы, э, а, и, е(эй, эйй), у, о″ макъхэм я къэlукlэр адрей бзэхэм ″lы, lэ, la, ли, le, ly, lo″уэщ язэрыхэтыр.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, лъабжьэкlэрэ макъ геометриер зэрыухуа щlыкlэу хуиту къэlуыкlэ зиlэ макъ lуэрхэм я лъабжьэр зэрыпыудаклэрэщ а бзэхэм макъ lуэрхэр зэрыхэт хъуа щlыкlэри, а макъхэр а бзэхэм зэрыхэт хъуа мы щlыкlэри макъыбзэ лъабжьэр зэрыщlэуфар къэзыгъэлъагъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″ы″м деж къыщlидзэу макъ lуэру хъуар зэрызэпыщlаклэрэ къызэрыхъуа щlыкlэкlэрэ щызеклуэ макъыбзэ лэжьэкlэ лъабжьэр зэрыщlэудаклэрэу лъытапхъэщ а бзэхэм и макъ lуэрхэр (:макъзешэ) къызэрыхэнарэ зэрыхэлэжьыхьыр. Макъыбзэ лъабжьэр зыщlэуда а бзэхэм макъ lуэрхэр къызэрыхэнарэ хэлэжьыхьу зэрыщlидза щlыкlэр абыхэм макъзешэн къалэн закъуэ зэрагъэзащlэкlэрэщ, икlи а макъ lуэрхэр макъыбзэм дежкlэ макъзешэн къалэн зымыгъэзащlэ щlыкlэу къызэрыlухэри гулъытапхъэщ. А бзэхэм я мы макъхэм макъзешэ къалэну ягъэзащlэхэр макъыбзэм и макъ lуэрхэу зытеухуауэ лъытапхъэхэм хуэдэу лъытапхъэ лэжьэкlэхэри мынаlуэ дыдэу къызхэщ лэжьэкlэ щагъэзащlи щыlэщ; ауэ, ар макъыбзэм хуэдэу систематикэрэ макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ еджапхъэу зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. А бзэхэм я макъ lуэрхэм бзэм хагъэзэщlэхьыр макъзешэн къалэну зэрыщытыр жытlагъэххэщи, нобэ а

бзэхэм къатехъукlа бзэщlэныгъэм ипкъ иткlэщ ди бзэщlэныгъэми ″макъзешэ″ термин хэт щхьэ, макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэхэри зыхэзыубыдэу ″макъ lуэр″ термин къыщlимыгъэщlар.

*

Макъыбзэр и макъхэр игъэбэгъуэнкlэрэ зэрыхущlэкъунур гурыlуэгъуэщи, абы щхьэж къэlуыкlэ зиlэу утыку къихьэ макъхэм нэмыщl, макъхэр зэрызэгухьэкlэрэ ″макъ зэгуэт″ къызэригъэщlыр, икlи мыпхуэдэ щlыкlэу макъ гуэрхэри ″у″кlэ къэlуу и макъхэр зэригъэбагъуэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэ бзэр и макъхэр игъэбэгъуэну зэрыхущlэмыкъунур, икlи - мыбы и пхэндж lуэхугъуэу-игъэмэщlэну зэрыхущlэкъунур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкlэр зэрыкlуэдым бзэм къыхуихьыр макъ гъэмэщlэн lуэхугъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, нобэ макъыбзэу щымыт бзэхэм адыгэбзэм зэрыхэт щlыкlэкlэ ″макъ зэгуэт″у лъытапхъэхэр зэрыхэмытынум нэмыщl, ″у″кlэрэ къэlу макъи яхэткъым. Нытlэ, илъабжьэкlэ адыгэбзэ макъхэмрэ а бзэхэм я макъхэр щызэтлъытэм деж, ″макъ зэгуэт″хэм я гугъу зэрымыщlыпхъэм хуэдэжу, адыгэбзэм ″у″кlэрэ къэlу и макъхэми (къу, кlу; кхъу, ку; хъу, ху; гъу, гу) я гугъу щытщlынкъым.

Адыгэбзэм хэтрэ ″макъ пlытlа″ жыхуэтlэхэри зи гугъу тщlы бзэшхуэхэм зэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, мыри мы ипэкlэ жытlахэм теухуа lуэхугъуэу лъытапхъэщ. Аращи, зи гугъу тщlы бзэхэм адыгэбзэм и макъхэм щыщ мыпхуэдэ макъхэр хэтауэ щытами, нобэ къызэрыlу щlыкlэрэ икlи ахэр зэрытха щlыкlэкlэ макъ пlытlа жыхуэтlэхэмрэ ахэр зэлъыта макъхэр зэхуэдэ хъужарэ зэхуэдэу щытхауэ лъытапхъэщ зи гугъу тщlы бзэхэм. Ауэ зэхуэдэу тхами, зи гугъу тщlы бзэ гуэрхэм ноби макъ пlытlа хуэдэ гуэрхэр къызэрыхэlукlри гулъытапхъэщ.

Мы жытlами гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, зэщхьэщыкl макъхэр зэхуэдэу зэрытхрэ зэрылъытэм макъыбзэ лэжьэкlэм хигъэщlыфынур мащlэкъым. Аращи, адыгэбзэм и макъ гуп гуэрхэр зи гугъу тщlы бзэхэм зэхуэдэ зы макъыу лъытарэ тхауэ хэту зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, а макъхэр адыгэбзэм зэрыхэтыр а бзэхэм егъэпщэныр игъуэкъым.

Нытlэ, мы псалъэхэм зэрезэгъкlэрэ адыгэбзэм - щхьэж къэlукlэ зиlэу щыт- адыгэбзэм и макъ щэхухэмрэ ахэр зи гугъу тщlы бзэхэм зэрыхэт щlыкlэм деплъынщ.

Зы макъ щэху гупу тлъыта ″м, н″ макъхэр дэтхэнэ зы бзэм зэрыхэтыр гулъытапхъэщи, япэ къэхъуауэ лъытапхъэ ″м″ макъымрэ, абы къыкlэлъыкlуэрэ къытехъуклауэ лъытапхъэ ″н″ макъыр бзэхэм хэмыкlуэдыклауэ хэтщ. Икlи, мы макъхэр бзэхэм зэрыхэт щlыкlэ гуэрхэри ахэр адыгэбзэм зэрыхэт щlыкlэ гуэрхэм зэрезэгъри жыlэпхъэщ. Ауэ, къэхъуныгъэкlэрэ бжьыпэр зыlыгъ ″м″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэм нэхъ узэрихьэлlэри жыlэпхъэщ. Икlи пыщапхъэщи, мы макъхэр зэкlэлъхьэужьу къызэрыхъуарэ зэрызэпыщlам зэрезэгърагъэнщи, зи гугъу тщlы бзэ

куэдым ″м, н″ макъхэр язэрыхэтри ахэр адыгэбзэми псалъэ гуэрхэм зыр зым ипlэ иту зэрыхэплъагъуэм хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Икlи пыщапхъэщи, пэщхъынэр зи къэхъупlэу щыт мы макъхэм (м, н) я къэlуыклэр пэщхъынэм къызэрыхэlукl щlыклэр а нэхъ мащlэ зэрыхъуарэ lупэр зи къэlупlэ зэрыхъуаклэрэщ адыгэбзэм зэрыхэтри, бзэ куэдым мы макъхэм я къэlуклэр нэхъыбэм деж ноби пэщхъынэ къэlуыклэр зэрызэхэпхкlэрэщ.

″М″ макъым адыгэбзэм хигъэзэщlыхь гуэрхэмрэ ″р″ макъым хигъэзэщlыхь къалэн гуэрхэр зэрызэплъытэ зэрыхъунур гурыlуэгъуэщ; ауэ икlи, ″р″ макъыр ″м″ым елъытауэ иужьыlуэклэ къэхъуа макъыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. ″Р″ макъыр щхьэж зы макърэ макъ лъэщу бзэм хигъэзэщlыхьыфынум зэрезэгъклэрэ бзэхэм хэмыклуэдыкларэ кудыщэуи хэлэжьыхьу зэрыхэтри гулъытапхъэщ. Икlи, ″р″ макъым бзэхэм хигъэзэщlыхь къалэн куэдыр абы адыгэбзэм хигъэзэщlыхь къалэнхэм хуэдэрэ теухуауэ лъытапхъэщи, мыпхуэдэщ ″р″ макъыр клэух зыхуэхъу макърэ псалъэр къэгъэлъэгъуэнрэ зэпыщlэнклэрэ гъэзащlэ къалэнхэр.

Мы зи гугъу тщla макъхэр езым хуэlуа къэхъупlэрэ къэхъуклэ зиlэу зэрыщытрэ макъ гупышхуэми зэрыщымыщыр ахэр бзэхэм зэрыхэмыклуэдыклам и зы щхьэусыгъуэуи лъытапхъэщ, икlи ахэр зи гугъу тщlы бзэхэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэри адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэ гуэрхэм нэхъ теухуауэ зэрыщытым лъабжьэ хуэхъури мырауэ жыlэпхъэщ. Ауэ, илъабжьэклэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъунуращи, адыгэбзэм и макъ гупышхуэхэм щыщ макъхэмрэ макъыжьу щытхэр, икlи я къэlуклэкlи гугъуу (макъ къэхъуклэклэ жьэ клуэцlрэ бзэгулъэм бжьыпэр зэрызыlэригъэхьам ипкъ зэриткlэ) лъытапхъэхэр зи гугъу тщlы бзэхэм нэхъ зэхъуэкlарэ зэхэгъуэщауэ къыызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ макъхэм и нэхъыбэр нобэ бзэхэм язэрыхэмытыжыр гулъытапхъэщи, ноби бзэхэм яхэт мы макъхэм ягъэзащlэри - зи гугъу тщla щхьэж къэхъуклэ зиlэ макъхэм хуэдэу- адыгэбзэм хагъэзэщlыхьхэм нэхъ мащlэу зэрытеухуари жыlэпхъэщ.

Макъ къэхъуныгъэкlэ япэрей макъхэм щыщу адыгэбзэми зы макъ гупу хэтар ″хь, хьl, h″ макъхэращи, адыгэбзэм мы гупым щыщу нобэ тхауэ къыхэнари ″хь″ макъращ. Мы гупым щыщу бзэ гуэрхэм хэту узрихьэлlэр ″h″ макъращи, бзэхэм абы хигъэзэщlыхь къалэнри halуэ дыдэу лъытапхъэкъым. Ауэ, нэхъ гъунэгъуу ущеплъым деж, а бзэхэм хэт мы ″h″ макъым бзэм хигъэзэщlыхьу ущырихьэлlэхэр адыгэбзэм мы и макъ гупым (хь, хьl, h) хэт макъхэм ягъэзащlэм хуэдэ къалэну зэрылъытапхъэри мащlэкъым.

Макъ къэхъуныгъэр къурмакъейм къыдэкlыу бзэгу лъэныкъуэм и унэтlыныгъэкlэрэ темакъым къыщытехъукla ″къ″ макъым и къэlуыклэ зыхэт бзэхэр щыlэщ, ауэ абы бзэгум къыщытехъукla ″кl, чl″ макъхэр зи гугъу тщlарэ зи макъхэр мащlэ хъуа бзэшхуэхэм яхэтыжкъым. Мы ″къ, кl, чl″ макъ гупымрэ ″кхъ, к, ч″ макъ гупыр алфавитхэм зэхуэдэу ″к, ч″уэ

ятхауэщ икӏи зэрыхэтри, абыхэм бзэм хагъэзэщӏыхьхэри зэхэхьарэ зэхэгъуэщауэ зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, макъ къэхъукӏэкӏэ ″къ″ым къыкӏэлъыкӏуэу утыку къихьа ″кхъ″ макъымрэ абыхэм (къ, кхъ) къатехъукӏыжа макъхэр (″кӏ, чӏ″, ″к, ч″) адыгэбзэм зэрызэлъытарэ зэрызэщхьэщыкӏкӏэрэ зэрыхэлэжьыхьыр зи гугъу тщӏы бзэхэм къыхэщыжкъым. Ауэ, ″к, ч″ыкӏэ тха макъхэр бзэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ахэр адыгэбзэм и ″къ, кӏ-чӏ, к-ч″ макъхэм хуэдэ къалэн хагъэзэщӏыхьу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэ къыпхуохъур. Мыпхуэдэщ -псалъэм папщӏэ- тыркубзэм зэрыхэлэжьыхь гуэрхэри, ″к, ч″ макъхэм тыркубзэм хагъэзэщӏыхь гуэрхэр адыгэбзэм а макъхэр зэрыхэт щӏыкӏэм езэгъ ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ; икӏи, адыгэбзэм и ″къ″ макъым хуэдэ къэӏукӏэ зиӏэри ″к″ыуэ зэрытхар гурыӏуэгъуэщи, мы ″к″уэ тхам тыркубзэм хигъэзэщӏыхь къалэн гуэрхэри ″къ″ макъым адыгэбзэм хигъэзэщӏыхь гуэрхэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

″Хъ″ макъымрэ абы къытехъукӏыжауэ тлъыта ″х″ макъри зи гугъу тщӏы бзэшхуэхэм я нэхъыбэм хэткъым. Зыхэт бзэхэм мы макъхэр зэхэгъэкӏыпхъэуи жыӏэпхъэкъыми, мы макъхэм адыгэбзэм хагъэзэщӏыхьым ебгъэщхьын лэжьэкӏэ зиӏэу лъытапхъэхэм урихьэлӏэнри гугъущ. Ауэ псалъэм папщӏэ, алыджыбзэм хэт ″х″ макъыр адыгэбзэм и ″х″ макъым хуэдэ лъабжьэ зиӏэу лъытапхъэщ, икӏи езыр Алыджу щыт Евклид геометрием и ординатри алыджыбзэм зэрезэгъкӏэрэ ″х″ыуэ зэрылъытари гулъытапхъэщ. Мы макъхэр бзэ гуэрхэм зэрыхэхьа щӏыкӏэр зэщхьэщыкӏыу лъытапхъэщи, бзэ гуэрхэм ″хъ, х″ макъхэр а зэрыщыту хэтщ; бзэ гуэрхэми ″х″уэ зэрытхакӏэрэщ зэрыхэтыр; бзэ гуэрхэми зэрыхэхьа щӏыкӏэри ″h″уэ лъытапхъэщ; ауэ икӏи, ″хъ″ макъыр бзэ гуэрхэми ″к″уэ зэрытхыпхъэри гулъытапхъэщ.

″Гъ, г, гь, дж; дз″ макъхэм щыщу бзэхэм нэхъыбэу ″гь″ырэ ″дж″ макъ яхэту лъытапхъэщи, мыхэри бзэхэм язэрыхэтыр адыгэбзэм зэрыхэтым хуэдэу зыр зым ипӏэ зэриувэкӏэрэу лъытапхъэщ. Аращи, ″гь″ зыхэт бзэ куэдым ″дж″ хэтыжкъым, - мыбы и пхэнджри ар дыдэщ. Зи гугъу тщӏа бзэшхуэхэри хэтыжу, ″гъ″ макъыр зыхэт бзэри мащӏэкъым, икӏи бзэ гуэрхэм ″гъ″ макъыр зэрыхэт щӏыкӏэ гуэрхэр абы адыгэбзэм хигъэзэщӏыхь гуэрхэм зэрыхуэдэри гулъытапхъэщ (пп: тыркубзэ). ″Дз″ макъыр зыхэт бзэри куэдкъым; ауэ, адыгэбзэм и къэӏукӏэкӏэ ″г″ зыхэт бзэ мащӏэ дыдэу лъытапхъэщ. Аращи, мы макъ гупым щыщрэ къэӏукӏэкӏэ зэщхьхэр зэхэгъуащэу къэӏуу щӏидзарэ икӏи зэхуэдэу зэрытхакӏэрэ бзэхэм зэрыхэкӏуэдыкӏари жыӏэпхъэщ.

Адыгэбзэм и зы макъ гупу тлъыта ″жь, ж; з″хэм щыщу бзэ куэдым ″жь″ макъ зэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, ар хэтауэ щытами, и къэӏукӏэр адрей макъхэм (нэхъыбэуи ″ж″ым) хэгъуащэу, е тхэкӏэкӏэ абыхэм хуэдэу зэрытхам ипкъ зэриткӏэ ″жь″ макъыр бзэхэм хэкӏуэдыкӏауэ лъытапхъэщ. Ауэ, ″ж, з″ макъхэр бзэ куэдым яхэтщ, икӏи а макъхэр а бзэхэм

зэрыхэлэжьыхьым теухуа гуэрхэри а макъхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь гуэрхэм зэрытеухуари жыIэпхъэщ.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, ипэкIэ ″гь, дж″ макъхэр бзэ гуэрхэм зыр зым ипIэкIэ хэту зэрылъытапхъэм нэмыщI, бзэ гуэрхэми ″ж″ макъыр мы макъхэм ипIэ иувэу хэту лъытапхъэуи жыIэпхъэщ. ИкIи, бзэ гуэрхэм зыр зым ипIэкIэ зэрыхэткIэрэ мы зэрылъытапхъэм зэрезэгъщи, адыгэбзэм и ″гь, дж″ макъхэм я мыхьэнэрэ бзэми хагъэзэщIыхь Iуэхугъуэгуэрмрэ ″ж″ макъым и мыхьэнэрэ икIи бзэми хигъэзэщIыхь Iуэхугъуэгуэрхэрзэрызэлъытапхъэрэ зэрызэпыщIапхъэри гулъытапхъэщ. Мы макъхэр мы зэрыжытIауэ хамэбзэ гуэрхэм мыпхуэдэу зэрыхэтым къыщымынэу, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект гуэрхэми ″г, дж″ырэ ″ж″ макъыр зыр зым ипIэкIэ щызекIуэу зэрыхэтми урохьэлIэри, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект гуэрхэм я зэхуэдэу ухуауэ лъытапхъэ псалъэ гуэрхэр мы макъхэр зыр зым ипIэкIэ зэхъуэкIауэ зэрыухуахэр гулъытапхъэщ.

″Щ, щI, ш; с″ макъ гупым щыщу ″щ″ макъыр бзэ куэдым зэрыхэмытыжыр гулъытапхъэщ, икIи абы и пIытIа макъыу щыт ″щI″ макъыр бзэхэм зэрыхэмытри гурыIуэгъуэщ. Мы гупым щыщу бзэхэм яхэт зы макъыр ″ш″ макъращи, ар бзэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэ гуэрхэр адыгэбзэм и ″ш″ макъым игъэзащIэхэм щыщ гуэрхэм хуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ, мы макъ гупым щыщу бзэхэм нэхъыбэу хэтрэ хэлэжьыхь макъыр ″с″ыращи, икIи бзэхэм абы хигъэзэщIыхьу узрихьэлIэ куэдыр (щыIэр зэрызекIуэ, хъур къызэрыхъу, системэ къекIуэкIыкIэ) адыгэбзэм и ″с″ макъым и мыхьэнэм зэрытеухуэр гулъытапхъэщ.

″Лъ, л, лI″ макъ гупым щыщу бзэхэм куэдыщэу хэту узрихьэлIэр ″л″ макъращи, абы а бзэхэм хигъэзэщIыхьри адыгэбзэм ″л″ макъым хигъэзэщIыхь Iуэхугъуэгуэрхэмзэрыхуэдэри гулъытапхъэщ.

″Д, т, тI″ макъ гупым щыщу бзэхэм хэмыт макъыр пIытIа къэIуыкIэ зиIэ ″тI″ макърауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ, ауэ зи гугъу тщIы бзэ гуэрхэм апхуэдэ макъ (тI) къызэрыхэIукIри гулъытапхъэщ. Мы гупым щыщу ″д, т″ макъхэр бзэхэм хэту куэдыщэу урохьэлIэри, мы макъхэр бзэхэм зэрыхэтрэ зэрыхэлэжьыхь щIыкIэ гуэрхэри (″д: лъэщыгъэ, мынаIуэ гуэр, лIэужьыгъуэ″; ″т: щхьэщыкIыныгъэ, щытыгъуэ, зэхэтыгъуэ, тетыныгъэ, къару) адыгэбзэм мы и макъхэм (д, т) хагъэзэщIыхь IуэхугъуэхэмтеухуауэущырихьэлIэр мымащIэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

″Ф, фI, в″ макъхэм щыщ макъ пIытIа ″фI″ыр зи гугъу тщIы бзэхэм язэрыхэмытыжынур гурыIуэгъуэнщ, ауэ ″ф, в″ макъхэр куэдыщэу яхэтщ бзэхэми, мы макъхэм щыщу ″ф″ макъыр а бзэхэм язэрыхэлэжьыхь гуэрхэр абы адыгэбзэм хигъэзэщIыхь Iуэхугъуэгуэрхэмзэрытеухуэргулъытапхъэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ″п, пI, б″ макъхэм щыщу ″пI″ыри яхэткъым зи гугъу тщIы бзэхэм. Ауэ, ″п, б″ макъхэр куэдыщэу язэрыхэтыр гулъытапхъэщи, мы макъхэм бзэхэм хагъэзэщIыхь гуэрхэри абыхэм адыгэбзэм хагъэзэщIыхь къалэн гуэрхэм теухуауэ лъытапхъэщ. ИкIи, ″б″

макъыр бзэхэм зэрыхэт щlыкlэм нэхърэ ″п″ макъым бзэхэм хигъэзэщlыхь lуэхугъуэ нэхъыбэр ар адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь (пэ, ипэ, япэрей) щlыкlэ гуэрхэм теухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

″Щl, ц″ макъ гупым щыщу бзэхэм нэхъ хэхьар ″ц″ макърауэ жыlэпхъэщ, ауэ ари зыхэт бзэр мащlэщ. Псалъэм папщlэ, нобэ урысыбзэм хэтщ ″ц″ макъри, абы игъэзащlэ къалэн гуэрхэр адрей бзэхэм я ″с″ макъым теухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Зы макъ пlытlауэ щыт ″цl″ макъыр бзэхэм хэту лъытапхъэкъым; ауэ, -псалъэм папщlэ- алманыбзэм хэт ″nichts (нихьцl)″ псалъэ кlэухым къыхэlукl макъыр ″цl″ым зэрещхьыр гулъытапхъэщ, икlи а псалъэм и мыхьэнэри адыгэбзэм и ″цl″ макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

*

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэмрэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр я зэгъэпщэныгъэм теухуащ мы къэтlуэтахэри, абы икlи макъыбзэу щымытыж зы бзэм и макъхэр зы макъыбзэм къызэрытехъукlыуи еджапхъэщ. Аращи, адыгэбзэу макъыбзэм и макъхэр зэрыхэкlуэдыкlрэ мащlэ зэрыхъу щlыкlэм теухуауи еджапхъэщ мы лэжьыгъэ lыхьэ цlыкlури, адыгэбзэм и макъыбзэ ухуэкlэрэ лэжьэкlэр зэрыщlэкlуэдыкlкlэрэ ухуэфыну зы бзэ лэжьэкlэм теухуа щапхъэуи лъытапхъэщ. Мы зи гугъу тщla еджэкlитlым дэтхэнэмкlи еджэ, lуэхур зытетыр зэхъуэкlкъым.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къэхъуа макъхэмкlэрэ макъыбзэ лlэужьыгъуэу ухуа псэлъэбзэр цlыхум зэрызэрихьэ щlыкlэкlэрэ зэхъуэкlыу зэмылlэужьыгъуэ бзэхэр утыку къызэрихьэфынум теухуа зы щапхъэу лъытапхъэщ икlи мы къэтlуэтахэр. Макъыбзэм и лэжьэкlэр зэрыщlэкlуэдыкlкlэрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэр къытехъукlыфынщи, макъ мыхьэнэхэр зыщlэкlуэдыкlарэ псэлъэпкъыу лъытэжыпхъэхэр лъабжьэ зыхуэхъужа къежьапlэ зиlэу ухуэжрэ лэжьэкlэ зиlэ бзэхэр утыку къохьэфыр. Мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкlэр зыщlэкlуэдыкlарэ и макъхэр систематикэу бзэм хэмылэжьэхьыфми, абы и макъ гуэрхэр иджыри къызтехъукla макъыбзэм и лэжьэкlэ гуэрхэр къызэрыхэщу зэрыщытыфынур гурыlуэгъуэнщ; аращи, зы макъыбзэмрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэм ахэр зэрыухуа макъкlэрэ зэлъытэныгъэрэ зэпыщlэныгъэ зэрызыхуaлэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Зы макъыбзэм и макъхэмрэ макъыбзэу щымыт бзэхэм я макъхэр зэгъэпщэныгъэу лъытапхъэщ мы лэжьыгъэ lыхьэ цlыкlури, макъыбзэу щымыт бзэхэри зэщхьэщыдымыгъэкlыущ дызэрытепсэлъыхьар. Ауэ, бзэ псори макъыбзэм елъытауэ зэхуэдэу зэрымылъытапхъэр, бзэ гуэрхэр адрейхэм елъытауэ макъыбзэм нэхъ зэрыхуэпэгъунэгъур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, нобэрей бзэщlэныгъэм псэлъэпкъхэри и кlуэцlкlэ щызэхъуэкlыфу илъытэ кэлтыбзэмрэ самиибзэхэм (саамыбзэ) я лэжьэкlэр нобэрей европэбзэхэм елъытауэ макъыбзэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Макъыбзэ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ макъыбзэу щымытыж бзэхэр зэрыухуэфым къыщымынэу, щыlэгъуэ ужьыгъуэу утыку къихьа псэлъэбзэр зы макъыбзэу щытми, ар зэрызекlуэрэ цlыхум зэрызэрихьэм къызэрыгуэкlкlэ зэщхьэщыкlыныгъэ зэригъуэтыфынури гурыlуэгъуэнщ. Макъ къэхъуныгъэм дэухуэу утыку къихьэ макъыбзэми цlыхум и гъащlэр зэрызыригъакlуэм зэрелъытакlэрэ зэщхьэщыкlыныгъэ егъуэтыфри, ар зэхуэдэ зы бзэу зы макъыбзэу щытми, и кlуэцlкlэрэ зэщхьэщыкlыныгъэ егъуэтыфыр. Макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ягъэзащlэ къалэнрэ мыхьэнэ зиlэу ухуа зы макъыбзэр зэрызекlуэрэ зэрыужьым ипкъ иткlэ, и макъхэр абы зэрыхэлэжьыхьым мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрыбагъуэм нэмыщl, макъыбзэр мы макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрыухуэ щlыкlэр кlуэ пэтрэ ар цlыхум зэрызырихьэ щlыкlэм зэрелъытакlэрэ зохъуэкlри, и лэжьэкlэрэ и макъхэр зэрыхэлэжьыхьыр хроникэ зэрыхъу щlыкlэкlэрэ макъыбзэм и кlуэцlкlи зэщхьэщыкlыныгъэ егъуэтыр. Аращи, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэр зи лъабжьэу зэрыухуэм нэмыщl, ар зезыхьэр ″цlыху″у зэрылъытами зэрезэгъкlэрэ абы и хуитыныгъэмрэ и псэукlэм елъытауэ псэлъэбзэр зэрызэхъуэкlыфынур гурыlуэгъуэнщи, макъыбзэм макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэж бзэхэр къызэрытехъукlыфым нэмыщl, зы макъыбзэми езым и лэжьэкlэкlэ зэхъуэкlыныгъэ егъуэтыфри, мыри псэлъэбзэр антропологие лъэныкъуэкlи хроникэ зэрыхъу щlыкlэм теухуа lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэ дэтхэнэ зы бзэм и лэжьэкlэмрэ абы макъхэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэхэри зэхуэдэн хуейуэ лъытапхъэкъым. Ар зы макъыбзэу щытми, зи гугъу тщla щlыкlэкlэрэ и кlуэцlкlэ зэхъуэкlыныгъэ зэригъуэтыфыр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэщ макъыбзэу щыт адыгэбзэм жьэрыпсалъэкlэрэ зэхъуэкlыныгъэ зэригъуэтар. Аращи, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ бзэ лэжьэкlэ гуэрхэмкlи зэрызэщхьэщыкlым къыщымынэу, зы бзэрэ макъыбзэу щытми, адыгэбзэм и жьэрыпсалъэрэ диалектхэр макъ гуэрхэмкlи зэщхьэщыкlыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Зы макъым и къэlукlэр зэрызэхъуэкlым нэмыщl, и диалектхэм хэт макъхэмрэ макъ бжыгъэкlи зэщхьэщыкlыу зэрыщытри гулъытапхъэщ адыгэбзэр жьэрыпсалъэрэ диалектклэрэ. Ауэ, ар зэрыухуа щlыкlэрэ и лэжьэкlэкlэ иджыри зэхуэдэ зы бзэу зы макъыбзэщи, адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалектхэр къызэрытехъукlыр зы макъыбзэр бзэ лъхуэщlауэ зэрыщытрэ зэрыбзыгъэм теухуауи лъытапхъэщ.

Макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэ бзэ унэтlыныгъэ лъагъуэхэр зэрызэщхьэщыкlым и зы щапхъэфlщ адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалектхэр къызэрытехъукlыр. Аращи, адыгэбзэм къиlуатэ дэтхэнэ гуэрыр зэхуэмыдэ макъкlэрэ зэрылъытэу ухуэ псалъэхэмкlэрэ жьэрыпсалъэхэр утыку къихьэу бзэ зэщхьэщыкlыныгъэ къызэрыхъур гурыlуэгъуэщ; икlи мыбыи къыщымынэу, абы и макъыбзэ лэжьэкlэм икlи

диалектхэри къызэригъэщlыфынур, кlуэ пэтрэи –макъыбзэу щытми-зэблагъэ щхьэ зэхуэмыдэ бзэхэр къызэригъэщlыфынури гурыlуэгъуэнщ.

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалектхэр къызэрытехъукlыр бзэр зэрызэхъуэкlым теухуа щапхъэфlыу лъытапхъэщ. Адыгэбзэм жьэрыпсалъэрэ диалектклэрэ макъ къэlуклэклэ зэщхьэщыкlыныгъэ гуэрхэр зэригъуэтам нэмыщl, и жьэрыпсалъэрэ диалектхэм зэхуэмыдэ макъхэр язэрыхэтри ипэклэ къыхэдгъэщагъэххэщ. Ауэ, я зэхуэдэ макъхэри бзэм щызэрызекlуэ гуэрхэми зэщхьэщыкlыныгъэ зэрызыхуаlэри гурыlуэгъуэщ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм. Аращи, дэтхэнэ зы жьэрыпсалъэрэ диалектым дэтхэнэ гуэрыр флэкlыплэ имыlэу зэхуэдэ макъклэрэ ухуа псалъэклэ къиlуэтэн хуейуэ зэрыщымытынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэр адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкlуэкla япэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхщрэ, къытпэщыт лэжьыгъэхэми къызэрыхэщынур гурыlуэгъуэщ; ауэ дэ ди lуэхур адыгэбзэм и зы къудамэу щыт къэбэрдеибзэращи, мы лэжьыгъэхэм адыгэбзэм и жьэрыпсалъэрэ диалектхэми дызэрыхэмыхьэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, зи гугъу тщlы lуэхугъуэр икlэ нэгъунэ къызэрыгъэлъэгъуэфынур адыгэбзэм и жьэрыпсалъэрэ диалектхэр зэгъэпщэн lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, бзэ зыужьыгъуэрэ зэхъуэкlыныгъэм теухуауэ ипэклэ къэтlуэтахэм и щапхъэфlыу лъытапхъэщи, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект гуэрхэм макъхэр зэрыхэлэжьыхь щlыклэхэмрэ, зэхуэдэ lуэхугъуэр абыхэм зэхуэмыдэ макъклэрэ къызэраlуатэ щlыклэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Мы зи гугъу тщlам теухуа зы щапхъэщи, жьэрыпсалъэрэ диалектхэм я зэхуэдэ псалъэу хэт ″кlуэн″ глаголыр ″ит зэман″рэ ″блэкla зэман″ым теухуауэ зэрылажьэр зэрызэщхьэщыкlрэ зэрызэпыщlари зыхэплъагъуэрщ: «сэкlуэ; сэикlуэ→секlуэ; сэуклуэ; сэуклуэ→соклуэ»; «сыклуа, сыклуагъ, сыклуаклэ, сыклуащ». Адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектуи ялъытэхэм мы глагол лэжьэклэм цlэпапщlэ гъэлъагъуэ (сэ) макъхэр я зэхуэдэу къызэрыпыхьар гулъытапхъэщ. Абы (сэ) къыклэлъыклуэ макъклэрэ (и, у) ит зэман лэжьэклэм жьэрыпсалъэхэр къызэрытехъукlыр гулъытапхъэщи (сэ-и-кlуэ; сэ-у-кlуэ), мы къыклэлъыклуэ макъым елъытауи цlэпапщlэм и ″э″ клэухыр къыклэлъыклуэ макъым хэжыхьауэ (″эи→е″; ″эу→о″) къызэрыуклэрэи аргуэру зэрызэщхьэщыкlыжыр гулъытапхъэщ. Блэкla зэман лэжьэклэм и цlэпапщlэ гъэлъагъуэр я зэхуэдэу ″сэ-ы→сы″уэщ къызэрыlури, блэклар къэзыгъэлъагъуэ ″а″ макъри я зэхуэдэщ; ауэ, а блэклар утыку къызэрихьэ щlыклэр утыку къызэрырилъхьэ щlыклэр зэрызэщхьэщыкlклэрэ жьэрыпсалъэхэр къызэрыхъури гулъытапхъэщ. Аращи, блэклар щхьэж ″а″ клэухклэрэ зэрылъытэфынум (сыклуа) нэмыщl, мы блэклауэ лъытар (а) гъэзэщlауэ зэрыщытыр ″гъэ-ы→гъ″ыклэрэ гъэлъагъуэу (сыклуагъ); блэклауэ лъытар (а) щыплэрэ щыгъуэм иуварэ щыlэгъуэ зыгъуэтауэ зэрылъытауэ (сыклуащ); блэклауэ лъытар (а)

зэфlэкlарэ кlэ зэригъуэтакlэрэ зэрылъытэу (сыкlуакlэ) къызэрыlуэтэфым жьэрыпсалъэхэр къызэригъэщlыр гулъытапхъэщ. Зы макъыбзэм жьэрыпсалъэхэр къызэрытехъукlым теухуа мы щапхъэхэми гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, мы щапхъэхэм дэтхэнэ гуэрыр флыклыплэ имыlэу зы макъ закъуэкlэ къэlуэтэн хуейуэ щыткъым; зыгуэрыр и къэхъукlэм елъытауэ узэреплъ щlыклэкlэ -зэщхьэщыкlыу- къызэрыlуэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу зыгуэрыр зэхуэмыдэ макъкlэрэ къызэрыlуатэм жьэрыпсалъэрэ диалектхэр къызэригъэхъуфынури гулъытапхъэщ.

Я зэхуэдэу ухуа зы псалъэр (″кlуэн″ глаголыр) бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу, глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ зэпкъырыувэкlэр зэрызэщхьэщыкlрэ зэрызэлъытам теухуауэ зи гугъу тщlа мы щапхъэм нэмыщl, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм зы lуэхугъуэр къызэрalуатэ псалъэр зэрыухуэ макъкlэрэ зэрызэщхьэщыкlыфынури гурыlуэгъуэнщ. Зыгуэрыр къызэрыlуатэ псалъэр зэрыухуэ макъхэр а псалъэр зытеухуар зэрылъытэ щlыкlэри, зэхуэдэ зы lуэхугъуэр зэхуэмыдэ макъкlэрэ ухуа псалъэмкlэ къыщыlуатэм деж, а lуэхугъуэр зэхуэмыдэ лъэныкъуэрэ еплъыкlэкlэ къэlуатэу аращ. Нытlэ, адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектхэм зы lуэхугъуэр зэхуэмыдэ макъкlэ ухуа псалъэкlэрэ къызэрalуатэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Аращи, я зэхуэдэ зы макърэ я зэхуэмыдэ зы макъкlэ ухуа псалъэхэм теухуащ илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэри, зэхуэдэ зы lуэхугъуэр къызэрыlуатэ псалъэм я зэхуэмыдэ макъыу хэтым игъэзащlэм елъытауэ псалъэм къиlуатэ lуэхугъуэр зэрылъытэр зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щапхъэщи, мы псалъэхэр зэрыухуэм деплъынщ: «″жыг – чыг″: я зэхуэдэу ″г″ макъкlэрэ лажьэу ухуа мы псалъэхэр къызэрежьэ макъкlэрэ (ж, ч) зэрызэщхьэщыкlыр гулъытапхъэщи, зым ″генетикэ зэпыщlэныгъэ (ж)″ зэриlэкlэрэ, адрейри ″чы лlэужьыгъуэ″у зэрыщытыр къызэрыхигъэщкlэрэ ″егъэлеяуэ джыныгъэ (г)″ зиlэ гуэрыр зэрылъытэ псалъэ зэрыухуэм теухуащ»; «″бажэ – багьэ″: псалъэ къежьапlэр я зэхуэдэу (бэ), ар зэрылажьэ кlэух макъыр зэщхьэщыкlыу ухуа псалъэхэщ мыхэри, япэрей псалъэм ″бэ″уэ щытыр ″жэн″ lуэхугъуэу зэрыщыткlэрэщ зэрилъытар; иужьрей псалъэми ″гьын-джын″ lуэхугъуэу зэрыщыткlэрэщ зэрилъытар».

*

Зы макъыбзэр макъкlэрэ лажьэ зы бзэрщи, абы дэтхэнэ гуэрыр зэхуэмыдэ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэриlуатэкlэрэ зэхуэмыдэу ухуэ псалъэхэмкlэ утыку къызэрырилъхьэфынури гурыlуэгъуэщ. Зы lуэхугъуэр абы еплъыкlэ щlыкlэкlэ зэрылъытэу къызэрыlуэтэфым зэрезэгъыу, макъыбзэр мыпхуэдэу лэжьэкlэбэу зэрыщытым къызэрыгуэкlкlэ, абы хуиту жьэрыпсалъэхэр, кlуэ пэтрэи диалектхэри къызэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, зы макъыбзэр жьэрыпсалъэрэ диалектkлэрэ хуиту зэрызэщхьэщыкlыгъуафlэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, макъыбзэ лъэныкъуэкlэ нэхъыбэу макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуащ бзэ лэжьэкlэ зэщхьэщыкlыныгъэу жьэрыпсалъэрэ диалектхэр утыку къызэрихьэри,

мыбы теухуа зы щапхъэфlыу зэрылъытапхъэми зэрезэгъкlэрэ, илъабжьэкlэ бзэхэм куэдыщэу хэлэжьыхь ″р″ макъыр адыгэбзэмрэ адрей бзэхэми зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгуэрыlуэгъуэу, макъ мыхьэнэ зэримыlэм папщlи адыгэбзэ (къэбэрдеибзэ) псалъэхэм ищхьэми зыщыумылъагъуэ ″р″ макъыр адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект гурхэм псэлъащхьэу зэрыплъагъуэми, икlи ″р″ макъыр нэгъуэщlыбзэхэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэ гуэрхэми лъабжьэ хуэхъуауэ лъытапхъэр ″р″ макъыр и гугъу зэрытщ1а щlыкlэкlэ адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм езэгъыу лъытапхъэщи, мыбыхэм илъабжьэкlэ гулъытэ хуэтщlыжынщ.

И къэхъукlэр щхьэжу езым хуэlуарэ и къэlукlэкlэ зэхэхыгъуафlэу щыт ″р″ макъыр къэбэрдеибзэм зэрыхэт щlыкlэр мы и къэlукlэм зэрезэгъкlэрэ кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр зэхэхынрэ флэкlыпlэ имыlэу гурыlуэгъуэ зыхуэщlын къалэн игъэзащlэ закъуэущ. Мы и къэlукlэм къызэрыгуэкlкlэ, къызкlэлъыкlуэр зэхэхыгъуафlэ зыщl ″р″ макъыр нэгъуэщl адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм псалъэхэм ищхьэми къыпыхьэфу яхыболъагъуэр. Ауэ, мы адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″р″ макъыр псалъэхэм ищхьэм къыщыпыхьэкlэ гъэзащlэр езым ипэ зы макърэ псалъэ гуэр зэрылъытэ къалэнкlэрэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, къиlуэн хуэмыныкъуэ зы макърэ псалъэр зэрылъытаклэрэ абы къызэрыкlэлъыкlуэ къалэнкlэрэу лъытапхъэщ ″р″ макъыр адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм зэрыхэлэжьыхьыр. Псалъэм папщlэ, ″рикlуагъ″ хуэдэ псалъэхэр ″р″ыкlэ къежьэу плъагъуми, ″р″ым ипэ къихуэр къиlуэн зыхуэмыныкъуэ ″и″рауэ лъытапхъэщ. ″И″р зы джыпlэу зыгуэр къэзыгъэлъагъуэ макъщи, ар къэмыlуми, абы къиlуэтапхъэр зэрылъытагъэххэкlэрэщ псалъэр ″р″ыуэ къызэрежьэр: ″рикlуагъ″ псалъэр ″ирикlуащ″ жыхуиlэрщи, псалъэр къызэрежьапхъэ ″и″р къыримыlуу ″р″ыкlэкlэ зы джыгъуэр къызэрыгъэлъэгъуагъэххэу ухуа псалъэу лъытапхъэщ ″рикlуагъ″ыр (ирикlуагъ).

Къызкlэлъыкlуэрэ зытеухуар флэкlыпlэ имыlэу зыгъэлъагъуэ ″р″ макъыр къызкlэлъыкlуэрэ зытеухуар аргуэру къэгъэлъэгъуэн къалэн гъэзэщlэнкlэрэи зехьапхъэщи, ″р″ыр псалъэм ищхьэми икlэми къыщыпыхьэкlэ а псалъэр зэрыщыту егъэлъагъуэр, егъэлъэгъуэжыр: мыпхуэдэщ адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″рыкlуагъ″ щыжиlэкlэ къиlуатэри, ар зыдэкlуэну щытым зэры″кlуэжа″ращ икlи. Мы щапхъэм къызэригъэлъагъуэрщи, адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″р″ макъым икlи къэбэрдеибзэм ″ж″ макъым хигъэзэщlыхьыр егъэзэщlэфыр.

Мы и къалэным зэрезэгъкlэрэ ″р″ макъыр зыгуэрыр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэнкlэрэ зыхэлэжьыхьыр адыгэбзэ закъуэракъым. Адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм мы ипкlэ зи гугъу зэрытщ1а щlыкlэм хуэдэу ″р″ макъыр бзэ куэдым ″мыувыlэу джын″рэ ″аргуэру джыжын″ е ″иджыри джын″ lэхугъуэхэр игъэзащlэу зэрыхэтри гулъытапхъэщ. Европэбзэхэми мыпхуэдэ къалэн хигъэзэщlыхьу урехьэлlэр ″р″ макъми,

мыр икӏи зы макъыу ″р″ым и къэӏукӏэм зэрытеухуари гурыӏуэгъуэщ. Араща, европеибзэхэм псалъэм ищхьэм къыпыхьэ ″р″ым ″аргуэру джыжын″рэ ″мыувыӏэу джыжын″ ӏуэху зэригъэзащӏэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «рэпэтэ/рэпит; акцэ → реакцэ; патриант → репатриант; пас → репас; флешир → рефлэшир; флекс → рефлекс; сурс → ресурс».

Европэбзэхэм имызакъуэу фарысыбэми псалъэхэм и кӏэух ″р″ым ″аргуэру джын - джыжын″ ӏуэхугъуэ игъэзащӏэу зэрыхэлэжьыхьри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «стикрар - истикрар (стабилизацэ зэрыхъуа щӏыкӏэу къекӏуэкӏрэ лэжьэкӏэ зиӏэ); икрар (а и лэжьэкӏэу зэрыщытыр къэбыл щӏын); карар (унафэ, а зэрылъытам тетынрэ тету лэжьэн); текрар (а зэрыщытым тету мыувыӏэу лэжьэкӏэ зиӏэ)».

Мы къэта щапхъхэм макъыбзэу щымыт бзэхэми макъ гуэрхэм я лэжьэкӏэ гуэрхэр макъыбзэ лэжьэкӏэ пэлъытэу зы систематикэ ӏыхьэкӏэрэ зэрыхэлэжьыхьыр къагъэлъагъуэу лъытапхъэщ. Икӏи зэрыжытӏэрэ зэрылъытапхъэрщи, псэлъэбзэр макъкӏэрэ зэрыухуарэ и къежьапӏэри макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, дэтхэнэ зы бзэми и макъ гуэрхэр и лэжьэкӏэ гуэрхэм мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкӏэ лъабжьэ иӏэжу къызэрыхэнэжыфынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращ икӏии, и къэхъукӏэм зэрезэгъкӏэрэ псалъэ кӏэухыущ ″р″ макъыр бзэ куэдым зэрыхэтри, ар макъ мыхьэнэ зимыӏэу къэхъуа макъ щэху закъуэу зэрылъытапхъэри ипэкӏи жытӏагъащ. Ар езыр мыхьэнэншэщи, къызкӏэлъыкӏуэ макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрыщыту къабыл дэзгъэщӏщ. Ар къызкӏэлъыкӏуэ макърэ псалъэр зэрыщыту импозицэ къытхуэзыщӏрэ къабыл дэзгъэщӏ макъщи, ар щызэхэтхым деж абы зэхидгъэхрэ фӏэкӏыпӏэ имыӏэу гурыӏуэгъуэ къытхуищӏ гуэр щыӏэщ. Ар езыр щызэхэпхкӏэ фӏэкӏыпӏэ имыӏэу къэбыл пщӏыну гуэр щыӏэщ. Мыпхуэдэу зэрыпыщӏэкӏэрэ уздэкӏуэнур щхьэж зы макъыу ″р″ыр зыщызэхэпхрэ зыдэщыӏэм къэмыӏуатэми, зэхэхын хуейрэ гурыӏуэгъуэ зыхуэщӏын хуей гуэр зэрыщыӏэращ. Ар кӏэух зыхуэхъур фӏэкӏыпӏэ зэримыӏэкӏэрэ гурыӏуэгъуэ зыщӏрэ къэзыгъэлъагъуэрщи, ″р″ макъыр щхьэжу къыздыщыӏуми фӏэкӏыпӏэ зэримыӏэкӏэрэ цӏэимыӏуэу гурыӏуэгъуэ зыхуэщӏын хуей гуэр щыщыӏэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. ″Цӏэимыӏуэ″ щыжыпӏэм деж, икӏи ар цӏыхум дежкӏэ табу зытелъ гуэру зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэщ. Тхьэрэ тхьэ ӏуэхугъуэхэр мыпхуэдэ цӏэимыӏуэкӏэрэ зэрылъытауэ зэрыщытари дин къэхъуныгъэрэ культурал антропологием теухуа щӏэныгъэхэм къызэрыхэщри гурыӏуэгъуэнщ. Араща, нобэрей адыгэбзэм ″р″ макъыр зэрыхэлэжьыхьыр гурыӏуэгъуэщи, адыгэбзэм ″р″ыкӏэрэ къызэрыгъэлъагъуэу ухуа тхьэцӏэ хэмытми, ″р″ макъыр щхьэж къызэрыӏукӏэрэ цӏэимыӏуэ гуэрхэр гурыӏуэгъуэ зэрищӏкӏэрэ къэхъупхъэ тхьэцӏэхэу ″Ра, Ри, Ре, Рэ, Ры″ хуэдэхэр бзэ гуэрхэм хэтмэ, мыпхуэдэхэр къызэрыхъуам и лъабжьэр ″р″ макъым теухуауэ мы ипэкӏэ жытӏахэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Нобэ абэзэбзэми хэтщ ″Ра″р зы тхьэцӏэуи, ар абэзэбзэм къигъэщӏауэ е нэгъуэщӏыбзэу (Мысыр) абы къыхэхьауэ зэрыщытыр зэхэхугъуейщ. Ауэ

ар къызэрыхъуа щlыкlэр ″р″ макъым игъэзащlэ къалэну зи гугъу зэрытщlа щlыкlэрауэ зэрыщытри жыlэпхъэщ.

## АДЫГЭБЗЭМ И ЛЭЖЬЭКlЭМРЭ И ПСАЛЪЭХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУРЭ ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫУВЭ ЩlЫКlЭКlЭ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Зы псэлъэбзэр щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къэхъу макъхэмкlэрэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм зэрезэгъкlэрэ ухуэу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэр зы макъыбзэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Макъыбзэу ухуа зы псэлъэбзэр макъ къызхэзыгъэlукl цlыхум хуэухуарэ дэухуаращи, мыпхуэдэу ухуа псэлъэбзэр ар зезыхьэ цlыхуми зэрызигъэужьынури гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псэлъэбзэм кlуэ пэтрэ цlыхум и зехьэкlэрэ и инициативи зэрыхэщlэнур гурыlуэгъуэщ.

Псэлъэбзэр макъыбзэу къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, щыlэгъуэм зэрезэгъкlэрэ зэрызекlуэрэ зэрыужьым къыкlэлъыкlуэу, псэлъэбзэ ужьыгъуэм ар зезыхьэ цlыху щlеинрэ псэукlэми къыхилъхьэну гуэрхэр кlуэ пэтрэ зэрыбэгъуэфынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, къызэрыхъуа щlыкlэр зэрилъабжьэкlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэ иlэми, макъыбзэу ухуа псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэм нэмыщl lуэхугъуэхэри зэрылъытэу бзэм щызэрызекlуэфынур, икlи цlыху инициативыр зэрыхэлэжьыхькlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэри лантlэ зэрыхъуфынур гурыlуэгъуэщ; ауэ, псэлъэбзэ ужьыныгъэм мыпхуэдэ макъыбзэ лэжьэкlэ лъабжьэ зыхыумылъагъуэж лэжьэкlэхэри къызэригъэщlыфынури гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, цlыхум илъагъурэ зэхиххэр зэрилъытэ щlыкlэу, макъ мыхьэнэ лъабжьэ зимыlэу макъ мыхьэнэншэрэ макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ псалъэхэр къызэригъэщlыфынури гурыlуэгъуэнщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэми и псалъэ гуэрхэм мыпхуэдэ къэхъуыкlэ зэрalэр гулъытапхъэщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэм зэрытекlкlэрэ мыпхуэдэ лэжьэкlэхэри къызэригъэхъум нэмыщl, икlи нэгъуэщlыбзэу къэхъуа псалъэхэри бзэм къызэрыхэхьэфынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэ макъыбзэ лэжьэкlэм къыкlэлъыкlуэу, ар лантlэ зэрыхъу щlыкlэкlэрэ бзэм лэжьэкlэ зэригъуэтым нэмыщl, макъ мыхьэнэншэкlэрэ къэхъу псалъэхэмрэ хамэбзэу къыхэхьэ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэр бзэ лэжьэкlэ лlэужьыгъуэхэу зэщхьэщыкlыу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, мы лэжьыгъэ lыхьэ цlыкlум мыпхуэдэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъыбзэу къэхъуа псэлъэбзэм зызэриужьым кlуэ пэтрэ цlыхум и инициативыр нэхъ ипэ ищурэ ар къызэрежьарэ зэрызекlуэу щыта макъыбзэ лэжьэкlэр щlэхъумэу зэрыщlидзэфынури гулъытапхъэщи, нобэ макъыбзэ лэжьэкlэр зыщlэхъумарэ зыфlэкlуэда бзэхэр мыпхуэдэу ухуэжауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, ноби адыгэбзэр макъыбзэу

зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, абы и псалъэхэр къызэригъэщIымрэ абы къхэхьэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэр зэхэхупхъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, къызэрыхъуарэ зи гугъу тщIа щIыкIэкIэрэ ухуа псалъэхэри зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм елъытауэ адыгэбзэм и лэжьэкIэрэ и псалъэхэр категоризацэ зэрыпщIыфынур, икIи псалъэхэр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэкIэ бзэр зэрызэпкъырыуварэ зэрызэпкъырылъ щIыкIэрэ щIыпIэхэри щхьэхуэ щхьэхуэу бзэ лэжьэкIэ сферхэу зэрыплъытэфынури гурыIуэгъуэщ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, макъыбзэу къыщIэзыдза псэлъэбзэр зэрызекIуэкIэрэ зэрыухуэж щIыкIэхэм теухуа зэхъуэкIыпIэхэм гулъытэ щыхуэпщIым деж, мы зэхъуэкIыпIэхэм теухуауэ бзэ лэжьэкIэрэ псалъэхэр категоризацэ зэрыпщIыфынур, икIи мы зэхъуэкIыпIэхэм я зэхуакури псэлъэбзэ ухуэныгъэм теухуа сферхэу зэрыплъытэфынур гурыIуэгъуэнщ.

Бзэ лэжьэкIэрэ псалъэхэр зэрылъытапхъэ категоризацэрэ сферхэм я къежьапIэрэ лъабжьэри макъыбзэ лэжьэкIэрауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ, псэлъэбзэ лэжьэкIэм мы и lыхьэхэр сферу щылъытэм деж, абыхэм зэпыщIэныгъэрэ зэлъытэныгъэ зыхуамыIэрэ щхьэж къэхъуыкIэ яIэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, бзэм и лэжьэкIэр щхьэхуэ щхьэхуэу категоризацэрэ сферу зэщхьэщыбгъэкIыныр гугъущ; сферу зэрызэщхьэщыбгъэкI пщалъэри, зы сферыр къыздыщIидзэрэ щыухри лъытэныр сытым дежи тыншкъым. Бзэ лэжьэкIэр мыпхуэдэ сферхэу зэщхьэщыбгъэкIми, зыр зым къызэрытехъукIкIэрэ бзэ ужьыгъуэ lэнатIэрэ lыхьэхэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ахэр зэрызэлъытарэ зэрызэпыщIари лъытэн хуейщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, мы жытIахэр макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ жыIэпхъэхэщ, икIи мыбдежым мыпхуэдэ категоризацэрэ сферхэр зыхуэтлъытэнури адыгэбзэращ.

Псэлъэбзэм къигъэщI псалъэхэр къызэрыхъурэ зэрыухуэ щIыкIэм теухуащ бзэ лэжьэкIэ lыхьэрэ сферхэр зэрылъытапхъэри, ныIэ, адыгэбзэм теухуа бзэ лэжьэкIэ сферхэр мыпхуэдэу зэрылъытэрэ абыхэм хиубыдэ псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкIуэкIыну мы лэжьыгъэ lыхьэр адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытрэ макъыбзэри псэлъэбзэм и къежьапIэу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ псэлъэбзэ жыхуэтIэр къызэрежьэрэ зэрызэпкъырыувэми теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, адыгэбзэм зэрезэгъкIэрэ тлъытэ мы сферхэр дэтхэнэ зы бзэми теухуауэ лъытапхъэ хуэдэми, нобэ бзэ куэдым макъыбзэ лэжьэкIэ зэрамыIэжым ипкъ иткIэ, адыгэбзэм теухуарэ хуэIуа сферхэм елъытауэ а бзэхэм я ухуэкIэрэ лэжьэкIэ сферхэр лъытэныр зэрымыигъуащэри гурыIуэгъуэнщ.

Адыгэбзэр зэрымакъыбзэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа япэрей лэжьыгъэхэми, икIи мы къедгъэкIуэкI лэжьыгъэм хуэдэжу къытпэщыт лэжьыгъэхэми мы зи гугъу тщIы lуэхугъуэхэр къызэрыхэщыпхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэр бзэр зэрыухуарэ зэрылажьэ дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр зыхэзыубыдэрэ бзэр зэрыщыту зыщIэзыубыдэ лэжьыгъэ

кIыхь хъун хейуэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. Апхуэдэ лэжьыгъэр адыгэбзэм теухуауэ иужькIэ игъуэ щыхъурэ дыхущIэхьэу утыку къыщитлъхьэм, мыбдежым зи гугъу тщIыну сферхэм теухуа детал куэдым зызэрагъэлъэгъуэнури гурыIуэгъуэнщ; ауэ, мыбдежым адыгэбзэр зэрызэпкъырыуварэ зэрызэпкъырылъ сферхэм гулъытэ хуэтщIыу, абыхэм теухуа щапхъэ ирикъун хуэдиз къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Адыгэбзэ лэжьэкIэмрэ и псалъэхэр къызэрыхъурэ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуэм теухуауэ сфер сферу зэрылъытапхъэр илъабжьэкIэ къэтащ. Ауэ, зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъщи, адыгэбзэм и лэжьэкIэрэ и псалъэхэр сфер сферу щыплъытэм деж, абы и *нэхъ сферышхуэр макъыбзэ лэжьэкIэ*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, адыгэбзэм езым и макъыбзэ лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм нэмыщI, макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ псалъэхэри иухуауэ зэрыхэтыр гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэ псалъэхэр къэхъукIэрэ мыхьэнэкIэрэ зэщхьэщыгъэкIын хуеймэ, мыхэри зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, адыгэбзэм езым къигъэщIа псалъэхэр *макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэмрэ макъ мыхьэнэ зимыIэ псалъэхэу* тIууэ зэщхьэщыгъэкIыпхъэщи, зэ щхьэ адыгэбзэр мыпхуэдэ *"сферитI"*у зэхэлъу лъытапхъэщ.

ИкIи къыхэгъэщыпхъэщи, макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ къэхъуауэ мыхьэнэ зимыIэу ухуауэ мы зи гугъу тщIы псалъэхэр макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэм елъытауэ мащIэ дыдэщ. Ауэ, дэтхэнэ зы бзэм хамэбзэ псалъэ зэрыхэхьэм хуэдэщи, адыгэбзэм езым къигъэщIа мы щIыкIитIкIэ ухуауэ хэт и псалъэхэм нэмыщI, *хамэбзэу къыхэхьа псалъэхэр* зэрыхэтри гурыIуэгъуэщ. Мыбдежым зи гугъу тщIы хамэбзэ псалъэхэри адыгэбзэм щыщ хъужарэ езы адыгэбзэм и лэжьэкIэм езэгъыу хэлэжьыхь псалъэхэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, хамэбзэу адыгэбзэм къыхэхьарэ щыщ хъужарэ хэлэжьыхьу зи гугъу тщIы мы псалъэри мащIэ дыдэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, хамэбзэу къыхэхьарэ бзэм щыщ хъужа псалъэхэри хэтыжу, адыгэбзэм щызекIуэ псалъэхэр *"сферышхуищ"*у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ, адыгэбзэм и лэжьэкIэ нэхъыбапIэр макъыбзэ лэжьэкIэрэ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, мы *макъыбзэ лэжьэкIэри и кIуэцIкIэ* зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэр гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр *макъыбзэм къытехъукI сферхэу* щылъытэм деж, адыгэбзэ лэжьэкIэмрэ и псалъэхэр мыхьэнэкIэрэ зэрылъытэ сферхэр зэрыбгъэбэгъуэфынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мыбеджым зи гугъу тщIа сферищым къыщымынэу, макъыбзэ лэжьэкIэ лIэужьыгъуэу къэхъуа псалъэхэри я къэхъукIэрэ мыхьэнэ ухуэкIэкIэ щхьэхуэ щхьэхуэу зэрылъытэкIэрэ адыгэбзэ лэжьэкIэрэ псалъэхэр зэрызэщхьэщыкIыр нэхъыбэ сферкIэрэ лъытапхъэщи, илъабжьэкIэ мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Псэлъэбзэм и къежьапlэу щыт макъыбзэр макъхэр къызэрыхъуа щlыклэклэ ухуэ логие лlэужьыгъуэрщ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэклэрэ къэхъуа макъхэм щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэ зэриlэм ипкъ иткlэ, мыпхуэдэ макъклэрэ ухуа псэлъэбзэр щыlэгъуэм теухуа логие зиlэрщи, абы дэтхэнэ зы щыlэр зэрилъытэрэ къызэриlуатэри а щыlэм и щыlэгъуэклэрэщ. Мыпхуэдэ лэжьэклэ зиlэу псэлъэбзэми и къежьапlэрэ лъабжьэу щытыр *макъыбзэ лэжьэклэр*щи, мыр псэлъэбзэм лъабжьэ хуэхъу сферырщ, *псэлъэбзэ "купщlэ сфер"*ырщ.

Мыпхуэдэу ухуарэ лэжьэклэ зыгъуэта псэлъэбзэр клуэ пэтрэ ар зезыхьэ цlыхум и щыlэклэрэ гъащlэр къызэреклуэклми елъытауэ лэжьэклэ зыгъуэтыфыну зэрыщытым къызэрыгуэкlэклэ, псэлъэбзэр макъыбзэ лэжьэклэм зэрытеклыфынури гурыlуэгъуэнщ. Мыращ макъыбзэ лэжьэклэу тлъытарэ псэлъэбзэм и сфер лъабжьэм къыклэлъыклуэ сферхэр утыку къызэрихьэ щlыклэр. Ауэ, макъыбзэ лэжьэклэм къыклэлъыклуэу ухуэ сферхэм макъыбзэ лэжьэклэ сферыр щlихъумэрэ щlэклуэдыклыу лъытапхъэкъыми, мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэклэр щlэмыударэ хэмыгъуэщамэ, псэлъэбзэр зэрызеклуэну щlыклэри абы лъабжьэ хуэхъуа макъыбзэ лэжьэклэу зэрыухуам зэрезэгърэ ар къызэрыхэщклэрэщ. Аращи, псэлъэбзэм макъыбзэ лэжьэклэм къыклэлъыклуэ сферхэр къигъэщlми, псалъэ ухуэклэр иджыри макъыбзэм и псалъэхэр зэрыухуэ щlыклэм езэгъыу зэрыщытыфынури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ адыгэбзэри, абы и лэжьэклэрэ и ухуэклэм и лъабжьэр макъыбзэу зэрыухуа щlыклэм тетыжущ зэрызеклуэрэ зэрылажьэри, и псалъэхэм и нэхъыбапlэр макъыбзэ лэжьэклэу зэрыухуам нэмыщl, адыгэбзэм и псалъэ ухуэклэри макъыбзэ лэжьэклэм зэрытеткlэрэщ. Мы псалъэхэми зэрезэгърэ ипэкlи жытlахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, псэлъэбзэр къызэрежьа лъабжьэр зыщlэмыударэ ноби макъыбзэ лэжьэклэм тет адыгэбзэм и нэхъ сферышхуэр макъыбзэу ухуа псалъэхэр зыхэзыубыдэ сферырщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlыр адыгэбзэр макъыбзэу зэрылъытапхъэри, абы и псалъэхэм я нэхъыбэр къыздыщыхъу щlыпlэри, и псалъэ ухуэклэрэ и лэжьэклэри макъыбзэ сферым зэрытеухуаращ.

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытрэ макъыбзэ сферыр адыгэбзэм и лэжьэклэ нэхъыбапlэр зыхэзыубыдэрщи, макъыбзэ лэжьэклэми сфер клуэцl лэжьэклэу зэщхьэщыклыныгъэрэ зэхъуэклыныгъэхэр къызэрыщыхъунур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, абы мы зызэриубгъу щlыклэхэми гулъытэ зэрыхуэщlыпхъэ lуэхугъуэ клыхьхэри иужьрей лэжьыгъэ lуэхущ.

Макъыбзэ сферыр макъхэр къызэрыхъуа мыхьэнэрэ къалэнклэрэ занщlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зыхэзыубыдэрщ. Мыпхуэдэклэрэ къэхъу псалъэхэр зи лъабжьэклэрэ псэлъэщlэхэри къыздыщыхъу сферырщ мыбдежри, мы сферым къыщыхъу псалъэхэр мыпхуэдэклэрэ зэрыбагъуэу сферри хохъуэр. Псэлъэбзэ къежьапlэу щыт мы сферыр иужьрей бзэ лэжьэклэхэм щlимыхъумэмэ, ар бзэр щыlэхунклэ абы и актив лъабжьэу

зэрыщытынур, икӏи и лъабжьэрылажьэуи зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщи, сытым щыгъуэрэ сытым дежи мы сферым хэхьэну псалъэхэр къызэрыхъукӏэрэ макъыбзэ лэжьэкӏэу ухуэ псалъэхэр зэрыбэгъуэнури гурыӏуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщ адыгэбзэм и лэжьэкӏэри, псэлъэбзэ къежьапӏэу зэрыщытым нэмыщӏ, мы макъыбзэ лэжьэкӏэ сферыр сытым щыгъуи лажьэу щытщ, икӏи иужьрей сферхэр зэрызэлъытарэ зэрылажьэми и пщалъэрщ. Мы *"макъыбзэ сфер"* жыхуэтӏэм хиубыдэхэм щыгъуазэ дыхуэхъумэ, мыхэр *макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа псалъэхэмрэ абыхэм къатехъукӏыж псалъэхэр*ауэ зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщ. Ныткӏэ, мы сферышхуэм хиубыдэ псалъэхэр зэщхьэщыгъэкӏауэ лъытапхъэмэ, макъхэр къызэрыхъуа щӏыкӏэр зыхэлъыжу ухуэ *"макъ псалъэ"*хэр; къызэрыхъуа щӏыкӏэр зыхэлъыж макъхэр зэрызэгухьэкӏэрэ я мыхьэнэкӏэрэ *"макъ гупкӏэ ухуа псалъэхэр"*; мыпхуэдэу макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа макъ псалъэхэмрэ макъ гупкӏэрэ ухуэ псалъэхэр зэрызэгухьэу ухуэ *"псалъэ зэгуэт"*хэр; мы ухуэкӏэкӏэ утыку къихьа *псалъэхэм макъхэр я мыхьэнэкӏэрэ къапыхьэу* (префикс, суффикс) лэжьэкӏэ зэрагъуэт щӏыкӏэу утыку къихьэ *псалъэ лэжьэкӏэ*хэмрэ, абыхэм икӏи макъыбзэ щӏыкӏэкӏэ къатехъукӏыж *псэлъэщӏэхэр* къыздыщыхъурэ зыхэзыубыдэрщ. Араща, мы сферым теухуа бзэ лэжьэкӏэрэ псалъэ къэхъукӏэхэрщ мыхэри, бзэр макъыбзэ лэжьэкӏэм тетыхункӏэ мы сферыр псалъэкӏэрэ увыӏэгъуэ зимыӏэу зэрыбэгъуэфынури гурыӏуэгъуэщ.

Ипэкӏэ *куантум физикэм езэгъ бзэ лэжьэкӏэрэ псалъэхэр* мы зи гугъу тщӏы сферым зэрытеухуар гурыӏуэгъуэщи, апхуэдэ псалъэхэр сытым щыгъуэрэ деж къахъуауи щырет, ахэр зэрыщыту щыӏэгъуэ лъабжьэ зылъытэ псалъэхэу *мы сферым къыщыхъурэ хиубыдэхэрщ*. Икӏи, макъыбзэр зэрыухуа макъхэр я мыхьэнэкӏэрэ куантум физикэми лъабжьэ зэрыхуэхъуфыр ипэкӏэ къэта лэжьыгъэхэм зэрыхэплъагъуэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкӏыжынщ. Араща, мы сферыр макъхэр къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэрэ зыхэлэжьыхьу макъ мыхьэнэкӏэрэ ухуа псалъэхэрщи, зытеухуар и щыӏэгъуэкӏэрэ къызэрыӏуатэ псалъэхэр зыхэзыубыдэ сферырщ. Мыбыи зэрезэгъэрэ мы ипэкӏи зэрыжытӏауэщи, куантум физикэм къигъэунэхурэ къигъэунэхъупхъэхэмрэ абы лъабжьэ хуэхъужхэри щылъытэ логие зиӏэ бзэ лэжьэкӏэрэ псалъэхэр къыздыщыхъурэ зыхэзыубыдэрщ. Адыгэбзэр зы макъыбзэу къедгъэкӏуэкӏ лэжьыгъэм и нэхъыбапӏэр мы макъыбзэ лэжьэкӏэ сферым зэрытеухуар гурыӏуэгъуэщ, икӏи мы жытӏахэм зэрезэгъкӏэрэ мыбдежым мы сферым хиубыдэ псалъэхэм теухуа щапхъэ къэхьын хуеймэ, куантум физикэм теухуауэ ипэкӏэ зи гугъу тщӏа псалъэхэр мыпхуэдэу зэрыщытыр дигу къэдгъэкӏыжынщ.

Макъыбзэ лэжьэкӏэр къыздыщекӏуэкӏ *мы сферыр* нобэ бзэм теухуауэ лъабжьэ къэгъэунэхун зи ӏуэхугъуэу щыт нобэрей *этимологие дициплинэр* зылъэмыӏэсыф, зыхэмыхьэф, ар щыхъукӏи *зыхэмылэжьыхь*ыф лъабжьэрщ.

Макъыр мыхьэнэншэу зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэм дэщIыгъурэ и зы дициплинэуи щыт этимологиеми макъыбзэ лэжьэкIэр зэримылъытэр гурыIуэгъуэщи, абы макъыбзэм теухуауэ къигъэунэхун гуэр зэрыщымыIэнурэ икIи зэримыIуэхунури гурыIуэгъуэнщ.

*

Мы зи гугъу тщIа макъыбзэ лэжьэкIэ сферым къыщыхъу псалъэхэр къызэрыхъуа щIыкIэм нэмыщI гуэрхэр зэрылъытэкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу щыщIидзэ щыIэщи, мыпхуэдэ я мыхьэнэкIэрэ бзэм щызэрызекIуэ щIыкIэр макъыбзэ сферым хиубыдэжу лъытапхъэкъым. Аращи, макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэу къэхъуа псалъэр мы я мыхьэнэкIрэ макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хиубыдэ щхьэ, ахэр къызэрыхъуа щIыкIэм нэмыщI гуэрхэри зэрылъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыжыр нэгъуэщI зы бзэ лэжьэкIэ сферым щыщу лъытапхъэщ.

НытIэ, *макъыбзэ сферым къыщыхъуа псалъэхэм макъ мыхьэнэкIэрэ илъытэм нэмыщI гуэрхэр зэрилъытэ*кIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэращ мыбдежым *"emIуанэ сфер"*у зи гугъу тщIыр. Макъыбзэ сферым къыщыхъуарэ илъытэр макъ мыхьэнэкIэрэ зылъытэ псалъэхэр куантум физикэм зэрытеухуар жытIагъэххэщи, а псалъэхэр къызэрыхъуа мы щIыкIэм нэмыщI, абы ещхьу лъытапхъэ гуэрхэри зэрилъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри макро физикэм теухуауэ лъытапхъэщ.

Макъ мыхьэнэкIэрэ ущеджэм деж, зытеухуарэ илъытэр макъ мыхьэнэкIрэ гурыIуэгъуэ къыпхуэхъуу, макъыбзэ сферым хиубыдэ псалъэхэрщ мыхэри, къызтехъукIа лъабжьэр мыпхуэдэу къызщIэщ псалъэу зэрыщытым папщIи, лъабжьэ къэзыпщытэ *этимологиер зытелэжьыхьыф*ыну лъытапхъэ псалъэхэрщ. Аращи, мы сферыр икIи этимологиер макъыбзэрэ адыгэбзэм зыхэIэбэфыну а нэхъ лъабжьэрэ кууагъэрщ; псэлъэбзэм – абы и пэщIэдзэ макъыбзэм- къигъэщIа псалъэхэм теухуауэ зи лъабжьэр къызщIигъэщыфыну а нэхъ пасэрэ а нэхъ жыжьапIэращ мыбдежыр. Ауэ икIи, этимологием макъыбзэр зэримылъытэм ипкъ иткIэ, мыпхуэдэ лъабжьэхэри зэримыIуэхур гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэми, адыгэбзэм апхуэдэ лъабжьэхэр этимологием зэрыгуригъэIуэнури гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм щытелэжьыхьым деж, этимологием -фIэкIыпIэ имыIэу- адыгэбзэ псалъэхэр макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуами щыгъуазэ зыхуищIынщ. Этиологием и Iуэхур нэхъ жыжьапIэрэ кууапIэхэм хунигъэIэсрэ, псалъэхэр макъыр утыку къызэрихьэм къыщIидзэу къызэрыхъуа лъабжьэм хуешэр адыгэбзэми, псэлъэпкъыр къежьапIэу зэрилъытэм зэрезэгъкIэрэ макро физикэм теухуауэ лъытапхъэ нобэрей этимологие дициплинэм куантум физикэми гулъытэ хуэщIын еплъыкIи къыретыр.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIэ жыIэпхъэщи, мы сферым хиубыдэу тлъытэ псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкIэу къызэрыхъуа щIыкIэр умылъытэрэ щыумылъытэжыфым деж, лъабжьэ къыщIэгъэщыныгъэу этимологием абы хищIыхьын гуэри зэрыщымыIэжынур гурыIуэгъуэнщ; икIи, ахуэдэу зи

лъабжьэ щlэуфарэ щlэхъума хъуа псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэ бзэхэм я псалъэхэм хуэдэ зэрыхъужынури гулъытапхъэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, макъыбзэ лэжьэкlэу къэхъуа псалъэхэр мы зыхуэlуарэ зыхуэухуам нэмыщl lуэхугъуэхэм теухуауэ (этимологие лъабжьэ зэриlэкlэрэ) бзэм зэрыхэлэжьыхь мы и етlуанэ зекlуэкlэм и лъабжьэр щымылъытэжыфым деж, абы макъыбзэу щымытыж бзэ лэжьэкlэм узэрыхуишэфынури гурыlуэгъуэщ. Мыри макъыбзэ лэжьэкlэр щlэзыуфэрэ щlэзыхъумэу, бзэр макъыбзэ лэжьэкlэм тезышыну зы lуэхугъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи аращи, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэ бзэхэм теухуа бзэщlэныгъэм и зы дициплинэ нобэрей этимологием и lуэхур макъыбзэм щlынэмысри мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыр гулъытапхъэщ.

Псэлъэбзэм мы и сферыр макъыбзэу къэхъуа псалъэхэм къатехъукlрэ мы къызэрыхъуа щlыкlэу щыlэгъуэ лъабжьэ зымылъытэжу бзэм хэлэжьыхь хъужа псалъэхэр (ахэр етlуанэу ялъытэ lуэхугъуэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр) зыхэзыубыдэрщ. Мы зи гугъу тщlы сферыр макъыбзэм зызэриубгъу щlыкlэм къигъэщlыу зэрыщытри гулъытапхъэщи, макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа зы псалъэм мы и макъ мыхьэнэм теухуа щыlэгъуэ зымылъытэжкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зыхэзыубыдэрщ. Ауэ, сытым дежи а псалъэм и мыхьэнэкlэрэ узэреджэфынурэ макъыбзэ сферым и зы псалъэу зэрыплъытэфынур гурыlуэгъуэщи, а зэрыухуа макъкlэрэ сферитlми хэббжэну псалъэрщ.

Мыпхуэдиз зытежытlыхьа мы сферым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Макъ мыхьэнэкlэрэ ухуагъэххэ псалъэхэр иужькlэ нэгъуэщl lуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм щызэрызекlуэжыфым и зы щапхъэфlщ бжыгъэцlэхэр. Араща, щыlэгъуэр зэрызекlуэр зэрылъытэу макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэр иужькlэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зиlэу къекlуэкl бжэн lуэхугъуэм и бжыгъэхэр зэрылъытэу бзэм щызекlуэжу зэрыщlидзар гулъытапхъэщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыlуатэ а псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэрэ щыухуар макъыбзэ сферым теухуа щхьэ, ахэр иужькlэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу етlуанэу ягъэзащlэ бжыгъэцlэ къалэнхэр мы етlуанэ сферым зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Цlыхум бжэн lуэхугъуэр къыщигъэунэхум деж, макъыбзэ лэжьэкlэу щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэр зэрылъыта псалъэхэр бжыгъэхэр зэрылъытэ щlыкlэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщи, мы псалъэхэр иужькlэ бзэм бжыгъэцlэу зэрыхэлэжьыхьымрэ икlи абыхэм къатехъукlыж нэгъуэщl бжыгъэцlэхэри мы сферым хиубыдэ псалъэхэрщ.

Аргуэру мыпхуэдэ зы щапхъэу лъытапхъэщи, япэрей лэжьыгъэхэми, мы лэжьыгъэм щыщу ипэкlи игъуэ щыхъум и гугъу зэрытщlауэщи, адыгэбзэм щыlэгъуэр зэрызекlуэр зэрилъытэрэ къызэриlуатэу макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуарэ я мыхьэнэри гурыlуэгъуащэ къытхуэхъу ″ис, имыс, уэрырмэс, уэзырмэдж, сосрыкъуэ″ псалъэхэри макъыбзэ лэжьэкlэ сферым хиубыдэу зэрыухуар гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы псалъэхэр иужькlэ

тхьэпэлъытэрэ цIыху лIыхъужьыцIэхэу зэрылъытэкIэрэ IуэрыIуатэхэм щызэрызекIуэри бзэ лэжьэкIэу мы зи гугъу тщIы сферым хиубыдэ Iуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Псэущхьэм зыкъызэрегъэлъагъуэрэ цIыхуми япэу зызэрилъытэжар ″хьэ″ псалъэмкIэрщи, макъыбзэ лэжьэкIэу ухуауэ лъытапхъэ мы псалъэм къытехъукIыжу ухуауэ этимологиекIэ мы лъабжьэр къызщIэщыжу адыгэбзэм хэт псалъэ гуэрхэри мы сферым щыщу лъытапхъэщ. ЦIыхум япэу ″хьэ″уэ зызэрилъытам нэмыщI, псэущхьэ лIэужьыгъуэ гуэрхэри ″хьэ″уэ зэрилъытар гурыIуэгъуэщи, абыи къытехъукIыж псалъэхэу этимологие лъабжьэ зиIэхэри мы сферым зэрыхиубыдэри гурыIуэгъуэщ. Мыбыхэм нэмыщI, адыгэбзэм ″хьэ″ псалъэмкIэ зы гуэдз лъэпкъри зэрызэрилъытар гурыIуэгъуэщи, а гуэдз лъэпкъым теухуауэ ухуа псалъэхэр иужькIэ нэгъуэщI IуэхугъуэгуэрхэмрэикIи дэтхэнэ зы гуэдз лъэпкъым теухуауэ IуэхугъуэхэриякъызэрыIуатэу бзэм хэлэжьыхь зэрыхъуа щIыкIэри мы сферым теухуа псалъэхэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Аращи, гуэдз лъэпкъыр зэрылъытауэ щыта ″хьэ″м теухуауэ ухуа псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкIэу къызэрыхъуарэ япэрей сферым зэрыхиубыдэр гулъытапхъэщи, а псалъэхэр иужькIэ нэгъуэщI IуэхугъуэхэмтеухуауэбзэмзэрызекIуэщIыкIэхэри мы сферым хиубыдэ бзэ лэжьэкIэхэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщи, илъабжьэкIэ къэта псалъэхэм макъ мыхьэнэкIэрэ ущеджэм деж, ахэр (пп: хьэуазэ) зи гугъу тщIы гуэдз лъэпкъым (хьэ) хуэIуауэ утыку къызэрихьар гулъытапхъэщ, ауэ ахэр иужькIэ нэгъуэщI гуэдз лъэпкъхэм теухуа IуэхугъуэхэриикIи нэгъуэщI IуэхугъуэгуэрхэмтеухуахэриякъызэрыIуатэщIыкIэу бзэм щызекIуэу зэрыщIидзари гулъытапхъэщ: «хьэнтхъупс, хьэлIамэ, хьэлывэ, хьэуазэ, хьэцэпэцэ, хьэпэцыпэ, хьэнцэ».

ИпэкIэ макъыбзэ лэжьэкIэ IыхьэгуэрхэрякъызхэщузигугъутщIа бзэхэм а я макъхэр зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри а нэхъ кууауэ зыдэпхъыфынур мы сферым зэрытеухуарауэ жыIэпхъэщ, мыхъумэ, а бзэхэм макъхэр систематикэу зэрыхэмылэжьыхьрэ макъыбзэ лэжьэкIи зэрамыIэм зэрезэгъщи, я макъхэм ягъэзащIэ къалэнхэри макъыбзэ сферым теухуауэ зэрымылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ.

*

Макъыбзэ лэжьэкIэм тет щхьэ, макъыбзэ лэжьэкIэр лантIэ зэрыхъукIэрэ къэхъуауэ лъытапхъэ псалъэхэри макъыбзэ лэжьэкIэ сфер нэужьу ухуа зы бзэ лэжьэкIэ сферым хиубыдэу лъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкIэм хуэдэу щыIэр и щыIэгъуэкIэрэ къызэрыIуатэ нэхърэ *зыгуэрыр щхьэпэ зэрыхъум теухуарэ егъэщхьыныгъэкIэрэ зэрылъытэрэ къызэрыIуатэу ухуэ псалъэхэри* щхьэхуэу категориеу лъытапхъэщи, мыпхуэдэхэр зыхэзыубыдэри *зы сферу лъытапхъэщ*. Мы сферир ипэкIэ зи гугъу тщIа сферым хуэдэу макъыбзэ лэжьэкIэм къигъэщI бзэ лэжьэкIэрэ псалъэхэр зыхэзыубыдэрщи, мыбдежым зи гугъу тщIыр ипэкIэ етIуанэ

lыхьэу тлъыта сферым къыкlэлъыкlуэу лъытапхъэкъым, ауэ псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ щхьэж зы сферу лъытапхъэрщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″вагъуэ″рэ ″дыгъэ″р я щыlэгъуэкlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэрщ, ауэ ди дыгъэмрэ вагъуэ куэдыщэ зыхэзыубыдэ ди ″галактикэ″р адыгэбзэм къызэриlуатэ щlыкlэр макъыбзэ лэжьэкlэу ухуа зы псалъэкlэрэкъыми, ар зэрылъыта ″шыхулъэ″ псалъэр щхьэпэ зэрыхъурэ егъэщхьыныгъэкlэрэ къэlуатэущ адыгэбзэм зэрыхэтыр. Аращи, жэщым зекlуэм и шыр зэрихуну лъагъуэм теухуауэ щхьэпэ зэрыхъум зэрезэгъкlэрэ егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуа псалъэу лъытапхъэщ ″шыхулъэ″ри, ар псалъэ къэхъуныгъэкlэ мы зи гугъу тщlы ещанэ категориерэ сферым хиубыдэ псалъэу лъытапхъэщ. Икlи ар адыгэбзэм имызакъуэу, бзэ гуэрхэми ар адыгэбзэм зэрилъытам ещхьу зэралъытари гулъытапхъэщи, адыгэбзэкlэ ″шэ лъагъуэ, шэ гъуэгу, шэ хулъэ, лъагъуэ″у зэбгъэдзэкl хъуну псалъэхэмкlэ къызэраlуатэ бзэхэр щыlэщ.

Вагъуэрэ дыгъэ псалъэхэр и щыlэгъуэм теухуауэ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуар гурыlуэгъуэщи, ахэр зыхэзыубыдэ ″шыхулъэ″ псалъэр макъ мыхьэнэкlэрэ и щыlэгъуэкlэ мылъытэу, щхьэпэ зэрыхъурэ егъэщхьыныгъэкlэрэ зэрылъытэу къызэрыlуатэр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ псалъэ ухуэкlэм ипэкlэ зи гугъу тщla нобэрей бзэ философие еплъыкlэм псалъэхэр универсалрэ партикуару зэрилъытэ щlыкlэхэри уигу къегъэкlыжыр. Зи гугъу тщlы бзэ философиекlэрэ псалъэхэр мыпхуэдэу категоризацэ зэрищl щlыкlэу мы терминхэр зэрыигъуэкlэрэ адыгэбзэ псалъэхэм зэремызэгъыр ипэрей лэжьыгъэ lыхьэм дежи къыхэдгъэщауэ щытащи, мыбдежым зи гугъу тщla ″вагъуэ″рэ ″дыгъэ″ псалъэхэр макъ мыхьэнэрэ щыlэгъуэкlэрэ зэрылъытам ипкъ иткlэ адыгэбзэм и псалъэ ухуэкlэкlэ универсалыгъэ зиlэ псалъэхэу зэрылъытапхъэр, ауэ ахэр зыхэзыубыдэ ″галактикэ″р адыгэбзэм зэрилъыта ″шыхулъэ″ псалъэри макъ мыхьэнэкlэрэ зэрымыухуарэ и щыlэгъуэкlэрэ зэрымылъытам ипкъ иткlэ универсалу зэрымылъытапхъэри гулъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкlэ сферыр куантум физикэм езэгъыу зэрылъытапхъэр зэрыжытlагъэххэм хуэдэжу, абы къыкlэлъыкlуэу ухуа бзэ лэжьэкlэ сферхэри макро физикэм теухуауэ зэрылъытапхъэри жытlагъэххэщ ипэкlи, и щыlэгъуэкlэрэ къэlуатэу ухуа ″вагъуэ″рэ ″дыгъэ″ псалъэмрэ зэрыплъагъурэ щхьэпэ зэрыхъу щlыкlэр егъэщхьыныгъэкlэрэ къызэрыlуатэу ухуа ″шыхулъэ″ псалъэм я зэщхьэщыкlыныгъэри мыращ. Нытlэ, макъ мыхьэнэкlэрэ ухуарэ я щыlэгъуэкlэрэ лъыта ″дыгъэ″рэ ″вагъуэ″ псалъэхэр куантум физикэми теухуа псалъэхэу макъыбзэ лэжьэкlэ сферым хиубыдэ псалъэхэрщ, ауэ бзэ лэжьэкlэу ухуа псалъэхэр зэрызэгухьэкlэрэ щхьэпэ зэрыхъу щlыкlэу зэрегъэщхькlэрэ лъытэу къэlуэта ″шыхулъэ″ псалъэр макро физикэми езэгъ псалъэу зэрыухуакlэрэ мы сферым хиубыдэ псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы жытlахэм езэгъ щапхъэр мащlэкъыми, апхуэдэ зы щапхъэщ ″хьэкlэкхъуэкlэ″ псалъэри. ″Хьэкlэкхъуэкlэ″ псалъэр зэщхьэ зэхуэдэ псэущхьэ лlэужьыгъуэхэр зыщlэзыубыдэ зы псалъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, зи гугъу тщla бзэ философиекlэ универсалъыгъэ зиlэущ зэралъытэнур; ауэ а псалъэр къызтехъукlарэ макъ мыхьэнэкlэрэ зи щыlэгъуэр зэрылъытэу ухуа псалъэхэр (хьэ, кхъуэ) адыгэбзэм дежкlэ нэхъ универсалыгъэ зиlэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, макъыбзэ лэжьэкlэу псэущхьэ гуэрхэр зэрылъыта ″хьэ″рэ ″кхъуэ″ псалъэм къытехъукlыжа зы псалъэщ ″хьэкlэкхъуэкlэ″ псалъэри, я щыlэкlэр ″хьэ″мрэ ″кхъуэ″м егъэщхьыныгъэкlэрэ апхуэдэ лlэужьыгъуэу лъытапхъэхэр (хьэкlэ-кхъуэкlэ) къызэрыlуатэу ухуа мы псалъэр ахэри (хьэ, кхъуэ) зыхэзыубыдэжу ябгагъэ зиlэ псэущхьээхэр зэрылъытэ псалъэрщ. Мы псалъэри ипэкlэ зи гугъу тщla псалъэхэм хуэдэжу макъыбзэ лэжьэкlэм къигъэщlауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ, ауэ ар икlи макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэм къытехъукlарэ ахэри зыхэзыубыдэу зэщхь псэущхьэхэр ″хьэ″рэ ″кхъуэ″м егъэщхьыныгъэкlэрэ зылъытэу ухуа зы псалъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мы сферым хиубыдэу лъытапхъэрщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэ сфер нэужьу мыбы ипэкlэ зи гугъу тщla сферым теухуауэ жытlахэр мы сферым папщlи жыlэпхъэщи, макъыбзэ лэжьэкlэ сферым хэббжэ псалъэхэмрэ мы сферым хэббжэ псалъэхэр зэщхьэщыбгъэкlынри тыншкъым. Икlым икlэжым, зи гугъу тщlы сферитlым хиубыдэ псалъэхэр макъыбзэ сферым теухуауэщ зэрыухуар. Аращи, макъыбзэ лэжьэкlэу къэхъуа псалъэхэр зытеухуарэ зыхуэlуам нэмыщl гуэрхэми теухуауэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэр мыбы ипэкlэ зи гугъу тщla сферырщи, мы сферри макъыбзэ сферым къыщыхъуу бзэм лэжьэкlэ зыгъуэта псалъэхэмрэ абыхэм макъыбзэ лэжьэкlэм езэгъ я лэжьэкlэхэм къытехъукlыжу мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуэ псалъэхэр зыхэзыубыдэрщ.

Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, мы зи гугъу тщla сферитlми я лъабжьэр макъыбзэ лэжьэкlэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, икlи мы сферхэм хиубыдэу лъытапхъэ псалъэхэр къызэрыхъу щlыкlэр макъыбзэ лэжьэкlэм езэгъыу зэрыухуэри гурыlуэгъуэщи, псалъэхэр мы сферхэм зэрыхиубыдэкlэрэ зэхэхуныр сытым деж тынш зэрымыхъунури гулъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщla щапхъэхэм нэмыщl, къызэрыхъуа щlыкlэр ипэкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуауэ щыт ″ц″ макъри, абы и къэхъуныгъэр зэлъыта ″цы″ макъ псалъэри, абы къытехъукlыж псалъэхэри, ″ц″ макъыр бзэм макъыбзэ лэжьэкlэм езэгъыу зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэрэ (цэ) ухуа псалъэхри (пп: хьэнцэ, хьэцэпэцэ, къуацэ, бэлацэ) макъыбзэ сферым хиубыдэу зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, мы сферым хиубыдэ бзэ лэжьэкlэу лъытапхъэщ. Нобэ ″цы″ жыхуэтlэр къызэрыlуатэкlэрэ макро дунейм утыку ит гуэрыр зэрылъытэу ″цl″ макъ мыхьэнэм къытехъукlауэщ зэрытлъытэри, мыпхуэдэу ухуа ″цы″ псалъэр зэрыухуа макъыр бзэм

хэхьэрэ и зы макъыу хэлэжьыхьу щlидзауэ лъытапхъэ ″ц″ макъыр макъыбзэ лэжьэклэм езэгъыу щызеклуэ щхьэ, ар бзэм щызэрызеклуэрэ щилъытэхэри макро дунейм теухуауэ зэрилъытэм зэрезэгъклэрэ, ″цы″ псалъэм хуэдэжу ″ц″ макъри мы сферым хиубыдэу лъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщlахэми къызэрыхэщщи, мы сферым хиубыдэ псалъэхэр занщlэу нобэрей этимологие дициплинэм къызэримыгъэунэхуфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэмрэ и псалъэ ухуэклэм щыгъуазэ ущыхуэхъум дежщ мы сферым хиубыдэ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъухэм щыгъуазэ узэрыхуэхъуфынури, нобэрей этимологием макъыбзэр зэримылъытэм ипкъ иткlэ, мы зи гугъу тщlы сферым хиубыдэ псалъэхэр занщlэу къызэримыгъэунэхуфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэр илъытэрэ абы дэщlыгъуу щылажьэм деж, этимологие дициплинэм мы зи гугъу тщlы сферым хиубыдэ псалъэхэр къигъэунэхун лъэкl зэригъуэтынури жыlэпхъэщ.

*

Щхьэпэ зэрыхъурэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэклэ ухуэ псалъэхэр зыхэзыубыдэу мы зи гугъу тщla сферым къыклэлъыклуэри макъ егъэщхьыныгъэклэрэ псалъэ зэрыухуэм теухуа сферырщ. Аращи, цlыхум зэхихым иригъэщхьу къызхигъэlукl макъклэрэ а *зэхих макъыр зытеухуарэ къызхэзыгъэlуклыр зэрилъытэу ухуа псалъэхэрщ мы сферым хиубыдэхэр*. Мы псалъэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, къэlуыклэклэ егъэщхьыныгъэ макъклэрэ ухуа псалъэхэрщ мы сферым хиубыдэхэри, мы псалъэхэр зэрыухуа макъхэр макъыбзэм и макъхэм хуэдэ мыхьэнэрэ къалэн зымыгъэзащlэ макъхэрщ. Аращи, мы зи гугъу тщlыну сферыр адрей сферхэм хуэдэу зи лъабжьэр макъыбзэ лэжьэклэу ухуа псалъэхэм теухуакъыми, адыгэбзэу зы макъыбзэм мыхьэнэншэ макъклэрэ ухуа псалъэхэр зыхэзыубыдэрщ. Мы псалъэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, макъыбзэ лэжьэклэ сферым къыклэлъыклуэу зи гугъу тщla сферитlыр *макъыбзэ лэжьэклэ сфер нэужь*рэ макъыбзэ лэжьэклэм зызэриубгъуу ухуэ псалъэхэм теухуащ, ауэ мыбдежым зи гугъу тщlынур макъ мыхьэнэншэу ухуа псалъэхэрщи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэклэ зимыlэрэ зи гугъу тщla сферхэм пымыщla сферырщ. Ауэ, мы зи гугъу тщlы сферым хиубыдэ псалъэхэр макъ мыхьэнэншэу щытрэ цlыхум зэхих макъхэм егъэщхьыныгъэклэрэ ухуа псалъэхэрами, адыгэбзэм и лэжьэклэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, макъыбзэ лэжьэклэ сферымрэ абы къыклэлъыклуэу зи гугъу тщla сферхэм хиубыдэ псалъэхэм я гъэпсыклэм хуэдэщ мы макъ мыхьэнэншэ сферым хиубыдэ псалъэхэм я гъэпсыклэрэ я лэжьэклэри.

Дэтхэнэ зы бзэми мыпхуэдэ псалъэ къэхъуклэхэр зэралэр гурыlуэгъуэщ, ауэ макъыбзэу щыт адыгэбзэм мы сферым хиубыдэ псалъэхэмрэ адрей сферхэм хиубыдэ псалъэхэр зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуащэми, макъыбзэ лэжьэклэ зимыlэ бзэхэм мыпхуэдэу ухуауэ яхэт псалъэхэмрэ адрей я псалъэхэр зэрызэщхьэщыкlыр halуэ дыдэ къызэрыпхуэмыхъури

гулъытапхъэщ. Мы зи гугъу тщIы псалъэ къэхъукIэр цIыхум зэхих макъым иригъэщхь макъ къыриIуэнращ къызтехъукIри, мыпхуэдэ макъ къэIуныгъэр зы псалъэ мыхъуауэ бзэхэм щызекIуэу зэрыхэплъагъуэри гурыIуэгъуэщ. ИкIи зэрыгурыIуэгъуэу, мыпхуэдэ макъ егъэщхьыныгъэри дэтхэнэ зы бзэм езым и фонотикэм езэгъыу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Зэхих макъыр езы бзэм и фонетрикэм езэгъыу зэрыщытынум зэрытеухуам къызэрыгуэкIэкIэ, адыгэбзэм теухуауэ илъабжьэкIэ къэта щапхъэхэр нэгъуэщIыбзэхэм зэщхьэщыкIыу къызэрыраIуэри гурыIуэгъуэщ. Аращи, мы зи гугъу сферым псалъэ зэрыухуэрэ къызэрыхъур зыхэплъагъуэ щапхъэхэрщи, цIыхум зэхих макъыр адыгэбзэ фонетикэм зэрезэгъкIэрэ а зэрыщыту къызэрыхигъэIукIым теухуащ мыхэр: «баргъэ сыргъэ; вывыв, вырвыр; цIыцIыцI»; «хъыщт, хъущт».

Иджыри псалъэ мыхъуарэ цIыхум зэхих макъыр а къызэрыIу щIыкIэкIэ къызэрыхигъэIукIращ мы къэта щапхъэхэр зытеухуари, макъ егъэщхьыныгъэкIэ ухуэу зи гугъу тщIы псалъэхэм я къэхъукIэм и лъабжьэри мыпхуэдэ lуэхугъуэщ. Мыпхуэдэ макъ егъэщхьыныгъэхэм псалъэхэр къызэригъэхъуращ мыбдежым зи гугъу тщIы сферыр зытеухуари, нытIэ адыгэбзэм хэт мыпхуэдэ псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ адыгэбзэм къигъэщI псалъэхэу ″къ, къу″ макъ зыхэтыр мащIэкъым, икIи а псалъэхэм я нэхъыбэри ″къ, къу″ макъыр бзухэм и жьэпэр зэрызэтеуэкIэрэ къызэрыIум теухуащ. ИкIи, мы ″къ, къу″ макъыр утыку къызэрихьэр къызэрыIуатэ глаголри мы егъэщыныгъэкIэрэ ухуа ″къэкъэн″ псалъэращ. Ар ″къэ″ макъыр зэкIэлъыкIуэу утыку къызэрихьэми теухуа псалъэрщи, псэущхьэр къызэрыIу щIыкIэри къызхэщу ухуа мы псалъэр а псэущхьэм (бзухэр) мы и къэIукIэми езэгъыу зы глаголу зэрыухуари гулъытапхъэщ. ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ гурыIуэгъуэщи, мы псалъэм хиубыдэ ″къ″ макъыр макъыбзэ лэжьэкIэу адыгэбзэм ″къ″ макъыр зэрыхэлэжьыхьым зыгуэркIэ пыщIарэ елъытакъым, ауэ зы глаголу зэрыгъэпсарэ икIи а глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм я гъэпсыкIэр макъыбзэ лэжьэкIэм и псалъэхэр зэрыгъэпсым хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «мэкъакъэ, къэкъэнщ, къэкъэнущ, къэкъащ».

Макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ къэхъу псалъэхэр макъыбзэм и макъхэм хуэдэ мыхьэнэ зимыIэхэрщи, мыпхуэдэ макъ защIэкIэрэ ухуа зы псалъэм теухуащ ″къэкъэн″ псалъэр. Мыпхуэдэу мыхьэнэншэ макъкIэрэ ухуа псалъэхэм икIи псэлъэщIэхэр къызэрытехъукIыфынури гурыIуэгъуэнщи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэм зэрезэгъкIэрэ ″къэкъэн″ псалъэм къыпыхьэж макъкIэрэ ухуа зы псалъэр щапхъэу къэтхыьынщ. ИкIи, адыгэбзэм и макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэжами, апхуэдэу ухуа псалъэхэри мы сферым щыщу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ: «дыркъакъэ (къакъэ гуэр; къакъэ лIэужьыгъуэ; къэкъэныгъэ зиIэ гуэр)».

"Къэкъэн" псалъэр бзухэм я lупэр зэрызэтырауэкlэрэ къыхагъэlукl макъым егъэщхьыныгъэу къызэрыхъуам нэмыщl, мы къыхагъэlукl макъкlэрэ адыгэбзэм бзу лъэпкъхэр щызэрылъытари мащlэкъым. Мыбыи папщlэу зэрыщытри жытlагъэххэщи, макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ адыгэбзэм (икlи нэгъуэщlыбзэхэми) макъ мыхьэнэншэу "къ, къу" хуэдэ макъхэм къытехъукl псалъэхэр мащlэкъым. Мыпхуэдэ щапхъэщ мы псалъэхэри, дэтхэнэ зыр зы бзу лъэпкъыр зэрылъытэ псалъэу къызхигъэlукl "къ, къу" макъхэм егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуа бзу лъэпкъыщlэхэрщ: «къыу, къау, къру; къуаргъ».

Къызэрыкъакъэ щlыкlэм теухуауэ зэрылъытакlэрэ "къ, къу" макъ зыхэту ухуа бзууцlэ псалъэхэрщ мыхр, ауэ къэкъэн псалъэри зэрыухуа мы макъхэм ещхьу бзэухэм къызхагъэlукl макъхэм егъэщхьыныгъэкlэрэ "кl, кlу; ку" макъхэри зыхэту ухуа бзууцlэхэри хэтщ адыгэбзэми, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «кlыгугу, кlыкъыр, кlырыкъ, кlыру; кlуркlур, кlуркlунау, кlуклумау - кlуклумыяу»; «куку, кукуу, кукумау, куркур».

Макъ егъэщхьыныгъэкlэ ухуэр "къ" макъым изакъуэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэнщи, нэгъуэщl макъхэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ. Аращи, пэм къыхэlукl макъкlэрэ зэрылъытэу ухуа псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ илъабжьэкlэ къэтахэри, "пэ"м теухуарэ зэрехьэлакlэрэ (пэ-ы → пы) къэlу "хъ" макъри егъэщхьыныгъэкlэ зыхэзыубыдэу ухуа мы псалъэри мы сферым щыщу лъытапхъэщ: «пырхъын, пырхъэн».

Ипэкlэ макъ мыхьэнэшэ защlэу ухуа "къэкъэн" псалъэм макъ мыхьэнэкlэрэ лэжьэкlэ зэригъуэту ухуа "дыркъакъэ" псалъэм нэмыщl, макъ мыхьэнэрэ макъ мыхьэнэшэ зыхэту псалъэ ухуэкlэм теухуащ мы иужьрейуэ къэта щапхъэри, псалъэ къэхъукlитlри мы сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, мы иужьрейуэ зи гугъу тщla псалъэм макъ мыхьэнэншэу хэт "хъ" макъри пэ кlуэцlрэ лъабжьэм зэрыщlихъуэр зэрылъытэми зэрезэгъкlэрэ и мыхьэнэри уигу къызэригъэкlыр гулъытапхъэщ.

Мы зи гугъу тщla щапхъэхэр мащlэкъым, икlи мыпхуэдэ зы щапхъэщ "ецырхъын – ецырхъэн" псалъэри, ар зэрыухуа макъхэм ягъэзащlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: япэрауэ мы псалъэм хэт "е" макъыр абы бзэм хигъэзэщlыхьым хуэдэу зэрыхэтыр гулъытапхъэщ; итlанэ, псалъэм хиубыдэ "ц" макъым и мыхьэнэри "цы" макъ псалъэм егъэщхьыныгъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ; "хъ" макъри лъабжьэрэ щыхъуэн lуэхугъуэр зэрылъытэ макъырщи, мы псалъэр зэрыухуа щlыкlэр макъ мыхьэнэ лэжьэкlэри, етlуанэ сфер лэжьэкlэри, икlи мы зи гугъу тщlы сфер лэжьэкlэри зыхэзыубыдэу лъытапхъэщ. Ауэ, ар зы псалъэу утыку къихьа зэрыхъуар мы сферым теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, мы сферым хиубыдэ псалъэхэр физикэу къызэрыlу щlыкlэм егъэщхьыныгъэкlэрэщ зэрыухуари, мы псалъэхэр мы зэрыухуа щlыкlэри, ахэр зытеухуа lуэхугъуэхэри макро физикэрауэ жылэпхъэщ. Аращи, макро физикэу къэlу макъхэмкlэрэ ухуарэ макъыр

зэрымакъкlэрэ къызхэlукlыу ухуа псалъэхэрщ мыхэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мыхьэнэрэ къалэн зиlэу бзэм хэлэжьыхь макъхэм хуэдэкъым мы зи гугъу тщlы псалъэхэр зэрыухуа макъхэр, икlи а псалъэхэр зытеухуари мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ макро физикэрщ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, макъыбзэ лэжьэкlэр куантум физикэм зэрытеухуэм хуэдэжу, мы сферым хиубыдэ бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэр абы ипэ зи гугъу тщlарэ макро физикэм зэрытеухуари къызхэдгъэща сферхэм елъытауэ нэхъри макро физикэм теухуащ.

Икlи зэрыгурыlуэгъуэщи, макъхэр мыхьэнэншэу къызэрыlу щlыкlэкlэрэ къызхэзыгъэlукlыр зэрылъытэу ухуа псалъэхэрщ мы сферым хиубыдэ псалъэхэри, а псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэрэ щхьэусыгъуэр наlуэщ. Зы псалъэу зэрыухуа щlыкlэу абы лъабжьэ хуэхъуар наlуэщи, ар къэгъэунэхун lуэхури этимологие дициплинэм и лэжьыгъэхэм зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, псалъэр зэрыухуэм и лъабжьэр къэгъэунэхун зи lуэху этимологие дициплинэм мы сферым хиубыдэ псалъэхэм лъабжьэ хухъур тыншу къызэригъэунэхуфынур гурыlуэгъуэщ. Адыгэбзэ псалъэхэм теухуауэ пыщапхъэщи, этимологиер зыхэмыхьэф макъыбзэ лэжьэкlэ сферым къыкlэлъыкlуэу ар зыхэлэжьыхьыфу ипэкlэ зи гугъу тщla сферхэм елъытауэ этимологием и lуэхур нэхъ щытыншыр мы сферыр арауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы сферыр *макъ мыхьэнэншэ сфер*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, макъ мыхьэнэншэу ухуа псалъэхэр зыхэзыубыдэрщ. Зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэритщи, адыгэбзэм и псалъэ мащlэрщ мыпхуэдэу макъ мыхьэнэншэкlэрэ къэхъуыкlэ зиlэр. Икlи, мыхьэнэ кууагъ зимыlэ псалъэхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ мыхэр. Ауэ, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэрэ зи лъабжьэр мынахуэ псалъэхэмкlэ ухуа бзэхэм дежкlэ, мыпхуэдэ макъ егъэщхьыныгъэкlэ къэхъуа псалъэхэр зэрыухуам ипкъ зэриткlэ зы лъабжьэ къызэрыщэщым папщlэ зы пщlэ зэраlэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, псалъэр зэрыухуа лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ зимыlэ бзэхэм дежкlэ, зы лъабжьэ къызщlэщу лъытапхъэщ макъ егъэщхьыныгъэри, икlи бзэщlэныгъэ лъэныкъуэкlэ бзэщlэныгъэll куэдым мыпхуэдэ псалъэ ухуэкlэр бзэм и лъабжьэрэ къежьапlэу зэралъытэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэр псэлъэбзэ къежьапlэу лъытапхъэ макъыбзэм и лэжьэкlэ лъабжьэр зэрыщlэзыуфэрэ зэрыухым теухуауэ зэрылъытапхъэри мы лэжьыгъэ цlыкlум къызэрыхэщри гурыlуэгъуэщ. Псэлъэбзэ къежьапlэрэ ухуэныгъэм теухуауэ макъ егъэщхьыныгъэр лъабжьэу зылъытэу зи гугуъ тщlы еплъыкlэхэм бзэ къэхъыныгъэрэ псалъэ ухуэныгъэ лъабжьэм теухуауэ кууагъ зэрамыlэри гулъытапхъэщ.

*

Дэтхэнэ зы бзэм хамэбзэ псалъэ къызэрыхэхьэфым хуэдэжу, адыгэбзэми къыхохьэри, езы бзэм къимыгъэщlарэ *нэгъуэщlыбзэ псалъэхэу*

*къыхэхьэхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьрэ абыхэм псэлъэшlэхэри къазэрытехъуклри щхьэхуэу бзэм и зы лэжьэклэ сфер*у лъытапхъэщ.

Макъ егъэщхьыныгъэклэрэ къэхъу псалъэхэр ар щыухуэ бзэм езым и фонетикэм езэгъ макъклэрэ зэрыухуэм хуэдэщи, зы бзэм хамэбзэу къыхэхьэ псалъэхэр зэрыухуа макъхэм я къэlуклэри къызхэхьа бзэм и фонетикэм зэрезэгъклэрэщ. Аращи, адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэр къызэрыlу щlыклэр адыгэбзэм езым и фонетикэм зэрезэгъклэрэщи, нобэр къэсыху адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэм я къэlуклэр адыгэбзэ фонетикэрэ и макъыбзэ лэжьэклэм езэгъыущ. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ мы щlыклэр адыгэбзэм зэригъэклуэдри гулъытапхъэщ; къыхэхьэ псалъэр къыздикla бзэм хуэдэ къэlуклэклэ адыгэбзэм хэлэжьыхьу мы зэрыщlидзар адыгэбзэр зэрыхэщlрэ зэрыеужьыхыр къэзгъэлъагъуэ щапхъэфlыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэм я макъхэр адыгэбзэм къызэрыхэlуклын хуей щlыклэр езы адыгэбзэм и макъхэм я къэlуклэу, и фонетикэм езэгъыу зэрыщытын хуейр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь щlыклэр макъыбзэу щымыт бзэхэм псалъэхэр зэрыхэлэжьыхьым хуэдэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, мыри езым къимыгъэщlарэ лъабжьэ зыфlэклуэда бзэхэм я лэжьэклэр зэрыухуар къэзыгъэлъагъуэ зы щапхъэфlырщ. Аращи, макъыр мыхьэнэншэ хъужарэ систематикэ лэжьэклэкlи зыхэмытыж бзэхэм псалъэхэр къызэрыхъуарэ зэрызэпкъырыува щlыклэр яфlэклуэдащи, зэрыухуа щlыклэр мынахуэрэ зэрымыщlэклэрэ ухуа псалъэхэр псэлъэпкъ щlыклэклэщ а бзэхэм зэрыхэлэжьыхьыр. Бзэм и псэлъэпкъхэр префикс – суффикскlэрэ лажьэу псалъэпlэм зэриувэклэрэщ а бзэхэр къызэреклуэклри, адыгэбзэм езым къимыгъэщlарэ и мыхьэнэри адыгэбзэ макъыбзэм дежкlэ мынalуэу къыхэхьа псалъэхэм я лэжьэклэри мы зи гугъу тщlы бзэхэм я псэлъэпкъхэр префиксрэ суффикскlэрэ зэрылажьэм зэрыхуэдэри гурыlуэгъуэщ. Нобэрей бзэщlэныгъэм бзэм и лэжьэклэу илъытэри псэлъэпкъыр префикс – суффикскlэрэ зэрылажьэущи, адыгэбзэм хамэбзэ псалъэу къыхэхьахэр абы зэрыхэлэжьыхь щlыклэр нобэрей бзэщlэныгъэм бзэ лэжьэклэр зэрилъытэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ. Мы псалъэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэм адыгэбзэм псалъэ къызэригъэщlрэ и лэжьэклэ нэхъыбапlэрэ кууапlэхэр зэримылъытэри гулъытапхъэщ.

Адыгэбзэм къыхэхьэ хамэбзэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ пыщапхъэмэ, псэлъэпкъыр префиксрэ суффикскlэрэ зэрылажьэм теухуауэ бзэщlэныгъэм бзэхэр икlи префиксыбзэрэ суффиксыбзэу зэрыщхьэщагъэклыр гурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр абы зэрыхэлэжьыхь щlыклэри лъэныкъуитlкlищ: адыгэбзэм къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр зэхуэдэу префиксрэ суффикскlэрэ холэжьыхьыр. Мы псалъэми зэрезэгъщи, бзэхэр префиксиалрэ суффиксиалу зэщхьэщызгъэкl нобэрей бзэщlэныгъэм адыгэбзэр

зэрилъытэну щlыкlэри икlи префиксиал икlи суффиксиал бзэуэ къыщlэкlынщ, ауэ мыпхуэдэ лэжьэкlэр хамэбзэ псалъэхэм зэрытеухуарэ, ари адыгэбзэм езым и лэжьэкlэм елъытауэ лэжьэкlэ lыхьэ цlыкlу дыдэу зэрыщытыр, икlи ар адыгэбзэм и лэжьэкlэу зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Бзэм и лэжьэкlэм езэгъыу префикс-суффикскlэрэ тыншу хэлэжьыхь хъуа псалъэхэр икlи а бзэм щыщ хъуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Адыгэбзэм ипэlуэкlэ къыхэхьарэ абы зэрыщымыщри зэрыгъэпса щlыкlэм гурыlуэгъуэ къыпхуэзыщl хамэбзэ псалъэхэм теухуа щапхъэ къэтын хуеймэ, ″шэк (ар нобэ ″шэч″ущ къызэрыраlуэр)″ псалъэмрэ ″сакъ″ псалъэр щапхъэфlхэу лъытапхъэщ: «шэч; шэчыгъуей, шэчыгъуафlэ, пэшэч, бэшэч»; «сакъ; сакъын, хуэсакъын, сакъыныгъэ».

Нобэ адыгэбзэм хамэбзэ псалъэу къыхэхьэр зэрымымащlэр гурыlуэгъуэщ, ауэ нобэм нэгъунэ абы къыхэхьа хамэбзэ псалъэр мащlэ дыдэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы къыхэхьа псалъэхэм и нэхъыбэри япэрауэ къэкlыгъэцlэ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр, итlанэ псэущхьэцlэ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыбы теухуа зы щапхъэфlыу лъытапхъэщи, адыгэбзэм макъ егъэщхьыныгъэкlэ къигъэщlа зы бзу лъэпкъыцlэ ″къуагъ″ым нэмыщl, тыркубзэм ар ″къаргъэ → къарга → карга″уэ къызэрыриlукlэрэщ зэрыхэтри, икlи ар адыгэбзэм ″къаргъэ″уэ къыхэхьарэ адыгэбзэм бзэу лъэпкъ гуэрхэр ″къаргъэ″ псалъэм къытыригъэхъукlыжауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы иужьрей щапхъэхэми уигу къызэригъэкlщи, макъ къэlур зэрызэхах щlыкlэр зэрызэщхь/зэрызэхуэдэм ипкъ иткlэ, зэхуэмыдэ бзэхэм макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ зэщхь/зэхуэдэу ухуа псалъэхэр зэрыхэплъэгъуэнур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэр бзэхэм нэхъ тыншу къызэращтэфынури гурыlуэгъуэнщи, мырагъэнщ икlи нобэм нэгъунэ адыгэбзэм нэхъыбэу къыхэхьа псалъэхэр къэкlыгъэцlэрэ псэущхьэцlэу зэрыщытми и щхьэусыгъуэр. Мыпхуэдэ псалъэхэр бзэм тыншу къызэрыхэхьэфынур, икlи мыпхуэдэ псалъэхэр бзэхэм я зэхуэдэрэ зэщхьу къызэрагъэщlыфынур гурыlуэгъуэнщ, ауэ икlи зэрыжытlауэщи, хамэбзэу бзэм къыхэхьэ псалъэхэм а бзэм и фонетикэм езэгъ къэlуыкlэ зэригъуэтынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, мыбдежым зи гугъу тщlа макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ къэхъуа псалъэхэр бзэхэм зэхуэдэрэ зэщхь къэlуыкlэ зиlэу зэрыхэтыфынур зэрыжытlари дигу къэдгъэкlыжынщи, бзэхэм я зэхуэдэу хэт мыпхуэдэ псалъэхэр къэзгъэщlа бзэр сытым дежи щызэрызэхэмыхуфынури къыпытщэжынщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэ сферым хиубыдэ псалъэхэр куантум физикэм езэгъ псалъэхэу зэрыщытыр, ауэ абы къыкlэлъыкlуэу зи гугъу тщlа сферхэм хиубыдэ псалъэхэр нэхъыбэу макро физикэм теухуауэ зэрылъытапхъэр, икlи макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ къэхъу дэтхэнэ зы псалъэр флэкlыпlэ имыlэу макро физикэм теухуарэ икlи нэхъ практикэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ахэр щыlэгъуэрэ щыlэкlэ лъабжьэ зиlэ псалъэхэу

зэрыщымытри жытlагъэххэщ. Икlи, макъыбзэ лэжьэкlэ зимыlэ бзэхэм я псалъэхэм макъыбзэу ухуа псалъэхэм хуэдэ лъабжьэ зэримыlэри жытlагъэххэщи, апхуэдэ бзэхэм я псалъэхэр – ар дыдэу дэтхэнэ зы бзэми и псалъэр- зы макъыбзэм къыщыхэхьэм деж, абы бзэм лъабжьэ зэримыгъуэтынур гурыlуэгъуэщи, ар зыгуэрыр ауэ къызэрыкlуэу лъытэнкlэрэ къэгъэлъэгъуэн къалэн закъуэкlэ практрикэ къалэн игъэзащlэу макро физикэми зэрытеухуакlэрэ къызхэхьа бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ хамэбзэ псалъэу адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэр зэрыхэлэжьыхьри, абыхэм бзэ лэжьэкlэкlэ лъабжьэ мыхьэнэ зэрамыlэнур гурыlуэгъуэщ.

Адыгэбзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэм теухуа дэтхэнэ зы сферым ехьэлlауэ этимологием имыгъэзэщlэфынухэмрэ игъэзащlэхэм я гугъу тщlащи, макъ егъэщхьыныгъэкlэ къэхъу псалъэхэм я лъабжьэр къэгъэунэхуным нэмыщl, адыгэбзэм теухуауэ этимологием нэхъ хузэфlэкlыну lуэхур абы къыхэхьа хамэбзэ псалъэхэр къыздыщыхъуа бзэхэр къэгъэунэхун lуэхугъуэрауэ жылэпхъэщ. Икlи, нобэ этимологием и лэжьыгъэ куэдри мыпхуэдэу зы псалъэр къызтехъукlа бзэр къэгъэунэхун lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, адыгэбзэм зыдищlрэ ар зыдищlыгъумэ, этимологием къигъэунэхуфыну лъабжьэр куу зэрыхъунури мы лэжьыгъэ цlыкlум гурыlуэгъуэ къещlри, адыгэбзэм зэрыдэщlыгъукlэрэ этимологием мы ипэкlэ етlуанэрэ ещанэ lыхьэу зи гугъу тщlа сферхэм хиубыдэ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъухэри къигъэунэхун лъэкlыныгъэ къызlэригъэхьэфынур ипэкlи къыхэдгъэщагъащ.

*

Нэхъыбэм деж, макъыбзэ лэжьэкlэкlэ адыгэбзэм макъхэр зэрыхэлэжьыхьыр зы мыхьэнэ закъуэм теухуауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщи, и макъ псалъэхэм хуэдэжу, макъ гупкlэ ухуа псалъэхэми мыхьэнэбэу узэреджэфынур гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, бзэм хроникэ зэрыхэхъухьарэ щызэрыекlуэ мыхьэнэм нэмыщl мыхьэнэхэмкlи псалъэхэм узэреджэфынур гулъытапхъэщи, макъыбзэр икlи щlагъыбзэбэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. *Зы псалъэм щlагъыбзэкlэ еджэныр* ар къызэрыхъуа сферым теухуа еджэкlэу зэрыщытыфынум нэмыщl, адрей сферхэми теухуауэ зэреджапхъэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, псалъэхэм я макъ мыхьэнэкlэрэ щlагъыбзэ еджэкlэхэр макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэу зи гугъу тщlа сферхэм хиубыдэ еджэкlэхэрщи, макъыбзэ сферымрэ ар зи лъабжьэу тлъыта сферхэми хиубыдэ псалъэхэм щlагъыбзэ еджэкlэбэ зэрalэнур гулъытапхъэщ. Аращи, макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэр бзэм мы хроникэ зэрыхъуа щlыкlэм нэмыщl lуэхугъуэхэм теухуауи узэреджэфынур гурыlуэгъуэщи, бзэм псалъэ зэрыхэхъухьарэ зэрызекlуэм нэмыщl мы еджэкlэр зы щlагъыбзэ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ еджэкlэр псалъэр зыхэзыубыдэ сферым хиубыдэу зэрыщытынум нэмыщl, адрей сферхэми зэрыхиубыдэкlэрэ зэреджапхъуэ зэрыщытыфынури жытlагъэххэщ. Макъ мыхьэнэ

лэжьэкlэкlэ мыпхуэдэу узэреджэфым нэмыщl, макъ егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуэ псалъэхэми макъ мыхьэнэкlэрэ узэреджэфынури гурыlуэгъуэнщи, ипэкlэ зи гугъу тщla дэтхэнэ зы сферым къыщыхъу псалъэхэм узэреджэфыну щlыкlэр мэбагъуэр. Мыпхуэдэкlэрэи и псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытрэ зэхуэмыдэ сферхэм теухуа еджэкlэ зэрilэфынуми къызэрыгуэкlщи, адыгэбзэм къигъэщlрэ мыхьэнэбэу щыт псалъэхэр щlагъыбзэм хущlэкъурэ хуэшэрыуэщ.

Икlи гулъытапхъэщи, макъыбзэ лэжьэкlэ сферым къыщыхъурэ абы къыкlэлъыкlуэу зи гугъу тщla сферхэм хиубыдэ псалъэ гуэрхэри зи лъабжьэр зэрыщlэуфэкlэрэ бзэм ″щlагъыбзэ″ къэlуэтэкlэкlэ щыухуэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нэхъыбэм деж, щlагъыбзэр зы псалъэр хроникэ зэрыхъуа щlыкlэм нэмыщl мыхьэнэкlэрэ зехьэнращи, макъыбзэм теухуауэ мыпхуэдэ лэжьэкlэр зэрымыгугъур гурыlуэгъуэщ; и макъхэр бзэм мыхьэнэбэу зэрыхэлэжьыхьым ипкъ иткlэ, зы макъыбзэр икlи щlагъыбзэу зепхьэным зэрыхущlэкъурэ зэрыхуэшэрыуэр гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэми къызэрыхэщрэ зэрыгурыlуэгъуэщи, ″щlагъыбзэ″у ухуа псалъэхэр щхьэж зы псалъэу бзэм хроникэ хэхъухьу щызекlуэхэращ, икlи бзэм мыпхуэдэу щlагъыбзэу къэхъуарэ зы псалъэ хъужауэ и къэхъукlэкlэ зэщхьэщыкl щlагъыбзэ лlэужьыгъуэхэри щылэщ. Псалъэм папщlэ, ″щэкlуэбзэ″у лъытапхъэ псалъэ куэдри щlагъыбзэ лlэужьыгъуэхэрщ. Ауэ, щlагъыбзэу къэхъуарэ бзэм хроникэ хэхъухьа псалъэхэри псалъэ къэхъукlэрэ ахэр зыхэзыубыдэ сферхэм теухуауэ къэтlуэтахэм зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщи, щlагъыбзэр щхьэж зы сферу лъытапхъэкъым. Щlагъыбзэу лъытапхъэ псалъэхэм я къэхъукlэрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мы ипэкlэ зи гугъу тщla сферхэм теухуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщи, мы лэжьыгъэм щlагъыбзэ лlэужьыгъуэ лэжьэкlэу къэхъуа псалъэхэм щхьэхуэу и гугъу ищlынукъым.

Мыбдежым ди lуэхур псалъэхэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, псалъэхэр бзэм щызэрызекlуэу къэхъу ″жыlэгъуэ″хэмрэ ″псэлъэжь″хэми я гугъу тщlыкъым. Ауэ, абыхэм я къэхъукlэри зи гугъу тщla сферхэм зым е нэхъыбэми зэрытеухуапхъэри мыбдежым щыжыlэпхъэщ. Зы гупщысэрэ еплъыкlэр утыку къилъхьэн lуэхугъуэкlэрэ бзэм щызекlуэу зы псалъэм ипlэ иувэу лъытапхъэщ зы жыlэгъуэри, ар макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэр зыхэтрэ зытеухуар макъ мыхьэнэкlэрэ нaluэ къэзыщlыу къэзыlуатэ зы жыlэгъуэу щытми, мы зэрыухуарэ щlэухуа щlыкlэр зэрилъабжьэкlэрэ мыбы хуэдэрэ ар уигу къэзыгъэкl гуэрхэм теухуауэ бзэм зэрызекlуэ щlыкlэр етlуанэу зи гугъу тщla бзэ лэжьэкlэ сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нэхъыбэм деж мыпхуэдэщ жыlэгъуэхэмрэ псэлъэжьхэр бзэм щызэрызекlуэ щlыкlэри, къызэрыхъуарэ зэрыухуа щlыкlэр макъыбзэ сферым теухуами, апхуэдэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкlэрэ нэгъуэщl lуэхугъуэхэм теухуауэ зэрызырахьэ щlыкlэр зи гугъу тщla етlуанэ сферым теухуауэщ. Ауэ, макъыбзэ сферым теухуауэ

къэхъуу лъытапхъэкъым дэтхэнэ зы жылэгъуэрэ псэлъэжьри, макъыбзэ лэжьэклэм къыклэлъыклуэ иужьрей сферитlми къыщызэрыхъуфынури гурыlуэгъуэнщ.

*

Мыбдежым зи гугъу тщlар адыгэбзэ лэжьэклэм теухуа сферхэращи, мыр макъыбзэу щымыт/щымытыж бзэхэм теухуауэ зэрымылъытапхъэри жытlагъэххэщ. Ауэ, адыгэбзэ лэжьэклэрэ псалъэ къэхъуклэхэр мы зэрызэщхьэщыкlым хуэдэ дыдэу мылъытапхъэми, дэтхэнэ зы бзэри зэрыужьым зэрезэгъклэрэ и лэжьэклэрэ и псалъэхэр къэхъуныгъэрэ мыхьэнэклэрэ категоризацэ зэрыщlыфынурэ бзэ лэжьэклэ сферхэр зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ. Макъыбзэ лэжьэклэ зимыlэ/зимыlэж бзэхэм я лэжьэклэрэ псалъэхэр категоризацэ зэрыщlыфыну щlыклэм мыбдежым адыгэбзэм и макъыбзэм теухуауэ тлъытахэр зэрыхэмытынури гурыlуэгъуэщ. Макъыбзэ лэжьэклэ сферыр щымылъытэм дежи, абы къыклэлъыклуэу зи гугъу тщla сферитlри игъуэклэрэ зэрымылъытэфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, зи гугъу тщlы бзэхэм макъ егъэщхьыныгъэрэ хамэбзэ псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь щlыклэм нэмыщl, макъыбзэ лэжьэклэ сфер нэужь сферитlым хиубыдэу лъытапхъэ псалъэхэр зэралэнури гурыlуэгъуэнщ. Ар щхьэ, мы сферитlым хиубыдэу лъытапхъэ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъур адыгэбзэм хуэдэу зы макъыбзэ лэжьэклэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщи, ахэр а бзэхэм я лэжьэклэм теухуауэ бзэ лэжьэклэ сферхэу лъытэнри гугъущ.

Дауэми, ухуарэ лэжьэклэ зыгъуэтагъэххэу утыку ит бзэм къигъэщl псалъэхэр зэгухьэу къэхъу псалъэ зэхэлъклэрэ факт гуэрхэр зэрылъытэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ псалъэхэр адыгэбзэм зи гугъу тщla сферитlым псалъэхэр щызэрыухуэм ебгъэщхь хъуну псалъэ къэхъуклэрщ. Мыбы теухуа зы щапхъэу лъытапхъэщ -псалъэ папщlэ- адыгэбзэм "псыунэ"у илъытэр зэрылъыта "water cloce (wc)" псалъэр. А псалъэм и мыхьэнэри адыгэбзэм и "псы унэ" хуэдэу лъытапхъэщ, ауэ адыгэбзэм и "псы"рэ "унэ"р зэрызэгухьэклэрэ къэхъуа "псыунэ" псалъэ зэгуэтым и лъабжьэр макъыбзэ лэжьэклэ сферыр арауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэ щхьэ, апхуэдэ мыхьэнэ зиlэ "water cloce (wc)" псалъэм мыпхуэдэ лъабжьэ иlэкъым. Зэралъытэклэрэ лlэщlыгъуищи хъукъым а псалъэр къызэрыхъуари, псыр зэрызыщlаубыдэр къызэрыlуатэу фактуралу ящl lуэхугъуэм зэрытеухуаклэрэщ зи гугъу тщlы псалъэр зэрызэпкъырыува щlыклэр. Араща, адыгэбзэ псалъэхэм хуэдэ щlыклэклэ ухуарэ адыгэбзэ псалъэхэр зыхэзыубыдэ сферым хиубыдэу лъытапхъэми, псалъэ зэгухьэклэу зыгуэрыр факту зылъытэ макъ зэгуэт е афикскlэрэ лажьэу ухуа псалъэхэм я лъабжьэр зэрымынаlуэм папщlэ, ахэр икlэ нэгъунэ адыгэбзэм и сферхэм теухуауи лъытапхъэкъым.

Мы щапхъэм нэмыщl, факту гъэзащlэм къытехъукla зы щапхъэри адыгэбзэм и "бжэ" псалъэм и мыхьэнэгъу "порт" псалъэращ. Къызэраlуатэрщи, зы хьэблэрэ къуажэ тlысыпlэр и хъуреягъклэ

къыщавыхьым деж, абы щIыхьэпIэ хуэхъун гугъэкIэ вабдзэр къыщаIэт (портер) Iэнатlэри а хэщIапIэм бжэ хуэхъурт. Вабзэр мы къыщыIэта щIыпIэр щIэхьэпIэу зэрылъытэращ ″порт″ псалъэр къызтехъукIари, ар къыщыхъуа лъэхъэнэр зэманыгъуэу зэрымыгъунэгъури гурыIуэгъуэнщ.

Ипэкlэ жытIа псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэ бзэхэм ″макъ егъэщхьыныгъэкIэрэ къыщыхъуа псалъэ″хэмрэ ″хамэбзэу къыхэхьа псалъэхэр зэрыхэлэжьыхь″ращ а бзэхэм я лэжьэкIэу адыгэбзэм и лэжьэкIэ сферу тлъытахэм Iупщlыу теухуэу лъытапхъэхэр. Мыбыхэм нэмыщl, адыгэбзэм къимыгъэщl псалъэ къэхъукIэрэ бзэ лэжьэкIи зэраIэнур гурыIуэгъуэщ а бзэхэми, мыбдежым мыпхуэдэ псалъэ къэхъукIэхэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ.

Ипэкlи зэрыжытIауэ, бзэр зезыхьэ цIыхум и инициативыр ипэ зэрищкIэрэ макъыбзэ лэжьэкIэр иужь къызэринэнурэ мыпхуэдэ лъабжьэри зэрыщIэуфэкIэрэ бзэм и лэжьэкIэрэ и псалъэхэр цIыхум и псэукIэм, зэхэтыкIэм, и щIеинхэм къызэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкIэр зэрыщIэкIуэдыкIым къызэрыгуэкIщи, адыгэбзэм зи гугъу тщIа и лэжьэкIэрэ и псалъэ къэхъукIэм емызэгъыу бзэ лэжьэкIэрэ псалъэ къэхъукIэ зэрагъуэтынур гурыIуэгъуэнщ зи гугъу тщIа бзэхэм. Аращи, адыгэбзэм и псалъэ къэхъукIэ сферхэм химыубыдэу, абыхэм къакIэлъыкIуэ псалъэ къэхъукIэхэр зэраIэнур гулъытапхъэщ зи гугъу тщIа бзэхэм. Зи гугъу тщIы бзэхэр - нобэ нэхъыбэм я лъабжьэр щIэхъумауэ- мыпхуэдэ псалъэкIэрэ зэрыгъэнщIари гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэщи, нобэ бзэхэм куэдыщэу щызекIуэ ″публие, публик, публикэ, публикацэ, републикэ″ псалъэхэр къызтехъукIар пэсэрей Рома парламентом (совет) зы парламенту (дебутат) хэта ″Публи″ зи цIэ лIыр къызщхьэщыжарэ абы и лъэныкъуэ хъуахэр зэрылъытаращ.

Адыгэбзэм имыIэ псалъэ къэхъукIэу, зи гугъу тщIы бзэхэм я псалъэ къэхъукIэм теухуа зы щапхъэри нобэ европэбзэхэм я мифологием хэт lуэхугъуэрэ лIыхъужь гуэрхэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэ псалъэ къызэрыхъу щIыкIэр. Мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр икIи щIэныгъэр зыхущIэкъурщи, мы зи гугъу тщIы псалъэхэр икIи щIэныгъэ терминхэущ нэхъыбэм деж утыку къызэрихьэр. Мыпхуэдэ псалъэ къэхъукIэм дигу къызэригъэкIщи, адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэ сферым къыщыхъуу щыIэгъуэр зэрызекIуэр зэрылъытэ псалъэхэр иужькIэ мифологие lуэхугъуэрэ лIыхъужьыцIэу зэрыхэхьэжу ипэкIэ къэта щапхъэхэм и пхъэнджырщ мы ипэкIэ зи гугъу тщIыуэ европэбзэхэм хэту щыт псалъэхэм я къэхъукIэр. Зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэм а бзэхэм хуэдэу мифологие зи лъабжьэ псалъэ къигъэщIакъым, ауэ адыгэбзэм мифологие лIэужьыгъуэхэр къызэрыIуатэ псалъэхэр бзэ лэжьэкIэу зэрыухуар ипэкIэ къэта щапхъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуещIыр. Аращи, адыгэбзэмрэ Адыгэ мифологиер зэрызэпыщIарэ зэрызэлъытам хуэдэкъым зи гугъу тщIы бзэхэмрэ я мифологиер зэрызэпыщIарэ зэрызэлъытари, бзэм къигъэщIыу къиIуатэ

мифологие псалъэхэр зи гугъу тщlы бзэхэм иужькlэ бзэм илъытапхъэхэри къызэрыlуатэ псалъэ къызэрытехъукlыж лъабжьэ зэрыхъужар гулъытапхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу мифологие lуэхугъуэхэм къытехъукlыж псалъэхэм я блэкlари бзэр утыку къызэрихьарэ зэрыухуам елъытауэ жыжьэ дыдэ кlуэнкъым. Ауэ, абы елъытауэ нэхъри гъунэгъу зэманыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ зи гугъу тщlы бзэхэм я псалъэ къэхъукlэ гуэрхэри, мыбы и зы щапхъэщ ″news″ псалъэр. ″News″ псалъэр къызтехъукlар нэгъуэщl зы псалъэу (пп: латин лъабжьэрэ франджыбзэкlэ ″нувел″) щытауэ лъытапхъэми, ар нобэ зэралъытэр ″nord (сыхъуэрэх), est (къуэкlыпlэ), west (къуэхьэпlэ), sud (дыгъэрэпс)″ псалъэхэм я псэлъащхьэ макъхэм я зэкlэлъхьэужьыкlэу ухуа зы псалъэущ. Мы lуэхугъуэр къэгъэлъэгъуэн нэмыщl, зы псалъэу зы мыхьэнэ зимыlэу зэраухуар гулъытапхъэщи, ар зы ″псалъэ″у лъытапхъэмэ(!), абы и къэхъукlэр мыбы нэгъунэ псэлъэбзэ лэжьэкlэрэ псалъэ къэхъукlэу жытlахэм зикl зэремыкlуалlэрэ зэремызэгъри нalуэщ.

Гурыlуэгъуащэщи, зи гугъу тщla бзэхэм я псалъэ къэхъукlэу мы къэта щапхъэхэр адыгэбзэм и псалъэ къэхъуныгъэ щlыкlэхэм химыубыдэрщ. Адыгэбзэм и псалъэ къэхъукlэмрэ зи гугъу тщlы бзэхэм я псалъэ къэхъукlэр щызэтехуэ щlыпlэхэр нэхъ lупщlыу щылъытапхъэхэр ″макъ егъэщхьыныгъэ″мрэ ″хамэбзэу бзэм къыхэхьэ псалъэхэм я лэжьэкlэ″у псалъэ ухуэкlэрауэ жыlэпхъэщ. Мы псалъэ къэхъукlэрэ бзэ лэжьэкlэхэм ипэ къихуэу псэлъэбзэ къежьапlэхэм хуэкlуэ псалъэ къэхъукlэр зи гугъу тщlы бзэхэм яlэкъым/яlэжкъым, е апхуэдэ щlыкlэкlэ ухуа псалъэхэр мыгурыlуэгъуэрэ зэхэгъэкlыжыпхъэкъыми, апхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр макъыбзэ лэжьэкlэу адыгэбзэм (макъыбзэхэм) хуэlуауэ жыlэпхъэщ. Ауэ макъ егъэщхьыныгъэрэ хамэбзэ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым къыкlэлъыкlуэу мы ипэкlэ зи гугъу тщlауэ щыт мифологие лъабжьэкlэрэ псалъэ къэхъуныгъэмрэ псэлъащхьэ макъ зэгухьэныгъэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэ щlыкlэхэри зи гугъу тщla бзэхэм хуэlуауэ жыlэпхъэщ.

## ЦlЫХУ ЩlЕИН ЛОГИЕ лlЭУЖЬЫГЪУЭХЭРИ ЗЭРЫУХУЭР ПСЭЛЪЭБЗЭМ ХУЭДЭУ СФЕР СФЕРУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Псэлъэбзэ лэжьэкlэр категоризацэрэ сферхэу зэрылъытам хуэдэу, псэлъэбзэ лlэужьыгъуэ lыхьэхэри, икlи цlыху щыlэгъуэм теухуарэ цlыху щlеину щыт логие лlэужьыгъуэхэри категоризацэ зэрыщlыпхъэрэ зэрызэпкъырылъ щlыкlэхэр сфер сферу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Цlыху щlеину логие лlэужьыгъуэхэм я къежьапlэри псэлъэбзэ къежьапlэу щыт макъыбзэр щыlэгъуэрэ космикэу зэрылъытапхъэм хуэдэу лъытапхъэщи, ахэри кlуэ пэтрэ псэлъэбзэм хуэдэу цlыху еплъыкlэрэ и гъащlэр зэрызекlуэм елъыта лъагъуэ игъуэту зэрыщытынур

гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, ахэри зэрызэпкъырыувэ щIыкIэкIэрэ щхьэхуэ щхьэхуэу категоризацэ щIыпхъэщ, икIи сфер сферу лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, псэлъэбзэ лIэужьыгъуэу щыту Адыгэм зэрихьэ *цIыхуцIэхэр*и, псэлъэбзэм къиIуатэ IуэрыIуатэрэ *мифологиер*и мы ипэкIэ адыгэбзэ лэжьэкIэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм хуэдэу илъабжьэкIэ категоризацэ тщIыуэ зэрызэпкъырылъ щIыкIэхэр сфер сферу зэщхьэщыдгъэкIынщ. Мы псэлъэбзэ лIэужьыгъуэхэм нэмыщI, цIыху гъащIэм дэухуарэ цIыху щIеин лIэужьыгъуэу лъытапхъэ цIыху *хабзэр*и илъабжьэкIэ Адыгэ хабзэм теухуауэ категоризацэрэ сфер сферу зэщхьэщыдгъэкIынщ. Хабзэми къыкIэлъыкIуэу, цIыхум зэрихьэу къэгъуэгурыкIуа *тхэн Iуэхугъуэр*и зэрыухуарэ нобэм къызэрыса щIыкIэкIэрэ ар дыдэу илъабжьэкIэ категоризацэрэ сфер сферу тлъытэнщ.

ИлъабжьэкIэ мы зи гугъу тщIынухэр мы лэжьыгъэмрэ адыгэбзэм теухуауэ ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къызэрыхэщым теухуащ. Аращи, ипэрей лэжьыгъэхэм къыхэщауэ адыгэбзэм къигъэщIа цIыхуцIэхэр, мы лэжьыгъэмрэ ипэрей лэжьыгъэхэм мифологие лIэужьыгъуэу къыхэщахэр, ипэкIэ зи гугъу тщIа тхылъым къыхэщ тхэн Iуэхугъуэр тегъэщIапIэ зэрытщIкIэрэщ мы илъабжьэкIэ къедгъэкIуэкIыну консидерацэр къызэредгъэкIуэкIынур.

ИкIи пыщапхъэщи, илъабжьэкIэ мы зи гугъу тщIыну жыхуэтIахэм къыщымынэу, цIыхум теухуарэ *культурал антропологие Iуэхугъуэ*у лъытапхъэ дэтхэнэ гуэрым мыпхуэдэ лъабжьэ къызэрыщIэщынури хуиту жыIэпхъэщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэри дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм езым теухуарэ хуэIауэ къегъэкIуэкIын зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщи, ахэр псэлъэбзэ зэпкъырылъыкIэм емылъытауэ щхьэжу категоризацэрэ сфер сферу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкIуэкI мы лэжьыгъэхэм къыкIэлъыкIуэу игъуэ хъурэ дыхущIыхьэмэ, мы Iуэхугъуэхэм теухуа мыпхуэдэ лэжьыгъэхэми дыхэхьэнщ. Ауэ, мыбдежым дэ адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкIуэкI лэжьыгъэм къызэрыхэщкIэрэщ Iуэхум дызэрыбгъэдэхьэнури, адыгэбзэм теухуа сферхэм зэрезэгъкIэрэщ зи гугъу тщIынухэм теухуа консидерацэр къызэредгъэкIуэкIыну щIыкIэр.

*

Адыгэбзэм къигъэщIа *цIыхуцIэхэр* адыгэбзэр зэрызэпкъырыувам хуэдэу категориерэ сферхэу зэщхьэщыгъэкIыпхъэщи, нытIэ ипэрей лэжьыгъэхэм къызэрыхэщкIэрэ адыгэбзэм цIыхуцIэхэр къызэригъэщIар, къигъуэгурыкIуарэ зэрыбагъуэу зэрызэхъуэкIар, Адыгэм хамэбзэу къищта цIыхуцIэхэр сфер сферу зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэм деплъынщ.

Къэхъу быныр япэрауэ и щыIэгъуэм теухуауэ хъурэ бзыуэ зэщхьэщигъэкIыу зэрилъытэнур гурыIуэгъуэнт зы макъыбзэми, къэхъу быныр цIыхухъурэ цIыхубзу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ макъыхъурэ макъыбзкIэрэщ зэрылъытар. Мыпхуэдэ *цIыхуцIэ къэхъуныгъэр макъыбзэ лэжьэкIэм цIыхухъурэ цIыхубзыр зэрилъыт*эну щIыкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, *макъыбзэ лэжьэкIэ лъабжьэ сфер*ым хиубыдэ

псалъэхэрщ, икӏи цӏыхуцӏэхэр утыку къызэрихьэми и лъабжьэу зэрыщыткӏэрэ, мы зи гугъу тщӏы къэхъукӏэ зиӏэрэ цӏыхуцӏэхэри къызэрыхъу пэщӏэдзэу ухуахэр *цӏыхуцӏэхэм я лъабжьэ сфер*у зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Япэрей лэжьыгъэхэм къэхъу быныр мыпхуэдэу макъыхъурэ макъыбзкӏэрэ ухуауэ цӏэ зэрыфӏащым и гугъу щытщӏагъащ, икӏи абыхэм теухуа щапхъэхэри къэтыгъащ. Мыбдежым макъыбзэ сферым къыщыхъуауэ лъытапхъэ а цӏыхуцӏэм я гугъу щытщӏыу, абы къыкӏэлъыкӏуэу ухуа цӏыхуцӏэхэр къыздыщыхъуа сферхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ипэрей лэжьыгъэхэм зы макъыхъуу тлъыта ″тӏ″ макъым къытехъукӏарэ ар зыхэту ухуа цӏыхухъуцӏэхэм я гугъу щытщӏагъащи, мыбдежым япэрауэ апхуэдэ цӏыхухъуцӏэхэр утыку къызэрихьа щӏыкӏэм аргуэру дыхэплъэжынщ. Макъыбзэ лэжьэкӏэм зэрезэгъкӏэрэ цӏыхухъур зы макъыхъуу щыт ″тӏ″ макъымкӏэ зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнти, ″тӏ″ макъкӏэрэ ухуа цӏыхухъуцӏэу адыгэбзэм хэту нобэм къынэсар мащӏэкъым. ″Тӏ″ макъкӏэрэ ухуарэ нобэм анэцӏэу къынэса цӏыхухъуцӏэр мащӏэкъым, ауэ икӏи абыхэм я къежьапӏэу щытауэ жыӏэпхъэщ щхьэж ″тӏ″ макъыр къызэрыӏурэ абы къыкӏэлъыкӏуэу лъытапхъэ мы щапхъэхэр: «Тӏы, тӏыу – Тӏу, Тӏи».

Цӏыхухъу быныр ″тӏ″ макъкӏэрэ зэрылъытэм и къежьапӏэу ухуа цӏыхухъуцӏэхэу лъытапхъэщ мы къэта щапхъэхэри, мы къэта щапхъэхэм къыкӏэлъыкӏуэрэ къытехъукӏ цӏыхухъуцӏэхэри зэрыухуэфынум зэрезэгъкӏэрэ ″тӏ″ макъыр тӏэу къызэрыӏукӏэрэ ухуа щапхъэхэщ мыхэри: «Тӏытӏ, Тӏытӏэ, Тӏатӏ, Тӏатӏэ, Тӏитӏ, Тӏитӏэ, Тӏутӏ, Тӏутӏэ».

Быныр зэрыцӏыхухъум папщӏэ, зы макъыхъуу щыт ″тӏ″ макъыр тӏэу къэӏурэ и мыхьэнэр лъэщ зэрыхъукӏэрэ ухуа цӏыхухъуцӏэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ мыхэри, щхьэж ″тӏ″ макъымрэ ар зэрыгъэлъагъуэу ухуауэ ипэкӏэ къэта цӏыхухъуцӏэхэм къыкӏэлъыкӏуэу жыӏэпхъэщ. Мыпхуэдэу ″тӏ″ макъыр тӏэу къэӏуныгъэ зиӏэу ухуа мы цӏыхухъуцӏэхэми къыкӏэлъыкӏуэу ухуауэ лъытапхъэщ макъыхъу ″тӏ″ыр зэрыгъэлъагъуэрэ зэрылъытэжкӏэрэ утыку къихьа мы цӏыхухъуцӏэхэри: «Тӏырэ, Тӏарэ, Тӏыкъэ».

Мыбыхэм къакӏэлъыкӏуэу лъытапхъэщ ″тӏ″ макъкӏэрэ лажьэрэ къэхъуа быныр зэрыпӏри къызхэщ мы цӏыхухъуцӏэхэри: «Пӏытӏэ, Пӏатӏ, Пӏатӏэ, Пӏутӏ, Пӏутӏэ».

Макъыхъукӏэ ухуарэ лажьэу мы къэта щапхъэхэм къыкӏэлъыкӏуэу ″тӏ″ макъ зыхэту ухуауэ лъытапхъэщ илъабжьэкӏэ мы къэтахэри, быныр зэрыхъури къызхэщу ухуа цӏыхухъуцӏэхэрщ: «Тӏыхъу, Тӏырхъу, Тӏырхъуэ, Тӏахъу, Тӏахъуэ, Тӏархъу, Тӏархъуэ; Тӏатӏыхъу, Тӏатӏрыхъу, Тӏатӏрыхъуэ».

Хъур ужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, зыужьыгъуэпэ унэтӏыгъэуи еджапхъэщ мы илъабжьэкӏэ къэта щапхъэхэм, ауэ абыхэм икӏиу жьабзэрэ зи ӏуэр лъэщ мыхьэнэуи еджапхъэ мы цӏыхухъуцӏэхэри мы ипэкӏэ къэта щапхъэхэм къакӏэлъыкӏуэу ухуауэ жыӏэпхъэщ: «ӏутӏ, ӏутӏэ».

Быныр зэрыцlыхухъур къызэрыхэщкlэрэ макъыхъу ″tl″ыкlэрэ ухуа цlэхэм къыкlэлъыкlуэу, а быныр икlи зэрыпlыпхъэрэ хъууэ зэрыщытри къызхэщу, икlи зыужьыныгъэ къызэригъэхъупхъэр къызхэщу цlыхухъуцlэ ухуэныгъэм унэтlыныгъэрэ бэгъуэныгъэ зэригъуэтыр гулъытапхъэщ. Мыбыи къыщымынэрэ къыкlэлъыкlуэу, мы къэхъуа псалъэхэм е ″tl″ макъым нэгъуэщl макъхэр къызэрыхэхьэжкlэрэ ″tl″ макъ зыхэт цlэхэр зэрыухуэжри гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэри: «Пlытlыш, Пlытlыхъу»; «Tlымыщ, Tlамыщ, Tlамыш».

″Tl″ макъым къытехъукlрэ ар зыхэту ухууэ мы къэта цlыхухъуцlэхэр цlыхуцlэхэм я сфер лъабжьэм зэрыхиубыдэнур гулъытапхъэщи, ″tl″ым къытехъукlарэ ар зыхэту ухуа цlыхухъуцlэхэр утыку къызэрихьа зэкlэлъхьэужьыкlэу мы ипэкlэ къэтlуэтахэр цlыхуцlэ сфер лъабжьэр и кlуэцlкlи зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Ауэ, цlыхуцlэ сфер лъабжьэм хиубыдэ цlыхухъуцlэу ″tl″ым къытехъукlрэ ар зыхэту ухуэхэр мыбы нэгъунэ къэтlуэтахэм къыщынэкъыми, нытlэ аргуэру къыпытщэнщ.

Макъыхъуу щыт ″tl″ым къытехъукlрэ ар зыхэту ухууэ мы зи гугъу тщlахэр цlыхухъуцlэхэм ищхьэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэжкlэрэ ухуэж цlыхухъуцlэщlэхэри щыlэщи, ахэри мы япэрей цlыхуцlэ сферым хиубыдэу лъытапхъэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, ″хьэ″ макъ псалъэр цlыхум япэу зызэрилъытэжаращи, абы мы и мыхьэнэкlэрэ бзэм икlуарэ къигъэщlа зэхуэмыдэ псалъэхэр зэрымымащlэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ ар иужькlэ блэкlарэ пщlэ зиlэр зэрылъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхьари гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlэ къэта цlыхуцlэхэм ищхьэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэу щыухуэжкlэ, абыхэм пщlэ зиlэ цlыхуцlэщlэхэр къазэрытехъукlыжыфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ипэкlэ къэта цlыхухъуцlэхэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэжкlэрэи цlыхухъуцlэхэри ухуащи, мыпхуэдэу ухуэжхэри къызтехъукlа цlыхуцlэр зыхэзыубыдэ сферым щыщщ: «Хьэтlытlэ, Хьэтlитl, Хьэтlитlэ, Хьэтlыкъэ; Хьэтlыхъу, Хьэтlахъуэ; Хьэтlымыщ; Хьэпlытlэ, Хьэпlатl, Хьэпlатlэ, Хьэlутlэ».

Ухуагъэххэ цlыхуцlэм ищхьэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэкlэрэ цlыхуцlэ зэрыухуэжым нэмыщl, ″хьэ″рэ ″tl″ зыхэту щlэуэ ухуэж цlыхуцlэхэри щыlэщи, ахэри макъыхъуу щыт ″tl″ыкlэрэ зэрыухуам ипкъ иткlэ цlыхуцlэ сфер лъабжьэм хиубыдэу лъытапхъэщ: «Хьэтlу (мыр икlи ипэкlэ къэта ″Tlыу - Tlу″м къытехъукlырщ), Хьэтlыш».

Нытlэ, мы иужьрейуэ къэтахэри хэтыжу ″tl″ым къытехъукlарэ ″tl″ макъ зыхэту ухуа цlыхуцlэхэр ″tl″ макъыр макъыхъуу зэрыщытым ипкъ зэритрэ макъыбзэ лэжьэкlэу зэрыухуам зэрезэгъкlэрэ цlыхуцlэ ухуэныгъэм и япэрей сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Макъыхъукlэрэ мыпхуэдэ цlыхухъуцlэ ухуэныгъэр макъыбзэ лэжьэкlэм зэрезэгъкlэрэ япэрей сферым зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщ, икlи нэгъуэщl макъыхъухэми мыпхуэдэ цlыхухъуцlэ къазэрытехъукlыфынури гурыlуэгъуэнщ, ауэ нэгъуэщl макъыхъухэм цlыхухъуцlэ къазэрытехъукlым

теухуа щапхъэфlхэр дызэримыlэрэ ипэрей лэжьыгъэхэм апхуэдэхэр къызэрыхэмыщым папщlэ, мы ди лэжьыгъэ lыхьэр ″тl″ макъым теухуа закъуэу къедгъэкlуэкlащ. Ауэ икlи, зы макъыбзэм цlыхухъуцlэ къызэригъэщlыну щlыкlэр макъыхъукlэрэ ухуэ цlыхухъуцlэхэм къызэрыщымынэнури гурыlуэгъуэнщи, щхьэж зы нэрыбгэм гъащlэм къыщилэжьым зэрезэгъкlэрэ къилэжьыж и цlэр макъыбзэкlэрэ зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *цlыху нэрыбгэм цlэщlэ зэрыфlащыжри* гурыlуэгъуэщи, ахэр макъыбзэ лэжьэкlэкlэ къэlуатэу щытми, ахэр зыхэзыубыдэу лъытапхъэ *мы сферыр цlыхуцlэ лъабжьэ сфер нэужь*у лъытапхъэщ. Аращи, адыгэбзэ лэжьэкlэм зэрезэгъкlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэ зиlэу ухуэ псалъэхэрами, мыбдежым и гугъу зэрытщlауэ макъыхъукlэрэ мыухуа мы псалъэхэр цlыхуцlэу сфер лъабжьэм хиубыдэу лъытапхъэкъым. Мыпхуэдэу ухуэ цlыхухъуцlэхэм теухуа щапхъэхэри зэрыщыlэр гурыlуэгъуэщ, ауэ апхуэдэ цlэхэм зи гугъу тщlы ипэрей лэжьыгъэхэм я гугъу щытщlакъыми, мыбдежым ахуэдэ щапхъэхэри къэтхьакъым; - игъуэ хъурэ иужькlэ цlыхуцlэхэм теухуа лэжьыгъэ къедгъэкlуэкlмэ, мы зи гугъу тщlы сферым хиубыдэ цlыхуцlэ щапхъэхэри къэтхьынщ.

Адыгэбзэм езым къигъэщlа цlыхуцlэхэращ мыбеджым зи гугъу тщlахэри, Адыгэр къызэрикlуэтым ипкъ иткlэ, иужьрей зэманыгъуэхэм Адыгэ цlыхухъуцlэхэм и нэхъыбэр нэгъуэщlыбзэу бзэм къыхэхьахэри гурыlуэгъуэщ. Адыгэм зэрихьэ цlыхуцlэхэр сферкlэрэ щхьэщыбгъэкlмэ, *хамэбзэ цlыхуцlэу Адыгэм къищтахэри щхьэхуэу зы сфер*у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, зауэрэ гъащlэкlэрэ, е фlэщхъуныгъэрэ динкlэрэ зэпыщlэныгъэ зыхуиlэ лъэпкъхэм щызекlуэ цlыхуцlэу Адыгэм къищтауэ зэрихьэр нобэ езым и бзэм къигъэщlа цlыхуцlэм елъытауэ нэхъыбэщи, нобэ мы сферыр адрейхэм елъытауэ нэхъ инщ; икlи, нобэ мыпхуэдэ цlэхэращ итхрэ зэрихьэри, адыгэбзэм езым къигъэщlауэ ипэкlэ зи гугъу тщlахэр цlэ лейрэ анэцlэущ зэрызырихьэ хъуари, ари кlуэ пэтрэ зэрыщlэкlуэдыжри гурыlуэгъуэщ.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ икlии, адыгэбзэм къигъэщlа *цlыхубзыцlэхэм елъытауэ цlыхухъуцlэхэращ нэхъ кlуэдыгъуэ къызхуэкlуэр*и, нобэ цlыхуцlэу адыгэбзэм езым къигъэщlа цlыхубзыцlэхэр Адыгэм мымащlэу зэрихьэ щхьэ, цlыхухъуцlэу къигъэщlауэ ноби бзэм щызекlуэр мащlэ дыдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи пыщапхъэщи, хамэбзэу Адыгэм къищтауэ мы зи гугъу тщlы цlэхэр я къэlукlэр адыгэбзэм и фонетикэм иригъэзэгъыу щытащ Адыгэм езым итыгъуэ щыщиlэм щыгъуэ; ауэ нобэ ахэр къыздикlа бзэхэм къызэрыраlу щlыкlэм хуэдэжщ Адыгэми а псалъэхэр къызэрыриlу щlыкlэ хъуар.

Макъыбзэм къызэригъэщlкlэрэ ″тl″ макъыхъум къытехъукl цlыхухъуцlэхэм я гугъу тщlащи, макъыбзхэми цlыхубзыцlэ къызэригъэщlынур гурыlуэгъуэнщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэри ипэрей лэжьыгъэхэм и гугъу щытщlахэращ. Макъыбзэ

лэжьэкlэм цlыхубзыцlэхэри макъыбзхэмкlэрэ зэриухуэнур гурыlуэгъуэщи, апхуэдэу ухуэ *цlыхубзыцlэ пэщlэдзэу цlыхуцlэ лъабжьэ сфер*ым хиубыдэу лъытапхъэщ мы щапхъэхэр: «Гуагуэ, Гуакlуэ; Гунэ»; «Кукуэ, Куакуэ; Кунэ»; «Кlукlуэ, Кlуакlуэ; Кlунэ, Кlурэ»; «Быбэ, Бабэ, Бубэ; Былэ, Булэ».

Мы къэта щапхъэхэр цlыхуцlэ сфер лъабжьэу зэрыщытрэ икlи абы и купщlэрэ къежьапlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыбыхэми макъ гуэрхэр къазэрыпыхьэкlэрэ къатехъукlыжыфыну цlыхубзыцlэхэри мы сферым зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэта щапхъэхэм хуэдэу ухуарэ икlи адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэм езэгъми, ″ц″ макъкlэрэ ухуа цlыхубзыцlэхэр мыбыхэм хуэдэу цlыхуцlэ сфер лъабжьэм химыубыдэу лъытапхъэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщ ″ц″ макъыр утыку къызэрихьарэ икlи къытехъукlа псалъэхэри ипэкlэ зэрытлъытари, ахэр макъыбзэ лэжьэкlэм химыубыдэу, макъыбзэ лэжьэкlэ нэужь сферым хиубыдэу жытlахэр дигу къэдгъэкlыжынщ. Мы псалъэхэм зэрезэгърэ къыщымынэрщи, макъ мыхьэнэ зимыlэу тлъыта *″ц″ым къытехъукl цlыхуцlэхэр* утыку къызэрихьэри *символизмэ лъабжьэ* зэриlэкlэрэщ. Аращи, илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэр ″ц″ыр макъыбзэ лэжьэкlэм тету бзэм щызэрызекlуэм хуэдэми, ахэр зэрыухуа щlыкlэр ″цы″р зи символым теухуащ: ″цы″р зэрыкуэдым папщlэ, бэгъуэныгъэм и символущ зэрылъытари, абы къытехъукl цlыхуцlэхэр бэгъуэныгъэ символизмэу цlыхубзыцlэхэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″ц″ым къытехъукl цlыхубзыцlэхэр символ зыхуэхъу бэгъуэныгъэм теухуауэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуа псалъэхэу лъытапхъэщи, апхуэдэ цlыхуцlэхэр зыхэзыубыдэ сферыр макъыбзэм мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуэ сферым хуэдэ цlыхуцlэ сферу лъытапхъэщ.

Ауэ зэрыжытlауэщи, ″ц″ым къытехъукlрэ ар зыхэту ухуэ псалъэхэми ипэкlэ макъыбзхэм къытехъукlыу къэта псалъэхэм хуэдэ ухуэкlэ зэраlэр гулъытапхъэщ: «Цыцэ, Цацэ, Цуцэ»; «Цырэ, Цунэ»; «Куцэ, Куацэ, Быцэ, Быцу»; «Быцунэ, Бабыцэ».

Цlыхухъуцlэхэм ищхьэм ″хьэ″ къызэрыпыхьэм хуэдэжу, мы ипэкlэ къэта цlыхубзыцlэхэми ищхьэм ″хьэ″ къызэрыхьэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуэж цlыхуцlэхэри къызтехъукlахэр зыхэзыубыдэ сферым хиубыдэ цlыхуцlэхэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ипэкlэ макъыбзкlэрэ ухуа цlыхуцlэхэм ″хьэ″ къазэрыпыхьэкlэрэ ухуэжыфынухэм теухуа щапхъэхэу щытщ мыхэри: «Хьэгуагуэ, Хьэгуакlуэ, Хьэгунэ; Хьэкукуэ, Хьэкуакуэ, Хьэкунэ; Хьэкlукlуэ, Хьэкlуакlуэ, Хьэкlунэ, Хьэкlурэ; Хьэбыбэ, Хьэбабэ, Хьэбубэ, Хьэбылэ, Хьэбулэ». Мыпхуэдэу ухуэж цlыхубзыцlэхэр *япэрей цlыхуцlэ сфер*ым зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщ.

Мыбы хуэдэщи, символизмэкlэрэ мыхьэнэ егъэщхьыныгъэу къэхъуауэ тлъытауэ ″ц″ макъ зыхэту ухуа цlыхубзыцlэхэм ″хьэ″ къазэрыпыхьэкlэрэ ухуэж цlыхубзыцlэхэри ″ц″ зыхэту ухуа цlыхуцlэхэр зыхэзыубыдэ сферым зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэщ: «Хьэцыцэ, Хьэцацэ, Хьэцуцэ; Хьэцырэ, Хьэцунэ; Хьэкуцэ, Хьэкуацэ, Хьэбыцэ».

Макъыбзэ лэжьэкlэу макъ мыхьэнэкlэрэ, икlи и гугъу зэрытщlа щlыкlэу символизмэ щlыкlэкlэ (цы) цlыхуцlэ къызэрыхъумрэ, абыхэми цlыхуцlэщlэхэр къазэрытехъукlыжым теухуауэ мы къэтlуэтахэм нэмыщl, цlыхубзым хуагъэфащэхэр зэрылъытэу ухуа цlыхубзыцlэхэр хэтщ адыгэбзэми, илъабжьэкlэ къэта цlыхубзыцlэхэр нэхъыбэу цlыхубз лъэныкъуэрэ ар щхьэпэ зэрыхъур къызхэщу ухуа цlыхубзыцlэхэрщ. Ахэр макъыбзэ лэжьэкlэкlэ ухуа псалъэхэрами, цlыхуцlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэу макъыбзхэмкlэрэ зэрымыухуам папщlэ, ахэр япэрей сферым хиубыдэ цlыхуцlэхэу лъытапхъэкъым. Ахэр *цlыхуцlэ лъабжьэ сфер нэужь*у лъытапхъэщи, илъабжьэкlэ къэта мыпхуэдэ псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэхэри гурыlуэгъуэ зыхуэтщlынщ: «мыпхуэдэ зы щапхъэщ ″Хъурыгуэ″ри, ар хъур (тl) хэзыгуэрэ хъум текlуэныгъэ зи мыхьэнэуэ цlыхубз лъэныкъуэ (матриартал) мыхьэнэ зиlэу зэджапхъэщ; ″Тlыкlу, Тlыкlуэ″ цlыхубзыцlэхэри хъум (тl) дэкlурэ дэкlуэу бзы (кlу) хуэхъуу зэджапхъэхэрщ; ″Тlыбыбэ″ри хъум (тl) бзы (быбэ) хуэхъуу зэджапхъэ цlыхубзыцlэщ».

Щыухуа лъэхъэнэхэм гъащlэ къекlуэкlыкlэм езэгъыу ухуарэ макъыбзкlэрэ ухуа цlыхубзыцlэ нэужь сферым хибыдэ цlыхуцlэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри, мыбыхэм нэмыщl, цlыхубзым хуагъэфащэ *щlыкlэрэ и дэхагъэ е и жыджэрагъэ къызхэщу ухуа цlыхубзыцlэхэр*и мы зи гугъу тщlа цlыхуцlэхэр зыхэзыубыдэ сферым е абы къыкlэлъыкlуэ зы сферым хиубыдэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ цlыхубзым и жыджэрагъэм теухуа мы цlыхубзыцlэр: «Жан».

Зэрыжытlащи, и дэхагъэрэ и lэкlуэлъэкlуагъэм теухуау ухуа цlыхубзыцlэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ зы щапхъэщ цlыхум и ″нэ″р зэрылъытэ щlыкlэу ухуа мы цlыхубзыцlэхэри: «Нэжан, Нэфlыцlэ, Нагъуэ, Нащхъуэ». Цlыхум и нэм ифэр зэрылъытэу ухуа мы цlэхэр икlи цlыхухъухэм теухуауи зэрызырахьэри гурыlуэгъуэнщ.

″Гу″ макърэ макъ псалъэр бзыгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар зыхэту цlыхубзыцlэхэр зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр ипэкlэ къэтащ. Цlыхубзыцlэм къыщымынэу, дэтхэнэ зы цlыхубзыр ″гу″ макъым къытехъукlа ″гуащэ″у зэрылъытэри гурыlуэгъуэнщи, ар икlи цlыхубз хахуэ зи мыхьэнэрщ. Ар щыхъукlи, цlыхубз хахуэ зи мыхьэнэ ″гуащэ″ псалъэм макъ е псалъэ къызэрыпыхьэжкlэрэ цlыхубзыцlэщlэхэр зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщи, илъабжьэкlэ къэтахэр мыпхуэдэ щапхъэхэрщ: «Гуэщэнэ, Гуэщэжан – Гуэщжан, Гуэщэнэху – Гуэщнэху, Гуэщэпагуэ – Гуэщпагуэ».

*Цlыхубз щlыкlэу хуагъэфащэ*м зэрытеухуакlэрэ ухуауэ мы зи гугъу тщlа *цlыхубзыцlэхэр* мы къызэрыта зэкlэлъхьэужьыкlэми зэрезэгъкlэрэ утыку къихьауэ лъытапхъэщ, а псори икlи *зэхуэдэ цlыхуцlэ сфер*ым хиубыдэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ цlыхубзыцlэ къэхъуныгъэр цlыху зэхэтыкlэ щlыкlэм цlыхубзыр зэрылъытэм теухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ щlыкlэкlэ цlыхубзыцlэ къэхъуныгъэр нобэми

щыпещэр. Нобэ Адыгэр зыхэт лъэпкъым и бзэм и фонетикэмрэ и тхэклэми зэрезэгъклэрэ и быным фlищ цlыхубзыцlэ лlэужьыгъуэхэм щыщщ мыхэри, ахэри мы ипэклэ зи гугъу тщla цlыхуцlэ сферым хиубыдэу лъытапхъэщ: «Гупсэ, Синэ, Синэм, Нэрыс, Нэрис, Нэмис, Синэмис, Динэмис, Синэрис».

Ипэклu къызэрыхэдгъэщауэщи, цlыхухъуцlэхэм елъытауэ нэхъ къелащ Адыгэ цlыхубзыцlэхэр; иклu мы иужьрей цlыхубзыцlэхэр адыгэбзэм езэгъ ухуэклэ зилэу лъытапхъэ цlыхубзыцlэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ауэ, бзэр зэреужьыхрэ зэрыклуэдым ипкъ иткlэ, нобэ адыгэбзэ цlыхубзыцlэхэм нэхъыбэ хамэбзэ цlыхубзыцlэ флащу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Бзэм итыгъуэ щыщилэ щыгъуэхэм хамэбзэ цlыхубзыцlэхэр къызэрыpalур адыгэбзэм и фонетикэм ирагъэзэгъыу зэрыщытари гурыlуэгъуэщ, ауэ нобэ ахэри къыздикla бзэм и фонетикэклэ къыpalуэу зэрыщlидзари гурыlуэгъуэщ. Хамэбзэу къищта цlыхуцlэхэри Адыгэм зэрихьэ цlыхуцlэхэм теухуауэ зы сфер щхьэхуэу лъытапхъэщ.

*

"Мифологие" жыхуэтlэр псэлъэбзэр зэрыхъун хъуарэ зэрызеклуэ щlыклэм зэрезэгъклэрэ lуэрыlуэтэжу къэlуатэхэращ зытеухуари, ар щхьэж зы логие лlэужьыгъуэу ухуэми, мифологиер зэрыухуэ лъабжьэр псэлъэбзэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым мифологием теухуауэ зи гугъу тщlынухэри бзэм теухуауэ къедгъэклуэкla лэжьыгъэм къыхэщ псалъэхэу мифологиеми хэхьахэращ. Ауэ, иужькlэ игъуэ щыхъурэ дыщыхущlыхьэм деж, щхьэж зы дициплинэу Адыгэ мифологиеми щыгъуазэ дыхуэхъун lуэхугъуэри къызэрытпэщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мифологием теухуауэ мыбдежым япэрауэ зи гугъу тщlыпхъэхэр ипэклэ дызтепсэлъыхьарэ иклu къэхъуныгъэ мифологие лlэужьыгъуэу щыт псалъэхэращ. Мыпхуэдэ лъабжьэу лъытапхъэщ щыlэгъуэр зэрыухуэрэ зэрызеклуэр адыгэбзэклэ къызэрыlуатэ псалъэ гуэрхэр мифологие лlыхъужьыцlэ хъужауэ ди lуэрыlуатэхэм къызэрыхэщыр. Аращи, бзэм щыlэгъуэ къызтехъуклрэ (ис) щыlэгъуэ зымыгъуэтыр (имыс), щыlэгъуэр зэрызеклуэрэ (уэзыр мэс) зэрыджу (уэзыр мэдж) къыщlэхъуэр къызэрыlуатэ (сосырыкъуэ) псалъэхэр адыгэбзэм иужькlэ мифологие лlыхъужьыцlэхэу щызеклуэу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщи, *къэхъуныгъэ зи мыхьэнэ а псалъэхэр иклu мифологие жыхуэтlэми лъабжьэ яхуэхъуа*уэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Дэтхэнэ зы мифологием къежьапlэ хуэхъуу лъытапхъэхэр щыlэгъуэрэ дунейр къызэрыхъуу зэрызеклуэ щlыклэр къэзыlуатэу къэхъуныгъэ lуэрыlуатэхэрауэ зэрыщытым зэрезэгъщи, Адыгэ мифологием и къежьапlэри мы зи гугъу тщla мифологие лlыхъужьхэм теухуа lуэрыlуатэхэрауэ лъытапхъэщ. Иклu зэрыжытlауэщи, мы псалъэхэр къэхъуныгъэ мифологиемрэ иклu мифологие жыхуэтlэми лъабжьэ хуэхъуауэ бзэм къигъэщla псалъэхэрауэ лъытапхъэщ. Ауэ иклu зэрыгурыlуэгъуэу, мифологиер lуэрыlуэтэжу зэрызеклуэрэ цlыху

псэуклэми зэрызихъуэжым къызэрыгуэклэклэ, мифологие lуэрыlуатэхэм вариант куэд зэрагъуэтыфынури гурыlуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщla мифологие типологиехэм теухуа дэтхэнэ зы lуэрыlуатэм къэхъуныгъэ мифологие лlэужьыгъуэу къызэрыхэмыщыжыфынури гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъуклu, зи гугъу тщlы псалъэхэм я мыхьэнэм теухуауэ а псалъэхэр лlыхъужьыцlэу зыхэт lуэрыlуатэхэр къэхъуныгъэ мифологиерэ мифологие къежьапlэу зэрылъытапхъэм нэмыщl, а псалъэ мыхьэнэхэм темыухуэ lуэрыlуатэхэр иужькlэ цlыху псэуклэр къызэреклуэклым къызэрыгуэкlклэ, егъэщхьыныгъэрэ хуэгъэфэщэныгъэ зилэу ухуа lуэрыlуатэхэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *мифологием и лъабжьэрэ къежьапlэ сфер*ыр мы зи гугъу тщlы лlыхъужьыцlэхэр зыхэту ахэр къызтехъуклa псалъэхэм езэгъ lуэрыlуатэхэр зыхэзыубыдэрщ, ауэ а псалъэхэм я мыхьэнэхэм емызэгъыу зи гугъу тщlы лlыхъужьыцlэхэр зыхэт lуэрыlуатэхэри *егъэщхьыныгъэрэ хуэгъэфэщэныгъэу ухуауэ иужьрей мифологие сфер*хэм хиубыдэхэрауэ лъытапхъэщ.

Мыбдежым гулъытапхъэрэ пыщапхъэщи, нэгъуэщl мифологиехэм щыlэгъуэ къэхъуныгъэ мифхэр нэхъыбэу зы lуэрыlуатэ клапlэклэ къэlуатэу хэтущ узэрихьэлlэр, ауэ апхуэдэхэр Адыгэбзэ мифологием зэрыхэт щlыклэр а lуэхугъуэр бзэм и псалъэ гуэрхэмклэрэ къабзэу halуэ зэрыщlклэрэщ. Мы псалъэми зэрезэгъщ иклии, мифологием и къежьапlэрэ лъабжьэр псэлъэбзэрауэ щытын зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, а псэлъэбзэри зы макъыбзэу щытмэ, абы и мифологием къэхъуныгъэр къызэриlуэтэну псалъэхэр макъ мыхьэнэклэрэ щыlэгъуэм зэрытеухуаклэрэ ухуагъэххэу зэрыхэтынур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мифологие лlэужьыгъуэ lуэрыlуатэ клапlэклэрэ щыlэгъуэ къэхъуныгъэр къызэрыlуэтэну апхуэдэ псалъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъунури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, щыlэгъуэ ужьыгъуэклэрэ къэхъуа макъхэмклэрэ ухуа псалъэхэм щыlэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызеклуэр зэралъытэнурэ утыку къызэрыралъхьэнур гурыlуэгъуэнщи, апхуэдэ псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlыр къызэрыlуэтэжклэрэщ "мифологие" жыхуэтlэри зэрыухуэнур. Мыпхуэдэу ухуэ мифологиехэми щыlэгъуэ къэхъуныгъэ lуэрыlуатэхэр къежьапlэ язэрыхуэхъунури гурыlуэгъуэнщ. Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщ икlи зы макъыбзэу щыт адыгэбзэмрэ абы къытехъуклa мифологиери, абы и псалъэхэмклэ лъытарэ halуэ щla щыlэгъуэ къэхъуныгъэр иужьрей мифологие лlэужьыгъуэхэм lуэрыlуатэклэрэ гурыlуэгъуэ ящlыр.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, *щыlэгъуэр къызэрыхъуарэ зэрызеклуэм теухуауэ* бзэм къигъэщlауэ зи гугъу тщla *псалъэхэр* бзэри зэрыхъун хъуа нэужь ухуа *мифологием лъабжьэ хуэхъуа*уэ лъытапхъэщи, бзэм къиlуатэу щыlэгъуэ къэхъуныгъэр lупщl зыщla *мы псалъэхэр лlыхъужьыцlэу мифологием зэрыхэхьари мифологием и япэрей сфер*ыр зэрыухуарауэ лъытапхъэщ. Аращи, псэлъэбзэр зэрыхъун хъуа нэужь, lуэрыlуэтэжклэрэ ухуэ мифологиер зэрызэпкъырыувэр сфер сферу лъытапхъэмэ, абы и пэщlэдзэ сферыр зи гугъу тщla псалъэхэр

лIыхъужьыцIэу зыхэхьарэ псалъэхэм я мыхьэнэм езэгъ lуэрыIуатэхэращ. Ауэ, а псалъэхэр лIыхъужьыцIэу зыхэтрэ *а псалъэхэр я мыхьэнэм емызэгъыу щызэрызеклуэ lуэрыIуатэхэр иужьрей мифологие сфер*хэм теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къащIыр араш икIии, мифологие куэдым lуэрыIуатэкIэрэ къаIуатэ къэхъуныгъэр адыгэбзэм и псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэкIэрэ къеIуатэр. ИкIи, щыIэгъуэм теухуа псалъэхэр къэхъуныгъэ мифологиехэм лъабжьэ язэрыхуэхъуари гулъытапхъэщ. Мифологием и лъабжьэр бзэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, къытыригъэзэжу мифологие лIыхъужьыцIэрэ lуэрыIуатэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъужкIэрэ адыгэбзэм псалъэ къызэримыгъэщIари гулъытапхъэщ, ауэ нобэ макъыбзэ лэжьэкIэ зимыIэ бзэ куэдым мифологие лъабжьэ зиIэу ухуа псалъэхэр мымащIэу зэрыхэтым ипэкIи и гугъу щытщIагъащ.

*

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщIахэр псэлъэбзэм езым къигъэщI lуэхугъуэхэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Араши, цIыхуцIэхэмрэ мифологиер псэлъэбзэ лэжьэкIэ lыхьэрэ лIэужьыгъуэхэрщ, ауэ мыбдежым зэрызэпкъырылъ щIыкIэр сфер сферу тлъытэну жыхуэтIэ ″хабзэ″р псэлъэбзэ щIыб lуэхугъуэрщ. Мыбдежым зи гугъу тщIынур щыIэгъуэ зиIэрэ цIыхур зэрыщыIэрэ зэрызэхущытыкIэм, и щыIэкIэрэ и щIыкIэм теухуащи, аращ кIэщIыу ″хабзэ″ жыхуэтIэр. Ауэ зэрыгурыIуэгъуэу, хабзэм теухуауэ мыбдежым зи гугъу тщIынухэри мы къедгъэкIуэкI лэжьыгъэ lыхьэм къызэрыхэщ щIыкIэращи, хабзэр псэлъэбзэм къызэриIуатэм теухуащ. Араши, мыбдежым хабзэм теухуауэ къедгъэкIуэкIыну консидерацэр адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэм хабзэр къызэрыхэщым теухуащ. Ауэ, игъуэр къэсрэ дыхущIэхьэмэ, адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэм хуэдэу щхьэж зы дициплинэу хабзэми дытепсэлъыхьынщ.

Псэлъэбзэм и сфер лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, зы логие лIэужьыгъуэу щыт хабзэм и сфер лъабжьэри мы къедгъэкIуэкIарэ иджыри къедгъэкIуэкIыу дызпэрыт лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. ИкIи, ипэкIэ и гугъу зэрытщIауэ, ″хабзэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ ищIыр (хэ-бзэ) щыIэгъуэр утыку къызэрихьэрэ (хы) зэрызекIуэ (хэ) логиерауэ (бзэ) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукIи, щыIэгъуэ жыхуэтIэм езыми, абы щыIэгъуэ иIэу хиубыдэ дэтхэнэ щыIэми и къэхъуныгъэри, и щыIэгъуэр зэрызекIуэми теухуащ ″хабзэ″ псалъэр. Мыпхуэдэ мыхьэнэрэ лъабжьэ зиIэ ″хабзэ″ псалъэр цIыхум хуэIуауэ зэрызырихьэращ нэхъыбэу ″хабзэ″ псалъэр зэрылъытэри гурыIуэгъуэщи, абы цIыху щыIэгъуэм теухуауи щыгъуазэ хуэхъун хуейщ.

ЩыIэгъуэр къызэрыхъурэ зэрызекIуэ логиер къызэрыIуэтапхъэ псалъэрщ ″хабзэ″ри, щыIэгъуэ ужьыгъуэм къигъэщI псэущхьэхэри щыIэгъуэ ужьыгъуэм езэгъ хабзэщ зытетыр. Араши, щыIэгъуэр зэрызекIуэр къызэрыIуатэ хабзэр дэтхэнэ зы щыIэм теухуауэ щызетхьэм

деж, ар щыIэгъуэр зэрызекIуэ хабзэм езыр е абы щыщ зы Iыхьэрауэзэрыщытыргулъытапхъэщ. Ауэ, щыIэгъуэм щыщрэ абы и гъунапкъэу щыт цIыхур щыIэм щыщу мыщыр зыхуу лъытапхъэщи, абы и дэтхэнэ и зы щIыкIэрэ щIеиныр фIэкIыпIэ имыIэу мы щыIэгъуэ хабзэм езэгъынрэ щыщын хуейуи лъытапхъэкъым. Мы псалъэм зэрезэгъщи, зы псэущхьэ лъэпкъыу зэрыщытым ипкъ иткIэ, цIыхум и щыIэгъуэр мы щыIэгъуэ ужьыгъуэм зэрыщыщкIэрэ абы и хабзэм зэрытетым нэмыщI, и щыIэгъуэр щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIи, абы езыгъэныгъэ зимыIэ ужьыгъуэи зиIэфыну зэрыщытри гулъытапхъэщ. НытIэ, дэтхэнэ зы щыIэрэ псэущхьэр зытет хабзэр щыIэгъуэу къекIуэкIым езым и хабзэм щыщрэ арагъэххэщ, ауэ щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, цIыху щыIэгъуэр фIэкIыпIэ имыIэу щыIэгъуэр зэрызекIуэ хабзэм езэгъыныгъэ зиIэн хуейуи щымытырщ. Ар щыхъукIи, щыIэгъуэр зэрызекIуэ логиер зэрытлъытэ ″хабзэ″ псалъэр щыIэгъуэ зиIэхэм теухуауэ зехьэныр зыхуэигъуэр цIыхурауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″хабзэ″ псалъэр нэхъыбэу цIыхум хуэIуауэ зэрылъытапхъэр цIыхум и щыIэгъуэр щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIщи, мы псэущхьэ лъэпкъым езыр адыгэбзэм ″цIыху″у зэрилъытам и лъабжьэри мырагъэнщ. ЩыIэгъуэ гъунапкъэу щыIэгъуэ зиIэрэ, мыбыи ипкъ иткIэ щыIэгъуэр къызгурыIуэфырщ цIыхури, ар езыр и гъащIэрэ и щIеинкIэрэ щыIэгъуэм езэгъыныгъэри пщэрылъ къыхуэхъурщ. ЦIыхум езым и щыIэгъуэм къыхуихь зы IуэхугъуэрщмызигугъутщIыри, щыIэгъуэм езэгъыныгъэу цIыхум фIэкIыпIэ зэримыIэкIэрэ пщэрылъ къыхуэхъур зэригъэзащIэ щIыкIэу лъытапхъэщ адыгэбзэм ″хабзэ″ жыхуиIэу, цIыхум езым хуэIуауэ илъытэрэ зэрихьэр.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, щыIэм щыщрэ щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, щыIэгъуэр зылъытэфрэ къызгурыIуэфIырщ цIыхури, щыIэгъуэ зиIэхэм теухуа пщэрылъ къызхуэхъурщ. Ауэ икIи, и щыIэгъуэм къызэритщи, пщэрылъ къыхуэхъуу тлъытэхэри имыгъэзэщIэн хуитыныгъэи зиIэрщ цIыхури, щыIэгъуэ къэхъуныгъэрэ зекIуэкIэм теухуа логием езэгъыу пщэрылъ къыхуэхъур зэрылъытэрэ зэригъэзащIэращ –зэрыигъуэу- цIыхум теухуэ ″хабзэ″р.

Мы псалъэхэми къызэрыхэщщи, щыIэгъуэ къэхъуныгъэрэ къекIуэкIыкIэр зэрылъытапхъэ ″хабзэ″р цIыхум щытеухуэр ар абы гулъытэ къыщыхуэхъуращи, гулъытэ зыхуищIыр пщэрылъ къыхуэхъурауэ лъытапхъэщ икIи и щыIэгъуэми гулъытэ щыхуищIыу езыр цIыхуу зыщылъитэр. Аращи, щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэрэщ зыщыщ щыIэгъуэр зэрилъытэрэ абы теухуа пщэрылъ къызэрыхуэхъури, *пщэрылъ къыхуэхъур игъэзэщIэн хуейуэ фIэкIыпIэ зимыIэрщ цIыхум хуэухуэ хабзэм и къежьапIэр*. Ауэ икIи, щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зыщыщ щыIэгъуэм емызэгъ щIыкIэрэ щIеин зиIэфынурщ цIыхури, ар зи гугъу тщIы хабзэм емыкIурщ. Адыгэбзэм ″емыкIу″

жыхуиlэри, цlыхум зи гугъу тщlа и хуитыныгъэм къызэрыгуэкlкlэ, абы хабзэ къыхуэхъуу зи гугъу тщlым емызэгъыныгъэрщ.

Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, и щыlэгъуэм къызэритщ цlыхум хабзэу хуэухуэрэ икlи мы и хабзэм емызэгъын лъэкlыныгъэи зэриlэр. И щыlэгъуэм къызэритlкlэ гулъытэ зыхуищlым флэкlыплэ имыlэу пщэрылъ къыхуищlыжыр хабзэрщи, абы хиубыдэр щыlэгъуэм езэгърэ хуэфlырщ; ауэ, и щыlэгъуэм къыритl хуитыныгъэу хабзэм емызэгъ лъэкlи зиlэрщи, мыпхуэдэхэр щыlэгъуэм емызэгърэ езауэрщ.

Псэущхьэм и ужьыгъуэкlэрэ утыку къихьарэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъхэмкlэрэ ухуэу щlэзыдза макъыбзэм и къежьапlэм хуэдэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ хабзэ жыхуэтlэми пэщlэдзэ зэригъуэтар. Мыбдежым ди lуэхур зы логие зэпэщу лъытапхъэ псэлъэбзэр тегъэщlапlэ зэрытщlкlэрэ ахуэдэ логие лlэужьыгъуэхэри зэрыухуа щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунращ; икlи апхуэдэхэр псэлъэбзэкlэ къызэрыlуатэм теухуауэ ди lуэхур аргуэру псэлъэбзэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ. Араща, мыбдежым хабзэрэ псэлъэбзэм дэтхэнэр япэ къызэрыхъуам и гугъу тщlыкъым. Ауэ, ″хабзэ″ жыхуэтlэр щыlэгъуэ къызэрыхъурэ зэрызекlуэр адыгэбзэм къызэриlуатэ псалъэрща, ар цlыхум хуэlууэ зи гугъу тщlы щlыкlэкlэ зэрызекlуэм и пэщlэдзэри цlыхум щыlэгъуэмрэ езым гулъытэ щызэрызыхуищlыжым дежрауэ лъытапхъэщ; икlи, а псэущхьэм езым ″цlыху″ зэрызыфlищыжар ипэкlэ и гугъу зэрытщlа щlыкlэу хабзэми гулъытэ зэрызыхуищlам и телъхьэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Щыlэгъуэм езэгъыныгъэу цlыхум езым и щыlэгъуэр зэригъэкlуэн хуейуэ пщэрылъ хуэхъуу мы хуэухуэр абы езым и щыlэгъуэм флэкlыплэ имыlэу къыхуихьхэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыбыи зэрезэгъкlэрэ цlыхум езым и ужьыгъуэр къэхъунрэ и гъащlэр узыншагъэкlэ ихьын, икlи и щlэблэри мыбы зэрегъэкlэрэ къызэрыщlэхъуэн зы лъабжьэ хабзэу лъытапхъэщ благъагъэ системэри. Араща, *хабзэ пэщlэдзэу лъытапхъэщ благъагъэ системэр*и, абы и къежьапlэр езы цlыхум и ужьыгъуэу, зыпыщlахэр я щыlэгъуэкlэрэ гъунэгъугъэу зэрилъытэрщи, ″благъэ″ псалъэри щыlэгъуэ ужьыгъуэм щыlэгъуэ зэригъуэтрэ хиубыдэхэри генетикэ зэпыщlэныгъэкlэрэ зэрылъытэ ″бл″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ ухуа зы псалъэрщ.

Мы къэтlуэтахэм цlыхум хабзэ зыхуэухуэ къежьапlэр къызэрыхэщыр, икlи благъагъэри хабзэ къежьапlэу зэрылъытапхъэр къызэрыхэщыр гурыlуэгъуэщ. Ипэрей лэжьыгъэ lыхьэхэм къытпыщlэхуа ″благъагъэ″р зы хабзэ лlэужьыгъуэ лъабжьэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ зы лъабжьэм къызэрыщlидзам ипкъ иткlэ, *″благъагъэ″р хабзэм и лъабжьэ сферхэм хиубыдэу* лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу цlыхум и хабзэ лъабжьэхэм щыщу, хабзэ сфер лъабжьэм хиубыдэ *благъэгъэм иужькlэ къытехъукlыж хабзэ лlэужьыгъуэхэри* утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщи, ахэри *хабзэм теухуа иужьрей сферхэм хиубыдэу* зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Апхуэдэхэми игъуэ щыхъурэ хабзэм дыщытелэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ, мыбдежым благъагъэр зы хабзэ лIэужьыгъуэ лъабжьэу хабзэ сфер лъабжьэу зэрыщытым щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщ. Аращи, хабзэм и къежьапIэмрэ зы хабзэ лъабжьэу щыт благъагъэр ипэкIэ зи гугъу тщIа макъыбзэ лэжьэкIэ сферым хуэдэу хабзэ лъабжьэ сферым зэрыхиубыдэр гулъытапхъэщ.

Хабзэр зэрыухуа щIыкIэмрэ абы лъабжьэ хуэхъуауэ лъытапхъэхэр адыгэбзэм и псалъэхэм къызэрaIуатэращ мы жытIахэр зытеухуар. Аращи, хабзэ ухуэным лъабжьэ хуэхъуу ипэкIэ зи гугъу тщIамрэ ″благъэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр икIи хабзэ пэщIэдзэрэ хабзэ сфер лъабжьэри зэрыухурауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу цIыхур цIыху зэрыхъум ипкъ зэриткIэ флэкIыпIэ зимыIэ щIыкIэу ухуауэ лъытапхъэщ цIыхум теухуарэ хуэIуауэ зи гугъу тщIа хабзэри, ар зы цIыху лъэпкъым зэрыхуэмыIуарэ цIыхугъэ псом я зэхуэдэ IуэхугъуэУ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу цIыхур цIыху зэрыхъум ипкъ иткIэ ухуа зы хабзэщ Адыгэми зэрихьэу къэгъуэгурыкIуари, ар зэрызэрихьэм зэрезэгъщ Адыгэм и щыIэкIэрэ и щIыкIэр зэрылъытэу ″Адыгагъэ″ псалъэри игъуэ щIэхъум и лъабжьэр. Адыгагъэ псалъэр дэтхэнэ зы лъэпкъыр и лъэпкъыгъэкIэрэ зэрылъытэм хуэдэ зы псалъэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, цIыхур цIыху зэрыхъум ипкъ иткIэ цIыхум хуэIуауэ ухуа хабзэр зэрызырихьэу, зи гугъу тщIа хабзэ сфер лъабжьэр зэримыгъэкIуэдарэ цIыхум пщэрылъ къыхуэхъум гулъытэ хуэзыщIыу зызэрилъытэращ ″Адыгагъэ″ псалъэр игъуэ щIэхъур. ИкIи, цIыхур цIыху зэрыхъурэ цIыхум пщэрылъ хуэхъум къытехъукIыу цIыхум хуэIуа мыпхуэдэ хабзэ зехьэнри зэрыигъуэкIэрэ цIыхугъэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мырагъэнщ цIыху щыIэгъуэм езэгърэ хуэфащэ щыIэкIэрэ щIыкIэм зэрытету зызэрилъытэу, езы Адыгъэми и ″Адыгагъэр цIыхугъэщ″ псэлъэжьым гурыIуэгъуэ къытхуищIыр.

Зэрыухуар гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа цIыху хабзэр зи лъабжьэкIэрэ цIыхум и псэукIэм къызэрихькIэрэ хабзэщIэхэр къытырищIэжущ хабзэр нобэм къызэрысар. Ауэ, хабзэм и нэхъыщхьэр зи гугъу тщIа хабзэ сфер лъабжьэращи, ар зыгъэкIуэда лъэпкъым и хабзэм лъабжьэ зэримыIэжри жыIэпхъэщ. Ауэ, зы лъэпкъ хабзэм мыпхуэдэу лъабжьэ имыIэжу лъытапхъэми, цIыхум цIыхугъэр зэрыфIэмыкIуэдыр гулъытапхъэщи, дэтхэнэ зы лъэхъэнэрэ псэукIэм дежи цIыхум и цIыхугъэр зэрихьэу къызэрыгъуэгурыкIуар зэлъытари зи гугъу тщIа мы хабзэ сфер лъабжьэрауэ жыIэпхъэщ.

Къызэрыхъуа лъабжьэм езэгъыу къэгъуэгурыкIуэ хабзэм цIыху гъащIэр зэрызекIуэ щIыкIэкIэрэ *цIыху инициатив*ым ипкъ зэриткIэ мыпхуэдэ лъабжьэхэри зэрызэхъуэкIрэ зэрылантIэкIэрэ *хабзэщIэхэр* зэрыухуэнури гурыIуэгъуэнщ. Хабзэ лъабжьэм къытырищIэжу а лъабжьэм теухуахэр лантIэ зэрыхъукIэрэ ухуэж мыпхуэдэ хабзэщIэхэри мы зи гугъу тщIа сфер лъабжьэм хиубыдэн хуейуэ зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

*Мыпхуэдэу ухуэ хабзэщlэхэмкlэрэ хабзэ лъабжьэ сферым къыкlэлъыкlуэ хабзэ сфер* ухуэжу лъытапхъэщ, ауэ мыбы нэмыщl, зи гугъу тщla псэлъэбзэм хуэдэжу, *хабзэ лъабжьэхэм егъэкlуныгъэрэ егъэщхьыныгъэкlэрэ хабзэщlэхэри* щызэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэхэри аргуэру *хабзэ лъабжьэ сфер нэужьу зы сфер*у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ хабзэ псэукlэ зиlэ лъэпкъыу къэгъугурыкlуэм нэгъуэщl лъэпкъхэм зэрыхуэзэкlэрэ абыхэм я псэукlэм щыщ гуэрхэри къызэрищтэфынур гурыlуэгъуэнщи, езым *и хабзэм мыпхуэдэ хамэ хабзэ лlэужьыгъуэ къыхэхьэхэри* мы ипэкlэ зи гугъу тщla *хабзэ сферхэм къаклэлъыкlуэж зы сфер*у лъытапхъэщ. Аращи, нобэ Адыгэм зэрихьэу езым и хабзэу илъытэ псори мы ипэкlэ зи гугъу тщla щlыкlэкlэрэ къэхъуарэ къыдэгъуэгурыкlуауэ лъытапхъэкъыми, игъуэ щыхъурэ хабзэм дыщытепсэлъыхьым деж, хабзэ лъабжьэмрэ абы къыкlэлъыкlуэу ухуа е къыхэхьа хабзэхэм теухуа сферхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дахуэхъунщ.

*

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщla цlыхуцlэхэмрэ мифологиер псэлъэбзэ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр, ауэ зи гугъу тщla ″хабзэ″р псэлъэбзэ щlыбыу щытми, зи гугъу тщlарэ зэпкъырытхар нэхъыбэу Адыгэм зэрихьэ хабзэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым зи гугъу тщlыну тхэн lуэхур адыгэбзэмрэ Адыгэм теухуарэ хуэlуауэ щыткъыми, ар цlыху лъэпкъыр нобэ зэрытхэ щlыкlэмрэ абы къигъуэгурыкlуаращ зытеухуар. Арауэ щытми, тхэн lуэхугъуэри адыгэбзэм теухуауэ тлъыта сферхэм езэгъыу зэрылъытапхъэрэ зэрызэщхьэщыдгъэкlыпхъэм щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Аращи, тхэн lуэхугъуэр къызэрыщlидзэрэ къигъуэгурыкlуамрэ нобэм къызэрыса щlыкlэри псэлъэбзэр адыгэбзэм теухуауэ сфер сферу зэрылъытапхъэм хуэдэрэ зэрезэгъкlэрэ зэщхьэщыгъэкlыпхъэщ.

Мы лэжьыгъэр къызэрекlуэкlыну щlыкlэри ипэкlэ зи гугъу тщla тхылъым (АДЫГЭБЗЭ -къыбгурыlуэнрэ уригупщысэныр-) зы пычыгъуэу хэт ″тхэным теухуа зы тхыгъэ″р зи псэлъащхьэ тхыгъэм къыщыунэхуахэм теухуащ. А тхыгъэ пычыгъуэ цlыкlум тхэн lуэхугъуэми псэлъэбзэм хуэдэу лъытапхъэ къежьапlэ зэриlэрэ псэлъэбзэм хуэдэ гъуэгуанэ къызэрикlуар гурыlуэгъуэ къещlри, тхэн lуэхугъуэр къызэрежьарэ къигъуэгурыкlуа лъэбакъуэхэри псэлъэбзэм хуэдэу сфер сферу зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Зи гугъу тщla тхыгъэм къызэрыхэщкlэ, тхэн lуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуар щыlэгъуэр геометрикэ формэкlэрэ гурыlуэгъуэ зыщl тхыпхъэхэращ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ къэхъуарэ псэущхьэм къызхигъэlукlыу утыку къихьа макъхэм щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэ зэраlэнум хуэдэжу, дэтхэнэ зы геометрикэ формэми мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриlэнур гурыlуэгъуэщ. Зэхих макъыр и мыхьэнэкlэрэ зэрызыхищlэм хуэдэщи, илъагъу геометрие формэри зытеухуа щыlэгъуэ геометриеклэ зэрызыхищlэрэ къызэрыгурыlуэкlэрэщ цlыхум и тхэн lуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуари. Икlи адыгэбзэм ″тх″ макъ зэгуэтымрэ абы къытехъукla ″тхын,

тхэн″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIри мы къэтIуэтахэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъащи, щыIэгъуэр зэрыухуа геометрием и Iыхьэхэу щыт дэтхэнэ зы геометрикэ формэм щыIэгъуэм теухуауэ мыхьэнэ зэриIэнур зэрыгурыIуэгъуэу, зы геометрикэ формэр ар зытеухуа щыIэгъуэ щIыкIэкIэрэ занщIэу къызгурыIуэу щыта цIыхум мыпхуэдэ геометрикэ формэхэр кIуэ пэтрэ къызэритхъыхьрэ зэритх щIыкIэрауэ жыIэпхъэщ тхэн Iуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуар. ЦIыхум геометрикэ формэхэр я щыIэгъуэкIэрэ - щыIэгъуэ геометрием зэрытеухуакIэрэ- къызэрыгурыIуэм ипкъ иткIэ, кIуэ пэтрэ гурыIуэгъуэ ищIыну щыIэгъуэ лIэужьыгъуэхэри геометрикэ формэ тхынкIэрэ утыку къырилъхьэу зэрыщIидзэрэ илъытэнухэр мыпхуэдэу зэритхкIэрэ лъабжьэ игъуэтауэ жыIэпхъэщ тхэн Iуэхугъуэм.

Тхэн Iуэхугъуэр мыпхуэдэ лъабжьэкIэрэ утыку къызэрихьар псэлъэбзэ пэщIэдзэр макъыбзэу зэрыухуам зэрыхуэдэр гулъытапхъэщ: щыIэгъуэ ужьыгъуэм псэущхьэм къихуихьа макъхэмкIэрэ ухуа псэлъэбзэмрэ, геометрикэ формэр цIыхум зэрилъагъурэ я щыIэгъуэкIэрэ зэрызыхищIэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхэн Iуэхугъуэр я щыIэгъуэкIэрэ зэрызэтехуэр гурыIуэгъуэщ. Макъхэмкlэрэ лъытэр щыIэгъуэ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытэм хуэдэжу, щыIэгъуэ эффект зиIэ формэхэмкIэрэ щыIэгъуэм теухуа гуэрхэр зэрылъытэу тхэн Iуэхугъуэри ухуэу зэрыщIидзар гурыIуэгъуэнщи, псэлъэбзэм и пэщIэдзэ *макъыбзэ лэжьэкIэр лъабжьэ сферу* зэрылъытапхъэм хуэдэжу, *тхэн Iуэхугъуэр мы къызэрежьа щIыкIэри* ар зэрызэпкъырыува *тхыпкърэ тхэн сфер лъабжьэу* зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ.

Нобэм къэсыху тхэным къигъуэгурыкIуа гъуэгуанэм и Iыхьэ гуэрхэм мы и гугъу зэрытщIа щIыкIэу тхэныр къызэрежьарэ зэрыухуа сфер лъабжьэм теухуа гуэрхэр хыболъагъуэри, щыIэгъуэр геометрикэ формэкIэ гурыIуэгъуэ зыщIыу тхыпкърэ *тхэн сфер лъабжьэу лъытапхъэри "идеограмма/идеограмэ" тхэкIэр*ауэ жыIэпхъэщ. Зыгуэрыр и щыIэгъуэкIэрэ гурыIуэгъуэ къыпхуэзыщI формэу лъытапхъэщ ″идеограмэ″у ялъытахэр: зы ″идеограмэ″ыр зытеухуам и щыIэгъуэ эффект зиIэ геометрие формэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ″Идеограмэ″ жыхуаIэр зы гупщысэ, еплъыкIэ – лъагъуыкIэ, зы иде зиIэ формэрщи, ар зылъагъу дэтхэнэ зы цIыхумкIэ зэхуэдэу гурыIуэгъуэ хъурщ. Идеограмэкlэ лъытар и щыIэгъуэкIэрэ зы ″иде″уэщ зэрылъытари, а идер гурыIуэгъуэ зыщI формэрэ пщалъэу ″граммэ/грамэ″у зэрыщытым къытехъукIа псалъэрщ ″идеограмэ″ псалъэри.

ЩыIэгъуэрэ зы идер гурыIуэгъуэ зыщI геометрие формэу щыт идеограмэхэмкIэрэ тхэуи щытащ зы лъэхъэнэм цIыхури, икIи мыпхуэдэ щапхъэхэр зыхэплъагъуэ зы тхэкIэри Хьэтхэр зэрытхэ щIыкIэращ. Ауэ, а тхэкIэм хиубыдэ дэтхэнэ зы формэри идеограмэу зэрыщымытыр, Хьэт тхэкIэр идеограм защIэ тхэкIэу зэрыщымытыр гулъытапхъэщ. Идеограмэ

зи лъабжьэу къэхъуарэ идеограмэхэр зыхэт зы тхэкlэрщ ари, идеограмэхэм къатехъукlыж формэ зиlэ тхыпхъэ/тхыпкъэхэмрэ идеограмэхэм егъэщхьыныгъэкlэ къэхъуа формэ зиlэ тхыпхъэ/тхыпкъэхэри зыхэтыж, икlи нэгъуэщl формэ гуэрхэри зыхэплъагъуэ тхэкlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, мыпхуэдэу ухуауэ зэхэлъ Хьэт тхэкlэр идеограмэм къыщlидзэу, къыкlэлъыкlуэ тхэн сфер гуэрхэри зыхэлъыжу зэпкъырылъ зы тхэкlэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Идеограм жыхуэпlэр адыгэбзэкlэ къэlуэтапхъэмэ, ар адыгэбзэм ″тхьэбзэ″ жыхуиlэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Зыгуэрыр и щыlэгъуэкlэрэ гурыlуэгъуэ къыпхуэзыщl формэр адыгэбзэм и ″тхьэбзэ″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″щыlэгъуэ логие″р ″тхьэм и логие″у зылъытэ зы псалъэуи лъытапхъэщ ″тхьэбзэ″р. Нобэ бзэм щызэрызекlуэм нэмыщl, хамэбзэу адыгэбзэм къыхэхьа ″дамыгъэ″ жыхуэтlэри адыгэбзэм зэрилъытэу щытаращ ″тхьэбзэ″р. Икlи Адыгэм зэрихьауэ щыта тхьэбзэхэм я нэхъыбэри зи гугъу тщlы идеограм лlэужьыгъуэхэу зэрыщытыр, е абыхэм къатехъукlауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, ″идеограмэ″ жыхуэтlэмрэ адыгэбзэкlэ ″тхьэбзэ″ жыхуэтlэр зэхуэдэщи, Адыгэм и тхьэбзэхэр тхэн lуэхугъуэкlэ зэрихьарэ тхыпкъэхэу зэрызэрихьам теухуа зы тегъэщlапlэ щымыlэми, зи гугъу тщlы идеограмэ тхэкlэр Адыгэ тхьэбзэхэри зыхэт тхэкlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи, идеограм. тхэкlэм кlуэ пэтрэ а формэхэр зи лъабжьэу къытехъукlыж тхыпкъэхэм хуэдэжщи, Адыгэ тхьэбзэ лъабжьэхэми кlуэ пэтхрэ тхьэбзэщlэхэр къызэрытехъукlыжар Адыгэ тхьэбзэхэми хыболъагъуэр.

Тхэкlэм и сфер лъабжьэр идеограмэхэрауэ зэрылъытапхъэм езэгъ щапхъэ къэгъэлъэгъуэн хуеймэ, а нэхъ идеограмэ нэхъыщхьэу лъытапхъэ ″тхьэ идеограмэ″м щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Хьэтхэм я тхэкlэ сфер лъабжьэм хиубыдэ зы идеограмэщ ″тхьэ идеограмэ″ жыхуаlэри, ар Хьэтхэм я тхэкlэ закъуэм хуэмыlуарэ дунейм дэтхэнэ зы щlыпlэми тхьэр зэрылъытэрэ зэрытх формэу узрихьэлlэрщ. Мы тхьэ идеограмэри хъурей формэ зиlэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, ар хъурейуэ зэрыщытыр адыгэбзэм и ″хъурей″ псалъэм гурыlуэгъуащэ къищlыуи жыlэпхъэщ. Икlи, мыпхуэдэ хъурей формэр адыгэбзэм зэрилъытэр ″тхьэгъу″ псалъэмкlэрщи, а псалъэм зэрыигъуэу гурыlуэгъуэ къыпхуищlыр мы зи гугъу тщlы ″тхьэ идеограмэ″рауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Хъуей формэу щытщ ″тхьэгъу″рэ ″тхьэ идеограмэ″ри, мы формэр тхьэр гурыlуэгъуэ зыщlрэ тхьэ идеограмэу зэрыщытым езэгъыщэу лъытапхъэщ адыгэбзэм а геометрие формэр зэрилъытэ ″хъурей″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlыр: ар хъум, хъуурэ къекlуэкlым и формэу щытырщи, апхуэдэр сытри зыхэзыубыдэу а нэхъ зэпэщрэ зэгущыгъэ зиlэу, нэхъыщхьэ геометрие формэращ.

Араща, хъурей формэ зиlэрэ адыгэбзэм ″тхьэгъу″у илъытэу, ″тхьэ идеограмэ″у ялъытэр тхэн lуэхугъуэр зэрызэпкъырыува сфер лъабжьэм

хиубыдэ зы щапхъэщ. Мы сфер лъабжьэм хиубыдэ нэгъуэщl щапхъэхэри мащlэкъыми, апхуэдэхэм иужькlэ игъуэ щыхъурэ тхэн lуэхугъуэм дыщытепсэлъыхьым я гугъу щытщlынщ. Ауэ, тхьэбзэрэ тхэкlэр мыпхуэдэ формэ лъабжьэкlэрэ къежьарэ идеограм тхэкlэ ухуами, кlуэ пэтрэ абыхэм къытехъукlыжхэри тхыпхъэрэ тхыпкъэхэу тхэкlэм зэрыхэхьапхъэри гурыlуэгъуэщ, икlи ипэкlи жытlагъэххэщ. Мыпхуэдэу ухуахэри макъыбзэ лэжьэкlэ сферым къыкlэлъыкlуэу зи гугъу тщla сферхэм хуэдэжу, *тхэн сфер лъабжьэу щыт идеограмэ нэужь тхэн сфер*хэм хиубыдэ тхыпкъэхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, идеограмэхэм къатехъукlыж тхыпхъэ/тхыпкъэхэм нэмыщl, псэлъэбзэм мыхьэнэ егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуэ псалъэхэр зэриlэм хуэдэу, идеограмэхэм егъэщхьыныгъэкlэрэ тхыпхъэ/тхыпкъэ къызэрыхъунури гурыlуэгъуэнщи, мыхэри тхэн сфер лъабжьэу щыт идеограмэ нэужь зы сферым хиубыдэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщlахэри хыболъагъуэр Хьэт идеограмэ тхэкlэу ялъытэмрэ нэгъуэщl тхэкlэ гуэрхэм. Ауэ икlи, мы зи гугъу тщla сферхэм къыщымынэрэ мыпхуэдэу илъытэнум и идем теухуауэ щымыту, илъытэнум и теплъэм егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуа тхыпкъэхэри зи гугъу тщlы тхэкlэхэм зэрызыхиубыдэри гулъытапхъэщ. Аращи, макъкlэрэ ухуа псэлъэбзэм и псалъэ гуэрхэр макъ мыхьэнэншэрэ макъ егъэщхьыныгъэм хуэдэу зэрыухуэфым хуэдэжщи, тхэн lуэхугъуэкlи илъытэр и теплъэм зэригъэщхькlэрэ ухуэ тхыпхъэ/тхыпкъэ еухуэр. Апхуэдэхэри зи гугъу тщla тхэн сферхэм къаклэлъыкlуэ зы тхэн сфер лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, тхэн сфер лъабжьэу зи гугъу тщla идеограмэхэмрэ, абыхэм къатехъукlыж тхыпкъэхэр зыхэзыубыдэ тхэн сферымрэ, идеограм егъэщхьыныгъэкlэрэ ухуэу абы къыкlэлъыкlуэ тхэн сферым нэмыщl, *илъытэнур егъэщхьыныгъэкlэрэ утыку къизылъхьэ тхыпкъэхэри зы сфер*у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Мы сферри сурет тхэкlэу "пиктогамма/пиктограмэ" жыхуаlэ тхэкlэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, псэлъэбзэм и зэкlэлъхьэужьыкlэм хуэдэу лъытапхъэщ тхэкlэми зызэриубгъу щlыкlэри, *идеограмэрэ абы къытехъукlыжхэр зыхэзыубыдэ сферхэм къыкlэлъыкlуэу лъытапхъэщ пиктограмэ тхэкlэ сфер*ыр.

Мыпхуэдэ лъэбакъуэкlэрэ зэпкъырыувэ тхэкlэр мы дэтхэнэ зы щlыкlэр зыхэлъыжущ зэрызекlуэри, илъытэр и щыlэгъуэрэ и идекlэрэ, е а щыlэгъуэрэ а иде лъабжьэкlэрэ, е щыlэгъуэрэ иде егъэщхьыныгъэкlэрэ, е илъытэнур и теплъэ егъэщхьыныгъэкlэрэ зылъытэу зекlуэ тхэкlэр игъуэ къэсрэ цlыхур псынщlэрытхагъ хуэныкъуэ зэрыхуэхъуми къызэрыгуэкlкlэ, тхэкlэр зэрызекlуэ тхыпхъэ/тхыпкъэхэм мы я лъабжьэри щlыудыжу, теплъэ егъэщхьыныгъэи зэрыхэмылъыжкlэрэ мыхьэнэншэ дыдэ формэхэр тхыпкъэу утыку къихьащ. Нобэ ди тхэкlэм хиубыдэ тхыпкъэхэр мыпхуэдэу къэхъуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщи, тхыпхъэ/тхыпкъхэр *илъытэм зыгуэркlэ пымыщlарэ емылъытауэ нобэ къекlуэкl тхэкlэри* тхэн

сферу мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм къыкlэлъыкlуэ *иужьрей тхэн сфер*ырщ. Икlи, мы зи гугъу тщlы тхэкlэр нобэ тхыдэ къежьапlэу ялъытэ лъэхъэнэм къыщыхъуа тхэкlэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, нобэрей сивилизацэм лъабжьэ хуэхъуар мы мыхьэнэншэ формэхэмкlэрэ къэгъэлъэгъуэн нэмыщl къалэн зимыlэ тхэкlэращ. Тхэн lуэхугъуэм теухуауэ мы жытlахэм ещхьыркъабзэу зэрыщытари гулъытапхъэщ псэлъэбзэм теухуауэ жытlахэри, зи гугъу тщlы мы сивилизацэм и тхэкlэри, и бзэри мыпхуэдэ мыхьэнэншэ формэрэ макъкlэрэ зэрыухуар гурыlуэгъуэщ, е и тхэкlэм и формэхэмрэ и бзэм и макъхэм я мыхьэнэхэр щlэкlуэдыкlауэ жыlэпхъэщ. Араща, мыпхуэдэ тхэкlэр икlи зи гугъу тщlы бзэхэр зиlэхэм я тхыдэ къежьапlэу зэрылъытэри зэтехуэрэ зэзэгъ lуэхугъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

## АДЫГЭБЗЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЗЭКIЭЛЪХЬЭУЖЬЫКIЭМ ТЕУХУАУЭ

Ипэкlэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и лэжьэкlэмрэ и псалъэхэр къызэрыхъу щlыкlэрэ я мыхьэнэкlэри сфер сферу зэрылъытапхъэм щыгъуазэ дыхуэхъущ. Мыбы нэмыщl, макъыбзэр псэлъэбзэ лъабжьэу зэрыщытрэ адыгэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъщи, адыгэбзэм псэлъэбзэр зэрыухуэрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэми щыгъуазэ узэрыхуищlынур гурыlуэгъуэщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкlщи, псэлъэбзэр зы макъыбзэу утыку къызэрихьэрэ зэрызекlуэ щlыкlэмрэ псалъэхэр зэрыухуэм теухуа зы щапхъэу илъабжьэкlэ адыгэбзэ лэжьэкlэмрэ и псалъэ къэхъуныгъэхэм лъэбакъуэ лъэбакъуэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Щыlэгъуэрэ къэхъу къекlуэкlым зы логиерэ зы бзэ иlэщи, псэлъэбзэри мыпхуэдэ зы логие зиlэу зэпкъыувэ зы щыlэгъуэщ; псэлъэбзэр зэрыухуэ макъхэри мы щыlэгъуэрэ къэхъу къекlуэкlым ипкъ иткlэ, зы псэущхьэрэ микрокосмосу лъытапхъэ цlыхум и щыlэгъуэм къыхэхъукlыу щхьэж щыlэгъуэ зыгъуэтаращ. Щыlэгъуэрэ космосым езэгъыу зы щыlэгъуэ зиlэ цlыхум къыпкъырыкl макъхэр езы цlыхум и пкъым и лъэкlыныгъэу къэхъухэрщи, ахэр а пкъыгъуэрэ псэугъуэм и щыlэкlэрэ и логием езэгъыу зэрихьэу щыщlидзэкlэ, псэлъэбзэ жыхуэтlэращ ухуэу щlидзэр.

Макъхэм езым я къэхъукlэм теухуауэ щхьэж мыхьэнэрэ къалэн яlэщи, ахэр къызэрыхъум къыщlидзэу ухуэ псэлъэбзэм къигъэщl мыхьэнэхэмрэ, псэлъэбзэр мыухуэ ипэ къэхъуауэ щыт макъхэм я мыхьэнэхэр зэщхьэщыкl щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэхэщ. Псэлъэбзэр зэрыухуэр макъхэмкlэщи, макъхэр я ″макъ мыхьэнэ″кlэрэи, бзэм хэхьэу ″бзэ мыхьэнэ″ зэрыхъукlэрэи бзэм холэжьыхьыр. Игъуэр къыщыскlэ мыбыхэм теухуауэ лэжьыгъэхэр утыку къитлъхьэнщ.

Мы псалъэхэми гурыlуэгъуэ зэращlрэ ипэкlи и гугъу зэрытщlаущи, ″макъ мыхьэнэ″мрэ ″бзэ мыхьэнэ″р зэщхьэщыкl lуэхугъуэщ. Псэлъэбзэр зэрыухуэр макъхэмкlэрэщ, ауэ макъхэмрэ псэлъэбзэ жыхуэтlэхэм я

щыIэгъуэр зэхуэдэкъым. ″Макъ мыхьэнэ″ жыхуэтIэр макъ щыIэгъуэм теухуащ, ″бзэ мыхьэнэ″ жыхуэтIэр псэлъэбзэм и щыIэгъуэм теухуащ.

Псэущхьэм и ужьыгъуэкIэрэ къызхигъэIукI макъхэмкIэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэри, мыпхуэдэу утыку къихьэ псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ ухуэкIэу утыку къихьарэ ноби мы къызэрыхъуа щIыкIэр зымыгъэкIуэда адыгэбзэр зы макъыбзэщ. Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэр макъхэр утыку къызэрихьэм къыщIидзэущ зэрыухуэри, и псалъэхэр утыку къызэрихьэри макъхэр я къэхъукIэкIэ бзэм зэрыхэхьэ щIыкIэу къэхъу ″макъ псалъэ″м дежщ къыздыщIидзэр.

Макъхэр утыку къызэрихьэр зи пэщIэдзэ псэлъэбзэм мы утыку къихьа макъхэмкIэрэ макъ псалъэхэр хуоухуэри, макъхэр зэрыбагъуэм къыкIэлъыкIуэу и псалъэхэри зэрыбагъуэр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ мыбы къыщымынэу, утыку къихьа макъхэр зэрызэгухьэкIэрэ макъ псалъэхэм къыкIэлъыкIуэу макъ гупкIэрэ ухуэ псалъэхэри зэрыухуэр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу макъ псалъэрэ макъ гупкIэрэ ухуэ псалъэхэми макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэжкIэрэ псэлъэщIэхэри утыку къызэрихьэнур гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэрэ бзэм и псалъэхэр зэрыбагъуэрэ бзэм и лэжьэкIэми зызэриужьыр гурыIуэгъуэщи, бзэ ужьыгъуэр утыку къихьагъэххэ псалъэхэми префиксрэ суффикс къалэн ягъэзащIэу лъытапхъэ макъхэр къызэрыпыхьэжкIэрэ лэжьэкIэ ягъуэту бзэ лэжьэкIэри зэрыбагъуэр гурыIуэгъуэнщ. МакъкIэрэ ухуа псэлъэбзэ ужьыгъуэрэ лэжьэкIэу мы къэхъу лъэкIыныгъэхэм зэкIэлъхьэужьыкIэ зэраIэнури гурыIуэгъуэнщ, ауэ псэлъэбзэ ужьыгъуэм ипкъ зэриткIэ зэкIэлъхьэужьыкIэу утыку къихьа мы бзэ лъэкIыныгъэр сытым дежи лэжьэфу зэрызекIуэри гурыIуэгъуэщ.

Макъхэр утыку къызэрихьэу ухуэу щIэзыдза бзэм и ужьыныгъэм мы зи гугъу тщIа и зэкIэлъхьэужьыкIэу къигъуэт лъэкIыныгъэхэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ бзэ ужьыныгъэри зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм зэрыхэплъэгъуэфынур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, бзэм и ужьыгъуэ лъэбакъуэхэу бзэм и лэжьэкIэ лъэкIыныгъэхэр утыку къызэрихьэр адыгэбзэм теухуауэ илъабжьэкIэ лъэбакъуэ лъэбакъуэу тлъытэнщ.

Макъхэр утыку къызэрихьэм къыщIидзэу ухуэ псэлъэбзэр зы макъыбзэу зэрыщыткIэрэ абы къигъэщI япэрей псалъэхэр макъыр зэрыщыту бзэм зэрыхэхьэкIэрэ ухуэхэращи, мыхэращ ″макъ псалъэ″ жыхуэтIэхэр. ″Макъ псалъэ″м къыщIидзэу псалъэхэр утыку къызэрихьэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу зэрызекIуэм гулъытэ зэрыхуэпщIыфынур гурыIуэгъуэнщ, ауэ, зы макъыбзэр макъым къыщIидзэу зэпычыгъуэ зэримыIэ пэлъытэу зэрызекIуэм зэрезэгъщи, мы зекIуэкIэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр къыкIэлъыкIуэм зэрыщхьэщыкIыр сытым дежи лъытэныр тыншкъым. Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, псалъэ къэхъуныгъэм и зы щIыпIэ гуэрхэр ар къызкIэлъыкIуэрэ абы къыкIэлъыкIуэ бзэ лэжьэкIэ лыхьэхэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкIыр лъытэныр сытым дежи тыншкъым.

Мы зи гугъу тщlыхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къекlуэкlыну лэжьыгъэ цlыкlуми зэрыхэплъэгъуэнур гурыlуэгъуэщ.

Псалъэ къэхъыныгъэм теухуауэ аргуэру мыбдежым щыпыщапхъэщи, зы макъыбзэм ″макъ мыхьэнэ″ зиlэу тлъыта дэтхэнэ и зы макъыр бзэм ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьыфынум нэмыщl, икlи макъхэр зэрызэгухьэкlэрэ макъ гупкlэрэ ухуа псалъэ къызэрыхъунури гурыlуэгъуэщи, псалъэхэр мыпхуэдэу зы ″макъ псалъэ″у, е ″макъ гупкlэ ухуэ псалъэ″у утыку къихьауэ лъытэн папщlэ, апхуэдэ ″бзэ мыхьэнэ″р бзэ лэжьэкlэм хроникэ хэхъухьын зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, бзэ мыхьэнэ зиlэу псалъэ къызтехъукlыпхъэ дэтхэнэ зы макърэ макъ гупым бзэр зэрызекlуэу нобэ ″псалъэ″ жыхуэтlэхэр къызэрытемыхъукlари гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу псалъэ къызтехъукlыпхъэу щытрэ иджыри псалъэ къызтемыхъукlыр тlэ ″псалъэ потанциал″у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. ″Псалъэ потанциал″ жыхуэтlэр псалъэ хъупхъэу иджыри псалъэ мыхъууэ щыт макърэ макъ гупхэррщи, ар адыгэбзэкlэ ″псэлъапхъэ″у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу псэлъапхъэу щытрэ иджыри псалъэ мыхъуа макъхэмрэ макъ гуп зэгухьахэри псалъэ къэхъуныгъэм теухуа мы лэжьыгъэ lыхьэ цlыкlум зэрыхэплъэгъуэфынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыпхуэдэу ″псэлъапхъэ″у лъытахэр а зэрыщыткlэрэ бзэм хроникэ хэмыхъухьарэ иджыри псалъэ мыхъуами, абыхэм нэгъуэщl макърэ псалъэ къызэрыгухьэкlэрэ псалъэхэр къазэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэнщи, мыбыхэми псалъэ къэхъуныгъэм теухууауэ иужькlэ къедгъэкlукlыну лэжьыгъэхэм нэхъри щыгъуазэ дызэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы жытlахэми зэрезэгъкlэрэ зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухууауэ псэлъэбзэр макъым деж къызэрыщlидзэкlэрэ зэрылажьэмрэ и псалъэхэр къызэрыхъу лъэбакъуэхэм илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщи, мыбдежым ″псалъэ″ къэхъуныгъэу зи гугъу тщlыхэр зытеухуар ″щыlэцlэ, плъыфэцlэ, бжыгъэцlэ, глагол″ хуэдэу щхьэж мыхьэнэ зиlэ псалъэ лlэужьыгъуэхэращ (мыхъумэ, пп: глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэракъым); - ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlынур икlи мы зи гугъу тщlы псалъэхэр утыку къызэрихьэ зэкlэлъхьэужьыкlэракъым.

### Адыгэбзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэ лъэбакъуэхэм теухууауэ

Псэлъэбзэм и лъабжьэрэ пэщlэдзэр макъыбзэрщи, макъыбзэр зэрыухуэрэ и псалъэхэр къызэрыхъум и пэщlэдзэри ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэрщ. Аращи, псалъэ къэхъуныгъэр зы макъыбзэм дежкlэ ″макъ псалъэ″м дежщ къыздыщlидзэри, ар адыгэбзэм зэрыхэплъагъуэу, зы макъыбзэм и лэжьэкlэрэ и псалъэ къэхъуныгъэм и **япэрей лъэбакъуэ**р ″макъ псалъэ″хэрауэ зэрыщытыр япэрей лэжьыгъэхэми, мы ипэкlэ къыжытlахэми гурыlуэгъуэ къытхуащlыр.

Зы макъыу щыlэгъуэ зиlэм бзэ мыхьэнэуэ щыlэгъуэ зэригъуэтырщ псалъэ къэхъыныгъэм и япэрей лъэбакъуэри, мыпхуэдэу щыт ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэр псэлъэбзэр макъхэмкlэрэ зэрыухуа логие лlэужьыгъуэу лъабжьэ зэрызигъуэтаращи, абы нэхъ кууэ хэплъэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, илъабжьэкlэ ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм и зы хэплъэгъуэу къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэ цlыкlум къыщымынэу, ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм теухуауэ нэхъ зэlуха зы лэжьыгъэ lыхьэр адыгэбзэм дэтхэнэ и зы макъыр зэрылъытэкlэрэ къедгъэкlукlынущ.

Мы япэрей лъэбакъуэм къыкlэлъыкlуэ псалъэ къэхъуныгъэри ″макъ гупкlэрэ ухуэ псалъэ″хэращи, мыри псалъэ къэхъуныгъэм и **етlуанэ лъэбакъуэ**рщ.

Мы лъэбэкъуитlыр зэуэ зэрызэщхьэщымыкlыр ипэкlэ къыхэдгъэщащи, ″макъ псалъэ″ нэужьу ″макъ гупкlэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэм бзэ лэжьэкlэр зэрыхуэкlуэр ″макъ псалъэ пэлъытэ″у тлъыта бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэр зэрыухуэрауэ лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ пэщlэдзэкlэрэ зыкъэзгъэлъагъуэ ″макъ гупкlэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэ лъэбакъуэм и япэрей lыхьэрэ лъэбакъуэри макъитl зэрызэгухьэу ухуа псалъэхэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Макъитl зэгухьэныгъэм макъищ зэгухьэныгъэ къызэрыкlэлъыкlуэнур, икlи мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр макъ зэгухьэхэр зэрыбагъуэкlэрэ зэрекlуэкlынур гурыlуэгъуэнщ.

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **ещанэ лъэбакъуэ**у лъытапхъэри ″ухуагъэххэ псалъэ″хэм икlэрэ ищхьэкlэ макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэкlэрэ ″псэлъэщlэ″хэр къазэрытехъукlырщ.

Ухуагъэххэ псалъэхэм ищхьэрэ икlэм макъ гуэрхэр къыпыхьэжу псалъэ зэрыухуэм нэмыщl, къыпыхьэ макъхэмкlэрэ псалъэм и мыхьэнэр къызэрытенэкlэрэ зэрылажьи щыlэщи, мыри бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **еплlанэ лъэбакъуэ**у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ псалъэ лэжьэкlэр ухуагъэххэ псалъэхэм ищхьэмрэ икlэм макъ гуэрхэр ″префикс, суффикс″ къалэнкlэрэ къыпыхьэу лэжьэкlэ зэрагъуэтырщ.

Ещанэрэ еплlанэ лъэбакъуэхэр зэрызэщхьыр гулъытапхъэщ, ауэ зэрызэщхьэщlыкl щlыкlэри гурыlуэгъуэщ: еплlанэ лъэбакъуэри ещанэ лъэбакъуэм хуэдэу ухуагъэххэ псалъэхэм макъ гуэрхэр къызэрыхьэрщи, зэрызэщхьыр мыращ; ауэ, псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ ″псэлъэщlэ″ къызэрытехъукlырщ ещанэ лъэбакъуэри, псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ псэлъэщlэ къытемыхъукlыу, псалъэ мыхьэнэрэ зытеухуа lуэхугъуэр зэрызэмыхъуэкlкlэрэ къыпыхьэ макъкlэрэ а ″псалъэр зэрылажьэ″ращ еплlанэ лъэбакъуэр.

Араши, ещанэ лъэбакъуэр зытеухуар псалъэхэм къыпыхьэ макъкlэрэ псэлъэщlэ утыку къызэрихьэращ; ауэ еплlанэ лъэбакъуэр псалъэхэм къыпыхьэ макъхэмкlэрэ лэжьэкlэ зэрагъуэтырщ. Мы зэщхьэщыкl lуэхугъуитlыр зэхуэдэ макъкlэ гъэзэщlэф lуэхугъуитlыу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, зы макъым игъэзащlэ мыпхуэдэ lуэхугъуитlыр сытым

дежи зэщхьэщыгъэкlыныр тыншкъым. Мыбы папщlэрагъэнщи, нобэ ди бзэщlэныгъэм ухуагъэххэ псалъэм макъ къызэрыпыхьэкlэрэ утыку къихьэ псэлъэщlэхэри ″префикс, е суффикс″кlэрэ лажьэу ухуа псалъэхэу зэрилъытэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ ар захуэу лъытапхъэкъыми, псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ ухуэ псэлъэщlэмрэ (ещанэ лъэбакъуэ) псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ зэрылажьэр (еплlанэ лъэбакъуэ) зэщхьэщыгъэкlын зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, псалъэхэм зэхуэдэ макъ къыпыхьэми, гъэзащlэ lуэхугъуэр зэрызэщхьэщыкlым папщlэ, мы lуэхугъуитlыр зэхуэмыдэ бзэ лэжьэкlэ лъэбакъуэу лъытапхъэщ: зым деж, псалъэхэм къыпыхьэ макъхэмкlэрэ псэлъэщlэхэр (бзэ мыхьэнэщlэ) утыку къохьэри (ещанэ лъэбакъуэ), мы псэлъэщlэр зытеухуа lуэхугъуэр ар къызтехъукlа псалъэр зытеухуа lуэхугъуэрауэ щытыжкъым; адрейм деж, къыпыхьэ а макъымкlэ (″префикс, суффикс″ къалэнкlэрэ) псалъэм и мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу лэжьэкlэ егъуэтыр (еплlанэ лъэбакъуэ).

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **етхуанэ лъэбакъуэ**ри ухуагъэххэ псалъэхэр зэрызэгухьэу ″псалъэ зэхэлъ″ е ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэращ.

″Псалъэ зэхэлъ″ терминыр нобэ ди бзэщlэныгъэм зэрихьэращ, ауэ адыгэбзэм и псэлъитl-щыкlэрэ ухуэ мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ ″псалъэ зэгуэт″ терминыр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ.

Икlи гулъытапхъэрэ къыхэгъэщыпхъэщи, псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ ″псалъэ зэгуэт″ къэхъуныгъэр мы ипэкlэ зи гугъу зэрытщlауэ псалъэр ″префикс, суффикс″кlэрэ зэрылажьэм ипэ къэхъуагъэнуи лъытапхъэщ. Аращи, псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ зэрылажьэу псэлъэщlэ зэрыухуэм (ещанэ лъэбакъуэм) къыкlэлъыкlуэ псалъэ къэхъуныгъэ лъэбакъуэр псалъэм псалъэ къыпыхьэу ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэрауи лъытапхъэщ. Псалъэ къэхъуныгъэкlэ, псалъэм псалъэ къызэрыпыхьэу ″псалъэ зэгуэт″ къэхъуныгъэр ″префикс, суффикс″ къалэнкlэрэ псалъэм лэжьэкlэ зэригъуэтым ипэ къихуэу лъытапхъэми, псалъэр ″префикс, суффикс″кlэрэ зэрылажьэу еплlанэ лъэбакъуэу тлъытар псалъэм макъ къызэрыпыхьэкlэрэ псэлъэщlэ утыку къызэрихьэ ещанэ лъэбакъуэм зэрещхьрэ зэрыхуэдэ лэжьэкlэу зэрылъытапхъэм папщlэрэ, икlи мыр псалъэ зэгухьэныгъэ (псалъэ зэгуэт) нэхърэ макъ мыхьэнэ лэжьэкlэу макъыбзэ лэжьэкlэ купщlэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрыщытым папщlэщи, мыбдежым ″префикс, суффикс″ лэжьэкlэр еплlанэ лъэбакъуэу къэдгъэлъэгъуащ.

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **еханэ лъэбакъуэ**ри ухуагъэххэ псалъэхэр зэрызэкlэлъыкlуэкlэрэ е зы макъым и къалэнкlэрэ зэрызэпха щlыкlэу псалъэ ухуэныгъэращи, мыри ″псалъэ зэпха″хэращ.

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэм и **ебланэ лъэбакъуэ**ри ″псалъэуха/псалъэухыгъэ″ жыхуэтlэр утыку къызэрихьаращи, бзэм и лэжьэкlэр зэрыхъун щыхъуарэ бзэм къиlуэтэнур нэсу - зыхэзыубыдэ псалъэхэр зи гугъу тщla щlыкlэкlэрэ зэрылажьэ, зэрызэгухьа, зэрызэпхакlэрэ- къызэрыlуатэрщ. Мы лъэбакъуэр псэлъэбзэр зэрыхъун

зэрыхъуарэ псалъэ къэхъыныгъэкlэ щыгъэнщlа лъэбакъуэращи, ипэкlэ зи гугъу тщlа лъэбакъуэхэри зыхэзыубыдэф бзэ лэжьэкlэрщ; мы лъэбакъуэр псэлъэбзэм и лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэныгъэр щыухрэ абы утыку къырилъхьэфынухэм теухуауэ нэхъ зэгущыгъуэрэ псоугъуэ щигъуэтырщи, псэлъэбзэкlэ къэгъэунэхуфынур икlэ нэгъунэ утыку къизылъхьэ лъэбакъуэрщ.

*

Мыбдежым макъыбзэр зэрыухуэрэ зэрылажьэм, абы псалъэхэр къызэригъэхъум теухуа лъэбакъуэхэр тлъытащ. Мы дэтхэнэ зы лъэбакъуэм игъуэ щыхъум деж аргуэру дытепсэлъыхьынщ. Ауэ, макъым къыщlидзэу ухуэ псэлъэбзэу щыт макъыбзэм и япэрей лъэбакъуэр ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, япэрауэ макъыбзэу щыт адыгэбзэм и ″макъ псалъэ″хэр зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Псэлъэбзэм и лъабжьэр зэрыухуэрэ абы и псалъэхэр макъхэм къазэрытехъукlыу зэрыщlидзэращ ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэ лъэбакъуэри, макъыбзэм мыпхуэдэ лъабжьэ игъуэта нэужьщ адрей лъэбакъуэхэри абы къыкlэлъыкlуэущ зэрыухуэр. Аращи, псэлъэбзэ ужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъурэ ар зэрыухуэ лъэбакъуэхэм пэщlэдзэ зэрыхуэхъум ипкъ иткlэ, япэрауэ макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ бзэм зэрыхэхьэу псалъэ зэрыхэхъухьым щыгъуазэ дыхуэхъуанщ.

Ипэкlэ мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, дэтхэнэ зы лъэбакъуэр зэрызэпкъырыувэ щlыкlэри и кlуэцlкlэрэ lыхьэрэ лъэбакъуэ цlыкlукlэрэущи, макъыбзэм и япэрей лъэбакъуэ ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм езыр и кlуэцlкlэрэ lыхьэ lыхьэрэ лъэбакъуэ лъэбакъуэ цlыкlукlэрэ зэрызэпылъылъми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи илъабжьэкlэ къытпэщыт мы лэжьыгъэ lыхьэ цlыкlур псэлъэбзэ лъабжьэу щыт макъыбзэм и лэжьэкlэрэ и псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм теухуа зы хэплъэгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ иужькlэ, адыгэбзэм дэтхэнэ и зы макъым теухуауэ абыхэм къатехъукlауэ нобэ бзэм хэт ″макъ псалъэ″хэм нэхъ зэlухауэ щыгъуазэ дызэрыхуэжынури жытlэнщ.

## Псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу адыгэбзэм и ″макъ псалъэ″хэр утыку къызэрихьэм теухуауэ

Макъыбзэм и лэжьэкlэу псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэр ″макъ псалъэ″ ухуэныгъэрщ. ″Макъ псалъэ″ жыхуэтlэри япэрауэ зэрыухуэ щlыкlэри зы макъым и мыхьэнэр а къызэрыlу щlыкlэкlэ зэрыщыту бзэм зэрыхэхьэращ. Аращи, макъ мыхьэнэ зиlэу тлъыта дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуарэ оригинал щlыкlэу ″ы″кlэрэ къызэрыlукlэрэ бзэм щыхэхьэкlэ ″бзэ мыхьэнэ″ зэрыхэхъухьыр гурыlуэгъуэщи, мыр зы макъым япэрейуэ къытехъукlыфыну ″макъ псалъэ″рщ. Нытlэ, къызэрыхъуа

щIыкIэу ″ы″кIэрэ къэIуу бзэм хэхьэу ухуэ мыпхуэдэ псалъэр ″макъ псалъэ″ ухуэныгъэм и *″япэрей лъэбакъуэ″*рщ, икIи мыпхуэдэхэр макъыр оригиналу къызэрыIум къытехъукI псалъэу зэрыщытым папщIи, мыпхуэдэхэр оригинал ″макъ псалъэ″хэуи лъытапхъэщ: «и, Iу; зы, гу, щы, щIы....».

″Ы″ макъым къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукIауэ, ″ы″м и кIуэтэгъуэу щытыр ″э″ макъращ. Макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыIур оригиналу ″ы″кIэрэщи, зы макъыр ″ы″м ипIэкIэ - абы къыкIэлъыкIуэу утыку къихьа-″э″кIэрэ къыщыIум деж гъэзащIэр а макъ мыхьэнэм и кIуэтэгъуэращ. Зы макъыр ″ы″м ипIэкIэ ″э″кIэ къыщыIум дежи, абы и оригинал мыхьэнэр (″ы″кIэ къызэрыIу щIыкIэр) зэримыхъуэкIыу а зэрыщыту мэгъэкIуатэри, зы макъыр мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ″э″кIэрэ къэIуу бзэм щыхэхьэм дежри ″макъ псалъэ″у лъытапхъэщ. Ауэ зэрыгурыIуэгъуэщи, зы макъыр оригиналу ″ы″кIэрэ къызэрыIу щIыкIэр ″макъ псалъэ″ пэщIэдзэрэ оригинал ″макъ псалъэ″у зэрылъытам зэрезэгъщи, ″э″кIэрэ къэIуу ухуэ бзэ мыхьэнэри абы къыкIэлъыкIуэ етIуанэ лъэбакъуэу ухуэ ″макъ псалъэ″рщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ, ″ы″кIэ къэIуу ухуа ″макъ псалъэ″ гуэрхэр бзэм ″э″кIэ къэIууи ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьыфым нэмыщI, ″ы″кIэ къэIуу бзэм ″макъ псалъэ″у хэмыт гуэрхэри ″э″кIэ къэIуу ″макъ псалъэ″ хохьухьыфыр. ″Э″кIэрэ къэIуу ухуэ ″макъ псалъэ″хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «е (иэ), Iуэ, зэ, щэ, щIэ...».

Мыхьэнэ зиIэ макъыр ″ы″м ипIэкIэ ″э″кIэ къыщыIум дежи ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукIым и гугъу тщIащи, ар макъ псалъэ къэхъуныгъэм и *″emlаунэ лъэбакъуэ″*у, ″ы″кIэрэ къэIу макъым и мыхьэнэр зэрызекIуэ, хьэрычэт зэриIэ, зэманыгъуэ зэригъуэткIэрэ бзэм ″макъ псалъэ″ хэхъухьхэращ.

Мыпхуэдэу ″э″ къэIукIэкIэ ухуа ″макъ псалъэ″р аргуэру ″ы″ къызэрыпыхьэжкIэрэ (″э″м ипIэр аргуэру ″ы″м зэриубыдыжкIэрэ) лажьэу зы псалъэу щыухуэжыф щыIэщ. Мыпхуэдэу ухуэжу утыку къихьэр и теплъэкIэ аргуэру зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ; икIи, мыпхуэдэ ухуэкIэу утыку къихьэ псалъэр къызтехъукIам и мыхьэнэр зэзымыхъуэкIырщи, ар ″э″кIэрэ къэIуу ухуа ″макъ псалъэ″м и мыхьэнэр зытеухуарэ къызтехъукIым ехьэлIэныгъэ зиIэу зэрыухуэжырщ.

″Э″кIэрэ къэIу ″макъ псалъэ″м и ″э″м ипIэр ″ы″м иубыдыжу ″э → ы″ зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэту ухуэжу мы зи гугъу тщIы ″макъ псалъэ″р теплъэрэ формэу ″ы″кIэрэ оригиналу къэIуу ухуэ ″макъ псалъэ″м хуэдэжу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, а псалъэр ″э→ы″ зэхъуэкIыныгъэу къызэрыхъуар ар къызтехъукIа псалъэ мыхьэнэмрэ мы утыку къихьа (″э→ы″ зэхъуэкIыныгъэу) псалъэ мыхьэнэм гурыIуэгъуэ къыпхуещIыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэм щыщщи, ″шэн″рэ ″вэн″ Iуэхугъуэкlэ щхьэпэ хъу псэущхьэхэр (шы, вы) ″шэн″рэ ″вэн″ Iуэхум зэрехьэлIакIэрэ (э → ы) зэрылъытэр ″э″ кIэух зиIэ мы макъ псалъэхэм ″ы″ къызэрыпыхьэжкIэрэщ: «шэн → ″шэ-ы → шы″»; «вэн → ″вэ-ы → вы″».

Нытlэ, зы макъыр утыку къызэрихьарэ ″ы″кlэ оригиналу къызэрыlуу бзэм занщlэу зэрыхэхьэкlэрэ ухуэ ″макъ псалъэ″хэр ″макъ псалъэ къэхъуныгъэ″м и япэрей лъыбакъуэщи, мыбы къыкlэлъыкlуэу ″э″кlэ къызэрыlукlэрэ ухуэ ″макъ псалъэ″хэри ″макъ псалъэ къэхъуныгъэ″м и етlуанэ лъэбакъуэу зэрыщытым къыкlэлъыкlуэу, ″э″кlэрэ къэlуу ухуа зы ″макъ псалъэ″р ″э→ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ аргуэру ″ы″кlэрэ къэlуу зэрыухуэжри ″макъ псалъэ къэхъуныгъэ″м и *″ещанэ лъэбакъуэ*″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

*

″Макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм теухуауэ мы жытlахэр гурыlуэгъуэмэ, мыхьэнэ зиlэ зы макъыр оригиналу (″ы″кlэрэ) къызэрыlумрэ абы и кlуэтэгъуэу (″э″кlэрэ) къызэрыlум зэрытеухуар гулъытапхъэщи, ″э→ы″ зэхуэкlыныгъэри аргуэру мыбы щыщ зы lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Зы макъыр утыку къызэрихьа щlыкlэу къызэрыlукlэрэ бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэщ зи гугъу тщla ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэхэри, зы макъыр оригиналу утыку къызэрихьа къэlукlэм (″ы″кlэрэ) нэмыщl, ″ы″м къыкlэлъыкlуэу къэхъуа ″э″ макъкlэ е ″э→ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэ къэlуыкlэ зэригъужми а макъым и мыхьэнэр зэрызимыхъуэкlыр гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, мы псалъэм и етlуанэ lыхьэми гурыlуэгъуэ зэрищlщи, зы макъым и мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр а макъым къытехъукl ″макъ псалъэ″у лъытапхъэмэ, мы зи гугъу тщla макъхэм (ы, э, э-ы) нэмыщl, зы макъымрэ абы къытехъукl макъ псалъэм и мыхьэнэр зэзымыхъуэкlыу къыпыхьэф макъхэмкlэрэ ухуэ псалъэхэри ″макъ псалъэ″ пэлъытэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlэ, ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм теухуауэ мы ипэкlэ къэта лъэбэкъуищым къыпыщэж лъэбакъуэхэу ″макъ псалъэ къэхъуныгъэ″хэри зэрылъытэфынур гулъытапхъэщ.

Нытlэ, зы макъым и оригинал мыхьэнэр зэзымыхъуэкlыу абы къыпыхьэ макъхэмкlи ″макъ псалъэ″у лъытапхъэхэр ухуэфынщи, мыпхуэдэ макъхэри къызкlэлъыкlуэ макъым и мыхьэнэр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэ макъхэращ. Мыпхуэдэ къалэн зыгъэзэщlэну макъхэр е макъ мыхьэнэ зимыlэу къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэрауэ зэрыщытыр, е макъ мыхьэнэ иlэми, къызкlэлъыкlуэ макъым и мыхьэнэр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэ макъхэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ.

Ипэкlэ зи гугъу тщla ″ы, э″ макъхэм (″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэри мыбыхэм зэрыщыщыр гурыlуэгъуэщ) нэмыщl, макъ lуэрхэм мы зи гугъу тщlы къалэн зыгъэзащlэ макъ язэрыхэмытыр гулъытапхъэщи, кlэщlыу дахэплъэнщ. Япэрауэ макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэ макъ lуэрхэм мыхьэнэ зиlэхэр щыlэщи (lэ, lи, lе, ly), абыхэм я мыхьэнэкlэрэ зи гугъу тщlы къалэн зэрымыгъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэщ; е, езым хуэlуа къалэн зиlэ щыlэщи (lы, lи), абыи игъэзащlэ къалэныр зэрыгурыlуэгъуэу, мы зи гугъу тщla къалэн игъэзэщlэнкъым; е, макъ зэхэжыхьауэ макъитl

зыхэзыубыдэу икӏи макъ мыхьэнэ зиӏэми (иэ → е), мы зи гугъу тщӏы къалэн зэримыгъэзэщӏэнур гурыӏуэгъуэщ; мыбы нэмыщӏ, ″и″м и эффект зыгъэзащӏэу игъуэ щыхъум ″и″м ипӏэ иувэу щхьэжу зы макъыуи мылъытапхъэрэ ″и″м хуэдэуи макъзешэ къалэн зымыгъэзащӏэ ″й″ми мыбдежым зи гугъу тщӏы къалэн зэримыгъэзэщӏэфынури гулъытапхъэщ.

″Ы, э″м нэмыщӏ макъзешэ къалэн зыгъэзащӏэ макъ ӏуэрхэми мы зи гугъу тщӏы къалэн зыгъэзэщӏэн язэрыхэмытри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, макъзешэ къалэн зыгъэзащӏэ макъ гуэрхэм макъ мыхьэнэ яӏэжщи (а, и, у), мы я мыхьэнэкӏэрэ зи гугъу тщӏы къалэн зэрымыгъэзэщӏэнур гулъытапхъэщ; макъзешэ къалэн зыгъэзащӏэу бзэ лэжьэкӏэм иужькӏэ къигъэщӏа макъитӏ зэхэжыхьахэри (″эй → е″; ″эу → о″) ″э″кӏэ къежьэрэ къытехъукӏауэ макъ мыхьэнэи зимыӏэу щыт щхьэ, бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ хагъэзэщӏыхь къалэнкӏэрэ абыхэми зи гугъу тщӏы къалэн зэрамыгъэзэщӏэфынур гулъытапхъэщ.

Макъ ӏуэрхэм зи гугъу тщӏа къалэн зыгъэзэщӏэн макъ хэту лъытапхъэкъым; ауэ, и мыхьэнэрэ къалэнкӏэрэ къызпыхьэ макъыр къэгъэлъэгъуэнрэ гурыӏуэгъуэ щӏын къалэн зыгъэзащӏэ макъхэмрэ макъ мыхьэнэ зимыӏэ макъыу ″макъ щэху″хэм хэтхэм мыпхуэдэ къалэн ягъэзэщӏэфыну зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. - Ауэ мыбыхэм я гугъу дымыщӏ ипэ аргуэру пыщапхъэщи, я къэхъукӏэрэ я къалэным зэрытеухуащи, ″э″кӏэрэ е ″э→ы″ зэхъуэкӏыныгъэкӏэрэ къэхъур зы макъыр оригиналу ″ы″кӏэрэ къызэрыӏум щхьэщыкӏыныгъэшхуэ зэримыӏэр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэу ухуарэ ипэкӏэ зи гугъу тщӏа ″макъ псалъэ″хэмрэ мы и гугъу тщӏы щӏыкӏэкӏэ макъ щэху къыпыхьэу ухуэ ″макъ псалъэ″хэр зэхуэдэу лъытэныр зэрымыигъуащэри гулъытапхъэщ.

″Ы, э″м я къэхъукӏэрэ я зэрызэхущытыкӏэм елъытащ абыхэмкӏэ къэӏу макъхэр зэрыигъуэкӏэрэ ″макъ псалъэ″у лъытэнри, мыхьэнэ зиӏэ макъым зы мыхьэнэ зимыӏэ зы макъ щэху къызэрыкӏэлъыкӏуэкӏэрэ ухуэнухэр ″макъ псалъэ″ дыдэу лъытэнри зэрымыигъуащэр гурыӏуэгъуэнщ. Мы псалъэми гурыӏуэгъуэ зэрищӏыу, мыхьэнэ зимыӏэ ″макъ щэху″ кӏэухкӏэрэ ухуэхэр ″макъ псалъэ″ дыдэу зэрымылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщи, ахэр нэхъ игъуэу зэрылъытапхъэр *″макъ псалъэ пэлъытэ″*у жыӏэпхъэщ.

Къызкӏэлъыкӏуэ макъым и мыхьэнэр а зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн къалэн зэригъэзащӏэм папщӏэщ мыхэр ″макъ псалъэ пэлъытэ″у зэрытлъытам и щхьэусыгъуэр, ауэ ахэр зэрыухуэ щӏыкӏэр ″ы, э″м хуэдэу къэӏуыкӏэ закъуэу щыту мылъытапхъэрэ зы макъым аргуэру зы макъ къыкӏэлъыкӏуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӏи, ″макъ псалъэ″ ухуэныгъэм къыпыщэжу зи гугъу тщӏы мы псалъэ ухуэкӏэр (макъ псалъэ пэлъытэ) ″макъ псалъэ″ ухуэныгъэмрэ ″макъ гупкӏэрэ псалъэ ухуэныгъэ″м я зэхуаку дэту лъытапхъэ псалъэ къэхъукӏэу жыӏэпхъэщ. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, макъ щэху кӏэухкӏэрэ ухуэу зи гугъу тщӏы мы ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэр икӏи ″макъ гупкӏэ ухуэ псалъэ″хэм хуэунэтӏарэ я къежьапӏэу лъытапхъэщ. Ар щыхъукӏи, мы зи гугъу тщӏы ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэр

″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм и зы лъэбакъуэ нэхърэ ″макъ гупкlэ псалъэ ухуэныгъэ″м и пэщlэдзэ лъэбакъуэуи лъытапхъэхэрщ.

Нытlэ, зи гугъу тщlыну макъ щэхухэм деплъынщ. Мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм къызэрыхэщщи, макъ мыхьэнэ зимыlэу тлъыта ″р″ макъыр макъ мыхьэнэ зиlэ макъхэм къызэрыкlэлъыкlуэкlэрэ ухуэ бзэ мыхьэнэхэр ″макъ псалъэ пэлъытэ″уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ ″р″ макъыр макъ къэхъуныгъэкlэ иужьрей макъ щэхухэм зэрыщыщыр гулъытапхъэщи, ар зи кlэухкlэрэ утыку къихьэ макъ псалъэ пэлъытэхэм я къэхъуныгъэри ″р″ыр утыку къихьа нэужьу зэрыщытынури гулъытапхъэщ. Къызкlэлъыкlуэ макъым и мыхьэнэр къэгъэлъэгъуэнрэ фlэкlыпlэ зэримыlэу гулъытэ хуэщlын къалэн зэригъэзащlэкlэрэ ″р″ макъ кlэухкlэрэ ухуа ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэрщ мыхэр: «ар, ер, уэр, сыр, кlыр, мыр».

Адыгэбзэм ″р″ макъым нэмыщl, икlи ″р″ макъым мы игъэзащlэ къалэным ещхь къалэн зыгъэзащlэу хэт зы макъщ ″м″ макъыр. Икlи, макъ къэхъуныгъэ пэщlэдзэущ ″м″ макъыр утыку къызэрихьари, ар ″р″ым ипэlуэкlэ утыку къихьа зы макъыу, мыбдежым зи гугъу тщlы къалэнкlэрэ макъхэм кlэух хуэхъуу зэрыщlидзарэ мыпхуэдэу ухуа ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэри кlэух зыхуэхъу макъыр утыку къызэрихьарэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым елъытащ, ауэ ахэр икlи кlэу ″р″ макъкlэрэ ухуа ″макъ псалъ пэлъытэ″хэм елъытауэ ипэlуэкlэу зэрыухуари гулъытапхъэщ. Утыку къызэрихьа щlыкlэми зэрезэгъыу, кlэух ″м″ макъым и къалэныр къэгъэлъэгъуэнрэ гурыlуэгъуэ щlынырщи, кlэух зыхуэхъу макъым и мыхьэнэм аргуэру зы мыхьэнэ зэрыхимылъхьэжкlэрэ а макъыр а зэрыщытрэ и кlуэцlкlэрэ къэгъэлъэгъуэнрэ гурыlуэгъуэ щlын къалэн закъуэ зыгъэзэщlыфырщ. Ар щыхъукlи, мыхьэнэ зиlэ макъым и мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуэрэ гурыlуэгъуэ зыщl ″м″ кlэухым игъэзащlэр ″р″ макъым хуэдэ къалэну зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″м″ макъыр япэрей макъыу утыку къызэрихьам ипкъ иткlэ, сытри зэрылъытапхъэ мыхьэнэ зиlэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ къызкlэлъыкlуэ макъым и мыхьэнэм ухигъэплъэн къалэн закъуэ зэригъэзащlэкlэрэ ″м″ макъыр макъ гуэрхэм къыкlэлъыкlуэу ухуэ бзэ мыхьэнэхэри ″макъ псалъэ пэлъытэ″у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэри: «ем, уэм, гъум, хуэм».

*

Макъ къэхъуныгъэу япэу къэхъуа макъыу щыт ″м″ макъыр сытри зылъытэрэ къэзыгъэлъагъуэрщи, абы къигъэлъэгъуарэ илъытам теухуауэ щlапхъэм зыхуэгъэхьэзырынри ″м″ макъым къытехъукlыжа ″н″ макъращ зыгъэзащlэр. Мы и мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ ″н″ макъыр дэтхэнэ зы макърэ псалъэм кlэух щыхуэхъум деж, а макърэ псалъэ мыхьэнэр зыхуэлэжьэнурэ зэрылэжьэну тегъэпсыхьын къалэн егъэзащlэр. Аращи, къызэрыхъуа щlыкlэм ипкъ зэриткlэщ игъэзащlэ мы къалэнри, мы игъэзащlэ къалэным зэрезэгъкlэрэ езы ″н″ макъым зы мыхьэнэ химылъхьэу, кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр а зэрыщыту зыхуэкlуэнурэ зэрылэжьэну щlыкlэкlэ егъэпсыр ″н″ макъым. ″Н″ макъыр ″м″ макъым

къызэрытехъуклам ипкъ иткlэ, мы зи гугъу тщla щlыклэклэ ″н″ макъыр макърэ псалъэхэм клэух зэрыхуэхъуклэрэ ухуэ ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэри ″м″ макъым къытехъуклыу зи гугъу тщla ″макъ псалъэ пэлъытэ″ нэужьу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Клэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэр а зэрыщыту зэрыгъэзэщlэнурэ зэрылэжьэну щlыклэклэ гъэпсауэ утыку къизылъхьэрщ ″н″ макъри, зы макъыр физикэу а зэрыщыткlэрэ зэрыгъэпсри, а макъым и мыхьэнэр зэрылъытэклэрэ зэрылэжьэну щlыклэклэ зэрыгъэпсри ″н″ макъыр а макъым клэух зэрыхуэхъуклэрэ гъэзащlэ къалэнщ. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″н″ыр клэух зыхуэхъу дэтхэнэ зы макърэ псалъэр езым и физикэрэ и мыхьэнэклэрэ лэжьэну мэгъэпсри, нытlэ, ″н″ыр клэух зыхуэхъу макърэ псалъэр а нэхъ мащlэу езыр а зэрыщыткlэрэ гъэлъэгъуэну мэгъэпсыр. Ауэ, бзэ лэжьэклэу зы псалъэм и мыхьэнэр хьэрычэт лlэужьыгъуэу лэжьэну хущlэкъуу щытмэ, абы ″н″ыр клэух щыхуэхъум деж, а и хьэрычэтыр зэрызэгъэщlэну щlыклэу зэрыгъэпсынури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ lуэхугъуэр нобэ глагол инфинитив жыхуэтlэр зэрызэпкъырыувэ щlыклэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэр гурыlуэгъуэщ, икlи мыбдежым ди lуэхур ″макъ псалъэ″хэращи, ипэклэ зи гугъу тщla макъ псалъэхэу лэжьэну хущlэкъу хьэрычэт мыхьэнэ зиlэ макъхэмрэ мыпхуэдэ хьэрычэт мыхьэнэ зиlэ макъ псалъэхэр а зэрыщыту лэжьэну зэрыгъэпсыр ″н″ макъ клэухклэрэщи, мыпхуэдэу ухуэхэри нобэ глагол инфинитив жыхуэтlэхэрщ. Нытlэ, я мыхьэнэм елъытащи, макъхэмрэ макъ псалъэу утыку къихьагъэххэхэр ″н″ клэухклэрэ ″глагол инфинитив″у зэрыухуэри ″макъ псалъэ пэлъытэ″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Икlи, зы макъымрэ макъ псалъэм и мыхьэнэращ мыпхуэдэу лэжьэну инфинитив щlыклэклэ гъэпсри, глагол инфинитивхэр щхьэжу ″макъ глагол″у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

″Глагол″ жыхуаlэр хьэрычэт мыхьэнэ зиlэрэ зэрылъытэ псалъэхэращи, ахэр ″н″ыклэрэ зэрыгъэпсыр глагол инфинитиву зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ. Араща, бзэ мыхьэнэ зыгъуэтарэ и мыхьэнэкlи хьэрычэтыгъэ зиlэ макъхэм нытlэ ″н″ макъыр клэух щыхуэхъум деж утыку къихьэнур а макъ мыхьэнэм теухуа хьэрычэтыр зэрылэжьэну щlыклэу зэрыгъэпсращи, мыпхуэдэу ухуэри зэрыжытlауэ ″макъ псалъэ″ пэлъытэрэ ″макъ глагол″щ. Пэжщ зы псалъэ лlэужьыгъуэр ″глагол″рэ ″глагол инфинитив″у зэрылъытар грамматикэ lуэхугъуэущ, ауэ дэтхэнэ зы макърэ псалъэр ″н″ыр клэухклэрэ зэрыгъэпс щlыклэу бзэ лэжьэклэр къеклуэклыу зэрыщытари гурыlуэгъуэщ. Ауэ дауэми, зы макърэ макъ псалъэм ″н″ыр клэух хуэхъуу лэжьэну зэрыгъэпсклэрэ (инфинитив) ″макъ глагол″ къэхъуныгъэр а макърэ макъ псалъэр а зэрыщыту бзэм хэлэжьыхьу къызэреклуэклым къыклэлъыклуэу гъэзэща lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, ″н″ клэухклэрэ инфинитиву гъэпсауэ ″макъ глагол″ыр мылъытэ ипэ ар къызтехъукla макърэ макъ псалъэр бзэм хэлэжьыхьу щытт. Ауэ, мыпхуэдэу макъ псалъэу бзэм хэлэжьыхьхэм

къатехъукlами, ″н″ клэухклэрэ зэрыгъэпсыжу утыку къихьа ″макъ глагол″ри зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ: «ин, ун, lун; ен, уэн, lуэн»; «сын, зын, дзын, щын, щlын; сэн, зэн, щэн, щlэн».

Зэрыгурыlуэгъуэу, зы макъыр и мыхьэнэм елъытауэ хьэрычэтыгъэ зэриlэклэрэщ ″бзэ мыхьэнэ″уэ ар ″макъ глагол″у зэрылъытэри, мыпхуэдэ зы глагол лlэужьыгъуэу щыт зы макъым ″н″ макъ къызэрыпыхьэклэрэ утыку къихьэри зы ″макъ глагол инфинитив″щ. Инфинитиву щыгъэпсым деж, ар дэтхэнэ зы зэманыгъуэрэ лъэныкъуэклэ лэжьэну зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, и хьэрычэт мыхьэнэм теухуауэ глагол къалэн зиlэ макъым мыпхуэдэ лъэклыныгъэ къезытыр ″н″ клэухращ. Инфинитиву мыгъэпс ипэкlи зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ а макъ псалъэри, инфинитиву мыгъэпсагъэуэ зэрыщыткlэрэ а макъ псалъэри ар инфинитиву зэрыгъэпса щlыклэм хиубыдэрщ. Аращи, хьэрычэт мыхьэнэ зиlэ зы ″макъ псалъэ″р ар ″н″ыклэрэ зэрыгъэпсым (глагол инфинитивым) и зы лэжьэклэрщ. Нэхъри lупщlрэ гурыlуэгъуэу жытlэмэ, хьэрычэт мыхьэнэ зиlэ зы макъ псалъэр мы и хьэрычэткlэрэ флэклыплэ имыlэу зэрыгъэзэщlэн хуейр къэзыlуатэрщи, зы ″унафэ″рэ ″lэмыр″ щlыклэ зиlэрщ; ар дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ зэманыгъуэу зэрылэжьэфыну щlыклэу ″н″ клэухклэрэ зэрыгъэпс ″макъ глагол инфинитив″ым и зы лэжьэклэрэ модэу ″унафэ модэ″ е ″lэмыр модэ″рщ.

Нытlэ, дэтхэнэ зы макърэ псалъэр ″н″ыклэрэ щыгъэпсым деж, а макърэ псалъэр физикэрэ мыхьэнэклэрэ лэжьэну зэпкъыроувэр. Ауэ, а макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрылэжьэну щlыклэу зэрыгъэпсращ бзэ лэжьэклэу глагол инфинитив жыхуэтlэр нэхъыбэу зытеухуари, ″н″ыклэрэ мыгъэпс ипэклэ зы макъыр бзэм хэхьарэ бзэ мыхьэнэ зыгъуэтауэ макъ псалъэ хъуагъэххэрщ. Ар дэтхэнэ зы зэманыгъуэрэ лъэныкъуэклэ лэжьэну зэрыгъэпс щlыклэращ ″глагол инфинитив″у зэрыухуэри, мыпхуэдэу гъэпсар къызтехъукlа макъ псалъэри мы инфинитиу зэрыухуа щlыклэм и зы лэжьэклэ модэрщ.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″макъ глагол инфинитив″у тлъытэм езыр щхьэж ″макъ глагол″уи лъытапхъэщ. Ауэ икlи, зы макъ псалъэм ″н″ къыпыхьэныгъэр ″р, м″ клэухым ягъэзащlэ къалэнхэм зэрыхуэдэри гулъытапхъэщ. Ар щхьэ, ″р, м″ макъхэм теухуауэ ипэклэ къэта лэжьэклэм елъытауэ мыбдежым зи гугъу тщlы глагол лэжьэклэу гъэпсыклэр (глагол инфинитив) иужькlэ зэрылъытар жылэпхъэми, мы лъытэныгъэри къызтехъукlар ″н″ клэухым апхуэдэ къалэн хигъэзэщlыхьу бзэм зэрыхэту зэрыщытаращ.

*

Псэлъэбзэм и къежьапlэрэ лъабжьэр макъыбзэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, макъыбзэм къигъэщl псалъэхэри ″макъ псалъэ″м къызэрыщlидзэр гурыlуэгъуэщ. Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэу макъ мыхьэнэ зиlэхэм я нэхъыбэм оригинал къэlуклэклэ (ы) е ″э″клэрэ къызэрыlуклэрэ ″макъ псалъэ″ къытехъукlауэ бзэм зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. Ауэ, макъ мыхьэнэ зиlэ дэтхэнэ зы макъым ″макъ псалъэ″

къытехъуклауэ зэрыщымытри гулъытапхъэщи, нобэ мыпхуэдэ ″макъ псалъэ″ зимылэ е зимылэж макъхэр адыгэбзэм зэрыхэтри гурылуэгъуэщ. Икли, ″макъ псалъэ″хэр макъыр къызэрыхъуа щлыклэклэ бзэм зэрыхэхьэм ипкъ иткlэ зэрыухуэр гурылуэгъуэщи, мыпхуэдэ щлыклэклэ макъыбзэм япэу къигъэщl псалъэхэр ″макъ псалъэ″у зэрыщытыр гурылуэгъуэ щхьэ, нобэ бзэм хэт дэтхэнэ зы макъым къытехъукla ″макъ псалъэ″ри а макъыр утыку къызэрихьа щлыклэу занщlэу къэхъуауэ зэрымылъытапхъэри гурылуэгъуэщ. Зы макъыр къызэрыхъуа щлыклэклэ бзэм зэрыхэхьэу ухуа ″макъ псалъэ″ гуэрхэр бзэм къигъуэгурыклуа гъуэгуанэ клыхьым зэрыхэклуэдыклынури гурылуэгъуэнщ, икли зы макъым къытехъукlуауэ бзэм щызеклуэ ″макъ псалъэ″ гуэрхэри иужькlэ къэхъужауэ зэрылъытапхъэри гурылуэгъуэщ. Иужьрей лэжьыгъэхэу дэтхэнэ зы макъым къытехъукl ″макъ псалъэ″хэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, мыпхуэдэхэми гулъытэ хуэтщlынщ.

Бзэ лэжьэклэрэ псалъэ къэхъуклэм и япэрей лъэбакъуэу тлъыта ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ мы жытlахэм нэмыщl, ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэ лъэбакъуэм къыщlидзэу псалъэ къэхъуныгъэр къыклэлъыклуэ лъэбакъуэм (макъ гупклэ ухуэ псалъэ къэхъыныгъэ) зэрыхуэклуэм теухуауэ ипэклэ къэтlуэтахэм къыхэщ гуэрхэми мыбдежым аргуэру я гугъу щытщlынщи, абы къыклэлъыклуэу илъабжьэклэ ″макъ псалъэ″ нэужь бзэ лэжьэклэрэ псалъэ къэхъуклэ лъэбакъуэхэми я гугъу тщlынщ.

Адыгэбзэу макъыбзэр зэрыухуэрэ и псалъэхэр къызэрыхъу пэщlэдзэу ″макъ псалъэ″хэр утыку къызэрихьэращ мыбы нэгъунэ зи гугъу тщlари, макъыр къызэрыхъуам теухуауэ бзэм зэрыхэхьэ щлыклэрщ. Макъыр къызэрыхъуа щлыклэу ″ы″клэрэ оригиналу къызэрылумрэ ″э″ макъклэрэ къызэрылур зыхиубыдэу утыку къихьэ псалъэхэр ″макъ псалъэ″у зэрылъытэм нэмыщl, макъым и мыхьэнэр зэзымыхъуэклыу къыпыхьэ макъ гуэрхэмкли (р, м, н) ухуэ псалъэхэри ″макъ псалъэ″у зэрылъытапхъэми я гугъу тщlащ. Ауэ, мыхьэнэ зиlэ макъым и мыхьэнэр зэзымыхъуэклыу къыклэлъыклуэ мы макъхэмклэрэ ухуэ псалъэхэр ″макъ псалъэ″ дыдэу зэрымылъытапхъэр, ауэ икли ″макъ псалъэ пэлъытэ″у зэрылъытапхъэр жытlащи, мыри псалъэ къэхъуныгъэр къызэрыщlидза ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэр псалъэ къэхъуныгъэу ″макъ гупклэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэм зэрыхуэклуэ щлыклэу зэрылъытапхъэри жытlащ. ″Макъ псалъэ″ дыдэу мылъытапхъэрэ ″макъ псалъэ пэлъытэ″у мы лъытапхъэ псалъэ къэхъуныгъэр ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэмрэ ″макъ гупклэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэ зэхуакуу лъытапхъэщи, мыпхуэдэ псалъэ къэхъуныгъэр икли псэлъэбзэ пэщlэдзэу щыт ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм къыщlидзэу ″макъ гупклэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэм зэрыхуэклуэ щлыклэу бзэ ухуэклэм зэпыудыгъуэ зэримылэм и зы щапхъэщ. Аращ иклии, зэпычыгъуэ зимылэ зы ухуэклэу къеклуэкl псэлъэбзэр зэрыухуэрэ и псалъэхэри я къэхъуклэклэ лъэбакъуэ лъэбакъуэу щылъытэм деж, зыр зым щызэщхьэщыкl щlыплэрэ щlыклэр сытым дежи lупщlыу лъытапхъэкъым.

Псэлъэбзэ лэжьэкlэрэ псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэу щыт ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэмрэ ″макъ гупкlэ ухуэ псалъэ″ къэхъуныгъэу бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ къэхъуныгъэм и етlуанэ лъэбакъуэм я зэхуакум мыпхуэдэ зэпыщlэныгъэ зэрыдэлъым хуэдэжу лъытапхъэщ бзэм дэтхэнэ и зы лэжьэкlэри, псалъэ къэхъуныгъэу зи гугъу тщlыну иужьрей лъэбакъуэхэм я зэхуакуми мыпхуэдэ зэпыщlэныгъэ зэрыдэлъынури жыlэпхъэщ. Псалъэ къэхъуныгъэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу лъытапхъэми, лъэбакъуэхэм я зэхуакум мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэу лъэбакъуэ зэхуакуу лъытапхъэхэр зэрыдэлъынур гурыlуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщlар мыпхуэдэ лэжьэкlэхэм теухуа зы щапхъэщ.

Бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ къэхъуныгъэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу щытлъытэм деж, лъэбакъуэу тлъытэ псалъэ ухуэкlэхэм зыр зым къызэрытехъукlрэ щызэхэхьауэ лъытапхъэ лэжьэкlэхэри зэрыщыlэр мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ ящlыр. Аращи, лъэбакъуэхэр зыр зым пыщlарэ я зэхуакуми зэпычыгъуэ зэрыдэмылъыр гурыlуэгъуэщи, мы зэкlэлъхьэужьыкlэр псалъэ къэхъуныгъэм теухуа зы лъагъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ мыпхуэдэу ухуэ псэлъэбзэмрэ и лэжьэкlэхэри зы макъыбзэм и щlыкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэр ар макъыбзэу щыlэхункlэ и лэжьэкlэу зэрызекlуэфынури гурыlуэгъуэнщ.

## МЫХЬЭНЭ ЗИlЭ МАКЪХЭР БЗЭМ ЗАНЩlЭУ ЗЭРЫХЭХЬЭКlЭРЭ УХУЭ АДЫГЭБЗЭ ″МАКЪ ПСАЛЪЭ″ХЭР

″Макъ мыхьэнэ″ зиlэ макъхэр бзэм щыхэхьэм деж, ″бзэ мыхьэнэ″уэ щызокlуэри, ахэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухьращ ″макъ псалъэ″ жыхуэтlэхэр утыку къызэрихьэр. Аращи, мыхьэнэ зиlэ макъхэм я нэхъыбэм оригиналу ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ бзэм занщlэу ″макъ псалъэ″ къатохъукlыр. Оригиналу ″ы″кlэ къызэрыlу щlыкlэкlэ ″макъ псалъэ″ къызтехъукl макъ нэхъыбэми ″э″ къэlукlэкlи аргуэру псалъэ къатохъукlыфри, мыхэри ″макъ псалъэ″у лъытапхъэщ. Мыхьэнэ зиlэ макъхэу оригиналу ″ы″кlэрэ къэlукlэкlэ ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукlхэми ″э″ къэlукlэкlэ ″макъ псалъэ″ къатохъукlыфыр.

Ауэ икlи, ипэкlэ я гугъу зэрытщlауэщи, ″ы″рэ ″э″кlэрэ къэlуу ″макъ псалъэ″ къызтехъукlыу зи гугъу тщlы макъхэм я мыхьэнэр зэзымыхъуэкl макъ къыпыхьэу ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэри зэрыухуэфыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, зы макъыбзэм и псалъэ къэхъуныгъэр макъхэм дежщ къыздыщlидзэри, ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэр макъыбзэ псалъэ къэхъуныгъэ пэщlэдзэ ″макъ псалъэ″м къыкlэлъыкlуэ псалъэ къэхъуныгъэ лъэбакъуэхэм зэрыхуэкlуэр зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ зэрызекlуэ щlыкlэу лъытапхъэщ.

Макъыбзэр зэрыухуэрэ зэрылажьэр ″макъ псалъэ″ къэхъуныгъэм дежщ къыздыщlидзэри, зэпычыгъуэ зимыlэ лэжьэкlэу къекlуэкl макъыбзэм и

дэтхэнэ зы лэжьэкlэр къыкlэлъыкlуэ лэжьэкlэм зэрыхущlэкъукlэрэ мэлажьэр. Араща, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, ″ы″кlэрэ е ″э″кlэрэ къэlуу ″макъ псалъэ″ къытемыхъукlми, е зи гугъу тщ1а щlыкlэкlэ ″макъ псалъэ пэлъытэ″ къытемыхъукlми, мыхьэнэ зиlэ дэтхэнэ зы макъыр сытым дежи бзэм бзэ мыхьэнэуэ зэрыхэхьэкlэрэ ″макъ псалъэ″ къытехъукlыну зэрыхущlэкъум ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы макъыр сытым дежи а нэхъ мащlэу бзэм потанциалу зы ″макъ псалъэ″щ. Сытым дежи ″макъ псалъэ потанциал″у щыт мы макъхэм икlи дэтхэнэ зы макъ къызэрыпыхьэкlэрэи бзэм зы ″бзэ мыхьэнэ″ зэрыухуэр гурыlуэгъуэщи, ари сытым дежи псалъэ хъуну хущlэкъуу зы ″псалъэ потанциал″щ. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, мыхьэнэ зиlэ макъхэм хуэдэжу, мыпхуэдэ макъыр къыпыхьэ макъкlэрэ утыку къихьэ макъ гупри зы ″бзэ мыхьэнэ″уэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, ари псалъэ хъуну хущlэкъу ″псалъэ потанциал″ырщ. Мыпхуэдэу дэтхэнэ зы макърэ макъ гупыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрылъытэкlэрэ и бзэ мыхьэнэм псалъэ къытехъукlыфыну щытщи, макъыбзэр ″макъ псалъэ″м деж къыщlидзэу псалъэ къэхъуныгъэкlэ зэпычыгъуэ зимыlэ щlыкlэкlэрэщ зэрызекlуэр. Араща, мыхьэнэ зиlэ дэтхэнэ зы макъымрэ зы макъ гупыр бзм зэрыхэхьэкlэрэ иджыри зы ″псалъэ″у мыухуами, а нэхъ мащlэу зы ″псалъэ потанциал″рэ ″псэлъапхъэ″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, ар сытым дежи ″псалъэ″ хъуну хущlэкъурэ хъуфынурщ; ауэ икlи мы зэрыухуарэ зэрызэпкъырыува щlыкlэкlэ зы ″псэлъапхъэ″у щытрэ иджыри зы псалъэ къытемыхъукlами, къыпыхьэ нэгъуэщl макъхэмкlэрэ а макърэ макъ гупыр зы псалъэу зэрыухуэри бзэ лэжьэкlэм хыболъагъуэр.

Ныtlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэрщ макъыбзэри, абы и псалъэ къэхъуныгъэр къыздыщlидзэу, мыхьэнэ зиlэ дэтхэнэ зы макъым ″макъ псалъэ″хэр къазэрытехъукlым щыгъуазэ дыхуэхъуу, мыхэри икlи псэлъапхъэу зэрылъытапхъэкlэрэ къыпыхьэ макъхэмкlэ псалъэ къызэрытехъукl щlыкlэу къыкlэлъыкlуэну лэжьэкlэхэри зыгурыдгъэlуэнщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlи, макъыбзэ лэжьэкlэм ″макъ псалъэ″м къыщlидзэу зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ зэрызекlуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

### ″Макъ lуэр″хэм къатехъукl ″макъ псалъэ″хэр

Япэрауэ макъ lуэрхэр зэрылъытапхъэхэр дигу къэдгъэкlыжынщ.

Макъ lуэрхэр макъзешэ къалэн зыгъэзащlэрэ (ы, э, и, у, ″эй, эйй″→ е, эу→о) зымыгъэзащlэу (lы, lэ, lи, lу, й, ″иэ, иэй″→е, ″иа, еа″→я) зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэщ. Я къэхъукlэрэ къэlукlэм елъытащ макъзешэ къалэн зыгъэзащlэрэ зымыгъэзащlэ макъ lуэрхэри, макъзешэ къалэн зыгъэзащlэхэр жьыр тхьэмбылым хуиту къызэрикlкlэрэ къэlуыкlэ зиlэхэращ; мыпхуэдэу хуиту къэlукlэ зимыlэхэри макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэ макъ lуэрхэращ. Ауэ, макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэу къэтахэм хэт ″е(иэ)″мрэ ″я(иа, еа)″м хуиту къэlуыкlэ зэраlэр гулъытапхъэщи, макъ lуэр зэхэжыхьауэ щыт ″е(иэ)″мрэ абы къытехъукl

″я(иа, еа)″м я мыхьэнэр мы къызэрыIу щIыкIэкIэ зэрыщыту зэрыгъэзащIэм папщIэ, абыхэми макъзешэ къалэн ягъэзащIэкъым.

Макъ lуэр къэхъукIэм елъытауэ макъ lуэр гуэрхэр макъ lуэр лъабжьэу лъытапхъэщи (ы, э, и, у), мыхэр адрей макъ lуэрхэри къызтехъукIырщ. Мыбыхэм щыщу япэ къэхъуарэ мы къызэрыхъуа щIыкIэми зэрезэгъкIэрэ макъ мыхьэнэ зимыIэ макъхэр (ы, э) хэтщи, абыхэм къакIэлъыкIуэу утыку къихьахэращ зэрыигъуэкIэрэ макъ мыхьэнэ зыгъуэта макъ lуэр лъабжьэхэр (и, у). Макъ мыхьэнэ зиIэрэ зимыIэу зэщхьэщыкIми, макъ lуэр лъабжьэхэр утыку къызэрихьарэ я къэIукIэм елъытащи, икIи макъзешэ къалэн зыгъэзащIэхэрщ.

Макъ lуэр лъабжьэу адрей макъ lуэрхэр къызтехъукIырщ мыхэри, ахэр лъабжьэ зыхуэхъуу абыхэм къатехъукI макъ lуэрхэри дигу къэдгъэкIыжынщ: «ы → Iы»; «э → ″Iэ, а″»; «и → ″Iи, й, е(иэ, иэй; эй, эйй), я(иа/еа), Ie (Iиэ/Ie)″»; «у → ″Iy, о (эу)″».

Макъ lуэр лъабжьэхэм къатехъукIа мы макъ lуэрхэм щыщ гуэрхэр щхьэж макъыу (Iы, Iэ, а, Iи, Iy) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ, макъ lуэр лъабжьэхэм къытехъукIауэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр макъ lуэр лъабжьэ гуэрхэр зэкIэлъыкIуэу къызэрыIукIэрэ зэхэжыхьыу (иэ → е) зэрыухуэр гулъытапхъэщ; мыбы нэмыщI, ипэкIэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр макъ lуэр лъабжьэ гуэрхэмрэ (э, и, у) абыхэм къатехъукIыжа (а, е, й, Iи) макъ lуэр гуэрхэм къатехъукIыж макъ lуэр зэхэжыхьахэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «″эй, эйй″ → е; ″иа/еа″ → я; ″Iиэ/Ie″ → Ie; ″эу″ → о».

Макъ lуэр лъабжьэрэ абыхэм къатехъукIыж макъ lуэр гуэрхэр зэрызэхэжыхьакIэрэ къэIуу ухуэж мы макъ lуэр зэхэжыхьахэм нэмыщI, макъ lуэр лъабжьэхэм къатехъукIыу ипэкIэ къэта щапхъэхэм икIи макъ lуэр лъабжьэ ″и″м и къэIукIэ ныкъуэрэ и эффекту лъытапхъэ ″й″ри язэрыхэтыр гулъытапхъэщи, мыри макъ lуэр лъабжьэхэм я къэIуыкIэ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ къатехъукIыфхэм теухуа зы щапхъэрщ. Ауэ икIи, ″и″м къытехъукI ″й″м нэмыщI, мытхауэ щытми, ″у″ ныкъуэрэ эффекту лъытапхъэрэ ″ў″уэ тхыпхъэри бзэ лэжьэкIэм къыхэIукIыу зэрызэхэпхри гулъытапхъэщ. Алфавитым зэрыхэмытхам папщIэ ″ў″м мыбдежым и гугъу щытщIынкъым, ауэ иужьрей лэжьыгъэхэм къызэрытпыщIэхуэнури гурыIуэгъуэнщ.

Макъ lуэр лъабжьэхэм къатехъукIыу утыку къихьа мы макъ lуэрхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм икIи макъзешэ къалэн зэрагъэзащIэрэ зэрамыгъэзащIэми илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъужынщ.

Макъ lуэр лъабжьэхэм я къэIукIэр тэмакъым зэрыдэкъузэкIэрэ къызэрыIу щIыкIэу къатехъукIхэм (Iы, Iэ, Iи, Iy) хуиту къэIукIэ зэрамыIэжым папщIэщи, абыхэм макъзешэ къалэн ягъэзэщIэфкъым. ИкIи зэрыгурыIуэгъуэу, мыбыхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр къызтехъукIа макъ lуэр лъабжьэхэм елъытащ. Мыбыхэм щыщу мыхьэнэ lупщI зиIэхэр ″Iэ, Iy″ макъхэрщ.

Щхьэж къэlуклэ зиlэрэ и къэlуклэкlи макъзешэ къалэни зыгъэзащlэ ″а″ макъыр ″э″ макъым къытехъуклaрэ ″э″ макъ куэдагърэ lувыгъэу лъытапхъэрщи, мыхьэнэ зимыlэ ″э″м мыпхуэдэ щlыклэклэ къытехъукlа ″а″м макъ мыхьэнэи иlэщ.

Хуиту къэlуыклэ зиlэрэ макъ lуэр лъабжьэу щыт ″и″м и эффекту лъытапхъэрэ ар къызэрыlу ″ы″р къызэрыхэмыlуклыр зэрытха ″й″ми макъзешэ къалэн игъэзащlэкъым. ″Й″р икlи къэlун папщlэ зы макъзешэ къэlуклэм зэрыхуэныкъуэр гурыlуэгъуэщи, ″и″м и эффектклэрэ и къалэн зыгъэзащlэ ″й″р псалъэхэм зэрыхэплъагъуэр мыпхуэдэущ. Икlи, ″и″ эффект къалэнщ игъэзащlэри, щхьэж мыхьэнэи зимыlэрщ.

″Е″ тхыпкъэ тхауэ макъ зэхэжыхьаиплl хэтщ адыгэбзэми, зыр (иэ) макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэрщ, икlи ″и″ клуэтэгъуэу мыхьэнэи зиlэрщ; икlи, адрейхэр къызтехъуклари мырауэ лъытапхъэщ. Бзэ лэжьэклэу ″иэ″м къытехъуклари зы къэlыклэкlи абы хуэдэ ″иэй″ращи, ар ″иэ″м хуэдэу щхьэжу бзэм щызеклуэркъым. Псалъэ пэщlэдзэ макъыу щыт ″иэ″мрэ ″иэй″м ипэ макъ къызэрыпыхьэклэрэ (префикс) я къэlуыклэр зэрызэхъуэклклэрэ къатехъукlа макъ зэхэжыхьахэрщ ″эй″рэ (″иэ″м къытехъукlа) ″эйй″ри (″иэй″ къытехъукlа), мыхэр макъзешэ къалэн зыгъэзащlэу бзэ лэжьэклэм хэплъагъуэ макъхэрщ; мыхэр ″э″клэ къызэрежьэми зэрезэгъщи мыхьэнэи зимыlэхэрщ, икlи бзэм щхьэжу хэмылэжьыхьрэ псэлъащхьэи мыхъухэрщ.

″И″мрэ ″е″м и куэдагъэрэ жыжьагъэри (а) зэрытха щlыклэр ″я″уэщи, хуиту къэlуклэ иlэ щхьэ, ″е(иэ)″м хуэдэу абыи макъзешэ къалэн игъэзащlэкъым, ауэ зэрыухуа щlыклэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ари мыхьэнэ зиlэ макъ lуэр зэхэжыхьащ.

″И″ макъыр зи лъабжьэу утыку къихьа зы макъ зэхэжыхьари ″lе″ращи, ари ″lи″м и клуэтэгъуэклэрэ (lиэ), е ″е(иэ)″м и къэlуклэр зэрыдэкъузэу (lе) къэхъуауэ лъытапхъэщ. Мы къызэрыхъуа щlыклитlрэ щхьэж къызэрыlу щlыклэкlи ″lе″м макъзешэ къалэн зэримыгъэзэщlэнур гурыlуэгъуэщ. Мы къызтехъукlа макъхэми зэрелъытаклэрэ ″lе″м и мыхьэнэр мыхъуныгъэу зэрыщытыри гурыlуэгъуэщ; - ар мыхьэнэуэ лъытапхъэмэ-.

Мыбыхэм нэмыщl, зэманыгъуэ итыгъуэр зэрылъытэу ″э″ ужьыгъуэу (у) лъытапхъэ ″о″р ″э″рэ ″у″р зэклэлъыклуэу псынщlэрыlуклэрэ къызэрыlуу утыку къихьа зы макъ зэхэжыхьарщ. Мыпхуэдэу утыку къихьами, иужьклэ бзэ лэжьэклэхэм ужьыгъуэ (у) зэманыгъуэу (э) зэрылъытапхъэклэрэ ″у, э″ макъ зэклэлъыклуэ псынщlэрыlуми ″о″р къызэригъэхъур гулъытапхъэщ. Ауэ ар ″э″мрэ къыклэлъыклуэ ″у″р зэрызэхэжыхь къэlуклэклэр япэу утыку къызэрихьари, мы и къэхъуклэми нэхъ зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщ абы мыхьэнэ зэримыlэри. Къызтехъукларэ мы къызэрыхъуа щlыклитlкlи абы макъзешэ къалэн зэригъэзэщlэфынури гурыlуэгъуэщ.

Макъхэм мыхьэнэ зэрагъуэтыр я къэхъуклэращ зэлъытари, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщыу, макъ lуэрхэм я мыхьэнэр абыхэм макъзешэ къалэн зэрагъэзащlэмрэ зэрамыгъэзащlэм елъытакъым. И къэхъуклэмрэ

къызтехъукIа макъ lуэр лъабжьэм елъытащи, макъзешэ къалэн игъэзащIэ имыгъэзащIэми, щхьэж макъ lуэрхэмрэ макъ lуэр зэхэжыхьахэм мыхьэнэ зиIэрэ зимыIэ яхэтщ. Ауэ, макъ мыхьэнэ зиIэу макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ lуэрхэр я макъ мыхьэнэкIэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэхэр бзэм ″макъ псалъэ″ щыхэхъухьым деж, псалъэ зэрыхэхьухьа щIыкIэкIэ къэIуущ бзэм щызэрызекIуэр. Зэрыгурыlуэгъуэщи, макъзешэ къалэныр макъращ зытеухуарэ зыхуэIуари, апхуэдэ къалэн зыгъэзэщIэф зы макъыр бзэм ″макъ псалъэ″у щыхэлэжьыхьым деж, абы икIи макъзешэ къалэн зэригъэмызэщIэнур гурыlуэгъуэнщ.

Макъзешэ къалэныр зыхуэIуар макъращи, макъзешэ къалэн зыгъэзэщIэф макъыр бзэм зы ″макъ псалъэ″у зэрызекIуэ щIыкIэм макъзешэ къалэн зэримыгъэзэщIэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ lуэрым къытехъукIа ″макъ псалъэ″р бзэм щызэрызекIуэну щIыкIэр зы псалъэущи, зы макъ псалъэм ищхьэм къыпыхьэ макъхэм макъзешэ къалэн зэрыхуимыгъэзэщIэжынур гурыlуэгъуэщ. Ауэ, макъыбзэу зэрымылъытэм къызэрыгуэкIщи, нобэ мыпхуэдэу ухуа макъ псалъэхэри, псалъэхэм къежьапIэ хуэхъуарэ псалъэр зэрыухуа макъыу щыт мыпхуэдэ макъхэри нобэ щыуагъэу макъзешэ къалэн ягъэзащIэ хуэдэщ зэратхрэ къызэрыраlуэр. НытIэ, макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъ lуэру щытми, абы къытехъукIа ″макъ псалъэ″ къэIуыкIэр хэгъэщIын хуейкъым (пп: уэн → ″сыуащ″ тхэкIэр захуэщ, ауэ ″суащ″ тхэкIэр захуэкъым); икIи мыпхуэдэу макъзешэ къалэн зыгъэзащIэ макъхэмкIэрэ къежьэу ухуэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэж макъми мы псалъэ пэщIэдзэу щыт макъ lуэрым макъзешэ къалэн зэрыхуимыгъэзэщIэнури гурыlуэгъуэнщ (пп: укIын → ″сыукIащ″ тхэкIэр захуэщ, ауэ ″сукIащ″ тхэкIэр захуэкъым).

*

Макъ lуэр къэхъуныгъэ пэщIэдзэрэ лъабжьэращ ″ы″ макъри, ар икIи япэу къэхъууэ лъытапхъэ ″м″ макъым дэщIыгъуу утыку къихьарэ ар къызэрыIу щIыкIэу къэхъуа макъ lуэрырщ. Япэрей макъыу къызхэзыгъэlукI псэущхьэм сытри зэрилъытэ ″м″ыр къэIун папщIэ абы дэщIыгъуу утыку къихьа ″ы″ макъыр мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ макъзешэ къалэн зыгъэзащIэу, икIи дэтхэнэ зы макъыр оригиналу утыку къызэрихьэр зыгъэзащIрщи, мы игъэзащIэ къалэнкIэрэщ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр. Мы къызэрыхъуа щIыкIэрэ япэу къэхъуа макъ lуэру, макъ lуэр лъабжьэу щытщ ″ы″ри, абы мы игъэзащIэу зи гугъу тщIа къалэнхэм нэмыщI, мыхьэнэ иIэкъым, икIи щхьэж къэIуу бзэм хэлэжьыхькъым. Мыхьэнэ щимыIэрэ щхьэж къэIукIэ зэримыIэм зэрезэгъкIэрэи абы ″макъ псалъэ″и къытехъукIкъым.

Макъ lуэр лъабжьэрэ макъхэр я оригиналыгъэкIэрэ утыку къигъэхьэн къалэн зыгъэзащIэ ″ы″м и лимитацэу утыку къихьэ ″lы″ макъым игъэзэщIэнур ар къызтехъукIа ″ы″м игъэзащI а нэхъ лъабжьэ къалэнри зэрыкIуэдынураща, абыи мыхьэнэ зэримыIэнур гурыlуэгъуэнщ.

″Ы″ макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″э″ макъми мыхьэнэ зэримыгъуэтыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ ″э″м къытехъукlыж макъ гуэрхэм макъ мыхьэнэ зэрагъуэтынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″э″м къытехъукl щхьэж макъхэу ″lэ, а″ макъхэр мыпхуэдэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, ″э″ куэдагъэрэ lувагъэу лъытапхъэу къэхъуа ″а″ макъыр кlуэтэгъуэу къэхъуарэ утыку къихьау щытым теухуа макъ мыхьэнэ зиlэрщ. Мы и мыхьэнэкlэрэщ ″а″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр, икlи мы и мыхьэнэкlэрэ ″а″р занщlэу бзэм ″макъ псалъэ″и хохъухьыр. ″А″ макъыр бзэм занщlэу зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьар жыжьагъэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэущ. Зы ″макъ псалъэ″у щыт ″**а**″р зы жыжьагъэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыткlэрэ зэрылъытэу зэрыгъэлъагъуэрщ. Бзэм занщlэу ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьым нэмыщl, ″а″м мы игъэлъагъуэр зэрытегъэчыныхьауэ гъэлъэгъуэн къалэнкlэрэ ″а″м ″р″ къыпыхьэжу аргуэру зы ″макъ псалъэ пэлъытэ″ къытохъукlыжыр: ″**ар**″. ″А″кlэ къэгъэлъэгъуар а зэрыщыту нэхъри наlуэ зэрыхъукlэрэ утыку къизылъхьэжу ухуэ ″ар″ псалъэр жыжьагъэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыткlэрэ зэрылъытэрщ. Аращи, грамматикэу ″ар″ ещанэ нэрыбгэр щхьэж а зэрыщыткlэрэ зэрылъытэ цlэпапщlэу бзэм холэжьыхьыр.

″Э″м къытехъукlыу мыхьэнэ зыгъуэт зы макъри ″lэ″ращи, ар функциал кlуэтэгъуэу щыт зы ″э″ lыхьэрэ lэнатlэр зи мыхьэнэрщ. ″lэ″ макъыр кlуэтэгъуэрэ функциал зэманыгъуэ lэнатlэрэ lыхьэр зи макъ мыхьэнэрщи, бзэм макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыхэлэжьыхьу зэрыщlидзари мыпхуэдэщ. Ауэ бзэм мы зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм елъытарэ пыщlауэ иужькlэ ″**lэ**″р щхьэжу зы ″макъ псалъэ″ хэхъухьащ бзэми, ар зы lэпкълъэпкъыр зэрылъытауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Зы lэпкълъэпкъыр зэрылъытэ ″макъ псалъэ″у щыт ″lэ″р икlи мы lэпкълъэпкъкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэми понатциалу глаголи хухъуфри, къыпыхьэ макъкlэрэ глаголхэри къытохъукlыр (елэн). Мыбы ипэ къихуэу лъытапхъэрэ и макъ мыхьэнэм ипкъ зэриткlэрэщи, ″lэ″р икlи ″потанциал макъ псалъэ″у зы ″глагол понатциал″щ; къыпыхьэ макъкlэрэ ар глаголхэри къызтехъукlырщ (щыlэн, иlэн).

Макъ lуэр къэхъуныгъэм и ещанэ лъэбакъуэрщ ″и″ макъыр утыку къызэрихьари, ″ы, э″ нэужьу мыхьэнэ зыгъуэт макъ lуэрырщ. Дэтхэнэ зы джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ ″и″ макъыр сытри зы джыгъуэрэ утыку къигъэгъуэу зэрылъытэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, щхьэжу ″и″ макъым объективу утыку къихьэр зэрылъытэу, ещанэ нэрыбгэм теухуауэ утыку къихьэр зэрылъытэу бзэм холэжьыхьри, ещанэ нэрыбгэм теухуар зэрылъытэрэ абы теухуа еирыныгъэ гъэлъагъуэ цlэпапщlэу бзэм холэжьыхьыр. Мыбырэ мыпхуэдэ щlыкlэкlэ ″и″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр и макъ мыхьэнэкlэрэщ, ауэ абы къытехъукl ″макъ псалъэ″хэми илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Джыгъуэ зэрылъытэ и мыхьэнэм ипкъ иткlэ, бжыгъэцlэхэр къызтехъукlарэ щыlэгъуэр зэрызекlуэр зэрылъытэ псалъэхэм щыщу зы

″макъ псалъэ″у ухуащ ″**и**″ри, щыIэгъуэ къекIуэкIыкIэр зэрыджыр зэрылъытэ мы псалъэр иужькIэ игъуэ зы бжыгъэр зэрылъыта бжыгъэцIэ зэрыхэхъухьар гурыIуэгъуэщ. Нобэ ″8″ бжыгъэр зэрылъытарэ абы лъабжьэ хуэхъуауэ зи гугъу тщIа ″и″р зы псалъэу хэтыжкъым адыгэбзэми, ″8″ым бжыгъэцIэ зэрыхуэхъуакIэрэщ ″**и**″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэтыр.

Джыгъуэрэ абзсисыгъэр зи мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″и″ макъыр джыгъуэрэ абзсисыгъэ лъэныкъуэкIэ лэжьэкIэ зиIэу зэрыхущIэкъур гурыIуэгъуэщ. Аращи, мыпхуэдэу зэрыгъэпсыну щIыкIэр къыпыхьэ ″н″ыкIэрэщи, зы ″макъ псалъэ пэлъытэ″у щыт ″**ин**″ыр утыку къхьащ. ″Ин″ псалъэр мы зэрызэпкъырыува щIыкIэми гурыIуэгъуэ къызэрищIщи, ар геометрие системэм и абзсис лъэныкъуэкIэ багъуэр зэрылъытэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Абзсисыгъэкlэрэ утыку къихьэр зэрылъытэу ухуа ″ин″ псалъэм нэмыщI, ″и″м джыгъуэ мыхьэнэ зэриIэкIэрэ хьэрычэтыгъэ зэрыхэлъыр гурыIуэгъуэщи, ар икIи зы глаголу зэрыухуэфынур гулъытапхъэщ. Аращи, ″и″р зы глагол лIэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″рщи, ар зэрылэжьэну щIыкIэкIэ зэрыгъэпскIэрэ ухуэ ″**ин**″ псалъэр зы глагол инфинитиву зы ″макъ псалъэ пэлъытэ″рэ зы ″макъ глагол″ырщ.

Макъ мыхьэнэ зиIэ ″и″ макъым и кIуэтэгъуэми (э) мыхьэнэ зэриIэнум зэрезэгъщи, ″и″м къытехъукIа псалъэхэм (нэхъ игъуэуи глаголхэм) я мыхьэнэр зэмыхъуэкIыу ″э″ къазэрыпыхьэкIэрэ зэрылэжьэнури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ипэкIэ къэта ″ин″ глаголыр гъэзащIэу зэрыщытыр е ″ин″ lэхугъуэр зытеухуам зэрыхуэкIуэкIэрэ зэрыгъэзащIэр ″ин″ глаголыр ″э″кIэрэ лажьэу зэрыухуэрщ: «ин → иэн → **ен**».

Мы къэта ″макъ глагол″ыр (ен) ″и″м къытехъукIа ″ин″ глаголращ къызтехъукIари, абы и зы лэжьэкIэрщ. Ауэ, ″и″м къыпыхьэ макъ lуэрхэмкIэрэ ″макъ lуэр зэхэжыхьа″хэр утыку къохьэри, мыпхуэдэ зы макъри ″и″ кIуэтэгъуэу ″е(иэ)″рщи, абырэ ″и″м и куэдагъэрэ жыжьагъэр зэрылъытэ (иа, еа) ″я″ри ″и″м къытехъукI зы макъ lуэр зэхэжыхьауэ алфавитым хэтхащ. НытIэ, мы ″е(иэ), я(иа/еа)″ макъ зэхэжыхьахэм къатехъукI ″макъ псалъэ″хэми мы илъабжьэкIэ я гугъу щытщIынщ.

″И″ макъым щхьэж мыхьэнэ зэриIэрэ бзэми зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьым зэрезэгъщи, абы и кIуэтэгъуэу (э) къэхъу ″иэ″ри (е) мыхьэнэ зиIэу бзэми ″макъ псалъэ″ къызтехъукIырщ. Аращи, ″и″м и кIуэтэгъуэ ″е(иэ)″р псалъэхэм я зэхуакум къыщыдэхьэм деж, и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэ зи зэхуаку дэт псалъэхэм щыщу дэтхэнэр джыпхъэрэ лъытапхъэу зэрыщытым ухигъадэу бзэм холэжьыхьри, мыри щхьэж зы ″макъ псалъэ″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ: «ар **е** мыр».

Мыпхуэдэу хэдэныгъэ зэригъэзащIэм нэмыщI, ″и″ кIуэтэгъуэу щыт ″е(иэ)″р щхьэжу къызэрыIукIэрэ зыми пымыщIа lуэхугъуэ зэрылъытэфынурщи, зыми пымыщIарэ емылъытауэ джыгъуэр (и) зэрызыреклуэу (э) ″е(иэ)″р щхьэж зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьэнур

зэрымыфlыр гурыlуэгъуэнщ. Мы лэжьэкlэр бзэм и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ зыми пымыщlауэ зекlуэкlэ зиlэ джыгъуэ мыхьэнэ хэгъэщlыхьыныгъэрщи, мыпхуэдэ щlыкlэкlэ ″**е**″р мыфl зэрылъытэр зы ″макъ псалъэ″рщ. Ауэ мы игъэзащlэ мыхьэнэр зэрызэмыхъуэкlкlэрэ абы икlи ″м, р″ макъхэр къыпыхьэуи псалъэ мэухуэри, мыри зи гугъу тщla ″е″ макъ псалъэм хуэдэжу мыфl зэрылъытэ ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэрщ: «**ем**, **ер**».

″И″мрэ ″е(иэ)″м и куэдагърэ жыжьагъэр (иа, еа) зэрытха тхыпкъщ ″я″ри, зи гугъу тщla ″и″мрэ ″е″р щхьэж къызэрыlуну щlыпlэхэм, абыхэм я куэдагърэ жыжьагъэр зэрылъытэу ″а″ макъ къащыпыхьэм деж, мы макъ lуэритlыр зэрызэхэжыхьауэ къызэрыlу щlыкlэр зэрытхаращ ″я″р. ″И, е″ макъхэм мыхьэнэ зэраlэрэ макъ псалъэхэри къазэрытехъукlым гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ″я″м и мыхьэнэри ″и″мрэ ″е″м елъытарэ теухуащ. Аращи, ″и, е″ макъхэм я куэдагърэ я жыжьагъ (иа, еа) зэрылъытэ мыхьэнэращ ″я″ми игъуэт мыхьэнэри, ″я ″м щхьэжу езым хуэlуа мыхьэнэ иlэкъым.

Мы макъ lуэр зэхэжыхьахэм нэмыщl, ″и″м щхьэжу къэlуыкlэ зиlэ макъхэри къатохъукlри, мыбыхэми я гугъу тщlыуэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьхэми щыгъуазэ дахуэхъунщ.

″И″м къытехъукla зы макъ lуэрыр абы и текъузэ къэlуыкlэ зиlэрэ и лиминацэу лъытапхъэ ″lи″ращи, джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ ″и″м и лиминацэм ″и″м и мыхьэнэмрэ игъэзащlэ lуэхугъуэр зэримыгъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, джыгъуэрэ абзсисыгъэ зи мыхьэнэ ″и″кlэрэ утыку къихьэ сытри зылъытэрэ къэзгъэлъагъуэрщи, абы и лимитацэ ″lи″м мыпхуэдэ мыхьэнэрэ къалэн зэримыгъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэнщ. Абы игъэзэщlэфынур зыри зэрымыджрэ утыку къызэримыхьэкlэрэ ″и″м езыр зэхэувыlыхьауэ лъытэнрагъэнщ. ″lи″м игъэзащlэр зэхэувыlыхьа ″и″м езыр къэгъэлъэгъуэн къалэну лъытапхъэщи, мыр зыри зымыгъэлъагъуэрэ сытри зыгъэлъагъуэм езыр къэгъэлъэгъуэн къалэну, утыку къихьэрэ ит сытри зы джыгъуэрэ абзсисыгъэу ″и″м зэрехухьэлlарэ зэрехулlакlэрэ лъытэнырщ (lис, зыlис). Мыпхуэдэр зы ″макъ мыхьэнэ″уэ лъытэнри тыншкъым, ауэ мы и мыхьэнэкlэрэ абы зы ″макъ псалъэ″ къызэрытемыхъукlыфынур гурыlуэгъуэщ.

Ауэ ″lи″м и кlуэтэгъуэуи лъытапхъэрэ икlи ″е″м и текъузэ къэlукlэ зиlэу щытрэ ″lе″ тхыпкъкlэ тха зы макъи хэтщ адыгэбзэми, ар мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъщи, ″и″м къытехъукla макъхэм къытехъукlыж зы макъ зэхэжыхьауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу къэхъууэ лъытапхъэ ″lе″м икlи мыхьэнэ иlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Абы и мыхьэнэр къызтехъукla макъхэмрэ къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъынури гурыlуэгъуэнщи, зи гугъу тщla ″lи″м и кlуэтэгъуэкlэ (lи-э) фlы зэрымыгъэзэщlэнур, икlи мыфlыр зэрылъытэ макъ псалъэу щыт ″е″м и лимитацэри (lе) мыф lэнатlэрэ абсолуд

зэрылъытапхъэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ: ″lе″м и мыхьэнэр мыфIырщ. Позитивыгъэ зиIэ адыгэбзэ макъыбзэм и макъхэм яIэ мыхьэнэр фIыуэ лъытапхъэмэ, къызэрыхъуа щIыкIэми зэрезэгъщи, ″lе″р мыхьэнэфIыу зэрымылъытапхъэр, икIи ар позитивыгъэкIэрэ бзэр зэрыхъун хъуа нэужь къэхъуа макъхэм язэрыщыщыр гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэхэми зэрезэгъщи, мыпхуэдэ мыфIыр зи мыхьэнэ ″lе″р икIи щхьэжу бзэм зы ″макъ псалъэ″ хэхъухькъыми, ар аргуэру зэрыджкIэрэщ икIи абы и мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Аращи, ″lе″р щхьэж зы ″макъ псалъэ″у мылъытапхъэрщ, ауэ абы и джыгъуэр мыфIыр зэрылъытэ зы псалъэрщ: «**lе**й».

″И″м къытехъукIыу алфавитым хэт зы тхыпкъри ″й″ращи, ар ″и″ ныкъуэ къэIуыкIэ зиIэрэ ″и″м и ефффекту лъытапхъэщ. Мы зэрылъытапхъэу ″й″р икIи щхьэж зы макъкъым, икIи ″и″ эффекту игъуэ щыгъум деж, ″и″ и къалэн зыгъэзащIэрщ, ауэ ″й″р щхьэжу мыхьэнэ зиIэу зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Зыужьыгъуэ зи макъ мыхьэнэ ″у″ макъымрэ абы къытехъукIарэ макъ мыхьэнэ зиIэ макъым бзэм къыщытехъукI ″макъ псалъэ″хэм илъабжьэкIэ щыгъуазэ дахуэхъунщ.

″У″ макъыр мы и мыхьэнэкIэрэ бзэм занщIэу зы глагол зэрыхэхъухьыфынур гурыIуэгъуэнщи, щхьэжу ″у″р ″**ун**″ глаголым и зы лэжьэкIэу (унафэ/Iэмыр модэ) зы ″макъ глагол″щ. Зыужьыгъуэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, сытри зыхуэхьэлIакIэрэ бзэ къэIуэтэныгъэ къалэни зиIэ ″сэ″ нэрыбгэм и ужьыгъуэу (у) къыпыщыт (э) нэрыбгэр зэрылъытэри ″у″м къытехъукI зы ″макъ псалъэ″у ″**уэ**″уэщ. ЕтIуанэ нэрыбгэр зэрылъытэ цIэпапщIэрщ ″уэ″ри, абы ехьэлIа IуэхугъуэхэркъызэрыIуатэу щхьэжрэ псалъэхэми ″уэ″р ″уэ-ы → у″ зэхъуэкIыныгъэу зэрыхэплъагъуэри гурыIуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщI, ″**уэ**″р икIи дунейм тетым и ужьыгъуэ нэхъыщхьэу лъытапхъэ ″уафэ″рэ ″уэгу″р (ахэри ″уэ″м къытехъукIа псалъэхэрщ) щхьэжу зэрылъытэ зы ″макъ псалъэ″рщ. ИкIи, дызэбауэу къатшэ жьымрэ жьы къепщэри зэрылъытэ зы ″макъ псалъэ″рщ ″**уэ**″р. Мыбыи къыщымынэу, уэрэ уафэм къехрэ къытхэуэ мыл лIэужьыгъуэри зы ″макъ псалъэ″у ″**уэ**″уэщ зэрылъытэр. ″Уэ″р бзэм мыпхуэдэхэу макъ псалъэ зэрыхэхьухьам теухуауэ мы иужьрей псалъэми къызэрыхэщу, ″уэ″р икIи зы глаголыпкъ псалъэу, ″**уэн**″ глаголым и зы лэжьэкIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, зы ″макъ глагол″щ.

Зи макъ мыхьэнэмрэ бзэм къыщытехъукIа ″макъ псалъэ″хэр гурыIуэгъуэщ ″у″ми, абы и текъузэ къэIуыкIэ зиIэрэ и лимитацэу лъытапхъэ ″Iу″ макъри бзэм ″у″м хуэдэу ″макъ псалъэ″хэр къызэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщ. КъызтехъукIа ″у″ макъым и мыхьэнэм зэрелъытакIэрэ ″Iу″ макъыр зыужьыгъуэ Iэнатlэ мыхьэнэ зиIэрщи, мы и макъ мыхьэнэм ипкъ иткIэ, бзэм дэтхэнэ гуэрым и зы Iыхьэу а гуэрым и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэ Iэнатlэр зэрылъытэр зы ″макъ

псалъэ″у ″**lу**″кlэрэщ. Мыпхуэдэ сытри зэрылъытэ ″lу″м мы илъытапхъэхэм теухуа макъхэр къызэрыпыхьэкlэрэ зэщхьэщыкl lуэхугъуэхэм хуэlуауэ бзэм щызэрызекlуэнури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыпхуэдэхэм теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри щхьэжу ″**lун**″ глаголкlэрэ зэрылъытапхъэрэ къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэнщи, ар икlи зы ″макъ глагол″щ. Ауэ мы макъ глаголыр зи гугъу тщla lуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуа lуэхугъуэр зэхуэдэу къызэрыlуатэрщи, гъэзащlэ lуэхугъуэр зэрызэщхьэщыкlыр ″lун″ глаголым къыпыхьэ макърэ псалъэхэмкlэрэ зэрылъытэу, ″lу″рэ ″lун″ым глаголыщlэхэри къызэрытехъукlыфынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы и гугъу зэрытщlарэ мыпхуэдэ сытри зэрылъытэ ″lу″р мы илъытапхъэхэм щыщ гуэрхэм щхьэжу хуэlуауэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьыфынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхэдэщ псэущхьэм и жьэlур зэрылъытэ зы ″макъ псалъэ″у ″**lу**″р бзэм зэрыхэт щlыклэр. ″lу″кlэрэ лъытапхъэхэм теухуа lуэхугъуэхэр ″lун″ глаголкlэрэ къызэрыlуэтапхъэри жытlагъэххэщ ипэкlи, жьэlурэ жьэ lупэр щхьэжу ″lу″уэ зэрылъытами зэрезэгъкlэрэ жьэм къигъэщl макъыр утыку къызэрихьэри ″**lун**″ глаголкlэ къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, псэущхьэlум къыхэlукl макъыр утыку къызэрихьэм хуэlуауэ хроникэ хэхъухьащ зы ″макъ глагол″у щыт ″lун″ыр. Ауэ икlи псэущхьэlум макъ къыхэlукlыныгъэм имызакъуэу, дэтхэнэ гуэрым къыхэlукl макъри утыку къызэрихьэр зэрылъытэри мы ″lун″ глаголкlэрэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

″lу″ макъыр а зэрыщыту бзэм зэрыхэхьэкlэрэ ухуэу зи гугъу тщla мы ″макъ псалъэ″хэм нэмыщl, ″lу″м ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ утыку къихьэ ″lуэ″ми ″макъ псалъэ″хэр къызэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, ″lу″м къытехъукla ″макъ псалъэ″хэми ″э″ къазэрыпыхьэкlэрэ лэжьэкlэ зэрагъуэтынури гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэр икlи глаголхэм я лэжьэкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ: «lун → lуэн (lууэ щытын)».

Нытlэ, ипэкlэ ″lу″м къытехъукla ″макъ псалъэ″хэм икlи ″э″кlэрэ лэжьэкlэ зэрагъуэтыфыну мы къэта щапхъэми зэрезэгърэ абы нэмыщl псалъэхэу, щхьэжу ″lуэ″м къытехъукlыу ухуэ ″макъ псалъэ″хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, ″lу″ зиlэу щытрэ ″lу″ защlэкlэрэ лъытапхъэр ″lуэ″кlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу иlурэ и гъунапкъэкlэрэ зы lэнатlэрэ lыхьэр зэрылъытапхъэр зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэтыр ″**lуэ**″уэщ. Мыпхуэдэ дэтхэнэ зы lыхьэрэ lэнатlэр ″lуэ″кlэрэ лъытапхъэми, зы lуэхугъуэ пыухытыкlам хуэlуауэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьыфынури гурыlуэгъуэнщи, зи гугъу тщla щlыклэкlэрэ лъыта зы lэнатlэрэ щlыпlэу, къэхухьарэ lэщ зыраубыдэ зы щlыпlэр зэрылъытэм хуэlуауэ бзэм хроникэ хэхъухьа зы ″макъ псалъэ″рщ икlи ″**lуэ**″р.

″lун″ глагол лэжьэкlэу къэlуу щытыр зэрылъытэ ″lуэн″ым нэмыщl, зы мэкъу мэш lэтэрэ щэджым и lурэ и гъунапкъэм къызэрекlуэкlкlэрэ ягъэзащlэ lуэхугъуэри зы ″макъ глагол″у ухуэ ″**lуэн**″кlэрэщ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэ lуэхугъуэхэм егъэщхьыныгъэрэ щlагъыбзэ щlыкlэу мы ″lуэн″

глаголыр нэгъуэщl lуэхугъуэхэм теухуауэ бзэм щызекlуэ зэрыхъуарэ зэрыхэтри гурыlуэгъуэщ.

Мыхьэнэ зиlэ зы макъыу щыт ″у″мрэ абы къытехъукlыу мыхьэнэ зиlэ ″lу″ макъыр бзэм зэрыхэхьэкlэрэ къатехъукl ″макъ псалъэ″хэм я гугъу тщlащ. ″lу″м нэмыщl ″у″м къытехъукl е ар зыхэту ухуэуэ макъ мыхьэнэи зимыlэ зы макъщ ″о (эу)″ри, ар щхьэжу бзэм зэрыхэмылэжьыхьынурэ макъ псалъи зэрымыухуэнур гурыlуэгъуэщ.

## ″Макъ щэху″хэм къатехъукl ″макъ псалъэ″хэр

Макъ псалъэ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэр мыхьэнэ зиlэ макъыр къызэрыхъуарэ оригиналу ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ занщlэу бзэм зэрыхэхьэращи, мыбдежми мыхьэнэ зиlэ макъ щэхухэм къатехъукl ″макъ псалъэ″хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″Макъ мыхьэнэ″ зиlэрэ оригиналу къзэрыlукlэрэ бзэм занщlэу ″макъ псалъэ″у хэхьэу къэбэрдеибзэм хэт ″макъ щэху″хэр мыхэращ: «**цы, зы, гу, жьы, тlы, щы, щlы, чы, ку, къу, хъы, хъу, хы, ху, лъы, лы, лlы, фlы**».

Нытlэ, мы ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ жыlэпхъэхэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуахэми илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы къэта ″макъ псалъэ″ щапхъэхэр макъыр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ занщlэу бзэм зэрыхэхьа щlыкlэрщи, абыхэм иужькlэ ″э → ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ ″ы″ къэlуыкlэ зиlэу (″шэ-ы → шы″; ″вэ-ы → вы″) ухуэж ″макъ псалъэ″ зэрыхэмытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэхэри ″ы″кlэ къэlу ″макъ псалъэ″хэми, ипэкlэ къэта щапхъэхэм хуэдэу макъыр утыку къызэрихьэкlэрэ занщlэу бзэм хэхьа псалъэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ. Зэрыжытlауэ ахэр ″э″кlэрэ къэlуу ухуа ″макъ псалъэ″м ″э → ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ къытехъукlыжарэ ″ы″ къэlуыкlэ зыгъуэта ″макъ псалъэ″хэрщи, мыбыхэми иужькlэ игъуэр къыщысым дахэплъэжынщ.

Къызэрыхъуа щlыкlэрэ оригиналу ″ы″кlэ къызэрыlу щlыкlэкlэ бзэм ″макъ псалъэ″ хэхъухьауэ ипэкlэ къэта мы щапхъэхэм икlи ″э″ къэlуыкlэкlэ ″макъ псалъэ″ зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэщи, мыбыхэми илъабжьэкlэ игъуэр къыщысым деж щыгъуазэ дахуэхъунущ.

Ауэ, мы ипэкlэ оригиналу къызэрыlу щlыкlэкlэ ухуа мы ″макъ псалъэ″хэу къэтахэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр щыlэщи, мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ мы къэта ″макъ псалъэ″хэр къызэрыхъуа щlыкlэхэр зэрызэхуэмыгъэдапхъэри гурыlуэгъуэнщи, мы ″макъ псалъэ″хэм щыщ дэтхэнэ зыр къызтехъукla макъыр утыку къызэрихьа щlыкlэр занщlэу бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэкlэ къызэрымыхъуари гулъытапхъэщ. Икlи, зэрыгурыlуэгъуэу, мы ″макъ псалъэ″хэр къыщыхъуари зэманыгъуэу дэтхэнэ зыр къызтехъукla макъыр утыку къыщиихьаращ зэлъытар. Аращи, япэрауэ мы ″макъ псалъэ″хэм дэтхэнэ зыр къызтехъукla макъыр

утыку къызэрихьам елъыта щхьэ, нобэ бзэм хэт мы ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукIа макъыр утыку къызэрихьэ щIыкIэкIэрэ зэкIэлъхьэужьыкIэ зиIэу утыку къихьауи лъытапхъэкъым. НытIэ, макъ гуэрхэр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ занщIэу бзэм зэрыхэхьэкIэрэ ухуа ″макъ псалъэ″хэр хэтми, мы къэта ″макъ псалъэ″хэм щыщ нэхъыбэр макъыр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ бзэм занщIэу зэрыхэхьакIэрэ къэхъуа ″макъ псалъэ″хэр бзэм хэкIуэдыкIыжу, иужькIэ а макъхэм къытехъукIыжа ″макъ псалъэ″хэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщI, ″макъ псалъэ″хэм мы я къэхъукIэм зэрезэгъщи, абыхэм я мыхьэнэ кууагъэр къызтехъукIа макъым елъытауи зэщхьэщокIыр; икIи, ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэр къызтехъукIа макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытам ипкъ иткIэ, мыхьэнэ кууагъэми зэрызэщхьэщыкIынури гурыIуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къащIхэм теухуа щапхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ зыщапхъэщ къызтехъукIа макъым и мыхьэнэм елъытауэ мыхьэнэ кууагъ зимыIэу ухуа ″чы″ макъ псалъэри, ар бзэм мы хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэр къызтехъукIа макъым (ч) елъытауэ мыхьэнэ кууагъ зимыIэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ ипэкIэ къэта ″макъ псалъэ″хэм щыщ ″тIы, ху″ макъ псалъэхэри, ахэри мыпхуэдэ щIыкIэкIэ бзэм хроникэ зэрыхэхьухьа щIыкIэкIэ, къызтехъукIа ″тI″рэ ″ху″ макъ мыхьэнэхэм елъытауэ мыхьэнэ кууагъ зимыIэхэрщ. Зэрыгурыуэгъуэу, ″тIы″р зы псэущхьэхъум зэрыфIэщамрэ, ″ху″р зы гуэдз лъэпкъым зэрыфIэща мы ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукIа макъхэр утыку къызэрихьарэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзам елъытауэ зэманыгъэу гъунэгъущэщ. ИкIи, макъыр и мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэхьакIэрэ абы япэрейуэ къытехъукI ″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэкIуэдыкIыфымрэ, а макъым иужькIэ аргуэру ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукIыфынур ипэкIэ жытIагъэххэщи, мы щапхъэхэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ.

Зы макъым къытехъукIа макъ псалъэр бзэм зэрыхэкIуэдыкIкIэрэ иужькIэ макъ псалъэ къызэрытехъукIыжым теухуа мы щапхъэхэм и пхэнджу лъытапхъэу зы ″макъ псалъэ″и яхэтщ ипэкIэ къэтахэми, мыбыи и гугъу тщIынщ. Мы зи гугъу тщIы ″макъ псалъэ″р ″цы″ращ. ″Цы″ псалъэр къэхъуагъэххэ макъым къытехъукI зы ″макъ псалъэ″къыми, япэу зы ″макъ псалъэ″у утыку къихьэрщ. Ар щыхъукIи, макъым ипэ псалъэ къызэрихуэм теухуа зы щапхъэщ. Аращи, утыку къихьагъэххэрэ зи мыхьэнэри гурыIуэгъуэу бзэм хэлэжьыхьу щIэзыдза ″цI″ макъым егъэщхьыныгъэкIэрэ зы щыIэр зэрылъытэу къэхъуащ ″цы″ макъ псалъэри, ар утыку къихьа нэужьщ зы макъыу ″ц″ыри бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзар. ИкIи, зытеухуа lуэхугъуэкIэ ″цы″ псалъэ мыхьэнэ елъытауэ абы къытехъукIарэ ″цы″ хуэдэ щIыкIэхэр зэрылъытэу бзэм хэлэжьыхьу щIэзыдза ″ц″ макъым бзэм хигъэзэщIыхь мыхьэнэ гуэрхэр нэхъ кууагъ зиIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Мы къэта щапхъэхэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, къызэрыхъуа щIыкIэкIэ макъхэм я мыхьэнэмрэ абыхэм къатехъукI ″макъ псалъэ″ гуэрхэр зытеухуа

lуэхугъуэкlэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щlыкlэхэр мыхьэнэ кууагъэкlэ зэщхьэщокlыр. Мыпхуэдэ щапхъэщи, къызэрыхъуа щlыкlэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъу "ц" макъыр бзэм зы макъыу зэрыхэлэжьыхь щlыкlэ гуэрхэр ар къызтехъукla "макъ псалъэ"м елъытауэ кууагъ зиlэ мыхьэнэкlэщ; ауэ, "ч, тl, ху" макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ лъабжьэрэ кууагъ зиlэхэу лъытапхъэми, абыхэм къатехъукlыу зи гугъу тщla "макъ псалъэ"хэм (чы, тlы, ху) къызтехъукla мы макъхэм елъытауэ кууагъ зэрамыlэр гурыlуэгъуэщ.

"Макъ псалъэ"мрэ ар къызтехъукla макъ мыхьэнэм я зэхуакум жыжьагъэ къызэрыдэхъухьауэ лъытапхъэ мы щапхъэхэм нэмыщlыу ипэкlэ къэта "макъ псалъэ"хэмрэ ахэр къызтехъукla макъхэр мыхьэнэкlэрэ зэрызэпэгъунэгъур гулъытапхъэщ. Ауэ, абыхэм щыщ гуэрхэр къызтехъукla макъ мыхьэнэм занщlэу теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ "макъ псалъэ"хэр икlи макъыр къызэрыхъуа щlыкlэкlэрэ занщlэу бзэм зэрыхэхьэу уха psалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, къызтехъукla макъым кууагъ зэриlэрэ абы и мыхьэнэ кууагъми езэгъыу къытехъукlауэ, икlи макъыр утыку къызэрихьа щlыкlэкlэрэ занщlэу къэхъууэ лъытапхъэ "макъ псалъэ"хэм теухуа щапхъэфlыу лъытапхъэщ мыхэр: «зы, щы, щlы, хъу, фlы».

Макъыр "ы"кlэрэ оригиналу къызэрыlуу утыку къызэрихьа щlыкlэкlэ ипэкlэ къэта мы "макъ псалъэ"хэм теухуауэ жыlэпхъэхэр мыбы къызэрыщымынэнури гурыlуэгъуэнщи, бзэ лэжьэкlэр "макъ псалъэ"хэм къыщlидзэу зэрызекlуэм теухуауэ жыlэпхъэхэри къыпытщэнщ. Нытlэ, оригиналу къызэрыlу щlыкlэкlэ бзэм хэхьэу зы "бзэ мыхьэнэ" зэрагъэгъуэт щlыкlэкlэ зытеухуа зы lуэхугъуэм хуэlуа зы "макъ псалъэ" мыхьэнэ закъуэкlэ бзэм зэрыхэмылэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ макъхэри, ипэкlэ къэта "макъ псалъэ"хэр къызтехъукla макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм къыпыщэ я лэжьэкlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ, мыпхуэдэу зы "макъ псалъэ"у зэрыухуарэ бзэм зы мыхьэнэ хагъэгъэзэщlыхьу зэрыхэтым нэмыщl, я макъ мыхьэнэм теухуа хьэрычэтыгъэр зэрыгъэзэщlапхъэ зы глагол модэу (унафэ/lэмыр модэ) зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ макъхэри, апхуэдэхэр "н" кlэухкlэрэ зэрыгъэпскlэрэ глагол инфинитиву зэрыухуэнур гулъытапхъэщ. Аращи, зы макъыр оригиналу къызэрыlу щlыкlэу абы и "макъ мыхьэнэ"р бзэм занщlэу зы "макъ псалъэ" зэрыхэхъухьым имызакъуэу, а "макъ мыхьэнэ"м и уэз (энергие) щlыкlэр бзэм занщlэу зы "глагол"у щыхэлэжьыхьи щыlэщ. Макъым и мыхьэнэм и уэз лlэужьыгъуэр щхьэжрэ езыр езырурэ лэжьэфыну щытмэ, а макъыр бзэм занщlэу глагол зэрыхэхъухьыфынур гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, зы макъ мыхьэнэр щхьэжрэ езыр езырурэ лэжьэфыну зы уэз лlэужьыгъуэу щымытрэ абы занщlэу зы глагол къытехъукlми, ар къыпыхьэ макъхэмкlэрэ глаголу зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы псалъэхэм гурыlуэгуэ къызэращlщи, ипэкlэ къэта ″макъ псалъэ″хэр зэрыухуа мы макъхэм я мыхьэнэкlэрэ яхэлъ хьэрычэтыгъэр зэрыгъэзэщlапхъэкlэрэ зы глагол модэу утыку итщи, абыхэм ″н″ къыпыхьэрэ ифинитиву гъэпса глагол къазэрытехъукlым щыгъазэ дыхуэхъунщ. з щlыкlэращ. Аращи, оириги налу къызэрыlукlэрэ бзэм ″макъ псалъэ″у хэхьауэ ипэкlэ къэдгъэлъэгъуа макъхэм занщlэу ″глагол″ къызтехъукlхэмрэ (″н″ыкlэ гъэпсахэр) къызтемыхъукlхэр (зэрыщыту тхахэр) къэдгъэлъэгъуэнщ: «цы, **зын**, гу, **жьын**, **тlын, щын, щlын, чын**, ку, къу, хъы, **хъун**, хы, **хун**, лъы, лы, лlы, **фlын**».

Мы макъ глаголхэм нэмыщl, глагол къызтемыхъукlауэ къэта макъ гуэрхэри глагол инфинитиву зэрыбгъэлъэгъуэфынурэ глагол къызтехъукlыпхъэу зэрылъытэфынур гулъытапхъэщ. Икlи, мы къэта макъ глагол гуэрхэм я мыхьэнэр зы lуэхугъуэ закъуэм къызэрытемынэри гулъытапхъэщ. Мыбыи къыщымынэу, мы къэта глаголхэм щыщ гуэрхэр я глагол мыхьэнэм нэмыщl, цlэ лlэужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэфlщ ″хъун″ псалъэри, зы ″макъ глагол″у щыт ″хъун″ым икlи lэщым зэрыкlэлъыплърэ зэрагъэхъур, икlи lэщыр удзым зэрыхэшхыхь ″ехъун″ псалъэри къызтехъукlырщи, зыхэшхыхь удзыфlэри зэрылъытэ цlэ лlэужьыгъуэрщ (**хъун**). Аращи, мыхьэнищ-плlы иlэу зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ ″хъун″ псалъэми, мыбыхэм щыщ тlу-щыр глагол; ауэ, ″хъун″ым и ещанэ - еплlанэ мыхьэнэр зы цlэ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. ″Хъун″ псалъэм и цlэ лlэужьыгъуэ мыхьэнэри ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр зыхэлъыжырщи, зэрыгъэзащlэ глаголым къытехъукlыжа зы псалъэу, мы зэрыгъэзащlэ щlыкlэкlэ глагол инфинитив формэкlэ ухуагъэххэ зы мыхьэнэрщ. Мыпхуэдэу, зэрыгъэзащlэ щlыкlэр икlи гъэзащlэр зэрылъытэу глагол инфинитив формэкlэ ухуэ псалъэхэр хэтщ адыгэбзэми, мыбыхэм теухуа зы щапхъэщ ″хъун″ псалъэр.

Макъхэм я уэз щlыкlэм елъытащ ягъэзэщlэну глагол къалэнри, ипэкlэ ″макъ псалъэ″у ухуагъэххэ макъхэм икlи занщlэу глагол къызтехъукlхэр къэдгъэлъагъуащ. Ауэ, мыпхуэдэу япэрей лъэбакъуэу глагол къызтемыхъукlа макъ гуэрхэм иужькlэ бзэ лэжьэкlэм глагол къалэн зэрыхагъэзэщlыхьыфынури жытlагъэххэщи, мыпхуэдэхэр япэрей лъэбакъуэм глагол мыхьэнэуэ зэрымылэжьам папщlэ, зэ щхьэ ″глаголыпхъэ″у е ″глагол потациал″рэ ″глаголизацэ″у лъытапхъэщ. Занщlэу зы глагол къызтемыхъукlыу ″глаголизацэ″у тлъытэ макъхэр бзэ лэжьэкlэм и етlуанэрей лъэбакъуэущ ″глагол″ къалэн щызэрыхэхьухьри, а макъхэм нэгъуэщl макъхэр къыщыпыхьэращ мыр щыгъэзащlэр. Глагол къалэн зыгъэзэщlэну макъыр хьэрычэтыгъэ зиlэрщи, абы и хьэрычэтыгъэм къыпыхьэ макъ мыхьэнэм елъытауэ гъэзэщlапхъэр зэригъэзэщlэнум папщlэ, зи гугъу тщlы ″глаголизацэ″хэр етlуанэ лъэбакъуэкlэрэ глагол зыхуэхъури абы ищхьэм къыпыхьэ макъхэмкlэрэщ. Аращи, ″глаголизацэ″ жыхуэтlэ макъхэр ″глагол″ хъуфын папщlэ,

ягъэлэжьэфыну нэгъуэщl мыхьэнэ зыхуэныкъуэхэращ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ахэр глагол хъуфын папщlэ ягъэлэжьэн макъ мыхьэнэ зыхуэныкъуэхэращи, мыхэр езым и уэз щlыкlэр езыр езырурэ лэжьэкlэ зымыгъуэтыф макъ мыхьэнэхэращ.

Нытlэ, оригиналу къызэрыlукlэрэ къэхъуауэ ипэкlэ къэта ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукlа макъхэм занщlэу глагол къызтехъукlрэ къызтемыхъукlхэри мы ипэкlэ къэдгъэлъэгъуащи, ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ занщlэу глагол къызтемыхъукlрэ ″глагол потанциал″у лъытапхъэ мы макъхэм къыпыхьэ макъкlэрэ глаголхэр къазэрытехъукlым теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: къу → е**къун**; х → е**хын**; лъы → и**лъын**; л → къе**лын**; лl → егул**lын**».

Мы щапхъэу къэтахэм щыщ глагол гуэрхэр къызтехъукlари, макъхэм ″э″ кlэух щызэраlэрауэ зэрылъытапхъэри жыlэпхъэщи, глагол къалэн зыхуигъэзащlэм ехьэлlауэ (″э → ы″ зэхъуэкlыныгъэ) ″ы″уэ къызэрыlужкlэрэ ухуахэм щыщу лъытапхъэщ мыхэр: «илъын (илъэ-ы-н), егулlын (егулlэ-ы-н)».

Мы зи гугъу тщlы макъ гупым щыщу, къызэрыlу щlыкlэкlэ ″н″ къапыхьэми глагол къызтемыхъукlрэ глаголизацэуи щымыт макъхэр яхэтщи, мыпхуэдэ зы макъри ″цы″ макъ псалъэм къытехъукl ″ц″ыращ. Ар занщlэу глагол къызэрытемыхъукlрэ глаголизацlэу щымытми, ″э″кlэрэ къэlу ″цэ″р цым ещхь lуэхугъуэхэр зэрылъытэ глаголизацэу, къыпыхьэ макъкlэрэ глагол къызтехъукlырщ. Зы итыпlэрэ зы lэнатlэм теухуа мыхьэнэ зиlэ ″гу, ку″ макъхэми глагол къатехъукlкъым, икlи глаголизацэуи щтхэкъым, ауэ абыхэм мы я мыхьэнэм хуэкlуэрэ къыхэкlыныгъэ lуэхугъуэхэм теухуа глаголизацэщ абыхэм ″э″ къазэпыпыхьэри (гуэ, куэ) абыхэми мы зи гугъу тщla макърэ макъ псалъэхэм ″э″ къазэрыпыхьэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым деж я гугъу щытщlынщ. Мы зи гугъу тщla макъхэм хуэдэ зыри ″хъ″ыращи, ар лъабжьэ зылъытэ макъ мыхьэнэ зиlэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, а лъабжьэм хуэкlуэныгъэ глаголыпхъэри ″хъэ″уэщ зэрыгъэзащlэри, абыи иужькlэ игъуэр къыщысым и гугъу тщlынщ.

Мыпхуэдэ щапхъэкlэрэ оригиналу ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ бзэм занщlэу ″макъ псалъэ″ хэхъухьа макъхэм занщlэрэ къыкlэлъыкlуэ лъэбакъуэкlэрэ ″глагол″хэри къазэрытехъукlрэ къызтемыхъукlхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Макъыбзэ пэщlэдзэу макъхэр бзэм псалъэ зэрыхэхьухьрэ зэрыхэлэжьыхьым зы увыlэпlэ зэримыlэрэ дэтхэнэ лъэныкъуэкlи лажьэу зэрыщытрэ лэжьэну зэрыхущlэкъур гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ макъыбзэ лэжьэкlэри, макъым къыщlидзэу зи лэжьэкlэр кlэ зымыгъуэтырщ; абы псалъэ къэхъуныгъэрэ бзэ лэжьэкlэкlэ лъэкlыныгъэшхуэ зэриlэр гулъытапхъэщ.

*

Макъхэр къызэрыхъуарэ оригиналу ″ы″кlэрэ къызэрыlуу я ″макъ мыхьэнэ″кlэрэ бзэм зы ″макъ псалъэ″у хэхьауэ зи гугъу тщlахэм ″э″ къащыпыхьэкlэ я мыхьэнэр зэхъуэкl е зэмыхъуэкlыу ″макъ псалъэ″

зэрыухуэмрэ, мы зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″хэр зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэкIэрэ ″э″ къащыпыхьэм ухуэ ″макъ псалъэ″хэми деплъынщ. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукIхэри къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэкIэрэ бзэм псалъэ зэрыхэхъухьымрэ зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Нытlэ, япэрауэ мы зи гугъу тщIы макъхэр ″э″кIэ къызэрыIукIэкIэрэ ухуэ ″макъ псалъэ″хэм псори къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм щыщу ″ы″кIэ къэIуу ухуа ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къызэрыпыхьэкIэрэ къатехъукIыж ″макъ псалъэ″хэмрэ, я макъ мыхьэнэм теухуауэ ″э″кIэ къэIуу ухуэ ″макъ псалъэ″хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ щIыкIэхэмкIэрэ ухуа ″макъ псалъэ″хэращ мыхэр: «**зэ, жьэ, тIэ, щэ, щIэ, кэ-чэ, куэ, къуэ, хьэ, лъэ**».

Зэрыжытlауэ, мыбыхэм щыщ гуэрхэр ипэкIэ ″ы″кIэрэ къэIуу зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къазэрыпыхьэкIэрэ утыку къихьэжа ″макъ псалъэ″хэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукIауэ ипэкIэ зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″хэм зэрелъытауэ зэрыухуари тхыхьым дэту къэттынщ: «зэ (″зы″уэ щыт), щэ (″щы″уэ щыт), щIэ (″щIы″уэ щытрэ ″щIы″м теухуа), къуэ (″къу″ зэхуаку), лъэ (лъым зэманкIэрэ къытехъукI)».

Зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къызэрыпыхьэкIэрэ ухуарэ и мыхьэнэри къэта мы ″макъ псалъэ″хэм щыщ гуэрхэр икIи ″ы″ къэIуыкIэ зиIэу зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″хэм къытемыхъукIарэ ахэри къызтехъукIа макъым и мыхьэнэкIэрэ ″э″ кIэухкIэрэ къэхъуа ″макъ псалъэ″у зэрыухуари гулъытапхъэщ. Аращи, зэрытха мы щIыкIэкIэ мыхьэнитl зиIэ ″макъ псалъэ″хэрщ мыхэр икIии, къызэрыхъуа щIыкIэр зэщхьэщыкIыу къэхъукIitl зиIэу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэм щыщу макъ мыхьэнэкIэрэ ″э″кIэрэ къэIуу ухуа ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэми щыгъазэ дыхуэхъунщ: «щэ (1- ″3″уэ; 2- зы бжыгъэцIэшхуэ; 3- лым тырищIэ лыпцIэ щабэ; 4- тегъэчыныхьыныгъэ), щIэ (утыку къихьагъащIэ), къуэ (бын цIыхухъу)».

″Ы″кIэрэ къэIу ″макъ псалъэ″хэм ″э″ къызэрыпыхьэкIэрэ ухуэж ″макъ псалъэ″хэмрэ, мы зэрыплъагъуэ щIыкIэкIэ икIи макъ мыхьэнэкIэрэ ″э″ къэIуыкIэ зиIэу утыку къихьахэми я гугъу тщIащи, нытlэ, мыбыхэм нэмыщl, ″э″кIэ къэIуу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэм макъ мыхьэнэкIэрэ ухуахэри яхэтщи, абыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Араща, щхьэж зы къэхъуыкIэу и макъ мыхьэнэкIэрэ ″э″ къызэрыпыхьэу утыку къихьауэ ипэкIэ къэта ″макъ псалъэ″хэм щыщщ мыхэр: «жьэ, тIэ, чэ, куэ, хьэ».

Къызэрыхъуа щIыкIэр зэрызэщхьэщыкIым гулъытэ хуэтщIыу мы зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″ гуэрхэр къызтехъукIа макъым и хьэрычэтыгъэми ″макъ глагол″ къызэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщ. Нытlэ, ипэкIэ мы къэта ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэхэм нэмыщl, мы зэрыухуа щIыкIэкIэ (″э″кIэрэ къызэрыIу щIыкIэу) абыхэм икIи глагол мыхьэнэ зэраIэри гулъытапхъэщи, зы ″унафэ/lэмыр модэ″у щыт мы глаголыпкъхэр ″н″

кIэухкIэрэ ″глагол инфинитив″у зэрыгъэпсынри гурыIуэгъуэщ: «**зэн, жьэн, тIэн, щэн, щIэн, чэн, лъэн**».

″Э″ макъым игъэзащIэ IуэхугъуэхэР гурыIуэгъуэщи, мы къэта глаголхэм и нэхъыбэр икIи ″ы″ къэIуыкIэ зиIэ макъыр зэрыухуа ″макъ глагол″ым теухуа кIуэтэгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «зын → зэн; жьын → жьэн; тIын → тIэн; щын → щэн; щIын → щIэн; чын → чэн».

ИкIи, мы глаголхэр макъыр ″э″кIэ къызэрыIу щIыкIэу ухуауэ ипэкIэ къэта ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэм къызэрытемыхъукIар гурыIуэгъуэщи, мы ипэкIэ къэтауэ зэреджапхъэм нэмыщI, мы къызтехъукIа макъхэм я мыхьэнэуэ хьэрычэтыгъэращ мыхэр глаголу щIэухуэфар. Ауэ икIи, мыпхуэдэу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэм щыщ гуэрхэм мыхьэнитI зэраIэри гулъытапхъэщ. Мы къэта ″глагол инфинитив″хэм я глагол мыхьэнэм нэмыщIыу икIи гъэзэщIапхъэу щыт цIэ лIэужьыгъуэуи зэреджапхъэр гулъытапхъэщ. Ауэ, мыбы щыщ гуэрхэм мыпхуэдэ мыхьэнэ пыухытыкIа зэраIэри гулъытапхъэщи, мыхэр илъабжьэкIэ къыхэдгъэщынщ. Аращи, ″н″ къапыхьэу утыку къихьа ″глагол инфинитив″ мыхьэнэм нэмыщI, мы зэрыухуа щIыкIэкIэ глаголу щымытрэ зы цIэ лIэужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэхэм мы я мыхьэнэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «щэн (щIыкIэфI), щIэн (щIэныгъэ лъабжьэрэ икIи щIэныгъэкIэрэ щIэн глаголкIэрэ къэхъу)».

″Макъ глагол″ къызтехъукIахэм икIи глагол мыхьэнэ ямыIэрэ глагол инфинитив формэкIэ зэрыгъэпсакIэрэ цIэ лIэужьыгъуэ псалъэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыхэри зы ″макъ псалъэ пэлъытэ″рщи, и къэхъуныгъэкIэ ″макъ глагол″ нэужь къэхъуыкIэ зиIэ псалъэхэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Мыбы къыщымынэу, ипэкIэ зи гугъу тщIарэ (″э″кIэ къэIуу) ″макъ псалъэ″ къызтехъукIа макъхэми я макъ мыхьэнэкIэрэ ″глаголыпхъэ″ - глаголизацэ - ″глагол понанциал″ къалэн зэраIэфынур гулъытапхъэщ. НытIэ, мы къэта ″макъ псалъэ″хэу ухуа макъ гуэрхэм (куэ, къуэ, хьэ) къапыхьэ макъхэмкIэрэ къатехъукIыж глаголхэми теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «дэ**куэн;** дэ**къуэн**, щIэгъэ**къуэн**, пы**къуэн**, зэщIэ**къуэн;** хэ**хьэн**».

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэрщи, ″къу″ макъыр бзэм мыхьэнэбэу зэрыхэлэжьыхьым папщIэ, зэхуэмыдэ глагол къызтехъукIыфырщ; ауэ мыбдежым къыщыта ″хьэн″ глаголыпхъэри ″хьын″ глагол кIуэтэгъуэу (хьын → ″хьы-э-н″ → хьэн) къызэрыхъуари гулъытапхъэщ.

*

Мы ипэкIэ макъ щэхухэм щыщу ″ы″ къэIукIэкIэ занщIэу ″макъ псалъэ″ къызтехъукIахэм ″э″ къазэрыпыхьэкIэрэ занщIэу утыку къихьэ ″макъ псалъэ″хэмрэ ахэр зэрыухуа макъхэм къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэкIэрэ ″макъ глагол″рэ ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэр къазэрытехъукIыжхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, абыхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьащ. Оригиналу ″ы″кIэрэ къэIуу ипэкIэ зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″хэр зэрыухуа макъхэм ″э″

къэlуклэклэ ″макъ псалъэ″ къызтехъуклхэм я гугъу тщlащи, абыхэм щыщу ″макъ псалъэ″ къызтемыхъуклахэри тлъытэу, ахэри къыклэлъыклуэ лъэбакъуэклэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″Э″ къэlуклэклэ занщlэу ″макъ псалъэ″у бзэм хэмыхьэу зи гугъу тщlынухэр мыхэращ: «цэ, гуэ, хъэ, хъуэ, хэ, хуэ, лэ, лlэ, фlэ».

Мыбыхэм занщlэу цlэ лlэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″ къызэрытемыхъуклар гулъытапхъэщ, ауэ я макъ мыхьэнэм зэрелъытаклэрэ абыхэм щыщ гуэрхэр глаголыпкъэрэ глагол ″унафэ/lэмыр модэ″ псалъэу зэрыщытхэр гулъытапхъэщи, мыхэри ″макъ глагол″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, ахэр ″н″ыклэрэ инфинитиву зэрыгъэпсыжклэрэ глагол къызтехъуклхэрщ. Ауэ, мыпхуэдэу ″макъ глагол″у щымытми, я макъ мыхьэнэм зэрелъытаклэрэ ″глаголыпхъэ″рэ ″глагол потанциал″ макъхэри яхэтщ мы къэтахэми, ахэри къыпыхьэ макъклэрэ глагол къызтехъуклыну зэрыхьэзырыр гулъытапхъэщ.

Нытlэ, япэрауэ глаголыпкъыу щытрэ ″н″ыклэрэ щыгъэпсым деж, инфинитиву ухуа ″макъ глагол″ къызтехъуклхэм деплъынщ: «**лэн, лlэн**».

Итlанэ, ″э″ къэlуыклэ зиlэу мы ипэклэ къэта макъхэм щыщ гуэрхэр (гуэ, хъуэ, хуэ, фlэ) я макъ мыхьэнэклэрэ глаголыпхъэу зэрыщытыр жытlагъэххэщи, къапыхьэ макъхэмклэрэ абыхэми глагол къазэрытехъуклым щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «хэ**гуэн**, гъэ**хъэн**, и**хъуэн**, хэ**хъуэн**, **хъуэхъуэн**, и**хуэн**, гъэ**фlэн**».

Зэрыгуэрыlуэгъуэу, ″э″ къызпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэр зэмыхъуэклыу и клуэтэгъуэрэ зэманыгъуэр зэрылъытэклэрэ лэжьэклэ егъуэтри, мы къэта щапхъэхэм мыпхуэдэ щlыклэклэ зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, къыпыхьэ макъклэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэр зэрылъытэу утыку къихьэ мы глаголхэр глаголыпхъэрэ глаголизацэ мыхьэнэ зиlэ мы ″гуэ, хъэ, хъуэ, хуэ, фlэ″ макъхэмклэрэ зэрылажьэу зэрыухуэр къызэрыlуэтапхъэм деплъынщ: «итыплэрэ джыплэм (гу) хэхьэныгъэр зэрыгъэзащlэрщ ″гу-э″ → гуэ″ри ″хэгъуэн″ыр зэрыухуэр мыпхуэдэщ; лъабжьэрызеклуэклэрэ (″хъы-э″ → хъэ) гъэзащlэрщ ″гъэхъэн″ыр; зы итыплэм (и) хуэфlрэ из хъууэ щытынырщ (″хъу-э″ → хъуэ) ″ихъуэн″ыр; лъабжьэклэ (″хы-э″ → хэ) ″хъу″уэ щытынырщ (″хъу-э″ → хъуэ) ″хэхъуэн″ыр; ″хъу″ защlэклэрэ (″хъу-э″ → хъуэ) хъууэ щытыным (″хъу-э″ → хъуэ) теухуар ″хъуэхъуэн″ырщ; зытеухуам (и) хуэклуэрэ хуэфl хъунрэ (″ху-э″ → хуэ) иклu апхуэдэ зы щlыплэм хуэклуэ хун lуэхугъуэр (″ху-э″ → хуэ) зэрылъытэрщ ″ихуэн″ыр; фlы хъуным хуэклуэнклэрэ (″фlы-э″ → фlэ) гъэзащlэрщ ″гъэфlэн″ыр».

Мы глаголхэр къызтехъукla глаголыпхъэхэм щыщу ″гуэ, хъуэ″р иклu къатехъуклыну глаголхэм нэмыщl, инфинитиву зэрыгъэпса щlыклэклэ зы цlэ лlэужьыгъуэ псалъэ къызтехъуклыфхэрщ: «**гуэн, хъуэн**».

И мыхьэнэм теухуащи, ″ц″ым ″э″ къыпыхьэми (цэ), занщlэу глагол къытехъуклкъым, ауэ ″ц″ макъыр къызтехъуклар зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьа ″цы″ращи, ″ц″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэр ″цы″м теухуауэ

хуэдэхэр зэрылъытэущ. Аращи, бзэм щигъуэта макъ мыхьэнэр цым хуэдэрэ ебгъэщхь хъуну lуэхугъуэхэр зэрылъытэкlэрэщ ″ц″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ″цэ″ри мыпхуэдэ мыхьэнэ зыгъэзащlэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Нытlэ, мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриlэм ипкъ иткlэ, ″цэ″р зыхэту ухуэну цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэри щыlэнщ, икlи цым теухуа lуэхугъуэ гуэрхэмрэ цы хуэдэ щlыкlэ зиlэу лъытапхъэ гуэрхэр ″цэ″кlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, ″цэ″м къыпыхьэ макъхэмкlэрэ мы и гугъу зэрытщlа щlыкlэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэр къэтхьынщ: «**ца**куэ, ба**цэ**»; «бэла**цэ**, хьэ**цэ**пэ**цэ**, къуа**цэ**, хьэн**цэ**».

″Э″ къэlуыкlэ зиlэу занщlэу макъ псалъэ къызтемыхъукlахэм я макъ мыхьэнэм зэрытеухуакlэрэ глаголыпхъэу щытхэми ″макъ псалъэ пэлъытэ″ къазэрытехъукlым, икlи къыпыхьэ макъхэмкlэрэ псалъэхэр къазтехъукlхэм щыгъазэ дахуэхъущ. Ауэ мы къэтахэм щыщу псалъэ къызэрытехъукlым теухуа щапхъэ къэдмыхьар ″хэ″ращи, и мыхьэнэм елъытауэ абыи къыпыхьэ макъкlэрэ псалъэ къызэрытехъукlрэ суффикс къалэн зэригъэзащlэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «**хэ**гуэн, **ха**бзэ, **ха**мэ, **хэ**хэс, **хэ**хын»; «ма**хэ**, лъа**хэ**, Кlа**хэ**»; «мы**хэ**р, а**хэ**р».

*

Мыбы нэгъунэ, макъхэр ″ы″кlэрэ оригиналу къызэрыlукlэрэ бзэм занщlэу ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукlахэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэм, итlанэ, мы ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукlа макъхэм ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ ″макъ псалъэ″ къазэрытехъукlымрэ къыкlэлъыкlу лъэбакъуэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Нытlэ, мы лэжьыгъэ lыхьэ къежьапlэр ″ы″ къэlукlэкlэ ″макъ псалъэ″у ухуахэм теухуауэщ къызэрекlуэкlари, ″ы″ къэlукlэкlэ ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукlа макъхэри къыкlэлъыкlуэ лъэбакъуэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэкlэрэи адыгэбзэм щхьэжу хэт дэтхэнэ зы макъ щэхум ″макъ псалъэ″рэ къыкlэлъыкlуэ лъэбакъуэкlэрэ псалъэ къызэрытехъукlымрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэ псоми щыгъазэ дыхуэхъуа хъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, зы макъыр оригиналу и къэlуыкlэкlэ бзэм зы ″макъ псалъэ″у зэрыхэмыхьэр абы и мыхьэнэращ зытеухуари, мыпхуэдэщ мы ″макъ щэху″хэу мыбдежым зи гугъу тщlынухэр: «с, цl, дз, гъ, гъу, дж-гь, г, ж, д, т, ш, кl, кlу, къ, кхъ, кхъу, хь, п, пl, б, ф, в, м, н».

Бзэ лэжьэкlэм оригиналу къызэрыlукlэрэ занщlэу ″макъ псалъэ″у хэмыхьами, я макъ мыхьэнэ уэзыр зэрылэжьэн щlыкlэу, мы макъхэм я нэхъыбэр глаголыпкъ макъ псалъэу глагол ″унафэ/lэмыр модэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″н″ къащыпыхьэкlэ ахэр ″глагол инфинитив″у мэухуэр. Илъабжьэкlэ къэгъэлъэгъуащ мы зи гугъу тщlы макъхэм щыщу глагол къызтехъукlрэ къызтемыхъукlхэри, я нэхъыбэм глагол къазэрытехъукlри нэрылъагъущ: «**сын**, цl, **дзын**, **гъын, гъун, джын-гьын, гын, жын, дын, тын, шын, кlын,** кlу, къ, кхъ, кхъу, **хьын**, п, **пlын, бын, фын**, в, м, н».

″Глагол инфинитив″у гъэпсауэ мы къэтахэм щыщ гуэрхэм я глагол мыхьэнэм нэмыщl, икIи мы зэрыгъэпса щIыкIэкIэ цIэ лIэужьыгъуэ псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу икIи глаголу бзэм хэлэжьыхьрэ икIи зи гугъу тщIа щIыкIэкIэ цIэ лIэужьыгъуэ псалъэу хэлэжьыхьхэм нэмыщl, инфинитиву мы зэрыгъэпса щIыкIэкl бзэм глаголу хэмылэжьыхьу цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэу хэлэжьыхьхэри щыIэщи, мыбыхэм щыгъазэ дыхуэхъунщ. уэ мы къэгъэлъэгъуа псалъэхэм щыщ гуэрхэри глаголу щымытрэ мы зи гугъу тщIа щIыкIэу цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, абыхэми илъабжьэкIэ дытепсэлъыхьыжынщ. Инфинитиву зэрыгъэпсакIэрэ глагол мыхэнэ зиIэхэу икIи цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэр мыхэращ: «сын, дын, тын, шын». Глаголрэ цIэ лIэужьыгъуэ мыхьэнэ яIэу мы къэтахэм щыщу ″шын″ыр глагол мыхьэнэкIэрэ нэхыбэу ″къэшын″у бзэм зэрыхэтри гурыIуэгъуэщ.

Мы зи гугъу зэратщIа щIыкIэкIэ инфинитиву зэрыгъэпсарэ глагол мыхьэнэ иIэу бзэм хэмылэжьыхьу, цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэу бзэм хэтхэри мыхэращ: «гын, бын».

Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ глаголрэ инфинитиву гъэпса цIэ лIэужьыгъуэ псалъэ къызтехъукIхэу къэгъэлъэгъуа макъхэри бзэм къыпыщэ лъэбакъуэкIэрэ зэрыхэлэжьыхьынур гурыIуэгъуэнщи, абыхэми щыгъазэ дахэухъунщ. Аращи, ″н″ кIэух къызэрыпыхьэкIэрэ занщIэу глагол къызтемыхъукIыу къэта макъ гуэрхэми я мыхьэнэм зэрелъытакIэрэ нэгъуэщl макъ къызэрыпыхьэкIэрэ глагол къазэрытехъукIыфынур гурыIуэгъуэнщ. ЗанщIэу глагол мыхъуфрэ ″макъ глагол″ къатемыхъукIми, къыпыхьэ макъхэмкIэрэ глагол къызтехъукl мыпхуэдэ макъхэри ″потанциалу глагол″рэ ″глагыпхъэ″у е глаголизацэ мыхьэнэ зиIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, ипэкIэ ″макъ глагол″у мыухуэхэм къапыхьэ макъхэмкIэрэ глаголхэр къазэрытехъукIым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «цIы → къэ**цIын**; кIу → е**кIун**; къы → ды**къын**; вы → щIэ**вын**; пы → щы**пын**; мы → епэ**мын**; ны → хэ**нын**».

Макъ къазэрыпыхьэкIэрэ ухуа мы глаголхэр зэрыухуэ ″вын″ глаголыпхъэр ″вэ-ы-н″ым (щIэвэ-ы-н), ″мын″ глаглыпхъэри ″мэ-ы-н″ым (епэмэ-ы-н) къызэрытехъукIыр гулъытапхъэщи, ахэр мы макъхэр (в, м) ″э″кIэ къызэрыIу щIыкIэм къытехъукIыжа псалъэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

″Ы″ къызэрыIу щIыкIэкIэ занщIэу ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукIауэ ипэкIэ къэта макъхэм ″н″ къазэрыпыхьэкIэрэ ″макъ глагол″ къазэрытехъукIымрэ, макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэкIэрэ глагол къызэрытехъукIыфри мы къэта щапхъэхэм къызэрыхэщыр гулъытапхъэщ. Ауэ ипэкIэ къэта макъхэр мыпхуэдэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм хэмытхэри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэщ ″кхъ, кхъу″ макъхэр. Мы макъхэм я мыхьэнэр хэгъуащэу щIидзарэ нобэ адыгэбзэм хэкIуэдыкIыпIэм ихуауэ лъытапхъэщ, ауэ абыхэми ″э″ кIэух къыщащтэкIэ къатехъукl ″макъ псалъэ″ бзэм хэтщи, абыхэми илъабжьэкIэ деплъынщ.

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрщи, оригиналу ″ы″кlэ къызэрыlурэ и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм занщlэу зы ″макъ псалъэ″ къызтемыхъукl макъхэм и нэхъыбэр ″н″ кlэухкlэрэ глаголу зэрыухуэр гурыlуэгъуэщ. Икlи, мыпхуэдэ теплъэ иlэу ухуа ″макъ глагол″ гуэрхэри макъыр ″э″кlэ къызэрыlу щlыкlэр зи лъабжьэу (″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ) зэрыухуари мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм къыхощри, ″ы″кlэ къэlуу псалъэ/глаголу мыухуахэми ″э″ къэlуклэкlэ е ″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ ″макъ псалъэ″ къазэрытехъуклар адыгэбзэм хыболъагъуэр.

Нытlэ, мы ипэкlэ къэта макъхэм ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ къатехъукl макъ псалъэрэ глаголхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, мы макъхэм я нэхъыбэм ″э″кlэ къызэрыlуклэрэ ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукlри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэу занщlэу ″макъ псалъэ″у цlэ лlэужьыгъуэхэр къызтехъукlхэмрэ къызтемыхъукlхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «**сэ, цlэ, дзэ, гъэ, гъуэ**, джэ, **гэ**, жэ, **дэ**, тэ, **шэ, кlэ, кlуэ**, къэ, **кхъэ, кхъуэ**, **хьэ, пэ, пlэ, бэ, фэ**, вэ, **мэ, нэ**».

Япэрауэ, ″э″кlэ къызэрыlу щlыкlэу цlэ лlэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″у мыухуа ″джэ, жэ, тэ, къэ, вэ″ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым деплъынщ.

Мыбыхэм щыщу ″н″ кlэух къыщищтэкlэ занщlэу глагол къытемыхъукl ″тэ″р бзэм и иужьрей лъэбакъуэм къыпыхьэ макъхэмкlэрэ глагол къызтехъукlыфырщи, и мыхьэнэм елъытауэ гъэзащlэ мыпхуэдэ lуэхугъуэхэм теухуа глаголыпхъэрэ глаголизацэу лъытапхъэщ: «лъы**тэн**, лъэ**тэн**».

Мыбы нэмыщl, и макъ мыхьэнэм ипкъ иткlэ, ищхьэ къызпыхьэ макърэ псалъэр къэхъупlэрэ къежьапlэкlэ згъэлъагъуэ ″къ″ макъым, кlуэх зыхуэхъу макърэ псалъэри кlуэдыпlэм зэрыригъахуэр гурыlуэгъуэщи, мы кlэукlэрэ гъэзащlэ кlуэдыныгъэм ″къ″ым ″э″ къыщыпыхьэжкlэ гурыщхъуэ тыригъэщlыу зэрылъытапхъэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэр къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм теухуа упщlэрщ: «хъу**къэ**?, кlуэ**къэ**?». ″Къ″ макъ кlэухым игъэзащlэ кlудыныгъэр абы къыпыхьэ ″э″кlэрэ гурыщхъуэу мы зэрызэхъуэкlым хуэдэщ зы глаголыпхъэу ″къэ″м игъэзэщlэнури, абы къыпыхьэ макъкlэрэ ухуэ псалъэхэмрэ глаголхэм я мыхьэнэр захуэрэ зэрыхъун мыхъуа lуэхугъуэхэр зэрылъытэрщ: «да**къэ**, па**къэ**; дзэ**къэн**».

Мы зи гугъу тщlы макъхэм щыщу ″джэ, жэ, вэ″хэри я мыхьэнэкlэрэ глаголыпкъыу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ″макъ глагол″хэрщ: «**джэн, жэн, вэн**».

Етlуанэу, ″ы″кlэ къызэрыlуклэрэ зы псалъэу бзэм хэмыхьа мы макъхэм ″э″ къащыпыхьэкlэ ″макъ псалъэ″ къызтехъукlауэ ипэкlэ къэтахэми ″макъ глагол″хэри къазэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэнщи, ахэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «**сэн, дэн, шэн, кlуэн**».

″Макъ глагол″хэу мы къэтахэм щыщ гуэрхэр къызтехъукla макъыр ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу ухуа ″макъ глагол″хэм теухуа мыхьэнэ зиlэу

зэрыщытри гулъытапхъэщ: «сын → ″сы-э-н″ → сэн; джын → джэн; жын → жэн; дын → дэн».

″Э″кlэ къызэрыlукlэкlэр мыпхуэдэу ″макъ глагол″ къытемыхъукlми, ищхьэм къыпыхьэ макъкlэрэ ухуауэ ипэкlэ къэта глаголхэри ″э″кlэрэ къызэрыlууи глаголхэр мэухуэри, мы ухуэкlэри глаголыр зэрыгъэзащlэ макъым ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэу лъытапхъэщ: «″цlы-э → цlэ″ → хэ**цlэн**; ″кlу-э → кlуэ″ → е**кlуэн**; ″къы-э → къэ″ → ды**къэн**; ″пы-э → пэ″ → щы**пэн**; ″ны-э → нэ″ → (къы)хэ**нэн**».

″Э″кlэ къэlуу ухуауэ мыбы ипэкlэ къэта ″макъ псалъэ″хэм щыщ гуэрхэр инфинитиву щыгъэпсым деж, зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къызхэщу цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэу утыку къохьэри, мыпхуэдэщ мыхэр: «**кlэн, пlэн, бэн**».

Цlэ лlэужьыгъуэу щыт мы ″макъ псалъэ пэлъытэ″хэм щыщ ″бэн″ псалъэм занщlэу глагол мыхьэнэ зэримыlэр гулъытапхъэщ. Ауэ, ″б″ макъым ″зэрелъыта ужьыгъуэ″у щыт и мыхьэнэм зэрытеухуакlэрэ глагол къалэн зэригъэзащlэфынур гулъытапхъэщи, мы и мыхьэнэм зэрелъытакlэрэ зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэу глагол къалэн зыхуигъэзэщlэну макъ къызэрыпыхьэкlэрэ глагол къызтехъукlыфыну глаголыпхъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ ″бэн″ыр. Абы къыпыхьэ макъкlэрэ къытехъукl глагол щапхъэщ мыхэр: «е**бэн**; lэ**бэн**». Нэгъуэщl макъ къызэрыпыхьэкlэрэ инфинитив глагол формэкlэ цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэр къызэрытехъукlыфынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы щапхъэщ мыр: «гуэ**бэн**».

Мыбыхэм щыщу ″кlэн, пlэн″ псалъэхэр глаголыпхъэрэ цlэ лlэужьыгъуэ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ нэгъуэщl псалъэхэр зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, цlэ лlэужьыгъуэ ″пlэн″ псалъэм и мыхьэнэгъуу лъытапхъэу зы цlэ лlэужьыгъуэу ″те**пlэн**″ псалъэри къызэрытехъукlыр гулъытапхъэщ. Ауэ ар (тепlэн) икlи къыпыхьэ макъкlэрэ ″пlэн″ глаголыпхъэм къытехъукl зы ″глагол″уи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Цlэ лlэужьыгъуэ макъ пэлъытэ псалъэу зэрыщытхэм нэмыщl, глаголыпхъэ мыхьэнэи зиlэу зэрыщытри къыхэдгъэща ″кlэн, пlэн″ псалъэхэр къыпыхьэ макъкlэрэ глагол къызтехъукlынухэу зэрыщытри жытlагъэххэщ. Ауэ ахэр (кlэн, пlэн) икlи ″ы″ къэlуыкlэ зиlэу ухуа глаголхэм (кlын, пlын) я кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэкlэрэ (э) къатехъукlыу ухуэ ″макъ глагол″хэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «кlын → ″кlы-э-н″ → кlэн; пlын → ″пlы-э-н″ → пlэн».

″Э″ къызэрыпыхьэкlэрэ занщlэу ″макъ псалъэ″ къызтехъукlахэмрэ, ахэр икlи глаголыпкъыу зэрыщыткlэрэ занщlэу ″макъ глагол″у зэрыухуэм, икlи мыпхуэдэу ухуэ гуэрхэр икlи цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэу ″макъ псалъэ пэлъытэ″у бзэм зэрыхэлэжьыхьым я гугъу тщlащи, мыхэри зэрыхиубыдэрэ икlи мы зи гугъу тщlахэм нэмыщlыу, и макъ мыхьэнэм зэрелъытакlэрэ ″глаголыпхъэ″рэ ″глагол понатциал″у щытхэми я гугъу

тщIынщ. Мыпхуэдэхэм бзэ лэжьэкIэм иужьрей лъэбакъуэхэм глагол къазэрытехъукIынур гурыIуэгъуэщи, иджыркIэ глаголыпхъэрэ глаголизацэу лъытапхъэ мы макъхэр инфинитив гъэпсыкIэкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «гъэн, гъуэн, гэн, тэн, кIэн, хьэн, пэн, пIэн, бэн, фэн, мэн, нэн».

Гулъытапхъэщи, мыбыхэм щыщ гуэрхэр занщIэу ″макъ глагол″ къалэни зыгъэзащIэрщ, ауэ нэхъыбэм деж, ахэр макъ къызэрыпыхьэкIэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. ИкIи, мыпхуэдэ ″макъ глагол″уи лъытапхъэ гуэрхэр ″ы″ къэIукIэкIэ ухуа макъ глаголхэм я кIуэтэгъуэ мыхьэнэ зиIэхэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ гуэрхэм мы ипэкIи я гугъу тщIащ: «гъын → **гъэн** (гъыуэ щытын); гъун → **гъуэн** (гъууэ щытын); тын → **тэн** (тыуэ щытын); кIын → **кIэн** (кIыуэ щытын); пIын → **пIэн** (пIыуэ щытын)».

Мыхэр щхьэж ″макъ глагол″у лъытапхъэми, ахэри нэхъыбэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр макъ къазэрыпыхьэкIэрэщ. Аращи, мыхэри хэтыжу глаголизацэу тлъытахэм ищхьэкIэ къыпыхьэ макъкIэрэ глагол къазэрытехъукIым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «гъэн → гу**гъэн**; гъуэн → хэ**гъуэн**; гэн → щIэбэ**гэн**; тэн → лъы**тэн**; кIэн → щIэ**кIэн**; хьэн → и**хьэн**; пэн → хуэ**пэн**; пIэн → те**пIэн**; бэн → Iэ**бэн**; фэн → къэ**фэн**; мэн → пэ**мэн**; нэн → щIэ**нэн**».

*

Макъхэр ″ы″кIэрэ къызэрыIуу занщIэу ″ы″кIэрэ икIи ″э″кIэрэ къызэрыIу щIыкIэкIэ цIэ лIэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″у зэрыухуэмрэ ″макъ глагол″ къазэрытехъукIым, икIи макъхэм я глаголизацэ мыхьэнэкIэрэ къыпыхьэ макъкIэрэ псалъэхэр къазэрытехъукIым щыгъазэ дыхуэхъуащ. Ауэ мы гъуэгуанэ къырикIуэм ″э → ы″ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ макъ псалъэ формэу ухуэхэри къызэрытпыщIэхуари гурыIуэгъуэщи, ″э″кIэ къэIуу ухуэ макъ псалъэхэр ″ы″кIэрэ зэрыухуэжкIэрэ къатехъукIыу ″макъ псалъэ″уи лъытапхъэхэми деплъынщ.

Ипэкlэ къытпыщlэхуа зы щапхъэщи, ″шэн″ lуэхум хуэIуарэ щхьэпэ зы псэущхьэр ″шэн″ым ехьалIауэ ″шэ-ы″кIэрэ зэпкъырыувэ зы ″макъ псалъэ″у ″**шы**″уэщ зэрылъытар. Мыпхуэдэ къэхъуыкIэ зиIэу ″э-ы″ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ къэхъу зы псалъэри ″**вы**″ращи, ари ″вэн″ lуэхум хуэIуа зы псэущхьэр ″вэ-ы″кIэрэ ″вы″уэ зэрылъыта щIыкIэу къэхъуа зы ″макъ псалъэ″рщ.

Къызэрыхъуа щIыкIэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа мы ″макъ псалъэ″хэм нэмыщl макъ псалъэхэри ″э-ы″ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ къызэрыхъунур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ. Аращи, зыгуэрым (п.п: уэщ) хуэфIыу ″кIэ″ хуэхъуар ″кIэ-ы″кIэрэ ″**кIы**″уэ зэрылъытэкIэрэи ″макъ псалъэ″ утыку къихьащ.

Мыбы нэмыщl, ″мыIэрысэ″ жыхуэтIэр ″мы″м и ″lэрысэ″щи, мыIэрысэ ябгэр мы зэрылъыта ″макъ псалъэ″у щыт ″**мы**″ри абы къыхих ″мэ″мкIэрэ лъытауэ жыIэпхъэщи, къыхихрэ къыпщIихьэ ″мэ″кIэрэ зэрылъытапхъэу, ″мэ″р зыхуэIуауэ ″мэ-ы″ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ ″мы″уэ ухуа зы ″макъ

псалъэ″у лъытапхъэнщ. Мыпхуэдэ къэхъуыкlэ зиlэ ″мы″ псалъэр икlи адыгэбзэм ″**мэ**″ макъ псалъэкlи зэрыхэтри гулъытапхъэщи икlи ″мы″м къытехъукlауэ зи гугъу тщla ″мыlэрысэ″ псалъэри адыгэбзэм ″мэlэрысэ″уи щызокlуэр. Аращи, ″мы″рэ ″мэ″уэ ″макъ псалъэ″кlэрэ бзэм щызекlуэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгри ″мые″рэ ″мэе″у зэрыухуакlэрэ ″мей″уэщ адыгэбзэм зэрыхэтыр.

Мы зи гугъу тщla ″макъ псалъэ″хэм нэмыщl макъ псалъэхэри хэтынщ адыгэбзэм ″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ ухуауэ, ауэ ″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэр бзэм фlыщэу щызэрызекlуэр гурыlуэгъуэщи, ″макъ псалъэ″хэм нэмыщl, мыпхуэдэ щlыкlэкlэ псалъэ ухуэкlэр адыгэбзэм зэрыщымымащlэри гулъытапхъэщ.

*

Мыбы нэгъунэ мыхьэнэ зиlэ ″макъ lуэр″хэмрэ ″макъ щэху″хэм къатехъукl ″макъ псалъэ″хэмрэ, я макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ мы макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуащ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэри, мы лэжьыгъэр адыгэбзэм макъыбзэ и лэжьэкlэм узщыгъэгъуазэ лэжьыгъэщ. Макъхэр оригиналу утыку къызэрихьам къыщlидзэу бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэр зыхэзыубыдэ мы лэжьыгъэр макъым къыщlидзэу бзэ лэжьэкlэр зэрыухуэмрэ, макъым деж къыщlидзэу псалъэхэр утыку къызэрихьэм теухуащ. Мы лэжьыгъэр псалъэ къэхъуныгъэ къежьапlэу лъытапхъэ макъ псалъэхэр къызэрыхъумрэ къыпыщэ бзэ лэжьэкlэм щыгъуазэ ухуэзыщlырщ, ауэ зи гугъу тщlарэ зи щапхъэ къэтахэри мы лэжьэкlэ lыхьэм теухуа лъэныкъуэ псори зыхэплъэгъуэфыну зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

″Макъ lуэр″рэ ″макъ щэху″хэм къатехъукl ″макъ псалъэ″у хъуари илъабжьэкlэ къэтхьынщи, псори зы хэплъэгъуэу тлъагъужынщ. Ауэ, зэхуэдэу ″макъ псалъэ″у илъабжьэкlэ къэтыну псори къэхъукlэрэ къыщыхъу зэманыгъуэкlэрэ зэрызэхуэмыдэр мыбы нэгъунэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэрищlри гулъытапхъэщ. Икlи, макъ псалъэ къэхъукlэ лъэбакъуэхэм ипэкlэ я гугъу тщlагъэххэщи, зэхуэдэу ″макъ псалъэ″хэу илъабжьэкlэ къэтынухэр зэхуэмыдэ лъэбэкъуэкlэрэ къызэрыхъуар гурыlуэгъуэщ.

Ауэ пыщапхъэрэ зэрыгурыlуэгъуэщи, я мыхьэнэхэр зэхэгъэкlыфын папщlэ, илъабжьэкlэ къэтыну ″макъ псалъэ″хэр бзэм фlыщэу хроникэ хэхъухьахэращ. Аращи, ″макъ псалъэ″ къэхъукlэ псори илъабжьэкlэ къэгъэлъэгъуэну ″макъ псалъэ″хэм зэрыхимыубыдэфынур гурыlуэгъуэнщ. Ахэр зэрылъыта я мыхьэнэм къызэрытемынэрэ я макъ мыхьэнэкlэрэ глаголыпхъэрэ глаголизацэу бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къыпыщэну бзэ лэжьэкlэхэр мы къызэрыгъэлъэгъуэну щlыкlэм зэрыхимыубыдэнур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэрыщытри мыбы нэгъунэ псалъэ къэхъукlэрэ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэ къэтlуэтахэмрэ къэтхьа щапхъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlрэ зэрыхэплъагъуэри гулъытапхъэщ.

Мыхьэнэ зиlэ макъхэм къатехъукlыу адыгэбзэм хэт ″макъ псалъэ″у хъуар илъабжьэкlэ къэдгъэлъэгъуэнухэр зэрыухуа щlыкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэ мыхьэнэбэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, илъабжьэкlэ ахэр зытеухуарэ и мыхьэнэр гурыlуэгъуащэу зэрыщыткlэрэ бзэм хроникэ хэхъухьа я мыхьэнэкlэрэ зэрытлъытэу къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лъытэныгъэри икlэ нэгъунэ зэхэгъэкlыгъуафlэу зэрымылъытэфынур гурыlуэгъуэнщи, ″макъ псалъэ″хэр я мыхьэнэкlэрэ зэрыщыту наlуэу къэгъэлъэгъуэныр зэрыгугъури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мыхьэнэбэ лэжьэкlэ зиlэ макъыбзэр зэрыухуэ пэщlэдзэу лъытапхъэу утыку къихьа ″макъ псалъэ″хэм я нэхъыбэри мыхьэнэбэу зэрыщыткlэрэ, абыхэм я мыхьэнэ псори къыхэщу къэгъэлъэгъуэнри тыншкъым.

Мы жытlахэм зэрезэгъкlэрэ макъхэр ″ы″рэ ″э″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу утыку къихьа цlэ лlэужьыгъуэ ″макъ псалъэ″м нэмыщl, абыхэм я уэз щlыкlэм елъытарэ теухуауэ къатехъукl ″макъ глагол″хэри щхьэхуэу ″глагол инфинитив″у къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэми зэхуэмыдэу яlэ мыхьэнэхэри къыхэдгъэщынщ. Ауэ икlи, мыпхуэдэ глагол мыхьэнэхэм нэмыщl, ″глагол инфинитив″ фомэкlэ гъэпса цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэри зэрыщыlэри гурыlуэгъуэщи, илъабжьэкlэ къэта ″макъ псалъэ″хэм мыпхуэдэхэри (илъабжьэр ″_″ щlэтхъауэ) къыхэдгъэщынщ. Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ макъ нэхъыбэм ″макъ псалъэ″ къызэрытехъукlыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа дэтхэнэ зы ″макъ псалъэ″ми и мыхьэнэр зы lуэхугъуэм къызэрытемынэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, къэта дэтхэнэ зы ″макъ псалъэ″м игъуэта мыхьэнэхэри нытlэ ипэкlэ зэрыжытla щlыкlэкlэ бзэм гурыlуэгъуащэу хроникэ зэрыхэхъухьарэ зэрыхэлэжьыхь мыхьэнэ бжыгъэу (2, 3,...) къыхэдгъэщынщ.

Нытlэ, мы жытlахэм зэрезэгъкlэрэ макъ мыхьэнэ зиlэ дэтхэнэ зы ″макъ″ымрэ абы къытехъукl ″макъ псалъэ″хэр илъабжьэкlэ къэтащ.

″Макъ lуэр″хэм къатехъукl ″макъ lуэр псалъэ″хэр: «**lэ**: lэ»; «**а**: а»; «**и**: и (2), ин, ин»; «**е** (иэ): е (2), ен (2)»; «**я** (иа, еа): я»; «**lе**: lе/lей»; «**у**: ун, уэ (3), уэн»; «**lу**: lу (2), lуэ, lун, lуэн (2)».

″Макъ щэху″хэм къатехъукl ″макъ щэху псалъэ″хэр: «**с**: сын, сын, сэ (2), сэн (2)»; «**ц**: цы»; «**цl**: цlэ (2)»; «**з**: зы, зын, зэ, зэн»; «**дз**: дзын, дзэ (2)»» «**гъ**: гъын, гъэ»; «**гъу**: гъун, гъуэ»; «**дж**: джын, джэн»; «**гу**: гу, гуэн»; «**г**: гын, гэ»; «**ж**: жын, жэн»; «**жь**: жьы (2), жьын, жьэ, жьэн»» «**д**: дын, дын, дэ (2), дэн (2)»; «**т**: тын, тын»; «**тl**: тlы, тlын, тlэ, тlэн»; «**щ**: щы, щын (2), щэ (3), щэн, щэн»; «**щl**: щlы, щlын, щlэ, щlэн (2), щlэн»; «**ш**: шын, шын, шэ (2), шэн, шы»; «**ч**: чы, чэ, чын, чэн»; «**ку**: ку, куэ»; «**кl**: клын, клэ, клэн, клэн, клы»; «**клу**: клуэн»; «**къ**»; «**къу**: къу (2), къуэ (2)»; «**кхъ**: кхъэ»; «**кхъу**: кхъуэ»; «**хъ**: хъы»; «**хъу**: хъу, хъун, хъун, хъуэн»; «**х**: хы (2)»; «**ху**: ху, хун»; «**хь**: хьын, хьэ»; «**лъ**: лъы, лъэ, лъэн»; «**л**: лы, лэн»; «**лl**: лlы, лlэн»; «**п**: пэ»; «**пl**: пlын, пlэ, пlэн, пlэн»; «**б**: бын, бэ, бэн»; «**ф**: фэ, фын»; «**фl**: флы, флын»; «**в**: вэн (2), вы, вын»; «**м**: мэ, мы»; «**н**: нэ».

## ″Макъ щэху зэгуэт″хэм къатехъукI ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр

Адыгэбзэм макъ зэгуэхьэрэ зэхэжыхьу къэхъу макъ зэриIэри гурыIуэгъуэщи, ″макъ Iуэр зэгуэт/зэхэжыхьа″хэм ипэкIэ я гугъу щытщIащ, икIи ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ дыхуэхъуу, мы ипэкIи дыхэплъэжащ. Ауэ мыбы нэгъунэ ″макъ щэху″хэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэ щхьэж къэIуыкIэ зиIэхэращи, макъ щэху зэгухьэрэ зэхэжыхьауэ къэIукIэкIэ утыку къихьэхэм я гугъу тщIакъым.

″Макъ щэху зэгуэт/зэхэжыхьа″хэр занщIэу бзэм зэрыхэхьэрэ ″макъ щэху зэгуэт/зэхэжыхьа псалъэ″хэр къызэрыхъу щIыкIэри дэтхэнэ зы макъ ″макъ щэху″м теухуауэ ипэкIэ щыгъуазэ дызхуэхъуа лэжьэкIэм хуэдэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, иужьрейуэ къытпэщыт лэжьыгъэхэм макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэми псалъэ къэхъуныгъэ категориекIэрэ щыгъаузэ дыхуэхъужынущи, абдежым дэтхэнэ зы ″макъ щэху зэгуэт″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхьми деплъынущ. Ар щыхъукIэ, мыбдежым ″макъ щэху зэгуэт″хэм къатехъукI ″макъ щэху зэгуэт псалъэ″хэми ипэкIэ щхьэж макъ щэхухэм къатехъукI ″макъ щэху псалъэ″хэм дазэрыхэплъэжам хуэдэу дахэплъэнщ.

″Макъ щэху зэхэжыхьа″хэм къатехъукI ″макъ щэху зэхэжыхьа псалъэ″хэр: «**тхъ**: тхъын, тхъэн»; «**тхъу**: тхъу, тхъун (2), тхъуэн (2)»; «**тх**: тхын, тхэн»; «**тху**: тху»; «**тхьэ**: тхьэ»; «**ткI**»; «**ткIу**: ткIун, ткIуэн»» «**щт**: щтын, щтэн (2)»; «**щхъ**»; «**щхъу**: щхъуэ»; «**щхьэ**: щхьэ (2)»; «**шх**: шхын, шхын, шхэн»; «**шху**: шху, шхуэ (2)»; «**лъху**: лъхун, лъхуэн»; «**пс**: псы, псэ»; «**пщ**: пщы, пщын, пщэн, пщэ»; «**пш**: пшэ»; «**пхъ**: пхъы, пхъын, пхъэ»; «**пхъу**: пхъу, пхъуэн»; «**пх**: пхэ, пхэн, пхын»; «**плъ**: плъын, плъэн»» «**пщI**: пщIы, пщIэн»; «**пщI**: пщIы, пщIын, пщIэ, пщIэн»; «**пкI**: пкIын, пкIэн»; «**пкъ**: пкъы»; «**плI**: плIы, плIэ»; «**бз**: бзы, бзын, бзэ, бзэн»; «**бдз**: бдзы, бдзэ»; «**бгъ**: бгъэ (2)»; «**бгъу**: бгъу (2), бгъуэ»; «**бг**: бгы, бгэн»; «**бж**: бжын, бжэн, бжэ, бжэн»; «**бжь**: бжьы, бжьэ (2), бжьын»; «**бл**: блы, блын, блэн, блэ»; «**фт**: фты».